# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

www.ziyouz.com kutubxonasi

ӨЗБЕКСТАН ИЛИМЛЕР АКАДЕМИЯСЫНЫҢ
ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БӨЛИМИ

НДӘЎҚАРАЕВ АТЫНДАҒЫ ТИЛ ХӘМ ӘДЕБИЯТ ИНСТИТУТЫ

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

***Көптомлық***

43-56-томлар



НӨКИС «ИЛИМ» 2012

www.ziyouz.com kutubxonasi

ББК 82.3 (5Ў-6К)
К 59

Қарақалпақ халқының оғада бай руўхый қәдириятларының ажыралмас бир бөлеги есапланған халық аўызеки дөретпелери,сонын ишинде халық дәстанлары,мыңлаған жыллар даўамында әўладтан-әўладқа, атадан-балаға өтип, ең қәдирли халық ғәзийнеси сыпатында изин жоғалтпай киятырған, тәрбиялық әҳмийети күшли бийбаҳа мийрас болып есапланады. Мәмлекетимиз өз ғәрезсизлигине ерискеннен кейин усы ата мийрасларымыз қайта тикленип,бүгинги күнимиз,ертеңимиз,келешегимиз ушын, мәмлекетимиздиң, жәмийетимиздиң қәлиплесиўи, беккемлениўи ҳәм раўажланыўы ушын хызмет ететуғын қүдиретли күшке айланды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳәм Ҳүкиметиниң қоллап-қуўатлаўы менен басланған қарақалпақ фольклорының 100 томлығын баспадан шығарыў жумыслары азат, еркин Ўатанымыздың руўхый күш-қүдиретин буннан былай да арттырыў,ата-бабаларымыздан мийрас болып киятырған руўхый қәдириятларымызға жаңаша нәзер таслап,олардың мол мүмкинҒшиликлеринен елимиздиң келешеги ушын пайдаланыў,миллий сана-сезимлеримизди байытып,миллийлигимизди тереңирек аңлаў, инсанларды, биринши нәўбетте, жас әўладты туўылып-өскен Ўатанға, халыққа садықлық руўхында тәрбиялаў жолындағы жаңа қәдем болып есапланады.

Нәзериңизге усынылып атырған усы басылымға «Жәҳанша» дәстаны (Қурбанбай жыраў), «Жаскелен» (Қурбанбай жыраў),«Қурбанбек батыр» (Қыяс жыраў),«Иззет қыз» (Қурбанбай жыраў), «Илимхан» (Қурбанбай жыраў),«Ҳажы-Герей» (Қурбанбай жыраў),«Ҳатам-Тай» (Қурбанбай жыраў), «Сәлимжан» (Қурбанбай жыраў),«Юсип-Зилийха» (Хайрулла Турсынов),«Рамуз шах» (молла Юнус Хожа улы), «Шаҳы Мутлақ» (Жаңабай Жуманов), «Айдос бий» (Қыяс жыраў), «Ҳүрлиқа-Ҳәмире» (Айтбай Балтабаев),«Юсип мерген» (Қурбанбай жыраў) дәстанлары киргизилген.Дәстанлар қолжазба нусқалар тийкарында қайта таярланды,бурын баспа жүзин көрген вариантларда қалдырылып кеткен, өзгертилген текстлер қайта тикленип жиберилди.

Бул дәстанлардан халқымыздың аўызеки дөретпелерин жаңа дәўир көзқарасынан үйрениўди мақсет еткен алым ҳәм изертлеўшилер,оқытыўшы ҳәм талабалар,руўхый-мәдений мийрасларымыз бенен қызығыўшы кең жәмәәтшилик ўәкиллери пайдаланыўы мүмкин.

Бас редактор:
*профессор Н. Қ. Аимбетов*

Жуўаплы редакторлар:
*филология илимлериниң докторы,профессор С. Баҳадырова*
*филология илимлериниң кандидаты А. И. Альниязов*

Бул көптомлық Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Илим ҳәм технологияларды раўажландырыўды муўапықластырыў Комитетиниң ФА-А3-Г004-санлы Инновациялық гранты жәрдеминде баспадан шығарылды.

**Қарақалпақ фольклоры.** Т. 43-56 / Бас редактор Н.Қ.Аимбетов; Жуўаплы редакторлар: С.Баҳадырова, А.И.Альниязов; ӨзИА Қарақалпақстан бөлими, Н.Дәўкараев атындағы тил ҳәм әдебийят институты.— Нөкис: «Илим».— 2012.— 440 б.

ББК 82.3 (5Ў-6К)

ISBN 978-9943-374-17-1

© «Илим», 2012

www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАЗМУНЫ


**Алғы сөз** ............................................................ 4

**«Жәҳанша»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 9

**«Жаскелен»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 83

**«Қурбанбек батыр»** (*Қыяс жыраў Қайратдинов*) ............................................................ 121

**«Иззет қыз»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 153

**«Илимхан»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 161

**«Ҳажы-Герей»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 177

**«Ҳатам-Тай»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 195

**«Сәлимжан»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 235

**«Юсип-Зилийха»** (*Хайрулла Турсынов*) ............................................................ 293

**«Рамуз шаҳ»** (*молла Юнус Хожа улы*) ............................................................ 331

**«Шаҳы мутлақ»** (*Жаңабай Жуманов*) ............................................................ 359

**«Айдос бий»** (*Қыяс жыраў Қайратдинов*) ............................................................ 381

**«Ҳүрлиқа-Ҳәмире»** (*Айтбай Балтабаев*) ............................................................ 395

**«Юсип мерген»** (*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*) ............................................................ 423

**Түсиниклер** ............................................................ 433


www.ziyouz.com kutubxonasi

***«Ҳәрқандай халық яки миллеттиң мәнаўиятын оның тарийхынан, өзине тән үрп-әдет ҳәм дәстүрлеринен, турмыслық қәдириятларынан бөлек ҳалда көз алдымызға келтирип болмайды. Бул бағдарда, әлбетте, мәнаўий мийрас, мәдений байлықлар, әййемги тарийхый естеликлер ең әҳмийетли факторлардың бири болып хызмет қылады».***

**ИСЛАМ КАРИМОВ**

## АЛҒЫ СӨЗ

*Қарақалпақ халқының мыңлаған жыллар даўамында миллий орталығынан орын алып киятырған атамийрас ғәзийнелердиң ең үлгили түрлериниң бири — халық аўызеки дөретпелери болып табылады. Солардың ишинде халық дәстанлары айырықша әҳмийетке ийе болып, бир неше тарийхый-жәмийетлик дүзимлерди өз басынан кеширген ата-бабаларымыздың тарийхый,мәдений,социаллық турмысынан,миллий үрп-әдет,дәстүрлеринен, жасаў қәлпинен, географиялық жасаў орынларынан мол мағлыўматларды беретуғын өзгешеликлери менен дараланып турады. Бизиң усы көптомлыққа таярлаған дәстанларымыз да өзлериниң мазмунлылығы, көркемлиги, турмыслық ўақыяларының байлығы менен қәдирли. Бул басылымға жиберилип атырған эпикалық дөретпелердиң көпшилиги бурын жәрияланбаған, узақ ўақытлар даўамында қолжазбалар фондымызда сақлаўлы турған жеке-сийрек вариантлардан ибарат дәстанлар. Олар тематикалық жақтан ҳәрқыйлы. Бунда қаҳарманлық дәстанлар менен бир қатарда лирикалық,тарийхый дәстанлар,қыялый-фантазиялық,ертеклик тоқымалардан туратуғын халықлық дөретпелер орын алған.*

*Дәстанларды баспаға таярлаў барысында тиккелей қолжазба түриндеги дәстан текстлери қатаң дыққат-итибарға алынды. Бурын жәрияланған дәстанлар қолжазба тийкарында толықтырылды ҳәм текстологиялық таллаўдан өткерилди.*

*Биз таңлаған дәстанлар халқымыздың руўхый қәдириятларын қәстерлеп сақлап, заманласларымызға ҳәм келешек әўладларға мәңги мийрас етип қалдырыўға, өз тарийхымызды, үрп-әдет, дәстүрлеримизди, ата-бабаларымыздың дөретиўшилик қәбилетлерин еле де тереңирек үйрениўге жол ашып береди деп исенемиз.*

***«Жәҳанша» дәстаны** 1956-жылы жыраў Қурбанбай Тәжибаевтан жазыўшы Мәтен Сейтниязов тәрепинен жазып алынған. Дәстан жалғыз қолжазба нусқада ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында (Р-284, № 88206) сақлаўлы. Биринши мәрте «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығының XX томында 1990-жылы жарық көрди. Усы басылымға таярланған нусқа қолжазба тийкарында қайта исленди. Бурынғы басылымда сол дәўир талапларына қайшы келеди деп қалдырылып кетилген гейпара диний мазмундағы текстлер қайта тикленди,атқарыўшы жыраўдың дөретиўшилик шеберлигин сап ҳалында сақлаў мақсетинде өзгериске ушыраған қосық қатарлары қолжазба тексти ҳалатына қайтарылды.*

*Дәстан көлемли,8000 ға жақын қосық қатарларынан ибарат болып,мазмуны бойынша қаҳарманлық образлар тийкарында өнер,билим ийелеў идеялары сөз етиледи.*

***«Жаскелен» дәстанын** халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаевтан 1939-жылы Ш.Хожаниязов*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*ҳәм С.Мәуленовлар жазып алған (ВР-172, №1101). Биринши рет «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығының XVII томында жәрияланған. Дәстан жаўгершилик заманлардағы халық батырларының ерлик ислерин жырлаған шығармалар қатарына киреди. Ноғайлы дәўири ўақыяларын ертеклик түрде сүўретлейтуғын бул дөретпе цикллық дәстанлар қурамында да ушырасады. Қурбанбай жыраў жазып алыўшыға берген мағлыўматында дәстанды жаслық ўақты Бухар менен Түркистанда өтип,соңынан Хорезм үлкесинде жасаған атақлы жыраў Жийен Аманлық улы тәрепинен дөретилген болыўы мүмкин деген болжамды билдиреди. Композициялық қурылысы бойынша дәстан ертекке усап кетеди. Бул атқарыўшы жыраўдың жеке импровизаторлық шеберлигине байланыслы болып,дәстан тили аўызеки сөйлеў тилине жақын,теңеўлер менен эпитетлерге оғада бай.*

*Бул басылымға дәстанның түсирилип қалдырылған орынлары түпнусқа бойынша қайта тикленип жиберилди.*

***«Қурбанбек батыр» дәстаны** атақлы жыраў Қыяс Қайратдиновтан 1961-жылы Қ. Әбдижамилов тәрепинен жазып алынған (Р-97,№ 4860). Өз гезегинде Қыяс жыраў бул дәстанды 1923-жылы Дабыл жыраўдан үйренип,кейин ала толықтырып жырлап өткен. Көлеми қолжазбада жәми 186 беттен ибарат. Бурын жәрияланбаған. Қолжазбалар фондында дәстанның Қурбанбай жыраўТәжибаев варианты да сақланбақта, ол усы көптомлықтың 21-томында жәрияланды. Дәстан қаҳарманлық характердеги мазмунға ийе болып, Қурбанбектиң өз елине болған садықлығын, душпанларға қарсы гүрестеги мәртлигин сүўретлейди.*

***«Иззет қыз» дәстанын** 1936-жылы Шымбай районы «Кеңес» аўылында жасаўшы Бекмурат жыраў Елмурза улынан илимий хызметкер Б.Сайыпназаров жазып алған (Р-21, №1081). Қолжазба латын имласында ярымы қызыл сыя,ярымы қәлем менен жазылған. Текстлерди оқыў оғада қыйын, асығыс жазылған. Соған қарамастан, узақ ўақыт даўамындағы умтылыслардан соң қолжазба қайта тикленди.*

*Дәстан турмыслық ўақыялар менен ертеклик мотивлерге қурылған. Бул дәстанда феодаллық заманлардағы ҳаял-қызлар басынан кеширген зулымлықлар, әдалатсызлыққа қарсы гүрес мәселелери қозғалған. Дәстан қаҳарманлары болған Иззет қыз бенен Бердибек сол дәўирдеги дәстүр қайшылықларына қарамастан, өз сүйгенине қосылыўға умтылады ҳәм усы мақсетлерине ериседи. Сондай-ақ,дәстанда «ат— адамның қанаты» деп билген ата-бабалардың жылқы түлигине байланыслы айрықша ықлас-исеними, жақсы малдың тұқымын сақлап қалыў ушын олардан төл алып,көбейтиў ҳаққындағы халық тәжирийбелери сәўлелендирилген.*

***«Илимхан» дәстаны** 1957-жылы атақлы Қурбанбай жыраўдан М.Сейтниязов жазып алған (Р-283,№88202). Бурын жәрияланбаған. Дәстан қыялый, ертеклик ссюжетлерге бай болып,илим-билим ийелеў,алған билимлерди жақсылық,ийгилик жолында пайдаланыў идеялары сөз етиледи.*

*Дәстанның улыўма мазмунына қарағанда,ол толық жазып алынбаған.*

***«Ҳажы-Герей» дәстаны** қаҳарманлықты жырлаўшы дәстанлар қатарынан орын алып киятыр. Бул дәстан бухаралы жыраўлар ортасында «Ер Герей», «Бүркитли Ер Герей» деген атамаларда жырланған. Лекин,Қурбанбай жыраўдың жеке дөретиўшилик шеберлиги тийкарында дәстан ўақыяларына өзгерислер киргизилип,оның жаңа атамада «Ҳажы-Герей» болып қайта исленгенлиги байқалады. Солай да болса,дәстанда Герей батырдың иниси Ҳажы ҳаққында тыянақлы ҳеш нәрсе айтылмайды. Изертлеўшилердиң пикиринше,дәстан толық хатқа түспей қалған. Қурбанбай жыраў репертуарында болған бул дөретпе 1941-жылы*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*С.Бекназаров тәрепинен (Р-15,№1191,№16211) жазып алынған. №16211 қолжазба киши көлемдеги дәптерге араб ҳәм латын имласында сыя ҳәм қәлем менен асығыс жазылған, сөзлерди оқыў қыйын. Бул жыраўдың аўзынан тиккелей жазып алынған нусқа болса керек. Ал №1191 қолжазба алдынғы қолжазба тийкарында қайта исленген болып,латын ҳәм кирилл имлаларында аралас жазылған ҳәм текстке көплеп өзгерислер киргизилген. «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығының бурынғы басылымында «Ҳажы-Гирей» атамасы менен басылған бул дәстан айтып өтилген еки қолжазбаны текстологиялық таллаў тийкарында толықтырылып,тийисли дүзетиўлер исленген ҳалда жәрияланбақта.*

***«Ҳатам-Тай» дәстаны*** *Бухара жыраўшылық мектеби ўәкиллери дөретиўшилиги арқалы тарқалған шығармалар қатарына киреди. Дәстан Бухара қарақалпақлары арасында «Ҳәтем палўан» атамасы менен белгили болған. Бухаралы Қалмурат Қазақбай улына шәкирт түскен Бегмурат жыраў бул дәстанды халық алдында жырлап келген. Дәстан Қурбанбай жыраў Тәжибай улынан М.Сейтниязов тәрепинен 1956-жылы «Ҳатам-Тай» деген атамада жазып алынған (Р-286,№88204). Дәстан «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығында (XVIII том) 1988-жылы жәрияланған.Қурбанбай жыраў дәстан мазмунын байытып жырлаўы арқалы Ҳатам палўан менен Тай қыздың бир-бирине сүйиспеншилигин,ўападарлығын,өз мақсетине ерисиў ушын барлық қыйыншылықларды жеңип өтиўин шебер сүўретлеп берген. Дәстан мифологиялық көринислерге де бай.*

***«Сәлимжан» дәстаны*** *жыраў Қурбанбай Тәжибаевтан 1956-жылы М.Сейтниязов тәрепинен жазып алынған ҳәм жалғыз вариантлы дөретпелер қатарында ӨзР ИА ҚҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында (Р-285, №88205) сақланбақта. Дәстан «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығында (XVII том) 1988-жылы жәрияланған. Усы басылымға усынылып отырған дәстан текстлери толықтырылды, гейпара зәрүрли орынларға қолжазба тийкарында текстологиялық дүзетиўлер енгизилди. Дәстан турмыслық ўақыяларға қурылған болып,бир-бирине ашық бас қаҳарманлардың (Сәлимжан менен Қарлығаш) әрманларына ерисиў жолындағы тосқынлықларды ақыл-ой, сана жәрдеминде жеңиў машқалалары баян етиледи. Дәстанда ертеклик сюжетлер жийи пайдаланылған.*

***«Юсип-Зилийха» дәстаны*** *усы басылымға 1986-жылы «Қарақалпақ фольклоры» көптомлығының XVI томында жәрияланған варианты тийкарында жиберилди. Аталған томның жуўаплы шығарыўшысы Ә.Алымовтың жазыўынша,ол дәстанды 1977-жылы молла Хайрулла Турсын улынан жазып алған. Өз гезегинде Хайрулла қыссахан бул қыссаны Ақымбет, Муўса бақсыларды көзи менен көрип,қулағы менен еситкен Ибрайым қыссаханнан алған. Ибрайымның айтыўына қарағанда,бул қолжазба Ақымбет бақсының қолдан көширткен ҳәм атқарып жүрген көп нусқаларының бири болған. Ақымбет,Муўса усаған уллы бақсылар дәстанды узақ жыллар атқарып жүрип,қосық қурылысы,қапия дүзиў,шеберлик мәселесинде көп өзгерислер киргизген ҳәм халықтың сөйлеў тилине, дийдине жақынластырып қайта ислеген. Тилекке қарсы,китапхананың қолжазбалар фондында бул нусқа табылмады.*

***«Рамуз шаҳ» дәстаны*** *қарақалпақ халқы арасында қыссаханлық жолы менен атқарылып келген эпикалық дөретпелердиң бири. Бул дәстан атқарыўшылар репертуарында «Рамуз патша», «Зийнеп-Алтынгүл» атамалары менен де белгили. Дәстанның усы басылымға жиберилип атырған, ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында сақлаўлы араб имласындағы нусқасы (Р-238,№67882) қара ҳәм қызыл реңли сыялар менен көширилген, қарасөз ҳәм қосық қатарлары аралас. Қолжазбаның соңғы бетлериндеги мағлыўматларға қарағанда,бул қыссаны қоңыратлы,балғалы руўынан дамла Йүнис деген*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*адам дамулла Аманияздың өтиниши менен Абдулла шайх қолжазбасынан көширип берген. Абдулла шайх Ҳәким ата мүжәўирлеринен болған Шопан ата әўладларынан екенлиги айтылады. Қолжазбаның соңғы бетлеринде бирнеше жерде шайх Заҳир деген адамның аты еслеп өтиледи. Ол усы қыссаның авторы болған болыўы да мүмкин.*

*Бул вариант бурын жәрияланбаған. Қолжазбаны араб имласынан кирилл имласына бөлимниң Тарийх, археология ҳәм этнография институтының илимий хызметкери А.Р.Идрисов көширип, баспаға таярлады. Қолжазбалар фондында бул нусқадан тысқары Нарбай бақсы Қошекеновтан Қ.Ерманов жазып алған «Зийнеп-Алтынгүл», Жақсылық жыраўдан Қ.Жумажанов жазып алған «Рамуз патша»,Мәдирейим Ержановтан К.Ерназаров жазып алған «Зийнеп-Алтынгүл» вариантлары сақланбақта.*

*Дәстанның дәслепки атқарыўшылары қыссаханлар болғанлықтан,онда китабый тилдиң тәсири айқын байқалады. Дәстанның сюжети ғайбана ашықлық мәселесине қурылған.*

***«Шаҳы мутлақ» дәстаны** қыссаханлық жолы менен тарқалып келген дөретпелерден бири болып,оны атақлы Жуман бақсының баласы Жаңабай Жуманов 1962-жылы жазып тапсырған (Р-338,№109493). Бурын жәрияланбаған. «Шаҳы мутлақ» атамасы «Бийкарланған патша» деген мәнисти аңлатады. Қыссаның халық аўзындағы басқа атлары — «Бәдбақ патша», «Ақмақ патша». «Шаҳы мутлақ» атамасы менен усы басылымға жиберилип атырған бул дәстанда өз қызына ашық болып,шерменде ҳалатына түскен тахт ийесиниң ерси ис-ҳәрекетлери,халықтың үрп-әдетине жат болған минез-қулқлары бийкарланады. Дәстан жуўмағында тәғдир аўырманлығын көп көрген жапакеш инсанлардың сабырлылық арқалы өз мақсет-мұратына жететуғынлығы турмыс мысаллары тийкарында ашып берилген.*

***«Айдос бий» дәстанының** Қыяс жыраў варианты 1957-жылы У.Досжанов тәрепинен жазып алынған (Р-55, №26105). Бурын жәрияланбаған. Өз гезегинде Қыяс жыраў бул дәстанды 1931-жылы Мойнақ районындағы «Жарық ултан» деген жерде жасаўшы,Бердақ шайырды өз көзи менен көрген,азы-кем шайыршылығы бар Әзен лаққы деген адамнан жазып алған ҳәм халық арасында жырлап өткен. Тилекке қарсы,жыраў қолжазбасы сақланбаған. Дәстан XIX әсирде қарақалпақ халқы турмысында жүз берген тарийхый ўақыялар тийкарында дөретилген болып,халық арасында Айдос бий туўралы кең тарқалған аңыз-әпсаналар да шығарма мазмунына киргизилген. ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында буннан басқа «Айдос бий» дәстанының 1939-жылы молла Султаннан Р.Хожамбергенов жазып алған нусқасы (Р-120,№3767), сондай-ақ, авторы белгисиз Р-55, 54359-санлы нусқасы сақланбақта.*

***«Ҳүрлиқа-Ҳәмире» дәстанының** усы басылымға жиберилип атырған варианты 1962-жылы атақлы Жуман бақсының баласы Жаңабай Жуманов тәрепинен жазып тапсырылған (Р-340, №109491). Бурын жәрияланбаған. Қолжазбалар фондында буннан тысқары Мәдирейим бақсы Мәтжановтан (№36799),А.Балтабаевтан (№172908),М.Мәтсапаевтан (№86077) жазып алынған нусқалары, сондай-ақ араб имласындағы нусқасы (№99425) сақланбақта.*

*Фольклор изертлеўшилериниң атап өткениндей, бул дәстанның сюжетлик өзгешелиги пүткил Шығыс халықларының сыйқырлы-фантастикалық ертеклериниң мазмуны менен тығыз байланыслы. Дәстанда әдалат,ҳадаллық,пәк муҳаббат туйғылары жырланады.*

***«Юсип мерген» дәстанын** 1958-жылы халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаевтан Артық Әбдирейимов жазып алған. Дәстан ҳәзир жалғыз қолжазба нусқада ӨзР ИА ҚБ фундаментал китапханасының қолжазбалар фондында (Р-130 №50752) сақланады. Жазып алыўшының мағлыўматына қарағанда, жыраўдың бийтаплығына байланыслы дәстан тамамланбай қалған.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Дәстанлардың гезектеги томларын баспаға таярлаўда Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан Бөлими Н.Дәўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институтының илимий хызметкерлери: филология илимлериниң кандидатлары Ж.Хошниязов, А.Альниязов,П.Нәжимов,Қ.Бекбергенов,илимий хызметкерлер: Т.Қанаатов,Ю.Байсағатов, тарийх, археология ҳәм этнография институтының илимий хызметкери А.Р.Идрисов, компьютер операторлары Б.Сейтбекова, З.Аманбаева, Р.Юлдашевалар қатнасты.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

43 - ТОМ



# ЖӘҲАНША

*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*

*Жазып алған: М.Сейтниязов*

*(1956-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы өткен заманда,
Заманның қәдим ўақтында,
Көп жыл өтти арадан,
Халыклар ели ол мәкан,
Ура Төбе елинде,
Сол заманның өзинде
Қарақалпақ халқының,
Қазаяқлы руўынан,
Сорасаң оны дер еди,
Атларыны сорасаң,
Қарабай менен Сәңгилбай,
Еки ағайинли ер еди.
Ура төбе елинде,
Ғаррылардың өзине,
Өзине енди жеткендей,
Мал-дүньясы бар еди,
Бир перзентке зар еди.
Яки енди уғылдан,
Яки енди бир қыздан,
Бергейсең деп екеўи,
Кеше-күндиз биишаралар,
Перзент дейип жылады.
Сәңгилбайдың алғанын,
Актолкын сулыў дер еди,
Қарабайдың алғанын
Айпарша ханым дер еди.
Ағайинли ғаррылардың
Тилеги қабыл болады,
Жүкли болып ҳаяллар,
Тоғыз ай,тоғыз саатта,
Алпыс жасар Сәңгилбай,
Оның бир улы болады,
Елли жасар Қарабай,
Оның бир қызы болады.
Еки ағайин жәм болып,
Төрткүлли ошақ ойдырып,
Туўша,бийе сойдырып,
Ура Төбе халықларын,
Нан менен етке тойдырып,
Халқына етти хызметти.
Қой семизин сойдырды,
Бесикке бөлеп балларын,
Ортаға әкелип қойдырды.
— Әй,ели-халқым арзым бар,
Перзентсизлик дәртинен,
Маған болды дүнья тар,
Ул баламның атыны,
Өзлеринiз қойынлар.
Иним болған Қарабай,
Халқына тойды береди,
Қыз да болса баласын,
Улдан зыят көреди,
Қыз баламның атыны,
Сүйкимли қылып қойынлар,—
Дейип енди Сәңгилбай,
Халқына арыз айтады,
Айтады да сол ўақта,
Отаўға қарап қайтады.
Ели-халқы жәм болып,
Сәңгилбайдың улының,
Атын қойды Жәҳанша,
Инисиниң қызының,
Атын қойды Шийринжан,
Той бергенин көрген соң,
Шад болады дос-душпан.

Ендиги сөзди досларым,
Жәҳаншадан еситиң.
Бир жасында бирленди,
Еки жаста түрленди,
Үш жасына келгенде,
Дүбирлеп кирди ордаға,
Төрт жасына келгенде,
Тәңири сәлем береди,
Бес жасына келгенде,
Дос-душпанды биледи,
Алты жасқа келгенде
Қызыл шекпен кийеди,
Жети жасқа келгенде,
Бир түймеден иледи,
Сегиз жасқа келгенде,
Бойын сайлап Жәҳанша,
Түрли қыял сүреди,
Тоғыз жасқа келгенде,
Атасы берди мектепке,
Он жасына келгенде,
Оқыўға ықлас қылады,
Қатарының ишинде,
Сабағынан озады,
Он бир жасқа келгенде,
Парасатлы ойлады,
Он еки жасқа келгенде,
Астына батыр ат минип,
Үлкен тойды тойлады.

Ендиги сөзди еситиң.
Ура Төбе елинде
Алымбайдай бай еди,
Төрт түлиги сай еди,
Алымбайдай ол байдың
Бир ғана улы бар еди.
Бай кеўилин хошлады,
Үлкен тойды баслады,
Отаў тикти сол ўақта,
Уллы тойдың сәнине.
Ат жиберди Алымбай,
Ура Төбе елине.
Бақсы-жыраў айттырды,
Шадыяна қақтырды,
Алтын қабақ аттырды,
Қос палўанды туттырды,
Халқынан атты жыйнатты,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ура Төбе жигитлерине,
Әрмансыз ылақ ойнатты.

Ендиги сөзди еситиң,
Жәҳаншадай баладан.
Қоянкөк атын алдырып,
Мақпалдан беллик салдырып,
Зербаптан терлик салдырып,
Алтын ер жәнe алдырып,
Атты жақсы сайлады,
Кийим кийди үстине,
Сулыў еди Жәҳанша,
Көзи енди қызлардың,
«Меники болса енди» деп,
Көзлери оттай жайнады.
Сеп-сеп болып келинлер,
Топ-топ болып көп қызлар,
Тойға қарай жөнеди.
Жәҳаншадай баланың,
Ералы деген бир досты,
Той ишинде бар еди,
Он жигит алып қасына,
Жетип келип сол мәҳәл,
Бир сөз айтты күлимлеп,
Жәҳаншадай достына:

— Мәрт Жәҳанша,саған айтар сөзим бар,
Тойдамедиң,буннан едим бийхабар,
Ат ойнатып,достым,бирге баралы,
Қыз-жаўанның ақлы болсын енди лал.

Теңи менен жигит жүрсе жарасар,
Жақсы мәртке қыз-жаўанлар қарасар,
Мин атыңа,батыр достым Жәҳанша,
Ер жигитлер ар-намысқа таласар.

Сайрамнан келеди жигит бир қатар,
Абырай алса,хәркимлер де мақтанар,
Сен барғанда айырарсаң хәр топты,
Менменлерге барып салғыл қайғы-зар.

Айтар саған,мәрт Жәҳанша,бир сөзим,
Ашық екен дәл бойыңа қыз Назым,
Сол тойларда көрмек болды дийдарың,
Қайтарма дүньяда арыўдың сөзин.

Жүзлеринде ойнар оның қоса қал,
Бойларыңды бир көрмеге интизар,
Алып келип таслай қойса ылақты,
Берсем дейди Жәҳаншаға орамал.

Саған қылдым,достым,шадлық мунаққат,
Жақсы менен жүрсең,болар кеўлиң шад,
Бирге бармақ тойға мениң қумарым,
Сайрамның елинде жоқты сендей мәрт.

Бул сөзди Ералы айтқан ўақта атадан жалғыз туўғанына Жәҳаншаның кеўилине кемлик келип, екиншиден,Ура Төбе елинде руўлас ағайининиң азлығын билип,келешектеги ислер кеўлине түсип, Ералыға қарап бир сөз айтты дейди Жәҳанша:

— Арзымды есит,Ералыдай жоражан,
Жалғыз аттан,мың ойнасам,шықпас шаң,
Бир адамның неге жетер қуўаты?
Кемлик тарттым ағайинниң азынан.

Ғайрат сыймай,ишим оттай жанады,
Ат ойнатып айырарман араны,
Ғапыллықтан қамшы тийсе басыма,
Омыраў тартып ким арымды алады?

Батыр жигит ат қуйрығын өреди,
Ғошшақ жигит ел деп қулаш кереди,
Мен атадан жалғыз туўған ер едим,
Күнлер туўса,маған кимлер ереди?

Жоражан деп маған сөзлер саласаң,
Қосылып сен бирге тойға барасаң,
Күнлер туўса қайғы келип басыма,
Көрмегендей болып,достым,қаларсаң.

Мен билемен хәр тәрептен есимди,
Сындырмайын енди,достым,сөзиңди,
Бирге миндик,әне,достым,атларға,
Қыйын күнде жумып кетпе көзиңди.

Атқа минди Жәҳанша,
Қыздай болып таранып,
Қыйыўлы еди геллеғар,
Жигитлердиң ишинде,
Еки көзи жайнаған,
Сулыў еди геллеғар.
Жигирма жигит алдында,
Он бир жигит оңында,
Он бир жигит солында,
Уллы байдың тойына,
Салтанат пенен Жәҳанша,
Атланады геллеғар,
Ойнатып бир тулпарды,
Жәҳаншаны көргенлер,
Усындай болсын балаң деп,
Тарқатады қумарды.
Жәҳаншадай жигитти,
Көргенниң ақлы танады,
Қырық жигиттиң ишинде,
Саясаты соныңдай,
Ат үстинде бул палўан,
Минардай болып барады.
Сәскеге шекем жол жүрди,
Ылақ ойнап,топ болған,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир уллы той көринди,
Мәрттиң көзи жайнады,
Сарпайларын жыйнады,
Маңлайына сол ўақта,
Орамалды байлады,
Арысландай ақырып,
Қоянкөк атты ойнатып,
Тойда ылақ ойнады.
Батыр туўған Жәханша,
Бағдан гүллер сайлады,
Шийрин жанды қыйнады,
Мәрттиң көзи жайнады,
Дос-душпанның ишинде,
Әрмансыз ылақ ойнады.
Бағдың гүли лалады,
Көргеннин мийири қанады,
Жасы үлкенлер алдына
Алып барып ылақты,
Атқан енди ўақтында,
Жәханшаның күшине,
Халайық хайран қалады.
Ылақ ойнап Жәханша,
Халықтың кеўлин алады,
Қызлардың ўақтын хошлады,
Қыз Назымның алдына,
Он еки сапар ылақты,
Алып келип таслады,
Орамал менен теңгени,
Ералыдай ол досты
Алып сонда шашлады.
Мәрттиң көзи жайнады,
Ура Төбе елинин
Абырайын алады,
Саўран,Сайрам елинин,
Небир шабандозлары,
Ишлери оттай жанады.
— Қолымызда бир балқан,
Басқы көрип баладан,
Туўмаған жақсы анадан,—
Дейип сонда бирлесип,
Мәсләхәт қылды көп душпан.
Иши күйип душпанлар,
Баланы ортаға алады,
Төрт тәрептен басына,
Қайғылы қамшы салады,
Бай баллары арланып,
Жәханшаға топылды,
Жәханшадай бул палўан,
Гилең байдың балларының,
Бирлескенин биледи,
Жән-жағына қараса,
Ералы түўе сымбыл жоқ,
Жалғыз қалып бийшара,
Қан сорғышлар ишинде,
Тийер болды көп қамшы,
Жәханшаның басына.
Жәханшадай бул палўан,
Атының тулпарлығын биледи,
Өзин сыртқа алады,
Қашқан намыс болар деп,
Ийт урысты салады.
Атты қойып жиберип,
Аттың күши — ер күши,
Бухары қамшы қолында,
Тыйығынан услап Жәханша,
Көзлери оттай жайнады,
Өлсин дейип салады,
Қолайсыз тийгенин жылатты,
Әне-мине дегенше,
Он сегиз байдың балларын,
Атынан урып қулатты,
Тойды шаңға улатты,
Жәханшаның алдында,
Байбәтшелер сол ўақта,
Тумлы-тусқа қашады.
Хаслы гедей баласы,
Тәжжал болдымекен деп,
Байларды қара басады,
Өз пейлинен байлардын,
Берген тойын жаўлады,
Пыт-шыт болып бай тойы,
Қарсы турған сол байлар,
Қашып жанын аўлады,
Жәханша минген Қоянкөк,
Даўрық салып ойнады.
Байлардың аңын алайын деп,
Қарсы турған душпанды,
Өз жөнине қоймады,
Молла менен ийшаны,
— Кешир,балам,гүнайын,—
Дейип сонда шуўлады.
Батыр туўған Жәханша,
Маңлайынан ағып қан,
Батыр еди бир туўған,
Ар-намыс алып душпаннан,
Жеккелип келип басына,
Айтқаны келип алдына,
Жас қуйылып көзине,
Қайтты дейди елине.
Аман барып ғош жигит,
Атасы менен енесине,
Сәлем берип турады,
Қанды көрип анасы,
— Не болды балам саған? — деп,
Өксип-өксип жылады,
Әкеси оның бийшара,
Бир сөз айтып сорады:

— Жылдан-жылға зыят болды бул дәртим,
Әўел тарттым бийперзентлик шербетин,
Маңлайыңнан ағып сенин қызыл қан,
Кимлерден сен қорлық көрдиң перзентим?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сениң ушын мен жылайман зар-зар,
Қорлығыңды көрип болдым бийқарар,
Кимлер салды таўландырып қамшыны,
Кимде қалған, балам, сениң арың бар?

Сени көрип жанға салдым зулымды,
Қанға бояп рәўа көрген өлимди,
Халыққа сениң сүйикли еди әдетиң,
Көп ишинде кимлер тапты миниңди?

Қорлығыңды көрип болды баўырым қан,
Бул ҳалларға шыдамайды ата-анаң,
Қайсы адамға ялғаншыда дақ салдың?
Қамшы тийген дәл басыңа душпаннан.

*Бул сөзди атасы айтқан ўағында, қанларын анасы жуўып-жалап тазалап*, орамалы менен Жәҳаншаның бой-маңлайларын сылады. Сол ўақта азан-сәске ўақты екен, жақсы кийимлерин үстине кийип, китапларын шаршысына түйип, атасына қарап ат-жарағын тапсырып, илим жолына түсип, оқыйман деп бир жуўап айтады:

— Жаным ата, саған айтар сөзим бар,
Жалғызлықтан дүнья болды маған тар,
Буздым бүгин душпанлардың тобыны,
Маған емес ҳайыт-тойларың миясар.

Жан атажан, қулақ салғыл зарыма,
Күн туўғанда ҳеш ким келмес жаныма,
Той-мереке көпшиликтиң сәни-ди,
Ел қыдырмақ мениң емес шаныма.

Жалғызлықта мениң баўырым жанады,
Жалғызларға ҳәрким әрман салады,
Алып кетти дослар болып Ералы,
Сол себептен көрдим қайғы-жапаны.

Жәҳанша дейдилер дүньяда атым,
Дос-душпанға мен көрсеттим ғайратым,
Қыз Назымға ылақ таслап ол тойда,
Көрдим енди ол байлардың ҳимметин.

Көп ишинде көзден ақты қанлы жас,
Душпанларға жибермедим ар-намыс,
Түстим енди мен илимниң жолына,
Жалғызларға той-мереке жараспас.

Ҳәр сөзлерим сениң ақлың алады,
Илим қайтарады келген бәланы,
Мен минбеймен Қоянкөктей атыңды,
Беглигиме жалғызлық әрман салады.

Оқып мен болайын енди саўатқан,
Оқымаған қылады енди көп әрман,
Жақын көрдим мен өзиме илимди,
Ырзалықты бергил маған, атажан, —

деп батыр Жәҳанша мектепке қарай жүрис етти.

Батыр туўған Жәҳанша,
Мектебине жөнеди,
Ҳәр ҳәптеден келеди,
Оқыўын билип молласы,
Түрли-түрли илимнен,
Балаға сабақ береди.
Көп күн өтти арадан,
Көп ай өтти арадан,
Оқыўына қызығып,
Келмейди енди мектептен,
Қыслығады атасы,
Келмеди енди балам деп,
Қан жылайды анасы,
Жәҳанша болды ықласлы,
Оқыўына сол заман,
Жақсы илим алсын деп,
Жақсы билим билсин деп,
Жибермейди молласы.
Сәңгилбай менен Қарабай,
Ақтолқын менен Айпарша,
Қылдылар енди мәсләҳәт,
— Жибермейик баланы,
Мектебине енди, — деп,
Қайта-қайта қылды шәрт.
Сонда Қарабай сөйледи,
Ағасына не деди:

— Әй, ағажан, ағажан,
Менде барды алты нар,
Сенде барды алты нар,
Шынмашындай қалаға,
Саўдалайды адамлар.
Бул дүньяны нетейик,
Жәҳаншадай балаңның,
Қолына берип мың тилла,
Саўдагерге ертейик.
Жүрме, аға, қан жылап,
Шынмашындай қаладан,
Кәрўанларға қосылып,
Келсин балаң саўдалап.
Көрсин енди Жәҳанша,
Дүньяның барып қызығын,
Билсин енди матаның,
Өтетуғын баҳасын,
Билсин енди балаңыз,
Бул дүньяның мазасын.
Балаң болса саўдегер,
Сен кийерсен, ағажан,
Кийимлердиң тазасын.
Оқыўлары қурысын,
Саўдаға баланды үйретип,
Берсең енди болмай ма,
Жәҳаншаның жазасын?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мектептен сонда қалады,
Түссе дүнья ышқына,
Сонда тилиң алады,
Шақырт енди баланы,— деп,
Үйретеди Қарабай,
Сәңгилбайды геўледи,
Ойлаўға пурсат бермеди,
Орынсыз шыққан жарадай,
Сәңгилбай көп-көп ойланды,
Қарабайдай иниси,
Тирсек сөзин қоймады.
Сол ўақтында Сәңгилбай,
Ғарры еди бийшара,
Инанып қалды сол ўақта,

Инисиниң сөзине,
— Келсин енди балам,— деп,
Хабар етти Сәңгилбай,
Жәҳаншаның өзине.
Сол ўақтында Жәҳанша
— Сабақтан қалар болдым,— деп,
Жас қуйылды көзине,
Не қылса да Жәҳанша,
Атасы шақырып турған соң,
Китапларын қолтықлап,
Устазынан соранып,
Қайтып келди Жәҳанша,
Қапаланып үйине.

Атасына сәлем берип,не себептен шақыртқанын билиў ушын атасына бир-еки аўыз сөз айтып турған қусайды:

— Арзымды есит қулақ салып,атажан,
Қартайғанда мунша болдың не ладан?
Шақыртыпсаң мени бүгин мектептен,
Шақырғаның болды илимге зыян.

Шақырғанда ақты көзден қанлы жас,
Оқыўшы қыдырса,илими оңбас,
Мени алып келип,ата,нетесең?,
Сабақтан қалғанлық болады намыс.

Нешше мендей ул оқыўшы бала бар,
Келсин дедиң,маған түсти қайғы-зар,
Қалағойсам өз теңимнен,атажан,
Көп ўақытлар өсек етер душпанлар.

Ишкен таҳам маған болды қарақан
Мен оқыўда қатты нанға ырзаман,
Суўдай ағар,тартсам,аға,бул илим,
Қойма енди жолдан мени,анажан,—

деп бул сөзди айтып зарланып жылады. Сол ўақта әкеси — душпан сөзине ерген бахтықара, аразланып баласына қарап сөйледи:

— Мен сөйледим,ақты көзден қанлы жас,
Дүнья болады ғой жалғызға жолдас,
Өзиңнен туўмаса енди баласы,
Ата-ананың ҳасла тилини алмас.

Ата-ананды көп жылатпа зар-зар,
Ҳәр келгенде мендей атаң қуўанар,
Сен қыдырып ҳәр шәҳәрде,перзеним,
Тилим алсаң,болғыл деймен саўдегер.

Неге сен қашасаң дүньяйы-малдан,
Дүньясыз адамлар қылады әрман,
Сен көрерсең жақсы менен жаманды,
Ел қыдырып,тартқыл дүньялы кәрўан.

Кисиге жарасар жыйсаң дүнья-мал,
Ағаң берди саған сыйлап алты нар,
Мен берейин мың тилланы өзиңе,
Шынымашын қаласына барып кел.

Елаттан кетеди сансыз көп адам,
Айтқанымды қылсаң,саған ырзаман,
Тартып кеткил қара нардың жетегин,
Ғайратыңды көрсин енди дос-душпан.

Болып келер сениң кеўилиң енди шад,
Жүрегиннен көкке кетер енди дәрт,

Саўдаласаң Шынымашын шәҳәрин,
Ғайратыңды көрип болсын кеўилим шад.

Халықларды көрип ишим жанады,
Малсызлығым жанды отқа салады,
Көрип келдиң сен байлардың сәнини,
Қояғойғыл,балам,енди молланы.

Сени көрип көзден ақты қанлы жас,
Мал-дүнья,ойласаң,жалғызға жолдас,
Бул дүньяда қәдирли ғой мал тапқан,
Бийдәўлет балалар тилинди алмас.

Малсыз адам ҳәр күн тартар қайғы-зар,
Оқыған илимиң өзиңе болар,
Қолға алып нар түйениң дизгинин,
Тилим алсаң,Шынымашынға қыл сапар.

Билим менен баралмайсаң ҳеш жаққа,
Ийе болалмайсаң хасла атаққа,
Мал таўып қайт,жаным балам,тарта бер,
Түйениң басына дизгинин тақ та.
Бул сөзлерди айтқанда,
Сәңгилбайдай атасы,
Ақыллы еди Жәҳанша,
Ата тилин алады,
Китапларын бийшара,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылай-жылай сол ўакта,
Аршасына салады.
Ендиги сөзди досларым,
Сәңгилбайдан еситиң.
— Айналайын,жан иним,
Ақыллықта жоқ миниң,
Кетер болды Жәҳанша,
Саған болып хызметдар,—
Дейип енди сол ўақта,
Инисине барады,
Иниси буған қуўанып,
Жәҳаншаны шақырып,
Көп зыяпат қылады.
Өзиң көрген Жәҳанша
Ақылға кеўилин кереди,
— Ағайинде дос болмас,
Бузған екен атамды,
Оқыўдан қойған залым,— деп,
Буны бала биледи,
Түйелерге жүк салып,
Қарабай менен қосылып,
Атасынан пәтия алып,
Шынымашын қалаға,
Саўдаламаға Жәҳанша,
Мың тилланы қолға алып,
Сол ўақтында жөнеди,
Қарабайдай ағасына,
Мың тилланы бермеди.
Бир неше күн жол жүрип,
Шынмашындай шәҳәрге,
Барып аман киреди,
Алып келген дүньясын,
Жәҳанша сатып жүреди.
Көп күн өтти арадан,
Бул шәҳәрди аралап,
Көп жайларды биледи,
Бир көшеде баратса,
Бир қапының үстинде,
Жазылған хатты көреди,
Жәҳаншадай батырдын,
Қыдырғаны сол еди.
«Ҳәрким кирсе бул жайға,
Мың тилланы береди,
Оқыўға сонда киреди,

Он еки ай,он күнде,
Қыламан оны илимхан,
Қыламан оны билимхан,
Қыламан оны саўатхан,
Егер билимли қылмасам,
Мың тилланы өзине,
Қайтып сонда беремен»,
Дейип енди жазылған,
Сол хатты оқып көреди.
«Бул жайға қалай келдим?» деп,
«Буны кимлер берди» деп,
«Кимлер баслап келди» деп,
Қуўанғаннан Жәҳанша,
Қатты жылап жиберди.
Жылап турған ўақтында,
Узын бойлы бир адам,
Шыға берип ол жайдан,
Жәҳаншаға ҳәм қарап,
Қолынан тутып баланың,
Ишкериге киргизип,
Жақсы жағдай сорады:
— Балам,неге жыладың? —
Дейип енди Жәҳаншаға,
Бир жуўапты айтады:

— Сен муңайдың,дүнья болды маған тар,
Бул хатларды оқып,жыладың зар-зар,
Ақыллысаң бул дүньяда бир туўған,
Не кеўилиңде,балам,енди кемлик бар?

Сен жыладың,мениң болды баўрым қан,
Әрманлы боп қалыппедиң оқыўдан,
Бир жаманның саған тийип кесири?
Кеўлиңдеги әрманыңды айт,балам.

Жыламақлық дәртлилерге ол мийрас,
Оқыўға қылғансаң әўелден ықлас,
Кесир болып жолларыңа бир адам,
Бул жерлерде ақты көзиңнен қанлы жас.

Сөйлегениң бул жерлерде дым қолай,
Оқыған кисилер табады абырай,
Излегениң тапқандайын жылайсаң,
Айтқыл әрманыңды,балам,уялмай.

Бул сөзди айтыўдан Жәҳаншаның кеўили жүдә шад болып:
— Әй, атажан, бир сөз саған уят болмаспекен? — деп, кеўлиндеги әрманы екен бул Жәҳаншаның:

— Арзымды еситкил,әй атажаным,
Кештим енди дүньялардын бул малын,
Сол себептен ақты көзден қанлы жас,
Оқыў еди,ата,мениң әрманым.

Оқығанда тасар еди жүрегим,
Кешиў-күндиз оқыў еди тилегим,
Себеп пенен келдим енди бул жерге,
Алдымнан шықты ғой керек керегим.

Атым мениң Жәҳаншадай ер султан,
Алып қалды атам мени оқыўдан,
Оқыўдан қалғалы,жаным атажан,
Дүнья болды мендей мәртке ҳәм зиндан.

Бул хатты көрип ҳәм болдым мен жүдә,
Жаңа келдим жақты енди дүньяға,
Оқытсаңыз,мени қылсаң саўатхан,
Аянбайман,мине саған мың тилла.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзди айтып Жәханша
Ашылады гүл -ғумша,
Ишкериге киреди,
Дийўанлары бар еди,
Хатшылары бар еди,
Мың тилланы береди,
Хатласып олар алады,
Баба менен қосылып,
Оқыў жайға барады,
Күн көрместей жайларда,
Оқыў ышқына мәс болып,
Жәханша оқып қалады.
Ендиги сөзди еситиң,
Ағасы болған Қарабай,
Қарабайдай кәрўаннан.

Жар урдырып қалаға,
«Бизден кетти бир бала»,
Дейип енди Қарабай,
Ат жиберди далаға,
Жәханшаны табалмай,
Сергиздан болды Қарабай,
Жылай-жылай,табалмай,
Қайтып кетти елине,
«Бул жайларда Жәханшаның,
Биле-билсем,досларым,
Қазан урды гүлине»,
Дейип енди қан жылап,
Қайтып барды Қарабай,
Ура Төбе елине.

Қарабай нарларын жетелеп,туўры менен төтелеп,ағама барып айтайын,баласының жоқлығын деп,ағасының ордасының алдына барып,арысландай ақырып,жыламақ пенен болды.Ағасына қарап, бир-еки жуўап айтып турған усайды:

— Аға,болдым көп заманнан мен кәрўан,
Ушқыр едим,жез қанаттан қайрылған,
Хешбир бенде енди мендей болмасын,
Инисинен әрман менен айрылған.

Жылай-жылай қанлар ақты көзимнен,
Таўап етер болдым басқан изинен,
Тар көшени талдай басып аралап,
Ғайып болды Жәханшажан көзимнен.

Болып қалдым жат жерлерде бийнаўа,
Қайта-қайта жар салдырдым қалаға,
Мен айрылдым Жәханшадай инимнен,
Саған шерменделер болдым,жан аға.

Қолымнан үзилди ашылған бир гүл,
Қыйналады Ура төбе уллы ел,
Айрылып қалыппан жалғыз инимнен
Ендигисин,жаным аға,өзиң бил.

Қарабай бул сөзи айтып ағасына қарады.Ағасы Сәңгилбай кебзеши еди,сексеўилдиң отын жағып жиберип,баласының тирилигин қарады.Қараса,баласының алдында тоғыз түрли тағам,нешше бир адам оның хызметинде,илимниң хаққында күн көрместей жайларда билим изертлеў китабын оқып, шад болып отырғанын көрди.Баласының оқыў оқып,парахат отырғанын билди.Өзинен басқа киси бул сырларды билмеўши еди.Мыйығын тартып күлип:

— Әй,иним,ордаңа бар,— деп,инисине қарап мына жуўапты айтты:

— Ашылмаған мың гүлимнен бир гүлим,
Кемлик тартып,салма жаныңа зулым,
Жәханшаның шаңлар тиймес бетине,
Ғайып дейип қапа болма,жан иним.

Әўел минди мәрт Жәханша әреби ат,
Той қыдырып,басларына келди дәрт,
Таслап енди аты менен жарағын,
Оқыйман деп балам қылды енди шәрт.

Жәханшаның кеўилин қылдың сен ўайран,
Себеп болып,алып қалдың оқыўдан,
Тапқан екен ада болмас билимди,
Жаным иним,енди сеннен ырзаман.

Жәханша дүньяда баламның аты,
Мыңға тайды перзентимниң қуўаты,
Оқыў еди Жәханшаның мурады,
Мен көргенмен ол кәбзеде баламды.

Бүлбүл қонған Жәханшаның гүлине,
Зибан берсин перзентимниң тилине,

Жылай берме сен мазамды қашырып,
Қайта бергил,иним,анаў үйине.

Сәңгилбай айтты сөз булай,
Қарабай кеўили болды жай,
— Узақ майдан саласын,
Жоғалтып енди кеп едим,
Ағамның жалғыз баласын,
Бир сүйекке қарады,
Көрди енди баласын,
Қылмады енди ол маған,
«Жоқ еттиң» деген жаласын,
Жан ағамнан ырзаман,
Усы күнге шекем де
Ишкен мениң асларым,
Болып еди қарақан,
Мен қайтаман аўылға,
Хош қалыңыз,женгежан,—
Дейип енди Қарабай,
Көп саўғатты береди.
Өзиң көрген Сәңгилбай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Болған иске көнеди,
Қысыла қойса қатыны,
Жақсы кеңес береди.
Сәңгилбай болмай хеш ладан,
Бир жыл өтти арадан,
Баласы болған Жәҳанша,
Болды енди илимхан,
Болды енди саўатхан,
Рухсат алып устаздан,
Ура Төбе елине,
Он еки ай,он күнде,
Қайтып келди хош аман.
Баласын көрип Сәңгилбай,
Туўша бийе сойдырып,
Той береди халқына,
Ели,аўыл-аймағын,
Наныў-етке тойдырып,
Ашылдырды бир гүлди,
Сөйлетеди мәрт тилди,
Илимли болып елине,
Болды дейди Жәҳанша,
Журтқа уллы қәдирли.
Қәдирли болып Жәҳанша,
Ашылған гүлдей жайнады,
Бирге өскен баллары,
Дослары менен сөйлесип
Кеше-күндиз ойнады.
Жәҳанша еди билимли,
Дослардың қылған қылўасы,
Жәҳаншадай батырға,
Ҳасла гуўра келмеди.
Ылақ ойнаў дегенге,
Ат шабыспа дегенге,
Ағабий болып арада,
Зыяпатлық қылыўға,
Бай менен енди молланың,
Сөзини енди айтыўға,
Дини жаман сөзлерге,
Жәҳаншадай мәрт жигит,
Ҳасла қулақ қоймады,
Олардың сөзи мақул деп,
Ҳеш жанына бармады,
Қыдырып шықса таўларға,
Илим енди китабын
Ҳасла қолдан қоймады,
Қызы менен жаўанға,
Ҳасла нәзер салмады,
Қәлемеген жайларға,
Шақырса да бармады,
Сол себептен Жәҳанша,
Молла менен ийшанның,
Байлар менен хожаның,
Арасына сыймады.
Жалғызлық келип басына,
«Бул кеткеннен кетейин,
Оқыған жайға жетейин,
Буннан да көп илим алайын,
Күшимди топлап дүньяда,
Халықларды жөнге салайын»,
Деген сөзди Жәҳанша,
Кеше-күндиз ойлады,
Ойлана берип бир күни,
Атасынан жасырып,
Анасын да тағы алдап,
Көп дүньяны алады.
Сол бир күнлер болғанда,
Бир бөлек енди адамлар,
Кетпекши болды саўдалап,
Ура төбе елинен,
Шынымашын қалаға,
Кетерин билип булардың,
Өз-өзинен өксип-өксип,
Жылай берди Жәҳанша.

Сол көзиниң жасына атасы шыдай алмай:
— Әй,балам,саған не болды? Кимлерден кемлик келди,я жигитлик ҳәсерине түстиң бе? — деп, Сәңгилбай көзин жаслап,бетиниң пердесин таслап,баласына бир сөз айтқан екен:

— Мәрт өлгенде талан қалар дүнья-мал,
Қанлар жылап,маған салдың қайғы-зар,
Белимниң мәдети сенсең жалғызым,
Жәҳаншажан,не кеўлиңде кемлик бар?

Қыслар кетип,көрдим бәҳәр-жазыңды,
Тартынбай айт,балам,маған сөзиңди,
Шад етейин,балам,енди кеўлиңди,
Айттырайын қайсы байдың қызыны?

Ашық сүйер назлы ярдың қәндини,
Күннен-күнге ыраса қылдың дәртимди,
Арысланым-айбатым,балам сен един,
Жан атаңа айтагөргил дәртиңди.

Сен муңайсаң жасқа толар бул көзим,
Ҳеш жигитке айтпайсаң ғой бул сырың,
Жолларында енди қулаш кереди,
Сени дейип бул еллерде қыз Назым.

Әжел жетпей,шықпас тәннен ширин жан,
Сен муңайып,мени қылдың сергиздан,
Кештим енди көп гүнайың,перзентим,
Кеўилиңде бар қусаған бир әрман.

Барып енди бәлент таўдан астың ба?
Бир мүрдени бир мүрдеге қостың ба?
Өксип-өксип сен жылайсаң,жан қозым,
Я болмаса ышқы отына түстиң бе?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылай берме, жалғыз қозым, зар-зар,
Жигит қылар хәр қысымға тәўекел,
Питкерейин кеўлиндеги мурадын,
Жолларына сарп етейин дүнья-мал.

Мен болайын бойларына садаға,
Әўел перзент дейип өтти дүньяда,

Астына миндирип енди кер жорға,
Мен берейин оқыўына мың тилла.

Жолдас болар, ўа, кетермен жигитлер,
Рухсат бердим, сол шәхәрге барып кел,
Мен айлансам көзден аққан жасыңнан
Та көргенше, ўа, перзентим, аллияр.

Бул сөзди айтып, атасы рухсат бергеннен соң Жәханша ата-анасына ыразы болып, ақыры мурадыңызға жетерсиз,— деп бир жуўап айтты:

— Жан атажан, саған айтар сөзим бар,
Ура Төбе ели болды маған тар,
Кештим енди мен дүньяның малынан,
Сол оқыўға қылдым, ата, ықтыяр.

Қыз емес ғой перзентиңнин әрманы,
Абырой деп төгилер жигиттиң қаны,
Қатар-қурбы көринбейди көзиме,
Бул дүньяда болсам илимнин кәни.

Мениң ушын сен жылама зар-зар,
Оқымаған адам болар бийқарар,
Кеўлиме жай қылсам, ата, илимди,
Қыз Назымдай нешше қызлар табылар.

Ўақыт өтти, ата, ишим жанады,
Оқыўсызға бир күн әрман салады,
Болсам, ата, жалғаншыда саўатлы,
Билимлилер жер жүзини алады.

Рухсат бердиң, мен разыман, атажан,
Хәр түрли илим бар, болмайды жаман,
Аман келсем келтирмегил кеўлиңе,
Хош қал меннен, ата менен анажан.

Кетти дейип қылма, ата, қайғы-зар,
Жигитке керекти мың түрли өнер,
Қыз-жаўанды сүйип, ата, нетейин,
Оқыўды әйледим енди ықтыяр,—

деп бул сөзди Жәханша айтқан соң, баяғы Қарабай қуўбас жыйтанлап келип қалды. Жоқ жағдайды сығалап, нақыл қоймай қуўалап, ағасы Сәңгилбайға қарап:

— Мың тилла менен Кер жорғаны алып қал, журт алып па моллалар, бара ғойса балаңыз Шынымашын қалаға, алдап алар дүньясын, қызы менен жаўанлар. Ишпегиңе дән таппай, картайғанда қаларсаң, аға, жылап зар-зар,— деп көп сумлықларды айта берди.

Қарабай айтқанын қоймады, Сәңгилбай тилин алмады.

— Аш болсам, маған қарама,— деп, бир-еки аўыз зарлады:

— Қарабайжан, бир сөзим бар, тыңлайгөр,
Жоқлық болар бир күн бендеге миясар,
Қапа қылсам жалғызымды дүньяда,
Кеўли енди нешше жылда табылар.

Нешелердиң көрип иши жанады,
Улды көрсе мәрттиң мийри қанады,
Әкемдейин маған ақыл айтасаң,
Сен бердиң бе Жәханшадай баланы?

Әжел жетсе шығар тәннен шийрин жан,
Жәханша оқыса, иним, сен қуўан,
Сарп әйледим мәрт жолына дүньяны,
Баламыз жоқ етсе, оған не әрман?!

Оқыўға кылғанды балам тәўекел,
Аш боласаң деп маған етпе қайғы-зар,
Аш болғанда тойғызбағыл сен мени,
Бул сөзди айтады залым душпанлар.

Бул сөзди айтып Сәңгилбай,
Көзи оттай жанады,
Мәрттиң мийри қанады,
Кер жорғаның белине,

Зербаптан терлик салады,
Ер-тоқымы алтыннан,
Алтын гирдиш хәм жүўен,
Жылаўлары хәмедан,
Ат басына салады,
Айылды жуптан шалады,
Дүнья менен шөрекке,
Қоржынны толтырып,
Баласын атқа миндирип,
Баласы менен қосылып,
Бул да минди бир атқа,
Анасына мәрт қарап,
«Ырза болың меннен» деп,
Айтады екен Жәханша,
«Ырза болың» деп жуўап:

— Ана, қулақ салғыл айтқан сөзиме,
Мен кеткенде жас келмесин көзиңе,
Келермен елиме дүньяда аман,
Ырза болғыл маған берген дузыңа.

Мен түскенмен бул илимниң дәртине,
Әлам шыдамайды илим отына,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қапа болма,жаным енди анажан,
Ырза болғыл сәҳәр берген сүтине.

Әжел жетпей шықпас тәннен шийрин жан,
Илим деп байладым алтыннан қалқан,
Қуўантарман бир күн келип мен сени,
Хош қалыңыз,мен сизлерден ырзаман.

Сол ўақлары баланың,
Ақтолқындай анасы,
Көзи оттай жанады,
Шашын салып алдына,
Қайта-қайта зарланып,
— Балам аман келсин,— деп
Тилегин тилеп қалады.
Әкеси менен баласы,
Атларын жолға салады.
— Мениң сөзим қара жер,
Менен теңлер болды,— деп,
Шайтан еди Қарабай,
Өсекшил еди Қарабай,
Болмаған соң айтқаны,
Ернин тислеп сол ўақта,
Үйине қайтты көк маңлай,
— Иним,не дедин? — деместен,
Баласы менен қосылып,
Дәрьядай кеўли йош урып,
Кетти дейди Сәңгилбай.
Көргенниң ақлын алады,
Елден кеткен көп адам,
Жетип барып изинен,
Кәрўанбасы Таңсыққа,
Бир сөз айтты Сәңгилбай:

— Арзым есит,айнанайын Таңсықжан,
Иниң болмақ бул дүньяда илимхан,
Алып барып жеткер оқыў жайына,
Өмиримше,иним,сеннен ырзаман.

Оқыў екен питкериўи қыйын дәрт,
Оқыйман деп мениң балам қылды шәрт,
Саған қостым,алып барсаң баламды,
Айтаман кеўилден саған раҳмет.

Усы ўақта Сәңгилбай,
Баласына қарады,
Қарай берип сол ўақта,
Мынаў сөзди айтады:

— Айнанайын Жәҳанша,
Сениң өзиң гүл-ғумша,
Тилегиңди тилеймен,
Оқыўдан аман келгенше.
Мынаў турған Таңсықжан,
Көптен бери ол кәрўан,
Қайтармағыл сөзини,
Балам,сеннен ырзаман.
Сениң өзиң қызыл гүл,
Кеш бир жат та,ерте тур,
Хызметин қыл барғанша,
Аман-есен барып кел.
Сайлап миндиң әреби ат,
Ура Төбе елинде,
Болмады сениң кеўлиң шад,
Ықлас пенен оқыйгөр,
Жиберип тур сәлем хат,
Ата-анаңды қылып яд,—
Дейип сонда Сәңгилбай,
Рухсат берип қалады.
Ата-анадан шад болып,
Кәрўан менен қосылып,
Дәрья киби йош урып,
Ақыллы туўған Жәҳанша,
Күлип-ойнап барады,
Бирнешше күн жол жүрип,
Он еки күн дегенде,
Шынымашын шәҳәрге,
Аман барып киреди,
Досларға сәлем береди.
Таңсық пенен қосылып,
Жүрек-баўыры йош урып,
Өзиң көрген кер жорға,
Шарбазарға салады,
Буны да енди сатады,
Ат-жарағы,әсбабын,
Буны да енди сатады,
Қоржынды аспай мойнына,
Көп дүньяны салады,
Соннан кейин Жәҳанша,
Таңсықтан рухсат сорады.

— Аға,болдым сениң менен келип шад,
Илим болар ғош жигитке сол дәўлет,
Сорайғойса ақ сүт берген жан анам,
Бир жақсы илим оқыйды деп сәлем айт.

Нешше жаста енди болдым бәркаман,
Басыннан кетпесин қайғысыз дәўран,
Жәҳанша балаңыз илим жолында,
Дейип айтқыл ата-анама сораса,
Сәлемим сол мениң енди,ағажан.

Тағы айтар саған енди сөзим бар,
Бул шәҳәрде жетпис түрли илим бар,
Он еки ай,он күнде аман барарман,
Ата-анам жыламасын зар-зар.

Бул еллерге дақыл болар көп кәрўан,
Кәрўанлардан айтып турарман сәлем,
Келемен деп атам ҳәлек болмасын,
Бул шәҳәрди табалмайды тири жан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзлерди айтқанда,
Мәрт Жәҳанша данады,
Рухсат алып кәрўаннан,
Анда кетип барады.
Дығырық көше,тар көше,
Ат ойнатқан байбәтше,
Көшелерди аралап,
Баратырса Жәҳанша,
Бир жайлардың алдында
Бир тахтаны көреди,
Жазылыпты қатар хат,
Жәҳаншаның кеўили
Оқып көрип болды шад.

Мәрттиң көзи жайнады,
Мың тилланы береди,
«Он еки ай,он күнде,
Булалай менен дуўтарды,
Дуўтар мененситарды,
Ҳаўазы жақсы ол чилтар,
Түрли-түрли ойынлар,
Урыс тәлим баҳадыр,
Ойнамаққа қос қалқан,
Булардың бәрин үйретер,
Кеўлинде қалмай әрман,
Ҳәм бир сазшы болады,
Ҳәм бир батыр болады,
Түрли-түрли ҳийлени,
Бул оқыўда оқыса,
Адамыйзат биледи,
Бул оқыўдың оқыўына,
Бир мың тилла береди,
Бир жылда алым болады,
Алым болып кетеди,
Ақыр бир күн сол адам,
Мурадына жетеди»
Деп жазылған бул хатты,
Оқып көрди Жәҳанша.

Сонда турып Жәҳанша кеўилине тәселле берип ойлады: «Сазенде,гөйенде болсам,ҳәм палўан да болсам,ҳәм ис түскенде жаў қайтаратуғын батыр болсам,ҳәр түрли илимлерди,билимлерди үйренсем, бурынғы оқыўларым да бир оқыў еди.Бунда бес оқыўдың аты бар.Усы оқыўды оқыйын»,— деп бел байлап,есикти урып турды.Бир адам келип есикти ашып жиберди.Ол адамның түсине қараса,көзи алаша,бойы малаша,пәкене-пәштек,бойы мәштек,басы оның таз,қолында бир саз,өзи ышқыпаз, шәлтийип турып Жәҳаншаға қарата айтады бир-еки аўыз сөз:

— Сәлемиңе қылып турман қанаат,
Жамалыңды көрип болдым кеўилим шад,
Айбатың уқсайды Рүстеми дәстанға,
Арзыңды айт,батыр туўған ғош жигит.

Жамалыңды көрип болдым бийқарар,
Тарта қарыс және енди сәре бар,
Аянбайын айт арзыңды,бек жигит
Қәйерден боласаң,айтқыл,бер хабар.

Сөзлериң бар палдан шекер,мүлайым,
Бул жазылған оқыўдың бирден-бир жайы,
Кирсең,жеткизейин енди мұратқа,
Сен боласаң қай жерлердиң султаны?

Сол ўақтында Жәҳанша,
Оған қарай сөйледи,
Сөйлегенде не деди:

— Айналайын,жан иним,
Таппадың сен ҳеш миним,
Шығып едим дүньяда,
Ура Төбе елинен,
Излегеним сол илим,
Алып барсаң сол жайға,
Мың тилланы мен берип,
Тапсам деймен мол билим.
Астымда еди кер жорға,
Елим Ура Төбеде,
Илим излеп жол жүрип,
Келип едим мен бунда,
Илим ийеси ким болса,
Алып барсаң жанына,
Байрағына,қарағым,
Мен берейин бир тилла.

Бир тилланы алады,
Баяғы енди таз бала,
Ол есикти бекитип,
Жәҳаншаны жетелеп,
Қуўанғаннан таз бала,
Талтақлайды ентелеп.
Бир қапыны ашады,
Зейин менен Жәҳанша,
Қырық гез ойға түседи,
Бир мектептиң өзине,
Алып барды таз бала.
Жәҳаншадай жигитлер,
Ҳәр бир арыў ҳәм қызлар,
Китап оқып турады,
Басшысына барады,
Мың тиллаға жазылған,
Алдында хатты көреди,
Ормалға түйилген,
Мың тилланы қолға алып,
Молласына береди.
Айтар ўәде айтылды,
Молласы менен хатласып,
Кирди жигит мектепке,
Үш саат оқыў оқыйды,
Үш саат хат жазады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үш сааттай дем алып,
Үш саат сазды ойнады,
Үш саат гүрес тутады,
Үш саат мылтық атады,
Соның менен бул жерде,
Кеше-күндиз өтеди.
Жәханша қылды ғайратты,
Ықласланып бийшара,
Он бир ай он бир күнге шекем,
Қылды дейди мийнетти,
Бир жыл толған ўақтында,
Жер жүзиниң илимин,
Көкиреке жай қылып,
Көрди дейди рәҳәтти.

Тамамы илимлерди үйреткен молла Азым деген устазы бар еди.Ол өзиниң қатар-қурбы,досларын шақырып,ата-анасы,ели-халқы есине түсип,устаздан рухсат сорап бир сөз айтқан қусайды:

— Молла Азым,саған айтар арзым бар,
Мүсәпирге дүнья екен енди тар,
Руқсат берсең маған енди,жан ата,
Ата-анамнан алсам деймен бир хабар.

Кимлер билер мениң тартқан дәртимди,
Ах урғанда әлем жанар отыма,
Ақ сүт берген айналайын жан анам,
Меҳрибаным атам түсти ядыма.

Ашықтың жеткенди машыққа зары,
Жигитти күйдирер ярдың жамалы,
Аға,иним түсти мениң ядыма,
Ақлымды алды халықтың қумары.

Жаныма жағады айтқан сөзлериң,
Мен сағындым Ура төбе жазларын,
Барып көрсем теңим менен досымды,
Тарқар енди күннен-күнге қумарым.

Бизиң елде шабылады әрби ат,
Қыз-жаўанды көрсем болар кеўлим шад,
Сағыныппан Ура Төбе еллерин,
Жан устазым,бизге бергил руқсат.

Бул сөзди айтқанда,устазы дана еди,жақсы бир қатар сарпайлар менен өз пейлинше ат миндирип, атының жылаўында устазы жол жүрип,бир-еки аўыз сөз айтыпты бир жерде турып:

— Бир сөз айтсам,балам,болар кеўлиң шад,
Перзентимнен көрдим мен сени зыят,
Буннан кетер болсаң Ура Төбеге,
Атаң менен ол анаңа сәлем айт.

Оқыўға әйледим сени бәркаман,
Сениң ушын мен қыйнадым шийрин жан,
Буннан кетер болсаң Ура Төбеге,
Шығармағыл мени,балам,ядыңнан.

Ашылғай-дә мың гүлиңнен бир гүлиң,
Қайтып келсең,және бар-ды бир илим,
Барағойсаң Ура Төбеге елине,
Сәлем айтқыл алымларға,жан улым.

Мен миндирдим перзентим деп әреби ат,
Илимнен әйлейгөр дүньяда бир яд,
Ата-анаңның көрип енди дийдарын,
Мен ырзаман,балам,тағы келип кет.

Қулақ салып,пәҳим әйле сөзимди,
Душпан сарғайтпасын сениң жүзиңди,
Нәсиятым ҳәзир алсаң Жәханша,
Алып кетпе қолыңдағы сазыңды.

Мен жылайман сениң ушын зар-зар,
Атаң көрсе,әбден болар бийқарар,
Алып барсаң қолыңдағы сазыңды,
Өсек қылар залым енди душпанлар.

Сазыңда бар алпыс түрли қәсийет,
Саз себепли көрерсең сен рәҳәт,
Алып барсаң қолыңдағы сазыңды,
Душпанларың күлер саған табалап.

Сен оқыдың,мениң кеўлм болды шад,
Устазыңды қылып кеттиң намурат,
Буннан кетер болсаң туўған елиңе,
Ата-анаңа,балам,аман барып жет.

Буны айтып устазы,
Толғай берип сөйледи,
Сөйлегенде не деди:
— Сениң өзиң Жәханша,
Ашылмаған гүл-ғумша,
Тилегиң тилеп жатаман,
Тәҳи балам келгенше,—
Дейип сонда устазы,
Руқсат берип қалады.

Әдепли еди Жәханша,
Устазының қолынан,
Қайта-қайта алады,
Өткен иске Жәханша
Өкинбейин көнеди,
Дал бедеўдиң белине,
Ырғып жигит минеди,
Ура Төбе еллерге,
Батыр туўған Жәханша,
Ат ойнатып жөнеди.
Мәрттиң көзи жанады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атка қамшы салады
Қамшы тийген ўақтында,
Астындағы тулпар ат,
Қубылып ойнап барады.
Ат шомылды терлерге,
Бәс бармекен далада,
Дал бедеў шапқан ерлерге,
Қан сасыған шөллерде,
Қайғы қылмай Жәҳанша,
Адам көрмес жерлерде,
Садағында сары жай,
Узын өзен,узын сай,
Сыбай питкен қарағай,
Күйгелекли көп тоғай,
Атқа қамшы басады,
Палўан жигит аянбай.
Атты булақтан суўлады,
Суўлағанда жәниўар,
Суўсыны қанып туўлады,
Аттың көзи жанады,
Керилип қулаш салады,
Қыя майдан шөллерде
Батыр минген тулпар ат,
Езиўлиги салпылдап,
Ҳәр белдеўден асады.
Ат жалыны тарады,
Көргеннин ақлын алады,
Сегизленши күнинде
Ура Төбе елине,
Жақынлап ғана барады,
Атасы қурған ақ отаў,
Әйне куптан ўақтында,
Оң жағынан Жәҳанша
Енди дақыл болады.
Батырға болмай мүшкил ис,
Ақ отаўдан шығады,
«Ўаҳ,балам-ай,балам»,деп,
Гүңиренген бир даўыс.
Тынлап турса сол ўақта,
Жәҳанша елдиң данасы,
Алдында бар бир таҳам,
Ол таҳамға қол салмай,
Отыр екен жей алмай,
Батырдын ата-анасы,
Қандай сөзлер айтар деп,
Тыңлап турды сол ўақта,
Жәҳаншадай баласы.

Дәстурхан үстинде баласын жоқлап,атасы бир-еки аўыз сөз айтып турған қусайды:

— Бизиң елди сөз қылады бир нешше,
Халық ишинде ызаландым өлгенше,
Ядыма түскенде болады зиндан,
Келермекен,келмеспекен Жәҳанша?

Мен тартқанман бийперзентлик,ўаҳ,дәртин,
Сол күн көрдим айралықтың шербетин,
Көрсем енди тарқар еди қумарым,
Бул дүньяда,ўаҳ,бармедиң перзентим?!

Перзент еди мениң ҳақтан тилегим,
Дал мойнымнан кетпес еди билегиң,
Көзимниң рәўшаны,жаным Жәҳанша,
Қай жерлерде қалды сениң сүйегиң?

Өсек қылар бул сыртымнан бир нешше,
Дәрт шегемен сенин ушын бир қанша,
Яки руўҳың сениң гедей болды ма,
Тиримекен бул дүньяда Жәҳанша?

Атасы Сәңгилбай бул сөзди айтқан ўақтында Жәҳанша атасының көз жасына шыдамай,жарым туўған ақмақтай, жумалаған қаңбақтай, булттан шыққан шақмақтай, шыдамайын Жәҳанша, ашшы даўыслар менен атасына бир қарап,сөзлер айтты бир қанша:

— Жан атажан,болаберме бийқарар,
Илимди көрип-ең маған миясар,
Тири жүрмен бул дүньяның жүзинде,
Балам дейип қылма,ата,қайғы-зар.

Ашылғанда бағларымда гүл-ғумша,
Әрман менен өткен күнлер бир нешше,
Жылай берме перзентим деп аҳ урып,
Келди аман қайтып балаң Жәҳанша.

Сабыр қылған адам болар елге хан,
Перзентсиз бенДениң ақыры ўайран,
Руқсат берсең,мен бараман жанына,
Айналайын меҳрибаным,атажан,—

Деген ўақта Сәңгилбай,
Сескенип турды орнынан,
Жән-жағына қарады,
Талдай мойнын бурады,
Есиктен шыға Сәңгилбай,
«Ўаҳ,балам» деп қулады.
Перзентим деп ойлады,
Ақтолқындай анасы
Талдай бели бүгилди,
Баласына барғанша,
Жети жерде жығылды,
Көзден жасы моншақлап,
Атасын бала қушақлап,
Баласын ана қушақлап,
Аман-есен қуўысты,
Көзинен ағызып жасты,
Қуўанғаннан Сәңгилбай,
Ақырып салды даўысты.
Қызыл гүл айдын лалады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көргенниң ақылын алады,
Ауыл-еллер жыйылып,
Апыр-топыр болады.
Сәңгилбай кеўилин хошлады,
Ели-халқы жәм болып,
Үлкен тойды баслады.
Сәңгилбай менен қатыны,
Кеўили болды әбден шад,
Демин алып Жәҳанша,
Қыла берди көп рәҳәт.
Ауыл-аймақ жай болады,
Жататуғын ўақ болды,
Ели-халықтың кеткенин,
Сол ўақтында Жәҳанша,
Сонда енди биледи,
Алып келген дуўтарын,
Ситар менен лақайын,
Қобыз бенен гиржегин,
Он еки түрли сазларын,
Ол отаўға илдирди.
Батыр уйқылап қалады,
Ертең сәске болады,
Қайта-қайта намазын,
Оқып енди Сәңгилбай,
Келмеди енди Жәҳанша,
Енди сәске болғанша,
Болмады енди кеўли жай,
Өрре турып орнынан,
Жәҳаншанын үстине,
Қәдем койды Сәңгилбай.
Отаўға таман барады,
Есикти ашып қарады,
Түрли-түрли сазды көрип,
Ақылы ҳайран болады,
Баласын ол оятпай,
Ақтолқындай ярының,
Қасына барып Сәңгилбай,
Бир-еки ауыз сөйледи:

— Арзым есит,көзгенеңнен назлы яр,
Өзине көрди ме сазды миясар,
Ағайин-туўғаным келсе қутлықлап,
Қарабайдай иним енди табалар.

Перзентим деп болды баўрым күнде қан,
Жәҳанша болыпты дүньяда ладан,
Бир аўҳалды көрип келдим қасыңа,
Ҳаслымда жоқ еди сазенде болған.

Әўел қашып еди балам молладан,
Бақсының сөзлери болады жалған,
Қолларына түрли-түрли саз алып,
Жәҳаншадай болмас шерменде болған.

Бул кемликти көрип болдым бийқарар,
Буныңдай баладан мен болдым бийзар,
Көрсетпегил маған бундай сазларды,
Кемпир,оны алып барып отқа сал.

Әўелинде балам еди қәдирли,
Ағайын-туўғаным табады минди,
Отқа салып өрте оның сазларын,
Намыстан өлермен енди ҳәр күни.

Ендиги сөзди еситиң,
Ақтолқыннан еситиң.
Көзи бир оттай жанады,
Бай сөзини сындырмай,
Батыр жатқан отаўға,
Сексеўилди қалады,
Бирим-бирим сазларды
Тысырлатпай алады,
Қушақлап енди Ақтолқын,
От ишине салады,
Нағыслы еди сазлары,
Ишинен сонда күйеди.
Баласы енди турғанша,
Анасының сол ўақта
Әбден мийри қанады,
Отқа жағып сазларды,
Баланы ҳайран қылады,
Майданға шығып анасы,
Кимлерге шаўқым салады.
Турып бала қараса,
Сазлар түўе,нәрсе жоқ,
Майданға шығып саралап,
Атын енди сыйпалап,
Ишкериге киреди,
Жән-жағына қарады,
Жәҳаншадай мәрт жигит,
Ол муңайып турады,
Анасын ол шақырып,
Сазларыны сорады.

— Арзым есит,айналайын анажан,
Мени уйқыда қоршады ма көп душпан?
Биреўи қалмапты тилла сазымның,
Үстимнен алғанды қандай бир ладан?

Менде еди Рустем киби сиясат,
Бул саз дейип қылдым он еки ай мийнет,
Қандай адам алып кетти сазымды?
Иркилместен,жан анажан,баян ет.

Тутып келдим ата-ана хүрметин,
Сазымды алып,зая қылдың мийнетим,
Кимлер алып кетти тилла сазымды?
Он еки ай шектим саздың мийнетин.

Жан анажан,болсын сеннен садаға,
Гүмистен пердели,өзи бийбаҳа,
Дәстеси дәндандур,пилдиң тисинен,
Сазымды алдың ба,енди жан ана?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Минип кеттим алдыңыздан кер жорға,
Үйренбекке берип едим мың тилла,
Дуўтарымдай дуўтар жоқты дүньяда,
Айта бергил өлмес бурын,жан ана.

Сом алтынан соққан дуўтар басыны,
Сәдептен исленген нағыс қасыны,
Таўып бериң,тарқатайын қумарым,
Сен жоқ етсең,мен жуламан шашыңды.

Не айтарын билмейин,
Жылай берди атасы,
Ботадайын бозлайды,
Манлайына урады,
Жамбасынан бурады,
Пушайман қылып бийшара,
— Жан балам,— деп қақсады,
Қашпаға жайды таппады,
Сөйтип жылап турғанда,
Ақтолқындай анасы,
Атасы деген бийшара,
Мойынына пота салады,
— Не болды,балам,саған? — деп,
Ишкериге киреди,
Атасы сөйлей береди,
Сөйлей берип не дейди:

— Әй,Жәҳанша,Жәҳанша,
Сениң енди дәртиңнен,
Күйип өттик дүньядан.
Сен жатырсаң уйқылап,
Ҳеш нәрсени билмейин,
Есиктен қарап келгенлер,
Қылып кетти масқара.
Ағаң болған Қарабай,
Сениң ушын дүньяда
Кек табалмай жүр еди,
Бақтықара,көк манлай,
Бул сазларды көрген соң,
Маған қарап ҳәр сөзди
Айта берди уялмай.
Жаман сөзди еситип,
Кетти меннен ҳал-дәрман,
Мен нетейин,жан қозым,
Өсек қылды дос-душпан,
Ар-намысқа шыдамай,
Мен буйырдым ананa,
Айтағойдым бийқолай.
Сениң өзиң қызыл гүл,
Тыңлағайсаң,сөзим дүр,
Мойныма салдым потаны,
Айналайын Жәҳанша
Ендигисн өзиң бил.

Сол ўақтында Жәҳанша пейли ырайынан қайтып, шырайларын сарғайтып, қәйтейин кешпей гүнайың деп,ата-анасына бир-еки аўыз сөз айтып турған қусайды:

— Болады дүньяда бендеге әрман,
Мен қәйтип кешейин ата-анадан,
Арсынғаның,атажаным,билмедим,
Адам оқымаса болады надан.

Душпан салар адамларға қыйын дәрт,
Ағайинниң бир нешеси кәсапат,
Түсиндим ағамның айтқан сөзине,
Мени қылмақ ялғаншыда намурат.

Ата-ана баласына бийбаҳа,
Табылмайды ата-ана дүньяда,
Бир саз емес,илим төртке бөлинген,
Сол оқыўға сарп еткенмен мың тилла.

Душпан сарғайттырды айдай жүзимди,
Устазымның мен қайтардым сөзини,
Алып келдим ладан болып сазымды,
Гүнайыңды мен кеширдим,атажан,

Сол ўақтында атасы:
— Айналайын Жәҳанша,
Дуўагөйиң мен едим,
Таҳы енди өлгенше,
Болсын кеўилиң сениң шад,
Тағы оқыўлар болса,
Қыла бергил сен ғайрат,
Отқа жағып сазыңды,
Қылдым сени намурат.
Мен болайын бойыңнан,
Бул дүньяда садаға,
Кетер болсаң оқыўға,
Тағы да мен берейин,
Мың тилла менен бир жорға.
Бола бергил илимхан,
Ҳәр жерлерде жүрсеңиз,
Сақласын илим сол аман,—
Дейип сонда атасы,
Шад әйледи сол ўақта,
Жәҳаншаның кеўлини.
Жәҳаншадай бул батыр
Таслады шайтан пейлини,
Ала қайыс ат минип,
Ҳасыл қамқа тон кийип,
Қыдырады бул жигит,
Ура Төбе елине.
Жәҳаншаның изине
Бестен жигит ереди,
Оннан жигит ереди,
Ҳәр жерге барса қыдырып,
Қыз-келиншек келеди,
Дуўтар менен лақайды,
Жәҳаншаға береди,
Ал,Жәҳанша қысынып,
Дәл үйине келеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақырында шыдамай Жәханша:

— Ўа,дарийх,мен халықтан тынбадым,өсекшилер жүрген жерде сөз еткен екен.Мениң бурынғы илимли қәдирим кеткен екен.Не де болса Шынымашын елине сапар етип кетейин.Қумар көзимди жаслайын,беттен пердени таслайын,— деп,анасынан көп дүньяларды жасырып алып,аң сапарым бар деп,қоржынға шөреклерди салып,бурынғы минип келген атын зәртең-зәбертең ертлеп,атамнан руқсатсыз кетпейин,деп бир жуўап айтып турғаны екен:

— Ата,қулақ салғыл айтқан тилиме,
Бир күн қазан урар,өлсем,гүлиме,
Сапарым бар Шынымашын қалаға,
Сыя алмадым Ура Төбе елине.

Ғамлық тартып көп жылама,атажан,
Пейли кетип,елим болыпты ладан,
Жете алмайман бул илимниң түбине,
Руқсат берсең,оқыў излеп бараман.

Оқыў оқып тарқатайын шеримди,
Устазымнан мен алғанман билимди,
Қолларыма түрли-түрли саз алып,
Сынап көрдим Ура Төбе елини.

Мен мингенде көкке атар әреби ат,
Қартайғанда сизге берсин ҳал-қуўат,
Та өлгенше оқыў мениң әрманым,
Руқсат берсең,кеўлим болар мениң шад.

Сол ўақта атасы бийшара аршаларын ашып,ақша жүзин солдырып,ўәдемнен шығып қалайын деп,мың тиллаға толтырып,Жәханшаның қолына дүньяны берип,перзентине қарап,келген-кеткениңди хешким билмесин,— деп сәҳәр ўақта баласын атқа миндирип,бир-еки аўыз нәсият айтты:

— Ҳәр сөз айттым,балам,болсын кеўлиң шад,
Ата-ананың айтқан сөзи нәсият,
Ғаррыны көргенде әйлейгөр хызмет,
Тилек алған жигит болмас намурат.

Кетермен деп жигер-баўрым еттиң қан,
Адамзатты көрме өзиңе душпан,
Жасы үлкеннен ала бергил нәсият,
Жан перзентим,сеннен енди ырзаман.

Дүньяның жүзинде жетпис өнер бар,
Ҳәр оқыўдан,балам,болма бийхабар,
Сен барарсаң Шынымашындай қалаға,
Та көргенше хош бол,балам,аллияр.

Бул гәплерди айтқанда,
Жәханшаның атасы,
Анда енди қуўанып,
Жолым енди болды,— деп,
Шад боп кетип барады,
Жәханшадай баласы.
Танадай көзи жанады,
Батыр енди бурылып
Атқа қамшы салады,
Күнлер шықпастан бурын,
Ура Төбе елинен,
Өтип аман жөнеди.
Жәханшадай батырдың,
Астындады әреби ат,
Ата-ананың сөзине,
Болды мәрттиң кеўили шад,
Алғыс айтып атаға,
Алғыс айтып анаға,
Атқа қамшы салады,
Батыр туўған азамат.
Бүлбүл қонды жигиттиң,
Бағда ашылған гүлине,

Арқайын болып жигиттиң,
Шадлық келди кеўилине,
Кеўили дәрьядай тасып,
Сапар етип барады,
Шынымашын елине.
Атқа қарап «шүў» — деди,
«Шүў» деген нен гүўледи,
Толықсып аққан дәрьядай,
Жүз тоқсанлық жорғадай,
Көзгенеңнен жәниўар,
Мәртке салмай қайғы-зар.
Атты булақтан суўлады,
Суўлағанда жәниўар,
Самал киби туўлады,
Ҳәр белдеўден асады,
Ҳәр таўды бир басады,
Жигиттиң кеўли йошады,
Бағдың гүли лалады,
Ат шаўып мийри қанады,
Тоғыз күнлик жолларды,
Алты күнде алады.
Бағдың гүли шайдады,
Бундай дәўран қайдады,
Тоғызланшы күнинде,
Шынымашындай қалаға,
Барып турып ғош жигит,
Атты сарайға байлады.
Сарайына киреди,
Досларыны көреди,
Дос-душпан демей Жәханша,
Сақый еди геллеғар,
Көп саўғатты береди.
Көргеннин ақылын алады,
Дослары менен сөйлесип,
Әбден мийири қанады,
Ат-тон,сарпайды сатып,
Жеңилтекленип алады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қылды батыр налышты,
Халықтан алды алғысты,
«Қайда жақсы оқыў бар?» деп,
Оқыўға енди киристи.

Сол оқыўды оқып, бир айға шекем халықтың сырын алып, тар көшелерди аралап, сайран етип жүрсе, бир сарайдың алдына бир тахтаға жазылған: «Бул жайда төрт түрли оқыў бар: бири палўанлық, бири найранбазлық, бири шатыраш ойнамақлық, бири батырлық. Ҳәрким мың тилла береди. Усы төрт илимди бир жылда үйретеди. Егер үйрете алмаса, мың тилласын қайтып береди» дегенди оқып, Жәҳаншаның кеўли шад болады. Буларды үйренсем, әкемниң кеўили хош болар, - деп Жәҳанша бир сөз айтты:

— Жат ел екен ғош жигитке мүшкил ис,
Илимниң жолында ақты көзден жас,
Кешиў-күндиз мен излеймен илимди,
Шық майданға, бизиң менен хабарлас.

Илимниң жолында тарттым қайғы-зар,
Бул илим деп сарп әйледим дүнья-мал,
Үмит әйлеп келдим енди қапыңа,
Шық майданға, мендей мәрттен ал хабар.

Ашық болсаң қайнар кеўлиң қазанлас,
Мүсәпирмен, ақты көзден қанлы жас,
Илимниң ийеси, есит арзымды,
Шық майданға, бизиң менен хабарлас.

Бул сөзди айтқан ўағында бир адам шыға келди. Жаўырыны ҳөкки, маңлайы дүңки, бөксеси келте, путы узын, көзи көк, тиси сойлақ, шекесинде қысқышқа илгендей ети жоқ. Ийеги иймейип, аўзы қыйсайып, адамсырап Жәҳаншаға: «неткен жансаң?» деп бир-еки аўыз сөз айтып турған қусайды:

— Қапыны урдың келип енди биймәҳәл,
Сабақта еди ғой нешше адамлар,
Ақырасаң арыслан киби зар урып,
Батыр жигит, хаслы-затың ким болар?

Шақырарсаң бул қапыда сен уўайым,
Мен шыққанда сөз сөйледиң мүлайым,
Ҳәлек болар биз барғанша көп адам,
Тезирек айтқыл, балам, маған жағдайың.

Бағ ишинде услағының гүл болсын,
Сөйлер сөзиң палдан шекер дүр болсын,
Сиясатың усайды екен арысланға,
Тезирек айтқыл, балам, сизге жол болсын?

Сол ўақта Жәҳанша ол адамның өзиниң жаманлығын көрип, сөзиниң мазмунлылығын көрип, бул кисиден нәтийже табарман деп, оқыў-илим жолына қулаш ашқанын тәрийп қылып бир жуўап айтады:

— Арзымды еситкил, әй, ағажаным,
Ура Төбе ели еди мәканым,
Атымды айтады батыр Жәҳанша,
Кеше-күндиз қыдырдым илимниң кәнин.

Шығып сорадыңыз ол арзы-дадым,
Бизге айттың ҳәр бир сөздиң қымбатын,
Оқытсаңыз мени жан менен дилден,
Болсаң кәйтер екен мениң устазым.

Жақсы адам сиздей болып қайғырар,
Жанымды әйледим сизге миясар,
Оқыў ушын шаштым енди дүнья-мал,
Бул жәҳанда оқыў мениң әрманым.

Оқыў ушын енди деп қулаш керемен,
Ат қуйрығын жадыр шөлде өремен,
Үйретсең илимди мениң өзиме,
Жан устазым, айтқаныңды беремен.

Сол ўақтында ол адам күлимсиреп жиберип, Жәҳаншаның қолынан услап ишкериге киргизип, қапыны бекитти. Және қолынан услап, оқыў кәнине барғанша батырдың сиясатын тәрийп етип, дийўанханасына барғанша айтқан сөзин еситиң:

— Айнанайын Жәҳанша,
Сениң өзиң гүл-ғумша,
Аяқларың бесиктей,
Омыраўың есиктей,
Жаўырынларың қақпақтай,
Билеклериң тоқпақтай,
Аўзы-мурның оймақтай,
Сөйлеген сөзиң қаймақтай,
Сен екенсең бир жигит.
Жамалыңды мен көрип,
Енди болды кеўлим шад,
Сениң енди өзиңе,
Хызметкер болар қырық жигит.
Жамалыңды мен көрип,
Шадлық тапты кеўилим,
Ақылың менен күшиңнен,
Табалмадым ҳеш миниң,
Мен болайын шырағым,
Бойларыңнан садаға,
Көп адамды оқыттым,
Сендей палўан көрмедим,
Ялғаншы пәни дүньяда.
Ықлас салып өзиңе,
Әрмансыз хызмет қыламан,
Шәртим мениң, жан балам,
Сен берерсең мың тилла.
Сонда турып Жәҳанша,
Ол бабаға сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Арзымды есит, атажан,
Мен беремен мың тилла,
Болсам енди илимхан,
Ол оқыўдың жолында,
Өлген мәртке жоқ әрман.
Сөзлериң шийрин, жан баба,
Мениң ақылым алады,
Мынаў айтқан сөзлериң,
Денеме жағып барады.
Мың тилладан ҳәм зыят,
Мен саған енди қыламан,
Қуўанғандай зияпат,
Сарпай жаўып үстине,
Ат миндирип астыңа,
Қыламан енди, жан баба,
Кеўилиңди сениң шад.
Оқыў деген кисиге
Ойлап турсам, ол дәўлет,
Оқымаған бенДениң,
Өмири өтеди мийнет,
Жер жүзиниң илимин,
Оқымаға, жан баба,
Қылдым енди өзим шәрт, —
Дейип енди Жәҳанша,
Барды дийўанханаға.
Буны еситип ол баба,
Жәҳаншаның арқасынан,
Күлип-күлип қағады,
Жәҳаншаға бул баба,
Қатты ықлас қылады,
Жәҳаншадай бул палўан,
Мың тилла менен бир жорға,
Бермек болды бабаға.
Баба менен Жәҳанша,
Екеўи сонда хатласты,
Мөр басады ол баба,
Жәҳаншаның хатына,
— Бир перзентим сен, — дейип,
Өтирди өз атына.
Жәҳаншадай бул палўан,
Терди бағдың гүлини,
Кеше-күндиз уйқыламай,
Үйретеди бул баба,
Жәҳаншадай балаға,
Жетпис түрли илимди,
Зейинли еди Жәҳанша,
Күннен-күнге арттырды,
Ҳәр түрли илим-билимди.

Жәҳанша кешке шекем бир қанша илимлерди көзден өткерип, ықлас пенен ертеңги оқыўға кирмекши болып, үш жүз алпыс палўанларды көрип ҳәм танысып, оқыў мектебинде егленип қалды. Ҳәр қайсысы өз жайларына кешқурын дағысып кетти. Жәҳанша қаяққа барарын билмей турған ўақтында Омман баба келип бир еки аўыз сөз айтты:

— Есит арзым қулақ салғыл Жәҳанша,
Келген емесседиң сен бул қалаға,
Мүсәпир боп қылдың енди перзентим,
Сен барасаң қайсы енди арағa?

Сөйлейгөр сөзиңди енди палўаным,
Сендей мәрт деп пидә болды бул жаным,
Төрт тәрепке дал буралып қарайсаң,
Жоқпеди я барар сениң мәканың?

Неге қылдың мүсәпирдей уўайым,
Өз елиңде патшалардай айбатың,
Жән-жағыңа, балам, енди қарайсаң,
Жоқпеди бармаға енди бир жайың?

Сол ўақта Жәҳанша бабаға қарап: «Әй баба, жақсы ҳал сорадың меннен», деп бир жуўап айтқан екен:

— Арзымды есит, Омман атлы атажан,
Сорасаңыз, барар жерим бийгүман,
Перзентим деп айттың енди сен маған,
Ата болғаныңыз дүньяда ялған.

Елинен айрылған жалғыз сонаман,
Мүсәпирлик дәрти менен жанаман,
Бул журтларда жоқдур ағайин-туўған,
Мен билмеймен, енди қайда бараман?!

Сол себепли ақты көзден қанлы жас,
Мүсәпирлик ғош жигитке жараспас,
Сизден басқа жоқдур мениң туўғаным,
Қылып кет ордаңа, ўа, мени жолдас.

Жат жерлерде дүнья болса пайда жоқ,
Ғош жигиттен ҳеш кетпесин дәўлет-бақ,
Оқыйман деп енди болдым сергиздан,
Әй, атажан, мениң барар жайым жоқ.

Бул гәплерди айтқанда,
Жәҳаншадай бул палўан,
Мумдай болып ериди,
Омман атлы бул бабаң:

— Айналайын қарағым,
Перзентимсең, шырағым,
Болма балам бийтақат,
Мен қылайын кеўлиң шад,
Қайтқаныңша, жан балам,
Қылайын енди зияпат.
Усындай күнди көрмесе,
Қонбайды енди бул оқыў,
Ҳайран болып турғаның,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сирә болмайды уят,
Мүсәпирлик жолында,
Көп болады шарапат,
Оқыў деп көрсең мийнетти,
Изинен табарсаң рәҳәт,—
Дейип енди қолынан,
Жәҳаншаны тутады,
Ауылына қарап кетеди,
Ол жайына жетеди.
Қараса енди мәрт барып,
Бул бабаның жайына,
Меруерттен салынған,
Бул бабаның сарайы,
Алтын менен гүмистен
Гүл қондырған ылайы,
Көшки,ҳайўан,бағ-шарбақ,
Қызыл гүллер ашылған,
Сары гүл муқамға жеткен,
Бағларына қараса,
Алма-әнарлар писken,
Сабақларынан түскен,
Алтын қәпес ишинде
Тоты менен кекликлер,
Шақақ урып күлискен,
Тар қапылы датқа жай,
Көрмисхана кең сарай,
Бағы-жайы лалазар,
Алдына келип бүгилип,
Нешше енди хызметкер.
Буны да көрип Жәҳанша,
Әбден кеўили толады,
Азан менен Жәҳанша,
Ол орнынан турады,
Әбден жақсы жуўынып,
Жипектен ҳасыл кийинип,
Таўыс киби таранып,
Талдай болып буралып,
Жән-жағына қаранып,
Устаханаға кетеди,
Шешип турып кийимин,
Шонтық шекпен кийеди,
Белине шынжыр байлайды,
Кирип устаханаға,
Ҳәр түрли ойын ойнайды.
Оқыў ўақты питкенде,
Баба менен қайтады,
Азанда өзи кетеди,
Көп күн арадан өтеди.
Бир күни ол Жәҳанша,
Оқымаға мектепке,
Көше менен баратса,
Алтын сарай,көшки әйўан,
Алды бир бағқа қараған,
Ол жайлардың астында,
Бир гүзар жол бар еди.
Жән-жағына қарамай,
Баратыр еди Жәҳанша,
Тап жаўырнының үстине,
Бир қызыл алма сарт етти,
Тийгеннен бес бөлинди.
— Қарамай буған кетейин,
Мектебиме жетейин,— деп,
Қайрылмайды Жәҳанша.
Арадан үш күн өтеди,
Ҳәр өткенде урады,
Қайрылмайды Жәҳанша,
Қайрылмаўының себеби,
Оқыўды жақсы көргени.
Төртиленши күн өткенде,
Мойнын бурып қарады,
Ақырында шыдамай,
Талдай мойнын бурады,
Кейнине қайырылып қарады,
Қарап турса Жәҳанша,
Көшки әйўан үстинде,
Алты қыз онын қасында,
Өзи он сегиз жасында,
Зәрдар қалпақ басында,
Қалпағына дал қойған,
Ләбине шекер-бал қойған.
Барлық жери аппақ,
Узын бойлы,кең құшақ,
Шынаша бармақ,жез тырнақ,
Буралып шашын тараған,
Емшегинин түймеси,
Бураўдың ушындай болып,
Ийегине қараған,
Бир сулыўшық қыз екен,
Айтыўлының өзи екен,
Еки жигит қосылса,
Таўсылмастай сөз екен,
Сол шәҳәрдиң ҳәкими,
Асқарбайдың қызы екен,
Бағда ашылған гүл екен,
Шынымашын шәҳәрден
Жигит жаратпай жүр екен.
Сер салғанда Жәҳанша,
Асқарбайдың бул қызы,
Гүлдей болып оралып,
Қасын қағып сол ўақта,
Бүгилип тәжим береди,
Сәлемине қарамай,
Батыр туўған Жәҳанша
Оқыўына жөнеди.
Усы ҳәўли алдынан,
Азанда жалғыз кетеди,
Кешке таман болғанда,
Устазы менен өтеди,
Күннен-күнге ол қызды,
Жәҳанша ҳайран етеди,
Ақыры бир күн болмады,
Алма менен ҳәр күни,

Урып оны қоймайды.
Бир күни енди Жәҳанша,
Таяқ жанынан өтеди,
Қыз сөйленип қалғанда,
Қарамай батыр кетеди,
Талдай мойнын бурады,
Азан менен бир күни,
Уятыны қыз таслап,
Бир қоса орамал қолында,
Түрли жемис ишинде,
Жәҳаншадай батырдың,
Жолын тосып турады.
Киятырса Жәҳанша,
Турыпты бир перийзат,
Ол қызды бул көрген соң,
Жәҳаншадай ол палўан,
Болды дейди сондай шад,
Жүрген секилли болып,
Жәҳаншаның өзине,
Бир сөз айтты перийзат:

— Сизди көрип кеўлим болды ҳәр күн шад,
Алма аттым, бизди қылмай кеттиң яд,
Қәйерлердиң сиз боласыз султаны?
Ҳаслы-затың сен ғош жигит баян ет.

Жигитлик дегениң бендеге дәўлет,
Сулыўлықтан ҳәрким табар шарапат,
Алма аттым қайрылар деп өзиңе,
Муншама боласыз дүньяда нәмәрт.

Айдай жүзиң көрип болды баўрым қан,
Сиздей мен көрмедим елимде султан,
Ашықтың ўәдеси болмайды жалған,
Атыңызды айтсаңыз, енди бек жигит,
Сиз қай жерден келген бул елге арыслан?

Арыў едим, ақ жүзиме қойдым қал,
Ашық болған ашығым деп зар урар,
Алма менен талай урдым өзиңди,
Қарамадың, өсек етти душпанлар.

Даңқым кеткен, атым мениң Гүлхәсел,
Алманы атсам да салмадың нәзер,
Шарап ишип кеткил мениң қолымнан,
Мендей перийзатты қылма дәрбедер.

Сол ўақлары Жәҳанша айткан шәртини — оқыўды оқып питкермегенше нашар жүзин көрмеймен деп, қызға бир жуўап айтады:

— Арзымды еситкил, гүл жүзли дилбар,
Мени дейип шекпе ҳасла қайғы-зар,
Оқыўды питкермей бақмайман саған,
Елимде аҳ урып қалды көп қызлар.

Ура Төбе дейди мениң журтымды.
Жәҳанша дейдилер, билсең, атымды,
Питкергенше жалғаншыда оқыўды,
Ашық болмайман деп еттим шәртимди.

Мениң ушын сен жылама зар-зар,
Изимде ашықты нешше бир қызлар,
Оқыўды питкермей сени алмайман,
Гүлхәселжан, усындайын шәртим бар.

Ашықлық ғой қыз-жигитке сол мурат,
Бойын көрип болды мениң кеўлим шад,
Гүлхәселжан, қайтабергил изиңе,
Екеўимизди көрсе қылар мәламат.

Қыз жигитке қарады,
Өлимин мойнына алады,
Жәҳаншадай жигитке,
Қыз былай деп салады:

— Жәҳанша, сөз айтсам болар кеўлиң шад,
Қыз нашарды қылма мунша намурат,
Шийрин деп өлгенди ашығы Фарҳад,
Жаныңнан қорқып ҳәм болма бийтақат.

Арзымды еситкил енди, мәрт палўан,
Сен турғанда дәркар емес шийрин жан,
Қуткарарман сени жүз мың бәладан,
Мәрт жолында өлген қызға не әрман!?

Сонда турып Жәҳанша,
Қызға қарап сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Мени көрип, Гүлхәселжан, болдың шад,
Ашықлық оты ғой дүньяда зыят,
Сабыр қылсаң сен жетерсең муратқа,
Илимимнен айырмағыл, перийзат.

Сениңдей көп болар дүньяда жанан,
Жат елде жалғызбан, билмесин душпан,
Қайта бергил, Гүлхәселжан, изиңе,
Қорлықты көрермен енди устаздан.

Бул сөзлерди айтып ҳәм,
Қорлығы келип Жәҳанша,
Қыздың енди қолыны,
Сермеп сонда таслады,
— Жолықтым қандай бәлаға? — деп,
Қумар көзди жаслады,
Қарамай енди изине,
Мектебине қарап ол,
Қатты адым таслады,
Өз-өзинен уялып,
Батыр туўған Жәҳанша,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул исине қыйланып.
Кетти енди перийзат,
Тал шыбықтай таўланып,
Аты озған кисидей,
Сонда ол қыз қуўанып,
Көргенниң ақлын алады,
Қасын қағып перийзат,
Жолдан таўып алғандай,
Қызларының қасына,
Күлимсиреп тербенип,
Гүлхәсел қыз барады.
— Бул не қуўаныш екен? — деп,
Қызлар ҳайран болады.
Айтсын ба оны перийзат,
Өз ишинен биледи.
Баяғы енди Жәҳанша,
Орамалды қысады,
Баўырына басады,
Тап оқыўға киргенше,
Дәрўазаның алдынан,
Алма менен әнарды,
Билдирмейин шашады,
Орамалды Жәҳанша,
Қонышына тығады.

Сол күни Жәҳанша оқыўларды оқып,қайтар мәҳәлде устазы «Қайта бер,балам» деп,қолына бир затларды береди.Жәҳанша жекке қайтарынан қәўипленип,майданға шығып,устазына бир-еки аўыз сөз айтады:

— Арзым есит,қәдирданым устазым,
Жиберме мени жекке,тассын әўладың,
Кәўип қыламан бул елинниң сәнинен,
Қарақшы бермесин жолларда дадым.

Мүсәпирдиң жат еллерде кеўили тар,
Жат жерлерде қара бастан кәўип қылар,
Бул журтларда жаман екен адамлар,
Наҳақтан өлмейин енди бийәжел.

Устаз болсаң,маған енди ересең,
Ерип жүрип бир тамаша көрерсең,
Көрип сонда өз халқынның қылўасын,
Оннан кейин төрелигиң берерсең.

Бул гәплерди еситип,
Омман атлы устазы,
Ҳәр сумлықты биледи,
Мәртти сынап жүр еди,
Жәҳаншадай баланың
Қәўип еткенин биледи.
Шәкиртлерин узатып,
Сумтуяқ еди бул Омман,
Қыз кийимин кийеди,
Өзи көсе сары еди,
Сумлыққа жаман өр еди,
Қолына бир дәсте гүл алып,
Дәл көшени қақ жарып,
Намазлыгер ўақтында,
Жәҳанша менен қосылып,
Көргенниң ақлын алады,
Ийинлесип геллеғар,
Көрген хәр бир қыз-жуўанға,
Қайғы,әрман салады,
Бир-бирине ереди,
Қол усласып устазы,
Гүлҳәселдиң шарбағына,
Жақынласып келеди,
Шарданының үстинде,
Алты қызды көреди.
Гүлҳәселдей ол айым,
Сөйлеген сөзи мүлайым,
Алтын кесе қолында,
Қызлар оңлы-солында,
Шарап ишкен отырып,
Жәҳаншаға қарады.
Қарап турса Гүлҳәсел,
Жәҳаншадай баланың,
Ғарры қатын қасында,
Зердер тақыя басында,
Қол усласып киятқанын,
Гүлҳәсел қыз көреди.
Буны көрип перийзат,
Қумар көзин жаслады,
Өңи қашып перийзат,
Кесени қолдан таслады,
Таслай берип сөйледи:
— Мынаў мәрттиң келиси,
Тийди мениң жаныма,
Наҳақтан-ақ Жәҳанша,
Қалар болды қаныма,
Қайдағы ғарры қатынды,
Алыпты ғой жанына.
Екеўине сол ўақта,
Урсам кескир қылышты,
Әўел бурын алсам мен,
Ол қатының жаныны,
Соннан кейин сорасам,
Жәҳаншаның ҳалыны,
Буны қалай көресиз? — деп,
Қызларына сөйледи:

— Кемлик келип,ақты көзден қанлы жас,
Ашықларға салған екен мүшкил ис,
Әрман менен мени ярдан айырған,
Гүлҳәсел қыз бул қорлыққа шыдамас.

Әй,қурдаслар,есит мениң арзымды,
Барайын ба саллақының жанына,
Шыдамайды бул қорлыққа шын ашық,
Қалайын ба екеўиниң қанына.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Омман сонда сөйледи:

— Бағларың бар гүл ашылған лалазар,
Атың шықпай жүрген сенсең қыз нашар,
Лолы ҳаял бул сөзлерди айтады,
Сениң енди Асқар хандай әкең бар.

Есит мениң, Гүлҳәселжан, зарымды,
Омман билгир, төгалмассаң қанымды,
Перзентимди енди қалай бузасаң?
Бул ислердиң лолылардың сәниди.

Гүлҳәселжан, бетиң оттай жанады,
Байлар сени қалың берип алады,
Бир саяққа баўдай басың байлама,
Хан атаңа тири намыс болады.

Шарап ишсе мәрттиң мийри қанады,
Жетим-жесир бир саяққа барады,
Ашық болсаң Жәҳаншаның жүзине,
Сениң атаң бир намысқа қалады.

Атаң салды саған алтын сарайды,
Сен асылдың, жан шәкиртим муңайды,
Бир журтлардан келген жанғой мүсәпир,
Ашықлығың перзентиме болмайды.

Илимге болғанды балам ҳәўескер,
Елинде ашықдур нешше бир қызлар,
Көп ашыққа өз журтында қарамай,
Оқыўды көргенди өзине миясар.

Бул сөзлерди айтып ҳәм,
Орамалды басынан,
Омман сонда алады,
Шынымашын елинде,
Омман деген бул устаз,
Қәдирли еди бул халыққа,
Омман екенин билип,
Қызлар уялып қалады.
Батыр туўған Жәҳанша,
Устазы менен барады,
Устазы менен келеди,
Ҳәр көргенде Гүлҳәсел,
Әрман менен күйеди.
Көп күн өтти арадан,
Көп ай өтти арадан,
Билимли болып Жәҳанша,
Ели түсип ядына,
Устаздан руқсат алалмай,
Ҳайранлар болды Жәҳанша.
Сөз жаманын қалдырып,
Устазы менен екеўи,
Сарайында отырып,
Жақсы тилден гүрриң қосып,
Жәҳаншаның кеўили тасып,
Алдындағы ойлап,
Устазын мәртебели қылып,
Сорайды екен бир жуўап:

— Жан устазым, саған айтар арзым бар,
Өзиңди еситип, болдым мен қумар,
Келген ўақта туттың мениң қолымды,
Жақсы тилден бердиң маған хош хабар.

Елинде сүргенмен әрмансыз дәўран,
Атыңды еситип, қылдым мен әрман,
Сениңдей устазды көрип жәҳанда,
Хызметиңде болдым енди илимхан.

Илимиң мен алып, болдым кеўлим шад,
Тәрбия қылғансыз атамнан зыят,
Ели-халқым түсти мениң ядыма,
Жан устазым, бизге бериң руқсат.

Хызметиңде жүрек-баўрым болды қан,
Илимиң үйренип, қалмады әрман,
Жетпис түрли сен өнерди оқытып,
Жәҳәнде сизлердей устаз болмаған.

Бул гәплерди айтқан соң,
Батыр туўған Жәҳанша,
Устазының сол ўақта
Кеўили әбден шад болды,
Сонда сөйлей береди,
Сөйлей берип не деди:

— Айналайын, Жәҳанша,
Сендей бала көрмедим,
Жақты-жәҳан дүньяда,
Сениң менен мен жүрип,
Кеўилим болды енди шад,
Халыққа болдым мен қымбат,
Сениң ғана өзиңде,
Бар екен жақсы шарапат.
Туттың, балам, тилимди,
Бул илимниң жолында,
Салдың, балам, зулымды,
Қайтип енди, шырағым,
Алар екенмен кеўилиңди.
Палўанлықта сен өзиң,
Мәрт екенсең, ҳәм султан,
Ол белиңди қушақлап,
Қайтаралмады ҳеш палўан,
Батырлықтың илимин,
Жүрегиңе тоқыдың,
Мен билемен, ҳа, сени,
Нешше сәлем хат келди,
Небир арыў қызлардан,
Сүйсинбедиң жақсы деп,
Сен илимге берилдиң,
Көп палўанның ишинде,
Сеннен енди ырзаман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Және де, балам, айтарым,
Дәркар емес Гүлҳәсел,
Сол бир қыздан сақландың,
*Сен екенсең бир гәўҳар,*
Ол шаяның жолында,
Зая болды көп жигит,
Егер барып жолықсаң,
Наҳақ өлсең бир күни,
Ата менен анаңыз,
Жылап бир келсе жаныма,
Маған енди сол ўақта,
Болмаспеди намыс ар?!
Кетер болсаң, шырағым,
Көп китапты беремен,
Дуўтар, ситар берермен,
Қылыш, шоқпар беремен,
Полат қалқан беремен,
Ақ полаттан ақ саўыт,
Әсбабыңды беремен,
Ҳәр бир түрли ойынның,
Әсбапларын беремен,
*Берип енди бәрини,*
Шәҳәрден шығып кеткенше,
Мен жаныңа еремен.
Келип-кетип турагөр,
Мен айлансам дүньяда,
Сендей арыслан төреден.
Маған қылдың көп хызмет,
Хызметиңниң артынан,
Кеўлим болды әбден шад,
Оқыма, оқы, өзиң бил,
Жақсы болдың ҳөнербент,
Сен болмағыл кесапат,
Халық қылмасын мәламат,
Аллаяр бол, жан балам,
Жақсыдан тийсин шарапат.

Әне, бул сөзди айтып, Жәҳаншаның кеўилин устазы шад қылды, душпанларын мат қылды. Үш нарды алып келип, ойын, сазы-сайманларын үш нарға тай қылып, екеў-ара бир табақ палаў үйдирип, бирге оқыған үш жүз алпыс ҳөнербентти жыйдырып, Жәҳаншаның астына устазы ат миндирип, Шынымашын шәҳәри буныңдай шәкиртин қуўаныш пенен сыйлағанына ел таң болып, қыз-жаўанлар жәм болып, Гүлҳәсел қыз ҳәм талдай мойын бурып, Жәҳаншаның кетерин билип, көзине жас алып турғанда, Жәҳанша әўеле устазына, соң сабақлас досларына қарап, ҳәм Гүлҳәсел қызға да нәзер таслап, бир еки аўыз сөз айтады:

— Арзымды есит, айналайын устазым,
Кеўилиме жай қылдың илимниң бәрин,
Ядыма түскенди туўған еллерим,
Хош қал меннен, бир оқысқан инилерим.

Устазым болғанды дүньяда кәлан,
Ҳәр қыйлы сумлықтан сақлады аман,
Жетпис түрли өнер берип өзиме,
Шарапаты тийип, болдым илимхан.

Мен таппадым устазымның ҳеш минин,
Үйретти аянбай ол маған илим,
Мен бараман Ура Төбе елине,
Хош қалыңлар, бирге оқысқан беглерим.

Ҳеш питпейди жаман сөздиң жарасы,
Ада болмас жолларымның саласы,
Ҳеш бириңнен жаманлықты көрмедим,
Хош қалыңыз, Шынымашын қаласы.

Сөйлеген сөзлериң шекер менен бал,
Жаныңда хызметкер нешше қызлар бар,
Мен бараман Ура Төбе елине,
Хош қал меннен, сен сулыў қыз Гүлҳәсел.

Жақсының кеўили жаз бенен бәҳәр,
Бул елге мен келип қылмадым мәлал,
Бирге өстиң енди қарындасымдай,
Хош қалыңыз бизден, өнерли қызлар.

Болдым енди бул еллерде илимхан,
Оқыған жигитте ҳеш болмас әрман,
Сапарым бар Ура Төбе елине,
Хош қалың бизлерден, қыз бенен жаўан.

Ашылмаған мың гүлимнен бир гүлим,
Қалмаған шығар ҳеш меннен кеўилиң,
Қутлы болсын өзлериңе өз елиң,
Хош қал меннен, аға менен ол иним.

Бул сөзлерди айтып ҳәм,
Жәҳанша минди атына,
Бирим-бирим достлардың,
Қолынан жигит алады,
Ғаррылар қолын алады,
Жаслар қолын алады.
Ендиги сөзди еситиң.
Булардың кеўли қалмасын деп,
Қызы менен жаўанға,
Ендиги гезек келеди,
Булар менен хошласып,
Нарларыны жетелеп,
Жәҳанша мәрт шәҳәрден,
Шығаман деп жөнеди.
Гүлҳәселге қараса,
Ат жылаўын қушақлап,
Көзден жасын моншақлап,
Киятқанын көреди,
Көрип сөйлей береди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ашылмаған мың гүлиңнен бир гүлиң,
Қыз да болсаң сен алмапсаң хеш билим,
*Бул келисиң ғош жигитке зыянды,*
Жиберегөр тулпарымның дизгинин.

Бул айтқан сөзимнен кеўлиң қалмасын,
Айдай бетиң әрман менен солмасын,
Жибер енди тулпарымның дизгинин,
Душпан енди бизди өсек қылмасын.

Сен емессең маған қосқан назлы яр,
Жөнине кетпей ме шықпаған қызлар,
Устазымнан уяламан, Гүлхәсел,
Күлип қалар изден маған душпанлар.

Ат дизгинин жиберип, Гүлхәсел айым: — Қәдиримди билмеген саяққа шатысып, төгилер болды абыройым. Қыз түўе, бир салым дузға зар болғай, илайым, — деп, көз жасын сүртип, бир-еки аўыз сөз айтып қалған жери екен:

— Қулақ салың мәрт Жәханша сөзиме,
Таўап қылып жүрдим басқан изиңе,
Сен жүргейсең мендей қызға зар болып,
Кемлик пенен жаслар толсын көзиңе.

Дәрдиңнен мен сениң болдым бийқарар,
Хәр көргенде саған болдым интизар,
Ашық болып сениң қәдди бойына,
Гүлхәселди қылдың енди бийқарар.

Алма аттым, қарамадың изиңе,
Қабыл етпей ашықлардың назыны,
Сен де ашық болып мендей бир қызға,
Әзәзүл деп инанбағай сөзиңе.

Ашық оты түсти мениң тәниме,
Ары кет деп жара салдың өзиме,
Ашық болып мендей арыў қызларға,
Зар болғайсаң бир нашардың изине.

Сен термедиң бағ ишинде гүлимди,
Қулақ салмай айтқан мениң тилиме,
Буннан кетер болсаң Ура Төбеге,
Сыймағайсаң енди туўған елиңе.

Жигер-баўрым қылып кеттиң енди қан,
Ашық тилин енди хасла алмаған,
Елиңнен айырылып болғайсаң сайыл,
Мәрт Жәханша, та көргенше бол аман.

Бул сөзлерди айтып та,
Гүлхәсел қыз жылады,
Жылағанда сол ўақта,
Көзиниң жасын булады,
Қыймайды да бийшара,
Қайта-қайта қарады,
Баратырып устазы,
Жәханшаға сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Рәхим етпедиң, жан балам,
Қыздың көзде жасына,
Айтқанымды сен қылып,
Хеш бармадың қасына,
Қарғысы тийсин өзине,
Айтқан енди гәплери,
Түссин өзиниң басына,
Қылғыл, балам, тәўекел,
Басып жүрген изиңе,
Нешше қыз болар интизар,
Шытылмайды маңлайын,
Бара ғой, балам, аллаяр,
Мендей енди атаңнан,
Келип-кетип, шырағым,
Алып турғыл сен хабар.
Болмасын саған қыйын дәрт,
Кеўилиң болсын, балам, шад,
Аянбай ата-анаңа,
Көрсетегөр көп хызмет,
Сен болмассаң намурат, —
Дейип енди устазы,
Руқсат етип қалады.
Нарларыны жетелеп,
Өзиң көрген Жәханша,
Шынымашын қаладан,
Шығып енди сол ўақта,
Ура Төбе жайларға,
Ылғал тартып жөнеди.
Қәдем басып қара нар,
Палўан еди Жәханша,
Хеш көрмейди қайғы-зар.
Қыя майдан шөллерде,
Бир нешше күн жол жүрип,
Сапарда мийири қанады,
Көргенниң ақлын алады,
Он үшленши күнинде,
Ура Төбе елине,
Кәрўан енди секилли,
Батыр келип қулады.

Киятырса, ерни жалбырап, аяғынан шылғаўы салбырап, тал таяғы қолында, қарамай оңлы-солына, дәў сықлы өңкилдеп, тумақлары селкилдеп, бир секилсиз адам алдынан шығып, Жәханшаға сәлем берди. Жәханша ат басын иркип, бир-еки аўыз сөз айтады:

— Аспанға шығады тулпардың шаны,
Ашықтың пидады яр ушын жаны,
Сен келесең усыншама елпеңлеп,
Сен боласаң кимниң енди шопаны?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атам менен болыппедиң қәдирдан?
Шылғаўыңнан арқаңа тийер енди шаң,
Шопан ба, шарўа ма, өзиң белгисиз,
Жөниңди айтқыл енди маған, ағажан.

Араладым көп патшаның журтыны,
Сен жуўырып, таза қылдың дәрдимди,
Көргендейин қарсы шықтың алдыма,
Ағажан, айтагөр маған атыңды.

Сол ўақтында көзине жас алып, «Сен емес пе иним болған Жәҳанша?» деп, бир -еки аўыз сөз айтады:

— Баққаным түйеди, мингеним нарша,
Тилегиңди мен тилеймен өлгенше,
«Өлди» деген бизге жетти хабарың,
Сен емес пе иним болған Жәҳанша?

Бағларда ашылған ол таза гүлиң,
Жигиттиң ишинде жоқты хеш мениң,
«Өлипти» деп журтқа жайды Қарабай,
Сени көрип киятырман, жан иним.

Сол ўақта батыр Жәҳанша: — Ата-анамнан сүйинши ал, — деп бир жуўап айтты:

— Сен сөйлединң, маған салдың қайғы-зар,
Ўақыт жетсе өлим болар миясар,
Айтып барың келгенимди атама,
Ақ сүт берген анажаным қуўанар.

Көринер таўлардың ол бийик ташы,
Муңлының ағады көзинен яшы,
Тынығып алайын сениң қосыңда,
Ата-анамнан барып алың сүйинши.

Инанады жақсылардың тилине,
Кемли күни жарап қалдың күниме,
Хабарласпа адам менен сен жолда,
Егленбестен туўра барғыл үйиме.

Мүсәпирлик хош жигитке жаман дәрт,
Мәрт өлгенде душпан кеўли болар шад,
Қайтып келсең, өзим сарпай беремен,
Ата-анамды тезирек барып сен қуўант.

Ол адамның сол жерде,
Әбден мийри қанады,
Сәрўанлы өз қосына,
Мәртти алып барады.
Төсекти кеңнен салады,
Қой семизин сойғызып:
— Айналайын қатыным,
Қәйиниңе қыл хызмет,
Сәңгилбайдай ағаңа,
Барып айтып дүньяда,
Мен етейин кеўлин шад, —
Дейип енди ол адам,
Тал таяғын қолға алып,
Еки пешти қайырып,
Көкиректи айырып,
Тал таяқты ат қылып,
Әбден кеўлин шад қылып,
Бели жайдай бүгилип,
Маңлайдан тери төгилип,
Ол бийиктен шыққаннан,
Ойға қарап жуўырып,
Туўры менен төтелеп,
Сәрўан баба ентелеп,
Еки көзи мөлтилдеп,

Еринлери бүлкилдеп,
Сәңгилбайға жетеди,
Бүгилип сәлем береди,
Қулашын енди кереди,
— Айналайын, жан аға,
Айтар саған арзым бар, — деп,
Жәҳаншаны яд етип,
Сүйинши сорап сөйледи:

—Сәрўаныңның барды саған бир арзы,
Өтирик шықты ғой душпанның сөзи,
Мен ентигип келип турман, жан аға,
Қораңа байланды келип бир қозы.

Күйгениңнен сен жыладың зар-зар,
Шақақ урып күлди саған душпанлар,
Арысландай ат үстинде доланып,
Жәҳанша болыпты сизге миясар.

Жетегинде бар екен ғой үштә нар,
Астына мингени қанатлы тулпар,
Маңлайының ортасына қарасам,
Тарта қарас тағы енди сәре бар.

Душпанда қалмайды батырдың өши,
Ақырғанда таўды жарар даўысы,
Сәңгилбайдай айналайын ағажан,
Соратты ғой бизден енди сүйинши.

Алып киятыр ғой бир пада малды,
Жетелепти жүз түменлик үш нарды,
Шаршаған екен балаңыз Жәҳанша,
Қосымда уйқылап балаңыз қалды.

Бул гәплерди еситип,
Сәңгилбайдай бийшара,
Сескенип турды орнынан,
Қумар еди балаға,
Атқа минип Сәңгилбай,
Тулпарға қамшы басады,
Дәрья киби тасады,
Қанатсыз енди ушады,
Анасы болған Ақтолқын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бийшара енди сасады,
Перзент қумары жаманды,
Ҳәр белдеўден пияда,
Секирип енди асады,
Ағайини,туўғаны,
Аўылы менен елаты,
Жуўырысып барады.
Келген екен Жәҳанша,
Аўылына жақынлап,
Аттан түсип Жәҳанша,
Түйе,атларды таслап,
Қумар көзлерин жаслап,
«Жан атам»,деп бүгилди,
Сәңгилбайдай бул ғарры,
Жети жерде сүринип,
Жетти дейди ақыры.
Атаны бала қушақлап,
Баланы ата қушақлап,
Анасы келип қушақлап,
Таслап енди намысты,
Көзинен жасты ағызды,
Он жети ай,он күнде,
Саў-саламат бийшаралар,
Бир-бирине табысты.
Алып келип нанларды,
Шақырып халықты Сәңгилбай,
Төсетеди кең сарай,
Ели-халықты жыйдырды,
Тоқсан туўша сойдырды,
Ашы менен арықты,
Сарпай берип нешшеге,
Халықларды тойдырды.
Бағдың гүли шайдады,
Бақсы-жыраў айттырып,
Жигитлер ылақ ойнады,
Жети кеше,жети күндиз,
Үлкен тойды ел-халқы,
Шадлық пенен тойлады.
Сәңгилбайдай ғаррыдан,
Кетти енди қайғы-зар,
Жәҳаншадай батырды,
Өлди деген душпанлар,
Бул тойларға келалмай,
Тартты дейди қайғы-зар.
Елге болып қәдирли,
Жанына енди Жәҳанша,
Нешше жигит алады,
Сайрам менен Саўраннан,
Ура Төбе елинен,
Қыз қарайды ғош жигит,
Ат қуйрығын өреди,
Дослар кеңес береди,
Алты айға шекем Жәҳанша,
Қыз жаратпай жүреди.

Қыз жаратпай жүргенде, шайтан Қарабай ағасы менен жарасып, ағасын барлық сөзлерине инандырып:

— Баланның алып келген әсбапларын көрейин,тамаша қылып қуўанып,саған кеңес берейин, бүлбүл қонып гүлинен,Сайрам менен ҳәм Саўран,Ура Төбе елинен қыз жаратпай жүрипти,әбден болды жалатай, бизлерди етти бийабырай. Тар қурсақта жатысқан, таласып емшек емискен, тай қулындай тебискен иниң едим, ағажан, саған ақыл керемен, алып келиң әсбабын, бирим-бирим көремен,— деп,Сәңгилбайға бир сөз айтады:

— Ўа,солмасын мың гүлиннен бир гүлиң,
Мен едим ғой кейиндеги қулының,
Перзентиңниң мен көрейин қылўасын,
Ағажан,алагөр ини ңниң тилин.

Бир сөз айтсаң,кеңесиңе ерейин,
Сен сорасаң тәнде жаным берейин,
Үш нарға арттырып келген әсбапты,
Бирим-бирим мен,ағажан,көрейин.

Ышқы отына күйип-күйип жанайын,
Сениң ушын жаным отқа салайын,
Көрип енди Жәҳаншаның әсбабын,
Аға,саған дос кеңесин берейин.

Өлгенимше мен изиңе еремен,
Маңлайыма урсаңдағы көнемен,
Көрип енди Жәҳаншаның әсбабын,
Саған,аға,жақсы ақыл беремен.

Ышқы отына күйип-күйип жанаман,
Адам картайса артық болмас баладан,
Кисиге унамлы әсбабы болса,
Жәҳанша ушын жаным отқа саламан.

Ағайинге ақылымды керемен,
Бул еллерде несийбемнен көремен,
Алса енди ол Жәҳанша ақылым,
Бир қыз емес,он қыз алып беремен,—

деп бул сөзди айтқанынан кейин Қарабай инисинин айтқанына қуўанып кетип, Сәңгилбай амбархана жайдың есигин ашады.

Инанып яман сөзине,
Бахтықара Сәңгилбай
Аршаларды ашады,
Қарабай инисинин,
Көзлери от шашады,
Дуўтар сенен ситарды
Мунда тартып алады,
Скрипка,мандалин,
Оны да тартып алады,
Рубаб пенен сырнайды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны да тартып алады,
Қобыз бенен гиржекти,
Оны да тартып алады.
Он еки түрли сазларды,
Он еки түрли китапты,
Шығарып қойды далаға.
Он еки түрли тәберди,
Сарыжай менен қылышты,
Семсер менен қанжарды,
Мылтық пенен найзаны,
Шоқпар менен гүрзини,
Қалқан менен саўытты,
Дәрўаз бенен ҳоққаны,
Тобы менен табадин,
Жетпис түрли ҳөнердиң,
Ақылға уғрас келместей,
Журт көрмеген әсбабын,
Шығарып қойды далаға.
Аўыл-аймақ келеди,
Буның бәрин көреди,
— Жинли болған Жәҳанша,
Оқыйман деп бунындай,
Бәлаларды жыйнапты,
Ата-анасын қыйнапты,
Дүньяны сарп қылыпты,
Бул нәрселер не дәркар?
Буннан талап бола ма?
Усындай адам оңа ма?
Бул затларды жыйнаған,
Жәҳаншаға мың нәлет,
Бул нәрселердиң өзи,
Адамға енди кәсапат,
Оқыйман деп Жәҳанша,
Болған екен бийдәўлет,
Бундай бала көргенше,
Өткен жақсы бийперзент,—
Дейип енди душпанлар,
Шақақ урып күледи.
Халық буған күлген соң,
Сәңгилбайдай ғаррыға,
Қатты намыс келеди,
Пыт-шыт етип әсбапларын,
Еңкейип ғарры турады.
Анасы оның бийшара,
Көзди жасқа толтырды,
Жәҳаншаның абыройын,
Сөйтип ҳәмме қашырып,
Әсбапларды шашып,
Үйине қайтты Қарабай,
Шақақ урып кетеди,
Масқара етип ол душпан.
Оқыў деп берген үш мың тилла,
Дүнья енди бергенине,
Пушайман қылды Сәңгилбай,
Арысландай ақырып,
Ҳешкимнен де уялмай,
Ғарғай берди баласын.
Жәҳанша аўылға қайтып,
Жигитлерин жиберген еди,
Еллерине узатып,
Намазлыгер ўақты еди,
Отаўынан шығады,
Қатты-қатты бир даўыс,
«Оңбағай» деп шығады,
Ашыўлы сөз,бир даўыс.
Әсте келип отаўдың,
Арт бетинен тыңласа,
Сәңгилбайдай бул баба,
Баласын ғарғап,жер мушлап,
Бар дүньямнан айырып,
Халыққа шерменде қылды,— деп,
Кесеў менен кемпирин сабап,
Отырғанын көреди.

Бул сабаў менен де иси болмай,атын жетеп,сарайдың арт бетине қараса,дуўтар,гиржеклерди таналар пыт-шыт етип,үстинде ойнақлап жүргенин,бирazы шақына илдирип жүргенин көрди. Сол ўақлары Жәҳаншаның ашыўы денесине сыймай,«алжыған әкемниң бул неғылғаны екен» деп,атын байлап,қамшысын қолында ойнатып,хеш нәрсе көрмеген адамдай атасына сәлем берип кирип келди. Кемпирин урып,Жәҳаншаның өзин ғарғап турған әкесине жақсы сөз бенен бир жуўап айтты:

— Мунлы болған бул дүньяда аҳ урар,
Саўлығымда неге тарттың қайғы-зар?
Кимлер келип дағлар салды,жан ата?
Не себептен қыйналасыз,ғаррылар?

Я көрдиң бе өзиң билмес нәмәртти?
Жүрегиңе кимлер қойды бул дәртти?
Қыйналасаң тал шыбықтай буралып,
Саған берген усы бүгин ғайратты.

Бул ислерди көрип кеўлим жанады,
Мени ғарғап әбден мийриң қанады,
Жан анамыз он бес жасар болды ма,
Шыдамай таяққа,ўай-ўай салады?!

Уғылсызлар болмаймекен бийнаўа,
Әсбапларым жатыр мынаў далада,
Бир күниме ондай әсбап керекти,
Душпан көрип,жеткен шығар муратқа.

Таўдың басы әлўан-әлўан лалазар,
Анамды урып,тарқатыпсыз сиз қумар,
Усыншама қәҳәриңди жайыпсаң,
Жан атажан,не кеўилинде кемлик бар?

Нешшесини хайўан енди бузғанды,
Айтқыл маған,кимлер әрман салғанды,
Майданда жатыр ғой саўыт-қылышым,
Бул ақырет,ата,кимнен болғанды?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен едиң ғой жалғаншыда бир дана,
Өсекшиниң болсын жүзлери қара,
Қол тиймеген қылышларым таслапты,
Мендей бала табылар ма дүньяда?!

Жақсы адам туўысқанын алдай ма?
Өсек сөзге қартаң адам нанбай ма?
Қарабайдың дүньясы көп,жан ата,
Ул перзентти малға сатып алмай ма?!

Жәханша бул сөзди айтқанда Сәңгилбайдай ол ғарры шайтан сөзге инанып: — Сендей баланың туўғанынан туўа шөккени жақсырақ,мени масқара қылдың жәханда,мал-дүньяны қойдың таланға мениңдей ғарры бабаны қоя берме азарға,— деп,Жәханшаға бир сөз айтыпты:

— Әй,Жәханша,саған айтар арзым бар,
Алып енди мың тилланы қолымнан,
Жетеп кеттиң бул үйимнен алты нар,
Жалғыз иним хәм жылатып жат елде,
Жаманлықты көрдиң маған миясар.

Оқыйман деп сен бир айттың моллаға,
Астына миндирдим сонда кер жорға,
Жалғызым деп мен инанып сөзиңе,
Және бердим сен заңғарға мың тилла,

Үйренипсең болар-болмас бир исти,
Ойын ушын сарп етипсең сен күшти,
Ҳалың билмей Ура Төбе елинде,
Сеннен басқа ким алады ғарғысты?!

Әўладымда жоқты ойыншы ғәззап,
Қумарың саз шертиў,ишкениң шарап,
Күшиң жеткенини басып урасаң,
Жүрипсең ат минип,жақсы қыз таңлап.

Жәханшажан,бул дәртиңе жанаман,
Сениң ушын жанды отқа саламан,
Усындай саз болса сениң тапқаның,
Олла,кештим сениңдейин баладан.

Меннен жүр,Жәханша,дүньяда жырақ,
Ул деп өткей мине енди бийшырақ,
Сендей жалатайды бала қылғанша,
Бул дүньяда улсыз өткен жақсырақ.

Сазлы болдың Шынымашын елинде,
Сен ойнасаң келер халықлар алдыңа,
Таба қылар досты менен душпанлар,
Душпанлар ойласаң қылды масқара,
Өсек қылса,тийер мениң жаныма.

Бүгин сарғайттырдың менин жүзимди,
Инанбай қәйтейин иним сөзине,
Хәр күн зәлел сен берерсең мың тилла,
Көринбе,жүўернемек,енди көзиме.

Бул гәплерди айтқанда,
Ырқ бермеди Жәханша,
Атасының сөзине,
«Не айттыңыз?» деп хәм ол,
Қарамады жүзине.
Хәр бир нәрсе келеди,
Жәханшаға қайымға,
Барып енди киреди,

Дым индемей Жәханша,
Жататуғын жайына.
Қумар көзин Жәханша,
Қайта-қайта жаслады,
Анасы тахам береди,
Тахам зәхәр болады,
Қызыл жүзи солады,
Әкем қайтар ырайдан деп,
Жети мәрте отаўдың,
Алдына ол барады,
Китапларын Жәханша,
Ол қоржынға салады,
Тағы азлап шөректен,
Буны да салды қоржынға,
Анасыны шақырып,
Алып енди жанына,
«Хош қалың» деп сол жерде,
Анасына Жәханша,
Бир сөз айтып зарлады:

— Арзымды есит,ақ сүт берген анажан,
Ялғаншы дүньяда айралық жаман,
Бул дүньяда жалғыз меннен айрылып,
Жигер-баўырың енди болар қара қан.

Есит ана,мениң айтқан зарымды,
Табар едим мен дүньяның малыны,
Жалғыз меннен ғапыллықта айрылып,
Ала билмес атам оннан арыны.

Бир күн әрман менен шығар тәннен жан,
Қарабай иниси дүньяда душпан,
Ғапыллықта енди меннен айрылып,
Тез күнде қылады жан атам пушман.

Инаныпты өсекшиниң сөзине,
Жети сапар жаслар келди көзиме,
Ғапыллықта жалғызыңнан айрылып,
Зар боларсаң,жан анажан,изиме.

Атам деп сөйледим тил менен жаннан,
Сәхәргеше қайтпады ғой ырайдан,
Тез күнде айырылып жыйған малынан,
Әрман менен зар боларсыз,анажан.

Шуғыллар дәртинен күйип жанаман,
Илимим көп,қутыларман бәладан,
Енди мендей бала сизге қайдады,
Хош қалыңыз енди меннен,анажан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен жыладым сизлер ушын зар-зар,
Айралықты салды залым душпанлар,

Дәркар емес атың менен жарағың,
Ақ сүт берген анажаным, аллаяр.

Әмма, бул сөзди айтқанда анасының иши оттай жанып, Сәңгилбайдың алдына жуўырып барып:

— Қайт пейлиңнен, иймансыз, дүньялар қурысын, перзентиңнен айрылма, — деп бир сөз айтады:

— Мен кешкенмен енди шийрин жанымнан,
Жигер-баўырым мениң қылма енди қан,
Жалғыз балам тири ғайып болмасын,
Қайт, шабазым, бүгин енди ырайдан.

Саўаш күни сора батырдың жайын,
Душпан қашырады бир күн абырайың,
Дүньяның малына бала табылмас,
Кеширегөр Жәҳаншаның гүнайын.

Әжел жетип, бағда гүлиң солмасын,
Жас жанларға енди заўал болмасын,
Қайт ырайдан, залым енди Сәңгилбай,
Бул еллерде мал ийесиз қалмасын.

Бул сөзди айтқан ўағында, Сәңгилбайдың қабағынан қар жаўып, бир хәкис ғарры еди айтқанынан қайтпайтуғын, кемпирине аразланып бир сөз айтады:

— Мен турмайман, кемпир, сениң сөзиңе,
Қайғы менен қанлар толды көзиме,
Келмесин Жәҳанша мениң жаныма,
Келсе, наҳақ мен қаларман қанына.

Сорамайман мен ақылды ҳаялдан,
Халықтың насағы өлимнен жаман,
Балаң, өзиң, ўа, қурысын жәҳанда,
Кештим енди Жәҳаншадай баладан.

Малымнан айырып, салды маған дәрт,
Шатыраш ойнап жүрер енди бийдәўлет,
Бунындай балалар адамға мийнет.

Бул гәплерди айтып ҳәм,
Турып енди Сәңгилбай,
Кемпири менен сөйлесип,
Баладан ғапыл қалады.
Батыр туўған Жәҳанша
— Усы бизге нәсийп, — деп,
Қубла бетке ол қарап,
Ардаң басып барады,
Таң қараңғы ўақты еди,
Көзден ғайып болады.
Өмирде пияда жүрмеген,
Батыр туўған Жәҳанша,
Бундай азар көрмеген,
Заманасын қуўырып,
Ултаннан шаңды суўырып,
Пияда кетип барады,
Табаныны тас қағып,
Маңлайыны күн қағып,
Сәскеге шекем жол жүрип,
Жәҳаншадай бул султанды,
Қайтарып алып кетиўге,
Ҳеш болмады тири жан.
Ура Төбе елинен,
Песин ўақта шығады,
Тоққыз жолдың бәнтине,
Барып енди ғош жигит,
Қослар басып жатады,
Булақлардан суў ишип,
Үш күн өтти арадан,
Ҳеш келмейди тири жан.
Күни менен ой ойлап,
Кетерин билмей қаяққа,
Кешеси менен тың-тыңлап,
Намысы келген ўағында,
Өз-өзинен зар жылап,
Ақырында болмады,
Китапларын дастанып
Жәҳанша уйқылап қалады.
Көп ўақыт өтти арадан,
Жатып еди уйқылап,
Үстине келди бир кәрўан.
Ол кәрўанның атыны,
Ер Үсенбек дер еди,
Қараса кәрўан сол жерде,
Узын бойлы бир жигит
Шекпенин төсеп қыйықлап,
Еки бети гүл жанып,
Жатқан екен уйқылап.

Кәрўанның ийеси Үсенбек Жәҳаншаны көрип, жигитлерге бир сөз айтыпты:

— Арзымды есит, жанымдағы он жигит,
Көрипседиң жер жүзинде бундай мәрт,
Кемлик пенен бир ис түскен басына,
Оятсақ, ол болмаспа еди кеўли шад?

Саўаш күни батыр минер әреби ат,
Бенде болған көрер дүньяда мийнет,
Саясатын көрсең енди мыңға тай,
Әрман менен келип жатқан бул жигит.

Атым Үсенбекти, жетекте кәрўан,
Дастанған китабы, өзи илимхан,
Саясатын көрсең енди Рустемдей,
Мундай жигит хеш туўмайды анада.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Сабыр қылған мурадына жетеди,*
*Ғош жигитлер әрман менен өтеди,*
Аттан түсип, жигитлерим, оятың,
*Бул жигитти енди алып кетели.*

*Бул сөзди айтып кәрўанлар сол жерде түйелерди шөгирип, қос таслады. Жәҳаншаның үстине* алтынан кестеленген аппақ қардай ақ шатырды қурды. Онда да оянбады. Сол шатырдың ишине *гилем, ғалыларды төсеп, қой семизин сойдырып, таҳам таярлады, бунда да турмады. Сол ўақта жипек* орамаллар менен бетлерин желпип, оянсын деп Жәҳаншаға бир-еки аўыз сөз айтты:

— Үстиңе келипти бир сансыз кәрўан,
Қыслығып кеўлиниз кимлерден қалған?
Сөйлесейин сениң менен дос болып,
Аш көзиңди, батыр жигит, уйқыдан.

Мен қуўандым көрип сениң тәризиңди,
Ағандай болып мен айтсам арзымды,
Кеўил ашып сөйлесейик, ғош жигит,
Аш уйқыдан, мәрт палўаным, көзиңди.

Сен жигитсең күш-ғайратың бәркаман,
Өли ме деп жигитлерим болды ҳайран,
Қолларымнан гүлгин шарап берейин,
Жан перзентим, енди оян уйқыдан.

Бул гәплерди бас кәрўан,
Айтып енди болғанда,
Батыр туўған Жәҳанша,
Сынған муздай гүнирениp,
Нар түйедей ыңыранып,
Өр текедей керилип,
Толысқан қыздай созылып,
Тостағандай толы көзин,
Аўдарып барып ашады.
Жәҳаншаның саясаты
Өткир еди сол ўақта,
Кәрўанды қара басады,
Ырғып турып орнынан,
Далаға шығып кетеди.
Майданларды аралап,
Булақтан ол жуўынып,
Таўыс киби таранып,
Жән-жағына қаранып,
Күле шырай берип,
Қызыл гүлдей буралып,
Әдеп пенен кәрўанға,
Келип сәлем береди.
Кәрўанның мийри қанады,
Буның әдеплилигини,
Анда кәрўан көрген соң,
Иши ғыж-ғыж жанады,
Шарап берди бул кәрўан,
Таҳам жеди сол заман.
Көргеннин ақылын алады,
Ҳал-жағдайды бул кәрўан,
Жақсы тил менен сорады,
Сорап турып бул кәрўан,
Бир сөз оған айтады:

— Ашықтың пидәды яр дейип жаны,
Ғош жигиттиң көп болады әрманы,
Ҳаслы-затың бизге айтың, мәрт жигит,
Сиз боласыз қайсы елдиң палўаны?

Жатқан жериң Шағыр таўдың саласы,
Сен өзиңсең жигитлердиң данасы,
Әрман менен сен қалыпсаң уйқыда,
Сиз боласыз қайсы елдиң баласы?

Астымда ойнайды мингенде тулпар,
Ашыўлансаң сен саларсаң қайғы-зар,
Бурыннан көрмеген енди жаяўлық,
Әй, батырым, атыңды айт, ким болар?

Рустемге усайды сениң айбатың,
Фарҳадқа усайды сениң келбетиң,
Айтқыл, балам, маған шыққан жериңди,
Қай жерлерде болар сениң елатың?

Терсем сениң бағ ишинде гүлиңди,
Кимлер келтиргенди, балам, кәҳриңди,
Көзимниң рәўшаны, жаным перзентим,
Дос болайық, айтқыл маған сырыңды.

Кәрўан басының бул сөзлери Жәҳаншаға майдай жағып, туўған әкесин көргендей болып, «сыр-сыпатымды айтайын, хызметини етейин, буның барған журтына бирге кетейин, талап қылып, аўқатыгүзарлық етейин, болған сөзлерди бастан баян етейин» деп, кәрўанға қарап бир сөз айтты:

— Кәрўан аға, саған айтсам дәртимди,
Мен сүймедим арыўлардың кәндини,
Даңқы кеткен жер жүзине таралып,
Ура Төбе дейди туўған журтымды.

Бизиң елде ашылмады гүл-ғунша,
Мәрт жигитти өсек қылар бир нешше,
Жаҳанның жүзинде илим арттырған,
Атым сорсаң — батыр туўған Жәҳанша.

Тилеп алған мениң әкем ол жылай,
Әўелден емести өзи болған бай,
Қартайғанда мийи кетип әкемниң,
Атын сорсаң — журтқа мәлим Сәңгилбай.

Жалғыз шықтым, кимлер мениң сорағым,
Илимниң жолында өртенди жаным,
Түсинбеген, оқымаған ладанлар,
Әрман менен қыйды мениң мәдарым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Себеп пенен мен айрылдым журтымнан,
Жолдаслыққа болмады маған бир кәрўан,
Шамалдай көтерип оқыўдың күши,
Сен сорасаң,илим излеп бараман.

Қулақ салсаң енди мениң сөзиме,
Көринбейди дүньяның малы көзиме,
Табағойсам мен оқыйман оқыўды,
Кәрўан аға,еситсеңиз арзымды.

Оқыў болды мениң дәркар тилегим,
Илим мениң бул дүньяда керегим,
Оқысам илимди енди шад болып,
Тасар мениң күннен-күнге жүрегим.

Билим излеп ақты көзден қанлы жас,
Оқыўдың жолына мен қойдым ықлас,
Сизиң елде көп шығар-әй саўатқан,
Қабыл қылсаң,сизге болайын жолдас.

Бул гәплерди айтқан соң,
Шақақ урып бул кәрўан,
Қайта-қайта күледи,
«Дана екенсең балам» деп,
Маңлайынан сүйеди.
Жәханшадай батырға,
Безетеди бул кәрўан,
Бир жақсы түйени,
Ол түйениң үстинде,
Гебежени қурдырды,
Саяман берип батырға,
Қара нарға миндирди.
Кәрнай тартып көширип,
Шынытатар елине,
Кәрўан менен қосылып,
Жәханшадай ғош жигит
Жүреклери йош урып,
Шадлық пенен жол жүрди.
Көргенниң ақлын алады,
Алтыннан қоңыраў,гүмистен дүмдим,
Алты наўшар қара нар,
Үсти толған бәри зер,
Толқып таслап жәниўар,
Жоллар тартып барады,
Бул кәрўанның ышқына,
Жәханша ҳайран қалады.
Неше душшы булақтан,
Суўлар алып бул кәрўан,
Салтанат пенен жол жүрди,
Азғана емес мол жүрди,
Бир жайларға барғанда,
Бир таўдың үстинде,
Үш қара тас көринди.
Буны көрип бул кәрўан,
Анда қосын таслады,
Кәрўанның нешше жигити
Қумар көзди жаслады,
Сол ўақтында Жәханша
Қатты ҳайран қалады.
Сорайын анық буны деп,
Түйеден түсип сол ўақта,
Саралап енди майданға,
Келсе тастың жанына,
Үш жол кеткен үш жаққа,
Татардың жолы еки екен,
Гүмана деген жолына
Отыз күнде барады,
Барса келмес жолына,
Он бир күнде барады,
Шатырды қурды бул кәрўан,
Таҳам жеди ол заман.
Жәханша батыр қараса,
Қапаланды көп адам,
Бир нәрсени айтайын деп,
Қайымланды бул кәрўан.
Сол ўақтында Жәханша
Жан ишине сыймайын,
Бир сөз айтты кәрўанға:

— Алыстан көринер таўлардың тасы,
Буншама ағады көзлердиң жасы,
Сөз айтқандай жан-жағына карайсаң,
Мәнисин айтқыл сен,кәрўанның басы.

Алыстан көринер бийик даралар,
Үллы-киши қапа болып қан жылар,
Не себептен халықты қара басады?
Кәрўан аға,бул сөзлерден бер хабар.

Таўларда ашылар енди гүл-ғунша,
Мен қарайман,муңаяды бир нешше,
Қыйын аўҳал я түсти ме басыңа?
Өксип-өксип еңирейберди бир нешше.

Таўдың басы әлўан-әлўан лалазар,
Саўаш күни батыр жигит қуўанар,
Айтқыл енди маған,кәрўан,дәртиңди,
Жигитлердиң көўлинде не кемлик бар?

Ашықтың жеткенди машыққа зары,
Аманат дейдилер адамның жаны,
Еңирей берди қапа болып жигитлер,
Яки бар ма бир саўаштың хабары?

Бул гәплерди айтқанда, кәрўан ҳеш нәрсени кеўилине келтирмей, Жәханшаға қарап: — Бир перзентим болдың сен,ишки сырымды басқа кимге айтайын? — деп,бир сөз айтты:

— Арзымды еситкил енди,жан балам,
Ортаға қойыстық қылыш пенен нан,
Улсыз едим,сенсең мениң перзентим,
Бул жолдың сапары дүньяда жаман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигитлерим жыласады зар-зар,
Бул жолларда Арыслан туй залым бар,
Суўсынына ишеди адамның қанын,
Соннан қорқып жигитлерим қайғырар.

Мәканы ол Ҳәсер таўдың ишинде,
Арыслан арқайын залым күшине,
Төрт тәрептен ат қояды шуўласып,
Рейимсиз жадыў ол адам басына.

Балам,еситсеңиз тағы зарымды,
Өлтирмей алмайды дүнья-малынды,
Сол жолларға сапар етиў қәтерди,
Қай жырада алар адам жаныны.

Адам бир келеди енди дүньяға,
Қырық күншилик жол бар,өзи гүмана,
Азап шегер адымыйзат барғанша,
Кеўилим соқпас ол жоллардан бармаға.

Бир жолы бар,аты Барсакелмести,
Жүрим болса оннан адам өлмести,
Ғайрат салсақ,оннан аман өтермиз,
Бириктирсек бизлер соған бар күшти.

Улсызлықтан көзден ақты қанлы жас,
Душпанларда сен қоймассаң ар-намыс,
Қайсысына биз кетейик,Жәҳанша?
Балам,айтқыл атанызға бир кенес,—

деп, бул сөзди кәрўан айтып, Жәҳаншаға қарап бир муңайып қойды. Сол ўақтында Жәҳанша кәрўанның кеўлин өсирип,бир жуўап айтады:

— Оның ушын,ата,шекпе қыйын дәрт,
Бетлерине дақ салмайды ғош жигит,
Бар ма сенде жаўға шабар тулпар ат?
Мен қылмаспан кәўанларды намурат.

Ат қуйрығын қыя шөлде өремен,
Халқым ушын енди қулаш керемен.
Көриниплер жаўлар келсе алдыма,
Мен душпанның жазасыны беремен.

Мен мингенде көкке шапшыр әреби ат,
Душпаным жеңилсе кеўилим болар шад,
Арыслантуй деп сен мақтайсаң душпанды,
Яки дәў ме,яки ол бир адамзат?

Жәҳанша дейдилер дүньяда атым,
Ҳеш қайғырман,көрсетейин ғайратым,
Ат ойнатып шықсам енди майданға,
Кеше-күндиз саўаш мениң мурадым.

Солдырады қазан урса гүлимди,
Саўаш күни тарқатарман шеримди,
Туўры жолдан тайсалмағыл,жан ата,
Сапар тартқыл Барсакелмес жолына.

Мен мингенде көкте ойнар әреби ат,
Жигитлерди алдап енди жағдай айт,
Биз кетермиз Барсакелмес жоллардан,
Елге барар жигитлериң саламат,—

деп бул сөзди айтқанда,кәрўанның ўақты хош болып,Жәҳаншаның арқасынан қақты.Кәрўанның басына ис түскенде,қашса қутылатуғын,қуўса жететуғын Туйғын деген бир тулпары бар еди.

Тулпарыны сол кәрўан,
Дизгиннен алып келтирди,
Мақпалдан беллик салдырды,
Зербаптан терлик салдырды,
Алтын ерин салады,
Айылды жуптан шалады,
Жәҳаншадай батырға
Полат саўыт кийгизди,
Жам тақыясы зер нигар,
Белине қылыш байлады,
Алты керим сары жай,
Асып жүрсен белге сай,
Тартып атқан батырға,
Баўыры қатты полаттай,
Дәўыр оғы он жети,
Қарағай найза,тобылғы,
Қос қалқанды байлады,
Мәрттиң көзи жайнады,
Көргеннин ақлын алады,
Төрт жүз тоқсан жигити,
Көрмегенлер бар еди,
Жәҳаншадай батырды,

Көргенлер ҳайран қалады,
Қайдан шыққан палўан деп.
Бес жигити оңында,
Бес жигити солында
Сапар тартып жол жүрди,
Азғана емес,мол жүрди,
Бес күн өтип арадан,
Алтыланшы күнинде
Бир Қаратаў көринди.
Таўдан асар ўақтында,
Ашшы даўыс келеди,
Бул сеслерди еситип,
Жәҳанша ҳайран қалады,
Жанындағы он жигит
Еңкилдеп жылай береди.
Қулақ салса Жәҳанша,
«Айда» деген бир даўыс,
«Қайда» деген бир даўыс,
«Кәрўан басы Үсенди,
Байла» деген бир даўыс,
Ашшы даўыс келгенде,
Көз жиберип қараса,
Жәҳаншадай бул батыр,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бойы барды үш аршын,
Ени барды еки аршын,
Омыраўы есиктей,
Ақырғанда даўысына,
Титирейди жер-аспан,
Барлық жерин жүн басқан,
Сақалыны ол залым,
Ҳинжи менен торлаған,
Еки муртын сол ўақта,
Желкесинен асырып,
Қазықбаў шалып байлаған,
Өзи қара,тиси ақ,
Бир тулпарды ойнатып,
Сары жайы белинде,
Бир ағашқа қадаған,
Ай балтасы қолында,
Адам түспес тилине,
Түри ҳайўан секилли,
Келип қалды сол ўақта,
Жәҳаншаның қасына.

Сол ўақта Үсенбек,бир неше рет өтип,көзи қорққан бийшара,қайта-қайта өкинди.Өкинип турған ўақта,«түстиң бе мениң қолыма»,— деп Үсенбекке Арыслантуй бир сөз айтады:

— Ушырадың,кәрўан,дүнья тарына,
Кимлер рәҳим қылар қылған зарыңа?
Сен жүр едиң қашып маған пәнт берип,
Түспедиң бе бүгин келип торыма?

Бәнтхорсан дүньяда,Үсенбек кәрўан,
Жеткизбестен мени қылдың сергиздан,
Қайым келдиң дузағыма қан тартып,
Қутылмағың меннен енди та гүман.

Ҳәр өткенде көрмей,ишим жанады,
Ҳийле қылып жанға салдың жараны,
Тойғанымша мен ишейин қаныңды,
Алып келип мунда үйгил дүньяны.

Бул сөзди айтқан соң Жәҳаншаның түклери саўытты тесип өтти,ғайраты дәрья киби тасып кетти. Сары жайына оқты жайлап,Арыслантуй алыпқа қарап бир сөз айтты:

— Астымда ойнайды минсем әреби ат,
Бийшараға сен салыпсаң қыйын дәрт,
Атыспақты яки қылғыл ықтыяр,
Ҳалың билмей сөйлей берме,әй бәззат.

Ашықтың пидәды яр ушын жаны,
Саўаш болар ғош жигиттиң әрманы,
Найзаласып бул майданда ойнайын,
Тамашамды көргил бүгин,бәрзәңги.

Кәрўанның бәрине мен болдым тирек,
Батыр болсаң шық майданға жекпе-жек,
Әўел көрсет мендей мәртке күшиңди,
Мал талаўға ғайрат пенен ҳал керек.

Талаў қылдың нешелердиң малыны,
Қайғырмадың адамлардың жаныны,
Мың мақтансаң саған,залым,дүнья жоқ,
Көрсет мендей мәрт палўанға зорыны.

Талаў қылдың нешшелердиң жаныны,
Қорқытып алғансаң халықтың малыны,
Мени билсең,илим кәни Жәҳанша,
Мен көрейин,залым,сениң зарыңды.

Бул гәплерди Жәҳанша,
Ашыўланып айтқанда,
Сол ўақлары Арыслан,
Мәрттиң сусын биледи,
Көзи оттай жанады,
Жайын қолға алады,
— Әўел нәўбет бизден деп,
Енди өлмек сизден деп,
Жанымда бар қол-қанат,
Адам қанын ишпеге,
Қылып едим көптен шәрт,
Туўры турғыл,адамзат,—
Дейип енди бул залым,
Жайды қолға алады,
Атқан ўақта шағлатып,
Көкиректен оқ келди,
Батыр туўған Жәҳанша,
Қалқан тутып рат берди.
Жәҳаншадай батырдан,
Оғы шағлап кетеди,
Арысланның атқан оқлары,
Тасты жарып өтеди,
Өтеди де түтейди.
Және бир оқты алады,
Жайға тартып салады,
Күши жаман залымның
Жәҳаншаға тигилди,
Жай бир жерге бүгилди,
Қалқан тутып алдына,
Оқлар келип қалғанын,
Билип еди Жәҳанша,
Тутқан еди қалқанды,
Сыйпап оғы өтеди,
Жәҳанша кийген саўытты,
Шапандай жыртып кетеди.
Бир нәўбетим қалды деп,
Арысландай бул бәззат,
Оқтың қалпал тийгенин,
Шамаламай биледи,
Қәҳәрленип тағы да,
Жәҳаншадай батырдың,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Маңлайынан атады.
Жәҳанша минген жәниўар,
Урыста жүрген ат еди,
Ат бир лаппа жатады,
Оқ үстинен өтеди,
Және турды секирип,
Жалын тарап жәниўар,
Ийесине зәлел болмағанын,
Ат жәниўар биледи.
Арысландай залымнан,
Енди нәўбет кетеди,
Жәҳаншадай батырға,
Сонда нәўбет жетеди,
Жайға оқты салады,
Қақ маңлайын шөкелеп,
Атқан ўақта бул батыр,
Басын жарып өтеди,
Мыйығын тартып күледи,
Арыслан атлы ол гәўир.
Жәҳаншадай бул батыр,
Және оқты алады,
Жайға тартып салады,
Көкирегинен байлады,
Жүрекке зәлел қылмайын,
Емшегиниң үстинен,
Тийген оқты қарасаң,
Жаўырынынан шығады.
Арыслантуйдай алыптың
Жан ишине сыймады.
— Жәҳаншадай баланы,
Атына ылақтырып атайын,
Жағасынан тутайын,
Қанын ишип бәдбақтың,
Мурадыма жетейин,— деп,
Атты қойып жиберди.
Батыр туўған Жәҳанша,
Ағызбады көз жасты,
Не қылар екен залым,деп,
Ат үстинде алысты,
Жағаға қоллар салысты.
Буннан мәни болмады,
Залымның көзи жайнады,
Секирип түсип атынан,
Тартып алды сол ўақта,
Жәҳаншадай баланы.
— Жығып енди өлтирип,
Қойдай етип шалайын,
Үсенбектей кәрўанды,
«Алып келген мәртиң бе?» деп,
Өлгенинше сабайын,—
Дейип енди бул залым,
Жәҳаншадай батырды,
Тартып урып жерлерге.
Көзи оттай жанады,
Жығаман деп батырға,
Қайтпай қарыў салады,
Қайта-қайта батырға,
Керилип жанбас урады,
Қозғалмайды Жәҳанша,
Сонда Арыслан сөйлейди:

— Мен жүр едим бала деп,
Ҳасла ҳалым жетпеди,
Бул жәҳанның тәжжалы,
Усы екен ғой дүньяда,—
Дейип енди батырға,
Қайта жанбас салады,
Жәҳаншаны жығалмай,
Арыслантуй болдырды,
Езиўи ийттей ырылдап,
Көкиреги сырылдап,
Қайтпай залым алысты,
Өлтиремен деп тырысты.
Залым ҳалдан кетеди,
Батыр туўған Жәҳанша
Белден алып қушақлап,
Ақырып палўан көтерди,
Көкирекке алады,
Айландырып басынан,
Жерге тартып урады,
Көкирекке минеди,
Қанжарды қолға алады,
— Болғаның сол,залым,— деп,
Басын кескен ўақтында,
Жәҳаншаның ол үсти,
Апыр-топыр болады.
Мойнына асып қылышты,
Көзинен ағызып жасты,
Секирип минип тулпарға,
Еки яқлап шәмширди,
Қайтпай батыр салады.
Аш арысландай алысты,
Мәрт урысқа киристи,
Иши оттай жанады,
Арыслантуйдың әскери,
Ада болмай барады,
Бир жағынан қырғанда,
Бир жағынан кәрўанның,
Залым гәўир толады,
Батыр туўған Жәҳанша
Аттан түспей күни-түн,
Қансорғышларды қырады.
Кәрўаннан да өледи,
Геўирден де өледи,
Көп ҳийлени билген мәрт,
Үш кеше,үш күн дүзде,
Душпанға басқы береди.
Дүркиретип залымды,
Ат алдына салғанда,
Қуўып батыр баратса,
Үсенбектей кәрўанның,
Ақ сақалы желкилдеп:
— Әй,балам-ай,әй,балам,
Душпанға көрсеттиң күшинди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағыздың көзде жасынды,
Бизден енди өлгенлер,
Әжел жеткен ўақтында,
Жаў болмаса да өледи,
Қуўа берсең, шырағым,
Қорыққан батыр болады, —
Дейип енди Жәҳаншаның,
Ат дизгинен қолға алып,
Қайтып келсе кәрўанға,
Қалғанлар шатыр тигипти,
Қой семизин сойдырып,
Төрткүллеп ошақ ойдырып,
Таярлапты барлығын.
Шатырға кирип Жәҳанша,
Мәрттиң бели бүгилди,
Шешип еди саўытын,
Бир арба төгиндей болып,
Саўытынан батырдың,
Оқлар жерге төгилди.

Жәҳанша тахам жеп рәҳәтленди. Ертеңине де кәрўан жатарман болды. Жәҳаншаның көзлери жайнап, ишлери қайнап, бир жаманлықты ойлап, кәрўанға қарап бир-еки аўыз сөз айтады:

— Жақсының сөзлери болар шекер-пал,
Жаман жолдас басқа салар қайғы-зар,
Қулақ салып пәҳим әйлегил сөзимди,
Жәҳаншаның саған айтар арзы бар.

Яр ушын әрманлы ашықтың жаны,
Төгилди бул жайда адамның қаны,
Жер баўырлап жата берме, атажан,
Буны билсең, көп душпанның мәканы.

Жетегиңе тарттырғансаң бир мың нар,
Өзиң жолаўшысаң, билсең саўдегер,
Душпанның көп болар дүньяда изи,
Сендей қандарынан алады хабар.

Шайырдың буррады айтқан бул сөзи,
Мен едим ғой бир бендениң жалғызы,
Ат ойнатып келсе сонда көп душпан,
Өлтирген Арысланның болады изи.

Мен мингенде көкке атар әреби ат,
Бийпәрўада болмас ҳасла қәсийет,
Тутар болсаң өлгенлердиң азасын,
Үш күнлик жолға барып, сонда жат.

Сен қаларсаң әрман менен ах урып,
Көшкил буннан жигитлерге бад урып,
Өлгенлерди жатпа бунда қайғырып,
Өлиниң биреўи боларсаң, аға!

Бул сөзлерди айтқанда,
Жәҳаншадай бул палўан,
«Ақыллы екен Жәҳанша,
Билгир екен Жәҳанша»,
Дейип енди сол ўақта,
Шад болады бул кәрўан.
Азырақ мылтық аттырды,
Кәрнайларды тарттырды,
Тойғанынша жигитлерге
Гүлгүн шарап иширди,
Бес ярым күн дегенде,
Бул кәрўанды көширди.
Батыр туўған Жәҳанша,
Ат ойнатып алдында,
Қарамай оңлы-солына,
Анда кетип жол жүрди,
Әдеўир жол өндирди.
Жигит гүли лалады,
Көргенниң ақлын алады,
Батыр туўған Жәҳанша
Жоллар тартып барады,
Ҳәр белдеўден асады,
Қутқарғайда-дә бәледен деп,
Қасындағы жигитлер,
Бираз жолды басады.
Көргенниң ақлын алады,
Батыр туўған Жәҳанша,
Душпанға қайғы салады,
Өзиң көрген көп кәрўан,
Салтанат пенен барады.
Есерлик пенен жол жүрди,
Салқын менен өндирди,
Төрт ярым күн дегенде,
Аспан менен таласқан,
Көк булыттай буралып,
Бир қара таў көринди.
Есабы жоқ, саны жоқ,
Ол таўлардың ишинде
Булақтан суўлары аққан,
Қызыл гүллер ашылған,
Сары гүл муқамға жеткен,
Алма, әнарлар пискен,
Сабақларынан түскен,
Тоты менен кекликлер
Қақақ урып күлискен,
Салалы таўды көреди.
Жәҳанша ҳайран болады,
Сол таўлардың иши менен,
Бир ярым күн жол жүрди,
Батыр болды бийқарар.
Ол таўлардың ишинде,
Жыртқыш ҳайўан көп екен,
Көргенниң ақылын алады,
Жәҳанша ғайрат салады,
Таўлар да ада болмады,
Таслар да ада болмады,
Бир жайларға барғанда,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосты таслай береди,
Үсенбектей бул кәрўан,
Көзди жаслай береди,
Қайта-қайта сол ўақта,
Күн есаплай береди.
Билгир еди Жәҳанша,
Ақыллы еди бул султан,
Кәрўанға қарап бир сөзди
Айтты дейди сол заман:

— Арзымды есит,айнанайын атажан,
Өндирип жүрмей ме сапарды кәрўан?
Жин басқандай өксип-өксип жылайсаң,
Кеўлиндеги әрманыңды айт маған.

Кәрўан жүрсе көп белдеўден асады,
Адасқанда ақыл кетип,сасады,
Ойың көпти,айнанайын жан ата,
Сени бунша неге қара басады?

Атымды дейдилер Жәҳанша султан,
Ғайратым көп мениң,өзим илимхан,
Алдында бир енди Арыслан турғандай,
Не себептен ойланасыз,атажан?

Илим ушын талақ қылдым малымды,
Билим дейип отқа салдым жанымды,
Айрылмастай дослар болдым сиз бенен,
Алып берейин,атажаным,арыңды.

Жәҳанша дейдилер дүньяда атым,
Мен берермен душпанлардың ол дадын,
Хызметинде шийрин жаным берейин,
Сениң кеўилиң питсе мениң мурадым.

Жетегиңе сен тарттырдың бир мың нар,
Дәркар емес маған билсең дүнья-мал,
Хызметиңди мен етейин,жан ата,
Не себептен жигитлериң мунаяр?

Бул сөзди Жәҳанша айтқаннан кейин кәрўан басы:

— Бул жерде үш ағайинли жигит бар,атасы гәўир,анасы қалмақ,егер олар оянса,халымыз болар ўай,хәр биреўи мыңға тай,атсаң мылтық өтпейди,шапсаң қылыш кеспейди.Адамды көрсе қорегине кәбап қылады.Ояў болса үшеўи,басқа қайғы салады.Уйқыда болса ол залым,өтип енди кәрўанлар, аман үйине барады.Егер уйқыда болмаса,лашың шөлде қалады.Көрсе,салар қайғы-зар,олардың енди қолында жәўҳар менен ҳасыл тас,ҳинжи-маржан бар,балдан татлы суўы бар.Ояў болса ол залым, сүйегиң қуйыда қалады.Үшеўиниң биреўи — Әбкер деген ағасы,он күншилик жолларды бир күнде енди алады.Уйқыда болса үшеўи,үстине келген хәр кәрўан қызыққа батып қалады.Ояў болса үшеўи, басына қайғы салады,— деп,Жәҳаншаға бир сөз айтты:

— Жақсылардың жүрген жолы лалазар,
Жаман менен жолдас болған аҳ урар,
Көзимниң рәўшаны,жаным Жәҳанша,
Атаңыздың сизге айтар арзы бар.

Хәр сөзиме қулақ салдың,перзентим,
Рустемдейин көрдим сениң ғайраттың,
Сақлап мениң душпанлардан жанымды,
Сен болмасаң күйер мениң дәўлетим.

Ортаға қойғанман қылыш пенен нан,
Ҳешкимлер жоқ бизлер киби дос болған,
Жалғыз өзиң қорғап қалдың кәрўанды,
Сеннен,балам,өлгенимше ырзаман.

Сол себептен болдым,балам,бийқарар,
Үш ағайин бул жерлерде гәўир бар,
Суўсынына ишеди адам қаныны,
Өте алмаған нешше мендей кәрўанлар.

Кәрўанлардың жүрек-баўрын дағлаған,
Оның атын айтадылар алтын кән,
Айыўдайын ол үшеўи сақлаған,
Уйқыда болмаса ондай үш залым.

Кәрўан атаң билгенини айтады,
Жети күн уйқыда олар жатады,
Уйқыда жатқанын билсе кәрўанлар,
Маржан алып,көп қызыққа батады.

Нәмәрт болған әрман менен өтеди,
Ғош жигитлер мурадына жетеди,
Ғайратыңыз болса,балам Жәҳанша,
Сол маржаннан алып,балам,кетели.

Ат қуйрығын жадыр шөлде тарайды,
Биз барғанда ханлар саўғат сорайды,
Нәмәрт пенен жолдас болсаң,жан қозым,
Қорқақ адам не күниңе жарайды?

Ашық болған қыздан шарап ишеди,
Ояў болса,хәзир,балам,көшели,
Лалы маржан алар болсақ қудықтан,
Сеннен басқа оған кимлер түседи?

Жаман адам өлгенинше сынайды,
Сендей батыр хәр күниме жарайды,
Маржан толы бул қудықтың ишине,
Көрип қайтқыл,балам,алтын сарайды.

Кәрўан бул сөзлерди айтқанда:

— Әй,ата,сиз мени келип-кетип,қашып-пушып жүрген бир нәмәрт шығар деп ойлап,бул сөзди

www.ziyouz.com kutubxonasi

айтасаң-аў,— деп,кәрўанға карап Жәханша бир-еки аўыз сөз айтады:

— Әжел жетпей шықпас тәннен шийрин жан,
Мәрт кешерме өлгенинше атадан,
Бул жайларда көрсетейин ғайратым,
Тамашамды көриң мениң,көп кәрўан.

Бирге барсақ Шынытатар елине,
Қыл арқанды байлайман ғой белиме,
Көп маржанды алағойсаң қудықтан,
Шайтаншылық келтирмегил кеўлиңе.

Бул жайларды оқып билдим илимнен,
Шайтанлықты шығар,ата,кеўлиннен,
Көп маржанды алағойсаң,жан ата,
Кесегөрме қыл арқанды белимнен.

Үстимнен келгенсиз есапсыз кәрўан,
Ортаға қойдыңыз қылыш пенен нан,
Бузылмастай бул дүньяда дос болдың,
Кеўилиңнен кетсин-әй нәлети шайтан.

Суў орнына саўаш күни иштим қан,
Жаманлықты кетир енди кеўлиңнен,
Жаманлықты сен келтирсең кеўлиңе,
Қутылмағың мендей мәрттен та гүман.

Ата дейип мен изиңе еремен,
Билимниң жолында қулаш керемен,
Бул қудықта не ҳаллардың барыны,
Оқыў менен,атажан,мен билемен.

Тамам қылып бул сөзди,
Шийрин жанды қыйнады,
Бул да дәркар болар деп,
Белине сонда Жәханша,
Келте шәмшир байлады,
Китабын салып қойнына,
Тәсбисин асып мойнына,
Кәрўанға қарап сөйледи:

— Аяғымнан байлайгөр,
Қолымды босат,жан ата,
Та қудыққа түскенше,
Семсер сермеп бараман,
Душпан шықса алдыма,
Бир әрмансыз боламан,
Тилиме ол түсинсе,
Сөз бенен ақылын аламан,—
Дейип сонда Жәханша,
Аяғынан байлатып,
Қудыққа қылды тәўекел.
Арқанды тутып көп адам,
Шелекти асып мойнына,
Жәханшаны жиберди,
Ол қудықтың қойнына.
Ҳеш жерде жоқ адамға,
Жәханшадай бул батыр,
Сәлем берип баратыр,
Еки қолы көкиректе,
Әдеп пенен барады,
Ол қудықтың ишинде,
Қан сорғыш енди гәўирдиң,
Сарай жайы бар еди,
Сарайдағы гәўирлер,
«Бир жақсы келди бунда» деп,
Терезеден қарады,
Еки қолы көкиректе,
Сәлем берип киятқан,
Қәйтер екен бала деп,
Қайта-қайта сынады,
Қуўанысып,шад болып,
Ҳеш жаманлық қылмады.
Қудыққа түсти Жәханша,
Дизеден суўы бар еди,
Шелекти басып толтырды,
Аяқтан шешип арқанды,
Шелекти байлап кәрўанға,
Жоқары қарай жиберди.
Жәханша қайта қарады,
Әне,мине дегенше,
Қырық бир енди шелекти,
Кәрўан тартып алады.
Батырдың көзи жайнады.
Қолтығынан Жәханша,
Арқанды қайта байлады,
«Тартың» деп даўыс қылғанда,
Атаңа нәлет кәрўанның,
Кеўлине сумлық жайлады,
Лалы менен ол маржан,
Яқут пенен ол блион,
Жарқырап енди үйилди,
Қазан урды сол ўақта,
Бул кәрўаннын кеўлине,
Шайтанлық келди сол жерде,
Ол кәрўанның кеўлине:
— Өзи палўан Жәханша,
Шығарғаны көп дүнья,
Бул дүньяның мийнетин,
Көрген өзим дейип ҳәм,
Бермес буны ол маған,
Иши оттай жанады,
Бул дүньяны көген соң,
Ылақтырып басынан,
Атар мендей атаны,
Бул емес ғой туўғаным,
Дүньяны тартып алады,
Кесип жиберсем арқанды,
Сүйеги қудықта қалады,
Узақтан кесип жиберсем,
Жәханша сонда өледи,
Жәханша өлип қалған соң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Меннен бундай маржанды,
Кимлер тартып алады? —
Дейип кәрўан ишинен,
Бир сумлықты ойлады,
Қолына пышық алады,
Кесейин деп Үсенбек,
Қайымласып турғанда,
Жәханшадай батырдың
Кеўилине бир ой келеди:
— Шығарып алып жақынлап,
Кессе Үсенбек арқанды,
Кетсем енди аспаннан,
Домаланып мен өзим,
Есимди жыйнап алғанша,
Өлермен суўда бығырлап,
Буған ҳийле етейин,— деп,
Бул қудықтың ишинен,
Қараздай тасты табады,
Арқанға байлап ол тасты,
Үстине шығып отырды,
Көп зор қылды кәрўанлар,
Қозғалмайды Жәханша,
Үсенбектей бул кәрўан,
— Қудыққа енди түсиңлер,
Баладан хабар алыңлар,—
Деген ўақта адамлар,
Қаша берди өлгенше.
Үсенбектей кәрўанға,
Жағымлы еди бул аўырыў,
— Дүнья өтти,ялғанды,
Қудықтың ишинде жатқан,
Қан сорғыш енди гәўирлер,
Тутып ғана алғанды,
Жәханшадай жүўернемекке,
Қара күнди салғанды,
Тилегимди сол берип,
Жәханшадай баланың,
Сүйеги қудықта қалғанды,—
Дейип енди Үсенбек,
Тезден ғана көширип,
[illegible]
Қаплап енди маржанды,
Түйелерге тез артып,
Тартып көрди арқанды,
Тартқанда сирә шықпады,
Шықпай турған ўақтында,
Тағы Үсенбек ойланып,
Бир-еки аўыз сөйледи:

— Әй беглерим,мен питирдим исимди,
Жәханша шықса,кесер еди басымды,
Тутып алған шығар оны гәўирлер,
Бул қудыққа таслап кетейик лашыны.

Қылдым енди бир мәртлердиң исини,
Арыслантуйға көрсеткенди күшини,
Бул қудықтан тартып алған ўақтында,
Кесейин деп мен ойладым басыны.

Бойларыңнан мен болайын садаға,
Көп кәрўанға болдым дүньяда аға,
Жоллар тартып жүре бериң,көп кәрўан,
Шығылмастай болған шығар Жәханша.

Бул гәплерди айтып ҳәм,
Көзи оттай жанады,
Арқанға пышақ салады,
Үсенбектей кәрўанның,
Айтқан сөзин еситип,
Жылап-жылап Жәханша,
Бул қудықта қалады,
Кетти дейди бул кәрўан,
Жолға болып рәўан.

Ендиги сөзди еситиң,
Жәханшадай баладан.
Қудықта қалып бийшара,
Қудықтың ол ишини,
Сермелеп бир айланды,
Бир жайына қараса,
Шығатуғын көп текше,
Шығып ол дәрриў текшеден,
Қудық пенен сарайдың,
Арасы екен қырық адым,
Барып жетти дийўалға.
Терезеден сығалап,
Барса енди бир жайға,
Бир есиктиң жарығынан,
Жақты шықты жалтырап,
Китабын алып қолына,
Тартты енди есикти,
Қурылды сес еситти,
*Есик екен жабыўлы.*
*Сол ўақтында аманат,*
Ашып келип жиберсе,
Гәўҳар деген шырадай,
Барлық жер жанып турады,
[illegible]
Жәханша ишке қараса,
Аяқлары бесиктей,
*Омыраўы есиктей,*
Бармақлары жабадай,
Билеклери [illegible],
Сақаллары сорадай,
Аўызлары урадай,
Мойынлары буўрадай,
Өзи қара,көзи көк,
Барлық жерин жүн басқан,
Екеўиниң қолында,
Алмас оқлы сары жай,
Оқты жайға қадаған,
Малдас қурынып отырған,
Еки гәўирди көреди.
Биреўиниң дизинде,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир сулыў қыз сәрбиназ,
Узын бойлы,ботакөз,
Омыраўдан мойны гез,
Ләблерине бал қойған,
Бетлерине қал қойған,
Алтын кесе қолында,
Бул гәуирдиң дизинде,
Отырғанын көреди.
Он жақтағы гәуирдиң,
Оң дизине қараса,
Отырыпты қурбақа,
Секили жоқ,ол шақа,
Жаўдыраған қара көз,
Айтарына жоқты сөз.
Буны көрип Жәҳанша,
Бүгилип сәлем береди,
Әдеп сақлап турады,
Гәуирлердиң биреўи,
Жәҳаншадай батырдан,
«Жол болсын» деп сорады:

— Балам,бердиң бул қуйыға сәлемди,
Әзәзүллер қуйыға алдап салғанды,
Лалы-маржан алып сениң қолыңнан,
Таныттып кетти ме сениң анаңды.

Ладан басың келип қуйыда қалған,
Шайтанлықтан салыпты саған көп әрман,
Ақыллы екенсең дүньяда өзиң,
Бизлерди көрмей-ақ сен бердиң сәлем.

Еситпеди кәрўан сениң зарыңа,
Баслар қойып келдиң мениң жаныма,
Адамлардай жуп жиберсең аяғың,
Қалар едим сениң наҳақ қаныңа.

Жылап қалдың бул қуйыда зар-зар,
Ата-анаңа болыппедиң гүнакар?
Ерипсең бир әзәзүлдиң тилине,
Алдап салып бул қудыққа саўдагер.

Бул жайлардан аман шықпас тири жан,
Суў орнына қан ишемиз сол заман,
Ағайинли екеўимизде бир шәрт бар,
Жуўап берсең,бизден кетерсең аман.

Ашық болған машығым деп зар урар,
Үш жыл болды,дүнья болды маған тар,
Бул жерлерден жиберемен сени аман,
Екеўимизде соранамыз бир саўал,—

деп гәуириң Жәҳаншаға түсиндирип бир сөз айтады:

— Әй, Жәҳанша балам, үш жыл болды, бизлер талаптан қалып, биримиз қурбақаның көзине ашық болып,биримиз перийзаттың өзине ашық болып,бир-биримиздиң сөзимизди мақул таппай, екеўимизге бир әмин болмай,бир-биримизге сары жай алып атыўға мәжбүр болып турамыз.Егер сол қурбақаны сүўретлеп мақул тапсаң да,перийзатты сүўретлеп мақул тапсаң да,қайсысының жақсы екенин шешип берсең,саған рухсат беремиз.Егер шешип бермесең,қаныңды ишип,етиңди кәбапқа тартамыз,— деди.

Жәҳаншаның қашып қутыларына жай жоқ. Алысайын десе, жалғызлық басына келип, әўеле қурбақаны мақтайын,соңынан перийзатты мақтайын,екеўине де жақсы тил менен сөйлеп,бул жайдан азат болайын деп,жигиттиң басына қара түнлер туўып,үлкен ағасы екен Сапит гәўир деген,иниси екен Салыр гәўир деген,ортаншысы екен Акбар гәўир деген,қолында сазы болмаса да,аўзында сөзи, үлкен ағасы Сапытқа қарап, көп оқыўдың арқасында мәрт болған Жәҳаншаның бир сөз айтқан жери екен:

— Мәрт Сапит,өзиңсең дүньяда палўан,
Жаҳанды титиреттиң,иштиң қызыл қан,
Өте алмай сергиздан болды көп кәрўан,
Залымды жылатып келтирдиң аман.

Дәрдиңнен жылаттың халықты зар-зар,
Алтынның кәниди сенде дүнья-мал,
Ашықлық өткенди бенде басынан,
Сүйгенини көрер хәрким миясар.

Бул айтылған Жәҳаншаның сөзлери,
Қыздан жақсы қурбақаның назлары,
Сүйипсиз дүньяның жақсы мақлуғын,
Ақылыңды алып еки көзлери.

Жәҳаншаның саған етпек налышы,
Қабыл болғай мендей жетим көз жасы,
Сүйгенине хәр ким кеўил береди,
Қурбақа халқының көзлери жақсы.

Есит,гәўир аға,айтқан сөзимди,
Бүлкилдеп тамағы тартар өзиңди,
Жарасар дизеңе қонса бүлбүлдей,
Сен сүйипсең қурбақаның көзини.

Жыласам ерийди таўлардың тасы,
Сүйгениң дүньяда кеўилиң қошы,
Қондырыпсаң қурбақаны дизеңе,
Қап-қара дүрлердей көзлери жақсы.

Бул сөзди Жәҳанша айтқаннан,гәўир мыйығын тартып бир күлди.Сол ўақтында күлгенин көрип, жигиттиң кеўли жай болып,Салырдың дизесиндеги перийзаттың қасы-қабағына,жупқа додағына, аппақ қардай тамағына,алмадай бетине қарап,бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Саўаш дейип сайлап миндим әреби ат,
Жамалыны көргенлердиң кеўли шад,
Балдан татлы сол сөйлеген тиллери,
Ҳәр назында қылар жүз мың минаққат.

Жәҳанша бул жайда жаман өкинди,
Дизеңе алыпсаң бир қызыл гүлди,
Бунындай перийзат жәҳанға келмес,
Сулыўлығы ҳүрдиң қызы секилли.

Еки беттиң жанар айда шырағы,
Қасына минәсип жаўдыр қабағы,
Пистеден артықты жуқпа додағы,
Аппақ қардай перийзаттың тамағы.

Дүрден зыят айтқан бунының сөзлери,
Буралғанда жаның алар назлары,
Доланып киргенде гүлдей қойнына,
Жақын екен бул арыўдың өзлери.

Бул гәплерди Жәҳанша,
Сырлап туўры айтқанда,
Еки гәўир сол ўақта,
Бир-бирине қарады,
Меники енди туўры деп,
Меники енди жақсы деп,
Меники енди мақул деп,
Бир-бирине кәллеғарлар,
Оқты тартып қалады.
Жүрегинен тийген оқ,
Жаўырыннан шығады,
Гәўирдиң қаны шағлады,
Тура сала орнынан,
Бир-бирине жете алмай,
Тентиреклеп екеўи,
Еки жерге қулады,
Даладай қызыл қан болды,
Тилин тислеп гәўирлер,
Тап сол жерде жан берди.
Перийзатты Жәҳанша,
Тутайын деп турғанда,
Ашық екен бул есик,
Кемпирдейин тоңқаңлап,
Секирип-секирип шоңқаңлап,
Бул мәртлердиң қанына,
Қалды дейип турғанда,
Қурбақа да жоқ болды.
Қуйыға таман перийзат,
Шырлап жылап қашады,
«Буған не бәле болды?» деп,
Жәҳаншадай батырды,
Сонда қара басады,
«Я өңим ба,я түсим бе,
Қайдан шығып кетемен?» деп,
Бир есикке барады.
Есикти ашып Жәҳанша,
Бир дәлизге киреди,
Жәҳаншадай палўанның,
Көзинен ақты қанлы жас,
Шығалмастан жүргенде,
Алды жақтан келеди,
Заңқылдаған бир ҳаўаз.
Жәҳаншадай бул батыр,
Ақылына киреди,
Гиржек даўысы секилли,
Ол даўысты еситип,
Оны тыңлай береди.
Жақын барса Жәҳанша,
Намасының бирақ та,
Аяғы жоқ,басы жоқ,
Ғыйқылдаған бир даўыс,
Қапыны ашып жиберсе,
Қан еңиреп көзинен,
Ағып турған жаслары,
Бойы екен бес аршын,
Ени екен еки аршын.
Ҳәр бармағы бир аршын,
Зәҳәрден екен тырнағы,
Барлық жерин жүн басқан,
Қарап тур екен ол заңғар,
Төрт көз йиттей секилли.
Буны көрип Жәҳанша,
Киргенине өкинди,
Өкинип турып Жәҳанша,
Сәлем берип ол затқа,
Әдеп сақлап турады.
Сазларды ол шерте алмай,
Қайта-қайта бул бәдбақ,
Қулындайын ышқырып,
Боз-боран болып жылады,
Жәҳаншадай бул палўан
Бир-еки аўыз сөз айтып,
Бабаның сазын сорады:

— Жаным баба,есит мениң арзымды,
Жасларға толтырдым еки көзимди,
Айрылмастай ул болайын өзиңе,
Маған бергил қолыңдағы сазыңды.

Бабажан,еситкил дүньяда зарым,
Әрман менен сарғайыпты дийдарың,
Бир шертейин,баба,қолда сазыңды,
Тарқатайын кеўилиңниң қумарын.

Терейин мен бағларыңның гүллерин,
Ура Төбе мениң өскен еллерим.
Алып бергил бул сазыңды қолыма,
Мен билемен бул сазыңның тиллерин.

Бул гәплерди айтқанда,
Батыр туўған Жәҳанша,
Екиленип бул баба,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәҳаншаға қарады,
«Өлген балам усы ма» деп,
Ҳайран болып турады.
Сазды берди бул баба,
Жәҳаншадай батырға,
Сазды қолға алған соң,
Оқыған еди келлеғар,
Шертип еди Жәҳанша,
«Қайдан маған берди» деп,
«Балам тирилип келди» деп,
Жылай берди зар-зар.
— Дүнья, билсем, жалғанды,
Кеўлиме салды әрманды,
Жәҳанша атым менин деп,
Жаңалап қойып атыны,
Гүлдей болып түрленип,
Баламның өзи келгенди,
Ол сөйлеген ўақтында,
Еситтим буның арзыны,
Минекей енди шертеди,
Сол баламың сазыны,
Атыны қойып Жәҳанша,
Танытпай турған шығар,
Елим Ура Төбе деп,
Бул перзентим өзимниң,
Қолларыңнан айлансам,
Тиллериңнен айлансам,
Минекей шертип турыпты,
Ўах, баламның сазын, —деп,
Жылай берди бул баба.
Аянбай шертти Жәҳанша,
Алпыс еки намаға,
Гә күледи бул баба,
Гә жылайды бул баба,
Күшлилиги сазының,
Жети жола жылатты,
Жети жола күлдирди,
Сазенделигин бабаға,
Жәҳанша әбден билдирди.
Жәҳаншаның алдында,
Кеўилин ашып бул баба,
Түрли таҳам келтирди,
Гүлгүн шарап келтирди,
Балы менен қаймақты,
Алма менен әнарды,
Жәҳаншадай батырдың
Алдына үйип толтырды.
Таң атқанша бул баба,
Жәҳаншаны сыйлады,
Сыйласа да бул баба,
Жәҳаншаға бир сөзди,
Айтайын деп ойлады,

Бул Жәҳанша қыстанып,
Бабадан руқсат сорады,
Сорай берип не деди:
— Арзымды есит қулақ салып, жан баба,
Сениң өзиң мәрт туўғансаң жәҳанда,
Қараңғыны серпип таслар шамшырақ,
Шығар күнлер бар ма жақты дүньяға?

Ата дейип қабыл қылдым өзиңди,
Дәртлер шегип сарғайтыпсаң жүзиңди,
Бул дүньяның шамалы еди әрманым,
Көрмек бар ма жарық күнниң көзини?

Атым еди Жәҳаншадай мәрт палўан,
Әзәзүл алдады, Үсенбек кәрўан,
Ҳийле менен салды мени қудыққа,
Дүньяны қылғанды сол залым зиндан.

Жетегине тарттырғанды бир мың нар,
Қуйыға таслап, жаттым көп ўақ зар-зар,
Қырық бир қаўға маржан алып қолымнан,
Алмай кетти мендей мәрттен ол хабар.

Көрсем енди Үсенбектей кәрўанды,
Жүрегиме салды қайғы-әрманды,
Қырық бир шелек маржан алып қолымнан.
Кесип кетти кетеринде арқанды.

Қудықтың ишинде болдым сергиздан,
Өрлеп шықтым қазып қойған текшеден,
Таўып алып бир есикти ашқанман,
Бир сарайда отыр екен еки адам.

Сәлем берип туттым оның атыны,
Маған айтты екеўи де шәртини,
Ашық екен қурбақаның көзине,
Бири ашық сулыў қыздың өзине.

Мени көрип олар болды бийқарар,
«Қайсы жақсы?» дейип бизге айттылар,
Тәрийип қылып екеўин де мақтадым.
Қарап турып бирин-бири атты олар.

Қурбақаны қылдым жиберип азат,
Көзиме көринбей қашты перийзат,
Ашып едим сизиң турған есикти,
Сазыңды еситип болды кеўлим шад.
Келип бердим, баба, сизге бир салам,
Сазыңды шертип-ем, тарқаттым әрман,
Яки өлтир, яки күлдир, өзиң бил,
Айтқан сөзим усы сизге, бабажан.

Әне, сонда баба мыйығын тартып күлимлеп, Жәҳаншаны қушақлап бир сүйип, көзинен жасы моншақлап, «ойнар еди менин балам Тилладар» деп, Жәҳаншаға айтар екен бир жуўап:

— Жәҳаншасаң, саған айтар арзым бар,
Сазды шертип тарқатқансаң сен қумар,
Бүлбүл киби бул сазымды сөйлеттиң,
Басгенеме салдың, бала, қайғы-зар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балам өлип,тар келгенди дүньялар,
Бойларын сағынып болдым интизар,
Ойнар еди мениң балам Тилладар,
Барды,билсең,жалғаншыда Жәҳанша,
Тарқатар едим мен дүньяда қумар.

Балам,тағы есит мениң зарымды,
Жолларында пидә қылсам жанымды,
Жалғаншы дүньяда илимиң тасқан,
Минермедиң сол баламның дарыны?

Жолыңда тасаддық бир қасық қаным,
Бойыңды көргенде кетер әрманым,
Тилегиңди сениң бәржай етейин,
Бул сөзимди қалай көрдиң,султаным?

Бул сөзди баба тамам еткен соң,Жәҳанша мыйығын тартып күлип,бабаның ғәрип кеўлин шад етип,бабаға қарап бир сөз айтады екен Жәҳанша:

— Шын атамдай көрдим сениң тәрзиңди,
Қәҳәр қылсаң сарғайтарсаң жүзимди,
Ата дейип кеўил аштым өзиңе,
Қалай сындырайын сениң сөзиңди?

Жолыңда тассадық бир шыбын жаным,
Күнниң жүзин көрмек мениң әрманым,
Қолыңа алсаңа тилла нақыра,
Тарқатайын,жан атажан,қумарым.

Жәҳанша дейдилер дүньяда атым,
Көрсетейин бойымдағы ғайратым,
Қолларыма алып илим китапты,
Мен қылайын сениң кеўлиңниң шадын.

Бул гәплерди айтқанда,
Бес гилтти баба қолға алып,
Нақыра-сазды оңғарып,
Жәҳаншаны ертип,
Бир дәрўазаға барады,
Бес гилтли қулыпларды,
Ашып сонда бул баба,
Дәрўазаны тартады.
Шығып батыр қараса,
Жүз танаплық бағы бар,
Сәрҳәўизи және бар,
Сәрҳәўиздиң бойында,
Шасыпасы және бар,
Қызыл гүли ашылған,
Сары гүл муқамға жеткен,
Алма-әнарлар пискен,
Түрли гүллер жайнаған,
Таң қалғандай сулыў бағ,
Бул бағлардың ишинде,
Қурылып тур тилла дар,
Бундай жақсы ойынға,
Жәҳанша еди интизар.
Батыр туўған Жәҳанша,
Бабадан туўған баланың
Қызыл кийимин кийеди,
Бир түймеден иледи,
Ләңгерди алып қолына,
Баба енди сол ўақта,
Сазенде еди геллеғар,
Дәпти алып қолына,
Түрли-түрли жолларға,
Баба қағып қалады,
Дарға минген Жәҳанша,
Арқанның ол үстинде
Зырлап кетип барады,
«Усы емес пе балам» деп,
Баба ҳайран қалады,
Гәҳи күлип,жылады.
Алпыс түрли ойынды,
Ойнап палўан шаршады,
Дардан түсир киятса,
Жәҳаншаны қушақлап,
Көтерип алып бул баба,
Шасыпаға қондырды,
Түрли таҳам келтирип,
Бабаны да күлдирип,
Тағы оны жылатты.
Шарап ишти бул бағда,
Илиминиң күшинен
Билиминиң көбинен,
Сол ақшам көрди рәҳәтти.

Таң атқан ўақта баба кеўлин ғамға толтырды, батырға таҳам келтирди. Таҳамды жеп болған соң:

— Дүньяның соңы ялғанды,қолымнан сазды алғанды,түрли-түрли жолларға,баламның сазын шалғанды, балам енди тап тирилип келгендей болғанды. Шерте алмай болды баўырым қан ол баламның сазларын.Баламның сазын шерткен соң Жәҳаншаны қушақлап,сүйдим гүлдей жүзини, «өлгенимше айырылмастай маған бала бол» деп қабылладым өзиңди.Еситти енди Жәҳанша мениң айтқан зарымды,дедим «ойна баламның дарыны»,шықтым енди бағыма,минди баламның дарына, шийрин жанды қыйнады,баламның дарын ойнады.Селкилдетти баламның минген енди ол дарын, тарқатты мениң қумарым.Балам болды өлгенше айнанайын Жәҳанша,неге аяйын мен жаным.Акбар енди бул атым,Жәҳаншадан мен сорап,питкерейин мурадын,— деп енди бул баба келип турып сол жайда,Жәҳаншадай батырға ҳал-аўҳал айтып зарлады:

— Арзымды есит,Жәҳаншадай,әй,жаным,
Жалғаншыда недур сениң әрманың?
Кеўлиңдеги мурадыңды етейин,
Әрманыңды айтқыл маған,палўаным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәхим етейин көзден аққан жасыңды,
Сениң ушын сарп етейин күшимди,
Кегиң болса бул жәханның жүзинде,
Мен жетейин душпаныңның басына.

Сенсең сүйген мениң енди перзентим,
Сазлар шалып,қылдың,балам,хүрметим,
Жолларында жаным пидә қылайын,
Айтқыл маған кеўилиндеги нийетиң.

Душпаныңды жылатайын зар-зар,
Мен барғанда хәркимлерге дүнья тар,
Мен берейин қолларыңа бир белги,
Мендей атаң саған бәрхама дәркар.

Бул сөзди айтып баба Жәханшаға шаппат яңлы бир терини қолына берди.

— Түрли-түрли хат жазылған,хәр ўақ усы терини басыңа ис түскен ўақта шақпақтың оты менен түтетип жибер.Бул тери мениң бабамның бас териси.Жаханда түрли-түрли адамзатлар тап болады. Хәр адамда бир шәрт болады.Бул терини шақпақ пенен тутатсаң,ийиси мурнымызға барады.Буны пинхам сақла,балам,— деп қайта-қайта айтып,Жәханшаның төс қалтасына өз қолы менен салды. Салып турып, Жәханшаға қарап, «кимлерден азап көрдиң, мақсетиңе жеткизейин» деп, бир сөз айтады:

— Жигит арыў көрсе көзи жайнайды,
Бул жәханда теңи менен ойнайды,
Ғапыллықтан сен түскенсең қудыққа,
Жалғыз адам ҳасла бийдәрт болмайды.

Питкерипсең илимханлық шәртинди,
Ура Төбе деп бир айттың елиңди,
Мен берейин душпаныңның дадыны,
Аянбай айт,балам,маған сырыңды.

Қылыш урсаң саўаш күни ағар қан,
Әзәзүллер я қылды ма бийәрман?
Ҳийле менен салып енди қудыққа,
Әрманыңды айтагөргил,жан балам.

Сол ўақытта Жәханша,ақыллы дана еди,«бир адамды сынасаң үш сына» деген сөз бар.Бул жерде кәрўанның қылып кеткен қылўасын атама айтағойсам,қой дегениме қулақ салмай,кәрўанларды жер менен жексен қылар.Кәрўанға жеткеншелли жаманламай барғаным жақсы болар.Бәрибир адамның тилине бирде түсинсе,бирде түсинбейди,кәрўан менен сөйлескенимизди билмей,бул гәўир ан-таң болар.Жақсы сөз айтып,изине қайтарып жибергеним мақул болар.Мен тири,аяқ үстинде барағойсам, қаяққа қашарын билмей, кәрўанбасы аяғыма бас урар. Қыйын күн туўса кәрўан басына салайын дүньяны зиндан,— деп,хәр жерлерден тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Ата,қулақ салғыл айтқан сөзиме,
Қәдем қойсақ кәрўанлардың изине,
Татарели еди мениң сапарым,
Ашық едим Асқар ханның қызына.

Мен минбедим өз елимде әреби ат,
Зәўрияны көрсем болар кеўлим шад,
Тезирек алып барың мени кәрўанға,
Зәўрияға алып едим көп саўғат.

Көзимнен ағады күйсем қанлы жас,
Кәрўанға мен болдым елимнен жолдас,
Сизлерден ол қорқып қашып кеткенди,
Алып барсаң,мениң болар кеўлим хош.

Яр жолында несийбемди теремен,
Атам дейин сизге кеўил беремен,
Миндирсең арқаңа мендей баланды,
Жан атажан,ғайратыңды көремен.

Барсаң,кәрўан көрип жылар зар-зар,
Жүреги шайылған бақтықаралар,
Айбат урма арысландайын ақырып,
Жүреги жарылып шөллерде қалар.

Кәрўан қылар маған қорқып зыяпат,
Сарпайлар жабады баҳасы қымбат,
Алып барсаң кәрўанларға тезирек,
Перзентиңниң сонда болар кеўли шад.

Бул гәплерди айтқан соң,
Баяғы енди гәўир бабаң,
Шақалақлап күлимхан болып,
Бабаның кеўли йош урып,
«Әне,әне,әне» деп,
Қуўатын жыйнап бул баба,
Арыслан киби ақырды,
Қайта-қайта келлеғар,
Әрўақларын шақырды.
— Изиме,балам,ер,— деди,
— Ғайратымды көр,— деди,
— Сен арқама мин,— деди,
— Тыңла,балам,сөзимди,
Өзим күлген ўақтымда,
Ашагөрме көзиңди,—
Дейип сонда бул баба,
Ғамға кеўлин толтырды,
Жәханшадай баланы,
Арқасына миндирип,
«Қайда,қайда кәрўан?» деп,
Изин алып басады.
Кәрўан узап кетипти,
Кеткели енди кәрўанның,
Көп мәҳәли өтипти,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеше-күндиз айланып,
Жетиленши күнинде,
Ылғал енди үлкен жол,
Сегбир тартып бул кәрўан,
Шақалаклап күлип баратса,
Ол артына қараса,
Бир қара шаң көринди,
Қара шаңның астынан,
Минардайын тербеңлеп,
Адамдайын ербеңлеп,
Өзи қара, мурты ақ.
Төрт көзли ийт секилли,
Барлық жерин жүн-барақ,
Әзирейлимекен деп,
Жәбирайылмекен деп,
Басыма келген дүньяда,
Көринген бәлемекен деп,
Көрип енди кәрўанның
Тула бойы ийеди,
Қорыкқанынан бийшара,
Дамбалына сийеди,
Иши оттай күйеди,
Қайта-қайта қарады,
Соңғы қарап жиберсе.
Әрманлары бөлинди,
Жаўырнының үстинде
Маңлайы айдай жалтырап,
Еки бети гүл жанып,
Жәханшадай баласы,
Күлимлеп сонда көринди.
Жәханшаның мәртлигин,
Көрип, билген бул кәрўан,
Күле шырайлар берип,
Киятқанын көрген соң,
Қылып кеткен исине,
Қатты қылды пушайман.
«Бәрекелла, дүньяда,
Нешше жыллардан бери,
Мен саўдагер бәзирген,
Оқымаған бенделер.
Болады екен хәм ладан.
Қорықпай енди барайын,
Бул бәлениң артынан,
Көтерипгене алайын,
Аяғына бас урып,
Ғапыл болдым балам, деп,
Қайта-қайта жылайын»,
Дейип сонда Үсенбек,
Секирип түсип атынан,
Еңиреп жылап бүгилди,
Көзинен жас төгилди,
Жәханшаға жүгирди.
Залым туўған Үсенбектиң
Көзинен жас моншақлап,
— Қәтелик болды, шырағым,
Қатты қорықтық гәўирден,
Хәр кимниң жаны жан екен,
Бағда ашылған қызыл гүл,
Ендигисин өзиң бил, —
Дейип енди бабаның,
Арқасынан қушақлап,
Жәханшадай баланы,
Көтерип алды Үсенбек.
Гернай-сырнай тарттырып,
Шатыр қурды сол жайға,
Төсек төсеп Үсенбек,
Нардай болып мардыйып,
Отырады бабасы,
Гүлдей болып доланып,
Отырады баласы.
Еки қолы көкиректе
Әдеп пенен сол ўақта,
Хызметлер қылды ол залым.

Сол ўақта гәўир баба кәрўанның не халда Жәханшаны қуйыға таслап кеткенлигин сорап, бир сөз айтты:

— Ақыл хайўан түнде жоллар баслады,
Ладан адам қумар көзди жаслады,
Арзымды есит, балам болған Жәханша,
Кәрўан сени қуйыға неге таслады?

Суў орнына бул дүньяда иштим қан,
Нешшениң дослығы жәханда ялған,
Айтқыл маған бул кәрўанның пейлини,
Не себептен кесилипти қыл арқан?

Таў басында ашылады лалазар,
Жалғыз қалса адам тартар қайғы-зар,
Алып енди хинжи менен маржанды,
Не себептен алмай кетти бул хабар?

Ашыўлансам кәрўанларға дүнья тар,
Алмай кеткен сендей мәрттен хеш хабар,
Бул қуйыда өлип қалсаң кәйтеди!?
Мен ойласам, бул кәрўанда сумлық бар.

Бул сөзди баба тамам еткен соң, Үсенбек кәрўанның жүзлери қызарып кетти. Буны көрип Жәханша Үсенбекке бир-еки аўыз сөз айтты:

— Әй, Үсенбек ата, мен жетпис журттың тилин жети жыл оқып билген едим. Бул гәўир сумлық етип, сизлерди қырмақшы. Сол себептен мен «қуйыға өзим хәўес болып түстим», деп айтайын. Бул хәзир мениң не себептен қуйыда қалғанымды сорап тур. Сонлықтан буның үстине бир шекпен сарпай жап. Бул бәледен зыянсыз қутылайық, ата, кетип баратырып өкпе-гийнени айтармыздағы, — деп Үсенбекти жубатып, бабаға қарап бир-еки аўыз сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Гәўир ата,сизге айтар арзым бар,
Кәрўанды жаманласам,саларсаң қайғы-зар,
Қуйыда қалғаным саған айтайын,
Нәмәрт адам шийрин жанды қайғырар.

Көзиңнен ақпасын,ата,қанлы жас,
Қудыққа түспеге әйледим хәўес,
Нәтийжесин мине көрдим илимниң,
Сизиң менен дос болыппыз айрылмас.

Ақылсызлық етип қашқан бул кәрўан,
Бурын өткен ўақта нешше таланған,
Қоррыққан адам бул жайларда тура ма?
Өкпе қылма,айланайын атажан.

Тағы айтсам сен атама пинҳам сөз,
Адам мәрт болмаса қалмайды жалғыз,
Исенемен бул дүньяда күшиме,
Көп оқыған мениң өзим билимпаз.

Ялғаншыда теңим менен ойнадым,
Сиз бенен дослықты сонда ойладым,
Кете берсин енди кәрўан дейип хәм,
Қыл арқанға тасты сонда байладым.

Көп турғанда кетер еди ҳал-дәрман,
Қорқып қыстағанды Үсенбек кәрўан,
Мен минип отырдым тастың үстине,
Жақсының ўәдеси болмайды ялған.

Барып шерттим балаңыздың сазыны,
Дәрўаз ойнап мен таныттым өзимди,
Балам дейип қушақладың белимнен,
Өптиң мениң гүлдей болған жүзимди.

Мениң өзим бир қыз ушын әрманда,
Өзим себеп болып қалдым қуйыда,
Алып келдиң мени бунда арқалап,
Душпан болса бундай хызмет қыла ма?

Бул сөзди еситип,Үсенбек кәрўан бунының жақсы сөйлегенин билип,Жәҳаншаға кеўили толып:
— Әй,балам Жәҳанша,жақсы сөз айтқан болсаң жақсы дә бундай гәўирге,— деп оған қарап бир-еки аўыз сөйлеп турған қусайды:

— Болмағай дүнья маған тар,
Салмағай бир күн қайғы-зар,
Миңгир-миңгир сөйлейсең,
Қәйткенде мынаў қуўанар?
Жаным шығып барады,
Қаным шығып барады,
Урсаң найза өтпейди,
Салсаң қылыш батпайды,
Өзи адам жабайы,
Ашыўланса бул залым,
Адамзаттың бул «ўай»ы,
Буған енди берегөр,
Жақсы ат-тон,сарпайды,
Қутқарагөр бәладан,
Асайық таў хәм жырадан,—
Дейип сонда Үсенбек,
Қайта жылай береди.
Сол ўақтында Жәҳанша
Сазайыңды тарт дейип,
Алтын қубба қара нар,
Үстине арттырып жемислер,
Бойына болғандай сарпай,
Берип енди гәўирге,
Узатады Жәҳанша.
Сол ўақтында Үсенбек,
Бул жерден дәрҳал көшеди,
Жәҳаншадай батырды,
Гебежеге миндирип,
Есерлик пенен жол жүрип,
Татар елге жөнеди.
Үсенбектей бул кәрўан,
Қорыққанынан сол залым,
Ақ-есинен айырылып,
Өзине суўлар жуқтырмай,
Жәҳаншадай батырға,
Көп гүрриңлер айтады,
Хәр бир шәртти етеди,
Жәҳаншадай бул палўан,
Гә инанып сөзине,
Гә инанбай сөзине,
Кәрўан сөйлей бергенде,
Қайырыў бермей өзине,
Бир күн тамам жол жүрип,
Бир булаққа түседи.
Жақсы таҳам қылдырып,
Гүлгүн шарап ишкирип,
Мәс болған соң Жәҳанша,
Жигитти қара басады,
Кәрўанға қарап сол заман,
Жәҳанша бир сөз айтады:

— Ата,бирге гездик шөли-даланы,
Дүнья дейип таслап кеттиң баланы,
Қырық бир шелек маржан бердим өзиңе,
Усы шөлде үлесемиз дүньяны.

Атымды айтады Жәҳанша палўан,
Жақсылық шықпайды сендей кәрўаннан,
Көкбулақ басында ишип шарапты,
Ортаға қойғансаң қылыш пенен нан.

Саўдагердиң жоқдур хасла ўапасы,
Ой екенғой бәлент таўдың саласы,
Сатылар ма бул дүньяның жүзинде,
Адамзаттың енди сүйген баласы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыдырған жерлериң тау менен тастан,
Рәҳим етпей кеттиң көздеги жастан,
Бала деген адамзатқа қымбатлы,
Перзент барда көринер ме жер,аспан?

Қолымнан шарапты симирип ишкен,
Залымсаң,дүнья деп баладан кешкен,
Сен қолымнан алып лалы-маржанды,
Ҳаслың саўдагерди,арқанды кескен.

Қуйыда қалдырып,жылаттың зар-зар,
Неге қылдың ялғаншыны маған тар?
Қалай көзиң қыйып тасладың мени?
Саўдагерсең,көзиң топыраққа толар.

Өтириктен сен айтасаң алланы,
Саўдагер табады қайғы,бәланы,
Саўдаласса еки журтты жаў етип,
Саўдагерлер айырады араны.

Нарларына теңлеп жүкти артады,
Пайда тапса мақтанышы артады,
Ели-журтын қорғалаған батырды,
Дүнья болса,қара пулға сатады.

Бул сумлықтан салдырдың ба ақ сарай?
Ишмерездиң ақыбети болар ўай,
Ата-бала қыяметлик дос болдық,
Неге таслап кеттиң мени уялмай?

Жылай-жылай көзден ақты қанлы жас,
Ладанларда болмайды екен ақыл бас,
Бар адамды теңдей көрип,сен кәрўан,
Болмайман дедиң бе ақыр енди дус?

Қылышымнан шаштым енди қызыл қан,
Сениң ушын аямадым шийрин жан,
Қылған жақсылықты енди ойламай,
Ендиги сөзиңди айт,Үсенбек кәрўан.

Сол ўақта кәрўан көзин жаслады.Түсленбекке кәрўанлар сол жерге қосын таслады.Алдына тахамды қойып,Жәҳаншаның ылғый усы кәрўанның ишинде жаман көретуғын адамларын жаманлап: — «Сениң бир балаң ушын бәримиз өлемиз бе?» деп,олар түйелерди таслап кетти,гәуирлерден қәўип қылып,қайтадан айрылмастай дос болайық,— деп,Үсенбектиң жалынып айтқан сөзи екен:

— Үсенбек кәрўанның саған бар арзы,
Орынын таппайды жалғанның сөзи,
Көп ишинде арыслан киби ақырдың,
Аўдарылды жигитлеримниң жүзи.

Сениңдей бир нешше мәртлер де қалған,
Жалғыз аттан шықпайды екен ҳасла шаң,
Беглериме айттым ҳәр түрли сөзди,
Мендей атаң сөзи ҳасла болмаған.

Тыңламады,көп жылады зарымнан,
Кәўип әйледи халқым енди жанынан,
Жалғыз тарттым сонда сендей батырды,
Не келеди мендей ғарры қолынан.

Кеттик бизлер Ҳәсер таўлардан асып,
Тарталмай жыладым сол жерде сасып,
Көп ишинде ким екенин билмедим,
Биреўи жиберди арқанды кесип.

Жылаған бенденин кеўлини алдым,
Қудықтың басында бир өзим қалдым,
Не де болса кешир мениң гүнайым,
Алалмай қудықтан ойларға талдым.

Сеннен айырғалы жүрмен зар жылап,
Үш күн тамақ татпай тек сени ойлап,
Ҳәр таҳам изинен атыңды ядлап,
Жүрмен жаратқаннан жүримиң тилеп.

Дос емести ҳәтте мениң өз елим,
Сениң дәртиңнен де шектим көп зулым,
Көрип жамалыңды енди қуўанып,
Жәҳанша,дәрдиңнен бүгилди белим.

Мендей мәртке дос емести бизиң ел,
Әжел жетпей солмас бағда қызыл гүл,
Өзиң болғыл мал дүньяның ийеси,
Ендигисин,Жәҳаншажан,өзиң бил.

Саған қабыл болсын жыйған дүнья-мал,
Ҳәр сөзиң шектирди маған қайғы-зар,
Жалғыз қызым барды,аты Гүлнәҳәр,
Керек болса,мен берейин ықтыяр.

Жаманлық әйлесем,маған айт нәлет,
Күйеў ҳәм болады енди ул перзент,
Сениң енди мурадыңды көрейин,
Тап усылай болса болар кеўлим шад.

Кәрўан сөзин тамамлағаннан кейин,Жәҳанша батыр:

— Әй,ата,жан ҳәм,ләбиз ҳәм аўыздан шығады.Қайта-қайта шәрт еттиң,ўәделерди берк еттиң,яки бул гәплерди қорқып айттың,яки сүйип айттың,«сабырлы муратқа жетер» деген сөз бар,сабыр қыла берейин,душпаншылығың өзине болар,саған айтар сөзим бар,— деп,бир-еки аўыз сөз айтты Жәҳанша:

— Әй атажан,саған айтар арзым бар,
Енди жаманлықты көрме миясар,
Егленип жатпайық енди бул жайда,
Татар елге биз қылайық тез сапар.

Ақылымды бул жәҳанға керемен,
Ат қуйрығын жадыр шөлде өремен,
Жаманлық әйлесең мендей палўанға,
Онда,ата,сазайыңды беремен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хызметинде енди ғайрат саламан,
Туўғаныңнан енди зыят боламан,
Мен де едим бир адамның жалғызы,
Көп саўдалар өтти,ата,арадан.

Буннан барсақ Шынытатар елине,
Жаманлықты мен алмаспан кеўлиме.
Хызметиңде,атажаным,өлемен,
Қайтар дейип келтирмегил кеўлиңе.

Дәртин айтып муңлы болған жылайды,
Арыў қызлар зыя-зулпын тарайды,
Бурынғыдан менде қалған әдет бар,
Бир-бирине жолдас болса сынайды.

Ғош жигитлер теңи менен ойнайды,
Батырлар халық ушын жанын қыйнайды,
Қылмысыңа ашыўланбас перзентиң,
Сынасқанның хеш айыбы болмайды.

Несип болса,ата,сүрермен дәўран,
Нәмәрттиң баслары кетпейди ғаўдан,
Тарт түйени,егленбегил,жан ата,
Биз асайық алдыдағы көп таўдан.

Бул гәплерди айтып хәм,
Жәханшадай ғош жигит,
Кәрўанның кеўлин қылды шад,
Хәр бир оның сөзине,
Үсенбек айтты рахмет.
Кернай тартты Үсенбек,
Кәрўанды қоймай көширди,
Нарлар кетти талпынып,
Жигиттиң кеўли йош урды,
Питкердим бе дейип хәм,
Залым кәрўан бул шәртти,
Жанында жүргизбеди,
Баяғы он жигитти.
Батыр туўған Жәханша,
Жекке баратырғанына,
Қайта-қайта ойланды,
«Не қылмақшы залым» деп,
Изин енди ойлады,
Кеўлине ақыл торлады.
Бир ярым күн жол жүрди,
Бир булаққа келеди,
Келип турып бул кәрўан,
Астындағы нарлардың,
Буйда жибин услады,
Әйдархадай ысқырып,
Ол булақтың басына
Тағы да қосты таслады,
Қой семизин сойдырып,
Жәханшадай батырды,
Шарап,тамаққа тойдырды.
Жәханшадай батырдың,
Еки көзи жанады,
Қатты уйқылап қалады,
Атаңа нәлет Үсенбек,
Барып булақ басына
Жайнамазын таслады,
Қәлемди қолға услады,
Ақ қағазға хат салып,
Түрли-түрли сумлықты,
Залым кәрўан ойлады,
Ойлады да үйине
Хат жазыўды баслады:
— Әй,хаялым,хаялым,
Саған айтар көп зарым,
Ура Төбе елинен,
Шығып едик далаға,
Барып түстик бир жайға,
Ушырадық сол жерде,
Жәханша деген балаға,
Хәр сумлықты көрсетти,
Қыя майдан далада.
Қырық қарақшы жайынан,
Аман-есен өткен соң,
Алтын қудыққа жеткен соң,
Қумар көзди жасладым,
Қутыларман ба оннан деп,
Алдап қуйыға тасладым,
Гәўхар менен маржаннан
Үйип майданға шашладым,
Жыйнап алып дүньяны,
Нарларды салып гүзарға,
Оннан қаша басладым.
Ол қудықтың ишинде,
Болған десем қара жер,
Тири екен геллеғар,
Бир жаман гәўир бар еди,
Өзи еди қан ишер,
Сол гәўирди Жәханша
Түйедей қылып ол минип,
Қуўып жетип кейнимнен,
Басыма салды қайғы-зар.
Өзим едим устакәр,
Ол гәўирге нар берип,
Ада болмас мал берип,
Алып қайттым сол жайдан,
Жәханша деген баланы.
Атсаң мылтық өтпейди,
Шапсаң қылыш кеспейди,
Палўан екен жүўермек,
Хешкимниң дады жетпейди.
Жүрген жерден шығар шаң,
Мениң менен ол келсе,
Дүньямды қылар тас-талқан,
Өзгенемди өлтирип,
Ийе болар мүлкиме,
Күйдим усы баладан,
Қалайынша қутыларман,
Бундай жаман бәладан?
Астына ат миндирип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үстине тон кийдирип,
Үш күн кейин бараман,
Кеўлиме алдым әрманды,
Сууға толтыр шабазым,
Үлкен сабын қазанды.
Барған ўақта күтип ал,
Өтириктен сен сүйип,
Беремен деп қызымды,
Әбден буны инандыр.
Қайнатып сабын қазанды,
Жыйна барлық қызларды,
Қызым болған Гүлнәҳәр,
Қылсын бәри қыз нашар,
Сулыў қызды көрген соң,
Жәҳаншадай батырдың,
Көзи отлардай жанар.
Ол қазанды қапталлап,
Қашсын сонда Гүлнәҳәр,
Нар түйедей ербеңлеп,
Қуўар изинен Жәҳанша,
Қазанға сонда қулайды,
Қақпақты басып үстине,
Еки қуты сабынды,
Қайнатпасаң,қатынжан,
Тири турса Жәҳанша,
Салады басыма қайғы-зар.
Мынаў мөрли қағазды,
Услатаман қолына,
Батыр аңқаў,ер гөдек,
Алып барар сәлемди,
Оқып көрип бул хатты,
Қызым менен екеўин,
Қыла гөриң бир хәмәл,
Айланайын қатыным,
Қызым болған Гүлнәҳәр,
Сулыў дейип сүйсинбе,
Жүўернемек бала екен,
Ким де болса салады,
Басына енди бәлени,
Азат қылың бизди сен,— деп,
Ҳаслы залым Үсенбек,
Бул хатына мөр басып,
Өз қойнына салады.

Кәрўан кеўлин жай қылып,жүк-әсбабын сай қылып,кер жорғадай тулпарға алтын ерди салады, алтын гирдиш хәм жүўен,жылаўлары хәмедан,ғалы-қоржын көйлекше,атты сулыўлап болғанша Жәҳаншаны оятып,гүлгин шарап иширип,өмирде көрмеген жипектен,мақпалы сахилаттан жақсы кийимлерден Жәҳаншаны безеп,атқа миндирип жаңағы,төс қалтасына сәлем хатты салып,ермеп-еплеп: — Әй,перзентим,сәлемнаманы бизиң үйге алып бар,— деп,малы-дүньясын да Жәҳаншаға инам қылып,айтты оған бир жуўап:

— Басқан жериң болсын,балам,лалазар,
Бойларыңды көрип атаң қуўанар,
Сенлик болсын бул дүньяда жыйған мал,
Татар елге аман барың,аллаяр.

Көрсен бизин елге мийриң қанады,
Барсаң душпанлардың иши жанады,
Сорасаңыз,белгилиди бизиң жай,
Жан анаңыз сизди күтип алады.

Сен барғанда Гүлнәҳәржан жаснайды,
Хатты көрип анаң кеўилин хошлайды,
Бағышладым Гүлнәҳәрдей қызымды,
Биз барғанша үлкен тойды баслайды.

Сеники әйледим тәнде шийрин жан,
Татарға барғайсыз илайым аман,
Той үстинде мурат етип барайын,
Енди балам,бүгин сеннен ырзаман.

Сени көрсе душпан кеўили жанады,
Гәлнәҳәрдей қыздан мийрин қанады,
Ашпа хатты ладанлықты сен қылып,
Анаңыз кеўилине мәлел алады.

Өтирик деп,ўах,болмасын кеўли тар,
Ақылы келте,шашы узын ол нашар,
Өзи жаздымекен дейип қәўинсинер,
Балам,бул сөзлерден болмай бийхабар.

Бул сөзлерди айтып хәм,
Узатады батырды,
Иззет етип бул кәрўан.
Батыр туўған Жәҳанша,
Кер жорғаны минген соң,
Ала қуйын,узын шаң,
Ат ойнатып барады,
Жәҳаншадай бул султан,
Кеўли тасып батырдың,
Хәр түрли қосық айтады,
Астындағы Кер жорға,
Жер танабын тартады,
Мәрттиң көзи жанады,
Батыр туўған Жәҳанша,
Ылғал тартып барады.
Бир ярым күн жол жүрди,
Бир жайларға қараса,
Ағып тур булақ суўлары,
Қурылған екен шасыпа,
Үлкен нәрўан астында,
Қызыл гүллер ашылған,
Ийиси дүр-дүр шашылған,
Сары гүл муқамға жеткен.
Жолда атқан кийиктин,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоржыннан етин алады,
Отты жағып ғош жигит,
Ғозға кәбап етеди,
Атты отқа байлады,
Шәмширин қойып қасына,
Шарап пенен кәбапты,
Жеп болып сонда ғош жигит,
Бир ойларды ойлады,
Өзинен-өзи сарналып,
Хатты алып қолына,
Ашпай турып сөйледи:

— Келген жерим гүллер менен лалазар,
Бул жерлерди көрсе ашық қуўанар,
Бул хатларда түрли бәле болмасын,
Ашып оқығанлар енди инанар.

Ладан болған мақтағанға нанады,
Жаман бир күн жанды отқа салады,
Жаман сөзлер болмаспекен ишинде,
Бул мөрлери бизиң қолдан келеди.

Болмас бундай сәлемлердиң тазасы,
Ишинде болмасын берер жазасы,
Шеберликте меннен өткен киси жоқ,
Өзим едим бундай мөрдиң устасы.

Батыр туўған Жәҳанша,
Көзи оттай жанады,
Қәлемди қолға алады,
Сыртындағы хатлардай,
Сыртындағы мөрлердей,
Атын қойып кәрўанның,
Қәлемин алып қолына,
Сонда жазып қалады.
Сәлем хатты пикерип,
Үсенбектен етип зыят,
Хатты қойып бир жерге,
Ашып таслап ол мөрди,
Оқып хатты көреди.
Түрли-түрли әңгиме,
Басын шайқап ғош жигит,
«Қандай болды талай?» деп,
«Билгенимди қылайын» деп,

Тәселле берип өзине,
Үсенбектиң хатыны,
Салып қойып дәптерге,
Өзиниң жазған хатыны,
Салып енди қойнына,
Шынытатар қалаға,
Ҳешнәрсе келмей ойына,
Ат ойнатып жөнейди.
Атқа қамшы салады,
Дизгинин тислеп жәниўар,
Жер табанлап барады,
Ат шомылып терлерге,
Бас бармекен майданда,
Дал бедеў шапқан ерлерге,
Тәўекел етип барады,
Қыя майдан шөллерде.
Көп белдеўден асады,
Жигиттиң кеўли тасады,
Көзлери оттай жанады,
Бир ярым күн дегенде,
Татар деген еллердиң,
Бир шетинен қулады.
Тереӊ жылға,тереӊ сай,
Сыпсың питкен қарағай,
Жәҳаншаның алдында,
Аспан менен таласып,
Көринеди бир тоғай.
Ол тоғайды жағалап,
Баратырса Жәҳанша,
Ағаш түбин сығалап,
Яки алпыс жасында,
Яки елиў жасында,
Яки жетпис жасында,
Көп малларды қуўалап,
Шеңгел тырнап аяғын,
Себил қалған маллар деп,
Жүрген екен қан жылап,
Он беске жақын ғаррылар.
Биреўи айтып баласын,
Биреўи айтып ҳаялын,
Услап турып белини,
Бир нешшеси айтады,
Туўып өскен еллерин.

Жәҳанша аттың басын бурып,аяғын зәңгиге тиреп,булар бир патшаның адамы болмасын,- деп, күле шырай берип,бабалардың аўҳалын сорап,бир-еки аўыз сөз айтады:

— Ат мойнына тақтым тилладан тумар,
Көз жасынды көрип,болдым бийқарар,
Улы-қызың бенделердей айтасаң,
Не себептен жылай бердиң зар-зар?

Саўаш күни қылышымнан ағар қан,
Қуўдай болып сақалыңыз ағарған,
Гейбиреўиң зар жылайсыз,аталар,
Бул қайғының себеплерин айт маған?

Жәҳанша дейдилер мениң атымды,
Мен беремен залымлардың дадыны,
Белиң тутып,баба,неге еңирейсең?
Бирим-бирим айтқыл маған дәрдиңди.

Араладым Қаратаўдың тасыны,
Азатлыққа сарп еткенмен күшимди,
Бендемисең,өзгемисең,бер хабар,
Мен қаст етсем аямаспан ҳешкимди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Елим Ура Төбе,караўым Ғузар,
Бундай қан жыламас бизде ғаррылар,
Шенгел шаўып,кетпен урып,қан жылап,
Мийнет емес ғаррыларға миясар.

Бул сөзди айтқан ўақта Жәҳаншаның даўысы таўларда гүңиренип көп жерлерге жетти. Халықты азат қылған бир мәрт палўан келген усайды ғайыптан деп, бес жүз шақлы ғаррылар Жәҳаншаның дөгерегине жыйналып қалды. Ғаррылардың ишинде бир шешен Сарандиб деген киси бар еди. Ол киси: — Анаў-мынаў адам бизлердей бенде болған адамлардың аўҳалын сорамайды. Мына жигиттиң саясаты Рустемдей екен, буған ханға бенде болып, көп жылдан бери қайғыда жүргенимизди айтып қалайық,— деп, Сарандиб көпшиликтиң атынан Жәҳаншаға бир сөз айтқан екен:

— Арзымды есит қулақ салып,жан балам,
Залым патша бизди қылды сергиздан,
Қумар ойнап,утып алып малларды,
Қойларға қылғанды бизлерди шопан.

Бедеў минип бизлер сендей жайнаған,
Шәҳәрине көп маллларды айдаған,
Сатып енди қойлар менен түйени,
Утып алып,ўа,бизлерди байлаған.

Патшасының атын сорасаң Асқархан,
Шатыраш ойнап,бизди қылды сергиздан,
Ел-күннен айрылған бақтықарамыз,
Нешшемизди қылды залым падаман.

Таба алмаймыз ҳеш қашыўға оңайды,
Картайсақ та хызметтен ҳеш қоймайды,
Шаптырып жыңғылды бизге залымлар,
Бәримизди қойдай қылып айдайды.

Биримиз айрылған қатын-баладан,
Нешшемиз айрылған ини-ағадан,
Кеше-күндиз қуллар болып жылаймыз,
Азат қылар табылмады мәрт-султан.

Ғәрипке болмайды дүньяда тирек,
Көз жумып кетермиз бир күн бийдәрек,
Азат болсақ залым патша қолынан,
Көкиректе әрман қалмай өлер-ек.

Таў басында ашылмаған лалазар,
Бәриниң де кеўилинде қайғы бар,
Азат қылар бир мәрт палўан болса деп,
Ҳәммеси жылайды бәрҳа зары-зар.

Сол ўақтында Жәҳаншаның кеўили суўдай ерип, адам баласының әбигер болып жүргенин көрип: — Бундай да залым патша болар ма,мал-дүньясын утып алып,зорлығын,зулымлығын халыққа сән ушын көрсетип қойған шығар, мениң абырайым келип, бақтым келип, усы хан менен ойнасам, утқаныма қайыл болмаса,нардай күшим бар,жеткендей илимим бар,залым патшаны усылардан бетер қылып қойсам не болар екен,буларға халықты азат етиў ушын киятырғанымды билдирейин,— деп, бир-еки аўыз сөз айтып турған қусайды:

— Әй аталар,алдың ақыл-ҳуўышымды,
Рәҳим әйлермен көзде жасыңды,
Бақтым келсе мийнетимнен көрермен,
Тилей бериң мениң узақ жасымды.

Саят аңға жибереди туйғынды,
Султан киби көрдиң мениң бойымды,
Мен ҳәм енди бир адамның баласы,
Сизлер ушын мен қылайын ойынды.

Ғош жигиттиң саўаш болар ҳәўеси,
Қабыл болсын ғәриплердиң көз жасы,
Патшаңызға барып ойын салайын,
Мен боламан өз елимде ойыншы.

Азат қылсам татар деген журтыны,
Жақсы айтпас ол ханыңның атыны,
Халық ушын мен қыламан көп ғайрат,
Таза қылсам пуқараның дәрдини.

Адамға келеди дейди бир дәўран,
Көп ишинде жақсы да көп,ҳәм жаман,
Тилей бергил тилегимди,ғаррылар,
Та көргенше қалың сизлер хош аман.

Дейип сонда Жәҳанша,
Ат ойнатып барады,
Жылап турған ғаррылар
Хош айтысып қалады.
Сәскеге шекем жол жүрди,
Сом алтыннан сырланған,
Көп минарлар көринди,
Тар қапылы датқа жай,
Көрмисхана,кең сарай,
Дығырық көше,тар көше,
Ҳәр жайлардың алдында,
Ашылып тур гүл-ғумша.
Ат басыны бурады,
Үсенбектиң сарайын,
Салтанатлы Жәҳанша,
Әдеп пенен сорады.
Көк сәллели бир адам,
Тутып аттың дизгинен,
Алып барды бир жайға,
Он еки түрли андаза,
Яқыт пенен блиаnнан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алтын менен гүмистен,
Нағыслатып таслаған,
Көринди бир дәрўаза.
Дәрўазаны қамшының,
Сабы менен урады,
Назлы бойыны бурап,
Көрген болар бийқарар,
Аяғын бир-бир басып,
Пери қызы секилли,
Шықты енди бир ҳаял.
Мөрли хатты қолына,
Узатады Жәҳанша,
Хат сыртыны ол оқып,
Қушағын ашып батырға,
Тартып алар болады,
Намыс көрип Жәҳанша,
Секирип аттан түседи,
Дәрўазадан киргенде,
«Қызлар!» дейип ол нашар,
Қайта-қайта шақырды.
Оң жағында алты қыз,
Сол жағында алты қыз,
Алтын тақыя басында,
Өзи он сегиз жасында,
Омыраўдан мойны гез,
Жәҳаншадай батырдың,
Дәл жанына келеди.
Көрип қойған ашықтай,
Атын айтып нешше қыз,
Ақ сарайдың ишине,
Жәҳаншадай батырды
Зер төсектиң үстине
Алып барып отыртып,
Хызмет қылды алдында,
Гүлнәҳәрдей сәрбиназ.

Бул хызметти қылғаннан кейин жети түрли таҳамды Жәҳаншаның алдына қойды. Таҳамды жеп болып, нар текедей керилип, гүлдей болып көсилип, басын қойып дастыққа, мәрт уйқыға киристи. Гүлнәҳәр менен анасы бир жайға кирип, сол ўақта сәлем хатты оқыйды. Оқып болып турғанда, күлимлейди Гүлнәҳәр, анасы деген бийшара: «Атаңның сөзин ал» деп, қызына бир сөз айтады:

— Арзымды еситкил Гүлнәҳәрдей жан,
Атаңыз жазыпты усындай салам,
Қабылласаң Жәҳаншадай мәртлерди,
Мен де, балам, сеннен сонда ырзаман.

Ата жүрмес баласының қастына,
Қызлар ашық бул жигиттиң дәстине,
Атаңыз, жан қызым, келмек болыпты,
Бизлер берген уллы тойдың үстине.

Той берип қылайық халықтың кеўлин шад,
Жүрегимнен шықсын әрман менен дәрт,
Қабылласаң, уллы тойды баслайман,
Атаңыз айтпақшы бизге рахмет.

Нешше қызлар тойсыз жылар енди зар,
Жәҳаншаға атаң көрген миясар,
Қабылласаң ол атаңның сөзлерин,
Жәҳаншаға бергил, балам, ықтыяр.

Сол ўақтында қыз күлимсиреп: — Атам ырза болса, анам ырза боса, теңим екен мәрт палўан, Жәҳаншадай жигит пенен сүрсем дәўран не әрман! — деп, анасына бир сөз айтқан екен:

— Жан анажан, саған айтар арзым бар,
Атамыз көргенди бизге миясар,
Келисим берсем Жәҳаншадай батырға,
Душпан жылап, дослар буған қуўанар.

Дослар айтар бул тойыңа рахмет,
Теңини таппаса қызға жаман дәрт,
Тойға мирәт етип ели-халықты,
Аянбай қылагөр досларға хызмет.

Батыр минген көкте ойнар әреби ат,
Тойлар тойлап халықтың болсын кеўили шад.
Мен барғанша уллы тойлар болсын деп,
Атам қылған шығар бизге бир нийет.

Усыны айтқан Гүлнәҳәр,
Уялған болып сол ўақта,
Анасының жанынан
Шығып кетти далаға,
Үсенбектиң қатыны,
Үш күн тойым бар дейип,
Жар салдырды қалаға,
«Үсенбектей кәрўанның,
Жақсы тойы бар» дейип,
Хабар етти жигитлер,
Қатын менен балаға.
Үсенбектиң қатыны,
Қой семизин сойдырды,
Адамларды жыйнады,
Наны-етке тойдырды,
Бақсы-жыраў айттырды,
Алтын қабақ аттырды,
Көргенниң ақылын алады,
Екеў-ара бир керсен
Майлы палаў үйдирип,
Жәҳанша менен қызының,
Ҳақ некесин қыйдырды.
Женгелери жәм болып,
Гүлнәҳәрдей арыўды,
Ярым ақшам ўақтында,
Жәҳаншаның қойнына,
Алып барып салады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нардай болып жараған,
Гүлнәхәр сулыў қыз еди,
Жәханшадай батырдың,
Мойынынан қушақлап,
Сүйкимлик пенен қарады.
Зер төсектиң үстинде,
Қылдай бели буралып,
Қыз бенен жигит қосылып,
Бир-бириниң қоллары,
Алмадай нәзик мойнына,
Айқасады оралып,
Гүлдей болып доланып,
Көргенниң ақлын алады,
Ендигисин айтып кәйтейин,
Буннан да қызық болады,
Күн қосылды ай менен,
Екеўи де доланып,
Таң сәхәрде турады,
Шарап ишти сол күни,
Гүлнәхәрдей сулыўдың,
Сийнесин басып қол менен.
Батыр туўған Жәханша,
Ырғып турды орнынан,
Семсерин иштен байлады,
Китабын салып қойнына,
Ҳасыл кийим кийинип,
Таўыс киби безенип,
Қоржынын ашып Жәханша,
Алтын менен билион,
Еки дана гәўҳарды,
Пинҳам салып қойнына,
Гүлнәҳәрдей сулыўға,
Бир сөз айтты Жәханша:

— Арзымды есит, Гүлнәхәрдей, әй, жанан,
Әрмансыз сүргенбиз сиз бенен дәўран,
Барып енди Аскар ханның жанына,
Берейин ханыңа тәңири сәлем.

Ашықлықтан мениң баўырым жанады,
Сени сүйип мениң мийрим қанады,
Бурынғыдан қалған дейди бул әдет,
Шеттен келген ханға сәлем қылады.

Ашық-машық мурадына жетеди,
Нәмәрт болған әрман менен өтеди,
Барып енди ол патшаның жанына,
Жалғыз жигит арзы-ҳалын айтады.

Сөзимди қабыл ет, сәўгили жанан,
Таныпқойсын мени ханың Аскархан,
Көрсем деймен патшаңыздың саўлатын,
Хан қасына қай жол менен бараман?

Бул сөзди Жәханша айтқан соң, Гүлнәхәрдиң шырайлары бузылып, жүрек баўыры езилип, Жәханшаға қарап:

— Ханның бир жаман әдетлери бар, өзиңдей жигитти көрсе, утып аламан деп, түрли ҳийлелер қылар. Мениңдей сулыў қыз сизиңдей жигиттен айрылар. Меннен де зыят патшаның Зәўрия деген қызы бар, патшадан болма сен бийхабар, — деп, бир-еки аўыз сөз айтады:

— Әй, палўаным, саған айтар арзым бар,
Сизге болдым себеп пенен мен дуўшар,
Барсаң сәлем берип ханның жанына,
Залым ханнан ҳәр бир сумлық табылар.

Татар елде сиздей жоқты хеш палўан,
Сизди көрсе сумлық ойлар залым хан,
Қумар ойнап сизди бенде қылмасын,
Тилегим сол — барып келгейсен аман.

Сиздей мәрт дейип ҳәм қылдым қайғы-зар,
Бир майдан көрмесем шыдамас қарар,
Ҳийле менен сизди бәнтке салмасын,
Ол патшаның, билсең, жүз мың жолы бар.

Гүналының қанын ишип тояды,
Барсаң бир шәртлерди саған қояды,
Ҳийле менен гәўҳарыңды алады,
Ғапыл болсаң, бир бәлеге салады.

Солдырмасын сендей мәрттиң гүлини,
Бийзар қылған Шынытатар елини,
Айтқанларын сен қылмасаң залымның,
Уяты жоқ, байлап қояр қолыңды.

Бул сөзлерди айтып ҳәм,
Жылай берди перийзат,
Сонда Жәханша сөйледи,
Сөйлей берип не деди:
— Ашылғанды, яр, гүлиң
Таппадым сениң хеш миниң,
Мыңға тайды қуўатым,
Байлар дейип қолымнан,
Қайғы қылма сәўдигим.
Еситпеймен дүньяда,
Ҳаял-қыздың мен зарын,
Саўаш жолында өлсем,
Жоқты мениң әрманым,
Бундай залым хан болса,
Саўаш мениң қумарым.
Атым мениң Жәханша
Өзим едим илимхан,
Ақыретти көп көрдим,
Сениң залым атаңнан,
Қылышласып өлгенге,
Бул дүньяда не әрман?!
Жаманлықты өзиме,
Қыла билмес Аскархан,
Бере берме қайғыны,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атаңа нәлет сен шаян!
Ат мойнына мен тақтым,
Саўаш күни тумарды,
Ханың менен мен ойнап,
Тарқатайын қумарды,
Тамашамды көрип тур,
Хан ойына қояман,
Атаңдағы мың нарды,
Қырық бир шелек маржан бар,
Ол қумардың жолында,
Қойдым оның бәрини,
Ол патшаның басына,
Мен саларман қайғыны,—
Дейип сонда Жәҳанша,
Өрре турды орнынан.
Хан қасына жөнеди,
Аяғын басып мәрдана,
Шекпенлери шықырлап,
Барып кирди Жәҳанша,
Ерик деген қалаға.
Барып батыр қараса,
Асқар деген ол ханы
Зер жығалы султаны,
Айбалтасы қолында,
Қырық жигити оңында,
Қырық жигити солында,
Жипек ғалы астында,
Шасыпаның үстинде,
Тамақлары қалтырап,
Сөйлесе бар жер гүўилдеп,
Отырған екен Асқархан.
Барып турып Жәҳанша,
Ханға сәлем береди,
Сәлемин әлик алып,
Ашыўланса бул ханның,
Саўытлары сөгилип,
Қарады сонда батырға,
Залым патша тигилип.
Қарап турса Асқархан,
Жаўырынлары қақпақтай,
Билеклери тоқпақтай,
Аўзы-мурны оймақтай,
Сөйлеген сөзи қаймақтай,
Сыпаты Рустем секилли,
Жәҳаншаны көреди.
Жәҳаншаны көрип ҳәм,
— Қайдан келген мәрт екен,
Сорамай келди жаныма,
Өзи арыслан мәрт екен,
Қалмайын наҳақ қанына,
Буннан жуўап сорайын,
Қайсы елдиң баласы,
Қайсы ханның төреси,—
Дейип енди Асқархан,
Бир сөз айтты сол ўақта,
Жәҳаншадай батырға:

— Қус салғаным бәлент таўдың саласы,
Питпейди екен жаман сөздиң жарасы,
Саясатың көрсем шери-арыслаңдай,
Сен боласаң қайсы елдиң баласы?

Таўларымда барды жолдың дәрбенти,
Ғош жигиттиң ҳеш қайтпасын дәўлети,
Сен усайсаң бир жақсының әўлады,
Ҳаслың кимди,қайсы байдың перзенти?

Шыным айтсам,сени көрип болдым таң,
Жалғыз аттан шықпас ҳасла енди шаң,
Я саўдагер,я бәзирген,кимсең сен?,
Аты жөниң ким болады,жан балам?

Ашық сорар назлы ярдың кәндини,
Сәлем берип,жаздың мениң дәрдимди,
Баян әйле маған келген журтыңды,
Ырас айтқыл,балам маған атыңды.

Ашылғанды мәртлигиңнен бул бағың,
Сен асқансаң Ҳәсерлиниң көп таўын,
Қайсы елден қайсы елге келгенсиз?
Айтқыл маған кеўлиңдеги ниетиң.

Сол ўақтында Жәҳанша ханға қарап,келген елин,ислеген талабын,жүрген бағытын баян етти:

— Ғош жигиттиң қайтпас енди гийнеси,
Қус салғаным бәлент таўдың саласы,
Атым сорсаң — батыр туўған Жәҳанша,
Ҳаслым менин Ура Төбе қаласы.

Шығысымды мен айтаман тартынбай,
Шәҳәр гездим өмиримде бир тынбай,
Өзим сорасаң,даңқым шыққан саўдагер,
Атам атын сорасаңыз — Сәңгилбай.

Гүналыға патша қурар енди дар,
Душпан көрсем енди салдым қайғы-зар,
Қырық мың түйе дүнья барды қолымда,
Өзим саўдагермен,талабым қумар.

Арыў сүйдим,ашықлықтан шегим бар,
Ләбизиме инанады адамлар,
Ойнағанда қырық бир адам гүўалы,
Шатыраш ойнаў мениң ҳаслы кәрим бар.

Көзиме көринбес мал менен дүнья,
Астымда бар мың түменлик бир жорға,
Ол қумарда шарбаялық табылар,
Мен қояман алпыс әминди гүўа.

Бул сөзди айтқаннан Асқархан «жигит болсаң сондай бол» деп,еки жола отырып-турды орнынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәҳаншаға қарап,ортаға қоятуғын дүньянды айт,- деп бир гәп айтты:

— Мәрт Жәҳанша,саған айтар арзым бар,
Бул қумарға дәркар болар дүнья-мал,
Қара нардың айтқыл маған санины,
Сөйлейгөргил,каным қызды,геллеғар!

Адалар болмаған дүньяда малым,
Неше нар болады алтын ҳәм зериң?
Шатыраш ойын болар қызыклы сонда,
Мен қояман ойынға дүньяның бәрин.

Бул гәплерди айтыўдан,
Сол ўақтында Асқар хан,
Жәҳаншадай батырың,
Қойнына кол салады,
Еки дана гәўҳарды,
Жарқылдатып алады.
Ханда жоқты бир гәўҳар,
Болып қалды Асқархан,
Сол ўақтында қара жер.
Басындағы жығасын,
Тажы менен тахтыны,
Ҳәўли менен ҳәремин,
Малы менен дүньясын,
Бәрин есап еткенде,
Жеткере алмады халқы,
Бир гәўҳардың баҳасын.
Нешше жылқы,түйесин,
Бенде болған адамлар,
Ғәзийнеде барлық зер,
Нешше батпан алтынлар,
Көргенниң ақылын алады,
Бир гәўҳардың баҳасы,
Жыйнағанда Асқархан,
Баҳасы зорға болады.
Асқархан менен Жәҳанша,
Енди ойнап қалады,
Қол бермейди бул ханға,
Гүўалар ҳайран болады,
Ләбин тислеп Асқархан,
Қайта-қайта Жәҳаншаға,
Таңланып ол қарады.
Хан шаўқымды салады,
Ойнаўшыларды жыйдырды,
Көп дүньяны үйдирди,
Өзиң көрген Жәҳанша,
Китапты қолға алады,
Рәсимли жерин оқыса,
Хан буған ҳайран қалады.
«Келгенде бала деп едим,
Мен жолықтым дүньяда,
Дуўахан бир бәлаға,
Тажы-тахтан айрылып,
Жалғыз қыздан айрылып,
Жумыры белден майрылып,
Болар болдым бийнаўа»,—
Дейип сонда Асқархан,
Қумарды ойнай береди.
Асқарханның адамлары,
Хан утты деп даўрығып,
Көп шаўқымлар салады,
Жәҳаншаның адамлары,
Булар да шаўқым салады.
Жәҳаншаның тәрепи,
Дым көпшилик болады,
Асқарханның адамлары,
Бәри ортада қалады,
Келген еди қызыққа,
Отын шапқан адамлар,
Қойды баққан шопанлар,
Түйе баққан сәрўанлар,
Малды баққан падашы,
Жәҳанша утыпты деген,
Шаўқым жерди жарады.
Еки дана гәўҳарды,
Батыр туўған Жәҳанша
Қалтасына салады,
Күйип жүрген көп адам,
Ханды ортаға алады,
Сөз мазасы қашады,
Апыр -топыр болады,
Ханға дерек адамды,
Өзиң көрген шопанлар,
Қуўып жүрип өлтирди.
Сол ғана жерде Жәҳанша,
Бир адамды аяқтан
Тутып сонда алады,
Айландырып,керилип,
Ханның басынан салады,
Күйип кеткен Асқархан,
Еки аяғы тәррийип,
Силеси қатып қалады,
Асқарханның өлигин,
Шопан менен падашы,
Отын шапқан бийшара,
«Сен бе хан?» - деп сабайды.
Жәҳаншадай батырдың,
Енди бақты келеди,
Берген енди жығасын,
Утылғанда Асқархан,
Басына кийип алады,
Тахқа минди сол жайда,
Жәҳаншадай мәрт палўан,
Ханлық саўлатын тутып,
Бийлигин елге жүритип,
Халық пенен биригип,
Бай,патшаны жоқ етип,
Дийқанларды шад етип,
Бенде болған адамларға

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жақсы сарпай кийдирип,
Ҳәр қайсына бир түйе,
Шадлық пенен Жәҳанша,
Бенде болған нешшеге,
Рухсат етти Жәҳанша.
— Барың енди елиңе,
Ийе болың үйиңе,
Хошлық болсын сизлерге,
Рахмет айтың бизлерге,—
Дейип енди Жәҳанша,
Бенде болған халықты
Еллерине узатты.

Ендиги сөзди еситиң,
Үсенбектей кәрўаннан.
Нарларыны тарттырып,
Атларыны киснетип,
Қоңыраўын жаңғыртып,
Дүмдимлери жер жарып,
Келе берди Үсенбек.
Жәҳаншаның бар еди,
Ол жанында кеңесши,
Кеңесшилерди шақырып,
Аш арысландай ақырып,
Бир сөз айтты досларға:

— Дослар,қылдым бүгин сизге енди зар,
Жәҳаншаның сизге айтар арзы бар,
Келиң беглер,көк темирди кийиңлер,
Жақын келди қайғы салған кәрўанлар.

Ашылғанды бизиң бағда қызыл гүл,
Ҳәр сөзим бар,палдан шекер,енди дүр,
Байлап келиң Үсенбектей кәрўанды,
Мал-дүньясын қалдырмастан алып кел.

Ҳәммең болың мендей мәртке қолқанат,
Ләшкерлердиң мен қылайын кеўилин шад,
Алып келиң мал-дүньясын алдыма,
Онда барды өзим берген аманат.

Инанбаңыз кәрўан басы сөзине,
Ол әзәзүл күлип қарар жүзиңе,
Айбат пенен саўдагерди келтириң,
Услап әкеп бериң оны өзиме.

Халық ушын көзим толды қан жасқа,
Достым дейип кирдим қыйын саўашқа,
Алып келиң Үсенбектей кәрўанды,
Көрсетемен халқым сизге тамаша.

Бул гәплерди айтқанда,
Батыр туўған Жәҳанша
Кеңесгөйлер бас ийзеп,
«Мақул» десип турады,
Ҳәр бир айтқан сөзине,
Әдил екен батыр деп,
Халық изине ереди.
Ләшкериниң ишинде,
Қайтпас темир билекли,
Өзи нардай жүрекли,
Бес жүз жигит бар еди,
Қайсар деген басшысы,
«Болсын,палўан,сөзиң» деп,
Бес жүз жигитти ертип,
Үсенбектиң алдына
Ат ойнатып жөнеди.
Аттың жалын тарады,
Отыз бирден,қырық бирден,
Кәрўанның сыртын ләшкерлер,
Шуўлап енди орады.
Үсенбектей кәрўанның,
Басына күнлер туўады,
Жанбасыны бурады,
«Жазғаным бәле болды» деп,
Маңлайына урады.
Қайсар жақын келгенде,
Шабылғандай ҳәмиўлеп,
Тутылғандай ләлеўлеп,
Қайсарға қарап сөз айтты,
Үсенбектей бул кәрўан:

— Қайсар палўан,есит мениң арзымды,
Перзент болып көп жеп едиң дузымды,
Сенде,балам,жетпис мыңдай ҳийле бар,
Панайыңда сақлап қалғыл өзимди.

Сеники болсын мынаў жыйған дүнья-мал,
Алтын арқан ортадағы қуба нар,
Жалғыз қызым тағы болсын сеники,
Панайыңда,жан перзентим,сақлайгөр.

Исенегөр,балам,мениң сөзиме,
Инанбағыл бир саяқтың сөзине,
Кимлердиң ол жақсылығын биледи?
Қайым тапса қумлар қуяр көзиңе.

Астына миндирдим оның тулпар ат,
Сарпай берип,кеўилин қылдым оның шад,
Болмаған бәлаға гириптар қылып,
Ҳеш ўақтында шықпас оннан қәсийет.

Бул сөзди кәрўан басы айтқан ўақтында Қайсар түсин суўытып,«саўдагердиң сырын мен билемен» деп,Үсенбекке қарап айтқан сөзи екен:

— Наҳақтан қас қылмас Жәҳанша палўан,
Кимлерди күлдирген дүньяда кәрўан?
Саўдагерден шықпас ҳасла қәсийет,
Халықты алдаўың бурыннан қалған.

Мен билемен,сенсең Үсенбек кәрўан,
Алып берди Жәҳанша қырық бир шелек маржан,
Қатыныңа сумлық сыпат хат жазып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кимлерди қылмадың өзиң сергиздан.
Жәҳанша емести енди бийнаўа,
Халықты азат етти тек жалғыз өзи,
Сендей болып қызықпады дүньяға,
Өз қолынды өзиң байла,әй,кәрўан.

Қарамайды сениң аҳыў-зарыңа,
Сен қалғансаң талайлардың қанына,
Обал-саўабынды өзи айтады,
Алып барайын Жәҳаншаның жанына.

Дейип сонда ол Қайсар,
Үсенбектей кәрўанның,
Қамшы менен басына,
Керилип турып салады,
Думаланып жығылып,
Залым кәрўан қулады.
Аяққа салып буғаўды,
Тумлы-тустан оқ атып,
Мал-дүньясын шуўлатып,
Алып барып сарайға,
Нарларыны қамады,
Алтын менен гүмисти,
Зери менен атласты,
Ғәзийнеге салады.
Халық алдында сөйлетип,
Беремен деп жазасын,
Үсенбектей кәрўанды,
Дийўаны менен молласын,
Дуўагөйи,хожасын,
Алып барып Жәҳанша,
Бир зинданға қамады.
Ертеңгисин таң атты,
Дослары келип жанына,
Досларына мәрт қарап,
Сонда әдил сөз айтты:

— Дослар,саған айтар енди сөзим бар,
Залымның дәртинен халқың қан жылар,
Патша менен ийшан-молла үн қосып,
Оларға да қуўат болар саўдагер.

Көзимнин аққанды бул қанлы жасы,
Халықлар ушын мәрттиң қызар саўашы,
Қулақ салың,дослар,мениң сөзиме,
Жәҳаншаның сизлерге бар кеңеси.

Атлар қойдым залымлардың торына,
Қамшы урсам,қан сорғалар қойнына,
Ели-халықлар бул жерлерге жыйылып,
Кәрўанның гүнайын қойсақ мойнына.

Еткенине жүрек-баўрым жанады,
Қайымын тапса,халыққа от салады,
Ортаға шығарып көрсек хатыны,
Айыбын ол өз мойнына алады.
Халықлар ушын енди қулаш керели,
Мәрт жигитке ели-халқы ереди,
Үсенбектиң тап өзини сөйлетип,
Оннан кейин жазасыны берели.

Ашық болған ышқы отына жанады,
Әзәзүллер журтқа әрман салады,
Жазған хатын өзи оқыса кәрўанның,
Зулымына ҳәмме адам нанады.

Туўры жолда сайлап миндим әреби ат,
Ханың өлди,халықтың болды кеўли шад,
Ғапыллықтан бенде болған адамлар,
Оларды әйледим мен келип азат.

Дүнья менен байлар халықты байлаған,
Дийқанларға қойып патшалар әрман,
Үсенбектей залым енди саўдегер,
Нешшелердиң қолын жипсиз байлаған.

Қамаўда жатыпты сансыз адамлар,
*Шопан-шолық арасында және бар,*
Көп адамды қылып еди қарыздар,
Нешшелери оның енди зар жылар.

Үсенбекке салдым енди аманды,
Мәрт жигит сөйлемес ҳасла ялғанды,
Алып келиң айдап оның бәрисин,
Шақырайық ҳәм хызметкер,дийқанды.

Бизден енди халықтың кеўили қалмасын,
Қазан урып,бағдын гүли солмасын,
Енди өлтириң залымларды дегенде,
Арасында дийқан жазым болмасын.

Усы сөзди айтқанда,
Жәҳаншаның ақылына
Дослары ҳайран қалады.
— Өзи екен саўатхан,
Өзи екен илимхан,
Кәрўанды қырың дегенде
Кетер еди бәри де,
Жылап турған көп дийқан,
Түйе баққан ҳәм сәрўан,
Бийшараның көз жасын,
Мәрт Жәҳанша тыңлаған,
Көп бир ойлы мәрт екен,
Шынытатар елинде,
Залым ханды өлтирип,
Журтларды қылды абадан,
Дийқан болған адамлар
Бенде болған адамлар,
Қутылды бәри бәладан.
Жәҳаншаның кейнине,
Мундай болса пейили,
Ҳәр бир халықлар ереди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дийқан менен пақырға,
Төрелигин береди,
Мийнет пенен табылған,
Мал-дүньяның адамлар
Рәхәтин көреди.
Ҳәзир енди кәрўанды,
Ортаға алып келеди,
Жәҳаншадай батырға,
Еткен хәмме сумлығынын
Жуўабыны береди,—
Дейип енди көп халық,
Шақалаклап күледи.
Сол ўақтында Жәҳанша
Жар салдырды қалаға,
«Бир тамаша бар» дейип,
Қаўасат енди түседи,
Қатын менен балаға.
Көп адамды қарасаң,
Шегип жүрген қайғы-зар,
Көп адамды қарасаң,
Бай-залымның қолында
Езилип жүрген адамлар,
«Бир қызық сөзлер бар» дейип,
Қала менен даладан,
Шубырады хаяллар.
«Жақсыны көрмек рәхәт» деп,
Ҳасасыны қолға алып,
Жәҳаншадай батырдың
Тилегин тилеп сол ўақта,
Келе берди бабалар.
Көргеннин ақлын алады,
Датқа жайдың ол алды,
Қызыл майдан далады,
Есабы жоқ,саны жоқ,
Көп адамлар жыйылды.
Буны көрип Жәҳанша,
Әбден халықтан шад болып,
Қайсар мәртти шақырып,
Бир сөз айтты Жәҳанша:

— Арзымды есит,батыр туўған Қайсарым,
Сениң ушын пидә болсын бул жаным,
Алып келиң Үсенбектей кәрўанды,
Халық ишинде орынлансын әрманым.

Үш күн болды,хеш болмайды қарарым,
Бенделердиң алың енди хабарын,
Халық ишинде Үсенбекти сөйлетип,
Тарқатайын,Қайсар палўан,қумарым.

Ўа,солмасын мың гүлиңнен бир гүлиң,
Батырлықта,мәрт Қайсарым,жоқ мининң,
Саўдагердиң көрип енди пейлини,
Тарқатайын мен сөйлетип,ўа,шерим.

Саўдагерден азар көрген халық бар,
Нешшелерге кәрўан салған қайғы зар,
Халықлар билсин саўдагердиң сумлығын,
Қумарыны бир тарқатсын дийқанлар.

Ашылғанды бизиң бағда таза гүл,
Жақсы сөз ғой адамзатқа,билсең,дүр,
Бес жүз атлы алып енди жанына,
Бирин қоймай ол кәрўанның алып кел.

Бул гәплерди айтқанда,
Батыр туўған Жәҳанша,
Қайсар қабыл алады,
Мәрттиң айтқан сөзини,
Қайсардың көзи жанады,
Көргенниң мийри қанады,
Ақ саўытқа ғарқ болған,
Урысқа басын сайлаған,
Белине қылыш байлаған,
Қарсы турған душпанды
Қойдай қылып айдаған,
Бес жүз атлы жигитти,
Алып Қайсар жанына,
Рәхим әйлемей сонда да,
Үсенбектей кәрўанның,
Көзинен аққан жасына,
Әждарҳадай шарбынып,
Барды дейди жигитлер,
Ол кәрўанның қасына.
Кәрўанға қарап бул Қайсар
Қәҳәрленип сөйледи,
Сөйлегенде не деди:

— Әй,Үсенбек,саған айтар сөзим бар,
Сағыныпты бизиң елде адамлар,
Шақыртпақта батыр туўған Жәҳанша,
Шопаның,сәрўаның енди қуўанар.

Ҳалын билмей адамыйзат майрылар,
Ушқыр қуслар қанатынан қайрылар,
Дийқан,шолық,сатып алған қулларың,
Көпшилик алдында сени айырар.

Қамшы урсам ағар жоя болып қан,
Бул дүньяда хәрким табар пейилинен,
Гүнасыз бендеге қылсаң жаманлық,
Көтермейди ол сумлықты хеш адам.

Қолларымда барды мениң сарыжай,
Қашқанлардың халы болар сонда ўай,
Барғанында туўры сөйле,Үсенбек,
Қыйсық сөзден хешким таппайды абырай.

Дийқанларың өтсин билгенин айтып,
Хызметкериң кетер муратқа жетип,
Жәҳанша мәрт шақырады,Үсенбек,
Татардың журтында халықты жыйнатып.
Сонда турып Үсенбек деди:
— Ығбалыма мен жылайман зар-зар,
Мың жасасаң,ақыр бир күн өлим бар,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кессе болмаймекен мениң басымды,
Өмиринше өсек қылар душпанлар.

Рәҳим етпедиң көзде жасыма,
Патша өзи,көрсетеди күшини,
Қайсар иним,сеннен ырза болайын,
Кесип алып барғыл мениң басымды.

Татып един иним болып дузымды,
Бир саяқ деп қарап қылдың өзимди,
Алып барма мени жыйын алдына,
Кес басымды,ойғыл еки көзимди.

Сонда Қайсар:

— Ағызбағыл,залым,көзде жасыңды,
Нетейин мен кесип ийттиң басыны,
Халық алдында барып енди сен сөйлеп,
Неге айтпайсаң енди қылған исинди?

Дейип енди жағадан,
Қайсар тартып жиберди,
Өзиң көрген Үсенбек,
Ет-бетинен жығылды,
Жаўырнына бир теўип,
Жулқып-жулқып турғызды,
Шекесине бир урып,
Туткынлардың тобына,
Үсенбекти киргизди.
Көргенниң ақлын алады,
Кәрўан менен дийўаны,
Молласы менен хожасы,
Шубатылып сәллеси,
Сәрўаны менен дийқаны,
Қойды баққан шопаны,
Хызметкери,қуллары,
Үш жүз адам жәмиси,
Сеп-сеп болып барады,
«Басыңа түсти кәрўан» деп,
Адамлар сөйлеп қалады.
Мойнында гүна болған соң,
Үсенбектей бул кәрўан,
Мойнын төмен салады,
Әне-мине дегенше,
Жәҳаншанын алдына,
Қурсап енди бул Қайсар,
Өкшелеп қуўып барады,
Атаңа нәлет кәрўаннын,
Дийқан менен шопанын,
Түйе баққан сәрўанын,
Қаратабан дийқанын,
Айырып бир жаққа алады,
Мәрттиң әдиллигине,
Халықлар хайран қалады.
Жәҳаншадай мәрт палўан,
Қойнындағы кәрўаннын,
Жазған хатын алады,
«Буны көрип қойың» деп,
Жәҳаншадай бул батыр
Ел-халқына қарады.
Үсенбектей ол кәрўан,
Қызыл гүлдей солады,
Қатыны менен ол қызы
Өксип-өксип жылады,
«Көзине қум» дегенниң,
Ҳәдди-есабы болмады.
«Көрип қойың хатты» деп,
Бир сөз айтты Жәҳанша,
Үсенбектей кәрўанға:

— Қулақ салып тыңла,Үсенбек кәрўан,
Көкбулақ басында турдым уйқыдан,
Мени көрип,сүйип қылдың хызметти,
Ҳасла сөзлериңнен етпедим гүман.

Гәхи ишкен асым болды қарақан,
Сөйлеген сөзлериң өтти бул жаннан,
«Айырылмастай дос болайық,балам» деп,
Ортаға қойғансаң қылыш пенен нан.

Маған миндиргенсең әўел қара нар,
Арыслантуй тусында жыладың зар-зар,
«Жылама,ата» деп енди мен айттым,
Мәртпен дейип сени сонда қуўанттым.

Сөзимди еситип енди болдың шад,
Астыма миндирдиң жүйрик тулпар ат,
Сөтилместей ақ саўытты кийдирип,
Қылыш берип,қылдың мениң кеўлим шад.

Атланысып келди сонда көп душпан,
Малыңның шетинен салдылар талан,
Қыйын күнде душпаныңды өлтирип,
Арыслandай залымнан қалдырдым аман.

Әжел жетпей бул паймана тола ма,
Ойлан залым,жас келтирип жылама,
Сақладым мен аман қалмас душпаннан,
Дослық деген буннан артық бола ма?

Талап қылдың Шынытатар журтыны,
Сонда айттың үш гәуирдиң атыны,
Қайғырма деп мен турғанда душпаннан,
Сонда жеңиллеттим сениң дәртинди.

Түйеге минип ҳәм жүрдик көп адам,
Саўаш күни қылышымнан ақты қан,
Бир нешше күн тағы алға жол жүрип,
«Қалай болды?» деп сен ойландың,атажан.

Талан қылдың Шынытатар журтыны,
Сонда айттың үш гәуирдиң атыны,

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қайғы қылма,ата,енди душпаннан»,
Дейип кеўил берип саған сөйледим.

Сен үйирип адамлардың пәтини,
Тағы айттың алтын қудық атыны,
«Ким түседи қуйыға?» деп жалтақлап,
Таза қылдың сол жерлерде дәртимди.

Батыр болып минип едим әреби ат,
Кеўилиниизден шықсын дедим қайғы-дәрт,
Сениң ушын басым байлап өлимге,
«Жибер қудыққа» деп сорадым руқсат.

Бул дүньяның соңын сорсаң ялғанды,
Солдырмағыл,дедим енди әрманды,
Толғанша алайын дедим маржанды,
Аталықты салып енди араға,
Кеспе дедим белдеги қыл арқанды.

«Таслама» деп мен жыладым зар-зар,
«Мендей мәртти таслап кетпең,залымлар»,
Аяғыма қыл арқанды байлатып,
Ол қудыққа қылдым енди тәўекел.

Аталығың бул жәҳанда ялғанды,
Алдың енди қырық бир шелек маржанды,
Жаўайырды сен толтырып жәҳанға,
Неге кесип кеттиң енди арқанды?

Китабымда бар еди ғой шарапат,
Салып кеттиң сол қудықта маған дәрт,
Ҳәр бәлени көрдим қудық ишинде
Ғайратымнан шықтым енди саламат.

Солдырыўға бағда өскен гүлимди,
Маған раўа көрип кеттиң өлимди,
Жанымды аямай енди оқыдым,
Таптым енди гәўирлердиң тилини.

Ақлады көзимнен енди қанлы жас,
Сен екенсең бул жәҳанда маған қас,
Әкпар деген гәўир менен ушырасып,
Айырылмастай оның менен болдым дос.

Қулақ салды гәўир айтқан сөзиме,
Рәҳим әйледи аққан көзде жасыма,
Шертип едим баласының сазыны,
Қәўендер болғанды мениң өзиме.

Илимниң күшинен шықпады жаным,
Саған жетпек болды мениң әрманым,
Баласындай гәўир мени арқалап,
Қуўып жеттим изиңизден кәрўаным.

Ағыздың көзимнен бул қанлы жасым,
Мен айтпадым сениң қылған бул исиң,
Айтағойсам ол гәўирдиң өзине,
Кеспеспеди сол жерлерде бул басың?

Саўдагержан,сени енди сынадым,
Көп сөз айтып мен гәўирди алдадым,
Мен сақладым сени залым гәўирден,
Сениң жоқты,әй,Үсенбек,ийманың.

Сен қоздырдың мениң тағы дәртимди,
Уйқылағанда сен жазыпсаң хатыңды,
Қайта душпан болдың мениң өзиме,
Мен беремен сениң енди дадыңды.

Қуйы ишинде сарғайтырдың жүзимди,
Өз-өзиңнен бермек болдың қызыңды,
Қатыныңыз ол қазанды қайнатып,
Сабын қылмақ болған екен өзимди.

Сен тарттырдың енди бир мың нарыңды,
Даўыслап оқығыл жазған хатыңды,
Адамзатқа реҳимиң жоқ саўдагер,
Халық билсин сениң ҳаслы-затыңды.

Жақсының изине халқы ереди,
Ғош жигитлер несийбеден көреди,
Ағайиниң,туўғанларың көп сениң,
Еситкен соң төрелигин береди.

Халық ушын күйип-күйип жанаман,
Көп ғана сөз өтти енди арадан,
Маған қаслық қылған усы исиңе,
Гүнайыңды енди халыққа саламан,—

Дейип енди Жәҳанша,
Сөзин қылды ол тамам.
Адамлар болды көп ҳайран,
Қорыққанынан бул залым,
Халқым сыйлармекен деп,
Даўыслап оқый береди.
Оқып жақын қалғанда,
Халық қозғалыс жасады,
Асқарханның бир қызы,
Айдай бети қырмызы,
Ҳүрдиң қызы секилли,
Сулыў еди қыз өзи,
— Атаңа нәлет сен кәрўан,
Мени атадан айырған,
Қандарымсаң енди сен,
Батыр екен Жәҳанша,
Ақыллы екен дүньяда,
Атаңа нәлет Үсенбек,
Себеп болдың атама,
Маған салдың қайғы-зар,
Ялғаншыда дос болмас,
Адамзатқа саўдагер,—
Дейип енди сол ўақта,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кескир қылышы бар еди,
Көзи оттай жанады,
Зәўриядай перийзат,
Үсенбектей кәрўанның,
Төбесинен салады,
Жайрап кәрўан қалады.
— Атадан туўдың, не болдың,
Мәртке кесир боласаң,
Сениң пейлиң зыянды,
Өлтирген абзал дүньяда,
Сениңдей уўлы шаянды,—
Дедидағы Зәўрия,
Гүлнәҳәрдей сулыўға,
Керилип қылыш салады.
Тең турып енди анасы,
Жанындағы молласы,
Бир шетинен қыйратты,
Кәрўанға дерек адамды,
Қырып енди бәрисин,
Ҳәўли менен ҳәремин,
Көпшиликке алады,
Халық тамаша көрген соң,
Қумар көзди жаслады,
Зәўриядай перийзат
Пердесини таслады.
Атасының залымлығын,
Саўдагерлер кәсапат,
Ийшан менен молладан
Шықпайды екен кәсийет,—
Дейип сонда Зәўрия,
Орамалын салып мойнына,
Жас сорғалап қойнына,
Жәҳаншаның өзине,
Ели менен халқына,
Қарап турып перийзат,
Бир сөз айтып таслады:

— Таўдың басы гүл ашылған лалазар,
Қыслыққанда адамзатқа дүнья тар,
Кешир гүнайымды енди, ели-халық,
Сизлерге айтар бир-еки аўыз сөзим бар.

Сөз тыңлайды ғош жигиттиң данасы,
Қыз нашардың болмас енди шарасы,
Мен едим ғой көп илимди оқыған,
Жақпас еди сол атамның қылўасы.

Жәҳанша екен ғой палўанның аты,
Елди абат еткен оның мурады,
Мен айтайын жан атамның сырыны,
Халықты қарап етпек еди нийети.

Сол себептен көп жыладым зар-зар,
Буны ойлап мен бир болдым бийқарар,
Шайтанлықты алар еди кеўлине,
Досты еди бул атамның саўдагер.

Қумарпаз болады рейимсиз адам,
Кимди айырғанды ата-анадан,
Кимлерди айырып жалғыз баладан,
Қумарпазлық ойнаў кәридур мудам.

Үсенбек едилер атамның жаны,
Халықты жылатпақ оның әрманы,
Нешше мәрт жигитти енди заялап,
Үйинде қайнайды сабын қазаны.

Үсенбек шарпыйды жақты дүньяны,
Қатыны алдайды гөдек баланы,
Жалғыз қызын ҳәркимлерге бир берип,
Байы менен тең табады дүньяны.

Булардың дәрдинен әлам жанады,
Қайнатады нешше бахтықараны,
Еситтиңиз жазған кәрўан сөзини,
Аямай мәртлерди отқа салады.

Жәҳанша екен ғой енди бийбаҳа,
Бундай палўан ҳеш келмеген дүньяға,
Ел-халықты қылып енди абадан,
Қырғын салды ийшан менен моллаға.

Бул бағымда ашылады лалазар,
Мени, халқым, мәламатқа қойманлар,
Бул дүньяда болсын мениң қосағым,
Жәҳаншадай мәртке бердим ықтыяр.

Күйгенимнен бул сөзди айттым уялмай,
Төсең енди дийқанларға кең сарай,
Той бериңиз енди халыққа болғанша,
Аш-арыққа кийдирейик бир сарпай.

Бул сөзлерди қыз айтты,
Өзиң көрген Жәҳанша,
Кеўили толып күледи,
Зәўриядай арыўдың,
Халықшыллығын биледи,
Батырдың кеўли болып шад,
Ертең сәске болғанша,
Халыққа берди ҳәм рухсат,
Жар салдырып жиберди,
Дүзеп енди салтанат.
— Он еки күн ойыным бар,
Он жети күн тойым бар,
Палўан болса, атшабар,
Бақсы менен сазшылар,
Қосық айтқан ҳәңгилер,
Қәлендер менен бәңгилер,
Жатқан енди ғаррылар,
Кийими жоқ жарлылар,
Қаратабан дийқанлар,
Қойды баққан шопанлар,
Түйени баққан сәрўанлар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тойға барған ўақтында,
Дәм татпаған хәм ладан,
Үлкен-киши демеймен,
Ғарры я жас демеймен,
Халқым дейип ойлайман,
Егер басты көтерип,
Келеғойса тири жан,
Ядларынан шықпастай,
Халықты енди сыйлайман,
Халықтың ғамын ойлайман,
Халқым менен мен бирге,
Өлгенимше жайнайман,—
Дейип сонда Жәҳанша,
Арысландай ақырып,
Батыр шаўқым салады,
Жар урады қалаға.
Жигиттиң кеўли ашылды,
Халық айтты сол ўақта:
— Жеткерер ме бизлерге,
Мунындай батыр-ҳасылды.
Бизлер енди көрмедик,
Ҳәргиз бундай сақыйды,—
Дейип сонда халықлары,
Айтқан батыр сөзине,
Халықлар қылды қанааат.
— Бул тойларға хызметти,
Таң азаннан биз келип,
Қыламыз бирге хызметти,
Бул тойларда ҳәзликти,
Көремиз,— деп төбе-төбе,
Қыла берди мәсләҳәт,
Солайынша шад болып,
Халық қайтты үйине.
Ертеңгиси таң атты,
Батыр туўған Жәҳанша,
Халықтың кеўлин хошлады,
Үлкен тойды баслады,
Тойлар болды парахат,
Нешше жерде саз шертип,
Нешше жерде бақсылар
Хызмет етти секирип,
Кишипейил жақсылар,
Алтын қабақ арттырды,
Бәйгиден атлар оздырды,
Тамашаны мол қылып,
Палўанларды туттырды,
Неше маллар сойдырды,
Қос табақлап тарттырды,
Ашы менен арығын,
Аралап жүрип Жәҳанша,
Өз қолы менен тойдырды.
Халыққа қылды хызметти,
Сан тиймеген адамларға,
Жақсы сарпай кийдирип,
Халықтың кеўлин шад етти,
«Халқым енди тойынсын» деп,
Тойды көп күнге создырды.
Той ишинде бул батыр,
Халыққа жақсы сөз айтады,
Залымнан көрген қорлықлар,
Ядынан шығып кетеди,
Кәмбағал менен дийқанлар,
Көп қызыққа батады.
Қызлардың кеўли болып шад,
Халқы болды дым абат,
Қашан бул болар екен деп,
Қыз бенен бул жигиттиң,
Қызығын көрсек еди деп,
Қызлар қылды көп үмит.
Өзиң көрген Зәўрия,
Алтыннан отаў қурдырды,
Маржаннан салып нағысты,
Алтыннан барды кәсасы,
Қуманлары гүмистен,
«Жәҳанша хабар алар» деп,
Тайын қылды Зәўрия,
Түрли-түрли жемисти.
Он алты қыз кәнизи,
Бар еди онын қасында,
Алтаў еди жеңгеси,
Жалтырайды өңиринде
Тумары менен теңгеси,
Қызлар қылды мәсләҳәт,
— Зәўрияның қойнына,
Усы күн салсақ күйеўди,
Болмаспеди кеўли шад,—
Дейип енди ол жерде,
Жеңгелер қылды мәсләҳәт.
Ярым ақшам болады,
Жәҳаншанын жанына
Жеңгелери сол ўақта,
Барып-қайтып турады.
Ал жигитлер асықпай,
Жаңғыртып бүлбил сеслери,
Журттың ғамыны ойлап,
Кетпеди ҳасла жанынан,
Кеңесши енди дослары,
Қыз-жигиттиң ҳаллары,
Мәлим еди ҳәммеге,
Жайлы-жайына адамлар,
Тарқасып енди кеткенде,
Пәр дастыққа сүйенип,
Жатыр еди Жәҳанша,
Халықтың ғамын ойланып,
Қыз Назым деген жеңгеси,
Дилўар еди келиншек,
Алты қыз алып жанына,
Әдеп пенен келип турып,
Сәлем берди батырға:

— Татар елин қылдың,батыр,лалазар,
Айбатыңнан зар жылады залымлар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтып келдим Зәўрияның хабарын,
Күйеўжан,келмесин кеўлине мәлал.

Өзиң келип,елим болды парахат,
Жетим-жесирлердиң кылдың кеўлин шад,
Күйеў бала,аўыр алма сөзимди,
*Сендей мәртти келсин,— деди перийзат.*

Қыз болады он сегизде бәркаман,
Гүлгин шарап ишип ярдың қолынан,
Тоққыз түрли тахам таяр турыпты,
Бизин менен жүриң енди,мәрт палўан.

Сизде барды Рустем киби,әй,ғайрат,
Сени ойлап бийкешжанның кеўли шад,
Алтын отаў,пәр төсекти салдырып,
Келсин,— дейип хабар етти перийзат.

Ашықтың пидәды яр ушын жаны,
Айдай сулыў Зәўрияның жамалы,
Алып барсам сиздей енди палўанды,
Жеңгеңиздиң сонда таркар қумары.

Жигиттиң мәрт болса шығады аты,
Усындай болады ердиң ғайраты,
Барып турып шарап ишсең қолынан,
Қызларды мәс етпек жигит мурады.

Ашылар бағыңның дүньяда гүли,
Мазалы ашықтың жәханда тили,
Алып барса ғош жигитти жеңгеси,
Толады батырдың жәханда кеўли.

Бойыңды көрмеге болғанман әрман,
Болып келдик сиздей мәртке мийирман,
Шад еттиңиз бизиң татар еллерин,
Тутсам қәйтер,күйеў,сениң қолыңнан.

Жылўа менен жеңгеси,
Айтып мынаў сөзлерди,
Мәрттиң тутты қолынан,
Қыстанып турған ол қызлар,
Тутқанымыз пайда деп,
Сүйкенгенимиз мурат деп,
Жигиттиң енди қолынан,
Өз жөнине каратпай,
Күлип қызлар тартады,
Жигит күлген ўақтында,
Жеңгеси мирәт етеди.
Жанындағы алты қыз,
Әбден кеўлин хошлады,
Қыз отырған отаўға,
Нардай болып шайқалып,
Жәханшадай мәрт палўан,
Енди адым таслады.
Көргенниң ақлын алады,
Қызлар менен Жәханша
Күлип-ойнап барады,
Аксарайдың алдына,
Жақынласып қалады,
Әсте-әсте бул қызлар,
Бирим-бирим қалады.
*Қыз да болса сол ўақта,*
Зәўриядай арыўдың,
Саясаты зор еди,
Сарайға кирип қосылып,
Жеңгеси қалмай жанынан,
Алтыннан ғой ақ отаў,
Есикти көтерип жеңгеси,
Сыңғырлап енди теңгеси,
Кейин бәсип кетеди.
Жәханша келип қараса,
Зәўриядай перийзат,
Қылдай бели бурылып,
Гүлдей болып таўланып,
Бир жақ жеңин көтерип,
Есик бетте перийзат,
Турды дейди уялып.
Мәрттиң көзи жанады,
Қызды көрип Жәханша,
Ашықлығын сөйледи:

— Тақыяң ушы дал ғана,
Ләбиң шекер пал ғана,
Гүмис сарай,ақ отаў,
Пәр төсектиң үстине,
Гүлдей болып долланып,
Кир қойныма яр ғана,
Аппақ қардай билегиң,
Дал мойныма сал ғана,
Айдай аппақ жүзиңди,
Палдан шекер сөзиңди,
Назлар қылып уялып,
Турма енди қыз ғана.
Қабылладым өзиңди,
Айдай жүзиң лалазар,
Мендей мәртти көргенде,
Сиздей арыў қуўанар,
Теңиң тапса қыз ғана.
Неге мунша уялар?

Бул гәплерди айтқанда,
Жигит көрмеген Зәўрия,
Сөйледи әсте назлана:

— Атғанаңды еситтим,
Нешше ўақлардан бери,
Мен де едим сизиңдей,
Батыр енди палўанға.
Бир көрмеге интизар,
Көрмеген қыз күйеўди,
Қандай да болса уялар,

Ашығына бир күни,
Машығы келип қосылар.
Шарап ишкен енди мәрт,
Дәрья киби тасады,
Өзим менин қыз нашар,
Қандай да болса Жәҳанша,
Сениндейин палўанның
Сусты мени басады.
Жүзлеримде барды кал,
Ләблеримде барды пал,
Сизиндейин батырға,
Нешше жыллардан бери,
Мен де едим интизар.
Толық кирдим жасыма,
Рәҳим әйле,ғош жигит,
Көзимниң аққан жасына,
Айдан арыў билегим,
Дастық болсын басыңа,—
Дейип сонда Зәўрия,
Күлимсиреп турады.

Сол ўақтында Жәҳанша,
Әсте ғана шешинип,
Аяқларын көсилип,
Турған енди мәҳәлде,
Баяғы енди Зәўрия,
Әдебин тутып турады,
Көргенниң ақлын алады,
Батыр туўған Жәҳанша,
Ынтығып енди барады,
Жеңилтекленип ғош жигит,
Қыз қасына барады,
Зәўриядай сулыўдың,
Мойнына қоллар салады,
Зәўрияның шорп еттирип,
Бетинен сүйип алады,
Сүйип алып сөйледи,
Батыр туўған Жәҳанша:

— Шынытатар елинде,
Бағман болып,ашығым,
Терейин таза гүлинди,
Айя,айя,әлине,
Сал қолыңды мойныма,
Алағойғыл қыз ғана,
Ҳәзир мени қойныңа,—
Дейип енди Жәҳанша,
Зәўриядай арыўды,
Төсекке тартып алады,
Мойнына қоллар салады,
Гүлдей болып долланып,
Құшақлап енди бир-бирин,
Қоллар белге оралды,
Ендигисин айтып нетейин,
Буннан да қызық болады,
Кеўилинде қалмай әрманы,
Әрмансыз сүрди Жәҳанша,
Таң атқанша дәўранды.
Ертеңгиси таң атты,
Ишип шарап қолынан,
Күндиз күни болғанда,
Халықтың ғамын ойлады,
Сулыў қыз бенен қосылып,
Үлкен тойды тойлады,
Батыр туўған Жәҳанша,
Татар деген еллерди,
Әдиллик пенен сорады.
Халықларын шад қылып,
Душпанларын мат қылып,
Еллери болды абадан,
Сүрип әрмансыз дәўран,
Әне-мине дегенше,
Тозған елди тазартып,
Халықларын байытып,
Елге өзин танытып,
Дәўран сүрип жүргенде,
Ай өткенин билмеди,
Күн өткенин билмеди,
Журт болған соң абадан,
Алты жыллар өтипти,
Сол ўақтында арадан.
Сорып ярдың кәндини,
Ярым ақшам ўақтында,
Қашты бир күн уйқысы,
Атасы менен анасы,
Ели менен көллери,
Түсип оның ядына,
Суўық демин мәрт алып,
«Уҳ» деген ўақта демине,
Қойнында жатқан Зәўрияның,
Зулпына дейин қозғалды,
Зулпы қозғалған ўақтында,
Қыз Зәўрия оянды,
«Неге суўық демини,
Алады екен палўан?» деп,
Ҳаялы жатып қыйналды.
Таң атқанша жатады,
Батыр туўған Жәҳанша,
Көп қызыққа батады,
Ертеңгиси турады,
Зәўриядай қыз нашар,
Назлы мойнын бурады,
Шарап берип батырға,
Зәўриядай перийзат,
Суўық демин алғанын,
Бир-еки аўыз сөз айтып,
Жәҳаншадан сорады:

— Яр,яр дейип дүньяда,
Жаздырдың сийнем бәндини,
Суўық демиң алғанда,
Қозғадың менин зулпымды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Яр,яр дейип дүньяда,
Бағышладым жамалым,
Сәҳәр ўақта аҳ урып,
Күйдирдиң мениң шырайым.
Таўланасыз қойнымда,
Неге бир жоқты қарарың?
Аҳ урасаң қойнымда,
Қыйылды мениң мәдарым.
Жәҳанша дейип атыңа,
Нешше жыл болдым интизар,
Ақ бетиме қал қойып,
Ләбиме қойдым енди бал,
Өз елинде алғаның,
Болып енди тағы да,
Гүлдей болған бул басым,
Атам ғарғап,дүньяда,
Болдым ба енди мен тоқал?
Бул гәплерди айтып ҳәм,
Муңайып турып Зәўрия,
Жылай берди зар-зар,
Көз жасын көрип Жәҳанша,
Болды дейди бийқарар.

Бул перийзаттың қапа болғанына, өзине интизарлығына Жәҳанша түсинип, қыздың кеўлин жубатып, ата-анасы ядына түсип, айралық дағына шыдамағанлығынан суўық демин алғанлығын баян етип, Зәўрияға сөзлер айтады:

— Жаздырғанман ақ сийнемниң бәндини,
Сүйдим сениң ләблериңниң кәндини,
Ата-анам түсип миниң ядыма,
Сағыныштан уҳ тарқанман сол түни.

Сизиң елде мен ойнаттым әреби ат,
Дәл қойныңа мениң болды кеўлим шад,
Туўған елим түсти мениң ядыма,
Ағайин екен ол жигитке қанат.

Ўа,солмасын мың гүлимнен бир гүлим,
Нашарлықта жоқты сениң,ўа,миниң,
Ата-ана шийрин болар жигитке,
Мен муңайсам,сен қыйланба,сәўдигим.

Дәл қойның бар гүлден ашық лалазар,
Қонғаныңда тарқамас хасла бир қумар,
Мен ҳәм едим бир кисиниң жалғызы,
Ата-анам дым көрмесе қыйланар.

Халық ушын жанға салдым мен зулым,
Өмиримше ойлағаным көп илим,
Рухсат берсең,өз елиме барайын,
Мен келгенше сабыр еткил,сәўдигим.

Ата-анам мени көрсе қуўанар,
Ярың бар деп,сен жылама зар-зар,
Руқсат берсең енди маған,сәўдигим,
Ғаррылардан алып келсем мен хабар.

Мени күттиң,гүлгин шарап иширип,
Сөйлемеспен енди сеннен жасырып,
Ата-анама болған болса қыйын ҳал,
Келсем қәйтер екен оны көширип?

Шашларыңды таллап-таллап өресең,
Мен келгенше халыққа кеңес берерсең,
Алып келсем атам менен анамды,
Буны ярым,енди қалай көресең?

Сол ўақтында Зәўрия әкеси келетуғын кисиге усап,көзлери жайнап,кеңес сорағанға кеўили толып, күле шырай берип, көзлери ойнап, ярын қуўандырып, нарлардың үстине гебежелерди қурып, қус төсеклерди салып, ғарры кислердиң азықлары болсын деп, пал-қаймақларды қутыға жайғастырып, «мениң бир сөзимди алсаң,атаң менен анаңа сәлемимди алып барсаң,айтқанымды қылсаң,руқсат беремен»,— деп Зәўрия бир сөз айтты:

— Сөйледиң,сәўдигим,ақылың керип,
Жигит болсаң,мудам жүргил ойланып,
Ата-анаң билип көрсин мендей келинди,
Кеткил ярым,мениң сүўретим алып.

Сен сөйледиң,мениң кеўлим болды шад,
Келсе қәйин атам,қыларман ҳүрмет,
Буннан кетер болсаң Ура Төбеге,
Ата-анаңа мендей қыздан сәлем айт.

Сен кеткенде қыйланады шийрин жан,
Журттым күтип,ойнап-күлип қаламан,
Халық бузылып,ел кетпесин бурылып,
*Кетер болсаң,саў келгейсең сен аман.*

Көп кешиксең,кеўлим болар бийқарар,
Сен кеткенде қыялланар душпанлар,
Ҳешким жоқдур бул жайларда тыңларға,
Сизге айтар бир-еки аўыз сөзим бар.

Сен минерсең узақ жолға әреби ат,
Жолда көп уйқылама,пәнди-нәсийҳат,
Қайсар деген батыры бар татардың,
Елде қойма,өзиң менен алып кет.

Сен кеткенде табалайды душпанлар,
Жазымлықта бизге салар қайғы-зар,
Өзиң менен Қайсарды да алып кет,
Узап кетсең,ондай залым ойланар.

*Бағларымда гүл ашылар лалазар,*
Өзим нашар,бул қолымнан не келер,
Ладан адам өлерини билмейди,
Ол Қайсардан өмиримше қәўпим бар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжел жетип,шын пайманаң толмасын,
Дәўлет қайтып,лашың жолда қалмасын,
Алып кеткил алты жүздей ләшкерди,
Қәўипсинбе,меннен кеўлиң қалмасын.

Жалғызлық бул ғош жигитке дәрт болар,
Батырларда хәр заманда кек болар,
Бул дүньяда жақсы болар көпшилик,
Көпшиликте жақсы адам көп болар.

Меннен енди,ярым,кеўлиң қалмасын,
Қайсар қайда барарыңды билмесин,
Сыр бермегил ақмақларға,палўаным,
Айтпағыл жаман сөз,кеўли қалмасын.

Ладанларға қылғыл хәрўақ марапат,
Мақтасаң болады кеўиллери шад,
Ат шабысып ойнайгөрме майданда,
Сырың алса,сени қылар намурат.

Азықларың,нәсиятым,молдан ал,
Кеше-күндиз тойып жүрсин Қайсарлар,
Аш болғанда қайғы салар басыңа,
Аман барып,саў келгейсиз,аллияр.

Бул гәплерди айтқанда,
Зәўриядай перийзат,
Өзи менен ағайин,
Көп адамлар бар еди,
Өзи еди кәмбағал,
Дүньяларға зар еди,
Өзине жақын ғаррылар.
Жетегине енди нар,
Жақсы сөз айтып барлығын,
Қалтасына салды зер,
Әкелдирди жүз нарды,
Оларға тағы береди,
Азық пенен аўқатын,
Сайы менен сайманын,
Нешше енди шатырлар,
Түйелерге арттырды,
Шам айылын тартырды,
Елиў-алпыс адамға,
Бул нарларды тапсырып,
Еркектей болып,кәллеғар,
Ура Төбе елине,
Атландырды енди затты.
Бағдың гүли лалады,
Затлардың қайда кеткенин,
Хешким билмей қалады,

Зәўрияның ақылына
Жәханша хайран қалады,
Булислерди көрген соң,
Жәханшадай бул батыр,
Қайсар деген батырды,
Шақыртып енди алады.
Өзи менен бас қосқан,
Жәханшадай батырдың,
Алты жүз де алпыстай,
Ғош жигити бар еди,
Бәрине тулпар мидирди,
Ҳасыл безеп кийдирди,
Белине қылыш байлады,
Мәртлердиң көзи жайнады,
Бәри тулпар ат минип,
Ҳәр түрли ойын ойнады,
Қайсарға қарап Жәханша,
Көтермелеп батырды
Бир-еки аўыз сөйледи:

— Қайсар батыр,есит мениң бул зарым,
Сени көрмей болмас мениң қарарым,
Туйғын қусты берсем сениң қолыңа,
Сениң менен шөлди гезбек қумарым.

Сени көрсе мәрттиң кеўили тасады,
Айбатларың душпанларды басады,
Туйғын қусты берсем сениң қолыңа,
Ели-халқым сени мерген деседи.

Қайсар палўан,шыққан сениң бир атың,
Сениң менен бирге гезбек мұратым,
Дағы-даштa қусты барып салайық,
Мен көрейин сениң,батыр,ғайратың.

Ат мойнына сайлап тақтым қос қумар,
Душпанларға салсақ бирге қайғы-зар,
Батыр менен жолдас болсаң шөллерде,
Сендей мәртлер ўәдесинен табылар.

Бурыннан қалмаған айтпаған сөзлер,
Жалғызларға көринеди дүнья тар,
Жаныма алғанман алты жүз ләшкер,
Басқа ис түскенде болады дәркар.

Сарғайып атады енди бүгин таң,
Жолларыңда пидә болсын шийрин жан,
Бул кеңеске қандай жуўап берерсең,
Достым болған Қайсар атлы ағажан?

Бул сөзди Жәханша айтқаннан Қайсардың кеўили йошып,дәрьядай тасып: — Бәрекелла ақылыңа, бәрекелла келбетиңе, жигитттиң кеўлиниң үстинен жүресең, мендей батырдың кеўилиндегисин билесең,сениң менен аспанның астын бирге геземен,— деп,Қайсар бир сөз айтты:

— Шәхәрлерде сарғайыпты жамалым,
Мен салайын енди ғайраттың бәрин,
Ялғаншыда сендей палўан көрмедим,
Мениң еди усындай сөз қумарым.

Кеўлимнен кетпейди бул айтқан сөзиң,
Ақылсаң дүньяда,ўа,сениң өзиң,
Сениң мнен та өлгенше жүремен,
Қыдырсаң мен менен дүньяның жүзин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Асқар ханға ҳеш жетпеди бул зарым,
Саўаш еди кеше-күндиз қумарым,
Душпан болса бирге қарсы тураман,
Жолында мен аямайман ҳеш жаным.

Мәрт жигитлер бедеў минсе асады,
Жақсы менен жүрсең кеўлиң тасады,
Сизиң менен қыя дүзде ат шаўып,
Та өлгенше бирге ақыл қосалы.

Талаўлар қылғанман дүньянын бәрин,
Қыйратарман қарсы келген душпанын,
Кеш қалмайық жолдан,достым Жәҳанша,
Атланагөр тезирек енди,палўаным.

Бағдан үзип,гүллер менен лаланы,
Нәмәрт жигит айралықты салады,
Сорап қалар қыз да болса Зәўрия,
Меңгереди дала менен қаланы.

Зәўрияға татар ели ереди,
Өзи ақыл,төреликти береди,
Бир арадан душпан келип қалмағай,
Сапарына тезден барып келели.

Дейип енди бул Қайсар,
Сөзди тамам қылады,
Батыр туўған Жәҳанша,
Үсенбектей кәрўаннан,
Қалып еди сол ўақта,
Туйғын деген бир тулпар,
Қашса қуўып жеткендей,
Қуўса озып кеткендей,
Ол бәйгиден өткендей,
Қолтығында қанаты,
Тулпар еди жәниўар.
Көргеннниң ақлын алады,
Зербап терлик көйлекше,
Ол туйғынның үстине,
Алтын ерди салады,
Жуптан айыл шалады,
Алтын гирдиш ҳәм жүўен,
Гүдары қамшы қолға алып,
Түрли жемислер салып,
Бөктиргиге Жәҳанша,
Ғалы қоржын байлады.
«Қатын менен хошласқан,
Кесир болар жигитке»,
Дейип енди Жәҳанша,
Атқа минип барады,
Ақыллы еди Зәўрия,
Көринбестен қалады.
Алты батпан сарыжай,
Асып жүрсең белге сай,
Тартып атқан батырға,
Баўыры қатты полаттай,
Алмас дана қылышты
Дал белине байлады.
Семсери бар белинде,
Алты жүз алпыс ләшкери,
Жәҳаншадай батырдың,
Оны менен солында,
Қайсар батыр алдында,
Қуўғыншы еди Сарым бий,
Сәрўанлы менен Сарымбай
Ләшкерлеринин кейнинде,
Ат ойнатып батырлар,
Бир-бирини қуўысып,
Күш салмаға бәри де,
Тағы еди ҳәўескер.
Шығып майдан-далаға,
Жүрип шөли-саҳрада,
Батыр туўған Жәҳанша,
Жигитлер менен қосылып,
Еки күндей жол жүрди.
Көзлери оттай жанады,
Таўға шыққан ўақтында,
Арқар менен кийикти,
Атып алған олжаны,
Атқа артып барады.
Бир жерлерге барғанда,
Бир булақтың басында,
Ақ шатырлар қурылған,
Атқа қазық қағылған,
Ҳәр бир үлкен қазанлар,
Бүлкилдеп ғана қайнаған,
Зер төсеклер салынған,
Үстине барып Жәҳанша,
Аттан түсе береди,
Қайсар көрип сол ўақта,
Жәҳаншадан қәўип етип,
Бир сөз айтты палўанға:

— Ышқы отына күйип-күйип жанасаң,
Өз-өзиңнен жаның отқа саласаң,
Бул болмағай гәўирлердин шатыры,
Тур Жәҳанша,енди қайда барасаң?

Ат мойнына тақтым тилладан тумар,
Бундай шатыр бизлерге емес миясар,
Тап әкеңнин өз үйиндей айбынбай,
Мәрт Жәҳанша,енди қайда барасаң?

Сол ўақтында Жәҳанша қайырылып,Қайсарға қарап,бир сөз айтады:

— Ашылғанды бул бағымның бир гүли,
Батырдың мазалы жәҳанда тили,
Түсе бериң аттан,Қайсар ағажан,
Сендей мәрттиң рәҳәтленер мәнзили.

Аттан түсиң,тулпар болсын парахат,
Шарап ишип,кеўлиң болар,аға,шад,
Айрылмастай жалғаншыда достыңман,
Бул адамлар қылады сизге көп хызмет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашылар бағымда доланып гүллер,
Бул жайда болмайды хызметкер дилбар,
Аттан түсиң,Қайсар атлы жан достым,
Ақ шатырға кириң келип,жигитлер.

Сол ўақлары болғанда,
Жәҳаншадай батырдың
Дәрьядай кеўли йошады,
Шатырға кирип бул палўан,
Сыбағасын жеп болып,
Шаршаған кеўилин хошлады,
Көпшикке қыя таслады,
Жақсының жүрген жерлери,
Бул жәҳанда шадлық,деп,
Шарап ишип сол жайда,
Әбден ўақтын хошлады,
Үш кеше ҳәм үш күндиз,
Батырлар демин алады,
Жигитлер қус салады,
Тамағына жеди май.
Ертеңгиси таң атты,
Сол жерде қылып сәўбетти,
Миндилер аттың белине,
Шығар болды Жәҳанша,
Қайсар мәртти ертип,
Қыя майдан шөлине.
Жигитлер болды шадыман,
Арқа таман жолларға,
Қарап көшти бул кәрўан,
Көргеннин ақлын алады,
Арқа таманға қарап,
Көшип жүрин,дейип ҳәм,
Жәҳаншадай мәрт палўан,
Қамшысын силтеп барады,
Туўры жолды төтелеп,
Жәҳаншанын кәрўаны,
Ура Төбе жолына,
Түсип сонда жөнеди.
Қайсар атлы батырға
Қус салғаны жүргени,
Жүдә қызық көринди,
Қуслардың тамашасы,
Күннен-күнге қызғанда,
Жәҳаншаның жигитлери,
Шад болып кетип барады.
Көп күн өтти арадан,
Бул ҳәзликти көрген соң,
Қайсар деген мәрт палўан,
Кешти бәри дүньядан.
— Әй,жигитлер,жигитлер,
Бул дүньяда Жәҳанша
Өзи палўан шаҳзада,
Бурынғы өткен өмирим,
Өмир емес екен ғой,
Жәҳанша менен қосылып,
Шалқып гездик дүньяны,
Қайда кетсе,кетейик.
Қайда жүрсе,жүрейик,
Айтқан сөзине турайық,—
Дейип сонда бул Қайсар,
Кеўлин ашып майданда,
Ләшкерлердиң өзине,
Жақсы үгит береди,
Жақсы сөзлер айтады,
Көргеннин ақлын алады,
Шөллерде қусты салады,
Он сегиз күн дегенде,
Ура Төбе елинин,
Бир шетинен жигитлер,
Кәрўанлар менен қосылып,
Булттай болып буўраланып,
Ләшкердиң бәри жыйналып
Бир шетинен қулады.

Сонда Жәҳанша сағынып қалған елин,жайлаўын көрип,«Жүрген жайларым,оқыған мектебим еди,әўели устазым болған моллаға барайын,илим берген молланың барып қолынан алайын,саўғат берип қуўантып,ата-анамның қыслаўын сол жерден сорайын» — деп,жоллар тартты мектепке.Жақын барып қараса,қулап қалған нәрўанлар,қамыс пенен тораңғыл,шығып жатқан көп тоғай.Буны көрип Жәҳанша ҳайран болып жылады.Мектебиниң алдында барса,домаланған дийўаллар ғана қалыпты, мектеплери шалдуўар.Адамзаттан бир жан жоқ,оны көрип Жәҳанша Қайсарға қарап,сол жерде бир сөз айтқан қусайды:

— Солдырыпты душпан мениң гүллерим,
Шалқып менин мектепте оқыған жерлерим,
Нешше дослар мениң менен сабақлас,
Мынаў турған ийесиз қалған еллерим.

Душпан қулатыпты дослардың бағын,
Залым сөндирипти халықтың шырағын,
Бул жайлардан оқып илим алғанман,
Қай жерлерди мәкан еткен устазым?

Терип едим сайлап бағдың гүллерин,
Халық ишинде мазалы еди тиллерим,
Биз кеткели көп жыл өтти арадан,
Қарап болғн Ура Төбе еллерим.

Өткен иске кеше-күндиз жанаман,
Жалғыз туўдым ялғаншыда анадан,
Бул жәҳанда устазымнан айрылып,
Ата-анамды қайдан таўып аламан?

Дейип сонда Жәҳанша,
Тәғдирине тән берип,
Қайыл болып ҳәр иске,
Мунайыў менен жол жүрди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарсы алдына қараса,
Ешек минген бир адам,
Қарсы алдында көринди.
«Алып келиң» деген сон,
Он бир атлы ат қойды,
Даўылдай болып барады,
Ақсақ екен ол адам,
Бул атлардың пәтине,
Жүреклери жарылып,
Талақлары бөлинип,
Ешеги менен бул адам,
Домалай берип қулады.
Ақсақ та болса шийрин жан,
Жер тырманып турады,
Секире берип орнынан,
Қайта-қайта сәлем берип,
Жаны алқымға тақалып,
Жалтақлап қарай береди.
Ешегине оны адамлар,
Миндирип алып, жетелеп,
Жәҳаншаның алдына,
Алып келди сол мәҳәл.
Буны көрип Жәҳанша,
Ели-халқын сорады:

— Қулақ салын, баба, айтқан сөзиме,
Ҳаўлықпай, ентикпей келгил өзиңе,
Биз боламыз усы жердиң баласы,
Ләшкерлерим қарамайды жүзиңе.

Мынаў турған жаў емесғой аламан,
Мен сорасам, жуўап бергил, бабажан,
Мен шаппайман Ура Төбе елини,
Мен де енди бир жақларды сораған.

Қулақ салып, пәҳим әйле тилиме,
Усы қатар Сәңгилбайдың ели еди,
Қулады ма ол кисиниң отаўы?
Атың кимди, сизди кимлер дер еди?

Сарғайтпайман енди сениң жүзиңди,
Қорқып тасырайтпа маған көзиңди,
Шырамытсам, қартайыпсаң, жан аға,
Ким дейдилер енди сениң өзиңди?

Садағыма астым енди сарыжай,
Сөйлей бергил, аға, бизге тартынбай,
Мен сорайман Ура Төбе елини,
Тиримекен, билерсиз бе, Сәңгилбай?

Елди тойғызғанды оның маллары,
Ғәриплерге жетер еди ол зары,
Даңқы кеткен Ура Төбе елинде,
Бармекен Сәңгилбайың дүньяда тири?

Душпан солдырды ма оның гүллерин?
Мазалы еди бул жәҳанда тиллерин,
Қулап қапты биз оқыған мектеплер,
Қайда көшти Ура Төбе еллерим?

Сол гәплерди айтқан ўақта, ол адам бир қолы менен таяққа сүйенип турып: — Көрисип қояйық, — деп, бир қолын узатты. Жәҳанша да узатты. Ол адамның көзинен жас айналып, суўық демин алып бир қойды. Жәҳаншаның қолында мектепте оқып жүргеннен бери бир алтын жүзиги бар еди. Ол жүзикте Жәҳаншаның аты жазылған еди. Бул адам Жәҳаншаның қолындағы жүзикти көрип, Жәҳаншаны танып, «ата-анаң табылар» деп, бир сөз айтты:

— Әй, ғош жигит, саған айтар сөзим бар,
Мәрт өлгенде ели-халқы қыйналар,
Елимиздиң кетти енди дәўлети,
Ата-анаң, әй, перзентим, табылар.

Ашық болған машығым деп зар урар,
Ғош жигитте гийне болмас, қайғырар,
Билмесе ел бир мәртлердиң қәдирин,
Бахты тайып, енди заман айланар.

Перзентим деп нешше адам зар урар,
Дәўлет қайтса жаў менен даў көп болар,
Бүлгин салды қалмақ келип арқадан,
Нешшелер болдығой енди қоры-зар.

Душпан келип жеримизди жайпады,
Мал-дүньяны қарақшылар айдады,
Тумлы-тустан жаўлар шаўып бул елди,
Халықты қорғайтуғын батыр болмады.

Нешелердиң кетти иште әрманы,
Олжа болды нешше қыз ҳәм жаўаны,

Жәҳаншадай батыр елде болғанда,
Болмаспеди бул еллердиң қорғаны?

Батыр жигит, есит мениң арзымды,
Душпанларың сарғайтпасын жүзиңди,
Қайсы елдиң баласысаң, шырағым?
Мен муңлыға танытагөр өзиңди.

Билмей турман сениң ҳаслы затыңды,
Сәңгилбай деп коздырдың көп дәртимди,
Қуўантайын барып ата-анаңды,
Бизге айтқыл, жаным балам, атыңды.

Сонда турып Жәҳанша,
Бабаға қарап сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Еки келмес адамыйзат дүньяға,
Туўғанымдай еңирей берме, жан баба,
Айтқыл маған Сәңгилбайдың қонысын,
Мен емеспен батыр туўған Жәҳанша.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жәҳаншадай бизлер жүрген шаҳзада,
«Атама бар» дейип айтты ол маңа,
Барса,атасыны алып кетемен,
Жәҳанша емеспен,енди жүр баба.

Жәҳанша дегенниң өзи илимхан,
Бул дүньяда оннан өтпес дуўахан,
Аманат сөзлерин қыламан бәржай,
Сол жайларға бизди апарың жылдам.

Жолаўшы,өткинши,бизлер бир кәрўан,
Жәҳанша жиберди бизлерден салам,
Баласының тирилигин айталы,
Барып сүйинши алың енди,бабажан.

Сүйиншини айтқан соң,
Бабаның көзи жайнады,
Ешегини сабалап,
Сонда баба айдады,
Көргенниң ақлын алады,
Баба баслап барады.
Бир өзектиң бойында,
Бир ғарры баба от жағып,
Гүртик салып кемпири,
Жекен төсек астында,
Жекен қалпақ басында,
Аўқатгүзарлық етип,
Отыр екен бир баба.

Буны көрип Жәҳанша,
Сыр бермейин досларға,
Сабыр қылды бул султан,
Жол баслаған бул баба,
Сәлем берип сол ўақта,
Жәҳаншаның хабарын,
Айтып сүйинши сорады:

— Бурынғы дәўлетиң болды миясар,
Бағларында ашылажақ лалазар,
Үңиле берме,жаным аға,қазанға,
Ғайыбыңнан таўып келдим бир хабар.

Қабыл болды аққан көзиңниң жасы,
Дүньяға келгенди кеўлиңниң хошы,
Таўып келдим Жәҳаншаның хабарын,
Жан ағажан,маған бериң сүйинши.

Кеткенинде өзи еди бәркаман,
Несийбеси жат еллерге жазылған,
Хабар келди перзентиңнен,жан аға,
Сүйинши бер қәйниңизге,женгежан.

Ақылыңды бул жәҳанға кересең,
Мен сөйлсем,маған өзиң ересең,
Айтып келдим Жәҳаншаның хабарын,
Сүйиншиме қандай затлар бересең?

Сәңгилбайдан көп адам сүйинши сорап,көп затын алып алдаған еди,баласынан гүдер үзип,баўыры қатқан еди,бул сапары сүйинши сорап турған Қарабай деген иниси еди.Бул жақтан Жәҳанша тыңлап турды.Сәңгилбай инисине қарап:

— Әй,иним,саған берерге хеш нәрсе жоқ.Егер Жәҳаншаның тирилиги ырас болса,оны көрип, сениң балама қылған қастыянлықларыңды,гүналарыңды кеширткизсем,сүйиншиге алған дүньяңнан артық болар,— деп толғап турған қусайды:

— Таза қылдың,иним,келип дәртимди,
Сен питкердиң кеўилиндеги шәртиңди,
Себеп болдың Жаҳанашадай балама,
Мен айтайын сүйиншиниң атыны.

Кеше-күндиз Жәҳанша деп жылайман,
Перзентимниң жолларына қарайман,
Аман келсе Жәҳаншадай перзентим,
Гүнайыңды сол баламнан сорайман.

Перзентиме,тири болса,еремен,
Бағларынан сайлап гүллер теремен,
Сениң маған еткен жаманлығыңды,
Сүйиншиге соны сорап беремен.

Қабыллар болғанды көзимниң жасы,
Еңиресем ерийди таўлардың тасы,
Тири қалса,Қарабайжан,бул жаным,
Тирилигиң болмаспеди сүйинши.

Қартайдым,кимлерге жетеди зарым,
Отыңды шаппаға жоқты мәдарым,

Жәҳанша тири деп,атайсаң атын,
Көрмек бар ма сол баламның дийдарын?

Жасларға толғанды бул қара көзим,
Бул еллерге,ўаҳ,сыймады жалғызым,
Басқалардай мени алдап келесең,
Көрер күнлер бар ма баламның жүзин?

Суў бойында өлсем жоқты сорағым,
Айланып келер ме дәўлетим,бағым,
Қараңғыда қалып едим көп заман,
Жанармекен сөнген мениң шырағым?

Бул гәплерди естип,
Батыр туўған Жәҳанша,
Еки көзин жаслады,
Аттан өзин таслады,
— Айнанайын,жан ата.
Қабыл болды көз жасың,
«Балам» дейип зарлаған,
Жаннан өтти даўысың.
Айнанайын,жан ата,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саламат пенен көристик,
Усы екен тәғдириң,
Болыпсыз ғой бийшара,
Бизде барды дәўлет-бак,
Сиз минесиз алтын так,
Несийбе болса усындай,
Сирә оған илаж жоқ,
Ашылдырды бағларда,
Бағман сениң гүлинди,
Гүнасы бар болса да,
Өлтирмеспен иниңди,
Жылай берме зар-зар.
Мынаў енди бахытқа
Шықпағыма себеп болған,
Қарабайдай инициз,
Хәр бир жақсылықларды,
Көремен оған миясар,
Аман-есен қуўыстық,
Гийнени тасла кеўлиңнен,
Ата менен аналар.
Бурынғыдан хәм зыят,
Дәўир менен ол дәўран,
Келин көрип дүньяда,
Сүйерсең аклық,атажан,
Жаман деме иниңди,
Өз пейлинен бийшара,
Айырылыпты ғой жәханда,
Қызы менен қатыннан.
Хәмме гүна өтелсин,
Хәр бир гийне шешилсин,
Жигитлер қурып шатырды,
Гүлгүн шарап ишилсин,
Қуўанысып йош урып,
Қалған елди шақырып,
Той берейин бәрине,
Той берейин ашына,
Гүна болса өтейик,
Халыққа хызмет етейик,
Қуўандырып бәршесин,
Қайыл болса адамлар,
Татар деген шәхәрге,
Халықты алып кетейик,—
Дейип сонда Жәханша,
Шатыр қурып сол жайға,
Қой семизин сойдырып,
Жигитлерди тойдырып,
Қулан менен кийикке,
Жигитлери оқ атып,
Хызмет етти Жәханша,
Келгенлерди шад етип,
Дос-яранды күлдирип,
Душпанларды күйдирип,
Ура Төбе елинде,
Отаўларды қурдырып,
Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Алты күн тойым бар дейип,

Жәханшадай мәрт палўан,
Жар салдырды далаға,
«Келипти бир сақый» деп,
Қаўасат түсти,жигитлер,
Қатын менен балаға.
Келди енди атшабар,
Жигитлер ылақ ойнады,
Даңклы уллы той берип,
Ели-халықты жыйдырды,
Аш пенен ол жалаңашқа,
Жақсы сарпай кийдирди.
Жәханшаның хызметине,
Халқы хайран қалады,
Шығып сонда ортаға,
Жәханшадай мәрт палўан,
Халықтан кеңес сорады:

— Ашылмаған биз кеткели лалазар,
Ата-анама дүнья болған екен тар,
Биз кеткели дүнья талан болыпты,
Гүнайыңды мен кеширдим,ағалар.

Тоқлықтан аш болмақ әўелден мийрас,
Жаслығымнан қойдым оқыўға ықлас,
Оқыў ушын аянбадым,умтылдым,
Ақыры мен болдым илимге сырлас.

Дүнья дейип атам шекти қайғы-зар,
Оқыўды ойладым енди ықтыяр,
Та болғанша бул дүньяда илимхан,
Көринбеди,ўа,көзиме дүнья-мал.

Он төртимде болдым енди бәркаман,
Жигирмамда болдым енди илимхан,
Илимимди бәржай етип кеўлиме,
Ақырында қорлық көрдим туўғаннан.

Жылатқанды ағам мени зар-зар,
Атадан әйледи баланы бийзар,
Мәжбүр болдым бул еллерден кетиўге,
Ығбалыма тап болғанды кәрўанлар.

Барсам енди,татар деген жақсы журт,
Халық ушын қылғанман дүньяда мийнет,
Алты жүздей ләшкерим бар изимде,
Оқыўдан көргенмен ақыры рәхәт.

Қыялмадым Ура Төбе елини,
Барып жеттим көп илимниң кәнине,
Ақырында бул билимниң күшинен,
Бүлбил қонды мениң таза гүлиме.

Аямай болғанман сонда билимхан,
Оқымаған өсер дүньяда ладан,
Алып енди хасыл сулыў қызларды,
Татардың елине болдым мен султан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Татар елде болды мениң кеўилим шад,
Билимниң жайыды,журтлары абат,
Барса,алып кетемен ели-халқымды,
Атама берсеңиз,халқым руқсат.

Бул журтларда ҳәрким жылар зар-зар,
Жетегиме мен тарттырдым бир жүз нар,
Сапар етсең Шынытатар елине,
Өлгенимше мен боламан кәўендер.

Бул гәплерди айтып ҳәм,
Жәҳаншадай мәрт палўан,
Елге тәжим береди,
Кетемен деген халықтың,
Ҳәдди-есабы болмады,
Күнлер батқан ўағында,
Уллы тойын тарқатып,
Шадман еди бәриси,
Уллы сәске болғанша,
Уйқылап енди қалыпты,

Шығып енди шатырдан,
Қараса сонда Жәҳанша,
Сансыз жатқан енди мал,
Үйин-үйин қос болып,
«Таслап кетер бизди деп,
Таң атпастан баралы,
Қурған елде ким енди,
Қалады екен,дослар» деп,
Мойнын созып отырған,
Көп адамды көреди.
Буны көрип Жәҳанша,
Қуўанады,жылайды,
Көзиниң жасын булайды,
— Бахты келген ер болдым,
Мынаў келген бизди деп,
Адамларды қуўантып,
Иззетлеп алып кетейин,
Еки журтты дос қылып,
Мурадыма жетейин,—
Дедидағы Жәҳанша,
Ишкериге киреди.

Ишкериге кирип,ата-анасы шақырып алып:
— Әй,ата-ана,арзым бар,жыйналыпты көп халықлар,Ура Төбе елинен сондай кеўли қалыпты, мениң менен кетпеге болыпты енди,о,қумар,қандай кеңес бересең,мийирманым атажан? — деп батыр бир сөз айтып сорады:

— Тойлар бердим,елдиң кеўли болды шад,
Аш-арығы маған айтты көп рахмет,
Кетпеге болыпты халықларың қайыл,
Маған бергил,атажаным,нәсият.

Атқа минип сен изиме ересең,
Барсаң енди жақсы рәҳәт көресең,
Душпанлардан қорлық көрди бул халық,
Маған,ата,қандай кеңес бересең?

Сол ўақтында Сәңгилбай мойнын төмен таслап,көзин жаслап,журттың аўҳалының қыйынға түскенин,халықтың малының талан болып,қызлардың олжа болғанын тәрип етип,бир сөз айтты:

— Балам,айтар саған мениң арзым бар,
Бизиң елде түрли-түрли қыйын ҳал,
Ҳәр бәҳәрде жаўлар атлар қояды,
Олжа болды қызлар менен жаўанлар.

Халықтың кеппеди көзиниң жасы,
Қарсылассаң кесер денеңнен басты,
Қорқытып,талап та малды алады,
Таў аралап жүрген сансыз қарақша.

Елдиң жанын сондай залым қыйнайды,
Егин ексе,ҳасла суўы болмайды,
Бардың малы болса енди қолында,
Аштың көзи оған қарап жайнайды.
Талап алар аўыл менен даланы,
Тонап кетер қатын менен баланы,
Қорғамаға жоқты бунда мәрт палўан,
Сол себептен журтлар бийзар болады.

Еле айтар,Жәҳаншажан,арзым бар,
Сени дейип келген екен халықлар,
«Қайда барасаң?» дейип ҳасла сөйлеме,
Шақырық ҳәм «кет» дегендей болады.

Азар көрип халық жылады зар-зар,
Көп халыққа болагөргил кәўендер,
Алып барсаң Ура Төбе елини,
Елге ел қосылса абадан болар.

Буннан зыят сен боларсаң,әй,султан,
Сен шығарсаң елди қараңғылықтан,
Алғысты аларсаң,көрмессең жаман,
Алып жүргил Ура Төбе елини,
Та өлгенше,балам,саған ырзаман.

Бул гәплерди айтқанда,
Жәҳаншадай палўанның,
Кеўили болды жүдә хош,
Көрмегендей қылды ис,
Мал сойдырды аямай,
Халыққа таҳам ишерди,
Тулпарға минип Жәҳанша,
Халықларды қараўлап,
Көликсизге нар берип,
Азықсызға мал берип,
Он алты мың үйлини,
Татарға қарап көширди.
Көргенниң ақлын алады,
Шадлық пенен барады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кетип баратырғанда,
Ол кейнине қараса,
Кәрўан ба деп егленсе,
Көшкен елди көреди,
Руў-руў,топ болып,
Изли-изинен ели-халық,
Қалмай ерип келеди.
Бир неше күн жол жүрди,
Шыныттатар елиниң
Бәлент жайлары көринди,
Ура Төбе халқының,
Адамлары жыйылып,
Бир тоғайдың шетине,
Келип қосты таслады,
Адамлардың изинен,
«Кимлер өлди,ким қалды?
Неше адам аш болды? —
Дейип сонда Жәханша,
Халықларын ол бақлап,
Киятыр еди изинде.
Баяғы енди Зәўрия,
Шашты иштен түйипти,
Басына папақ кийипти,
Белине қылыш байлаған,
Өзин жолға сайлаған,
Қырық жигити қасында,
Қарағай найза қолында,
Найзалары жалтырап,
Көшке жақын келипти,
Түйе жетеп Қарабай,
Киятыр еди сол ўақта,
Зәўриядай батыр қыз,
Түри-түсин суўытып,

«Қайсы елдиң кәрўаны?» деп,
Бабаға қарап ашыўлы,
Бир сөз айтып турыпты:

— Ашықлық азабы отқа салады,
Саўаш күни мәрттиң мийири қанады,
Өлмей турып айтагөргил,әй,баба,
Мынаў көшлер қай еллерге барады?

Ашықтың жеткенди машыққа зары,
Жаманның шығады пейлнен жаны,
Топ-топ болып ҳасла ада болмаған,
Бул халықтың қайсы елдур сапары?

Кәрўан болсаң,нардың саны болады,
Ҳийлели жаў жанды отқа салады,
Кәрўан десем,есабың жоқ,саның жоқ,
Дос па,душпан,қайсы елге барады?

Ғош жигитлер теңи менен ойнайды,
Саўаш күни мәрттиң көзи жайнайды,
Елши жоқ алдында мен бир қарасам,
Кәрўан деген тап бунындай болмайды.

Ашық болған ышқы отына жанады,
Ғош жигитлер яр мийрине қанады,
Ийесиз дедиң бе татар елини,
Есапсыз халық енди қайда барады?

Көринеди Шыныттатар қаласы,
Жоқ дедиң бе буны бағар ағасы?
Тарт нарыңды өлмей турып,сен ғарры,
Ким болады бул көшлердиң ийеси?

Бул сөзлерди айтып,Зәўрия аттың басын тартып,жәнжағына қарап турған ўақта Сәңгилбай нардан түсип,шекпенди желбегей таслап,бара сала қаймықпай,Зәўрияның атының дизгинин услап,оған қарап бир-еки аўыз сөз айтады:

— Балам,саған бабаңыздың арзы бар,
Ашшы сөйлеп жанға салма қайғы-зар,
Өз елим деп келип едим алдыңа,
Бундай сөзди қылма маған миясар.

Сизлер енди ҳәзиргиниң беглери,
Ашшы болар бийәдептиң тиллери,
Бабаларым өткен екен бул жайда,
Киятырған Ура Төбе еллери.

Қозғадың,әй,балам,бурынғы дәрттен,
Душпанлар қайғы салып,бизиң ел кеткен,
Келген екен бунда ата-бабамыз,
Айтайын сөзлерди бурынғы гәптен.

Ашықтың пидады ярым деп жаны,
Ҳәр заманның болар дейди әрманы,
Көп еллери кеткен Шыныттатардың,
Бул шәҳәр ғой бабамыздың мәканы.

Кеткен халықлардың нәсийби тартып,
Ел болған ол Ура Төбеге барып,
Дос болыўға бизлер енди қайтадан,
Киятырмыз бизлер журтларға қайтып.

Сизге берсин,балам,енди зыят бақ,
Бахтың келип,сен мингейсең алтын тақ,
Қаймықпастан келгеним бул белгиси,
Бизиң еллер татар менен дос болмақ.

Ат қуйрығын жадыр шөлде өремиз,
Дослық жолда бизлер қулаш керемиз,
Енди тапсақ мал-дүньяны биз молдан,
Сизлер менен оны бирге бөлемиз.

Усындай сөз,тыңласаңыз,жан балам,
Елге барды Жәханшадай бир султан,
Татар ели парахат деп мақтады,
Қалмай көштик ҳәм ағайин,ҳәм туўған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айдай жүзиң дөнип турған лалады,
Ҳәр бир сөзиң жаным отқа салады,
Жәҳанша дейдилер елдиң тиреги,
Ол кейнинде халықты бақлап келеди.

Дос болыўға себеп болған Жәҳанша,
Дос боламыз деп ықлас қойды бир неше,
Айбынбастан сол себепли келемиз,
Дос боламыз бизлер енди өлгенше.

Перзентимниң аты Жәҳанша палўан,
Кеўлинде қалмасын,ўақ,балам,әрман,
Еки елди досластырмақ мурадым,
Усындай ҳал,балам,бизден сорасаң.

Бул гәплерди естип,
Зәўриядай сәрбиназ,
Қумар көзди жаслады,
Аттан бойын таслады,
Ол бабаны қушақлап,
Дийдарына тояды.
— Гүнәкар болдым,ата,— деп,
Аяғына бас қойды,
— Айланайын,ата,— деп,
Жылағанын қоймады,
Жубаталмай Сәңгилбай,
Бир сөз айтты сол ўақта,
«Бул келиним екен» деп,
Зәўрияға сөйледи:

— Ўа,солмасын мың гүлиннен бир гүлиң,
Мазалы екен дүньяда сөйлеген тилиң,
Сеннен толды,балам,енди бул кеўлим,
Кеширдим гүнайың енди,келиним.

Жәҳаншажан терсин сениң гүлиңди,
Өзи жоқта сен сорапсаң елиңди,
Екеўиңнен ыразыман,балларым,
Жәҳаншажан тапқан екен теңини.

Зәўрия емес пе дүньяда атың,
Еркектен де зыят екен ғайратың,
Ҳешкимлер айтпайды сени нашар деп,
Бойларыңды көрип,балам,қуўандым.

Неше жыллар тарттым баламның дәрдин,
Сен тутыпсаң перзентимниң ҳүрметин,
Мыңға тайды бул жәҳанда ғайратың,
Екеўиңниң бирге берсин мурадың.

Мени таныл,көзлериңе толды жас,
Қатынның жаманы орнынан турмас,
Пидә болған бул баламның жолында,
Сеннен артық ҳеш бир нашар табылмас.

Сен болмадың,балам,маған гүнакар,
Көрсеткен айбатың ҳәр жерде дәркар,
Адамның жаманы күлип сөйлейди,
Перзентиме сен екенсең миясар.
Қылыш урсаң саўаш күни ағар қан,
Айбатыңнан титирейди тәнде жан,
Адамның баласы сендей туўады,
Балам,сеннен та өлгенше ырзаман.

Бирин-бири танымай,
Сол ўақтында ерисип,
Атасын келин көрген соң,
Қәйинди келин көрген соң,
Келинди қайын билген соң,
Бир-бирине уласып,
Қушақласып жыласып,
Турды дейди сол заман,
Ақылы асқан Зәўрия
Қәйната менен қәйнене,
Қәйнағасы Қарабай,
Тутып булардың ҳүрметин,
Айтып сөзлердиң қымбатын,
Нарларын жерге шөгирип,
Жақсы таҳам ишерип,
Аштан талған халықты,
Нан менен гөшке тойдырып,
Турған ўақта Зәўрия,
Батыр туўған Жәҳанша,
Излерин бақлап келтирип,
«Неге көшлер егленди?»,
Дейип енди сол ўақта,
Туйғын атты ойнатып,
Туяқлары сартылдап,
Аттан секирип таслады,
Аттан түсер ўақтында,
Секирип турып Зәўрия
Оны сүйеп алады,
Қол алысып,күлисип,
Шадықуррам болады.
Атасы болған Сәңгилбай,
Бир сөз айтып батырға,
Қуўанғаннан еңкилдеп,
Сәңгилбай сөйлей береди,
Сөйлей берип не деди:

— Арзымды есит,айнанайын қуўатым,
Таўыпсаң дүньядан кеўлиңниң шадын,
Ыразыман сеннен,балам Жәҳанша,
Екеўиңе қутлы болсын перзентим.

Арыў қояр ақ жүзине мениңи,
Сен таўыпсаң бул жәҳанда теңиңди,
Бахытларың айдай болып ашылсын,
Дос қылыпсаң еки ханның елини.

Қолыңа қондырып ығбал-қусыңды,
Халықлар ушын сен жумсасаң күшиңди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки елди татыў етип,дос қылып,
Сен питкердиң Рустемниң исини.

Жаўларды қайтарар сениң айбатың,
Жылаған еллердиң жоқ еттиң дәртин,
Қутлы болсын,балам,енди бул бағың,
Еки ел абат болсын,қосылып журтың.

Жүклер басып,ўа,турмасын нешше нар,
Келинимди көрип,тарқады қумар,
Мен айлансам екеўиннниң бойыңнан,
Бир-бирине болыпсызлар миясар.

Жаўларға шыққанда ойнайды қалқан,
Көрип,болсын шәхәрлериң ол шадман,
Руў сорап табысады бир-бирин,
Танысады енди ағайин-туўған.

Кетти халықтың кеўлинен енди дәрт,
Татардың еллери болар әбден шад,
Туўған айдай жүзиң енди толығып,
Еки халық айтады сизлерге рахмет.

Бул гәплерди айтқанда,
Сәңгилбайдай атасы,
Турып орнынан Қарабай,
«Көшиң» деп тартты кәрнай.
Бул гәплерди еситип,
Татар ели қуўанды,
Көрсек дейип туўғанды,
Ҳаял менен балалар,
Сазды шертип жигителр,
Таяғын былғап бабалар,
Гүл көтерип қызлар,
Жәҳаншаны қарсы алып,
Түрли сазлар шертилип,
Татар елдиң сазлары,
Тамамы жерде айтылды,
Жәҳаншаның сөзлери.
Сәңгилбайдай бул баба,
Енди ҳайран болады,
Жердиң жүзи адамға,
Сонда енди толады,
Неше-неше жигитлер,
Атлы келип алдына,
Ақтолқындай кемпирден,
Орамал саўға сорады,
Сақый еди бәйбише,
Айтқаныны береди,
Ат шабысып барады,
Жәҳаншаның күшине,
Халықлар ҳайран қалады.
Ура Төбе елине,
Ақсарайдан жай берди,
Қурды сазы-сәўбетти,
Үш күн,үш түн аянбай
Халқына етти хызметти.
Ура Төбе елине,
Жақын жерден жер берди,
Парахат болып уласты,
Еки елдиң халықлары,
Ат,руўды сорасты,
Ағайин болып танысып,
Бир-биринен мал алып,
Бир-биринен қыз алып,
Қатнасып ҳәм шад болып,
Журты болды парахат.
Еки елди дос қылып,
Жәҳаншадай бул батыр
Халықтың қылды кеўлин шад.
Ура Төбе елиниң,
Халқы болды абадан,
Ура Төбе елиниң,
Келген енди адамлары,
Тойысып болды шадыман,
Кеўлинде қалмай ҳеш әрман.
Бул илимниң оқыўы,
Бул оқыўдың күшинен,
Мийнетиниң астынан,
Шығып мәдениятқа,
Терис пикирди жоқ етип,
Бас болып енди нешшеге,
Ол илимди арттырып,
Ол илймниң артынан,
Журты болып абадан,
Мийнет етип Жәҳанша,
Сүрди дейди көп дәўран.

* * *

Әўел айтсам өткенди,
Бул дәстанның парқы бар,
Ол Жупардың елинде,
Жыраў болған Айтуўар,
Ол картая келгенде,
Қабыл деген бир бала,
Оған шәкирт болғанды,
Шәкирт болып жүргенде,
Соннан ядлап алғанды.
Ол Қабылдан айтылып,
Нуратаның елинде,
Қабыл жыраў атанып,
Оған да шәкирт табылып,
Ядлап алған Халмурат,
Халмураттай жыраўда,
Толығы менен сақланып,
Үлги болып қалғанды.
Ол заманның дәстүри,
Сәллеси бар басында,
Еки ағаштан қуралған,
Қобызы бар қолында,
Қой бағып жүрген жеринен,
Сандық таў деген шөлинен,
Халмуратты көп излеп,
Тәжибай улы Қурбанбай
Шәкирт болып барғанды.
Бул дәстанды үйренип,
Қурбанбайдай бул жыраў,
Халыққа сөзин таратып,
Сексен жасқа келгенше,
Бул дәстан жақсы болған соң,
Мийесинде қалғанды.

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

44 - ТОМ



# ЖАСКЕЛЕН

*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*

*Жазып алғанлар: Ш.Хожаниязов, С.Мәўленов*

*(1939-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы әййем заманда,
Арқа ноғай елатында,
Темирлан деген қалада,
Ноғайлының аз ўағында,
Бир бөлек болып отырған,
Он мың үй ноғай бар еди.
Он мың үйли ноғайдың,
Патшасының атыны,
Бабахан ғарры дер еди,
Ол патшаның арысланы,
Елин қорғар султаны,
Балтакей деген ер еди,
Оның мәнзил-мәканы,
Бабаханның дәрбенти,
Темирланның шетинде,
Жайлайтуғын жер еди.
Бакқаны еди сол ноғай,
Қорғаны еди сол ноғай,
Заманында атақлы,
Бахадыр еди соныңдай,
Жаў келгенде таймайтуғын,
Жоқ еди батыр буныңдай.
Әне,лекин сол күнде,
Бабаханның елине,
Қырық мың үйли қалмақтың,
Патшасы белли Қарахан,
Ноғайды шабыў жөнинде,
Ойлар ойлап жүр екен,
Мудамы залым кеўлинде,
Ноғайды қул қып алмаға,
Басына күнлер салмаға,
Жери менен суўына,
Өзи ийе болмаға,
Ноғайлының елине,
Ғалаба қалмақ атланды.
Бир нешше күн жол жүрди,
Алты тобын сүйретип,
Он бес мың әскер айдатып,
Қолында бар ақ әлем,
Ақ әлеми желбиреп,
Алтын туўы жарқырап,
Қәхәрине қалмақтың,
Қара жерлер қалтырап,
Жақынлап ноғай елине,
Үш күншилик жол қалды,
Жетиўге байтақ жерине,
Киятыр қалмақ аҳ урып,
Күшлерин жыйнап белине.

Ендиги сөз ноғайдан,
Хабары жоқ бундайдан,
Қалмақларға мол олжа,
Табылар болды оңайдан.
Ер батыры Балтакей,
Сары ала атын ойнатып,
Арыслан көзин жайнатып,
Қолына қыран қус алып,
Шығып жүр еди шикарға.
Шикарда жүрип Балтакей,
Жән-жағына қарады,
Мәлим болды бул енди,
Бурқырап шаңлар көринди,
Батырдын кеўли бөлинди,
Қыялланып ол шаңға,
Жолдасына бир қарап,
Не деп тур екен бул енди:

— Сөзим тыңла Аққозыдай жан жолдас,
Шаң көринер думан менен аралас,
Аттың тозы,жаўдың шаны болмасын,
Жаўға атлан бизиң менен сен жолдас.

Ноғай дейип қалмақ салар дүбирди,
Шаң көринер елес-елес иңирде,
Жаўлар болса,тарқатайық қумарды,
Сайлап шаншып саўаш күни гәўирди.

Қорықсаң да ағызба көзден қанлы жас,
Ғош жигитке керек емес көп жолдас,
Қанлар шашып қылышыңның ушынан,
Душпан болса,қылсақ майданда саўаш.

Нәмәртлердиң болар енди кеўли тар,
Мендей ағаң қаны қызды бийқарар,
Атлар салсақ душпан болса қорықпастан,
Айбатлардан пыт-шыт болсын қалмақлар.

Душпанлар жеңилсе абырой табылар,
Басларына туўса ақырзаманлар,
Бул майданда болса енди Бәзирген,
Душпанларды етсек иним гириптар,
Олжа қылсақ қалмақлардың көбини,
Ғайратқа таң қалсын гүлли ноғайлар,—

Деген ўақта жанындағы Аққозы,
«Жан аға» деп Балтакейге сөйледи,
Қулақ салың бул айтылған сөзине,
Аққозы ер тымсал етип не деди:

— Ғош жигиттиң саўаш болар әрманы,
Қазасыз шықпайды бенденин жаны,
Мәртпен дейип бад урмағыл,жан аға,
Қалмақтың сениндей нешше палўаны.

Майданында төгисермиз енди қан,
Әскер алып мен келейин ноғайдан,
Жалғыз өзиң жаўға мәртлик әйлеме,
Сен қыларсаң саўаш күни пушайман.

Аспанға таласар қалмақтың шаңы,
Урыс деген ғош жигиттиң майданы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Елден жыйнап мен келейин көп әскер,
Көрип турсаңыз ба, жан аға, аны.

Рухсат бергил маған бүгинги күни,
Туўлайды үстинде қалмақтың туўы,
Еки адамның не келеди қолынан,
Көп көринер көзге қалмақтың саны.

Анда буған бир сөз айтты Балтакей:
— Болмадың, жан иним, кеўилдегидей,
Айтып барың Бабахандай патшаға,
Нешше-нешше досларым бар сениңдей.

Қалды дейип айтып барың Аққозы,
Дослардың сарғаяр айларша жүзи,
Жаўда қалды ноғайлының жалғызы,
Басынан бахыты тайды дейгөрин.

Қаплаған жәҳанды мынаў аламан,
Халқым ушын мен қыйнадым тәнде жан,
Жалғыз барып көп қалмақтың тобына,
Балтакейиң жаўда қалды дейгөриң,
Сәлемимди сол еситсин Бабахан.

Улы-қызым, өлсем, жылап қалар зар,
Жалғыз жанға көп келеди қалмақлар,
Халық жолында қылдым жанды миясар,
Муннан барсаң, жаўда қалды дей гөриң.

Қолларыма алдым сары сымлы жай,
Сөйлегенде хәр бир сөзи көп мүлай,
Еки дүньяда жолдас еди ол маған,
Қалғанымды еситсин ярым Бөлекей.

Саўаш күни сайдан ағар қызыл қан,
Бахтым келсе, абырай алар қалмақтан,
Айтып барың Шаўралайдай қызыма,
Тилегимди тилейгөрсин Жаскелен.

Яр төкпесин көзлеринен қанлы жас,
Шер тарқатып мен қылайын бир саўаш,
Халқым ушын арнағанман жанымды,
Ар-намысқа тәннен кесилсе де бас.

Анда Аққозы көздиң жасын тыялмай,
Кетемен десе де, кейин кеталмай,
Бир сөз айтты бетин бурып шынтынан,
Балтакейдей жалғыз достын қыялмай:

— Арзымды есит, Балтакейдей ағажан,
Дос жолында пидә болсын шийрин жан,
Сенлер өлип, мен қалғанда дүньяда,
Бетлериме дақ салмай ма дос-душпан.

Мен таслайын нәмәрт болған қайғыны,
Ер жигит сақлайды хәр ўақ халқыны,
Ат қояйық залым енди қалмаққа,
Аман сақлап Темирландай қаланы.

Жүргил аға, барып саўаш қылалы,
Қалмақлардан барып өшти алалы,
Қәне, аға, жаным қурбан халық ушын,
Тайсалмай қалмаққа хәзир баралы,—

Деди батыр бир қарап,
Қаршығаны қолға алып,
Астында сары ат пенен,
Қарағай найза қалтырап,
Балтакейдей батырдың,
Маңлайы айдай жарқырап,
Қалмақларға жөнеди,
Саўаш ушын етип талап.

Қарахан қалмақ қасында,
Оман деген ўәзири,
Тур екен әскер басында,
Киятырған қус салып,
Балтакейди көреди,
Қасына келип жақынлап,
Оман сөйлей береди:

— Қус салғаның қыя шөлдиң майданы,
Саўашмақты ғош жигиттиң әрманы,
Излеп киятырмыз, тоқта қусшылар,
Қайда екен ноғайлының палўаны?

Мен баян әйлейин ҳасыл затыны,
Ол қарақшы Балтакей дер атыны,
Баян әйле қарақшының елатын,
Қайтармайын Оман ўәзир пәтини.

Бизге мәлим оның елден қашқаны,
Патшалардың ол Балтакей душпаны,
Биз алармыз ол ноғайдан ар-намыс,
Сөзимнин жоқ, қус салғанлар, жалғаны.

Балтакейиң патшаларға зыянкес,
Таўып бергил, қус салғанлар, болса ес,
Қаяқта жүр жасырынып бизлерден,
Қашақ янлы намысы жоқ ол нәкәс.

Патша болса сол Балтакей қас болған,
Қолынан келгенше қыласын қылған.
Ол залымның бир әдети усындай,
Ғәрип-кәсер көрсе кәўендер болған.

Таўып берсең бир мың тилла байрағын,
Табағойсақ, сөндирермиз шырағын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айтагөрин, тири жүр ме ноғайда,
Тапсақ, талан қылсақ жалғыз ол жанын.

Көп бәтшени жылатқанды зар-зар,
Қараханға дүнья болды енди тар,
Таўып берин Балтакейдей душпанды,
Қус сап жүрген ара шөлде адамлар.

Бул сөзди тамам қылғанда,
Ўәзир сораў салғанда,
Қарақшы деген сөзине,
Ашыўы келип Балтакей,
Тек-тек бермей өзине,
Қәхәрге қәхәр уласып,
Аўзынан оты шашылып,
— Сениң айтқан сөзиңнен,
Жер жәханлар қапылар,
Излегениң Балтакей,
Усы жерден табылар,—
Деп баслады сөзлерин,
Алартып еки көзлерин:

— Халық ушын ер жигит қыярлар жанын,
Баян еттинизлер хаслы-затымды,
Ат қойынлар, мәрт болсаныз, қалмақлар,
Балтакей батыр дер, қалмақ, атымды.

Қарақшы емеспен, мен әзелден хақ,
Ғош жигиттен хеш таймасын дәўлет-бақ,
Өзим өлмей мен бермеспен халқымды,
Батыр болсаң шық майданға, көп қалмақ.

Атың болса жер жүзинде Қарахан,
Үмитим көп бул жалғанда халқымнан,
Алыс жолдан талап етип сен келген,
Балтакей батырың өзим сораған.

Халық ушын пидады бул шийрин жаным,
Сендей ханды өлтирсем, жоқ әрманым,
Ат қояман, әне, қалмақ, тобына,
Умтылыңлар, болса енди дәрманың.

Бул сөзди айтып Балтакей,
Жән-жағына қарады,
Түнерген қара қалмаққа,
Балтакейдей ғош жигит,
Аралап шаўқым салады.
Ағызды көзинен жасты,
Душпанға коймай намысты,
Алты аршын семсери,
Силтеп жаў менен алысты.
Бақырып сүрен салғанда,
Ойнай берди тулпары,
Еки жақлап қалмаққа,
Қайтпай урды қылышты.
Жанындағы Аққозы,
Ағызды көзден қан жасты,
Бул да батыр ер еди,
Қайтпай урды қылышты.
Бағдың гүли шайдады,
Тозаң салып қалмаққа,
Көзи оттай қайнады,
Алдына салып қалмақты,
Дүркиретип айдады.
Күнлер песин болғанда,
Ладан еди Аққозы,
Ағымбайдай байлардың,
Ерке өскен жалғызы,
Билмеген урыс илимин,
Солдырады қалмақлар,
Нешшесиниң гүлини.
Иши оттай жанады,
Тум-тусынан атқан оқ,
Саўытына батады,
Балтакейден айырылып,
Жалғыз өзи қалады.
Рейимсиз залымлар,
Аққозыдай баланы,
Жалғыз өзин шырлатып,
Дәл ортаға алады,
Кимиси найза урады,
Кимиси қылыш урады,
Батыр туўған Аққозы,
Он жеринен шабылып,
Жалғыз келип сорлылар,
Ўақытсыз қаза табылып,
Көп залымның ишинде,
Қызыл қанға боялып,
Аққозыдай бул батыр,
Иши бир оттай жанады,
Көп залымның ишинде,
Аққозыдай батырлар,
Әрман менен өледи.

Енди сөзди еситиң,
Балтакейдей батырдан.
Бунын да иши жанады,
Көп залымның ишинде,
Бул да жалғыз қалады.
Ғайратлы ер, ғош жигит,
Намазлыгер болғанда,
Яки найза, я қылыш,
Әскерине қалмақтың,
Аямай соққы береди.
Аттың жалын тарады,
Жән-жағына қарады,
Себил қалғыр қара туў,
Қара туўдың түбине,
Келгенин билмей қалады.
Қолында кескир испаханы,
Ғайратлы еди султаны,
Қәлемдей қыйды туўыны,

Урып туўын жығады,
Қарахандай ханлардың,
Басына күнлер туўады,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
«Жалғыз жаўға туў бердиң» деп,
Әскерге патша жылады.
Жылағанда залымның,
Тилегине бергени,
Мылтықларын оқлаған,
Бар еди қырық мергени.
Ат қойғанда батырдың,
Алдына шықты мергенлер,
Буққы таслап атыўды,
Озал бастан көргенлер,
Атайын десе де батырды,
Қайымын таппай жүргенлер,
Қайымын тапты,ойлады,
Көзи оттай жайнады,
Өлер жериң усы деп,
Балтакейди байлады.
Қоламсаға қол салды,
Азғана емес,мол салды,
Атаңа нәлет залымлар,
Бузықлыққа жол салды.
Гиристен оғы кетеди,
Батыр бетке жетеди,
Залымның атқан оқлары,
Саўытын сөтип өтеди.
Батыр туўған Балтакей,
Өлерини биледи,
Ат мойныны қушақлап,
Көзиниң жасын моншақлап,
Оқ зарпына шыдамай,
Қара баўырын пышақлап,
Атқа қамшы салады,
Басына күнлер туўады,
Қалмасын деп жаўда ийем,
Ат алып қашып барады.
Өзиң көрген тулпар ат,
Ақылы адамнан зыят,
Көзи көкке тигилип,
Бели жайдай бүгилип,
Суўдай келип тасады,
Көп қалмақтың ишинде,
Сары тулпар жәниўар,
Намазшамның ўақтында,
Көзден ғайып болады.
Атлар пәрман етеди,
Темирланның дәрбенти,
Ол дәрбентке жетеди,
Батыр туўған Балтакейдиң,
Хал-дәрманы кетеди,
Көзден нуры төгилип,
Бели жайдай бүгилип,
Әрман менен өлдим деп,

Жер баўырлап жығылды,
Жығылғанда Балтакей,
Тулпар жүйрик сары ала ат,
Он сегиз жыл жолдас болған,
Әлемге белли қаназат,
Ийесин қыйып кете алмай,
Қыздай болып сүзилип,
Баўырын таслап әреби ат,
Мысалға алсаң әлеўмет,
Қайғырғандай адамзат.
Ҳалы кетсе де батырдың,
Ақылы өзинде бар еди,
Бар болғаны қурысын,
Буған дүнья тар еди,
Қалай қылсын,қәйтеди,
Кетип баратырғанда,
Атқа мәрт былай айтады:

— Қыла алмаспан енди пирлеримди яд,
Аған өлер,душпан кеўли болар шад,
Лашым қалды қыя майдан шөллерде,
Ыразыман сеннен бүгин әреби ат.

Әжел салды шийрин жанға енди ғар,
Жалғыз жанға зор келгенди қалмақлар,
Әрман менен қалды аған толғанып,
Ыразы болдым сеннен бүгин жәниўар.

Сени көрип ақты көзден қанлы жас,
Қулын ўақтан болдың мен менен жолдас,
Жалғыз басым мине қалды майданда,
Айтып барың Бөлекейдей ярыма,
Жайсын келип бул басыма қара шаш,

Өзим өлмей турып жаным барында,
Халқым дейип арнағанман күшимди,
Айтып барып алла қосқан ярыма,
Таўып алсын жалғыз қалған лашымды.

Ийман болар енди өлсем тилегим,
Кепин болды үстимдеги көйлегим,
Кетер болсаң бул майданда жәниўар,
Қалды бозлап изимде еки жетимим.

Бозлап қалды еки бирдей сол шырақ,
Тайды бастан дәўлет пенен енди бақ,
Алла ярың ыразы болың жәниўар,
Ыразы болсын меннен туўып өскен халық.

Айланып батырды жәниўар бақлап,
Жасынан жүргенди кетиўге ҳақлап,
Қалтырады таў менен тас сол ўақта,
Сары ала ат турғанда ыңыранып жылап.

Енди аты кетеди,
Шырлап-шырлап жәниўар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Балтакейдиң үйине,
Түн жарпында жетеди,
Тулпар ат турып еснеди,
Үш айланып отаўын,
Жәниўар турып киснеди.
Даўысын еситип Бөлекей,
Майданға қарап жүреди,
Адамы жок үстинде,
Сары ала атын көреди,
Сол ўақытта балларына,
«Атаң жоқ»,деп зарланып,
Бөлекей сөйлей береди:

— Таркағанды душпанлардын қумары.
Атаңыздын жоқ ағасы жигери,
Оян-оян,айналайын перзентлер,
Жалғыз келди атаңыздын тулпары.

Досларымнын енди гүли солмасын,
Айралықты алла салған болмасын,
Жалғыз келди атаңыздың тулпары,
Жаўдан өлип,атаң дүзде қалмасын.

Жыламаңыз перзентлерим зар-зар,
Көз жасынды табалайды душпанлар,
Босқа келди ол атаңның тулпары,
Қалай болды истиң жолы шырақлар,
Оян-оян,айнанайын перзентим,
Атанды излейин,табайын хабар, —

Деп айтқан бул Бөлекей,
Қырық жигиттей ғайраты,
Арысланнан кем емес,
Қарағанда айбаты,
Еле де қыздан кем емес,
Келбет пенен сымбаты.
Нашар да болса Бөлекей,
Таңланған ердиң бири еди,
Билиў ушын болған исти,
Ат бетине жүреди,
Қызыл қанға боялған,
Тулпар атты көреди,
Көзинен жасы мөлтилдеп,
Жерге тама береди,
Өлгенлигин ярынын,
Бөлекей сонда биледи.
Көзлери гүл-гүл жайнап,
Балтакейдин қылышын,
Белине берк етип байлап,
Бетинен сүйип баллардын,
Былай деп айтты ол жуўап:

— Тулпар келди,кеўлим болды енди тар,
Мәрт өлгенде қуўанады душпанлар,
Мен табайын жан атаңның лашыны,
Ырза болың өлсем меннен,шырақлар.

Тулпар болған бояғандай қызыл қан,
Жалғыз атаң зорлық тапты қалмактан,
Мәгер аттың келиўине қарасам,
Келгендей усайды жүдә алыстан.

Жаслығымнан мен қосылған сор едим,
Үзилди ғой әрман менен жулыным,
Өлсем,шырақларым,ырза болыңлар,
Кетермен атанды излеп,қулыным.

Жылап калма,балаларым,зар-зар,
Атан өлди,ноғай халкы шабылар.
Мен табайын жан атаның сүйегин,
Из кесип излесем,сөзсиз табылар.

Жаслығымда қосқан енди қәдир хақ,
Тайған шығар атаңыздан дәўлет бақ,
Қәйтейин,сонындай болды жанларым,
Бүлинер,шабылар және енди халық.

Аттың мойны жоя-жоя қызыл қан,
Қутқармады мен сорлыны қайғыдан,
Өлсем ыразы бол қызым Шаўралай,
Атаңның жолында пидә шийрин жан.

Жылап қалма сен балларым зар-зар,
Даўысыңа оянбасын душпанлар,
Минеғойсам сары ала аттың үстине,
Атаңыздың қалған жайы табылар.

Аллаға тапсырдым сендей шырақты,
Барар жерим алысырақ жырақты,
Бабаханға атаң еди ол душпан,
Еситеғойса,ол патша да хош ўақты.

Балларына бул гәпти,
Айтып болып Бөлекей,
Тулпардың минип белине,
Сапар етип жол шекти,
Аттың келген жерине.
Бөлекейдей бул нашар,
Сыйынғаны бириўбар,
Аттың басын жиберип,
Атқа қарап сол жерде,
Жылай берди зар-зар,
Атқа қарап сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Айнанайын жәниўар,
Ақ төсимнен акты қан,
Табагөргил ийенди,
Қайда калды Балтакей?
Келеплеген жипектей,
Кекилиң сулыў жәниўар,
Алтын ғубба аршадай,
Мойның сулыў жәниўар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Табаның тартық тайғақлы,
Сақтыяндай қақпақлы,
Қысыр жылан қурсақлы,
Бас ийеңниң жолында,
Аямай тулпар туяқты,
Таўып берин жәниўар,
Балтакейдей шунақты.
Кеўлиме салып әрманды,
Дүньяда қурысын душпан,
Елиме салған думанды,
Нардай болып ыңыранып,
Табагөриң жәниўар,
Өлмей көрип қалайын,
Балтакейдей султанды.
Қуўрайдайын жанайын,
Лашын мәрттиң табайын,
Қыяметке сен қойма,
Яшлығымнан қосылған,
Ашығымның дийдарын,
Дәрьядай болып йошылған,
Алла қосқан қосағым,
Батырым болған Балтакей,
Ыразыласып қалайын.
Шашымды бестен өрейин,
Әрман менен өлмесин,
Султанымды көрейин,
Ардақлы өскен палўаным,
Меннен басқа қостар жоқ,
Сүйеп бир жылай берейин.
Анда Алла, Аллаяр,
Мен болмайын гүнакар,
Жалғыз қалған жайларға,
Жеткизегөр дүньяда,
Ыразыман сеннен жәниўар.

Өзиң көрген тулпар ат,
Таң сәҳәрдиң ўақтында,
Қаршығадай қайыды,
Батыр минген қаназат,
Аққан көзден қанлы жас,
Елде болды мезгил ис,
Бөлекейдей перийзат,
Қайда қалған екен деп,
Кетип енди баратса,
Бир қалыңның ишинен,
Ол дәрбенттиң алдында,
Нардай болып ыңыранып,
Шыға берди бир даўыс.
Еситип буны Бөлекей,
Сары аттан өзин таслап,
Қумай көзини жаслап,
Бара салып жердеги,
Ярының басын услап,
Көтерип жерден Бөлекей,
Дизесине басын салып,
Мына бир сөзди айтады:

— Сен ыңырандың, баўырым болды мениң қан,
Кемлик пенен жалғыз туўдың анадан,
Жалғыз аттың жүрсе шықпайды шаңы,
Әрман менен өлер болдың арыслан.

Душпан келип ишер болды қаныңды,
Халқың ушын аямадың жаныңды,
Жалғыз өзиң неге келдиң залымға,
Жаў ишине қорқпай айдап атыңды?

Сөйлей берсем, мениң сөзим еп еди,
Алдында ағаң, кейниңде иниң жоқ еди,
Халқың ушын қызыл қанға боялып,
Меннен басқа кимлер табар усы сени?

Зыя-зулпым бестен тарап өрейин,
Сен жолыңда қызыл гүлдей солайын,
Қалай дениң, жалғыз келген батырым?
Қозғалагөр, мен қараңды көрейин.

Батыр туўған Балтакей,
Келгенин ярының биледи,
Ыразыман сеннен деп,
Былайша сөйлей береди:

— Мен айлансам тилиңди,
Солдырды душпан гүлимди,
Ҳәр-дәрманым кетипти,
Қалмаққа салдым қырғынды.
Жоя-жоя майданнан,
Ағызғанман мен қанды,
Алла қосқан қосағым,
Белимди мениң шешегөр,
Көрегөргил жарамды.
Ағызып көзден жасымды,
Көрдим тәғдир исини,
Жаным бир шығып барады,
Буўдай белим есилди,
Мен жылайман зар-зар,
Зәҳәр оқтың зарпынан,
Жаным болды бийқарар,
Көрегөргил жарамды,
Қәўендерим сәўер яр,
Айнанайын Бөлекей,
Жарамды мениң көрегөр,
Қанларыны бир сүртип,
Өлсем енди жылайгөр,
Шийрин жанды қыйнайгөр,
Қаным қатып барады,
Сексеўилди қалайгөр,
Жаным бир шығып барады,
Жараларым қарайгөр,
Ырза болдым сәўдигим,
Алғысымды алагөр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзди айтып болғанда,
Артык туўған Бөлекей,
Сексеўилди қалап,
Жараларын шешип,
Ярына кеўлин берип,
Зәлели жок жаран деп,
Жән-жағына қаран деп,
Тымсал етип өзине,
Бөлекей айтты сол ўақта,
Қостарынын сөзине:

— Жалғызлығын кыйынды,
Солдырады гүлинди,
Сегиз көзден он жара,
Сыйпап ғана өтипти,
Айнанайын костарым,
Исин бир ғана питипти,
Зәлели жок жаранның,
Шаўып атты далада,
Душпанға таман қойыпсан,
Залым енди калмакка,
Олжалар ғана болыпсан,
Омыраўдан он жара,
Жаўырныңнан бес жара,
Оң ийниңнен он жара,
Сол ийниңнен бес жара,
Сыйпап ғана өтипти,
Ярым бир исин питипти.
Душпан сенин қасыңнан,
Қайғысыз енди кетипти,
Мениндей енди сорлыға,
Тул болар ўақыт жетипти.
Айралыкты салыпты,
Мерейди душпан алыпты,
Бағыннын гүли солыпты,
Пайманыңыз толыпты,
Еки бирдей перзентин,
Сөзсиз жетим болыпты.
Маңлайыңнан жалғыз ок,
Тийген екен шырағым,
«Жан ата» деп кейнинде,
Бозлап калды сени айтып,
Еки бирдей қарағым.
Жаратқан кәдир енди хак,
Басыннан тайса дәўлет бак,
Хошўак болып Бабахан,
Мураздай оған алтын так.
Мен айрылдым,ўах,сеннен,
Сен айрылдын,ўах,меннен,
Күн кызарып келгенде,
Мениндейин арыўға,
Сендей батыр Балтакей,
Бармекен питкен карыўға.
Жалғаншыда енди жок,
Кетти сенин бәхәрин,
Әжел оғы тийипти,
Пида болды,ўах,жанын,
Қәйтейин енди,сен ярым,
Досларыңыз күйипти,
Ыразы болғыл султаным,—
Деди Бөлекей ярына.
Сол ўақытта Балтакей,
— Бир кесе суў бер,— деди,
Ол суўыны береди,
Суўды ишип болғаннан,
Жан алқымға келеди,
— Мен ушын шаппа жаўға,— деп,
Бөлекейдей ярына,
Батыр сөйлей береди:

— Алла салды шул күн енди маған кар,
Жалғыз жанға зор келгенди қалмаклар,
Қалды енди бул жайларда сүйегим,
Ыразы болғыл меннен шул күн,назлы яр.

Жалғызлардың хеш болмады илажы,
Бул өлимди бурынғының муразы,
Суў дегенде суўлар бердиң сен маған,
Болдым ярым сеннен енди ыразы.

Туўғанымдай қылдың маған ыктықат,
Мениң ушын салма қалмакқа ғайрат,
Сен өлсен,зар жылар еки шырағым,
Қой урысты,ыразыман перийзат.

Яры сыңсып бул сөзлерге жылады,
Ярының мойнынан таракы алды,
Жалғызлыкта бул қорлыкка шыдамай,
Қайғырады,басын таска урады.
Сарғайып бир енди таңлар атқанда,
Ийек қағып яр Балтакей жөнеди,
Буны көрип яры сөйлей береди:

— Халкың ушын пида кылдың сен жаның,
Мен көргенмен бул дүньяның ойранын,
Жалғызлыктан орын таппай дүньяда,
Әрман менен енди өлген султаным.

Халкың ушын кылдың дүньяда ғайрат,
Сен өлдиң,душпанның кеўли болды шад,
Сен айрылдын,мен хәм сеннен айрылдым,
Дийдарға қалғанды енди қыямет,
Еки балан қалды жылап зар-зар,
Кимнен болар бийшараға шарапат.

Бул сөзди айтып турғанда,
Оң жағынан келеди,
Елес-елес енди шаң,
Арқа беттен келеди,
Булыттайын көк думан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн шығардан келеди,
Сансыз топар аламан.
Аттың жалын тарады,
Жән-жағына қарады,
Қарап турса Бөлекей,
Атаңа нәлет көп қалмак,
Жалғыз баслы арыўға,
Аллалап шаўқым салады,
Қынаптан қылыш шығарып,
Бөлекейдей перийзат,
Бул да урыс қылады,
Жан-жағына қашалмай,
Басы менен болады,
Сансыз турған қалмаққа,
Тәўекел атты қояды,
Өзи қатын болса да,
Бир нешшесин қырады.
Ақылы еди көп зыят,
Айтпайман ҳеш ўақта ғыйбат,
Қалмақларға сол жерде,
Аямай салды шын ғайрат.
Барлық күшин салады,
Қыйқуўлап шаўқым салады,
Жолбарыстай ақырып,
Ура берди қылышты.
Душпанға салып урысты,
Аттың тери төгилди,
Сары жайдың садағы,
Бул майданда бүгилди,
Астына минген тулпардың,
Қулағы енди тигилди.
Қалмақлар топ-топ болды,
Жарқыратып полатты,
Қайтарды өзи көп қолды,
Барған еди тәжжалдай,
Батыр еди сонындай,
Таң азаннан басланып,
Песинге дейин сол жерде,
Урыс салды бир тынбай.
Қалмаққа енди ғайратты,
Аямайды салады,
Жаў шетине шығады,
Жән-жағына қарады,
Қарап турған ўақтында,
Бир шаң пайда болады.
Ол шаңлардың ишинен,
Он мың әскер айдатып,
Садаққа туўын байлатып,
Ноғайлының патшасы,
Көринеди қарайып.
Қалмақтың қарасын көрип,
Урыстың болғанын билип,
Сансыз ләшкерди көрип,
Бөлекейдиң изине ерип,
Жүрмекши болды қалмаққа,

Патшаның әрўағы қашып,
«Қалмақ ханының алдына барып,
Ел-журтымды берейин»,
Деген ойды ядға алып,
Әскерине бир қарап,
*Айтты бир-еки аўыз жуўап:*

— Қылдым енди, халқым, саған бүгин зар,
Көп көринди бизге келген қалмақлар,
Жалғыз нашар қалай алар абырайды,
Бағынып қалмаққа енди барынлар.

Ханың айтар саған енди бул сөзди,
Өлген екен әрман менен Аққозы,
Тағы өлген усайды бул Балтакей,
Урыс қылған Бөлекейдей жалғызы.

*Ноғайдың ханы Бабахан,*
Бул сөзлерди айтқанда,
Халық енди шуўласып,
Сол ўақтында сөйледи:

— Тағы да өлсек болмай ма?
Балтакейдей батырдың,
Намысын алсақ болмай ма?
Лашын шөлде қалдырмай,
Журтына келсе болмай ма?
Бағынарды айтасаң,
*Ел қорғаны арысланның,*
Арын алсаң болмай ма?
Атаңа нәлет сен патша,
Мийримли болсаң болмай ма?! —
Деп айтты да көпшилик,
Бабахандай патшаның,
Басына қылыш салады.
Ханға тартпай қаралар,
Патшаны дәрҳал өлтирип,
Залым енди қамаққа,
Әскер қырғын салады.
Аллаға қылды налысты,
Ноғайдан әскер келген соң,
Бөлекейдей перийзат,
Қайтадан қылды урысты.
Қамақлыға қажасып,
Қылышынан қан шашты,
Үш күнге дейин урысты,
Қолдан бермей намысты.
Сол ўақлары қалмақтың,
Көзи оттай жайнады,
Балтакейди өлтирген,
Атаңа нәлет қырық мерген,
Сойерде тайын болады.
Манлайына ол атып,
Залым енди шындайлап,
Бөлекейдей перийзатқа,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Он алты оқ атады,
Сол оққа батыр шыдамай,
Аттан қулап жайрады,
Сол мезгили болғанда,
Бөлекейдей перийзат,
Жер бауырлап қулады.
Бөлекейдей арыўдың,
Өлгенлигин көрген соң,
Он мың үйли ноғайлар,
Қор болдық деп жылады,
Бир нешшеси сөйледи,
Сөйлей берип не деди:
— Кеўлим кетти әрманда,
Тәннен кетти бул күни,
Арысланның бул жаны,
Балтакейден айырылып,
Бөлекейдиң де болғаны,
Он мың үйли ноғайдың,
Ийесиз енди қалғаны.
Атаңа нәлет Бабахан,
Әрман менен бул күни,
Ол да өтти дүньядан.
Нашар болса да ер еди,
Қырқ шилтердиң бири еди,
Басынан дәўлети кетип,
Ноғай қалай күн көреди?!
Бөлекей өтти дүньядан,
Айра түсти ноғайдан,
Қансып ноғай қалдым деп,
Ақылдан сасады ноғай,
Бас ғамыны қылады,
Оннан-оннан қашады,
Қырқтан сайлап қашады,
Атаңа нәлет Қарахан,
Қашқанын билип ноғайдың,
Атқа қамшы басады,
Дәрьядай кеўли тасады,
Қашқанлардың кейнинен,
Жүйрик атты қосады.
Ашылған гүллер лалады,
Атаңа нәлет Қарахан,
Ноғайлының басына,
Қара күнлер салады,
Қашып баратқан ноғайды,
Биразын қуўып алады.
Алшағырдың көлинде,
Алтын шатыр белинде,
Қырмызы қанға боялып,
Айдай жарқырап бетлери,
Нешшениң бауыры тилинди,
Анталасып биразы,
Бөлекейдей арыўдың,
Атаңа нәлет қалмақлар,
Өлисин тауып алады.
Ғамға кеўлин толтырды,
Атаңа нәлет Қарахан,
Ақ түйениң үстине,
Гебежени қурдырды,
Гебежениң үстине,
Бөлекейдиң өлигин,
Өз алдына миндирди.
Бабаханның шәҳәри деп,
Қалмақлар тағы киятса,
Маңлайының ортасы,
Тарта қарыс сере бар,
Муны да көрди қалмақлар,
Бүйири жанып бетлери,
Суўымаған етлери,
Қарсыласқан Балтакейдиң,
Лашын тауып алады.
Өлип қалған адамға,
Қайырылып найза салады,
Атаңа нәлет залымлар,
Арыслан болған батырдың,
Өлигине атлар ойнатты,
Муны да алып түйеге,
Қатынының қасына,
Бир тең етип байлатты,
Бир түйеге салады,
Ләшкерин ертип бул қалмақ,
Тағы да кетип барады.
Тағы да кетип баратса,
Бир мезгилдей жол жүрип,
Қарсы алдына қараса,
Андай елдиң шетинде,
Қарсы жаўдың бетинде,
Шаңарағы дәнданнан,
Уўықлары сом алтын,
Үзиклери бәри алтын,
Күнлер менен таласқан,
Ақ отаўды көреди.
Әскерин ертип Қарахан,
Отаўға жақын келеди,
Сары ала ат қасында,
Жем қойса да ол жемей,
От жүзине қарамай,
Қызыл қанға боялып,
Турғанын аттың көреди.
Ақ орданың алдында,
Сары ала тулпардың,
Турғанын көрип анда,
Балтакейдиң аты екенин билип,
Патша аттың басын бурып,
Аяғын зәңгиге тиреп,
Әскердиң алдында турып:
— Ордада болсаң хабарлас,
Көзиңнен шығар қанлы жас,
Шық майданға,шық енди,
Керек болса алтын бас,—
Деп Қарахан сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Менде бар деп Искендердей енди күш,
Көзлеринен акты ноғайдың қанлы жас,
Келди енди мендей батыр Қарахан,
Бул ордада ким болсаң да хабарлас!

Жетегиме мен тарттырдым бир мың нар,
Айбатымнан пыт-шыт болды ноғайлар.
Олжа бериң батыр Қарахан ерге,
Шыққыл ақ ордада болсаң,ноғайлар!

Сансыз ноғай айбатыма қан жылар,
Ақырғанда жети ықлым оянар,
Сен болсаңыз ақ орданың ишинде,
Шық майданға енди болсаң балалар.

Сол ўақтында Шаўралай,
Ҳаўазды еситип бунындай,
Жылай берди зар-зар,
Ашшы даўысын еситип,
Балалар болды бийқарар,
Ҳәр ўақта бизге өлим бар,
Есини билген Шаўралай,
Ақыл менен таўып қолай,
Алдына барып патшаның,
Бир сөз айтты мынадай:

— Талаў менен тутасқанды бул дүнья,
Ата-енеден болдық дүньяда жуда,
Сизден басқа бизге жоқдур кәўендер,
Сәлем бердик сизге енди,хан ата.

Атамнан алыпсаң қанлы бир арын,
Еситип тыңлар айтылған зарын,
Сен жармағыл жетим қалған жүректи,
Шықты алдыңа мениңдейин балларың.

Қылышынан атамның ақты жоя қан,
Айбатынан титиреди жер-аспан,
Ел қорғаны,ноғайлының ери еди,
Биз муңлымыз ата-енеден айрылған.

Жетимликте болар бенде кеўли тар,
Жетим болған кеўлин айтып зар жылар,
Өлтирсеңиз жалғаншыда өлемен,
Сиз болмаса,кәўендерим ким болар?!

Бул бир гәпти айтқан соң,
Сол ўақлары Шаўралай,
Залым енди Қарахан,
Жән-жағына қарады,
Зәҳәрли қамшы қолында,
«Атаң минген жерге мин» деп,
Еки бирдей баланың,
Мойнына қамшы салады,
Буларды да бенде қылады.

Еки бирдей жас бала,
Шыдамай қамшы отына,
Жыландайын таўланды,
Қамшы етине тийгенде,
Шийрин жаны қыйланды,
Ғамға кеўлин толтырды,
Баланың жүзин залымлар,
Таяқ пенен солдырды.
Атасының өлигине,
Ғазап қылып залымлар,
Балаларын миндирди,
Отаўына от берип,
Олжа қылып тулпарды,
Темирландай қалаға,
Залым қалмақ жол жүрди.

Жарқыраған сәске түсте,
Ғаррыларға мүшкил түсти,
Атаңа нәлет залымлар,
Бузықшылық қылды исти.
Ноғайлының қаласына,
Сәске ўақты болғанда,
Ойнатып қылыш ноғайға,
Атаңа нәлет қалмақлар,
Барып ҳәмме араласты.
Тоқсан гүлин солдырды,
Ғаррыларын өлтирди,
Күн көрмеген арыўларды,
Мурты аўзына жабылған,
Залым енди қалмақлар,
Ат артына миндирди.
Қыз да бир енди жаўанын,
Ат алдына айдады,
Шийрин жанды қыйнады,
Атаңа нәлет Қарахан,
Беклерге шарап ишерди,
Темирланның елинен,
Тири жан қоймай бул қалмақ,
Өз елине көширди.
Көширип баратырса қалмақ,
Еки баланың басына,
Түсти бир аўыр салмақ,
Өлиниң айбатынан қорқып,
Жылай берди еңиреп,
Сәҳәр ўақты ыңырсып,
Ноғайлардың ишинде,
Жан алқымға бир келип,
Қайғы жаман молайтты,
Апасын мийирман билип,
Жаскелен бир сөз айтты:

— Титирей берди тенемдеги енди жан,
Дүнья болды мен сорлыға шул зиндан,
Өлим оғы келген жақын бизлерге,
Қутылмақ ўақ болармекен қайғыдан?!

Үш күн болды,маған болды дүнья тар,
Астымызда жатыр ата-аналар,
Тәнде жаным түйе үстинде кыйланып,
Жаным апа,кандай пана табылар?

Анда апасы бир сөз айтты:

— Жаслығымнан шектим енди кайғы зар,
Мәрт өлгенде талаў болар дүнья-мал,
Тар келгенди апаңызға дүньялар,
Қарсы жаўдан кашқан енди кутылар,
Мен атайын бул бир нардың үстинен,
Болғыл,иним,сен өзиңнен хабардар.

Сен жыласаң мениң баўрым болар кан,
Хеш нәрсе шыкпайда өзинди аяўдан,
Мен атайын,сен өзинди аяма,
Баскадан кашсаң да,кашпа ноғайдан.

Әне сонда Шаўралай,
Қолынан услап инисинин,
Тоғайдын калын жерине,
Жаскеленди атады,
Инисинин изинен,
Өзин де жерге таслады.
Қалмак сезбей бәдәр кетти,
Сарғайып танлар атты,
Алладан тилеп Шаўралай,
Сол ўактында куўатты,
Инимди кайдан табаман деп,
Аралап тоғайды кетти.

Ендиги сөзди еситин,
Жаскелендей баладан.
Бул балалык етипти,
Тайсала шыкпай жоллардан,
Бир өзи ойын етипти,
Қырк жигити калмактын,
Келатканын көрипти,
Атларынын басын бурып,
Жаскеленге карады,
Былайша саўал сорады:

— Атың недур жас бала?
Атаң недур жас бала?
Өлмей тири жүрмедиң,
Бул жалғаншы дүньяда?
Атаң еди Балтакей,
Журттан арткан шазада,
Қырк мергеним өлтирген,
Анаң еди ол шая,
Ата-ененнен айрылып,
Лашы калған далада,
Неғып отырсаң сен өзиң,
Жол үстинде жас бала?
Қайғымыз калып қалқыған,
Көп әскерден айрылған,
Олжасы едиң ханымның,
Излегеним сен бала,— деп,
Мойнына шылбыр салады.
Жаскелендей баланың,
Шийрин бир жаны күйеди,
Басына камшы сабалап,
Таяқ катты тийеди,
Шеңгелден шеңгелге,
Жала аяқ баланы,
Рейимсиз сүйреди.
Айдап келатырған көп адам,
Ортаға алды баланы,
Шапшаң жүрип аламан,
Жақсыдан қалған зүрият деп,
Нешшеси арканды кесип,
Урдырмайын,сөктирмей,
Жаскеленди айырып,
Ортаға алып барлығы,
Көп бенденин келатқан,
Арасында кояды.
Буркыраған енди шан,
Көрсетпейди баланы,
Ортаға алып көп адам,
Бул ноғайдан шыкканда,
Бир көлге барады,
Ол көллерди аралап,
Батпак пенен барады,
Өлтирер қалмак буны деп,
Ноғайлардың билгири,
Бири қолдан тутады,
Бири аяктан тутады,
Өлип калды бала деп,
Шуўласып енди ноғайлар,
Бири тутып аяктан,
Бири тутып қолынан,
Шалшық көлге атады,
Балык,шабак жер дейип.
Өзиң көрген Жаскелен,
Бул бир көлде қалады,
«Өлип калды бала» деп,
Ноғайлар шуўлап жыласып,
Айдаған қырық калмакка,
Көз абай кылып барады,
Бул сумлыктан жас бала,
Аман-есен калады.

* * *

Ендиги сөзди еситин,
Шаўралайдай сулыўдан.
Күнлер сәске болғанда,
Жыласкан елдин даўысы,
Қулағынан кетпейди,
Инисинин тирисине,
Ҳасла көзи жетпейди.
Ояғына бир карап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буяғына бир қарап,
Өзинен-өзи ақыл сорап,
Келатыр еди бул сулыў,
Көлдиң бойын жағалап.
Бул ҳәдийсе ырасты,
Көл қасына келгенде,
Инисиниң изинен,
Шаўралай сулыў адасты.
— Атаңа нәлет залымлар,
Көлге таслар болмасын,
Иним суўда қалмасын,—
Деп сулыў изин жойтады,
Налыш етип сол жерде,
Мына бир сөзди әлеўмет,
Инисин жоқлап айтады:

— Сен,сен един рақып ишинде бүлбилим,
Кеўлимди шад еткен,Жаскелен,тилиң,
Көрмек бар ма дийдарыңды дүньяда,
Қаерде қалдыңыз,жалғыз жан иним?!

Атаң-енең боялды тәнде қырмызы қан,
Тириликте атаңыздан айрылған,
Жалғыз таслап жалғаншыда апаңды,
Қайда қалғансаң,жан жалғызым Жаскелен!

Жылатқансаң тириликте зар-зар,
Көремиз бе бул дүньяда сол дийдар,
Тири болсаң,бергил маған сен хабар,
Тиримисең жалғаншыда,жан жигер?

Жүргенде апасы жан-жаққа қарап,
Қаерде бар дейип инисин барлап,
Даўыслап жүргенде еситип сестин,
Батпақта иниси айтты бир жаўап:

— Жаскеленниң айтар сизге арзы бар,
Сақлайды екен ҳәр жайларда бириўбар,
Келип,апа,мени енди тартып ал,
Жалғыз жанға себеп болды ноғайлар.

Жетимликтен маған енди түскен дәрт,
Бизлер өлсек душпан кеўли болар шад,
Қалды иниң пана билип бул көлди,
Кел,апажан,келиң,келиң,қолым тарт!

Анда барып апасы,
Инисиниң қасына,
Шашбаўын қолға алады,
Сермей берип таслады,
Шашбаўының бир ушын,
Ол Жаскелен услады.
Тоққыз жасар Шаўралай,
Сыйынғаны бир қудай,
Зор қылады балаға,
Көкирегинен батып,
Жалғыз инисин Шаўралай,
Тартып алды далаға.
Аўзы менен мурынын,
Көл суўына жуўады,
Инисин бул жетелеп,
Барайын десе еллер жоқ,
Кирейин десе гөрлер жоқ,
Пана таппай жетимлер,
Тамақ таппай жетимлер,
Адамсыз,қалың тоғайдың,
Шетлерине қарады.
Бир-бир төбе көринди,
«Түйе баққан сәрўанды»,
«Қойды баққан шопанды»,
Деп бир енди Шаўралай,
Төбеге жақын барады.
Минсе төбениң үстине,
Атасы менен анасы,
Екеўиниң басы жоқ,
Қалмақлардың ол жерге,
Таслап кеткен лашыны,
Балалар келип көреди,
Ата-енесин қушақлап,
Қыз Шаўралай қулады.

Әне Шаўралай инисине билдирмей етеги менен тас әкелип,жуўсан әкелип,ата-енесин көмип, зарланып бир сөз айтқан жери:

— Заманында сизлер едиң шаҳзада,
Әрман менен өлген енди жан ата,
Сергизданлық қылып еки балаңыз,
Зар жыласып бизлер қалдық далада.

Жоя-жоя тәнлеринде қызыл қан,
Кеттиң енди бул дүньядан атажан,
Сенлерден айырылып болдық сергиздан,
Ҳижран отында күйип гүлдей жанамыз.

Қалмақ келип ноғайлыны талады,
Жетим болғанлардың бахты қарады,
Бизлер қалдық енди күл болып күйип,
Қайдан табарман-аў сендей ананы.

Залым қалмақ шийрин жанды қыйнады,
Лашларында әреби атлар ойнады,
Суўсыныма суўлар жоқты бул шөлде,
Паналарға бизге еллер қайдады?!

Атым Шаўралайды,дүньяда жанан,
Жетимликтен болды мениң баўрым қан,
Қай жерлерде болар мениң мәканым?
Бул майданда бизлер болдық сергиздан.

Бул сөзди айтып балалар,
Қайғылы зарды молайтып,
Шер тарқатып турғанда,
Бир адам келди қарайып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ябы минип жалтаңлап,
Таныўандай Шаўралайды,
Бир сөз айтты ол сорап:

— Сен жылама зар-зар,
Ғош жигитлер туўғанды,
Жетиммен деп майданда,
Қыла берме қайғы зар.
Бириң миниң алдыма,
Бириң миниң артыма,
Сениндейин баллардың,
Жегендей аўқатларыңыз,
Аўылымнан табылар.
Ағам еди Балтакей,
Жеңгем еди Бөлекей,
Қалмақ қолынан өлипти,
Сениңдейин баллардың,
Қәўендерди бир қудай.
Ата-ана ара бөлипти,
Жетерсең балам муратқа,
Ал,артыма миниңлер,
Жылай берме баллар,— деп,
Қәўендерлик етеди.
Шаўралайды алып артына,
Жаскеленди алып алдына,
Бағдың гүли шайдады,
Шийрин жанды қыйнады,
«Жум көзинди,баллар» деп,
Ябыны қатты айдады.
Бир жайларға барғанда,
«Аш көзинди,балам» деп,
Жаскелендей батырға,
Анда ҳәмир әйледи.
Көзин ашты Жаскелен,
Саўралай көзин ашалмады,
Қарап еди Жаскелен.
Аўзынан от шыққанын,
Өз-өзинен көреди,
Шөллеп,«аға,суў бар ма?»,
Деп сөйлей ғана береди.
Сонда «аттан түс» деди,
«Мынаў кәбир ишине,
Әсте ғана кир» деди,
«Ишинде бир ғарры отыр,
Суў сорасаң бермейди,
Тилек сорасаң береди».
Оны жақсы көреди,
Усындай исти үйретти,
Ядлатып жүдә сөйлетти,
Усылай етип бул адам,
Суў ишпеге жиберди.
Ол кәбирге киреди,
Бир бабаны көреди,
Былай сөйлей береди:

— Бизлер жүрдик,баба,енди далада,
Шөллеп келдик алыс жерден,жан баба,
Суў берсеңиз бизге енди қайырды,
Муратқа жетерсең еки дүньяда.

Сонда баба Жаскеленге сөйледи:

— Сени көрип тасты мениң жүрегим,
Сендей бала еди мениң керегим,
Суўды бермей,балам,саған нетейин,
Суўдан басқа тиле,балам,тилегиң.

Сонда бала жылай берди зар-зар,
Баўыры ерип жас гөдектиң сол мәҳәл:

— Тилегимди берер болсаң,жан баба,
Бир байға мен болсам дүньяда бала,
Палўан болып шықсам жақты дүньяға,
Секирдирип минип енди дал бедеў,
Қуслар салсам бул бир майдан далаға.

Оннан басқа менде тағы тилек бар,
Залым еди,аты еди Қарахан,
Кесип алды ата-енем басыны,
Бизлердей баланы етти зары-зар.

Болсам енди дүнья жүзинде бир палўан,
Айбатыма титиресе жер менен аспан,
Алсам Қараханнан таўсылмас қанлар,
Сол тилегим,баба,енди және бар.

Бизлер қалған Балтакейдиң ботасы,
Атам еди халықтың билгир данасы,
Таңла мәхшердеги арғы дүньясы,
Толтырарсаң меннен болса қалғаны,
Баланның кеўлинде көпдур әрманы,
Орынласаң айтқанымды сен ҳәзир,
Берегөриң,тилегимниң болғаны!

Баба пәтиясын береди,
Баланы жақсы көреди,
Жасыңда қылар иззет деп,
Көп баба айта береди.
Балаға берип суўсынды,
Бағанағы атлының,
Қапталына Жаскелен,
Суў ишип болып барады.
Барғаннан соң ол адам,
Миндирип аттың белине,
Сапар тартып жөнеди.
Түркистанның елине.
Үлкен бир таўдың басына,
Әкелип баба таслады,
Жақынлатып елдиң қасына,
«Ҳалыңды сениң билер» деп,
«Бир майданнан,балларым,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылқы баққан биреў келер» деп,
Жолға ғарры түседи,
«Хош болың енди,баллар» деп,
Кейнине қайтып кетеди.

Ендиги сөзди еситиң.
Бунын айтып кеткени,
Қыдырбай деген бай еди,
Хеш нәрседен қайғы жок,
Бирақ перзент болмаса,
Төрт түлиги сай еди,
Он мың жылкысы бар еди,
Жылкышыға исенбей,
Соншама көп жылқыны,
Өзи бағып жүр еди,
Түркистанның елинде,
Перзентке зар сол еди.
Бадам шағып рәҳәтленип,
Еки бети гүл-гүл жанып,
Гәҳи күлип,жылаған,
Жан-жағына қараған,
Баллар бетке Қыдырбай,
Жақынланқырап жүреди.
Қапталына келеди,
«Неғып жүрген баллар?» деп,
Сораў қойып сол жерде,
Былайша сөйлей береди:

— Жылқы бақтым бул таўлардың жырасы,
Ғаңқылдайды ушқан көлдиң сонасы,
Көргенсиздей бадам шаға бересең,
Сенсең қызым қандай елдиң баласы?

Мен шеккенмен перзентсиздиң зарыны,
Бадамды жеп таза қылдың отымды,
Турың енди айлар,күнлер сәўлеси,
Айтқыл маған,балам,енди журтыңды.

Сонда турып бул Шаўралай зар-зар,
Қыдырбайға жаўап айтты сол мәҳәл:

— Бендениң жоқ әжел гүман шарасы,
Елди сорсаң Темирланның қаласы,
Ноғайлының елди қорғар палўаны,
Бизлер едик Балтакейдиң баласы.

Шаўып кетти ел-журтымды Қарахан,
Елимди айдап кетти еттирмей даркан,
Бизлер ғәрип анасынан айырылған,
Қаршығадай қанатынан қайырылған.

Ата-енемди таслап кетти далаға,
Жол бойында ғарға қонар салаға,
Жайғастырып келдик бизлер оларды,
Мийримиз бир қанбай ата-анаға.

Қаяққа басарға билмедик қадам,
Бунындай азапқа бере алмай шыдам,
Зар жыласып отыр едик сол ўақта,
Барағойды ябы минген бир адам.

Жетимликтен биз жыладық зар-зар,
Балларына дүнья болды енди тар,
Бизге сизди,сизди бизге дуўшар қып,
Көрсетиўге болған екен себепкер.

Жылап турған жерде бизди күлдирип,
Атларының артына ол миндирип,
Алып келди бул төбеге бизлерди,
Аўыл-елдиң панайына ендирип.

Қәне,ата,көрисейик сиз бенен,
Жол сорасаң,ата,усылай биз бенен,
Жетимликтен Шаўралай ҳәм Жаскелен,
Алдыңызға келип турмыз ис пенен.

Жетим болдым жаслығымнан баўрым қан,
Қалмақлар салғанды кеўлиме әрман,
Атам еди жалғаншыда Балтакей,
Умытылмас ҳеш ўақытта,ҳәр заман.

Зар жылатып қалмақ кести басыны,
Сол себептен жетим болды Жаскелен,
Бул дүньяда табалмадық пананы,
Арзы ҳалым еситсеңиз,жылқыман.

Жүрген жерим шөл-сахрада терең сай,
Қарғағанды жаслығымнан бир қудай,
Пана таппай бул жайларға биз келдик,
Жетим келген бизлер енди Шаўралай.

Жетимликтен биз жыладық зар-зар,
Дүнья болды биз жетимге енди тар,
Биз айрылдық ябы минген бабадан,
Енди бизге жерлер бар ма паналар?

Жетим болып жигер баўырым жанады,
Кеўилиме тағы әрман салады,
Табалмадым бул басыма пананы,
Енди кимлер алақанына алады?

Сол сөзди айтып жылай берди зар-зар,
Сөз сөйледи усылайынша балалар,
— Ким болар-аў екен бундай сорлыға,
Көзлериниң жасын сүртер паналар,
Қыйын болды ара шөлде енди ҳал,
Кеўилине салмағай дә қыйлы қал,—
Деп турғанда қушақлады балларды,
Рәҳими келип еңирей берип Қыдыр шал.

Бул баллардың ҳәр қайсысын қушақлап,
Бир-бир сүйип көздиң жасын моншақлап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол балларды баўырына тартады,
Перзенти жоклығын ғарры айтады:

— Сени көрип, балам, болды кеўлим шад,
Дийдарыңа мен қыларман ықтықат,
Мен шеккенмен бийперзентлик дағыны,
Жалғаншыда өттим енди бийзүряд.

Зүряд дейип болды мениң баўрым қан,
Кемлигиме қыйланады тәнде жан,
Болғыл перзент мендей Қыдырбай шалға,
Жеткизгенди Алла енди ғайыптан.

Атам дейип көп жылама зар-зар,
Өлгенимше мен болайын қәўендер,
Мен алып кетейин сени ордаға,
Жылай бермен, жүриң енди, балалар.

Бул гәплерди айтқаннан,
Еки бирдей жас бала,
Ашылып кеўли гүл лала,
Қыдыр шалдың алдында,
Қанбақтайын қаңғыйды,
Сырғанап бели бүгилип,
Гә ойларға жуўырып,
Кеўилин баллар ашып,
Әйне сәске ўақтында,
Қыдырбайдың отаўы,
Жарқырай берип көринди.
Жалаң аяқ, жалаң бас,
Кийими жоқ, жалаңаш,
Көзинен ағып қанлы жас,
Отаўға жақын барады,
Еки бирдей жас бала,
Жетип келди Қыдыр шал,
Қайерге барарын билмей,
Мойнын бурып турады,
Еки бирдей балалар.
Қыдырбай шалдың алғаны,
Қағып төсек салғаны,
Перийзат еди Қаракөз,
Омыраўдан мойны гез,
Жин соққандай тенселип,
Әлўан дөнип жүзлери,
Нар текедей керилип,
Шықты майданға сәрўиназ,
Еки баланы көрип,
Қыдыр шалдың атын байлап,
Бир сөз айтты сол жерде,
«Қайдан келген жетим» деп:

— Он төрт түлик айдар қошлы малың бар,
Сен единиз ол перзентке интизар,
Қаяқтағы иплас жетимди жыйнап,
Ийманың жоқ жалғаншыда, ғарры шал.

Бастан кетти жигитликтиң дәўраны,
Сен жыйнадың Түркистанға дүньяны,
Гәпимниң жоқ, Қыдырбай шал, жалғаны,
Жыйнағаның иплас жетим жүўермек.
Бул ипласлар қай адамнан қалғаны?

Саған берди шарўа енди моллықты,
Сеннен көрдим, шал Қыдырбай, қорлықты,
Жыйнағаның биреўлердиң жетими,
Сен жыйнайсаң аш-жалаңаш, арықты.

Тиледим мен бир алладан баланы,
Маллар бағып сен қыдырдың даланы,
Аш-жалаңаш, қыдырғаның ипласлар,
Сен табасаң қайдан жетим баланы?

Бул пейлиңнен дүнья таппай өтерсең,
Маған бала етип оны нетерсең?
Табылмайды бул жетимнен ҳеш пайда,
Сен жетимди жыйнап ғарры кетерсең, —
Деп қатыны аразланды.

Буны көрип Қыдырбай,
Қолына таяғын алды,
Қумар көзин жаслап,
Кериле берип қатынның,
Басына таяқты таслап,
Еки жумаланып, бир қарап,
Қатын орнынан турып,
Сөйлеўге дималы қурып,
Балларды қушақлап жығылып,
Қорқып ырайдан қайтады,
Қыдыр шал бир сөз айтады:

— Қыдыр шалдың ҳаққа жеткен наласы,
Адамзаттың неге жетер қарасы,
Жыйнағаным бул дүньяның жетими,
Ақыры тийер, асырасам, пайдасы.

Бир күн солар Қыдырбай шалыңның гүли,
Бийперзенттиң бағында жоқ бүлбүли,
Жетимлердиң маңлайынан сүйесең,
Ақыры келер бир күн енди рәҳими.

Көгереди Түркистанның гиясы,
Перзент екен адамзаттың мийўасы,
Асырасаң ол кеўлини қалдырмай,
Бир күн болар дүнья-малдың ийеси.

Баласыздан болды мениң баўрым қан,
Сансыз малым Түркистанда жыйнаған,
Жетим тапсаң сен бир кейип, назлы яр,
Жеткизгенин билмейсең-аў ғайыптан.

Көрдим, өттим бул дүньяның жалғанын,
Билмейсен бе кеўилимниң ойранын,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Асырайман және де көп жетимди,
Жетим емес,сениң бул бир туўғаның.

Қубартасаң,суўытасаң сен жүзиң,
Әкеңдейин нәсиятым бул сөзим,
Асырағыл балаларды арқалап,
Бири улың,бири қызың,перзентиң.

Бул бир сөзди айтқанда,
Балларды қатын қушақлап,
*Көзиниң жасын моншақлап,*
Жаман қәҳәрин сөндирип,
Ғамға кеўлин толтырып,
Улы менен қызыны,
Ардақлап енди балам деп,
Зербаптан кийим кийдирип,
Қыдырбайдай бул шалың,
Ғайыптан бала берди деп,
Мал ийеси болды деп,
Өзиң көрген Қыдыр шал,
Қуўана берди бийқарар.
Тоқсан туўша сойдырды,
Төрт жақ атты шаптырды,
Шадыяна қақтырды,
Бақсы-жыраў айттырды,
Төрт жүз тоқсан отаўды,
Бай тойында қурдырып,
Өзиң көрген Қыдырбай,
Той береди балларға.
Той арадан өтеди,
Балалы болып Қыдыр шал,
Мурадына жетеди.
Алты жасқа келгенде,
Баланы атқа мингизди,
Атлас қамқа кийдирди,
Той-мереке,жыйында,
Шадлық дәўран сүргизди,
Бай Қыдырбай балаға,
Аталық қайыр тийгизди.
Жетти жасқа келгенде,
Ер елинен болады,
Сегиз жасқа келгенде,
Баланың аты тутылды,
Тоғыз жасқа келгенде,
Жалаң беллер жыйланды,
Он жасына келгенде,
Ақ отаўды қурдырып,
Және ат минип томпыйып,
Қырық бала менен қырық ат минип,
Қырық балаға бас болып,
Түркистанның елинде,
Әрмансыз дәўран сүреди.
Он бир жасқа келгенде,
Ҳәр бир исти етеди,
Он еки жасқа келгенде,
Жаскелендей баланың,
Сақыйлығы,беклиги,
Сулыўлығы,ерлиги,
Жети ықлымға кетеди,
Даңқы енди баланың,
Ҳәр жерлерге жетеди,
Сол ўақытта Жаскеленниң,
Сулыўлығы,хош мулақат,
Хош пейиллиги соныңдай,
Түркистан елине кетеди,
Бухардың да елинде,
*Сәрўан деген жайына,*
Хабары барып жетеди.
Бухардың пайтақ елинде,
Айқозы менен Жанқозы,
Жолды баслап ол жүрген,
Қырық қарақшы бар еди,
Ол қырық қарақшының кәсиби,
Қайда сулыў ҳаял болса,
Қайда сулыў бала болса,
Кимде жақсы ат болса,
Бермесе,тартып алып,
Урысса,басып алып,
Қылғаны оның сол еди.
Жаскелендей баланың,
Хабарын булар еситип,
Түркистанға атланды.

* * *

Қырық бала менен Жаскелен,
Алтын сақа қолында,
Топлар ойнап жүреди,
Жаскеленниң жақсы көрген,
Бир ғана досты бар еди,
Атын Жандос дер еди,
Сол ўақлары бул бала,
Қарақшының қарасын,
Байтақ-байтақ көреди,
«Қашайық енди,достым» деп,
Бала сөйлей береди:

— Бизлерге болғанды дүнья енди тар,
Жандосыңның сизге айтар сөзи бар.
Журт бүлдирип,елди шапқан қарақшы,
Ат қойып киятыр енди залымлар.

Қутылмағың гүман енди залымнан,
Қарсыласса суўдай ағар енди қан,
Өлип кетерсең сен қусаған жақсылар,
Паналайық,ўай,тезирек жоражан!

Жылатады тутағойса залымлар,
Ата-енемнен енди залым айырар,
Қашайық-аў абырай барда,жан достым,
Мына залым қанатларды қайырар.

Сонда турып ол Жаскелен сөйледи:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Алла ағызар енди көзден жасыны,
Тириликте қайғырмайман басымды,
Ғош жигит те қашамекен саўашта,
Қашқанлығы ол нәмәрттиң исиди.

Бул дүньяның соңын сорсаң жалғанды,
Залым кәпир баска қайғы салғанды,
Атам аты билесең бе, Балтакей,
Қайтпай урысып жаў қолында өлгенди.

Кеўилимде көпти сөйлесем әрман,
Әжел жетпей шықпас тәнде шийрин жан,
Зор қолында өлген ерге не әрман,
Қашағойсақ бул жанымды қайғырып,
Биз туўмаған Балтакейдей атадан, —

Дейип енди турғанда,
Атаңа нәлет қарақшы,
Дүркиретип ат қойды,
Кеўлине салып әрманды,
Шаңға қосты ол шаңды.
Айқозыдай палўаны,
Көргенниң ақлын алады,
Жағасына Жаскеленниң,
Керилип қоллар салады,
Басына қамшы урады,
Аттан тартып алайын деп,
Балаға зорлық қылғанда,
Қорғансыздай Жаскелен,
Қозғалмайын турады.
Және бир қамшы урады,
Бала мойнын бурады,
Беслеп тағы балаға,
Анда пәнже салады,
Атқа тартып алайын деп,
Тағы зорды бергенде,
Қара тастай болады,
Қарақшының басына,
Қара күнлер туўады.
Қашып кетти бир бала,
Жаскелендей жас бала,
Жалғыз қалды сол бала,
Жалғызлығын биледи,
Бир тәңирге жылады,
Айқозыдай палўанды,
Ат үстинде турғанында,
Жағадан тартып алады,
Айландырып басынан,
Тартып жерге урады,
Ал енди сол жерде,
Айқозы өлип калады.
Бирин атты күнбатар,
Бирин атты күншығар,
Палўанлығын биледи,
Батырлығын биледи,
Қайғыланды залымлар,
«Ушырадық балаға,
Бала емес бәлаға,
Үшеўимизден айырды,
Қашайық енди далаға».
Ақылынан сасады,
Дүркиресип қашады,
Өзиң көрген Жаскелен,
Бир палўанын және де,
Аттан тартып алады,
Қағып жерге урады,
Еңсесине минеди,
Пышақты қолға алады,
Сол мезгили болғанда,
Пышақты қолға алғанда,
Аҳы урып қарақшы,
Гәҳи күлип жылады,
Гәҳи жатып күледи,
Өлим түсти ядына.
Анда турып Жаскелен:
— Енди жаўыз өлесең,
Әрманыңды айт, — деди:

— Өлимниң хабары келгенди таяп,
Кимлерге қол салдың қарақшы саяқ,
Не себептен сен жылайсаң зар-зар,
Сени қоймайман мен хеш ўақта аяп.

Ел тоздырып, сайлап миндиң әреби ат,
Бул жерлерде не изледиң сен нәмәрт?
Гәҳи жылап, гәҳи неге күлесең?
Не себептен қылдың енди кеўлиң шад?

Көлинен айырылған жалғыз сонасаң,
Жан қайғырып енди бир аҳ саласаң,
Өлимниң азабы сениң үстиңде,
Не себептен залым қақақ урасаң?

Сол ўақта жүзин қаратты.
Қарақшы мынаны айтты:

— Арзым есит, айналайын Жаскелен,
Елимнен айырылып бүгин баўрым қан,
Мен жыламай бул дүньяда қәйтейин,
Дүньяда айырылған өлимнен жаман.

Ҳижран отында күйип-күйип жанаман,
Халқымнан айырылған мен де сонаман,
Елим еди Темирланның шәҳринде,
Атам еди жалғаншыда Жанқозы,
Айқозыман ағасынан айырылған.

Достымның дүньяда душпанлар қасты,
Жаўларды житирди арысланның сести,
Ағам еди, арыслан еди Аққозы,
Балтакей батырдың дүньяда досты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Иниси едим Аққозының бәзирген,
Сансыз дүнья алып кетти ноғайдан,
Саўдаладым Қытай,Қырым еллерин,
Қайтып келсем жаў шаўыпты ноғайды,
Қалмақлардан келип залым Қарахан.

Жалғыз ағам зар жылатып өлтирип,
Балтакейдей мен достымнан айрылған,
Сол себепли мен жылайман зар-зар,
Айланайын жетимегим Жаскелен.

Әўеле елимде бир сөзлерге жылаған,
Кеўлимде көп еди жәханда әрман,
Түркистанда бар деп айтты атыңды,
Излеп келдим алыс жерден мен,султан.

Қолыңды урып нардай болған белиме,
Миндиң енди ақ сийнемнин үстине,
Дүньяда болыпсаң сен өзиң палўан,
Шыдамайды анаў-мынаў дәстиңе.

Айқозыман сениң өмириң тилеген,
Мен айлансам сениңдейин төреден,
Ата қанын алғандай екен қуўатың,
Соның ушын жаным менен күлемен.

Хан алдында сайрар енди шешен тил,
Сен тыңласаң хәр бир сөзим алтындур,
Таўып алдым сениңдейин инимди,
Гәҳи өлтир,гәҳи күлдир,өзиң бил.

Өлсем қалар Түркистанда сүйегим,
Он жетимде жумыр болған билегим,
Ғайратың бар Рүстеми палўандай,
Барсақ қосылып Қараханның елине,
Атаңның хақ қанын алмақ тилегим.

Жылатпады нешшелерди зар-зар,
Жалғыз болдың,енди маған дүнья тар,
Сени пана билип келдим алдыңа,
Гәҳи өлтир,гәҳи күлдир,өзиң бил.

Бул сөзди айтқан мәҳәлинде,
Жаскеленниң атасы түсип ядына,
Баланың кеўли ерип,
Залымның үстинен түсип,
Қаны қызып атасының,
Қаны ушын қалмаққа,
Бармаға талабан етти.
«Атамнан алайын тезирек,
Барып енди рухсат»,
Деп бир-еки аўыз сөз айтты:

— Жигитликке жеткей мениң бәҳәрим,
Саўаш болды енди мениң әрманым,
Атамнан мен рухсатты алайын,
Талап қылсам мийирбанымның қанын.
Достыңман деп қылдың дүньяны дәркар,
Жалғызлықты көрмей маған миясар.

Ата-енемнен ат-жарақты алайын,
Ўәдели күниме тайын болайын,
Қулақ салың,айланайын жан аға,
Ерте бастан жолға талап қылайын.

Рухсат алсам Түркистанның елинен,
Арымды алсам барып қалмақ жеринен,
Саўаш күни сайран салып залымға,
Тутсам барып Қараханның белинен.

Алсақ енди жалғыз атамның қанын,
Азат қылсақ он сан ноғай елатын,
Ғайратымды көрсе елим қуўанар,
Душпанлардың ели-халқын суў алар.

Жылаўында бирдей,аға,жүрейин,
Әреби атты сайлап енди минейин,
Турағойың,айланайын аға жан,
Қыдырбайдан мен рухсат сорайын.

Бир сөз айтты сонда залым Айқозы,
Сарғайыпты қорыққанынан гүл жүзи,
Қутылмақты қолай көрип сол жайда,
Балаға айтты шайырлықтан бир сөзди:

— Жаным иним,саған айтар арзым бар,
Еки қарақшы өлип қалды бул жайда,
Қорыққанынан қашып кетти жолдаслар,
Сениң мундай дослығыңды билмеди.

Көп ишинен көп бир ақыл табылар,
Қайтайын мен,жолда олар,мен ҳәзир,
Атың минип сен изимнен барабер,
Тәрийпиңди еситкенди еки хан,
Қорққан жайға баталмайды аламан.

Кеткенимнен барагөрме,жан иним,
Кейинирек барарсаң-аў изимнен,
Қай ўақта да айтқаныңа тураман,
Сениң ушын жаўға қылыш ураман.

Мен кетейин бул жерлерден тезме-тез,
Рухсат берсең,жолдасыма бараман,
Қулақ салып сөзим тыңла,Жаскелен,
Мени өлер деп олар болған сергиздан.

Айтқаныңды таяр қылып,жан иним,
Хәр ўақытта турар Айқозы аған,
Таўып алғыл Оратөбе таўынан,
Тез кетейин,рухсатыңды бер маған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаным төре,буннан хош бол аллаяр,
Екеў болып,жаўға болды дүнья тар,
Сени күтип,жолың бағып тураман,
Ҳәр ўақта ҳалыңнан болып хабардар.

Бул сөзди айтып Айқозы,
Сарғайып тағы гүл жүзи,
Әсте қашқан нәмәрт,
Қуйысқанға бәрекет,
Деп ҳийлелик етти,
Бир майданның арасында,
Көзинен ғайып болып кетти.

Ендиги сөз Жаскеленнен.
Анасының,апасының жанына бармай,
Қыдырбай шалдың жанына,
Жылқы баққан жерине,
Жаскелен бала барады,
Атасына қарайды,
Бир-еки аўыз сөз бенен,
Жалына берип жас бала,
Ат- жарақты сорайды:

— Жаным ата,айтар саған арзым бар,
Атсызлықтан дүнья болды маған тар,
Әрманым сол,саҳрада қус салсам,
Маған бериң көп жылқыдан бир тулпар,

Жигит болса,ағайинли жигитлер,
Жақсы атқа ғош жигитлер қуўанар,
Қолға алсам испаҳаны сары жай,
Тулпарды миниўге қылғанман қумар.

Саған қылдым,ата,енди ықтықат,
Досларымның астында бар әреби ат,
Той күнлери дүбир салып келгенде,
Шыдап туралмайды-аў билсе ҳасыл зат,
Соның ушын сорап келдим,жан ата,
Көп жылқыңның ишинен бир тулпар ат.

Бул сөзлерди айтқанда
Атасы еди Қыдыр шал,
Жылқы баққан таяғы менен,
Мойнының артына сабалап,
— Қайдан келсең содан кет,
Жылқы сорап берме бет,—
Деп сөзлерди молайтты,
Балаға қарап сол жерде,
Мынадай бир сөзди айтты:

— Бала болған қылады,
Бар-жоғына қанаат,
Жетим-жесир сақласаң,
Азабы көп ол мийнет,
Табылғай бир аттан пайдаң,
Қайдан кетсең соннан кет,
Қалжаңлайсаң сен маған,
Турма алдымда сен нәлет.
Атаңның енди Жаскелен,
Баўырын қылдың енди қан,
Ат түўе,қулын сораған,
Кештим ондай баладан.
Қыз таўып бир ҳүрметке,
Заманында бай болып,
Ат-жарағым сай болып,
Мениң енди әўладым,
Жалғаншыда қаршылдап,
Жалатай болып ел гезип,
Ондай атқа минбеген,
Аты менен Қыдыр шал,
Алдырып маған дүнья-мал,
Кереги жоқ баланың,
Тур ха,алдымнан сен жоғал!—
Деп бул сөзлерди айтты,
Атты мине салып қуўып кетти,
Балаға жаман ғазап етти.
Ашыўланып Жаскелен,
Шаўралайдың жанына келип,
Еки көзин жаслап,
Ат-жараққа сатаман деп,
Апасының шашынан услап,
Бир жаўап айтты Жаскелен,
Мынадай сөзлерди баслап:

— Апа,саған айтар енди арзым бар,
Бул дүнья болып тур енди маған тар,
Әрман менен енди бизлер өлгенде,
Бул жерлерде бизлерди ким қайғырар.

Ата дедим,сыйынғаным Қыдыр шал,
Дәркар екен қартайғанда дүнья-мал,
Бала болып сорағаным бир жылқы,
Кеўилиме салды мениң қыйлы ҳал.

Ақырет берди мениң енди кеўлиме,
Ашыўланып отлар салып тәниме,
Шар базарға сени алып барайын,
Қулақ салып мақул көргил сөзимди.

Бир жылқыға сени көрдим мияссар,
Әреби ат табылса кеўилим тасар,
Бир ат сорағанға бермей Қыдыр шал,
Аўзына келгенин айтып,ийт қосар.

Ағызғанды бул Қыдырбай көзден жас,
Мал сораған адам болса көрер қас,
Шар базарға сени сатып,жан апа,
Бир жылқыға мен беремен басма-бас.

Ат-жарақты сондай жақсы көремен,
Ҳәзир сени базарға алып жүремен,
Басыма түсипти жәҳан тарлығы,
Бир ат-жарақ бергенге сени беремен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат-жараққа сатып сени,жан апа,
Инимниң кеўлинен кетириң қапа,
Душпанымнан алып барлық өшимди,
Аңлыған душпанды етейин таба.

Көрсетейин душпанларға күшимди,
Ат-жарақ ҳәм жандырып тур ишимди,
Ыразы десең мениндейин иниңди,
Қыдырбайдан мен алайын өшимди.

Жаскелен усылай айтқанда,
Орнынан турып Шаўралай:

— Әй,шырағым,Жаскелен,
Қарақшыны өлтирдиң,
Биреўин аман жибердиң,
Астына басқан адамның,
*Соныңдай еди ғайратын,*
*Рүстемдей еди айбатын,*
Атаңды өзим көрейин,
Тағы сынап билейин,
Қалай болса да,жан иним,
Ат-жарақ таўып берейин.
Бул сөзди айтып Шаўралай,
Көргенниң ақылын алып,
Қасын қағып,жең салып,
Беллери қылдай буралып,
Кеўили дәрьядай тасып,
Адымыны бир басып,
Айдан аппақ жүзлери,
Қара нәргиз көзлери,
Адамзатты еритер,
Жағымлы сондай сөзлери.
Жүзиниң сүрме қалы бар,
Жигиттен күшли ҳалы бар,
Шийриннен шекер палы бар,
Қандай бир қызлар болса да,
Қасында бунның жасықтай,
Қос мәммеси торсықтай,
Соныңдай сулыў қыз еди,
Жалбарынып,жалынып,
Атасынан ат сорап,
Усы бир айтқан сөзи еди:

— Ата,қулақ салып тыңла тилимди,
Жас жигитке қыймайдылар өлимди,
Көзиң сениң қара қанға толды ма,
Сен муншама қарғай берип инимди.

Жетимликтен иним дәўран сүрмеген,
Астына секиртип бедеў минбеген,
Бул дүньяда бир күн қалар басыңнан,
Не себептен бир тулпарды бермедиң?

Таяқ урып мийирқаныңа қанасаң,
Сөзлер айтып жанын отқа саласаң,
Бир ат қыймай мениң жалғыз иниме,
Бул дүньяны қалай толы қыласаң?

Кеўилимде жатыр мениң әрманым,
Мына иним мениң қуўатым-жаным,
Ол иниме бермей атты,жан ата,
Терис қайтқаның ба,қалай болғаның?

Қызыңның сөзлерин тыңлап көриңиз,
Жасың жетти,дуўры жолға жүриңиз,
Сөз сөйлейди жалбарынып жалынып,
Қызың ушын бир тулпар ат бериңиз.

Сол жерде сөйлейди буған Қыдыр шал,
Қыз сөзине жылай берди зар-зар:

— Айналайын жалғыз қызым,перзентим,
Саған айтар атаңыздың арзы бар,
Бул дүнья болдығой атаңызға тар,
Жаскеленниң ақ жүзинде нуры бар,
Ат бермей мен бул балаға қәйтейин,
Қырық қарақшы залымлардан қәўпим бар.

*Баланың дәртинен кеўлим жанады,*
Залым енди айралықты салады,
Берегойсақ иниңизге ат-жарақ,
Қырық қарақшы азғырады баланы.

Муңлының аққанды көзлеринен жас,
Ҳеш бир жерде жоқтур ол залымға қас,
Азғырып әпкетер жалғыз баланы,
Соның ушын мен көрмедим мийрас.

Бала деген ғош жигитке муратты,
Намысты,қуўатты берген уятты,
Қәўпим бар қырық қарақшы залымнан,
Иниңе бермедим сол себеп атты.

Қарақшы еситип болдым кеўлим тар,
Кеўилиме түсти мениң қайғы зар,
Әгер кетсе сөз алып қояды,
Сол себеп бермедим иниңе тулпар.

Бул сөзди баба айтады,
Сонда турып Шаўралай,
Бабаға тағы сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Себеп пенен мен сорайман тулпар ат,
Жаскелениң болған екен азамат,
Арзым есит,қублагәҳим бабажан,
Рустемнен кем емес баланда айбат.

Басыңнан таймасын ҳеш ўақыт дәўран,
Қуўатымнан титирер жер менен аспан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дады жетпес каракшының иниме,
Дүньяда болыпты баланыз палўан.

Иним болды кеўилимнин бир қошы,
Залымның көзинен акқанды жасы,
Зорлык қылып инимди алып кетерге,
Аллалап ат койған қырык каракшы.

Дүбир салып,ат қойысты залымлар
Қаракшыға иним қылды енди қар,
Екеўини каракшынын өлтирип,
Айбатынан пыт-шыт болды залымлар

Жаскелендей батыр болмас дүньяда,
Атлыларды сергиздан қылды пияда,
Жылқыңыздан сайлап тулпар беребер,
Жалғызымнан қайғы қылма,хан ата.

Буны еситип Қыдыр шал,
Ўақты сонда хош болып,
Бадам көк деген тулпарды,
Усламак ушын машқул боп,
Жетти киси байлап,
Аттың көзи жайнап,
Көзлери көкке тигилип,
Бели жайдай бүгилип
Ат қарғыған мәхәлде
Мәканлары көринип,
Жети кисиге күш бермей
Кетейин деп турғанда,
Апасының атты услап
Турғанын көрип Жаскелен
Бир сөз айтқан қусайды:

— Залымлардан алар енди қаным бар,
Нәмәрт жигит тәнде жанын кайғырар,
Қылығыңнан,кекилиңнен жәниўар,
Қарарында қубылагөр,Бадам көк,
Қашаман деп қубылмағыл жәниўар.

Түсимде мингеним сениндей тулпар,
Онымда көргенде шыдамай карар,
Арыслан сыпат қуўатым бол,Бадам көк,
Ийен келди,сабыр қылғыл жәниўар,—

Деп усылай турғанда,
Ат сөзлерге киснеди,
Жаскеленди ийискеди,
Еки аяғын көсилди,
Қабағы енди жәниўардын,
Қыздай болып сүзилди.
Кеўли сүйип тулпарды,
Манлайынан сыйпалап,
Жаскелендей ғош жигит,
Бадам көктиң басына,
Гүдери нокта салады
Жағасына оймақ ояды,
Зербаптан тигип терликти,
Ат үстине қояды.
Атты көрип батырдың,
Мийирлери қанады,
Қуйысқаны қубба алтын,
Зәңгилери сом алтын,
Алтын баслы егерди,
Ат белине салады,
Мақпалдан беллик салады.
Ат мойныны ийеди,
Ат қуйрығын Жаскелен,
Шынты менен түйеди,
Нардай болып ыңыранып,
Ал,Жаскелен минеди.
Ғайратым ийем көрсин деп,
Көзгеген нен Бадам көк,
Көкке қарап ушады,
Аўзынан көбик шашады,
Ыза таппа ийем деп,
Аяғын барлап басады,
Хәсер таўдан асады,
Қыдыр шалдың ордасы,
Ал үстинен Жаскелен,
Сол ўақытта түседи.
Бир ақшам мунда жатады,
Ертеңине таң атады,
Инисиниң кетерин билип Шаўралай,
Алты тандыр шөрек жапты,
Еки қоржынға салып,
Аттың бастырығына тигип,
Жайғастырды шөректи,
Орынлады батыр тилекти,
Кеўлини бир жәм қылып,
Басты енди жүректи.
Жаскеленнин көзи жайнап
Қаны қызып,өксип жылап,
Алыс жерге етип талап,
Не деп тур екен Жаскелен,
Алдағы ислерди ойлап:

— Жан атажан,саған айтар арзым бар,
Дүнья болды мендей мәртке енди тар,
Сапарым бар залым қалмақ елине,
Мендей мәртке,мийрибаным,рухсат бер.

Жеттим енди саўаш майдан күшиме,
Өткен дәртлер толып жатыр ишимде,
Олжа қылған он сан үйли ноғайды,
Қараханнан мен алайын өшимди.

Қаным қызып,мен жылайман зар-зар,
Түркистанның ели болды маған тар,
Талап салып Қараханнын елине,
Жаскелениң залым ханнан өш алар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Азат қылсақ он сан үйли ноғайды,
Тарқатайын, жан атажан, қумарды,
Хош болыңлар бүгин меннен ғаррылар.

Батырға жараспас дүньяда әрман,
Астымда ат-жарақ болдығой дәрман,
Енди кеттим Қараханның елине,
Атам, енем, бизден қалың хош аман.

Кетерин енди Қыдырбай,
Баласының биледи,
Өксий берип жылады,
Баласына сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Айналайын жан балам,
Залым дейди Қарахан
Қайғырмайды бендени,
Оған барған батырлар,
Келген емес ҳеш аман,
Жалғыз қәйтип барасаң?
Қайғыраман мийирман.
Жылаттың мени зар-зар,
Батыр еди заманда,
Бозамандай палўаннан,
Қалған енди саўыт бар,
Сен бир кийгил үстиңе,
Менде алмас қылыш бар,
Оны да байла белиңе,
Шарайнаны сен кийип,
Баўдай болған басыңа,
Тәўекел деп бел байлап,
Мингил аттың белине.
Кеўилиңде, балам, әрманды,
Салмасын алла зыянды,
Мәрттин кеўлин өсирип,
Кетеберин перзентим,
Бир аллаға тапсырдым,
Барма деген жаманды.

Бул сөзлерди айтқанда
Зар бир жылап Қыдыр шал,
Хошўақ болды сол жайда.
Жаскелендей баҳадыр,
Саўытыны кийеди,
Бир түймеден иледи,
Алмас қылыш байлады,
Сарыжайын қолға алып,
Кетиўге батыр ойлады,
Атадан калған шарайна
Оны да өзине сайлады,
Көк полатқа ғарқ болып,
Секирип минди Жаскелен,
Атланды қалмақ елине,
Минип аттың белине,
Батыр туўған Жаскелен.
Бағдың гүли шайдады,
Бундай дәўран қайдады,
Мәрттиң көзи жайнады,
Астындағы Бадам көк,
Ийеси батыр мингенсон,
Алғыр кустан үлги алып,
Тулпар енди ойнады,
Үш күншилик жолларды,
Бир-ақ күнде алады,
Алты күнлик жолларды,
Еки күнде-ақ алады,
Оратөбе таўына,
Күнлер сәске болғанда,
Жетип батыр барады.
Қараса, қырық қарақшы,
Жолын тосып турады,
Қақақ урып қарақшы,
Мәрт алдында күледи,
Атының шылбырын услап,
Айқозыдай ҳайяр,
Бир исти өзи баслап,
Жалғаннан көзин жаслап,
Өзлерине инандырып,
Шыраклап, қараклап,
Айтады екен бир еки аўыз гәп:

— Жолың болсын, бизлер жылап зар-зар,
Батыр болған туўған елин қайғырар,
Жаскелендей мәртлер туўмас анадан,
Ғош жигитлер айтқан жерден табылар.

Қайғы салған ноғайлыға Қарахан,
Бирге барып журтын еткил тасталқан,
Келгениңнен айналайын шырағым,
Тилегим сол, көрмек сени бул заман, —

Дейип енди залымлар,
Көтерип аттан алады,
Аянбай хызмет қылады,
Саўғатың деп дүньяда,
Ашырқаған залымның,
Көзи оттай жайнады.
Ашырқаған қасқырдай,
Еки қоржын шөректен,
Биреўин де қоймайды.
Жатқаны таўдың қабағы,
Бәриси бирдей оңбаған,
Келиспей жатқан талабы,
Ишиўиңе нәрсе жоқ,
Жеўиңе де нәрсе жоқ,
Майданға шығып қарақшы,
Мәсләҳәтти салады,
Шаршап келген жас бала,
Аңламай уйқылап қалады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ендиги сөзди еситиң.
Бала уйқылап қалған соң,
Атын соймақ болады,
Залымның көзи жайнады,
Бадам көктей тулпарды,
Тутып келип қарақшы,
Сол ўақтында байлады,
Ҳаўлыққаннан залымлар,
Пышақ таппай жүргенде,
Қылыш пенен шапсақ деп,
Сол ўақытта ойлады.

Ендиги сөзди еситиң.
Айқозыдай бул залым,
Олжаның алды болсын деп,
Иши оттай күйеди,
Бийўақ еди,геллағар,
Уйқылап жатқан баланы,
Оң бетинен сүйеди.
Сол ўақытта Жаскелен,
Көзин ашып жиберди,
Орнынан қарғып турады,
Қылышты қолға алады,
Залымлардың басына,
Белгили саўда салады.
Атаңа нәлет залымның,
Бир шетинен тийеди,
Ишлери оттай күйеди,
Ақылы жаман сасады,
Ҳәр қайсысы ҳәр жаққа,
Қойдай болып қашады.
Қәсийети жоқ екен деп,
Атын шешип жиберип,
Батыр енди соннан соң,
Атына ерин салады,
Ақ саўытын кийеди,
«Таўып бәрин қырайын» деп,
Қыдырып жүрсе сайларды,
Бир ғана аттың дойнағын,
Батырдың көзи көреди,
Жер ошақтай үнирейген,
Аттың изин көреди.
Жаскелендей баланың,
Иши оттай жанады,
Қарақшысы қурсын деп,
Ол бир аттың излерин,
Көз астына алады,
Түске дейин қуўады,
Қутқармайды Бадам көк,
Песин ўақты болғанда,
Жаскелендей арыслан,
Өзи он төрт жасында,
Алты қойдың терисинен,
Бөрики бардур басында,
Дәўсыпат жанды көреди.

Отыз қойдың терисин,
Постын қылып кийипти,
Кескир қылыш қолында,
Аспан менен таласқан,
Бедеў аты астында,
Қарамай оңлы-солына,
Байтеректиң басына,
Найзаның ушын қадаған,
Сонындай найза қолында,
Алты батпан сары жай,
Асқан екен ийнине,
Атланыпты ол адам,
Залымлардың елине.
Жақсылық шықса бахтым деп,
Жаманлық шықса өлим деп,
Жетип барды Жаскелен,
Ол адамның кейнине.
Ойлап турып Жаскелен,
— Барып ҳаслын сорайын,
Дәў болса да көрейин,—
Деп еки аўыз айтты гәп:

— Кеўилиме келипти жаз жайлаў бәҳәр,
Нәмәртлердиң күннен-күнге кеўли тар,
Бир күн болды,жеталмайман изиңнен
Жан ағажан,сизге айтар сөзим бар.

Бәршени жаратқан я бир Зүлжалал,
Жалғызлықтан болды маған дүнья тар,
Айбатыма титиреген душпанлар
Мен иниңе көзиң көрип нәзер сал.
Рәҳим әйле,исен мениң сөзиме,
Дәў болсаң,сорарсаң палдайын қаным,
Мәрт болсаң қарайгөр мениң өзиме,
Тыңлап мениңдейин иниңниң зарын.

Бетлей берип қарады,
Жаскелендей батырға.
Көрсе,күлип ойнаған,
Жарқырап бети жайнаған,
Тилегин тилеп алладан,
Адамзаттың әўлады,
Ондай батыр туўмайды,
Бул ўақтында атадан.
Аттан түсип Жаскелен,
Еки бүгилип Жаскелен,
Берди сол жерде сәлем.
Сол ўақтында сол адам,
Жаскеленге қарап,
Ҳаслы-затын сорап,
Айтады екен жаўап:

— Қыдырған жерлерим таў менен сара
Кимлер тойған болды паный дүньяға,
Жалғызлықтан сен таўыпсан қорлықты,
Ҳаслы-затың айтқыл маған жас бала.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Саўаш болар ғош жигиттиң мурады,
Мен ағаңның Әлий шердей қуўаты,
Атлар салып келдим,балам,изиңе,
Сен боласаң қандай адам зүрияды.

Көзден аққан қанлы жасың зар-зар,
Ҳәр бир сөзиң шекер,шийрин енди пал,
Қонысыңды айтқыл маған,сен бала,
Қайда болар туўған жериң жәҳанда,
Атаң-анаң сен баланың ким болар?

Жақсылықтан хабар таўып Жаскелен,
Ҳаслын айтып жылай берди зар-зар:

— Жаным аға бул сөзиме қулақ сал,
Кемтарлықтан қыйын болды жүдә ҳал,
Сол себепли ишим толы әрманда,
Кеўилиме түскеннен соң қыйлы қал.

Жаслығымнан ашылмаған гүлимди,
Жетимлерге зорлар салар зулымды,
Қулақ салың,мен айтайын,жан аға,
Айтайын мен туўып өскен жеримди.

Жетимликтен болды менин баўрым қан,
Ҳәр есикте саңсып жүрдим сергиздан,
Жаслығымнан өлип еди ата-енем,
Темирлан қаласы туўған бир жерим
Ата-анам өлген ўақта,жан аға
Қарахан залым келип,шабылды елим.

Садағыма алдым бүгин сары жай,
Жетимликтен өстим енди мен жылай,
Қалмақ барып шаўып кетти елимди,
Атамның атларын сорсаң,Балтакей.

Қарахандай залым қылды урысты,
Ноғайлыға урды қәҳәр қылышты,
Ели-журтым талан қылып Қарахан,
Жетим қылып,ағызды көзимнен яшты.

Шерим айтып мен толғайман,ағажан,
Жаскелендур алдыңызда жылаған,
Жетим болып зар жыласып жүргенде
Пана болды ябы минген бир адам.

Майданларда еки көзим жанады,
Атамның басында қылыш ойнады,
Отыр едим бағып атам сүйегин,
Жетип келди ябы минген бир адам.

Бизлерди алып Түркистанға айдады,
Рәҳим қылып шарапатлар ойлады,
Екеўимизди миндирип аттың белине,
Түркистан елине белин байлады.

Жаслығымнан жетпей ақыл кейнине,
Билиўши едим жас та болсам елини,
Ябы минген алып келип ол киси,
Таслап қайтты бир бадамның түбине.

Отыр едик ол бадамды саялап,
Бир шал келди көп жылқыны қуўалап,
Шал жылады бизди көрип зар-зар,
Бизиң қайдан келгенликти сорағлап.

Шал жылады бизди көрип зар-зар,
Бизди көрип кеўили болып биймәҳәл,
— Бала жүрер жерлер емес бул майдан
Шайтанбысаң,адамбысаң енағар?!

Бул сөзлерди бизге айтып Қыдыр шал,
Шалды билдик сол жерлерде кәўендер,
Жетимликти бизлер айттық ол ўақта,
Перзентим жоқ деп жылай берди зар-зар.

Апам менен мен ойласып сол ўақта,
Бул шалға бала болмақлыкқа,
Бизлер қылдық сол майданда ықтықат,
Көз алдымнан жаслар ақты селдей қан.

Бала жоғын ол шалларда биз билдик,
Сол себепли дедик оны атажан,
Пана болды сол бизлерге Қыдыр шал,
Соннан бери жақсы болды ҳал-аўҳал.

Биз өлер-ек егер ол болмағанда,
Өлмесликке себеп атам болғанды,
Алып барды ақ ордадай үйине,
Аўқат еттик бир неше ўақ солманда.

Бар екен қатыны сулыў,Қаракөз,
Жетим дейип айта берди жаман сөз,
Нардай болып гүркирейди Қыдыр шал:
— Ғайыптан келген енди бизге балалар,
Өзиңнин жоқ бул жалғанда перзентиң,
Жеткизгенди бул баланы бириўбар.

Өтириктен қушақлады Қаракөз,
Бизлерге хызмет қыла берди сәрбиназ,
Жети күнлер тойлар берди бизлерге,
Биз болдық Қыдыр шалға уғыл-қыз.

Бизлер өстик сонындайын саяда,
Қызыл гүлдей болып кеттик дүньяда,
Күшиме келиппен,болдым мен палўан,
Қырық жигитим менен жүрип қыяда.

Қырық қарақшы келип еди сол заман,
Үшеўин өлтирдим,бириси аман,
Биреўи сонда зар қылады жалынып,
Атаңның достыман дейди ол маған.

Айтты маған ҳәр бир сөзди бир қарап
Өлтирмей жибердим жақын дос санап,
Ядыма салды ол ата-енемди,
Қалар деп ойладым пайдаға жарап.

Сайлап алып мың жылқыдан бир тулпар
Мен атландым қалмақлының елине,
Бир нешше күн қылып мен енди сапар,
Атланыппан жалғыз қалмақ елине.

Бир адамға урыс болса,дүнья тар,
Қәуендерим жоқлығынан еттим зар,
Бир өзим атландым қалмақ елине,
Алыс жолға шықтым жол тартып сапар.

Солай,аға,тыңласаңыз сөзимди,
Жаскелен батыр дер мениң өзимди,
Қарақшыны қуўып жүрген ўағымда,
Көрдим,аға,атыңыздың изини.

Айтқан менин сөзлериме қулақ сал,
Бақшада сарғайған мен бир қызыл гүл,
Алдыңызға келип енди бас ийдим,
Гәҳи өлтир,гәҳи күлдир,өзиң бил.

Бул сөзди батыр еситип,
Атынан дәрҳәл түседи
Жаскеленди қушақлап,
Көзиниң жасын мошақлап,
Ақ жүзине бир қарап,
Ақылы ҳәр жаққа тарап,
Айнанайын иним деп,
Айтты бир еки аўыз жаўап:

— Жан иним,еситсең мениң зарымды,
Қылдым талаў залымлардың малыны,
Қайғы қылма жалғызбан деп Жаскелен,
Бирге алармыз атаңыздың қаныны.

Ат ойнаттым асқар таўдың үстине,
Еситсе титирер жаўлар сестимди,
Жалғызбан деп муңаймағыл Жаскелен,
Бүгин таптың атаңыздын достыны.

Инанбасаң мениң қара жүзиме,
Мен айтайын саған,иним,ҳаслымды,
Ыссық көринип турсаң көзиме,
Жас та болсаң ҳәр бир сөзиң келискен.

Қыйын екен бир-биреўди таппаклық,
Атаңның достыман,билсең Жаскелен,
Ағымбай дейдилер атам атыны,
Сени қыдырып гездим көп хан журтыны.

Табалмастан болдым сени сергиздан,
Мен тутқанман атам нәсиятыны,
Апаңыз ҳәм саў жүрмеди Шаўралай,
Табалмадым мен көп елди аралай.

Ағымбай деп атайдылар атамды,
Атамның досты екен атаң Балтакей,
Атам маған жылай берди зар-зар,
«Достымның баласын излеп таўып ал», —
Деп қоймады мениң атам қайғырып.
Сени излеп жүрмен болып ақылым лал,
Маған буны ядыңа сен сал деди
Балтакейдиң ертип алып баласын,
Қарахан патшадан қанын ал деди.

Қыдыраман Жаскелендей инимди,
Солдыраман залымлардың гүлини,
Көп күнлерден бери излеп табалмай,
Байлап жүрмен табыў ушын белимди,
Мақсетим болмаса болар кеўилим тар,
Ырас болса,айнанайын Жаскелен
Жанәдил ағаңа шыннан бер хабар.

Бул сөзди айтып танысып,
Еки батыр табысып,
Ботадайын бозласып,
Дослыққа қоллар алысып,
Бир-биреўин биледи.
Екеўи бирден ат қосып,
Ақбулаққа келеди,
Бастырықтан алып нан,
Аўқатланып жатады,
Көзиниң шырын алады.

Ендиги сөзди еситиң,
Қарахандай залымнан.
Уйықлап жатып түс көрди,
Түсинде жаман ис көрди,
Ҳәмелдарын шақыртып,
Түсин баслап жиберди:

— Алпыс еки ҳәмелдар
Патшаңыздың айтарлық,
Сизге,беглер,арзы бар.
Кеше уйқылап жатқанда,
Сарғайып таң атқанда,
Күн шығардың алдында,
Қорқынышлы түс көрдим,
Түсимде жаман ис көрдим,
Борап жаўды ақша қар,
Дүнья болды маған тар,
Ушып келип сол жерге,
Еки бирдей ақ суңқар,
Алып кетти бөркимди,
Алғандай боп еркимди,
Шақақ урып бир күлдим,
Бул бир түсим не болар?
Атланып шықтым қаладан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Даўыл келди, енди шаң,
Оң жағымнан қара арыслан,
Сол жағымнан сары арыслан,
Тартып алды атымнан,
Жылаўыма мен күлдим,
Аямай жорың түсимди,
Ырасынан айтпасаң,
Питирермен исинди,
Өтесең сизлер дүньядан.
Ат баўырынан сел-сел қан,
Шығып пыт-шыт болыпты,
Шопансыз қалды сансыз қой,
Болғандай болдым сергиздан,
Еки қасқыр айдады,
Жалғызыны қалдырмады,
Алды-артына шығып едим,
Менде мәдар болмады,
Ыраслығынан келиңлер,
Жуўабын тезден бериңлер,
Айнанайын жан достым,
Ҳасылзада, гилең беглер.
Беглер сонда не деди:
— Питкен екен исиңиз,
Әўеле көрген түсиңиз,
Халқыңызға зыянды,
Қәндегиңди қулатып,
Бахытыңның болғаны,
Балтакейден ол қалған,
Баланың адам болғаны,
Таслап кетип ол баланы,
Қырық жигит ладан болғаны.
Ол дүньяға келгенди,
Атасы қанын алмаға,
Ағымбайдың баласы,
Бас болып талап еткенди,
Еки арыслан қосылып,
Бөркиң емес, басыңды.
Дәўлетиңниң кеткени,
Жорысақ бизлер түсинди,
Питирипти исинди,
Күлсең жыларсаң зар-зар,
Дүнья болды саған тар,
Таң ўақтында келген болса,
Жанына енди ақ сұңқар,
Биреўи оның Жаскелен,
Биреўи оның Жанәдил,
Бир-биринен хабардар,
Қорлығынан қутылып,
Еки арыслан келгенсоң,
*Рәҳәт табар ноғайлар.*
Басыңнан кеткен әрманы,
Кеклиңниң саған қумары,
Пыт-шыт болса сансыз қой,
Көшеңизде қан ағып,
Ақырзаман болғаны,
Кеўилимде көп әрманым,
Қайғырмадың халқыңды,
Залым болдың Қарахан,
Ноғай елди еңиретип,
Қылып едиң сергиздан,
Қанын алмай ҳеш қоймас,
Батыр туўған Жаскелен.
Жыйна әскер көбиңди,
Айда сансыз елиңди,
Батырларың жыйнатып,
Сүйретип енди тобыңды,
Күшиң келсе Қарахан,
Қылғыл мәрттиң ислерин.
Саған абырой табылмас,
Оның менен жабылмас,
Басыңа туўар қара күн,
Басқаларға қапылмас,
Өлтирмесең ол ўақта,
Әўели бурын дүньяда,
Жанәдил деген ер барды,
Келген болса Жанәдил,
Өлимнен берген хабарды,
Дүнья саған мүшкилди,
Дүньяда түсиң жаман түс,
Питирипти исинди,
Болма, патша, сен бийғам,
Кетирер булар есиңди,
Келген шығар қалаға,
Шақыр енди әскерди, —
Дейип еди беклери,
Енди топ-топ болады,
Енди шоқ-шоқ болады.
Жыйнады залым қуўатты,
Ал енди сал ғайратты,
Жаў келди деп Қарахан,
Тум-тусына топ атты,
Бир атпады, мол атты,
Қалмақтан шыққан батырлар,
Дал бедеўди ойнатты.
Отыз мыңдай қул менен,
Алтын бас қара туў менен,
Басшы болды Қарахан,
Әскериниң көбинен,
Жер қайысты сол заман.
Шыға берди залымлар,
Ат ойнатып далаға,
Дабыл қағып далаға,
Қайғы түсти, жигитлер
Қатын менен балаға.
Бир күнге дейин жол жүрди,
Ақбулақтай жайларға,
Енди қалмақ барады,
Батырлардың дөгерегин,
Айланып қаплап алады,
Еки бирдей арыслан,
Билмей уйқылап қалады.
Бадам көктей әреп ат,

Батырлар уйқылап қалғанда,
Адамнан зыят ақылы,
Қулындайын шынғырып,
Жаскеленди тартады,
Тислеп алып қолынан.
Көзин ашса Жаскелен
Көп қалмақты көреди,
Уйқысын жаман бөледи,
Жанәдилге бир қарап
Былайша сөйлей береди:

— Инициизге тар келгенди бул дүнья,
Әжел жетип толды енди паймана,
Қамап алды душпан бизди бул жайда
Турғыл-турғыл,айнанайын жан аға

Мен жылайман жаўды көрип зар-зар,
Жерди-көкти тутты залым қалмақлар,
Көзиңди ашқыл уйықлап жатқан жан аға,
Иниңизге енди болды дүнья тар.

Бүгин ағар ат баўырынан қызыл қан,
Қурсалады тум-тусымды көп душпан,
Әрман менен енди,аға,өлмейин,
Аш көзиңди,айнанайын ағажан.

Көзинин оты жанады,
Өзи еди ҳәм батыр,
Қызыл бир жүзи солады,
Жаў қарасын көргеннен,
Қумартады геллеғар
Болғандай болды дүнья тар,
Ғазап пенен қараса,
Душпан шегер қайғы зар.
Көзи қанға толады,
Саўытын кийип алады,
Шарайнасы табылды,
Сән-сәнесин салады,
Қарағай найза қалтырап,
Маңлайы айдай жалтырап,
Өзи билгир саўашта,
Хеш көрмеген албырап,
Саўытың жамыл иним деп,
Өзимнен алғыл тәлим деп,
Байлаўда алмас қылышты,
Таркатар бүгин жерим деп,
Еки бирдей арыслан,
Атқа минди сол мәҳәл.
Бузылады ақ шырай,
Атқа минген лалады,
Оқ атады қалмақлар
Ақырып алла салады,
Жанәдилдей батырың,
Сонындай еди геллеғар,
Қырма қылыш жүзинен,
Ер иним,жүр деп изимнен,

Жанәдилдей ағаңман,
Қан ағызар жаўдың көзинен,
Қашыўшы болма далаға,
Қашагөрсең далаға,
Ушырарсаң бәлеге.
Душпаныңа қарсы гүресип,
Қайтпастан табан тиресип,
Қалмасын сирә әрман деп,
Қырғын урыс болады.
Усылай етип Жанәдил,
Алла салды қалмаққа,
Елине қырғын салмаққа,
Кеўилин ашып батырлар,
Кирди енди ғайратқа.
Айбатынан болды шаң,
Қолында кескир испаҳан,
Қыран болып қалмаққа,
Батыр туўған Жанәдил,
Аллалап шаўқым салғанда,
Атылған мылтық түтини,
Көкти алды көк думан.
Ханның жүзи солады,
Батырдың шыққан даўысы,
Мың адамдай болады,
Абыр-дүбир болады,
Еки шәмсер қолында,
Силтей берип урғанда,
Қырғын салды еки арыслан,
Ат баўырынан ақты қан.
Қыйратып туўын жыққанда,
Қарахандай залымның,
Ойына ислер түседи.
Қутылыўды оңайлап,
Басы менен ғай болып,
Ишинен қайғы жесе де,
Урыс жаман қызады,
Қарахан патша сасады,
Көп жығынның ишинен,
Шөлге қарап қашады.
Батыр еди Жаскелен,
Кескир қылыш қолында,
Қарағай найза қалтырап,
Қуўды ханның соңынан.
Астындағы Бадам көк,
Бели жайдай бүгилип,
Көзи көкке тигилип,
Қуўырмаштай қуўырып,
Жерден торпақ суўырып,
Аш гүзендей бүгилип,
Туяғы таска сөгилип,
Бир танаптай қалады,
Батыр қурсап барады.
Жеттим-жеттим дегенде,
Залым сумлық қылады,
Батыр туўған Жаскелен,
Қарағай найза қолында,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәҳәрленип патшаның,
Арқасынан салады.
Ҳийлепаз еди Қарахан,
Залымлық пенен көз ашқан,
Арасына салыпты,
Полаттай берик қалқанды,
Аты көкке ушады,
Омыраўдан көбик шашады,
Жаскеленге жеткизбей
Залым ара ашады.
Жаскеленди тындырды,
Қарағай саплы найзасын,
Қалқан менен ол патша,
Сол жерде урып сындырды.
Жаскелендей жас бала,
Не қыларын билместен,
Қыя шөлге сасады,
Қатыўланып,қатланып,
Муздай темир қурсанып,
Қынаптан алып қылышты,
Жан-жағына қарады.
Ыңыранып қылыш салады,
Қылыш урған ўақтында,
Атаңа нәлет Қарахан,
Қалқанын тутып қалады,
Қылыш шорта сынады.
Енди турып Жаскелен,
Жарақтан жуда болады,
Сары жайды қолға алады,
Ал патшаға атады,
Оң жағынан өтеди,
Сол жағынан кетеди,
Оғы тиймей баланың,
Сары жайдың оқларын,
Жаңа тамам етеди.
Сонда да батыр қайтпастан,
Патшаны қуўа береди,
Бадам көктей жәниўар,
Патша минген атының,
Санына аўыз урады,
Қәҳәрленип сол жерде,
Аты менен ол өзи,
Қулашын ашып қулады.
Жығылғансоң Жаскелен,
Қарахан қолды салады,
— Досларымның жанына,
Сени алып барайын,
Жанына отты салайын,
Жылатайын зар-зар,
Алып барып досларға
Тарқатайын мен қумар,
Тири тутып барайын,— деп,
Жаскеленди езгилеп,
Көзи оттай жанады,
Баланың атын залым хан,
Жетегине алады,
Жағасынан жуп услап,
Тақымға басып барады,
Жаскелендей баланы,
Тақымына бир басып,
Өзи әзиз болған соң,
Бала зар-зар жылады.
Жанәдилдиң бергени,
Бир қанжары бар еди,
Қанжары түсип есине,
Душпанларға сездирмей,
Бир қолын еплеп босатып,
Көз жиберип қараса,
Көринбей қалды сол жерде,
Көп бир жаўдың қарасы,
Бараткан бунын жерлери,
Алатаўдың жырасы,
Қолына алып қанжарды,
Емшекликтиң арасы,
Деп қанжарды салады,
Төмен қарап тартады.
Ханның бели бүгилди,
Иши менен баўыры,
Ат бойына төгилди,
Жан ҳалаты залымың
Жаскеленди қушақлап,
Аттан жерге жығылды.
Сонда залым Қарахан
Былайша сөз баслады:

— Саўаш күни ат баўырынан төктиң хан,
Бул дүньяның кейнин сорсаң бийпаян,
Жалғаншыда мениң улым-қызым жоқ,
Әрман менен өлесең бе Қарахан.

Сен атаңның қанын алған перзенти,
Сеннен енди,Жаскеленжан,ыразыман,
Ноғайлыдан мен айдадым дүнья-мал,
Улы-қызын жылатқанман зар-зар.

Сен атанның қанын алған перзенти,
Маған енди болды дүнья ҳәзир тар,
Бендесинде кетер енди жүз әрман,
Өмирдиң ақыры,билсеңиз,ўайран.

Сендей бала ҳеш бир туўмас анадан,
Кескил басым,сеннен,бала,ыразыман,
Аман кеткил буннан енди елине,
Қуўысқайсаң Темирландай жериңе.

Сеннен болдым бүгин,балам,ыразы,
Өткен исти ҳеш алмағыл кеўлиңе,
Мендей қылып көширегөр шәҳәримди,
Зары-гирян қыл мениң өскен жеримди,
Бийперзент бараман жалған дүньяда.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мынаў өлим сарғайттылар жүзимди,
Арылмастай ислер түсти басыма,
Мен өлгенде кимлер келер қасыма,
Топыраққа былғап салып кетегөр,
Ғарға-қузғын дақ салмасын лашыма,—
Дейип енди Қарахан,
Өтти енди бул патша,
Әрман менен дүньядан.
Ладан еди геллеғар,
Батыр туўған Жаскелен,
Ҳалын етти зимистан,
Қайдан тапсын көмбеге,
Қәдирлеп көмер елатты,
Патшасының үстине,
Тартып енди таслады,
Тикенекли қанбақты.
Ханның атын жетелеп,
Өз атына минеди,
Шийрин жанды қыйнады,
Патшаның алмас қылышын,
Белине енди байлады,
Ағам қалған жайға деп,
Тулпарларды шүў деп айдады.
Ат куйрығын өреди,
Көзлер лалы тереди
Кесип душпан басыны,
Ағасының жанына,
Мәрт Жаскелен келеди.
Келсе енди Жаскелен,
Жанәдилдей ағасы,
Беглерге шарап иширген,
Досларыны күлдирип,
Ол ноғайдың елинен,
Жәнибек деген хан қылып,
Халықты бир қосып,
Темирланға көширген,
Журтын кыймай қалмақлар,
Алып кетпе бизди деп,
Жылап тур екен зар-зар:

— Бир сөз айтты,тыңламады Қарахан,
Ақыры болғанды халқымыз ўайран,
Тоздырмағыл бүлгин салып елимди,
Сизден енди тилегимиз Жаскелен.

Бизлер қылдық патшасызды ықтықат,
Патшалық дегениң қайғы,әдаўат,
Таслап кетгил,көширмегил халқымды,
Берип отырайық ҳәр жылы зәкат.

Халқымызды жылатмағыл зар-зар,
Патша дейип талаў болды дүнья мал,
Алдыңызда зар жылайды жалынып,
Таслап кет деп өз елине қалмақлар.

Патшалықты биз қылмайық ықтыяр,
Айта берсең кеўилиң болар бийқарар.
Сол сөзлерди бир-бир баян әйледи,
Өтиниш қылып Жаскеленге қалмақлар.

Сол ўақтында Жанәдил,
Жаскелен батырға қарап,
— Бул ел қалсын орнында,— деп,
Айтты мынадай жуўап:

— Талаў қылдың Қарахандай патшаны,
Енди сүймес бул еллериң патшаны,
Сондай болды ҳәммесиниң айтқаны,
Бул еллерден зәкат алып Жаскелен,
Халқымызға күлип ойнап барайық,
Хеш ким болмас бул қалмаққа енди хан,
Қаст еткен душпанға талаў қылайық.

Зәкат алып қалмақлының елинен,
Инанайық ўәдесине булардың,
Биз кетейик бул қалмақтың елинен,
Айтқанлары болағойсын солардың,
Залымларды айырмайық жеринен.

Жалғыз баслы жас баласаң дүньяда,
Ағызба адамның көзинен қанлы жас,
Халықты көширмеге қылмаңыз ҳәўес,
Қаныңды алдың,басқаларды қыйнама.

Ашылып тур бул бағымда қызыл гүл,
Көширгенде тозаңлайды сансыз ел,
Ақылымды алсаң,өзимиз-ақ кетейик,
Ендигисин мәрт Жаскелен өзиң бил.

Жанәдилдиң бул сөзин,
Мақул көрди Жаскелен,
Қалмақлардан бий сайлап,
Үш күн удай той берип,
Тулпар атыны ертлеп,
Түркистанға қайтарда,
Көпшиликке қаратып,
Бир сөз айтты сол жерде:

— Жалғызларға болар енди дүнья тар,
Ели-халқым,саған айтар арзым бар,
Сапарым бар Түркистанның елине,
Халқым бунда хош қал енди аллаяр.

Саўашымда көтерилип дүбир шаң,
Залымларды қылдым урысып тас-талқан,
Айдын болсын туўысқан ел,беглерим,
Сапарымды менин сорсаң — Түркистан.

Мен қылмайман мал-дүньяға енди зар,
Түркистанда Қыдыр шалдай атам бар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рухсат алып сол атамнан, қалмақлар,
Ноғайдың журтына қыларман сапар.

Сол ўақтында қалмақлар,
Жетегине келтирди,
Батырға енди тоқсан нар,
Үсти толған бәри зер,
Алтын менен безелген,
Иззетин тутып батырдың,
Тартыў берип бәри де,
Түркистанға узатты,
Жаскелен менен Жанәдил,
Бир-бирине сөз айтты,
Жанәдил турып садақтан,
Бир оқты сонда шығарды.
Қадала қарап бетине,
Рухсат сорап кетиўге,
Жанәдилдей батырың,
Айтып тур екен бир-еки аўыз жуўап:

— Жетегиме сен тарттырдың тоқсан нар,
Мен бармасам атам-анам зар урар,
Сапарым бар ақ жалаўдың журтына,
Хош кетиңиз, иним, енди аллаяр.

Сөзим тыңла, қулақ салып Жаскелен,
Журтыңа барғайсаң илая аман,
Басларыма саўда түсти, ўай, мениң,
Бул оғымның ушынан енди ағар қан.

Енди болмас, иним, сениң кеўилиң тар,
Ҳәр жайларда бол өзиңнен хабардар,
Күлип-ойнап аман жүрсең дүньяда,
Бул оғымның ушларынан сүт тамар,
Қанлар ақса ол оғымның ушынан,
«Жан аға» деп меннен алғыл сен хабар.

Жанәдил соны айтқанда,
Батыр туўған Жаскелен,
Қырық нарды алады,
Елиў нарды сол ўақта,
Жанәдилдей батырдың,
Артына әкеп байлады,
«Айырылдым, аға, сеннен» деп,
Зар-зар өкирип жылады,
Жылай берип сөйледи:

— Паянсыз бул дүньяға,
Сениңдей батыр келер ме,
Жалғаншы паный дүньяда,
Айрылсам болар қара түн,
Кетермен болдың, жан аға,
Мениңдейин жалғызды,
Таслап барарсаң сен қайда?
Сүйенгеним сен едиң,

Таянғаным сен едиң,
Қуўанғаным сен едиң,
Көрермен бе дүньяда,
Көрмеймен бе дүньяда,
Ақылың еди зыяда.
Қозыдай болып секирип,
Кетер болдың, жан аға,
Сапарым бар Түркистан,
Туўры емес, қыяда,
Енди сеннен айырылып,
Дүнья бизлерге зиндан,
Қайтып келип кетсеңиз,
Иниң ырза, ағажан.
Көрмей жүрсем жүзиңди
Кеўлимде болар әрман.

Буны айтып Жаскелен,
Ғамгүнге кеўилин толтырды,
Ағасынан айырылып,
Бир нешше күн жол жүрди,
Азғана емес мол жүрди,
Көзлеринен ағып жас,
Жанында жоқ ҳеш жолдас,
Батыр туўған Жаскелен,
Сапар шегип жалғыз бас,
Келатырған ўағында,
Оратөбе таўлары,
Қарсы алдында көринди.
Бул таўларға барады,
Жан жағына көз салып,
Жилўа таслап қарады,
Ҳәр селеўдиң ишинде,
Өлип атқан адамды,
Бул Жаскелен көреди.
Биразлары қулап атқан,
Биразлары шөлден қатқан,
Тамақ жутпай аш боп жатқан,
Гейпарасын танымай,
Тенкейип узынына жатқан,
Бийәжел өлмесин деп,
Ҳәр қайсысына суў берди,
Қойдай болып үйирилип,
Қырқысы бирден жыйылып,
Жаскеленниң алдына келип,
«Достымсаң» деп жан қыйды,
Жаскеленге қарап,
Айтып тур екен бир-еки аўыз жуўап:

— Бул майданда аман болсын бул басым,
Ашлығымнан ақты көзимнен жасым,
Айқозыдан алдым, аға, сен ушын,
Өшинди шынында, айтсам ырасын.

Жаным қурбан болсын енди өлгенше,
Бизлер ашық болдық сени көргенше,
Бул қырық жигит еки дүнья жолдасым,
Бизге өлим жақсы сенсиз жүргенше.

Жақсылығың мәдет болды бириўбар,
Болып еди өлерге де дүнья тар,
Бундай болып атқан ўақта бизлерге,
Рәҳим келип сеннен басқа ким қарар.

Ыразымыз бүгин сеннен,жан аға,
Жаным саған қурбан болсын Жаскелен,
Хызметкериң бизлер болсын дүньяда,
Айқозы екен заманында жаў-желең.

Сен кеткенсоң бизлер атты желдирдик,
Зар жылатып Айқозыны өлтирдик,
Қыяметлик достым болдың Жаскелен,
Душпанынды мәнисине келтирдик.

Болып қалды қыя шөлде баўырым қан,
Үмити бар хәр бенденин алладан,
Жүргил енди,отаў бетке барайық,
Қыяметлик дос болыўға инансаң.

Иззетлеп балаға төсеклер салып,
Түрли тағамларды пал менен малып,
Нарлардың үстинен жүклерди алып,
Көтерип қойғанда ишлери жанып,
Қарақшылар қуўанып,мийрими қанып,
Батырдың бир өзин киргизди ордаға,
— Жатағой бир майдан көз шырын алып,—
Дегеннен соң батыр уйқыға кетти,
Майданда қарақшы мәсләҳәт етти,
Қәйтип өлтирердиң есабын таппай,
Ақыры балайша ўәдеге питти:

— Қулақ салың,жүдә жақсы қылайық,
Усы иске жүдә мәккем болайық,
Жасырынып барып,уйқылап жатқанда,
Алмас қылышларын урлап алайық.

Усы емес пе бизлерге де ылайық,
Басларына қара күнди салайық,
Босағаға керип алып қылышты,
Түсип кетпестей қып беккем байлайық.

Сөйтип үйди айланып,азмаз көрейик,
Қыйқыў салып,дүбир салып жүрейик,
«Ал келди жаў»,«ал келди жаў,батыр» деп,
Хәмме бирден услай хабар берейик.

Батыр қарағанда ояқ-буяғын,
Буннан басқа қолай көрер қаяғын,
Келатқанда ҳаплығып ол жуўырып,
Кесип алмаспекен еки аяғын.

Сөйтип бизлер мақсетлерге жетермиз,
Биз өйтпсек,әрман менен өтермиз.
Қырық түйени қырқымыз ап бөлисип,
Аман-есен ел-журтларға жетермиз.

Хәммеси мақул деп,биреўи барды,
Батырдың қылышын урлады алды,
Уйқы менен өли тең деген ырасты,
Жаскелен батырың билместен қалды.

Залым нәлет бул ислерди ойлады,
Ўәдесине булар өзин сайлады,
Отаўының есигине қылышты,
Егеңкиреп өткир қылып байлады.

Таўып алып бул залымлар қапылды,
«Жаў келди» деп Жаскеленди шақырды,
Жаўдың сестин етип жигирма беси,
Қыйқыў салып,«қайдасаң?» деп бақырды:

Биреў айтты: — Қулақ салың Жаскелен,
Ат баўырынан ағар болды енди қан,
Аш көзинди,шыққыл енди далаға,
Қамалады рәҳимсиз ол душпан.

Дүнья болды қырық жигитке енди тар,
Сен турмасаң,олжа болар дүнья мал,
Тезирек шық,келип қалды қайсар жаў,
Қоршап алды залым енди қалмақлар.

Төгилди залымнан достыңның қаны,
Уйқылап қалсаң,тарқар душпан қумары,
Келип қалды қоршалаған көп қалмақ,
Қырық адамның қалай жетеди ҳалы?

Келип қалды қоршалаған көп қалмақ,
Басымызға түсти ең аўыр салмақ.
Шығарагөриң,айнанайын сен шырақ,—
Деп залымлар «күйип-жанып» атқанда,
Уйықлап атқан Жаскелен,
Ашалақта-пашалақ,
Көзин ашып жумады,
Дастығынан ентигип,
Ҳаўлығa берип турады,
Батырлығы тутқанда,
Астан енди жийренди,
Урысты қумар әйледи,
Жалаң аяқ,жалаң бас,
Далаға қарап дәпинди.
Иши оттай жанады,
Алмас қылыш кескенин,
Билмей батыр қалады.
Ерип душпан сөзине,
Қос қанаттан қайырылып,
Бир аяқтан айырылып,
Мәрт әрманлы болады.
Душпанның сөзине нанып,
Батыр харып-талып,
Аяғын жүралмастай кесип,
Қайта айланып қылышын,
Қолларына алады,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Залымларға бир қарап,
Былайша шаўқым салады:

— Жалғыз басқа болады екен дүнья тар,
Бул сөзиме, әй, ағалар, қулақ сал,
Ғош жигитке енди апат табылар,
«Душпан» деп алдадың, жүзи қаралар,
Өз-өзимнен енди өлип қалайын,
Келегөрме қапталыма, жоралар.

Ағызарман көзиңизден жасыңды,
Келсең, мен аларман кесип басыңды,
Аяғымды жүре алмастай еттиңлер,
Таслайын бир қыя шөлге лашыңды.

Пәлек мениң таза қылды дәртимди,
Ғапыллықта қайтардыңыз пәтимди,
Аяғым саў болса көрер едим мен,
Қырық қарақшы залым, сениң ҳалыңды,

Сен досларды қыя шөлде нетерсең,
Сен де бир күн бул дүньядан өтерсең,
Алып барсаң елатыңа, елиңе,
Ийимансызлар, мақсетиңе жетерсең.

Деңгенеге ол атымды сатарсаң,
Сөйтип, залым, ақшасына батарсаң,
Жол жөнекей табылғанды бас салып,
Олжа ушын не адамды тутарсаң.

Ғош жигит қоймайды сизлерди аман,
Онша ойнар кисиң емес Жаскелен,
Қыяметлик «хызмет» қылдың, ўай, маңа,
Дослығыңыз қайтсын қәдир алладан, —
Дейип енди Жаскелен,
Жылап қалды сол заман.
Әне енди залымлар,
— Тилек питти алладан, —
Деди қырық нарға минип,
Жаскеленниң атын жетелеп,
Үш күн удай жол жүрип,
Түркистанға жетеди,
Қыдыр шалдың ордасы,
Кәрўанның жүрер жолы еди,
Баяғы сулыў Шаўралай,
Жаскелен ердиң апасы,
Үй қасында тур еди,
Шашларын тарап,
Көргенлердиң ақылын алып,
Мойнына үш қайырып орап,
Турса жән-жаққа қарап,
Қырық түйениң кейнинде,
Иниси минген Бадам көк,
Көзинен жаслар тамып,
Адамдайын баратқан,
Ат жәниўар жылап,
Қара баўырын жаныды,
Қойына қасқыр дарыды,
Иниси минген тулпарды,
Шаўралай сулыў таныды.
Залымларға қарап,
Алдына шығып наз бенен,
Айтты бир еки аўыз жаўап:

— Қайда қалды Бадам көктиң ийеси,
Жаскеленим жигитлердиң сереси,
Айтып тур алдыңда Шаўралай сениң,
Астыңызда қай патшаның түйеси?

Ғош жигиттиң ҳаққа жетер наласы,
Бүйтип жүрген сен кимлердиң баласы,
Миясар емес саған бундай қырық бир нар,
Шаўралайдың сеннен бардур таласы.

Өзим нашар, мен жылайман зар-зар,
Маңлайыңа сыярмекен бундай нар,
Қайда болар Бадам көктиң ийеси,
Таслап кетиң иним атын, залымлар.

Өзим нашар, бул майданда Шаўралай,
Айтаберсем, һәр бир сөзим бар талай,
Бундай нарлар сизге мийрас емести,
Иним атын таслап кетиң, жалатай.

Суўсыныңа иштиң адамның қанын,
Шыбын шелли көрмей инимниң жанын,
Таслап кетиң жан инимниң тулпарын,
Бир ат емес, ҳәм де қолыңда барың.

Басларыңа мен салайын зимистан,
Түйеге мингениң дүньяда жаман,
Тасламасаң Бадам көктей тулпарды,
Хеш жибермес сени бүгин Түркистан.
Сол ўақтында залымлар.
Мынадай айтқан сөзлери,
Усындай иске алымлар:

— Жылай берме қарындасым зар-зар,
Атты көрип, кеўлиң болды бийқарар,
Ийесин өлтирип, ойлап көриңиз,
Сонда адам жалғыз атты не қылар?

Ара шөлде бедеў атлар шабылар,
Бизлер ондай айтсақ, бәри қапылар,
Тутып алдық Бадам көкти биз жолдан,
Биз ойладық, ийеси оның табылар.

Бизлер билсек, бул ис қандай болады,
Дийдарыңа жетти ықлым қанады,
Танысаң ал бул атларды, шырағым,
Бизге жала жаппаң, — деди, жылады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Атты тутпақ бурынғыдан хүрметти,
Адам өлтиралмас Жаскелен мәртти,
Тутып алдым Бадам көктей тулпарды,
Бизге неге айтпай турсаң рәхметти.

Бул сөзди айтты да атты таслады кетти.
Шаўралай сулыў минип аттың белине,
Хәр нәрсе түсип кеўлине,
Мойнына шылбырын орап,
«Ийенди тап» деп қарап,
Айтты бир еки аўыз жууап:

— Мен нашарман,көп жылайман зар-зар,
Арылмаған бул кеўлимде кемлик бар,
Бас ийеннин лашы қайда қалғанды?
Султанымды тез табагөр,жәниўар.

Қазан урып жалғызлықтан гүллерге,
Саўаш күни ат шомылар терлерге,
Ақылың еди сениң адамнан зыят,
Жеткерегөр ийең қалған жерлерге.

Жигирмамда жумырайған билегим,
Сени көрип қайнағанды жүрегим,
Кеўилиме әрман салып жәниўар,
Мен табайын жалғызымның сүйегин.

Кустай болып сол ўақта,
Көзгененнен жәниўар,
Жал қуйрығын түйеди,
Толқыйды да бул тулпар,
Қабағын катты үйеди.
Бағдың гүли шайдады,
Мундай дәўран қайдады,
Аттың көзи жайнады,
Жал қуйрығын тарады,
Үш күншилик жол жүрди,
Үшинши күн болғанда,
Шаўралай қылды намысты,
Сәхәрдиң пайыз ўақты екен,
Сасып хайран болады,
Жән-жағына қарады,
Ак отаўдан бир даўыс,
Гүңиренип шығады.
Аттан түсип Шаўралай,
Жақынланқырап барады,
Зары-гирян болып жылап,
Жан-жағына қарап,
Айтты бир аўыз жууап:

— Иним,қылдым енди саған ықтықат,
Жалғызлықта кеўлим болмас енди шад,
Сен кимлерден қорлық көрип жылайсаң?
Жаскелендей айнанайын жаным мәрт.

Жүрген жериң болар еди ол бәхәр,
Ыңыранарсаң ақ отаўда,кеўилиң тар,
Қыя шөлде кимнен таптың қорлықты,
Не себептен жылай бердиң зар-зар?

Ишкери кирсе Шаўралай,
Бәр жери болған қызыл қан,
Аўзы басы топыр шаң,
Ол басына күн туўып,
Аяғы жарадар болған,
Жатыр екен Жаскелен.
Шаўралайдай нашардың,
Иши бир оттай күйеди,
«Жан иним» деп маңлайынан,
«Жалғызым» деп сүйеди,
Таңлар атып келгенде,
Жарадар болған аяқты,
Бул Шаўралай көреди,
«Шырағым» деп бул нашар,
Еңиреп жылай береди:

— Ат ойнаттым қабақтан,
Сапар қылдым жырақтан,
Мендей апаң айналсын,
Сениндейин шырақтан,
Не себептен айырылдың,
Жалғыз иним,аяқтан?
Сағынып келген ўақтымда,
Саялы енди көшеден,
Жаслығында айрылдың,
Әкең менен шешеңнен,
Хор болдың-аў шырағым,
Зорлық таўып майданда,
Айырылып мына мүшеңнен.
Жалғыз един Жаскелен,
Хәр сөзиң бар мың түмен,
Қызыл қанға сени бояп,
Кетти қандай залымлар?
Айнанайын шырағым,
Ол бир қандай адамлар?
Жылай берди сол заман,
«Жоқ болғай» деп мундайлар,
Күн шығардың алдында,
Қара шашы оңында,
Жылай берди Шаўралай,
Жағасы еки қолында.
Тилегин тилеп зар-зар,
Зарланды,зарлы дүнья да,
Сол ўақтында енди тар.
Қаратаўдың үстинде,
Қарсы алдына қараса,
Кийикке мегзер қырық нәрсе,
Алыстан жүре береди,
Ийт емесин биледи,
Тәўир болғай бала деп,
Шаўралай жылай береди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылап отырған ўақта,
Биреўи келип аспаннан,
Ойнай келип секирди,
*Бир аяғын тас қағып,*
Аяғы енди жәниўардың,
Сары жайдай бүгилди,
Үш айланып қарады,
Биреўи кетип далада,
Бир сары шөпти тислеп,
Ақсағанына барады,
Көзиниң жасын булады,
Кийикке әкеп бул шөпти,
Тағы биреўи тийгизди,
Шыпа болып ол шөптен,
Қайтадан тағы жүргизди,
Шөпти таслап жөнеди.
Бул шөпти алып Шаўралай,
Бир талапты етеди,
Бул шөплердиң атыны,
Мийригия дер еди,
Шаўралай жақсы алады,
Қырық таяқты бир жерге,
Тигип тағы қояды,
Әстерек барып тийгизсе,
Ол таяқты жығады.
Сол ўақтында Шаўралай,
Қайрылып мойнын бурады,
Қолға алып бул шөпти,
Инисине қарады,
Уўқалап салып аяққа,
Жарасын таңып сол жерде,
Жазылғай деп Шаўралай,
Зары-гирян жылады,
Ол Шаўралай сөйледи:
— Мен жыладым зар-зар,
Дүнья болды маған тар,
Кийик тапқан гиясаң,
Шыпа болғыл мәдеткер,
Табылған нәрсе мол деди,
Ем бола кеткей сол деди,
Мийригия бул шөпти,
Аяғына сүйкеди.
Бул иси жақсы артады,
Балаға жақсы жағады,
Ол шөплерди уўқалап,
Аяғына тартады,
Отаўда ем қылып булар,
Бес-алты күн жатады.
Шаўралай жаман азады,
Бийикке қолын созады,
Инисиниң аяғын,
Жети күнде жазады.

Ендиги сөзди еситиң.
Биреў арман баратыр,
Жән-жағына қараса,
Тозаңғып бир шаң киятыр,
Шаўралайдай перийзат,
Тулпары тур қаназат,
Бул не екен деп қарады,
Ақыллы дана адамзат.
Келе берди енди шаң,
Шаң түбинде бир думан,
Не екенин айыралмай,
Тарлық болды бул заман.
Арғымағын ойнатып,
Батыр көзин жайнатып,
Қарағай найза қолында,
Душпаннын жанын қыйнатып,
Қайтпас темир иренли,
Адамзатқа мегземес,
Тоғайда жүрген дәў бетли,
Ени барды еки аршын,
Бойы барды алты аршын,
Қос тазысы изинде,
Ақ сұңқары қолында,
Дослығының жолында,
Киятырған Жанәдил,
Ўәдесинин соңында,
«Қайда иним қалды» деп,
Ат ойнатып келеди,
«Душпанлар саўда салды» деп,
Излеп келатқан ер еди.
Буны көрип Шаўралай,
Болып қалды бул қалай,
Жаскеленди оятты,
Келди деп биреў сонындай:

— Қулақ салып арзым есит Жаскелен,
Найзасынан ағар енди сол күн қан,
Бундай затты хеш ўақытта көрмедим,
Келатырған ара шөлде қандай жан?

Астындағы аты гүлдир киснейди,
Қашқан атты қуўып жетсе тислейди,
Турпатына қарағанда,жан иним,
Сахыпқыран дәўпериге мегзейди.

Жаңа жазылды ғой,жан иним,тәнин,
Жүрегимди жарды айбаты менин,
Келатыр алыстан қара шоқ болып,
Инанбасаң өзиң бир қарап көрин.

Сенин менен болса ол киятқан қас,
Сөз жоқ,кетер,иним,тәнимизден бас,
Әждархадай келатырған гүркиреп,
Қолларында кескир қылыш жалаңаш,
Ғәплет басып жата бермей,жан иним,
Шаққан турып,тезиректен уйқынды аш.

Анда сөйлеп Жаскелен,
Апасына не деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Арзымды есит апажан,
Айтайын сизге мен деди,
Ат бауырынан ақпас қан,
Келатырған ол болса,
Менин менен дос болған,
Душпан емес ол адам,
Жалғызлықта ес болған,
Жаўлардан арымды алған,
Қылышынан қан тамған,
Жанәдил ағам болмасын.
Таўып алайын гүлимди,
Тарқатайын шеримди,
Қас болғанды өлтирип,
Көрсетейин гөринди,
Деген жан ағам болмасын,
Жанәдил ағам болмасын.
Тазалар қылған дәртимди,
Душпаннан айырып алған,
Он сан ноғай журтымды,
Жанәдил адам болмасын.
Барып атын усланыз,
Иззетлеп төсек тасланыз,
Хызмет етип мен ушын,
Ўақытымды хошланыз.
Яр болғанды бул жаппар,
Болған еди дүнья тар,
Қорқып турман аяқтан,
Жанәдилдей ағамды,
Апажан, барып сүйеп ал,—
Деген ўақта Шаўралай,
Қәддин басып жүреди,
Ийилип сәлем береди,
Атын тутар болады,
Баҳадыр жигит көреди,
Сол ўақытта Жанәдил,
Былайша сөйлей береди:

— Ат байлаған арзым есит, ҳей нашар,
Жети күнлер болды, маған дүнья тар,
Жаскелендей палўан еди жәҳәнде,
Билер болсаң, сондай мәрттен бир хабар.

Сарғайыпты сенин, нашар, гүл жүзиң,
Ақшам болды мениң көрген күндизим,
Қарағымды мен қыдырған сорайман,
Билемисең Жаскелендей жалғызым?

Жылай берип бул Шаўралай сөйлейди,
Жанәдилге зары-гирян әйледи:

— Ҳеш ким болмас бүгин сиздей мәртке қас,
Жигит өлсе ҳәр тағларда болар пәс,
Тиллериннен айнанайын, Жанәдил,
Иниме берипсең дос болып ықлас.

Сен сорадын, мен жыладым зар-зар,
Қоллап-қуўатлапты бизди бириўбар,
Келгил аға, аттан сүйеп алайын,
Излеген достыңыз үйден табылар,

Батыр байлар садағына сары жай,
Палўанлыққа екеўиңиз ҳәм қос шырай,
Үйде жатыр күнлер туўып жалғызым,
Жаскеленниң апасыман Шаўралай.

Бул гәплерди айтыпты,
Шаўралайдай перийзат,
Аттан көтерип алады,
Ғамға кеўилин толтырды,
Иззети менен ҳүрметлеп,
Ақ ордаға киргизди,
Жаскеленниң қасына,
Тәзим берип жеткизди.
Жаскелен турып қарады,
Жан аға деп орнынан,
Ықлас пенен турады,
Қушақласып көрисип,
Мәзи-майрам болады.
Жанәдилдей батырға,
Бир-бир сөйлей береди,
Басынан өткен ислерди,
Жыйнадым, аға, жаңа деп,
Залымнан қалып еслерди,
Қырық қарақшы ол залым,
Қалпаллыққа қалдырып,
Ол бизге зыянкеслерди,
Ырайынан қайтады,
Жан иним деп Жанәдил,
Бир еки аўыз сөз айтады:

— Жақсы дослар қыйып кетпес бул ҳалды,
Саўаш күни сыйынғаным жаббарды,
Душпанымнан мен қоймадым қастымды,
Жүргил достым, тарқатайық қумарды.

Сени көрип айдай жүзим ағарды,
Жаманның өмири жәҳәнде тарды,
Қарақшыны таппақ бизге оңайды,
Саўаш қылып тарқатайық қумарды,
Ат мойнына тағып алтын тумарды,
Зәртең ертлеп тулпарларды, қарағым,
Қарақшыға тез тартайық сапарды.

Саўаш болар ғош жигиттиң тилеги,
Душпан қаны батырлардың қореги,
Жақсылыққа қылса ҳәр ким жаманлық,
Дурыс келмес ол адамның тилеги,
Жүргил достым, тарқатайық қумарды,
Жанәдилдиң кимнен кейин билеги.

Бул гәплерди айтқан соң,
Жаскелен атқа минеди,
Шаўралай атқа минеди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жанәдил атқа минеди,
Қарақшының отаўына,
Отлар берип жөнеди.
Ат ойнатып жүреди,
Жигери оттай жанады,
Батырлар қурышланады,
Сайрам деген еллерге,
Дәл алтыншы күнинде,
Булар жетип барады,
Залымлардың елинин,
Бир шетинен қулады.
Қарап турса,көп адам,
Топ-топ болып жыйналған,
Батырлар дус болады,
Бул жыйналған той ма деп,
Жән-жағына қарады,
Жанәдил сынлы бул батыр,
Бир сөз айтып сорады:

— Бенденин жеткенди аллаға зары,
Батырдың қумары ары,дийдары,
Бир-биреўден ҳеш ким хабар алмайды,
Болып атқан қайсы байдың тойлары?

Таласқан ел алдымдағы шарўалар,
Уллы халық той болғанда жығылар,
Елиннин әдети сенин солмеди,
Неге мийманлардан алмайды хабар?

Сондай турып бир адамы сөйледи:

— Арзым есит,қулағың сал мийманлар,
Адам емес,булар бәри ҳайўанлар,
Жыйылған бул қарақшының тобына,
Ҳарам жеген қандай абырай табылар?

Ат шаўыпсаң бәлент таўдың ойына,
Мен қарайман сары сынлы бойына,
Таласыўды енди,аға,кәйтесен,
Ким шақырды қарақшының тойына?

Бул гәплерди айтқанда,
Баяғы залым Айқозы,
Жаскеленди көреди,
Сарғаяды гүл жүзи,
Бахтым қара болды деп,
Бағымның гүли солды деп,
Қарақшылар қурысын,
Қара күнлер туўды деп,
Зимистан қылды күнди деп,
Тойларың қайғы болды деп,
Жанқозыдай бул батыр,
Көзи оттай жайнады,
Бирим-бирим шақырып,
Қолын артына байлады,
Жаскеленге сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Өлтирме,менде гүна жоқ,
Достым един сен менин,
Айнанайын Жаскелен,
Кимде көпти көп әрман,
Ақырзаман — бул заман,
Түсти менин басыма,
Шынымды өзим айтаман.
Гүнайымның болғаны,
Айтылмай жоқты қалғаны,
Айнанайын жан иним,
Сөзимнин жоқдур жалғаны.
Ҳәр бетиннен бир сүйдим,
Сүйгенимде мен күйдим,
Батыры бунын мен едим,
Қарақшылықты қойып,
Аман елиме келдим.
Уллы байрам той бердим,
Дүнья болды маған тар,
Айдап келген дүнья-мал,
Отаўға байлап қылышты,
Шақырды сени мыналар,
Ҳәр ўақытта бул ағаң,
Ҳалыннан еди хабардар.
Сол ўақытта Жаскелен,
Жән-жағына қарады,
Жанәдилдин айбаты,
Мың адамдай болады,
Душпанлардың шетинен,
Тутып батыр алады,
Басына күнлер салады,
Артық туўған батырлар,
Бести қылыштан өлтирди,
Тойды асқа дөндирди,
Таўып алып қырық нарын,
Үстиндеги ҳәм зерин,
Ўақты шандан хош болып,
Түркистанға жөнеди.
Көргеннин ақылын алады,
Еки жеңин салады,
Кербазлап басып аяғын,
Түркистанның елине,
Қос батырдың изинде,
Шаўралай сулыў барады.
Ғайратын көрип Қыдыр шал,
Жанәдилдей батырдың,
Салмаў ушын қыйлы ҳал,
Мынадай ойды ойлады.
Ақыл менен ол дәрҳал,
Жылқыдан қырқын сойдырды,
Ашы менен арығын,
Нанлы-етке тойдырды,
Ели журтын жыйдырды,
Үш күн удай той берип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаскеленди шақырып,
Ақылын ғарры молайтты,
Сақалыны бир сыйпап,
Қыдыр шалың не айтты:

— Қулақ салың Түркистандай елатым,
Халық билер Жанәдилдиң ғайратын,
Халқым саған мен ыразы болайын,
Сорап бериң Жаскеленнен мурадым.

Көзим толды жылап мениң зар-зар,
Ғош жигитке дәркар емес дүнья-мал,
Мениң енди ялғаншыда тилегим,
Шаўралайды көрсең бизге миясар.

Мен жыйнадым Түркистанда жыйынды,
Кеширдим бираз жыл нешше қыйынды,
Тилегимди берсин мениң Жаскелен,
Жанәдилге мен жибердим ойымды.

Усы менен қысқартаман сөзимди,
Көп халайық танир мениң өзимди,
Кеўлине алмаңлар еки балларым,
Жанәдилге бағышладым қызымды.

Жанәдилди сондай жақсы көремен,
Хәр қашан да туўрылыққа жүремен,
Бүгинги күн некаларын қыйдырып,
Шаўралайды Жанәдилге беремен.

Өзиң көрген Жаскелен,
Мыйығын тартып күледи,
Не қылса атам қылсын деп,
Ықтыярын береди,
Исенимли өзине,
Жанәдилдей батырды,
Жүдә жақсы көреди.
Шадыяна қақтырып,
Жети күн удай той берди,
Халайыққа сый берди,
Хәммеси мақул көреди,
Шаўралайдай сулыўды,
Жанәдилге береди,
Қос ордада еки ашық,
Арқайын дәўран сүреди,
Жанәдил менен Шаўралай,
Мақсетине жетеди.
Елиңнен хабар алшы,деп,
Сөзиме қулақ салшы,деп,
Жаскелендей батырға,
Былайынша хабар етеди:

— Жетегиңе тарттыр енди бир мың нар,
Ели-халқың болған шығар ахыў-зар,
Темирландай он сан ноғай елинен,
Жалғыз иним,барып хабар алыңлар.

Дәркар емес ғош жигитке мал-дүнья,
Халқың жылай берсе,жоқдур бийнаўа,
Сансыз малды берип ашыў-арыққа,
Ғәрип-қәсериңен алың пәтия.
Халқым жылар арысланым деп зар-зар,
Сен бармасаң дүнья болар оған тар,
Мен қалайын Қыдыр шалдың қасында,
Темирлан елиңе етиңиз сапар.

Батыр туўған Жаскелен,
Шыбын жанын қыйнады,
Көзи оттай жайнады,
Тиркестирип қырық нарды,
Кәрўансыпат байлады,
Нарға айыл тарттырды,
Үстине зерлер арттырды,
Барған жерин шағлатып,
Тамашаға батырды,
Түркистанның елинен,
Уллы байтақ жеринен,
Темирланға жол тартты.
Өзин жолға көндирди,
Ақшамы-күндиз жол жүрип,
Жолды жүдә өндирди,
Батырлығын билдирди,
Душпанның отын сөндирди,
Нешше,нешше залымды,
Айтқанына көндирди,
Түркистанның арасы,
Темирланның арасы,
Үш күншилик жол еди,
Бәленттен салған қаласы,
Хармай-талмай жүреди,
Жол азабын көреди,
Үш күн,үш түн жол жүрип,
Темирландай қалаға,
Жаскелен батыр келеди.
Келатқанын батырдың,
Ноғайлы халқы биледи,
Алдына қалмай шығады,
Жақсыдан қалған туяқ деп,
Шийрин жанын жағады,
Көтерип буны ноғайлар,
Ат үстинен алады,
Кембағал менен ғаррылар,
Барынша хүрмет қылады,
Бегзадасы,бийлери,
Хызметинде турады,
Хәммеси бирден жалғызлап,
Ўақты шадман болады.
Буны батыр көреди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шақақ урып жүреди,
Мың нарын бөлистирип,
Аш-арыққа береди,
Кеўлинде қалмай әрманы,
Ноғайлының султаны,
Жәнибек деген ол ханы,
Әмелдарлар жыйылып,
Жаскелендей баланы,
Бәри хүрмет етеди,
Ўақтыны хош етеди.
Дәрьядай болып тасады,
Шадланып бәри йошады,
Айралықтан қосылып,
Көрискенге усады,
Душпанының аяғын,
Жаздырмастан тусады.
Өзин көрген Жаскелен,
Шадландырды жыйынды,
Жетим бала,тул қатын,
Бийшаралар кейнинде,
Дәрьядай тасып жүреди,
Табылып бүгин кереги,
Батыр туўған Жаскелен,
Ғәриплерди,кәсерди,
Қуўандырды елдеги,
Қабыл болды батырдың,
Усы бүгин тилеги.
Душпанның гүли солады,
Залымның кеўли қалады,
Жайласып енди көп ноғай,
Темирланға қонады.
Рәхәтти көреди,
Патшасы жоқ,қазы жоқ,
Ақылы артқан көп ноғай,
Батырым деп ереди,
Темирлан деген қалада,
Шадлық пенен жүреди.
Әўелде көрип азапты,
Соңында таўып рәхәтти,
Ел-халқы менен жәм болып,
Темирланның елинде,
Өлгенше дәўран сүреди.
Өзиң көрген Жаскелен,
Халқына мийнет етеди,
Кейини болып ақыбет,
Мақсетине жетеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

45 - ТОМ



# ҚУРБАНБЕК БАТЫР

*Қыяс жыраў Қайратдинов*
*Жазып алған: Қ.Абдижамилов*
*(1961-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеңги әййем заманда,
Сол заманнын кәдиминде,
Алым ханның сорамында,
Барлас деген руўда,
Қандағар деген калада,
Даңқы журтты жайлаған,
Малы курттай кайнаған,
Гезек келсе байлыкка,
Дүнья жүзин байлаған,
Абырайы ҳәдден аскан,
Дәўлети таскан,
Көкиреги ҳалласлап,
Ханлар менен карсыласкан,
Саўдагери,кәрўаны,
Шет жерлерге араласкан,
Қарсыласса кас душпан,
Қылыш урып қан шашқан,
Ерғара деген бай болды.
Сәрдарбек,Сандыбек деген,
Еки баласы болды,
Екеўи ҳәм баҳадур палўан еди,
Тилге шешен сәрдар еди,
Тум-тустан хабардар еди,
Дәўлет бағы таскынлап,
Шет-шебирди жайлар еди,
Аттар деген журтында,
Шейирхан қалмақ пенен қандар еди.

Әлқысса, күнлерден бир күн Сәрдарбектиң улы болды, қарыялар жыйналып атын Қурбанбек койды.Арадан бир жыл өткенде және бир қызлы болды,кемпирлер жыйналып атын Куралай қойды. Жети күн удай той берди.Сәрдарбек уламаларды жыйнап,«улы-қызымның ығбал-талайын бир сынап бер» деп өтиниш қылды.Анда улама ул менен қызды алдына қойып,бир сөз айтты:

— Улың жаўдан қорқып билеги талмас,
Ақ найзасы қара таска токтамас,
Қызыңның максети бузык көринди,
Қыйын жерде байлап бериўден қайтпас.

Қызыңыздың ҳешбир түспес паяны,
Барлап көрсем,жүдә бузык қыялы,
Шағына жетилип,камалға келсе,
Балаңызды ўайран етер зыяны,

Арың арлап,жырламайды жырынды,
Исиңиздин кейни бузық көринди,
Ержетирмей кызыңыздың ғамын ет,
Душпаныңа баян етер сырыңды.

Басыңнан әрманлы дәўраның өтер,
Ғапылда баланды сергиздан етер,
Шыққыр көзиң егер шығып қалмаса,
Қурбанбек улыңның басына жетер.

Әрман менен бузар кеўил қаланды,
Елиңе дарытар түрли ыланды,
Иргенизде Куралайың ержетсе,
Душпанға сазаўар етер баланды.

Еситип сонда Сәрдарбек ақылы ҳайран болды,иши дәртке толды.Иштен шыққан жыланды шабыў қыйын,бул сырды сырткa шығармай,перзентлерин бағa берди.Алым ханнан қәўип етип,өз журтында отыра алмады. Кешикпей жанлы-жанға билдирмей, ағайин-туўғанына сездирмей, бир ақшамда Сәрдарбек көшип кетти,Тағай патшаның сарайына жетти.Елиниң шетинде,жаў жантаспас бетинде, Қаратас деген таўында,таптырмастай карсы жаўға,барып қоныс басады Темирлан деген атаўға.

Ханға өзин билдирди, жайлаўға үйин қондырды, қыйынға өзин көндирди. Арадан он еки жыл өтти.Қурбанбек он алты жасына жетти,Куралай деген қызы он бес жасқа жетти.Екеўи даскал өсти. Он жети жаста Курбанбек нардай күшине толды, мурнына шамал енди, маў тартып жигит болды. Қаракаска тулпарын минип батырлық салтанат тутты.

Ҳәмирине халқын көндирди,
Қыялы дүньяны шолды,
Ерлиги асты,ғайраты тасты,
Душпанды айбаты басты,
Түрин көрген тура қашты,
Қас душпанды сусы басты.
Атканнын оғы өтпеди,
Шапсаң,қылыш кеспеди,
Алланың дады жетпесе,
Пенденин оғы өтпеди.
Мәртлигин халыққа билдирди,
Исин орынға келтирди,
Қарсылассаң өлтирди,
Төрт тәрепке нәзер салды.

Сейилханның қызы Шәмшия сулыўды яр қылып алып,опат қылып карсы жаўын,бағындырып өз қараўын, тас талқанын шығарып, Темирлан деген атаўында жылағанды жубатып, абадан етип жайлаўын,ерекке курып отаўын,яры менен дәўранлар сүрип жатар еди Қурбанбек батыр.

Сәҳәр ўақта қулағына мынадай саза келеди:

— Ҳа,перзентим,перзентим,
Тур жайыннан,тур деймен,
Муздай темир курсанып,
Қолыңа қалқан ил деймен,
Қара атыңа жем берип,
Қарағай найза өңгерип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бедеўиң белине мин деймен,
Кимлер душпан,кимлер досың,
Опат қылып,жетсе күшиң,
Айырып соны бил деймен,
Қара қасқа тулпарыңа,
Сиясатты сал деймен.
Асығыста атланып,
Сәрдарбектей атаңнан,
Пәтиясын ал деймен.
Ат кекили өрилди,
Минген атың сүринди,
Душпаның мықлы көринди,
Ертерек алдын ал деймен.
Қас душпаның көринди,
Келиў ушын үстиңе,
Күш-қарыўын жыйынды,
Қатты қарыў салмасаң,
Ҳалың сениң қыйынды.
Араңызда досы бар,
Санмың курал күши бар,
Отыз жылдан бермаған,
Алалмаған өши бар,
Өтиў ушын жасқа бар,
Атаңызды өнбеген,
Отыз жыллық қасты бар,
Ҳаттар деген шәҳәрде,
Қас душпаның,қандарың,
Шейирхан деген патша бар.
Сол залымның кеўлинде,
Өлтирип сениң журтыңды,
Талайман деген ойы бар,
Ертерек алдын алмасаң,
Залым қалмақ Шейирхан,
Қарқаралы басыңды,
Кесе ме деген қәўпим бар.
Бул сөзлерден хабарлан,
Қас душпан екен Шейирхан,
Ғапыл қалма,Қурбанбек,
Жаның барда тез атлан.

Әлқысса,Қурбанбек шоршып оянса,таң атқан ўағы екен.«Жаман сөзге жан секирер» деген,суўық сөз найзадай шаншылып,батыр ҳаўлығады,Қарақасқа тулпарына жуўырысы менен барады.

Борбослаў жерге аўнатып,
Жаўырынларын сыйпалап,
Ушығадан үпшиллеп,
Саўаш ерин салады,
Тебингисин термелеп,
Қуйысқанын қуймалап,
Саўаш ерин салады,
Үзеңгисин узайтып,
Жуптан айыл шалады,
Нийетим мениң ғазап деп,
Сазлап ерлеп алады.
Жаў қуралы бес қурал,
Қурсанып белге орады,
Бадана саўытын кийип,
Қалқанын белге байлады,
Жедел берип өзине,
Қара атқа минип алады,
Аттың басын оңғарып,
Атасы еди Сәрдарбек,
Тайын болып алдына,
Тәңир сәлем береди.
Сәлемин әлик алады,
Баласының жүзине,
Нәзер етип қарады,
Жуўырып шығып алдынан,
Сәрдарбектей атасы,
Жол болсын сорап толғады:

— Жүзиң көрип,өкпе-баўырым осылды,
Он еки ағзаларым езип,баўрым жос урды,
Салтанат дүзетип қайда барасаң?
Сымбатыңа,балам,кеўлим бузылды.

Бир бузақы алдап есиңди алды ма?
Қәдирли достыңнан кеўлиң қалды ма?
Барар жериң атаңызға баян ет,
Азан менен неге келдиң алдыма?

Үстиңе қурылғай қызықлы базар,
Түриңиз әжайып,салсаңыз нәзер,
Бийжай ўақта келе қалдың алдыма,
Ғайры душпаныңнан тийди ме азар?

Бир нәмәрт сөз қатып,келди ме арың?
Түриң көрип,кетти мениң карарым,
Азан менен келе қалдың арланып,
Перзентим,оң болғай шыққан сапарың.

Әлқысса,атасының сөзин еситип,баласы атасына хызметин айтып,атының басын тартып,атасынан руқсат сорап,Қурбанбек батыр бир зат айтып тур:

— Кеўилиме түсти ҳәр түр қыйлы-қал,
Батырлық мақсетим,жигерлик ҳалал,
Қулағым еситти ҳәр түрли әндийше,
Сөзлериме,ата,мениң қулақ сал.

Халық ишинде салтанатлы даңқым бар,
Қуда сәўмегенлер болар қорлы-зар,
Естиўим,Ҳаттарийдиң шәҳәринде,
Қастын тиккен Шейирхандай душпан бар.

Ишине сыймайды екен пушманы,
Отыз жыл болыпты жолым тосқалы,
Сизди,бизди билсе,тири қоймайды,
Шейирхан дейди екен,ата,душпаның.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тири болсам, залым изимнен қалмас,
Ығбалы зор екен, билеги талмас,
Ықлас пенен балаңа бер пәтия,
Шамамды мен көрмей, кеўлим жай болмас.

Бармасам, болмасын бир күни таяр,
Тынышлық елиме ўайранлар салар,
Қарсыласып мен бағымды сынарман,
Хош аман бол, қублагәҳим, аллияр.

Еситип соны атасы,
Сөз мәнисин аңлады,
Шыбын жаны шоршынып,
Өксип-өксип жылады,
Пәтия айтып улына,
Руқсат берип толғады:

— Бузылмағай жигер қанан,
Мәдет бергей аллатаалан,
Аман-есен келгейсен,
Жолың болсын, жан балам.
Тулпарын таўда желгейсең,
Қас душпаныңды жеңгейсең,
Душпаныңды қыйратып,
Абыройлы болып келгейсең.
Жәрдемши болғай досларың,
Исенетуғыным сен едиң,
Сен тарийхы-дәстаным,
Қолайдан келип талайың,
Опат болсын душпаның.
Көп болғай тилеклес кардар,
Алдыңды ашқай бириўбар,
Саў-саламат келгейсең,
Жолыңды ашқай шул Жалал.
Жағылмағай ғәремет,
Еренлер бергей дәрамат,
Жолың болсын, жалғызым,
Аман келиң саламат.

Әлқысса, атасынан руқсат алып, Қурбанбек батыр аттың басын оңғарып, орданың есигине барды. Бир-бирине аҳыў-зар еди, Сейилханның қызы Шәмшия сулыў сәўер яр еди. Қуралай деген туўысқан карындасы бар еди, халыққа мәлим баҳадыр палўан еди. Шәмшия сулыў дәрисин тамамлаған жетик молла еди. Алдында қырық күнликте болатуғын жақсылық-жаманлықты оқыў менен билер еди. Сәўер ярын, қарындасын алдына шақырып, Қурбанбек батыр бир зат айтып турыпты:

— Жолымда тилеклес болың мийирман,
Басымда тур мениң ҳайранлық заман,
Кетер болдық залым қалмақ елине,
Көрискенше перийзатым, хош аман,
Аман болсам алты айдан келермен,
Тилекте бол Шәмшия атлы сәўер яр.

Душапанда кетпесин намыс пенен ар,
Та өлгенше жамалыңа биз кардар,
Та өлгенше қалмақ пенен болдым қас,
Душпан келсе гүмбирлетер дағы-даш,
Тири болсам алты айдан келермен,
Тилекте бол уяласым қарындас.

Әне, бул сөзди айтқанда Шәмшия сулыў менен қарындасы жылаўына теңнен асылып, бизлер сеннен қалмаймыз деп, ишки мақсетин айтып зар-зар жыласып, батырға қарап бир зат айтты:

— Сеннен айрылған күни солады гүлим,
Басымызға туўар ҳәр түрли залым,
Болар исти қырық күн бурын көргенмен,
Айра түскен күни батады күним.

Сен едиң сүйенген бийик асқарым,
Дийдарыңды көрип қайнап-йошқаным,
Болар исти қырық күн бурын билгенмен,
Байқап көрсем, жүдә күшли душпаның.

Қара шашым бестен таллап өремен,
Тириликте тамашаңды көремен,
Халыққа атым нашар, ҳаслым батыр,
Душпаныңа өзим соққы беремен.

Жолыңа тасаддық бир шыбын жаным,
Абайлап көзиңди аш, ериңди таның,
Душпаныңа өзим қарсы тураман,
Сен менен бир өлсем жоқдур әрманым.

Қыйын-қыстаў жерде өзим қорғайман,
Сен менен бир жүрсем ҳарып-талмайман,
Қаналасым, жолдас қылып ертип кет,
Өлтирмесең, сеннен тири қалмайман.

Қурбанбек батыр бул сөзди еситип,
— Қоллағай қәдир жаббарым,
Бири қарындасым, бири сәўер ярым,
Сизлерди жылатып таслап,
Оңбас мениң сапарым,
Ыразы болсаң өлимге,
Қабыл болсын тилек-зарың,
Қарсы турсаң душпанға,
Тез атланың қардарым.
Ықлас пенен атланды,
Минип жыланбас тулпарын,
Атланды үшеўи,
Жолға түсти қайсарын.

Сәўер ярын, қарындасын ертип, Хаттарийдиң журтына сапар тартып рәўан болды батыр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолға шығып мәрт палўан,
Жолдасы еки қыз-жаўан,
Ашыўланып ярына,
Жолларға болды рәўан.
Алдында жол баслап ерек,
Өткенлерден сорап мәдет,
Қалмақлардың журтына,
Сапар тартты Қурбанбек.
Минип тоқпақжал атына,
Жер силкинип айбатына,
Сапар тартып баратыр,
Шейирхан қалмақтың халқына.
Қарағай найза қалтырап,
Ақ семсери жарқырап,
Мәрттин ушқыр қыялы,
Дүнья жүзин талқылап,
Ҳаллас урып жүреги,
Дәрья киби шалқылап,
Дүбиринен тулпардың,
Қара таслар солқылдап,
Қыя шөлде баратыр,
Маңлайдан тери тамшылап,
Сегбир тартып баратыр,
Жараған шердей ҳалықлап.
Тум-тусына көз салып,
Ийтелгидей жайтанлап,
Мәнзилхана бар ма деп,
Қара тулпарын қамшылап,
Үш күнлик жол асты,
Майданда қурып салтанат.
Ат жылаўын бослады,
Елатынан шыққалы,
Тоғыз күн тамам болады,
Қыя шөлде селигип,
Сарғаяды-солады,
Тум-тусына қараса,
Аспан менен таласқан,
Бийик таўға ушырады,
Ат шаўып таўдың пәстине,
Ат ойнатып шығады,
Бәлент таўдың үстине,
Дағлар гүмбирлесип саза береди,
Бир қәлпениң қус шақырған сестине.

Әне,адам бармас,қузғын ушпас жол еди,шегерада кесе жатқан бел еди.Қыйқыў салып,«ҳал-ҳал» деген дыбысқа гүмбирлесип дағлар ләрзем береди.

Ақылы ҳайран болады,
Нәзер салса тум-тусқа,
Думанлатқан ала шаң,
Күн жүзин тутып алады,
Қарап турса Қурбанбек,
Алтын баслы аш кийик,
Қарсы алдынан келеди.
Көринбеди жанлы-жандар,
Қуўғыншы жоқ соңын сонлар,
Қарсы алдынан келеди,
Елеслеген бир ақ суңқар.
Кийик келе батырға урды,
Оны көрип сункар да урды,
Батыр турып ҳайран қалды,
Кийикти азат қылып,
Сунқарды тутып алды.
Кейинине қараса,
Қайтпас темир реңли,
Сықылы жаман,сур бетли,
Тайын болды изинен,
Тан калғандай бир боз атлы.
Ат үстине қараса,
Тағынған тилла тумары,
Көргенниң таркар қумары,
Ақылыңды лал етер,
Көзлериниң гәўҳары,
Қара тасты тескендей,
Айбат шексе қәҳәри,
Ат белине шоласқан,
Шекесинде айдары,
Дәў сықлы бир жигит,
Қарсы алдынан ушырады,
Қурбанбекке айбат шегип,
Не жуўап айтқаны:

— Жары ортада неге төктиң арымды,
Ғаўлаттын,жолаўшы,шер-әрманымды,
Дағыстанда сапар тартқан жолаўшы,
Не себептен туттың ақ суңқарымды?

Шашайын ба тәннен қызыл қаныңды,
Алан шығарып тәниңнен шыбын жаныңды,
Урымысаң,қурымысаң,хабар бер,
Не себеп қашырдың қуўған аңымды?

Қыя шөлге таслап сенин лашыңды,
Төгейин көл қылып көзде жасыңды,
Не себептен кийигимди қашырдың?
Қағайын ба геўдеңизден басыңды?

Кең дүньяны етейин бе саған тар?
Қайсы журттан пайда болдың сен жандар?
Не себептен қашырдыңыз аўымды?
Қазаңызға себеп болдың геллеғар.

Геллеңди аламан,жоқдур гүманың,
Қаранғы әйлегин жақты жәҳанын,
Гүмансыз аламан тәннен басыңды,
Табын қудайыңа,келтир ийманың.

Жаныңда бар еки бирдей наў жанан,
Пейлиңизден саған тарылды заман,
Түс атыңнан,әрманыңды баян ет,
Жаныңыз қалғандай не дейсен маған?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мына сөзди еситип, айбатын өзинен зор көрип, сөзине дәлил қайтарып, Қурбанбек батыр бир зат айтып тур:

— Ҳаплықпағыл, тиклеп салыңыз нәзер,
Жигит болсаң, бендеге бол бийазар,
Көрген жерден тәп бересең дәпинип,
Тәсирли гәп сен сөйлейсен, геллеғар.
Адамзаттың көптур саны,
Мәртлерди түринен таны,
Адамзаттың данасы сол,
Гәп мәнисин аңлағаны,
Көрингенге айбат шеккен,
Адамзаттың оңбағаны.
Сарсылдырады сағаңды,
Асылып жыртар жағаңды,
Көрмедиктиң белгиси сол,
Мерекеде мейлисте сөгеди бала-шағаңды.
Себеп пенен болдым дуўшар,
Мәрттиң кеўли қайнап-йошар,
Әстеликте гәп сөйлескен,
Адамзаттан шыққан суңқар.
Сенде қастым жоқ биймәлел,
Дәлиллесип гәплесип,
Жигит болсаң сен ҳалал,
Бунша айбат шегесең,
Бердим саған қандай зәлел?
Ашылған бағдың гүлисең,
Қай шәменниң бүлбилисең?
Қайсы журтқа барасаң?
Ким дегенниң улысаң?
Ақ суңқар өскен қыяда,
Ҳәдден аспа сен зияда,
Атыңызды баян ет,
Көрмедим сендей дүньяда.
Таппаған дәртине дәрман,
Жеккеликтиң дағынан,
Кеўлимде көпдур әрман,
Айбат шегип бизлерге,
Бийәжел өлме, жас уғлан.

Әне, бул сөзинен тымсал алып, жүйриклигине хайран қалып, сөзлерине мийри қанып, батырлығын сөзинен таныл, қатты кеткенин мойнына алып, бағымның гүли солмасын, өзимнен зорға ушырап, пайманамыз толмасын, сөзге жүдә шебер, жолы уллы батыр болмасын деп қорқыңқырап, саўалына ылайықлап, ким екенин баянлап, атасының атын айтып, толғап турған қусайды, Қурбанбектей батырға хаслын айтып сөйлейди:

— Ата тегим сорасаң,
Алым ханның журтында,
Барлас деген руўда,
Лақабы халыққа белгили,
Қандағар деген қалам бар,
Сол қаланы жайлаған,
Нағыз тулпар байлаған,
Аштың ғамын ойлаған,
Ерғара деген бабам бар.
Өз елине хан болған,
Адамзаттың мүтәжи,
Әтирапына жәм болған,
Сақыйлығы, байлығы,
Жети журтқа даң болған,
Сандыбек деген атам бар.
Қаратас деген дағында,
Тағай ханның журтында,
Таяр турған қарсы жаўға,
Излегени жәнжел-ғаўға,
Темирлан деген атаўда,
Қара атына жем берген,
Қарағай найза өңгерген,
Азды көпке теңгерген,
Ели халқын меңгерген,
Мәртлигин халыққа билдирген,
Қурбанбек деген ағам бар.
Ат салып сағыў-солымнан,
Жасы толмай жан ағам,
Шығып кетип қолымнан,
Сол ағамды қыдырып,
Баратыр едим соңынан,
Абырайым кетпегей қолдан,
Адастым ба туўра жолдан,
Сандыбектиң улыман,
Атымды сорасаң Ер Султан.
Қара тулпар астында,
Қоңыраўлы найза дәстинде,
Еки арыў қасында,
Сапарыңыз оң болсын,
Атландың кимниң қастында?

Бул сөзди Қурбанбек еситип, қушақлап сүйип:

— Мен ағаның баласы, сен ининиң баласы, арнап излеп барарман деп мақсет қылып жүр едим, қабыл екен тилегим, қарсыласып дус болдым. Жарылқады бир қудай, ғайрат-күшим толысып, кеўлим болды енди жай. Излеў ушын жаў қалмақты, алла абырайымызды жапты, енди билегим талмас, ығбалым аттай шапты, деп бир сөз айтты:

— Жарасықлы салтанатым,
Ҳәзир болды аманатым,
Жыйылып қуйрық, қанатым,
Толысты жигер ғайраттым.
Сағынғаным сен едиң,
Он бес жыл өтти арадан,
Неге излеп келмедиң?
Сапар тартып излеген,
Қурбанбегиң мен едим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Басқа түсти аўыр салмак,
Душпаны екен бабамнын,
Шейирхандай залым қалмақ.
Мен белгили қардарыман.

Атымды айтып табынған,
Қурбанбектей батырыңман,
Шейирхандай душпаныма,
Сапар тартып баратырман.

Он сегизге толды жасым,
Саўда түскен ғәрип басым,
Жанымдағы ким десен,
Бири ҳаялым, бири қарындасым.

Мүшкилиме жарармысаң?
Нәзер етип қарармысаң?
Шейирхандай қандарыма,
Бизиң менен барармысаң?
Әлқысса, бул сөзди қабыл алды:
— Ер тоярға малым жоқ,
Ийт тоярға қаным жоқ,
Жанған отқа айдасаң да,
Сеннен аяр жаным жоқ.

Алла ашқай талайым,
Ҳәмириңе қайыл болайын,
Сеннен қалып не болдым,
Өлим де болса барайын.

Қуўанысып қайнап-йошты,
Қол алысып, басын қосты,
Бурын үшеў еди,
Төртеў болып жолға түсти.
Сапар тартып жол жүрди,
Қыйынға өзин көндирди,
Сегбир тартып майданда,
Тоғыз күн удай жол жүрди.
Ат қуйрығы өрилди,
Батырлар қылды сегбирди,
Төрт тәрепке қараса,
Қалмақ пенен шегара,
Бабай деген бәлент таў,
Аспан менен таласып,
Қарсы алдында көринди.

Сол таўдың алдында Көктөбе деген жерге барды. Қурбанбек қыял қылды, ҳаялына, қарындасына:

— Сенлер усы жерде атларыңа жем берип, өзлерине дем берип, таўдың мийўасын терип тасаланып турынлар. Алдымызда Кешиў деген дәрбент бар, бизлер екеўимиз Кешиўден хабар алайық, буққыда жатқан қалмақтың қарыўлары бар шығар. Истин түри қалай болар екен, бағымызды сынайық, — деп қайыл қылып, Ер Султанды изине ертип, Кешиўге ат ойнатып келеберди батырлар.

Кешиўде қараўыл болып турған Шейирхан патшаның төрт батыры бар еди. Бириниң аты Қодар, бириниң аты Томар, бириниң аты Содар, бириниң аты Отар дер еди.

Қарап турса, ат ойнатып киятырған еки атлыны көрди. Әне, айбат шегип төрт батыр ат қойып ҳәм мынаны айтып киятыр:

— Айта бер, заңғар, не хабар?
Алдыңызда ким бар, оңғар,
Жаў-жарағыңды тасла,
Абырайың барда, сен заңғар.

Өлерсең семсер урғанда,
Кирме, ха, заңғар, қорғанға,
Жаў-жарағыңды таслай бер,
Жан геўденде турғанда.

Өлимге болдыңыз таяр,
Жақынласаң бизлерге,
Акылын болап ойикапар:
Түс атыңнан, қолыңды көтер,
Жаның барда, геллеғар.

Ҳә, Қара атлы, Қара атлы,
Тасла белиңнен полатты,
Атыңнан түс егленбей,
Қарсылассаң биз билен,
Көрген күниң қарапты.

Сол сыяқлы гәп айтып,
Айбат шегип киятыр,
Мына сөзди еситип,
Қурбанбек батыр сөйледи:

— Ат басындай сом жүрек,
Бизден сизге сөз керек,
Беррегирек жақынла,
Ҳәддиң болса, бәдирек.

Таўдан ағар тарғыл тас,
Ақпасын көзиңнен қанлы жас,
Ҳәддиң болса, қалмақлар,
Беррегирек жақынлас.

Атыңа бизлер таламан,
Тәпиңе күйип жанаман,
Сени өлтирсем мен ғазый,
Өлсем шейит боламан.

Қуйқа түги жуўлады,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Алла дейип ат қойып,
Қодар деген батырға,
Керип найза урады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир найзаға шыдамай,
Қодар аттан қулады.
Питти мақсет-мурады,
Ғайраты тасып барады,
Гәҳи оңға,гә солға,
Қурбанбек найза урады,
Бир найзаға шыдамай,
Отар да аттан қулады.
Томар менен Содары,
Қарғып түсип атынан,
Тартып урып жарағын,
Қол көтерип турады.
Еки батыр қамалап,
Қолларын байлап алады,
— Бизди бала билдиң бе?
Узақтан қарап билдиң бе?
Енеғардың қалмағы,
Әжелиң жетпей өлдиң бе?
Танып қойың ағанды,
Етермисең тобанды?
Алым ханның журтында,
Қурбанбек батыр дейдилер,
Сорасаң мениң атымды,
Мен көрейин шаманды,
Жорттырар ғарры ананды,
Жол басла,көрсет қаланды,—

деп,Томар менен Содарды ат алдында айдады,

— Әне,бизлер Тағай журтынан келген батырмыз.Ханыңа талабанман.Бул кешкеннен кет,ханына тезирек хабар ет. Патшалығын тасласын, пақырлық жол басласын, ханың мениң алдыма келсин. Халқынан жизия жеткерсин,— деп,екеўиниң қулақ-мурнын кесип,қолларын артына бәнт етип,ат-жарағын тартып алып,қаласына қарап айдап жиберди.

Батырлар сол кеткеннен кетеди.Шейирхан қалмақтың сарайына жетеди.

Шейирхандай патшасы сәржығасы басында, айбалтасы дәстинде, отыр екен толықсып алтын тахттың үстинде.Содар барып: — Дат,— деди.—Арзың болса айт,— деди.Көрген билгенин айтып, не зат айтып тур:

— Ғапыллықта қыйын болды ҳалымыз,
Бир тасаддық болсын тенде жанымыз,
Көргенимди бир-бир баян етейин,
Қулақ салып тыңла буны,ханымыз,

Ғапылда төгилди маңлайдан терлер,
Жыйында сөз айтар дилўар ерлер,
Алыс жолдан талабан боп келипти,
Излеп кетти мусылманның беглери.

Басыңызға түсти қайғылы думан,
Қаланда қурылар шын ақырзаман,
Егленбестен тахтың түсип бермесең,
Патшайым,булманда турмағың гүман.

Ертерек билдириң қара,ағынды,
Умтылса шыдатпас батыр бағынды,
Ертеректен бас ғамынды етпесең,
Гүмбирлетер душпан бәлент дағынды.

Елиңниң шетинде әскери жатыр,
Қалаңызға топтың аўзын қаратар,
Алыс жолдан талабан боп келипти,
Лақабын сорасаң Қурбанбек батыр.

Әлқысса,мына сөзди еситип,Шейирхан деген залым жаман сөзден сескенип,аш жолбарыстай ақырды.Алпыс еки әмелдар,тоқсан еки мөҳирдар,жасаўылын,сәрдарын,оқ атаўға бәршесин коймай шақырды:

— Маған пәнже салғандай,
Дәўлет бағымды алғандай,
Шыдап қарсы турғандай,
Қандай жүрек жутқан,— деп,
Тумлы-тустан жарлатты,
Жабанға хабар таратты,
Тум-тусқа атлар ойнатты,
Тозаң салып қалмаққа,
Он бес мың әскер жыйнатты.
Шийрин жанын қыйнатты,
Мен-мен деген ерине,
Он еки тобын сүйретти,
Қарыў-күшин арттырды,
Қара туўын көтерип,
Қос сырнайын тарттырды,
Әйне сәҳәр ўақтында,
Қурбанбек жатқан таўларға,
Шейирхан залым жол тартты.
Жасаўыл менен сәрдары,
Жолға рәўан болады,
Таң атқанша жол жүрип,
Ақ әлем де,көк әлем,
Қурбанбектиң әтирапын,
Қалмақлар қурсап алады.

Әне,Қурбанбек аркайын жатыр еди.Аламанның сусы басып,әрўағы қашып,көп коркытар,терен батырар деген,душпанға илаж ете алмай,айдынынан бата алмай қатты састы.Ер Султан буның албырағанын билип,батырдың кеўлин алып,урысқа түсиўге руқсат сорап бир зат айтып турған қусайды:

— Бәҳәрде көгерер таўдың гиясы,
Мәртке жағылмағай душпан қарасы,
Ағажан,душпанларға сырың алдырма,
Жаўдан корккан ол нәмертлердиң иси.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сырыңды билдирме көрмеген жатқа,
Талап етип мен минейин Сары атқа,
Жат еллерде душпанға сыр билдирме,
Тәўекел деп мен кирейин саўашқа.

Сөзиме қулақ сал,пәҳим ет аны,
Саўашта мәртлердиң қайнайды қаны,
Жаным аға,душпанға сыр билдирме,
Буғып қалыў қорқақлықтың нышаны.

Жаўға семсер урмай тарқамас шерим,
Қасында тайын тур бир қайсар ериң,
Жаным аға,душпанға сыр билдирме,
Бизиндей мәртине руқсат бериң.

Ашыўланып,арланып,
Қурбанбек батыр сөйледи:

— Батыр болсаң,сыйын жалғыз аллаға,
Жигит болсаң,менмен болма дүньяда,
Менмен жигит тез жолығар бәлеге,
Пәске қайтың,иним,келгил тәўбеге.

Менмен дуўшар болар жансыз оғына,
Дус келмегил жәҳәннемниң отына,
Қарсы шаппа,иним,жасанған жаўға,
Аман қайтың туўып өскен журтыңа.

Еситип сонда ер Султан,
Айтқан сөзин алмады,
Сөзине қулақ салмады,
Есабы жоқ қалмаққа,
Ыңыранып атты айдады.
Таўдай тасып жедели,
Мыңға өзин тайлады,
Қасқыр шапқан қой киби,
Дүркиретип айдады,
Жапырылып қашты аламан,
Абыройға бәрше таламан,
Ат ойнатты мәрт палўан,
Кескир қылыш қолында,
Саўаш етти жас уғлан.
Тажна шекти Сары атқа,
Киристи батыр ғайратқа,
Қолын салды полатқа,
Оны көрип Қурбанбек,
Жетиседи муратқа.
Майданда бедеў ойнады,
Қаны қызып қайнады,
Қолындағы ақ алмас,
Шағылысып күнге жайнады,
Қарсыласса қырық адам,
Әзиз келип талмады,
Қарсыласқан қалмаққа,
Керилип қылыш тартады.
Үш күн қайтпай урысып,
Қурсап турған қалмақтан,
Биреўин тири қоймады,
Онға айланып талабы,
Айдарҳадай қан жалап,
Билеклери талмады.
Қайтпай қылыш урады,
Қылышынан аққан қан,
Жаўған қардай барады,
Тозаң салып қалмаққа,
Күн батқанша қырады.
Намазшамның ўағында,
Урып туўын жығады,
Астындағы боз аты,
Қызыл қанға боялды,
Әйне сәҳәр ўағында,
Тұқымқурт қылып жояды,
Шашырап күнлер шыққанда,
Ақ туўға атлар қояды.
Патша кеўил бергени,
Халайық изине ергени,
Туў түбинде тур еди,
Қырық садақшы қалмақтың,
Қырық ҳасыл зор мергени.
Туў астында жатады,
Көрсете алмай геллесин,
Ҳазары жаман батады,
Омыраўынан Ер Султанның,
Мергенлер байлап атады.
Қабырғасын қақ жарып,
Зәмберек оғы өтеди,
Саўытлары сөтилди,
Қолындағы ақ алмас,
Бес жеринен кетилди,
Нардай бели бүгилди,
Қанлы жас көзден төгилди,
Аттың жалын қушақлап,
Көзде жасы моншақлап,
Қурбанбектиң алдына,
Ер Султандай батыры,
Жер қушақлап жығылды.
Әне,дәўраны бастан өтеди,
Жаны алқымға жетеди,
Қаны қалмай тенеден,
Дәрманы бойдан кетеди,
Өлерине көзи жетип,
Ата-анасына,
Қәўми-қарындасына,
Сәлем айтып,Қурбанбекке тапсырып,
Ер Султан толғай берди:

— Қаналасым Қурбанбек,
Бул кеткеннен кетерсең,
Қыйын гирядан өтерсең,
Қандағар деген қалаға,
Саў-саламат жетерсең.
Сол қаланың ишинде,
Сексен беске жасы толған,
Ғаррылық ҳалына барған,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Перзентим деп бозлаған,
Ерғара деген бабам бар,
Несип айдап көриссең,
Султаның өлди дейгөрме.
Аязлы күни айланған,
Бултлы күни буралған,
Тар курсактан жай берген,
Қан аралап сүт берип,
Камалыма жетирген,
Қаракөз атлы анам бар,
Жуўырып шығар алдыңнан,
Балаң өлди дейгөрме.
Кең дүнья болды бизге тар,
Ғапылда төктим намыс-ар,
Алла қоскан қосағым,
Шийрин деген ярым бар,
Бозлап шыкса алдыңнан,
Ярың өлди дейгөрме.
Әўлийеге ат айткан,
Қорасанға қой айткан,
Қармар қолым, шырағым,
Изимде калған турағым,
Әйне алты жасында,
Елтезер атлы балам бар,
Жуўырып шыкса алдыңнан,
Ағаң өлди дейгөрме.
Әрман менен жаўда өлдим,
Қайтты менин дәўлетим,
Жан аға, саған тапсырдым,
Жылатпағыл перзентим.
Менменлик еттим, мен таптым,
Жаўға қарсы мен шаптым,
Көрдим алланың пәрманын,
Тенимнен кетти дәрманым,
Тыңламадым сөзинди,
Кетти ишимде әрманым.
Көринди жаным көзлерге,
Хызметинди орынлап,
Түсе алмадым жүзлерге,
Қыяметте көрермиз,
Ыразы болың бизлерге.
Ықтыярың кетти қолдан,
Жанға ҳазар жетти молдан,
Әрманлы сөзин баянлап,
Жан тәслим етти ер Султан.

Әлқысса, соны айтып Султан дүньядан өтти. Қурбанбек батырға жеккелик жетти. Аяк-қолын жөнлеп, тил ықырарын тастыйық етти. Жеккелик басына жетип, мына сөзлерди баян етти:

— Атадан жаратсаң, алтыны жарат,
Бири өлсе, беси келер қасыңа,
Жалғызды жаратпа, тасларды жарат,
Қарға-кузғын үймелейди лашына.
Жалғыз өлсе ким көмер?
Еспе қызыл кум көмер,
Алыспайын оты өшер.
Солмағай ашылған гүлим,
Ашылғайсаң мениң жолым,
Қалдырмағай шөлде лашым,
Мәдаткар бол, я, расулим.

Әлқысса, соны айтып Қурбанбек төрт тәрепке қарады.

Шейирханның әскери,
Төрт тәрепке толады,
Лалаўласкан көп қалмак,
«Анжут» деп атлар қояды,
Оны көрип Курбанбек,
Ыңырсып жайдан турады,
Қарғып минип атына,
Бойға асып жаў қуралын,
Семсерин қолға алады,
Туқтыйды байлап белине,
Қалқанын белге шалады,
Қара аттың басын оңғарып,
Қалмакқа атлар қояды,
Қарсыласқан нешшесин,
Семсер менен сояды.

Таўдан ушар қара лашын,
Гүмбирлетти дағы-дашын,
Қарсыласқан мәрттиң басын,
Омырды майдан ишинде.

Қылыш кести алап-жалап,
Найзалар урды алла деп,
Қарсыласкан небир қалмақ,
Қырылды майдан ишинде.

Қәҳәринен алысты от,
Тайып басларынан нәўбет,
Айдархадай кәттә топ,
Ақырды майдан ишинде,

Топ атылып оңнан-солдан,
Жәрдемлесип күшли уран,
Жүреги өскен мәрт палўан,
Ат койды майдан ишинде.

Сел-сел болып майдан жерлер,
Ыңыранды майданда шерлер,
Жаннан кешкен талапкерлер,
Ат шапты майдан ишинде.

Бирлик пенен алға басып,
Қылышынан қанлар шашып,
Қалмақ халқы лалаўласып,
Топылды майдан ишинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайнап-жаснап атпады таң,
Тири жүриў болды гүман,
Күнниң жүзин басып думан,
Тутылды майдан ишинде.

Ат баўырынан актылар қан,
Сазалар шықты «әл аман»,
Тым-тырақай қашып душпан,
Тоздырды майдан ишинде.

Алтыланшы күнинде,
Қалмақтың еркин алады,
Көргеннин мийри қанады,
Бир жүз токсан төресин,
Жасаўыл,сәркардасын,
Қуўып барып қаласына,
«Әл аман» дейип қамады.
Күн көрмеген қызлары,
Дарыды ма тәжжал деп,
Терезеден қарады,
Қалмақлардың дәрўиши,
Мойнына пота салады,
Жүз түйеге дүнья артып,
Келип мәрттиң алдына,
— Айнанайын Қурбанбек,
Журт сеники,— деп жылады.
Узакқа атлар шаппады,
Душпанды жеңип таплады,
Бир әрманы сол болды,
Шейирхандай патшасын,
Батыр излеп таппады.

Әлқысса,Қурбанбек аттың басын тартып ҳайран болып турса,

Асқан жәбири-жапасы,
Тула бойын түк басқан,
Жайлаўдан кеткен жағасы,
Жасы жетип қарыған,
Белине түскен ақ шашы,
Қурдай көзи қызарып,
Бир жүз алпысқа жеткен жасы,
Сырлы ҳаса қолында,
Қасында жоқ жолдасы,
Таң қалғандай бир баба,
Алдына пайда болады.

— Ҳа,балам Қурбанбек,сөзиме қулақ сал. Бул сапар жолың болмады,оның мәниси,елиңнен шыққанда еки нашарды ертип шықтың,биреўи ҳақ нийетли еди,биреўи ҳарам нийетли еди,талабына соның кесири тийди.Екинши,ярым жолға келгенде бир адам алдыннан шықты.Басшы қылып ертип келдиң,сонын кесири тийди. Үшинши, жаўға ат салдың, Алла демедиң, күшиңе сыйындың. Енди қашқан жаўды қуўма,қалмақтан олжа алма,хеш адамның нәсиятын алма.Асығыс пенен журтыңа қайт.Өлсең де қарындасыңды жолдас қылма,— деп көзинен ғайып болды.

Қурбанбек оны еситип,жүз түйе дүньяға қарамай,изине қайтты.Қалмақлар шуўлады:

— Ер жигиттиң өз елинде мың душпаны болады,және мың досты болады.Соның барлығы дүнья менен болады.Батырдың барғанынан келгени қызық деген,жүз түйе дүньяны алып кетиңиз,— деген саза шықты.

Қурбанбек дәлилден утылып,жүз түйе дүньяны жетелеп,асығып:

— Султан сүйегин қорламас деген,өз иним екен,ақ жуўып,арыў кепинлеп қолымнан қойып қайтайын,— деп Ер Султанның өлген жерине келип қараса,«меннен соң дүньяға батыр келмегей» деп,орнынан турып кетип қапты.

Ашыўланып,Қурбанбек Көктөбедеги ярына келип,яры,қарындасына саламат қосылып:

— Ал,қарындасым,сәўер ярым,қалмақларды бағындырдым,жүз түйе жизиясын алдым. Лекин патшасы таптырмады.Тоғыз күн сегбир қағып,уйқыдан албырап турман.Мен жети күн жатып есимди жыйнап алмасам болмас. Сизлер атланың, жаў жарағыңызды сазланып дәрбентке барып, қараўыл болып турың. Қалмақтың басқыншылары көринсе, келип гезлигимди қолтығыма суғың, болмаса уйқым ашылмас.Ҳештеме көрмесеңиз,жети күннен үстиме тайын болың,— деди.

Бул сөзди яры Шәмшия еситип:

— Ҳәй,ярым,сен уйқыны қой,саламат ертерек қайтпақтың илажын қылайық,— деди.— Бирақ енди егленсең,ис насырға шабады,айтқанымды қыл,тез атлан,— деди.

Қурбанбек қатты ашыўланды.Яры айтты:

— Ал,ис бузыққа кетти.Қарындасың қалсын,өзим барып турайын,— деди.

Анда Қурбанбек ярына айтты:

— Енеғардың баласы,хаслың нашар,саған,үш айдың жүзи толды,хабарласа алмадым.Аўлағын алып,қалмақлардың мойны жуўан жас жигитлери дус келсе,кеўлиңдегини қылажақ мақсетиң бар ма? — деди.

Анда ҳаялы:

— Мен болажақ ислерди шийшең үйден көрип отыраман.Мен саған жаным ашып айтып едим, сен исенбедиң.Шайтан рәсиўаңды шығарған екен.Болажақ ислерди екинши саған айтсам,пирим

www.ziyouz.com kutubxonasi

душпаным болсын. Маған исенбедиң, енди буяғының қызығы болмас, — деп, қылышын тасқа бир шаўып, ашыўланып, Шәмшия атланды.

Қызды ертип дәрбентке барып, еки нашар үш күн қараўыл болып турды. Сол ўақта Құралай қыз женгесине айтты:

— Жеңге, бир жерде тура бермейик, таўларды аралап сейил етейик, ағамның қылышынан өлген өликлерди аралап тамаша етейик.

Шәмшия айтты:

— Өлимтик деген қәўипли болады, руўхлары тириге бәле болып жабысады. Тула бойың сырқырап баратыр ма, тынышыңа тур, шая, — деди.

Оған қыз ашыўланып, бир жерде турғысы келмей, бир өзи ат ойнатып таўды аралап сейил етип жүрсе, хәрбир қалмақтың жигитлери өлип атыр. Жас жигитлердиң өлимтиклерин көрип, зығырданы қайнап, ағасы жаўдай көринди. «Ағам қурғай, аты жойылғай, жас жигиттиң барлығын қырып болған екен, жолы болмаса терисине болсын» деп, кеўлин шайтан жайлады. Әне, «аўырыў астан, даў қарындастан» деген нақыл соннан қалды.

Қыз хәр таўдың басына шығып жүрсе, бир сайда отызлаған қалмақ өлген екен. Нәзер етип қараса, өликлердиң астында жарқыраған жалғыз көзди көзи шалды. Үстине ат дөндирип, қыз анықлап қараса, бир қалмақ жатыр, сол қалмақтың бийнеси:

Бойлары бар минардай,
Қоллары бар шынардай,
Геўдесин көрсең Қобландай,
Қурылысы Балқандай,
Қулақлары қалқандай,
Қарсы алдынан қарасаң,
Арыслан да қорыққандай,
Муртларының хәр қылы,
Сегиз тынлы арқандай,
Қарсыласқан инсанлар,
Қорқып естен танғандай,
Узынлығы он аршындай,
Ени барды еки аршындай,
Бүреништен питкен бармағы,
Зерден екен тырнағы,
Билегин берген пормадан,
Кийими ҳасыл торқадан,
Мийдиң сүўретин салып,
Ҳинжи менен торлаған,
Иши ғыж-ғыж қайнаған,
Көзи оттай жайнаған,
Еки муртын қайтарып,
Тас төбеден байлаған,
Ишсе қанға тоймаған,
Бети қара, мурты ақ,
Бәдбәшере бәдирек,
Жүдә шийрин жан керек,
Ҳаслы затын сорасаң,
Шейирхан деген хан екен,
Басына қыйын ис түсип,
Өликлердиң астында,
Жан сақлап жатқан сол екен.
Ата-анаға бийпаян,
Иси ҳәммеңизге аян,
Пормасына қызығып,
Бузылды сол жерде шаян.
Айбат шегип, ҳаслын сорап,
Қәҳәри қар яңлы борап,
Қуралай қыз бир зат айтты,
Аты менен ҳаслын сорап:

— Көрмедим мен тири жандар,
Ким менен едиңиз қандар?
Атыңызды ертерек айтың,
Жаның болса, сөйле жандар.

Бийжағдай жерлерде жатқан,
Тула бойың қанға батқан,
Шығың тезден, ҳаслыңды айт,
Өз абыройын өзи сатқан.

Хабарың жоқ па батырдан?
Әрманлы таңлар атырған,
Ҳаслыңыздан хабар бериң,
Кимсең жасырынып отырған?

Еситип қалмақ сөйледи:

— Шөкти жолда қара нарым,
Бағыш еттим саған барым,
Не қылсаң да тайын турман,
Бизлер сениң өлимдарың.

Қуралай:

— Мени сен ким деп ойлайсаң,
Өлимге жүдә қолайсаң,
Жалынып гүнаңды тилеп,
Бул қалада ким боласаң?

Еситип қалмақ сөйлейди:

— Атым қалмақты жайлаған,
Халықты қойдай айдаған,
Қалмақтың ғамын ойлаған,
Шейирхан патша мен, — деди,
Сөзиме қулақ сал, — деди,
Айтқан сөзимди ал, — деди,
Көз жасымды қабыл ет,
Керегиңди меннен ал, — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйтип нашар сөйлейди:

— Тыңласам сениң зарыңды,
Өзгертсем қыйлы-қалымды.
Алмасам тениңнен жаныңды,
Не қылар-ең сен? — деди.

Қалмақ сонда сөйледи:

— Күниң менен бир батпаға,
Есигиңди қорып жатпаға,
Малдай жетелеп сатпаға,
Қулың болайын мен,— деди.

Қуралай сонда не деди:

— Мәгер сени өлтирмесем,
Жүрек бауырыңды тилдирмесем,
Сырыңды халыққа билдирмесем,
Нем боласаң сен? — деди.

Тыңласам жағдай-жайыңды,
Мен кеширсем гүнайыңды,
Танырмысаң тең-тайыңды,
Айдағанға жүрермисең?

Сонда қалмақ сөйледи:

— Қулақ қойсаң налысыма,
Қорған боп өмир жасыңа,
Теңгерип сени басыма,
Бирге болайын мен,— деди.

Жолыңа бағышлай барым,
Өлгейлиден аҳыў-зарым,
Ағаңызға билдирмесең,
Сенде болсын ықтыярым.

Қылыш урып алмай айым,
Кеширсең мениң гүнайым,
Бул дүньяда керегим сен,
Жамалыңнан айналайын.

Сырын аңлап патшаның,
Қуралай турып сөйледи,
Қәдди бойын дүзетип,
Алтын-гүмис тағылды:
— Патша болғай ярым деп,
Бир қудайға табындым,
Лақабыңды еситип,
Бир неше жыл сағындым,
Қатар-теңим дус келмей,

Аш жолбарыстай шабындым,
Бир патшаны яр тутыў,
Өмирликке мақсетим,
Ықырарыңа шерт айтсаң,
Шын кеўилден қабыл алдым.
Жолыңда қурбан шыбын жан,
Әйледим мүшкилиңди аңсан,
Ўәдеңизден танбасаң,
Шын ашығым сендей хан.

Қыздың сырын билген соң,
Қуўанып турып Шейирхан,
Қызға қарап сөйлейди:

— Алатаўдың сағымы,
Аспан менен таласар,
Саўлатымды көргенлер,
Ақылынан адасар,
Қыз-жигиттиң сәўбети,
Өткенлерден миясар,
Сорар сеннен саўалым,
Ағаң дәркар ма, мен дәркар ма?
Ырасыңды айтып бер.

Еситип нашар сөйлейди:

— Көрген жерде кеўлим тасар,
Әйлеген алла миясар,
Ярым патша болғай деп,
Нешше жыл болдым интизар.
Ағам ядқа түспейди,
Тириликте сен дәркар,
Сөзи тийер ашшы-ашшы,
Кеўлиндеги табылмай,
Ақты көзимниң жасы,
Саўалыңа жуўап сол,
Ағам қурсын, сен жақсы.

Сырын аңлап нашардың,
Шейирхандай залым хан,
Ушып-ушып қуўанды,
Анықлап кеўил бурады,
Кеўли әламды орады,
Аўға қапқан суңқардай,
Жумбарлап мойнын бурады,
Дәлил менен барласты,
Бир-бирине жақынласты,
Ҳақыйқаттан кеўлин ашты,
Ақыйқат әлпи алысты,
Кеўиллери табысып,
Сыр айтысып екеўи,
Қупыяда табысты.

Әлқысса, Шейирхан қалмақ пенен Қуралай қыз кеўиллерин жәмлеп, бирин-бири танып, патша қызға саўал қойды:

— Сен мени жақсы көрген менен, Қурбанбек ағаңның айбаты ҳәм ығбалы меннен зор турады. Сен менен мени дәўран сүргизип қоймайды. Буны не қыласаң? — деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Анда қыз айтты:

— Ағамның жоқ болатуғын жери бар ма? — деди.

Анда патша айтты:

— Ырза болсаң,жоқ болатуғын жерин айтаман,— деди.— Сен бул сапары сыр билдирмей ағанды ертип журтыңа қайт.Елиңе аман жет,арадан қырық күн өткен соң сен қатты аўырыўў бол.Ата-анаң журтыңнан уллы тәуиплерге бақтырар. Тәуиплерге пара бер, түсиндир, өзиңе емди былай буйырт: Арийин деген журтында,Шынзан деген тауында Абызәмзем,Абыпәлек,Абыҳаят деген үш булақ бар, үш булақтың үш қәсийети бар.Абызәмземниң суўын ишкен узақ жасайды,Абыпәлектиң суўына шомылған адам кесел болмайды,Абыҳаяттың суўын ишкен адам жигирма бес жасында турады да қояды.Абыпәлектиң суўына шомылса жазылады,болмаса өледи,— десин тәуиплер.Оны еситкен соң, Сәрдарбек атаң гөдек киси,инанар,баласына «барып кел» деп буйырар.Атасының сөзин сындырмас, ағаң кетер,ол журтқа барған адам аман келмейди,дәўлери тутады,айдарҳасы жутады,ағаң сонда өлер.Арадан үш жыл өтер,әскер тартып барарман.Алым ханын өлтирип,сени ақ күймеге миндирип, салтанат пенен алып қайтарман,оннан соң мақсетке жетесең,— деп,ўәделесип тарқасты.

Әне,қыз сөйтип ханды өлимнен қутқарып,сыр билдирмей,жеңгесиниң қасына келди.

— Жеңге,айтқаның ырас екен.Қалмақтың өликлерин көрип едим,жүрегим ҳәўлирип баратыр, қағындым ба деймен,— деди.

Сонда жеңгеси айтты:

— Ҳа,жүзиқара,«қағындым ба» дегенше,«қарсыласып табындым ба» десең бойма.

Арадан жети күн өтти,асығыста атланып Қурбанбектиң қасына келди.Асығыста қыз ағасын оятып,аўырдым деп,ағасына қарап бир зат айтып тур:

— Жүк тартады қатарында қара нар,
Кеўилиме толды қайғы-әрманлар,
Қаналасым,уйқыңды аш,тур жайдан,
Синлиңизден бес алты аўыз арзы бар.

Кәллимди жыялмай турыппан зордан,
Турыңыз,жан аға,айық уйқыдан,
Аманлықта туўған елге қайтайық,
Жат еллерде қатаң аўырып турман.

Қазан урып,қызыл жүзим солмасын,
Жат еллерде болмас ислер болмасын,
Атланың,жан аға,елге қайтайық,
Өлимтигим жат еллерде қалмасын.

Дүньяға келген жоқ сениңдейин мәрт,
Айырылмастай жағылмасын ғәремет,
Тилегим сол,аға,елиме жеткер,
Ата-анамды көрип,қылайын мурат.

Әлқысса,Қурбанбек шошырап жайынан турып,батырлық салтанат қурып,көшиў ушын тақ турып, душпанның өндирип арын,әрман болып кеўлине,табалмай шыны қандарын,ыңыранып минеди Қарақасқа тулпарын.

Жүз түйени айдатып,
Ҳүким етип хызметкерин,
Басшы қылып елге қайтты,
Шәмшиядай сәўер ярын.
Үдетип кетти талапты,
Ерте турып,кеш жатты,
Асығыс пенен ер жигит,
Елатына жол тартты,
Жети күн удай жол жүрип,
Ақша жүзин солдырды.
Сол кеткеннен кетеди,
Шөллерде сегбир етеди,
Тоғыз күнде аман-саў,
Алмурт таўдан өтеди,
Темирлан деген атаўға,
Саў-саламат жетеди.
Ели-халқын жыйдырды,
Мал семизин сойдырды,
Төрт қырлап ошақ ойдырды,
Басын қурап халқының,
Жасаўлы табақ қойдырды.
Жетисип мәнзилгөяға,
Қарыяларын жыйдырып,
Батырға берди пәтия,
Саў-саламат қосылып,
Жетисти батыр муратқа.

II бөлим

Арадан қырық күн өтти.Қуралай қыздың күннен-күнге аўырыўы үдеди,қорқынышлы болып жүдеди,атасы менен анасы әдиўлеп қызын күтеди.Әўлийеге ат айтты,шайықларға тай айтты,тәуип қоймай қаратып,порхан қоймай бақтырды,туўмаған туўды сойдырып,өкпеси менен қақтырды.Ала жип салып мойнына,алдында бәрҳама тақ турды.Ийнедей шыпа таппады.Оны көрген тәуиплер: — Абызәмземниң суўын ишсе,Абыпәлектиң суўына шомылса жазылады,болмаса өледи,— дей берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны еситип,Сәрдарбек атасы Қурбанбек баласын шақырып,хүким қылып буйырып,баласына бир зат айтты:

— Көз қамасар шапқан оттың тозына,
Қайғы менен жас қаплады көзиме,
Атаңыздан хызмет лазым болып тур,
Қулақ салың атаңыздың сөзине.

Шалыққаннан қызыл жүзи солыпты,
[illegible]
Қуралайды урысқа ертип кетипсең,
Шалығып жалғыз қыз кесел болыпты.

Жигерим қум болып,бузылды қанам,
Мақсетиңди бергей,балам,бир аллаң,
Ем болыпты Абызәмзем булағы,
Сол булаққа барып келиң,жан балам.

Кеше-күндиз тилегинде болайын,
Душпаныңның келтиргейсең қолайын,
Абызәмзем булағынан суў әкел,
[illegible]

Атаңыз қалып тур қайғы мен ғамға,
Себеп бола кеткей бир шыбын жанға,
Қызым өлсе,әрман болып кеўлиме,
Еки дүнья қолым сениң жағаңда.

Әлқысса, мына сөздиң салмағы Қурбанбек батырдың жети жүйресинен өтти, гәптиң жүйин байқаса,батырды сарсаң етти.Өзинен көргенин билип,шылбырына оралып,әдеп баста қоррашының айтқаны ядына түсти.Ашыўланып-арланып,гә қызарып,гә бозарып,бул дәртти кимге айтарын билмей ақсарайға барады, ыңырсыды, жатпады, мына таңлар атпады, әйне сәҳәр ўағында батыр жайынан турып, кеткенимди ҳешким билмей қалсын деп, аўлаққа шығарып қара тулпарды ертледи. Муздай темир қурсанды,қублаға басын қаратып,атқа ғарғып минеди,көк полатқа оранып,атасына өкпелеп ақ семсерди қолға алды.Ядына батыр шер салды,Қара аттың басын оңғарып,Ақырап дәўдиң журтына Қурбанбек батыр атланды.

Шер салып кеўил дағына,
Түсинип қара,ағына,
Тәўекел етип атланды,
Ақырап дәўдиң халқына.

Тутылып атаның шәртине,
Табылмай даўа дәртине,
Сапар етип атланды,
Шынзан деген шәҳәрине.

Ат шаўып палўан далаға,
Яд етип кәмбил панаға,
Сапар тартты мәрт палўан,
Шынзан деген қалаға.

Қызыл жүзин солдырды,
Қайғыға кеўлин толтырды,
Шынзан деген қалаға,
Сапар тартып жол жүрди.

Атларды жолға салады,
Жол жүрип мийри қанады,
Күнин-түнин бир етип,
Жигирма күн толады.
Аттың жалы өрилди,
Бағда гүллер терилди,
Тум-тусына қараса,
Аспан менен таласқан,
Бир қара таў көринди.

Ат шаўып бәлент-пәсине,
Жол шыдамай дәстине,
Шаўып шықты мәрт жигит,
Бийик таўдың үстине.

Ақылы хайран болады,
Жол жүрип естен танады,
Бәлент таўдың басында,
Төрт тәрепке қарады.

Әлемди еткен лалазар,
Сарасланған бир жол гүзар,
Булдырланып көринди,
Аспан менен таласқан,
Көринеди бир шәҳәр.

Жақынлап нәзер салады,
Тий-тырнағы шойыннан,
Бир пақшасы полаттан,
Бир пақшасы қоладан,
Бир пақшасы мәрўерт,
Бир пақшасы яқыттан,
Он алтыдур дәрўазасы,
Он жетидур андазасы,
Жигирма төртдур көшеси,
Сырт порымы зербарақ,
Қарғалығы шамшырақ,
Күнлер менен шағылысып,
Көринеди жарқырап.

Әлқысса, көрмеген жер, жүрмеген жол, әсте басып аңлап, қулағын салып тыңлап, песин ўақта барады сол қалаға жақынлап. Тум-тусына қараса, жолдың оң жағында адамдай ақ тасқа жазылған қызыл хатты көрди. Батыр оқып көрсе, бул қаланың атын Шахрунан депти. Патшасын ким деп

www.ziyouz.com kutubxonasi

сорасаң,Қумыры төре деген.Қумыры төрениң Гулнар пери деген жалғыз қызы бар еди.Ышқы суўрет перийзат,пери сүўрет пәнжайы әптап,жүзлери нокат-нокат,жүзлерине қал қойған,ләблерине бал қойған,көрген жигит бенде болған.

Қара шашын тараған,
Есигин еткен қадаған,
Ақ бетини көргенлер,
Ақыл хуўшы лал болған,
Қәлемдей қасы қыйылған,
Жүзини бир көргенлер,
Яратқанға сыйынған,
Сол тарийқа қыз еди,

Сол қызына Алшағыр дәў деген даңқына ашық болып,«қызыңды маған beresen,бергиң келмесе, урысыңа шық,оған қыйлансаң,хәр күнде он адам сойып beresen» деп,қаласында мусаллат болып жатыр еди.Қумыры төре күнде он адам жизия берип бағып атыр еди.

Ал,ол сол жерде тура турсын,Қурбанбек батыр сырын билмеген қалаға туўрылап барып кире алмай, қаладан тысқары жерде Қара атын тасқа байлап,Қумырыға хабар жиберип,Қурбанбек жата берди.

Әйне сәхәр ўақтында Алшағыр дәў хабарланады «қаланың сыртында шексиз адам жатыр» деп, ерден ердиң кәўпи бар,алағада болып жаталмай,буннан хабар алайын,жалғыз адам дейди.Қорққан киси қусап үстине бармайын,жалғыз адам болса,өзим-ақ байлап аламан деп,тулпарына минип, найзасын өңгерип,жалғыз өзи Алшағыр дәў Қурбанбек жатқан таўға келди.Қурбанбектиң аты тулпар еди,тулпардың ийисин алып,дәўдиң аты жүрмей,жер тепсинип тура қалды.

Әне,Алшағыр дәў тулпарына ашыўланып,бир зат айтып қияткан қусайды:

— Ғайратың ғаўлап таспайсаң,
Ғарманлап жерди оспайсаң,
Алдыңа неге баспайсаң,
Не көрдиң тулпарым,не көрдиң?

Бағымның гүли солды ма?
Пайманам,күним толды ма?
Заманым қыйын болды ма?
Не көрдиң тулпарым,не көрдиң?

Жалғаншы маған тармекен?
Душпаным ахыў-зармекен?
Көргениң меннен зормекен?
Не көрдиң тулпарым,не көрдиң?

Қолымда тилла оқжайым,
Неге шегесең уўайым,
Жалғыз атлы жолаўшы,
Алармекен абырайым?
Не көрдиң тулпарым,не көрдиң?

Әне,бул сөзди еситип,уйқылап атқан Қурбанбекти Қара тулпары аяғы менен қозғап оятады. Ыңыранып жайынан турып,Қара тулпарына минип,даўыс шыққан жаққа қарап тымсал менен Қурбанбек батыр бир зат айтып тур:

— Ат сүринген бәлент дағда қыядаш,
Менмен болсаң,ағар көзден қанлы жас,
Көрмей,билмей неге айбат шегесең?
Ким боласаң? Беррегирек жақынлас.

Батыр аямайды гейдеден жанды,
Көрегине [illegible] адамнан қанды,
Хәддиң болса,кәўип етпестен келебер,
Батырға таптырмас бундай майданы.

Бизлерге мийрасты сендейдиң малы,
Бизлер келген мусылманның палўаны,
Көрмей,билмей неге айбат шегесең?
Күш қарыўың болса,көрсетиң кәне.

Ер жигит айтқан өз сөзинде турар,
Жақынла енеғар,көрейин түриң,
Атымды сорасаң,Қурбанбек батыр,
Жаның өзине олжа,кейнине бурыл.

Еситип соны Алшағыр,
Ашыўы жаман келеди,
Булыттай болып буралып,
Жараған шердей ыңыранып,
Алдына қарай дөнеди,
«Жаў-жарағың тасла» деп,
Ашыўланып келеди.
Он сегиз батпан игри алмас,
Барған жерде жан қалмас,
Айбатын оның көргенде,
Жанлы жандар баталмас.
Оң қолына көтерип,
Жақынласып келеди,
Өлтириў ушын қаслады,
Төбесине батырдың,
Әмуд түйип таслады,
Қаймыға берип ат айдап,
Қурбанбектей батырың,
Қалқаны менен қағады.
Парралады хасыл жерди,
Айбатынан шоқмардың,
Жер қозғалып теңселди.
Сол ўақтында Қурбанбек,
Ашыў менен қайнап қаны,
Яд етип Расулилланы,
Сом жүректиң тусы деп,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алшағырдай дәўине,
Керилип урды ақ найзаны.
Батырдың кеўлин тындырды,
Дәўдин кийген саўыты,
Найзаны бүклеп сындырды.
Бир-бирине жақынласты,
Бир-бирине қол салып,
Ат үстинен айқасты,
Бирин-бири алалмай,
Аўзынан жалын шоласты,
Дыбыслары жер жарып,
Асаўлардай туўласты,
Жер титиреп түсинен,
Биябанлар шуўласты.
Алалмады бир-бирин,
Теңлеседи турады,
Қаны қайнап қызады,
Көзлери оттай жайнады,
Атлардан жерге түседи,
Жаў-жарағын шешеди,
Ҳәрким оңашын алып,
Керип урды қулашты.
Сол еки батырдың күши,
Ҳәддинен енди асты,
Еккисинин ғайратын,
Көрген ақылдан асты.
Жүреклери суўлады,
Қумырының қол асты,
Қурбанбектей батырың,
Қолайға дәўди келтирип,
Керип урды жанбасты,
Таўдың қара тасына,
Тақ жаўырыннан басты.
Әйне сәҳәр ўағында,
Ғулғула түсти қалаға,
Қумыры бийдей уллы бий,
Атланады саҳраға.
Келип патша қараса,
Еки батыр айқасып,
Жатқанларын көреди,
Қулақ салып тыңласа,
Биреўинин тилинде,
«Алла» деген сөзи бар,
Биреўинин сөзинде,
«Латманат» деген сөзи бар,
Алласына сыйынған,
Мәрт Қурбанбек дер екен,
Алшағырдай батырды,
Басып турған сол екен.
Оны көрип Қумыры бий,
Ушып-ушып қуўанды,
Қурбанбектей батырға,
Ғыжалат берип сөйледи:

— Жеттиң бе дәрдиме дәрман,
Шыққансаң кеўлимнен әрман,
Өлтирегөр душпанымды,
Балам,саған ыразыман.

Таза ашылған бағда гүлим,
Келтир душпаныма өлим,
Өлтирип бер душпанымды,
Саған бердим пайтақ елим.

Қайтарсаң залымның бахтын,
Басыма шамшырақ жақтың,
Өлтирип бер душпанымды,
Саған бердим тажы-тахтым.

Сол ўақтында Алшағыр,
Алартты ханға көзини,
Айтар болды батырға,
Әзәзүллик сөзини,
Түсинип оған Қумыры бий,
— Алма,балам,залым тилин,
Қарап қылды палўан елин,
Қорықпа балам,басын кес,
Тарқат атаңыздың шерин,— деп,
Қурбанбектей улына,
Алмас қанжар береди,
Қанжарын батыр алады,
Басына саўда салады,
Алшағырдай залымды,
Қарқыратып шалады.
Қумырыдай патшаның,
Балаға мийри қанады,
Суўқабақтай геллесин,
Геўдеден қырқып алады,
Ақ найзаға илдирди,
Қумыры деген патшаға,
Шын дослығын билдирди,
Қуллық айтып Қурбанбек,
Дослықты баржай келтирди.
Қуўанғаны соншелли,
Қурбанбектей батырды,
Өз қолынан Қумыры бий,
Қушақлап атқа миндирди,
Ыразы болып бир аллаға,
Келтирип исин оңайға,
Изине ертип батырды,
Қайтқан екен Қумыры бий,
Юнан деген қалаға.
Алшағырдай гәўирдиң,
Уйқыдан турып қырық жигити,
Патшам қайда кетти деп,
Қай мәканға жетти деп,
Келатыр екен из қуўып,
Суўқабақтай геллесин,
Мәрт қолында көреди,
Болғанын билип сумлықтың,
Барлығы шуўлай береди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мийман аға,жол алыпсаң,
Басына сауда салыпсаң,
Қанын ишип ағамның,
Бул майданда мәс болыпсаң,
Маған бергил геллени,
Қайларда алып барасаң?
Жибермес сенде намыс-ар,
Өлтирсең сен ағасын,
Он бес иниси және бар,
Қаныңды ишер бир күни,
Өлтирип сени қатыран,
Абырайыңның барында,
Ағамның бер басын,— деп,
Тум тустан атлар қояды.
Қурбанбектей батырдың,
Көзи қанға толады,
Оңнан-солдан умтылып,

Қыйқыўды батыр салады,
Кирди батыр ғайратқа,
Қолын салып полатқа,
Тум-тусына найза урып,
Қырғын салды қалмаққа.
Зүлғула болды жер жәхан,
Ат туяқтан акты қан,
Алшағырды көре алмай,
— Әрманлы болдым,аға,— деп,
Қырық жигит өтти дүньядан.
Ашылған бағда лалаға,
Яд етип кәмбил панаға,
Алшағыр дәўди өлтирип,
Қумыры төре бас болып,
Барып кирди Қурбанбек,
Юнан деген қалаға.

Әлқысса,Қумыры төре Қурбанбекке кеўли питип:
— Балам,себеп пенен шәҳәриме пайда болдың,мийман атаңнан уллы деген,кәне,тахт сизге бағыш болсын,тахтқа миниң,— деди.
Қурбанбек егленбестен ханның тағына минди.Сөйтип Қурбанбек:
— Ҳәмири ўажып деген,ҳәмириңиз питти.Тағың өзиңизге кутлы болсын,— деп қайтып түсти.
Хан дәлилден утылып,хызметкерлерин шақырып алып:
— Қурбанбекти тилла сарайға апарып мийман алың,— деди.
Қурбанбекти қырық күн мийман алды.Арадан қырық күн өткенде Қумыры патша ўәзирлерин жыйнап алып:
— Бул мийманға не сыйлық берсек лазым болар? — деди.
Ўәзирлер айтты:
— Бул қусаған ерлерге дүнья дәркар емес,журт дәркар емес.Буған дикар дәркар.Ақылың болса, бул қол үзгендей адам емес.Буған,есиң болса,қызыңызды бериң,— деди.
Бул сөз ханға мақул түсти.Халқын жыйдырды,атан өгиз сойдырды.Гүлнарайым деген жалғыз қызынан ықтыяр алып,ақ некесин қыйдырды.Гүлнар перини қырық сәрдар жеңгеси икрам-иззет пенен батырдың қасына алып киятыр.

Қырық жеңгеси қасында,
Тилла тажы басында,
Таўыстай болып таранып,
Көргенлердиң ақылын алып,
Жүзлери гүл-гүл жайнап,
Беллери сымдай буралып,

Әдеп пенен ғаз-ғаз басып,
Кеўли дәрьядай тасып,
Жилўа менен қасын қағып,
Қыялланып,қыя бағып,
Ақ сарайдың қапысын ашып,
Батырға сәлем берди дизесин басып.

Батыр сәлемин алды, қалайыдай қалқып, полаттай балқып, қыздың назына ақылын алдырып, Қурбанбек батыр бир зат айтты:

— Шахирунан дер елимди,
Терсем бағыңнан гүлиңди,
Сегиз жәннеттиң төри дермен,
Сендей бир ярдың қойныны.
Ақылымды алдың перийзат,
Егеленбей келсең не болды?
Салсам қолымды мойныңа,
Қансам дийдар жамалыңа,
Бир ақшам бизди қойныңа,
Перийзат,алсаң не болды?
Ышқылы шарабын берсем,
Бағыңыздан мен гүл терсем,

Салқын сарайыңа мен кирсем,
Руқсат етсең не болды?

Питсе сизден мақсет-мурат,
Әйлесеңиз кеўлимди шад
Шын ашығым сен перийзат,
Бағыңа кирсем не болды?

Мына сөзди еситип,
Гүлнар айым сөйледи:

— Сен де жеткен жасыңа,
Мен де жеттим жасыма,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Екки дүнья ыразыман,
Жупты қылған қудайыман.

Кеше-күндиз интизарым,
Бағыш еттим хәрне барым,
Кутлы болсын жолына,
Таза ашылған кәмалым.

Тоғыз жылдан бермаған,
Раўа бердим өзиме,
Ләблериме бал қойып,
Сүрме жақтым көзиме.

Ашык болдым сыртыңнан,
Қәлем урдым жүзине,
Бағыш болсын жолыңа,
Рәўишли жамалым.
Дәслер урып дәстине,
Мийман қылдым,сәўер яр,
Ақ сийнемниң үстине.

Түрли жылўа сөз айтып,
Барды батырдың қасына,
Қыз буралып турады,
Жарасықлы сөз айтып,
Тумлы-тусын орады,
Еки ашық қосылып,
Айдан арыў жүзинен,
Жуп-жуптан поса алады,
Еки ашық қосылып,
Кеўиллери тынады.

Әне,Гүлнар перийзат пенен сағынышлы қосылып,қырық күн опалы дәўран сүреди.Әне,қырық биринши күнде батыр ойланып,өткен күнин есапласа,бул қалаға киргели жети ай болыпты.Ойласа, жети айы жети саат қурлы да болмапты.Сәхәр ўақта батыр қыял етти: — Бул жатыста жата берсем, атамның аманаты қыямет күнине қалмаса болар еди,— деп,қайғыланып бир «аҳ» шекти,суўық демин алды,шоршып жайынан турды.Қыз орнынан турып,батырдан саўал сорап бир зат айтты:

— Тал шыбықтай таўланып,
Жатыр едим қасыңда,
Саған қосты қудайым,
Әйне он бес жасымда.
«Ҳүў» деп неге «аҳ» шектиң?
Не саўда түсти басына?
Суўық демин «аҳ» урған,
Қозғалтады зулпымды,
Сағындың ба,ашығым,
Туўып-өскен журтыңды?
Ашығыңа баян ет,
Кеўлиңдеги дәртиңди.
Бетиңизге жағымсыз,
Тийдимекен жамалым?
Он бес жасым толысып,
Жетисти жаңа кемалым.
Таўланасаң «аҳ» урып,
Неге жоқдур қарарың?
Хабарыңды еситип,
Болған едим интизар,
Ара берген жүзлерим,
Ләблеримде түрли бал,
Тилеклеспен жолыңда,
Кеўлим сүттен де ҳадал,
Шын ашығым,жасырмай,
Әрманыңнан бер хабар.

Әне,батыр сол сөзин еситип,кеўлиндеги әндийшесин жасырмай айтып,ярынан руқсат сорап, бир зат айтты:

— Мойныма жүкленди түрли ғәрамат,
Мойнымда бар еди түрли аманат,
Болған едим атамыздан қарыздар,
Назлы ярым,егленбей бер руқсат.

Қулақ салың,перийзатым,арзыма,
Ушырастым сениң бәхәр-жазына,
Сениң қызығында бул жерде қалсам,
Гириптар болмышам атам қарызына.

Шәпәхәт әйлеңиз,әй,пәрийзадым,
Тилекте бол,тыңла мениң пәрядым,
Ышқыға сатылып бул жерде қалсам,
Алар болдым атамыздың қарғысын.

Жаздырғанман саўытымның бәндини,
Ықырар айтып мен тутайын шәртиңди,
Келмейди деп қапа болма,сәўер яр,
Сарғайтпағыл ақ жүзиңниң рәңкини.

Ядымда тутәрман ертели-кеши,
Еки шықпас мәрт жигиттиң ўәдеси,
Мен кетемен Ақырап дәўдиң журтына,
Өз-өзиңди таза тутың келгенше.

Әне,«атамның хызметине баратырман» деген соң,перийзат утылып,атаның ҳаққы — қуданың ҳаққы,ененин ҳаққы — пайғамбардың ҳаққы деген сөз бар еди бурыннан,егленбей батырға руқсат қылды.Өз қолынан ярын атландырып,атын жылаўлап,батырды жолға шығарып: — Бойымда хәмиле болып еди,қайтып келсең,кеўлиңе әрман болмасын,— деп,Гүлнар перийзат бир зат айтып тур:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ашықлық жолында мен едим қардар,
Шын ашығым,бизден төкпе намыс-ар,
Қайтып келсең кеўлинде әрман болмасын,
Саған айтар бир жасырын сырым бар.

Ҳадал жигит болсаң,болың мәмиле,
Жолыңда бағынып,етейин тәўбе,
Қайтып келсең кеўлиңе әрман болмасын,
Бойымызда қалды сизден ҳәмиле.

Минип бедеў,ара шөлде желгейсең,
Өткен күниң ойлап,қәдирин билгейсең,
Кете бериң,ярым,сизге руқсат,
Бахтымызға аман-есен келгейсең.

Еситип батыр сөйледи:

— Мен кетемен Шынзан деген қалаға,
Айың толып,түрин көрсең дүньяда,
Мен келместен бурын болса перзентиң,
Баламыздың атын қойғыл Қурбанша.

Гүлнар перий:

— Ишине жигиттиң салдым үлкен дәрт,
Қурдым сениң менен әрмансыз сәўбет,
Салдым кеўилиңе әрманлы сөзим,
Ығбалыма аман келиң,ғош жигит.

Сол сөзлерди еситип,
Айтысты батыр аллияр,
Еренлер болсын хабардар.

Хош-аллияр айтысып,
Жолларға болды рәўан,
Бедеўди жолға салады,
Жолға рәўан болады,
Тәўекелге жол байлап,
Сапар тартып барады.
Қыя майдан далада,
Қояндай шаңы бурқылдап,
Уршықтай саны бултылдап,
Омыраўында ақ көбик,
Қара жерге жылтылдап,
Маңлайынан қара тер,
Тебингиге тырсылдап,
Қамшы урып қоңына,
Қыя шөлде баратыр,
Ашыўлы шердей арсылдап.
Түсирип көктен бәҳәрин,
Тартып шөллердиң хазарын,
Шығысқа берип нәзерин,
Ҳайран болып ержигит,
Табалмай белли гүзарын.
Белиндеги ақ семсер,
Шағылысып күнге жарқырап,
Айбатынан бедеўдиң,
Қара таслар солқылдап,
Қуўдай мойнын созады,
Қыя шөлде селигип,
Сарыбас қуўдай сарқады,
Шомылып бедеў терлерге,
Уласады күн түнлерге,
Ат ойнатып баратыр,
Қузғын ушпас шөллерде.
Атқа тумар тағады,
Майданда сегбир қағады,
Шөллердиң танабын тартып,
Жылдырым киби ағады,
Туяғынан алысып,
Шақмақ отын шағады,
Он алты күн толғанда,
Аспан менен таласқан,
Бир таў пайда болады.
Жолдасы жоқ қасында,
Жол шыдамай дәстине,
Әйне сәҳәр ўағында,
Ат ойнатып минеди,
Бәлент таўдың басына.
Қуйқа түги дуўлады,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Қулақ салып тыңласа,
Жер тебирентип алдынан,
Бир сес пайда болады.
Дүбирлеген атшабыс,
Байқап көрсе,белли даныш,
Тумлы-тустан келеди,
«Хош келдиң!» деген бир даўыс.

Әне Қурбанбек тум-тусына қарады.

Әйне намаз ўақтында таң қалғандай бир шәҳәр алдында жақын көринди. Ат қойып дәрўазаға келди. Әне,дарўазада жазылған хатты көрди. Хатты оқып қараса,Ҳәзирети Даўыттан қалған Шәҳәри Рахнай деген қала екен. Шәҳәрин сорап турған Ақшахан деген патша екен. Ақшаханның ақыллы Жам пери деген қызы болып,сол қызына Қатыран дәў деген таламан болып,қаласын қамап атыр екен. Қаласы қамал екен.

Әне, халқы ашырқап, майданға шығалмай, қоррандазлар қорра таслап, «Мусылман ўәлаятынан атасынан дуўа алған Қурбанбек батыр деген келип, душпанды өлтирип, халқыңды дарқан етеди, мүшкилиңди аңсан етеди» деген қорраға түседи. Соны еситип, қамалдағы халық қуўанысып, үш күншилик жолдан тулпардың дүбирин еситип, халайық шуўлап жолына қарап отыр еди. Қурбанбектиң қулағына келген даўыс халықтың ықласы еди. Әне, бул сырды Қурбанбек еситип, дәртлери қайнап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

дәүге тисин қайрап, душпанның қаякта екенин барлап, садағына сексен оғын жайлап, дәрўазаға ат қойып келди. Әне, Қурбанбектиң келгенини билип, жети қат жердиң астында жатқан Ақшаханға барып: — Қаланызға ғайыптан әжайып мийман келди, — деп хабар берди. Илаж таппай атырған Ақшахан жуўырып майданға шығып, Қурбанбек батырдың алдына келип, Қатыран душпанын тәрип етип, Ақшахан бир зат айтып тур:

— Белинде бес қурал, ийнинде қалқан,
Көзлериме тар көринди кең жәҳан,
Себеп пенен бул жайларға келипсең,
Батырмысаң, кәрўанбысаң, жан балам?

Садағында көринеди сансыз оқ,
Сени көрип болды, балам, кеўлим тоқ,
Қайсы елден қайсы елге барасаң?
Елимизде саған тайлас жигит жоқ.

Қорқыныштан кетти тәнимнен дәрман,
Елиме жетисти душпаннан пәрман,
Елимизди бир дәў келип қыйратты,
Атын айтсам сол залымның — Қатыран.

Мен жалынсам, тынламайды ҳалымды,
Қызыл қанға былғады сай мен саламды,
Атсам мылтық өтпейди,
Ҳүжим жасап халқымның,
Оған дады жетпейди,
Қатыран деген бир залым,
Ўайран етти қаламды.

Таяр еттим не кереги, әнжамын,
Жолыңа бағышлап мен дүнья-малым,
Залым дәўден саған зыян келмесин,
Етегөр ертерек басыңның ғамын.

Дадым жетпей, кетти мениң әрманым,
Халқымыздың ат басындай әрманы,
Еркин берип, балам, саған сыйындым,
Дәўге қарсы турармысаң, мийманым?

Гәп тымсалын аңлады,
Қурбанбектей батырың,
Бәлент-пәсин барлады,
Ақшаханды қуўантып,
Буған қарап сөйледи:

— Тулпар минип дағыўанда желмейди,
Нәмәрт жигит сыйлағанды билмейди,
Силтей бер, патшайым, қарсы жаўынды,
Қорқар адам бул жолларда жүрмейди.

Бағым келсе, солдырарман гүлини,
Дарқан әйле қамалдағы елинди,
Шынтың менен арқа берип сыйынсаң,
Мен кесермен душпаныңның тилини.

Ерксиз ағызарман көзинен жасын,
Талқанлап бузарман кеўил қаласын,
Қайда? Душпаныңның гүзарын силте,
Жудаларман оның тенинен басын.

Қудай айдап келдим Юнан қаладан,
Халық жаўына шыққан бизлер таламан,
Қайда жаўың? Тезден гүзарын силте,
Қорқар бала енди туўар анадан.

Әне, бул сөзди айтып патшаны қуўантты.
Дәрўазасын аштырып,
Жылағанын жубатты,
Тезден азат еткизди,
Қамалып атқан елатты,
Жети сәрдар бас болып,
Дәўге қарап жол тартты.

Саўаш қумарын тутып, әйне сәске ўағында Қатыранның келетуғын жолын күтип, бәлент таўдың үстинде төрт тәрепке көз салып, батырлық салтанат тутып, тура берди батыр.

Енди сөзди Қатыраннан еситиң.

Әйне түстиң ўағында,
Сары ала тулпар астында,
Тилла тажы басында,
Жолдасы жоқ қасында,
Салтанат тутып киятыр,
Ақшаханның қастында,
Майданға сыймай киятыр,

Гүрзи пәрени дәстинде,
Ақ найзасын өңгерип,
Қара таслар тербелип,
Мыңға басын теңгерип,
Көктей болып гүркиреп,
Киятыр екен Қатыран.

Қурбанбекке көзи түсип, «мениң заманымда айбатыма шыдап, қарсыласатуғын инсан жоқ еди, қарсыласып турған қандай жүрек жутқан» деп, ашыўланып киятыр, басын жулып таслайын деп, дәў не айтып киятыр:

— Ақылың алар арыўлардың көз, қасы,
Айбынбастан көринип тур қарасы,
Қарсы алдымда кимди күтип турыпсаң?
Қаш аўлаққа, жолды босат, жолаўшы.

Қарсыласып, төгип жүрме намыс ар,
Қарайғойсаң, көзлериңе жас толар,
Жол үстинде неге қарап турыпсаң?
Әжелиңе асықтың ба, геллеғар?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәҳәр күни таўдан ағар тарғыл тас,
Жолдасың жоқ,кәрўаның жоқ,қаңғыбас,
Қарсыласып кимге қарап турыпсаң?
Арымды келтирмей,заңғар,аўлақ қаш.

Әне,Қурбанбек бул сөзин естип,қарыў айтып сөйледи:

— Ашылмай гүлиң,соларсаң,
Насырға исиң дөнерсең,
Аты-затыңды тезден айт,
Ҳаслың нийерден боларсаң?

Батырдың шығады ел ушын жаны,
Қаст етсем,талаўда сендейдиң малы,
Қатты кетпе,бизге қарап көзиңди аш,
Абыройлы мәрт болсаң,ериңди таны.

Ашыўым келтирсең,етермен кәриң,
Жолаўшы,тыңла-ды елиңниң зарын,
Алшағырың әрман менен өлтирген,
Аңласаңыз бизди — қас қандырың.

Мен жүремен өмиримше жалғыз бас,
Айбатыма шыдам бермес қара тас,
Нағыз қандарыңман,атым Қурбанбек,
Түс атыңнан,ҳәддиң болса,кел,алыс.

Бул сөзди естип Қатыран дәў,
Қаны қызып,қалтырап,
Ашыў түги сырқырап,
Ерден ердиң кәўпи бар,
Түсинди сөзге албырап,
Айқаспақты етти талап,
Жақынласып келеди,
Бир-бирине ат айдап.

Сол ўақта дәўиң ойланды: — Қурбанбек батыр деген аса батыр деп еди,«урыс абырай,гүрес дәс» деген сөз бар еди.Буның менен айқассам,гүрестиң ҳәмелин алып қалған,дәси оңайдан келсе, әрманлы кетермен.Мергенликке қараса жан шыдатпайтуғын едим,қолым пәтли еди.Билегимниң дәрманы қурымаса,қашқан менен қутқармайман,усыны қолайын таўып атып түсирип болмас па,— деп,батырға айбат шегип,дәў не айтып тур екен:

Әлқысса,Қатыран деген дәўиңиз,
Қарады оңына-солына,
Енеғардың дәўиниң,
Ғайратының молына,
Жедел менен ыңыранып,
Жайын алды қолына,
— Таўда турған сен шынар,
Болсаң бизиң менен қандар,
Әўелги нәўбет бизики,
Туўры турғыл,геллеғар,
Басыңа туўсын зимистан,
Өлерсең меннен бийгүман,
Сом жүрегиң сол ма,— деп,
Садағын тартты Қатыран.
Жедел күшин қайнатып,
Аўзынан отлар шашады,
Қара түги шаншылып,
Қурбанбектей батырды,
Қақ маңлайдан атады.
Қурбанбектиң Қара аты,
Жер табанлап жатады,
Қәҳәр менен атқан оқ,
Ийттей сыңсып ағып өтип,
Таўдың қара тасына,
Пәрлигинен батады.
Қатырандай залымға,
Қатты әрман болады,
Алмас оғын суўырып,
Орап гезге салады,
— Бағыңның гүли солмасын,
Қатырандай ағаңда,
Енди әрман қалмасын,
Сом жүректиң басы,— деп,
Қайтадан байлап атады,
Соңғы оғын залымның,
Аўыстырып қалқан менен,
Қарсыласып қарады.
Дәўден нәўбет өтеди,
Батырға нәўбет жетеди,
Айланды батырға нәўбет,
Ҳаққа қылды ықтықат,
Қапа кеўли болды шад,
Қозы жаўырын ақ шалып,
Қақ маңлайдан туўрылып,
Тартты батыр табанлап.
Жақыннан атқан селпи оқ,
Жылдырамдай ағады,
Қорғасындай сарқырап,
Ийттей қаңсып барады,
Қақ маңлайдан дарып оқ,
Желкеден парлап шығады,
Қатырандай қайсарың,
Атынан жерге қулады.
Қулағанын көрген соң,
Халайық қандай шуўлады!
Дәрьядай кеўли тасады,
Ранайдың шәҳәрин,
Тум-тусынан қаланың,
Дәрўазасын ашады,
Қурбанбекти қамалап,
Тоқсан қатар қурсады,
Халайықлар ҳүрметлеп,
Қурбанбектиң үстине,
Дүррейи-маржан шашады,
Душпаныңнан қутылып,
Мақсетине жетисип,
Халайық еркин жасады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, Ақшахандай патшаға жүдә қәўпи-қәтер еди. Қаласын қамал қылып, жети қат жер астында жатар еди. Ерки жетип жайнады, қуўанышы тасып, майданға шығып, хәмелдарын, жасаўыл менен сәрдарын, тоқсан төрт төре, тоғыз бий, бәршесин толық шақырып, Қурбанбектиң дабылын айтып, қаласына жар урды.

Халқына толық жайлатты,алтын тағына миндирип,арттырды инабатты.Әне,патша аяғына бас урып, Қурбанбекке қуллық айтты.Ақшаханның Сәремжан пери деген ҳаялы бар еди.Еркинше өскен уяда, жекке өскен бир қыяда,ақылы қырық ерден зияда,билген түрли истиң жайын,сөзи өткир,минайым, барлық илимди тамамлаған,зери-зәбәр жетик алым Ақылжан деген қызы бар еди. Патша:

— Қурбанбекке қызым Ақылжан неке болсын, — деди.

Сол ўақта қыз атасына қарап:

— «Мусылман әўладынан, барлас деген руўдан, хақ дөреген Қурбанбек сениң жуптың» деп қулағыма саза келгенине тоғыз жыл толып еди. Оннан берман «шуғыллардың ялған сөзи менен атасының сөзин қайыра алмай жуптыңыз қыйын жолларға, келмейтуғын жайларға сапар тартып кетти,соған шарапатың болса,түсир» деген бир дыбыс қулағыма келгенине бес жыл болып еди.Соны еситип,жолында турғаныма төрт жыл толды. Бес жылдан бери жолыңда турман. Сени бул жерлерге дуўшарластырған дийдарың, дузың айдап келип жүр, — деп, халайықты таңырқатып, «қуллық» деп қабыл алды.

Әне,қыз бенен қосылып,еки ашық хәмдам болып,ўәкил алысып,неке қыйды. Перийзатқа кеўил бурып,қырық күн дәўран сүрди. Қырық бир күнде Қурбанбек атасының хызметине баратырғанын, қарындасының аўырғанын,Абыпәлек суўы ем болады деп тәўип буйырғанларын айтты.Онда Ақылжан турып:

— Қарындасыңа Пәлек суўы ем емес еди, басқа нәрсениң суўы ем еди. Ол суўға айландырып қарындасының сол суўды табажақ,өзинен басқаға нәмәлим еди.Әне,кеўил бөл,қулақ сал,билгенимди мен айтайын, — деп, Ақылжан перийзат батырдың басынан өткенлерин айтып тур:

— Сен дүньяға келгенде,

Қызы менен улыны,
Сыншыларға жорытты,
Қоррандозлар жыйылып,
«Қызың душпан» дегени,
Бул ядыңда бармеди?
Сәрхәўиздиң бойында,
Сен арқайын жатқанда,
— Шейирхандай душпаныңа,
Жалғыз атлан, балам, — деп,
Даўыс келди аспаннан,
Бул ядыңда бармеди?
Ескермедиң ол сөзди,
*Қарындасың, хаялың,*
Үшеў болып атландың,
Бул ядыңда бармеди?
Ярым жолға барғанда,
Қус салып шықты бир адам,
Аңламадың нағыз душпан,
Төртеў болып айландың,
Бардың қалмақ елине,
Урыс жайда оқ тийип,
Табалмай хайран болғаның,
Ырасседи, султаным?
Бағындырып қалмақты,
Жүз түйе зерин сен алдың,
Бул ядыңда бармеди?
Қарындасың, хаялыңды,
Қараўыл қойып дәрбентке,
Уйқыладың арқайын,
Бул ядыңда бармеди?
Жолдан шықты қарындасың,
Таўып алып дос тутты,

Қалмақлардың патшасын,
Тилин алып душпанның,
Дәрдесерге салып басын,
Синлиңнен сен алдандың,
Араға душпан сөз салып,
Атаңызды алдады,
Атаңның сөзин сындырмай,
Ашыў менен атланғаның,
Ядыңызда бармеди?
Синлиңиздиң мәккары,
Жеткергенди жериңе,
Сөз мәнисин аңғармай,
Миндиң тулпар белине,
Он алты күн жол жүрип,
Кирдиң Юнан елине,
Алшағыр дәўин өлтирип,
Қумыры бий менен дос болып,
Гүлнар сулыўды алғаның,
Қырық күн дәўран сүргениң,
Бул ядыңда бармеди?
Дәртиң суўдай қайнады,
Жақсылық ишиң жайлады,
Я аңладың, аңламадың,
Биздеги дузың айдады,
Он бес жыл болды, ашығым,
Еситкели хабарың,
Жолыңызда интизар,
Биздей сорлы қардарың.
Еренлер түсиме енген,
Қырық шилтенлер кеўил берген,
Жети жастан некем қыйған,
Бизлер сениң сәўер ярың.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлкысса, бул сөзди батыр еситип, барлық басынан өткен саўдаға тийкарынан түсинип, барлық истиң сағасы, бузықшылық карындасынан болғанына түсинип, катты қәҳәри келип, қылышын тасқа бир урды. Рәсиўа кылып жүрген қоррашы тәўиплерден екенин анықлап:

— Енди қайтып бармасам да болады екен. Барған менен, халыкка шерменде болыппан, — деп перийзатка кеўил берип, аркайын үш жыл дәўран сүрди дейди.

Арадан үш жыл өтти, ашыў таркап кетти. Үш жыл үш күн куракым болмапты. Ата-анасын, туўған жерин сағынып, қанасына сыймады.

—Бәрекелла, мен белгили әзәзүлге дус келдим. Бүйтип жүрип өмирим ада болса, атама мен дүньяда гүлли шерменде мен боларман. Хеш болмаса атамның силтеген жерине нәзерим түсип, көрип кайтайын. Атамның кеўли ырза болсын. Абыпәлек булағына мени бир сазыўар кыл, — деп жалынды.

Буны еситип перийзат:

— Ол булакка адамыйзат бармайды, барған аман келалмайды, түрли бәлеге сазыўар болады. Тилегиңди кабыл етсйин, көрип кайта бер, ишип жүрме, аламан деп талап етип жүрме,— деп, ишпесликке, алмаслыкка үш сапар шерт айткызып, «бул дүньяда катардан қалып жасап болмайды» деп қолына илмиҳал әпсүн жазып берди. Үш жыл қатып калған бир ақ шабакты берди. Жолын силтеди.

— Жети күн өтип, сегизинши күни Акырап деген таўға минесен. Сол жерде алдыңнан бир көк қоян кашады. Қоянды көриўден «бойдаспысаң?» деп қуўа бер. «Кимсең?» десе, «Самсуўарман» де, қашып кетпес. Сол қоянды көрсең, исиңниң оңға айланғаны. Аррағырақ барғаннан соң таўдан катара үш күн шығады. Күн шыккан соң қоян көзиңнен ғайып болады. «Кимсең?» деп шуўлаған сес шығады. «Кыяметтиң әўладыман» де, ғалаўыт басылады.

Күн болып көринген булақ алдыңа келеди. Абыпәлек «мындаман» деп тум-тусыңнан шақырады. Қорыкпай қасына бар, қорыкпай булаққа бар. Қакпашты «бисмилла» деп суўға бас. Абыпәлек болса, шабақ тирилип кетеди. Тирилсе — Абыпәлек, тирилмесе — ол баска. Тирилеғойса, шабақты жибере бер. Абынып тәрет ал, ишпе, бир уртлам суў алма, изиңе айлан, мүшкилиң аңсат, усы жерге ҳәзир боласаң, — деди.

Әне, соны айтып батырға руқсат етти.

Әне, Курбанбек батыр ярынан силтеў алып, илмиҳал апсунин оқып шығып еди, барлық болар servisler көзине көрине берди.

Қара тулпарға минеди,
Рәўан болып жолларға ,
Тумлы-тусын серледи,
Қулақ салып тыңласа:
— Хаўлыкпаңыз, сәўер яр,
Хабардарман мен, — деди.
Көрмеген жерлерге дарып,
Қыйыр кыяны қақ жарып,
Үш күн удай жол жүрди,
Қурбан кылып шыбын жанды,
Сораў салып улықпанды,
Аңсат болып мүшкили,
Актарды жетти жәҳанды.
Егленбестен жолы өнди,
Ярының ҳәмирине көнди,
Үш күн жүзи толғанда,
Акырап деген таўға минди.
Алдынан қара жел ести,
Төрт тәрептен көз салып,
Батыр бәлент-пәске түсти,
Айтканының бәри аян,
Көрмеди ийнедей зыян,
Түри кызыл, жасыл дөнген,
Алдынан қашты көк қоян.
«Бойдас» дейип бақырып,
Кейнинен ат салады,
Секиргенде көк қоян,
Бес күншилик жол алды,
Гә бир жерде жок болып,
Ишине салды әрманды.
Ашып кетип арасын,
Артына мойнын бурады,
Енди жеттим дегенде,
Көзден ғайып болады,
Бес күн жүзи толғанда,
Көзинен ғайып болады.
Батыр байкап караса,
Бәленттен пәске қулады,
Ашылмады жәҳан жайнап,
Нәзер етип қараса,
Күн көринди жарқырап,
Алдына тайын болады,
Аты айтылған үш булак.
«Байла» деген, «тут» деген,
Дыбыс шығады ғаўлап,
— Ким боласаң сен? — деди.
—Искендердиң аўлады,
Самсуўарман мен, — деди.
— Абызәмзем, Абыпәлек,
Абыҳаят мен, — деди.

Әлкысса, батыр атынан жерге түсип колындағы илмиҳал әпсүнин үш мәртебе оқып шығып еди, ҳәр булақ атын айтып шакыра берди. «Бисимилла» деп жанындағы қақпашты булаққа басып еди, какпашка жан енип, колынан жазым болды. Тум-тустан «мен сондай кеселлерге еммен» деп кәсийетин

www.ziyouz.com kutubxonasi

айтып,ҳәр қайсысынан саза шыға берди.

Әне,батыр Абыпәлектен тәрет алып,тәўекел деп суўдан бир жутты дейди.Кеўлине йош урып,он бес жасындағы қәлпине түсти.Тенесине қырық шердиң ғайраты келди.Дүнья жүзи бир қәдем болып, жән-жағына көз салса,Шейирхан душпаны елин қойдай шуўлатып,бенде қылып айдап,қарындасы Шейирхан патша менен алтын тағында қайғысыз дәўран сүрип атырғаны,атасы Сәрдарбек,анасы Шәмшия ҳаялы қой изинде шуўласып,пенделик халында «жалғызым қайдасаң?» деп зары-гирян болып жүргени шийшен үйдей көзине көринди.

Батыр мың пушайман етип:

— Мени бундай иске сазаўар етип жүрген Ақылжан екен.Мени азғырып жүрген усы әзәзүл екен. Маған,«суўдан ишпе» дегениниң мәниси,бул ўақыяны билмесин дегени екен.Ата-анамның мынаў ҳалын көрип турып қуда шермендеси болмайын. Бул қатынның қасына мен айланып бармайын, егер барағойсам,ол — қатыным,мен — байы,мениң Пәлекти ишкенимди билеғойса,ашыў менен киндигимнен байлап,қыйын ислерге сазыўар етер,еки дүньямды да сарсаң етер.Жолымды басқа жақтан салайын,тәўекел,елиме қашайын.Әзәзүлден қашып қутылайын,ата-анамның,ҳаялымның көз жасына нәзер салмайын.Болар ислер болыпты,Абыпәлектиң суўын апармайын,— деп мәртлик белин байлады.

Қара тулпарына минип,«я,ата журтым» деп,жолын басқа жақтан салып,әне,Гүлапын таўын нәзерлеп Қурбанбек батыр журтына қашқан екен.

*Ендиги сөз Ақылжан periден.*

Илимниң түбине жеткен дуўахан еди.Дуўа менен қәҳәрленсе жерди аспанға шығарып,аспанды жерге түсирер еди.Тырнағының жүзине қарап,дүньяның жүзинде не болып атқанын көз алдында көрер еди.

Бир күни батыр кешиккенинен қәўип етип,мүшкилат әпсүс пенен дүнья жүзин қараса,Қурбанбек басқа журтта қашып баратырғанын көрди.

—Буған жақсылық етип едим,бул жақсылығымды билмеди.Не де болса кәраматымды көрсетип қалайын,— деп Ақылжан пери қыял қылды.

Батыр кеткенде Ақылжанның бойында ҳәмиле қалып еди.Ул туўып еди,атын Әдил қойып еди. Қумыры төрениң қызы Гүлнар жүкли қалып еди.Ол да ул зүряд көрип еди.Атын Қурбан қойып еди. Еки бала бирге өсип,бир-бирине мийирбан болсын деп,Ақылжан қолына алып,еки баланы бирге сақлап, жети жасына шығарып еди. Ақылжан еки баланы қанатына миндирип ушып, батырдың өтетуғын жолында Гүлапын таўына барып түсти.

— Балаларым,усы жерден бир жандар өтеди,екеўиң қол усласып зарланып кете бериң.Алдыңыздан қарсылап жалғыз адам шығады.«Кимниң балларысыз?» деп сорайды.«Қурбанбек баҳадур дегенниң балларымыз» дең.«Қайда барасыз?» десе,«атамыз Шынзан таўына кетипти,бизлер жас қалыппыз, соны излеп баратырмыз.Тири болса,соған қосылмақшымыз» деҳ,— деп,еки баланы жиберип,өзи бир таўдың тасасында қалды.Қарап тура берди.

Енди сөз батырдан.

Батыр таўда хабарсыз киятырса,ай менен күндей әптап пенен,бирдей алтын айдарлы,гүмис кекилли алты-жети жаслы еки бала алдынан қарсы шықты.Батыр баллардың зарына шыдамай, хаслы-затын сорап,бир зат айтып тур:

— Ҳаққа жеткей мендей ердиң наласы,
Сөзиңнен бузылды кеўлим қаласы,
Ҳаслыңыздан,затыңыздан хабар айт,
Қаңғып жүрген қайсы журттың баласы?

Ҳасылдан ийнине кийген тонларың,
Кеўилим тербетти жүрген жолларың,
Ҳаслыңыздан,затыңыздан хабар айт,
Таўды гезген қандай байдың уллары?

Нәзер етсем,ақыл-есим аласаң,
Сағынышта маған нәзер саласаң,
Ҳаслыңыз ким,атыңыз ким?
Дағыстанда нетип жүрген баласаң?

Перзент болар мәрт жигиттиң қуўаты,
Жаманның жығында болмас уяты,
Алтын айдар,гүмис кекил,жан балам,
Сиз боласыз қандай мәрттиң зүряды?

Бул жүристен,гүманың жоқ,өлесең,
Жас басыңнан қыйынлыққа көнесең,
Жасырмастан мақсетинди баян ет,
Барыс қайда,каяқлардан келесең?

Билинип тур мақсет кеўлиңниң хаты,
Билермисең кимлер жақының,жатың?
Қыя шөлде сапар тартқан балларым,
Жасырмай айт,қандай мәрттиң зүряды?

Әлқысса,бул сөзди баллар еситип ҳаслы-затынан,мақсет-муратынан,душпан-достынан бир зат айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жолында етейик ықтықат,
Көрсек болар кеўлимиз шад,
Қурбанбек — атамның аты,
Баратырмыз елин сорап.

Батыл болған бизиң жоллар,
Ағайин жоқ бизди қоллар,
Жасымызда ғайып болды,
Ҳал сорасаң бизден, жандар.

Сөзлеримде жоқдур ялған,
Бизлер жетим иште қалған,
Атамыз тирилей ғайып,
Дәрек сорастырдық жолдан.

Түр-сымбатын көргеним жоқ,
Қайғылы шерге ишим тоқ,
Атам жаста ғайып болды,
Атын еситсең — Қурбанбек.

Биз қалдық мәнзилханада,
Кетипти Шынзан қалаға,
Жолын тосқан балларымыз,
Сергиздан болған саҳрада.

Билмеймиз, нешик ҳаллары,
Усынша жетпей қоллары,
Дерек таппай жолды тосқан,
Иште қалған биз баллары.

Ҳәрким таңырқайды, көрип қарамыз,
Дерегин табалмай, жоқдур шарамыз,
Жасымыда кетипти Ақырап таўына,
Сораў салып излеп кетип барамыз.

Түриң еритти ғой жаным,
Шыдатпай сабыр-қарарым,
Атым Қурбанша, Әдилша,
Айтың атамның хабарын.

Мына сөзди еситип, Қурбанбек батыр мумдай ерип, қорғасындай тени балқып, балларына кеўлин ашып, ат үстинен бойын таслап, қара көзлерини жаслап, балларына танытып бир зат айтып турыпты:

— Дүньяны бузған айбатым,
Жаўды басқан салтанатым,
Келиппедиң бул дүньяда,
Иште қалған күш-қуўатым.

Ашылды ма таза гүлим,
Қаңғалап, ким етти зулым?
Не себептен қаңғырдыңыз,
Уяда қалған қулыным?

Жетилди ме таза бағым,
Ериттиңиз сийне дағым,
Жетилди ме кәмалына,
Көрер көзим, шамшырағым.

Жуўмақландың ба кеўилим,
Шадлыққа дөнген дәўириң,
Излеген атаң мен едим,
Жигербентим, баўырым.

Уяда алты айлық қалған,
Изде қалған зары-гирян,
Сорлы атаң мен едим,
Дәрек таппай қаңғалап,
Болдыңыз ба сергиздан?

Жасымыздан ҳәмдам болған,
Бир-биреўге кеўли толған,
Қәўендерим сағынышлы,
Аман ба анаң Ақылжан?

Жарылқады шул жамалым,
Екки дүнья опадарым,
Излеген атаң мен едим,
Толысты қәдди-кәмалым.

Тум-тусымнан келди қолым,
Ашылды ма кеңнен жолым,
Мен қудайға ыразыман,
Излеп келди еки улым.

Әне, сондай сөз айтып, балаларын қушақлап сүйип, апақ-шапақ болып атырғанда алыстан көрип тур еди Ақылжан, батырдың қасына жуўырып келди. Ярына көзи түсип, уялған тек турмас деп, балаларын қоя берип, ярын қушақлап сүйип шерин жазды.

— Мен қандай жақсылық ойласам да, сен мени душпан билдиң, қыясын алып жолдың, неге қашып баратырсаң? — деп батырға өкпелеп, Ақылжан бир зат айтты дейди:

— Басыңызға туўды неше әламат,
Сүртип едим сеннен нешше кәрамат,
Хабарласпай неге кетип баратсаң?
Не жаманлық қылды мендей перийзат?

Ерси әдетиң бар, ойлап қарасам,
Жоқ қылар-ем сени шынтлап қарғасам,
Умытылмас еңбегимди күйдирип,
Хабар алмай қашып қайда барасаң?

Мың атлы жай болар мениң саяма,
Баҳадырлар ўәдесинен тая ма?
Перзентиңди таслап буншама қашып,
Умытылмас мәлел салдың араға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, уялған тек турмас, тубалады исинип, ярынан катты кысынып, аяғына бас урып, перийзаттың кеўлин алып, мойнына кол салып, жүзлеринен поса алып, налыс етип кол қаўсырып, Қурбанбек батыр бир зат айтты:

— Қабыл алдым, кәтелик жок сөзиңде,
Анамыздың ағла нуры жүзинде,
Ғапыллыкта, ярым, шайтан аўлады,
Не кылсаң ырзаман, гүна өзимде.

Жаўдырғай қудайым басына рәҳмет,
Қостарымсаң, түрли бәледен дәп ет,
Жол бурды деп капа болма сәўдигим,
Кеўлимди аўлады шайтаны нәлет.

Дүньяның түбине жеткенди аҳым,
Исимди оңғарғай истанат шаҳым,
Ғапылда адастым, гүна өзимде,
Айрылмас достымсаң, кешир гүнаҳым.

Қалдырмай кеўлиңнен шығар әрманды,
Түрли дәлил айтып қурттың дәрманды,
Өкпе сөзди айтып, жолдан қалдырма,
Шәпәәтиң түсир мендей ярыңа.

Перзентимди көрип, болды кеўлим шад,
Бул дүньяға келген емес сендей мәрт,
Ықлас пенен ак жүзиңнен поса бер,
Ашығыңды қылма, ярым, биймурат.

Қызык болар еки ашыктың сәўбети,
Келди айланып ата-ананың нәўбети,
Жәрдемлесип ярыңызға жол силте,
Жаўды елиме душпанлардың апаты.

Минип бедеў дағыстанда желермен,
Тири болсам, жаксылығын билермен,
Келмейди деп қапа болма сәўдигим,
Тилекте бол, алты айдан келермен.

Мына сөзди еситип Ақылжан турып:

— Не қылайын сени, хәр бәлеге гириптар кылар едим, атаның ҳаққы — куданың ҳаққы, ененин ҳаққы — қуданың ҳаққы деген, ықлас — калас, ерегиссең, мен етер едим қара тас. Сен өлген менен жер толмас, ата-анамның ҳаққына жәрдем бермесем болмас. Илахийдиң нурынан ата-ананның ҳалын көзим менен көргенмен, сениң көрген исиңди бурынырақ билгенмен.

Зулымлық қылды Шейирхан,
Атаң менен анаңды,
Қалмақ етти қойға шопан,
Жақсылығымды билдирейин,
Халқың ушын қайғылан.
Сен деп пида болды жаным,
Аўҳалын анлап көрдим аның,
Атам ушын кештим қаның,
Жолыңда болды бағрым қан,
Душпан қылды елиңди ўайран,
Ата-анамның ҳаққы ушын,
Азат еттим, тезден жоллан.
Ядқа алдым оның дадын,
Күшли болсын қол-қанатың,
Ата-анаң жаўға түсти,
Асығыста мин тулпарың.
Ишимде қалды әрманым,
Еттим, батыр руқсат,
Қыйратсын жаўды пәрманың,
Бағыңның гүли солмасын,
Халық еткен сени қолласын,
Ели-халқың азат қыл,
Бизден иркиниш болмасын.
Арылсын елиңнен думан,
Айланғай оныңа заман,
Хабардарман сыртыңнан,
Елатыңа жетиң аман.
Душпанды етерсең карап,
Қашқай тум-тусына тарап,
Жолда талып жүрмесин, — деп,
Қара атқа ишкизди шарап.
Ҳаллас урып, жер тепсинип,
Қурсаған булттай гүркиреп,
Қырық тулпардың күши келди,
Аспанға карап киснеп,
Он сегиз жасар еди,
Алты жастың кәддин алды,
Қызыл канға белли канып,
Еки көзи оттай жанып,
Төрт тәрепке нала шекти,
Жүрер жолларыны танып,
Асығыста Қурбанбек,
Жолға шықты атланып.
Жолға салып ярыны,
Батырға Ақыл бир зат айтты:

— Интизарым, қостарым,
Айтқанымды тыңламай,
Ишке толды әрманым,
Айттым түрли нәсият,
Сен ўәдеңде турмадың.
Елатыңды жаў талап,
Қурттың динке-дәрманым,
Жалғаншыда сен едиң,
Кеўил хошым, дәўраным,
Сеннен тири айрылдым,
Шыдармекен қарарым,
Аман барып елиңе,
Ўайранла жаў қамалын,
Қайтып келер, келмесиң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди бизге нәмәлим.
Айра түстим сеннен мен,
Не болар екен бул жағым,
Ярым,саған руқсат,
Оңға айланғай заманың,
Ядыңыздан шығарма,
Қалсын бизде балларың,
Өзгерилип жүрмесин,
Сениң қыйлы-қалларың,
Мийрас еди өзиңе,
Мениң дийдар жамалым,
Егленбестен жолға түс,
Оңнан ескен шамалым,
Өшиң алып душпаннан,
Питкей мақсет-мурадың.
Хабардарман ҳалыңнан,
Қыйын жерде арысладым,
Жеткизбесе атқа шәрт,
Жығылсаңыз саған шәрт,
Қырық күн шапсаң талмасын,
Астындағы әреби ат.

Тамам етип сөзлерин,
Батырға қылды руқсат,
— Ер ийеси қос табар,
Қоллағай пириң Самсуўар,
Келмекте бол ойланып,— деп,
Айтыстылар аллияр.
Әне,Қурбанбек ярынан руқсат алып,
Қара аттың басын оңғарып,
Гүзар жолға салады,
Ата журтым Барлас деп,
Қыйынлыққа көнеди,
Асығыста ер жигит,
Алдына қарап дөнеди,
Еспе қумды аралап,
Қыя шөлге енеди,
Ҳаққа қылып тәўекел,
Жолсыз батыр жөнеди.
Иймай ишкен тулпары,
Ҳаллас урып йошады,
Қарағансоң елатқа,
Шабысқа шабыс қосады,
Туяғының айбаты,
Қайрақ тасты осады,
Туяғының сестине,
Дағыстанлар жанласады,
Қарағансоң елатқа,
Алып-алып қашады,
Алға қарап талпынып,
Мезгиллик жолдан басады,
Ҳаўлығып жайып қос қанат,
Күшке күшлер уласады,
Қыя шөлде селигип,
Қуслар менен таласады,
Күнин-түнин бир етип,
Майданда қурды салтанат,
Күши кем-кем артады,
Қуслар менен жарысып,
Тынабын жердиң тартады,
Қулақларын қайшылап,
Тас төбеге алады,
Омыраўынан ақ көбик,
Бөлек-бөлек қалады,
Ийтелгидей жайпаңлап,
Гәўҳардай көзи жанады,
Он еки күн уйқыламай,
Қабақлары қатады,
Мәнзилхана бар ма деп,
Тум-тусқа көзин салады,
Қаршыға менен қарысып,
Туйғын менен жарысып,
Қуўдай мойнын созады,
Қанатлы менен қағысып,
Ушқан қустан озады.
Көп сегбирге жарады,
Он сегиз күн толғанда,
Ат алдына таңлады,
Ата журтым Барлас деп,
Сапар тартып барады,
Төрт жүз тоқсан төбелер,
Кейининде қалады.
Талап етип қарсы жаўға,
Гелле алып,бермей саўға,
Араласты Қурбанбек,
Тарналы деген салаўға.
Жигирма күн толғанда,
Батыр пайда болады,
Ушан бийик бир таўға,
Адыр-адыр жән-жағы,
Сарқырап аққан булағы,
Таңның алды болғанда,
Тепсинип тулпары жүрмей,
Қалша қатып турады.

Әлқысса,батыр белли мәкан екенин сезип,атынан түсип дем берип,тулпарына жем берип,батыр бақлап турады.

Ерте тура таң атты,
Таң шолпаны бирге атты,
Күнлер шығып нур шашты,
Жән-жаққа байқап қараса,
Қалмақлардың журты екен,
Шейирханның қол асты,
Султан батырға оқ тийген,
Қаратас деген сай екен,
Адаспастан келген екен,
Батырға керекли жерди,
Қара тулпар билген екен,
Шейирхан менен урысып,
Жүз түйе зер алған жер екен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Батыр есин жыйып, курыжға минип, қалмақтың шәҳәри орнында болғайдағы деп, ақ найзасын өңгерип, басын мыңға теңгерип, сай-сай менен ат ойнатып, қалмақтың шәҳәрине баратыр еди. Бир төбениң астында атасы Сәрдарбек, анасы Генжесултан, ҳаялы Шәмшия сулыў үшеўи жасырынып отырғанын көрди.

Алыстан ата-анасын танып, батыр нәзер етип келе берди. Шәмшия яры узақтан көзи түсип батырды турпатынан танып, қуўанышы қойнына сыймай, қайнатасы Сәрдарбектен сүйинши сорап Шәмшия сулыў бир зат айтып тур:

— Алыстан көринген таўдың дарасы,
Есимнен шықпайды мәрттиң жарасы,
Перзентим деп қайғыланба, жан ата,
Бүгин түсти бизге дәўлет саясы.

Өтип еди қара таўдың қуяшы,
Душпаныңнан қалмас енди намысың,
Айдай болған арысланыңды көрдиң бе?
Ата-анам, егленбей бер сүйинши.

Ийшалла, душпанға тийди жансыз оқ,
Жақсылықтан хабар таптым, кеўлим тоқ,
Көзиңди аш, ата, басыңды көтер,
Сизге, бизге бүгин өлсек әрман жоқ.

Қабыл болды бүлген елдиң көз жасы,
Турғыл ата, туўрылап бир қарашы,
Көрдиңиз бе айдай болған дийдарын,
Тайын болды бүлген елдиң басшысы.

Усы сөзди айтқанша,
Айтып аўзын жумғанша,
Ғайып болған баласы,
Ат шаўып бәлент-пәсине,
Жан тебиренип сестине,
Өткенлер түсип есине,
Ат ойнатып келеди,
Ата-анасының үстине.
Ат жылаўын бослады,
Қумар көзин жаслады,
Ата-анасын қушақлап,
Атынан бойын таслады,
Дәл мойнынан қушақлап,
Көзде жасы моншақлап,
Ата-анам деп зар жылап,
Әрманлы сөзин баслады:
— Жүк көтерген қатардағы қара нар,
Қәҳәримнен ўайран болар душпанлар,
Узақ жолдан келдим сизге аҳ урып,
Тирисиз бе қублагәҳим қарыялар.

Ашылғанды бәҳәр бағымда лалам,
Жолында аҳ урып, шектимғой налам,
Дийдар қыяметке қалмай көрдим бе?
Тирисиз бе қублагәҳим ата-анам.

Бәҳәрде ашылды бағымда гүлим,
Залым қалмақлардан жетти ме зулым?
Қублагәҳим, тириликте көрдиң бе?
Излеп келди сизди меҳрибан улың.

Лалазар ашылды бағымда анар,
Тарылды ма сизге жүриўге жоллар?
Дийдар қыяметке қалмай көрдиң бе?
Амансыз ба Шәмшия атлы сәўер яр?

Қуўанышқа айланып жайнады әлам,
Тилегиңди берди сениң бир аллаң,
Үш айланып кемпир менен ғаррысын,
Ғаррыларға берди тәңири сәлем.

Әлқысса, батыр кеткен соң, арадан бес жыл өткен соң, Шейирхан патша әскер тартып барып, қарсыларын өлтирип, айдарлысын қул етип, тулымлысын күң етип, атасы Сәрдарбекти, анасы Генжесултанды, қарындасы Қуралайды, ҳаялы Шәмшия сулыўды пенде қылып халқына айдап келип, атасына түйе, анасына қой бақтырып қойып еди. Қарындасы Қуралайды «сен туўысқан ағаңа рейимиң келмей, басына жеттиң, мен оннан артық боламан ба, маған не опа көрсетерсең?» деп, үстине қылқа кийгизип, басына жумыры кийгизип, мойнына зәўлим асып, аяғын кисенлеп, Шейирхан өреге байлап қойды. Шәмшия сулыўды, «нәшели, көркем жүзиң арыў екен» деп, Шейирхан патша алдына шылым салғыш етип қойып еди.

Шәмшия дархан еди. Бир қолы уры, бир қолы қуры, үш күнде, төрт күнде кемпир ғаррыға нан-пан урлап әкелип берип кететуғын еди. Сол күни барлық ғаррылырдың басын қурап, тамақ берип атырғанының үстине батыр дус келип еди.

Әне, саў-саламат қосылып, батыр жағдайды көрип:

— Атам сәрўан, анам шопан, қарындасым бенде, сен несең? — деди ҳаялына.

Ҳаялы:

— Ханның алдында пәйекшимен, — деди.

Батыр айтты:

— Онда сен тоқтаўсыз ханыңа жет. Мениң келгенлигимди ханыңа айт. Ханың не қылар екен? Мени шақырып жарасармекен, я урысқа шығармекен? — деп ҳаялынан хабар жиберип, батыр ата-

www.ziyouz.com kutubxonasi

анасының қасында қалды. Әне, хан Шәмшияға:

— Неге кешиктиң? — деди.

Сонда Шәмшия патшаға қарап батырдың келгенинен хабар айтып бир зат айтып тур:

— Қулақ салың, патша, айтқан сөзиме,
Қызықпадың мениң айдай жүзиме,
Ҳал сорасып, туўры нәзер салмадың,
Әйне бес жыл хызмет еттим өзиңе.

Ат шабады батыр мәртлер қыяда,
Патша едиң халықтан асқан зияда,
Бир сормадың ләблеримниң палыны,
Арыў едим халықтан асқан дүньяда.

Патшаға ылайық талма бойларым,
Халықтан артықмаш ақыл-ойларым,
Себеп пенен нәзериңе дус келдим,
Шадланып тутпадың нәзик қолларым.

Ашылған бағында гүлиң солыпты,
Енди сениң пайманаңыз толыпты,
Қәўип туўған соң қәйтип хызмет етейин,
Қандарың Қурбанбек ҳәзир болыпты.

Әлқысса, Жаман сөзге жан секирер,
Еситип Шейирхан патша,
Тебендей түги шаншылып,
Аш жолбарыстай ақырып,
Ҳәр сөзди айтып лап урып,
Қәдди-бойы қалтырап,
Алтын шеги жарқырап,
Шоршынып жайдан турады,
«Жәллат» дейип бақырып.

— Сени душпан деўши едим, нағыз достым сен екен, бурынырақ хабар бергениң дослығыңның нышаны, — деп, перийзатты ҳасылға бөлеп, он бармағына он гәўҳар жүзик салып, қарыў-жарақ асындырып, астына тулпар миндирип алдына салып, алпыс еки әмелдар, тоқсан төре, тоғыз бийин асығыс түрде шақырып,

Ат шаптырып далаға,
Жар салдырып қалаға,
Қалада атлар ойнатты,
Шыбын жанын қыйнатты,
«Елиңе жаў келди» деп,
Аласат қурып араға,
Қатын менен балаға,
Асығыс түрде халқынан,
Он мың әскер жыйнатты,
Аты шыққан мергенге,
Он алты тобын сүйретти,
Әйне таңның алдында,
Қаладан шығып жол тартты.
Ат шапқан таўлар пәс болып,
Мәккарлық сөзин еситип,
Шәмшияны дос билип,
Қара туўын көтерип,
Қурбанбекке жол тартты,
Шейирхан залым бас болып.
Ақ әлем де, көк әлем,
Әскериниң саны жоқ,
Жерге, көкке сыймады,
Жүреклерин суўлатты,
Асаўларын туўлатты,
Қара туўын көтерип,
Қос сырнайын тарттырды,
Әйне сәске болғанда,
Қурбанбектиң үстине,
Қарагөрим жақынласты.
Әлқысса, сөз Қурбанбектен.

Қурбанбектиң бир әдети бар еди. Ҳәр айында еки рет жети күннен он төрт күн уйқысы бар еди. Және бир әдети — жүрегине найза сұқпасаң оянбайтуғын еди. Оны өзинен басқа адам билмейтуғын еди. Неше күн ат қаққан батырды уйқы басып қалып еди. Қурсап киятырған әскерди көрип кемпир-ғаррысы баласын шайқап аўнатса да оянбады. Қыйын күнде ҳәркимниң жаны жақсы деген. Ғарры түйеге қарап қашты, кемпир қойына қашты, Шәмшия ақылдан састы, батыр оянбады.

Тум-тусын айланып қалмақтың әскери қоршап алды. Батырдың ишки сырын Шәмшия сулыў билетуғын еди. Батырының ғәплет уйқыда жатқанын билип, қалмақлардан айырықша ат қойып, батырдың үстине келип, батырдың еңсесине найзаның ушын батырып алды. Қурбанбек жаны шоршынып, орнынан ушып турды. Жән-жағына қараса, қоршап турған жаўды көрди. Жаў қуралы мудам тулпарында бәнт турар еди, тулпар арқайын таўға отлап кетип еди. Урысарға жарақ жоқ, қашайын десе жолы жоқ. Батыр тулпарын шақырып бир зат айтып тур:

— Ата-анам деп етип едим ықтықат,
Ғапыллықта өшер болды шамшырақ,
Қалар болдым қалың жаўдың қолында,
Қуррайт-қуррайт, көзғанаңнан әреби ат.
Жақтым сөнип, кетер болды бәҳәрим,
Жарағым жоқ, кимге жетер ҳәм дадым,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалар болдым қалың жаўдың қолында,
Тезден жеткер бес қуралым, жарағым.

Дәрўиш болған алла дейип зар жылар,
Бул кең дүнья бизге болды бүгин тар,
Жолдасыңды жаўға таслап кетипсең,
Қуррайт-қуррайт, көзғанаңнан жәниўар.

Налыс айтсам, кимлер тыңлар бул зарым,
Төгер болды залым душпанлар қаным,
Жолдасыңды жаўға таслап кетипсең,
Қуррайт-қуррайт, көзғанаңнан тулпарым.

Ғапыллықта душпан байлады бағым,
Питпей қалар болды максет-мурадым,
Қуррайт-қуррайт, көзғанаңнан жәниўар,
Қолыма тез жеткер карыў-жарағым.

Сол гәплерди айтқанда,
Налысы Қара атқа жетти,
Көзде жасын қабыл етти,
Ҳаққа жетти наласы,
Атты қуўды ықласы,
Тайын болды Қара атқа,
Жылқышы ата бабасы.
Жылқышы ата жылаўлап,
Жолбарыс болып қуўалап,
Алдына тайын болады,
Бес қуралын ҳәзирлеп,
Ат келди ийесин танып.
Шамырқанып, шатнайып,
Қурбанбектей батырың,
Шықты жаўға атланып,
Атқа минген ўағында,
Шәмшиядай перийзат,
Тайын болды сазланып.
Тилеги қабыл болады,
Әдилша менен Қурбанша,
Бедеўлери астында,
Ақ семсери дәстинде,
Олар да тайын болады.
Мәрт ортада қалғанда,
Шыдай алмай Ақылжан,
Жаллаған екен балларын,
Жеткен екен саламат,
Ғайраты, күши толысып,
Ол балларына қуўанып,
Батырдың болды кеўли шад.
Балларын көрип ер жигит,
Дийдарына тояды,
Мийримине қанады,
Төртеўи бирден жәм болып,
Қалмаққа атлар қояды.
Атлар шаўып бәлент таўға,
Гелле алған берер саўға,
Басын қосып төртеўи,
Ат қояды сансыз жаўға.
Шүкир етип бир аллаға,
Яд етип кәмбил панаға,
Ҳүжим жасап ат қояды,
Қоршап турған көп душпанға,
Ғыжалат берди Қурбанбек,
Еки бирдей жас балаға:
— Алың душпанлардан арың,
Қатардағы қара нарым,
Атаңыздан тәлим алың,
Жеткиншегим, жас улларым.
Еситип еки жас бала,
Ашыў жанын кернеди,
Көзи жерди көрмеди,
Қашқанға жол бермеди,
Топарларға ат қойып,
Қулашлап қылыш сермеди.
Оң жағынан самал ести,
Шыбын жанларынан кешти,
Еки жақлап қылыш сермеп,
Душпанлардың басын кести.
Көкиреги таўдай өсип,
Ҳаллас урып кеўли өсти,
Көп жыйынды аралап,
Қарқаралап басын кести,
Ғайратына шыдай алмай,
Бир нешшелер «бул ким?» дести,
Атасынан тәлим алып,
Көкиреги таўдай өсти,
Талқан етип душпанларын,
Опат қылып салды күшти.
Ат ойнатып тумлы-тусқа,
Зыян тийдирмеди досқа,
Жаўға салып топалаң,
Шынығады саўашқа.
Жедел берип қулшар атқа,
Толысып күш пенен ғайратқа,
Тумлы-тусқа сүрен салып,
Қырғын салды қалмаққа.
Жаўдан қайтпас жас жүрек,
Қанаға сыймай туўлады,
Шетлеп қашқан нешшесин,
Қоян киби аўлады.
Силтеў алып атасынан,
Аянбай қылыш тартады,
Қарсыласқан нешшеге,
Қайтпай сәмсер урады,
Бәлент таўдың басында,
Қурт ойынын қурады,
Шыдам бермей көп қалмақ,
Апыр-тапыр болады.
Ғайраты ғаўлап тасады,
Қуўып жетип кейнинен,
Сайлап-сайлап шаншады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалмақлардың әскерин,
Қанын суўдай шашады,
Күн ярым күн толғанда,
Қылыштан қалған қалмақлар,
Туўын жығып қашады.
Қылыш қаннан тап алды,
Бермеди ҳешбир ҳамалды,
Үш күн жүзи толғанда,
Бир жүз тоқсан төреси,
Аман қалған нешшеси,
Қашып барып қаласына,
«Әл аман» дейип қамалды.
Ҳәмелдарын,найыбын,
Аты белли сәрдарын.
Төслигинен қарнады,
Шейирхандай патшасын,
Тирилей тутып алады,
Мойнына шынжыр салады,
Аты белли дәрўиши,
Күн көрмеген бийбиши,
Буғып қалған нешшеси,
Мойнына пота салады,
Келип мәрттиң алдына,
— Айналайын шырағым,
Журт сенники,— деп жылады.
Шуўласқан соң қалайық,
Тилегин қабыл алады,
Соннан баслап Қурбанбек,
Шақырып алып балларын,
Атының басын тартады.
Тум-тустан жоллар ашылды,
Рахмет нуры шашылды,
Қол көтерип бағынып,
Урыс оты басылды.
Қурбанбектей батырың,
Қурдырды ақ шатырды,
«Пенде болсаң келиң» деп,
Қалаға жар салдырды,
Тум-тусқа ат шаптырды,
Халқын хабарландырды,
«Қайтыўшы болсаң келиң» деп,
Тумлы-тустан шақырды,
Бенде болған ноғайдың,
Бәрин қоймай жыйнатты,
Сәрдарбектей ата анасын,
Көпшиликке бас қылып,
Гүзар жолға салады,
Өндирип кек пенен арды,
Жуда етти пейли тарды,
Шейирхандай патшасын,
Жәллатларға айдатып,
Орталыққа шығарды,
Қуралайдай сиңлисин,
Балларына таптырып,
Буны да алып келеди,
Патша менен қосақлап,
Мойнына тиркеп байлады,
Өткен ис түсип ядына,
Мәрттиң қаны қайнады,
Еки ашықты қосақлап,
Көпшиликке күлки етип,
Жығынның салып алдына,
Пайыў-пияда айдады.
Қамшы урып мойнына,
Қаны қызып қойнына,
Көштиң алдын баслатты,
Еки көзин жаслатты,
Зәўлим асып мойнына,
Асаўлардай туўлатты,
Ат дөндирип үстине,
Ғазап етип айдатты,
Айландырып жығынды,
«Сазай» дейип зарлатты,
Бузықларға көз қылып,
Көпшиликке сабатты.
«Бул дүньяға келгенлер,
Ҳешким биздей болмаң» деп,
Ықырар алып тилинен,
Халайыққа жайлатты.
Жән-жаққа қойып жасаўыл,
Ақ жалаўдан туў алып,
Шақмақ таннан қуў алып,
Урыс аты саўалып,
Қурбанбек батыр бас болып,
Барластың уллы журтына,
Көширип батыр жол тартты.
Душпаннан өшин алады,
Тилеги қабыл болады,
Кесек атып тум-тустан,
Азат болып елаты,
Жолға рәўан болады.
Қабыл болып тилеги,
Батырдың мийри қанады,
Қамшы урып атына,
Жетип мурат-мақсетине,
Тәмби урып душпанына,
Жүретуғын көп жолды,
Қысқартамыз азғана,
Тоғыз ай жүзи толғанда,
Саў-саламат жетеди,
Барлас деген халқына.
Питти мақсет мурады,
Батырдың мийри қанады,
Тоғыз ай тамам болғанда,
Халқын айдап барады,
Жетисип нешше дәрамат,
Арылып бастан ғәрамат,
Тоғыз жылда қуўысты,
Қурбанбектей қайсарың,
Елине саў-саламат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашылған бағда лалаға,
Ыразы болып аллаға,
Кирген екен Қурбанбек,
Қандағар деген қалаға.
Елатын толық жыйдырды,
Тум-тусқа отаў қондырды,
Төрт қырлап ошақ ойдырды,
Топарлап маллар сойдырды,
Халайықты жыйдырып,
Дарадан табақ қойдырды,
Елатына танытып,
Аш-арығын тойдырды,
Еки ашықты қосақлап,
Жети жолдың үстине,
Қосақлап байлап қойдырды,
Барымтасын аттырып,
Төбесин күнге күйдирип,
Төсексиз жерде жаттырды,
Жолдан өткен халыққа,
Хан ҳәмири дегизип,
Бир-бирден кесек аттырды.
Тәртибин халыққа жаратты,
Еки ашықты Қурбанбек,
Ийттен бетер қорлатты.
Мақсетине жетисип,
Халайықты тарқатты.
Атын жиберип көлатқа,
Данқын жайып жети журтқа,
Мақсетине жетисип,
Қурбанбек жетти муратқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

46 - ТОМ



# ИЗЗЕТ ҚЫЗ

*Бекмурат жыраў Елмурза улы*
*Жазып алған: Б.Сайыпназаров*
*(1936-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бухар менен Қоқан жаў болды. Бухардың Оратөбе деген қаласын Қоқанның ханы Молла Әлий хан шаўып, адамларын бенде етти. Молла Әлий ханның қосшысы Суўпыбек еди. Ол бенделерди айдап киятырып адамлардың ишинен Иззет қызды көрди. Сөйтип оған ашық болды. Падшаға бермей, қызғанып басқа жаққа алып қашты. Еки күн жол жүрди. Ақсуў деген булақтың бойына барды. Усы Ақсуў бурыннан мəкан жайым еди, бес-алты күн жатып дем алып кетейик деди. Бадам көктен түсип, дем алып, ўақтын хошлады. Төсекти үлкен таслады, қыял етип хəр ўақта қыздың мəммесин услады, қыз тенин қушақлап ойнады. Хəр қандай зорлады. Хеш нəрсе қылалмады. Бул жерде отырған Суўпы ўəзир еди. Майданға шыққан соң етимди кир, бетимди шаң басқанды деп, ҳадал тəрет алайын, таң намазды оқып заңғардың қызына қайтадан тəўекел қылып көрейин деп, қыздың сусы басып, Суўпыбектен əрўақ қашты. Сөйтип қызға не айтарын билмей, кеўил сарайы жанылып, иши оттай қамылып, сары уўайым басып, тəрет алайын деп, бир жерге барып отыра берди.

Суўпыбек геўиш-мəси, қымбат потасын, жаў-жарағын, қуралын қыздың қасына таслап кеткен еди. Қыз турып қыял етти. Қара шашын төбесине жыйды, геўиш-мəсисин аяғына кийди, қымбат потасын басына орап алып, зерли тонын үстине кийди. Жаў қуралы бес қурал, қурсап белге шалды. Бадам атқа минип алды. Ақ найзасын қолына алды. Хəрким өз елине талап етсе, «өлтирсе қазы, өлсе жетим» деп атқа минип, аттың басын бурып көрсе, самалдай суўлаған тулпарды көрди, тулпарда қəсийеттиң барын билди. Суўпыбектиң қасына барды. Аттың үстинде турып, Суўпыбекке дақыл етип турыпты:

— Бенделикте болды мениң ақылым лал,
Сийнемде қос анар, ақ жүзимде қал,
Ел-халқымнан мен айрылған сорлыман,
Наймыт өлгир Суўпыбек, сен қулақ сал.

Бенделикте алдың мениң есимди,
Аяққа кийиппең геўиш-мəсинди,
Геўиш-мəсиң жарасты ма, Суўпыбек,
Қудайым оңғарсын мениң исимди.

Бенделикте мен кеширдим қатамды,
Басыма орадым қымбат потанды,
Қымбат потаң жарасты ма, Суўпыбек?
Тоғыттың ғой бенделикте адамды.

Изледиң ҳарамды, боза, шарапты,
Сəўген қуллар, пирден ишер шарапты,
Белиме байлаппан кескир жарақты,
Жарақларың жарасты ма Суўпыбек?

Қыз мингенде қыланлайды Бадам көк,
Мен сорлыға сүйенерге қостар жоқ,
Бир мунлы қыз Бадам атың минипти,
Бадам атың жарасты ма, Суўпыбек?

Үстиңнен айырма мəлле тонынды,
Атыңнан айырма еки қолынды,
Бир муңлыңыз Бадам атың минипти,
Суўпыбек, силтегил келген жолынды.

Кеўлимде сырым жоқ сеннен гизнерге,
Батыр ат салмай ма елиўге, жүзге,
Наймыт өлгир Суўпы, берман қарағыл,
Суўпыбек, силтегил жолды бизлерге.

Кеше-күндиз мен жыладым зар-зар,
Думан болды, бул басыма жаўды қар,
Көргениң де жақсы болды, Суўпыбек,
Хош аман бол, қала бериң, аллияр.

Сол ўақта Суўпыбек жайынан өрре турып, қызға қарады. Бадам атын минип кетпекши болып турған қызды көрди. — Заңғардың қызы бул кеткеннен кетер, мени усы қыя шөлге таслап кетер, жетегине мениң атымды да алып кетип, хəлек етер. Жолда қалған батырларымды бул заңғарға баян етсем, тоқтамас па, — деп ырастан-өтириктен бес-алты сөз баян етти:

— Сениң ушын жыйған едим дүнья-мал,
Сени кетеди деп етпеймен гүман,
Бес-алты аўыз сөзимиз, бар айтайын,
Жамалыңнан айналайын Иззетжан.

Бундай ислер хəр жерлерде болғанды,
Өзим суўпы, өлмей айтпас жалғанды,
Иззет қыз, сен оннан қалай өтерсең?
Дəрбент жолда мың батырым қалғанды.

Бизлердейин ҳеш болмағай хəр бенде,
Төрт мың батырларым қалды дəрбентте,
Нəсийхатым алмай кетип, Иззет қыз,
Қолға түсип, болып жүрме шерменде.

Иззет қыз, сен бул мəканнан кетерсең,
Таслап кетсен, не мақсетке жетерсен,
Қараўыллар, кетсең де, алып келерлер,
Бес-алты күн атымды хəлек етерсең.

Иззет қыз, сен бул булақтан кетпегил,
Таслап кетсен, ҳеш мақсетке жетпегил,
Саў-саламат қараўылдан өтсеңиз,
Бадам атты бир шопанға сатпағыл.

«Дәрбентте батырлар қалды» деген соң қыздың баўыры езилип,көз жасы дизилип,уўайым басып, *Суўпыбекти күйдирмек ушын сөйледи:*

— Бундай бәле көрдим әйне ўақтында,
Айырылдым журтымнан,минген тахтымнан,
Қулдың қашпақлығы бир-бир мурады,
Тутылсам мен — ашылмаған бахтымнан.

Дәрбент жолдан аман өтип алайын,
Гүнам көпдур,хақ кеширгей қудайым,
Қулдың қашпақлығы бир-бир мурады,
Мен тутылсам — ашылмаған талайым.

Ат дизгинин қолға алды,
Айдап жолға салды,
Аттың басын бурды,
Жуп қамшыны урды.
Қула майдан шөллерде,
Шора шықпас жерлерде,
Көп ўақыт жол жүрди,
Азғантай емес,мол жүрди,
Көп азапты көреди,
Дәрбент жолға келди.
Аттың басын қаратты,
Қамшыға жонын таратты,
Көп егленип турады,
Аттың басын бурады,
Жылаўды қолға алады,
Жолға айдап салады,
Аттың тилин алады,
Еки көзи жолларда,
Жолда еңиреп барады.
Астындағы Бадам ат,
Табаны таска тақылдап,
Қуйысқаны сарпылдап,
Омыраўдан аққан көбиги,
Қара таска жалпылдап,
Ал кейнине қараса,
Төрт туяқтан шыққан тас,
Жулдыздай болып жылтылдап,
Бадам ат кетип барады.
Азырақ емес мол жүрди,
Дәрбент жолға келеди,
Айтқаны ырас наймыттың,
Әскерди нашар көреди.
Қыска аяқлы сур бедеў,
Бир тәўекел қылайын,- деди.
Мергенлер шақмақ шыққанша,
Пилтесин отқа жаққанша,
Алдында қатар турғанда,
Өте шықты қақ жарып.
Шаншылды аттың қуйрығы,
Ол да ҳақтың буйырығы,
Аллаласып көп қуўды,
Қоқанның төрт мың батыры.
Ашылған бағда лалаға,
Қызлар қалды бәлаға,
Әйне қуптан болғанда,
Шыға келди Иззет қыз,
Тағы майдан далаға.
Қызыл жүзин солдырды,
Ғамға кеўлин толтырды,
Астына минген Бадам ат,
Бирден турып болдырды.

Оннан кейин Иззет қыз қуўып киятырған қараўылдан қорқып,аттың жалын қушақлап,көзиниң жасы моншақлап,Бадам атын мақтады:

— Жарасқан кәкилге еки қулағың,
Намазшамда озып един Бадам ат,
Төрт мың батыр атларынан ылағып,
Сендей тулпар минген қолға түсер ме,
Сийнеме басылғай ол төрт туяғын.

Ашылған бир бул дағларда гүлмедиң,
Ҳаслым нашар,қәдирим не,билмедиң,
Сендей тулпар бәрҳә қолға түсер ме,
Саўаш күни сизден үмит солмеди?

Бул майданда мениң бахтым ашылғай,
Дуз-несийбем Бухар журтқа шашылғай,
Сендей тулпар минген қолға түсерме,
Төрт туяғын ақ сийнеме басылғай.

Ҳайярлығың мени сарсаң етеди,
Егленсең,Қоқанлы қуўып жетеди,
Бадам атым,сеннен басқа қостар жоқ,
Бир заманға көтерилсең нетеди?!

Бадам аттың болдырған жери Уркыя таўы екен.Бадам ат терин төгеди,ат жабдығын дүзеди,төрт мың аттан Иззет қыз алыслай берип жөнеди.

Әйне қуптан ўағында,Орданың қара таўына барды,таўдан өтейин десе,жолын таппады,кейин қайтайын десе,төрт мың әскерден қорқып,таўдан жол сорап қыз не дейди:

— Алдымнан шыққанды бир бөлек тағлар,
Қоқанлы тутсалар қолымды бағлар,
Қыска аяқлы сор бенденмен адасқан,
Жол бергил бизлерге бәленттен,дағлар.

Он төртимде қолаң шашым сылайман,
Ҳаслым нашар,бенделикте жылайман,
Қыска аяқлы сор бенденмен адасқан,
Бурынғыдан қалған хәким Сулайман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мәртликтен буўғанман белиме пота,
Он төрт жаста еткеним жоқ хеш хата,
Қысқа аяқлы сор бенденмен адасқан,
Шөллердиң пирисең сен Қыдыр ата.

Өзимниң пиримсең Бийбилер Патма,
Қанат бериң пирлер бул Бадам атқа,
Қысқа аяқлы сор бенденди жолға сал,
Жаўлар басларыма саўда салмасын.

Ханның абатлығы байтақ ел менен,
Ғаздың абатлығы айдын көл менен,
Сәхәр ўақта қабыл болып көз жасы,
Атлар шапты қулан соқпақ жол менен.

Ақорданың қара таўына жол таўып өтип еди,ада болмас Қоқанның көп таўы,алдынан Қоқанның Ақша таўы шықты.

Ақша таўда жатқан, қысы-жазы мәкан еткен, өткенди-кеткенди мәккем тутқан, он бес урыў буралай,ураны пухар журтында қулша дер екен. Бул заңғарлар Иззет қыздың қиятырғанын көрди. Мергенлер мәсләхәт қылды. — Суўпы атам Бухарды шаўып алды, деп еситип едик, дүньяға ғарқ болған соң,душпанның баласына Бадам атты суўаттырып қойған.Душпанның баласы Суўпыбектиң атын,жарағын алып қашып киятырған екен,— деди. Мергенлер бир-бирине мәсләхәт етип,«баланы ат» дейди.

Он бес наймыт қоярсыз,
Төменнен жаўың сайлаңыз,
Нысанаға байлаңыз,
Баланы байлап атыңыз,
Бөлеге басын шатыңыз.
Жүйрикке оқты тийгизбей,
Баланы жан шығардан атыңыз.
Алма бастың жарлығын,
Етпесеңиз тарлығын,
Күн қызарып шыққанда,
Сонда аңлайды Иззет қыз,
Дәрбентте мерген барлығын.

Иззет қыз Дәрбентке қарап,нашарлығыны барып баян етип тур:

— Бул майданда көз жасымды булайын,
Жаратқан бириўбар,кешир гүнайым,
Не қылайын ҳаслым нашар болса мен,
Мергенлерге бир тәўекел қылайын.

Қазан урып бағда гүлим солмады,
Қазан жетип,ақ үйимде толмады,
Минип барсам қай таўларға кетейин,
Буннан басқа таўда дәрбент болмады.

Шебердиң қолында гүлден нақшыны,
Суўпыбектен минип қаштым көкшени,
Бул шөллерде қолға тири түскеннен,
Ат сабылтып бирден өлген жақсыды.

Аттың басын бурады,
Бир тәўекел қылады,
Қыз ортаға келгеннен,
Он бес мылтық боратты,
Тәнде жанын дағлады,
Мергенниң атқан оғынан,
Периштелер сақлады,
Өте шықты қақ жарып,
Гезелерин аўдарып.
Күн шыққанша қуўады,
Нашарға күнлер туўады,
Мылтықлары тақылдап,
Қыздың минген атына,
Жетип барды көп мерген,
Найза бойы жақынлап.
Иззет қыз ақылынан сасады,
Бир ораўын жаздырды,
Астына минген Бадам ат,
Қанатлы қустай ушады,
Он бес мергеннен Иззет қыз,
Арасын майдан ашады.
Он бес аттың ишинде,
Жүрмел қасқа бир ябы,
Суўырылып заңғар озады,
Табаны тасқа тақылдап,
Жуп қуйысқан сарпылдап,
Қыздың минген атына,
Келди заңғар жақынлап.
Ашықлардың пийрисең,
Зәўре менен Тайырды,
Аттың ҳаслын сорасаң,
Ақ таўларды жайлаған,
Жәниўар Қарабайырды.

Қыз қашса қутыла алмасын билди,қуўса жетерин билди.Қызды қоршап алды.Қыз ортада қалды, хәрким найза салды.Мергенлер шақмағын жайып,пилтесип отқа жағып:

— Сен бизлердиң жете алмасымызды билдиң бе? Жаның барда атыңнан тезирек түс,аларман жаныңды,төгермен қаныңды,— деди.

Иззет қыз турып ойлап,бул ақмақлар мениң қыз екенлигимнен хабары жоқ,мени ул деп сөйлеп тур ғой деп,қыз басымды баян етпей,мергенлерди алдап көрейин,деп сөйледи:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Майданда ябынды шаптың да,желдиң,
Душпанлар,изимнен ат салып келди,
Бир заман еглениң,залым урылар,
Ортаңнан өткенде кимлер ҳәм билдиң?

Ашылғанда бул таўлардың гүлимен,
Ҳаслым сорсаң Муҳаммедтиң динимен,
Бир заман еглениң,залым урылар,
Билсеңиз,мен Суўпыбектиң улыман.

Бизлер шықтық Суўпыбектен ат алып,
Молла болдық ахунымды йад алып,
Бухар ханы Мурайдарға бараман,
Қоқан ханы Молла Әлийден хат алып.

Атларды шапқанман майдан дәбирге,
Бадам атым шыдамайды жәбирге,
Молла Әлийден өзим шыққан елшимен,
Бухар ханы Мурайдардай әмирге.

Қазан урып бағдың гүлин солдырып,
Қазан жетпей жан пайманаң толтырып,
Бухар барып саў-саламат бир қайтсақ,
Мен қоярман бәриңизди өлтирип,

Жибермесең қаныңыызға қандырып,
Уғлан-ушақларыңды жетим қалдырып,
Он бес руў,бәриңизди таныдым,
Ат сизики,жол бизики аллаяр.

Он бес мерген турып:
— Арқадан самал турған екен,
Журт ийесиниң баласын қуўып,
Бизлерди құдай урған екен,— деди.

Артына қарап қашып киятыр еди.— Бәримиздиң сыртымыздан танып алған екен.Арқаларымыздан урып,арқан менен тартып,узақ базардан киятырған базаршыдай шубырысып киятырғанда дәрўазаға жәлладларды қояр, он бесимизди танып алар, мойнымызға арқанды салар, дәрўазаның алдында шетимизден шалар,уғлан-ушақларымызды жетим қылар,— деп егленди.

— Ҳә,жийрен қасқа ябылы балам-аў,сениң атың жүйрик деп бизлер хабарыңды билип жүр едик. Бәлеге шаттың да тындың.Өзиңниң тутқан урыңды өзиң тутып байлап көр,— деди.Усы танымастан қашайық депти.Сөйтип қашты.Қашқанға рахмет,турғанға нәлет деп,ҳәккеге саңғыў,гүбелекке қаңғыў деп,ҳәр қайсысы бир жыраға қашып кетти.

Иззет қыз қутылып,аттың басын бурып кетип баратыр еди.Алдынан тағы қара қурым аламан пайда болды.Буны көрип жақынлап барды,қырық ешекли мергенлерди көрди.

– Ағалар,қайсы журттың адамы боласыз? — деп сорады.

Мергенлер:

– Бизлер Қоқанлы мергенлер боламыз.

Сонда биреўи турып:

— Бухарды Молла Әлий шаўып алды деп еситтим.Суўпыбектиң атын Иззет қыз алып қашып кетти, деп еди. Суўпыбек ағамды бир адам мингестирип қалаға алып баратыр екен, деп еситтим. Суўпыбектиң атын алып қашқан Иззет қыз қайсысы екен? - деди.

Тағы биреўи:

— Сен қай жеринен таныйсаң?

— Мен астындағы атынан, кийимлеринен таныйман, инанбасаң басындағы потаның астынан еки тал шаш шығып тур.Буннан ҳәм танып турман,— деди.

*Сонда Иззет қыз:*

— Биз ондай хабардан аманбыз.Айтқан Суўпыбегиңниң еки улымыз.Бухар,Қоқан жаў болды, екеўин еллестирип қайтыў ушын бизге хат көтертип жиберип еди.Бизге жолдың жөнин бериңиз, кетип баратырмыз,— деди.

Сонда мергенлердиң ишинде Қарға ғарры деген бар еди.Сол турып:

— Ҳә,қарындасым,сениң нашар екениңди булар танымас па екен деп тур едик.Булар да алыстан таныды.Сениң нашар екениңди ҳәм таўдан асып түскенинде-ақ танып едик.Бизлер атса оғы қата кетпейтуғын мергенлермиз,қарындасым.Атсақ,зая боласаң,атпасақ,қолға түспей қашып кетер деп, садақларды көтерип таяр турып едик.Сендей қыз түўе,ҳеш адамның қызы қыя шөлде сергиздан болып жүрмес.

Әне, қарындасым әдепки қуўған төрт мың қараўылың бар ғой,сениң жолдан шығып адасып кеткениңди билип,мына дәрбентте сениң алдыңнан шығып,аңлып жатқанына үш күн болды.Соннан әжелиң болса,өлерсең,мийнетиң болса,көрерсең,ал,кетебер қарындасым.

Мына жолға түсип кетсең.Бухарға шекем бенде боларсаң.Қоқанға баратырып қолға бүгин түнде түсерсең,бүгин түспесең,ертең түсерсең,қарындасым.

Буны еситип,өзине тәселле берип Иззет қыз дәрбентке қарап бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кел көнилим, қылай мәсләҳәт,
Мәсләҳәт етпесек болмас,
Бийик-бийик таўдан асып,
Мәнзилге жетпесек болмас,
Көшер кәрўан, қонар изге,
Әсте бир, әстен барайын,
Дәрбенттиң аўзын көрейин,
Аламан қосқа айлансын,
Мылтықтың жолы байлансын,
Абайлап кетпесек болмас.

Әстен-әстен қыз барды,
Астындағы Бадам көктиң,
Жуптан айылын шешеди,
Татыр қумға аўнатып,
Қалың селеўде шалдырды,
Силкинип демин алдырды,
Қоржынды қағып жем берди,
Бадам атқа дем берди,
Қайталдан ертлеп алады,
Бадам атқа минеди,
Дәрбентке жақын барады,

Қойнындағы орамалын алады,
Найзасына жалаў етип байлады,
Қызлар сумлық ойлады,
Әйне қуптан болғанда,
Дәрбентте жатқан батырға,
Алла салып тийеди.
— Келиң бес жүзиң бир жақтан,
Келиң он жүзиң ҳәр жақтан,
Ғошшақларын кешиң жаннан,
Ис көрсетер күниң бүгин, —
Деп даўрықты салды қыз.

Мына гәпти еситип,
Бухардан ләшкер келди деп,
Дөгерек-дашыңды алды деп,
Ким Нураға қашады,
Ким жыраға қашады,
Басқы тапты аламан,
Өте шықты Иззет қыз,
Аламанды қақ жарып,
Әскерлер қалды сарғайып.

Қараўыллар мәсләҳәт етти.

— Әгер Бухардан әскер келсе, шатырымызды бузып, атымызды алып кеткен шығар. Егер Иззет қыз деген ортамыздан айдап өте қойса, шатырымыз қурыўлы, атларымыз байлаўлы турған шығар, — деп, қол усласып қосына келеди. Атлардың байлаўы менен, дұшпениң қайнаўы менен турғанын көрди.

— Ўа, заңғардың қызы, ортамыздан алдап өткен екен ғой. Бизлерди сарсаң еткен екен — деди.

Он сегиз жүйрик атты ертлеп алып, он сегиз батыр үстине минип, қызды қуўа берди. Сарғайып таң атқанда он сегиз бахадыр қызға жақынлап барды.

Қыз турып қыял қылды. Қара шашын төбесине қойды. — «Қорқақты көп қуўса батыр болады» деген бурынғының сөзи бар еди. Дәрбенттиң басында турған он сегиз батырға қылыш урсам, астымдағы Бадам аттың пәти менен жақынлағаннан найзаны урсам, бир азын жарадар қылсам, журтына айтып бармағына жақсы болар еди, — деп, атының басын бурды, қайрылып қамшы урды, жақынлағаннан найзаны урды, бир азын жарадар қылды.

Сөйтип Иззет қыз өтә кетти. Кейниндеги төрт мың қараўыл батырлардың изинен келди. Батырлар жарадар болып атырғанын көрип:

— Наймыттың қызын Мурайдар патшаның алдына барғанша қуўа берейик, — деди. Қуўалап кете берди. Алдынан бир бәлент таў шықты. Бадам аттың басын таўға қаратты, қамшыға жонын таратты, Бадам ат қанатлы қустай таўдың басына шықты да кетти. Кейниндеги қараўылдың атлары таўға сирә мине алмады.

Қыз таўдың басында жүрип, ҳәр жаққа нәзер етип қараса, баяғы ата-анасын ҳәм өзин Суўпыбектиң бенде еткен жери екен. Соны көрип қыздың кеўли бузылып, баўыры езилип, ашылмаған маңлайым, жеккелик болды талайым, бенде болған жерим екен, әне, сәлемнама айтып көрейин, бул заңғарлар сәлемнаманы тапсырмас па екен деп, таўдың басында, Бадам аттың үстинде төмендеги төрт мың қараўылларға қарап айтып тур:

— Атларды шапқанман майдан дүзине,
Нашарлығым сепкил салды жүзиме,
Зая болмай, қайта бериң қуўмай-ақ,
Қуўған менен жете алмассаң изиме.

Өн төртинде шалқып туўған ай болсын,
Хабарды айтқан Бухар журтың бай болсын,
Бенде болған ата-анама айтып бар,
Ата-анамның сонда көңли жай болсын.

Ортамыздан қызлар аман өтти дең,
Он сегиздиң бул басына жетти дең,
Бенде болған ата-анама сәлем айт,
Иззет қызың Бухар журтқа кетти дең.

Атыма қақтырдым полат тағамды,
Сағынаман бирге турған ағамды,
Сәлемимди айтпасаңыз, қараўыл,
Қыяметте мен тутарман жағаңды.

Ат қуйрығы бул майданда өрилди,
Нашарлықтан абырай қолдан берилди,
Зая болмай, қайта бериң қараўыл,
Алдымызда жырақ-жақын көринди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қараўыллар турып,«буны мунша қуўа берип нетемиз,изинен қуўып барып жарадар болып қайттық деп,Молла Әлий ханымызға айтамыз» деп қараўыллар қайтып кетти.

Иззет қыз таўдан түсти, нешше күн жол жүрип Жиззақтың қаласына барды. Бир адам тур еди, шақырып алды.

— Қәне, аға, бул қаланың хәкими ким? — деди.

Қараўыл:

— Бул қаланың хәкими манғыттан Ерназар тоқсаба менен қоңыраттан Әбдирасули бий деген екеўи усы қаланы тең сорап отыр.

— Қәне, қайсысының улы бар? Қайсысының қызы бар?

— Әбдирасули бийдиң еки қызы бар.

Сол еки қызға мен барайын, еткен исимди, ишимдеги дәртлеримди сөйлесип, еки қызға баян етейин деп,дәрўазадан шығып,Әбдирасули бийдиң үйине барды.

Әбдирасули бий далаға төсек таслап, ўақтын хошлап отыр еди. Бий үйине киятырған атлыны көрди. Еки жетимди шақырып алды.

— Үйге мийман киятыр екен, баланың отаўы бослаў, соған төсекти таслаң. Сол қонаққа таң атқанша миймандаршылық етиң,жетимлер,— деди.

Әбдирасули бийдиң үйиндеги еки қыздың күйеўи де Қоқанға бенде болып түсип кеткен еди. Усы келген сол еки қыздың күйеўинин биреўи шығар деп тымсал етти.

Намазшам ўақтында «бийдиң қызының күйеўи келипти» деген хабар қалаға жайылып кетти. Қаланың қыз-жаўанлары «бийдиң қызының күйеўине барамыз» деп, ҳасыл тонларын кийинип, қаланың барлық қыз-жаўанлары жыйылып,орамалларын қыя шалып,куптан ўақтында салланысып келе берди.

Иззет қыз басындағы қымбат потасын қыйсайтып қойып,қызлардың келген күйеўи болып тура берди.

Қуптан ўақтында бийдиң еки қызы есиктен сығалап тур еди.Сол ўақта Иззет қыз турып:

— Хә, жеңгелер, маған үш күн мәўлет бериң,— деди.

— Әжеп болады, күйеўжан, үш күн емес, саған тоғыз күн мәўлет бердик, жай-парахат жата бер, сениң хызметиң ақ сийнемиздиң үстинде болғай,— деди.

Сол ўақта есиктен сығалап турған бийдиң еки қызы,«жеңге,сениң жүзиң қурысын» деп кетип қалады.

Иззет қыз «булар мениң бетимди я шашымды көрип қалар» деп:

— Жетимлер,маған күнде майданнан хабарлар берип турың,— деди.Үш күннен кейин жетимлерди шақырып алды.

— Хә, жетимлер, сизлер буннан кетиңлер, Әбдирасули бийге жетиңлер. Семиз қойын сойсын, қаласындағы кәтқуда бийлерди қоймай жыйсын,— деди.

Жетим қыз: — Әжеп болады,— деп,барып бийге айтты.

Бий хәм таң сарғайып атқанда,ат шаптырды далаға,жар салдырды қалаға,бийлерди жыйды.

Бийлер қалаға келген соң,күндиз уллы сәске болғанда Иззет қыз ақ отаўдан шықты.Бийлердиң алдына барды,ийилип сәлем берди.Басындағы потаның астынан еки тал шашты шығарып жиберип, бийлерге қарап бир сөз айтты:

— Кеше-күндиз мен жылайман зар-зар,
Ата-анамды көриўге мен интизар,
Бий бабалар,биз күйеўиң емеспиз,
Биз нашармыз,айтатуғын арзым бар.

Ашылғанды бул дағлардың нарыман,
Ер жеткен соң ортаңызда зорыңман,
Бий бабалар,мен күйеўиң емеспен,
Қытай елде қараўыл басы Бердибек,
Бийдиң қымбат сатып алған ярыман.

Қазан урып бағым гүлин солдырды,
Қаза жетпей шул пайманам толтырды,
Айналайын ата,он төрт жасымда,
Бир наймытлар ат саўрына миндирди.

Атларды шаптырды дағдың өрине,
Қайыл қалдым яратқанның зорына,
Жети кеше атын шапты бул душпан,
Алып барды Ақсуў деген жерине.

Парыз ўақта беклер аттан түскенди,
Булақтан бедеўлер суўлар ишкенди,
Ас- дузларың несип етип,бий баба,
Суўпыбектиң атын алып қашқанды.

Бул дузаққа жазықсыз адам түспейди,— деп,Әбдирасули бий Иззет қызды қыяметлик етип еки қызына қосып қоя берди. Еки жетимин шақырып алды:

— Ҳәй,жетимлер,бул Иззет қыз Қытай елинде Бердибек қараўылбасының қалыңлығы екен ғой. Бердибек көп сақый.Өзи үлкен бай деп еситип турман.Соннан сүйинши сорап,ат-тон,сарпай алып қайтың,— деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жетимлер «әжеп болады,аға» деп,еки ябыны баслады,ыңғыршак ерди таслады,жуптан айылын шалды,жетимлер қарғып ябыға минип алды.

Қараўылбасы Бердибектиң қаласының арасы бир ярым күнлик жол еди.Бир күн тамам толғанда, әйне сәске болғанда Бердибек халқындағы бийлерди шақырып,бир қойды сойдырып:

— Мен он төрт жасында Иззет сулыўды гүмиске барабар сатып алып едим.Быйыл он алты жасына шығып тур.Көкирегинде жаны болса,ол қызды алып қайтарман,— деди.Бағы-шарбағын сатып,еки атқа зер артып,сегиз жигит қасында,қундыз телпек басында,сапар етип журтынан шығып киятыр еди.

Баяғы бийдиң еки жетими Бердибекти танымайды. Екеўи дүңкийип, алдына ат қойып өте берди.

Бердибек булар Әбдирасулиниң жетимлери екенин танып, шақырып алып, «заңғарлар, туўры өзиме келгениңде ат-тон,сарпай берер едим» деп сөйлеп тур:

— Дағларда ескен самал ма,
Нәмәртке ақырзаман ба,
Хабарласпай өттиңиз,
Әбдирасули бий аман ба?
Бағынның гүли солды ма,
Жыззақтан Қоқан қалды ма,
Хабарласпай өттиңиз,
Ерназар тоқсаба өлди ме?
Анда жетимлер сөйлейди:

Дағлардан ескен самалды,
Ат шапқан жигитке әрманды,
Ойынынды қойың аға,
Жиззақтың бийлери аманды.
Ат қуйрығын өремиз,
Бағдан гүллер теремиз,
Бүгин үш күн жүзи болды,
Таўдан түсти Иззет қыз,
Бердибекке сүйиншиге барамыз.

Бердибек ғарқылдап күлди,оларға азмаз тилла берди,жетимлерди хошўақ етти.Бердибек жетимлер менен қосылып қалаға келди.Иззет қыз да ярының киятырғанын еситти,үстиндеги липасын таслап, қайтадан қылық баслап,бийдиң еки қызына қосылып,мәс болып тура берди.

Әбдирасули бий намазшам болғаннан соң Бердибекти шақырып алып ақ ордаға киргизди.Семиз қойдан сойды,молла қоса жыйды,ақшамында Бердибекти Иззет қызға некалап қойды.

Бердибек яры менен қосылды,жатты,таң атты.Таң атқан соң Бердибек елине қайтпақ болып атын ертлеп атыр еди.Иззет қыз да Бадам атының қатқан терлерин орамалы менен сыйпап тур еди. Сол ўақта Әбдирасули бий үлкен басын киширейтип,қыяметлик қызының қасына барды. Бадам аттың жүйрик екенин билди.Қызымнан саўға деп,Бадам атты қызының қолынан алды.Иззет қыз Бердибектиң бетине қарады.

— Яры, сенсең мийрибаным, сениң жолыңа тасаддық айтып едим. Усы зерлерим аман турса, Жиззақтан бундай ат таўып алармыз,атынды бер,— деди.

Атты берди. Бердибек бир ябысын хошлады, ыңғыршық ерди таслады. Изетти атқа миндирип алды.Бердибек журтына қайтпақ болып,екеўи дәрўазаға шекем барды.Ябының жортыўы мәлим,иси питти,қыздың жанын алды.Қыз қыял етти.«Буннан қайтып қыяметлик атама барайын,жағдайымды айтайын,атымды сорайын,берсе,алайын,бермесе,бий өлгендей гәпти айтып қайтайын» деп ябысынан түсип,еки пешин қайырып,көкирегин айырып,атасына келип,есигин қағып,ишке кирип,үйиндеги еки қызын мысал етип,бир сөз айтты:

— Қазан урып бағым гүлин солдырдың,
Бул жаныма зулымлықты қылдырдың,
Қыяметлик атам един сен мениң,
Атты бермей зорлық етип отырдың.

Бадам атым бул майданда шабылар,
Дәртимди айтсам,ишим оттай қамылар,
Қызынды атқа бенде етип миндирсең,
Қоқанлыда көп бедеўлер табылар.

Қолаң шашым бул майданда өремен,
Хәр бир исти маңлайымнан көремен,
Атты бермей зорлық етип отырсаң,
Мирайдарға туўры хабар беремен.

Мирайдардан қос жасаўыл келтирип,
Жуўан мойынына буғаў салдырып,
Атты алармаң зорлығымды билдирип,
Ақ үйине байлап алып кетермен.

Атымды шабарман майдан дүзине,
Зорлық еттиң қыяметилик қызына,
Ақ үйиннен байлап алып кеткенде,
Ыразы бол үш күн берген дузыңа.

Мирайдарды айтқан соң,
Бий бабаң катты қаранды,
Тәблеге қарап жортады,
Тәбледе турған бедеўди,
Ушығадан терликлеп,
Бийабырой қара екен,
Қайтадан дөхмет табар деп,
Зерли тоны қолында,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Иззеттиң көнлин табады,
Атаң қатты қапа деп,
Саған керек қыя деп,
Топырақты шашады,
Зордан қалды қутылып.

Бадам атын алып Бердибектиң изинен барып қосылып, сәрсемби күни сәскеде, пийшемби күни песинде, жума күни түсинде жетип барды қалаға. Ат шаптырды далаға, той-тамаша берип, он бес күн ойын, он бес күн тойын етеди. Отыз күн болғанда Бадам атты үйирге қояды. Он еки ай өткенде Бадам атынан нешше тулпар туўдырып алады.

Иззет қыз қолына қағаз алды. Бир молла менен кәрўан сарайға барды. Баяғы Ақбулақтың басында Суўпыбек пенен болған ўақыяны, Бадам атты бас етип хатқа салды. Хат жазып, оны «Қоқанның ханы Молла Әлийханға бер» деп, бир кәрўанға берди.

Кәрўанлар нарларына жүк артып, Қоқанға жол тартып, жети күнде барды. Қаланың ишинде жүрди. Бир күни кәрўан хат тапсырыў ушын Молла Әлийханың алдына барып, ийилип сәлем берди.— Бухар шәҳәринде бир нашар сизге бер деп хат берип атыр еди,— деп хатты шығарып береди.

Молла Әлийхан хатты алып ашып көрип, оқып көрип мыйығын тартып күлди. Бир ҳәдийсениң барын билди. Баяғы Суўпыбек ханның қасында отыр еди. Суўпыбек ханның күлгенине ыза болып:

— Тақсыр, қолыңдағы хатты даўыслап оқысаңыз қалай болады? —деди.

— Әжеп болады, Суўпыбек, хызметиңиз бизге ўажып болады,— деп хатты оқып атыр:

—Алтын тахтта Молла Әлий,
Ханымызға сәлем де,
Молла Әлийханға келген,
Қасындағы Суўпыбек,
Суўпыбекке сәлем де.
Ат қуйрығын өрмеген,
Бағлардан гүллер термеген,
Бизлер менен дәўран сүрмеген,
Суўпыбекке сәлем де.
Аттың жалын тарамай,
Пирлери ҳалын сорамай,
Үш күн Ақбулақтың басында,
Ақ сийнемди ойнаттың,
Сонда да қалдың жарамай,
Суўпыбекке сәлем де.

Ағамдайын ўәзирлер,
Пийшембиде барыпты,
Ата-анамды жиберсең,
Беремен Бадам атыңды,

Мына гәпти еситип,
Суўпыбектей ўәзирлер,
Ар-намысқа шыдамай,
Жуўырып шықты далаға,
Жар салдырды қалаға:
— Иззеттейин қызлардың,
Ата-анасын табыңлар!
Таўып берди сол замат,
Еки бирдей бендени,
Кәрўанларға қосады.

Кәрўанлар тағы қайтып, жети күн жол жүрип, Бухарға келди. Қыздың әке-шешеси қызы менен көрисип, сорасып болған соң Иззет қыз Бадам атты ертлеп, баяғы жетим қул менен Суўпыбекке атты бергизиў ушын кәрўанларға қосады.

Кәрўанлар атты Суўпыбекке берди. Суўпыбек атын алады. Суўпыбек пенен Иззет қыз мақсетине жетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ
47 - ТОМ



# ИЛИМХАН

*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*
*Жазып алған: М.Сейтниязов*
*(1957-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

урынғы өткен заманда,
ешше халық аманда,
ешше халық қамалда,
штарханның бойында,
скар адыр Алатаў,
латаўдың жағасы,
ол жайларды жайлаған,
Пискемис деген қалада,
Елинин аты Бадақшан,
Пискемисте отырып,
Бадакшанды сораған,
Мусылманның халқында,
Рейимсиз болды бир хан.
Аш-арықты жылатып,
Ол бир ханның кәсиби,
Харам малды жер еди,
Ол патшаның атыны,
Акпота хан дер еди.
Алтмыш еки хәмелдар,
Алтмыш еки мөхирдар,
Тилла пышақлы сәрдар,
Ақыл косып бәриси,
Шабыўыл урып хәр елден,
Рейимсизлер жыйылып,
Мал жыйғаны қорыққаннан,
Акпота ханға малай,
Өзи едиали хәм,
Акпотаның ўақтында,
«Көк өзек» деген жеринде,
Әдилбай деген бар еди.
Жыйнағаны сансыз мал,
Әдилбайдай байлардың,
Қаншайым деген қатыны,
Акыллы еди ол нашар,
Сол заманның өзинде,
Хәр журтлардан аўып-талып,
Келер еди ол елге,
Сайыл болып адамлар.
Келген адамларды ол,
Ғазап билен туттырып,
Кими болсын билимли,
Кимиси болсын ол шайыр,
Қыйыўын таўып оларды,
Нахақтан енди өлтирип,
Еситпейин зарыны,
Насими менен машраптың,
Нахақтан қалып қанына,
Сонындайын бул ханның,
Бәле көринип басына,
Рәхим етпеди залым хан,
Бийшаралардың көз жасына,
Ғәрип пенен пуқара,
Көнди ханның исине,
Хешким тақат бермеди,
Ақпота ханның күшине.
Күнлер өтип бир күни,
Шамал пайда болады,
Жерлер енди козғалып,
Шәхәр жайлары қулады.
Акпотадай ханлары,
Ат көтермес бийлери,
Ақыл берген ийшаны,
Терис пикир молласы,
Там астында қалады,
Домаланып,жумалап,
Отаўлары қулады,
Неше-неше,залымлар,
Дүньядан әрманлы өтеди,
Жыйған сонда дүньясы,
Малы менен түйеси,
Алды-алдына кетеди.
Бул бәлени көргенлер,
Тири аман қалғанлар,
Ойланып хайран болады,
Сонша малдан айрылып,
Бай еди ғой Әдил таз,
Бул да сымпыйып қалады.
Көл бойына жыйылып,
Мүйтен,манғыт халықлары,
Кәспи болып балықшы,
Қаңыраған шәхәр шетинде,
Аўқатгүзарлық қылып,
Күнелтеди еллери.

Әдил менен Қаншайым балық аўлап екеўи, адам болмақ тилеги, бир күнлери Қаншайымдай қатынының дүрсилледи жүреги. Жүреги дүрсилдеп, жән-жағына қарап, «әй ғарры» деп, Әдил таз бабаға қарап бир-еки аўыз сөз айтады:

— Әй,жолдасым Әдил ғарры,арзым бар,
Мен болғанман сендей сорға миясар,
Елге тийип залым ханның кесири,
Қайда кетти бизлер жыйған дүнья мал?

Сениң менен ойнап-күлип болдым шад,
Жаман салар жақсыларға қайғы-дәрт,
Әўел едик дәўран сүрип шадлықта,
Қартайғанда бар екенғой көп мийнет.

Көзлеримнен ағар мениң қанлы-жас,
Енбекли дүньяға салғыл ғайрат-күш,
Екеўимиз қосылып тилек етейик,
Изиңе ерген болғай сениң бир жолдас.

Бийперзентлик бендесине жаман дәрт,
Халықлар ушын жигер барда қыл мийнет,
Көрдиң бурын көп дүньяның қызығын,
Қосылып тилейик алладан перзент.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Балаларды көрип ишим жанады,
Ойнағанда жаным отқа салады,
Мен сынайман,нешше енди халық та,
Перзент тилепқубырларға барады.

Ышқы отына күйип-күйип жаналы,
Түўеллеп бир түйиншиклер алалы,
Қол усласып бирге бәрҳа екеўмиз,
Қубырлардан жалғыз перзент соралы.

Сол ўақта Әдил баба шоршып кетти.Қатынына кейип баслады:

— Үйдеги азынаўлақ жейтуғын дәнимди де әўлийениң шыйықшысына апарып берип,«әўмийин» дегеннен сымпыйып қайтып,мендей сорлыны аш қояйын деп жүрсең бе? Әўлийеңде кәрамат болса, қәбиринен турып, өзи пәтия берер еди. Жатқан өликти сатып отырған сум шайтанларға апарып беремен деп ықласланасаң.Мен де жылайын,сен де жыла.Қудиретинен тиле.Қой,отыр,— деди де, Әдил баба балық аўлаўға қайрылмай кете берди.

Сол ўақтында күнниң жартысы ғана шығып турған екен.Күн батысында бир төбениң үстинде бир түп ақсардың гүллери күнге шағылысып,әлўан-әлўан дөнип жарқырап,Қаншайымның көзине көринди.Байы кеткен соң Қаншайым ақсардың қасына барып,бир гүлин жулып қолына алып, ақсарға қарап бир сөз айтады екен:

— Ақсар,алдым сениң жалғыз гүлинди,
Сөйлетейин бүгин шийрин тилимди,
Алтмыш әлўан жайнар сениң гүллериң,
Әдил салар маған қайғы-зулымды.

Байымның басынан кеткенди дәўлет,
Ақсар,қылсам деймен саған қырық күн шәрт,
Бурынғының айтып кеткен сөзи бар,
Ҳәр гияда болар дейди қәсийет.

Мен қарасам,халық баллары ойнайды,
Бийперзентпен,еки көзим жайнайды,
Саған зарлап айтсам деймен тилекти,
Сендей ақсар бийқәсийет болмайды.

Паян қылмас адамзатқа дүньялар,
Өмирлик жылап өттим зары-зар,
Шөпти көрсеңқалы көрме дер еди,
Халықтың айтқан сондай жақсы сөзи бар.

Жылай-жылай ақты көзден қанлы жас,
Ақсар,урсам деймен саған жылап бас,
Кеше-күндиз тилек тилеп қудиреттен,
Қылайын,жәниўар,мен саған ықлас.

Бул сөзлерди айтып Қаншайым үйине қайтты.Байы балық аўлаўда жүргенде,кеште де келмеген ўақларында ғамға жүзин солдырып,етегине жас толтырып,ақсардың түбине барып,«бир кәрамат болмаса,бундай шөп болмас еди» деп,соған қырық күнге шекем түнеди.Бир күни кеште ақсардың түбинде жатса,бир адам тусына келди.Қырма сақал,алакөз,орта бойлы,шийрин сөз,тағы бир киси келди қолында бир шыбықты ойнатып.Келип турып екеўи Қаншайымға шыбықты береди.Қаншайым оңым ба деп ойлайды.Алакөз,орта бойлы адам бир сөз айтады:

— Арзым есит,әй,нашар,
Тилегинди қабыл қылды,
Бир Яратқан сол Жаббар,
Бир перзентти ол саған,
Қылды Тәңри миясар.
Бала деп болды баўрың қан,
Қырық күнге шекем тиледиң,
Сен перзентти Алладан,
Шыбықты бердим қолыңа,
Бул болады бир бала,
Бул бир балаң бойында,
Ҳәмиле болып қалғанды.
Төрт ай деген ўақтында,
Зия-зулпың тарарсаң,
Жән-жағыңа қарарсаң,
Бир аждарҳа жүрегине,
Сонда жерик боларсаң.
Аждарҳа болар ол таяр,
Ғаррың жылар зар-зар,
Аждарҳаның жүрегин,
Кәбап етип писирип жеп,
Тарқатарсаң сен қумар.

Тоғыз айлар болғанда,
Айы-күни толғанда,
Ишиндеги ол бала,
Шығар сонда дүньяға.
Туўар ўақта баланы,
Болмасын жанында нашар,
Балаң жерге түскенде,
Ғаррыңыз ҳайран қалар,
Өлтиремен деп сени,
Балтасын қолына алар,
Өлтирдирме баланы,
Ишлериң оттай жанар,
Бул баланның секили,
Жылан сүўретте болар,
Ғаррың сонда майданда,
Қумар көзлерин жаслар,
Қырық күн өткенде арадан,
Туўған балаң,әй,нашар,
Жылан кебини таслар.
Бир айдары алтыннан,
Бир айдары гүмистен,
Билеклери тоқпақтай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўырынлары қақпақтай,
Өзи болар сулыўшық,
Аўзы-мурны оймақтай,
Сөйлеген сөзи қаймақтай.
Қырық күн деген ўақтында,
Тил шығады балаңа,
Буны көрер ғаррыңыз,
Сонда қатты қуўанар,
Бул баланңның атыны,
Бахыт пенен ол дәўлет,
Қызыр менен үшеўи,
Келип атыны қояр,
Аш көзиңди нашар,— деп,
Айбатланды адамлар.

Қаншайым көзин ашып,ақылы сасып қараса,хеш жерде адам жоқ.Ақсардың түбинде жатқанын көрип,орнынан ушып турып,қағынып-силкинип үйине барды.Үйине барып мұңайып отырды.Баба сол күни намазлыгер ўақтында бели бүгилип, маңлайынан тери төгилип, салған аўы да майлап кетип,бир қордан балықты арқалап,аўыл-үйлерди бир қуўантайын деп,есиктен күлип кирди.Қараса, Қаншайымның бир нәрсесин жойытқандай болып отырғанын көрди.Бунын кеўлин сорайын деп, баба Қаншайымға қарап бир сөз айтады:

— Мен кеткенде сен единң ғой гүлбәҳәр,
Шын ашықлық ғош жигитке от салар,
Мен келгенде алғыр кустай талпынып,
Кеўлиңизге түсти,кемпир,не қыял?

Қорданды арқалап келдим қыйланып,
Сүйинемен бул мойныңа қол салып,
Шығар единң талшыбықтай буралып,
Неге отырсаң,кемпир,булай ойланып?

Мен қылмайман бул жәҳанда хеш уўайым,
Қызыл гүлдей солған бүгин шырайын,
Бир жаманнан сөз келди ме кеўлиңе,
Әрманыңды айтқыл маған,Қаншайым.

Маған болдың бир неше жыл назлы яр,
Писирген таҳамың болсын шекер-пал,
Қыл хызметти,кемпир,ҳасла қыйланбай,
Усы бүгин күлип-ойнап кеўлим ал,—

дегеннен Қаншайым орнынан ырғып турып,күле шырай берип,балықларды тазалап қазанға салып, өзинен артқанын қоңсы-қобаға берип,кеўлин алып,ўақты-хошлық пенен таҳамды жеп болып,төсекти кемпир кеңнен салып,бабаға қарап,кеўлин көтерип,көзин сүзип,ўақтын хошлап,жуўап таслап,бир жуўап айтқан екен:

— Қаншайым дейдилер дүньяда атым,
Жас он бестей болсын,ғарры,ғайратың,
Кушақласаң қылдай мениң белимнен,
Берер болды Алла сениң мурадың.

Он сегизде тар келгендей көйлегим,
Жигирмамда жумырайын билегим,
Ықлас пенен дәўран сүрсек,әй,ғарры,
Қабыл болар болды бүгин тилегиң.

Мен түсимде көрдим нешше адамлар,
Қапа болып шекпе ҳасла қайғы-зар,
Халық болды екеўимизге тилеклес,
Сүрейик дәўранды бизлер биймәлел.

Бул гәпти айтыўдан бабаның жүреги тасып кетти.— Бунын түсинде бир мәни бар шығар.Сораўдың ҳажаты болмайды.Бир-еки аўыз сөз айтып ўақтын хошлайын,— деп,баба бир жуўап айтады:

— Қулақ салғыл,Қаншайымжан,сөзиме,
Қыздай болып көринесең көзиме,
Бурынларда бундай сөзди айтпадың,
Бир қызықлы сөз айтасаң өзиме.

Ышқы етемен көлде балық ойнына,
Ашықлардай қоллар салсам мойныңа,
Бергей Алла сендей кемпир тилегин,
Үмит етип мен кирейин қойныңа,—

Дейип сонда бул баба,
Кеширди нешше әрманды,
Тал шыбықтай буралып,
Таң атқанша сүреди,
Қайғысыз олар дәўранды.
Қаншайымдай яры менен,
Қылып сонда сәўбетти,
Баба көрип рахатты,
Таң атқан соң турады,
Қылып таза тәретти,
Аяғы жерге тийместен,
Көкөзектиң бойына,
Баба балығына кетти.

Айлардан ай өтти, күнлерден күн өтти. Қаншайымның бойына ҳәмиле питти. Усылай етип арадан төрт ай өтти.Төрт айда туў липасын кийгендей болып,зия-зулпы өрилди.Көзиниң алдына аждарҳаның жүреги көринди.Оның жүрегин кәбап етип жесем деп ойлады.Ызғар жерге баўырын берип,сирә орнынан турмады.Бир күни келип Әдил ғарры кемпириниң ҳал-жағдайын бир-еки аўыз сөз бенен сорап турған қусайды:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әзелден қыламан хәр күни уўайым,
Сөзлериң мазалы,қулқың мулайым,
Көтермейсең қара жерден баўрыңды,
Не себептен солды сениң шырайың?

Арзымды еситкил,әй,назлы ярым,
Сен муңайсаң шыдамайды карарым,
Хәр күн көрип болдым енди бийтақат,
Айт кеўлиңе келген маған әрманың.

Сен ыңырандың,маған болды дүнья тар,
Дәртли адам күннен-күнге муңаяр,
Сөзлер айтсам,сен бермейсең хеш хабар,
Әрманыңды айтқыл маған,назлы яр.

Байлық сүрдим Бағдат атлы журтында,
Шыдамайман бул ашлықтың дәртине,
Сеннен басқа сүйгеним жоқ жәханда,
Нелер түсти,Қаншайымжан,ядыңа?

Бул гәпти айтқанда Қаншайым баўрын көтерип:

— Әй,ғаррым,кемликти алаберме ядыңа,жаным,сен едиң қара көзим,кеўлиңе келмесе,саған айтар бир-еки аўыз сөзим бар,— деп ғаррысына қарайды.

— Қулақ салып ким тыңлайды дәртимди.
Әдил баба деп айтады атыңды.
Көринеди аждарханың жүреги,
Кәбап қылып жесем аждарха жүрегин.

Сенсең мениң бул дүньяда тирегим,
Бай табады қатынының керегин,
Кеўилиңе сөзим аўыр келмесе,
Келтиресең аждарханың жүрегин.

Жерикликтен шығар болды бул жаным,
Бетиңнен қашыпты,сүйиклим,қаның,
Келтирсеңиз аждарханың жүрегин,
Кәбап қылып жемек мениң әрманым.

Аўырыўларда көп болады хәм қыял,
Дүнья болды күннен-күнге маған тар,
Алып келсең аждарханың жүрегин,
Қаншайым қатының сонда жазылар.

Сөйлер сөзим хәр ўақтында шекер-пал,
Бул аўырыўды Алла қылған миясар,
Келтирмесең аждарханың жүрегин,
Сен боларсаң,баба,маған гүнакәр.

Сонда баба шоршынып кетип,ойерде отырып,бүйерде турып,«туўған бала-шағаң да қурысын» деп,далаға шығып,ишке кирип,«Астаўпыралла,астаўпыралла,бул не деген сөз болды,усы қатын әжелиме жетейин деп жүр ме» деп ойлады.Бабаның ески саўаты бар екен.Бир китапларын қолына алып көрип,қатынының жерик болған нәрсесин таўып бермесе гүнакәр болатуғынын билип,баба көлге барып ешегин әкелди.Ешегин ертлеп,гөне қоржынын салды.«Ең болмаса қулан-кийиктиң-ақ жүрегин әкелип берейин,алғалы қатыным менен қатты баўырман едим,бир-еки аўыз сөз айтып ўақтын хошлап кетейин» деп,белине шолақ таскесер қылышын да байлап,оқжайын қолына алып, бир сөз айтып турған жери екен:

— Солдырмадым бийгүнаның гүлини,
Жақсылықтан хеш таппадым миниңди,
Мен кетейин таўды қоймай аралап,
Несип болса,мен алайын кеўлиңди.

Излеген табады жоқтың дерегин,
Қаншайымжан,қабыл болсын тилегиң,
Сениң ушын жаным отқа салайын,
Келтирейин аждарханың жүрегин.

Таў баслары ашылады лалазар,
Ықбаллыға тилегени табылар,
Таў аралап нешше күнлер жүрейин,
Таўларда болады сол айтқан аждар.

Сеннен басқа ярды енди нетемен,
Айтқан хызметиңе хәзир кетемен,
Тартағойса ол аждарха демине,
Не қыламан,ешегимди тутаман.

Сөзлериңе сениң,ярым,еремен,
Ыразы бол,әжел жетсе өлемен,
Дүрсилдеди мениң бүгин жүрегим,
Айтқаныңды бир күн таўып келемен.

Бул сөзлерди айтыўдан,
Ешегини жетелеп,
— Хош қал,ярым,хош қал,— деп,
Алдына қарай ентелеп,
Бир күн тамам жол жүрди,
Туўры менен төтелеп,
Алатаўды аралап,
Қайда екен аждар деп,
Жыраларды сығалап,
Еки күн тамам жол жүрди,
Сонда таў болды думан,
Ол думанды аралап,
Баратырса бул баба,
Ол бабаның алдында,
Алтындай басы жалтырап,
Хәр бир тасқа оралып,
Бир оқжылан баратыр,
Ийретилип,буралып.
Баба сонда қылышты,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәуипсинип алып қолына,
— Жинбекен я шайтан ба,
Неге алдымнан кетпейди,
Атаңа нәлет оқжылан,—
Деп баба хайран болады.
Сол ўақтында қараса,
Гүрилди пайда болады,
Гүрилдини еситип,
Баба шоршып турады.
Таўдың бир үлкен сайында,
Нардай болып гүркиреп,
Мүйизлери жарқырап,
Шашы аттың жалындай,
Аўзы таўдың жарындай,
Бир аждарха көринди.
Аждарханы ол көрип,
Алдындағы оқжылан,
Жайдай болып бүгилди,
Аждарҳаға тигилди.
Бул ислерди көрген соң,
Әдилдейин бул бабаң,
Мурадына жетеди,
Шөкелеп турып оқжылан,
Аждарханың аўзына,
Бирден өзин атады,
Аждарханың аўзынан,
Кирип кетип,баўрынан,
Сыртқа шығып кетеди.
Оқжылан ғайып болған соң,
Ийманыны бул баба,
Қайта-қайта айтады,
Ендиги гезек бизге деп,
Әдил атлы бул баба,
Ешегин алға тутады.
Баба қарай береди,
Ешек тура береди,
Аждарханың өлгенин,
Сол ўақтында биледи.
Қылышын алып қолына,
Барса аждар жанына,
Көргенниң ақлын алыпты,
Аждарха өлип қалыпты.
Буны көрип бул баба,
Сонда кеўлин хошлады,
Тағы қарап жиберсе,
Аждарханың аржағында,
Өлип атыр оқжылан.

Баба аждарханың гәўҳардай болған еки мүйизин қылыш пенен шаўып алды. Бас териси менен жалын да кесип алды. Қарнын жарып жиберип, жүрегин жулып алды. Қатынына керегин қоржынға салып, ешектиң белине минип алып, үйине қарап хайт қойды. Шаба-шаба бир ярым күн дегенде ешеги жарамай қалды, қоржынын арқалап, Қаншайымның тилегин қабыл қылғанын тәрийип етип, отаўына келгенше мынадай сөзлерди айтып киятыр екен:

— Үйлерим қаладан қашық,
Киятырман таўдан асып,
Ийним талды кемпиржан,
Шыққыл, сыртқа шық, сыртқа шық.

Жайнайды ашықтың көзи,
Қайтпас жақсының сөзи,
Ийним талды, кемпиржан,
Шыққыл заңғардың қызы.

Әжел деген бир гүман,
Таўлардан шықты бир думан,
Қабыл болды тилегин,
Алдымда жүрип оқжылан.

Бар екен таўда бир аждар,
Жаўы екен оқжылан,
Атты да өлди жәниўар,
Шық майданға, назлы яр.

Қорқа-қорқа тур едим,
Қабыл болды тилегиң,
Келтирдим, қатын, алдыңа,
Ал аждардың жүрегин.

Сол ўақлары болғанда,
Қаншайымдай арыўдың,
Танадай көзи жанады.
Нешше жилўа-наз бенен.
Нешше шекер сөз бенен,
Қоржынды қолдан алады,
Қолдан алып қараса,
Аждарханың жүреги,
Қабыл болды нашардың,
Сол ўақтында тилеги.
Ишкериге киреди,
Отты жағып жиберип,
Бабасына Қаншайым,
Ҳәр түрли сөзлерди айтып,
Қайта-қайта сүйеди.
Хызмет қылып сол ўақта,
Еттей етип тиледи,
Дуз себелеп бетине,
Сонда отқа салады,
Кәбап қылып ол кемпир,
Оның қанын ағызып,
Терлеп-тепшип бул кемпир,
Дәртинен қалас болады,
Сол ўақтында Қаншайым
Мурадына жетеди.
Бүгин жатып бул баба,
Қаншайымның қасында,
Ертең турып бул баба,
Балық аўлаўға кетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айдан-айлар өтеди,
Күннен-күнлер өтеди.
Тоққыз ай, тоққыз саатта,
Азайы-әндамы ийеди.
Қабырғасы қайысып,
Аўырыўы енди басқа-ды,
Қуўықлары қақсады,
Бел омыртқа сырқырап,
Қаншайымдай бийшара,
Сонда толғаққа баслады.

Сол мәҳәлде ғаррысы табаны тарсылдап, жүреги гүрсилдеп, бир қордан балықты арқалап келип қалды. Бул толғаққа қарағаннан, көйлек-сөйлек аларман деп балықшылардың кемпирлери отыр еди. «Толғатқан үйде не бар?» — деп Әдил ғарры шаўқым салғаннан, «Өйбей, балықшының усы қызғаншақлығы қалмайды», — деп кемпирлер кетип қалды. Қаншайым кемпирлердиң кеткенин билип, ғаррысына қарап бир сөз айтады:

— Нәмәртлерде болмас хасла намыс-ар,
Басларыма бүгин түсти қайғы-зар,
Қуп тыңлайгөр мен нашарды жан баба,
Қаншайымның айтар саған арзы бар.

Сәске болды, маған болды дүнья тар,
Мен толғаттым, қызыққанды кемпирлер,
Сеннен басқа жоқдур мениң жақыным,
Айналайын жан ғаррым-ай, бери кел.

Алдымда ағам, кейнимде иним жоқ еди,
Сөйлей берсем мениң сөзим еп еди,
Бурынғының айтып кеткен сөзи бар,
«Туўар ҳаял гөр аўзында» — деп еди.

Шыдамайман, мен жылайман зар-зар,
Дүнья болды Қаншайымға бүгин тар,
Бурынғының айтып кеткен сөзи бар,
«Ҳаялға туўғаны дейди ғой қәтер».

Ыңыранғанда душпанларың қуўанар,
Өлип кетсем, дослар маған қан жылар,
Сеннен басқа жоқдур мениң жақыным,
Қаншайымнан болагөрме бийхабар.

Сол ўақлары болғанда,
Алпыс жасар Әдилиң,
Жылап жиберди зар-зар,
Белин байлап бийшара,
Қылды дейди тәўекел.
Қаншайымдай арыўдың,
Көзи бир оттай жанады,
Арқаларын уўқалап,
Әдил атлы ғаррысы,
Қайтпай ғайрат салады.
Алла, Алла, Алла деп,
Турған ўақта бул ғарры,
Алтындайын жарқырап,
Кемпириниң астында,
Бир нәрселер көринди,
Қараса сонда бул ғарры,
Адам киби қулақлы,
Аждарҳадай сыяқлы,
Бул ғаррының сол ўақта,
Бирден кетеди аңы.
Аждарҳаға усайды,
Бул баланың шырайы,
Буны көрип ҳаўлығып,
Ғарры турып орнынан,
Қорқып сыртқа қашады,
Балтаны алып бул ғарры,
Әбден сонда сасады.
Урайын деп қайымлап,
Келип бир қалды бул ғарры.

Сол ўақтында ғаррының шырайын Қаншайым жаман көрип, баланы өлтирерин билип:

— Әй, ғарры, арман тур, «ишиңнен шыққан ала жылан, ал да белиңе оран» деген сөз бар екен бурыннан. Мен белиме орап перзент қыларман, — деп, баланың аўзына Қаншайым емшегин салды. Буны көрип ғаррының қолынан балтасы жерге түсип қалды.

— Мен болсам еркекпен, бул болса ҳаял, ал ол оны қорықпай емизип атыр. Мен қашығырақ турып, сөздиң соңын ойлайын, — деп, ғарры аў-сайманын арқалап, көлге жөнеп кетти.

Ендиги сөзди еситиң.
Әдил атлы бабаңыз,
Көлге қарап жөнеди,
Қаншайымдай бул нашар,
Қылғанына көнеди,
Орап қойып баласын,
Аўзына емшек береди,
Жасырып қойып баланы,
Ҳешбир исти Қаншайым,
Билмегендей болады,
Нешше-нешше кемпирлер,
Нешше-нешше ҳаяллар,
Аўыздан сөзди орады,
— Қайда сениң балаң? — деп,
Сум кемпирлер жыйылып,
Қаншайымнан алыўға,
Қайта-қайта сорады.
Қаншайымдай перийзат,
Көзинен ағызды жасты,
Көрсетпеге қылады,
Досты менен душпанға,
Сол ўақтында намысты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақыллы еди Қаншайым,
Әдил атлы ғаррының,
Жаманыны жасырды,
Жақсысыны асырды,
Дос-душпанға көрсетпей,
Баласыны жасырды.
Кемпирлердиң сөзине,
Қаншайымжан ермеди,
Ақылды молдан керип,
Намысты қолдан бермеди,
Көп күн өтти арадан,
Көп ай өтти арадан,
Ерте турып, кеш жатып,
Нашар абырай тиледи.
Бир күн таңлар атқанда,
Булкилдейди баласы,
Селкилдейди көрпеси,
Жүректен кетти Қаншайымның,
Сол ўақтында дәртлери.
Көзин ашып қараса,
Бас ушында жатырыпты,
Аждарҳаның кеплери,
Ол қойнына қараса,
Бир айдары алтыннан,
Бир айдары гүмистен,
Жыламайды зар-зар,
Маңлайының ортасы,
Тарта қарыс сәре бар,
Билеклери тоқпақтай,
Жаўырынлары қақпақтай,
Жаўырыны жазық, тоң желке,
Аўзы-мурны оймақтай,
Ол тенине қарасаң,
Наўрыздың ақша қарындай,
Еки бети жанып тур,
Ақ таўықтың қанындай,
Бес жасарлы баладай,
Мүшесиниң саласы,
Сондай боп сулыў туўады,
Адамзаттың баласы.
Буны көрип Қаншайым,
Қатты мийри қанады,
Сондай қатты қуўанғаннан,
Баласын алып қолына,
Өксип-өксип жылады,
Көзиниң жасын булады,
Күлимсиреп сол ўақта,
Анасына бир қарап,
Бала сәлем береди.

Қаншайым сол ўақта:

— Ҳаў, балам, сөйлерге тилиң бар қусайды, — деди.

Бала турып анасына:

— Әй, анажаным, мени әкемниң жанына көтерип алып барың, бүгин жети күннен бери әкем келмеди, бир сәлем берип қайтайын, — деди.

Қаншайым баласын жөргегине орап, есигин бекитип, көл бойына кете берди. Қаншайым ғаррысының қорданға балық салып отырғанын көрди. Ғаррысы бир қарап жиберип:

— Ҳаў, азан менен мынаў қатын қағынып жүр ме? — деп, жалт-жалт қарай берди. Ақ маңлайы жалтырап, Қаншайымның қолында бир сулыўшық бала көринди. Сол ўақта бала әкесине қарап бир сөз айтты:

— Ассалаўма әлейкум,
Айналайын жан ата,
Мен дүньяға келгенде,
Ол анамнан туўғанда,
Қолыңа балта алғансаң,
Мени өлтирер болғансаң,
Не гүнайым бар еди,
Залымбединң я, ата?
Кисиден перзент қалғанда,
Баласы дүньяға келгенде,
Адамзаттың әўладына,
Үш нәрсе бул сүннетти.
Бири — оның ат коймақ,
Бири — бесикке салмақ,
Бири оның — сүннет қылмақ,
Шадлық қылып той қылмақ,
Ел шақырып, мал соймақ.
Көзимнен ақты қанлы жас,
Сизиндейин атадан,
Ондай қәде табылмас,
Бүгин күн орта ўақта,
Сизге қонақ үш адам,
Бири оның — ақсақал,
Бири оның — шал сақал,
Бири оның — қара сақал,
Қара сақал кисиси,
Ҳешбир жаққа қарамас,
Жояйын дедим дәртинди,
Үшеўи қояр атымды,
Қыл барып хызметинди,
Жүр қайталы, жан ана.
Үш жасыма келгенде,
Сөйлеп кеўлиң аларман,
Айналайын жан ата, —
Деген сөзди айтқанда,
Қырық күнлик ол бала,
Бул бабаның сол ўақта,
Көзи оттай жанады,
Қаншайымның қолынан,
Күлип баланы алады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Баласыны сүйеди,
Әбден мийри қанады,
Балығына да қарамай,
Қуўанғаннан бийшара,
Жолдасларға қарамай,
Баласыны көтерип,
Демде келди үйине.

— Ҳа, Қаншайым, Қаншайым,
Шектим дүньяда уўайым,
Мениндейин ғаррыны,
Қайтадан дүньяға,
Келтирдиғой кудайым,
Енди тасты абырайым, —
Дейип енди шад болып,
Отырады сол ўақта.

Усы ўақта үш адам есиктен сәлем берип кирип келди Баба орнынан турып буларға тапқан-тутқан таҳамларын қойды. Баласының айтқанындай-ақ ғарры адамларға тигилип қараса, бири — ақ сақал, биреўи — шал сақал, биреўи — қара сақал. Жән-жағына қарамайды. Ақ сақал адам Қыдыр деген екен. Шал сақал Дәўлет деген екен. Ҳеш жаққа қарамайтуғын қара сақал Бақ деген киси екен. Биреўге Бақ қарайтуғын болса, Қыдыр сол Бақты алдап қаратады екен. Усы ўақта балаға Бақты қаратпақшы болып, Қыдырдың Баққа қарап айтқан сөзи:

— Қарап турсам бир жылан,
Тени алтмыштан әлўан,
Адамзатқа оранған,
Қара, қара, Бақ жора,
Бир әжайып servлер бар.

— Қайда, қайда? — дийип ҳәм,
Анда ол Бақ қарады,
Көзи түсти балаға.

Сонда Қыдыр сөйледи,
Сөйлей берип не дейди:

— Бир айдары алтыннан,
Бир айдары гүмистен,
Әлам болар бийқарар,
Патшалыққа миясар.
Қарап турсам бир уғлан,
Дәртлерге болар дәрман,
Қара, қара, Бақ жора,
Та әжайып servлер бар.
Өзи емес тил азар,
Патшалыққа миясар,
Адамзаттан туўылыпты,
Бир жақсының әўлады,
Әдиллигине онын,
Жумла әлам қуўанар.
Қара, қара, Бақ жора,
Та әжайып servлер бар.

— Қайда, қайда? — дейип ҳәм,
Сонда көрди баланы.

Әне сол ўақтында Бақ айтты:
— Бир қараған адамым жер жүзинде палўан ҳәм дүньясының санын билмеген бай болады, еки қараған адамым билимпаз, өнерпаз, гүреспаз, жер жүзиниң илимин билетуғын илимли болар, үш қараған адамым, не болсам боларман деп, кеўлине алған исти питкериўши болады. Бул баланың аты Илимхан болсын, таў мағарасындағы перилердиң билимпазларынан оқып билимпаз болсын, ҳәр мурадын Алла берсин, — деп, ол үш адам шығып кетти.

Өзиң көрген Илимхан,
Бир жасында бирленди,
Еки жаста түрленди,
Үш жасына келгенде,
Дүбирлеп кирди ордаға,
Төрт жасына келгенде,
Ийилип сәлем береди,
Бес жасына келгенде,
Досларыны биледи,
Алты жасқа келгенде,
Сайлап сарпай кийеди,
Жети жасқа келгенде,
Оқыўды талўас қылады,
Биреў айтса жақсы сөз,
Соған қулақ салады,
Сегиз жасқа келгенде,
Қолына жайды алады,
Қулан-кийик аўлайды.

Түрли-түрли жыралар,
Түрли-түрли үңгирлер,
Бәрине кирип аралап,
Кирген ўақта бир таўдың,
Қаранғы түнек жайына,
Азғана тартып жол жүрди,
Қарсы алдында Илимниң,
Бир жақтылық көринди.
Ол жақтының ишинде,
Қаўындайын шам-шырақ,
Гүзедейин шам-шырақ,
Жақты берип турыпты.
Жақты менен жол жүрсе,
Тахтырәўан қурылған,
Тар қапылы датқа жай,
Көрмисхана кең сарай,
Қызыл гүллер ашылған,
Дәри ийиси көп хошбой,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоқсан алты билимпаз,
Тоқсан алты илимпаз,
Буны көрип Илимхан,
Сәлем берип турады.
Сәлемин ол илимпазлар,
Адамзаттай алады,
Келте бойлы,ала көз,
Бир кушақ китап алдында,
Илимхандай баладан,
Бир киси жол сорады:

— Балам,сени көрип болдым бүгин шад,
Сеннен басқаларға питпес бул ғайрат,
Буны билсең,перилердиң мәканы,
Келмес еди бул жайларға адамзат.

Дәўлери бар,адамзаттан ишер қан,
Айдарха тартады,секили жаман,
Қалдымекен бәри ўйқылап рахатта,
Аты-затың айтагөргил,жан балам.

Басқалардан зыят көрдим қәддиңди,
Әдеп пенен төктиң,балам,дәртимди,
Адамзатқа усамайды шырайың,
Айтағой,перзентим,хәзир атыңды.

Я болдың ба ес билмеген бир ладан,
Қылмадың ба бундай таўдан сен гүман?
Ырас атың айта гөргил перзентим,
Қутылайын мен де,балам,қайғыдан.

Сол ўақта Илимхан,«мени биреўге шырамытып турған кусайды,өзимди таныттайын»,— деп бир сөз айтады:

— Сүйрегеним балықшының шанасы,
Гезген жерим Аштарханның жағасы,
Ата тегим,баба,саған айтайын,
Мен боламан Әдил кәлдиң баласы.

Ат ойнаса,көкке шығар бурқып шаң,
Атам жайнап сүрмегенди хеш дәўран,
Мен де жүрген балықшының баласы,
Атымды койғанды мениң Илимхан.

Бул жыл кирдим,баба,енди сегиз жас,
Ойнамаға жоқты менде хеш жолдас,
Аң аралап,қараңғыға дус болдым,
Хеш көрмедим бул жәханда бундай ис.

Мен келгенде айттың,баба,жақсы сөз,
Бизиң елдиң оқыўы жок,илим аз,
Келип тасты дәрья киби жүрегим,
Сизлер киби көре алмадым билимпаз.

Бул таўларда ада болмас даралар,
Әжеллиге,баба,болар дүнья тар,
Устаз болсаң,атам дийип жүрейин,
Сол билимди маған қылың миясар.

Сонда баба күлип турып:

— *Тахи он төрт жасыңа келгеншелли таў арасында* илим бар,билим бар,аўылым бар демейсең, азанда келесең,кеш ўақта кетесең.Жети жыл оқып,хәр бир билимди билип,илимди алып,мурадыңа жетесең,— деп баба менен сөйлесип,илим парайызынан бир сабақ алып шығып,бир-еки қоянды *атып*,үйине барды.

Атасы келип балықтан,
Апасы келип шөпшектен,
Илим атлы бул султан,
Отырып шадлық қылады,
Атасы менен анасының,
Сөйлеп ақлын алады,
Таў аралап жүргенин,
Айткан ўақта Илимхан,
Анасы хайран қалады.
Ертеңгиси таң атты,
Далаға шығып келемен деп,
Бала ғайып болады,
Кешлер болған ўақтында,
Баласы келип майданнан,
Анасының кеўлин алады.
Ай арадан өтеди,
Күн арадан өтеди,
Оқыў оқып Илимхан,
Билим түбине жете алмай,
Хәр күнде бир кетеди.
Сорайын десе атасы,
Сорайын десе анасы,
Кеше хәлек болады,
Атасы менен анасы,
Сораўыны қояды.
Көп жыл өтти арадан,
Илимхандай бул бала,
Он төрт жасқа келеди.
Аяқлары бесиктей,
Омыраўы есиктей,
Жаўырынлары қақпақтай,
Билеклери тоқпақтай,
Айбатынан қорқады,
Илимханды көргенлер,
Манлайының ортасы,
Тарта қарыс сәре бар,
Таңланды буны сезгенлер.
Рүстем палўан шырайлы,
Биреўлер палўан десе де,
Ол кеўлине алмайды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғамға кеўлин толтырды,
Әкеси менен шешесин,
Қыйын истен қалдырды,
Мал-дүньясы болғанда,
Өзи сакый, кеңпейил,
Халықты аўзына қаратты.
Ашларға тамақ береди,
Жаланашқа кийим таратты,
«Қайдан келген дәўлетти», —
Деп адамлар ойлапты.

Сөйтип жүргенде Илимхан бир күни баяғы пирлердиң мәканына барды. Барса, баяғыдай шамшырақлар жанып турған. Гүллер жайнап турған. Баяғы оқытқан, сабақ берген адамлардың хеш бири жоқ екен. Илимхан отырып-отырып, «Бул қалай болды, я мен келмегели аждарҳа жутып кетти ме, я бир бул жайларды жаў шаўып ўайран етип кетти ме», — деп отырса, ақ сәллели, ақ сақаллы киси келип:

— Бул таўдың дүньясын, зери-зийбасын перилердиң ханы саған таслап кетти, — деп қолына бир гилтти берип: — Азғантай отыр, бир ҳал көрерсең, — деп, ол адам да таўдың ишине кирип жоқ болып кетти.

Бир мәҳәли алтын тажы, алтын жыға басында, қырық қызы бар қасында, алтын-гәўҳар тағынып, жән-жағына бағынып, адымын бир-бир басып, көзин сүзип, қасын қағып, сәўлеси жәҳанды жағып, мойнына гәўҳар асып, мәрт Илимханға минәсип, көзлери оттай жанып, қырық қызы менен бир қыз келип отырды. Сол ўақта Илимхан, «я көзиме көринген әжийне ме, я әрўақ па? Бундай қызлар бизиң елде хеш болмаған еди. Не де болса булар отырып қалды, бир гәп айтайын», — деп ойлады:

— Илим дейип шектим көп жыл қайғы-зар,
Бул жайда бар еди сансыз алымлар,
Дөгерегим курсап алдың қырық пери,
Келгениңнен мендей мәртке бер хабар.
Я пери ме, я адамзат, сен өзиң?
Айтқыл мендей палўанларға ҳәзир атыңды.

Жамалыңды көрип, болды кеўлим шад,
Сөйлемейин маған салдың жаман дәрт,
Қайда болар, қызлар, сениң мәканың,
Арзы-халым еситегөр, перийзат.

Илимхан дейдилер дүньяда атым,
Бул жайларға сиңген еди мийнетим,
Дүньяда көрмедим сендей қызларды,
Күйдирместен маған айтқыл, әй, атың.

Баян әйле маған келген журтыңды,
Сөйлеместен сен қоздырдың дәртимди,
Мен қарасам, ҳәммеңиз бир қызыл гүл,
Сөз дегенниң қәдирин билсең болар дүр,
Кеўлиң ашып айтқыл маған арзыңды,
Айтасыз ба я бир маған өзге тил.

Сөзди айтқан ўақта күлимсиреп, ханның қызы секилли, қырқысына қылады ҳүкимди, капталынан бир жамшаны (кәсаны) алып, алтын шәйнектен шербеттей бир мазалы суўды қуйып, Илимханға узатты. «Қыз жигитке жаманлық ойламайды», деп кәсаны ишип қайтып берди. Кәсаны қыз қайтып алып, Илимханға бир сөз айтты:

— Арзымды есит, Илимхан,
Кеўлимдеди көп әрман,
Сен де жети жасыңда,
Мен де жети жасымда,
Акжалынның бойында,
Шасыпаның үстинде,
Сол күн еди хош бәҳәр,
Қолларыма гүл байлап,
Қосып еди «аўмийн» деп,
Сизди-бизди адамлар.
Жети жасымнан бери,
Мен едим саған интизар,
Он төрт жасқа келгенде,
Қырық кәниз алдым жаныма,
Оқып болдым саўатхан,
Он бес жастың ўақтында,
Хәр күн кирип түсиме,
Қылдың мени ҳәм сарсаң.
Бүгин он алты ай болды,
Кештим енди атадан,
Кештим енди анадан,
Нешше жерди кыдырдым,
Табалмай болдым сергиздан.
Жүрип едим қан жылап,
Усы таўды аралап,
Аўҳалымды сорады,
Билим маған қарады,
Сонда баба сөйледи,
— Балам, берман кел, — деди,
— Шашыңды сегиз өрерсең,
Көримлигин берерсең,
Бул таўлардың ишинде,
Перилер мәканында,
Алтын тахтының үстинде,
Он төрт жасар бир уғлан,
Аты оның Илимхан,
Излегениң табарсаң. —
Дейип енди сол ўақта,
Алып келди ол мени,
Илимхан, енди бул жайға.
Көрдим айдай жүзиңди,
Баяғы сүйген ашықсаң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қабылладым тәрзинди,
Бизлерде барды көп душпан,
Бермеге болдым ықтыяр,
Аманат сениң қарзыңды.
Атам мениң Ушан хан,
Оның барды үш қызы,
Үш қызының генжеси,
Атым мениң Қаракөз,
Сендей мәрттиң теңи биз.
Көрдим дүнья-малыңды,
Кеўил берип кетейин деп,
Келдим сениң жаныңа.
Ашық кеўли болар зар,
Атаң бир аш балықшы,
Сенде енди илим бар,
Ашыўлансаң билим бар,
Жети күнге бармасаң,
Мендей ярды алмасаң,
Мениң атам залым хан,
Жылатар мени зар-зар,
Хош болың,— деп сол ўақта,
Илимханды құшақлап,
Ҳәр бетинен бир сүйип,
Тура салып орнынан,
Үңгирге қарап жүреди,
Кетти сонда көп қызлар.

Бул қызлардың изинен қуўмаға намыс қылып,орнынан турып,ана жерден айланып келип орнында тақат ете алмай,бир нәрсесин жойытқан кисидей болып,сымпыйып Илимхан үйине барып отырды. Үйине барып бир отырған жеринен қозғалмастан үш күнге шекем қозғалмай отырды. Таҳам берсе жемейди,ҳеш бир нәрсе демейди.Атасының жанына отлар түсти.Не болды екен бала деп,қайта-қайта келди Илимханның жанына.Ақырында болмады,бир-еки аўыз сөз бенен жағдайын сорады:

— Мен көрмедим ҳеш қайғысыз заманды,
Жалғыз бала болса жаўдан жаманды,
Дәртлери адамға бунның көп екен,
Балам,айтың кеўлиндеги әрманды.

Жүрегиме қыйнап салдың енди дәрт,
Сен сөйлесең,болар еди кеўлим шад,
Кеўилиңе қандай қайғы келип тур?
Зар ениретпе,әрманыңды,балам,айт.

Перзент жоқ деп,мен жыладым зар-зар,
Кеўилиме әрман қойдың қайғырар,
Сен бир түсип сулыў қыздың ышқына,
Ашық болған жигит сендей аҳ урар.

Менде жоқты миндирерге әреби ат,
Сен муңайсаң,кеўилимнен кетпес дәрт,
Күлип-ойнап саған ўәде берди ме,
Таў ишинде жүрип я бир перийзат?

Мен билмедим,Илимханжан,тәрзинди,
Я сүйдиң бе бир патшаның қызыны?
Жолларыңда өзимди қул етейин,
Айтқыл маған кеўлиндеги сөзиңди.

Бул гәплерди айтқанда,
Әдилхан атлы бул баба,
Сол ўақтында Илимхан,
Аўдарып қарап көзини,
Суўыта берип жүзини:
— Әй,жан ата,жан ата,
Бола бердиң сен қапа,
Қуда болайын десең,
Сенде жоқты дүнья-мал,
Мен дүньяға келгенде,
Көрмедиң бе қыйлы ҳал,
Өз тилиңнен байланып,
Басыңа түсти қайғы-зар.
Шам деген қалада,
Ушан деген патша бар,
Үш қызының генжеси,
Алғыр қустың пәнжеси,
Аты оның Қаракөз,
Омыраўдан мойны гез,
Оннан басқа көзиме,
Ҳеш көринбес сәрбиназ.
Арыў екен ол өзи,
Ақ бетинде қалы бар,
Перилердиң жайында,
Мениңдейин палўанды,
Қылып кетти интизар.
Малсызбан деп ойлама,
Айналайын,жан ата,
Жаўшылыққа өзиң бар,
Сениң жолыңда енди,
Өлемен деп сен айтып,
Еки киси сөйлессең,
Саламан басыңа қайғы зар,
Жетим менен жесирди,
Диййўана менен пақырды,
Сыйлаўшы еди ол патша,
Тур орныңнан атажан.
Сорағаным қылмасаң,—

деп айтқаннан атасы ушып турып,гөне қоржынға зағара-нанларын салып,баба тәўекел етти.Шам шәҳәрине бәдар кетти.

Әдил атлы бул баба,
Тал таяқты қолға алып,
Ешегин алдына салып,
Ҳәр бир қумнан асады,
Ҳәр бир таўдан асады,
Бес күн тамам жол жүрди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шықса бир тау үстине,
Шам шәҳәриниң минары,
Елес-елес көринди.
Сонда баба сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Менде жоқты дүнья-мал,
Балам бир салды қайғы-зар,
Аспан менен барабар,
Алтыннанды ақ минар,
Он секкиз дәрўазасы,
Алтмыш төрт тар көшеси,
Жетписти андазасы,
Жарқырап бир көринди,
Ушан ханның қаласы.
Сәдептенди қыябан,
Зер минарлы көшки ҳайўан,
Адамларына қараса,
Жипек кийген үстине,
Орамал алған дәстине,
Тал таяқты қолға алып,
Аяқта жыртық тыштабан,
Жаман бөрк,жамаўлы шапан,
Намазлыгер ўақтында,
Шам шәҳәрдиң алдына,
Ғарры барып отырды.
Сол ақшамы жатады,
Бир қәлендер үйини,
Ғарры қонақжай етти,
Қәлендердиң сипсесин,
Қолына алып кетеди,
Хан сарайына жетеди.
Таң сәҳәрдиң ўақтында,
Есик алдын сыпырып,
Турды сипсеге сүйенип,
Күнлер шыққан ўақтында,
Хан кеўлини хошлады,
Алпыс еки ҳәмелдар,
Жетпис еки мөҳирдар,
Тахтына жүрис баслады.
Есиктен шыға бергенде,
Қарсы алдына қараса,
Пәкене пәстей,
Өзи бир местей,
Басы болса таз,
Турыпты бир сипсепаз.
Хан бир көзин таслап,
Ўәзирлери жол баслап,
Барып тахтына отырып,
Ўәзирлерге қуп қарап,
Айтады екен бир жууап:

— Арзымды есит,алпыс еки хәмелдар,
Болмадыңлар Қаншайымнан хабардар,
Сүйенип тур сипсе тутып қолына,
Бизиң елге тап болыпты ғарры шал.

Сондай ашық болды бизиң Шамлы ел,
Өзимдейсең жалғаншыда енди шер,
Сипсе тутқан шалды бунда алып кел,
Бизиң елдиң халқы емес,ол не дер?

Бир нешшени көрип болды кеўлим тар,
Бир нешшениң ханға айтар арзы бар,
Белгили шал қапы алдында турыпты,
Қорқып турған шығар,бунда алып кел.

Сайыт деген бар еди,
Бир жасаўыл залымы,
Тикке турып орнынан,
Көргендей мийри қанады,
Келе салып бабаға,
Бүркиттей пәнже салады.
Таяғы да қалады,
Сипсеси де қалады,
Әне-мине дегенше,
Ханыңыздың алдына,
Бабаны сүйреп барады.
Баба деген бийшара,
Ханға сәлем береди,
Қол қаўсырып турады,
Хан сол ўақта бабадан,
Жол болсынды сорады.

— Минген атың қыя дүзде кер болсын,
Айтқан сөзиң хан қасында шер болсын,
Сен келипсең үмит пенен алдыма,
Айтқыл баба,келгениңе жол болсын.

Сегбир тартып қыя майдан дүзлерде,
Жыртық шапаныңыз келмес тизлерге,
Есиктиң алдыны турсаң сыпырып,
Жол болсын,бабажан,енди сизлерге.

Көкке ойнар,мәртлер минсе,әреби ат,
Ҳәрбир бенденең жүрегинде барды дәрт,
Сөз дегениң тыңлағанға дүр болар,
Кеўлиндеги әрманыңды тезирек айт.

Муңлының көзинен ағады жасы,
Хәр тарлықты көрер адамның басы,
Қаймықпастан сөйлей бергил,жан баба,
Яки жаўшы,яки сен бе ойыншы?

Бул сөзлерди еситип,
Ғарры көзин жаслады,
Айтар сөзин қолайлап,
Мына гәпти баслады:

— Ай-я,ханым,айтар саған арзым бар,
Нәмәртлерге бул ялғаншы енди тар,
Куда болып келдим сениң алдыңа,
Мен келгенмен етип бунда тәўекел.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хан алдында аманатты бул жаным,
Патша менен катнаспакты әрманым,
Болып куда сениндейин хан менен,
Бир той болып келди менин әрманым.

Бурын өткен халықтың аты Бадақшан,
Пискемисти сорап еди Пота хан,
Әўел атым шыққан,өзим ер едим,
Бул сөзимди қалай көрдиң,мәрт султан?

Баламның атыны айтар Илимхан,
Ўәдеси болмайды батырдың жалған,
Ашык екен Қаракөздей қызыңа,
Алла салса,тақсыр ханым,куданман.

Еки ашықтың қызыл гүлин тересең,
Ат қуйрығын жадыр шөлде өресең,
Қуда болып келдим сениң алдыңа,
Перзентинди Илимханға бересең.

Тәрийп етер перзентинди бизиң ел,
Өзи палўан мениң балам,мисли шер,
Қарғайғойсаң қан төгерсең араға,
Сөзим усы,ендигисин өзиң бил.

Алпыс еки ҳәмелдар,
Жетпис еки мөҳирдар,
Басына түсти қайғы-зар,
Бул қандай гәп дейип,
Сыбырласты адамлар.

— Дийўанадай секилли,
Жыртық шапан болса да,
Хандай буның ҳүкими,
Ашы менен арыққа,
Жалаңаш пенен сақыйға,
Берген екен енди хан,
Биз ойласақ,еркини.
Ханға қалай келеди,
Көрмеймекен көркини,—
Дейип сонда ҳәмелдарлар,
Сыбырласып күледи.
Ханы буны биледи,
Ҳәмелдарларға қарап,
Алартады көзлерин,
Бул аўҳалды билген соң,
Баслады олар сөзлерин:

— Потаханның заманында бир бай болған.Хан тозғынлап кеткен соң бул адам аш-әптада болған. Балықшылық еткен.Бул кисиниң соң бир баласы да болған,әне сол баласының дәртине шыдамай, ашлығына қарамай,сизиң қызыңызды айттырыўға келген.

Бул сөзди хан еситкен ўақта бирден кәҳәри келип бир сөз айтып турған екен:

— Алпыс еки ҳәмелдар,
Айтар саған арзым бар,
Бул гедейдиң келгени,
Маған болды намыс-ар.
Айтқан сөзиң бизге шер,
Минген атың ойнар кер,
Қара басқа күн туўды,
Беглер,маған кеңес бер.
Қудалар болған тарысар,

Хан менен хан барысар,
Бий менен бий барысар,
Гедей менен ол патша,
Қалай ол қыз алысар?
Бундай ашқа мен берсем,
Қаракөз атлы қызымды,
Болмаспекен намыс ар? — деп
Хан бир жылап жиберди.

Сол ўақтында жанындағы бийлери нардай ыңыранып, аждарҳадай гүңиренип, «жазасын берип жибериң,жазасын» деген сөз көп болды.Сонда хан жәлладларға қарап,бир сөз айтты дейди:

— Дүнья болды маған тар,
Келип жетип жәлладлар,
Көрмегенге көз болсын,
Еситкенге сөз болсын.
Жаман енди адамларға,
Ар болмайды урсаң таяк,
Жылатың бул бабаны,
Ел көргендей зар-зар,
«Усы жазаң болсын» деп,
Оң қолыны кесип ал,
Мениң бул патшалығымнан,
Сонда халық каймығар,—
Деген ўақта қалмақлар,
Жағадан услап алады,
Шекесине салады,

«Не гүнайым бар» дейип,
Зары-гирян жылады.
Дар астына бабаны,
Сонда алып барады,
Өзи жалғыз бийшара,
Қыйын күнге қалады,
Бул бабаның қолына,
Жәлладлар қанжар салады.
«Сазайың усы»,деп олар,
Қолын кесип алады.
Қолы салбырап барады,
Қызыл қан жерге ағады,
Баратырып жолларда,
Баба сөйлеп барады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Өлмейин жаным қалсын,
Бағыңның гүли солсын,
Зар жылаттың, ўа, мени,
Журтларың қарап болсын.
Журтыңа қалмақ келсин,
Ардақлап келген қызларың,
Өз басыңа бәле болып,
Қызыңды Илимхан алып,

Сениң жүзиң қара болсын.
Маған қылдың зорлықты,
Көргейсең *көп қалмақтан,*
Мендей етип қорлықты,
Ҳәрким берер өзине,
Бул жәҳанда қорлықты, —
Деп бул баба қаладан,
Шыға берип жығылды.

Сол ўақта Илимхан ҳәзир болып тур еди. Ғаррының қолын орнына қойып, түрли дәрилерди салып, өзиниң иштен шыққан жылан кеби менен әкесиниң қолын бир байлады. Күн батты. Таң атты. Жатақ болды, жақты болды. Шабылған жараға жыланның ети ем болмақ соннан қалды. Баба турып қараса, қолы баяғыдай болып питип кетипти. Бабаға баласы түрли таҳамларды келтирип берип, биротала жазылып кетти. Сонда Илимхан айтты:

— Әй, ата, ханның жанына қайтып бар, берсе, аламан мал менен, бермесе, аламан зор менен, — деген нен баба ушып орнынан турды. Ҳасасын қолына алып, хан алдына аз ўақта барып та қалды. Хан бул бабаны көрип, алпыс еки ҳәмелдарларына қарап аўзын ашты да қалды. Сол ўақта хан өзин тоқтатып, бабаға қарап бир жуўап айтты:

— Нешшелерге дүнья болар, баба, тар,
Бирнешшелер жаман сөзге муңаяр,
Келип еди ақ аяқлы бир адам,
Өзгемисең, өзимисең, бер хабар.

Балам деди, атын айтты — Илимхан,
Патшаның ўәдеси болмайды жалған,
Неге келдиң арсынбастан алдыма,
Кеўлиңдеги әрманыңды айт, бабажан.

Бул гәплерди еситип, баба ханға қарап:

— Әй, патша, жаман көрдиң тәрзимди, *дийўана билдиң өзимди, рухсат берсең, айтайын тағы айтар* сөзимди, — деп бир жуўап айтты:

— Ая, ханым, айтар саған арзым бар,
Шәҳәриңди маған көрдиң енди тар,
Зар жылатып кестиргенсең қолымды,
Сен залымсаң бир Алладан бийхабар.

Баламның атыны айтар Илимхан,
Инанып-ең ҳәмелдарлар сөзине,
Мендей сор-ды саҳып пенен ғарғаған,
Бул бабадан қутылмағың та гүман.

Қолым кестиң, келтирдим бе қәҳәриңди?
Дүньяда көрмедим сендей залымды,
Сүйегиңди тартып жесин шағаллар,
Залым патша, танытады пириңди.

Қаст әйлесем жылатарман зар-зар,
Илимханда қырық мың түрли ҳийле бар,
Ғайратыны көрсең еди баламның,
Қаракөзди сен қыларсаң миясар.

Өткизгенмен қыстың бәҳәр, жазыны,
Сен салғансаң төрт жүз тоқсан гүзиңди,
Баламның атыны Илимхан дейди,
Тағы айттырып келдим, патша, қызыңды.

Қаракөз қыз ашылғандай қызыл гүл,
Ашыў менен қырылмасын сизиң ел,
Абырай барда берермисең қызыңды?
Ендигисин, ай-я, ханым, өзиң бил, —

деген ўақта хан ҳәмелдарларға қарады. Бир ҳәмелдары сол ўақта бир сөз айтты:

— Жетсе қаза, патшайым,
Бағдың гүли солады,
Бермес қыздың қалыны,
Жүдә аўыр болады,
Аўыр айтсаң қалыңды,

Бундай гедей дийўана,
Қәйтип алдыңа келеди?
Мал-дүньяны тапқанша,
Қыз атасы қызыны,
Сүйгенине береди, —
деген ўақта хан турып:

— Айтың, жигитлер, қыздың қалыңын, — деди.
Жигитлер болса:
— Өзиңиз айтың, — деди.
Хан қызының қалыңын айтып турған сөзи екен:
— Қулақ салғыл бабажан,

Мениң айтқан тилиме,
Бизиң елдиң әдети,

Қыз қалыңын айтайын,
Келмесин сениң кеўлиңе.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қырық мың пилди бересең,
Үстине шайы жабылған,
Қырық мың нарды бересең,
Алты нәўшер қара нар,
Жағасының бәри зер,
Қәтеплери ләлиден,
Жағалары зәриден,
Қыз қалыңы питпейди,
Қырық мың саўын бересең,
Бир шақы бар алтыннан,
Бир шақы бар гүмистен,
Аңғарманның ойынан,
Жаңғарманның бойынан,
Қырық мың қой да бересең,
Қойлары ақ болар,
Қозылары қара-ды,
Қырық мың атты бересең,
Ерлери алтыннан,
Қуйысқаны қубба алтын,
Зәңгилиги сом алтын,
Омыраўы және алтын,
Алтын гирдишхәм жүўен,
Жылаўлары хәмадан,
Қырық мың аттың үстинде,
Қырық мың жигит бересең,
Көзи оттай жайнаған,
Белине шәмшир байлаған,
Қырық мың жигит кушпаға,
Қырық мың қыз да бересең,
Қырық мың тилла бересең.
Ол қызымның өзине,
Бир ақ отаў соқтырасаң,
Шаңарағы дәнданнан,
Жабыўлары ушыға,
Уўықлары алтыннан,
Керегеси сом алтын,
Есиклери қубба алтын,
Босағасы қуйма алтын.
Қырық патшаның журтына,
Қырық күн тойды бересең,
Берип,алғыл қызымды,
Бере алмасаң қызыма,
Қайтып бир келме изиңе,—

Деген ўақта бул баба,
Бели жайдай бүгилди,
Умытып кетермен дейип,
Баласына жүгирди.
Жетип барды бул баба,
Дәрўазаның алдына,
Қараса енди бул баба,
Илимхандай баланың,
Қызлары бар оңында,
Алтын кәса қолында,
Жақсы гилем үстинде,
Отырған екен баласы.
— Айналайын,жан балам,
Салтанатлы төресең,
Шолаты қызға ересең,
Қырық мыңыны билемен,
Қайдан таўып бересең? —
Дейип енди бабанды,
Қатты қара басады.
Айдай болған пәрийлер,
Буны еситип сол ўақта,
Алды-алдына қашады.

Арманырақ қызлар қашып барып турды,қызларға қарап Илимхан мойнын бурды:

— Әй,ата,күши бар жүк көтерер деген,ғарры адамның сөзи аўыр болады,— деп,атасына қарап айтқан сөзи екен:

— Әй,атажан,атажан,
Ашықлықтың хәсери,
Жанды отқа салады,
Ашығын көрсе ғош жигит,
Әбден мийри қанады,
Ойнап жүрген шығар деп,
Сендей ғарры бабаны,
Сениңдейин ғаррылар,
Айтқан сөзге ереди,
Мени көрсе Ушан хан,
Қызын тегин береди,
Қарап турып,әй,ата,
Нарлар қайдан келеди,
Маллар қайдан келеди,
Ханның қызы Қаракөз,
Мени жақсы көреди,
Малдың санын билмеген,
Күйип кетип күйредиң,
Алтын қалпақ басында,
Ол қызлар ортасында,
Қаракөздей сүйгеним,
Күйип кетип,жан ата,
Енди жаман сөйледиң,
Ашылған-ды бир гүлиң,
Менмен сениң бүлбилиң,
Абыртақлап,хаўлығып,
Уялтырдың келиниң.
Мал-дүньяны бермермен,
Ақылды кеңнен керермен,
Кәраматым көрерсең,— деп,
Атасының қолынан услап,
Алып шықты қаладан.

Сол ўақта баба көл шетинде жүрген ешегине қарай жуўырып кетти.Ешегин жетелеп баласының қасына жетти.Ешегине минейин деп қайымлап турғанда баласы ешегиниң аяғынан услап,таўлап-таўлап ылақтырып жибергенде,көп жерлерге барып түсти.Сол ўақытта атасын Илимхан арқасына

www.ziyouz.com kutubxonasi

арқалап, көзинди жум, деп буйырды. Атасы көзин жумды. «Көзинди ашпа» деп үш рет айтып салды. Бир заманда «көзинди аш» деди. Атасы көзин ашса, өзиниң отаўының алдында өзин көрди.

— Әй, ата, мен жер жүзиниң илимин жети жыл оқыдым, — деп ата-анасына азық-сайманларын алдырып, ата-анасын жетелеп таў ишине алып кетти. Жақынлағанда дәрўазалы бир үңгир көринди.

— Мен жети жыл усы үңгирде оқыған едим, мен устазларыма барып қайтаман, сизлер отыра турың, — деп жүрип кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

48 - ТОМ



# ҲАЖЫ-ГЕРЕЙ

*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*
*Жазып алған: С.Бекназаров*
*(1941-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы өткен заманда, ол заманның кәдиминде, Хорезм елатында, Кәт деген калада Бабахан деген хан бар еди. Бабаханның бир ўәзири бар еди, ол ўәзирдиң атын Қыдыр шал дер еди.

Бабахан тахтында отырып, бир күни алпыс еки хәмелдар, отыз еки мөҳирдарлары хәм толы халкына карап, олардан кеңес сорап, бир сөз деди:

— Алпыс еки хәмелдар,
Отыз еки мөҳирдар,
Маған караң, жанларым,
Сизлерге айтар сөзим бар.
Мен сораған еллерде,
Жақсы да бар, жаман да бар,
Достым менен душпаннан,
Хәр жердеги каладан,
Тул катын, жетим баладан,
Перзентсиз ата-анадан,
Бериңлер сизлер бир хабар.
Өзим болдым Бабахан,
Журтты өзим сораған,
Әдиллик пенен халкыма,
Бир көз бенен караған.
Мендей болмас хешбир хан,
Мен сораған жерлерде,
Патшалық пенен дәўлетке,
Әдалатлы химметке,
Бар ма карсы бир адам?

Бабахан елинен, бийлеринен кеңес сорағаннан соң Қыдыр шал орнынан турып, Герейдиң батырлығын хәм оның Бабаханға кайтпастан карсы турғанын тәрип етип, Қыдыр шал бир сөз баслайды:

— Арзымды есит, ай-я, патша, кулак сал,
Бизиң еллер ашылған гүл-лалазар,
Ел есабын айта берсем, мен саған,
Бүркитмаңғыт атлы және елиң бар.

Бүркитмаңғыт елинде бар Қарасарт,
Қылған дейди бийлигин ол нәмурат
Арда бийдиң үлкен батыр баласы,
Герей батыр шыққан дейди кесапат.

Хабар барды Бүркитмаңғыт каладан,
Қарасарт болыпты саған талабан,
Қарасарт ол ханның сүйген ери еди,
Қорлық көрген Герей деген батырдан.

Жигит кеўли он бес жаста тасады,
Душпанлардың канын суўдай шашады,
Герей батыр шығып маңғыт елинен,
Келип, сениң менен урыс ашады.

Сыпайылар көрсе кашып зар жылар,
Ер Герейди көрсе халкы куўанар,
Алтын тахтын ўайран етсем патшаның,
Қаласына барсам деген сөзи бар.

Мойныңды ишине, көрсең, тартасаң,
Өз мойнына аўырманлық артасаң,
Мен елимнен хабар баян әйлесем,
Бир батырдан бир күн жәбир тартасаң.

Анда патша ойланып турып:

— Ер Герейди шақырып алсам, ат-тон, сарпай, жаў-жарақ берсем, бизге карсы турған калмақтың патшасы Тақтаполаттың елине жиберсем, Ержөги деген дәўи бар, сол дәўдиң колында өлсе, ели-халкы сонда зар жылап калмас па екен? — деп, Қыдыр ғаррыға карап бир сөз деди:

— Дәўлети кайтқан күнинде,
Адамзатлар азады,
Мал-дүньяны көргенде,
Нәмәрт жигит кызады.
Мың жылкыдан аралап,
Сайлап алған Қарагерге,
Макпалдан беллик салыңлар,
Зербаплап терлик салыңлар,
Алтын жүўен нағышлап,
Гүдары айыл тартыңлар,
Ери болсын алтыннан,
Жуп сийнемент салыңлар,
Ат-абзалдың бәри алтын,
Зәңгилери сом алтын,
Жуп айылдан тартыңлар,
Қуйысқаны куйма алтын,
Үзеңгиси сап алтын,
Тебиңгиси терме алтын,
Булар керек батырға.
Бөдене көзли саўытын,
Ат артына бөктериң,
Қарағай саплы найзасын,
Испаҳан алмас қылышын,
Ат-жарағын сай кылып,
Тағы алты нар алып,
Иши толған зер менен,
Атлан енди, Қыдыр шал,
Бүркит батыр елине,
Туўры барғыл үйине,
Бул сөзимди айтып бар,
Бүркитмаңғыт елине,
Герей деген ерине.
Өзиң бир ер дегейсең,
Хал-аўҳалын билгейсең,
Хайярлығың сениң бар,
Тил менен алдап сүйгейсең,
Бәрин билип келгейсең,
Бабахандай хан атаң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тезирек келсин деди, дегейсен.
Айланайын Қыдыр шал,
Алып келсен Герейди,
Қылатуғын исим бар.

Орнынан турып Қыдыр шал,
Ханның сөзин тынлады,
Сейислердиң жанына,
Дәрхал жетип барады,
Бедеўден сайлап алады,
Макпалдан беллик салады,
Зерли терлик салады,
Алдына дабыл өңгерип,
Артына саўыт бөктерип,
Қарагер атты сыйпалап,

Иззет пенен жем берип,
Алтынларды алады,
Нарларға қоныраў тағады,
Алты жигит қосшы алып,
Жолға рәўан болады.

Қарсы алдына караса,
Шаңарағы алтыннан,
Уўықлары дәнданнан,
Қуўдай болып таранған,
Қос ак отаў көринди.
Қыздай болып керилип,
Жал қуйрығы өрилип,
Ақ отаўдың алдында,
Бир тулпар ат көринди.

Аттың басын бурып, аяғын тилла зәңгиге тиреп, ширенип турып Қыдыр ғарры ақ отаўға карап:
— Бул отаўда биз бенен хабарласқандай ким бар?- деди:

— Көрсең болар кеўлиң шад,
Душпанға болған бек хайбат,
Шығыпсаң Маңғыт елинен,
Герей атлы мәрт жигит.
Қыларсаң енди душпанға,
Қайтпай уллы бир саўаш,
Қарсы келген душпанның,
Басына түсер мүшкил ис,
Маңғыт елдин палўаны,
Болсаңыз, бизге хабарлас.

Ашық болған аҳ урар,
Ҳайбатың көрген ўақтында,
Залымлар қоркып зар жылар,
Хабарласың, ер Герей,
Сизге айтар арзым бар.

Қарсы алдына барады,
Нәзерин тиклеп қарады,
— Хабарлас! — деп Қыдыр шал,
Қақсап зарлап турады.

Сол ўақтында ер Герей болар исти алдан болжап, көп сырларды тереңнен ойлап, еки қолын көксиниң үстине таллап, ўақтын шәндан хошлап, кутлы шекпенди желбегей таслап, көргенлердиң ақылын алып, биразлар ҳайран қалып, еки жүзи гүл-гүл жайнап, душпанлардың иши ғыж-ғыж қайнап, тал шыбықтай таўланып, отаўдан майданға шыққанда кап-қара, бети көмирдей, қоллары тот басқан қара темирдей, сақалы аппақ қуўдай Қыдыр ғаррыға мәрттиң көзи түсти. Ер Герей Қыдыр ғаррыдан жол болсын сорап турыпты:

— Әпшериңди көрген адамлар қоркар,
Сыяғыңа көрген адам муңаяр,
Сақалы ағарған секилсиз баба,
Аўҳалыңнан тезирек бер бир хабар.

Ҳаўа жаўса, айдын көллер сел болар,
Алла берсе, аз дәўлетиң мол болар,
Сен емес пе хан қасында мәхреми,
Ҳайяр баба, елиңизде не гәп бар?

Жетегинде, баба, алты нарың бар,
Узақ жолдан келдиң мунда шегип зар,
Тақылдайсаң әкемдей сен алдымда,
Келген жумысыңды тезирек айт, заңғар.

Ат қуйрығын ара шөлде өресең,
Бул елден сен кимди сорап келесең?
«Хабарлас» деп зарлай бердиң тақылдап,
Әжел жетсе паймanasыз өлесең.

Сонда баба сөйледи:

— Қоркып турман айбатыңнан, мәрт балам,
Ашыўландың, қалмады ғой тәнде жан,
Сыйла, балам, сақалымның ағы бар,
Ҳайбатыңнан титирейди жер-аспан.

Сен екенсең Маңғыт елде ҳасылзат,
Сени көрсе ханның кеўли болар шад,
«Келсин» деп хат жазды саған Бабахан,
Хан ҳәзиретке, балам, сәлем берип қайт.

Балам, келгенимди баян әйлейин,
Ханның аманатын баян етейин,
Патшамыздың сизге айтқан сөзи бар,
Мен елшимен, сөзин айтпай қәйтейин.

Сен екенсең Маңғыт елине дәўлет,
Тыңла енди бул сөзимди, жан перзент,
Ашыўланып сөйлей берме бабаңа,
Мийманбыз елиңе, бизге ет зийнет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаман сөзден мәрттиң кеўили калар,
Мен өлгенде бағымның гүллери солар,
Ғайбана балам деп патша сүйенип,
Хан жиберди саған,балам,алты нар.

Атым менин нәтийжели Қыдыржан,
Узақ жолдан келдим,жаным,мен саған,
Жүр,балам,елиме алып кетейин,
Барсаң,балам,қуўанады Бабахан.

Келдим маңлайымнан сорғалатып тер,
Хан жиберди меннен сизге Қарагер,
Мениң менен жүресен бе,перзентим?
Көп егленбей маған тезирек жуўап бер.

Минсең,мине саған олжа тулпар ат,
Саған қылдым,балам,келип ықтықат,
Хан сыйласа мәртебеңиз кем болмас,
Хан шақырды,болсын,жаным,кеўлиң шад.

Мен болыппан,улым,саған интизар,
Мәрт жигитке патша халқы инанар,
Хан атана барсаң,балам,мен келдим,
Ендигисин өзиңиз бил,ықтыяр.

Та өлгенше мен хызметкер ғарры кул,
Зәрре жаман сөзден қалар хош кеўил,
Мен қайтайын Бабаханның елине,
Яки жылат,яки күлдир,өзиң бил.

Герей батыр мыйық тартып күледи,
Қыдыр шалға карап турып сөйледи:

— Герей батыр дейди,сорасаң,атым,
Душпанларды титиретеди хайбатым,
Келдим дейсең,баба,маған узақтан,
Не болады,айтқыл,сениң муратың?

Саўаш күни батыр минер әреби ат,
Маған қылдың,баба,сонша ықтықат,
Қаймықпайын сөйлей бериң,жан баба,
Қас душпанда жибермедим аманат.

Астымдағы мениң жүйрик тулпар ат,
Қустан жүйрик,қолтығында қос қанат,
Қыдыр ғарры,неге келдиң сен бунда?
Айта бергил,кеўлиңде бар не мурат?

Келтирипсең сыйлаўыма алты нар,
Ашық болған машығым деп аҳ урар,
Тартынбастан сөйлей бериң,Қыдыр шал,
Бабаханыңнан бар бизге не хабар?

Сонда турып сөз баслады Қыдыр шал:
— Мен айтайын,балам,сөзге қулақ сал,
Жан перзентим Герей батыр,тыңлаңыз,
Қыдыр атаңыздың жаным тилин ал.

Көп ишинде жақсы да бар,хәм жаман,
Ханлардың кеўлинде көп болар әрман,
Герей батыр Маңғыт елинде бар деп,
Қуўанады журт ийеси Бабахан.

Ат қуйрығын жазыр шөлде өремен,
Патша сени кем көрмейди төреден,
Маңғыт елде сениң даңқың еситип,
Хан қасынан мен ат шаўып келемен.

Маңғыт елде салтанатлы төресең,
Бизиң менен хан қасына жүресең,
Сен сыйласаң патшамыздың ҳүрметин,
Герей батыр,әрмансыз дәўран сүресең.

Жаным балам,буны қалай көресең?
Мәрт балам,бул тилегимди бересең,
Сақалымның ағын сыйла,перзентим,
Жүр ҳәзир,изиме мениң ересең.

Герей батыр бул сөзди еситкеннен кейин орнынан турып,адымын бир-бир басып,атасы Арда бий отырған ақ отаўға барып,ханнан келген хабарды атасына бир-бир баян етип тур:

— Қулақ сал,жан ата,айтар арзым бар,
Жетегине алып келген алты нар,
Хан алдынан келген Қыдыр ғаррының,
Нарларының үсти толған зери бар.

Оның тилегине мен айттым жуўап,
«Хабаршыман» дейди ғарры зар жылап,
Атажаным,кеңесиңди берегөр,
Терең ақыл менен ғаррыны сынап.

Адам жиберипти маған Бабахан
Мен атлансам болмаспекен елим таң,
Оған барғанымды қалай көресиз?
Берermисең бизге руқсат,атажан?

Сизде барды даналыққа көп ҳүрмет,
Мен өлгенде душпан көңли болар шад,
Мен кетсем ғой Бабаханның елине,
Жаным ата,маған кеңесиңди айт.

Ғайратым көп,өзим халыққа болдым бас,
Атадан басқа адам ҳәргиз дос болмас,
Бул ислерге,ата,терең ойланып,
Герей баланызға бериң бир кеңес.

Сонда атасы Арда бий баласына қарап,мәсләҳәт берип турғаны:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кетер болсаң Бабаханның елине,
Минсең мынаў арғымақтың белине,
Балам,патша халқы сыншыл болады,
Сыр бермегил сыпайының өзине.

Маған қылдың,балам,бүгин ықтықат,
Жақсылардан түсти саған шарапат,
Ханға хәргиз айтпа,балам,сырыңды,
Патшаларда хеш болмайды қәсийет.

Патша залым,батырларға дос болмас,
Белиңе байлайгөр кескир хәм алмас,
Кетемен деп Бабаханның шәхрине,
Көзиме толмасын мениң қанлы жас.

Сен кетсең қыларман,балам,ахыў-зар,
Өзим ғарры,алалмаспан хеш хабар,
Патша ғой деп,қыла берме айтқанын,
Дослығыны сизге көрмес миясар.

Алшағырдай,балам,оның жаўы бар,
Зер тонының он екиден баўы бар,
Зерли тонын оң ийниңнен киймесең,
Жаў келди деп шуўлап шықса көп хабар.

Атанның сөзлерин тыңла,қулақ сал,
Мениң нәсиятым,балам,есиңе ал,
Түн жарпында перзентим деп жалбарып,
Келер саған матам тутып Қыдыр шал.

Балам,саған айтар және сөзим бар,
Соныңдайын сум болады патшалар,
Тыңлай көрме айтқанларын,жыласа,
Ол сум залым саған бир хийле қылар.

Кәт деген ол патша ели көп миллет,
Саған керек еле дейин көп ғайрат,
Басларыңа ис түскенде минерсең,
Мынаў саған ханнан келген қара ат.

Хан шақырса,балам,бармай болмайды,
Кетсең,атаң жалғызым деп жылайды,
Саўаш күни қызар мәрттиң билеги,
Саўаш күни ат кекилин тарайды.

Сен кеткен соң ғәрип атаң муңаяр,
Көрискенше,балам,хош бол,аллияр,
Залым патша үшке шекем сынайды,
Бабаханға барғанда бол хабардар.

Жаманлардың күнде болар пейли тар,
Атың қойған Түкли Әзиздей бабаң бар,
Қыйын күнде қалағойсаң,перзентим,
Бабам дейип нала еткил зар-зар.

Жигит кеўли жақсылықта болар шад,
Мәртлик,ерлик жас жигитке салтанат,
Ата-анасының қасына келип,
Ер жигит кетиўге алды руқсат.

Хажы шықты,«ағажан» деп алшақлап,
Батыр Герей,«жан иним» деп қушақлап,
Ҳажы инисине нәсийҳат берди,
Көзиниң жасы сел-сел болып моншақлап:

— Жыламаң,ата-анажан,
Еңирей берме Ҳажыжан,
Ҳажы хожа атыңыз,
Айланайын Ҳажыжан.

Айрылдың ата-бабаңнан,
Қәўендер пушты-панаңнан,
Ҳажы иним,аман бол,
Айрылдың жалғыз ағаңнан.

Миндим тулпар белине,
Саўыт кийип ийниме,
Мен бараман,қарағым
Хорезмниң елине.

Изимде қалдың туўғаным,
Тәсаддық тәнде бул жаным,
Шақырыпты Бабахан,
Бараман соған,қарағым.

Тасты тәнде дәрманым.
Саўашта қызар хүжданым,
Дәс берип жықсам душпанды,
Қалмайды хешбир әрманым.

Мен нәмәртлик қылмайын,
Хан шақырды,барайын,
Ағаңның тиле саўлығын
Көрейин ҳақтың салғанын.

Сонда турып жас Ҳажы,
Ағасына сөйледи,
Көзиниң жасын тыялмай,
Сөйлеп турып еңиреди:

— Айланайын ағажан,
Шақырған болса Бабахан,
Тартынбайын кете бер,
Айбынба хәргиз душпаннан.

Медет болса Алладан,
Кәрамат болса Бабахан,
Керторы атты ойнатып,
Мен изиңнен бараман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сауытты кийип жайнатып,
Душпанның ишин қайнатып,
Тахтын пыт-шыт етемен,
Төрелерин жылатып.

Қыянет қылса Бабахан,
Каласын ўайран қыламан,
Улы-қызын шуўлатып,
Басына зәўлим саламан.

Кетер болсаң,ағажан,
Көрискеймиз биз аман,
Кейнинде иниң аманда,
Қайғы шекпе халқыңнан,—
Деп Хажы сөзин таўысты,
Ағасы менен хошласты.

Айпарша айым дер еди,
Ер Герейдиң анасы,
Өзи елли жасында,
Лаўданы қыйық басында,
Еңиреп-жылап келди ол,
Ер Герейдиң қасына.
Шашын салып алдына,
Жаўлығын салып мойнына,
Егитилип жылайды,
Көзинин жасын булайды,
Жас сорғалап қойнына.
Иши оттай жанады,
Манлайынан сүйеди,
Тас болып қалған емшеги,
Булақтай ағып ийеди:

— Айланайын Герейжан,
Шақырды деп Бабахан,
Кетермен болып,жан балам,
Баўырымды еттиң қан.

Ағызып көзимниң жасын,
Бабаң болсын жолдасың,
Қырық шилтен ғайып еренлер,
Жылаўында қолласын.

Минажат етип Аллаға,
Медет бер деп балама,
Қолын жайып пәтиясын
Берди анасы батырға.

Ата-анадан пәтия алады,
Хажыдан руқсат алады,
Қарагердей тулпарға,
Мақпалдан терлик салады,
Айылды беккем шалады,
Алдына дабыл өңгерип,
Артына сауыт бөктерип,

Қарагер атқа жем берип,
Шаршаған жерде дем берип,
Қарағай найза қалтырап,
Маңлайы айдай жалтырап,
Жол жүриўге безенди,
Муздай темир қурсанып,
Бабаханның елине,
Қонбақ болып гүлине,
Бармақ болып мәрт Герей,
Минди аттың белине.

Қыдыр шал атқа минеди,
Шақаклап залым күледи,
Нешше түрли қубылып,
Герейге жақын келеди.

Алты жигит қосшысы,
Қыдыр шал оның басшысы,
Хорезмниң шәхәрине,
Атланады бәршеси.

Маңғыт елдиң беглери,
Кәмар буўып белине,
Ат ойнатып бармақшы,
Бабаханның елине.

Көлден ушқан ғазлары,
Жас келиншек,қызлары,
Ишлери оттай жанады,
Көзинен ағып жаслары.

Атының басын бурады,
Герей халыққа қарады,
— Хош аллаяр,халқым! — деп,
Хошласып Герей жылады:

— Шийрин болар батырлардың тиллери,
Қазан урса,солар мәрттиң гүллери,
Қайғыланба,халқым,хәргиз бизлерден,
Хош болыңлар Бүркитмаңғыт еллери.

Ғаңқылдасып ушар көлдиң ғазлары,
Тулпарға парқ етер жолдың сазлары,
Дәл мойнына хәйкел асып қос тумар,
Хош қалыңыз Маңғыт елдиң қызлары.

Ашықларға салса душпанлар жәбирин,
Солдыраман қарсы душпанның гүлин,
Муңайманыз Герей елден кетти деп,
Маңғыт елдиң келинлери,хош болың.

Саўашта ойнайды мәрттиң атлары,
Сыйынса яр болар мәртке жаббары,
Жылай бермең көзлериңнен жас төгип,
Хош енди,Маңғыттың кемпир-шаллары.

Герей бул сөзлерди айтып болып,ели-халқы менен хошласып,жолға түсип,Бабаханның елине рәўана болады.Бир мезгиллик жол жүрди,азғана емес,мол жүрди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Батыр бир булақтың басына барып қонады.Ат қағып шаршап барған мәрт Герей уйқылап қалады. Қыдыр шал түни менен уйқыламайды.Бир төбениң басына шығып,жән-жағына сер салып қараса, бир бәдайбат қара атлы,секилсиз кисиниң киятырғанын көрип,бул киси бизге душпан болса,ер Герейди оятайын,егер дос болса,аяғымды әсте басып,кейниме ғырра қайтайын,деп атының белине минип,ат ойнатып ол кисиниң алдына қарсы шығып,«жол болсын» сорап бир-еки аўыз сөз айтып тур:

— Секилсиз сениң жүзлериң,
Түсиниксиз сөзлериң,
Әпшериң жаман бәдбәшер,
Тостағандай көзлериң.

Жабылып тур қабағың,
Маладай сениң аяғың,
Мусылманға уқсамас,
Дәўге уқсар сыяғың.

Астында бар қара ат,
Патшадай қурып салтанат,
Жанымда бар ер Герей,
Ете берме сен ҳайбат.

Шықпайды сеннен қәсийет ,
Ҳайбатың жаман,қарабет,
Узақ жоллардан келесең,
Ойыңда бар не мақсет?

Атыңды шаўып желесең,
Қай шәҳәрден келесең?
Айтпасаң аты-жөниңди,
Әжелсиз ҳәзир өлесең.

Мен Қыдыр шал боламан,
Хабарыңды айт маған,
Жөниңди баян етпесең,
Басыңа сүргин саламан.

Қыдыр шалға қарап жалаўлы адам,бир-бир баян етип келгенин қайдан: — Сениң менде қандай қастың бар еди? Ғазабыңды тиге берме сен маған,— деп,бир сөз айтып турыпты:

— Мен атымды ары шөлде желемен,
Илаж бар ма,әжел жетсе,өлемен,
Аты-жөнимди сен меннен сорасаң,
Бүркитманғыт деген елден келемен.

Кең дүньялар неликтен болды бизге тар,
Меннен алалмаған қандай өшиң бар,
Жолаўшы болсаң,жолға түсте кете бер,
Баба,менде еситкендей жоқ хабар.

Ашыўланып,баба,еттиң сен ҳайбат,
Аса кетпе,енди райыңнан қайт,
Бабаханның Маңғыт елде ўәкили,
Атымды сорасаң мениң Қарасарт.

Зер артыпсаң,жетегиңде алты нар,
Бабахан шәҳәрине етип сапарлар,
Алып киятырған Маңғыт елинен ,
Герей батырыңнан бизге бер хабар.

Бул сөзимди жақсы тыңла,Қыдыр шал,
Герейдиң атасы еди кәмбағал,
Зер арттырған алты нарды жеп болып,
Басыңа салмасын сениң мүшкил ҳал.

Алтын кәмар жарасады белине,
Бүлбил қонып сайрап турған гүлине,
Басыңа салмасын мүшкил енди ҳал,
Алып барсаң Бабаханның елине.

Герей батыр зорлығын ол билдирер,
Қазы-ийшан,бийлериңди өлтирер,
Бабаханның улы-қызын шуўлатып,
Гүрзиге тарттырып бағрын тилдирер.

Батыр басыңызға салар зимистан,
Сырын айтып,еттим мен саған дәстан,
Ўайран етер алтын тахтын патшаның,
Герей деген аўзы қанлы аш арыслан.

Ашыўланса,солдырады гүлиңди,
Өзиңе жегизер кесип тилиңди,
Журт сораған бийлериңди өлтирип,
Бағындырып алар барлық елиңди.

Герей ердиң сырын айттым мен саған,
Қыдыр аға,мениң сөзиме инан,
Хорезмде бүркитманғыт елине,
Мени ҳәким еткен еди Бабахан.

Бул Герейдиң қырық жигитим өлтирди,
Жүрегимди мениң отқа күйдирди,
Батыр Герей ҳәкимлигимнен түсирип,
Ўайран етип ели-халқымды бүлдирди.

Ушқыр едим,қанатымнан қайырды,
Жүйрик едим,дойнағымнан майырды,
Зар жылатып,ел шетине шығарып,
Халқым менен бийлигимнен айырды.

Маңғыт елге келген бийди оңдырмас,
Бийлерине малдан зәкат алдырмас,
Бабаханға айтып барғыл,Қыдыр шал,
Батыр Герей халыққа салық салдырмас.

Бабаханды мөҳиринен айырар,
Соның ушын мен жылайман зар-зар,
Бул сөзимди Бабаханға айтып бар,
Герей батырдан ол болсын хабардар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Иниси бар ер Герейдиң Ҳажыхан,
Сөзиме инан мениң,Қыдыр ағажан,
Бабахан Герейди дос деп сыйласа,
Бабаханның тахтын қылар тас-талқан.

Қарасарт айтып бул сөзин,
Өңгерип аттың дизгинин,
Ер Герейге қарайды,
Аўдарып таслап көзлерин.

Арандай аўзын ашады,
Кейнине қарап қашады,
Билмесин мени Герей деп,
Асыўлардан асады.

Минип аттың белине,
Қарасарт кетти елине,
Оятыўға Герейди,
Қыдыр шал қайтты кейнине.

Жуўырып келип дым қатты,
Таярлап Қарагер атты,
Уйқыда жатқан Герейдиң
Басын шайқап оятты.

Оятып мәртти Қыдыр шал:
— Перзентим,сөзге қулақ сал,
Үш күн,үш түн уйқыладың,
Түргелип,азырақ демиңди ал.

Уйқы шийрин ҳәм татлы,
Тур,астыңа тас батты,
Оянбадың уйқыдан,
Келип кетти қара атлы.

Бул атлы екен патшадан.
Той берипти Бабахан,
Ер Герей тез келсин деп,
Патшамыз сизди шақырған.

Он күнлик уллы тойы бар,
Барсаңыз,патша қуўанар,
Айланайын Герейжан,
Қылайын ханды миннетдар.

Хабар келди патшадан,
Герей батыр,тез атлан,
Ҳүрметлейди ханымыз,
Бизлер барсақ Маңғыттан.

Бабаханнан келген атшабар,
Тезирек атлан,келлеғар,
Бул тойға бизлер бармасақ,
Бабахан күтә қыйланар.

Қаршығадай таранып,
Орнынан турды ыңыранып,
Қыдыр шалға сөйледи,
Герей батыр толғанып:

— Ашық болған машығым деп ах урар,
Жаманлардың күннен-күнге пейли тар,
Кийермисең бурын барсаң сарпайды,
Биз барғанда ханның тойы қан болар.

Ат мойнына тақсам тилладан тумар,
Ат шапсам шөллерде,тарқайды қумар,
Патша неге қайғырсын ол жанымды,
Келген шығар уллы саўаштан хабар.

Алмас қылыш жалтырайды қолымда,
Аттың басын дүзеп жәдир жолына,
Қыя шөлде сегбир тартып жол жүрип,
Биз барамыз Бабаханның алдына.

Саўаш күни ойнар Қарагер тулпар,
Жаман ябы дойнағынан майрылар,
Егер шақырмаған болса Бабахан,
Өтирик айтса,ийманынан айрылар.

Жол жүргенде шаршамайды әреби ат,
Сырын айтқан шығар саған Қарасарт,
Өтирик айтып қас қыласаң жаныңа,
Биз барғанда болмас ханның кеўли шад.

Ер Герей бул сөзди анықлап сорап,
Қыдыр ғарры қорқты қатты албырап,
Сақаллары кетти әбден салбырап,
Тамсанып ол дөгерегине бир қарап.
Не айтарын билмеди,
Қызыл тили гүрмелди,
— Дәрҳал сөйле! — дегенде,
— Ләббай,бек! — деп сөйледи,
Атына шәпик минеди,
Бул жерден тезирек жөнеди,
Қосшылары минип атына,
Ер Герейге келеди.
Герей шалқып йошады,
Атқа қамшы басады,
Ат ойнатып мәрт Герей,
Дәрьядай болып тасады.
Қарағай найза қалтырап,
Душпанлар қорқып албырап,
Шарайнасы жалтырап,
Омыраўы есиктей,
Турпаты келген бесиктей,
Күни-түни жол жүрди,
Батыр Герей иркилмей.
Жаўырынлары қақпақтай,
Жумырықлары тоқпақтай,
Танаўлары шапшақтай,
Аўызлары оймақтай,
Еки көзи жулдыздай,
Кирпиклери қундыздай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөйлеген сөзи мазалы,
Еринлери қаймақтай.
Өзи он сегиз жасында,
Жығалы тажы басында,
Оң жағында Қыдыр шал,
Жигитлери қасында,
Жүзлери күндей жайнады,
Көргенниң ақлын алады,
Сиясат пенен Ер Герей,
Хан алдына барады.
Тал шыбықтай таўланып,
Тум-тусына қаранып,
Герейдиң алтын ҳайдары,
Дал мойнына оралып,
Кең сарайға киреди,
Бабаханды көреди,
Тахтта отырған патшаға,
Иийилип сәлем береди,
Хан қолынан алады,
Қарсы алдында турады,
Ҳайбатына баланың,
Ҳәмме ҳайран қалады.

Әне, сол ўақтында Бабахан мәрт Герейге өлим миясар емеслигини билип, баланың келбетине, ҳүсни-жамалына, арысландай ҳайбатына ҳайран қалып, ердиң сырын билейин деп, Бабахан Герей батырды жақсы сөз бенен алдап-арбап, кәне, не деп тур екен:

— Сендей мәртти көриў ханның әрманы,
Халықтың пидә болсын бир шыбын жаны,
Саясатың арысландай тутасаң,
Саў келдиң бе, Маңғыт елдиң палўаны.

Қазан урса солар бағдың гүллери,
Шийрин болар жақсы ердиң тиллери,
Саўлатыңыз қызыл гүлдей жайнаған,
Бердиң сәлем Маңғыт елдиң беглери.

Арзыў қылды сени дейип Бабахан,
Жаслығыңнан тилимди алған данасаң,
Әдеп пенен келдиң, балам, қасыма,
Сендей ҳасыл ҳәргиз туўмас анадан.

Дал бойыңа Алла салғанды назар,
Саўлатыңа жети ықлым қуўанар,
Сендей ақыл-дана келмес жәҳәнге,
Дәўлетиме сени көрдим мияссар.

Сонда турып батыр Герей күледи,
Ханның ойын ақыл менен биледи,
Дана жигит нешше тымсал келтирип,
Ханға қарап тымсаллап сөз сөйледи:

— Адамыйзат үш нәрседен қуралар,
Жаман адамлардың пейли тар болар,
Он сегизде өзи «ладан» баланы,
Дәўлетиңе қалай көрдиң мияссар.

Сөзге түсинбейди, тақсыр, ладанлар,
Жақсы адамды көре алмас жаманлар,
Мийи болса ҳәр адамның басында,
Әдил патша өзиниң елин қайғырар.

Бизлер елинизге келген мәрт жигит,
Бир-биреўге керек тириликте ҳүрмет,
Қолыңыздан алдым сизди ҳүрметлеп,
Бар ма шәҳәриңде бизлерге хызмет.

Сонда турып Бабахан:

— Сен деп көзден аққан қанлы жасым бар,
Мениң Тоқсаўыл хан деген жаўым бар,
Ғәрез ҳәр жыл сайын хабар алады,
Алдында оның Алшағырдай дәўи бар.

Тоқсаўыл хан аямайды бизлерди,
Қаст әйлесе, елди көширип кетеди,
Ҳәлим жетпес Алшағырдай дәўине,
Улды олжа, қызды жесир етеди.

Бизге келди Алшағырдың хабары,
Талан болар Хорезмниң маллары,
Алдын алып оған ҳәмел етпесек,
Күнге күйер сулыў қыздың жамалы.

Сол себептен мен жылайман зар-зар,
Қалмақ келсе жесир болады қызлар,
Маған бир кеңес бер, балам Герейжан,
Келер деген Тоқсаўылдан кәўпим бар.

Ер Герей Бабаханның бул сөзин еситип, ҳәр түги шапанынан пәрран өтип, қаны қызып, кеўли тасып, Бабаханның ўақтын хошлап, мәрданалық берип турған қусайды:

— Бабахан, айтайын саған бул зарым,
Сен муңайдың, қалмады-ғой карарым,
Дабыл қағып тулпарымды ойнатсам,
Саўаш болса таркар мениң қумарым.

Халқым ушын пидә болсын бул жаным,
Кемлик келип муңайманыз, султаным,
Душпанды етермен жер менен жексен,
Жаўды женсем, қалмас мениң әрманым.

Саўаш күни ойнамай ма кер тулпар?
Кәўип әйлемек нәмәртлерге мияссар,
Қылышымды жалтыратып ат қойсам,
Зар жылайды айбатымнан қалмақлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хорезм елине сен болыпсаң хан,
Саўаш күни пидә болсын тәнде жан,
Халқым ушын аямайман жанымды,
Халқы ушын өлген ерге не әрман?!

Сол ўақтында ханның мәртке кеўли толып,ўақты шәндан хош болып,хан орнынан ырғып турып, бир ләген тилла менен алтын түймели,зер жағалы ҳасыл шекпенди Герей батырға жапты.

Хан Ер Герейдиң айдай жалтыраған маңлайынан бир сүйип,тилла көшкили ақ сарайдан,өзиниң алтын тахтының қасынан батырға жай берип,алдына бирнешше хызметкерлер қойдырды.

Ендиги гәпти Қыдыр шалдан еситиң.Ол ғарры патшаны қупыя жайға алып,оған кеңес айтып бир сөз айтады:

— Хәй,Бабахан,Бабахан,
Саған айтар арзым бар,
Бул сөзиме қулақ сал,
Бул исиңди көрди халық,
Жасаўыллар қуўанар,
Бундай иззет душпанға,
Болмайды ҳәргиз миясар.
Билесең бе Герейди?
Атасы оның Арда бий,
Бабасы оның Сүйин бий,
Билсе сениң сырыңды,
Оңдырмайды ер Герей.
Өзи батыр,өзи ер,
Өзи арыслан,қайтпас шер,
Талан етип малыңды,
Тажы-тахтыңды бүлдирер,
Қаст етсе сени өлтирер,
Хорезмге хан болар,
Айдан арыў қызыңды,
Жесир етип тул қылар.
Арыслан мәрт Герейге,
Ели-халқың бағынар.
Көрип келдим Герейдиң,
Патшамыз,оның нийетин,
Көрдим мәрттиң хызметин,
Билдирсең оған сырыңды,
Басыңнан таяр дәўлетиң,
Артар әбден мийнетиң,
Бир пул болар иззетиң.
Көзин көрмей бизлерди,
Тыңламадың сөзлерди,
Әўел баста жоқ етиў,
Керек еди Герейди.
Көп ете берсең хызметти,
Душпан оны билмейди,
Ақыллы дана патшалар,
Душпанға хызмет етпейди.
Батырлар ханға дос болмас,
Ханның ўақтын хош қылмас,
Бүркитмаңғыт елинде,
Ҳәкимиң еди Қарасарт,
Бийлигинен айырды,
Қанатынан қайырды,
Батыр туўған Герейдиң,
Даңқы халыққа жайылды.
Сыпайы,бий,патшалар,
Қайда болса ақылдар,
Шәрият күткен ийшанлар,
Герейден қорқып зар жылар.
Аллалаған пирлериң,
Қайтпай шапқан ерлериң,
Герейден бәри қорқады,
Зар әйлер биздей беглериң.
Қырылар шыбын жанымыз,
Таланға түсер малымыз,
Сендей ханды өлтирсе,
Не кешер бизиң ҳалымыз.

Қыдыр шал сөзин болғанда,
Жән-жаққа нәзер салғанда,
Бир қара көрди сол манда,
Қарағай найза қолында,
Бир атлыны көреди.
Тулпар атын ойнатып,
Алмас қылыш жайнатып,
Ерик қаланың алдынан,
Өте берди бир батыр,
Көргенниң ишин қайнатып.
Реңки қара көмирдей,
Тат басқан қара темирдей,
Секили жоқ гөр бетли,
Әжептәўир бәледей,
Келди ханның алдына,
Бир тақта қағаз қолында,
Атынан түсип ийилип,
Сәлем берди патшаға.
Ол киси келген патшадан,
Ҳайбатлы өзи арыслан,
Тоқсаўыл ханның елшиси,
Сөз баслады ол адам:

— Әй-я,ханым,сизге айтар арзым бар,
Сөз жеткериў елшилерге миясар,
Атланыпты Тоқсаўыл хан халқынан,
Хорезмди алсам деген ойы бар.

Кеўлимдегилерди әйледим изҳар,
Душпан келсе дүнья болар сизге тар,
Ол залымға қалай қарсы турасыз,
Қәне,патшам,сениң қандай сөзиң бар?

Тоқсаўылдың саўаш болар әрманы,
Көрсе түршигеди бенденин жаны,
Күнде жейди тамағына талай нар,
Алдында бар Алшағырдай палўаны.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келсе талаў болар дүнья хәм малың,
Рәҳим етпес адамға Тоқсаўыл залым,
Саўаш болса,патшам,сениң мурадың,
Аларсаң ба Тоқсаўылдың майданын?

Келсе басыңызға салар қайғы-зар,
Аўқатына таярланыз бир мың нар,
Ул-қызыңды олжа етип кетеди,
Досың жылап,душпанларың қуўанар.

Тоқсаўыл,Алшағыр залым,қанқумар,
Олар келсе халқыңызды шуўлатар,
Айтып келдим Тоқсаўылдың сырларын,
Ендигисиг өзиңиз бил,ықтыяр.

Сүйин кул сөзин тамам етти. Анда патша ойланып, ўәзирлерин, аталык-бийлерин, ели-халқын толық жыйдырып,олардан бир кенес сорап толғанды:

— Алпыс еки хәмелдар,
Отыз еки мөҳирдар,
Тоғыз төре хәм бийлер,
Беглерим,саған арзым бар,
Сөзиме қулақ салынлар,
Кеңес бериң халайық,
Басыма түсти қайғы-зар,
Душпанға қандай илаж бар?
Тоқсаўылдай патшадан,
Алшағырдай палўаннан,
«Халқын маған берсин» деп,
Хабар келди залымнан.
Басыма түсти тар заман,
Жалғыз қызым Шийринжан,
«Қызын маған берсин»,деп,
Елши келди патшадан.
«Алтын тахтын берсин» деп,
«Халқы изиме ерсин» деп,
«Буған қайыл болмаса,
Ғайратымды көрсин» деп,
Келди маған бул хабар,
Кең жәҳән болды бизге тар,
Ендигисин өзиң бил,
Ели-журтым ықтыяр.
Уллы-киши төресең,
Кел,изиме ересең,
Усы отырған әлеўмет,
Не деп жуўап бересең?
Анталап тур душпанлар,
Басыма мүшкил ҳал болар,
Намысты бермей қалмаққа,
Халқым,қарсы шабыңлар.
Буны қалай көресең?
Жаўға қарсы жүресең,
Шықпасаңыз саўашқа,
Бәриңиз бирден өлесең.

Бабахан буны айтқанда,
Халқына ерке Қыдыр шал,
Ашыўы келип патшаға,
Бир сөз айтты халыққа:

— Ели-халқым,саған айтар арзым бар,
Қәҳәрленип келсе залым Алшағыр,
Қырық мың қырғыз ләшкери бар қалмақтың,
Урыс қылса олар кимди шыдатар.

Басымызға ақырзаман ис түсип,
Урыс болса гелле кесип,қан төгип,
Отыз мыңнан аслам залым қалмақтын,
Алда жүрер Алшағыр дәў қан ишип.

Урыс қылса сизиң менен Тоқсаўыл,
Қандай аўҳал болар екен елде бул,
Егер жеңип ала қойса халқыңды,
Таланға түседи сансыз дүнья-мал.

Саўаш етсе қырар залым қалмақлар,
Елден зәкат берсек,қайтар залымлар,
Бабаханға бир мәсләхәт бериңиз,
Бул отырған жасы уллы қариялар.

Душпанларға тең келгендей ләшкер жоқ,
Басымыздан таяр болды дәўлет-бак,
Жалғыз Герей не келеди қолынан,
Ўайран болар астындағы алтын тақ.

Халайықлар менен Герей батыр Қыдыр шалдан бул сөзди еситип,денеси титиреп,ети қалтырап, тәни жуўлап,жүреги суўлап,хәр түги тебендей шаншылып,шапанының сыртына өтип,Қыдыр шалдың сөзине қатты қәҳәри келип,Ер Герей ели-халқының кеўлин хошлап,не деп тур халыққа қарап:

— Ели-журтым,сизлерге айтар сөзим бар,
Өзим жаспан,халқым,сөзге қулақ сал,
Саўаш күни өлген ерде не әрман,
Халқым ушын жан бериўге мен таяр.

Әжел жетсе солдырады гүлимди,
Халқым ушын жанға еттим зулымды,
Кесейин бе,Қыдыр ғарры,тилинди!
Өзим өлсем,қалмақ алар елимди.

Тоқсаўылға қылайын мен урысты,
Урыс деген батырларға жеңисти,
Өзим барда Хорезмниң елинде,
Қалмақларға журтты берген намысты.

Душпан залым аямайды еллерди,
Елди шаўып ениретер ерлерди,
Халқым ушын жанды пидә қылайын,
Маған берсин патша бир мың ләшкерди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул ислерге болып турман бийкарар,
Ақылсызлар душпанлардан басылар,
Мени жалғыз Герей ғой деп ойламаң,
Мендей және неше Герей табылар.

Жасым он сегизде болдым бәркаман,
Саўаш күни ат баўрынан ағар қан,
Мендей нешше мәрт жигитлер табылар,
Хорезмнин елин қорғар көп арыслан.

Бул сөзди айтып батырың,
Кеўли тасқан ўақтында,
Патша отыр тахтыңда.
Арыслан мәрт Герейдиң,
Төрт жигити касында,
Айдын улы Айқозы,
Хорезмнен Жанқозы,
Үйсин елден Арғын бий,
Сайрамлыдан Сәрўанлы,
Қосылып бул төртеўи,
Патшаға карап сөйледи:

— Әй, хан аға, хан аға,
Журтыңды берсең душпанға,
Намыс жаман дүньяда,
Келеди деп Герейди,
Жатыр едик панада,
Ат қойсақ биз қалмаққа,
Халық ушын өлген жигитке,
Әрман бар ма дүньяда?
Хорезмниң ерлери,
Бермес журтын жаўларға,
Герей деген мәрт жигит,
Халкын бермес дәўлерге,
Қорка бермен, патшамыз,
Халықты берген намысты,
Ықтықат қылдым мен сонда.
Еркозы менен Сәрўанлы,
Бес мың ләшкер қасында,
Душпанлар қурсап турса да,
Тоқсаўылдың ләшкери,
Шөп-шардан көп болса да,
Уллы ханым, руқсат бер,
Бизлер жаўға барамыз,
Рүстемниң урысын,
Душпанларға қыламыз, —

Деп төрт батыр сайланып,
Шықты мәртлер ортаға,
Төрт арысланның бул сөзи,
Унады әбден патшаға.
Бул төрт батыр дос болды,
Батырларға патшанын,
Ўақты шәндан хош болды.
Тоқсаўыл ханнан Бабахан,
Ақырет, қорлық көп көрди,

Төрт батырға Бабахан,
Еңиреп пәтия береди,
Руқсат берип мәртлерге,
Арыслапдай шерлерге,
Бабахан турып сөйледи,
Мәртлик берип ерлерге:

— Бул сөзге қуўанып, болдым әбден шад,
Астыңа беремен жүйрик бедеў ат,
Сизлер егер Тоқсаўылға барсаңыз,
Батырларым, мен беремен рухсат.

Сизлердиң жолыңа болдым интизар,
Тилегинде мен болайын, батырлар,
Алағойсаң Тоқсаўылдың шәхәрин,
Патшалықта болмас менде ықтыяр.

Мен беремен бес мың ләшкер, батырлар,
Астында ойнасын арғымақ тулпар,
Саўаш етип душпанларды жеңсеңиз,
Ғайратыңды көрип, халқым қуўанар.

Сел-сел етип төктим көзимниң жасын,
Жылаўыңда Түкли Әзиз қолласын,
Аман барып, саў келгейсиз, батырлар,
Тоқсаўылдың кесип алып кел басын.

Патша сөзин тамамлап,
Руқсат берип ерлерге.
Жаў-жарағын әнжамлап,
Бес мың ләшкер айдатып,
Алты топты сүйретип,
Ўақты хош болып мәртлерге,
Төрт батырдың үстине,
Өз қолы менен Бабахан,
Саўытларын кийдирип,
Зәңгисин басып мәртлердиң,
Тулпарларға миндирди.
Ўақты хош болып батырлар,
Тум-тусына оқ атып,
Пәтия берип Бабахан,
Батырларды узатып,
Бабахан ўақтың хошлады,
Тәселле берип мәртлерге,
Патша бир сөз баслады:

— Мен ағыздым көзимнен қанлы жасымды,
Қайтпай қылдым қалмақларға саўашты,
Сизлерге айтар нәсийҳатым, батырлар,
Душпанларға берменизлер намысты.

Ҳәўес еткен көрдим сиздей ерлерди,
Берменизлер қалмақларға ләшкерди,
Саўаш күни аяманыз жаныңды,
Дабыл қағып ойнаткайсыз бедеўди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Зар-зар жылап төктим көзимниң жасын,
Душпан менен етиң Рүстем саўашын,
Ғайратыңды қалмақларға көрсетип,
Алып келгейсизлер душпанның басын,—

Деп сөзин тамам етеди,
Журт ийеси Бабахан.
Герей менен үш батыр,
Алтыннан саўыт кийеди,
Алмас қылыш белинде,
Арғымақ атқа минеди,
Қарағай найза дәстинде,
Саўыты гүл-гүл дөнеди,
Шарайнасы жалтырап,
Ҳақтан мәдет тиледи,
Дуўлығасы жалтылдап,
Түймелерин иледи,
Руқсат алып патшадан,
Ҳақ исине көнеди,
Алшағырдың елине,
Төрт арыслан жөнеди.

Аттың жалын тартады,
Ләшкерге көз салады,
Батыр туўған мәрт Герей,
Жән-жағына қарады.
Арыслан ер Жанқозы,
Герейге қарап сөйледи:

— Герей аға,арзым бар,
Сөзиме мениң қулақ сал,
Бес мың атлы ләшкердиң,
Бәрин бирдей барлап ал,
Бийқайғы,ғапыл болмайық,
Болмасын дүнья бизге тар.
Алшағырдың елшиси
Көринбейди арада,
Аўсыратып бизлерди,
Қашып кетти ме журтына,
Қашып кетип шәҳрине,
Салмасын бизге қайғы-зар.
Ислерди бәржай қылғанша,
Алшағырға барғанша,
Жиберме Жүтти жанынңан,
Тоқсаўылды алғанша.

Сол ўақтында Герей мәрт,
Тум-тусына қараса,
Көринбеди елши Жүт,
«Батыр аңқаў,ер гөдек»,
Деген екен бурында,
Сол айтқандай Жүт батыр,
Көзден ғайып болыпты,
Көзиниң алып тасасын,
Қашып кетип қалыпты.
Сарғыш енип жүзине,
Қапаланып Герейдиң,
Қанлы жас келди көзине,
Қыдырып жүрсе Герей ер,
Жүт елшиниң атының,
Көзи түсти батырдың,
Тасқа батқан изине.

Герей батыр Жүт елшиниң атының изин көрип,хәр түги шапанының сыртына пәрран өтип, атының басын бурып,ләшкерлери менен Жанқозыға қарап,Жүт елшиниң изинен қуўмаға майыл болып,бир сөз айтты:

— Жанқозыжан,бул сөзиме қулақ сал,
Ҳийле қылып қашып кетти Жүт сағал,
Инанбаңыз әзәзүлдиң сөзине,
Изиңизден келеғойса Қыдыр шал.

Ашық болған машығым деп аҳ урар,
Ақыл жигит ели-халқын қайғырар,
Шайтан киби аўзы,мурты жыбырлап,
Қыдыр ғарры келсе услап алыңлар.

Қашпас еди батыр болса Жүт сағал,
Сумлық берген бизге,қас ол Қыдыр шал,
Келсе исенбеңиз оның сөзине,
Аянбастан жол жүриниз,батырлар.

Душпанларды жеңиў мениң әрманым,
Халқым ушын пидә болсын бул жаным,
Алшағырдай дәўи бар деп қорықпаңыз,
Жүт сағалды тутыў ушын қуўғаным.

Мен жыларман бир аллаға зар-зар,
Нәмәрт жигит шыбын жанын қайғырар,
Қыяметлик салып един арағa,
Кейин қалман,тезирек жүриң,жоралар.

Батыр туўған ер Герей,
Халқына айтып бул сөзди,
Жүт елшиниң изинен,
Ат ойнатып жөнеди.
Арыслан қайтпас Герейдиң,
Жүреги суўдай тасады,
Астындағы тулпарға,
«Шуў» деп қамшы басады,
Астындағы карагер,
Арандай аўзын ашады,
Алғыр қус пенен жарысып,
Асыўлардан асады,
Қанат қағып жәниўар,
Омыраўдан көбик шашады,

Күн сәскеден аўғанда,
Дойнағы аттың қызады,
Песин мезгил болғанша,
Жүттин изинен қуўады.
Ада болмас алдында,
Ҳәсер таўдың жырасы,
Күн батканша қуўса да,
Көринбейди қарасы.
Дойнағы аттың шынлады,
Аққан суўдай зымырады,
Жүт елши минген ала аттың,
Қарасын көрип барады.
Батыр атқа «шүў» деди,
«Шүў» дегенде гүўледи,
Герей минген қарагер,
Табаны таска тиймеди.
Жүт елшинин атынын,
Қарасы жақын көринди,
Арасы жақын қалған соң,
Қуўмаға Герей ерinди.
Намазшам ўакты болғанда,
Бир булаққа келеди,
Ол булақтын басында,
Атынан жерге түседи,
Булақтан атын суўғарып,
Жақсылап демин алады,
Жуўсанға атын жиберип,
Батыр уйқылап қалады.
Таң атып уйқы қанған соң,
Орнынан өрре турады,
Ер-абзалын қушақлап,
Атына жақын барады,
Услап алып кер атын,
Алтыннан ерин салады,
Беккемлеп тартып айылын,
Үстине минип алады,
Найзасына сүйенип,
Тум-тусына қарады,
Көрмей Жүттин қарасын,
Жүреги оттай жанады,
Кәҳәрленип ер Герей,
Изинен Жүттиң қуўады,
Жүрегим тасқын болсын деп,
Белине кәмар буўады.
Шабысын тулпар дүзеди,
Қарагердин дойнағы,
Таўдың тасын езеди,
Әйне песин ўақтында,
Жүттиң изине жетеди,
Арысландай ақырып,
Герей Жүтке сөйледи:

— Сенин бизден қашқаныңыз намыс-ар,
Дүнья болды сен залымға енди тар,
Елшилерге хәргиз өлим жоқ еди,
Неге қаштың бизден,тез айт,енеғар!

Саўаш болса,жаўдан қашпас батырлар,
Сен қашсаң да қутқармайды Қарагер,
Батыр болсаң,Жүт,сен неге қашасаң?
Жаның барда тезирек,залым,жуўап бер!

Уллы саўаш күни көкке шығар шаң,
Қутылмағың мендей мәрттен бийгүман,
Алшағырға айтатуғын сөзим бар,
Аттың басын тартып,келгил бермаған.

Қашқан жерин қыя майдан далалар,
Қуўып жеттим,мен саларман қайғы-зар,
Аттың басын бери қайыр,Жүт батыр,
Бул сөзимди Тоқсаўылға айтып бар.

Жүт елши Герейге қарап сөйледи,
Ашыўланып ер Герейге не деди.

— Сени алдап-арбаў ушын келгенмен,
Қыя шөлде әреби атым желгенмен,
Аяп келгеним жоқ,Герей,сизлерди,
Қыдыр шалдан бар аўҳалды билгенмен.

Ат мойнына тақтым тилладан тумар,
Ашығы машығын көрсе қуўанар,
«Батыр аңқаў,ерлер гөдек» дегендей,
Бундай қайым келермисең геллеғар.

Еситпейин душпанлардың мен зарын,
Хорезмди алыў менин қумарым,
Алшағырға алып келдим мен сени,
Айбатланып сөйлей берме,душпаным.

Басғанаңнан кетти сенин дәўлет-бақ,
Сен өлгенде ким келеди сораўлап,
Алып келдим Алшағырдың алдына,
Жүт батыр сөйлейди енди табалап.

Мусылмансаң,қорқақсаң сен саяңнан,
Мен қыларман Хорезмди тас-талқан,
Не қайғым бар сендей қорқақ баладан,
Меннен қутылмағын болғанды гүман.

Бул сөзди еситип Герейдин,
Запырандай жүзи солады,
Ашыўы келип батырдың,
Көзи қанға толады.
Аямай қарагер атына,
Қайрылып қамшы урады,
Астындағы Қарагер,
Кәҳәрленгенин биледи.
Аттың кәҳәри келеди,
Ҳасыл тулпар жәниўар,
Енди күшке минеди,
Тоғайдан қашқан суўындай,
Көлдин ушқан қуўындай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жулқып тулпар жөнейди,
Дәрьяның таскан суўындай.
Аш күшигендей бүгилип,
Омыраўдан тер төгилип,
Ҳарылдатып танаўын,
Қос қулағы тигилип,
Герей минген қарагер,
Жер танабын тартады,
Батырдың урған қамшысы,
Жанына қатты батады.
Танаўын тартып жуўырды,
Жер танабын қуўырды,
Тулпардың полат дойнағы,
Таўдың шаңын суўырды.
Жүт батырдың изинен,
Герей мәрт қуўып жетеди,
Жүт батырдын сыртынан,
Ак найзасын салады,
Найзасына илдирип,
Атынан аўдарып алады,
Лашындай болып ер Герей,
Гейдесине қонады,
Қынапқа салса қылт еткен,
Қойып қалса сылт еткен,
Суўырып алса жалт еткен,
Ақ қанжарын алады,
Алқымына залымның,
Салмаға майыл болады.
Ыңыранып жатып Жүт батыр,
Герейге қарап зарланды:

— Арзымды есит, Герей батыр, жан балам,
Өлмей қалар қайсы бенде дүньяда,
Мен сынадым сенин қатты кәҳәриңди,
Қарагериң қутқара ма қашқанда?

Барсаң Алшағырды қыларсаң ўайран,
Алшағырдың қутылмағы нәгүман,
Тоқсаўылдан сени әдил көремен,
Бурынғыдан қалған жол ғой сынаған.

Батыр болған ғайратына қуўанар,
Дана жигит өзиниң журтын қайғырар,
Алшағырға келди деген хабарың,
Ғаўасатын Алшағырды қорқытар.

Астыңдағы атың тулпар Қарагер,
Қарагерге салсаң алтын ғубба ер,
Саўаш күни минип шықсаң астыңа,
Айбатыңнан душпанларын титирер.

Алмас қылыш белиңизге жарасар,
Астында ойнайды Қарагер тулпар,
Иним деп мен қалғаным жоқ жаныңнан,
Маған көрдиң өлимди сен миясар.

Батыр Герей дәрхал орнынан турып,
Жүт батырдың дәрриў мойныны бурып,
Жүт батырдын қулақ-мурнын түбинен,
Журдай етип кесип алды дужырып.

Жүт батырға зорлығыны билдирип,
Қулақ-мурнын кесип, өзине жедирип,
Көргениңди айтып бар, деп, патшаңа,
Жиберди атына терис миндирип.

— Жақсы адам жаманларға салмайды нәзер,
Елши болсаң, болма бундай бийкарар,
Көргениңди Тоқсаўылға айтып бар,
Ҳәрким жаман болса пейлинен табар.

Бизге пәтия берип қалды Бабахан,
Жақсы адам сайыл болмас халқынан,
Сумлық таўып қызыл қанға боялып,
Сен айрылдың қулағыңнан, мурныңнан.

Душпан билме хеш ўақытта досыңды,
Ағызарман патшаның көзде жасыны,
Бир жигитим қырық мыңына тай келер,
Топлап келсин Алшағыр дәў күшини.

Пидә болар ашықлардың бир жаны,
Саўаш күни қызар мәрттиң ҳүжданы,
Айтып барғыл Тоқсаўылдай ханыңа,
Саўашта төгилер душпанның қаны.

Сөзимди есит, Тоқсаўылдың султаны,
Ашыўланса Алшағырдай палўаны,
Хорезмниң журтын аламан десе,
Келди деңиз бүркитманғыт арысланы.

Ендиги сөзди Жүт батырдан еситиң.

Астында Жүттиң тастуяқ,
Қулақ, мурыннан айырылып,
Қызыл қанға боялып,
Бәринен болған шуп-шунақ,
Шийрин екен тәнде жан,
Қутылып Герей батырдан,
Кейнине қарап қашады,
Жүт елши Герей батырдан.
Журдай мурын, қулағы,
Қашып әбден сыяғы,
Қарап-қарап кейнине,
Жүт батыр қашып барады.
Қанлыөзектиң бойында,
Қулақ салып тыңласа,
«Айда!» деген бир даўыс,
«Қайда?» деген көп даўыс,
«Қашып жүрген жалғызды,
Шайна!» деген бир даўыс,
Қулағын жарып барады.
Бир бәлениң болғанын,
Жүт сол жерде биледи,

Атынын басын бурады,
Бир жырада турады,
Ат жалына сүйенип,
Қарсы алдына қарады.
Бир кисини көреди,
Бойы бар онын бес аршын,
Турпатына карасан,
Ени де бар кос аршын,
Киятыр бир арыслан.
Қарамайды,кан сасып,
Қабаклары жабыңкы,
Аўзы-басын түк басып,
Нәзер салып қараса,
Жетип келди Алшағыр,
Жүт батырдын касына.
Жакынлап келип Алшағыр,
Жүт батырға караса,
Қулак,мурнынан айырылған,
Қанатынан кайырылған,
Бети,аўзы кан болған,
Алшағырға таң болған,
Секилсиз жанды көреди,
Жүт батырдын Алшағыр,
Аўхалын енди биледи.
Атынын басын бурады,
Жүтке жөнлеп карады,
Гүркиреп турып Алшағыр,
Аўхалын Жүттин сорады:

— Қулак сал сөзге,Жүт палўан,
Айрылып кулак,мурныңнан,
Атына терис миндирип,
Бул сумлыкты ким кылған?

Көкиреги өскендей,
Бабахан меннен зормеди?
Қулағынды кескендей,
Елинде батыр бармеди?

Аўзы-мурнын болып қан,
Кеўлине салып көп әрман,
Кесип кулак,мурнынды,
Қызыл канға бояған.

Бундай ерси ис еткен,
Қандай күшли арыслан?
Батырлығын көрсеткен,
Туўыпты кашан анадан?

Енирел турып Жүт батыр,
Алшағырға сөйледи,
Көкирегин басалмай,
Алшағырға шағынып,
Сөйлегенде не деди:

— Хорезмнин патшасы еди Бабахан,
Ол еллерден зәкат алды көп заман,
Аямастан улы-кызын шуўлатып,
Токсаўыл хан акырет берди көп оған.

Бабахан ол Токсаўылға бағынған,
Токсаўылхан зәкат алып халықтан,
Қарсыласса саўаш ашып майданда,
Қылышынан ағызды ол қызыл хан.

Саўаш ашып қылыш урып ол мудам,
Зорлык көрди Хорезмде көп адам,
Ат көтерип даңқы түсип әлемге,
Герей деген батыр туўды анадан.

Герей батыр келген екен шағына,
Дәўлет питкен ғош жигиттин бағына,
Келеғойса баўдай кесип геллесин,
Герей минер Тоқсаўылдын тахтына.

Жасы он төртинде,өзи бәркаман,
Айбатынан титирейди жер-жәхән,
Қарсы турсан кесип алар басынды,
Ғайратына карсы туралмас душпан.

Елши болып Тоқсаўылдай патшаға,
Мен барғанман Хорезмдей калаға,
Акырзаман салар келип басына,
Ондай батыр хеш келмеген дүньяға.

Қулағымды кесип,жылатты зар-зар,
Үш батыры,бес мын ләшкер және бар,
Қарсы екен Герей ерге Қыдыр шал,
Сорасаңыз меннен,әне,сол хабар.

Бул сөзимди тынланызлар,калмақлар,
Менин айтатуғын сизге арзым бар,
Айтып келдим Герей батырдың сырын,
Ендигисин өзиңиз бил,ықтыяр.

Алшағыр сөзди тыңлады,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайға сыймай туўлады,
Алты мыңдай ләшкери,
Алшағырдың бар еди,
Герей ердиң алдына,
Ләшкердин бәрин айдады.
Таң сәхәрден жол жүрип,
Ләшкерлерин айдатып,
Қара тобын сүйретип,
Хәр мәнзилде топ атып,
Ерте турып,кеш жатып,
Песин ўакта Алшағыр,
Төбеге шығып караса,
Көп тозанды көреди.
Шан астына караса,
Жаўырынлары какпактай ,
Хәр билеги токпактай,
Танаўлары шапшактай,
Кулақлары калкандай,
Омыраўы есиктей,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Турпаты келген бесиктей,
Ақ найзасы қалтырап,
Маңлайы айдай жалтырап,
Алмас қылыш жалтылдап,
Қарагер атын ойнатып,
Киятырған Герейди,
Алшағыр дәў көреди.
Сымбатынан батырдың,
Герей екенин биледи,
Алмас қылыш белинде,
Сауыты бар үстинде,
Сәре тулпар астында,
Герей ердиң кейнинде,
Әлийдейин ҳайбатлы,
Аққозыны көреди.
Ақжал аттың үстинде,
Қарағай найза дәстинде,
Арыслaндай төрт батыр,
Жаўды жеңбек қастында,
Төрт батырды көрген соң,
«Жол болсын сизге, ерлер» деп,
Алшағыр турып сорады:

— Басымда бар латманаттың салғаны,
Дәўлет қайтса,ердиң өтер дәўраны,
Жас басыңнан даңқың түскен әлемге,
Қайсың болар Бүркитманғыт палўаны?

Қазан урса солар бағдың гүллери,
Жаҳанда бар Тоқсаўылдың шенлери,
Бириң уқсап турыпсызлар бириңе,
Қайсысыңыз Маңғыт елдиң беглери?

*Саўаш болар батырлардың әрманы,*
Бизиң елге түскен Герейдиң даңқы,
Батыр болсаң майданға шық,геллеғар,
Сонда мәлим болар кимниң палўаны.

Алшағырдың сөзи қатты батады,
Ер Герей күшиниң бәрин жыйнады,
Күшке минди қәҳәрленип арыслaндай,
Кәраматлы пирлерин яд қылады.

Ҳеш ўақта да душпанынан қайтпаған,
Сырын ҳәргиз душпанына айтпаған,
Саўаш күни Қарагерди ойнатып,
Тайсалмайды Алшағырдай залымнан.

Қолында бар кескир қылыш-испахан,
Оның ҳайбатынан титирейди душпан,
Әйдарҳадай жалын шашып аўзынан,

Дәўге қарап бир сөз айтты Герейжан:

— Қулақ салың,Тоқсаўылдың палўаны,
Қалмақларда қалды Хорезм қаны,
Ҳайбатланып сөйлей берме,Алшағыр,
Урыссаң,шық,анаў саўаш майданы.

Ақырып,басыма салмағыл заўал,
Бизден ҳасла ойламаңыз қыйлы қал,
Алшағыр дәў,әўел нәўбет сеники,
Сизге бердим,келип нәўбетиңди ал.

Бул сөзлерге Алшағыр дәў қуўанды,
Айландырып алты батпан шоқмарды,
Ер Герейге қәҳәрленип Алшағыр,
Жолбарыстай ыңыранып жуўырды.

Ер Герейдиң сауытлары сөгилди,
Көзинен қанлы жас жерге төгилди,
Дәўдиң шоқмарының зардабы менен,
Аттың дизесинен жерге көмилди.

Алшағыр шоқмарын көтерип қолға,
Айландырып көтереди ҳаўаға,
Ҳәдден зыят қәҳәрленип Алшағыр,
Шоқмарын урады таўлап балаға.

Дәўден қорқып Герей батыр зар-зар жылады,
Еки көзден қанлы жаслар парлады,
Шоқмардың пәтинен қорқып ер Герей,
Түкли Әзиз пиринен мәдет сорады.

«Босат!» деген саза келди аспаннан,
Сазаны еситип болды шадыман,
Герей сонда таўдай күшке минеди,
Дәўдиң шоқмарынан қалады аман.

Алшағыр дәў аттың басын бурады,
Шоқмарын қолына көтерип турады,
Қайтадан шоқмарын бәлент көтерип,
Герейдиң басына қатты урады.

Бул шоқмарға Герей ер бел бермеди,
Алшағырды қатты ашыў кернеди,
Қәҳәрленип аш жолбарыстай ақырып,
Ашыўланып көзлери жер көрмеди.

Алшағырдың иши оттай жанады,
Қәҳәрленип және найза салады,
Тайяр болып Түкли Әзиз бабасы,
Өтпей қалды Алшағырдың найзасы.

Сонда Түкли Әзиз бабасы ер Герейге қарап бир сөз айтты:

— Сен жыладың,балам,мунша зар-зар,
Мен болғанман халыңыздан хабардар,
Атыңнан түс,алыс,балам,дәў менен,
*Ғайратыңды көрсин,балам,залымлар.*

Түкли Әзиздиң сөзин Герей тыңлады,
Бабасының айтқан тилин алады,
Герей батыр аш арыслaндай ақырып,
*Алшағырдың жағасына қол салды.*

Еки батыр ат үстинен алысты,
Гүркиресип жағаға қол салысты,
Күн тикленип әйне сәске болғанша,
Ат үстинен буўырқанып тартысты.

Жулқып-жулқып тартты ер Герей қайтпай,
Биринен бириниң ғайраты артпай,
Тартысса да буўырқанып буўрадай,
Бирин-бири аттан жығып алалмай.

Атларының бели жайдай бүгилди,
Көзлеринен жасы мөлт-мөлт төгилди,
Еки батыр бирин-бири алалмай,
Саўытының жағалары сөгилди.

Еки батыр атларынан түседи,
Бир-бирине қабакларын үйеди,
Беллесиўге таярланып екеўи,
Арқан буўып,келте шекпен кийеди.

Бир-биринен ашырым алады,
Қошқардай болып дүгисип,
Жағаға қоллар салады,
Буўырқанып Алшағыр,
Аўзынан көбик шашады,
Айдархадай ысқырып,
Жалынлы от шашады.
Күшли еди Алшағыр,
Балаға пәнже салады,
Ҳә,дегенше Герейди,
Баўырына тартып алады,
Тарақы алып Алшағыр,
Аш белинен қысады,
Қараўытып Герейдин,
Еки көзи тынады.
Алшағыр қатты қысқанда,
Қос қабырға сынады,
Намысы келип Герейдин,
«Пирлерим» деп жылады.
Аўзынан қан қуйылып,
Өлерин Герей биледи,
Дәў қолында зар жылап,
Пирлерден мәдет тиледи,
Алшағыр дәўдиң қолында,
Герей зарлап турады,
«Ғайып болып кеттиң» деп,
Пирлерине жылады.
«Шайтан ба едиң,жин бе едиң?
Баба,саған неттим?» деп,
«Алшағырдың қолына,
Гириптар мени еттиң» деп,
«Умыттың ба,жан баба?
Мени таслап кеттиң» деп,
«Мен еле жас баламан,
Не гүнайым бар еди?
Рәхим етпедиң сен маған,
Жаңа келдим дүньяға,
Ким болады маған яр?
Түкли Әзиз бабам» деп,
«Жолыңда болдым интизар»,
Деп Герей еңиреп турғанда,
Қолында сырлы ҳасасы,
Белинде бар потасы,
Жетип келди алдына,
Жети ғайып бабасы.
Алшағырдың қолында,
Герей ерди көреди,
Балаға рәхими келеди,
Герей де көрип бабасын,
Зар еңирей береди.
— Қызыл гүлиң солмасын,
Қапа болма балам! — деп,
Пирлерден кеўлиң қалмасын,
Тоқсаўыл ханның елинде,
Жәдигөй ғарры бар еди,
Сол ғаррылар болмасын,—
Деп ойлама бизлерди.
— Жығылар болсаң,жан балам,
Биз сүйеймиз сизлерди,—
Деп бабасы турады,
Ҳәр бетинен бир сүйип,
Маңлайынан жуп сүйип,
Таңлайына түкирип,
Ҳәр жағына урады,
— Ҳаўлықпағыл,балам! — деп,
Жаўырынына пәнже салады.
Батыр туўған Герейдин,
Көкиреги тасады,
Алшағырдай дәўлердиң,
Билеклери талады,
Буўынлары босасып,
Герей демин алады.
Азырақ демин алған соң,
Күшине күш қосады,
Жолбарыстай ыңыранып,
Дәўге жамбас салады,
Белинен беккем қушақлап,
Қатты қысып алады.
Көзинен жасы моншақлап,
Аяғы таска көмилди,
Аш арысландай ақырып,
Алшағырды көтерди,
Дизесине миндирип,
Тағы да бәлент көтерди,
Қызыл жүзин солдырып,
Көкирегине миндирди.
Кеўлине ғам толтырды,
Айландырып басынан,
Таўлап жерге урады,
Қанжарын қолға алады,
Алшағырдай залымды,
Қарқыратып шалады,
Геллесин кесип алады,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанын суўдай шашады.
Батырдың кеўли тасады,
Гүбирлетип геллесин,
Бөктергиге байлады,
Геўдесин оның қыйнады,
Батырдың мийри қанады,
Көзлери оттай жанады,
Кеўли суўдай тасады,
Атына қамшы басады,
Талай қырдан асады,
Алшағырдың геллесин,
Ләшкерине алып барады.
Ләшкерлер ҳайран қалады,
Жанқозы менен Сәрўанлы,
Герейге жақын келеди,
Шад болып бәри күледи,
Өлгенин дәўдиң биледи,
Герейге қарап сөйледи:

— Герей батыр,саған айтар арзым бар,
Душпанларға салдың енди қайғы-зар,
Алып келдиң Алшағырдың геллесин,
Бизге қарап оқ атады қалмақлар.

Бул дүньяға ҳәргиз келмес сендей ер,
Қолыңызға наймыт болды Алшағыр,
Жан аямай қалмаққа от қоямыз,
Бизлерге,Ер Герей,тезирек жуўап бер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

49 - ТОМ



# ҲАТАМ-ТАЙ

*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*
*Жазып алған: М.Сейтниязов*
*(1956-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

**Биринши бөлим**

Бурынғы өткен заманда,
Заманның кәдим ўақтында,
Рейимсиз аққан Ақдәрья,
Ақдәрьяның бойында,
Ақмақ патша елинде,
Көкентаўдың шетинде,
Аршалы деген тоғайда,
Найман ғарры бай еди,
Төрт түлиги сай еди,
Найман деген ол байдың,
Сегиз жүздей бар еди,
Онда енди қара мал,
Жылқысының саны жоқ,
Мал бағыўшы падашы,
Аты еди Ерұлан,
Қарақалпақ халқында,
Уйғыр деген урыўдан.
Маллар бағып бийшара,
Еңбек бастан кетпеген,
Он еки ай тапқаны,
Шапаны менен етикке,
Ҳасла енди жетпеген.
Ол Ерұлан қасқаның,
Бир қатыны бар еди.
Анадан туўған секилсиз,
Атын Толған дер еди.
Толған менен Ерұлан,
Жыртық көрпе ийнинде,
Ыссы қуяш мийинде,
Сансыз малдың кейнинде,
Арқаланып екеўи,
Маллар бағып бийшаралар,
Жүриўши еди тоғайда.
Сол тоғайдың шетинде,
Гөне тамның қасында,
Найман деген ол ғарры,
Мал корасын салады,
Жол жайда малы жайлады,
«Гөне тамды бастырып,
Ишинде мәкан қылайын»,
Дейип енди Ерұлан,
Сол сумлықты ойлады.
Жыртық тамды жылытып,
Есиклери қамыстан,
Мәкан қылып отырып,
Қатыны болған ол Толған,
Жүкли еди сол заман,
Еки қызды туўады.
Бириниң атын қойды Тай,
Бириниң атын қойды Ай,
Балаларды әлпешлеп,
Жыл өткен соң арадан,
Тағы болды бир қызы,
Атын Қумыры қояды.
Үш қыз болды дым сулыў,
Көрген адам олардың,
Жамалына тояды,
Атасы менен анасы,
Шийрин жанды қыйнады,
Ол қызларды бағалмай,
Көзлери оттай жайнады.
Үш қыз енди селкилдеп,
Қосылып енди ойнады,
Реҳим қылып адамлар,
Ерұландай сорлыға,
Кийим-кеншек ҳәм шапан,
Теңгелер берип сыйлады.
Сол ўақлары болғанда,
Ерұланның үш қызы,
Тоғайдан ағаш келтирип,
Тағы бир гөне тамыны,
Сылап-сыйпап оңлады,
«Не қылады қызлар» деп,
Анасы көзди жаслады,
Ата-анасының жанында,
Жатпай енди бул қызлар,
Өзлериниң жайында,
Бирге күлип ойнады.
Бир күн ееди Ерұлан,
Қараса шығып майданға,
Өзинде бир шыра жоқ,
Қызларының жайында,
Жайнаған жақты көринди,
Аяғын ғаз-ғаз басады,
Ерұландай бийшара,
Мойнын созып есиктен,
Сол ўақтында қараса,
Үш қызының қолында,
Үш китапты көреди,
Қәлем алып қолына,
Олар оқый береди.
Еки адам қасында,
Бир сулыў қыз қасында,
Алтын тақыя басында,
Өзи он сегиз жасында,
Ай менен ол Тайға,
Жақсы сабақ береди.
Әсте ғана Ерұлан,
Буны көрип бийшара,
Шүкирлик қылып жатады,
Ертең таңлар атады,
Ерұлан турып қараса,
Қызларының қасында,
Адам түўе дымбыл жоқ,
Ақ мамыққа ол қызлар,
Сүйенип енди уйқылап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жатқаныны көреди.
Кемпири менен Еруғлан,
Малына қарап кетеди,
Хәр күн ақшам болғанда,
Қызларының жайында,
Еруғлан жақты көреди,
Индеместен жатады.
Алды келди он бирге,
Кейингиси тоғызда,
Бул қызлардың өзине,
Жақсы кийим кийгизди,
Таранысып турады,
Қызлар турып орнынан,
Үшеўи енди тиркесип,
Таў аралап кетеди,
Кеште жайға жетеди.
Тай киреди он төртке,
Китапларын арқалап,
Үшеўлери сол ўақта,
Келип кирди жайына.
Еруғлан менен қатыны,
Барды қызлардың жайына.
Есик бетте отырып,
Қатын менен қызлардың,
Төр бетине өте алмай,
Қызларға қарап Еруғлан,
Бир-еки аўыз сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Таўдың басы әлўан-әлўан лалазар,
Перзент болса ата-анасы қуўанар,
Он төрт жаста қайғы салып басыма,
Мендей шалды жылатар болдың зар-зар.

Рәҳим әйлейгөр, балам, көзде жасымды,
Сизлер айырдың ата-анаңнан қосыңды,
Қан жылатып мендей бахтықараны,
Тийдирмегил, балам, маған кесинди.

Сарғайыплар атар енди сары таң,
Жайларың жақтыды хәр күн қарасам,
Китап берип, сабақ айтып сизлерге,
Белгисин айт, балам, оның қайсы адам?

Өзиң Тай қыз, жалғаншыда данасаң,
Мен қарайман, таўға ғайып боласаң,
Айтқыл маған, балам, енди сырыңды,
Хәр күн кетип, енди қайда барасаң?

Сен бузылсаң душпан кеўли болар шад,
Кеткениң атаңа күнде болар дәрт,
«Бай қыдырды», дейип енди ойласам,
Болғаның жоқ енди, балам, бәлаҳат.

Ырас сөйле, киши қызым Қумырыжан,
Сизлер кетсең муңаяды ата-анаң,
Барған жериң, балам, бекен жақсылық,
Сырларыңның айтқыл енди, ўа, балам.

Бул сөзди атасы айтқан ўағында, қызлардың бетлери қызарып-солып:
— Бизлер шәҳәрде оқыйық десек, ағайин-туўған жоқ. Оқыў адамзатқа дәўлет пенен бақ. Перилердиң патшасы үстимизге келип, жарлылығымызға рәҳим қылып, «ақырында қыз болса да бийшараларға улдай рәҳәт берер, мынаў үш ғана қызы ладан, саўатсыз қалмасын» деп, хәр күни бизге үш муғаллим жиберетуғын еди. Мийин күнге күйреп, тыштабаныңды малдың дәрисине басып сүйреп, байы урған қатындай үсти-үстине келе бердиң өз-өзиңнен сөйлеп. Буны жақтырмай кетти бизиң муғаллимлеримиз таў ишине гүўлеп, — деп ата-анасына бир-еки аўыз айтады жуўап:

— Жан атажан, айтар саған арзым бар,
Бир сөз айтсам келмеспекен ол мәлел,
Оқымаса бул жаҳанда адамзат,
Күни өтер мийнет пенен қайғы-зар.

Келгенлерге болды, ана, кеўлиң тар,
Хәр сумлықты маған көрдиң миясар,
Рәҳим қылған перилердиң султаны,
Мектепке қыламыз хәр күн биз сапар.

Барсақ, жақсы жайлар, турсақ болып шад,
Тиллери мазалы, қылар минаққат,
Береди таҳамды енди аямай,
Жаҳанның жүзинде сол оқыў рәҳәт.

Билимсизден жанға саласыз зулымды,
Азаптан тилейсиз хәр күн өлимди,
Ладанның өлими дүньяда қор-ды,
Әўелинде сиз татпаған билимди.

Адам болсын бул жаҳанда саўатхан,
Бул жолларда жақсылық бар, жоқ жаман,
Хәр сумлықты келтирмегил кеўлиңе,
Бул оқыўға қыйналмаңыз, атажан.

Шайтан салар бендесине қыйын дәрт,
Ладан өтсек бастан кетпейди мийнет,
Оқығанға шад болагөр ата-ана,
Бизлерден көрерсиз ақыры рәҳәт.

Бизлер кетсек бир мәзгилдей жолы бар,
Балам жоқ деп қылма, ата, қайғы-зар,
Оқыўдың қәдирин билмеген ладан,
Өсек қылар өзин билмес душпанлар.

Адам тоймас жалғаншыда билимнен,
Оқымаған айрылмайды зулымнан,
Үшеўимиз бирге барып келемиз,
Олар ҳасла жүрмес шайтан жолынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Боламыз песинде оқыўдан азат,
Биз оқысақ күн-күннен сиз болар шад,
Тазалап отырғыл енди жайынды,
Атажан, қыйналма, бергил рухсат,—

деп, бул сөзди Тай менен Ай айтып атасына, анасына тәжим қылады.

Сол ўақта ата-анасы күлип-ойнап:

— Әй, балаларым, алпыс бир дейди жасымды, сизлерди келеге келтиремен деп анаңыз күнге күйретти шашыны. Нешше жыл болды дүнья тар, нешше жыл шектим қайғы-зар. Сизлер көзге көрингели өсип-өнди қолымыздағы дүнья-мал. Күлип-ойнап мектепке бара бериң, саў-саламат келе бериң, аллияр,— деп ата-анасы шад болды.

Айтқан сөзге сол ўақта,
— Дәўлет келген екен ғой,
Мениң енди өзиме,
Булыт киби бүркелип,
Қарап мен бир жибердим,
Муғаллимниң жүзине.
Жарықлықты көргеннен,
Неге енди кайтпадым,
Ақыл берип, изиме,
Сөйтип мениң барғаным,
Сөйтип мениң келгеним,
Таба болмағай қызыма,— деп,
Атасы менен анасы,
Қуўанып енди қалады.
Тай қызы менен Ай қызы,
Қумыры менен қосылып,
Тал жипектей есилип,
Адымын бир-бир басып,
Көзин сүзип, қасын қағып,
Көргенниң ақлын алады.
Гүлдей болып оралып,
Қылдай бели буралып,
Жақсы сөзди еситип,
Қызлар әбден жаснады,
Мектепке қәдем таслады.
Барып енди сол ўақта,
Алтын сарай мектепке,
Муғаллимнен хәр түрли,
Сабақларды алады.
Айы менен енди Тай,
Он сегизге келгенше,
Сол саўатхан болады,
Талдай мойнын бурады,

Ай менен Тай қосылып,
Перилердиң патшасы,
Шамун деген хан екен,
Тамаша қылып балларға,
Келген енди ўақтында,
Айды, Тайды оқытқан,
Муғаллими сол жерде,
Хызмет қылды ханына,
Ханның кетер ўағында,
Қол қаўсырып Ай хәм Тай,
Бир сөз айтып ханына
Сөйлей берди сол мәҳәл:

— Арзымды есит, қулақ салғыл, енди хан,
Қыйналғанда кемлик тартар тәнде жан,
Гедейлигин кеўлиңе алып атамның,
Рәхим қылдың бийшараға, әй, султан.

Кәмбағалдың кеўлин қылдың енди шад,
Ладанлық ғой адамзатқа қыйын дәрт,
Ата-анаға енди хызмет қыламыз,
Көрсин олар бизлерден көп рәхәт.

Жаман сөзге ашынады тәнде жан,
Ата-анамыз қутылғанды қайғыдан,
Берсең рухсат күлип-ойнап бизлерге,
Әй-я, ханым, сизден бәрха ыразыман.

Муғаллимлер көп бир қылды ол ғайрат,
Өлгенинше көрсин олар дүньяда олар шад,
Әўел рухсатты тилеймен сизден,
Муғаллим қылсын, әй, бизлерди азат.

Сол ўақта муғаллимниң де ўақты хош болып, «ақыры мурадына жететуғын қызлар екен»,— деп, ханның тәрепинде турып, өзи устазлық қылып, Ай менен Тай, Қумырыға қарай берип, бир-еки аўыз сөз айтады:

— Қызларым, оқыўға еттиң ықтықат,
Хәр сабақта болды мениң кеўлим шад,
Қабыл қылдың устазыңның сөзини,
Мен айтайын бир-еки аўыз нәсият.

Ақыллысыз Айлар менен, әй, Тайжан,
Бойыңа болайын дүньяда қурбан,
Әдеп пенен билим алып устаздан,
Әўел рухсат сен сорадың патшадан.

Бул гәпиңе, балам, болды кеўлим шад,
Бул илимде ҳеш болмассаң бийрәхәт,
Теңиң таўып қосылагөр дүньяда,
Өлгенше айтаман мен саған рахмет.

Ябы шықпас бедеў аттың өңине,
Нашар шыдамайды енди кемине,
Теңиң таўып бергил, балам, ықтыяр,
Нәсиятым: қосылагөр теңиңе.

Алған ярың болсын сизге хәму-дәрт,
Адамның абырайы дүньяда қымбат,
Буннан барсаң атаң менен анаңа,
Өлгенше қылагөр оларға хызмет.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағ ишинде үшеўиңиз бир гүлзар,
Сени көрген тири жанлар қуўанар,
Рухсат алсаң бизиңдейин устаздан,
Та көргенше бизден, балам, аллияр.

Бул гәплерди айтқан соң,
Устазының сөзине,
Ай менен Тай, Қумырыжан,
Болды үшеўи шадыман.
Китапларын алады,
Ашықлардың кеўлине,
Әбден қайғы салады,
Билимди алып кеўлине,
Ордасына ол қызлар,
Салланысып барады,
Не бир, не бир жигитлер,
Көрип еси танады.
Барып енди үшеўи,
Атасы менен анасына,
Бүгилип сәлем береди.
Отыратуғын жайының,
Гилтин алып қолына,
Кирер болса бул қызлар,
Дийўалға ыслым ойылған,
Алтыннан нағыс қойылған,
Ғалылары жипектен,
Перинин қылған хызмети,
Ҳеш жерде жоқ бунындай,
Жақсы жайдың саўлаты.
Көргеннниң ақлын алады.
Қызларды көрип төрелер,
Батыр менен палўанлар,
Қызларға ашық болады,
Нешшелер болар бағда,
Нешшелер отырар тахтта,
Ол заманның өзинде,
Қызы сулыў болса да,
Ол гедейдиң қызы деп,
Алмайтын еди сол ўақта.
Ойланады төрелер,
Ойланады батырлар,
Ойланады палўанлар,
Ойланады моллалар.

Аршалының бойында,
Қуўсырық деген елинде,
Жалғыз молла бар еди,
Ол молланың атыны,
Әлаўатдин дер еди.
Әлаўатдин ол молла,
Бул дүньяның жүзинде,
Нашарға сөзи өтпеген,
Еси бар қызлар,
Еси бар келинлер,
Адам сыпатында көрмей,
Ол моллаға бармаған.
Молланың секили сонындай:
Кирпиклери жабадай,
Аўзы онын урадай,
Сақаллары сорадай,
Өзи қара, көзи көк,
Моллалықтан енди тек,
Өзи еди дуўахан,
Терис дуўаны оқып,
Айрылған еди ийманнан.
Ийманcызлық себеби,
Көп дүньяны жыйнаған.
Өзи кәдирсиз болса да,
Жаманлықты қоймаған,
Атаңа нәлет сол молла,
Жигитликтин хәсери,
Көзи оттай жайнады,
Падашының үлкен қызын,
Алсам енди қәйтер деп,
Сол сумлықты ойлады,
Бир ешкини келтирип,
Есигине байлады.
Шақырып енди халқыны,
— Еруғландай падашы,
Үлкен қызы Тайға,
Барып кел, — деп зарлады,
Жасы үлкен биреўине,
Сөйлей берип не деди:

— Уллы-киши, саған айтар арзым бар,
Мен өлгенде талан қалар дүнья-мал,
Қатын алмай өтер болды өмирим,
Падашының қызының аты енди Тай,
Мен десеңиз, жаўшы болып барынлар.

Молла деген халыққа сөзлер береди,
Саўап ушын енди жанын кереди,
Гедей деп, алмайды оның қызыны,
Меннен басқа қызын кимге береди?

Сол қыздың дәртинен күйип-жанаман,
Тай дейип мен жанды отқа саламан,
Қанша малды салар болса, өзи айтсын,
Олла, енди сол перини аламан.

Сол елде етини жеген, зыяпатын көрген Ақай, Жақай деген еки бийи бар еди. Олар: — Бизлер барамыз, — деп тайяр болады. Ешеклерин минеди. Аршалының тоғайы, қалың шеңгел жыртып бетини, қудалыққа Ақай менен Жақай мардыйысып жөнеди. Саратанның күни еди, өлдим-талдым дегенде Еруғланның шатпасына барып енди түседи. Қарсы алып Еруғлан, мал сойып етти хызметти, бизге бийлер келди, деп. Ертеңгиси таң атты. Қайта-қайта Еруғлан менен қатыны бийлерге жалтаң-жалтаң қарады. Бир-еки аўыз сөз айтып, қонақлардан жол болсын сорады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мал бакқаным Акдәрьяның жерлери,
Мазалыды жақсы адамның тиллери,
Атлар тартып сиз келипсиз бизлерге,
Жол болсын-әй,Қуўсырықтың бийлери.

Өрисим ғой Акдәрьяның саласы,
Мал бакқаным Көкентаўдың жырасы,
Болдың мийман енди келип бизлерге,
Жоллар болсын Қуўсырықтың ағасы.

Рәҳим етесең нешшелердиң жасына,
Питкересең ели-халықтың исини,
Сизлер келип,аштым енди көксимди,
Баян әйлең бизге түскен исинди.

Душпанда болады мәртлердиң өши,
Қамықса,ағады адамның жасы,
Қонақ болып түстиң енди бизлерге,
Яки медиң баратырған жолаўшы?

Сонда Жақай менен Ақай белин беккем байлап,жан-жағына қарап,қақырынып,жөткиринип:
— Бизлер Әлаўатдин молладан келген жаўшы боламыз,Тай атлы қызына,— деп бир-еки аўыз жуўап айтады:

— Арзымды есит,достым болған Ерuғлан,
Нәмәрттиң ўәдеси дүньяда жалған,
Жаўшы болып келдим Тайдай қызына,
Әлаўатдин деген енди молладан.

Ашық болған енди шегер қайғы-зар,
Қуда болған аямайды дүнья-мал,
Жаўшы болып келдик енди қызына,
Молла көрген өзине енди миясар.

Ақылынды қартайғанда кересең,
Ақыл болсаң,бий кейнине ересең,
Қуда болдым Әлаўатдин молладан,
Қудалықты енди қалай көресең?

Батыр гезер қыя майдан шөлини,
Жақсы алар адамзаттың тилини,
Ол да болса,бул да болса илимхан,
Қайтармағыл ол молладан кеўлинди.

Бул гәплерди еситип,
Қуўанады Ерuғлан.
— Бизге қуда келди,— деп,
Болды сонда шадыман.
Бағар еди Ерuғлан,
Сегиз жүздей ҳайўанды,
Келе ғойса бир адам,
Күни ушын бийшара,
Күтер еди мийманды.
Көзи оттай жанады,
Кемпирге кеңес салады,
Кемпир деген бийшара,
Бул да жуўап береди.
Буны еситип енди Тай,
Ата-ананың бул исин,
Әбден жаман көреди,
Сол ўақлары болғанда,
Ерuғландай бийшара,
Жақайға сөйлей береди,
Сөйлей берип не деди:

— Жақай аға,енди өзиң билесең,
Бул ислерге төреликти бересең,
Биз де сизиң енди,ойлаң,балаңыз,
Қуда болсаң,ел қалыңын бересең.

Тойларына қойдан сойсам семизди,
Бий деп мен сыйлайман дүньяда сизди,
Бас қалыңын енди сизге айтайын,
Байлайғойсын қоңыр шолақ өгизди.

Бий сөзине ели-халықлар ереди,
Жақсы бийлер халыққа ақыл береди,
Еки шақы ақ маңлайда ойнаған,
Анасына алты саўын береди.

Мениң қызым ҳасыл туўған бийбаҳа,
Қулаққа таққаны алтыннан сырға,
Қыз қалыңы жүз тилла және бир жорға,
Қалдырмастан бәрин енди береди.

Тойда тоймасына сөгеди ладан,
Тойлықлары болсын алпыс туўардан,
Бундай қалыңларды айтпай нетейин,
Молла қурғырынның секили жаман.

Қулақ салсын молла айтқан сөзиме,
Тәўелле қылып қайтып келме изиңе,
Молланың болмайды ҳешбир сақыйы,
Барсаңыз айтыңыз усындай сөзди.

Бул сөзлерди айтқанда,
Шақақ урып бий күлип,
Ийилип қуллық айтады,
— Өзи еди падашы,
Саңыраў өскен адам еди,
Таўып айтып сөзини,
Қәдирли тутты қызыны.
Айыбы екен кәмбағал,
Билгиш екен кәллағар,
Усындай киси болсын,— деп,
Моллаға қарап еки бий,
Талтақласып жөнеди.
Молла деген ол залым,
Ғамға кеўлин толтырып,
Ҳәр бир нәрсе етинип,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийман келер кисидей,
Барлық жерди ол төсеп,
Отырған еди күтинип.
Тоғайдан шыққан адамдай,
Ешек аңқырған ўақтында,
Аўзы-мурны шаяндай,
Аяғы жерге тийместен,
Көтерип алды бийлерди.
— Кустан қашқан кояндай,
Бийлер,бетиң лалазар,
Иси питпеген,ўай,адам,
Қорқканынан мунаяр,
Сөйлей бериң,бий аға,
Таўып келдиң не хабар? —
Дейип енди ол молла,
Шубатылып сәллеси,
Сүйретилип мәллеси,
Апалаклап,бийлерге,
Қыла берди хызметти.
Ендиги сөзди еситиң,
Қыз айттырған бийлерден:

— Адам билмес падашынын ойыны,
Жерлеген-ди Акдәрьянын бойыны,
Қызы сондай сулыў екен дүньяда,
Питкерип келгенмен,молла,тойынды.

Мен билмеймен,молла,катты деп сизди,
Тыңлаттық атаңа биз барып сөзди,
Бас қалыңға алып барып байлаймыз,
Берерғойсаң қоңыр шолақ өгизди.

Куда болып,айтканыны буйырды,
Саўдырасаң оған алты сыйырды,
Қыз кийими тағы,молла,мойныңа,
Тойдырсаң,аласаң оныңдай қызды.

Ший қалыңы тағы енди жүз тилла,
Атаң минбек болды енди бир жорға,
Тойлығына алпыс туўар берерсең,
Ендигисин өзиң билгил,әй,молла.

Сол ўақтында бул молла,
Жән-жағына қарады,
Еринини жалады.
Күле шырай сыр берип,
Еки бийге бир қарап,
Бир сөз айтып сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

—Айналайын,бий аға,
Болайын сеннен садаға,
Аңсат етип мүшкилим,
Дүньяда өзиң бийбаҳа,
Айтармекен деп едим,
Бес жүз тилла,он жорға,

Қойдан алып семизди,
Айтар деп отыр едим,
Он еки саўын сыйырды,
Алты және өгизди,
Бундай қалың малларды,
Ешейин адам айтады,
Питкерип келдиң бул тойды,
Мен сыйлайман сизлерди,
Алар болсаң дүнья-мал,
Питкей-дағы бул той деп,
Отыр едим ойланып,
Бәри питер өзимнен,
Көп дүнья артып калады,
Анаў турған аршадан,
Барып енди алыңлар,—
Дейип енди бул молла,
Ел бийлеген бийлерге,
Ықтыярын береди.
Таң атыўдан ызғытып,
Айдап қыздың қалыңын,
Алтыннан бир гебеже,
Алты нарды тарттырып,
Алты нардың өзине,
Май,гүришти арттырып,
Қызға қарап жөнеди,
Келин-қызлар жыйналып.
Атты минип бул молла,
Сақаллары сәррийип,
Атты шапқан ўағында,
Тойды көрген қыз-келин,
— Зая болды арыў,— деп,
Бара берди жыйналып.

Ендиги сөзди досларым,
Ай менен Тайдан еситиң.
Тайдың көзи жасына,
Шыдамай енди сиңлиси,
Атасы менен анасы,
Отырған жайға барып ҳәм,
Зарлап турып сөз айтты:

— Атажан,қулақ сал мениң сөзиме,
Кум толды ма сениң еки көзиңе,
Жаман бийдиң алып енди тилегин,
Рәҳимиң жоқ па бул Тай атлы қызыңа?

Әлем күўанады бетте мениңе,
Адам еремекен жаман тилине?
Тайдай апам сени қапа қылды ма?
Берсең бойма,ата,қызды теңине?

Жаманның сөзине неге ерерсең?
Ақылыңды терис жолға кересең,
Тай апам ғой,енди жылап келгенде,
Жан атажан,кандай жуўап бересең?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Арыў өзи,ақ жүзинде барды кал,
Жаннан кешип,алдың енди дүнья-мал,
Сен бермесең ол апамды теңине,
Болмаймекен бул ислериң,ўай,обал.

Бедеў минген бәлент таўдан асады,
Қартайғанда адамыйзат сасады,
Жақпаған тағамды жесе адамзат,
Мейли алмай ақыр бир ўақ қусады.

Нешше ашық заманында өкинди,
Сыйыр дейип ол анамыз секирди,
Қыз нашар ғой,енди әзиз болады,
Молла енди сол бир тағам секилли.

Қызлар шашын бестен таллап өреди,
Ата-анаға ықтыярын береди,
Аўылларға ол иймансыз келгенди,
Тай апамыз ийттен жаман көреди.

Қаракөлден тердим енди қамысты,
Еситип,ағыздым көзимнен жасты,
Молла алса Тайдай сулыў арыўды,
Мен етемен жезде деўге намысты.

Қыял етти анам ханлар,төрени,
Батыр жигит ат қуйрығын өреди,
Әлаўатдин Тай апамды алды деп,
Ақдәрьяда сансыз адам күледи.

Буны еситип Еруғлан,
«Туўмай кеткир қызлар» деп,
Шарбынады сол заман.
Анасы деген бийшара,
Қайта-қайта жылады,
Көзинин жасын булады,
Өзиң көрген енди Тай,
Атасының көзинше,
Енди қайыл болады,
Жылады енди майданда,
Апа-сиңли зар-зар,
Келип қалды қудалар,
Көтерип алып нешше адам,
Елден отаў келтирип,
Туўшаларды сойдырып,
Елге тойды береди.
Қос табақтан тарттырып,
Бақсы-жыраў айттырып,
Беглерге шарап иширди,
Ғамға кеўлин толтырды,
Небир ғошшақ жигитлер,
Қан жылаған бул қыздың,
Қарамай қыздың ырайына,
Гебежеге миндирди.
Көргеннин ақлын алады,
Ай менен енди Қумыры,
Жылап бозлап қалады,
Ылақ ойнап,ат шаўып,
Тай арыўды ызғытып,
Молла алып барады.
Келиншек етип сол қызды,
Түсирип молла үйине,
Бүлбил қонды гүлине,
Қуўанғаннан бул молла,
Той береди елине.
Сол күн енди күн батты,
Төсекти кеңнен салады,
Өзиң көрген бул молла,
Аўзы-мурны ырбыйып,
Сақалы оның сәррийип,
Мурадыма жеттим деп,
Мен әрмансыз болдым деп,
Қуўанғаннан молланың,
Көзиниң жасы моншақлап,
Көрпеге кирип кәллеғар,
Сүйер болды қушақлап.
Сүймегенлер не қылсын,
Қарыўлы еди ол Тай қыз,
Күшли еди сәрбиназ,
Сақалдан таўлап алады,
Уртына берип салады,
Күшли еди қоллары,
Перийзаттың сол ўақта,
Жудырығына шыдамай,
Есинен танып бул молла,
Муғаллақ атып қулады.
Молла залым жылады:
— Малды жайдым далаға,
Ақыл екен бийопа,
Қыз дейип мен жолықтым,
Бир жан алғыш бәлаға.
Енди буны қәйтейин,
Ертең сәске болғанша,
Есимнен танып жығылып,
Бийхуш болып жатайын,
Не қылар екен бул қыз? –деп,
Сынап молла қулады,
Тура салып бул Тай қыз,
Басына тебе береди,

Ендиги сөзди еситиң.
Азанда турып бул молла,
Қыздың қолын жуўдырып,
Түрли тағам жедирди,
Ол тағамды жеген соң,
Қызға бир сөз айтады:

— Арзымды есит,қулақ салғыл назлы яр,
Жамалынды көрип,болдым бийқарар,
Ашық болдым нешше айлар өзиңе,
Ата-анаңа бердим сансыз дүнья-мал.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўа,солмасын мың гүлимнен бир гүлим,
Шекерден мазалы сөйлеген тилин,
Ели-халық ишинде төкпе абыройым,
Мен моллаға рәхим еткил,сәўдигим.

Жамалынды көрип болды кеўлим шад,
Ашық болдым мен бойына бийтақат,
Ағызып бир бул басымнан қанымды,
Рәҳим қылсаң не болады,перийзат?

Ҳазар бердиң мениң шийрин жаныма,
Дақлар салдың бояп қызыл қаныма,
Қайрылып бир ақ жүзиннен сүйдирсең,
Ыразы болар-ем берген малыма.

Билмей түстим жаман қазған орына,
Мен әзизбен,салалмаспан торыма,
Ырза болар едим берген жорғаға,
Бир гене ақшам алсаң мени қойныңа.

Сол ўақта перийзат қыз:

— Аҳ,атамның,анамның алдынан қыйып кетип,бир сөз айта алмадым.Бир шыбын жаным тасаддық болсын жолында,өлгенше туттырмаспан қолымды,— дейип,моллаға қарап бир сөз айтты Тай қыз:

— Өзим нашар,мен жылайман зар-зар,
Маған ашық болып,қалма бийқарар,
Өлгенимше туттырмаспан қолымды,
Сен емессең маған енди миясар.

Жылай-жылай,жаслар толды көзиме
Сендейлерди зар етермен изиме,
Аламан деп сен ойлама,моллеке,
Ылайық емеспен сениң өзиңе.

Ашық болған яр мийрине қанады,
Яр жолында жанын отқа салады,
Ладан болма бул дүньяда,сен молла,
Секилиңе қандай адам барады.

Бағ ишинде мен ашылған шийемен,
Атам — ладан,кеше-күндиз күйемен,
Сендей затты мен қойныма алғанша,
Тоғайдағы маймылларға тийемен.

Қыз да болсам,салтанатлы төремен,
Яр дәртинен күнде жанып күйемен,
Адам жырткыш ҳайўанлардың бириди,
Дағыстанда айыўларға бараман.

Буны еситип моллекен,
Қатты кәҳәри келеди,
Шамырқанды-шатланды,
Қурра деген китапты,
Қолына дәрҳал алады,
Көйлегин терис кийеди,
Қайта-қайта китапты,
Ол иймансыз қарайды,
Түрли дуўаны оқып,
Тайдай сулыў арыўды,
Босағадан шықпастай,
Бенде қылып алады,
Не қылар екен залым? — деп,
Ол бир үйде қалады.
Бул кеткеннен иймансыз,
Қақпанды алып кетеди,
Ол тоғайға жетеди,
Қақпан қурып бул залым,

Ол маймылдың жолына,
Қолын байлап артына,
Бир маймыл тутып тоғайдан,
Арқалап қайтты үйине.
Молланың көзи жанады,
Дуўа менен ол Тайдын,
Ҳал-дәрманын алады,
Маймыл менен бул қызды,
Бир үйге қамап салады,
Айыўдайын ақырып,
Дәркарың усы сениң деп,
Өлсең өлгил енди деп,
Ол сыртынан қулып урып,
Молла ғайып болады,
Өзиң көрген арыў Тай,
Маймыл менен қалады.

Еркек маймыл иймансыз,
Билгенини қылады,
Реңлери сарғайып,
Тай атлы ол перийзат,
Үш айға шекем екеўи,
Қамақта енди болады.
Тай қыз жүкли болған соң,
Молланың көзи жайнады,
Маймылды енди шығарып,
Ол бир жайдың ишинен,
Сабалап енди тоғайға,
Иймансыз молла қуўады,
Таяқты өлгенше жеп,
Маймыл деген бийшара,
Жылай-жылай кетеди.
Бул Тай қызды тәрбиялап,
Жети ай арадан өтеди,
Арыў болған Тай сулыў,
Жети ай тамам болғанда,
Туў липасын кийеди.
Сегиз айлар болғанда,
Жүклер артқан түйедей,
Тоғыз айлар болғанда,
Анда туўар шағында,
Молла кетти бир жаққа,
Үйилип турған көп китап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Биреўин алып қолына,
Бетме-бетлеп қараса,
Ол китаптың белгиси:
— Болса егер адамзат,
Болса егер перийзат,
Маймылдан туўса бир бала,
Төрт жасқа шыққан өгизше,
Бала менен ол малдың,
Қазанға салып гөшини,
Бала менен ол гөшти,
Бир ақшам ҳәм бир күндиз,
Ашып қарамай бетини,
Қайнатса енди қазанды,
Етлер алтын болады,
Үйи алтынға толады,
Бул ислерди ислесе,
Адам ҳешбир еринбей,
Ол адам байып қалады,—
Деп жазылған китапты,
Тай қыз оқып көреди,
— Туўағойсам баламды,
Қойнымнан алып ол молла,
Салар қара қазанға,—
Дейип Тай қыз енирeп,
Жылап қоя береди.
Китапты жыйнап ол Тай қыз,
Ойланып,жылап отырды,
Көзин жасқа толтырды.
Таң саз берген ўақтында,
Тай қызда толғақ басланды,
Басланғанын билиўден,
Бир ҳәйўанның ишинде,
Бир ошақты қазады,
Он еки қарыс қазанды,
Ол ошаққа миндирип,
Тай қыз енди туўғанша,
Төрт жасар өгизди,
Сойып салды қазанға.
Залым молла гөшини.
Отты жағып жиберип,
Шай ишим ўақ өткенше,
Тай атлы сулыў қыз,
Бир ул бала туўады,
Буны көрип сум молла,
Тартып алып қойнынан,
Қайнап турған қазанға,
Дирилдетип салады,
Жаңа туўған баланы,
Қақпағын басып иймансыз,
Жаға берди отынды,
Ол қазанның астына.
Таң атқанша қайнады,
Шақырып алып молланы,
— Нәрестени не қылдың? —
Дейип сонда ол Тай қыз,
Бир-еки аўыз моллаға,
Ашыўланып сөйледи:

— Киси бар деп бағып турдың даланы,
Бул исиңе ишим оттай жанады,
Бармекен иймaның сениң жаҳанда,
Сен не қылдың ол нәресте баланы?

Жигер-баўырым алып,қылдың мени қан,
Сен оқыдың,меннен кетти ҳал-дәрман,
Нәрестеден мени енди айырып,
Дүньяның жүзинде бул пейлиң жаман.

Баламды көргенде болды кеўлим шад,
Ҳеш ўақтында сеннен шықпас қәсийет,
Шырқыратып алып кетип баламды,
Мендей қызды қылдың енди бийтақат.

Усы ўақта молла:

— Жақсы-жаманымды билдиң бе? Енди маған бенде болдың ба? Енди екеўмизге кесент жоқ. Әй,пери,бир өлгенниң келип тур маған хабары.Бир қазанға от жақтыраман бир кемпирди әпкелип. Ол қазаннан ҳасла жемесин,— деп,есикти жаўып,молла далаға кетти,бир кемпирди жетелеп келип, қазанға отжаққыш етти.Ақ сәллесин кийип,сырлы ҳасасын қолға алып,сол адам өлген жердеги жаназаға бәдәр кетти.

Таяғын шалып иймансыз,
Жаназаға барады,
Барған ўақта бул молла,
Өлген жердиң адамы,
Дизден төсек салады,
Шығалмайды бул молла,
Аза тутқан ол үйден,
Түнеп қалды ертеңге,
Жыйылып келди моллалар,
Әлаўатдин моллаға,
Дүнья болды енди тар,
Кетейин десе кеталмай,
Қала берди сол күни,
Адам өлген үйлерде.

Ендиги сөзди еситиң.
Отты жаққан бул мама,
Түн жартысы болғанда,
Жүреклери талады,
Баласынан айрылып,
Тай қыз уйқылап қалады,
Нан бар ма деп серменип,
Тамақлы еди бул кемпир,
Еки нанды алады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол қазанға барады.
Май сорпаны алады,
Майлы еттен алады,
Келистирип салады,
Сорпа менен ол етке,
Тойып болып бул кемпир,
Табақты қояр ўақтында,
Оммаланып қулады.
Бул ҳийлениң сумлығы,
Кемпир алтын болады,
Шырадайын жалтырап,
Бир жақтылық көринди,
Тай қыз турып қараса,
Көп қызыққа батады,
От жаққыш болған бул мама,
Ошағының қасында,
Алтын болып жатады.
Көтерип алып бул Тай қыз,
Аршаны ашып сол ўақта,
Кемпирди тикке салады,
Табақ та алтын болады,
Қалды Тай қыз қуўанып.

Ендиги сөзди еситиң.
Молла келип намаздан,
Жүргенине күйеди,
Шорпылдатып ол Тайдың,
Еки бетинен сүйеди,
Өтириктен жылап зар-зар,
Қойныңа ал деп жылады.
Сол ўақта турып бул Тай қыз,
Моллаға қарап сөйледи:

— Моллажан,бармекен кеўлинде әрман,
Мен билемен,аш боп келдиң намаздан,
Сен деп қойдым ләблериме енди бал,
Нан туўрап же қазандағы сорпадан.

Айналайын көзден аққан жасыңнан,
Бир тойып же ол өгиздиң гөшинен,
Тоқ болсаң да,моллажаным,тойып же,
Ҳасла айрылмайсаң енди күшиңнен.

Мени сүйип қалдың енди әндийше,
Тамақ жегениңе мен етейин нәше,
Тойып жесең қушағыма алайын,
Сениң менен дәўран сүрип бул кеше.

Қайыл болып бул молла,
Тикке турып орнынан,
Жейин дейди илажсыз,
Нанды туўрап иймансыз,
Табақларға салады,
Барып сонда қазаннан,
Гөштиң жақсы жеринен,
Сайлап ғана алады,
Әкелип Тайдың қасына,
Жегенимди көрсин деп,
Ишкенимди көрсин деп,
Қушқанымды көрсин деп,
Молла ғайрат салады,
Жақсылап тойып алады.
Тойып болып иймансыз,
Алып барып қояйын,
Дейип енди турғанда,
Алтын болып қулады.
Өзин көрген бул Тай қыз,
Шаққанлық қылып аршаға,
Тап кемпирдиң қасына,
Буны да бүклеп салады,
Айтқанындай бул қазан,
Ол да алтын болады.
Балта менен усатып,
Аршаларға жайлады,
Қазан-ошақты көмип,
Үстине қурып отаўды,
Келген енди қызлар менен,
Күлип енди ойнады.
Ҳәр ким енди қаст етер,
Жалғаншыда өзиниң,
Ол сүйикли жанына,
Наҳақ қалып бул молла,
Бир нәресте қанына,
Еткен иси өзиниң,
Келди сонда алдына.
Ийе болды ол Тай қыз,
Молланың жыйған малына,
Ғамға кеўлин толтырды,
Ол молланың мүлкинде,
Тай атлы ол перийзат,
Оқығанлық себепли,
Жаснап ол қыз отырды.

**Екинши бөлим**

Ақдәрьяның арқасы,
Ғайры диндеги ел еди,
Ғайры динниң басшысын,
Атын Гүршит дер еди.
Усы елдиң ишинде,
Малының санын билмеген,
Кәркөп деген сол ўақта,
Бир бай киси бар еди,
Ол бир байдың шопаны,
Атын Айтыў дер еди,
Бир күнлери Айтыўдың,
Әўел өлди қатыны,
Буннан қалды бир бала,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзи жети жасында,
Атын Ҳатам дер еди.
Айтыў да бир күн өледи,
Бийшара шопан өлген соң,
Ҳатамға қозы бақтырды,
Нешше жыллар ол Ҳатам,
Тамақ ушын қой бақты.
Ҳатам деген ғош жигит,
Кирди жигирма беске,
Өзи болды мәрт палўан,
Өзи болды ҳәм батыр,
Басшы болып шопанға,
Қуўатының арқасынан,
Көре берди рәҳәтти.
Кәркөп байдың баллары,
Минип келди жақсы атты.
Ойын-ойын,ойыннан,
Енди гүрес тутады,
Байдың күшли балларын,
Ҳатамдайын ғош жигит,
Ылақтырып атады,
Үстиндеги кийимин,
Байдың тартып алады,
Урысайын дегенде,
Байларға қайғы салады.
Байлар енди көпшилик,
Көпшиликтиң ишинде,
Жалғыз өзи қалады.
Басына ис түскен соң,
Ҳасыл кийимлерини,
Ҳатам қапқа салады,
Өзи батыр,мәрт жигит,
Ақдәрьяны бойлады,
Аман өтип дәрьядан.
Таныс еди Ҳатамға,
Ақмақ ханның елинде,
Жақсылығынан көп адам,
Ҳатам өтип дәрьядан,
Кийим кийип турғанда,
Гилең байдың баллары,
Ақдәрьяға ат салды,
Ол дәрьяның бойында,
Жүр еди көп қараўыл,
Жаўдыратып байларға,
Қараўыл оқты атады,
Рейимсиз аққан қызыл оқ,
Буны көрип көп байлар,
Кейнине қашып қайтады.
Баяғы енди мәрт Ҳатам,
Кеше-күндиз ол жигит,
Дослықты енди ойлады,
Ақмақ ханның елинде,
Ол арқайын қыдырып,
Палўан болып ол жигит,
Ҳатам атты көтерип,
Үлкен тойлар тойлады.
Қуллығынан қутылып,
Аршалының тоғайы,
Қуўсырықтың елинде,
Жигитлер менен қосылып,
Батыр Ҳатам ойнады.
Жигитлерден айрылып,
Шығайын енди далаға,
Ақылы болды бийопа,
Пайдасы жоқ ойынның,
Бир ҳәрекет қылайын,—
Дейип енди бул Ҳатам,
Ол тоғайды жағалап,
Баратырса бул жигит,
Бир бәлент жай көринди,
Дөгереги бағ диййўал,
Сарҳаўызлар қазылған,
Шасыпалар қурылған,
Шасыпаның үстинде,
Жипек орамал басында,
Өзи он сегиз жасында,
Ҳүрдиң қызы секилли,
Бул нашардың үстине,
Қалай келип қалдым деп,
Қайта-қайта жутынды.
Ҳатам деген бул жигит,
Аяқлары бесиктей,
Омыраўы есиктей,
Жаўырынлары қақпақтай,
Аўзы-мурны оймақтай,
Жигит еди дүньяда,
Қуйып қойған сақадай.
Өзи пери секилли,
Ол отырған енди Тай,
Бул жигитте бар абырой,
Жигиттиң енди ақмағы,
Келеди үйге уялмай,
Дейип енди сонда Тай,
Ақыллы,дана ер екен.
Буннан бир жол сорайын,
Хабарын алып қалайын,
Бир жолларды сораса,
Туўра жуўап берейин,
Дейип енди бул Тай қыз,
Ҳатамға туўры қарады,
Жуўырып шығып далаға,
Қараған ўақта бул Тай қыз,
Ҳатам да оған қарады,
Ҳатамға қарап бул Тай қыз,
Бир сөз айтып не деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Бүлбил қонсын бағ ишинде гүлиме,
Қай жақлардан келдиң мениң елиме,
Мен қарасам арыслан киби айбатың,
Не себептен сен қарадың үйиме?

Батыр минер саўаш күни әреби ат,
Кеўлинде не қыял, иште бар ма дәрт,
Бир қарадың, қаймығасаң кейниңе,
Келгениңди айтып кеткил, ғош жигит.

Бизиң бағда ашылады лалазар,
Айдай бетиң көрип, болдым бийқарар,
Көз жиберип қайта-қайта қарайсаң,
Қайсы журттың палўанысаң, бер хабар.

Дүньяда келип-ем, қылдым мен әрман,
Бир-биринен айбынады тири жан,
Батыр болсаң, қайтпа енди кейниңе,
Қәўип әйлеме бул еллерден, мәрт султан.

Сол ўақта Ҳатам ойланып: — Әй, дүнья, дүньяда меннен басқа дәртли жоқ шығар деп жүр едим. Бул да бир дәртли адам қусайды. Енди мен ордасына кирип, буның ҳалын сорайын. Қәўипсинбейин, — деп қызға таман жүре берди. Қыз ишкериге кирип, шасыпаның үстине төсек салды, алдына тағам қойды. Тағамды жеп болған соң жан-жағына қарап, Ҳатам қыздың жағдайын сорап, оған бир-еки аўыз айтады екен жуўап:

— Мен билмей келгенмен бул елдиң ҳалын,
Мүсәпирмен, көпдур мениң әрманым,
Жедим енди дәстүрханнан дузыңды,
Маған айтың, әй, қызғана, жағдайың.

Келдим енди бул жайыңа биймәҳәл,
Басыңызда бар қусайды қайғы-зар,
Жоқ па сениң, ўа, қосылған күйеўиң,
Бул жағдайдан бизге бериң бир хабар.

Жамалыңды көрип болдым енди шад,
Жүрегимнен ҳәр сөйлесең кетер дәрт,
Жан-жағыма мен қарайман, ҳешким жоқ,
Туўысқандай маған қылдың сен хызмет.

Сонда Ҳатамға қарап Тай бир сөз айтады:

— Арзымды еситкил, батыр Ҳатамжан,
Бир бай өз пейлинен маған тутылған,
Алтын болып жатыр арша ишинде,
Бул үйимде жоқдур басқа тири жан.

Көзимнен ағады қумар жасларым,
Өзим нашар, алалмадым өшлерим,
Байы бар деп ойламаңыз, ғош жигит,
Мениң ҳәзир ашық отыр басларым.

Сол ўақытта Ҳатамның қолтығы пырылдап, жүреги дүрсилдеп, буған енди қандай жуўап айтар екенмен деп, басын төмен алып, муңайып отырды. Жигиттиң бир қыялға кеткенин билип, қыздың жүреги де дүрсилдеп: — Әй, жигит, тартынбай айт сөзиңди, — деп бир сөз айтады:

— Бирнеше жигитлер өзи шарлама,
Адамийзат бир келеди дүньяға,
Батыр болсаң ҳеш қайғырып ойлама,
Жигит болсаң адамзатты алдама.

Сорасаң, арыў қызбан, атым Тай,
Сиңлим де бар, оның атын дейди Ай,
Салма енди бул басыңды жерлерге,
Жигит болсаң айт сырыңды аянбай, —

дегенде Ҳатам басын көтерип қызға бир сөз айтты:

— Арзымды еситкил, әй, сулыў Тай қыз,
Дүньяда көрмедим сендей сәрбиназ,
Ашықлықтан өзге мениң дәртим жоқ,
Айталмай турыппан саған шийрин сөз.

Қулақ салсаң, Тайжан, мениң сөзиме,
Ашыўлансаң дағ саларсаң бетиме,
Биз қосылсақ талшыбықтай таўланып,
Тек сен дейип туўры келдим журтыңа.

Гүрштиттиң журтында мен болдым шопан,
Атымды сорсаңыз боларман Ҳатам,
Түсимде көргенмен сендей арыўды,
Нешше ўақтан бери саған ашықпан.

Бағларыңда ашылғанды қызыл гүл,
Саўаш күни көкке атар Ақтамкер,
Туўры айттым ашықлығым мен саған,
Ендигисиң, перийзатым, өзиң бил.

Сол ўақытта қыз күлимсиреп жиберип:
— Әй, жигит, ашықлық деген базардағы саўда секилли болмайды. Турың орныңыздан, — деп қолынан жетелеп, ишкериге киргизди. Аршаларын ашып жиберди. Баяғы алтынларды бир қатар көрсетти. Молладан қалған дүньяларды да көрсетти. Және қолынан тутып шасыпаның үстине әкелип, жигитке бир сөз айтады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Таўдың басы әлўан-әлўан лалазар,
Нәмәртлерге дүнья болар енди тар,
Қулақ салып пәҳим әйле арзыма,
Мендей қыздың сизге айтар сөзи бар.

Анадан туўғанман енди биймәҳәл,
Сөйлесин мазалы шекерден тиллер,
Алар болсаң мендей қызды, мәрт Ҳатам,
Қалыңым сол, айтатуғын шәртим бар.

Бағларымда сайрап гүллер тересең,
Нәмәрт болсаң, душпанларға ересең,
Айтатуғын енди саған шәртимди,
Батыр Ҳатам, билип маған келесең.

Атадан айрылған енди сонаман,
Сениң ушын жаным отқа саламан,
Билип келсең мениң айтқан сөзимди,
Батыр Ҳатам, олла саған бараман.

Қуўсырық дейдилер келген елинди,
Батырлықтан хеш таппадым мининди,
Билип келсең айтқан мениң шәртимди,
Туттыраман мен оннан соң қолымды.

Жаманлардың елге тийген кийеси,
Пискен енди бул бағымның мийўеси,
Билип келсең мениң айтқан шартимди,
Сен болсаң көп алтынның ийеси, —

деген ўақытта Хатам қайыл болды.

— Сениң жолында шыбын жаным тасаддық болсын. Ол қандай шәрт? — деди.

Сонда қыз турып:

— Басы сәўир, изи ўайран. Усы сөздиң не екенин ҳәм мәнисин билип кел. Саған берсин енди бақ, қолымдағы сен шырақ, басы сәўир, изи ўайран, оннан басқа сизге айтар сөзим жоқ, — деп қыз сөзин тамам қылды.

Сол ўақытта Ҳатам, тез арада айтқан шәртин таўып келсем, ҳаслы нашар, сөзинен таяр, бул қыздан да бир шәрт сорайын, деп қызға қарап бир сөз айтады:

— Ғош жигиттиң саўаш болар әрманы,
Ашықтың пидадур яр ушын жаны,
Сен дейип жанымды отқа саламан,
Бул ўәдеңниң хеш болмасын ялғаны.

Әжел жетип, бағда гүлиң солмасын,
Ғош жигиттиң ярдан кеўли қалмасын,
Басымды байлайман енди өлимге,
Қайтып келсем, ўәдең ялған болмасын.

Сени көрип, қылдым енди аҳыў-зар,
Сөзлериңе болдым енди бийқарар,
Таўып келсем айтқан сениң шәртинди,
Көрмей турма мени өзиңе миясар.

Қулақ салсаң, Тай қыз, мениң сөзиме,
Мен байландым қылған енди назыңа,
Дүньяның жүзини енди айланып,
Таўып келсем енди сениң шәртинди.

Бул айтқаның енди туттым есиме,
Әрманым сол, минсем сениң көксиңе,
Егер тайса айтқан енди шәртинен,
Қара болсын қайтқанлардың жүзине.

Бул сөз Тайға тәсир қылды. «Ўа, дарийғ, Ҳатам дүньяда маған ашық екен ғой, мен де көргеннен ашық болып едим. Енди бул шәртиме бунын ашықлығыны ырас билейин. Қойнымда жатқызбай, қолымды туттырмай, айтқан шәртиме жиберейин. Сол хызметимди питкерип келсе, өлгенимше жанымды жолында тасаддық етейин, егер Ҳатам ақыллы жигит болса, бул ақшам қойныма алсам, ертең шәҳәр қыдырып баратырып ойына келер, маған хызметти буйырып, дәрмәҳәл наклады, бул өзи бир бузық нашар екен деп, кеўлине хәр түрли шайтанлық келер. Қыйынлық көрмегенниң рәҳәти болмайды, деген. Мениң ушын көп бир қыйланып келсе, өле-өлгенше бир биреўге қәдирли болармыз» деп ойланып, Ҳатамға қарап бир сөз айтады:

— Өскен жерим Аршалының саласы,
Сөз тыңлайды жигитлердиң данасы,
Нешше күнлер бурын кирдиң түсиме,
Жалған болмас шын ашықтың ўәдеси.

Сени көрип жойдым енди дәртимди,
Сүйдирмеспен ләпте шекер-қантымды,
Миндиремен бүгин тулпар атымды,
Яхыў питкер, я питкерме шәртимди.

Сени көрип көңилимнен кетти дәрт,
Сени билдим ялғаншыда енди мәрт,
Ат, тон, сарпай қурбан болсын жолыңда,
Аман барып, саў келгейсең, ғош жигит.

Бул гәплерди айтып ҳәм,
Тай деген енди сәрбиназ,
Алып келди әреби ат,
Алтын ерди салады,
Мақпалдан оның беллиги,
Зербаптан болды терлиги,
Ушығадан айылы,
Алтын ғубба ҳәм жүўен,
Гүдар қамшы ҳамадан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алты тартым сарыжай,
Садағында сексен оқ,
Кийимине саўыт кийдирип,
Бул Ҳатамның белине,
Шын алмастан соғылған,
Әкелип қылыш байлады,
Шарайнасы тобылғы,
Батырша енди кийдирип,
Бедеў атқа миндирип,

Азық-сайман қоржында,
Батыр туўған мәрт Ҳатам,
Омыраўы есиктей,
Аяқлары бесиктей,
Жаўырынлары қақпақтай,
Еки жүзи жанады,
Ат-тән енди жарасты,
Турпатына батырдың,
Тай қыз ҳайран қалады.

Сол ўақта Ҳатамды атқа миндирип, жол туўрысын тәриплеп, бул житигинди мәгар Думшық шәҳәринен табарсаң деп, бир сөз айтады:

— Астыңа минипсең енди әреби ат,
Айбатыңды көрип болды кеўлим шад,
Буннан кетер болсаң бийгүман жолға,
Қайтып келгениңше боларсаң сен яд.
Сен келгенше болар мениң баўрым қан,
Ашыққа айралық дүньяда жаман,
Жоқты қыдырып сен барасаң, султаным,
Жүре бер, батырым, Думшыққа таман.

Яр жолында енди қушақ керерсең,
Қыя шөлде несийбеңнен көрерсең,
Барағойсаң Думшық деген шәҳәрге,
Ол шәҳәрден енди таўып келерсең.

Тайпери дейдилер дүньяда атым,
Көрмек сениң ғайратыңды — мурадым,
Кеше-күндиз толғанаман, жан шийрин,
Сол шәрт ырас па, билмек мурадым.

Бул гәплерди айтқан соң,
Тай атлы перийзат,
Ҳатам атлы жигиттиң,
Кеўили болды әбден шад,
Көзлери оттай жанады,
Атқа қамшы салады,
Астындағы жәниўар,
Жер табанлап барады,
Бес күн тамам жол жүрип,
Атты булақтан суўлады,
Атлағанда жәниўар,
Самал киби туўлады.
Ҳәрбир қумнан асады,
Бағдың гүли лалады,
Айтылмаған сөз болған соң,
Ҳәр бир енди адамнан,
Сорамаққа мәрт жигит,
Енди намыс қылады.
Барар жерин билмейин,
Журттан журтқа асады,
Бир еллердиң шетинен,
Киши песин ўақтында,
Енди дақыл болады.
Ғаздай болып буралып,

Аққуўлардай доланып,
Бир ақ отаў турыпты,
Жанында бир ҳәўли бар,
Ақ отаўдың алдында,
Қаңтара берип атыны,
«Хабарлас» деп сорады:

— Бендениң басында болар мүшкил ис,
Мүсәпир бендемен, қылмаспан намыс,
Шық майданға, айтатуғын арзым бар,
Ақ ордада ким болса да, хабарлас.

Нешше шекер бул майданда қайғы-зар,
Нәмәртлерге дүнья болар енди тар,
Ақ ордада болсаң енди тири жан,
Шық майданға, мендей мәрттен ал хабар.

Жаманның кеўлинде болар енди дәрт,
Саўаш күни көкке атар әреби ат,
Айтар сөзим барды енди сизлерге,
Тири болсаң, шық майданға, келип кет.

Сол ўақлары болғанда,
Сырлы таяқ қолында,
Басын жерге ийипти,
Белинен мәдет кетипти,
Дизинен қуўат кетипти,
Аўзынан жоқ бир тиси,
Қартайып қайтқанды күши,
Қулақлары тикирейип,
Сақалы бар аққуўдай
Шекесинде бир шуқым,
Я бир шайнам гөши жоқ,
Мәниси, я хошы жоқ,
Секилсиз енди бир баба,
Үйден шығып ийменлеп,
Аўзы-мурны гүймеңлеп,
«Ассалаўма әлейкүм» деп,
Сәлем берди батырға.

— Болмайды жақсыда адамның өши,
Көгертер жигитти жақсы алғысы,
Атлар тартып, «хабарлас» деп сөйлейсең,
Айтқыл маған жумысыңды, жолаўшы.

Картайдым,жетпейди жаханға зарым,
Сөйлесип турыўға мениң жоқ ҳалым.
Даланың самалы ғаррыға қыйын,
Тезирек айтқыл,балам,маған хабарың.

Сонда Ҳатам сөйледи:

— Жолаўшыман,барар жерим жоқ,гүман,
Алсаңыз,болайын орданда мийман,
Узақ жолдан мен келемен жол тартып,
Қонайын,жақтырсаң бүгин,бабажан.
Сонда баба сөйледи:

— Болмаған өмиримде енди маған бақ,
Жайнап жағалмадым дүньяда шырақ,
Сыр айтқанның айыбы жоқ,перзентим,
Мийман алар бүгин мениң жайым жоқ.

Ғаррылық екен ғой дүньяда мийнет,
Жоқшылық бул,ойласаңыз,жаман дәрт,
Қонсаң,болмас ҳәзин сениң,перзентим,
Қылалмайман,балам,саған мен хызмет,

Бул гәплерди айтқан соң,
Анда турып бул баба,
Ҳатам деген мәрт палўан,
Болды бул сөзге ҳайран.
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Мәрттиң бети жуўлады,
Атқа қамшы басады,
Бир белдеўден асады.
Он еки танап бағ дийўал,
Гүңгиралы қос ҳәўли,
Аспан менен барабар,
Ол ҳәўлиниң алдында,
Таяғына сүйенип,
Сақалы жарпы ағарған,
Орта жасар бир ғарры,
Турғаныны көреди,
Атты айдап барады,
Ат үстинде мәрт Ҳатам,
Бүгилип сәлем береди,
Сәлемин әлик алған соң,
Бир-еки аўыз сөз бенен,
Ғарры оннан жол сорады:

— Жаманларға кең жаҳанлар тар болсын,
Ғош жигиттиң жыйнағаны мал болсын,
Ат ойнатып келдиң,балам,қасыма,
Батыр жигит,сизге енди жол болсын.

Ат шабасаң еллер менен дүзлерге,
Әдеп пенен сәлем бердиң бизлерге,
Мени көрип аттың басын бурасаң,
Жол болсын,палўаным,енди сизлерге.

Сонда Ҳатам сөйледи:

— Ашықлыққа айралықты салыўға,
Душпанлардан намысымды алыўға,
Сени көрип мен ойландым,бабажан,
Саған енди бир күн мийман болыўға.

Баба,енди мен қарасам,данасаң,
Душпанлардан ар-намысты аласаң,
Келбетинди көрип атты қайырдым,
Тилегим сол,бүгин мийман аласаң.
Сонда баба сөйледи:

— Кеўилимде ҳеш қоймадым әрманды,
Бизге сондай бир әдетти салғанды,
Бурынғыдан мениң айтқан шәртим бар,
Қондырмайман үйге келген мийманды.

Ийниңде бар мен қарасам сарыжай,
Сөйлегенде сөзлериң енди сары май,
Қылалмаспан енди саған хызметти,
Бизде жоқты,балам,сизге мийманжай.

Ашыўлансаң сен саларсаң қайғы-зар,
Сени көрип болды маған дүнья тар,
Барғанларға бәрҳа хызмет етеди,
Жақын жерде Менлик деген ағам бар.

Бул сөзлериң жаным отқа салады,
Мен көрмедим сендей жигит дананы,
Жақын жерге жүре қойсаң,шырағым,
Менлик ағам енди мийман алады.

Буны айтып ол баба,
Үйине қайтып кетеди,
Ҳатам атлы батырдың,
Басына күнлер туўады,
Жүреги оттай жанады,
Қырсам қәйтер екен деп,
Қоймай енди бәрин деп,
Атқа енди ашыўлы,
Батыр қамшы салады,
Ат кетеди зырқырап,
Аўзынан көбик кетеди,
Пырылдап,пыснап,бурқырап,
Ойланып турып мәрт жигит,
Өзине ырай береди.
Баратырып бул Ҳатам,
Өз өзине сөйледи:

— Батыр едим елимде,
Ҳасыл туўған бийбаҳа,
Адамзаттың баласы,
Көреди екен сумлықты.
Өлмей жүрсе дүньяда.
Жат елде бизди нетеди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаттың к...не жабағы,
Мың мақтасаң манаға,
Ақыр бир сақый табылар.
Бизди енди бир ақшам,
Мийман етип алыўға,—
Дейип енди сөйленип,
Баратырса мәрт Ҳатам,
Бир ҳәўлиниң алдында,
Қой-ешкисин қамалап,
Семизи қайсы екен деп,
Жүрген екен аралап,
Ҳатамды көрип ол ғарры,
Шақырады узақтан,
Таяғыны ол былғап.
Ат басыны бурады,
Бабаға қарап жүреди,
— Жаңағы айтқан ғаррының,
Сақыйы енди сол шығар,
Әдеп пенен барайын,
Барып қолын алайын,—
Дейип енди бул Ҳатам,
Сәлем берип алыстан,
Аттан түсип бабаның,
Барып қолынан алғаннан,
Баба атты тутады.
Қантарып шарбақ ишине,
Беккем етип байлады.
Анаў-мынаў демейин,
Қоржынларды көтерип,
Алды да, жүрип шырпылдап,
Ақ сарайға киргизип,
Нақыслы ҳәйўан ишине,
Дизден төсек салады.
Белбеўден дастық қойдырып,
Алдында түрли дәстурхан,
Қол қаўсырып бул бабаң,
Хызмет қылды сол заман.
Хызмет қылды тағы да,
Орта жасар ботакөз,
Омыраўдан мойны гез,
Бетлерине қал қойған,
Ләблерине бал қойған,
Периниң қызы секилли,
Шайнек-кесе ҳасылдан,
Жуўып-шайып орамал.
Бул хызметти көрген соң,
Кеўлинен кетти Ҳатамның,
Сонша көрген қайғы-зар.
Сол ўақтында бул баба,
Ислери жайма-жай болып,
Қой семизин сойдырып,
Қатыны тамаққа қарады,
Ҳатамдайын палўаннан,
Баба енди сол ўақта,
Бир-еки аўыз сөз айтып,
Жол болсын оннан сорады:

— Ашықтың пидады яр ушын жаны,
Ғош жигиттиң саўаш болар әрманы,
Қайсы елден қайсы елге барасаң,
Сенсең, балам, қайсы елдиң палўаны?

Тулпар көрдим енди минген атыңды,
Бердиң сәлем, сен жойыттың дәртимди,
Ат сораған айып емес, перзентим,
Бизге айтың, балам, шыққан журтыңды.

Айдан толық мен қарасам жамалың,
Сөйлемеске болмас мениң қарарым,
Саясатың сениң енди арысландай,
Қандай шәҳәр, балам, сениң сапарың?

Қаст еткенниң солдырасаң гүлини,
Палўанлықта мен таппадым мининди,
Саўалыңа енди жуўап берейин,
Балам, айтқыл маған барар жеринди.

Сол ўақта Ҳатам муртын бурап, жан-жағына қарап: — Бир хаялдың сөзи менен шығып едим, десем, хаялдың сөзине ерген де бир хаял, деп айтағойса, болар мениң баўырым кәбап. Сол сөзимниң мәнисин шешип береғойса, айтқан сөзине шад болып отырар едим тыңлап. Бул ашықлық деген кимниң басынан өтпеген, ашықлығымды айтсам, мениңдей нешше ашық өткен дүньядан, бул дана киси екен, буған енди айтайын бир еки аўыз жуўап,— деп ойлады.

— Арзымды еситкил, жаным атажан,
Дүньяның жүзинде ашықлық жаман,
Мен өңимде көрип едим бир қызды,
Мен болдым жолында енди сергиздан.

Жамалыны көрип болды кеўлим шад,
Сөйлегенде көңилимнен кетти дәрт,
Ашықлығым баян еттим мен оған,
Қолыны туттырмай айтты маған шәрт.

Атымды сорасаң ғайры дин Ҳатам,
Сүре алмадым сол қыз бенен мен дәўран,
Питкер дейди мениң айтқан шәртимди,
Билип келсең енди саған бараман.

Яр дәртинен күйип-күйип жанаман,
Өзим ашық, жанды отқа саламан,
Белгиси жоқ айтқан енди шәртиниң,
Мен билмеймен, енди қайда бараман.

Қыя шөлде аҳлар урып жылайман,
Өзим жалғыз, жан-жағыма қарайман,
Белгиси жоқ оның айтқан шәртиниң,
Жаным ата, оны кимнен сорайман?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Менин өзим батыр туўған шазада,
Тапсам жетер едим енди муратқа,
Көп жасаған екенсиз ғой дүньяда,
Айтсам,таўып берерсиз бе,жан ата?

Шәртине жете алмай қылдым әрман,
Табағойсам қайтпайтуғын ўәдеден,
Шәртиниң атыны айтайын сизге,
Басы сәўир дейди,аяғы ўайран.
Баба сонда сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Айланайын перзентим,
Бул бир айтқан сөзиңе,
Таң атқанша,ўай балам,
Ойлап енди көремен,
Өлгенимше дос болдым,
Өзиң екен мәрт палўан,
Атқа минер ўақтында,
Жуўабыңды беремен.
Бул ислериң қыйынды,
Ашыўланған ўақтыңда,
Бузарсаң уллы жыйынды,
Бул бир айтқан гәпиңниң,
Мәнислерин айтатуғын,
Жөн-жосағын билетуғын,
Бул дүньяда бир жан бар,
Жаңағы айтқан сырыңды,—
Дейип енди бул баба,
Басқа жаққа өзгертип.
Әңгимени баслады.
Баба сөйлеп отырды,
Хәр бир сөзди айтқанда,
Хатамның иши жанады,
Гейбир сөзди айтқанда,
Ийни келип қалады,
Бабаның сөзин аўзынан,
Қағып Хатам алады,
Әўелги көрген бабаның,
Хал-аўҳалын сорады:

— Айланайын бабажан,
Күн батардың алдында,
Мийман жайды таппастан,
Жүрип едим сергиздан,
Келдим енди аўылға,
Ол аўылдың ишинде,
Аппақ қардай бир отаў,
Ол отаўдың ишинен,
Аўзында бир тиси жоқ,
Сақаллары аппақ,
Өзи әбден қартайған,
Белден кеткен хал-дәрман,
Бели жайдай бүгилип,
Қулақлары тигилип,
Шығып келди отаўдан,
Сәлем бердим жүгинип.
Қонақ жайды сорадым,
Қонақ жайым жоқ дейип,
Қарады маған тигилип.
Бузық көрдим түрини,
Ол бабаның айтагөр,
Маған енди сырыны.
Тулпарымды айдадым,
Қонақ жайды барладым,
Бир хәўлиниң алдында,
Сақалы шала ағарған,
Жүзи әбден қуўарған,
Узын бойлы,шоқ сақал,
Бир бабаны мен көрдим.
Сәлем бердим бүгилип,
Бурынғы ғаррыдан бетер,
Шырайы кетти бузылып,
— Күнлик деген атым бар,
Қонақ алмайман деген,
Бурыннан айтқан шәртим бар.
Көп сөйлеме сен хайяр,
Анаў көринген аўылда,
Меңлик деген ағам бар,
Сол бир мийман алады,
Айтады енди шийрин сөз,
Оның өзи миймандос,
Көп турма да,қайрылма,
Кете бериң енди сиз,—
Дейип енди айтқаннан,
Қамшы салдым атыма,
— Салғаныны көрейин,
Бүйтип ғана жүргенше,
Далаға енди қонайын,
Мен бахтымды сынайын,
Дейип енди баратсам,
Таяғыңды былғадың,
Шақырып алдың жаныңа,
Аттан мени түсирип,
Киргиздиң енди жайыңа,
Бердиң сонда аўқатты,
Көрдим жақсы рахатты,
Мен қарасам өзиңе,
Бетиң гүлдей ашылған,
Басыңа бахыт шашылған,
Адам тоймас сөзиңе,
Отыздағы жигиттей,
Ушып-қонып жүресең,
Биреў жуўап сораса,
Күлип кеңес бересең.
Мынаў турған хаялың,
Жигирма бес жасында,
Адам тояр ышқына,
Хызмет қылар аянбай,
Дәўлет қонсын басыңа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мениң өзим Ҳатам ер,
Булар қандай адамлар,
Мәнисини айтып бер, —
Деген ўақта «қол жуў» деп,
Қатыны келип қалады,
Қолды жуўып сол жерде,
Дәстурханды жаяды.
Тағамды жеп болған соң,
Пәтия қылып отырып,
Күлип келип жиберип,
Бир еки аўыз сөз бенен,
Қатыннан ғарбыз сорады.

— Арзымды еситкил енди сәрбиназ,
Аўзымнан шықпайды енди жаман сөз,
Келтир енди мийманымның алдына,
Телекте бар шығар есапсыз ғарбыз.

Хызмет қылып сен ашыансаң шеримди,
Ҳеш ким таппас бул жаҳанда мининди,
Жақсы енди ол есапсыз ғарбыздан,
Сайлап алып келтир енди бирини.

Хызметиңе енди кеўлим толады,
Хызмет қылсаң мийманың шад болады,
Тағамның изинен жесең ғарбызды,
Адамның иштеги ҳәўирин алады.

Бул гәплерди айтты да,
Қасын қақты бул баба,
Айтқан енди ол яры,
Қырық тисли зәңгиден,
Шығып енди сол заман,
Бир ғарбызды келтирип,
Қойды баба алдына.

Бул емес, ярым, дегеннен,
Алып буны кетеди,
Ол телекке жетеди,
Гүмпилдетип ғарбызды,
Телекте урып көреди,
Тағы келтирип қояды,
«Бул емес ғой» дегенде,
Әўелги ғарбыз екенин,
Ҳатам танып қалады.
Тағы шығып телекке,
Қырық тисли зәңгиден,
Қырық сапар түседи,
Қырық сапар минеди,
Қырық бир келтирген ўағында,
Бул қатының ақыллы,
Екенини бул Ҳатам,
Сол ўақтында биледи.
Қырық бир дейип келтирип,
Әкелип енди қойғанда:
— Әй, жан ата, жан ата,
Жеңгеме салма қайғы-зар,
Несийбемиз сол шығар, —
Дейип енди ғарбызды,
Кесип оны сол ўақта,
Енди үшеўи жеп алады.
Ол бабаның ҳаялы,
Төсекти кеңнен салады,
Шаршап жүрген бул Ҳатам,
Шаршап уйқылап қалады.
Ерте турып, таң атты,
Ҳатам турып орнынан,
Дал бедеўдиң үстине,
Батыр ерди салады.
Көктемирге ғарқ болып,
Кетер тағамды жеп,
Бабадан руқсат сорады.

Сол ўақта бул баба тикке турып орнынан, жарақларын алып қойып, әңгиме-дүкан қурады:

— Айланайын, Ҳатамжан,
Кеше отырған ўақтында,
Бир-еки аўыз әңгиме,
Меннен онда сорадың,
Дәртинди айтып, шырағым,
Көзиниң жасын буладың.
Әўел келдиң бир жайға,
Аққуўдайын таранған,
Мениң генже инимниң,
Ол отаўы болады,
Оның аты Таңқысты,
Қатыны бар дым гедем,
Иним сөйлеген ўақтында,
Аўзынан жулып алады,
Егер сақыйлық қылса,
Манлайына салады.
Сүйгени менен хәз қосып,
Билгенини қылады.
Сөйлесе сөзи шаядай,
Бетиңнен жулып алады.
Барған қонақ жақпаса,
Қара күнди салады.
Иним деген бийшара,
Соны көрип жазады.
Тиси қалмай төгилди,
Айтқаны енди болмады,
Бели жайдай бүгилди,
Тамақты түйип қояды,
Инимде жоқ ықтыяр,
Өзи ғәрип кәмбағал,
Алалмайды қонақты,
Сол себептен қартаяр.
Келтирмегил кеўлиңе,
Тағы келгенсең бир жерге,
Узын бойлы, шоқ сақал,
Алакөз, қыр мурынлы,
Күлип сөйлеген енди шал,
Төрт улы бар еди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол инимниң дүньяда,
Келген екен бир мийман,
Иним оны қондырған,
Қатыны сөйлеп қондырмай,
Айтқаныны қылмаған.
Мийман қонған ўақтында,
Шақырып кеткен инимди,
Бақтықара бир адам,
Қонған қонақ уры екен,
Төрт улыны инимниң,
Оқ пенен атып қыйратқан,
Қатын қашып қутылып,
Барған инимниң жанына,
Иним қайтып келгенше,
Алып кеткен ол адам,
Үйде енди барыны.
Қонағы уры болған соң,
Бир жаманның кесири,
Мың кисиге тийген соң,
Солай етип ол баба,
Қондырмайын қонақты,
Аман сақлайын жанымды,
Дейип енди ол баба,
Аўыр шәртти қойған соң,
Жиберген сени қондырмай,
Тыңласаң,балам,сол жағдай.
Кишкене иним елиўде,
Ортаншы иним алпыста,
Мениң өзим жетписте,
Менде көпти дүнья-мал,
Ҳаялым маған салмады,
Қыйыншылық қайғы зар,
Сақалым қара,шырағым,
Күннен күнге келер йош,
Көрдиңиз бе,шырағым,
Ол телектиң ишинде,
Бар еди жалғыз ғарбызым,
Ҳасла жоқ жалған сөзим,
Қырық сапар да шыққанда,
«Болғаны сол» демеди,
Сизге сырын бермеди.
Сөйлер сөзи мүнайым,
Көтереди абыройым,
Сен сорасаң,перзентим,
Усындай мениң жағдайым,
Усы болса сораўың,
Бул қатыным жөнинде,
Қыйланбады бул жаным,
Кетер болсаң,жоғынды,
Қыдырып Барсакелмеске,
Жол жөнини айтайын,
Шытылмасын маңлайың,
Молдан болсын абырайың,
Суймурықтай бир қус бар,
Жәниўар деген сол еди,
Ашыўланған ўақтында,
Солдырады гүлинди,
Адамзаттай сөйлейди,
Биледи енди суймурық,
Жетпис жұрттың тилини.
Өзи бир қус болса да,
Биледи жетпис илимди,
Сени сүйсе,шырағым,
Жақын етер жолыңды,
Оның енди жолында,
Барды аты Бақылхан,
Қосық пенен айтайын,
Тыңла қәне Ҳатамжан:

— Кетер болсаң,жаным балам,аллаяр,
Сөйлесип тарқаттым дүньяда қумар,
Жолларында Ақдәрбенттей жайы бар,
Сол дәрбенттен болғыл,балам,хабардар.

Сөзим тыңла,ҳа,перзентим Хатамжан,
Ақдәрбенттен өте алмайды тири жан,
Бақылхандай барды онда бир гәўир,
Көрсе,өткизбейди ол сени аман.

Қыдырғаның сол суймырық мурғызар,
Адам қанын ишер ондай залымлар,
Алты ағайин бирден енди ат қойып,
Саған болмағай-дә енди қыйын ҳал.

Бақылхан дегениң қырық бир жасында,
Алтын жыға барды оның басында,
Айбатыны көрсең,дәўлер секилли,
Туралмассаң ол залымның тусында.

Адамды көргенде залым аҳ тартар,
Маңлайлары тарта қарыс сере бар,
Еки көздиң ортасында бир қалы,
Сол қалынан болма,балам,бийхабар.

Көрсең енди,ат басыны бурасаң,
Келгениңе сен пушайман қыласаң,
Мерген болсаң,айналайын перзентим,
Маңлайында ол қалынан урасаң.

Қарсыласып барып өлди неше хан,
Нешшелерди перзентинен айырған,
Сол қалынан урсаң енди өледи,
Суймурыққа сен өтерсең сонда аман.

Ол гәўирде көп болады ҳәм садақ,
Балам,берсин саған енди дәўлет-бақ,
Қалынан тийгенде гәўир өледи,
Атпа тағы өледи деп еки оқ.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәмәрт болып жылап турма зар-зар,
Хәр қайсына бирден-бирден найза сал,
Шабайын деп сен ойлама,Хатамжан,
Турып салар бул басыңа қайғы-зар.

Бир оқ пенен өлмек оныңдур шәрти,
Еки окта тириледи оның әўлады,
Ғайрат салғыл,шаққан болғыл,жан балам,
Ушпаға да оның барды қанаты.

Қырылып өлсе ғой енди залымлар,
Алсаң ада болмас,көпти дүнья-мал,
Суймурықтың барар болсаң жайына,
Тағы енди он күншилик жолы бар.

Бир жағы таў,бир жағы көк теңиз,
Түнде жүрип,уйқыла,балам,сен күндиз,
Адам жырткыш ҳайўаны көп жолында,
Жүриў қәўип,балам,бир өзиң жалғыз.

Бул жолыңа бабаң ақыл береди,
Батыр болған жол-жөнекей көреди,
Барсаң енди Суймурықтың қасына,
Саған енди жақсы кеңес береди.

Анажан деп жылай бергил зар-зар,
Жақсы сөзге ийер енди жәниўар,
Маған келдиң,сен жетерсен муратқа,
Та өлгенше,балам,енди аллаяр.

Сол ўақта Хатам атасы бермеген нәсиятларды бергенине кеўли толып,қуўанғанынан көзлерине жас алып:

— Бул қылған хызметиңе,айтқан нәсиятыңа жақсылығын қандай етип бәржай етер екенмен, атажан,— деп,бабаға қарап бир сөз айтты:

— Узақ жолдан мен ойнаттым әреби ат,
Хызметиңе болды,ата,кеўлим шад,
Саған қылғайман-дә дүньяда хызмет,
Ядымнан шықпайды берген нәсият.

Атымды айтады батыр деп Хатам,
Мен көрмедим сизиңдейин тири жан,
Хызмет қылсам енди таҳы өлгенше,
Бул ақылды айттың маған,ырзаман.

Ашылғай-дә бағларымда қызыл гүл,
Мәрт жолында сен сөйлеттиң қызыл тил.
Бул сапарым Барсакелмес жол екен,
Өлсем енди,атажаным,ырза бол.

Айттың енди гәўирлердиң дәрбентин,
Мен билмесем,қандай келер ғайратым,
Улсызбан деп ойламағыл,жан ата,
Аман келсем,мен қыларман хызметиң,—

Дейип енди бул Хатам,
Көзлери оттай жанады,
Атқа қамшы салады,
Батыр минген жәниўар,
Жер табанлап барады,
Көргенниң ақылын алады,
Гәҳи қонып,түсленип,
Белди беккем байлады,
Ол жети күн жүргенде,
Ақ дәрбенти көринди.
Урысқа өзин сайлады.
Ақыллықта бул Хатам,
Хәр түрли исти ойлады,
Алпыс оқтың ишинде,
Алмас пенен зәҳәрден,
Суў берилген сол ўақта,
Жети оғы бар еди.
Садаққа бастан салады,
Испаханнан алдырған,
Алты аршынлы сарыжай,
Асып жүрсең белге сай,
Тартып атқан батырға,
Баўыры қатты полаттай,
Сарыжайдың гирисин,
Сымнан тартып байлады.
Ақ найзаның ушына,
Алмас пәйнек қадады,
Алмастан болған қылышты,
Ақ таўықтың майынан,
Жақсы қылып майлады.
Жети қабат торсаўыт,
Кийиз қабы ишинен,
Суўға басып кийеди,
Шарайнасы тобылғы,
Көк полатқа ғарқ болып,
Атты жақсы таплаған,
Урысқа өзин шақлаған,
Жетип барып дәрбентке,
Өзи енди Хатамның,
Жигирма бес жасында,
Полат қалқан тутады,
Батыр енди басына,
Инанышлы ер еди,
Билегиниң күшине.
Жақын барып дәрбентке,
Әстен айдап тулпарды,
Жан-жағына қарады,
Бир қаңғыған жекке оқ,
Зуўлап келип қалады.
Атаңа нәлет бул гәўир,
Билдирмей атып алайын деп,
Және де енди оқ атты,
Урыста жүрген әреби ат,
Аты бир лаппа жатты,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ок үстинен өтеди,
Бақылханның атқаны,
Қара тасты қақ бөлип,
Мерўерт тасқа жетеди.

Сол ўақта Ҳатам арысландай ақырып, айыўдайын шақырып, даўысы жаҳанды гүңирентип:
— Көтер басыңды, жалатай, урлықтан таба алмассаң абырай, мәрт болсаң алдыма кел,— деп Бақылханға бир сөз айтты:

— Саўаш күни көкке атар әреби ат,
Ғош жигитти әрманлы қылма, әй, бәззат,
Палўан болсаң, шық майданға, әй гәўир,
Бул сумлықтан табалмассаң қәсийет.

Мәрт көтерер ақ денеде жараны,
Мерген қоймас алыстағы қараны,
Урымысаң бул дәрбентти ийелеп,
Мәрт болсаң сен, көрсет бизге қараңды.

Қылыш урсам, жоя-жоя ағар қан,
Туўра келсең қутқармаспан мен аман,
Ат ойнатып шық майданға, әй гәўир,
Мен емеспен бул жаҳанда мусылман.

Сол ўақта гәўир оның ғайрыдин екенин билиўден, атын минип, таўдың үстине шыға келди. Ҳатамды көрип, шаҳақ урып күлип, бир сөз айтты:

— Ақылымды алды ҳәсер таўда жамалың,
Бир сөз айттың, қыйды енди кәмарым,
Сен барасаң қайсы ханның елине,
Абырой барда айтқыл енди сапарың.

Нешшелерди мен жылаттым зар-зар.
Өтип кетер дедим меннен бийхабар,
Ақ найзаны оң қолыңда ойнатып,
Жолыңды айт өлмей турып кәллеғар.

Сонда Ҳатам сөйледи:

— Сайлап миндим қыя шөлде әреби ат,
Ашықлық жигитке, билсең, қыйын дәрт.
Жол сорасаң, Суймурыққа бараман,
Қуда-тамыр боламысаң, бийдәўлет?

Ат мойнына таққан тилла тумарым,
Назлы ярдың көрсем енди жамалын,
Әрманым сол, сениң менен атыспақ,
Алыспақ ғой мениңдағы қумарым.

Еки оқты атып, қылдың бийәрман,
Атымды сорасаң, мен батыр Ҳатам,
Сеннен ҳасла өте алмаған тири жан,
Қолыңыздан келсе қойма мени аман.

Қыла бердиң маған бунша саясат,
Саўаш болса мениң кеўлим енди шад,
Мергенлигиң мен көрейин, әй гәўир,
Тағы бердим саған енди бир нәўбет.

Сол ўақлары Бақылхан,
Күлимсиреп залым хан,
— Жақын турғыл, жүўермек,
Қоймаспан сени ҳәм аман,—
Дейип енди сол мәҳәл,
Гәўирдиң көзи жанады,
Жайына оқ салады,
Аш жүрегиң сол ма деп,
Ҳатам атлы батырға,
Таўлап тартып қалады.
Көкирегинде мыс қалқан,
Тириде өтсин бе оннан,
Қаңғып өтти солынан,
Ғайрыдинмен дегенде,
Неге көрсеттим бойымды деп,
Бақылхан қылды пушайман.
Пушайманың не қылсын,
Ҳатам деген мәрт султан,
Алмас оқты ол салып,
Турып еди жайына,
Пәрлигинен өтирип,
Жай баўырына толтырып,
Аяғын тиреп зәңгиге,
Керилип батыр тартады,
Маңлайынан ол оқты.
Ҳатамның күшине шыдамай,
Астындағы тулпары,
Дизлер бүгип қулады,
Мерген еди кәллеғар,
Тап қалынан урады,
Ернин таслап Бақылхан,
Минардай болып қулады.
Ийеси өлип қалған соң,
Астындағы тулпары,
Гүрлеп, қақсап киснеди,
Қара таслар бөлинди,
Әне-мине дегенше,
Уў-шуў болып қалады,
Бес иниси бәриси,
Ағадан қалды айырылып.
Ҳатам атын оңлады
Атқа минип бул палўан,
Жолбарыстай туўлады,
Бәри бирден ат қойды,
Таўдың басы дара-ды,
Көп душпанның ишинде,
Жалғыз Ҳатам қалады,
Туўры келген гәўирге,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ыныранып найза салады.
Қан аўзынан қуйылып,
Бирим-бирим қулады.
Бесеўи өлген ўақтында,
Бири атлы қашады,
Қуўып барып мәрт Ҳатам,
Жаўырнынан шаншады.
Батыр туўған бул Ҳатам,
Алтаўыны қулатып,
Нәмәртлерин жылатып,
Жигиттиң кеўли тасады,
Батыл болған кәрўан жол,
Батыр Ҳатам ашады,
Суймурық қус қайда деп,
Атқа қамшы басады,
Күндиз уйқылап мәрт жигит,
Анда демин алады,
Күйгелекли көп тоғай,
Буннан да өтип барады,
Сыпсың питкен қарағай,
Буннан да өтип жөнеди,
Қарсыласқанын өлтирип,
Ғамға кеўлин толтырып,
Сегизленши күн жүрди,
Бир теңиздиң бойында,
Аспан менен таласқан,
Бир байтерек көринди.
Шийрин жанды қыйнады,
Тулпарыны қыйнады,
Ол терекке жете алмай,
Астындағы жәниўар,
Суўлығын ғарш-ғарш шайнады.
Ат жалынын тарады,
Көргенниң ақылын алады,
Әйне сәске ўақтында,
Байтеректиң түбине,
Ҳатам жетип барады.
Батыр Ҳатам қараса,
Ҳәмме жағы көк майса,
Отлақлы жерди көреди,
Ерини алып бул Ҳатам,
Атты бослап жиберди,
Сол жерде демин алады
Аты менен өзи де,
Рәҳәтленип қалады.
Терликлерди таслады,
Шаршап енди киятқан,
Батыр туўған ол Ҳатам,
Жақсы уйқыны баслады,
Ол батырдың уйқысы,
Өзиңе мәлим, жигитлер.
Рәҳәтленип қалғанда,
Уйқылағаннан Ҳатамның,
Азғантайын түс көрип,
Көзинен ақты енди жас,
Тери менен аралас,
Ол көзине қуйылды,
Көзин ашып қараса,
— Адамзат, әй, адамзат, —
Дейип енди шыңлаған,
Келе берди бир даўыс.
Ол теректиң төбеси,
Суймурықтың уясы,
Адамдайын даўыслап,
Оятады Ҳатамды,
Суймурықтың баласы.
Тикке турып бул Ҳатам,
Етиклерин кийеди,
Белбеўлерин байлады,
Мойнына асып қылышты,
Ол теректиң төбесине,
Көз жиберип қараса,
Адамдайын сөйленип,
Бир сес келди Ҳатамға:

— Арзымды есит, айналайын, адамзат,
Аждарҳаға жемтик болды әреби ат,
Әрман менен сен атыңнан айрылып,
Басыңа түсип тур сениң қыйын дәрт.

Кетти сениң бул басыңнан енди бақ,
Үш күн болды, кетип еди анам жоқ,
Қашпасаң тартады сени демине,
Сен боларсаң енди өлип бүгин сап.

Аждарҳаны көрип жүрегим жанады,
Жети жылдан келип бизди алады,
Шығып енди бул теректиң басына,
Бизди бүгин алып жемтик қылады.

Не себептен келдиң енди сен бунда,
Сыймадың ба сен бул ялған дүньяға,
Жақын келди, жан ағажан, қашагөр,
Көринбестен өзиңди ал панаға.

Анамызға жети жылдан салар дәрт,
Бул services анама болады мийнет,
Ҳарылдысы жаҳанды алып келеди,
Жан ағажан, жан ағажан, ары кет.

Сол ўақлары болғанда,
Батыр туўған Ҳатамға,
Атының енди кеткени,
Өзи өлгендей болады.
— Тулпарымнан айрылдым,
Қанатымнан қайрылдым,
Енди мениң болғаным,
Әжел жетип өлгеним,
Ыразы болғыл, әй, Тайжан,
Қутылмағым та гүман,
Атана нәлет аждарҳадан, —
Дейип енди ғош жигит,
Алмас оқ пенен жайыны,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қылышын салып мойнына,
Зырлап қашып жөнелди.
Нар түйедей ыңыранып,
Жарылған муздай гүңиренип,
Қырық гез басы жоқары,
Алдында еки аяғы,
Алтын айдар басында,
Аттай жалы төгилип,
Киятыр ол терекке,
Сарыжайдай бүгилип,
Жан қыстаўы жаманды,
Ҳатам қашты сол ўақта,
Манлайдан тери төгилип.
Қарсы алдына қараса,
Урадай боп қазылған,
Жер шуқыры бар екен,
Жер баўырлап ишине,
Ҳатам өзин таслады,
Ол терекке келгенше,
Демин әстен алады,
Ол теректи айналып,
Шығар жайын гөзлеп,
Ҳатамға сыртын қаратып,
Терекке қарап тырмасты,
Он гез бойы шыққанда,
Тәўекел деп мәрт палўан,
Сары жайға сол ўақта,
Алмас октан қос салып,
Билегим сынса сынсын деп,
Жүрегинен тийсин деп,
Атаңа нәлет аждарҳа,
Буралып енди барады.
Шағлатып жайды тартқанда,
Көк желкеден урады,
Оқ өткенде аждарҳа,
Тәсир қылмай барады,
Сынсын енди билек деп,
Тағы бир оқ тартады,
Аждарҳанның сол ўақта,
Жүрегин бөлип өтеди,
Үсти-үстине сол ўақта,
Тағы еки оқ атады.
Ғәлбирдейин тесилип,
Аждардан дәрман кетеди.
Уяға ол аждарҳа,
Жеттим-жеттим дегенде,
Гөне тамдай гүңиренип,
Аждар өзин теректен,
Муғаллақ атып таслады,
Буны көрип суймурлар,
Қатты ўақтын хошлады.
Барып турып мәрт Ҳатам,
Қылышты қолға алады,
Еки теңнен бөледи,
Геллесин шаўып таслайды,
Бас жағыны көтерип,
Салбыратып артына,
Белбеўи менен байлады.
Шығарып сонда уяға,
Суймурықтың балларының,
Алдына апарып таслады.
Қуллық қылып суймурға,
Теректен түсип бул Ҳатам,
Аждарҳаның жартысын,
Дастық қылып басына,
Төсек салып астына,
Үлкен уйқыны баслады.

* * *

Ендиги гәпти досларым,
Суймурық қустан еситиң.
Қанатлары ҳарылдап,
Даўылдайын гүркиреп,
Жети кийик пәнжеде,
Келип қараса уяға,
Баллары отыр енди шад,
Ол теректиң астында,
Арысландай ыңыранып,
Жатқан екен адамзат.
Баламды алып кетпеге,
Маған бир қаслық етпеге,
Келип жатқан усайды,—
Дейип сонда суймурық,
Жаманлықты баслайды,
Таслай берип кийикти,
Таўға қарап суймурық,
Қайтпастан қанат кереди,
Қара үйдей тасты көтерип,
Ҳә дегенше келеди.
Анасын көрген баллары,
Шаўқым салып сол ўақта,
Анажан деп жылады,
Буны еситип суймурық,
Көтерип келген тасларын,
Жерге таслап жиберип,
Балларына барады,
Мәртлигин айтып Ҳатамның,
Сол ўақытта баллары,
Анасына зарлады:

— Жан анажан,бизлер ушын жанасыз,
Азап пенен перзентиңди бағасыз.
Өткенлерди ойыңа ал,анажан,
Бизлерден бурынғы қайда балаңыз?

Балларым деп хәрўақ аҳлар урасаң,
Ғапылман деп пушайманлар қыласаң,
Аждарҳалар жутып кеткен баланды,
Айтып енди жаныма от саласаң.

Биз жылаймыз ана дейип зар-зар,
Баланды жутпан келди ҳарлап сол аждар,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат ойнатып келди бунда бир адам,
Бизге болды сол ўақтында кәўендер.

Мерген екен келген енди сол адам,
Батыр екен ялғаншыда мәрт палўан,
Атып алып, еки бөлди аждарды,
Жартысыны жемтик қылдық, анажан.

Рәҳим әйледи көзде аққан жасыма,
Жартысыны алып келди қасыма,
Таўдай екен сол адамның жүреги,
Жартысыны қойып жатыр басына.

Сорамадық бизлер бирақ та атын,
Рүстемдей көрдик оның ғайратын,
Жақсылықты келип қылды бизлерге,
Питкерегөр ол жигиттиң хызметин.

Жаў шақ келмес оның енди өңине,
Атын тартты ол аждарха демине,
Тулпарынан ол айырылып қан жылап,
Ҳасла тийме, жан анажан, кеўлине.

Сол ўақтында Суймурық,
Әбден ўақты хош болып,
Бәрекелле, палўан, деп,
Қылған болса ғайратын,
Сизлер енди үшеўсиз,
Төртеў болсын перзентим,
Оятпастан сол ўақта,
Уяға алып келейин,
Гәўхар менен шамшырақ,
Керек болса берейин,
Хызметиниң жолында,
Та өлгенше жүрейин, —
Дедидағы Суймурық,
Жатқан енди Ҳатамның,
Төсеги менен көтерип,
Алып барып уяға,
Билдирместен қояды,
Аждарханың жартысын,
Шығарып енди уяға,
Зая қылдың балларымды деп,
Жақсылап енди тояды.
Баллар менен сол ўақта,
Күлип-ойнап отырып,
Шақақласып сайрады,
Бул даўыстан мәрт Ҳатам,
Ырғып турды орнынан,
Әўел еди бул Ҳатам,
Ол теректиң астында,
Өзини көрген ғош жигит,
Ол теректиң үстинде,
Ол уяның ишинде,
Сәлем берди суймурға.
Адамдайын бул суймур,
Сәлемини алады,
Тап бир ана-баладай,
Болып енди бул Ҳатам,
Шады-шадман болады.
Ҳәр түрли тарийхтан,
Ҳатам жуўап сорады,
Жуўабыны береди,
Әңгиме-дүкан қурады,
Жүреги талған ўақтында,
Писте менен бадамлар,
Әнжир менен енди пал,
Ол суймурдан табылар,
Шады-коррам мәс болып,
Үш күн етти рәҳәтти.

Суймурық үш күн хызмет қылғаннан соң Ҳатам аяқ-буяғына таслап, көзин жаслап, бир жумысқа келген киси секилли отыра бермек пенен болды. Ақыллы, дана суймурық қус «Мениң мәканыма бийдәрт адам келмейди ғой, бул жигиттиң кеўилиндеги әрманын сорайын» деп, Ҳатамға бир сөз айтады:

— Батыр Ҳатам, есит мениң зарымды,
Балларымның сақлап қалдың жаныны,
Ҳәр бенדениң кеўилинде бар бир әрман,
Бийдәртлилер келмес мениң жаныма.

Суймурық дийдилер дүньяда атым,
Көп шәҳәрди қарап етер ғайратым,
Сен де болдың енди мениң перзентим,
Питкерейин кеўлиңдеги мурадың.

Таслап шыққанели, халқың-журтыңды,
Сорасам, Ҳатам деп айттың атыңды,
Перзентим деп, атгененнен айырылып,
Маған айтың, жаным балам, дәртиңди.

Солдырғанман нешшелердиң гүлини,
Саўаш күни тарқартарсаң шериңди,
Сен де болдың мениң енди перзентим,
Айтқыл маған анаң киби сырыңды.

Бул ўақта мәрт Ҳатам аналықты ортаға салып:

— Бунын өзи суймырық болса да, ҳаслы қус, перзентим деп, жақсылығымды билип, жол сорап турыпты меннен. Сол Тай қызға жолыққанымды, ашықлығымды айтайын, соңынан оның айтқан шәртин айтайын, — деп бир жуўап айтады:

— Сизден рәҳәт көрген нешше тири жан,
Мен жетиммен ата-анадан айырылған,
Шопан болдым, ғайрыдинниң қойына,
Ақырында болдым дүньяда палўан.

Ҳешким сөз таппады мениң минимнен,
Батырлықта мен қорықпадым өлимнен,
Ғайратыма, ер күшиме инанып,
Мен бир шықтым ғайрыдинниң елинен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәлент болды мениң енди нәзерим,
Ақмақ ханның ели болды сапарым,
Өтип енди Ақмақ ханның елинен,
Ағайин көргенмен халқының бәрин.

Жигитлери менен күлип-ойнадым,
Үлкенлерин қол қаўсырып сыйладым,
Палўан болып Ақмақ ханнын елинде,
Күлип-ойнап көп тойларды тойладым.

Жигитлерден Қуўсырықта айрылдым,
Жол бойында бир отаўға қайрылдым,
Жақын барып,ол отаўдың алдына,
Есигинен мен қыялап қарадым.

Қысым өтпей турған еди,болды жаз,
Бақшасында көринди бир сәрбиназ,
Көргенинен берди ийилип сәлем,
Омыраўында,мен қарасам,мойны гез.

Кеттим енди ол қызларға айланбай,
Өзи пери екен,билсем аты Тай,
Ол перийзат үйден шығып керилип,
Келиң дейип,ол шақырды уялмай.

Мен қайырылып бардым оның жанына,
Ашық оты түсти мениң жаныма,
Айттым енди кеўлимдеги ҳалымды,
Өлгенимше ышқым кетип сол қызға.

Көкиректе алтыны баргәўҳарбент,
Көргенлердин кеўли болар енди шад,
Ашық бол сөз қозғадым мен оған,
Маған айтты табылмастай енди шәрт.

Мен көтердим ашықлықтың отыны,
Соралмадым ләпте шекер-қантыны,
Ҳасыл екен,туттырмады қолынан,
Табалмадым сол арыўдың шәртини.

Көп қыдырып,жылап жүрдим зар-зар,
Ҳеш жерлерден биле алмадым бир хабар,
Сөйтип жүрип мен тап болдым ғаррыға,
Ғарры айтты: — Суймур қусқа енди бар.

Киятырсам,жоллар екен көп жаман,
Ақдәрбентиң ийеси екен Бақылхан,
Алдымнан ол шығып маған ат қойды.
Мерген едим,аттым оны маңлайдан.

Усындай батырман,өзим шаҳзада,
Бес иниси алды мени ортаға,
Бирим-бирим ақ минардай қулаттым,
Жолды ашып,келдим енди мен бунда.

Жолда көпти айыў менен арыслан,
Ғайратымнан келе алмады тири жан,
Келип енди уяңызға,жан ана,
Балаңның дийдарын мен көрдим аман.

Жаттым сонда жаным анам келер деп,
Балаларың шуўлай берди «аждар» деп,
Мен түргелсем,жутқан екен атымды,
Атсыз қалдым аждарҳадан қайғы жеп,

Мен қарасам,келди шекилсиз ҳайўан,
Көзлери аларып масадай жанған,
Басым алып қашып кеттим шуқырға,
Даўысынан адам қорқар ақырған.

Нәзер салып өрмеледи уяға,
Аттым аждарҳаны жатып қыяда,
Жети оқты аттым енди аждарға,
Келмегендей болып кетти дүньяға.

Балаларың айбатынан жылады,
Таўдай болып ыңыранып қулады,
Еки бөлип аждарҳаның лашыны,
Бөлген ўақта балаларың қарады.

Отыр екен балаларың қан жылап,
Алып шықтым мен жартысын арқалап,
Қуўанысып үш балаңыз,анажан,
Гөшлерин таласып жеди еркелеп.

Бул дәртлерге ашынады тәнде жан,
Сизге мен жетистим дүньяда аман,
Ол шәртиниң мен айтайын атыны,
Басы сәўир дейди,аяғы ўайран.

Сол ўақта суймурық суўық демин алып,аўыр гүрсинип,көзиниң жасы сорғалап ақты.

— Әй,ана,неге бундай боласыз,неге аҳ урасыз,неге қапа боласыз? — деди Ҳатам.

— Әй, балам, менин балам төртеў болды деп едим. Және үшеў болып қалатуғынына аҳ урып жыладым.Ол айтқан жериң «Барсакелмес» деген жер.Тарийхы-тәўсимини айтайын,— деп суймурық Ҳатамға қарады:

— Арзым тыңла,айланайын Ҳатамжан,
Патшасының атын айтар Батырхан,
Шәҳрининң атыны айтады Зулмат,
Ол шәҳәрге барған келмейди аман.

Ашықлық отына күйип жанасаң,
Бир қатын деп жаның отқа саласаң,

Оның барды жетпис мыңдай бәлеси,
Оннан,балам,қәйтип енди келесең?

Жолларында нешше мыңдай аждарҳа,
Кетсең енди ол Зулматтай қалаға,
Дәўлери бар,жейди адам етини,
Суймурыққа қайда сендейин бала?!

Сениң ушын жаным отқа саламан,
Айтқанымды қылсаң,алып бараман,
Беккем тутсаң берген мениң затымды,
Басына ис түссе хәзир боламан.

Ҳатам бул гәпти еситип:

— Әй,ана,өзим барып келгендей болсам,сизди қәйтер едим? Сизиң айтқаныңызды қыламандағы, — деп бул сөзди айтқанан кейин суймур турып:

— Мынаў қылышларың болмайды ол жерге. Бир қылыш беремен. Дәрмиян қалтада жай болып турады. Сол қылышты керек ўақта қалтадан тартып жибересең, дүзелип узын қылыш болады. Сермеген ўақта қырық гез жердеги адамды сермеп алады. Мынаў басыңдағы шөгирмеңди таслайсаң. Басыңа узын бир гүла кийесең, үстиңе жәнде шапан кийесең, белиңе кәди қабақ байлайсаң, қойныңа жаңағы қылышты саласаң, қолыңа ушы найзалы сырлы ҳасаны аласаң, сыррыйған бир диййўана боласаң. Қолтығымнан ушы ақ, түби қара, жүнли бир пәр бар, соны тартып ал, оған да беккем боласаң. Бир шақмақ тас алып қалтаңа саласаң. Сөйтип арқалап барып, песин ўақта Зулмат шәҳәриниң дәрўазасының алдына таслап кетемен. Сөйтип, сен шәҳәр дәрўазасының алдында ҳақлап отыр. Киши песин ўақтында сары тонлы, сары атлы, ақ сәллели, сәллесине жыға тағылған, мойнына қылыш байлаған, көп әскердиң алдында бир киси келер қалаға. Ҳәрбир әскерлери айыў, аждарха секилли, ҳасла қорықпа, ол адам — сулыў адам. Соның изинен бара бер. Әскерлер жыйылып бир сарайға жоқ болар, ол сол жерде атынан түсип бир жайға тап болар. Сен де изинен бара бер. Ол кейнине қарамас. Сарайына барып киргеннен саған бурылып қараған ўақта сәлем бер. Шийрин тил менен «тәңириңмниң миймаными» деп бир сөз айт. Сол ўақта бир сулыў нашар қәпести көтерип тап болар. Қәпестиң ишинен кептер секилли бир қусты сыйпалап алар. Ол қусты диййўалға бекитип байлап кетер. Саған ол Батырхан жақсылап хызмет етер. Сол қустың тыпырлап турғанына сениң рехимиң келип, «Бул жәниўарды неге қондырмай қойыпсыз?» деп айтарсаң. Сонда ол «Қондырмай қойғанымды, өлимиңе ырза болсаң, айтаман» деп айтар. Сен «не десең де, ырзаман» дегейсең. Таң намазға шекем ол кептердиң дәстанын айтар. Айтып болдым дегенде, «Яқшы, мен ырза болдым. Мениң бир тилегимди берин» де. Сонда ол «не тилегиң бар?» деп сорар. «Тилегим сол, маған бир қуман бериң, тәрет қылайын, еки рәкәт намазда отырғанда қылыш пенен шапсаңыз, ырза болайын» де. Сонда қуманды келтирип, қолыңа берер. Иштәрет аламан деп басыңа шапаныңды бүрке. Шақпақты шағып жиберип, мениң пәримди түтетсең, шөжени шай алып қашқандай етип, мен көтерип алып кетермен. Изиңе жете алмайды, алдымнан өте алмайды. Ҳәр ким жақсылық қылса, жақсылық көреди, жаманлық қылса, жаманлық көреди. Үш баламды өлимнен сақлап қалғаның ушын саған да жақсылық етейин, — деп, дәркар қуралларын Ҳатамның қолына берип, бир сөз айтады:

— Жаманларға енди дүнья болар тар,
Анаңыздың қайта-қайта арзы бар,
Көк ҳаўаға гүркиреп мен ушқанда,
Болма, Ҳатам, сен өзиңнен бийхабар.

Алдында бар нешше дағлар, дәрелер,
Бүлбили сайрайды, гүллер ашылар,
Көңил қойма баратырып үстимде,
Бул анаңа дүнья болар сонда тар.

Бағлардың ишинде гүллерди терер,
Сени көрсе қол былғайды перилер,
Ҳәм ярыңнан, ҳәм бир бизден айырылып,
Жылап қалма дағыстанда зар-зар.

Тыңла мениң қайыл болып сөзимди,
Көрерсиз қыслардың енди жазыны,
Нешше мәртлер әрман менен қалғанды,
Я субҳан деп, балам, жумғыл көзиңди.

Айтқаныма енди ақыл керерсең,
Ақмақ болсаң, сен кеўлиңди бөлерсең,
Сен тыңласаң сүйгениңе ҳәм жетип,
Бул сөзимниң рәҳәтин көрерсең.

Сол ўақта Ҳатам:

— Әй, ана, еситип сөзиңе болды кеўлим шад. Жигитке нәсиятың жүдә ҳәм қымбат. Сол Тайдың жолында сизге келгенше азап шегип, жүрегиме толды дәрт. Мен ақылсыз, ладан емеспен, «Тай» деп баўрым мениң қан болды. Сол Тай атлы периге жетсем, жүрегимде зәрре әрман қалмас еди. Бир сөз айтайын, сиз тыңлаң, — деп, суймурыққа бир сөз айтты:

— Жақсы сөзлер менен қылдың кеўлим шад,
Тай қыздың жолында көп көрдим мийнет,
Нәсиятты тәрк етпес ақыллы жигит,
Сол жолларға мен барайын, алып кет.

Қыя шөлде көп жыладым зар-зар,
Қондырмады ҳәр жайларға адамлар,
Гәўирлерге арыслан киби ат қойып,
Ақыл жигит мийнетини баҳалар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Минген атым еди дүньяда тулпар,
Аждарҳаға жемтик болды жәниўар,
Қәпелимде ат-тонымнан айырылып,
Ядымнан шығар ма бундай мийнетлер.

Отлар шашып келди аждарҳа-жылан,
Тар көринди сонда маған жер-аспан,
Жети окта сол аждарды өлтирип,
Бундай мийнет шығармекен ядымнан.

«Тай қыз» дейип болдым енди аҳыў-зар,
Қолынан шай ишсем,тарқайды қумар,
Айтып қайтпа,ырайыңнан,анажан,
Сен де болма перзентиңнен бийхабар.

Буны Ҳатам айтқан соң,
Балларыны ол суймур,
Жақсылап енди тойдырып:
— Ойнай бериң,балларым,
Ертең песин ўақтында,
Аларман енди хабарын,—
Дейип енди жәниўар,
Қанатының астынан,
Пәринен жулып береди,
Дүрме қылыш береди,
Басына кийдирди гүланы,
Үстине кийдирди жәндени,
Белине байлап кәдини,
Қолға берди хасаны,
Көргенниң ақылын алады,
Ғамға кеўлин толтырды,
Ақша жүзин солдырды,
Ҳатам атлы батырды,
Арқасына миндирди.
Жаўырнынан сол ўақта,
Асылып Ҳатам отырды,
Көкке қарап ол суймур,
Зырлап ушып барады,
Айтқан сөзге бул Ҳатам,
Жақсылап ақыл кереди,
Жер жүзине қарады,
Ҳәр сумлықты көреди,
Нешше жүрген аждарлар,
Нешше жүрген айыўлар,
Нешше жүрген арысланлар,
Нешше жүрген перилер,
Маймыл менен барыслар,
Таўлардың гүли ҳаўайы,
Белине арқан байлаған,
Нешше мың адам жабайы,
Буны көрип мәрт Ҳатам,
Тайды көрермен бе деп,
Өксип-өксип жылады.
Көринеди бир шәҳар,
Дөгерегин айланып,
Бул суймурық жәниўар,
Айтқан жерге түсирип,
Көзден ғайып болады,
Қудайы сорап бул Ҳатам,
Бул қаланың ишинде,
Диййўана болып қалады.
Ғамға кеўлин толтырды,
Ақша жүзин солдырды,
Барарына жери жоқ,
Батарына көли жоқ,
Бийшара болып отырды.
Айтқан әскербасыны,
Песинге шекем күтеди.
Намазлыгер болғанша,
Ҳасла енди келмеди,
Күн батардың алдында.
Сәмен аты астында,
Кескир қылыш белинде,
Ақ найзасы қолында,
Көп әскердиң алдында,
Мәлле шапан үстинде,
Ақ сәллеси басында,
Орта бойлы,шоқ сақал,
Қыр мурынлы бир киси,
Қызыл келбет,шырайлы,
Саясаты Рүстемдей,
Келе берди бир адам.
Әскерлерге қараса,
Аўызлары урадай,
Мойынлары буўрадай,
Сақаллары сорадай,
Бармақлары жабадай,
Өзи қара,мурты ақ,
Секилсиз бәри бәдирек,
Сеп-сеп болып алдынан,
Өте берди гүркиреп.
Олардың кейнине қараса,
Әскерлери пияда,
Бетлери қазаннан қара,
Адамзатқа усамас,
Айыўдайын ақырып,
Бәри дәўдей секилли,
Буны көрип мәрт Ҳатам,
Қайта-қайта өкинди.
Әскер кейнине қараса,
Он алты топты сүйретип,
Мәргенегин майлатып,
Топ-топ бол өтеди,
Тағы енди бир топар.
Батыр туўған мәрт Ҳатам,
Атлы әскер кейнинен,
Қатты енди қасынып,
Қәдем қойып баратса,
Алтыннан-ды ақ сарай,
Дәрўазасы енди сай,
Мәлле тонлы ол адам,
Аты менен найзасын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Берип енди биреўге,
Топ әскерин киргизип,
Дәрўазасын жаптырып,
Кейнине қайтты Батырхан.
Қырық адымдай кейнинде,
Бара берди бул Ҳатам.
Есиклери алтыннан,
Босағасы гүмистен,
Ол қапыға киреди,
Изинен кирип мәрт Ҳатам,
Барып қалды сол ўақта,
Батырхан қараганында,
Ҳатам сәлем береди,
Толғап турып сол ўақта,
Батырханға сөйледи:

— Жигит болар он төртинде бәркаман,
Жат еллерде табалмадым қәдирдан,
Шығып едим Акдәрьяның бойынан,
Ордаңа болайын бир күнше мийман.

Жигит болар заманында сергиздан,
Сизди көрдим Әлийсыпат бир султан.
Туўры келдим нәзериңе Батырхан,
Сөйлескенде кетер еди бир әрман.

Жигитлерден бир күн кетер енди бақ,
Дәўлети бар ақыр минер алтын тақ,
Саясатлы көрип келдим алдыңа,
Бир кеше боламан ордаңа қонақ.

Жырақ жерде қалған енди бизиң ел,
Жақсылардың сөзи болар енди дүр,
Қонақ болып келдим енди алдыңа,
Яки өлтир,яки күлдир,өзиң бил.

Сол ўақлары болғанда,
Қулақ салмай сөзиңе,
Қарамай Ҳатам жүзине,
Үйге бағa қарады,
Узын бойлы сәрбиназ,
Ашық қаслы,қара көз,
Пери қызы секилли,
Бир қәпести келтирди.
Қараса,кептер секилли,
Аяғында жиби бар,
Арқасынан сыйпалап,
— Әй,жәниўар,жәниўар,— деп,
Тас дийўалда бир қазық,
Дийўал менен барабар,
Ол қазыққа байлады,
Аяғынан кептердиң.
Ушалмайды жәниўар,
Қоналмайды жәниўар.
Тамашасын көрип Батырхан,
Ҳатам атлы батырға,
Бир сөз айтты сол заман:

— Ашық болған машығым деп қылар зар,
Мәрт өлгенде талан қалар дүнья-мал,
Тилиңде жоқ бир алланың сәнеси,
Бурыннан-ақ көриңбеди қәлендер?

Мен ғой енди Ҳиндистанда Батырхан,
Елимде болғанман абырайлы султан,
Ғарғыс тийип,бунда келип ғош жигит,
Дийўанамедиңиз енди бурыннан?

Көп жигит болады жаҳанда арсыз,
Журтымнан кеткенмен бир өзим жалғыз,
Қайда екенин билместен сен келдиң бе,
Ҳиндистанға келген болма сен жансыз?

Сонда Ҳатам сойледи:

— Өскен жерим Акдәрьяның саласы,
Ырас айтсам,ғайрыдинниң баласы,
«Ҳүў» деп шықтым гедей болып халқымнан,
Маған тийди бир жаманның кийеси.

Мен жыладым жат еллерде зар-зар,
Ертең өлтир,аға,бүгин мийман ал,
Сен де енди мениңдейин болғансаң,
Жаманлықты ҳеш көрмеймен миясар.

Бул сөзлерди айтқанда,
Батыр туўған мәрт Ҳатам,
Батырхан қайтты ырайдан,
Бирге жеймиз,бирге деп,
Келтирди көп тағам.
Ҳатам деген батырға,
Хызмет қылды перийзат,
Қонақ болып сол ақшам,
Көре берди ол рәҳәт.
Ярым ақшам болғанша,
Ҳәр сумлықты көргенше,
Ҳайран болды ол Ҳатам,
Кептерди алмай қазықтан,
Пытырлатып қояды,
Сол ўақтында Батырхан,
Кептерге қарап жекиринип,
Таптың ба,— деди,пейлиңнен,
Сол ўақтында да шыдамай,
Батыр туўған ер Ҳатам,
Батырханға сөйледи.
Сөйлей берип не деди:

— Адамзат көрмеген бундай қайғы-зар,
Кептерге қарап,дүнья болды сизге тар,
Бир сөз айтсам кеўлиңизге келмесин,
Бул кептер берди ме сизге,ўай,зәлел?

Тасадлық болсын-әй жолында жаным,
Тарийхын еситпек мениң қумарым,
Бизге айтың буның өмирбаянын,
Жаныңнан айланай,батыр султаным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәпесте кус турар,аты мурғызар,
Қайғырады бизден оны кәлендер,
Гүнасы болса да жибериң далаға,
Жер жүзине сайран қылсын жәниўар.

Бул сөзди айтқаннан Батырхан ләбин тислеп:

— Әй,кәлендер,бунның өмирбаянын ғой мен айтаман,айтып болып,еситкен адамның козғалтпай басына жетемен. Хәр киси бунның өмирбаянын өлимине ырза болып еситеди.

Сонда Хатам:

— Әй,Батырхан,әпке,қолынды бер маған. Мен усы кустын өмирбаянын еситип өлсем,жүрегимде калмас әрман, Өлимиме ыразыман,— деп қолын таслады Батырханның қолына Хатам. Сол ўақта Батырхан «гүнайың өзиңе» деп,өмиринен бир-еки аўыз сөз айтып турған кусайды:

— Тыңла,Хатам,сөзимди,
Питкерейин арзынды,
Халык алдында шығарып,
Ертең сәске ўақтында,
Мен ояйын көзинди.
Шынмашын деген шәхәр,
Мен елиниң адамы,
Халықтың жасын тыйдырған,
Ғәрип-кәсерди баққан,
Халыктын жақсылығын айтқан,
Шынмашын ханы едим.
Жанымда бар еди достым,
Оның аты Таймасбек,
Таймас пенен нешше жыл,
Болдык сонда ес-жолдас,
Оның енди дүньяда,
Жақсы катыны бар еди,
Мениң де енди сол ўақта,
Жақсы катыным бар еди,
Еки улым,бир кызым,
Өзим менен ол улым,
Бәримиз бес жан едик.
Таймас деген батырдың,
Бир баласы бар еди,
Баласы менен қатыны,
Бир күнде өтти дүньядан,
Мениң енди үш балам,
Үш күнде өтти дүньядан,
Баланың ол күйигинен,
Қатын да өтти дүньядан.
Қатын,баладан айырылып,
Болдық енди дүньяда,
Салғанына хәм кайыл,
Акылымыздан айырылып,
Таймасбектей дос пенен,
Екеўимиз болдык сайыл.
Тахтымызды досларға,
Таслап енди сол ўақта,
Пияда шықтық қаладан,
Ишлерим оттай жанады,
Дағыстанды қыдырып,
Сейил еттик сахраны.
Аршалының тоғайы,
Бир жағы екен Көкентаў,
Көкентаўдың шетинде,
Ол тоғайдың бетинде,
Бир сапалы жай екен,
Шәўкетли енди жақсы жай,
Ақ сарайдың алдында,
Шаҳсыпаның үстинде,
Алтын хаўыз касында,
Ақ сәллели бир баба,
Аты екен Еруғлан,
Барып қолынан алып,
Дизе бүгип отырдық.
Орта бойлы,қәлем қас,
Жиңишке белли,қара шаш,
Қызыл бетли,ақ маңлай,
Тамағына қарасаң,
Он төрт күнлик ол айдай,
Аты екен Қумыры,
Алып келди дәстүрхан.
Дәстүрханның кейнинен,
Шәйнеклери алтыннан,
Кеселери зумраттан,
Еки кесе қойнында,
Ҳинжи-маржан мойнында,
Қысыр жылан курсақлы,
Сақтыяндай қабақлы,
Ат жақлы,жазык маңлай,
Өзи де туўған айдай,
Ай деген аты екен,
Таң атқанша екеўи,
Хызмет қылды үндемей.
Үлкенине дүньяда,
Ашық болдым интизар,
Таймас атлы ол достым,
Қумыры атлы сиңлисин,
Көрип болды бийқарар,
Ертең сәске ўақтында,
Берди палыў-шәрбентти,
Таң атқанша ол қызлар,
Әрмансыз қылды хызметти.
Узата берип екеўи,
Хош келдиң деп бир айтты,
Кейин бәсип екеўи,
Бизди хүрметлеп қайтты.
Кетти енди бизден дәрт,
Сол қызларды бизлер көрип,
Әбден болдық енди шад.
Үш күншилик жерлерге,
Аякларым қабарып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәҳәрге жетип биз бардық.
Көргеннниң ақылын алып,
Ҳүкимли едим, Батырхан,
Таймас пенен екеўимиз,
Арысландай ақырсақ,
Титирер еди бар адам.
— Сансыз дүнья-мал берип,
Алып келиң бизлерге, —
Дейип ҳүким қылғанда,
— Сондай жүрген жалатай,
Өзи залым дуўахан,
Илими көп дүньяда
Жер жүзини байлаған, —
Дейип енди айтпады,
Екеўимизге ҳеш адам.
Жети кеше, жети күндиз,
Сансыз дүнья-мал берип,
Қоссырнайлар тарттырып,
Бақсы-жыраў айттырып,
Алып келдик сол ўақта,
Иззет пенен қызларды.
«Усындайды алдың» деп,
Өлтиретуғын бизлерди,
Ҳасла адам болмады,
Сол ўақтында бизлерди,
Өзимиз хан бола турып,
Сол жақларға шығынып,
Қыдырдық биз дүзлерди,
Алып барды жеңгейлер,
Екеўмизди сол ўақта,
Ай қызының қасына.
Ай қыз деген сулыўы,
Гүл қыстырды басыма,
Таймасбектиң басына,
Қумыры гүлди қыстырып,
Екеўимиз еки сарайда,
Барып миндик сол ўақта,
Зер төсектиң үстине.
Кеўлимде қалмай әрман,
Ай деген сулыў қыз бенен,
Сүргенмен сөйтип дәўран,
Қумыры деген қыз бенен,
Таймас та сүрди дәўран,
Дәўран сүрип жүргенде,
Халықтың зарын мен сорап,
Көп күнлер өтти арадан.
Аштым халықтың бахтыны,
Күндиз миндим тахтыма,
Ақшам барып сарайда,
Ай менен сүрдим дәўран.
Ели-халықтан ҳал сорап,
Шығар едим далаға,
Елдиң кеўлин шад қылып,
Келер едим қалаға.
Бир күн жатсам төсекте,
Мойынына қол салып,
Ай деген енди ол қыздың,
Ярым ақшам ўақтында,
Мен сескенип ояндым,
Көзимди ашып қарасам,
Қойнымда қатын жоқ,
Ай түўе дымбыл да жоқ,
Шамды жағып жиберип,
Тумлы-тусқа қарадым,
Сорайын десем уялып,
Иштен тынып қыйналып,
Талшыбықтай таўланып,
Келип жаттым жайымда.
Уйқым қанып, мен турсам,
Айқыз жатыр қойнымда,
Ақ билеги мойнымда,
Сабыр қылып мен жүрдим,
Үш күнге шекем уйқыламай,
Төртиленши күн болғанда,
Қойнында жатып мен өзим,
Арысландай ыңыранып,
Мен қурылдап жатқанда,
Баўырымнан сыйпалап,
Турды қатын орнынан,
Перийше кийим кийинип,
Тойға баратқандай сайланып,
Бир заман турды ойланып,
Далаға шыққан ўақтында,
Мәсини тартып аяққа,
Сәллени кийип басыма,
Шапанды кийип үстиме,
Қылышты байлап ишимнен,
Жуўырып шықтым далаға.
Мен қарасам сол ўақта,
Он адымдай алдымда,
Баратыр екен ол залым,
Көзиме пышықтай көринди,
Бара бердим изинен.
Ол қаланың ишинде,
Бир түп жийде бар еди,
Мен ҳәр ўақ ойланар едим,
Бул қалада ағаш жоқ,
Жийде неге көгерген деп,
Ол жийдениң қасына,
Барып турды қатыным,
Паналап турдым көринбей,
Тағы келди бир ҳаял,
Екеўи меннен бийхабар,
Тырмасып жийде басына,
Арқайын шығып отырды,
Мен де барып әстелеп,
Ол жийдени құшақлап,
Тикке турдым билинбей.
Жийде гүўлеп көтерилип,
Шамал киби ҳарылдап,
Көкке қарап зырлады,
Көзимди жумдым құшақлап,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кете бердим ҳаўалап.
Бес таўдан ары өткенде,
Сол алтыннан суў берген,
Бир шәҳәри бар екен,
Ол шәҳәрдиң алдына,
Барып түсти бул жийде.
Тикке қонған ўақтында,
Мен қолымды жаздырдым,
Он адымдай кейинлеп,
Қараңғы түнниң ишинде,
Көринбей турдым оларға.
Жийдеден түсип қағынып,
Маңлайларын сыланып,
Екеўи бирден салланып,
Кете берди алдымда,
Мен де түстим изине.
Дәрўазалар ашылған,
Қос сырнайлар тартылған,
Нақыралар қағылған,
Ҳәр түрли сазлар шертилген,
Сансыз енди аламан,
Аламанды айырып,
Кете берди ортадан.
Бир сарайға барып,
Қапысы ашық тур екен,
Барып кирди екеўи,
Ол сарайдың ишинде,
Алтын менен қамқадан,
Зербап пенен мақпалдан,
Барлық адам кийинген,
Ол адамлардың ортасына,
Барып әсте отырдым.
Ол адамлар ортасында,
Еки адмм бар екен,
Аўызлары урадай,
Мойынлары буўрадай,
Сақаллары сорадай,
Сақалына ол залым,
Ҳинжи менен маржаннан,
Нағыс қылып торлаған,
Еки муртын қайтарып,
Тас төбеден айландырып,
Қазықбаў шалып байлаған,
Өзи қара, мурты ақ,
Сақалы сур, көзи көк,
Алтын жыға басында,
Әмелдарлар қасында,
Алтын кесе қолында,
Шарап ишип, мәс болып,
Отыр екен ортада.
Сәлем берген ўақтында,
Ай деген мениң қатыным,
Қарамады жүзине,
Қулақ салмады сөзине,
Мениң қатыным Ай пери,
Қушақлап алып мойнынан,
Отыра кетти дизинде.
Қумыры деген балдызым,
Хан ўәзирин секилсиз,
Еркеленип қушақлап,
Ол да отырды дизинде,
— Неге келдиң кешигип? — деп,
Ай деген ол сулыўдың,
Шекесине бир салды,
Бир салғанда қатынның,
Жас келмеди көзине,
Индемеди өзине.
Қайта ура бергенде,
— Қуллық, ханым, қуллық, —деп,
Қарай берди бетине,
Қолтығына тығылып,
Аяғына жығылып,
Ол отырған залымлар,
Гәўирлердиң ханы екен,
Көп жылллардан бери,
Бизиң енди Ай жанның,
Ашық интизары екен.
Байыр деген ўәзири,
Қатыран ханның сол ўақта,
Қумыры атлы балдызыма,
Ол да интизар екен.
Күндиз күни болғанда,
Ай қыз бизиң яр екен,
Кеш болған ўақтында,
Сол гәўирдин яры екен.
Ашылмаған бахтымыз,
Қурысын енди дүньяда,
Бизиң енди күнимиз,
Сол ўақта қайғы зар екен,
Бир сааттай болғанша,
Бәри ишти шарапты,
Тойып жеди тамақты,
— Екеўини екеўимизге,
Неке қыйып бер, — дейип,
Ханы сонда бир айтты.
Олардың журтының әдети,
Ғайры журттың адамынан,
Келип некесин қыяр екен,
— Адамзаттың елинен,
Молла қарап келиң деп, —
Ҳәмир қылды Қатыран.
Шет журттан адам бар ма деп,
Үлкен тойды қарады.
Ҳасла ҳешким таппады,
Мениң жанымда отырған,
— Мынаў ғайры журт молласы, — деп,
Турып ханына айтты,
Хан суўытып реңин,
Қыйың некемизди деп,
Маған қарап ҳәмир етти.
Басыма күнлер туўған соң,
«Әжеп болар, ханым», деп,

Қуллық еттим ханына,
— Екеўимизге екеўин,
Қыйып бериң некесин,—деп,
Буйырған сол ўақтында,
Ләген толы бир затты,
Алып келди алдыма,
Ол адам саққа жүгинип,
Алтыннан болған билезик,
Еки қолыма салды,
Он бармақтың бәрине,
Алтыннан жүзик салды,
Ярым ләген тилланы,
Етегиме ол төкти,
Кейин қарап ол қайтты.
Қатырандай ханына,
Бизиң ол Ай қатынның,
Өзим қыйдым некесин,
Ўәзирине сол ўақта,
Қумыры атлы балдыздың,
Тағы қыйдым некесин.
Некесин қыйып болған соң,
— Шығың енди далаға,— деп,
Халыққа хан буйырды.
Ҳәммелерден мен бурын,
Секирип шығып далаға,
Баяғы жийде астына,
Барып әсте отырдым.
Таң жулдызы туўғанда,
Қатыным менен балдызым,
Әсте сөйлеп сыбырлап,
Келди жийде қасына,
Қыстаўлық пенен екеўи,
Минди жийде үстине,
Төменинде жийдениң,
Мен де турдым қушақлап,
Көринбей Айдың көзине.
Жийде гүўлеп тағы ушты,
Аспан көкке,далаға,
Тура бердим жийдеде,
Ҳайран болып сол ўақта,
Бунындайын бәлеге.
Ярым саат болмай-ақ,
Келип түсти ол жийде,
Гүўлеп-шағлап қалаға,
Жерге тийген ўақтында,
Жийдени шаққан жиберип,
Билдирмей келдим үйиме,
Келип кирдим сарайға,
Сыпырып таслап кийимди,
Жасырып ҳәм қылышты,
Кирдим жыллы көрпеге.
Сол ўақта қатыным келди,
Шешинип буўынған белди,
Кийим-кеншегин таслап,
Залым,ўақтыны хошлап,
Өлип қалған екен ғой деп,
Өз-өзинен сөйленип,
Қойныма кирди доланып,
Мойнымнан қолын өтирип.
Баўырына ҳәм басып,
Жата берди қушақлап.
Күнлер шыққан ўақтында,
Әсте бир басын шайқадым,
Ишим ғыж-ғыж ҳәм жанып,
Билдирмейин буған деп,
Ҳәр бетинен бир сүйип,
Зүлиплерин сыладым,
Турың ярым,оян деп,
Жақсы сөз айтып жубаттым,
Ойынлы-күлки сөз қаттым,
Бурынғыдай қылып ояттым.
Келди нешше хызметкер,
Моншаға салды мәҳремлер,
Өзим жақсы жуўынып,
Тағы ҳасыл кийинип,
Барып енди отырдым,
Дәстурханның басына,
Ол шайымды ишкенше,
Тыя алмадым көзимниң,
Сел-сел аққан жасыны,
Дейип енди Ай қызға,
Сол ўақтында сөз айттым,
Сөйлей берип не дедим:

— Бир сөз айтсам,мәлел алма,перийзат,
Әўел сени көрип,болдым бийтақат,
Қара салып енди мениң басыма,
Ақырында салар болдың қыйын дәрт.

Есит,Айжан,мениң айтқан зарымды,
Қылған исиң өртеди ғой жанымды,
Сол жерлерде болсам еди бийсабыр,
Төгер едим енди сениң қаныңды.

Саған айдап бардым сансыз малымды,
Тыңламасаң не болар еди зарымды,
Қара күнлер салып мениң басыма,
Кеше барған жерден бериң хабарды.

Ашық болдым сениң қылўа-ойныңа,
Таң ўақтында келип кирдиң қойныма,
Қарсы алдымда көзлеринди ойнатып,
Қушақ урдың Қатыранның мойнына,

Қарап қалмады ма сениң изиңе,
Кеш келдиң деп шаппат урды жүзиңе,
Күлип сөйлеп,сен еркелеп залымға,
Не себептен жас келмеди көзиңе?

Нешше мәҳрем ханға айтты енди дат,
Ақ жүзиңнен поса алып,болды шад,
Пәтиўа шықты залымлардың ишинен,
— Неке қыйсын,— деди,— буған адамзат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ийискеп таўып алды мени залымлар,
Қорққанымнан неке қыйдым илажсыз,
Оң қолыма алтын жүзик салдылар,
Мине билегимде салған билезик.

Ишим оттай сол ўақтында жанады,
Қалтама салдым ғой алтын дүньяны,
Айбат урып, отлар шашып Қатыран,
Жан қоймай бендени сыртқа айдады.

Уйқыламастан бардым сениң қастыңа,
Мынаў тонды жапқан екен үстиме,
Салғанына қайыл болып алланың,
Мен отырдым ол жийдениң астында.

Таң жулдызы туўғанында жарқырап,
Аязладым ол жайларда қалтырап,
Қумыры менен бир қосылып екеўиң,
Асығыс миндиңлер жийдеге шағлап.

Оттай болып сол ўақтында алысып,
Қушақ урып, мен жийдеге жабысып,
Келип қондым шәҳәримниң ишине,
Көринбей кеткенмен сизлерден қашып.

Жуўырып келдим сол ўақлары үйиме,
Тез тасладым үстимдеги кийимди,
Сеннен бурын кирип алдым көрпеге,
Жибердим уйқыға өтирик кеўлимди.

Көп ўақлардан келдиң енди изимнен,
«Өлген екен» деп ашшы шықты сөзиңнен,
Билдирместен келип кирдиң қойныма,
Қолды салып, сен өткердиң мойныма.

Көп ислерди питкергенсең сен түнде,
Неке қыйдым, танымадың, шерменде,
Өлим жақсы емеспекен өзиңе,
Инанбасаң, қара, гүўаңыз менде.

Бул гәплерди айтып ҳәм,
Еки көзим қызарды,
Шықты енди қанадан,
Шырадайын жанады,
Қылышымды қолға алдым,
Тартып алып қынаптан,
Урайын деп оқталдым,
Аўзы-мурны гүйменлеп,
Окжыландай сүйменлеп,
Бир нәрсе айтып залым қыз,
Ашыў менен «суп» деди,
«Далаға өзиң жит» деди,
«Шерменде болдың, ийт» деди.
Ишим оттай жанады,
Барлық жерим талады,
Қылыш түсип қолымнан,
Салпы қулақ ийт болып,
«Ўәў-ўәўлеп» сонда мен қалдым.
«Ийт келди» деп ол Ай қыз,
«Өлтириң дәрриў буны» деп,
Шаўқым салып бақырды,
Дүрлеп келип адамлар,
Биреў кесек урады,
Биреў таяқ урады,
Сөйлейин десем тилим жоқ,
Аң-таң болып сынсылап,
Жолықтым бир бәлаға,
Бир қатынның мәккары,
Ийт болып қаштым далаға,
Басларыма күн туўып,
Шығып кеттим саҳраға.
Белим жайдай бүгилип.
Ашлығыма шыдамай,
Көзимниң нуры төгилип,
Қайыл болып өлимге,
Қайтып келдим қалаға.
Ҳәрким мени кесеклеп,
Бул қаланың ишинде,
Күлки болдым мен енди,
Қатын менен балаға,
Айта алмай күйимди,
Таныйтуғын мен едим,
Балдызымның үйини,
Балдызым болған Қумыры,
Алып келип жалаққа,
Көп тамақты ол қуйды,
Күш-күшлеп ол турғанда,
Айта алмадым дәртимди,
Ондай ҳарамды жемеген,
Қарай алмадым мен өзим,
Қуйған асының бетине,
Хайран болыптурғанда,
Қумыры бир қарады кейнине,
Қайтып кирди үйине,
Жарты нанды алып шығып,
Қойды мениң алдыма.
Аш болғаннан нанды жеп,
Көзимниң жасы аққанды,
Қарап турып бул Қумыры,
Таймасбекти шақырды,
Шақырғаннан ол Таймас,
Жуўырып шығып далаға,
Көз жиберип қарады,
Қарады да ол мениң,
Маңлайымнан сыйпалап,
«Жақсы күшик екен» деп,
Көтерип алып қолына,
Киргизди мени үйине,
Қапыларын беккемлеп,
Таймас турып сол ўақта,
Қатынына сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Арзымды есит, көзгененнен, назлы яр,
Тыңласаңыз, сизге айтар арзым бар,
Бир күн болды, хеш жерде жоқ Батырхан,
Ханым жоқ, деп теңселисти адамлар.

Қумыры деп айтадылар бул атың,
Мыңға тайды қәҳәрленсең ғайратың,
Ийт деп жүрген Батырханым болмасын,
Жездеңизге жоқ па енди ғайратың.

Айдай бетиң гүл ашылған лалазар,
Адам болса, жездең енди қуўанар,
Ыразы болайын сеннен сәўдигим,
Сондай енди ҳийлелерге ғайрат сал.

Сол ўақта Қумыры Таймасқа қарап бир сөз айтады:

— Таўдың басы әлўан-әлўан лалазар,
Жаман адам тойғанына қуўанар,
Көтермейди адамзаттың сөзини,
Бундай истен апам емес бийхабар.

Мәрт гезеди қыслыққанда даланы,
Апам билмес бул дүньяда Алланы,
Ўайран етер қасты келсе халықты,
Сөз алысса аямайды жездемди.

Патша жаман болса, қалады елсиз,
Жақсылардан шығар бәрхә шийрин сөз,
Курғыр апам айтып еди өзиме,
Бахтықара бул жездеме кеўилсиз.

Өзи билгир, хәрбир исти көреди,
Ашыўланса, жазасыны береди,
Қаст етип бир оқый қойса дуўасын,
Дәрья қылар қумның тақыр жерини.

Дейип сонда Қумыры қыз,
— Жездем един жанымдай,
Сиз болыпсыз бунындай,
Апам курсын енди Ай,
Усындай исти қылар ма,
Ол ярынан уялмай,—
Дейип енди Қумыры қыз,
Бир шабықты қолға алып,
Аўзы-мурны жыбырлап,
Бир нәрселер гүбирлеп,
Ол шыбыққа дем салып,
Маңлайымнан «жезде» деп,
Ол Қумыры бир урды.
«Жаным» дейип орнымнан,
Сол ўақтында мен турдым,
Қол-бетимди жуўдырып,
Жақсы сарпай кийдирип,
Жүзиклеримди қолымнан,
Тартып алып Қумыры,
«Дәркар болар сизге» деп,
Бир шаршыға ҳәм түйип,
Салып қойды қалтама.
Буны көрип Таймастың,
Жүрегине келди дәрт,
Изи қалай болар деп,
— Қәйтер енди екенмен,
Күйип-күйип жанаман,
Айланайын Батырхан,— деп,
Тасасын таўып Қумырының,
Таймас маған сөйледи,
Сөйлей берип не деди
Сөйлей берип бүй деди:

— Арзымды есит, достым болған Батырхан,
Кеўлиме түсти ғой шықпастай әрман,
Бунының менен жүрсең енди бас қосып,
Ақыры болмай ма, мен билсем, ўайран?

Буны көрип ишим оттай жанады,
Тилине алса оқыў ҳәм де сәнени,
Көзим көрди қылўасыны арыўдың,
Ақыр бир күн бизге әрман салады.

Сөйлесе сөзинен дүрлер шашады,
Берсең шарап, назлар менен ишеди.
Адамзатта болар, ойласаң, шайтан,
Ақырында күним қалай кешеди?

Сен озалдан халыққа енди төресең,
Бул ислерге қандай ақыл бересең,
Айланайын, достым болған Батырхан,
Мен сорлыға қандай кеңес бересең?

Сол ўақытта Батырхан:

— Әй, достым, ақылымды кердим. Қумыры менен екеўининң қылўасын көзим менен көрдим. Бир кеше екеўининң изинен аңлып кетип, гәўирлердиң шәҳәрине барып, гәўирдиң ханы Қатыранға өз қатынымды неке қыйып бердим, сениң қатынынды ўәзийрине неке қыйып бердим. Мине мынаў ийнимдеги алтыннан суў берген шапанды сол гәўирден кийдим. Бизиң журтларда мынадай алтын жүзик бар ма, достым? Усы оң қолыма алтын жүзикти салды. Мынаў алтын билезикти билегиме салды. Көп алтынларды қалтама салды. Сөйтип, ол жерде тири жан қоймай далаға айдап шығып, ханы менен ўәзийри дәўранда болды. Мен келип, минип қашатуғын жийдесининң қасына отырдым. Бираздан соң олар жийдеге келген соң, мен жийдеге жабысып келип, жийде түскеннен түсип қашып үйге кирдим. Кийим-кеншегимди шешинип, көрпеге кирип жатып қалдым. Қатыным қойныма бираздан соң келип кирди. Азан менен турып, дәстурханды жаздым. Дәстурхан алдына ол да келген ўақытта

www.ziyouz.com kutubxonasi

билезик-жүзиклерди көзине көрсетип, қолыма қылышты алдым. Урар ўақытта қылыш қолымнан түсип кетип, ийт болғанымды билип қалдым. Сизди достым деп, көп жерлерден айланып бунда келдим. Жуўынды куйды, ишпедим. Көзин менен оны көрдиң. Нан берди, оны жегеннен, сен мени көтерип алып ишке кирдиң. Қатыныңның мени адамзат қылғанын көзиң менен көрдиң, — деп, Таймасқа қарап: — Ендиги мәсләҳәтим, басымды алып кетемен, — деп бир сөз айттым:

— Жигит болып сайлап миндим әреби ат,
Бул қорлыққа қылалмаспан мен тақат,
Арзымды есит, Таймасбектей жан достым,
Мениңдейин Батырханға бер рухсат.

Қыла алмаспан енди билген исимди,
Өзи қатын, ағызды көзден жасымды,
Менбир кештим Шынмашын шәҳәринен,
Алып кетемен енди бүгин басымды.

Екеўимиз биз жаслықта дос болған,
Бул дүньяда шийрин екен шыбын жан,
Адамыйзат бул жерлерде жасамас,
Жақсыды дүньяда бул жайдан қашқан.

Нешше жыллар болдым халыққа әдил хан,
Қатыным болмайды, ўәдеси жалған,
Бул жерлерден қашқан адам қутылар,
Хош қал енди мениндейин достыңнан.

Булар екеўи дәртлесип, сөйлесип қалды. Сол жоқ болғаннан Қумыры жоқ болып кетти. Биреў сорап келсе, мен патшаның хызметине бара алмайман, сырқатланып атырман, деп есикти бекитти. Үйлердиң барлық жерин Таймас барластырып көрип, түңликти де тығып, күндиз күни шамды да жағып алып, көзинен жасы моншақлап, Батырханды қушақлап, сеннен басқа жан көринбейди көзиме, деп бир сөз айтты:

— Сен сөйлediң маған болды дүнья тар,
Көзим көрди, басқа түсти қайғы-зар.
Ол атамнан артық көрдим мен сени,
Көзгенеме көринбейди дүнья-мал.

Рузыгер деп шийрин жанды қыйнайман,
Саўаш күни қылышымды қанлайман,
Мен де бирдей болдым енди сен менен,
Сен кеткенде сеннен артық болмайман.

Ақылымды ҳәр тәрепке керемен,
Сениң менен қушақласып өлемен,
Жылап қалар перзентим жоқ изимде,
Мен де енди ҳақ салғанын көремен.

Сениң заманында болды кеўлим шад,
Екеўмизге бирдей салған қыйын дәрт,
Таслап кетпе қызыл оттың ишине,
Ыразыман, достым, мени алып кет.

Алыстан көринер таўда дәрелер,
Сен кеткен соң маған салар қайғы-зар,
Ақыр күн көрермиз жүрип жаҳанда,
Кетер болсаң бирге, достым, аллаяр.

Шийрин жанды бул Таймас,
Сонда енди қыйнады,
Қашарына бийшара,
Бул да белин байлады.
Сонда Қумыры келмеди,
Таймасбектей бул батыр,
Азықты салып қоржынға,
Қылышты байлап белине,
Кетерменлик алады.
— Маған қарап сол ўақта,
Таймас батыр, жүр, — деди,
Есиклерди ашады,
Дүньяларды шашады,
Көрип қатын мәккарын,
Ағайиннен, туўғаннан,
Сонша жыйған дүрьядан,
Шийрин жан көринип көзине,
Бәринен де кешеди,
Жүргил достын енди деп,
Батыр Таймас оңланды,
Беннен де бетер кетермен,
Болды сонда ол достым.
Көрип қатын мәккарын,
Көрип қатын сумлығын,
Соншама еткен қуўлығын,
Турып едим дүньяда,
Қашарыма қыстанып,
Адам болған түсиме,
Турып едим қуўанып,
Таймасбектен мен бурын,
Жуўырып шықтым есиктен,
Есигин жаппай бул Таймас,
Көзинен ағып қанлы жас,
Қоржынины арқалап,
Қаша берди ол қалас.
Бес танаптай кеткенбиз,
Көринбеди ҳеш адам,
Қумыры түўе, сол ўақта,
Шақырмады тири жан.
Бир жағымыз таў еди,
Жуўырып шықтық басына,
Таўларды бизлер аралап,
Билмегей деп қан жылап,
Бәлентке шықса белим деп,
Табанларды тас қағып,
Маңлайларды күн қағып,
Үш күн, үш түн жол жүрип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул кетистен биз кеттик,
Рейимсиз аққан бир дәрья,
Шығып алдық бойына,
Қайығын байлап балықшы,
Көп балықты қуўырып,
Керсенлерди толтырып,
Өзи уйқылап қалыпты.
Таймас пенен жаслықта,
Шана минип айдаған,
Қайық минип көллерде,
Екеўимиз едик ойнаған.
Таяў,ескекти алып,
Салдық қайық ишине.
Азығымыз мол болды,
Ол қайықтың изине,
Бир жайынды байлаған.
Қуўырған енди балықты,
Шанашында азықты,
Алып салдық қайыққа,
Оянбады балықшы.
Серменип жүрип ол қостан,
Таўып алдық тағы да,
Он еки қақ сазанды,
Ол қайыққа жүкледик,
Табақ пенен қазанды,
Нәрсе қоймай ол қоста,
Отын қоймай ол қоста,
Оянбады балықшы.
Екеўимиз минип қайыққа,
Ыққа қарап жөнедик.
Шықтық енди теңизге,
Бирнеше күн жол жүрип,
Отыз бир күн дегенде,
Келип шықтық жағаға.
Көзимиз түсти сол ўақта,
Дәрўазасы он еки,
Көшелери он жети,
Тар қапылы датқа жай,
Алтын нағыс ақ сарай,
Алдындағы адамлар,
Жаў басып келди бизге деп,
Жыласа берди зар-зар.
Мендей батыр палўанға,
Сонда нардай күш келди,
— Усы бабаға барайын,
Ат-жарақты алайын,
Ғайратымды көрсетип,
Басып келген жаўлардан,
Журтларын азат қылайын,—
Дейип енди мен сонда,
Қылышты астым мойныма,
Таймас пенен қосылып,
Сәлем берип бабаға,
Бир сөз айттым сол ўақта:

— Танысқанда киси болар қәдирдан,
Адамзатта көп болады сол әрман,
Жыласпасын мынаў турған халықлар,
Жолларында мен қояйын шийрин жан.

Шынмашында атым енди Батырхан,
Себеп пенен мен журтымнан айрылған.
Сизлер ушын бүгин ғайрат саламыз,
Руқсат бериң мендей мәртке,бабажан.

Халқынды қылайын душпаннан азат,
Сорасаңыз оннан соң ғой ҳалы-дәрт,
Сизден басқа мениң барар жерим жоқ,
Алып кел бизлерге енди ҳәзир ат.

Бул гәплерди айтқанда,
Баба ийек көтерди,
Еки атты келтирди,
Еки саўыт келтирди,
Таймас минди бир атқа,
Мен де миндим бир атқа,
Жолбасшы болды бес адам,
Айдаўшы болды төрт адам,
Қаланың арқа шетинде,
Жаўдың келер бетине,
Шығып едик сол мәҳәл,
Есабы жоқ қырылған,
Рәҳим етпейди қалмақлар,
Адамлардың сол ўақта,
Көзинен аққан жасына,
Он бес қалмақ салады,
Бир адамның басына.
Буны көрип сол заман,
Атты салдым аллалап,
Есабы жоқ көп ләшкер,
Нешшеси қашты қан жылап,
Таймас та қылды ғайратты,
Мен де қылдым ғайратты,
Қалмақлардың ханлары,
Шуўлап қашты далаға,
Дарыды ма тәжжал деп,
Жолықтық,деди бәлаға.
Ақ туўларын қыйраттым,
Хәсер таўдан асқанман,
Гәўирин сайлап шанышқанман.
Қылмай енди налысты,
Сол ўақта алып едим,
Қолға еки қылышты,
Еки жақлап тартқанда,
Гүўлеп қашты қалмақлар.
Қалмақ ханы Абахан,
Тура алмас екен алдында,
Тақат қылып тири жан,
Ол изинен мен қуўып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Салдым енди найзаны,
Қалмақты аттан қулатып,
Кесип алдым басыны,
Қанлыөзек деген жайынан,
Келместей қылып қалмақты,
Қайтып келип Таймас пенен,
Алып келип мен қойдым,
Бул бабаның алдына.
Басты теўип бул баба:
— Айланайын Батырхан,
Баба деп сөйлей бересең,
Мениң атым Бабахан,
Азат қылып қалмақтан,
Журтымды еттиң абадан,
Та өлгенше балам бол,
Алтын сарай сеники,
Тапалтас қыз сеники,
Жанындағы жигитке,
Ўәзирдиң қызын беремен,
Жети жыллардан бери,
Урысар еди Абахан,
Журтымды қылды ол талан,
Еки дүнья ыразы болдым,—
Дейип енди,ўа,мени,
Әскер басы сайлады,
Үш күнге шекем той берип,
Халық тойымды тойлады,
Еситсен,Ҳатам,сөзимди,
Бабахан берди қызыны.
Таймас алды тағы да,
Ол ўәзирдиң қызыны.
Ўәзир қызының атыны,
Ақжан сулыў дер екен,
Бир күни ақшам Ақжан қыз,
Отырса Таймас қасында,
Тапалтас мениң дизимде,
Отыр едик сөйлесип,
Ҳәзлик етип бир үйде,
Балқаймақ пенен шай ишип,
Таймас пенен төртеўмиз.
Түңликтен аспанға қарасам,
Киятыр екен еки ақ қус,
Жан жағыма қарасам,
қасымда жоқ қатынлар,
Не болды екен дейип мен,
Тағы аспанға қарасам,
Алдында еки қара қус,
Кейнинде еки аппақ қус,
Төртеўи урыс салып жүр,
Урыса келип екеўи,
Қара қустың биреўи,
Ағыны ол қушақлап,
Таймасбектиң алдына,
Келип сонда торс етти,
Таймасбектиң қылышы,
Бирден турып шарт етти,
Буяғыма қарасам,
Еки қатын қан болып,
Сол жерде өлип қалыпты.
Тағы бир ақ,қарасы,
Екеўи олар айқасып,
Қушақлап жаздырмай,
Алдыма мениң дүрс етти,
Қолым менен екеўин,
Өлтирместен мен бастым,
Сол қолымда қара қус,
Оң қолымда бир ақ қус,
Қара қус турып силкинди,
Алған ярым Тапалтас,
Көзинен ағып қанлы жас,
— Беккем тутың,айтаман,
Бир заман тутың,айтаман,
Қайтып келип айтаман,—
Дейип енди Тапалтас,
Темирден соққан қәпести,
Жуўырып шаққан келтирди,
Келтире салып қәпести,
Қулыплы еди аўызы,
Аўзын ашып сол заман,
Тығып сал деп сөйледи,
Қолымдағы ақ қусты.
Ақ қусты бүклеп салған соң,
Бул әкелген қәпеске,
Тапалтас маған сөйледи,
Сөйлей берип не деди:
— Айланайын Батырхан,
Сен едиң ғой бурында,
Шынмашын елиниң,
Үлкен палўан батыры,
Мынаў өлип атырған,
Таймас деген достыннын,
Қумыры деген қатыны.
Табағойсақ Батырханды,
Таймас пенен екеўин,
Қыламыз ғой ношыжан,
Сүйеклерин,ўай,шаўып,
Қыламыз ғой,ўай,ийжан.
Таймас деген байымды,
Алып кетти қолымнан,
Қорқытып енди дүньяда,
Батырхан деген бийийман,
Табағойсақ екеўин,
Жалғаншының жүзинде,
Жүргизбейик биз аман,деп,
Киятырған мынаў Ай қыз,
Қәпес болды буған зиндан,
Беккем сақлап қойың,— деп,
Маған айтты Тапалтас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мынаны тыңлаң, Ҳатамжан,
Аяғында жипек баў,
Қәпестен сыртқа байлайман,
Мен хызметтен келгенде,
Анаў турған қазыққа,
Байлап қойып Ай қызды,
Шийрин жанын қыйнайман.
Көрдиңиз бе, Ҳатамжан,
Қәпестеги ақ суңқар,
Ай деген болар балдызың,
Қумырыны Таймас өлтирип,
Сүйегин жағып жиберди.
Батыр болған жигитлер,
Аянбай жаўға шабады.
Душпанлық еткен жаманлар,
Өз пейлинен табады,
Сәўир деген дүньяда,
Жағымлы самал болады.
Жақсы адам айныса,
Күни-түни келгенде,
Айдай ўайран болады.
Тай деген сениң ашығың,
Сиңлим тиримекен деп,
Рәҳәттемекен деп,
Саған билип кел дейип,
Жиберген-ди ол Тайжан,
Оның сөзине инанып,
Көрипсең нешше күн азап,
Оның сөзине инанған,
Сен де бир енди ладан,
Мен аламан жаныңды,
Тилине келтиргил ийман,
Егер ғайрыдин болсаң,
Қутылмағың да гүман,
Бизиң енди қылыштан,
Қашатуғын жериң жоқ,
Мойныңа қойдым, мәрт Ҳатам,—
Дейип сонда Батырхан,
Шырайын бузды өзгерип.

Сонда Ҳатам бойын тиклеп, Батырханға бир сөз айтты:

— Бир сөз айтсам, Батырханым, саған дәрт,
Енди болалмаспан мен сеннен азат,
Бир қуманды берсең мениң қолыма,
Өлимим жақын-ды, қылайын тәрет.

Ашықлар болады дүньяда ладан,
Мәрт жигит қайтпайды хешбир ўәдеден,
Өлимиме ырза болып мен келдим,
Қолыма берегөр, Батырхан, қуман.

Кетпесин батырдан енди дәўлет-бақ,
Меннен басқа ашықлар өлмей қалған жоқ,
Шейит өлсем сол Тай қыздың жолында,
Билсеңиз, Батырхан, болар кеўлим тоқ.

Бул жаҳан дүньяның излери жалған,
Ўамық деп Ҳузда дәрьяда қалған,
Ашықтың күнине жигитлер көнген,
Ләйли дейип Мәжнүн шөллерде өлген.

Мениңдей Ҳатам да соныңдай жазған,
Шийрин деп Фарҳад ҳәм таўларды қазған,
Адамзат болғанлар өлимге көнген,
Пилхисти сүйе алмай Сулайман өлген.

Өлимиме мен қылмайман хеш әрман,
Зүлайха деп Юсуп зинданда қалған,
Берсең қумған, мен етейин тәретти,
Бурынғы ашықлар усындай болған.

Бул гәплерди айтқанда,
Батырхандай бул палўан,
Ериди енди мум суўдан,
Алып шығып береди,
Ишкериден бир қуман.
Қолыны жуўып ол Ҳатам,
Келте еди кийимим деп,
Батырханның шекпенин,
Ол басына жамылып,
Шеткери шығып оңайлап,
Жан-жағына абайлап,
Шақпақты қолға алады,
Қуманды тығып путына,
Пахта менен пәрлерди,
Түтетип сонда бийшара,
Қайта-қайта урады,
Усы қуман сести ме деп,
Батырхан аң-таң болады.
Суймурықтай жәниўар,
Көктен гүрлеп келгенин,
Ҳешким билмей қалады.
Ҳатамға пәнже урғанын,
Биле салып Батырхан,
Есиктен шығып қараса,
Қара үйдей үлкен қус,
Ҳатамды көтерип барады,
Қуман қалды думалап,
Неге қуман бердим деп,
Шекпенди неге бердим деп,
Урып қалды Батырхан,
Маңлайына сабалап.
Көргенниң ақылын алады,
Суймур деген жәниўар,
Ақдәрьяның елине,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳатамды алып барады,
Батыр туўған мәрт Ҳатам,
Қуўанғаннан ер жигит,
Қумар көзин жаслады,
Алып барып Тай қыздың,
Есигиниң алдына,
Саў-саламат таслады.
Шардәреде ол Тай қыз,
Қашан келер ярым деп,
Түрли тағам таярлап,
Отырған еди қан жылап.
Бул Ҳатамды көрген соң,
Жайына түсип Тай сулыў,
— Айланайын султаным,
Сен кеткели дүньяда,
Қурыды мениң дәрманым,
Көрип келдиң бе енди,
Ай атлы мениң туўғаным,
Ол қәпестиң ишинде,
Батырханның қолында,
Турма екен ол зарлап.
Суймур деген қус пенен,
Келдиң енди сен бунда,
Жибер ананды аман,—
Дейип енди бул Тай қыз,
Тойға да керек болар деп,
Семизин енди нарлардан,
Он бир нарды сойдырды,
Бағқа киргизип Суймурды,
Үш нардың ол етине,
Жақсылап енди тойдырды.
Еки нардың ишини,
Ашп таслап қарныны,
Паллар менен кишмишти,
Инилериме апар деп,
Ҳәр бир түрли жемисти,
Тигип енди қарныны,
Түйелердиң сол ўақта,
Суймурға қарап екеўи,
Тай қыз бенен бул Ҳатам,
Еки нарды майданға,
Шығарып қойып Суймурға,
Хош келдиңиз ана деп,
Бир сөз айтты мәрт Ҳатам:

— Арзымды есит, айланайын анажан,
Қутқаргансаң сен бир өлим-қазадан,
Енди қәйтип хызметиңе жетемен,
Наразы болсаң, сениң менен кетемен.

Алып шықтың барсакелмес елинен,
Сен қутқардың мени тайын өлимнен,
Ҳәр ҳәптеде келип хабар аласаң,
Мен дүньяда үш баланның биримен.

Аат жалыны қыя шөлде тарайман,
Перзент болып, не күниңе жарайман,
Дүнья дәркар болса, алғыл, анажан,
Наразы болсаңыз, мен де бараман.

Сонда Суймурық:

— Жылай берме, әй, перзинтим, зар-зар,
Мендей анаң болмас сеннен бийхабар,
Сен сақладың үш баламды өлимнен,
Меннен табылады ўәде-ықырар.

Келиним, еситкил, сенде, әй, Тайжан,
Көп қыйынлық көрди енди Ҳатамжан,
Екеўиңнен енди ыразы боламан,
Ялғаншы дүньяда сен сақый болсаң.

Сақый болсаң, мурадыма жетемен,
Мен өлгенше хызметиңди етемен,
Егер сизлер енди сақый болмасаң,
Бир күн өзим дүньяңды алып кетемен.

Сақый болсаң, ялғаншыда жаснайман,
Хызметиңди көрип, ўақтым хошлайман,
Қыянетти бул Ҳатамға ойласаң,
Көтерип апарып таўға таслайман.

Дүнья сизлердики, сүриңиз дәўран,
Ашықлық ўәдеңиз болмасын жалған,
Мәканыма кеттим енди мен ушып,
Ҳатамы-Тай, хош қал меннен сен аман,—

Дейип енди сол ўақта,
Суймурықтай қусларын,
Шағлап ушып ҳаўаға,
Еки нарға еки пәнже,
Қаҳәрленип урады,
Палапандай көтерип,
Ушып ғайып болады.
Баяғы енди Тай қыз,
Ҳатамның ол мойнына,
Керилип қоллар салады,
Ҳатамдайын мәрт палўан,
Тайдың енди ақ бетинен,
Сүйип-сүйип алады,
Ақ сарайға барады.
Төсекти кеңнен салады,
Үсти-басын шешди,
Гүл-гүл шарап ишеди,
Сөйлескенде еки ашық,
Аўзынан паллар шашады,
Сулыўлығындай ол Тайдың,
Дүньяда пери жоқ еди,
Жигитти сусты басады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Екеўи енди ойнасып,
Нардай болып бул Ҳатам,
Ақ сийненин үстине,
Сол ўақтында асады,
Кеўлинде қоймай әрманды,
Тал шыбыктай таўланып,
Сүрди дейди дәўранды,
Ашықлық деген сол ўақта,
Бурынғыдан қалғанды.
Көргеннин ақылын алады,
Ҳатам деген ғош жигит,
Ели-халықты жыйнатып,
Жақсы сарай салады,
Жүз танап бағ салдырды,
Көшки әйўан салдырды,
Ели-халықты жыйнады,
Аш-арыққа нан берип,
Жетим бала,тул қатын,
Ғәрип болған ғаррылар,
Мискин болған адамлар,
Ҳатам дейип барады.
Халықлар енди тойынып,
Ҳәмме бирдей болады,
Аршалының елинде,
Ҳатам атты көтерип,
Сүрип енди дәўранды,
Бурынғы енди шопанлық,
Кеширип қайғы-әрманды,
Олар тапты муратты.

* * *

Сексенге келген Қурбанбай,
Нуратада Қалмурат,
Қалмураттай ол жыраў,
Усы айтқан дәстанды,
Қурбанбайдай жыраўға,
Айтып жүрип үйретти.
Той алдында Қурбанбай,
Өзин енди баплаған,
Сексен жасқа келгенше,
Ядында буны сақлаған.
Жыраўман деп болғанды,
Жаслығынан интизар,
Ендиги енди жасларға,
Қартайғанда атасы,
Берип отыр минекей,
«Ҳатамтай» атлы дәстанды,
Оқысын деп балалар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

50 - ТОМ



# СӘЛИМЖАН

*Қурбанбай жыраў Тәжибаев*
*Жазып алған: М.Сейтниязов*
*(1956-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерте-ерте шағында,
Ерте заман ўағында,
Ҳират деген шәҳәрде,
Патшасы еди Қасым хан,
Әдиллик пенен ол патша,
Халқын жақсы сораған.
Ол шәҳәрдиң ишинде,
Даңқы кеткен жәҳанға,
Бир бай киси бар еди,
Аты еди Сулайман.
Маңлайында жулдызы,
Баска кийген қундызы,
Жалғаншыда жалғызы,
Бир ғана улы бар еди,
Онын аты Сәлимжан.
Сәлимжандай баласы,
Кирди сегиз жасына,
Сегиз жасынан бери,
Мектепте оқып жүр еди.
Қасым ханның журтында,
Тәшим деген бир ғарры,
Ол Ҳиратта бар еди,
Ол бир гедей ғаррынын,
Биргене қызы бар еди,
Ол да сегиз жасында,
Зердер қалпақ басында,
Китаплары қолында,
Ҳинжи маржан мойнында,
Ол қызынын атыны,
Қарлығаш сулыў дер еди.
Сәлимжан менен екеўи,
Бирдей еди сабақлас,
Бир-биринен өте алмай,
Қылар еди көп жарыс.
Сөйтип оқып жүргенде,
Ексўи жақсы дос болды.
Ҳәм мектепке барғанша,
Ҳәм мектептен келгенше,
Сәлимжан менен Қарлығаш,
Түрли ойын ойнады,
Бирин-бири қуўалап,
Қыс күнлери болғанда,
Сырғанақ теўип екеўи,
Таўдан төмен жумалап,
Балалықтың ойнына,
Ҳасла булар тоймады.
Жаздың күни болғанда,
Гүллер жайнап турғанда,
Бир-бирине гүл берип,
Гүллерден шәмен байлады,
Шәмен енди байласты,
Қыздың енди шәмени,
Сәлимжандай балаға,
Сулыў,жақсы көринди,

Сәлимжан сонда сөйлейди:
— Ҳәр шәмениң түменди,
Мениң енди шәменим,
Сеникинен төменди,
Шәменинди маған бер,
Алып енди жүрейин.
Алып барсам үйиме,
Қолың тийген гүллерди,
Ийискеп қойып алдыма,
Өзиң дейип билейин,— деп,
Сөзлер айтып кеўлини,
Өсиреди Сәлимжан.
Әсте ғана Қарлығаш,
Қасын қағып жиберип,
Тал шыбықтай таўланып,
Ол ылақтай секирип,
Алты түрли гүллерден,
Үзип алып байлады,
Байлап турып Қарлығаш,
Сәлимжанға сөйледи:
— Достым болған Сәлимжан,
Айбынбағыл елиңнен,
Шәмен байлап мен бердим,
Услап мынаў шәменди,
Алғыл мениң қолымнан,—
Деген ўақта Сәлимжан,
Гүлди қолынан алады,
Китабын ашып сол мәҳәл,
Арасына салады.
Гүлди салып китапқа,
Қарлығаштай қыз бала,
Қол алысып сол жайда,
Қайта кирди үйине,
Сәлимжандай бул бала:
— Жапырағы қайысар,
Достымның берген шәмени,
Китапқа салсам майысар,—
Дейип енди Сәлимжан,
Ийискеп шәмен гүлини,
Қарлығаштан айрылып,
Бул да қайтты үйине.
Усылай етип екеўи,
Ойнар еди жолларда,
Қосылмай онша екеўи,
Ол сабақлас балларға.
Толыса берди Қарлығаш,
Толыса берди Сәлимжан,
Екеўиниң дослығы,
Күшейе берди қайтадан.
Он алтыға келгенде,
Бойлары өсе бергенде,
Сәлимжандай бул бала,
Қарлығаштың мойнына,
Ойнап қоллар салады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул ислерге дос-душпан,
Көз жиберип қалады,
Адамлар сонда ойлайды,
Ойлай берип не дейди:
— Мынаў енди Сәлимжан,
Сулаймандай байлардың,
Қолына алған шырасы,
Бала да болса сонындай,
Жигитлердиң данасы,
Ойнаймекен қызы менен,
Аш-әптада гедейдиң,
Сондай байдың баласы,
Жанәдил байдың қызына,
Мал берип қойған Сулайман,
Байдың қызыны алмай,
Гедей қызы менен ойнады,
Мынаў ақылсыз Сәлимжан,
Сулаймандай байлардың,
Маңлайының қарасы, —
Дейип енди адамлар,
Күлер еди бул күнлер.
Көп ай өтти арадан,
Көп жыл өтти арадан,
Сәлимжан болды саўатхан,
Қызды көрсе Сәлимжанның,
Көзи оттай жанады,
Қалыңлығы болса да,
Қарлығаш пенен Сәлимжан,
Ойнағанын қоймады,
«Қой, бул гедей қызы» деп,
Көп адамлар урысса да,
Көп адамлар сөксе де,
Айтқаныны қылмады.
Жанәдил байдың қызы да,
Ақжан деген ол сулыў,
Кирди он жети жасына.
Сулыўлықта мини жоқ,
Айтыўшының аўзында,
Жигитлер жанды ышқына.

Сол күнлери Жанәдил бай Сәлимжанның ол гедей қызы менен ойнап-күлип жүргенин еситип, арланады. Ералы деген бир бийин шақырып алып:

— Қалыңлығын алып кетсин. Қалыңлығы турып, басқа бир гедейдиң қызына ашық болғаны болмайды, айтып бар, — деди.

Ол бий тулпарын ойнатып, қун алатуғын кисидей болып, Сулайманның алдына келип бир сөз айтады:

— Көлден ушар ғаңқылдасып жасылбас,
Жақсы менен сыр айтысқан болар хош,
Ақ отаўдың сен ийеси Сулайман,
Шық майданға, бизиң менен хабарлас.

Таўдың басы әлўан-әлўан лалазар,
Ғош жигитлер буны көрип қуўанар,
Шық майданға, болсаң енди Сулайман,
Ералының айтар саған арзы бар.

Сол ўақтында Сәлимжан,
Түрме белбеў белинде,
Қақпа шекпен ийнинде,
Өзи он сегиз жасында,
Жарасқан кийим басында,
Жуўырып шығып далаға,
Бүгилип берип сәлемди,
Бийдиң атын тутады.
Бий аттан түсип түсе салып,
Сәлимжандай баланы,
Қудалығын билдирип,
«Айбынбадың меннен» деп,
«Абырай кеткен сеннен» деп,
Ойын-күлкиге салып,
Қамшы менен урады,
Тарс еткен қамшының,
Даўысы жәҳәнды алады.
Әдеп сақлап Сәлимжан,
Урсадағы қарамай,
Бийдиң атын байлады,
Алдында оның аянбай,
Қыла берди хызметти,
Сулаймандай әкеси,
Қой семизин сойғызып,
Қонақты етке тойғызып,
Ете берди ҳүрметти.
Ертеңгиси таң атты,
Бир-еки аўыз сөз бенен,
Ералыдай бий бабаң,
Сулайманға тил қатты:

— Бийақыллар жаман сөзге қуўанар,
Мәрт өлгенде талаў қалар дүнья-мал,
Қулақ салып пәҳим әйле сөзимди,
Ералының айтар саған арзы бар.

Сәлимжан болыпты оқыўға қәлан,
Кеўлине келмесин зәрре бир арман,
Атаның бир болмас баладай кеўли,
Қудаңыз айтыпты бизлерден сәлем.

Ашылмаған мың гүлиңнен бир гүлиң,
Сәлимжан балаңда көп екен илим,
Айтып келдим енди тойдың хабарын,
Ер жеткенди Ақжан атлы келинин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Перзентиңиз ойламай ма арыны,
Еситиңиз қудаңыздың зарыны,
Гедей қызын сүйеди екен балаңыз,
Қайтып алғыл енди қалың малыны.

Жибердиң қудаға енди сансыз мал,
Сәлимжанда жоқ екен ғой намыс-ар,
Ашық болып бир гедейдиң қызына,
Зарланады Ақжан атлы ол нашар.

Қуда болған екеўиңиз енди бай,
Араңызға тап болыпты бир гедей,
Арсынбастан неге сүйеди ол қызды,
Қалай жүрер дос-душпаннан уялмай.

Гедей неге керек байдың журтына,
Ылайық емес Сәлимжанның атына,
Алып енди бир гедейдиң қызыны,
Қайтып ол қарайды халықтың бетине.

Қудаға бергенсең сансыз малыңды,
Абырой кетер сақламасаң арыңды,
Билесең бе Сәлимжанның сен ҳалын?
Байға пидә қылғыл шийрин жаныңды.

Байлар арасында шыдамас бетиң,
Қашан көрдиң аш-гедейдиң ҳимметин,
Халық аўзында сөз болыпты Сәлимжан,
Билесең бе перзентиңниң әдетин?

Ералы бул сөзлерди айтқанда Сулайман аң-таң болып, гә баласына, гә Ералыға қарап, көзиниң жасын булап, «қудаға сәлем айт» деп, айтады екен бир-еки аўыз жуўап:

— Ералыжан, қулақ салғыл арзыма,
Кемлик келип жаслар толды көзиме,
Достым болған Жанәдилге сәлем айт,
Инанбасын душпанлардың сөзине.

Бенде болған не салғанын көреди,
Қыя шөлде ат қуйрығын өреди,
Бурынғыдан қалған енди әдет бар,
Жигитлерде ойын-күлки болады.

Қыслар өтип, бәҳәр келген жазына,
Қудам ғам салмасын ҳасла өзине,
Сәлем айтқыл Жанәдилдей қудама,
Инанбасын қыз-жигиттиң сөзине.

Ат қуйрығын адыр шөлде өремен,
Қудалық жолында ақыл көремен,
Тута берсин тәтәрригин тойының,
Мен үш күннен қуда болып бараман.

Айтар саған енди мениң сөзим бар,
Ер адамда болар ўәде-ықырар,
Ел күледи айтқан оның сөзине,
Бизлер өлсек, қайтар сонда қалың мал.

Сулайман дейдилер дүньяда атым,
Жанәдил менен қатнаспақ мениң мурадым.
Астыраман болса ондай гедейди,
Көрсин енди қудасының ғайратын.

Мәрт Ералы, кетер болсаң, аллаяр,
Бул сөзимди Жанәдилге айтып бар,
Меннен енди басқаға кеўил бөлмесин,
Сорағанда усындай деп бер хабар.
Буны еситип Ералы,
Сулаймандай байлардан,
Сонда кеўли толады,
«Айтқаным мениң болды» деп,
Ат ойнатып барады.
Батырға қумарлы исти,
Өткереди сәске-түсти,
Әйне песин ўақтында,
Аўзы ошақтай ашылып,
Жанәдилдиң алдына,
Ералы батыр жетисти.

Жанәдил Ералының атын тутып байлады. Көзи оттай жайнады. Жанәдил қудасын жүдә жақсы көрер еди. Айтқанша енди асығып қоймады. Ералыдан Жанәдил жағдай сорады:

— Талаўлар қылғанман дүньяның малын,
Әждарҳа шашады адамға зәҳәрин,
Сапарыңнан хабар бергил, Ералы,
Бизге айтың Сулайманның хабарын.

Мине енди мен оңғардым әреби ат,
Жаманды сөйлемес енди ҳаслы зат,
Күлип сөйлестиң бе енди өзине?
Ҳәй-я, достым, Сулайманнан хабар ет.

Ат мойнына тақтым тилладан тумар,
Жақсыны көргенде адам қуўанар,
Көрдиңиз бе қылўасыны қудамның,
Кеўилине алған қандай ойы бар?

Сол ўақты Ералы:
— Әй, Жанәдил, ғам жеме, тоғыз наннан кем жеме, ел ишинде бола береди ондай сасық сөз-әңгиме, — деп, Жанәдилдиң ўақтын хошлап, — той-сайманыңды қыла бер, — деп айтады екен сонда бир-еки аўыз жуўап:

— Еллерде болады гей бир сөз жалған,
Сөйледим, қудаңыз болғанды ҳайран,
Жақсылардың жалған болмас ўәдеси,
Сениң менен айрылмастай дос болған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сөзинди еситип кудаң болды шад,
Үш күн алып келдим кудаңнан мәүлет,
Баслай бергил,мәрт Жанәдил,тойынды,
Ели-халықтың кеўлин қылыңыз абат.

Қәпесинде сайрап турған мурғызар,
Шадлығыңақыйналады душпанлар,
Келер кудан тартыў,бадалғы менен,
Болып қалма,достым,енди бийхабар.

Сол ўақлары Жанәдил,
Нериле берип жаснады,
Алысына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Алтын қабақ қурдырып,
Төрткүлли ошақ ойдырып,
Туўша,бийе сойдырып,
Ашы менен арығын,
Наны-еттен тойдырып,
Той баслады Жанәдил.
Ендиги сөзди баяғы,
Сулайманнан еситиң.
Сулаймандай бул киси,
Жар салдырды қалаға,
Ат шаптырды далаға,
Қой семизин сойдырып,
Екеў-ара бир табақ,
Сонда палаў үйдирип,
Ҳират елин жыйдырып,
Бас көтерген хожасы,
Нәсият айтқан молласы,
Уллы-киши жәм болды,
Бәри қалмай,кулласы,
Ханға еди кенесдар,
Аты еди мәрт Асқар.
Муртын бурап,сақалын сылап:

— Әй,Сулайман,не кеңесиң бар еди? — деп халықтың арасында айтады Сулайманға бир-еки аўыз жуўап.Халықтың қатарында таяғын маңлайына тутып Тәшим ғарры бул да отырды тыңлап:

— Ашық көрер машықлықтың дәртини,
Ханлар сорар салтанатлы журтыны,
Халықты жыйнап,кудалығың бармеди?
Айтқыл енди бул жыйынның атыны.

Қолға алып тилла перде сазымды,
Сайрарман тилимде көби-азымды,
Халықты жыйнап,муңайасаң Сулайман,
Туўра айтқыл маған енди сөзиңди.

Сол ўақта Сулайман:

— Сөзим тыңла уллы-киши ағалар,
Әўелин айтайын,енди тойым бар,
Арамызға араласып бир гедей,
Басларыма салды енди қайғы-зар.

Ташымның қызы-ды,аты Қарлығаш,
Бул адамда ҳеш жоқ екен ар-намыс,
Қатнаспаға уяламан халықтан,
Кудалыққа ондай адам жараспас.

Жылатқанды мендей байды енди зар,
Қызын алсам дос-душпанлар табалар,
Шығармасам ол ғаррыны бул журттан,
Бул басыма мениң енди күн туўар.

Байлардың аты-ды жәҳанда қымбат,
Мен кеткенде боларсыз ба сизлер шад,
Мен кетемен Ҳират журттан бас алып,
Хош қалың халықлар,берин рухсат.

Бул гәплерди Сулайман,
Жылап айтқан шағында,
«Журттан шық» деп адамлар,
Айбатланып қамалап,
Ақылсызлар сабалап,
Ийтерип шығарып далаға,
Халық ишинен зар ениреп,
Өзи гедей болған соң,
Жылап бир кетти ол ғарры.

* * *

Ендиги сөзди еситиң.
Бул гәплерден сол ўақта,
Хабардар еди Сәлимжан,
Зергерлерге ол барып,
Өз атыны сыртына,
Жақсылатып қаздыртып,
Сом алтыннан сол ўақта,
Соқтырып еди бир тумар,
Ол тумардың ишинде,
Ақ қағазға жазылған,
Нәсиятлы сөзи бар.
Ол тумарды Сәлимжан,
Қалтасына салады,
Анасынан гилтти алып,
Ашып еди аршаны.
Бир мың тилла шыққандай,
Алтынды салып жанына,
Тумарды алып қолына,
Адамларға көринбей,
Ақ куландай туўлады.
Қарлығаш қыз кайда деп,
Қоян киби зуўлады.
Әне-мине дегенше,
Көргенниң ақлын алады.
Қарлығаш отырған кепениң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдына жетип барады.
Буны көрип Қарлығаш,
Көзинен ағып қанлы жас,
Жуўырып шығып далаға,
Қушакласып көрисип,
Сәлимжанға сөйледи:

— Сениң менен гүллер тердим лалазар,
Ашығын көргенде жигит қуўанар,
Бир жаман сөз енди саған жетти ме,
Келгениңнен мәрт Сәлимжан бер хабар.

Қазан урып бағда гүлиң солды ма,
Я болмаса бир айралық болды ма,
Сен инанып бир нәкастың сөзине,
Мендей қыздан енди кеўлиң қалды ма?

Сени көрсем хәр күн болар кеўлим шад,
Сөйлескенде кетер енди меннен дәрт,
Айтқыл енди кеўлиндеги әрманың,
Я қылдың ба жаман менен енди шәрт?

Сонда Сәлимжан:

— Атымды айтады батыр Сәлимжан,
Ортаға алыпты мени көп душпан,
Хешбир ашық бизлердейин болмасын,
Жете алмай тириликте айрылған.

Атанды қуўғанды залым патшалар,
Болып келдим сендей қызға гүнакар,
Мойнына соқтырдым алтыннан тумар,
Мен болмаспан сеннен хәргиз бийхабар.

Қызлардың ишинде сен өзиң дана,
Қосыла алмадық бизлер тез ара,
Душпан отлар салып енди ортаға,
Сениңдей арыўдан мен болдым жуда.

Хәр қалай болса да енди ол ата,
Өзи бай сөзинен таппайды қата,
Оқып жүргил тумардағы хатымды,
Алып келдим сениң ушын мың тилла.

Мен жыларман сен кеткенде зар-зар,
Бул хабарға маған болды дүнья тар,
Атаңызға кет дегенде,жуўырып,
Келдим хошласыўға енди назлы яр.

Сол ўақтында Қарлығаш,
Ақты көзинен қанлы жас,
— Өсек қылды душпанлар,
Мениңдейин арыўды,
Қылмады сизге миясар,
Мен нетейин дүньяда,
Мен де сеннен айрылдым,
Сен де меннен айрылдың,
Несийбемиз бар болса,
Көрисермиз Сәлимжан,
Билип қалмасын дос-душпан,
Келгениңе ыразыман,— деп,
Сәлимжанның мойнына,
Қоллар салып Қарлығаш,
Маңлайынан сүйеди,
Тамағынан сүйеди,
Тилланы салып қойнына,
Қыздың бети жайнады,
Бул ислерге шыдамай,
Өзиңе мәлим Қарлығаш,
Есинен танып қулады.
Сәлимжандай мәрт палўан,
Көзинен жас булады,
Билмесин хеш адам деп,
Бул да аўылға жөнеди,
Көргенниң ақылын алады,
Атасының хызметинде,
Мәрт Сәлимжан болады.

Әне,сол ўақта Сулайман Ақай,Жақай деген еки сурқылтайын шақырып келип,атларына миндирип, хәр қайсысының қолына он тилла берип,Тәшим ғаррыны журттан шығарып қайтың деп,бир сөз айтады:

— Арзымды есит,қулақ салғыл,Ақайжан,
Мин атыңа,шық майданға Жақайжан,
Ат ойнатып барың Тәшим үстине,
Қутқарың мени усындайын гедайдан.

Астында ойнасын мингенде тулпар,
Сен барғанда сондай жаман қуўанар,
Рәхим еткил көзден аққан жасыма,
Ол гедейди бул еллерден қуўап сал.

Және сөзим тыңлай бергил Ақайжан,
Әдетини коймас балам Сәлимжан,
Ондай жаман көринбесин көзиме,
Айдап шығың Хират деген қаладан.

Керек емес ондай гедей ол бунда,
Қаларман дүньяда намыслы арға,
Шығарып келсең бул Хираттан ғаррыны,
Қайтып келсең тағы да бар он тилла.

Сол ўақтында мәрт Ақай,
Минди аттың белине,
Жақай менен тасырлап,
Жетип барды сол ўақта,

Тәшим ғарры үйине.
Жатыр еди сол ўақта,
Ыңыранып кемпир-ғаррысы,
Буны көрип сол ўақта,
Аң-таң болды ғаррылар,
Китап оқып отырған,

Қарлығаштай арыўға,
Түсти дейди қыйын ҳал,
Сәлимжандай батырдың,
Айтқаны енди келди деп,
Қарлығаштай бийшара,
Жылай берди зар-зар.

Сол ўақта Ақай,Жақай муртын бурап,көзин аўдарып қарап,«ханның айтқанына көнбейсең бе?» деп,сол жерде айтады жуўап:

— Бул Ақайдың,ғарры,сизге арзы бар,
Мерекеде «хош» деп айтты адамлар,
Патшамызға жақпайды екен қылўаңыз,
Сен емессең бизиң елге миясар.

Ғәрип болсаң хәрбир сөзден қашасаң,
Көзиң көрип көп белдеўден асасаң,
Хан,патшаның бул ҳәмири ол саған,
Арзым сол-ды,ҳәзир енди көшесең.

Жыламағыл сыңқылдап сен зар-зар,
Халықларды жаўластырар қызың бар,
Бизиң елден жырақ жүргил,ғаррылар,
Басқанаңа салмай турып қайғы зар.

Бул гәплерди еситип,
Тәшим атлы бул ғарры,
Өзи еди дым жарлы,
Ешеклерин келтирип,
Жүк-жабыўын арттырып,
Ол ешектиң үстине,
Кемпирини миндирип,
Ҳасаны алып қолына,
Қызыны салып кейнине,
Жыртық постынды жаўып,
Шақырлатып ийнине,
Түсип аттың алдына,
Жылай-жылай бийшара,
Бир сөз айтып сол ўақта,
Бозлап шығып барады:

— Болмағанды мен жарлыда ҳеш дәўлет,
Жоқшылығым маған берди ақырет,
Гедейликтен туўған елден қуўылып,
Қылған иси Сулайманның бул уят.

Байлығынан ол минеди әреби ат,
Қартайғанда маған салды қыйын дәрт,
Қуда болған Жанәдилдей бай менен,
Келини бермегей дүньяда рәҳәт.

Байлар бәлент тутқан енди нәзерин,
Қан жыласам,еситпейди ҳеш зарым,
Тилек тилеп халықлар ушын жылайман,
Ҳешкимлерге тиймеген еди зәлелим.

Биреў сарпай берсе күлип аламан,
Кеше-күндиз халық тилегинде боламан,
Туўған елден мени душпан айырып,
Не пейлимнен елден шығып бараман?!
Болмадылар менде дәўлет енди бақ,
Сулайман орнында сөнсин ол шырақ,
Несийбеме кешип енди бул елден,
Жат еллерден тартқан шығар топырақ.

Ҳешкимлерди мен қылмайман гүнакар,
Азап бермең Ақай,Жақай инилер,
Мен кетермен бул еллерден бас алып,
Туўған елим меннен хош аллияр.

Бул гәплерди айтып ҳәм,
Тәшим атлы бул ғарры,
Елден шығып кетеди.
Ақай менен ол Жақай,
Шақақ урып күлисип,
Ол кейнине қайтады.
Барып енди сол ўақта,
Сулайманның қасына,
Қуўанлығын залымлар,
Қосықлар менен айтады:

— Қулақ салғыл Сулаймандай ағажан,
Барып қылдық ордасыны тас-талқан,
Арқалаттық арқа баўы,жулларын,
Қутылдыңыз Тәшим атлы-ғаррыдан.

Келмегендей болып кетти изине,
Ақырет бердик енди оның қызына,
Аямастан ат алдына биз салып,
Шығардық биз оны елдиң шетине.

Көрип кетти маңлайының сорыны,
Еситкени меннен сөздиң қырыны,
Келмегендей қылып елден айдадық,
Биз таныттық ол ғаррының пирини.

Ат ойнатсам көкке шықты енди шаң,
Бир бәледен айрылғанды Сәлимжан,
Беребергил,Сулайман бай,тойынды,
Хызмет көриң бизлердейин дослардан,—

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дейип енди сөзини,
Тамам қылды ол Ақай,
Байдан сонда тағы да,
Сарпай сорады Жақай,
Айқаныны Сулайман,
Ақай менен Жақайға,
Сыйлап сарпай береди,
Өзиң көрген Сулайман,
Ақылды кеңнен көреди,
Әдеби ўақтын хошлады,
Ат жиберип еллерге,
Үлкен тойды баслады,
Бақсы-жыраў келтирди,
Халықтың кеўилин шад қылып,
Сарпай кийди еллердиң,
Салтанатлы ағасы,
Сарпай кийип ат минип,
Келди дейди бул тойға,
Сәлимжанның сол ўақта,
Қатар-қурбы,жорасы.
Көргенниң ақылын алады,
Қыз-келинлер жыйналып,
Аты жоқлар қыйналып,
Сарпайы жоқ ойланып,
Қызға кетпек болады,
Жүр еди хызметти қылып,
Сәлимжан дийхан секилли,
Буны көрип Сулайман,
«Өз билдигине қоймадым,
Енди жалғыз баламды» деп,
Өз-өзинен Сулайман,
Жерге қарап өкинди.
Шадлық қылды көп адам,
«Мынаў енди тамаша,
Мынаў той» деп ол ўақта,
Ойламайды Сәлимжан.
Өзиң көрген қыз-жаўан,
Хәр сөз айтып мазақлап,
Қол узатқан ўақтында,
Қолын қағып шарбынып,
Қарындасы кетердей,
Жерге қарап ойланып,
Қолы болса хызметте,
Ақылы кеткен бир жаққа,
Өз-өзинен бултыйып,
Онда күлмей қылтыйып,
Жән-жағына қаранып,
Айтарына киси жоқ,
Суўық демини алып,
Не қылар екен енди деп,
Ол Сәлимжан ойланып,
Ой түбине жете алмай,
Адамлар жүр ғой сайланып,
Буны бир көрип Сулайман,
Белден кетти ҳал-дәрман,
Неғылайын енди деп,
Иши оттай жанады,
Жамбасыны бурады,
— Ат ишинде дар еди,
Ақыллы ол дана еди,
Өзи жалғыз бала еди,
Гүл жайнаған шад еди,
Қалай болды бул бағы,
Мен қарасам,баламның,
Ашылмай жүр ғой қабағы,
Биреўлер күлип сөйлесе,
Терис алып сөзини,
Сөйлеген адамлар менен,
Ҳеш жанбайды шырағы.
Бир жайға алып кетейин,
Билген сөзди айтайын,
Нәсиятты етейин,
Нәсиятым алмаса,
Ағайинди-туўғанды,
Мен шақыртып алайын,
Көримлерди көрсетип,
Туўмағырдың басында,
Енди ошақ салайын,
Сулыў қызға елигер,
Өзи еркек,желигер,
Мениң қылған исиме,
Уялып жүрип көнлигер,
Күлсе де енди душпанлар,
Дослар ақылын берер,—
Дейип енди сол ўақта,
Сулаймандай ол байлар,
Ишки жайға кетеди.
Жанына онын ағайиннен,
Жети жигит алады,
Ол Сәлимжан баланы,
Ол пинҳамы жайларға,
Алдап алып барады,
Ишке енди киргизип,
Қапыны бекитип қойып,
Бир-еки аўыз сөз бенен,
Сәлимжандай баладан,
Сонда турып атасы,
Ҳал-аўҳалын сорады:

— Арзымды есит,перзентимсен,Сәлимжан,
Саған жетпей нешше жыл болдым сергиздан,
Жүрменғой дүньяда тилегиң тилеп,
Қуўанысты сеннен басқа тири жан.

Той деп ҳасла ҳеш алмайсаң кеўлиңе,
Күлип-ойнап тарқатпайсаң шеринди,
Бир сулыўдың мен тойыны басладым,
Жете алмадым,балам,сенин кеўлиңе.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәлимжан деп жылап жүрдим зар-зар,
Бул тойларға қуўанысты көп дослар,
Шарбынасаң сен әждарҳа секилли,
Әдетинди өсек қылды душпанлар.

Сәлимжан дейдилер дүньяда атын,
Билимли един ғой,шыққан саўатын,
Қан жылатпа мениндейин атанды,
Айтқыл маған кеўлиндеги мурадын,

Той қурылды есигимде лалазар,
Туўғансаң ба сен анадан биймәҳәл,
Қуда болдым Жанәдилге мал берип,
Көрмедиң бе Ақжанқызды миясар?!

Сол ўақлары Сәлимжан,
Қабағын ашпай сөйледи:

— Әй,атажан,атажан,
Ҳәр адамның кеўлинде,
Ҳәр адамның кеўлинде,
Болады енди бир әрман,
Тойыны дослар қылмайды,
Бул ўақлары ол маған
Қулақ салсаң сөзиме,
Сүйгенимнен өнге қыз,
Көринбейди көзиме,
Сүйгенимди алмасам,
Қаралар болсын жүзиме,
Кимге алсаң,соған ал,
Сондай байдың қызына,
Мен бермеймен ықтыяр.
Маған алып,ўай,берип,
Нетесең енди ол қызды?
Ҳа,атажан,атажан,
Мени сарсаң қыласаң,
Қыз алып бер дедим бе?
Керек болса бир күни,
Өзим сайлап алар ман,
Жанәдилдиң елине,
Сүйресең де бармайман,
Күйдирмегил баланды,
Қапа қылма адамды,
Ақжан атлы ол қызды,
Олла-билла алмайман,
Сөзимди егер тыңласаң,
Бул исинди қоймасаң,
Бәрибир енди,атажан,
Сүймеген қызды хеш қашан,
Мен енди қатын қылмайман,—
Дейип енди атасына,
Сөзлер айтып турғанда,
Сулаймандай бул байдың,
Қатты қәҳәри келеди,

— Туўмай кеткир ол ладан,
Жоқлығына күйейин,
Мен қайтпайман ўәдеден,
Айтқанымды қылмайды,
Әй,ағайин,туўғанлар,
Басына салың қайғы зар,
Урыны байлаң,— дегенде,
Жети жигит Сәлимжанды,
Дәл ортаға алады,
Әкесиниң айтқанын,
Қылмағанның жазасы,
Дейип енди баланы,
Жүндей қылып сабады,
Бул таяқтың астында,
«Олла,аламан» дейип,
Шыдамай бала шырлады,
Ҳасыл кийим кийдирип,
Қолыны артына байлады,
Далада атқа миндирип,
Үстине шекпен таслады,
Таяқ қәҳәри жаманды,
Көзлерини Сәлимжан,
Қайта-қайта жаслады,
Ат дизгинин бир жигит,
Сол ўақтында услады.
Қылған иске Сәлимжан,
Илажсыздан көнеди,
Жигитлер енди ат шаўып,
Қызлар орамал береди,
Жанәдилдиң елине,
Сулаймандай бул байлар,
Баласыны байлап,
Ели-халықты жыйнап,
Қуда болып жөнеди.
Бул кеткеннен кетеди,
Көп белдеўден өтеди,
Ат жалыны жигитлер,
Қамшы менен тарады,
Бет-аўзыны сулыўлап,
Орамал менен сылады,
Қуда хабарын еситкен,
Жанәдилдей уллы бай,
Ели-халқы жыйналып,
Жақсылап күтип алады,
Қолы артына байланған,
Күйеўди көрип қыз-жаўан,
«Саў еди ғой Сәлимжан,
Жигиттиң еси бар ма» деп,
Гәҳи күлип көбиси,
Гәҳи қапа болады.
Буны еситкен Ақжанның,
Түри жаман бузылды,
Жүреклери езилди,
Ҳайран болды көп халық,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Барған жигитлер менен,
Төсек үстинде турып,
Парасат пенен сүзилди,
Көргеннин ақлын алады,
Тартыў,зыяпат пенен,
Женгелери барады.
Сәлимжан турды сүзилип,
Айтқаныны жигитлер,
Аямайын береди,
Қәдесин алып болған соң,
Акжан қыздың женгеси,
Узатарға келеди,
Акжан атлы сол пери,
Хәр бир қыздан илгери,
Қалпағына дал қойған,
Ләбине шекер бал қойған,
Барлық жери аппақ,
Шынаша бармақ,жез тырнақ,
Қара шашы өрилген,
Ишкен оның шарабы,
Сулыўлығы соншелли,
Тамағынан көринген,
Назы да бар соншелли,
Жүрерине ерингеи,
Жанәдил байдың қызы екен,
Еки жигит қосылса,
Аўызға алған сөз екен,
Данқы кеткен жәхәнге,
Айтыўлының өзи екен.
Өзи он сегиз жасында,
Он алты жеңге қасында,
Лалы менен ол якут,
Маржан менен олбилян,
Тағылған оның шашына,
Аяғында гүлли геўиш,
Омыраўға тағылған,
Алтын менен енди гүмис,
Жағасына тақыпты,
Жез алтыннан ол нағыс,
Салтанатлы сәрбиназ,
Омыраўдан мойны гез,
Атына ылайық хәм өзи,
Саўранелде жоқ еди,
Бунындайын сулыў қыз.

Қыздың еки туўысқан ағасы бар еди,Қулым,Гүлим дер еди.Махфия деген женгеси хәм Маруфа деген жеңгеси бар еди.Бул төртеўи қыздын жайына келип,Махфия қызға бир сөз айтты:

— Акжан,есит менин айтқан арзымды,
Питкеремиз өткенлердиң парзыны,
Узатамыз Сулайманның үйине,
Келин қылып сениң енди өзиңди.

Көп күн болды той-тамаша қурлар,
Қуўанғанды бизге жақын ол links,
Мен тутаман женге болып қолыңнан,
Келиншек болыўды қылғыл ықтыяр.

Атаң алған ол кудадан сансыз мал,
Бир өзине келди нешше адамлар,
Рухсат берсең мен қолыңнан тутайын,
Тамашаңды көрип тарқасын қумар.

Жаманлардың жалғаншыда кеўли тар,
Теңин тапса қуўанады қыз нашар,
Атаңыздан пәтия алып берейин,
Изиңнен қуўанып қалсын ағайынлар.

Сол ўақта жеңгесине Акжан бир сөз айтты:

— Бағ ишинде қызыл гүлим лалады,
Атадан-анамнан мениң кеўлим калады,
Той ишинде ол қолыны жаздырған,
Айтың жеңге,енди кимлер болады,

Қызды көрсе жигит көзи жайнайды,
Шын ашықлар теңи пенен ойнайды,
Танытыңлар ол байланған жигитти,
Жеңгежаным,күйеўлерин қандайды?

Қулаққа жарасар алтыннан сырға,
Ағаларым минген шығар кер жорға,
Қол байлыға қатын қылып бергенше,
Тасласа ыразыман мени дәрьяға,

Күйеў көрсе қыздың мийри қанады,
Әке қыйып қалай отқа салады,
Той ишинде жигит қолы байланса,
Оған енди қандай қызлар барады?

Мен термедим бағ ишинде гүлимди,
Сулыўлықта хеш ким таппас минимди,
Акжан сулыў өлмей бармас ол байға,
Тартып сөйле,жеңгежаным,тилиңди.

Сонда ағасы Қулым Акжанға:

— Қызыл жүзимизди солдырма,
Бизлерди намысқа қалдырма,
Атаңның барды ўәдеси,
Атаңның кеўлин қалдырма,
Жылама қылып қайғы-зар,
Ўәде менен ықрар бар,
Мурадыңа жетерсен,
Қарындасым,барабер,—
Деп бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Арзымды еситкил,тынлайгөр Ақжан,
Адамзат қайтпайды қылған ўәдеден,
Атасына бир сөзлерден өкпелеп,
Кеўли толмай байланыпты Сәлимжан.

Ол Сәлимжан енди саған зар екен,
Еситпес жаман сөз,кеўли тар екен,
Қан түспесин дейип енди бул тойда,
Сәлимжанның бир душпаны бар екен.

Айрылып келипти ол менен душпан,
Байланбаса салады екен енди қан,
Күйе берме қарындасым,әй,Ақжан,
Бийақыл емести енди Сәлимжан.

Сен бир қызсаң бағ ишинде қызыл гүл,
Сен жыласаң өсек қылар бизиң ел,
Ўәде қылған беремен деп ол атаң,
Атаңның сөзине енди ыразы бол.

Сәлимжан ушып мен ақыл керемен,
Сени енди Сәлимжанға беремен,
Жеңгеңниң қайтардың шекер сөзини,
Қарындасым,салғаныны көремен.

Бул гәплерди айтып хәм,
Қулым менен ол Гүлим
Ақжан атлы сулыўдың,
Қайылшылық бермеген соң,
Ол екеўи туты қолын,
Жеңгелери алдында,
Ағалары жанында,
Қыз-жаўанлар кейнинде,
Өзиң көрген Ақжан қыз,
Тартып урып өзини,
Жән-жағына таслайды,
Қыйқуў салып сәрбиназ,
Көргенниң ақылын алады,
Өзин жерге урады,
Өзин гөрге урады,
Бағдың гүли лала-ды,
Көргенниң ақылын алады,
«Сен айтып един сол ўақта,
Сәлимжанды байлады деп,
Байлаў мундай болады» деп,
Түрме белбеўлер менен,
Қолын артына бул қыздың,
Зар жылатып байлады.
Ақжан атлы сулыўың,
Айыўдайын ышқырды,
Үйден қылып сары атанның,
Үстинде гебеже қурдырды,
Зорлық пенен бул қызды,
Гебежеге миндирди,

Еки жеңге алдында,
Еки жеңге кейнинде,
Ортасында Ақжан қыз,
Кетерини билген соң,
Байбайыны кемитти.
Дослары енди жылады,
Атасы менен ағасы,
Анасы да қосылып,
Пәтия берип қалады.

Атқа минди Сәлимжан,
Ат шабысты жигитлер,
Той-тамашалар қылып,
Алып қайтып келиниң,
Муратқа жетти Сулайман.
Душпанларды намыстан,
Сол ўақтында өлтирди,
Тартыў,бадалға менен,
Алтыннан енди ақ отаў,
Келинди соған келтирди,
Досларына Сәлимжан,
Гүл-гүл шарап иштирди,
Алтыннан ол ақ сарай,
Келин қылып Ақжанды,
Шадлық пенен түсирди.
Сулайман бай жаснады,
Үлкен тойды баслады,
Екеў ара бир табақ,
Палаўларды үйдирди,
Молласыны келтирип,
Некесини қыйдырды.
Күнлер қуптан болады,
Жети жерде қәде алып,
Сәлимжандай жигитти,
Қыз отырған сарайға
Алып енди барады,
Босағаның алдында,
Жеңгелер сырта қалады,
Кирип енди сол ўақта,
Пәр төсектиң үстинде,
Суўдырап енди отырды.
Жанып турған шам-шырақ,
Өзиң көрген Сәлимжан,
Маңлайы айдай жалтырап,
Аўзы-мурны оймақтай,
Сөйлеген сөзи қаймақтай,
Өзиң көрген Ақжан қыз,
Көрип хайран болады,
Тийдим бе деп кеўлине,
Қайтардым ба зейнини,
Тарқатайын қумарын,
Дейип сонда Ақжан қыз,
Жигитти көрип ол қыздың,
Мийри енди қанады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Келе салып перийзат,
Қушақлай берип сол ўақта,
Алдына отыра қалады.
Тал шыбықтай таўланып,
Қызыл гүлдей доланып,
Сүйисип мийри қанып,
Ендигисин айтып қәйтейин,
Буннан да қызық болады.
Кеўлинди қоймай Сәлимжан,
Қайғы менен әрманды,
Шарап ишип ол қыздың,
Тарқаналы қолынан,
Батыр туўған Сәлимжан,
Әрмансыз сүрди дәўранды.
Көп күн өтти арадан,
Көп ай өтти арадан,
Сулаймандай енди бай,
Сәлимжанға жүр еди,
Дүньясыны инанбай.
Сәлимжандай жигитке,
Қатты кемлик келеди,
Мал дүньяның ықтыярын,
Келинине береди,
Ашыўы келип Сәлимжан,
Өмиринше жүрген,
Бенде болып көп дийхан,
Буларды азат қылады,
Сәлимжандай ғош жигит,
Болған иске көнеди,
Сулайман бай бир күни,
Қатыны менен екеўи,
Күни толып өледи,
Көринген бул дүньяларды,
Сақый еди Сәлимжан,
Ғәрип пенен қәсерге,
Аямай енди береди,
Бес жылға шекем дүньяны,
Сапырып енди сап қылды,
Үйде бары-жоғыны,
Атасының күйигине,
Анасының күйигине,
Мал дүньяның барлығын,
Келинине еркти бергеннин,
Күйигине шыдамай,
Арақ-шарап ишеди,
Мал дүньядан кешеди,
Қатынының қылўасына,
Иши оттай жанады,
Мал дүньядан айырылып,
Сол ўақтында жигитте,
Бир ғана сарай қалады.
Отаўын тигип сарайға,
Ол қаланың ишинде,
Сарпыўлы деген бай еди,
Төрт түлиги сай еди,
Сарпыўлының баласы,
Сәлимжан менен тең еди,
Атыны Әмет дер еди,
Жоқшылықтың жоғынан,
Сәлимжан мойнын бурады,
Пулпурыш енди Әметтен,
Он тилланы сорады,
Сорай берген ўақтында,
Он тилланы береди,
Он тилланы берген соң,
Сәлимжандай жигитке,
Әмет деген пулпурыш,
Бир сөз айтып не деди:

— Сөзимди есит достым болған Сәлимжан,
Атаңның атыны айтар Сулайман,
Дәркарынды келип,достым,алагөр,
Қайғы қылма бул жәҳәнде қайғыдан,

Сен менен болғанман енди жан жолдас,
Шарап ишип қыл ўақтынды енди хош,
Келмеге еринсең мениң жаныма,
Алып кетсин келип ҳәр күни құрдас.

Мен билемен,ўах,жоражан,көп ҳалың,
Шарап ишпесең болмас сениң жағдайың,
Иркилип турмағыл енди дүнья деп,
Жиберип турагөр енди хаялың.

Келер бир күн дүньяң несийе жақтан,
Гедей болдым дейип қылмағыл әрман,
Жегенге жеткерер енди дүньяда,
Мениң барлығымда сүре бер дәўран.

Сол ўақтында Сәлимжан,
Он тилланы алған соң,
Арақ-шарап алады,
Қәрежетти мол қылып,
Алшаңлап үйге барады,
Дүнья-малдың Сәлимжан,
Қайғысынан кешеди,
Әметтен алып дүньяны,
Еки айға дейин,
Мың тилланы алады,
Оны да ишип Сәлимжан,
Ҳә демей сарп қылады,
Жүзлери оттай жанады,
Орамалын жамылып,
Бетти оттай қызарып,
Талдай мойнын бурады,
Ақжан атлы перийзат,
Бир-еки аўыз сөз бенен,
Бир күни барып өзине,
Әметтен ақша сорады:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Рәҳим әйлергөр көзден аққан жасыма,
Қурбан болсам сениң енди басыңа,
Алып кел деп тағы енди он тилла,
Жиберип тур ол Сәлимжан қасыңа.

Есит мениң, ҳәй, Әметжан, зарымды,
Күнлер туўып тағы келдим жаныңа,
Пул сораўын хеш қоймайды Сәлимжан,
Бул қорлығы батып тур ғой жаныма.

Мәслер болып жылатады зар-зар,
Қалмады ғой енди бизде дүнья мал,
Бул ақмақтан ақыр бир күн кетермен,
Маған болғандайсыз ба енди кәўендер?

Шарап ишип ҳәр күн салар әрманды,
Қумарпаздың ақыр күни ўайранды,
Айтқаныны аянбайын берегөр,
Сен аласаң енди алтын сарайды.

Сол ўақтында Әмет күлип жиберип:

— Баратуғын едим мен,
Атам менен сениң елиңе,
Ашық едим бағ ишинде гүлиңе,
Балалықтан сөз қаттым,
Қулақ салмадың тилиме,
Бахтың қайтып, әй, Ақжан,
Келдиң мениң алдыма,
Қулақ салсаң сөзиме,
Сәлимжандай ақмақты,
Мен нетейин дүньяда,
Ашық едим жаслықтан,
Сениң енди өзиңе,
Бул сөзиме жан Ақжан,
Қылагөргил кеўлим шад,
Сарайыны аламан,
Сәлимжандай сорлыны,
Жоқ қылмаға дүньяда,
Қылғыл енди сен ғайрат, —
Дейип енди бул Әмет,
Тағы берди он тилла,
Қәрежет қылып бул Ақжан,
Алып барды үйине.
Шарап ишип Сәлимжан,
Жата берди сарайда,
Ақжан атлы бул сулыў,
Ҳәм базарға барады,
Ҳәм базардан келеди,
Жиберип базарға Сәлимжан,
Ақыллы еди мәрт палўан,
Жаман кийимлер кийип,
Таныттпайын енди барады,
Әмет пенен сөйлесип,
Ҳәзил-мазақ етисип жүргенин,
Сәлимжан жақсы билип алады,
Билсе де ол Сәлимжан,
Билмегендей болады,
Үйине келген ўақтында,
Ақжан қәйтер екен деп,
Әметти мақтап Сәлимжан,
Шақақлап сөйлей береди,
Бир күни енди ол Ақжан,
Сәлимжанған сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Сөзимди айтайын Сәлимжан саңа,
Жигитлер ишинде достыңыз дана,
Дүнья қурсын, бир күн өкпе салады,
Ол Әметтен сиз алғансыз көп тилла.

*Тилла алып, болды сениң кеўлиң шад,*
Дүнья салар адамзатқа бир күн дәрт,
Дос болғанлар шақырады сыйласып,
Сол Әметке қылсаң бойма сен хызмет.

Сенде болды дәўлет пенен енди бақ,
Бир күн келер дүньясыны сораўлап,
Сарайыңды оған берсең қәйтеди,
Ол Әметке беретуғын пулың жоқ.

Ҳәр исине ишим оттай жанады,
Жаман адам бир күн әрман салады,
Сарайыңды берип енди Әметке,
Ашып жүргил, жан Сәлимжан, араны.

Ол мәртликке енди ақыл керели,
Бул бахыттың салғағыны көрели,
Мал сатқанның айыбы жоқ дүньяда,
Екеўимиз сол Әметке баралы.

Жаман сөзлер, билсең, жаннан өтеди,
Ғош жигитлер мурадына жетеди,
Дәркар болса атаң салған сарайды,
Сол Әметке бул сарайды саталы.

Ашықлардай болып енди ерели,
Қазы-кәлан төреликти береди,
Қарыз деген адамзатқа қыйынды,
Берип енди бир қутылып келели.

Тарта берме буныңдайын қайғы-зар,
Ғош жигитке табылады дүнья-мал,
Өзиңнен жаманға аға деп айтпа,
Дослар күлип, душпан оған қуўанар.

Бул гәплерди айтқан соң,
Ақжан атлы перийзат,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәлимжан турып орнынан,
Жақсы кийим кийеди,
Бир түймеден иледи,
Акжан атлы бул сулыў,
Алтын-гүмис тағынып,
Ҳасыл кийип сыланып,
Көргеннин ақылын алып,
Есиклерге қулып урып,
Сәлимжан менен бул Акжан,
Тал шыбықтай таўланып,
Көргеннин ақылын алып,
Қәдем қосып барады,
Ол Әметтиң сарайына,
Барып турып киргенде,
Әмет қарсы алады,
Ақсарайдың ишине,
Дизден төсек салады,
Қой семизин сойғызып,
Қонақ етип екеўин,
Әмет пенен Сәлимжан,
Дослар киби сөйлесип,
Шарап пенен арақты,
Ишти дейди сол ўақта,
Акжан сулыў қолынан.
Ертеңгиси атты таң,
Хәр жерлерден сөз қосып,
Дилабар еди ол Акжан,
Әметке қарап сөйледи:

— Байлықты қылмайды ҳәр киси әрман,
Арағa аразды салмас дос болған,
Бизлер келдик сениң енди алдыңа,
Жол болсынды сорамадың Әметжан.

Бағларында ашылады лалазар,
Дос болғанлар жақсылыққа қуўанар,
Ортаңызда сөйлей бердим,Әметжан,
Сәлимжандай достыңыздың арзы бар.

Жоқшылықтың көп болады әрманы,
Бенде көтереди бақтың салғанын,
Сөйлеспеге келдим сениң алдыңа,
Сонша дүнья екен енди алғаным.

Ашық болған ышқы отына жанады,
Дүнья курсын,бир күн дүнья салады,
Жол болсынды сен сорасаң Әметжан,
Айырмаққа бизлер келдик араны.

Бул гәплерди еситип,
Әмет деген ғош жигит,
Қағазды алып қалады,
Әмет оқый береди,
Сәлимжан жаза береди,

Сәлимжандай ғош жигит,
Көп қарыздар болыпты,
Бәрин есаплап қараса,
Еки мың тилла алыпты,
Ол еки мың тиллаға,
Берейин десе нары жоқ,
Айдап жүрген малы жоқ,
Тағы ғалы-гилем жоқ,
Ҳеш жерде жоқ ҳеш сайман,
Көринер басқа нәрсе жоқ,
Сулайман салған сарайдан.
Бары жоғын айтады,
Сарайды есап етеди,
Әмет жекиринген секилли,
Дүньяны бергенине,
Бармағын тислеп өкинди,
«Үҳ» дейип ол Әметжан,
Далаға шығып кетеди.
Сүйенип отырған Сәлимжан,
Өз-өзинен уйқылап,
Силелери қатады,
Акжан турып орнынан,
Бул ғой уйқылап қалды деп,
Әмет қатты күйинди,
Дүньяларды молайтып,
Қуўандырайын оны деп,
Жуўырып шығып далаға,
Әметтиң қолын тартады,
«Алагөргил сарайды»,
Дейип енди сол жерде,
Акжан гилтти көрсетип,
Оған бир сөз айтады:
— Жақсылардың жүрген жери гүлистан,
Айрылдым деп сен ойлама дүньядан,
Бул дүньяда мен жүриппен сен дейип,
Қорқпа Әмет курған енди сарайдан.

Қайтанамның аты еди Сулайман,
Әўелден ақылсыз болды Сәлимжан,
Маған берди ғәзийнениң гилтлерин,
Қорқпа Әмет батыр,енди сарайдан.

Айтысқанда саған болды дүнья тар,
«Үх» деп шықтың,болып енди қайғы зар,
Сарайдың астында барды ғәзийне,
Инанбасаң,мине,Әмет,гилтин көр.

Кеўлиңнен шығарғыл қайғылы дәртти,
Көриппедиң бул секилли гилтти,
Сақлап жүрмен сениң ушын дүньяны,
Сен айтарсаң ақырында рахметти.

Сарайыны ашыў менен сатады,
Қорлықлары бул жанымнан өтеди,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәўипсинбегил Сәлимжаннан,Әметжан,
Мени таслап басын алып кетеди.

Ашық болған ышқы отына жанады,
Көп күйдирме мендей бахтықараны,
Жер астында ғәзийнени сен көрсең
Сансыз алтын екеўимизге қалады.

Сениң ушын мен жылайман зар-зар,
Сени бүгин сол Сәлимжан шақырар,
Мәслер қылып көрсетемен дүньяны,
Қоржынында көп арақты алып бар.

Дейип енди бул Ақжан,
Әмет атлы жигиттиң,
Қушақлады мойнынан,
Ҳәр бетинен бир сүйип,
Көзиниң жасын ағызып,
— Ҳәр сөзим бар шекер пал,
Ол сарайды қайтпай ал,
Ендигисин өзиң бил,
Жан Әметжан,ғайрат сал,—
Дейип енди сол жерде,
Қол алысып айрылысып,
Хешнәрсени көрмеген,
Кисидей болып бул Ақжан,
Бара салып Сәлимжанның,
Басын алып дизесине,
Орамал менен сол ўақта,
Шыбынын қорып Сәлимжанның,
Басынан Ақжан шайқады,
Оятады сол ўақта,
Сәлимжандай жигитти.
Ернин жалап бул Әмет,
Қағаз бенен қәлемин,
Алып енди ол Әмет,
Орнынан тикке турады,
Сәлимжанға қатыны
Жүрип дейип сол ўақта,
Оған бир ым қағады.
Ақжан менен Сәлимжан,
Әмет пенен үшеўи,
Қазы ҳәзирет қасына,
Барып турып үшеўи,
Арзы-ҳалын айтады.
Адамларды шақырып,
Сарайды қойды ортаға,
Биреў қойды мың тилла,
Биреў айтты еки мың,
Кимлер алса сарайды,
Болсын деди үш мың тилла,
Хеш бир адам сол ўақта,
Батына алмай турады,
Әмет деген кәллеғар,
Талдай мойнын бурады,
«Биз алдық» деп сол ўақта,
Енди саўда урады.
Сәлимжан деген ғош жигит,
Он бес күн отырайын деп,
Ол қазының алдында,
Он бес күн мәўлет сорады.
Әмет мәўлет береди,
Зыят қалған теңгесин,
Буны да санап береди,
Мөр басып,олар хатласып,
Теңгесин алып Сәлимжан,
Үйине қарап жөнеди.
Сәлимжан енди сол ўақта,
Қатыны менен екеўи,
Ордасына барады,
Ақжан деген перийзат
«Әметжанды шақыр» деп,
Сәлимжанға сөйледи:

— Сәлимжаным,шығып келиң сарағa,
Адамзатқа дос болмайды бул дүнья,
Ҳәр күниңе Әмет енди жарайды,
Шақырып кел енди бүгин қонаға.

Сарайыңды алды халықтан зыят,
Жаман салмас хеш адамға енди дәрт,
Шақырайық ол Әметти қонаға,
Қылайық усы күн оған биз хызмет.

Шақырмасаң,болмаспекен кеўли тар,
Қылсаң хызмет адамыйзат қуўанар,
Әўелден достыңыз енди Әметжан,
Сөйлесип тарқатың усы күн қумар.

Сәлимжандай батырдың,
Көзи оттай жанады,
Қатынның сөзин сол күни,
Қатты жақсы көреди,
Көп тилланы алады,
Барып енди базарға,
Қылды енди қәрежет,
Қәрежет етип болған соң,
Ол Әметтиң алдына,
Барып бир сәлем береди,
Сәлимжан сонда Әметке,
Сәлем берип не деди:

— Сөзимди тыңлайгөр Әмет жоражан,
Бир күни өтеди басымнан дәўран,
Сөйлесели кеўил ашып,шад болып,
Болсаңыз бизлерге тап бүгин мийман.

Сөйлеспедик сениң менен бийпуўда,
Қылмадым мен саған дүньяда гина,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Хызмет қылмақ саған бүгин әрманым,
Барың бизикине енди қонаға.

Мен қылғанман арақ-шарап, зияпат,
Шарап ишип кетсин кеўилимизден дәрт,
Қонаға сөйлесип енди сиз бенен,
Төгейик бул ақшам енди қоймай дәрт.

Буны айтып Сәлимжан,
Қайта берди кейнине,
Төсеп енди отаўды,
Пардоз берип үйине,
Ғамға кеўилин толтырды,
Намазлыгер болғанша,
Күтинип енди отырды.
Сол мезгили болғанда,
Астында бир кер жорға,
Арақлары қоржында,
Ҳасылдан енди кийинип,
Әмет келди сол ўақта.
Көргеннин ақлын алады,
Таҳам писирген Ақжанның,
Көз жиберип қарады,
Сынап отырған Сәлимжан,
Бир ўақлары болғанда,
Қас қағысып қалады.
Буны да көрип Сәлимжан,
Сабыр қылып отырды,
Таҳам жақын болады,
Тикке турып Сәлимжан,
Сарайлардың ишинде,
Көп еди ғой жасырын там,
Тамға кирип Сәлимжан,
Кийимлерин шешинип,
Машқап деген ол мести,
Басынан кийип ишине,
Кийимин кийип Сәлимжан,
Билдирместен шығады.
Саралаған секилли,
Болып келип даладан,
Дәстурханның жанына,
Мардыйып келип отырды.
Ақжан атлы бул сулыў,
Арақ пенен шарапты,
Келип ортаға толтырды,
Қараңғы жақты паналап,
Әметжанға қыялап,
Арақты ише береди,
Ярым ақшам болғанша,
Тындырмай берди арақты.
Жиберип меске Сәлимжан,
Өтириктен мәс болып,
Әмет пенен Ақжанға,
Болмаған сөзди айтады,
Бетти оттай жанады,
Ол мәс болған секилли,
Сәлимжан енди қулады.
Ақжан атлы бул сулыў,
Мәс болғанын биледи.
Шыраны жағып сол ўақта,
«Әй, Әметжан, жүр» деди,
«Кәраматты көр» деди.
«Изиме мениң ер» деди,
Шыраны алып бул Әмет,
Алдында оның ол Ақжан,
Қараңғыда сығалап,
Көринбестен оларға,
Барады енди Сәлимжан,
Аңлып олардың артынан.
Барып турып бир жайға,
Белди берди қолына,
Әмет алып қарады,
Есиктейин қара тас,
Көтерип қойып екеўи,
Ғәзийнениң қапысын,
Сол ўақтында ашады,
Гилтин алып қолынан,
Түсип енди сарайға,
Қулыпты ашты ол Ақжан.
Ол хәйўанға қараса,
Ол хәйўанның ишинде,
Үйин-үйин алтынлар,
Үйин-үйин гүмислер,
Үйилип турған ол маржан,
Буны көрип ол Әмет,
Аң-таң болып қалады,
«Мынаў дүнья сеники» деп,
Ақжан атлы бул сулыў,
Әметтиң ол мойнына
Керилип қоллар салады,
Сүйип-сүйип алады,
Сүйип сүйип алған соң,
Әметке қарап бул Ақжан
Бир еки аўыз сөйледи:

— Бола берме бул дүньяда сен ҳайран,
Гилтти маған берип кетти Сулайман,
Ийе болып мынаў сансыз дүньяға,
Қосылып сүрермиз өлгенше дәўран.

Ҳа дегенде есит мениң зарымды,
Сәлимжан билмейди бунын барыны,
Ийе болсаң мынаў енди дүньяға,
Буннан зыят бағышлайман жанымды.

Ол Сәлимжан ақылынан айрылған,
Дүньяны көргенде қылады талан,
Өлим берсин енди оның жанына,
Садағасы кетсин бундай дүньядан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әўел сени көрип болды кеўлим шад,
Сөйлескенде кетти жүрегимнен дәрт,
Инандың ба мениң айтқан сөзиме,
Сениң дүньяң болды бәри,мәрт Әмет.

Бул гәплерди айтып хәм,
Ақжан атлы перийзат,
Талдай мойнын бурады,
Ғәзийнениң гилтини,
Шығып енди урады,
Тасты қойып сыйпалап,
Билинбестей қылады,
Шыраны алып қолына,
Көкиреги дүрсилдеп,
Ақжан менен ол Әмет,
Салланысып барады,
Қараңғыда киятырып,
Ақжан қолда гилтини,
Еңсе бетке қайырған,
Шаш астына тығады.
Аңлып жүрген Сәлимжан,
Буны көрип қалады,
Билиндирмей буларға,
Сәлимжандай ғош жигит,
Бурын барып отаўға,
Бурынғыдай кәллеғар,
Қозғалмастан орнында,
Бара сала жатады.
Барып турып ол Ақжан,
Түртип енди көреди,
Теўип енди көреди,
Қозғалмайды Сәлимжан,
Ақжан сулыў жаснады,
Сәлимжанның үстине,
Үлкен көрпе таслады,
«Өлип қалды Сәлимжан» деп,
Олар айып баслады,
Әмет деген жигиттиң,
Ақжандайын ол сулыў,
Бир майдан кеўлин хошлады.
Көзи менен көрсе де
Сабыр қылды Сәлимжан,
Таң атқаннан ол Әмет,
Ол орнынан турады,
Өзиң көрген Ақжан сулыў,
Атларыны ертлейди,
Ер-жүўенин түўеллеп,
Ғалы енди қоржынды,
Қанжығаға байлады,
Аттың зәңгисин басып,
Әметке қарап сол ўақта,
Көзи оттай жайнады.
Атқа Әмет минген соң,
Қамшысын таўлап турып,

Азғана ўақ ойнады,
Ойнап турып ол Әмет,
Ақжанға қарап сөйледи:

— Сайлап миндиң саўаш күни әреби ат,
Дал қойнында болдым бүгин енди шад,
Шарап ишип тарқаналы қолыңнан,
Хызметиңе ырза болдым перийзат.

Қойынында болып жаттым бийәрман,
Дүньянды мен көрип сүрдим,ўа,дәўран,
Дүньяда билермен сениң хызметиң,
Көрискенше Ақжан сулыў хош аман.

Сонда Ақжан сөйледи:

— Бир көрмеге едим мен сени әрман,
Шарап бердим тарқаналы қолымнан,
Өлсем әрман жоқты сениң жолында,
Ўәдемиз бир болсын енди Әметжан.

Сендей мәрт деп күйип-күйип жанаман,
Сенин ушын жаным отқа саламан,
Жолында сарп қылып дүньяның малын,
Батыр жигит,қайтагөрме ўәдеден.

Сүрермиз қосылып тез күнде дәўран,
Кетер жұрттан шығып енди Сәлимжан,
Алтынға бөлеймен енди өзинди,
Қайтагөрме та өлгенше ўәдеңнен.

Ақжан қыз дейдилер дүньяда атым,
Сениң менен бирге өлмек мурадым,
Отқа салып сениң ушын жанымды,
Енди көргил мендей ярдың ғайратын.

Дейип енди ол Ақжан,
Дәрўазаны ашады,
Әметти шығарып жиберип,
Қайталдан ол қулп урып,
Қос тәмбини басады,
Сәлимжан жатқан отаўға,
Кирип енди ол Ақжан,
Көрпени келип ашады,
Көрпени ашқан ўақтында,
Сәлимжандай батырдың,
Тостағандай толы көз,
Аўдарып ол қарады,
Зыйықтай муртын бурады,
Тикке турып орнынан,
Көйлегин шешип жиберип,
Мойнындағы ол мести,
Ақжан атлы сулыўға,
Көрсетип енди алады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Көрдиңиз бе буны?» деп,
Турып еди бир қазан,
Арақ пенен шарапты,
Пысқытып қуйып жиберип:
— Айналайын Ақжан қыз,
Өзиң сулыў Сәрбиназ,
Мәс болдық па енди биз,
Мәс болып сен жатты деп,
Силелери қатты деп,
Не көримди,ўай,маған,
Көрсеттиңиз енди сиз.
Мен оң жаққа баққанда,
Әмет деген жигитке,
Ол қасыңды қаққанда,
Айық еди Сәлимжан,
Ол тағамды таярлап,
Болған еди шағында,
Шығып кетти Сәлимжан.
Түрли тағам келтирдиң,
Дәстурханды толтырдың,
Арақ пенен шарапты,
Қуйып бере бергенде,
Айық еди Сәлимжан.
Мен мүлгиген ўақтында,
Әмет шашың сылады,
Сол ўақтында Сәлимжан,
Мәс болған боп қулады,
Мени өлип қалды деп,
Жақтың енди шыраны,
Шыраны жағып қолына,
Берген ўақта исиңди,
Билип еди Сәлимжан.
Сен бир жүрдиң алдында,
Шыраны қолына алып,
Әмет жүрди кейнинде,
Ғәзийнениң аўзыны,
Ашаберген ўақтында,
Қараңғыда тур еди,
Сени аңлып Сәлимжан.
Ол Әметти ертип,
Кирдиң алтынханаға,
Көзи түсти Әметтиң,
Хеш көрмеген дүньяға,
Аң-таң болып турғанда,
Әмет деген ол жигит,
Мойнына қол салып,
Еки сүйдиң бетинен,
Сол бир ўақтың өзинде,
Сабыр қылды Сәлимжан.
Көп сөйлесип ол жерде,
Дүньяларды көрсетип,
Шықтың ғазнадан қайтып,
Қайтқан ўақта сен Ақжан,
Алдыңда еди Сәлимжан,
Сеннен мен бурын келип,
Ақ отаўда жатқанман,
Мәслер болып орнымда,
Өтирик силем қатқанман,
Адамның сен қылмас исин,
Усы ўақта еткенсен,
«Мен сенликпен өмирлик»,
Деп Әметке айтқансан,
Таңлар атқан ўақтында,
Доланып енди турғансаң,
Әметтиң атын сен ертлеп,
Миндирдиң аттың белине,
Хәр бетиңнен сүйдирип,
Алып қалдың кеўлини.
Дәрўазаны бекитип,
Қайтып келдиң жаныма,
Суўсап турман,әй,Ақжан,
Сениң енди қанына.
Көз алдымда,әй,Ақжан,
Кеўлиме салдың сен дәртти,
Өлместен бурын маған бер,
Шаш астында гилитти,
Бул дүньяны мен көрип,
Ишим оттай жанады,
Көз алдымда қушақлап,
Әмет деген жигитти,
Мен көрмедим жәҳанда,
Сендей бахтықараны,—
Дейип енди Сәлимжан,
Ақжан атлы сулыўдың,
Маңлайына салады,
Бир урғанда қулатты,
Шаштан таўлап алады,
Айырарға адам жоқ,
Бул сарайдың ишинде,
Ақжан атлы сулыўға,
Қара күнди салады,
Шашынан таўлап жүргенде,
Шаш астына тығылған,
Гилтти жигит сол ўақта,
Бир қамтым қара шаш пенен,
Жулып енди алады,
Ақжан қызға билдирмей
Қалтасына салады.
Созып ура береди,
Таўлап ура береди,
Бар жерине дақ салып,
Қызыл қанына бояп,
Сарайдан шығарып жиберип,
Ишинен қулыпты урып,
Баяғы жайларды қулатып,
Бәрин тегис қылады,
Хәкисине үстине,
Қарлар да жаўып қалады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғәзийненинң ол үсти,
Көрмегендей болады.
Ендиги сөзди еситиң,
Ақжан атлы сулыўдан.
Жүн-жүн болып шашлары,
Сол таяқтың зарпынан,
Қумдай исип баслады,
Айры-қуйры сөзлери,
Қызарып еки көзлери,
Жән-жағына қарамай,
Барып қазының алдына,
Ашып көгин көрсетти,
Ақжан сулыў уялмай,
Көрсете берип қазыға,
Бир-еки аўыз сөйледи:

— Қулақ сал сөзиме,тыңла,қазы-ийшан,
Атасы қарғап,мал-дүньядан айрылған,
Сәлимжан бояды қызыл қаныма,
Теңлигимди алып бериң тақсыр хан.

Сәлимжаннан кеткен екен дәўлет-бақ,
Көк салғанда болмай ма ерине талақ,
Өлтирежақ болды мени Сәлимжан,
Алдыңа келгенмен енди қан жылап.

Сәлимжанды,ўа,биледи уллы ел,
Мен едимғой бағ ишинде таза гүл,
Айрыламан ондай залым байлардан,
Төрелигиң,қазы-ийшаным,жақсы бер.

Бояғанды сәске ўақта қаныма,
Өлейин деп келдим сениң алдыңа,
Шақырттырып сораң ол бир жиллиден,
Гүнайымды қойсын мениң мойныма.

Деген енди ўақтында,
Өзиң көрген қазы-ийшан,
Молласыны жиберип,
«Тез келсин» деп қалады,
Қазыдан киси барған соң,
Сарайына қулп урып,
Сәлимжан да қазыға,
Сәлем берип барады.
Айбатланып бул қазы,
Сәлимжанға сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Сеннен көпти ели халықтың гинасы,
Сен едиң ғой Сулайманның баласы,
Көк салыпсаң хаялыңның етине,
Қандай болды бул қатынның гүнасы?

Журт сораған мениң өзим қазыман,
Етлери көк,басларынан ағар қан,
Неге болдың адамзатқа бийрейим?
Өлмей турып айтып бергил Сәлимжан.

Ҳешким еситпейди сениң зарыңды,
Жаман сөйлеп жеткизди ме жаныңа?
Туўмай кеткир Сулайманның баласы,
Суўсадың ба сен адамның қанына?

Сонда Сәлимжан оған былай деп жуўап береди:

— Бедеў минген ат қуйрығын өреди,
Бенде болған несийбеден көреди,
Шәриятта болмас сөздиң айыбы,
Ендигисин буның өзи биледи.

Жаман болсаң қамшы тийер мойнына,
Шыдамадым қатын қылған ойнына,
Мәс болды деп көрпе таслап үстиме,
Кирди барып ол Әметтиң қойнына.

Басымнан кеткенди бурыннан,ўай,бақ,
Бизди таслап қатын минди алтын тах,
Көз алдымда кирип киси қойнына,
Ақжан сулыў болды маған ол талақ.

Бул гәплерди айтқанда,
Қазы-ийшан қолына,
Қағаз-қәлем алады,
Жазып енди қалады,
«Қатын,талақ болдың» деп,
«Сәлимжандай байыңнан,
Айрылып енди қалдың» деп,
Көргенниң ақылын алады,
Сонда хаттың үстине,
Мөр басып қазы қалады.
Көргенниң ақылын алып,
Талақ хатын алған соң,
Кетти енди бул Ақжан,
Аяғы жерге тийместен
Сол ўақтында қуўанып.
Қазының ол шығынын да,
Мәрт Сәлимжан береди,
Отаўыны,аршасын,
Аманат қылып биреўге,
Шығарып енди сарайдан,
«Аманат болсын саған» деп,
Белгилесип береди.
Ҳәм сарайдан айырылып,
Ҳәм қатыннан айырылып,
Отаўы менен сайманын,
Белгили қылып ол берип,
Кетип жигиттен енди бақ,
Болып енди шуншунақ,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәринен де ол тынып,
Ҳәр үйлерге бир қонып,
Қатынның күтип тәғдирин,
Жүре берди Сәлимжан.
Ендиги сөзди еситиң
Сарпыўлы улы Әметтен.
Хабар алды сарайдан,
Нешше жайлар жығылған,
Нешше жайлар пүп-пүтин,
Алтын менен сыланған,
Буны көрип жүргенде,
Тап болады бул Ақжан,
Қушақласып сүйисип,
Сарайдың жығылғанларын,
Ақжан сулыў бул көрип,
Сөйлесип те,күйисип,
Сарайдан енди шығарып,
Алып үйине барады,
Ақжан атлы сулыўды,
Неке тойын бергизип,
Қатын қылып алады,
Ақжан атлы сулыўды.
Ақжан атлы перийзат,
Шашты сәккиз өреди,
Келин болған жайым деп,
Сарайға енди келеди,
Әмет атлы жигиттиң,
Ақ отаўын қурады,
Кирип-шығып жүреди,
Әмет пенен қосылып,
Әрмансыз дәўран сүреди.
Бир күнлерди болғанда,
Ақжан атлы арыўдан,
Ғәзийнени гилтини
Бир сөз айтып сорады:

— Арзымды есит,қулақ салғыл назлы яр,
Бизлердики болды енди дүнья-мал,
Маған берсең енди алтын гилитти,
Мендей сүйген мәрт палўанның қуўанар.

Сөйлегенде мениң кеўлим ҳәм шадты,
Өзиң барып жойылтырдың көп дәртти,
Ғәзийнени сайран етип көрейин,
Маған бергил,ярым,алтын гилитти.

Бедеў минип ҳәр дәреден асайын,
Дәўлетинде дәрья киби тасайын
Маған берсең шашындағы гилтти
Яр,қуўанып ғәзийнени ашайын,

Ат қуйрығын жадыр шөлде өрейин,
Ҳәр тәрепке енди ақыл керейин,
Көңилимди заманына шад етип,
Турғыл ярым,ғәзийнени көрейин.
Сол ўақлары болғанда,
Ақжан атлы сулыўын,
Ийилдирди басыны,
Бармағы менен сыйпалап,
Қырық өримди көтерип,
Аралап көрди шашыны,
«Келип сен де қара» деп,
Қағып сөйлеп қасыны,
Бирим-бирим қарайды.
Жулынған шаштың орнына,
Қан қатыпты қаспақлап,
«Мынаў не?» деп Әметиң,
Сорай берди жоспақлап.
Ол сораған ўақтында,
Қан еңиреп Ақжаны,
Бир сөз айтты Әметке:

— Арзымды есит,қулақ салғыл Әметжан,
Болдыңыз бизлерге сиз әзиз мийман,
Әйне сонда сәҳәр ўақты болғанда,
Көзден ғайып болып еди Сәлимжан.

Ол сум екен жүрген та мудам ойлап,
Өзи көсе еди,сумлықты сайлап,
Сәлимжан кеткенде сениң қасыңнан,
Келген екен ишинен бир исти ойлап.

Арақ бердим мәс қылсам деп сол заман,
Меске қуйған арағыны ол шайтан,
Өтириктен сол ўақтында мәс болып,
Көзбояўлық қылып енди қулаған.

Көтердиң сен әўел сонда шыраны,
Қараңғыда көрген екен дүньяны,
Ерте менен сени турып узаттым,
Мен сорлығыны жүндей қылып сабады.

Шығарып жибердим сени сарайдан,
Қулпырып,тәмбилеп енди мен ладан,
Келип едим,жарқырады ол көзи,
Шығып кетти сонда меннен бар ийман.

Тура салып бастан алды көйлегин,
Не бәле деп дүрсилдеди жүрегим,
Мойнынан алғанда енди бир мести,
Сол ўақтында кетти мениң тирегим.

— Арақты иштим бе? — деди Сәлимжан,
— Мине бундай болар, — деди, — мәс болған»,
Қуйды енди бықылдатып месини,
Қуртқанында толып кетти бир қазан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәҳим етпеди көзде жасымнан,
Өзи еркек,таўлап алды шашымнан,
Арашаға болмай қалды бир адам,
Таяқты көп жедим,болмай менде аң.

Көрген жерден алып енди гилтти,
Қалтасына салған екен ол шайтан,
Қызыў менен билмеппен мен алғанын,
Сен кеткенде аўҳал усындай болған.

Дейип енди сол ўақта
Сөз қысқартты бул Ақжан,
Бул ислерге ол Әмет,
Енди ҳайран қалады,
Биреўи белди алады,
Биреўи алып кетпенди,
Бир шетинен салады,
Таба алмай дүньяны,
Енди ҳайран болады,
Қайта-қайта бул Әмет
Иши оттай жанады,
Бир күн шаўқым салады,
Еки күн шаўқым салады,
Бул күйиги жаманды,
Үшиленши күн болғанда,
Ақжан атлы сулыўды,
Сулқыйтып енди сабады.
Ақжан күшли қыз еди,
Жағасынан алады,
Бул сарайдың ишинде,
Алысып енди қалады,
Ол Ақжанды урады,
Ол Әметте урады,
Урып мийри қанады,
Сол ўақтында бул Әмет,
Ақжандайын сулыўдын,
Мурнына пәнже салады,
Мурнын жулып алады,
Ақжан да тағы қызады,
Айыўдайын Әметтиң
Бетине қоллар салады,
Ол жоқарғы ернинен,
Жалбыратып алады.
Әмет қашты қоқаңлап,
Былш еттирип Әметти,
Ақжан тағы урады,
Былшылдатып урғанда,
Еки тиси бирден сынып,
Ерни онын жырылып,
Тили шықты шошаңлап,
Көргенниң ақлын алып,
Бири мурынан айырылып
Бири аўыздан айырылып,
Қызыл қанға боялып,

Шерменде болып халыққа,
Көргенлер ҳайран қалады,
Қазыға енди екеўи,
Жылап теннен барады.
Әмет деген ол жигит,
Бузықшылық себептен,
Ҳәм дүньядан айырылып,
Ернинен де айырылып,
Еки тистен айырылып
Ҳәм қатыннан айырылып,
Қалды дейди сарайда,
Мерекеге кирместей,
Ол бийшара қор болып.
Өзиң көрген бул Ақжан,
Билгенини етеди,
Ҳәм мурнынан айырылып,
Жаман деп,байдан айырылып,
Секилсиз болып сор маңлай,
Оны ҳеш ким сирә алмай,
Айтқан сөзин маңқылдап,
Түсиниксиз айтады,
Таяқ алып қолына,
Қалта асып ийнине,
Таўып ол өз пейлинен,
Елге шығып Ақжан қыз,
Диййўана болып кетеди.

* * *

Баяғы енди Сәлимжан,
Досларына ереди,
Жақсы көрген дослары,
Енди кеңес береди.
Жағасын тутып Сәлимжан,
Әмет деген достына,
Алғанша сәлем береди,
Уялғаннан бийшара,
Сәлимжанның бетине,
Қарай алмай сол ўақта,
Ҳәр күни жерге киреди.
Ақжан атлы сулыўын,
Көп ийтлердиң алдында,
Үйме-үй кирип бийшара,
Ҳақлап енди жүргенин,
Көзи менен көреди.
Муратқа жетип Сәлимжан,
Баяғы енди Қарлығаш,
Түсип сонда ядына,
Қайда кетти екен деп,
Суўық демин алады.
Саўдагер менен бәзирген,
Халықлардан сорады.
Сол ўақтында Сәлимжан,
Еллерде талап етеди,
Асқар,Айман дер еди,
Сәлимжандай жигит пенен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айрылмастай дос еди,
Сәлимжандай бул жигит,
Күнлик ислеп бийшара,
Асқар,Айман үйине,
Ҳәр күн келип жатады.
Айман деген бул жигит,
Сәлимжанның астына,
Тизден төсек салады,
Белбуўардан дастық қояды,
Қонағым деп Сәлимжанға,
Мал семизин сояды.
Айман деген ол досты,
Сәлимжандай жигиттиң,
Болсын деди кеўли шад,
Ағайинли екеўи,
Қыла берди көп хызмет.

Бир күн кеште Айман менен Сәлимжан екеўи уйқылап жатыр еди. Ярым ақшам ўақтында Сәлимжан бир суўық дем алды да, тағы уйқыға кетти. Таңның алдында «Ах» деген үлкен даўысы шығып, тағы да суўық демин алып, тағы да жатты. Азан менен турып, екеўи тағам жеп болған соң, кетер алдында Айман Сәлимжанға бир сөз айтты:

— Қулақ салып, арзымды есит, Сәлимжан,
Саған енди тар болды ма бул жәҳан?
Ах урасаң нардай болып ыңыранып,
Кеўлиңде бар шығар шықпастай әрман.

Я келди ме алыс жерден бир хабар,
Яр хабарын еситкенлер «аҳ» урар,
Кеўлиңе түсти ме енди сүйгениң,
Сен «аҳ» десең, достыңыз да ойланар.

Сөзлер айтсам наз бойыңды бурасаң,
Сен орныңнан өз-өзиңнен турасаң,
Ярым ақшам «аҳ» урасаң, күлесең,
Не себептен достым бундай боласаң?

Сен қутылдың қаслық қылған душпаннан,
Сен ашықсаң сүйгениңнен айрылған,
Хабар берер едим, билсем, жоражан,
Қарлығашты көрдим деген жоқ адам.

Бул сөзди айтқан ўақтында, Сәлимжан ботадай бозлап қоя берди. «Дос киси сорайды бундай ҳалды» деп, «Әй, достым, маған бир кеңес бересең» деп, Айманға бир сөз айтты:

— Ҳираттың елинде едим байбәтше,
Қолымнан кеткенди ашылған ғумша,
Қарлығаштың дал бойына жеталмай,
Ах ураман оны, достым, көргенше.

Әўел миндим сайлап енди әреби ат,
Қарлығаштың сөзине болды кеўлим шад.
Кетер ўақта ол айтысқан ўәде бар,
Сол себептен қылалмайман мен тақат.

Атам аты залым енди Сулайман,
Қай заманда барды сүйгенин алған,
Ҳалларымды билмейсең бе, жоражан,
Соңлықтан айрылдым енди уйқыдан.

Сен айлансаң мениң айтқан сөзимнен,
Жете алмасам, жаслар кетпес көзимнен,
Рухсат берсең, достым дийип, жоражан,
Кетер едим енди ярдың изинен.

Мен аға болмадым Ҳират журтына,
Аҳ урғанда жәҳан жанар отыма,
Жатсам енди мен уйқыда ғәплетте,
Ҳәр күни түседи ярым ядыма.

Ҳәр ким табылады айтқан сөзинен,
Ҳеш хабар болмады ярдың өзинен,
Жети журтты мен бир енди қыдырып,
Кетер едим сол ярымның изинен.

Жылағаным мен бир айтсам зар-зар,
Ядыма түскенде таппайман қарар,
Кетейин десем сени қыймас көзлерим,
Көзиме көринбес мениң дүнья-мал.

Басымнан кеткенди дәўлет пенен бақ,
Мен өлгенде ҳешким бармас сораўлап.
Көрсем енди Қарлығаштай ярымды,
Жаным достым, көрип өлсем әрман жоқ.

Бул сөзди Сәлимжан айтқан ўақтында, Айман өзи парасатлы, ақыллы жигит еди, «Ашыққа жетпегенниң изи аўырыў болады, аўырыўдың изи өлим болады. Душпанлар арадан кеткей, достым ярыны таўып алып мурадына жеткей» деп, Айман ғалы қоржынға балы-шөреклерди салып, алмадан болған тақанларды жай қылып, жол сайманын сазлап:

— Әй, достым, қапа болма, яр излеп кетсең, астыңа ат берейин, үстиңе тон берейин, — деп достына қарап бир жуўап айтады:

— Әй, Сәлимжан, сөзлер айтсам мен саған,
Сендей ашық көп болғанды дүньяда,
Жаныңа салып ҳәм және жүз тилла,
Миндирейин, ўа, астыңа кер жорға.

Қапа болма аҳлар тартып, жоражан,
Үстиңе жабайын қамқадан шапан,
Алтын кәмар буўып енди белиңе,
Сапар қылың назлы ярдың елине.

Сен ашық болыпсаң енди дүньяда,
Ашығыңа жеткил енди, ўа, жора,
Не десең берейин сениң өзиңе,
Қаллашпан деп муңаймағыл дүньяда.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Буны еситип Сәлимжан,
Ол достынан болып шад,
Айманға қарап сөз қатып,
Сөйлей берип төкти дәрт:

— Айналайын Айманжан,
Кеткен журтын билмеймен,
Сайрам дейип бир айтты,
Мени қылды сергиздан.
Талап излеп, журт гезип,
Үйден-үйге мен кирип,
Сөйтип таўып аламан,
Дүнья салып қойныма,
Бегдей болып кийинип,
Қайсы шәҳәрге бараман,
Мен емеспен саўдагер,
Бир сулыўдың изинен,
Жеталмай жүрген дәрбедер,
Гейбир жерде күнликши,
Гә бир жерде кәлендер,
Сөйтип таўып аламан.
Та көргенше Айманжан,
Хош қал енди, аллияр.
Тәшим ғарры дейдилер,
Атасының атыны,
Ол катарда жүрмеген,
Өзи гедей кәмбағал,
Маған емес бул жорға,
Та ярымды тапқанша,
Жаным достым, миясар,
Рухсат берсең болады,
Көрисермиз бир күни,
Әрманым жоқ жәҳанда,
Жылап қалма, күлип қал, —
Дейип сонда Сәлимжан,
Қоржынды алды ийнине,
Шәмширди байлап белине,
Айман менен хошласып,
Кете берди бийшара,
Қыя майдан шөлине.
Үш күн жүрип жолларда,
Бир булақтан суў ишип,
Кәтеплери ләлиден,
Ноқталары жаўайыр,
Жазылары мақпалдан,
Алпыстан аслам қара нар,
Ол нарларды жетелеп,
Өзи қара, тиси ақ,
Келип қалды кәрўанлар.

«Тилегимди берди» деп,
Күлип, жылап Сәлимжан,
Кәрўанларға ҳәм қарап,
Берди дейди хош сәлем.
Сәлемин алып ол кәрўан,
Сәлимжандай балаға,
Бир сөз айтып сөйледи:

— Мени көрип сен жыладың зар-зар,
Кеўилиңде ада болмас дәртиң бар,
Қабылласаң, жолдас етип кетейин,
Бизге жолыққанлар ақыр қуўанар.

Атымды айтады Аннақул кәрўан,
Өзим саўдагермен, елим Ҳиндистан,
Жылағанды жубатаман дүньяда,
Сендей жигит ҳеш туўмаған анадан.

Әдеп пенен маған мийрим саласаң,
Сәлем берип, мениң кеўлим аласаң,
Шөллерде болыпсаң сен өзиң жалғыз,
Сапарыңды айтқыл, қайда барасаң?

Елди гезген мениң өзим мәрт кәрўан,
Сен болмағыл ели-халқтан айрылған,
Жақсы көрген ярың түсип ядыңа,
Не себептен болдың, балам, сергиздан?

Мен ойласам, өзиң жалғыз сонасаң,
Қолдан келсе, ердиң кеўлин аласаң,
Жаман адам енди сендей болмайды,
Айтқыл балам, қай жерлерге барасаң?

Сонда Сәлимжан:

— Арзымды есит, қулақ салғыл, жан аға,
Ашықлықтан ақлым болды бийгана,
Сайрамның елине кетипти ярым,
Сол себептен шықтым майдан сахраға.

Ашықларға дүнья екен мүшкил ис,
Пиядаға кәрўанның ол жолы алыс,
Жол сорасаң, ашықлардың биримен,
Сайрамға барсаңыз болайын жолдас.

Сизди көрип болды кеўлим енди шад,
Жалғызлық екен ғой жигитке мийнет,
Қуллық етип шықтым, аға, алдыңа,
Барғанша қылайын мен саған хызмет.

Бул сөз кәрўанбасыға жағып кетип, «түйе суўғарар, отын терер, хызмет етер. Адамларым азырақ еди, алып кетип кеўлин алайын. Сайрам ели деп Бағдатқа алып барайын, барғанша хызмет еткизип, ер күшинен пайдаланып қалайын» деп ойлап, Сәлимжанға айтқан бир сөзи екен:

— Мәрт Сәлимжан, тыңла мениң тилимди,
Алыс жоллар пиядаға зулымды,
Аты шыққан қызлар болса айтып бер,
Үйретейин ашықлықтың жолыны.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалғыз кетсең қазан урар гүлиңе,
Душпанлықты зинҳар алма кеўлиңе,
Сайрамның көп атлы енди елаты,
Таслап кетейин сол ярыңның елине.

Мениң менен барсаң болмас мәламат,
Жеткизермен ол еллерге саламат,
Ете бергил та барғанша хызметти,
Сениң кеўлиң болар,балам,енди шад.

Бул сөзлерди айтып ҳәм,
Кәрўанбасы ол залым,
Бул түйеге миндирип,
Жақсы сөзлер айтады,
Ол қудыққа барғанда,
Ол түйениң басыны,
Ол Сәлимжан тутады,
Нарлары енди тойғанша,
Олқаўғаны тартады,
Түскен енди ўақтында,
Ол тамаққа қарамай,
Отын-шөпке кетеди,
Күшли еди Сәлимжан,
Көп хызметти етеди,
Он сегиз күн дегенде,
Дәрўазасы он еки,
Тар көшеси он жети,
Көрмишхана,кең сарай,
Хан отыраререкжай,
Алтыннан-ды ол минар,
Аспан менен барабар,
Бир әжайып қалаға,
Алып барып бул кәрўан,
Сәлимжанға сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Әй,Сәлимжан,кеўлим болды енди шад,
Келгениңше көп бир қылдың сен хызмет,
Бул қаланың атын Бағдат дейдилер,
Ишинен табылар ол Сайрам елат.

Мениң журтым сорсаң енди Ҳиндистан,
Кетсең сен кешерсең енди ярыңнан,
Сайрамлы дейдилар қаладан сыртта,
Талап етип сен табарсаң,Сәлимжан.

Сонда Сәлимжан қуўанып кетип бир сөз айтады кәрўанбасыға:

— Келеди қыслардың бәҳәрден жазы,
Жақсының шекерден мазалы сөзи,
Шаршатпастан алып келдиң бул жерге,
Кәрўанбасы,болдым сеннен ыразы.

Атым еди өз елимде Сәлимжан,
Мен атадан туўылғанда жалғызбан,
Алып келдиң назлы ярым елине,
Кәрўанбасы,енди сеннен ыразыман.

Ашықлықтан уйқы келмес көзиме,
Ҳәрким қуўанады айтқан сөзиңе,
Алып келдиң Сайрам деген еллерге,
Ырза болдым,кәрўанбасы,өзиңе.

Батыр аңқаў,ер гөдек,
Қайта-қайта кәрўанның,
Қолынан алып қалады,
Тилек тилеп кәрўанға,
Изинен қарап қалады,
Буны көрип бир ғарры,
Ернин тислеп сол ўақта,
Басын шайқай береди,
Әне-мине дегенше,
Кәрўан ғайып болады,
Баяғы енди сол баба,
Таяғыны таянып,
Сәлимжанның қасына,
Жетип ҳәзир болады,
Бир еки аўыз-сөз бенен,
Сәлимжаннан бир хабар,
Баба сонда сорады:

— Арзымды еситкил,әй,балажаным,
Кәрўанбасымеди сениң туўғаның,
Қайта-қайта енди оған елендиң,
Алыппеди душпаныңнан ол арың.

Өзи оның,билемен,әзәзул кәрўан,
Кәсиби оның халықларды алдаған,
Дүнья бермей буйырады хызметти,
Сендей нешшелерди,залым,алдаған.

Қайта-қайта енди қуллық қыласаң,
Оннан қайсы елди сорап қаласаң?
Бизге,балам,баян әйле атыңды,
Әй,ғош жигит,қайсы елден боласаң?

Жолларында пидә болсын бир жаным,
Бенде көрер жалғаншыда салғанын,
Ол кәрўаннан қайсы елди сорайсаң?
Қайда болар,жаным балам,мәканың? —

деп бул сөзди баба айтқаннан соң Сәлимжан оған Ҳираттан шығып, ашығып излеп, Сайрам ўәлаятына баратырғанын айтып сөзи екен:

— Атам Сулайман-ды,елимиз Ҳират,
Ҳәр бендениң басында бар енди дәрт,
Сайрам дейди барар мениң елимди,
Жанымдағы ғарры,әй,сен,туўры айт.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғош жигиттиң ашықлықта мурады,
Кеўлимде бар бир назлы ярдың дәрти,
Жалғанды сөйлеме,жасаған адам,
Қайда болар ол Сайрамның елаты?

Жатыр едим бир булақтың басында,
Кәрўанбасы келди мениң қасыма,
Узақ жол деп маған енди ол айтты,
Сайрамның елине мени алып қайтты.

Сорағанда ләблериңди тиследиң,
Ләбиң тислеп,сен басыңды шайқадың,
Сайрамға келдим енди деп қуўанып,
Мен қуўанып ...жайнадым.

Қолымнан сен туттың енди,бабажан,
Мен айрылып қалдым енди кәрўаннан,
Айтқыл енди ләб тислеўдиң мәнисин,
Сөйлеме жәҳанда бул күни жалған.

Болдым енди ол кәрўанға хызметкер,
Ҳәр күн мен суўғардым енди алпыс нар,
Сайрам дейип алып келди бул елге,
Сайрамның елинен билсең,бер хабар.

Сол ўақта баба:

— Жақсыдан тийеди енди шарапат,
Жаманлардың жүрген жери кесапат,
Нешше күнлер сен қылыпсаң хызметти,
Бул елдиң атына айтады Бағдат.

Дүньяда ол кәрўан әзәзүл жаман,
Нешшелерди сендей етип алдаған,
Хызметиң ушын сен келдиң Бағдатқа,
Адасыпсаң ол Сайрамның жолынан.

Сүйген перийзатың бетлери қанлы,
Болады жигит бул жәҳанда әрманлы,
Қайтып барсаң,он бир күнлик жолы бар,
Сайрамның жоллары изинде қалды.

Қас қылады талапкерге саўдагер,
Байлар салар диййқанларға қайғы-зар,
Қылсаң талап,күнлик ислеп бул жерде,
Сен жыярсаң ада болмас дүнья-мал.

Ағызба қыслығып енди көзден жас,
Шын ашықлар өлгенинше айырылмас,
Талап қылсаң бул жерлерде аянбай,
Кеўилиңиз болар,балам,енди хош.

Дүньяның жүзинде айралық жаман,
Мен ойлансам,сен туўғансаң жақсыдан,
Жүргил балам,мениң енди үйиме,
Сөйлесип қалайық,сен болғыл мийман.

Бул гәплерди айтқанда,
Қуўанып кетип Сәлимжан,
Түсти баба изине,
Барса енди Сәлимжан,
Бар саялы көшки ҳәйўан,
Ғалы-гилем төселген,
Раҳат етип қалады,
Бул бабаның үйинде.
Анда енди Сәлимжан,
Елинде хызмет етеди,
Күнлик ислеп жүреди,
Көп күн өтти арадан,
Көп дүньяны табады,
Баба менен қосылып,
Сәрбазарғажөнеди,
— Жақсы атлар алайын,
Жақсы тонлар кийейин,
Бул дүньяны нетейин,
Ярымды излеп кетейин,— деп,
Базарға кирип Сәлимжан,
Адамларды аралап,
Айрылып қалды бабадан.
Қараса енди Сәлимжан,
Сулыў қызлар қасында,
Өзи жетпис жасында,
Қарамай оңлы-солына,
Басында жипек орамал,
Ҳайран қалар көргенлер,
Ҳәсемленген торына,
Кемпир енди жүргенде,
Қызлар енди ереди.
Ол кемпирдиң атыны,
Енди Зийнеп дер еди,
Өзи еди шийрин сөз,
Ислам деген хан менен,
Олар еди байланыс,
Өзи еди кемпирдиң,
Дүньяда жоқ қумарпаз.

Сансыз саўдагер кәрўанлардың келгенин билип,жанына хатшысын алып,сол базарда жүрген халыққа,саўдагерлерге қарап: — Ким шатыраш ойын ойнаса,ойынпаз болсаңыз,келиң,— деп бир сөз айтады:

— Бизиң жайлар гүл ашылған лалазар,
Алтын-гүмис,ада болмас дүнья-мал,
Оны ҳәрким утып алса қуўанар,
Бул ойынға ким болады қарыйдар.

Шатыраштв билгенлер мени утады,
Еки есе маллы болып қайтады,
Утқанда қуўанып енди алтынды,
Ойыншылар мурадына жетеди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тоты куслар бар-ды менде мурғызар,
Шарап берер назлар қылып жаўанлар,
Ҳәр бир кызым барды пери секилли,
Ойында утса ҳәм оларды алар,

Мен кыламан шәртлер қылып енди хат,
Нешше саўдагердиң болды кеўли шад,
Утылғанлар енди бенде болады,
Хеш ким болғаны жоқ меннен намурат.

Пышығым бар,көтереди шыраны,
Оны көрген адам ҳайран калады,
Билмек дәркар емес енди ойынды,
Шыра өшсе оның шәрти болады.

Буны айтып бул кемпир,
Таўыс кустай шырлады,
Еки саўдагер келип,
Қол қояды хатына,
Мәрт еди Сәлимжан,
Орта ғана кийинип,
Барды кемпир жанына,
Бул да ойнаймекен деп,
Байыўлыдай сақылдап,
Урды кемпир санына,
Маскара қылыпғарқылдап.
Сол ўақтында Сәлимжан,
Кемпирге карап сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Арзымды есит,қулақ салғыл анажан,
Ол Ҳиратта ойыншы едим Сәлимжан,
Қол қояйын дәптериниң изине,
Бул ойыннан мени қойма бийәрман.

Биз келиссек бузылмастай антым бар,
Менде енди сақлап қойған алтын бар,
Өзимди кояман және гиреўге,
Өзинде болады,кемпир,ықтыяр.

Ойнатагөр мендей енди жигитти,
Шақақларсаң мен күлгенде сен күлип,
Байлардың әдети — ашты мазақлар,
Қорқа берме,менде сансыз дүнья бар.

Сонда кемпир:

— Сендей жаманлардын турдым қастына,
Кийим болса,киймеспедиң үстиңе,
Атың болса минбеспедиң астыңа,
Кет,сөйлеме,аўыртпағыл басымды.

Қара таўдан алдым енди қаўысты,
Утылсаң саларсаң жылап даўысты,
Хандәреге белли енди бул маман,
Ойнамаға мен қыламан намысты.
Сонда Сәлимжан:

— Өзиң нашар,сен емессең,әй,дана,
Утылсам болайын саған қул бала,
Неге кемситесең мени,әй,мама?
Ғош жигиттиң қуны болар мың тилла.
Бул гәплерди айтқанда,
Сәлимжандай ғош жигит,
«Утылғай дә» дейип хәм,
Халық ғарғыс қылады,
«Утқай» дейип балаға,
Халық бир алғыс қылады,
Ойнамаққа бул кемпир,
Зордан ыразы болады.
Байлар менен қосылып,
Сәлимжан да барады,
Ол маманы қарасаң,
Тамақты молдан береди,
Терис көйлек кийеди,
Қабағыны үйеди,
Сәлимжан менен бул кемпир,
Аш арыслaндай алысты,
Утыў ушын кемпирди,
Бул Сәлимжан тырысты,
Кемпир еди ойыншы,
Сәлимжан да ойыншы,
Бир-биреўин ута алмай,
Түни менен жарысты.
Ярым ақшам болғанда,
Кемпир жетпис жасында,
Шыра енди қозғалмай,
Турды пышық басында,
Кемпир ҳайран болады,
Сәлимжан ҳайран болады,
Сәлимжаннан баска да,
Саўдагердиң дүньясын,
Қоймай утып алады,
Сәлимжаннан бир басы,
Теңгесинен айырылып,
Гиреў болып қалады,
Күнлер шығып қалады,
Ханнан киси келеди,
Бул пышықтың басында,
Жанып турған ол шыра,
Турғанын сонда көреди,
«Күнлериниз толды» деп,
Саўдагердиң барлығын,
Ҳәм Сәлимжан калмастан,
Бәрин байлай береди.
Шийрин жанын қыйнады,
Саўдагер менен Сәлимжанды,
Бенде қылып айдады,

Алып барып базарға,
Алтаўын да сатады.
Бир сабыншы қолында,
Баяғы енди Сәлимжан,
Қул болып енди кетеди.
Гәззап енди сум кемпир,
Халықты дүньядан айырып,
Не жигитлерди майырып,
Дүньясының жартысын,
Алып енди Ислам хан,
Әзәзүл енди иймансыз,
Ол Бағдаттың елинде,
Сондай сүрди көп дәўран.

* * *

Ендиги сөзди еситиң,
Қарлығаштай сулыўдан.
Қарлығаштай перийзат,
Ол Сайрамның елинде,
Он тоғыз жасқа киреди,
Он тоғыз жасқа киргенде,
Хәсер енди басына,
Хәр күн жатса уйқыда,
Сәлимжан кирип түсине,
Қарлығаштай айымға,
Ашық болды батырлар,
Ашық болды төрелер,
Ашық болды жигитлер,
Хәр тәрептен Қарлығашқа,
Жаўшы болып келеди.
Хеш кимниң тилин алмады,
Мынаў жақсы,жаман деп,
Адамзаттың баласына,
Хасла нәзер салмады,
Келгенлерге Қарлығаш,
Жақсы сөзин айтады,
Табалмастай нәрсени,
Берсин енди дегенде,
Хайран болып халықлар,
Ол үйине қайтады.
Көп күн өтти арадан,
Сөйтип жүрип Қарлығаш,
Қыз болып тойлар тойлады,
Елиниң жақсы,жаманы,
Көп сумлықты ойлады,
Буны еситип Қарлығаш,
Сәлимжандай ярының,
Қайда екенин билмеди,
Өз-өзинен зарланып,
Қатты қайғы қылады,
Атасы менен анасы,
Мал-дүньяға қызығып,
Қарлығаштай сулыўдың,
Сөзине қулақ салмады.

Ендиги сөзди еситиң.
Сайрам деген елинде,
Қалмурат бай дер еди,
Оның енди баласы,
Атын Зайыр дер еди,
Бай баласы болса да,
Жигитлерге ермеген,
Өзи қара,көзи көк,
Тиси сойлақ,ийт сыяқ,
Хеш кимлер қызын бермеген,
Зайыр деген бул жигит,
Журтты гезип көрмеген,
Ол астына ат минип,
Жақсы сарпай тон кийип,
Ел аралап жүргенди,
Таса жайда Қарлығаш,
Узын еди қара шаш,
Шашларыны ол сылап,
Турған енди ўақтында,
Зайыр деген ол сорлы,
Қайта-қайта қарады,
Қарап турып сол ўақта,
— Қарлығаш қыз сен бе? — деп,
Ат үстинде сорады.
Сол ўақтында Қарлығаш,
«Шашым сәккиз өрермен,
Бунындайын жаманға,
Қандай жуўап берермен,
Дуздай болған көзини,
Жыландай болған жүзини,
Бул жаманды мен енди,
Түсимде де көрмейин,
Жүреклерим жарылып,
Талақларым бөлинип,
Көзимниң нуры төгилип,
Қорқып енди өлермен,—
Дедидағы Қарлығаш,
Ордаға кирди жуўырып.
Сонда байдың баласы,
Жарылғандай ханасы,
Жаман да болса арсынып,
Жыламсырап,қамсығып,
— Сен шаянды алайын,
Бул басыңнан тепкилеп,
Қыйын саўда салайын,
Индеместен сен кеттиң,
Сөзимди бийкар еттиң,
Айттырып сени барайын,
Өзиң солдай жарлысаң,
Мал питпеген сорлысаң,
Азын-аўлақ мал берсем,
Узатып салар ата-анаң
Сен билмей де қаларсаң,—
Дейип енди бул Зайыр,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атқа камшы басады,
Атасының алдына,
Ҳә дегенше келеди,
Ентигип сәлем береди,
Буны көрип сол ўақта,
Әкеси болған Қалмурат,
Жол болсын оннан сорады:

— Атларыңнан көкке шықты енди шаң,
Кеўлиңе биреўлер салды ма әрман,
Бердиң сәлем тамақларың тарс айырылып,
Билгениңнен айтагөргил,жан балам.
Өзим байман,атым мениң Қалмурат,
Сен жалғызсаң,қылайын,балам,кеўлиң шад,
«Ата» дейип турма,балам,уялып,
Көрген ислериңнен,балам,хабар айт,

Шайыр едим дүньяда сөзлерге тәлип,
Тартынбағыл мен атаңнан уялып,
Сүйгениңди я болмаса маған айт,
Мен берейин,балам,саған енди алып.

Менде бар-ды,балам,енди дүнья-мал,
Болып келдиң сен ҳаўлығып бийқарар,
Сөз тийди ме я бир залым душпаннан,
Я болдың ба бир сулыўға интизар.

Сол ўақта Зайыр көзин жаслап,уятын таслап:
— Қорлық көрдим бир гедейдин қызынан, енди Қарлығаштан басқаны алмайман, сол қызды аламан.Қой-қозыны бақтырып,басына қайғы саламан,— деп атасына қарап бир сөз айтты:

— Ашықлықты алғаным жоқ кеўлиме,
Ата,қулақ салғыл мениң сөзиме,
Баратырғанымда көрдим бир сулыў,
Қыз дегенде хабарласпай ол шаян,
Кете берди қулақ салмай жөнине.

Жигиттиң дүр болар айтқанда сөзи,
Ақырет бергенди Тәшимниң қызы,
Қыз дегенде нәзериме келмеди,
Сөзлериме ҳасла жуўап бермеди,
Дүньяда болмаған менменниң өзи.

Келди,ата,усындай ис кеўлиме,
Қыз дегенде қулақ салмай тилиме,
Өзи енди посқыншының баласы,
Ат байламай кирип кетти үйине.

Мәртлигимди билсин оныңдай қызлар,
Бойын көрип,оған болдым интизар,
Алып бериң сол Тәшимниң қызыны,
Жарамаса мениң енди күниме,
Буйырмастан қалсын бизге жыйған мал.

Бул гәплерди бул Зайыр,
Айтқаннан соң атасына,
— Қыз мийрине қанықпты,
Айналайын жалғызым,
Басына саўда салыпты,
Арланып балам келипти,
Айтқанына қылайын,
Қалмасын менде бир туяқ,
Алып берип ғаррының,
Қарлығаштай қызыны,
Болайын мейли мен шунақ,—
Дейип енди Қалмурат,
Жасуллысы Ерназар,
Бийи еди Нурназар,
Жасүлкенин шақырып,
Алдына қойды дүнья-мал,
— Бармаса да сол қызды,
Алып бериң балама,
Ол-пулына қарама,—
Деп бийлерге буйырды.
Айтқан енди бийлери,
Секирип атқа минеди,
Муртларыны шыйырды,
— Сол ғаррының қызыны,
Басып алсаң қәйтеди,
Тартып алсаң қәйтеди,
Буннан енди артыққа,
Барамекен Қарлығаш,
Өзи жарлының қызы —
Дейип енди жыйылып,
Тәшим атлы ғаррының,
Үйине келип түседи.
Жақсы жаман сорасып,
Ералы деген бир бийи,
Олдилабар киси еди,
Тәшим ғарры алдында,
Мынадай сөз дер еди,
Айтқан сонда сөзи еди:

— Отырысың усар сениң Қарабай,
Сен мүлгийсең жан-жағыңа қарамай,
Бизлер келдиң есигиңе ат төгип,
Сен отырсаң жол болсынды сорамай.

Сонда Тәшим ғарры:

— Ғош жигитке ели-халқы яр болсын,
Жаман кеўли күннен-күнге тар болсын,
Қолдан келген мен хызметти етемен,
Жумысларың недур,бийлер,жол болсын.

Ат минипсең елли менен жүзлерге,
Қулақ салар бабаң айтқан сөзлерге,
Елимниң ағасы болған Нурназар,
Жол болсын,шырағым,енди сизлерге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул сөзди айтқаннан кейин Ерназар, Нурназар Қалмураттан келген қудалық сөзин айтады:

— Ғарры, қулақ салғыл айтқан сөзиме,
Қатар-қурбы көтереди назыны,
Аямай айт қалыңыңды сен ғарры,
Бүгин қуда түстик енди өзиңе.

Тақаныңды күлип-ойнап ишемиз,
Дүнья-малды биз аянбай шашамыз,
Айттырдық қызыңды Қалмурат улына,
Саған бүгин енди қуда түсемиз.

Ышқы отына күйип-күйип жанамыз,
Сарпай берип халықтың кеўлин аламыз,
Қарлығашты бермек болсаң Зайырға,
Күлип-ойнап енди қуда боламыз,

Тәшим ғарры сонда сақалын сыйпап, ойланып бир сөз айтады:

— Мениң менен енди қуда боласаң,
Малды бергип, енди атлар саласаң,
Сансыз қалың малды енди келтирип,
Қарлығашты енди тартып аласаң.

Мен көремен, беглер, енди қырыңды,
Қызым десем, хеш алмайды тилимди,
Бар дегенде тири жанға бармайды,
Мен билемен жалғыз қызым сырыны.

Бала болған ата тилин алады,
Қан жылатты мендей бахтықараны,
Қатын болса ол Зайырға бир кеше,
Ол Қарлығаш енди қайда барады.

Қыздың сырын айтттым енди, ағалар,
Әўел келтир қуўанғандай сансыз мал,
Қатын болса ол Зайырға бир кеше,
Дүнья-малды көрип қызым алданар.

Келип бизде қылмаңызлар қыз тойлар,
Бул еллерде ҳәр бир түрли сумлық бар,
Қашып кетип байды қапа қылмасын,
Айтып болдым мен сөзимди, қудалар.

Еситип қудамның болсын кеўли шад,
Қарлығашқа бергей сабыр-қанаат,
Қыйын күнлер туўып қалса күтпеген,
Қыз сырыны Қалмуратқа барып айт.

Ойланғанға қыйын болар бундай сөз,
Ғарғайын десем мен, бул қызым жалғыз,
Арланып алады мениң қызымды,
Қалмураттың баласы да шекилсиз.

Болды ма кеўлиңиз, қудам, енди шад,
Қызды бердим, қудамыздан кетсин дәрт,
Қарлығаштың айттым енди сырыны,
Қуда болған Қалмуратқа сәлем айт, —

Дейип енди бул ғарры,
Күлип берди орамал,
Маңлайыны сыйырып,
Шақақлап күлди қудалар.

Бул гәплерди билген соң,
Сулыў туўған Қарлығаш,
Шашыны алдына салып,
Қумар көзден ақты жас,
Өзиң көрген қудалар,
Ат ойнатып кетеди,
Қалмурат байға жетеди.
Барған соң ол бийлери,
Мәсләҳат-ақыл қурады,
Бул қуданың ол берген,
Орамалын Қалмуратқа,
Минекей деп береди.
Өзиң көрген бай улы,
Қуўанып енди күледи,
Айтқан малдың саны жоқ,
Топарлатып айдады
Намазшамның ўақтында,
Көргенниң ақлын алады,
Халықлар ҳайран қалады
Ақ отаўды қурғызып,
Ол Сайрамның жигитлери,
Зайыр менен топ болып,
Кирди енди отаўға.
Кийинип барды шад болып,
Нешше енди адамлар,
Мал сойып тойды баслады,
Нешше қыз ҳәм жаўанлар,
Кийинип енди жаснады.

Ендиги сөзди еситиң.
Қос табақлар тартылып,
Бақсы-жыраў айтылып,
Бул ғаррының үйинде,
Уллы тойды қылады,
Баяғы енди Қарлығаш,
Келте ғана бир шекпен,
Барлық жери жыртылған,
Буны таўып алады,
Бир сыпырма телпекти,
Буны да таўып алады,
Қырлы енди тыштабан,
Буны да таўып алады,
Сонда енди Қарлығаш,
Тасада қойып бәрини,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол бир шанаш тақанды,
Буны да алып барады,
Китабын салып қойнына,
Апасын майданға шақырып,
Бир сөз айтып турады:
— Арзымды есит,ақ сүт берген анажан,
Биз кетемиз,болып қалың хош-аман,
Кетемен дегеним Зайырдың үйи,
Мен жыласам,шыдамайды тири жан.

Зар боласаң Қарлығаштың изине,
Сен инандың душпанлардың сөзине,
Ашығыны машық тауып алады,
Тири болса усы жердиң жүзинде.

Ат ойнатса көкте ойнар енди шаң,
Сауаш күни төгиледи қызыл қан,
Әўел айтты атам мениң сырымды,
Ырза болың перзентине,анажан.

Ядыгар деп Зайыр түйме бергенди,
Бул Сайрамға ол Ҳираттан келгенде,
Зайырға әўелден ўәдем бар еди,
Атам муны түймесинен билгенди.

Сол ўақта Қарлығаштың «Зайырдың үйине бараман» деген сөзин еситип,бурыннан ашық екенин билип,анасының ўақты хош болып бир сөз айтады:

— Ыразы болдың ата-анаңның сөзине,
Халықлар рахмет айтар сениң өзиңе
Ата-анаңды дүнья-малға байыттың,
Ыразыман,балам,берген сүтиме.

Бул кеткеннен көп жерлерден кирерсең,
Дүнья-малдың қызығына батарсаң,
Өсип-өнип бул дүньяда шад болып,
Ата-анаңа,балам,тилеў етерсең.

Хызметти ете бер халыққа жууырып,
Сәлем бергил киси көрсең ийилип,
Ҳәзир келер қызлар сениң қасыңа,
Келеғой,жан қызым,енди кийинип.

Бул гәплерди айтқанда,
Қарлығаштың анасы,
«Жууынып кел,балам» деп,
Бир қуманда ыссы суў,
Ол қызына береди,
Бул да дәркар болар деп,
Сууды енди алады,
Тақан турған шанашқа,
Қуманды да салады,
Қырық өрим шашыны,
Төбесине түйеди,
Сыпырманы басына,
Тартып енди кийеди,
Шанаштан енди ун алып,
Таз секилли ол болып,
Гөне шапанды кийип,
Аяққа кийип тыштабан,
Қараны сүртип бетине,
Таяқты алып қолына,
Шанашты асып мойнына,
Адамларды аралап,
Бир таз секилли болып,
Қарлығаш кетип барады,
«Қойды баққан таз шығар»,
Деп адамлар қалады.

Бул кеткеннен кетеди,
Қубла бети тауыстан,
Тау етеги гөйистан,
Ол тоғайдың ишине,
Кирип енди алады,
Күн шығардың алдында,
Адам билмес жайларға,
Барып енди Қарлығаш,
Уйқылап енди қалады.

Ендиги сөзди еситиң.
Қарлығаштың анасы,
Көп егленип кеткенде,
Сонда анасы не дейди:
— Ақпағай енди көзимиң,
Қумарлы енди бул жасы,
Неге қайтып келмеди,
Қыз қоспадым жанына,
Бир ҳәдийсе болды ма,
Ямаса жылап қалды ма,
Нәлет болғыр урғашы,—
Дейип енди анасы,
Барса тас жайына,
Ол қазыққа илинип,
Турыпты енди зер көйлек,
Сәукелесин алыпты,
Орамал менен кийимлер,
Шашылыплар қалыпты,
Ҳеш жерде жоқ Қарлығаш,
«Қудай мени урды» деп,
Қарлығаштың анасы,
Ағызды көзден қанлы жас,
Халықтың келип алдына,
Зар жылап сол ўақта,
Бир сөз айтты анасы:

— Арзымды есит,қулақ салғыл,қудажан,
Еки ели келгенди үстимде аспан,
Ҳеш бир адам енди мендей болмасын,
Әрман менен жалғызынан айрылған.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көзлеримнен бүгин ақты қанлы жас,
Қартайғанда маған болды бул намыс,
Кийимлерин илип кетип қазыққа,
Ғайып болған өз-өзинен Қарлығаш.

Яки балам бул дүньядан өтти ме,
Суў перилер я көтерип кетти ме,
Мен айрылып Қарлығаштай қызымнан,
Душпанларым мурадына жетти ме?

Қудалар, айтайын усындай зарым,
Шықты мениң дәртлер менен бул жаным
Болмай кеткей едиң сен маған күйеў,
Усындай қусайды сениң ығбалың.

Қарлығаштан қылып едим мен уўайым,
Жүгирип қарадым кийинген жайын,
Әжел оғы перзентиме қадалып,
Қурсын енди, Зайыр, сениң талайың.

Бул жәҳаннан нешше ашық өткенди,
Қайсы адам мурадына жеткенди,
Қартайғанда мени қанлар еңиретип,
Жасамағыр, кимлер менен кеткенди.

Зайыр балам, бул сөзиме қулақ сал,
Қарлығаштан көрип едим, белги бар,
Белгисини ырас айтсам, перзентим,
Жас күнинде сен берипсең бир тумар.

Қулақ сал, Зайыржан, айтқан сөзиме,
Ашық екен қызым сениң өзиңе,
Сен аларда қызым енди қуўанып,
Көрсеткенди ол түймени көзиме.

Адам ышқы етер бетте мениңе,
Қосыларсаң деп едим ғой теңиңе,
Сен берипсең ол қызыма бир түйме,
Кеткен болмағайды тағы үйиңе.

Сол ўақта Зайыр орнынан шоршып турып, көзлери оттай жанып, кемпирге қарап бир сөз айтты:

— Қулақ сал сөзиме, тыңла, кемпиржан,
Қарлығашқа ашық болған көп адам,
Ўәдеси жалғанды сениң қызыңның,
Мен түйме бермедим хеш қашан оған.

Менде не қылады алтыннан тумар,
Бир көриўге Қарлығашты мен қумар,
Жуўабыны бермей кетти ол қызың,
Соның ушын мен бергенмен сансыз мал.

Қызларды көрмеге жигитлер зар-ды,
Ашығландым, жибергенмен хабарды,
Көргеним жоқ Қарлығаштың қарасын,
Мен бермедим ол қызыңа тумарды.

Сол ўақта:

— Сен бермеген болсаң тумарды, әўел ашық болмасаң, неге бердиң хабарды? Тумар берген көп ишинде болып, тағы да мениң қызым сүйгенине барғанды, — деп, кемпир бир жуўап айтты:

— Қарлығаш дейдилер қызым атыны,
Жигит қыдырады кеўил шадыны,
Бермеген болсаңыз қызыма тумар,
Алып кеткен шығар аманатыны.

Қызларды көргенде жигит кеўли шад,
Сендей болып қалған нешше наумит,
Аманатын, ўа, бермекке кеткенди,
Айырылыпсаң сүйгениңнен, ҳасыл зат.

Қарлығашқа енди болсын көп нәлет,
Аманатқа қылмайын деген қыянет,
Бермеген болсаңыз енди түймени,
Салыпты Қарлығаш саған қыйын дәрт.

Бул гәплерди айтқанда,
Апыр-топыр болады,
Көп адамлар көреди,
Көп адам мазақ етеди,
Асқа дөнип сол ўақта,
Қалмурат байдың тойлары,
Қызды алалмай бул Зайыр,
Үйли-үйине кетеди,
Берген малы сол ўақта,
Қалмуратқа өтеди.
Жылап қайтты бул Зайыр,
Қылып енди қайғы-зар.
«Сүйгенине кетеди
Сүйсинбеген қыз нашар,
Алып енди қайта бер,
Берген енди малыңды,
Байлығыңа талассаң,
Адам шерменде болар,
Бай бир байдан алады,
Бай менен жарлы қуда болса,
Усындай кеўли қалады»,
Қапа болған Зайырға,
Нешше-нешше адамлар,
Сондай деп кеўил айтады.
Бахты ашылмағанның,
Ҳалы енди болар ўай,
Берген малын қайтып алып.
Қалмураттай енди бай,
Ислери болды жайма-жай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ендиги сөзди еситиң,
Қарлығаштай сулыўдан.
Ҳәм қысынып,қыслығып,
Қарлығаштай ол нашар,
Жатқан екен уйқылап,
Бир ақшам,бир күндиз,
Сол жатқаннан жатады,
Өрре турып орнынан,
Ол үстинде үйи жоқ,
Өскен ели,күйи жоқ,
Ата менен ана жоқ,
Арқа бети таўыстан,
Қубла бети гөйистан,
Қайдан келдим енди деп,
Қарлығаштай бул сулыў,
Болды сол жайда ҳайран.
Ой түбине жете алмай,
Өз-өзинен сөйленип,
Ҳеш бир жаққа кете алмай,
Мурадына жете алмай,
Тәселле берип өзине,
Бир сөзлерди айтады
Айта берип не деди:

— Жылай жылай көзден ақты қанлы жас,
Сәлимжан,жолында жайдым қара шаш,
Әрман менен өлсем енди бул шөлде,
Бизлерди жоқларға жоқты қарындас.

Мени ҳайран қылған енди Сәлимжан,
Нашарларға бул шөл екен ғой зиндан,
Шықтым енди қыя майдан шөллерге,
Қутылмадым бул дүньяда қайғыдан.

Шын ашықлар машығым зар урар,
Туўдым енди бул анамнан биймәҳәл,
Өлсем кимлер сүйек суўлар береди,
Кеткениме қуўанғанды душпанлар.

Тиримедин жалғаншыда Сәлимжан,
Суў орнына ишер болдым қызыл қан,
Бул шөллерде мен тураман муңайып,
Сени излеп енди қайда барарман?

Зия зулпым бестен таллап тарайман,
Өзим нашар,не күнлерге жарайман,
Кимлер енди барың айтар,Сәлимжан,
Сендей мәртти,ўа,кимлерден сорайман?

Бундай исти маған салды залымлар,
Ашығын табалмай машық ах урар,
Сайрамның елини қайдан табаман?
Сени дейип тарттым енди қайғы-зар.

Астымда жоқ,шөлге шапсам енди кер,
Ишкен тағамларым болғанды зәҳәр,
Қайғы қылып қанлар жылай бермейин,
Қубла бетке мен қылайын тәўекел.

Қарлығаштай бул сулыў,
Шөлде өзин жубатып,
Өз-өзинен сөйленип,
Күлкили енди сөз айтып,
Шанашы менен суўыны,
Бул тоғайда арқалап,
Таяқ алып қолына,
Қарамай оңлы-солына,
Өзи батыр қыз еди,
Палўансыпат,ер жүрек,
Турмады ол елжиреп,
Еркек кийим ийнинде,
Ыссы қуяш мийинде,
Өмирде пияда жүрмеген,
Бундай қорлық көрмеген,
Табанын тас қағып,
Маңлайыны күн қағып,
Заманасын қуўырып,
Ултаннан шаң суўылып,
Ол бәлентке жортады,
Пәске қаңғып кетеди,
Қызыл қыя қум кешип,
Қақтан ашшы суў ишип,
Жоламайды шопанға,
Түсленбеди сәрўанға,
Алты күнлеп жол жүрди,
Адам жүрмес майданда,
Шөлсиреген ўағында,
Қудықлар шығып алдынан,
Суўлар ишип наўадан,
Көп қорлықты көреди,
Қыя майдан даладан,
Жетиленши күнинде,
Шықса бир таў үстине,
Көз ушында елеслеп,
Бир мунара көринди,
Еки қабат сарайлар,
Көшки ҳәйўан,бақшалар,
Аяғының астында,
Еллер жақын көринди.

Ол таўдың үстинде демини ырaслап, ол мунарлы шәҳарлер көрингенине ўақтын хошлап: — Бағдаттың мурады бар дейтуғын еди.Бағдат елинде,туў тиккен шәҳәринде ярым Сәлимжан болып, көрсем еди.Егер жәҳәнде тири,саў болса,мени таўып алар еди.Бир ўақыялар басынан өтип,зинданларға бәнт болып қалмағай,— деп,Сәлимжанның жанын қайғырып,жүректиң ҳәўирин тарқатып,таўларды жаңғыртып зарланған сөзи екен:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жүрген жериң қыя таўдың даласы,
Ашықлардын ярға жеткей наласы,
Бул көринген Бағдат шәхри болғай дә,
Қарасам, нур шашар енди қаласы.

Ашықтың жеткей дә машыққа зары,
Қандай шыдағанды ярдың қарары,
Сәлимжанды көрер күнлер бармекен,
Жарқырайды ол Бағдаттың мунары.

Ашылғай дә шын ашықтың гүллери,
Мазалы еди Сәлимжанның тиллери,
Бағлары бар қызыл гүлдей жайнаған,
Алдымда болғай дә Бағдат еллери.

Суў орнына суўсыныма иштим қан,
Дүньяның жүзинде айралық жаман,
Тири болсам, көрер едим дийдарың,
Сәлимжан, қылдың ғой мени сергиздан.

Көргенниң ақылын алады,
Даўыслары жаңғырып,
Көп жерлерге барады.
Ол бир таўлар арасында,
Булақлардан суў ишкен,
Қараса енди шарўалар,
Қызыл гүл енди ашылған,
Алма, анарлар пискен,
Сабақларынан түскен,
Тоты менен ол кеклик,
Бағларынын ишинде,
Шақақ урып күлискен,
Қараса, мектеп балалар
Ол таўлардың ишинде,
Қызықлы екен ол шәхәр.
Ол таўларды жағалап,
Киятырса Қарлығаш,
Жанында бар бир кемпир,
Жетпис жасар бир ғарры,
Жолын тосып отырыпты,
Қарлығаштай сулыўды,
Көрген ўақта ол баба,
Қушағын ашып сол ўақта,
Қарлығашқа жуўырды,
Кемпир көзини жаслап,
Таяғын атып таслап,
Кемпири де жуўырды,
Екеўи енди Қарлығашты,
Қушағына қысады,
Жибермейди бир заман,
Қарлығаштан кетти аң,
Ҳайран болып буларға,
Қарлығаштай сулыў қыз,
Бир сөз айтты сол заман:

— Кеўлим емес, баба, енди онша шад,
Ҳәр адамның кеўлинде бар қайғы-дәрт,
Екеўиңиз мени бундай қушақлап,
Бул исиңнен табарман ба қәсийет?

Таўың екен гүл ашылған лалазар,
Қосық айтсам, сестим таўды жаңғыртар,
Қушақлап жылайсыз мени көргенде,
Аянбай айт әрманыңды, ғаррылар.

Жақсыларды көрген сениң саўлатың,
Мени көрип қозды ма я дәртлериң?
Қушақлап жылайсаң мени, бул қалай?
Перзентиңе тай келе ме келбетим?

Көрдим енди қара таўдың қаўышын,
Таўларды жаңғыртар менин даўысым,
Ақ шашыңды жайып жылама, кемпир,
Кеўлиңде бузды ма жаңғырған сесим?

Суў орнына иштим шөлде қызыл қан,
Заманында бир жақсыдан айрылған,
Бармеди балаңыз маған усаған?
Әрманыңды айтагөргил, анажан.

Сол ўақта баба:
— Әўел қушақлаған ўақтымда қызым Тапалтаспекен деп қушақлаған едим. Көзимнен ақты қанлы жас, ханға еди миясар, аты еди Тапалтас. Сол қызымды көп қызлар менен отын териўге барғанда periниң ханы көтерип кетип, соннан бери көзимнен шығады қанлы жас, — деп баба Қарлығашқа бир сөз айтады:

— Қартайғанда маған түсти мүшкил ис,
Әрман менен көзден ақты қанлы жас
Жалғаншыда бир перзентим бар еди,
Өзи сулыў, аты еди Тапалтас.

Жолдаслар болғанды енди қыз-жаўан,
Отын терсе бир буркыған келип шаң,
Даўыл алып кеткен жалғыз қызымды,
Еки ғарры жалғызынан айырылған.

Ада болмас бул ғаррының көз жасы,
Сестиңе усайды оның даўысы,
Жаңғырған сестиңи енди еситип,
Қабыл болды ма көзимниң жасы.

Аты еди ол қызымның Тапалтас,
Қаслары керилген, тап саған уқсас,
Сөйлегенде сөзиң сениң айрылар,
Қушақлап басыма түсти мүшкил ис.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Болмады қызымнан ҳеш бир,әй,хабар,
Өзи сулыў еди,тутқан перилер,
Үстиңе кийипсең өзгеден кийим,
Мен ойласам,сениң өзиң қыз нашар.

Сени көрип,балам,болды баўырым қан,
Мунлымысаң ашығынан айырылған,
Қыз орнына сени қызым қылайын,
Кеўлимнен бир кетсин күйикли әрман.

Бүлбил консын сениң бағда гүлиңе,
Шайырлықтан ҳеш таппадым мининди,
Мендей атаң дал бойыңнан айлансын,
Кетсин дәртим,ҳәзир жүргил үйиме.

Он тоғызда,билсем,жасың бәркаман,
Сырласқанда меннен кетер көп әрман,
Жүргил енди бүгин күлип ханама,
Мен ғаррының кеўлин алың,жан балам.

Бул сөзлерди еситип,
Қарлығаштай бул нашар,
Болмай сонда кеўили тар
«Ордасына барайын,
Сәлимжандай ярымнан,
Билсе,хабар сорайын»,
Дейип енди Қарлығаш
Көргенниң ақылын алады,
Бул бабаңның жайына,
Қосылып жетип барады,
Кирип жайдың ишине,
Ол қыз демин алады,
Ҳал-жағдайды сорасып,
Туўған ата-анадай,
Қарлығаштай сулыўдың,
Кеўли болды енди жай.
Кемпир менен ол ғарры,
Қарлығаш пенен үшеўи,
Сөйлесиўге келеди,
Азан ўақта бир қолай.

Сол ўақта баба ойына келип,«әй,бул қыз болмағай дә ақылынан бийгана,жақсы көрген ярынан айырылып болып жүрген болмасын дийўана.Бунын аўҳалын мен бир сорайын» деп бир сөз айтады сол ўақтында баба:

— Қулақ салып,арзымды есит,перзентим,
Ғош жигиттен артық сениң ғайратың,
Жатқан ўақта аҳ урасаң толғанып,
Қайда болар сениң туўған елатың?

Я солды ма бағ ишинде гүллериң,
Сөйлегенде мазалы-ды тиллериң,
Бул жәҳәнде көп жасаған ғаррыман,
Қайда болар енди туўған еллериң?

Сөйлер сөзиң шекер менен енди пал,
Сен болғандай бир жақсыға интизар,
Аҳлар тартып сен шығыпсаң шөллерге,
Айтқыл маған,ата-анаң ким болар?

Шад қылады жақсылардың сәўбети,
Адамзаттың көп болады,ўай,дәрти,
Айтабергил тартынбастан,жан балам,
Сен боласаң қандай кисиниң перзенти?

Сен бай болсаң минер един әреби ат,
Жаманлар салды ма саған қыйын дәрт,
Сен шығыпсаң журтларыңнан айырылып,
Кеўлиндеги әрманыңды баян ет.

Атың сениң Қарлығаштай енди жан,
Нешше ашық өткен енди дүньядан,
Саған болып бир жақсының ўәдеси,
Сен болмағыл ол тилинен байланған.

Аҳ урғанда ағар көзиңнен қанлы жас,
Я түсти ме бул басыңа қыйын ис,
Залымлардан көрип енди зорлықты,
Азат болғанбеди енди аш-қаллаш?

Өзиң сулыў,сыймадың ба журтыңа,
Адам шыдай алмас ашық отына.
Жанларыңнан кешип енди шықтың ба,
Шыдамай ашықлық енди дәртине?

Қосық айтсаң қара таўлар жаңғырар,
Сүйгенин көрмесе адам хор болар,
Өзге кийим кийип енди үстиңе,
Қандай мәртке болдың,балам,интизар?

Бул гәпти баба айтқаннан кейин Қарлығаш айтты:
— Бул бабаның үйине келип,мениң болды кеўлим шад.Жаман адам бундай бермейди кисиге нәсият.Енди басымнан өткен саўдалардың бәрин айтайын.Ашықлық деген бурыннан бар,ҳәр киси дәртин айтса,болмас ҳасла уят.Дүньяға келгенде адамзат қылады бир нәрсени нийет,шуғылланып, қояды соған ықлас,иттикат,— деп,Қарлығаш бабаға қарап бир-еки аўыз айтады:

— Арзымды есит,атажан,
Сөз әўелин айтпасаң,
Түсиникли болмайды,
Саған қылдым,жан ата,
Перзент болып иттикат
Әўел журтым сорасаң,
Атын айтады Ҳират,
Ол Ҳираттың елинде

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир бай еди Сулайман,
Баласы еди Сәлимжан,
Бирге мектеп оқысып,
Болып енди сабақлас,
Ўәде етти арадан,
Күлип-ойнап жүргенде,
Өсек қылды көп адам,
«Бир гедейдиң қызына,
Ашық болды балаң» деп.
Ар қылғанды Сулайман,
Қуда болып бай менен,
Жәнибек байдың ол қызы,
Аты еди ол Ақжан,
Оны қанша айттырса да,
Сүймеди оны Сәлимжан.
Шуғыл сөзди еситип,
Әкем,енем,бизлерди,
Залым байлар жабылып,
Қуўды Ҳират қаладан,
Кетер болдық биз елден,
Қойнына салып мың тилла,
Бир хат жазып жайлаған,
Алтыннан болған тумарға,
Ашықлығын ол айтып,
Жылап кетти Сәлимжан.
Көп ўәдени мен қылдым,
Он тоғызға мен кирдим,
Қайтпайман деп ўәдеден,
Ол Сайрамның елинде,
Гүлдей болып жайнадым,
Мектепте оқып ол жерде,
Қызлар менен ойнадым.
Жаўшы жиберди көп адам,
Ол Ҳираттың елине,
Сәлимжандай батырға
Көп ғана жаздым салам,
Ол Ҳираттың журтында
Сол Сәлимжан бар дейип,
Айтпады маған ҳеш адам,
Сәлимжандай ол достым,
Айырылып ата-анадан,
Айырылып дүнья?малынан,
Айырылып тағы да,
Ақжан сулыў ярынан,
Сайыл болып Сәлимжан
Қарлығашты табаман деп,
Кеткен екен журтынан.
Сапары болған батырдың,
Бағдат деген енди шаҳәр,
Мендей бахтықараны,
Аламан деп ол байлар,
Басыма салды қайғы зар,
Аламан деп турғанда,
Тойлар қылып келгенде

Кеўлиме келди бир қыял,
Көринбеди дүнья-мал,
Анамнан рухсат алып,
Мен еркекше кийинип,
Шығып кеттим бир кеше,
Қалды меннен айырылып,
Ол Сайрамда душпанлар,
Он еки түн шөл гезип,
Шығып енди бир таўға,
Қосық айттым жаңғыртып,
Қушақладың сен шығып,
Өткен күни алдымда,
Атым мениң Қарлығаш,
Ашықлықтың дәртинен,
Басыма түсти бундай ис,
Қыдырғаным бул елде,
Сол ғана ярым Сәлимжан,
Сәлимжандай жигитти,
Ҳасла деме сен жаман,
Қызыл гүллер ашылар,
Балдағында бар тикен,
Сәлимжанды табалмай,
Болып жүрмен мен,ата,
Жалғаншыда сергиздан,
Еситсеңиз сырымды,
Усылайынша,атажан.

Баба сонда сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Жаным балам,Қарлығаш
Ер жүрекли яр болса,
Қатын да алар ар-намыс,
Шөл-сахраны сен гезип
Мениң менен болдың дус,
Жәбир тартып келгениң,
Майдан менен шөл-сахра,
Келип маған дус болып,
Тапалтастың орнына,
Болдың енди қыз бала.
Бир кәрўаннан Сәлимжан,
Айырылысқан ўақтында,
Барарына жер таппай,
Маған болды ул бала,
Хызмет қылып көп жүрип,
Бир базарға барғанда,
Айтқанымды қылмастан,
Барып қумарпазларға
Көп дүньясын уттырып,
Тағы өзин уттырып,
Жолықты бир бәлеге.
Қарлығаштай енди жан,
Зийнеп деген иймансыз,
Сабыншының өзине,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Болды енди ол диййхан
Шашы көзине төгилип,
Бели жайдай бүгилип,
Кийерине кийим жоқ,
Ошақларға сөгинип,
Аўзы-мурнын қарасаң,
Шаш-муртыны алмаған,
Көрсең оны,жабайыдай,
Талабы — қарын жуўады
Тырнағына қарасаң,
Тап қошқардың шақындай,
Сөйлемекке ҳалы жоқ,
Тамақлары буўылған,
Сәлимжандай баланың,
Күнлери енди усындай.
Шырайына қарасаң,
Енди қорқып кетесең,
Сен узақтан қарасаң,
«Маймыл ма» деп айтасаң,
Ақылыңды бул сөзге,
Жыйнап енди көресең,
Ендигисин шырағым,
Өзиң енди билесең.

Бул бабаның сөзинен қарап,мойнын бурып Сәлимжанның болған ҳалын еситип,көзине азырақ жас алып,бабаға қарап сол гезде айтады екен бир аўыз жуўап:

— Арзымды есит,қулақ салғыл,бабажан,
Тири екен жалғаншыда Сәлимжан,
Көреғойсам ол жигиттиң дийдарын,
Мендей қызда болмас еди ҳеш әрман.

Он сегизде жумырайған билегим,
Он тоғызда тар келгенди көйлегим,
Өлген болса жалғаншыда Сәлимжан,
Қушақлап жылайын,дедим сүйегин.

Сен «қызым» дегенде болды кеўлим шад,
Ырас ата болсаң,қойма бизге дәрт,
От жигитлер бир териде болмайды,
Сәлимжанды тири дедиң,кеўлим шад.

Сәлимжан деп дүнья болды маған тар,
Шын ашықтан қайтпас енди машықлар,
Сәлимжанның қул екенин билемен,
Сол душпанға мен саларман қайғы зар.

Елинен айырылған жалғыз сонаман,
Сәлимжан деп қыйланғанды тәнде жан,
Сәлимжан ушын сен,ата,қыйланба,
Бул кемпирден мәртти утып аламан.

Қәпестеги Сәлимжан ғой,мурғызар,
Сумлығыма таң қалсын ол душпанлар,
Бурынғыдай болар батыр Сәлимжан,
Қарлығашты көрсе енди бизиң яр.

Сәлимжан деп болды мениң баўырым қан,
Мәрт жигит жолында өлсем жоқ әрман,
Аталықта көп болады қәсийет,
Он бес күн болайын ордаңа мийман.

Сол ўақта баба күлимсиреп: — Бәрекелла, өзи бир нашар, бунда барды бир ҳал, перзентим Тапалтастың орнына көрейин буны.Бунның ақырында бир кәсийет бар,— деп,аршасын ашып,кемпир менен сырласып,Тапалтас сулыўдан қалған жипек қамқайы атласлардан кийимлерди шығарып: — Ашылсын гүлиң,Сәлимжан ҳақыйқат улым,ырастан бол сен мениң қызым,басқа түрли екен сөзиң. Абат болғай дә,балам,изиң,— деп,кийимлерди кийдирип салландырып қойды.

Көргенниң ақылын алады,
Қарлығаштай бул сулыў,
Ағаш таўып бир жерден,
Әсбап таўып бир жерде,
Ол қәпестей қутыны,
Соқпақ пенен болады.
Соғып болып қутыны,
Жеңге сыйғандай қылып,
Буны да соған алады,
Ертең менен турады,
Кеште келемен дейип,
Еркекше ол кийинип,
Ҳәр түрли бир әсбаптан,
Таўып алып Қарлығаш,
Таў аралап кетеди.
Адам кирмес жайларға,
Таўлар еди мийўезар,
Ҳәрбир түрли жүзим бар
Жүзимлерден алады,
Ҳәр бир түрли ҳийле менен,
Тышқан аңлып барады,
Гезип таўдың даласын,
Ин көринсе қазады,
Таўып енди алады,
Он бес тышқан баласын.
Буны көрип Қарлығаш
Кеўили сонда жүдә шад,
Жигирма бес күнге шекем,
Бул балаға билдирмей,
Тышқанлардың баласына,
Қылды дейди тәрбият.

Тәрбият қылып, «баба дүньяда бир сүтхор бай еди. Бунннан мың тилла сорап алып, жақсылап кийинип барып,кемпир менен бир ойнап көрейин» деп,бабаға қарап бир жуўап айтады екен:

— Арзымды есит,кулак салғыл жан ата,
Ғайратымды көрсетейин дүньяда,
Атам болсаң,тилегимди бересең,
Мен тилеймен сизден енди мың тилла.

Қарлығаш дейдилер дүньяда атым,
Көрдиңиз ғой мениң нешше ғайратым,
Маған бериң сорағанда мың тилла,
Зийнеп пенен бир ойнамақ мурадым.

Ашылады мен ойнасам бир гүлим,
Әўелинде қылдың маған сен рейим,
Мениң менен бирге жүргил,жан ата,
Ойын ойнап тарқатайын,ўа,шерим.

Қызың тири,мен орнынаТапалтас,
Инандырып тилиң менен салғыл күш,
Утып алып оған отлар салайын,
Душпанлардан мен алайын,ўа,намыс.

Бул гәплерди айтқанда,
Қарлығаштай ол сулыў,
Бабаның кеўли тасады
Зийнеп атлы кемпирге,
Душпан еди бул баба,
Қызының тири ўақтында
От салған еди ол мама,
Аршаны ашып ол баба,
Мың тилладай теңгеден,
Көбирек енди алады,
Сәмен жорға келтирип,
Ол қыздың қулағына,
Алтын сырға салады,
Ҳасыл енди кийдирип,
Қарлығаштай сулыўды,
Жорғаға енди миндирип,
Баба әбден кийнип,
Бул да минди бир жорға
Баба менен қосылып,
Қарлығаштай сулыўың,
Сәрбазарға барады,
Қарлығашты көрген соң,
«Қайдан келген сулыў» деп
Халықлар ҳайран қалады,
Небир,небир жигитлер,
Изинен қарап,көп жерге,
Көше менен барады,
Ол Зийнептиң сарайы,
Жарқырады көринди,
Барса сарай алдына,
Ша сыпаның үстинде
Жипек ғалы астында,
Саўдегерлер қастында,
Пышығын алып алдында,
Отырып еди иймансыз,
Сом жипекке оралып.

Аттан түсип бул баба
Қыздың атын байлады,
Қызды көрип бул кемпир,
«Мен буны утып алсам,
Ханыма ылайық екен» деп,
Еки көзи жайнады,
Сол ўақтында Қарлығаш,
Маңлай шашын сылады
Сәлем берип бүгилип,
Бул кемпирге барады,
Ғаррыны ол көргенде,
Көзин енди аўдарып,
Атаңа нәлет иймансыз,
Бабаға терис қарады,
Қарлығаштай ол қыздан,
Зийнеп атлы ол кемпир,
Жол болсын деп сорады,
Сорай берип не деди:

— Сениңдей жоқ еди бул елде нашар,
Жамалыңды көрип адам қуўанар,
Қайсы елден атлар тартып келесең,
Жаным балам,ҳаслы затың ким болар?

Саған енди мәрт арысланлар яр болсын,
Қәдемиңе нешше жигит зар болсын,
Әдеп бенен келдиң,балам,жаныма,
Ҳәй,қыз нашар,енди сизге жол болсын.

Шашбаўларың айланады дизлерге,
Қал қойыпсаң айдай болған жүзлерге,
Жаныңда бар бир сумтуяқ досағың,
Жол болсын,ҳәй,қызым,енди сизлерге.

Сол ўақта Қарлығаш кемпирге бир сөз айтты:

— Кемпир,саған айтар енди арзым бар,
Сени көрсе ҳәр бир киси қуўанар,
Бағдаттың елинде көпдур ҳикаят,
Онда бар дейдилер түрли ойынлар.

Ҳираттың елинде өзим оқыған,
Сайрамның елинде өстим көп заман,
Түрли-түрли онда ойын бар дейип,
Қуўандырды мени барған көп кәрўан.

Бизиң елде ашылады лалазар,
Сен ойлама,менде көпти дүнья-мал,
Жол болсынды меннен сорсаң,анажан,
Ойыныңа болып келдим мен қумар.

Қулаққа асқанман алтыннан сырға,
Алып келдим мың тилла ҳәм бир жорға,
Уттырсам қояман енди өзимди,
Буны мәлим қылың Ислам ханыңа.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул гәплерди еситип,
Кемпир деген геллеғар,
Ойынға еди ол қумар:
—Маған сендей қыз дәркар,
Хан алдына баралы,
Ханға мөрди бастырып,
Ойнасып сөйтип қалалы,
Менде бар сондай пышық бар,
Күн шықанша қозғалмай
Төбесиниң үстине,
Шыраны қойып отырар,
Бир ойыным шатыраш,
Утылсаңыз,жан балам,
Көзиңизден ағар жас,
Утағойсан,перзентим,
Жығып,балам,шыраны,
Малы-мүлким сеники,
Үш там толған дүнья-мал,
Алтын аўшар қырық нар бар,
Ада болмас енди зер,
Утып алған Сәлимжан
Оннан соң бар қырық адам,
Айта берсем сөзимди,
Қояман енди утылсам
Тап ғана усы өзимди.
Хан бергенди ықтыяр,
Хан алдына барасыз,
Утсам,ханға беремен,
Сенин енди өзинди,
Бизиң елде туўмаған,
Өзиңдейин ҳеш нашар,—
Дейип енди бүкшеңлеп,
Алтын енди ҳасаны,
Кемпир қолға алады,
Қарлығашты ертип ол,
Хан қасына барады.
Ақ қағазға хат салып,
Мөр басып қолына,
Ҳәр қайсысына сол ўақта
Бир қағазды бергеннен,
Кемпир «кеттиң қызым» деп,
«Бенде болдың өзиң» деп,
Баба менен қосылып,
Ойын жайға барады,
Тамашаға көп адам,
Сонда келип қалады.
Қыздырады бул кемпир,
Сол ўақтында ойынды,
Көрсетеди Қарлығашқа,
Ойыншылық қырыны,
Тенгелерди ол қойып,
Бермеди қыз сырыны,
Ярым ақшам болғанша
Қарлығаштай арыўдан,
Кетти дейди мың тилла,
Қалды дейди бир жорға.

Жорғаға ирет жеткенде,
Шатыраштты Қарлығаш,
Ол қолына алады,
Пәтиклерди серметип,
Шатыраштты таслай береди,
Ол кемпирдиң сол ўақта,
Иши ғыж-ғыж жанады,
Әне-мине дегенше
Утқан енди мың тилла,
Қайтып утып алады,
Шатыраштты қолға алып,
Қарлығаш ҳасла бермеди,
Шатыраш қолға тийгенде,
Кемпирде де қолын сермеди,
Утылып енди барады,
Маңлайына иймансыз
Қайта-қайта урады,
Әне-мине дегенше,
Бес мыңлаған теңгесин,
Кемпирдиң утып алады.
Сонда кемпир сөйлейди,
Жамбасыны бурады,
«Бунындайын қызлар» деп,
«Келмей кеткир енди» деп,
«Бағдат атлы қалаға,
Жолықтым ба усы күн,
Көзи қызыл бәлаға»,
Дейип енди сәҳәрде,
Кемпир қалғып кеткенде,
Тасасын таўып көзиниң,
Қутыдан сонда бир тышқанды,
Шығарып бирден жиберди,
Ол бойраның артына.
Кеткен енди ол тышқан,
Тысырлап ол барады
Пышық сонда тикирейип,
Жән-жағына қарады,
«Өлгир» дейип бул мама,
Отырған ол пышықтың,
Шекесине салады,
Туўры отырды ол пышық.
Қарлығаштай перийзат,
«Па» деп ойнай береди,
Кемпир енди сол ўақта,
Артына қарап симгирип,
Мойнын сонда бурады,
Қалған тағы қутыдағы,
Тышқанларды Қарлығаш,
Жибереди барлығын.
Қыслығып турған тышқанлар,
Сатырлап қашты майданға,
Инанып та бола ма,
Жалғаншыда хайўанға,
Көрип қалған бул пышық,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тышқанларды қуўалап,
Ылақтырып шыраны,
Жуўырып кетти майданға.
Туттырсын ба тышқанлар,
Бул шыраны аўдарып,
Ийесинин жанына,
Мыяўлап келди жәниўар.
Қарлығаштай ол қыздын,
Көзи оттай жайнады,
Бенде қылып кемпирди,
Шаршысын алып басынан,
Артына қолын байлады,
Байлаған ўақта ол кемпир
Ўай-ўай салып сөйледи:

— Қолымды байлама,әзәзул душпан,
Байлап,сен қыларсаң енди пушайман,
Инанбас ханшалатынынңсөзине,
Жол бермейди патшам сениң өзиңе.

Жибер қолым,өзим бараман,шаян,
Мынаў отырғанлар бәриси душпан,
Ҳийле менен пышығымды үркитип,
Ойының болғанды сен қыздың ҳарам.
Ақылымды мен ойынға керемен,
Алдымда жүр,мен изиңе еремен,
Сендей нешшелерди утып мен алып,
Қайтадан мен ойнап жазайың беремен.

Сонда Қарлығаш:
— Билме,кемпир,мени бул елде жалғыз,
Патша болған сөйлемейди еки сөз,
Жалған болмас ханыңыздың ол мөри,
Хан дегенге сенде бир зат және биз.

Уттырып мен енди ишим жанады,
Қан жылаттың неше бахтықараны,
Жалған болмас ол патшаның бул мөри,
Хан дегениң халыққа бирдей болады.

Ҳарамылар ол параға ереди,
Сендей шайтан ханға пара береди,
Хан дегениң халықлардың атасы,
Арыз қылсаң,төрелигин береди,—

деп Қарлығаш кемпир менен тиртеклесип ханға барыўға қәдем таслады. Хан алпыс еки әмелдарлары менен терезени ашып отыр еди. Қарлығаштың айтқан сөзлери сәдде-сәдде ханның қулағына кирип турған екен. Хан муртын таўлап, хәмелдарларға қарап, кемпирдиң қолыннан дәўлет кеткенин билип отырған еди. Кемпир менен Қарлығаштың арасындаәминлер бар еди. Хан алдына оларда келип турды. Сол ўақта Қарлығаш ханға қарап бир сөз айтады:

— Мени көрип кемпир қылды хәўести,
Алдымда ханымыз сөзлерди кести,
Мине,ханым,басқан енди бул мөриң,
Екеў боламекен патшаның сөзи?

Кемпириң ойында утылып қалды,
Шырасы жығылып,шерменде болды,
Бермек жақпады оған айтылған малды,
«Ойының жаман» деп,бай-байды салды.
Утылған кемпирден нешше саўдагер,
Даўпазлық қылып ол жыйған дүнья-мал,
Утып келдим қойған бул ойыншыңды,
Ел-халыққа бирдей,ханым,нәзер сал.

Шығарғанман яр жолында атымды,
Сеннен зорлар келип береди дадыны,
Мынаў басқан мөрлериң бар қолымда,
Көрсетемен көп патшаға хатынды.
Теңлик қылсаң,еситпе кемпир зарыны,
Мен қыйнадым шатыраш ойнап жанымды
Утып алдым кемпириннниң дүньясын,
Алдыма сал енди сансыз малынды.

Кемпирди утып мурадыма жетемен,
Әдиллигиң көп ханларға айтаман,
Қумар болса сениң елиң бузылар,
Бул кемпирди енди алып кетемен.
Бул сөзлерди айтқанда,
Үш шақырды Ислам хан
«Утылды» деп бақырды,
Хан әмини көп адам,
— Еситпесем бул қыздын,
Мен алдында дәртини,
Шығарып жалған сөзимди,
Қоймас енди мынаў қыз,
Менде намыс-арыны,
Айдап бериң кемпирдин,
Дүнья енди малыны,
Кескир екен мынаў қыз,
Дүньяда қылыш бир алмас,
Ханларда енди жәҳанда,
Айрылған еки сөз болмас,—
Дейип енди беглерге
Буйырады Ислам хан.
Кемпирди қылды тас-талқан,
Алдына келип сол ўақта,
Қарлығаштай сулыўдын,
Утылған енди Сәлимжан,
Кушақласып көристи,
Қол алысып сол заман,
Ҳаммамға түсирип батырды,
Сақал-муртыны алдырып,
Келди қыздың жанына,
Таўыс киби кийинди,
Қарлығашты көргенде,
Гүлдей батыр ашылып,

Қарлығаштай қыз бенен,
Сол ўақлары болғанда,
Баяғы баба қайқаңлап,
Қарлығаштай арыўға,
Қарыў көмек салады.
Сол күн жатты қалада,
Ертеңгиси турғаннан,
Кемпирде көпти қылышлар,
Найза менен саўытлар,
Еркекше қыз кийинди,
Сәлимжан да кийинип,
Жаў-жарағын асынып,
Сәлимжандай жигиттиң,
Көзи оттай жанады,
Қул болған енди қырық адам,
Қырқына берип қырық түйе,
Азық-сайманын берип,
Ислам хандай патшаға,
Ат үстине талтайып,
Турып сонда Қарлығаш,
Бир сөз айтты шалқайып:

— Сөзимди есит,әдалатлы Ислам хан,
Нешшени айырған ата-анадан,
Елиңде болмаспан оныңдай жаман,
Халқыңды қылмасын бир батыр ўайран.

Патша болсаң жыйғыл,ханым,ҳалал мал,
Дүньялыға салма бундай қайғы зар,
Нешшелердиң қылып үйини ўайран,
Нешшени қылғансаң елге интизар.

Сайлап миндим,бахтым келип,әреби ат,
Ҳадал ердиң кеўли болар енди шад,
Бундай әзәзүлди елиңе жыйнап,
Халыққа қылма өтириктен қыянат.

Бир күн адам бул дүньядан өтеди,
Азат болған маған тили жетеди,
Қырық жигит те барып ели-халқына,
Барып сонда мурадына жетеди.

Қыйын дәртти қылдың енди,Ислам хан,
Сайрамға жетермиз,ўах,бизлер аман,
Нешше жыллар сабыншыға от жағып.
Мендей ашығыны қылдың сергиздан.

Кемпириңе келип қылдым мен ғайрат,
Қырық жигитти қылдым мен бүгин азат,
Барса еллерине енди қырық жигит,
Бизлерге айтады өлгенше рахмет.

Жаманның ақыйры,билсеңиз,ўайран,
Мурадына жетти ярым Сәлимжан,
Бизлер кеттик Сайрам деген журтларға,
Әдил патшам,бизди қылың хош-аман.

Сол ўақытта Сәлимжан,
Бул да ханға сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Келип едим елиңе,
Сәлимжан атым еситип,
Ўайран салдың малыма,
Сабыншыға қул болдым,
Рәҳим етпедиң жаныма,
Қылған енди исиңе
Қылып,ханым,пушайман,
Бизлер көрдик қорлықты,
Бир нашардың қолында,
Кемпир көрди тарлықты,
Ойланбасаң жәҳанда,
Сен де енди көрерсең,
Мениндейин мәртлерден,
Бир күн енди зорлықты,
Бәлеге салар қызыл тил,
Айттым саған нәсият,
Ендигисин өзиң бил,—
Дейип енди Сәлимжан
Ат басыны бурады,
Исламхан сонда буларға,
Аўызлары ашылып,
Аң-таң болып қалады,
Қырық нарларды жетелеп,
Қырық жигити қасында,
Ада болмас дүнья-мал,
Дүнья-малды ызғытып,
Шығып барады Қарлығаш.
Бир нашардың ғайраты,
Болар ма енди бундай деп
Ҳайран болып қалады
Бағдат елде адамлар.
Ҳәм кемпири кеткен соң,
Дүнья-маллар кеткен соң,
Бир нашардың қолынан,
Сол ўақтында басылып,
Исламхандай бул ханға,
Түсти дейди қайғы зар.
Көргенниң ақылын алады,
Қарлығаштай бул сулыў,
Кемпир менен ғаррынын,
Тап үйине барады,
Балам енди деген соң,
Сәлимжанның исине,
Сонда баба көнеди.
Келип бабаның үйине,
Қой семизин сойдырып,
Сәлимжан тойды береди,
Шарап,арақ ишисип,
Ол ўақтында мәс болып,
Отырған енди ўақтында,
Сәлимжан менен Қарлығашқа,
Сонда бир сөз айтады:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қулақ сал сөзиме енди, Сәлимжан,
Перзентим дегеним емести жалған,
Бағдат елден тартып шықтың дүньяны,
Көре алмайды ғайратыңды көп душпан.

Қарлығашқа халық қалды енди таң,
Дүньяның жүзинде айралық жаман,
Алып шықтың көп дүньяны ызғытып,
Қарсы болып қалды саған Ислам хан.

Ғайратыңнан миндим, балам, әреби ат,
Қырық жигиттиң кеўилин қылдың енди шад,
Инанбаңыз ол әзәзүл душпанға,
Өзиң жалғыз, отырмағыл парахат.

Ашылады бизиң елде ғумшалар,
Кимлерге салмаған ханым қайғы-зар,
Батыры бар, ада болмас көп күши,
«Бир нашардан басылдым» деп ойланар.

Ата болмақ ҳәр кисиге қыйынды,
Қолың байлап, солдырмасын гүлинди,
Қырық адамнан басқа сенде адам жоқ,
Алып келер ада болмас жыйынды.

Сениң қолында ғой өлмек әрманым,
Жолларында пидә болсын бул жаным,
Ендигисин өзиң билип, сен ойлан,
Енди мениң саған айтып болғаным.

Бул гәплерди айтқан соң,
Сәлимжанның бабасы,
Қарлығаш еди сол ўақта,
Нашарлардың данасы,
Тикке турып орнынан,
Нарларға жүкти салдырды,
Сары атанның белинде,
Гебежелер курдырды,
Ғаррының үйин көширип,
Кемпир менен ғаррыны,
Сол түйеге миндирди.
Болған иске бул баба,
Сол ўақтында көнеди,
Сәҳәрдың пайыз шағында,
Сайрам деген еллерге,
Баба менен маманы,
Ол есапсыз дүньяны,
Алып енди жөнеди.
Бир күн тамам жол жүрди,
Қыя майдан далада,
Еки күн тамам жол жүрди,
Жолықпастан бәлеге.

Ендиги сөзди еситиң,
Исламханнан еситиң.
Бағдат ханы Исламхан,
«Бир қатыннан басылып,
Қалды» деген өсек сөз,
Түсти Бағдат қалаға,
Ат басындай сом жүрек,
Сарайында туўлады,
Өсек сөзге шыдамай,
Хан бир енди жылады,
Бир сумлықты ойлады,
Алпыс еки ҳәмелдар,
Жетпис еки мөҳирдар,
Асқар бий деген ўәзири,
«Қапа болма, ханым» деп,
Сол ўақтында сөйледи:

— Ислам ханым, саған айтар арзым бар,
Халқың көпти, неге шектиң қайғы-зар,
Қалдың енди ойласпастан утылып,
Шәҳәринен шықпас еди дүнья-мал.

Байыр атлы барды сенде мәрт палўан,
Әскериң қылмай ма жер менен жексен,
Лашы шөлде қалсын ондай нашардың,
Не келеди бир саяқтың қолынан?!

Қатын киби сен жылайсаң зар-зар,
Ада болмас сенде барды көп ләшкер,
Енди оңай болды барып алмаға,
Сал басына аның жетип қайғы зар.

Батырларың сайлап минсин әреби ат,
Ондайлардың нешшесине салдың дәрт,
Алып қайтсын кемпир менен дүньяны,
Сонда болар, ханым, енди кеўлиң шад.

Сол ўақтында Ислам хан,
Тикке турды орнынан,
Әскербасы беглерин,
Шақырдырып қалады,
Бизге шадлық болды деп,
Байыр деген батыры,
Еки көзи алаңлап,
Бул да келип қалады.
Әри-бери адамлар,
Алақайлап жуўырды,
Әне-мине дегенше,
Алтын тахтың алдына,
Бес мың әскер жыйнады.
Асқар болды ол сәрдар,
Урысқа өзиң шақлап,
Ақ саўытын кийеди,
Байыр деген батыры,
Ханға қарап сол ўақта,
Талтайып сөйлеп не деди:

— Арзымды есит, Исламхандай дәўлетим,
Қырық мыңға тай саўаш күни ғайратым,
Шықтым енди көк полатқа ғарқ болып,
Маған қандай, ханым, енди хызметиң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп әскерге Асқар болды енди бас,
Аққан екен көзлериңнен қанлы жас,
Қанша болса онда енди дәў палўан,
Ондайлардың нешшесине салдың күш.

Батыр болар патшаларға қол-қанат,
Өлгенше қылайын мен саған ғайрат,
Сәлимжанның кесип енди басыны,
Сизики болады енди перийзат.

Байыр дейди жәҳән жүзинде атым,
«Уҳ» дегенде шығар аўзымнан отым,
Күлип-ойнап рухсат бергил бизлерге,
Көриң енди ғош жигиттиң ғайратын.

Сол ўақлары болғанда,
Патша күлип қуўанып:
— Душпанларға салың тор,
Жалғыз дейип ойланбаң,
Бол өзиннен хабардар,
Қатында болса Қарлығаштың,
Түрли иси бар екен,
Сөйлегенде мен қорқтым,
Мың кисиден зор екен.
Жүргенинде,жигитлер,
Шықсын көкке ойнап шаң,
Атың енди залымды,
Қамал қылың майданнан,
Бизиң елде бар еди,
Қыдыр деген бир ғарры,
Оны да алып кетипти,
Залым енди Сәлимжан,
Ол ғаррының кеткенине,
Мен қыламан пушайман,
Ул перзентке зар еди,
Урыс болған күнлерде,
Ҳәр сумлығы бар еди,
Өзи еди дуўахан,
Өзи еди жадыхан,
Өзи билгир сум шайтан,
«Бала боламан» дейип,
Ертип кеткен Сәлимжан,
Ғайрат қылың,беглерим,
Көрмегейсиз қорлықты,
Қарлығаш пенен ғаррыдан,—
Дейип енди Ислам хан,
Тилегин тилеп қалады,
Батырлар жөнеп барады,
Күнди түнге урады,
Бес күн тамам жол жүрип,
Сәлимжанның изине,
Жақын барып жетеди,
Намазшамның ўақты еди,
Урыста жүрген Байырбек,
Асқарға қарап сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Асқарбегим,бул барғаннан барасаң,
Қыя түнде қайтпай қыйқыў саласаң,
Кеше күнде урыс қылсаң Асқарбек,
Таң атқанша сен қырылып боласаң.

Сәлимжанда Қыдыр деген баба бар,
Ҳәр сумлықты салар енди,ҳийле зар,
Өз-өзине қырдырады өлгенше,
Бул кешеде алалмайсаң намыс-ар.

Жатың енди бул жайларда парахат,
Демиң алып,атлар болсын енди шад,
Ҳәр сумлықты жер жүзинде ойланған,
Жанындағы жолдас болған қырық жигит.

Бул гәплерди бул Байыр,
Сонда айтқан ўағында,
Асқар енди түседи,
Көп адамның шаўқымы,
Көп жерлерге барады,
Қыдыр атлы бул бабаң,
Қабын қолға алады,
«Не шаўқым екен» деп,
Енди сөйлеп қалады,
Бир қысым топыраққа,
Жанындағы ләшкерге,
Дем салып шашып жиберип,
Ярым ақшам болғанда,
Қарлығаш пенен Сәлимжан,
Қол салысып екеўи,
Анда уйқылап қалғанда,
Қырық жигиттен басқасы,
Сәлимжаннан басқасын,
Ол орнынан турғызып,
Келтирип нарға мингизип,
Шам айылын тарттырып,
Жүклерини арттырып,
«Шаққан жүриң,баллар» деп,
Анды жолға салады,
Дүнья кетип барады,
Булар енди қалады,
— Таң атқанша,жигитлер,
Еки күнлик жолларды,
Ғайрат пенен алыңлар,
Нарларға таяқ салыңлар,—
Дейип енди бул баба,
Сайрам жолға узатты,
Сәҳәр ўақты болғанда,
Сәлимжандай батырдың,
Басын шайқап оятты.

Баба қалтасындағы түйиншиклерди шығарып:
— Әй, Сәлимжан, жақсылығымды билсең билерсең, билмесең билмей жүрерсең, әждарҳаның

www.ziyouz.com kutubxonasi

шаш терисин отқа өртеп, шейиттиң топырағы менен араластырып, дәркар болар деп қойып едим. Олардың Байыр деген ең күшли батыры болса, мениң бабам бар. Мениң ғайратымды көр, балам, — деп, постынын ийнине аўдарып кийип, телпегине шаппатай кийизди қулақ қылып, топырақты қалтасына салып, ийт секилли болып, қараўылларға билдирмей Асқардың шатырының шетине, ләшкердиң келер бетине шашып, уйқылап атырған көбисиниң үстине шашып, қайтып келди.

— Әй, ата, не қылдың? — дегенде, баба:

— Қылатуғынымды қылдым. Қырық жигиттинди де, Қарлығашты да оятып, тамаққа тойып алың, сәске ўақты үстине барамыз, — деп баба бир сөз айтады:

— Қулақ сал, сөзимди тыңла, Сәлимжан,
Маған душпан еди залым Ислам хан,
Үстиңе келипти бес мың ләшкерлер,
Көп екен деп қайғы қылма, Сәлимжан.

Минип енди секирттирип әреби ат,
Бәриң даўыс қосып топыл, қырық жигит,
Бабаң да бас болып қылады ғайрат,
Байырыны мен қылайын наүмит.

Қыдыр ғарры дейди дүньяда атым,
Сәлимжанды өстирмекти мурадым,
Бул урыста я биреўиң өлмейсиз,
Ҳәрқайсыңның мың адамдай айбатың.

Ғаррылықта бабаң қылды ҳийлени,
Сизлер барғанда олар туралмай қалады,
Кесип алың Асқарының басыны,
Көп ләшкерге бүгин басқы болады.

Байыр өлсе, бәри бирден үркеди,
Қандай бәле дейип олар қорқады,
Көриң енди бул бабаңның ғайратын,
Ләшкерлерди келмегендей етеди.

Суў орнына бул майданда ағар қан,
Көп ләшкерге шыдамайды тири жан,
Күн шықпастан барып қыйқыў салалы,
Мин атыңа, сирә қорқпа Сәлимжан.

Сол ўақларда болғанда,
Бул бабаның ҳәр исин,
Көрген еди Қарлығаш,
«Мин атыңа» дейип ҳәм,
Сәлимжандай батырға,
Қатты-қатты сөйленип,
Қарлығаштай бул сулыў,
Ол еркекше кийинип,
Қырық жигиттиң қасында,
Қырық қылышы бар еди,
Урыс-сайман сай еди,
Қыйыр деген атына,
Минип алып бул баба,
Онбес жасар болады,
Бәри минип тулпарға,
Уйқылап атқан адамлардың,
Үстине шаўқым салады,
Опыр-топыр болады,

Шешинип жатқан адамлар,
Атына да миналмай,
Тыр жалаңаш қашады,
Бирини бири көрген соң,
Ләшкерди қара басады,
Асқар атлы бул бекти,
«Не гүнайым бар?» дейип,
Баба келип шаншады,
Найза қопал тийген соң,
Бабаға қарап сол ўақта,
Бир гәп енди айтады:

— Баба, едим сениң менен қарындас,
Әрман менен ағыздың ғой көзден жас,
Бир саяқтың сен ерипсең сөзине,
Басдарыма салдың енди қыйын ис.

Сонда баба:

— Жалғыз қызым бар еди ғой Тапалтас,
Хан алсын деп маған енди болдың қас,
Қартайғанда күнлер салып басыма,
Салмадың ба заманында қыйын ис?

Биреўиң барың айтып Ислам ханыңа,
Қартайғанда қанжар салдың жаныма,
Қартайғанда жалғызымнан айырдың,
Сендей ийтте мен қоймаспан арымды.

Исламхан едиғой сениң тирегиң,
Хошаметке тасты сениң жүрегиң,
Ғәрип-қәсерлердиң билмей ҳалыны,
Бүгин болды мениң, Асқар, тилегим.

Ағызғансаң көзден қанлы жасларым,
Қызым жылап, жайды қара шашларын,
Бул басыңды кессем енди әрман жоқ,
Түлки, сағал жесин сениң лашларың.

Ашыў менен бул баба,
Тағы найза салады,
Найзаны тартып алады,
Басы кетти думалап,
Аллу-аллу дейип ҳәм,
Ол Асқардың геллеси,
Сол ўақтында сөйленип,
Бир танаптай барады,
Халықлар ҳайран қалады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қыдыр ғарры бар екен,
Бул урыстың ишинде» деп,
Ләшкерлер кеңес салады.
Қарлығаштай арыўдың,
Көзи оттай жайнады,
Байыр минип атына,
Қыйқыўлап ат қойғанда,
Жүрегиңнин басы деп,
Испаҳана сары жай,
Оқ тартады Қарлығаш,
Онын атқан оқлары,
Байыр деген батырдын,
Баўырын бөлип кетеди,
Аўдарып көзин қалады,
Сәлимжанға қылышын,
Сермеймен деп ол Байыр,
Тулпарынан қулады.
Сәлимжандай бул батыр,
Басына қылыш салады,
Қабағыны қырық жигит,
Қайсардайын үйеди,
Баба енди бир жақта,
Сәлимжан енди бир жақта,
Қарлығаш пенен қырық жигит,

Төрт жағынан ат қойып,
Бөридей болып тийеди,
Урыс болды ғарша-ғарш,
Басшысы болмағансоң,
Ләшкерлер болды пыт-шыт,
Кимлердиң ким менен,
Сол ўақтында иси бар,
Қалаға қарап қашады,
Дүркиресип адамлар,
Басылдырып ләшкерди,
Өлтирип енди сол ўақта,
Асқар менен Байырды,
Қыдыр деген бабаңыз,
Тарқатады бир қумар.
Қырайын деп Сәлимжан,
Сонда ғайрат салғанда,
Баба барып сол ўақта,
Атыны енди тутады,
— Қашқан жаўға қатын зор,
Қашқан жаўды қуўмайды,
Балам,енди қайта бер,—
Дейип енди саламат,
Ақ шатырдың алдына
Аттан түсти бул жигит.

Аттан түсип,атыны байлап шатырға кирди көзлери жайнап.Сол ўақта бабаға қарап айтады екен бир жуўап:

— Батыр өлсе залым жаўлар қуўанар,
Қаст еткенге мен қылмадым қайғы-зар,
Кесип енди геўирлердиң басыны,
Жан атажан,тарқатпадым мен қумар.

От жағар дейдилер Бағдаттың ели,
Урысқа ылайықҚаўастың шөли,
Және рухсат бергил енди,жан ата,
Мәртлигим танысын Бағдаттың ели.

Ашыққа жеткенди жылаған зарым,
Нешше жыллар сарғайғанды жамалым,
Душпанларға мен өзимди танытып,
Тарқатпадым,баба,енди қумарым.

Заманымда палўан едим Сәлимжан,
Бахтым қайтып,әзиз болдым қатыннан,
Маған,ата,енди рухсат берегөр,
Өлсем енди залым душпан қолынан.

Бул сөзлерди айтқанда,баба турып:
— Әй,балам,маған бир бала болдың,көзиң менен мениң ғайратымды көрдиң.Бир еки аўыз сөз айтайын Қарлығаш менен екеўиңизге,— деди:

— Таўдың гүли әлўан-әлўан лалады,
Ашықлық бул жанға отты салады,
Ат қоймағыл қашқан жаўдың изинен,
Қашқан жаўлар енди батыр болады.

Беглер курар майданында ақ шатыр,
Саўаш күни ат ойнатар баҳадыр,
Бурынғының айтып кеткен сөзи бар,
«Қорқақты көп қуўсаң болады батыр».

Сен мингенде көкке ойнар әреби ат,
Жаў қашты деп болма онша бийтақат,
Жан атаңның тилин алғыл,Сәлимжан,
Жаўды қуўсаң ҳеш болмайды қәсийет.

Қылышыңнан саўаш күни ағар қан,
Нәсият тыңлайгөр ата-анадан,
Қандай батыр болсаңдағы,бир оқты,
Жүре бериң,жаным балам Сәлимжан.

Бул гәплерди еситип,
Бул бабаның тилини,
Ол Сәлимжан алады,
Шатырларды жықтырып,
Ат артына арттырып,
Шам айылын тарттырып,
Батыр туўған Сәлимжан,
Түйелердиң кейнинен,
Болады енди раўан.
Атқа қамшы басады,
Ҳәр белдеўден асады,
Ат жалыны тарады,
Батырлығын билдирип,
Мәртлерини өлтирип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алтыланшы күнинде,
Сайрамның ол дәрбенти,
Тоғыз жолдың бәнтине,
Олар барған ўақтында,
Саратанның күни еди,
Таўлар мыстай қызады,
Ойыншы кемпир басында,
Күн қазандай қайнады,
Сәлимжан жақын келгенде,
Таўдан түсе келгенде,
Иймансыз кемпир сүрнигип,
Минардай болып қулады,
Сәлимжанның көзинше.

Сәлимжандай ол жигит,
Сөйлесе алмай қалады,
Аўзы ошақтай ашылып,
Маржанлары шашылып,
Сәлимжандай бул батыр:
— Өртеп-өртеп кемпирди,
Өлтирейин деп едим,
Өзи өлип қалған сон,
Қарлығашжан, нетейин,
Нәмәрт екен дейип хәм,
Бизди халықлар айтпасын,
Бул кемпирдиң үстине,
Тасты таслап кетейин, —

деп, кемпирди сүйреп таўдың сайына алып барды, үстине тасларды таслады. Сөйтип, жигитлерге бир-еки аўыз сөз айтады:

— Жолыңызда мениң пидады жаным,
Кемпирди көрип хәм кетти қумарым,
Қыянет қылғанлар усылай өледи,
Көрдиңиз бе жаманлардың болғанын?

Жақсы сөзде киси кеўлин алады,
Жаман сөзде мәрттиң кеўли қалады,
Кисиге қылсаңыз енди қыянет,
Ақыры адамның сондай болады.

Адамыйзат қылғаныны көреди,
Ақылсызлар шайтан сөзине ереди,
Кеўли қалса ол адамнан адамның,
Усылай қылып сазасыны береди.

Ақмақ адам енди әрман салады,
Шайтан адам ердиң малын алады,
Пейлиң болса мынаў жатқан кемпирдей,
Әрман менен лашың шөлде қалады.

Қырық жигитим, маған болдың көп қуўат,
Муңлылардың ақыры болар енди шад,
Адамзатқа қылмаң енди қыянет,
Сөзимди тыңласаң енди, қырық жигит,
Бул сөзлерим болсын сизге нәсият.

Бул сөзлерди айтып хәм,
Батыр туўған Сәлимжан,
Өткен иске көнеди,
Нарларыны тарттырып,
Аспанға мылтық аттырып,
Таўдың гүли шайдады,
Нешше жигит сол ўақта,
Атларыны айдады,
Орамал алып қолына,
Қарлығаш пенен Сәлимжан,
Ат шабысып ойнады.
Атлар жүрип ериндиı,
Ол Сайрамның қаласының,
Ақ минары көринди.
Сайрамның ол ханыны,

Әбдираман дер еди,
Сәлимжанның сол ўақта,
Киятырғанын еситип,
Мәртлигин еситип,
Ерлигини еситип,
Қырық жигити қасында,
Алтын жыға басында,
Бақсы-жыраў тағы да,
Қыз жаўанлар қасында,
Алдында Әбдираман хан,
Нешше бир енди хапызлар,
Нешше бир енди мәскаплар,
Нешше бир енди пәйеки,
Бәң отлаған бәңгилер,
Ел қыдырған хәңгилер,
Барлығы бирден шығады,
Қутлықлаўға алдына.
Батыр туўған Сәлимжан,
Өз батырымыз болар деп,
Бизиң елди жаў шапса,
Бирин қоймай қырар деп,
Маңлайынан урар деп,
Қарлығаш пенен екеўи,
Көп тамаша қурар деп,
Душпанлардың басына,
Усылай қайғы салар деп,
Даўымыз болса айтысып,
Қанша қыйын жоллардан,
Қанша узақ еллерге,
Болсадағы жумысы,
Иркилместен барар деп,
Даўымызды даўласып,
Жаўымызды жаўласып,
Халық парахат болар деп,
Шыға берди алдына,
Сәлимжан қалай көрер деп.
Батыр туўған Сәлимжан,
Ат жалыны тарады,
Есабы жоқ, саны жоқ,
Ушы да жоқ, басы жоқ,
Киятырған көп әскер,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Көкке шықты енди шаң,
Бул ләшкерди көрген соң,
Қайғыланды Сәлимжан,
Қайғыланып сол жерде,
Қарлығаштай арыўға,
Бир сөз айтты бул султан:

— Көринер, Қарлығаш, таўлардың тасы,
Мунлының ақпай ма көзинен жасы,
Қара думан көк аспанға шубалып,
Суўығырақ бул ләшкердиң келиси.

Батырлары сайлап минген әреби ат,
Қурсап алып, салмағай дә қыйын дәрт,
Қылышымды, душпан болса, қайрайман,
Қандай кеңес сен бересең, перийзат?

Ақылыңды жақсылыққа кересең,
Зия зулпың бестен таллап өресең,
Сенсең мениң тап өлгенше жолдасым,
Қарлығашжан, қандай кеңес бересең?

Ат басыны саўаш күни бурaман,
Сенин ушын қайтпай қыйқыў саламан,
Қарсыласса, енди басын аламан,
Рухсат берсең, «ха» деп енди бараман.

Сонда Қарлығаш:

— Саўаш күни батыр минер тулпар ат,
Бийсабыр болмайды енди ғош жигит,
Уяларсаң, келген ләшкер ел болып,
Әй, Сәлимжан, тилим алсаң, сабыр ет.

Қумар көзи нешше жүрди жас болып,
Ладанлықтан жүрме енди қас болып,
Әбдираман ханлар енди бекзада,
Киятқанды сениң менен дос болып.

Шайыр болған дүньяда сөзлергеталып,
Өлген кетер бул жәҳәннен жоғалып,
Сабыр қылғыл, батыр туўған Сәлимжан,
Киятқанды келгениңе қуўанып.

Қыз да болсам, айтқанларым келеди,
Бийсабырлар әрман менен өледи,
Байқап қара, батыр туўған Сәлимжан,
Күлип-ойнап дос болыўға келеди.

Қыя майдан далады,
Көргенниң ақлын алады,
Сәлимжанның алдына,
Әбдираман ол ханы,
Жақын келип қалады.
Көзини жаслай береди,
Әбдираман енди хан,
Аттан таслай береди,
Қарлығашқа қарай алмай,
Бул да аттан таслады,
Қумар көзин жаслады,
Қушақ ашып сонда хан,
Сәлимжанға жуўырды,
Бир-бирине жете алмай,
Еки жерде жығылды.
Сәлимжандай батырды,
Сонда ол хан қушақлап,
Көзинен жасы моншақлап,
Қарлығаш пенен көрисип,
Келгенини қутлықлап,
Әбдирамандай ол хан,
Бир сөз айтты сол мәҳәл:

— Қулақ салып, арзымды есит Сәлимжан,
Абырай алып өзин билмес душпаннан,
Қутлы болсын енди, батыр, келгениң,
Өлмей биз көристик дүньяда аман.

Перзентимиз еди мынаў Қарлығаш,
Ғайратынан салды душпанға намыс,
Утып алып сени енди қәпестен,
Еситип, болғанды кеўилим мениң хош.

Жақсының яр ушын пидады жаны,
Кемпирдиң қалғанды кеўлинде әрманы,
Қуўанаман келгениңе, мәрт жигит,
Батыр болар ели-халықтың қорғаны.

Саған зиндан болды Бағдат қаласы,
Қарлығаштың пайда болған ҳийлеси,
Ислам ханың мал-дүньядан айырылып,
Қарлығашқа жете алмады шарасы.

Алып келе билмей, болғанман ҳайран,
Ислам ханға сен салыпсан көп әрман,
Батырлықта бул дүньяда миниң жоқ,
Сиздей жигит хеш туўмаған анадан.

Сизин ушын сойылады сансыз мал,
Тамаша қылмаға шықты халықлар,
Бақсы-жыраў алдыңызда айттырып,
Тамаша қылсын ба келген адамлар?

Шаптырайын тойынызда әреби ат,
Перзентим келгендей қылып кеўил шад,
Қуўанышты енди қалай көресең?
Рухсат бергил, Қарлығаштай перийзат.

Сонда Сәлимжан:

— Жоқ сөзиңнин, ханым, енди қатасы,
Патша болар халықлардың атасы,
Қуўанышлық қылағойсаң бул күни,
Шад болмай ма Сәлимжандай баласы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ат мойнына тағып келдиң сен тумар,
Қайғы салды бир нешше жыл залымлар,
Бүгин енди уллы тойды басласаң,
Мен беремен сендей ханға ықтыяр.

Сол ўақлары енди хан,
Ийек қағып жиберди,
Қос сырнайлар тартылды,
Бақсы-жыраў айтылды,
Қызлардың көзи жайнады,
Турған жерде барлығы,
Хәр түрли ойын ойнады.
Қарлығаштай сулыўдың,
Шатыр қурды үстине,
Ол алтыннан сәўкеле,
Кийди енди басына,
Парша желек,сүп көйлек,
Қызлар келди шатырға,
Күлип-ойнап бөлек-бөлек,
Аяғында гүлли кеўиш,
Жаўдыратып таға берген,
Жалтыратып алтын-гүмис,
Ҳасылдан орап орамал,
Мақпал жегде салады,
Қолларында алтын жүзик,
Узын бойлы,бели нәзик,
Келгенлерге сүзилип,
Ҳинжи менен енди маржан,
Мойнына тағып блион,
Билезиги яқыттан,
Келин болып сол жерде,
Қарлығаштай сулыў қыз,
Келгенлерге берди сәлем.
Дал жипектей есилип,
Қызлар менен косылып,
Адымын бир-бирлеп басып,
Көзин сүзип,қасын қағып,
Салланып ол барады,
Халықлар хайран қалады.
Әбдираман,Сәлимжан,
Бурын барып үйине,
Тәшим атлы ғаррының,
Қолынан алды сонда хан,
Соңыра оны қушақлап,
Әдеп пенен көристи,
Батыр туўған Сәлимжан,
Барлық жигитлер көрисип,
Кеўли толып ғаррыдан,
Кетти сонда көп әрман,
Тойды еле беремиз деп,
Күлимсиреп алдында,
Бир сөз айтты сонда хан:

— Жаманлардың жалғаншыда кеўли тар,
Жақсы күнге ақыллы адам қуўанар,
Мен ханыңман,алдыңдағы айбатың,
Той беремиз,бересиз бе ықтыяр?

Хызметиңде киятыр ғой мендей хан,
Қарлығашжан Сәлимжанға қосылған,
Келин болып киятыр ғой үйиңе,
Той тойлаймыз бул үйиңде,бабажан.

Айралығың кетти,басыңнан ҳәм дәрт,
Мынаў турған Сәлимжан деген ғош жигит,
Қарлығашты келин қылып түсирип,
Биз қыламыз бул үйиңде кеўил шад.

Өзиң ғарры,ҳәр кисиге ересең,
Сақалыңды ҳинжи менен өресең,
Жақынлап келди ғой енди жалғызың,
Сәлимжанға неке қыйып бересең.
Бул гәплерди айтқаннан,
Тәшим атлы бул ғарры,
Сәлимжанның мойнынан,
Беккем қушақлап алады,
Қуўанғаны соншелли,
Күлип турып жылады,
Ўақты соннан хош болып,
Ықтыярды береди.
Анасы деген бийшара,
Қызы алдына жуўырды,
Он алты қазан қурдырды,
Үш жүз отаў қурдырды,
Алтын қабақ аттырды,
Жүйрик атлар шаптырды,
Өзиң көрген Әбдираман,
Ашы менен арыққа,
Жақсылап сарпай кийдирди,
Беглерге шарап иштирди,
Сәлимжанды күйеў қылып,
Қарлығаштай ол қызды,
Келин қылып жақсылап,
Өз үйине түсирди.
Тәшим атлы ол ғарры,
Бундай тойды көрген соң,
Хан жылаўда жүрген соң,
Кеширеди кеўлинде,
Қапалықты,әрманды.
Қарлығаш пенен Сәлимжан,
Ақ ордада ойнасып,
Сүрди дейди сол ўақта,
Әрмансыз енди дәўранды.
Атына қурып ақ отаў,
Жипек ғалылар төсеп,
Атасынан ол зият,
Тәрбиялап атасын,
Қыла берди көп хызмет.
Тәшим ғаррының алдында,
Нешше болды хызметкер,
Қартайғанда жасарып,
Дәўлети келип ғаррының,
Сүре берди дәўранды,
Әрмансыз енди ол мәхәл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарлығаш ақыллы қыз еди:

— Әй, ярым Сәлимжан, дүньяда болмайды қайғысыз адам, жанында келген, азат болған қырық жигиттиң атасы бар, анасы бар, яры бар, жақыны бар. Олардың да кеўлинде әрман болмасын. Жақсылап хызмет қылсаң оларға, өлгенше рахмет айтып кетер саған. Соларға сарпай берип, жақсы сөз бенен рухсат берсең, хеш қайсысының шықпас еди ядынан, — деди.

Бул гәплерди еситип,
Сәлимжандай батырың,
Көп еди ғой дүнья-мал,
Билинер ме билгенге,
Қарлығаштай арыўдың,
Енди тилин алады,
Сарпайларын таярлап,
Жетегинде бирден нар,
Саўғыт пенен сайманды,
Көрди енди жигитлер.
Батыр туўған Сәлимжан,
Айтқаныны таярлап,
Қарлығаштай арыўдың,
Қырық жигитти шақырып,
Сарпайларын таярлап,
Бир-еки аўыз сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Арзымды есит, қулақ салғыл қырық жигит,
Бир сөз айтсам, боласыз ба сизлер шад,
Бенде един Қарлығаштың өзине,
Берсем қалай болар еди рухсат?!

Атлар шапсаң қыя майдан дүзлерге,
Алғыс қылсаң та өлгенше бизлерге,
Сарпайыңды берип енди, қырық жигит,
Рухсат берсек қәйтер екен сизлерге?!

Жақсы сөзге бенде болған қуўанар,
Ҳәркимлерден қалар сансыз дүнья-мал,
Ата-анаң, ели халқың бар шығар,
Берсем рухсат, кеўиллериң шад болар.

Мен беремен, сизлер миниң әреби ат,
Сүйген ярың болған шығар бийтақат,
Барып көриң перзетлериң, қырық жигит,
Мениңдейин болсын енди кеўли шад.

Көп жыл өткен шығар енди арадан,
Бенделик қайғыды, жигитке думан,
Азат етсем сениңдейин беглерди,
Өлгениңше шықпас еди ядыңнан.

Сондай дейип ақыл берди Қарлығаш,
Душпанлардан алып бериңар-намыс,
Кетер болсаң еллериңе, жигитлер,
Бир-бириңе жолда болмаңызлар қас.

Ғош жигитке паян қылар ҳалал мал,
Ҳарам маллар салар бир күн қайғы зар,
Кетсеңизлер рухсат алып бизлерден,
Та көргенше, қырық жигитим, алла яр.

Жигитлердиң ишинде дилбар, сөзге уста, аўзынан жаман сөз шықпайтуғын, көпшиликке нәсият айтыўшы Ҳасан, Шарап дейтуғын еки жигити бар еди. Олар Сәлимжан менен Қарлығашқа қарап ҳәмме жигитлердиң атынан айтады бир-еки аўыз жуўап:

— Арзымды есит, қулақ салғыл Сәлимжан,
Хызмет қылдың зият ата-анадан,
Буныңдай хызметти сизлерден көрип,
Сизди таслап енди қайда бараман?

Ат қуйрығын жадыр шөлде өремен,
Бул Бағдаттан дизгининде келемен,
Көзиме көринбес дүньяның жүзи,
Рухсат берсең, хызметиңде өлемен.

Еллерден айрылған енди сонаман,
Ҳәр сөзиңе бал ишкендей қанаман,
Саяңыз, Сәлимжан, маған сәўбетти,
Көзим қыйып енди қайда бараман?!

Көринеди қара таўдыңқаўышы,
Хызметиң артықдур, сөзлериң жақсы,
Азат қылдың залымлардың қолынан,
Ағып жүриўши еди көзлердиң жасы.

Кет дегенде көзден ақты қанлы жас,
Сөз айтсаңыз жаманларға ар болмас,
Кетпеймен деп даўа қылар қырық жигит,
Өлгенше болсақ деп сиз бенен жолдас.

Бул сөзлерди айтқанда,
Еңирей берип қырық жигит,
Сол ўақтында Сәлимжан,
Қырық жигитке тағы да,
Сөзлер айтты нәсият:
— Қулақ салғыл, қырық жигит,
Мениң айтқан сөзиме,
Қыдыр ғарры атам бар,
Қалмаспедим, жигитлер,
Бағдат деген шәҳәрде,
Шийрин болар дүньяда,
Адамзатқа туўған ел,
Ат-тон, сарпай мен бердим,
Көргил ата-ананды,
Сыялмасаң қайтып кел,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағдат деген еллерде,
Утылып енди қалды деп,
Душпан қылармаламат,
Сизлер барсаң ат минип,
*Ели менен халқынның,*
Кеўли болар енди шад.
Барың туўған елиңе,
Мениң қылған иззетим,
Халық көрип,айтсын рахмет.

Келтирмегил кеўлиңе,
Мингил енди атыңа,
Хош бол меннен,қырық жигит,—
*Дейип енди айтқанда,*
*Нешше адам сум шайтан,*
*Қырк жигитим,хош аман,*
Дейип енди Сәлимжан,
Рухсат берди сол ўақта.

Қырық жигит атларыны минип, нарларыны жетеп, талдай мойнын бурып, Қарлығаш пенен Сәлимжанға қарап,хош қалың деп,айтады екен бир-еки аўыз жуўап:

— Қулақ салғыл,Сәлимжаным,тилиме,
Жақсылығың айтамыз ғой елиме,
Ырза болың берген енди дузыңа,
Қәр күн алып биз жүремиз кеўилге.

Бизди азат қылдың енди,Сәлимжан,
Қарлығашжан,сеннен енди ырзаман,
Күлип-ойнап рухсат бердиң бизлерге,
Сиздей адам ҳеш туўмаған анадан.

Нар менен бергенсең енди кер жорға,
Сизлердейин сақый келмес дүньяға,
Қайтып келип хызметиңде болармыз,
Жақсылығың ким умытар,жан аға.

Бизлер едик ҳеш есапсыз көп кәрўан,
Қумардан малымыз болғанды талан,
Бир кемпирге бенде болып бәримиз,
Бизлерди енди азат қылдың,Сәлимжан.

Қәйтип шығармыз бул Сайрам журтынан,
Бизлерди қутқардың қайғы отынан,
Барағойсақ елимизге шад болып,
Өлсек сонда қалмас жүректе әрман.

Бул сөзлерди айтып ҳәм,
Бирим-бирим көрисип,
Хошласады жыласып,
Қылған иске адамзат,
Сол ўақтында көнеди,
Атларына минген соң,
Тонларыны кийген соң,
Ҳәр бир қайсы өзиниң,
Еллерине жөнеди.
Сақыйлықтан Сәлимжан,
Халықтың кеўлин алады,
Еки ғарры қасында,
Кеўили шад болады.

Ендиги сөзди еситиң,
Ол Ҳираттың ханынан.
Шүкиралының таўынан,
Аңлар алып киятса,
Тал таяғы қолында,

Гөне сарай алдында,
Ақсақаллы көр адам,
Өз-өзинен зарланып,
Үнлер салған даўысын,
Еситеди Қасым хан.
Аттың басын тартады,
Жанындағы беглерге,
«Тысырламай турың» деп,
Сол ўақтында айтады,
Көргенниң ақылын алады,
Көр ғаррының сөзине,
Қасымхан қулақ салады,
Қулақ салып турғанда,
Мынадай сөзлер еситти:

— Ашылмаған бул бағымның гүли,
Сыйламады мени Ҳираттың ели,
Қазан урып,дәўлет кетти басымнан,
Атым Әмет,атам аты Сарпуўлы.

Сөйледим дүньяда мен жүрип жалған,
Ҳарамлықты көп қылғанман мен ладан,
Бул пейлимнен дәўлет кетип басымнан,
Ақырында қара көзден айырылған.

Қартайғанда қылдым дүньяда мен уўайым,
Алып едим Сулайманның сарайын,
Сәлимжанға берип енди көп дүнья,
Алдым оның Акжан атлы ол ярын.

Қатын деп кеткенди меннен көп дүнья,
Бир күни шақырды алтын сарайға,
Ғәзийнеси бар екен ғой төрт қырман,
Шығарсаңыз сыймас еди жәҳанға.

Ол қатын бермеди маған гилтини,
Мен көргенмен бул жәҳәнниң дәрдини,
Алтын түссе енди кимниң қолына,
Сатып алар еди Бағдат журтыны.

Алып қалған ол бир гилтти Сәлимжан,
Сол гилт дейип мен айырылдым қатыннан,
Тамашамды көрип енди ол Асқар,
Табылар еди-аў гилт досты Айманнан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Журттан шығып кетти енди Сәлимжан,
Айманның үйинде енди көп қонған,
Алып кетпейди ғой ақыры гилтлерди,
Мен бахтықараман ярдан айрылған.

Бир күн келер досты енди Сәлимжан,
Тартып алар көп алтынды сарайдан,
Көзим болса, тутар едим Айманды,
Бизге қайда сорайтуғын әдил хан.

Дүнья ушын пидә еттим жанымды,
Сәлимжан алғанды енди арыны,
Таптырса дүньяны әдил хан болып,
Берер едим сол алтынның жарпыны.

Сәлимжан ол енди қашан келеди,
Бир оқ тийсе, бир жерлерде өледи,
Сулайманнан қалған қызыл алтынды,
Қыйнағанда Айман, Асқар биледи.

Бул гәплерди айтқанда,
Әмет деген көр баба,
Хан бир сәлем береди,
Шоршынып Әмет кетеди,
«Алып жүриң бабаны» деп,
Ўәзирлерге буйырды,
Бири тутты колынан,
Бири тутты аяқтан,
Екиси тутты қулақтан,
Сүйрелеклеп барады,
Әмет атлы бабадан,
Алып барып Қасымхан,
Хәр бир жуўап сорады:

— Әй, Әмет, сен ялғанды сөйлемейтуғын адамсаң, қыялыңа келетуғын шығар, Сәлимжанға шарап берип, алтын гилтин алдап алып қалғанды. Айман деген аш гедей еди, хәзирги ўақта айдап жүр сансыз малды. Әлбетте, онда Сулайманнан қалған алтын-гүмис, дүнья бар-ды. Сен айтсаң, «мен көр едим» десең, «кеште тысырлап-пысырлап бир нәрсени алды», деп айтсаң, Айманды алдасам, айтпаса, қыйнасам, жер астында жатқан дүньяңды таппаспедик, — деп Әметти үш күнге шекем хан тәрбиялай берди. Үш күн арадан өтти. Қасым хан көзи жайнап, көр Әметти жанында қойып, хәмелдарларын жыйнап, ўәзирлерине қарап, «Әметтиң жер астындағы дүньясын қалай етип таптыртып аламыз?» деп, бир-еки аўыз жуўап айтады:

— Жигитке қуўатты, жыйсаң дүнья-мал,
Аш гедейлер тойсам дейип зар жылар,
Әмет мынаў билсеңизлер Сарпуўлы улы,
Қартайғанда бул болыпты хоры-зар.

Бизлер енди Хират елдиң ағасы,
Сарайында Сулайманның дүньясы,
Айман алған Сәлимжанның гилтини,
Не болады ол Айманның жазасы?

Бул сөзди айтқаннан Қасым хан, Махмуд деген бир дилбар ўәзири бар еди, «Айман менен Асқардың көрмегенин көрсетип, хәр сумлықларды ойлап, жәлладларға буйырып, қыйнап таптыртып алыў дәркар» деп, бир-еки аўыз жуўап айтқан екен:

— Арзымды есит, қулақ салғыл Қасым хан,
Алдаўшылық бар-ды енди бурыннан.
Аймандады Сулайманның гилити,
Айман, Асқар елаттағы сум шайтан.

Сәлимжанға сыймағанды көп дәўлет,
Айман, Асқар көрген шығар көп рәхәт,
Хийле менен алың алтын гилитти,
Сол Айманға қылың енди сиясат.

Әмет көр болыпты енди бийнаўа,
Қартайғанда дәркар болар ол дүнья,
Шақыртып ал нәзериңе, Қасым хан,
Алтынды алып оңып қалсын бийшара.

Сол ўақлары болғанда,
«Жәллад» дейип шақырды,
Журт ийеси Қасым хан,
Еки жәллад келеди,
Көзи жайнап сол заман.
— Әй, жәлладлар, жәлладлар,
Асқар менен Айманға,
Барып салың қайғы-зар,
Мин астыңа, сүр жорға,
Шақырып кел сен бунда, —
Деген ўақта жәлладлар,
Дәрхал атқа минеди,
Айман менен Асқарға,
Сонда жәллад жөнеди.
Жаманға мүшкил исти,
Атаңа нәлет жәлладлар,
Белине байлап қылышты,
Әйне сәске ўақтында,
Айман менен ол Асқар,
Отыр еди екеўи,
Шасыпаның үстинде,
Көрди Асқар бахадыр,
Жетип барды жәлладлар,
Сәлем берди бул Айман,
Саза шықпай турады.
Залым енди жәлладлар,
Буны көрип ол Айман,
Иши оттай жанады,
Жүз тилланың жанына,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айман пинҳам салады,
Жәллад жанына барады,
Жол болсын деп жәлладқа,
«Ағажан» деп сорады:

— Бир күн болар бендесине дүнья тар,
Сәлем алмай айбатландың,ағалар,
Қашып қутылмайды киси өлимнен,
Келисиңнен,жәллад аға,бер хабар.

Атым белли Асқар менен мен Айман,
«Келсин» дейип жибергенди Қасым хан,
Бир жаманның бизге тийип кесири,
Айбатланып келдиң,аға,арыдан.

Саўаш күни минсем,ойнайды тулпар,
Адамзатқа душпан дейди дүнья-мал,
Айтқыл маған патшаңыздың сырыны,
Сөйлей бериң енди,жәллад ағалар.

Сонда жәллад:

— Қулақ сал сөзиме енди,мәрт Айман,
Көп адамның өлими бар жаладан,
Қонақ қылдың Сәлимжанды үйине,
Еллерге сыймаған онындай жаман.

Ҳәр бендеге байлар салған қайғы-зар,
Қәсийетсиз дүньяны қылар саған тар,
Тезирек жүргил Қасым ханның қасына,
Болар иске қылғыл,иним,тәўекел,—

Дейип сөзди айтқанда,
Асқар менен ол Айман,
Таярланды сол заман.
Жәллад атта барады,
Асқар,Айман пияда,
Намазлыгер ўақтында,
Жетип барды қалаға.
Хан алдына жақынлап,
Келе берген ўақтында,
Хан қасында отырған,
Көр Әметти көреди.
Сонда Айман сөйлейди,
Асқарға қарап не деди:

— Кеўлиңизде көп әрман,
Шақыртыпты бизди хан,
Екеўимизге бул жала,
Әй,жоражан,Әметтен.
Қозып кетти бул дәртим,
Булар енди сорайды,
Сәлимжанның орнына,
Бизлерге таяқ урады.
Етгенемди тиледи,
Көп жазаны береди,

Беккем болың тилиңе,
Мине,ҳәзир күн батты,
Ғайрат салып,жоражан,
Қашайық Сайрам елине.
Жылатады бизлерди,
Бул Қасым хан зар-зар,
Сәлимжандай достымыз,
Сайрам деген еллерге,
Келди деген хабар бар.
Егер жетсек достыма,
Бизлер де енди саламыз,
Сол ўақтында қайғы-зар,
Ҳәзир сорап,урады,
Күн батқанша урдыра бер,
Мен бир сөзди айтарман,
Сол ўақтында қарыў сал.

Бул гәплерди сыбырлап,
Айтысып енди сол ўақта,
Келе берди екеўи,
Жәлладлардың алдында.
Жәллад оны билмейди,
«Тезирек,қәне,жүр» дейди,
«Әжеп» дейип секирип,
Барып қалды сол ўақта,
Қасым ханнын алдына.
Ийилип сәлем береди,
Сәлем берген ўақтында,
Қатыўланып Қасым хан,
Айманға қарап сөйледи:

— Қулақ сал сөзиме,тыңла,әй,Айман,
Қутылмағың мендей ханнан дәргуман,
Алғаныңды бергил маған жасырмай,
Саларман басыңа мен ақырзаман.

Көрдиңиз бе мынаў көрлердиң дәртин,
Тақталарға тарттырарман сүўретин,
Сәлимжаннан алдап алған алтынды,
Бер тезирек ғәзийнениң ол гилтин.

Адамзатқа паян қылмас ҳарам мал,
Гилтти бергил,мынаў Әмет пириң бар,
Күлдирермен,өлтирермен мен сени,
Бермесең басыңа саламан қайғы-зар.

Сен едиң бурында күнликши дийхан,
Жыйнаған малыңды алдың сен қайдан?
Абырай барда бериң алтын ол гилтти,
Әметтей көрлердиң дүньясы ҳарам.

Буны айтты Қасым хан,
Жылай берди бул Айман:
— Әй,хан ийем,хан ийем,
Алтын баслы әўлийем,
Қаңғырып кеткен Сәлимжан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Гилтин маған бере ме,
Атаңа нəлет бийийман,
Барарына жери жоқ,
Батарына көли жоқ,
Оның малын нетейин,
Мен Әметти нетейин,
Дүньясыз-ақ кетейин,
Ҳақпан енди,султан,— деп,
Жылай берди бул Айман.
Соған дейин сол ўақта,
Намазлыгер болады,
— Урың,жəллад,урың,— деп,
Хан сонда ҳəмир қылады.
Жəлладтың көзи жанады,
Сегиз жəллад жəм болып,
Жүндей қылып сабады,
«Тап гилтти,тап» деди,
«Айт-ҳа,айт-ҳа,айт» деди,
Залым енди жəлладлар,
Екеўи қолын тутады,
Соятуғын секилли,
Биреўи қанжар алады,
«Өлтиремиз сени» деп,
Өтирик абай салады,
Мойынының үстинен,
Қанжарды карыс əкелип,
Турған енди ўағында,
Ийне менен бул Айман,
Қолын түтип алады,
Ийне суққан ўақтында,
Қыл жалап турған ол қанжар,
Қулаққа тийип кетеди.
Қолы кетти қалтырап,
Кескир қанжар болған соң,
Ол Айманның қулағы,
Жерге түсти салбырап.
Тағы бири сол ўақта,
Асқарды урып жүргенде,
Абай етип турғанда,
Жаннан басқа не шийрин,
Қаймығып кетти бул Асқар,
Тап мурнының ушынан,
Қанжар тилип кетеди,
Қан аққан соң бул Асқар,
Бийиқтияр болады,
Жудырық пенен бирининң,
Оң көзине салады,
Апыр-топыр болады,
Хан отырып сол ўақта,
«Байла,байла буларды»,
Деп ақырып турады,
Байлатпастан екеўи,
Жалт берип сонда қашады,
Аўзын ашып нешшеси,
Аңқыйысып қалады.
Семирип кеткен жалладлар,
Он адымдай жуўырып,
Өкпеси аўзына тығылып,
Жете алмай қалады.
Асқар менен ол Айман,
Жуўырғыш енди тазыдай,
Қаңғып сонда барады.
Атлы қуўды кейнинен,
Күнлер батып қалған соң,
Қарасын көрмей қалады,
Сол кеткеннен ол Асқар,
Айман менен қосылып,
Пысқырысып барады,
Туталмай жəллад қалады,
Қайтып жəллад барады.
Барған ўақта Қасым хан,
Аўзынан отлар шашады,
«Сеннен болды,сеннен» деп,
Таң атқанша жəлладлар,
Бир-биреўин сабады.
Ендиги сөзди еситиң,
Асқар менен Айманнан.
Шығып енди екеўи,
Бир төбениң үстине,
Дəртлерин салып ортаға,
Айман сонда не деди:

— Қулақ салғыл,Асқар атлы жоражан,
Қутқармайды бизлерди ол Қасым хан,
Жол тарталы Сайрамлының елине,
Ықбалыма аман болғай Сəлимжан.

Бул дөҳметке ишим оттай жанады,
Бизлер турсақ душпан отлар салады,
Болса аман ол Сəлимжан Сайрамда,
Қоймай ханнан бул намысты алады.

Барды наҳақ үстимизге жəлладлар,
Қайтып келип,биз салайық қайғы-зар,
Жылап енди достымызға барайық,
Бизди көрсе мəрт Сəлимжан қуўанар.

Бул қорлыққа шыдамайман,жоражан,
Бир ели келгенди басыма аспан,
Мен қулақтан,сен мурныңнан айрылып,
Шыдамайман бунындайын қорлықтан.

Сонда Асқар:

— Бул сумлыққа ишим отттай жанады,
Мен нетейин қатын менен баланы,
Алыс жолды,ешек минип кетейик,
Ҳақлап жүрип достын таўып алалы.

Аўырады,ўа,қулағым,тəнде жан,
Буны көрсе шыдамайды Сəлимжан,
Қайтып келип қара күнди салалы,
Қоймайық душпанды аман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул гәплерди айтып ҳәм,
Бир бирини жубатып,
Қараңғыда,түнлерде,
Үйине қайтып барады.
Ешек пенен қоржынды,
Салып оған азықты,
Болған иске көнеди.
Жолсыз тоғай жерлерден,
Ат жүрместей шөллерден,
Сегбир тартып бийшаралар,
Иши оттай жанады,
Үш күн болған күнлерде,
Ярым акшам түнлерде,
Ол Сайрамның елинин,
Бир шетинен қулады.
Тамақ сорап ауылдан,
— Тәшим ғарры,Сәлимжан,
Қайда екен? — деп сорады.
Ешеклери болдырып,
Жүрмегине ериндн,
Шаңарағы дәнданнан,
Ақ кийизден жабылған,
Сәлимжанның отауы,
Әл узақтан көринди.
Әйне сәске ўағында,
Суўдан ишип қанады,
Жасырып байлап жараны,
Екеўи бирдей қосылып,
Сәлимжанның отаўына,
Ешегини жетелеп,
Таяғына таянып,
Барса енди екеўи,
Ол отаўдың алдында,
Узын бойлы сәрбиназ,
Омыраўдан мойны гез,
Бир нашарды көреди,
Нашар сәлем бергеннен,
Айман деген бул жигит,
Бир еки аўыз сөз бенен,
Сәлимжанды сорады:

— Сайрамның еллери көрсең лалазар,
Халықларын көргенде адам қуўанар.
Қайда болар Сәлимжанның отаўы,
Келинжан,билсеңиз айтыңыз хабар.

Қорлық көрсе аўырады тенде жан,
Ҳәр кисиде болар дейди бир әрман,
Келдим енди Сәлимжанды көрмеге,
Айтағойын,сиз билсеңиз,келинжан.

Нешше бенде достым дейип зар урар,
Нешше бенде көрер енди қайғы-зар,
Қайда болар Сәлимжанның аўылы?
Жуўабыма,келинжаным,бер хабар.

Сонда Қарлығаш бир сөз айтады:

— Жол сорайсыз,ата,келип далада,
Келген шығарсыз сиз айтқан аўылға,
Жат кисиниң дым жақыны болмайды,
Оятып келейин,жан ата,бунда.

Кеўлиңде бар шығар,ойласам,әрман,
Бундай сөз шықпайды басқа адамнан,
Тур дегеним енди айып болмасын,
Оятып келейин мәртти уйқыдан.

Бул гәплерди айтқанда,
Қарлығаштай бул сулыў,
Әдеп пенен ойланып,
Тал шыбықтай буралып,
Аяғын әстелеп басып,
Көрген сөзди айтады,
Сәлимжанның басыны,
Әстелеп ғана шайқады.
Көргенниң ақлын алады.
Тостағандай толы көз,
Аўдарып батыр қарады.
— Турың әсте-әсте,— деп,
Бир сөз айтып сол ўақта,
Қарлығаш оннан сорады:

— Мендей ярдың,батыр,саған арзы бар,
Көргенде қалмады менде бир карар,
Сорап келди еки адам далаға,
Сәлимжан деп қайта-қайта аҳ урар.

Сәлимжан деп сөйлей берди,жанажан,
Жата берме,тезирек тур орныңнан,
Биреўиниң қулағы жоқ,қарасам,
Биреўи айрылған енди мурнынан.

Келген жери,мен ойлайман,ҳәм жырақ,
Аҳ урады,сизди турады сорап,
Көрсем дейип олар басын шайқайды,
Шайырға усайды енди бир қулақ.

Бир келте,бири оның аласа,
Сөйлегенде көзи толар қан жасқа,
Бир жақсының әўладына усайды,
Шығып қараң сен оларға,тамаша.

Бул гәплерди айтқанда,
Тикке турды Сәлимжан.
Қағып кийип шекпенин,
Жалаң аяқ,жалаң бас,
Шығып енди қарағаннан,
Сәлимжанның көзинен,
Ақты сонда қанлы жас.
Сонда турып Сәлимжан,
Ол Айманға сөйледи:

— Дүнья бизге тар екен,
Усындайын хал екен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Айналайын, жан достым,
Бир-биреўди дүньяда,
Көрер күнлер бар екен,—
Дейип енди үшеўи,
Бир-бирини қушақлап,

Көзинен жасы моншақлап,
Шығармастан даўыстан,
Ақ отаўға келип ҳәм,
Бурыннан болған үш досты,
Аман есен қуўысты.

Сол ақшам қылды хызметти.Үшеўи енди сөйлесип,қулақ түспей араға,мурын түспей араға,өткен ислерди айтып,кеўил ашып сырласты.Ертеңине таң атты,таң атқаннан турады.Досларының аўҳалын Сәлимжан бир-еки аўыз сөз айтып сорады:

— Мен ҳайранман бул жәҳанның исине,
Рәҳим қылдым көп адамның жасына,
Биреўиңиз қулағыннан айрылып,
Қандай саўда түсип келди басыңа?

Сөндиргенди ол Қасым хан шырағың,
Шөлиистанда өлсем жоқты сорағым,
Сөйлегенде көзден ақты қанлы жас,
Не себептен кесилгенди қулағың?

Дослықта жоқ еди дүньяда миниң,
Ол Ҳиратта ашылмаған бир гүлиң,
Мурының кесилип,болып шерменде,
Асқар,сениң қандай болды көримиң?

Елимнен кеткенмен дүньяда жырақ,
Келипсең бизлерди бунда сораўлап,
Пушық болып,достым,сениң мурының,
Неге болдың,мәрт Айман,бир қулақ?

Уялғанлар шығаралмас үнини,
Буйткениңше солдырсын ол гүлинди,
Айтың,дослар,қорлығыңды бул маған,
Бул бир енди қайсы адамның зулымы?

Сол ўақта Асқар,Айман көзине жас алып,көр Әметтен бундай хорлық көргенин,Қасым ханның зулымын,оннан қашып келгенин бир-еки аўыз сөз бенен баян етеди:

— Әй,Сәлимжан,кетти бизден дәўлет-бақ,
Бир көрдиң басында жаныпты шырақ,
Жала салып енди бизге Қасым хан,
Мурынымды кесип салды,бундай дағ.

Әждарҳадай салды бизге айбатты,
Бул сумлықты Әмет деген көр тапты,
Хан сорады бунда ол алтын гилтти,
Қәйтип оны бизлер таўып беремиз,
Бизлерге салғанды усындай дәртти.

Жала ушын ол көр Әмет сынады,
Жүндей қылып екеўмизди сабады,
Билмеймиз деп,мойнымызға алмадық,
Қарыў салып сол жерден биз қашып кеттик.

Қыя шөлде қашып жүрип қан жылап,
Отаўыңа,үш күн болды,биз жеттик,
Ханлардың алдында төгилди қаным,
Сениң ушын кесилгенди қулағым.

Көрмек еди сендей мәртти әрманым,
Жолыңызда пидә болсын бул жаным.
Мәрт болсаңыз,алып бериң арымды,
Енди саған,достым,айтып болғаным.

Көкиректен жоя-жоя ақты қан,
Әжел жетпей шықпайды екен тәнде жан,
Қашып келдим қанлар жылап алдыңа,
Ендигисин өзиң билгил,Сәлимжан.

Бул сөзди айтып турған ўағында,бастан аяқ еситкен еди баяғы Қыдыр деген ғарры.Бул қорлыққа шыдамай,шығып кетежақ болды жаны.

— Әй,Сәлимжанға айтайын,бунындайын Қасым хан,таўып енди пейлинен,қылады енди пушайман, — деп ойланып турған ўақта отаўдың арқасынан,достымнан хабар алайын деп,жетип келди Әбдираман хан.Атларын байлап,әскерлерине таҳам берип,саў-есенлигин сорасып отырып Әбдираман хан қараса, мурыны жоқ шунақ,зерли төсектиң үстинде отырыпты қасында бирқулақ.— Бул не хал? — деп, Абдираман Сәлимжанға айтады бир жуўап:

— Қулақ сал сөзиме,достым Сәлимжан,
Саўашта ағады енди қызыл қан,
Айта берсем,енди уят болмасын,
Орданда табылар ҳәр түрли адам.

Нешелер келди алдыма жылап,
Гүналы келеди қолыны байлап,
Биреўинин мен қарасам мурны жоқ,
Мынаў,достым,мен қарасам,бирқулақ.

Өтеди күнлерим,ойлансам,жалған,
Бизлер ҳеш салмадық душпанға әрман,
Гейбир адам адамзатты аяйды,
Қандай адам бир қулақтан айрылған?

Сайлап миндим саўаш күни әреби ат,
Жақын болса,мен салайын қыйын дәрт,
Қандай адам зая қылған бир мәртти,
Ая,достым,тезирек маған енди айт.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Сəлимжан:

— Ғош жигиттиң кеўлинде көп əрманы,
Қəдирли болады адамның жаны,
Зорлық көрип,қашып келди жаныма,
Бундай саўда Қасым ханның қылғаны.

Əжел жетсе,шығар енди тəннен жан,
Залым екен усындай ол бийийман,
Қандай кеңес,ханым,енди бересең?
Бундай исти қылған енди Қасым хан.

Ат мойнының саўаш күни бураған,
Бул сумлықтай биле алмайды хеш адам,
Сорап енди ғəзийнениң ол гилтин,
Бул ислерди қылған енди Қасым хан.

Əўел салды мен сорлыға қыйын дəрт,
Мени қуўып,ханның болды кеўли шад,
Ат ойнатып мен үстине бараман,
Дəркар болды енди бизге қырық жигит.

Бул гəплерди Сəлимжан,
Сонда ханға айтқанда,
Хан турып сөйледи,
Беглерине не деди:
— Таўдың басы енди қар,
Бул сөзиме қулақ сал,
Сəлимжанның қасына,
Сондай жигит болмаға,
Ким болады хəўескер?
Таўдың басы лалазар,
Жаманға болсын дүнья тар,
Көп лəшкерди ызғытып,
Мен бараман изиңнен,
Қайғы қылма,жигитлер,—
Дейип енди Əбдираман,
Қайта-қайта шақырды.
Сөйлеп сонда қалады,
Хəўескер енди қырық жигит,
«Барамыз» деп сол ўақта,
Хəзир таяр болады.
Өзиң көрген Қарлығаш,
Тақты тилла тумарды,
Бул да енди урысқа,
Қатты бир енди қумарды,
Бул гəплерди еситип,
Қарлығаштай бул сулыў,
Маңлайыны үйеди,
Еркекше кийим кийеди,
Ақ саўытты кийеди,
Алмас қылыш байлады,
Қыздың жүзи жайнады,
Қыйыр деген ол атқа,
Минер болды Сəлимжан,
Саўытлары полаттан,
Қарағай найза қолға алды,
Кескир қылыш испаҳан,
Сөзге шебер данасы,
Ол əзəзүл,ол ҳайяр,
Қыдыр ғарры бабасы,
Бул да минди бир атты,
Асынып енди полатты,
Сақаллары шаң-шаң,
Қартайғанда жасарған.
— Көзим толды қан жасқа,
Өлмесимнен енди бурын,
Көрейин енди тамаша,—
Дейип енди сол ўақта,
Тəшим атлы бул баба,
Бул да минди бир атқа.
Бул орданың ишинде,
Еки кемпир қалады,
Қалды оған хызметкер,
Атланар болды ғаррылар,
Сəлимжандай батырға,
Бир сөз айтып ол Қыдыр,
Жылай берди зар-зар:

— Батыр коймас душпанында ол намыс,
Халық көзинен ақпасын ол қанлы жас,
Атлар қойып ханлар менен төреге,
Нəсиятым,балам,енди сайлап шаныш.

Сен мингенде көкке атар Қыйыр ат,
Ол наҳақтан қырылмасын адамзат.
Урыс күни мен қыларман ҳийлени,
Бай-ийшанға салғыл,балам,қыйын дəрт.

Əўел өлсин ол патшасы Қасым хан,
Хəр сумлық шығады енди байлардан,
Байлар менен патша енди биригип,
Бийшаралар қутылмайды жаладан.

Дос болады байлар менен молла-ийшан,
Үшеўине күш салады залым хан,
Сендей мəртти туўған елден айырған,
Молла-ийшанын сайлап шаншың, жан балам.

Байлар турса журт болмайды парахат,
Бийшаралар өсе алмас саламат,
Ақыл қосып молла менен ийшаны,
Бийшараға саладылар қыйын дəрт.

Қылышыңнан саўаш күни ақсын қан,
Залымлардан қутқарайын сени аман,
Мен көрейин Ҳират деген журтыны,
Жол баслағыл,айналайын Сəлимжан.

Бул гəплерди айтқан соң,
Қыдырдайын бул ғарры,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бул атқа минейин деп,
Бурын атқа минеди,
Сәлимжанға сөйледи:

— Айналайын Сәлимжан,
Атқа миниң изимнен,
Жоллар солай болады,—
Дейип енди бир баба,
Изи болып сол ўақта,
Қарлығаш атқа минеди.
— Айналайын балларым,
Мен изине ерейин,
Қыйын күнлер болғанда,
Жақсы ақыл берейин,
Туўған елди көрейин,— деп,
Тәшим атлы ғарры да,
Бул да минди бир атқа.
Ханнан келген қырық жигит,
Бәри еди енди мәрт,
Саўаш болып тилеги,
Бәри бирден қуўанып,
Олар минди атына.
Асқар менен ол Айман,
Көрип енди жәҳанда,
Қасым хандай залымды,
— Әмет көрди мен атып,
Енди алайын арымды,
Сәлимжанның жолында,
Жанымды пидә етейин,—
Дейип сонда ол Айман,
Асқар менен екеўи,
Минди олар еки атқа.
Урыс сайманын салып,
Көк темирге ғарқ болып,
Жигитлер ўақтын хошлады,
Тәшим атлы ғаррыңыз,
Қартайғанда жасарып,
Енди жолды баслады,
Көргенниң ақлын алады,
Ол Ҳираттың журтына,
Ат ойнатып барады,
Шаңды шаңға қосады,
Көп белдеўден асады,
Қара думан шаң болып,
Бир ярым күн ат шаўып,
Екиленши күнинде,
Ҳиратдайын қалаға,
Барып кирди Сәлимжан.
Сарайына қараса,
Көз жиберип ғош жигит,
Ғәзийнениң есигин,
Анда таўып алалмай,
Жер аўдарып жүрипти,
Жүзден аса көп адам.
Қасым ханның ўәзири,
Сары Алтай залым дер еди,
Әметтиң қолынан жетеп,
Жерлерди сыйпалап,
Жүргенини көреди.
Күйип турған бул Асқар,
Айман менен екеўи,
Сары жайға оқ салып,
Сары жайды қолға алып,
Бири Сары Алтайдың,
Бири енди Әметтиң,
Көкирегиниң аўзына,
Оқты берип жиберди.
Ол сарайдың ишинде,
Қыйсайысып қалады,
Беллерин таслап адамлар,
Қашып пыт-шыт болады,
Жуўырып барып биреўи,
Қасымханның алдына,
Бара сала сол ўақта,
Бир сөз айтып турады:

— Қулақ салып,арзымды есит Қасым хан,
Сарайдың ийеси келди Сәлимжан,
Сары Алтайды,ол Әметти өлтирип,
Қуйылды ғой қалаңызға зәҳәр қан.

Батыр екен ол Сәлимжан кәллеғар,
Маңлайынның ортасына қарасам,
Тарта қарыс тағы енди сәре бар,
Келип енди сендей ханға қан қуяр.

Қулақ сал сөзиме,тыңла,Қасым хан,
Қайғысыз болсаңыз ғапыл қаларсаң,
Жанында бар арыслан киби қырық жигит,
Үстиңе қуйылды рейимсиз душпан.

Алдында киятыр Асқар ҳәм Айман,
Қалаңа салады қайғылы зиндан,
Кесип алар сениң енди басыңды,
Болып қалма,әй,патшайым,бийәрман,—

Деген енди ўақтында,
Тақырлайды сол жерде,
Тулпар аттың туяғы,
Бул атлардың дүбиринен,
Жарылды енди сол ўақта,
Қасым ханның қулағы.
«Жәлладлар» деп ақырды,
«Ләшкерлер» деп шақырды.
Ақша жүзин солдырды,
Ханның көкше атыны,
Сол мәҳәли келтирди.
Хан бир атқа минеди,
Ләшкерлери келеди,
Ат басыны бурады,
— Атаңа нәлет залым хан,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди қайда барасаң? — деп,
Сәлимжандай бул батыр,
Дөгерегин орады.
Хан бир аң-таң болады,
Бир-еки аўыз сөз бенен,
Асқар менен ол Айман,
Не гүнайым бар дейип,
Бир-еки аўыз сөз айтып,
Сол ўақтында сорады:

— Нешшелердиң жанын отқа саласаң,
Шуғыллардың жел сөзине нанасаң,
Тыңлап кеткил бир-еки аўыз сөзимди,
Әй,Қасым хан,енди қайда барасаң?

Қорлығыңа ишим оттай жанады,
Бай баласы жанды отқа салады,
Кесип алдың бул наҳақтан қулағым,
Берип қойыппедиң маған дүньяны?

Сайлап миндим,бахтым келип,әреби ат,
Ашыўлансам мен саларман қыйын дәрт,
Иймансыз хан,есит мениң сөзимди,
Наҳақ қылғаныңды енди айтып кет.

Сол ўақта Асқар да қосылып бир сөз айтты:

— Қулақ сал,арзымды есит,залым хан,
Мени сен айырдың енди мурыннан,
Берип қойдыңыз ба ол алтын гилтти?
Байлығымды көрипппедиң бурыннан?

Меники емес алтын турған ақ сарай,
Әўел салдың,өзим хан деп,сен абай,
Кесип алдың зар жылатып мурнымды,
Қызың менен мени енди тутқандай.

Сол ўақтында Қасым хан,
Турған енди ләшкерге,
Турған енди жәлладқа,
«Басың» дейип айтады,
«Урың» дейип айтады.
Ойланбаған аңсыз хан,
«Өлтириң» деп айтады.
Бурынғыдай жәлладлар,
Қылыш алып умтылды,
Мерген еди ол Айман,
Атты дейди маңлайдан,
Бир оқта-ақ үшеўин,
Тағы бир оқта екеўин,
Аянбайын атады.
Қарлығаштай арыўың,
Тоқтаталмай өзини,
Қубартырып жүзини,
Атты қойып жиберди,
Көргенниң ақлын алады,
Апыр-топыр болады,
Изинен келди көп ләшкер,
Дөгерегин сол ўақта,
Және қурсап алады,
Өзиң көрген Сәлимжан,
Еки қылыш қолға алып,
Ақырын батыр тартады,
Ағар болды наҳақ қан,
Баяғы енди Қыдыр бабаң,
Шетке шығып,енеғар,
Аўзы мурны кемсеңлеп,
Бир хийлени баслады.
Ат басыны бурады,
Молла менен ийшанлар,
Өз-өзине қарады,
Жақсы көрген ийшаны,
Жақсы көрген молласы,
Ханға атты қояды,
Буны көрип Қасым хан,
Көп жығынды айырып,
Сол ўақтында қашады,
Сәлимжандай ғош жигит,
Атты изинен басады,
Дәрўазаға келгенде,
Жаўырнынан Қасымның,
Кериле берип шаншады.
Кескир қылыш испаҳан,
Аўдарып алып сол ўақта,
Қасым ханды атынан,
Керилип урды Сәлимжан,
Буны көрди көп адам,
Басын кесип бул ханның,
Ол найзаға қыстырып,
Кейнине таман қайтады.
— Әй,Сәлимжан,Сәлимжан,
Өз перзентим сен едиң,
Патшалығы қурысын,
Журтқа ийе бол,— дейип,
Көп адамлар изинен,
Шуўлап нәсият айтады.
Қайтып барса изине,
Ләшкерлер енди сол ўақта,
Көшип кетип қалыпты,
Тахт патшасыз болыпты,
Қырылыпты молла-ийшан,
Алпыс еки әмелдар,
Булар да өткен дүньядан.
Баяғы енди Қарлығаш,
Шийрин жаныны қыйнап,
Қараса енди Сәлимжан,
Мыңдай қатын,баланы,
Ҳәрбир сулыў қызларды,
Жаўлығыны жамылған,
Намазхан енди ҳаялды,
Бетлерини ашыпты,
Алтын тақтың алдына,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол гүўлетип келтирди.
Таяқ алған ғаррылар,
Хызмет еткен жарлылар,
Қара дийхан, орташа,
Кутылдық биз залымнан деп,
Тумлы туска каладан,
Келип халық толады,
Толған ўақта Қарлығаш,
Хәммеге қарап ийилип,
Бир сөз айтып сөйледи:

— Бул дүньяда жақсы да көп, хәм жаман,
Қылышымнан қырылғанды молла-ийшан,
Таяқ алған, тыңла енди, ғаррылар,
Қандай еди, ўа, сизлерге Қасым хан?

Елимиздиң кеўлимеди енди шад?
Молла-ийшан бизге салды қыйын дәрт,
Хан қояман, қәлесеңиз ортадан,
Әй, ғаррылар, сөзлериңди ырас айт.

Күн көрмей отырды нешше хаяллар,
Қатын үсти болып тарттың қайғы-зар,
Әўел енди қандай күниң кешкенди?
Молла-ийшан қандай еди, көп нашар?

Сүйгенине баралмадың, көп қызлар,
Заманымда азат болдың, ўай, сизлер,
Сәлимжан сораса, болар кеўил шад,
Күниң қалай кешти енди, көп қызлар?

Сайрамның елинде жасайды беглер,
Сүйгенине, ўа, қосылар жигитлер,
Бизиң еллер соныңдайын болады,
Ханың жақсымеди енди, жигитлер?

Қыз батыры өзим, шыққан Қарлығаш,
Көзлериңнен ақпас енди қанлы жас,
Қыйын күнлер көрип, жеттим ярыма,
Ендиги заманда қыйынлық болмас.

Халқым, жасаң енди болып парахат,
Дәўран сүриң, маллар жыйнаң, болың шад,
Бизлер келдик, уллы тойлар баслансын,
Қасым ханда барма еди кәсийет?

Сол ўақтында шуўласып,
Қызлар енди жылайды:
— Ийшан, молла сөзине,
Аталарым ереди,
Көп малды бизден алып,
Сүймегенге береди.
Жигитлер сонда сөйледи:
— Он екиге шыққанда,
Шапанның шалғайына,
Намаз жипти байлайды,
Таң атқаннан турғызып,
Намаз қаза болды деп,
Ол мешитке айдайды,
Қосық айтып сен жүрсең,
Жалатай деп қыйнайды,
Ойын-күлки қылған қыз,
Шадлық қылған жигитлер,
Қасым ханның ўақтында,
Хасла елге сыймайды.
Елимиз де аш болып,
Ғошшақ енди жигитлерди,
Нешше байлар құл қылып,
Қасым ханның заманы,
Сүйиўши еди малайды,
Мынаў турған Қарлығаш,
Бир-еки аўыз сөз айтты,
Кеўлимизди көтерип,
Жасамаға қолайды,
Қутқарды ғой залымнан,
Сәлимжан менен Қарлығаш,
Ели-халықты екеўи,
Бийлигин енди сорайды, —
Дейип сонда көп халық,
Хәммеси бирден шуўлайды.
Сол ўақтында Сәлимжан,
Аттан түсип сол жерде,
Халыққа қуллық қылады,
Жанындағы қырық жигит,
Олар болды хәмелдар,
Ақылгөйи сол сол жерде,
Тәшим менен Қыдыр шал.
Ертеңине таң атты,
Нешшелер келтирди мал,
Нешшелери енди қой,
Сансыз нанлар жабылып,
Қос сырнайлар шалынып,
Сәлимжанның шадлығына,
Береберди халқы той.

Ендиги сөзди еситиң,
Сәлимжаннан еситиң.
Сарайға батыр барады,
Сарайды таўып алады,
Ашып енди дүньяны,
Халықтың енди ғазнасы,
Ғәзийнеге салады.
— Атам еди Сулайман,
Рахмет айтсын оған, — деп,
Ашы менен арыққа,
Жетим менен жесирге,
Көз көрмеген көрлерге,
Енди биймар зайыпқа,
Кесел менен майыпқа,
Тарқатады дүньяны.
Тағы салып ақ сарай,
Көрмисхана, кең сарай,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алтын менен гүмисти,
Үлестирип Сәлимжан,
Ашы менен арықлар,
Күн көрмеген кәмбағал,
Бәри болды енди бай.
Сәлимжанның басынан,
Кетти дейди қыйын дәрт,
Туўып-өскен елине,
Келип қылды енди шад,
Тойлар берип ҳәр елде,
Сәлимжан өзин таныттып,
Алды халықтан көп рахмет.

Әбдираман енди хан,
Баласын алып Ҳираттан,
Қарлығаш пенен қосылып,
Әрмансыз сүрди Сәлимжан,
Бул Ҳиратта көп дәўран,
Қарсыласқан жаўларға,
Сәлимжан менен Қарлығаш,
Душпанларға оқ атты,
Халықтың кеўдин шад қылып,
Еллерди қылып парахат,
Көрди дейди муратты.

* * *

Еситкенниң дуньяда,
Хеш болмасын әрманы,
«Сәлимжан»дай дәстанның,
Айтылып енди болғаны.
Жийдели-Байсын қоңыраттың,
Турған енди елинде,
Айтып жүрген дәстаны,
Жигирма еки жасында,
Үйренип алған Қурбанбай,
Айтты енди раўажлап,
Буны көп жыл Қурбанбай,

Төрткүл менен Шорахан,
Деген енди журтында,
Еситкенде қалмайды,
Оқығанда қалмайды,
Ҳасла бир енди сол әрман,
Сексен жасқа келгенше,
Қурбанбайдай бир ғарры,
Ядларында сақлаған,
Аўызынан айтқанда,
Жазып алған ол Мәтен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

51 - ТОМ



# ЮСИП-ЗИЛИЙХА

*Хайрулла Турсын улы*

*Жазып алған: Ә. Алымов*

*(1977-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса,«Юсип-Зилийха» қыссасын баслаймыз.

Анда рәуийлер рәуият қылар еди: Яқыптың он еки улы болды.Хәр еки улы бир анадан туўылған болып,Юсип пенен Ибниямин бир анадан туўылды.Юсиптың анасы Рахила Ибниямин туўылған күни дүньядан өтип,булар анасыз жетим қалды.

Яқыптың балалары шетинен баҳадыр болып,хәр қайсысы өз алдына бир қәсийетке ийе болды. Үлкенинин аты Яҳуўда болып, ол аҳ урған ўақта еситкен жанның жүреги жарылып өлетуғын болыпты.Оның хәр түги денесине найзадай қадалып туратуғын еди.Және бирининң аты Шайхун, онын қәсийети — алдынан қаншелли ләшкер қарсы келсе де,жолбарыстай атылып,мылжалап таслайтуғын болды.Және бирининң аты Рәўил,хәр қанша ләшкер келсе де,қушақлап кетип,жерге урып,мылжа-мылжа етип таслар еди.

Юсиптиң қәсийети болса өз алдына болып,ол хош хаўаз,сазенде,нама салып пәрияд еткенде хаўадан ушқан ғазлар үйирилисип,өте алмай туратуғын болды.Ал сулыўлыққа келгенде дүньяда оның менен бәсекиге адам болмады.Ишкен асы тамағынан көринетуғын гөззал еди.Оның жүзине көзи түскен адам өз келбетин айнадан көргендей болар еди.

Рәуиятларға қарағанда,тәбият сақыйлық етип,пүткил дүнья халқына он есе шырай бағыш етипти. Оның да тоғыз есесин Юсипке берип,қалған бир есесин ғана он сәккиз мың әламға бағыш етипти. Юсиптин жамалын хәтте периштелер көргенде: — Адамзаттан да бундай ҳасылзада туўар екен-дә, — деп хайран болар еди.Дәўперилер,қус,хайўанлар Юсиптиң жүзин көрип,өзлерин отқа урған гүбелектей жанын пидә ететуғын болды.

Әлқысса,Яқып Юсипти бәрше улларынан ағла көрип,бир заман жанынан айырмай бирге болатуғын еди.

Яқып бир кеше жатып түс көрди.Түсинде Юсипти он бөри ортаға алып,хәр қайсысы бир хийле менен өлтириўди ойласып атырған болады.Яқып бул ўақыяны көрип,атып орнынан турды, қорыққанынан хүрреси ушып,Юсипке қарай шапты.Юсиптиң саў-саламат уйқылап атырғанын көрип,қуўанғанынан өкирип жылап жибереди:

— Қәдир мәўлим,жүрегиме от түсти,
Юсипимнен мени жуда әйлеме,
Дүньяда айралық бир жаман исти,
Султан басым және гедей әйлеме.

Билмедим,не жаўыз күн бар басыма,
Қорқаман бул кеше көрген түсиме,
Пәлек зәхәр салды ишкен асыма,
Маған айралықты рәўа әйлеме.

Көзимниң рәўшаны,тәнде қуўатым,
Кеўлимниң тоқлығы және рәхәтим,
Сүйер қозым,кеше-күндиз үлпетим,
Юсипимнен мени жуда әйлеме.

Ашылғанда гүл-ғумшасы солмасын,
Биймәхәл шағында қазан урмасын,
Айралық бәлесин хеш ким көрмесин,
Мениң бахтым бүгин қара әйлеме.

Яқып Нәбий бир хикметке уйғарур,
Гөя қапа пәлек баўрын дағлайур,
Атадан айрылып қозы йығлайур,
Айралық отына дуўшар әйлеме.

Әлқысса,Яқып бул жуўапты айтып,көрген түси есине түсип,кеше-күндиз бийтақат бола берди. Бир кеше Яқып және түс көрди.Түсинде Юсип шахларға усап ҳасыл липаслар кийип,тахт үстинде халықты басқарып отырғанын көрди.Тамамы халық хызметинде болып,нешше мың ләшкер,шахы-гедей тилегин тиледи.Ал он бир жулдыз келип,ай менен күнге сәжде қылды.

Бул ўақлары Юсип те усы түсти көрип атырған еди,қорыққанынан орнынан атып турды.

Яқып:

— Әй,перзентим,не ўақыя болды? — деп Юсипти келип қушақлады.

Юсип те сынаптай дирилдеп турып,атасына көрген түсин бир-бир баян етти.Атасының ақылы хайран болып,не айтарын билмеди.Юсип:

— Әй,ата,бул түсимниң мәнисин не ушын билмейсиз? — деди.

Анда атасы:

— Түсиңиң мәнисин меннен сорамағайсаң,бир бәлеге гириптар да болмағайсаң,-деди.

Бирақ Юсип атасына:

— Түсимниң мәнисин айтып бересең,— деп бийтақат,бийсабыр бола берди.

Сонда Яқып:

— Әй,балам,түсиң бир мүбәрек түс екен,лийкин басқаға айтыўшы болма,ағаларың еситип,бир бәлеге гириптар етип жүрмесин.Сен мениң көрер көзим,еситер қулағым,тамамы ағзаларымның қуўатысаң,сеннен бир заман айырылыўға тақатым шыдамайды.Енди түсиңди айт,мен тәрийипин


www.ziyouz.com kutubxonasi

айтайын,— дегеннен соң Юсип түсин айтты,атасы жорыды.

— Ата,бүгин бир ўақыя көрдим,ақылым болды ҳайран,
Бул сырға түсинбедим,бармекен бул дәртиме дәрман?

— Балам,бул дүнья пәнийдур,сениң жаның аман болсын,
Бул бир сырлы апатдур,дегил: — Жаным паян болсын.

— Жәўҳардан жасалған бир тахт турды келип қарсы алдыма,
Мени миндирдилер сонда оның көшки-ҳәйўанына.

— Балам,ол мәгар болса,салтанатлы шаҳлар тахтыдур,
Саған дәўлет,несийбедур,басыңа қонған бахытдур.

— Сол тахт үстинде отырып,халқыма ҳүким қылдым,
Жәҳәнди нурға толтырып Мысыр,Шам,Қананды.

— Боларсаң әлемге султан,қыларсаң тахт үстинде жәўлан,
Жүз мың ләшкер саған қурбан ҳәм де баҳадыр палўан.

— Келип шәмсиқамар турды,және он бир жулдыз тамам,
Маған сәжде қылды бәршеси,аспан менен бирге жәўлан,
Мен ғәрипке сәжде қылған халық пенен он ағам.

— Басқа жапа он ағаңдур,саған жанлары қурбан,
Юсип деп аҳыў-зар болдым,түсиңнен болдым бийқарар,
Саған мен гүл азар болдым,салмасын енди хазар.

Деди Якып: — Пәни дилдар кисиге айтпағыл зинҳар,
Қудайым бәршеге ғамхор,бул сыр ишинде пинҳан болсын.

Әлқысса,ата-бала бул сөзлерди айтысып үйине барды.Шамун менен басқа ағалары бул саўал-жуўапты тыңлап турып,Юсиптиң түс көргенин,оны атасының жорығанын Шамун анасына барып бирме-бир баян етип айтып берди.Бул қатын олардың сөзине исенбей,қайта-қайта сорады.Соннан кейин жан ийнине от түсип,Якыптан да зыятырақ етип,өшпенлилик пенен түсин баян етти.

Аннан соң он ағасына Юсипти сахраға алып кетип,өлтириўге мәсләҳәт етти.Анда Яҳуўда:

— Атамыз Юсипти бир саат ҳәм жанынан айырмайды,қалайынша сахраға апарып өлтиремиз? —дейди.

Бәршесиниң геллеси қатып,мәсләҳәт питкенше таң атты.Ерте таң менен бәршеси жәм болып, Юсиптиң алдына барды.Ҳәр қайсысы Юсиптиң алдында әлиптей ийилип:

— Юсипжан,сеннен хеш ким хеш қандай жалған сөз еситкен емес,ырасын айт,қандай түс көрдиң? Бизлерге баян ет,түсиңе мүбәрек болсын айтайық,— дести.

Қараса,өзиниң көрген түсин булар да билипти.Юсип ҳайран болып,уялғанынан жерге қарады, не айтарын билмеди.Ағалары:

— Егер ырасыңды айтпасаң,бизлер саған ырза емеспиз,— деп тежей берди.

Юсип аўыр жағдайда қалды,ырасын айтса,атасының пәрманын бузған болады,айтпаса,жалғаншы болып,ағаларына қыянет еткен болады,ақылы ҳайран болып,ағаларына қарап бир сөз деди:

— Адам атамыздан қалған бир сөз бар:
«Көргенинди айт,көрмегенинди сөйлеме»,
Кеўлимде мың қыял,кеше-күндиз бар,
Көргениң айт,көрмегениң сөйлеме.

Демесем ялғаншы дерлер атыма,
Десем не пәрманлық ҳаслы-затыма,
Ағаларым,қойың кеўил шадыма,
Көргениң айт,көрмегениң сөйлеме.

Азаматдур журт кеўлине тиймесе,
Сырың жақсы билсе,жаман билмесе,
Нәпси шайтан душпанына ермесе,
Көргениң айт,көрмегениң сөйлеме.

Ағаларым,мениң зейниме тиймең,
Атам менен маған қыянет етпең,
Будан кейин түсти үрдислер етпең,
Көргениң айт,көрмегениң сөйлеме.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қудирети күшли,хәр не қылса бириўбар,
Юсип бийшарада болмас ықтыяр,
Баян етсем сырым,ағалар,әшкар,
Көргениң айт,көрмегениң сөйлеме.

Әлқысса,оннан соң Юсиптиң бул жуўабын еситип,ағалары көрген түсиниң ырас екенин билип, қатты қәхәрге минип,Юсиптиң қанын ишкендей болды.Қызғаншақлықтан өртенип жүрген ағалары мың ҳийле менен атасының алдына барып,тәзим етип:

— Әй,ата,паслы бәҳәр болды,гүл-шәменлер ашылып,бүлбүллер де сайрап,қумырылар нала тартып, булақлар хәр тәрепке ағып,қойлар қозылап,түйелер боталап,әжайып лалазарлықлар кеўилди тартып тур.Юсипжанды бизлерге қоссаңыз,қыдыртып келер едик,— дегенде Яқыптың денесине қалтыратпа тийди,бир аҳ урды.Соннан кейин айтты:

— Әй,улларым,сизлер жас едиңлер,жаслайыңыздан сизлерге тәрбия еттим,енди нәўбет Юсипке жетти,оған тәрбия бериўим керек,оны сизлерге қалай қосып жиберермен? — деди.— Бул жас баланы сизлерге қосып жиберсем,мабада сизлер аўға машқул болсаңыз,бир ҳәдийсе жүз берип,оны бөри жеп кетсе,сизлер не дейсизлер? — деп,айтқанларын зинҳҳар тыңламады.

Олар қатты қапа болып:

— Бизлер де сизиң перзентиңиз болсақ,не ушын бизлерге исенбейсиз? Өзлеримиз өлсек те,оның жанын сақлаймыз ғой,— деп ант ишти.

Қаншелли жалынып-жалбарынса да,атасы Юсипти жибермеди,ақыры атасының алдынан наүмит болып шықты.Олар және бир басқа ҳийле тауып,Юсипти алдамаға киристи:

— Әй, Юсипжан, көзимиздиң нуры, саҳрада гүллер өсип атыр, адамзат көрсе, кеўили ашылып кетеди, не ушын бизлер менен сәйир етиўге бармайсаң? Барып атамыздан ижазат тиле, ижазат бермесе, жыла, сениң жылағаныңа шыдай алмас, сонда бизлер менен барарсаң,— деп, мың ҳийле-мәккарлық менен алдап-арбады.Юсип булардың мәккарлығына исенип,атасына барып,бул гәпти айтып зар-зар жылады:

— Ижазат берин,ата,бир ой түсти қыялыма,
Сизден мениң ижазатым,қулақ сал арзыў-ҳалыма,
Саҳрада кеўлим мәс болар,рәҳәт кирип жаныма,
Ағаларым болар ғамхор мениң ҳүсни-жамалыма.

Қәпесте бүлбүл шайда,кеўиллер бәҳәрменд анда,
Атажаным,хеш ойланба,түспес басыма хеш ғауға,
Атажаным,рухсат бериң Юсип атлы бийшараға,
Ағаларым болар ғамхор мениң ҳүсни-жамалыма.

Әлқысса,Яқып Юсиптиң бул сөзин еситип,ҳал-аўҳалы өзгерип,зар-зар жылап,Юсипти қушақлап бул жуўапты айтты:

— Көрмесем бир сааат,тақатым жоқдур,
Мени зар жылатып,қозым,айрылма,
Бул көрген түсиңиң бәлеси көпдур,
Көрер көзим,сөйлер сөзим,айрылма.

Сен кетерсең,мен қалarman зар жылап,
Ҳижран оты менен баўырымды дағлап,
Қайсы бир адамнан сени сорағлап,
Суңқарым,лашыным,қозым,айрылма.

Билмедим,не ҳикмәт түсти басыма,
Зәҳәр-заққым салды пәлек асыма,
Рәҳим еткил көзден аққан жасыма,
Жан үстине,сәрбиназым,айрылма.

Яқыптың не кешкей ҳалы-аўҳалы,
Көрмесе Юсиптиң қәдди-жамалы,
Көзимнин рәўшаны ҳүсни-жамалы,
Жигербентим,ырысқы-руўзым,айрылма.

Әлқысса,Яқып бул жуўапты айтқаннан кейин Юсип он төрт кешелик ай киби жарқырап турып, бир аҳ урып,бул ғәззелди айтты:

Юсуп:
— Ижазат берсеңиз,шаҳым,
Тамаша әйлесем саҳра,
Ағаларым мехрибандур,
Маған олар салмас ғаўға.

Яқып:
— Қозым,көп азар әйледиң,
Саған бир бәла болмасын,
Зулымлық ҳүкими бул ислер,
Жаманлық рәўа болмасын.

Юсуп:
— Маған кимнен жапа жетсин,
Ким бизге жаманлық етсин,
Қандай зулым күш көрсетсин,
Мени олар бермес жаўға.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Яқып:
— Сыйласақ билмеген адам,
Сени,мени билмес,балам,
Жүрегим күйик,жүз мың ғам,
Мүшкил ис саўда болмасын,

Яқып айтар,нәйлей жаным,
Рухсат бердим,меҳрибаным,
Айтарман аҳы-афғаным,
Бүгин ҳеш қайғым қалмасын.

Әлқысса,Яқып пенен Юсип бул жуўапты айтысып болған соң ағалары есиктен ҳәзир болып, атасына тәжим-тәбәзум әйлеп,Юсипти тилеп алды.Яқып айтты:

— Әй,жигербентлерим,барыңлар,Юсипжанды сизлерге тапсырдым —деди.

Юсипти жасандырғаны соншелли,олар: — Бунындай пәкизе адамзат ҳәм әлемге келер екен-дә, — деп ҳайран болар еди.Сонда Яқып перзентлерине қарап мына ғәзелди айтып тур:

-- Көзимниң рәўшаны,жаным улларым,
Юсипжанды тезирек алып келгейсиз,
Жаннан артық меҳрибаным улларым,
Атаң өтинишине кеўил бергейсиз.

Келгенде Юсипти пияда қойман,
Жанға ҳазар берип,бәлени үймең,
Шөллетпең,аш етпең,жаман сөйлемең,
Мен ғәриптен жақсы алғыс алғайсыз.

Юсибим нәзикдур,азада сақлаң,
Кеш калмасын,песин ўактыны шақлаң,
Аталық ҳүрметим,дузымды ақлаң,
Бир-бириңниң қәдириң жақсы билгейсиз.

Юсипти көрмесем қарарым болмас,
Орнымнан турарға мәдарым болмас,
Онысыз бул дүнья жүрерим болмас,
Ата сөзин бәрҳа ядқа илгейсиз.

Яқып дерлер,сизди ҳаққа тапсырдым,
Кеш қалмаңлар песин намаз ўақтынан,
Ҳәммеңизди бир аллаға тапсырдым,
Тезирек келип дийдарымды көргейсиз.

Яқып бул ғәзелди айтып болғаннан соң Юсипти көтерип,түйеге мингизип жолға рәўана болды. Юсип ҳәр түрли қызық ислерди көрип,ўақты хошланып келе берди.

Ал Яқып болса балаларының артынан карап,та көзден ғайып болғанша телмирип турды.Көзден ғайып болып кеткеннен кейин барып,зар-зар жылап,бир дарақтың саясына келип отырып және жылай берди.Сонда дарақтан саза шығып,Яқыпқа:

— Қырық,қырық,— деди.

Яқып аң-таң болып дарақтан:

— Юсипжанды қашан көрермен? — деп сорады.

Дарақтан және: — Қырық,қырық,— деген саза шықты.

Яқып және сорады:

— Әй,дарақ,айтып турғаның қырық күн бе,я қырық ай ма,я қырық жыл ма? — деди.

Лийкин дарақтан қайтып саза шықпады.Яқып бийҳуш болып қулады,хуўшына келгенше мисли өлидей ағарып жатты. Нешше мәҳәлден соң хуўшына келип, шаршап үйине қайтып келе берди. Юсиптиң апасы шашын жайып,бетин жыртып,қолларын көтерип,пыған-налалар шегип,атасының алдына шықты.

— Әй,ата,мениң Юсибим қайда,жигеримнен айрылған усайман,— деп,зар-зар жылап бул ғәзелди оқыды:

— Бийҳәсиретте Юсибимди көрмедим,
Дийдар қыяметке қалды,нәйлейин,
Сөйлесип ҳәм ҳал-жағдайын билмедим,
Дийдар қыяметке қалды,нәйлейин.

Ғапыл болып кәрўанымды көширдим,
Қолымдағы сунқарымды ушырдым,
Айралықтың шарабыны иширдим,
Дийдар қыяметке қалды,нәйлейин.

Енди көрсем жан ишинде гизнесем,
Табарман ба сейил болып излесем?
Та келгенше оның жолын гөзлесем,
Дийдар қыяметке қалды,нәйлейин,

Нашар апасына сырын айтпады,
Әрман болды,бир хошласып кетпеди,
Бийҳәсирет мурадына жетпеди,
Дийдар қыяметке қалды,нәйлейин.

Яқып қызына қарап,тәселле берип,бир сөзди айтты:

— Нала шегип жүрегимди дағлама,
Қазан урып,қырманымды жел алды,
Қайғы менен қызыл жүзим солар ма,
Таза бағым,имаратым сел алды.

Айралықта көзим жолда телмирип,
Балаларым мениң қәдирим билер деп,
Бир-бирине меҳрибанлық қылар деп,
Оның ушын ўәде етип жол алды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеткенде егленип қозым келмесе,
Мениң пәнди-нәсийҳатым алмаса,
Балаларым менин қәдирим билмесе,
Шәшмелерим курып гөя шөл алды.

Оннан қалып мениң ҳалым не кешкей,
Әлемдеги пинҳан шырағым өшкей,
Жаннан артық көрген кәрўаным көшкей,
Гөя ҳижран мәнзилине жол алды.

Яқып айтар,гөя Юсип амандур,
Келер-келмеслиги маған гүмандур,
Айра түссе бизге ақырзамандур,
Бақшаларды қазан урды,жел алды.

Әлқысса,Яқып бул сөзден кейин,қызына:

— Не ушын Юсипти сорадың,бир ис болды ма? — деди.

Анда қызы айтты:

— Кеште жатып түс көрдим,түсимде Юсипти он бөри ортаға алып жей баслады,он бөри бир тислеп,бир-бири менен таласып,алып баратырғанын көрип,сескенип орнымнан турсам,Юсубим хеш жерде жоқ,соны излеп сизге келгеним еди,— деп зар-зар жылады.

Атасы қызына нәсият айтып,үйине қайтарып жиберди.Яқып мың қайғы-әлем менен үйине барып, көзлери жолда,«Юсубим қашан келер»,деп телмирип жата берди.

Әлқысса,ендиги сөзди Яқыптың кеткен балаларынан еситиң.Ол балалар Юсипти атасынан алдап алып кетип,бир неше күн жол жүрип,бир шөли биябанға жетти.Шамун қәҳәр-ғәзеп пенен Юсипти арбадан алып жерге тартып урды,еки қолын арқасына байлап, қолына қанжар алып,басын кесип алмақшы болды.Тосаттан аспанда бир қус пайда болып:

— Әй,Яқыптың уллары,хасылзадалар да бундай исти қылар ма? — деп ҳаўадан қанат қағып, бүлбүл киби нала қылып бул ғәззелди оқыды:

— Кеўли қаралардың иси,атасы билмегей бул исти,
Мөмини әрманлы жәҳид те ҳәргиз қылмағай бул исти,
Кийели ислерден қорқың,қарғыс алмаңлар ҳәргиз,
Сизлердиң бул жапаңызды хешкимге салмағай ҳәргиз.

Атаңыз көзлерин жаслап,болып атыр бийтақат,
Көрмесин бенде дүньяда,басқа салмағай буны,
Биреўге еткен қылмысың келер айланып өзиңе,
Әшкара еттиңиз сырды,басқа салмағай буны.

Әлқысса,қус бул ғәззелди айтып болғаннан соң Юсипти ағалары бул жерден алып кетти.Бир жерлерге барғанда қус көзден ғайып болды.Енди Рәўил ағасы Юсиптиң аяғынан сүйреп,шеңгелден-шеңгелге аўнатып урды,мүбәрек жүзлерин, аяқ-қол, беденлерин тилким-тилким етип, тула-бойын қып-қызыл қанға бояды.Юсип нала шегип,ағаларына жалбарынып:

— Мағанбунша азап бергендей гүнайым не? Атама берген ўәдеңизге ўапа қылғаныңыз қәне? Мен бийшара сизлерге пушты-панайым менен исенип изиңизге ердим.Мағанрәхим етиңлер,— деп зар-зар жылай берди.

Ағалары:

— Бүгин-ертең сени өлтиремиз, себеби сениң көрген түсиң басыңа жетти, дадыңа қулақ салмаймыз,бизлерден рәхим күтпе,сени өлтиремиз,— деп хәр қайсысы бир таяқ урып, сүйреп барып бир төбениң басына шығып,қол-аяғын беккем етип байлап,тамағына қанжар салып шалмақшы болды.Сонда Юсип айтты:

— Әй,ағаларым,мағанбир жутым суў бериңлер,жүрегим жанып кетти,— деди.

Ағалары қабақтан суўды төкти,және:

— Сени өлтиремиз,бизлерден үмит етпе,— деди.

Сол мәҳәл төбеден саза келди:

— Егер Юсипти мениң үстимде шалсаңызлар,мен сизлерди жутаман,— деди.

Төбеден қорыққан ағалары Юсипти сүйреп,басқа бир жерге апарып өлтирмекши болды.Юсип өлерин билген соң,Рәўил ағасына:

— Мени қутқар,— деп жалбарынды.

Рәўил Юсиптиң жүзине бир урып, жерге думалатты. Орнынан ушып турып, Шамун ағасына жалынды.Ол да урып жықты.Және бир ағасына жабысты,ол да урып жықты.

Әлқысса,ағаларына бирме-бир жабысты,бәри де урып жыға берди.Жылап,көзиниң жасын көл етип,ағаларына қарап жалбарынып,бул ғәззелди айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Көзим нуры үлкен ағам,
Буларға мүптала қылма,
Салып басыма жүз мың ғам,
Мениң бахтым қара қылма.

Мениң ҳалыма рәҳим еткил,
Атам пәриядын тыңлағыл,
Гүналарым болса өткил,
Маған бунша жапа қылма.

Мен де ҳақтың қулыдурман,
Атамның бүлбүлидурман,
Тәнде жаны,динидурман,
Бул ислерди рәўа қылма.

Пәлек урды маған қазан,
Жығылды басыма ордам,
Ағалық ҳаққына бул жан,
Қусқа мени саўға қылмаң.

Юсип бийшарадур ҳайран,
Атамды әйлемең гирян,
Ағажан,басыңа қурбан,
Мени бунша гәда қылмаң.

Әлқысса,Юсип бул жаўапты айтып,зар-зар жылап,хеш бир ағасынан мәдет таппай,наүмид болып отыра берди.Ағалары «Бүгин өлтиремиз»,деп ўаҳаҳалап шад болды,Яҳуўда ағасы:

— Бул жай — өлим жайы болсын,— деди.

Юсип бул арсызлықты көрип,ўаҳаҳалап күлди.

— Өлим алдында неге күлесең? — деп оған ағаларының ашыўы келди.

Юсип айтты:

— Мен ҳәр күни балалар менен ойнап жүрер едим,сизлер ҳәз етип тамаша етер единлер.Сонда мен,«мениң Рустембектей палўан ағаларым бар,маған хеш ким душпанлық ете алмас» деп,сизлер менен мақтанар едим,бүгин маған сизлер душпанлық қылдыңызлар,сол ўақыя ядыма түсип күлип атырман,— деди.

Бул сөзге шыдай алмаған Яҳуўда ағалық мехри есине түсип,көзлеринен қат-қат жас төгип,кеўли ерип,Юсипти қушақлап:

— Қорықпа,жаным барда сени өлтиртпеймен,— деп,туўысқанларына қарап:

— Юсипти өлтирмеңлер,атамыздың қарғысына ушыраймыз,— деп жалбарынды.

Анда ағалары:

— Әй,Яҳуўда,әдепки ўәдең қайда? Сен сатқынлық еттиң,— деп Яҳуўданы байлады.

Яҳуўда қатты қәҳәрге минип:

— Туўысқанларым,алды менен мени өлтирин,соңынан Юсипти өлтирерсиз,— деди.

Сонда ағалары не қыларын билмей,ҳайран болды.Яҳуўда ойланып турып бир ҳийле тапты:

— Әй, туўысқанларым, мәсләҳәт сол болсын, Юсипти қудыққа таслайық, ҳәр нешик болса да өлимнен тәўир болар,— дегенде,бәршесине бул сөз мақул болды.

Әййем заманда Шаддат қаздырған бир қудық бар еди. Мысыр кәрўанлары үстинен өтетуғын еди. Юсипти усы қудыққа алып келди,қудық оғада терең болып,ишинде жылан,шаянлар көп еди. Юсиптиң көйлек-кеншегин шешип алып,қолын алдына байлап,белине арқан салып,қудыққа таслар болды. Юсип ағаларына телмирип,зар-зар жылап,бул ғәззелди оқыды:

— Ағаларым,өлтирсеңлер ыразыман,
Мени бунда шаға салып кетпеңлер,
Үлпет етпең бунда қысым ҳәм жазым,
Мен ғәрипке бунша жапа етпеңлер.

Рәҳим етиңлер,мени салмаң бул шаға,
Гүл жүзимди сарғайтпаңлар бу дағa,
Қоймай атамызды бундай бәлаға,
Атамыздың көз жасына жетпеңлер.

Жаманлық,жақсылық болар әламат,
Сизлерге келмес не бир күн мәламат.
Туўысқанға еттиңизлер қыянет,
Хеш ўақытта жақсылықты күтпеңлер.

Егер несип етсе,бир күн көрерсең,
Та өлгенше бир нешше күн жүрерсең,
Жүрим болса және дәўран сүрерсең,
Мен ғәриптиң көзде жасын төкпеңлер.

Юсип айтар,мен қалмышам бу дағa,
Ыразы болып сабыр әйледим бәлаға,
Маған несип болса түспек бул шаға,
Өзим-ақ түсейин,жапа шекпеңлер.

Әлқысса,Юсип бул жуўапты айтқаннан кейин ағалары қудыққа салар болды.Юсип исиниң оңынан келмегенине анық көзи жеткеннен соң,«ҳәр нешик болса да бир сөз айтайын,зәрре рәҳим еткей» деп қыял етти:

— Талайда бар болса,шекермен зәҳмет,
Ибраҳим бабамнан болғай шәпәәт,
Атамның басына түсти қыямет,
Туўысқанлық қайда кетти,ағалар?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ибниямин жаным мениң уйқылағай,
Оны бәлелерден куда сақлағай,
Ким жаманлық қылса кудадан тапқай,
Туўысканлық қайда кетти ағалар?

Атамыздың көз жасынан,ағалар,
Қорықпадыңыз,етип жәбир-жапалар,
Атажаным етер бәрхә налалар,
Туўысқанлық қайда кетти,ағалар?

Әлқысса, Юсипти кудыққа таслады. Арқан Яхуўданын қолында еди,биреўи:

— Тасқа тийип өлсин,— деп арқанды кесип жиберди.Сол ўақлары ғайыптан бабасы келип,Юсипти қоллады. Бир тастың үстине липаслар жаўып, мисли тахтырәўан етип қойды. Юсип сол қудықтың ишинде отырып,тәғдирге шүкирлик етип,мына ғәззелди айтты:

— Шүкир етермен кудайымның исине,
Қараңғы ша маған миясар болды,
Инанбадым атам көрген түсине,
Бундай жапа маған миясар болды.

Сабыр әйле жаман күнге,бул басым,
Таўсылып питкенше көзлерде жасым,
Бунда енди жылан-шаян жолдасым,
Мениң ушын жақты жаҳан зар болды.

Өнерим жоқ хеш кимлерден зыяда,
Еситпес наламды хеш ким бул шада,
Кимлер тақат етер бул аҳыў-зарға,
Жақтылыққа еки көзим зар болды.

Қалды Юсип ша ишинде налаға,
Нала шегип жылап бундай шараға,
Не қылмыстан қалдым бунша бәлаға?
Атам мениң ушын қәлендер болды.

Әлқысса,Юсип зар-зар жылай берди.Қудықтың иши жылан-шаянлардың ордасы болып,оғада қорқынышлы еди.Юсип кудықта тәнҳа қалып,атасының пырақында бул мүнәжимди оқыды:

— Мениң ушын нала тартып,
Атам бағры кәбап болды,
Юсип деп жағасын жыртып,
Нетей,нәйләй,қарап болды.

Маған көрсетти жол туўры,
Мен қарадым оған уғры,
Мен деп енди күйер баўыры,
Қәўмети мүгедек болды.

Басына түсти мың саўда,
Қартайғанда бул не ғаўға,
Кудайым қоймағыл ғамға,
Атам баўры талақ болды.

Туўған қардаш ағаларым,
Иследи душпанлық кәрин,
Болды залымлардан залым,
Бәринен бул жаман болды.

Мен жатарман енди шада,
Ата-анам тутар аза,
Зар-зар жылап болар ада,
Дийдар несип әрман болды.

Шада жатарман қанша күн,
Иши баўрым болды түтин,
Пирлерим,сизден үмитим,
Жүрегимде әрман болды.

Атамды бийнесип қылма,
Оған перзент дағын салма,
Мен киби бахытсыз бар ма?
Жүрек-баўырым кәбап болды.

Аның қәдди камалыны,
Көрермен бе жамалыны,
Барып сорасам ҳалыны,
Юсип бағры кәбап болды.

Ендиги сөзди Юсиптиң ағаларынан еситиң.

Әлқысса, Юсиптиң ағалары бир ылақты сойып, Юсиптиң көйлек-кеншегин оның қанына батырып,мың ҳийле-мәккарлық пенен «Юсипти бөри жеди»,— деп атасына бармақшы болды.Сонда Яхуўда,«олардан қалып,Юсипти қудықтан шығарып,хеш кимге билдирмей,атамның қасына алып барып,дуўайы-қайырын алайын» деген ойға кетти.Оларға қарап:

— Әй,инилерим,мениң бир сөзим бар,егер тыңласаңызлар айтайын,— деди.

Яхуўда айтты:

— Сизлер кете бериңлер,мен бунда қалайын,мабада кәрўанлар келип,Юсипти шығарып атамызға алып барып,бизлерди шерменде етер,оның наласына баска жерден де адамлар келип,гәп-сөз көбейер, — дегеннен кейин бул сөз бәршесине мақул түсип:

— Ондай болса қала бер,— деп,Яхуўданы бул жерге таслап,басқасы жүрип кетти.Шамун зыяда ҳийлекер еди,ол Яхуўдадан гүманланып,бир пинҳамы жайға жасырынды.

Әлқысса,Яхуўда олардан қалып,кудыққа барды ҳәм сәллесин қолына алып,кудыққа таслады:

— Әй,Юсип,саламатсаң ба? — деп пәрияд етип қышқырды.

Юсиптен: — Саламатпан,— деген саза келди. Яхуўданың бул исин көрген Шамун ағаларына хабар берип,олардың бәри бул истен хабардар болып,қатты ашыў менен:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәй, Яҳуўда, бул не ўақыя? Юсипти шығарып алып, атамызға апарып, өзиң жақсы атлы болып, бизлерди шерменде етпекшимисең? Сени бирге алып кетемиз, болмаса Юсипти шығарып алып өлтиремиз, — дести.

Амалсыздан Яҳуўда инилерине ерип, жолға рәўана болды.

Ендиги сөзди Яқыптан еситиң. Юсип саҳраға кеткели Яқып бийқарар болып, тынымсыз зарыгирянлықта жылар еди. Ҳәр күни бийиктин басына минип, намазлыгерге шекем еки көзи жолында, қашан келер деп телмирип қарап отырар еди. Яқып бүгин де улларының алдына шықты. Намазшам болды, келмеди, қуптан болды, келмеди. Яқып бир бәлениң болғанын сезип: — Ўа, дарийғ, көзимниң рәўшаны, сеннен айрылдым, — деп бир ғәззелди оқыр еди:

— Пәлек айра салды меҳрибанымнан,
Ким хабар алады мениң ҳалымнан?
Кешермен балам деп дүнья-малымнан,
Не әламат болды, улым келмеди?

Кеше-күндиз Юсубимди яд етип,
Аның зикри менен кеўлим шад етип,
Ҳижран жаман етер ҳақ пәрияд етип,
Мүлкимниң ийеси жаным келмеди.

Жылан зәҳәр салды ишкен асыма,
Ғәплет саўдаларын үйип басыма,
Рад әйлеп кеўил мүддаҳасына,
Бағларына сол бүлбүлим келмеди.

Яқып айтар, Юсубиме не саўда,
Түсти мәгар оның басына бәла,
Билмедим не ушын, қайсындай ғаўға?
Ишим жанды, жүз әрманым келмеди.

Әлқысса, Яқып бул мүнажатты айтып отырар еди, узақлардан қулағына бир даўыс келди. Тыңлап қараса, улларының даўысына усайды, олар да атасын узақтан танып, Юсиптиң қанлы көйлегин қолларына көтериўи менен дад-пәрияд етип, ўай-ўай салып, атасының аяғының астына келип бойын таслады. Яқып:

— Әй, перзентлерим, не ўақыя болды? Юсипжаымды не қылдыңызлар? —деди.

Анда уллары айтты:

— Әй, ата, бизлер Юсипжанды бир жерге қойып, қой бағып жүр едик, қайтып хабар алсақ, Юсипти бөри жеп кетипти, тек көйлегин таўып алдық, — дегенде, Яқып бир аҳ урып бийҳуш болып жығылды. Тап ҳуўышына келгенше деми шықпай, мисли өлидей ағарып жатты. Уллары бир-бирине алып умтылып:

— Сеннен болды, кәпелимде атамыздан айрылдық, — деп қырылыса баслады.

Ертеңине барып Яқып есине келип, Юсиптиң көйлегин көрди. Яқып және ҳуўшынан кетип жығылды. Әллен ўақта және есине келип, қанға боялып жатырған көйлектиң ҳеш бир жери жыртылмағанына ҳайран болды. Яқып:

— Әй, перзентлерим, егер Юсипти бөри жегенде, көйлекти парра-парра етпес пе? Юсиптиң беденине жарақат салған бөри не ушын көйлекке реҳими келген? — деп қайғыға шүмип, бир бәлент төбениң басына шықты. Қатты қәҳәрге минген Яқып, пүткил Қанан бөрилерине:

— Мениң алдыма ҳәзир болыңлар! — деп жар салды.

Бөрилердиң бәри жәм болды.

— Әй, жәниўарлар, мениң Юсубимди неге жедиңлер? Маған жуўап беретуғыныңыздан қорықпадыңыз ба? — дегенде, бөрилердиң тилине гуўалық питип, яғный тил-зибан пайда болды. Бөрилердиң бәри бирден шуўласып, ант суў ишип, «бизлер жегенимиз жоқ» деп шуўласты.

Анда Яқып балаларына:

— Ырасын айтың, бул сөзлериңиз жалған. Юсипти не қылдыңлар? — деп тергеди.

Олар:

— Бизлердиң сөзимизге исенбесеңиз, жеген бөрини тутып әкелемиз, — деп саҳраға кетип, бир бөрини тутып алып тислерин сындырып, аўзын қызыл қанға бояп алып келеди. Яқып бөриге қарап:

— Әй, бөри, мениң Юсибимди неге жейсең? — деди.

Сонда бөри тилге кирип, ант ишип былай деди:

— Мен ҳәргиз Юсипти көргеним жоқ, мен бир жүрген мүсәпирмен. Маканым Мысырда болар, бүгин үш күн болды бул шәҳәрге дарығанымызға. Мениң бир жолдасым бар еди, мине оны жойытқаныма он сегиз күн болды, соның пырағында өртенип жүрмен. Олар: — Бүгин үш күн болды, патша аўға шығып, тирилей торға түсирип услап алып кетти, — деди. — Сизиң улларыңыз мени де тутып, аўзы-басымды қан етип, тислеримди сындырып, сизиң алдыңызға әкелип отыр, — деди.

Анда Яқып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй, жәниўар, ондай болса мениң Юсипжанымды билермисең? Ҳәзир қайсы жерде болар? — деди.

Бөри айтты:

— Юсибинди ҳәр жерде билемен, лекин айтпайман. Егер бирадарым өлмеген болса, патшадан сорап алып маған қоссаңыз, «сизиң де ҳәжетиңиз питкей», деп дуўа қылайын, — деди.

Яқып бөриниң сөзин еситип, патшаға адам жиберип, бөриниң бирадарын сорап алдырып, оны қасына қосты. Еки жәниўар қосылып, жудалық бәлесинен қутылып аспанға қарап, Яқыпқа:

— Бизлердиң қосылыўымызға себепши болдың, сен де Юсип улыңа қосылғайсаң, — деп пәрияд етип жылады. Яқып болса Юсиптиң пырақында өртенип, таңның атыўы, күнниң батыўы, төбеден түспей, нала қыла берди.

Әлқысса, Мысыр шәҳәринде Мәлик ибни Зиғар деген бир саўдагер бар еди. Бир кеше жатып түс көрди, түсинде ҳүр янлы бир бала дизесинде отырар еди, оның жүзиниң сәўлесинен еӊ тамамы әлем минаўўар болды. Оның шарапатынан қойны-қонышы лалы-маржанға толды. Егер ол қай нәрсеге қол узатса, бәрше тас, кесек, топырақ — ҳәммеси дүр, якут, зерге айналып кете берди. Мәлик ибни Зиғар бул түсти көрип шад болып, жайынан турып, түс жорыўшыға барып, түсин бирме-бир баян етти. Түс жорыўшы:

— Түсиң бир әжайып түс екен, түсиңниң жорылыўына не бересең? —деди.

Мәлик ибни Зиғар жорыўшының не тилегенин берип, жорытыўға ыразы болды. Жорыўшы:

— Әй, Мәлик, буннан Қананға барарсаң, онда қул сатып аларсаң, оның берекети дүнья ақырына шекем ада болмас, тап қыяметке шекем жети пуштыңа азық-аўқат болар, — деп жорыды.

Мәлик ўақты хош болып, соннан бери, ҳәр жылы усы үмит пенен Қананға барар еди. Ҳеш мурады ҳасыл болмас еди. Соннан жыллар өтти, бул сергизданлықта шаш-сақалы ағарды, ақыры Мәлик қартайды. Ақыры ойланып:

— Әй, және бир жыл барайын, талабым оңына келсе келгени, келмесе саўдагершиликти тарса қояйын, — деди ҳәм жолға рәўана болды. Бир неше күн жол жүрип, Мәлик саўдагерлери менен Юсип жатқан сол қудықтың басына түсти.

Әлқысса, Мәлик қулына:

— Қудықтан суў алып кел, — деп жиберди. Қул келип қудыққа қаўға салды. Қаўғасы аўыр болды, себеби бабасы келип Юсипке:

— Усы қаўғаға жабысып шық, не муғдар баҳаң бар екен, өз баҳаңды бил, — дейди.

Бул сөздиң мәниси мыналардан ибарат еди: күнлерден бир күн Юсип айнаға қарады, өз жолдасын айнадан көрип, кеўлине бир қыял келип еди:

— Егер мен қул болсам, мени базарға салса, мениң баҳамды ҳеш ким жеткере алмас, — деп еди. Бабасы Юсипке айтты:

— Әй, Юсипжан, усы қаўғаға асыл, бүгин сениң базарың келди, баҳаңды билесең, — деди.

Сонда айтқан сөзи ядына түсип, Юсип тәўбе етти. Орнынан турып қаўғаға жабысты, қул қаўғаны көтере алмады, ақыры: «Келиңлер» — деп қышқырды. Сонда екинши қул келди, ол да зор салды, шығара алмады. Ақыры Мәликтиң өзи де көмеклесип, көплеп зордан шығарып алды. Шығарса, әлемди нурға толтырып, бир гөззал жигит қаўғаға жабысып отыр. Мәлик тамаша етип көрди, қараса, өзиниң түсинде көрген баласы. Қолынан услап шатырына апарды. Кәрўан халқы көрип, ақыл-ҳуўышын жойтты.

Кәрўан халқы Мәликке:

— Сениң бир өзиңе бермеймиз, бизлерди шерик етесең, — деп күн бойы қырғын урыс етти.

Әлқысса, Юсиптиң ағалары бул ўақыяның үстинен шықты, олар ҳәр күни келип Юсиптен хабар алатуғын еди. Булар келип Юсипти тутты:

— Бул бизлердиң қулымыз еди, қашырып алған едик, неше күннен бери излеп жүрмиз, бул қудыққа түскен екен зангар, — деп Юсипке айбат шекти.

Юсип ағаларынан қорқып, жапырақтай қалтырап, жүзи запырандай сарғайып жылады. Яҳуўда пинҳаны қулағына сыбырлап:

— Зинҳар, қулман дей гөр, оның менен өтирикши болмассыз, болмаса булар сени алып кетип өлтиреди, қандай болғанда да өлмей қалғаның мақул, — деп кеңес берди.

Кәрўаншылар:

— Әй, бала, қулмысаң? —деп сорады.

Юсип:

— Қулман, бул жигитлер мениң хожайыным, — деди.

Әлқысса, кәрўанлар:

— Бул қулыңызды сатасыз ба? — деп сорады.

Ағалары:

— Сатамыз, лийкин бул қулдың әжептәўир жаман қылықлары бар, оның үстине ғырт жалғаншы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

өзи уры, қашқын, егер усы айыплары менен алатуғын болсаңыз сатамыз, — деди.
Мәлик айтты:
— Ҳәр не айыбы болса, айыбы менен аламыз, баҳасын айтың, — деди.
Ағалары айтты:
— Жигирма теңге.
Мәлик айтты:
— Он сегиз қара теңге, ыразымысзсыз?
Юсиптиң ағалары ыразы болды. Мәлик он сегиз өтпес қара теңге берди. Солай етип, гөззал Юсипти ағалары он сегиз қара теңгеге сатты.
Анда Мәлик Юсиптиң ағаларына:
— Әй, жигитлер, «Юсипти саттым» деген тилиңизден тилхат бересиз, набада бир жерде сатып кетсем, изинде хеш кимниң даўы болмасын, — деди.
Әне, соннан кейин Юсиптиң ағалары: «Қананнан бир арабы қул, өзи жалғаншы, муттаҳам, ийир, қыйсаң, аты Юсип, он сегиз қара теңгеге саттық, хеш кимниң даўы болмасын» деп хат жазып жатып, таң сәҳәрден кәрўанлар жөнейтуғын болды. Юсиптиң ағалары Мәликке келип:
— Бул қул оғыры қашақ, зинхар, кисенлеп қойғайсаң, бир қашса, услаў жоқ, беккем бол, — дейди.
Анық кетерин билген соң Юсип «ийелерим менен хошласайын» деп Мәликтен рухсат сорайды. Мәлик рухсат етти, Юсип ағаларының изинен жуўырды. Ағаларының да кеўли босасып, жыласып турды. Юсип ағаларына қарап, жылап турып былай деди:

— Мен кетермен, хош қал енди ағалар,
Енди тынбас көзде жасым, аман бол,
Жетисти басыма мениң бунша ғам,
Бүгин айра түстик, жанлар, аман бол.

Будан кетер болсам, бәлки келмеспен,
Басыма не саўда түсер, билмеспен,
Нешше айлар, нешше күнлер көрмеспен,
Ағаларым, қардашларым, аман бол.

Атам сорса, Юсип аман дегейсиз,
Бүгин оған ақырзаман дегейсиз,
Ибнияминжанға салам дегейсиз,
Нашар апам, қаналасым, аман бол.

Айралық отының дәрти жамандур,
Атамның басында ақырзамандур,
Бул кеткеннен келмек маған гумандур,
Елим-халқым ҳәм қардашым, аман бол.

*Тынбай ағар жаслы көзим шәшмеси,*
Маған гүман атамның уў ишпеси,
Бул халқыма хешким реҳим етпесе,
Юсип айтар, шөл-дашларым, аман бол.

Әлқысса, Юсип бул ғәззелди айтып, көзлеринен қат-қат жас төгип, ағалары да жыласып, көзлеринен жас төгип, пушайман етти, пайдасы болмады.
Әлқысса, Мәлик Юсиптиң қол-аяғын байлап, жолға рәўана болды. Мәлик бир неше мәнзиллерди тай қылып барар еди. Юсип еле жылаўын тоқтата алмай киятыр. Мәликтиң сапары әўлийешиликтиң үстинен өтетуғын еди. Әўлийешиликте Юсиптиң анасының қәбири бар еди, Юсиптиң көзи анасының мазарына түсип, бийықтыяр өкирип, түйеден өзин жерге атты. Барып анасының қәбирин қушақлап, жылап турып мына ғәззелди айтты:

— Бүгин арзыў дилим айтай,
Мениң отлы пығаным бар,
Қысы-жазы таўсылмастай,
Кеше-күндиз дәстаным бар.

Жуда болдым әкемнен ҳәм,
Кәба болған шешемнен ҳәм,
Ибниямин үкемнен ҳәм,
Не бир мениң әрманым бар.

Жокты дағыў-ҳижран оннан,
Мендей бийнаўа болғаннан,
Дозақ отына жанғаннан,
Тәнде шықпаған жаным бар.

Көзим жаслы, жүрек дағлы,
Аяқ тусаў, қолым бағлы,
Запырандай сүлдер қалды,
Бул кеўлимде әрманым бар.

Атадан айырылып Юсип,
Отқа жанып, күйип писип,
Гирян аза етип жылар,
Пал орнына зәҳәр ишип,
Бенделиктен нышаным бар.

Қыялында қәбирден анасының руўҳлары шығып, Юсипти қушақлап баўырына басып, тил питип, мына мунажатты айтты:

— Бостанлы ҳусни-жамалына қайдан келген қара, гүлим,
Гезгениң болмыш кәбир, басына түсип саўда, гүлим,
Үргилей жүзи-көзиңнен, арзыў-әрман, ҳәмирә гүлим,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалды жүз әрман ишимде,қылмадым пәрўа,гүлим,
Сегиз ушқын ишинде сенсең бир гүл,гүлим.

Әйлеме дады-пыған,ақыр қуда ярың сениң,
Тағыў-гүл,сахраю-биябан ишинде,ғам-ғубарың сениң,
Еки дүнья мен ғәрип,дили-дарың сениң,
Ах нетейин,өртенди,жан менен тәниң сениң,
Сайраған бағ ишинде тоты шекер гүлим мениң.

Болмағыл дүньяда ғәплет,өзиңсең мисли әптап,
Рашқ етип тоғыз пәлек саған болып тур ғәзеп,
Көргенде хусни-жамалын,олар тутар жүзине нықап,
Ғам жеме,душпанларың алдында болар ғәрип,
Садақа болсын жан-тәннен ышқыннан,әй,зийба гүлим.

Жан үстине сақлаўым мехриңди мәстан,балам,
Сенсең бул еки дүньяда бул дәртиме дәрман,балам,
Аўыр азаплар шегип саған пәрўана,балам,
Қылмағайсаң бул ғәрипти ханаўайран,балам,
Ал ғәриптен бул дуўалар,болма бийпәрўа,гүлим.

Ол әлип қәддиңди нун қылма,болып турман мен ғәрип,
Өртенип жан-тәним,хәсиретке талып турман мен ғәрип,
Рәхим қыл,бәлеге қылып турман мен ғәрип,
Сени аллаға тапсырдым,солып турман мен ғәрип,
Көп дуўа әйле хаққыма,сен мениң гия-гүлим.

Әлқысса, Юсиптиң анасы бул бәйитти айтып, көзден ғайып болды. Юсип анасының қәбири үстинде зар-зар жылап жатты.Мәликтиң бир қулы қараса,түйениң үстиндеги қул жоқ,қорыққанынан жуўырып Мәликке хабар береди. Мәлик келсе,Қананнан сатып алған қулы жоқ,хожайынларының қашақ қул деп айтқаны ырас екен, — деп жән-жаққа даўрық салды. Мәликтиң жаңағы қулы қәбиристанды аралап жуўырып киятырса, Юсиптиң бир мазарды қушақлап жылап жатырғанын көреди. Қул оның қасына барып, жүзине бир шаппат урды. Қараса, көзлери тынып, бийхуш болып жығылды,тап хуўышына келгенше мисли өликтей ағарып жатты. Ақылына келгеннен кейин мына ғәззелди айтты:

— Әй, Мәлик, пәрманыңда бир муңлы қулыңдурман,
Хижран шөлинде шайда,рәхим әйле,ғәрибиңмен,
Шыдап мен бийшара жүз дәрти-әмелге асарман,
Болды жигерим пара,рәхим әйле,ғәрибиңмен,
Күн-күннен бетер болдым,бийақыл жансар болдым,
Қайғыда ада болдым,рәхим әйле,ғәрибиңмен.

Сабыр еттим бәлелерге,хижран-жапаларға,
Хәм дәртиў-айралықта,рәхим әйле,ғәрибиңмен,
Юсипке шоры хикмат,тәғдирде қаза қудирет,
Я мийнет,я рәхәт,рәхим әйле,ғәрибиңмен.

Әлқысса,Юсип бул ғәззелди айтып болғаннан соң қараса,күн тутылды,аспаннан қар,жаўын жаўа баслады,әлемди қараңғылық қаплады.Хәр ким өз басы менен ғай болды.Кәрўан халқы хайран болып, не қыларын билмей,«бул қандай бәле»,деп бир-биринен сорады. Сонда Мәликтиң жаңағы қулы:

— Юсиптиң қашып барып,бир қәбирдиң басында жылап турғанын көрип,ашыў менен бетине бир шаппат урып едим, оннан соң усы ўақыя пайда болды, — деп бетин тырнап жылаўы менен Юсиптиң аяғына бас урды.Хәмме Юсиптиң аяғына бас урып,қолын шешип,үстине хасыл липаслар кийдирип,ең жақсы түйеге миндирип,жолға рәўана болды.

Кәрўанлар сапарға шыққанында бәрқулла шөллеп,аш болып,маллары қырылып,көп азап шегер еди. Бул сапары Юсиптиң шарапатынан маллары семирип, өзлери айшы-ишретте хеш қыйналмай Мысырға жақын келди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Анда рәўилер былай рәўият қылар еди.Зилийха Мағриб заминнниң патшасының қызы еди.Зыяда, хош сүўрет,хош минайым еди.Жүзиниң шуғласынан қуяш қаранғыланып қалар еди.Зилийха жети жасына келгенде жәҳән патшалары айттырды,бирақ ҳеш кимди қабыл етпеди.Зилийха бир кеше жатып түс көрди,түсинде бир күнге мегзес мәхитабан,перийзаттан мың есе зыяда,жәҳәнди нурға толтырып,бир жигит таяр болды.Оны көриўден Зилийха бийҳуш болып есинен танды.Соң хуўшына келип:

— Қайсы елдиң бүлбүлисең,қайсы шәменниң гүлисең? Бунда не мақсет пенен келдиң? —деп сорағанда ол:

— Мысырлыман,Мысыр патшасы боламан,Мысыр әзийзимен.Енди сени некеме аламан,егер мени қәлесең,Мысыр шәҳәринен табыларсаң,— деп көзден ғайып болды.

Зилийха уйқыдан шоршып оянса,жанында ҳеш жанлы мақлуқ көринбейди.Зилийханың ышқы Юсиптиң сийне сандығынан жай алды.Зилийха бийарам,бийтақат болып,бул ғәззелди айтты:

— Әжайып бир пери көрдим,
Несибем болса,ярым бар,
Жүрегим тыйғы ышқы пара,
Не қылайын,азабым бар.

Өзин көрсетип өзиме,
Жүзин көрсетип жүзиме,
Интизар етип изине,
Арыўлы интизарым бар.

Кешермен жаны-дилимнен,
Айра түскендей елимнен,
Өзи қуткарар өлимнен,
Ғунша нәзик пырағым бар.

Ишим жанды,оттай күйди,
Айралық жаныма тийди,
Сен жананды жаным сүйди,
Та жыласам афғаным бар.

Әжел жалынлары сөнди,
Дәрт айланып ышқы дөнди,
Басқа илаж болмас енди,
Ярым дерге ҳазарым бар.

Қайта ышқы оты жанды,
Шул ғайбана Зилийханы,
Несип етсе бизге паны,
Және пасла бәҳәрим бар.

Әлқысса, Юсиптиң ышқында сарғайып,ҳеш нәрсе менен иси болмай,мәжнүндей аўзына не келсе соны айтып,аўзына нәр алмай есеңкиреп жатты.Кәнизеклери бул аўҳалды Таймус шаҳқа хабар етти.

— Шаҳы сәрўары жәҳан,перзентиңиз Зилийха нешше күннен бери мәжнүн болып,суў ишип, тағам татпай,суўық демин алып ах урады.Мүбәрек жамалы запырандай сарғайып,өликтей болып қалды,— дейди.

Таймус хан жерден секирип турды,хуўшы басынан кетти,басқа перзентлери көзине көринбей, Зилийха деп бас ушында аҳ урды.Зилийха тербенбеди.Шах дәрҳал қоррандоз,мүнәжжимлерди, палкерлерди шақырып:

— Зилийхаға не болғанын табың,— деди.

Олар былай жорыды:

— Зилийханың ҳеш қандай аўырыўы жоқ,мәгер ышқы саўдасына гириптар болған шығар,— дейди.

Сонда патша:

— Ондай болса бул сөзди пинҳамы иште сақлаң,болмаса аўзыңызға қорғасын қуярман,— деп мүнәжжимлерге рухсат берди.

Таймус ша тахтқа шығып ҳайран болып отырды.Аўҳал усы жағдайда арадан еки жыл өтти.Зилийха мудамы дады-пәрияд етип,кеўли ўайран,шәшме гирян болып,өзин хәр жаққа ура берди.Бир кеше жатып түс көрди,түсинде Юсип ҳәзир болып:

— Әй,Зилийха,не ушын Мысырға тезирек келмейсең? — деди.

Зилийха ақылдан айрылып бийҳуш болып жығылды,базда хуўшына келип,суўық демин алып, бийықтыяр ыңылдап ғәззел айтар еди:

— Ақыл-хуўшым алды бир пәрийпайкал,
Қашырдым гүл үзбей таза бағымнан,
Сәрўи қәўмет,гүл жүзли,ләблери шекер,
Ембедим пал киби ләбиңнен сениң.

Зулпы шын кекилли,ақылымды алды,
Шәмсиқәмар гүл жүзине нал болды,
Қайғылы кеўлиме жақты нур салды,
Және жандым,дослар,яр пырақында.

Пидә болсын аның жолында жаным,
Кетти мениң кеўлимдеги меҳманым,
Әжел бир неше күн қойса аманын,
Шәмен байлап және гүл жапырағынан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аман-есен жеткер мениң дадымды,
Юсипжан еситкей бул пәриядымды,
Шахан-шах,билсеңиз,хаслы-задымды,
Көзге сүрме етсем из топырағыны.

Есит дадын Зилийханын,әзийзим,
Тилде сөйлер сөзим ҳәм көрер көзим,
Жанар болды айралыктан гүл жүзим,
Өлер болдым көрмей жол жырағынан.

Алғәрез,Зилийханың дәрти-әлеми күн-күннен арта берди,өлиуўге де жақын келди.Атасы Таймус шахка: — Қызыңыз күн-күннен бетер болып,запырандай сарғайып,өлер ҳалатқа келди,— деп хабар салды.Патша Зилийханың сарайына келсе,қызыңың өлидей жатырғанын көрип:

— Әй,қызым,кеўлимниң нуры,көзимниң рәўшаны,қандай дәртиң болса баян ет,— деп мына ғәззелди айтты:

— Көзимниң рәўшаны жаным,ҳалынды баян әйле,
Басына түсти не саўда,турып,бир-бир баян әйле,
Керек ышкы-муҳаббатдур,егер дәртиң ышкы болса,
Саған оннан шыпа етер,жол табарман,бийгүман әйле.

Мен де ышкы бәлесин шектим ҳәм даўасын,
Саған бағыш етейин,жамалың гүлистан әйле,
Дәслепки жүректе сөнген ышкы шарабының өзин,
Қайғыдан күйип-жанған тәрийпиң дәстан әйле.

Қыларман мақсудың ҳасыл,бунша болмағыл қапа,
Басыңа түсти не мүшкил,козым,бир-бир баян әйле,
Шегип ышкы отын Таймус нешше жыллар болып майус,
Берип шын мақсудың ҳаққа,сырың иште пинҳан әйле.

Әлқысса,Таймус шаҳ бул сөзди айтып болғаннан кейин Зилийха найлаж орнынан турып,жүзиндеги нықабын көтерип,нала-шегип,жүрегиндеги дәртин атасына баян етип,бул жуўапты айтты:

— Есит,ата,арзы-ҳалым сөйлейин,
Күн-күннен бул дәртим жаннан өтип тур,
Жасырмайын,тәки жанып-күймейин,
Дембе-дем ышкы оты кыйын болып тур.

Мениң бул дәртимди ҳеш адам билмес,
Ҳижран тыйығы мениң жүрегим тилмес,
Көзден аққан қанлы жасқа рәҳим етпес,
Кийген липасларым гүлгүн болып тур.

Мысыр шаҳы дейлер мени әйлеген гирян,
Аты Юсип,қылды ақылымды ҳайран,
Дейерлер,Мысырға тез жетер кәрўан.
Жетер-жетпеслигим гүман болып тур.

Табылмасты бул дәртимниң дәрманы,
Нетей,бул үйимде ақырзаманы,
Та өлгенше болар бизге мәканы,
Анын ушын ақлым мәжнүн болып тур.

Зилийханың арзын есит,әй шаҳым,
Түсингил ҳақ сөзин өзиң,патшаҳым,
Баян етсем кимлер түсинер аҳым,
Баска питкен саўда азар болып тур.

Әлқысса, Таймус шаҳ қызынан бул сөзлерди еситип, ойланып сарайына барды. Кәтипке хат жаздырып,Мысырға елши жибермекши болды.Намада бундай делинген: «Әй,Мысыр шаҳы,мениң бир қызым бар,ҳәр елдиң патшасы жаўшы жиберип айттырып атыр,бирақ қыз олардың ҳеш қайсысын кабыл етпеди.Мениң қызымның дийдине сен ылайықдурсаң,егер қабыл етсең,елши жибериң мен оны хызметине жиберейин»,деп наманы тамамлады. Бир неше елшилерден бул наманы Мысырға рәўан етти. Елшилер бир нешше күн жол жүрип Мысырға жетисти,наманы Мәлик Раянға усынды. Мәлик Рәян наманы оқыды,оқыса,намадан муҳаббат ийиси келип тур, — деп ғайбана Зилийхаға ашық болды.Жерден атылып турып,ҳүрмет-иззет пенен Мағриб заминге қарап куллық етти.Патша дәрхал ғәзийнедарға буйрық етти, ғәзийне есигин аштырды, дүр-яқуттан түйелерине жүклеп, бир нешше ғулам-кәнизеклер менен той-әнжамын таярлап,бул да бир нама жаздырып,елшиден рәўан етти. Бир нешше мәхремлерден яқшы сөзлер айтып, «бизлерди олар шын жүректен қабыл етсе, бизлер де оларды жан-тәнимиз бенен шын жүректен қабыл еттик» — деп жаздырып,көп мал-дүнья менен елшилерден жөнетти. Бир нешше күнлерден соң хаты нешше мәнзиллерден өтип, Мағриби заминге жетти. Таймус шаҳ хабарды еситип, елшилердиң алдына шығып қарсы алды. Елшилер Мәлик Раянның намасын Таймусқа шығарып берди.Таймус наманы оқып көрип,кеўли хош болып, жети күн той-тамаша етип,Зилийханы алтын бөгенеге мингизип,бир нешше хызметкери ҳәм кәниз қызлары менен ҳәр саатта саз-сәўбет етип,аталык,инақ,нақып,бәрше ақсақаллар,кәтқудалар Мағриб

www.ziyouz.com kutubxonasi

заминнен Мысырға рәўана болды. Бир нешше күн жол жүрип Мысырға жетти. «Зилийха келди», деп Мәлик Раянға хабар жиберди. Мәлик Раян көшелерге дағаза қақтырып, той-тамаша салтанат пенен Зилийханы сарайға алып келди. Малик Раян ишкериге кирип келди. *Зилийха хәмме қыз жаўанлары менен ишкериде* кеўли беҳад шад болып отыр еди. Зилийханың бир бәдбешер адамға көзи түсти. Зилийха шоршынып:

— Әй, бийрухсат үстимизге келген бул ким өзи? —деди.

Анда хызметкер:

— Сениң ышқы арзыўың болған адамың усы болар, — дегенде, бир ах урып, бийхуш болып жығылды. Бир мезгилден кейин өзине келип:

— Әй, апа, мениң түсимде көргеним бул емес, бахтым қара болды, — деп бетин жыртып жылады. Жылай-жылай көзлери исип кетти. Апасы:

— Беккем бол, өзиңди қыйнама, — деп тәселле берди.

Зилийха қапа болып бойын таслады. Кәнизлер де ҳәр қайсысы ҳәр тәрепке кетти. Зилийханың кеўлинде аўыр қайғы орнасып, тәғдирге налыш етип, бир мүнажатты оқыды:

— Яратқан жумла әлемди пана излер жүзим туттым,
Қабыл ет аҳыў-наламды, Юсубим деп көзим туттым,
Мурадым-мақсетим шаҳ еди, ол бүлбүл шайдасынан,
Бул ғайры адамға мени гириптар етпе, деп жүзим туттым.

Пәлек шад етпеди, ҳәр демимде жүз мың ғам,
Көзимнен ағызып жасым, кешени нәзим туттым,
Жүрегим жүз пара болды, хижраннан жара болды,
Нетейин, бахтым қара болды, талайым бәзим туттым,
Ашылмай ғунша гүлим солды, жел тийместен,
Зилийха Юсути истеп, бәлелерге өзим туттым.

Әлқысса, Зилийха бул мүнажатты айтып болғаннан соң Мәлик Раян есиктен ишке кирди. Бабасы Зилийханың тилегин қабыл етип, биреўди Зилийханың сүўретиндей етип Малик Раянға көрсетти. Ол соның менен үлпет болды. Солай етип, Зилийха аман қалды, бул тәризде нешше жыллар аралап өтти.

Ендиги бир аўыз сөзди Юсиптен еситиң. Малик Зигар Юсипти Мысырға алып келди. Тамамы Мысыр халқы буннан хабардар болды. «Мәлик Зигар Қананнан бир қул әкелипти, ҳүри-периден де хошүрей емиш» деген ҳаўасына бәрше халық ықлас қойды. Сонда Мәлик Юсипке:

— Жапқа барып шомылып, өзиңе пардоз бер, адамлар сени көрсин, — деди.

Анда Юсип жапқа барып шомылыў ушын суўға түспекши болды, буны көрип аң-таң болған халық жол бермей, жаптың бойында топланып қалды. Сонда Юсип мунажат етип:

— Мениң тәнимди бул жәмәәттен пинҳан сақлағайсан, — деди.

Сол ўақытта жаптан бир айдарҳа пайда болып, минәрдай қәўмети қозғалып, аўзын ашып, қышқырып, айбат шегер еди. Халайықтың көзи айдарҳада болып, Юсиптиң шомылып шыққанын ҳеш ким көрмеди. Соннан кейин Мәлик Зигар Юсипке хасыл липаслар кийдирди, жүзине нықап жаўып, шәҳәрге рәўана болды. Халайық топ-топ болып, шәҳәрге бирге кирди, Мәлик Юсипти көрсетпеди:

— Әй, халайық, Юсип жол азабынан шаршап келди, ертең көрерсиз, — деп сарайға кирип кетти. Солай етип бир неше күн Юсипке тәрбия етти. Юсип дем алды. Ҳәр ким жүзин көрсе ышқынан хуўшын алдырар еди. Дәў-пери мәлийкалар ҳуснин тамаша етти.

Малик Зигар базардың ортасындағы майданға бир алтын гүрси қойды. Гүрсиге Юсипти отырғызды. Малик айтты:

— Әй, Юсип, сен соншелли көрк ийесисең, нәсилиң қалай, егер ҳаслың бенде болмаса, өз басыңа жиберейин, — деди.

Юсип айтты:

— Мен қулман, мени сатыңлар, оннан соң ҳаслымды баян етермен, — деди.

Әлқысса, Мәлик Зигар Юсипти сатар болды. Юсип пәрияд қылды:

— Әй, халайық, келиңлер, мени сатып алыңлар, бир арабы қуман, өзим Қананнан алып келинген бир бийнаўа, бийнышан ғәриппен, — деп жылады.

Ендиги бир сөзди Зилийхадан еситиң. Ол усы ўақта қыз-жаўанлар менен тамашаға шығар болды. Еле ол Юсиптиң ышқында өртенер еди. Зилийха узын қулақтан «Мәлик Қананнан бир қул алып келген емиш», деген хабарды еситип, қызлар менен бул қул базарына жүрис қылды. Барса, баяғы түсинде көрген жигитиниң гүрсиде отырғанын көрди. Зилийханың жан-димары қалмай, бийтақат болып бул ғәззелди оқыды:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Максудлы кеўил ишинде бир апаты жанан келди,
Хош иренлери қанжардай, қаслары кәман келди,
Бир неше жыллар жылатып, шаҳым толахан келди,
Әшкара ҳәм пинҳан жылап, ярым бул заман келди.

Жанымда пархат жоқ, онысыз маған рәхәт жоқ,
Ҳеш өзге қыянет жоқ, шын руўҳы раян келди,
Ҳәм дәртим, ҳәм дәрман, жаным оған қурбан,
Ол болса булдур пәрман, ол шаҳы жаҳан келди.

Ышқында анын мудамы жолында гириптарман,
Өлшенше қарыйдарман, шын нуры аян келди,
Онын қәдди жамалы күйдирди Зилийханы,
Шан-шәўкетли, абырайлы, дәўлетли меҳман келди.

Әлқысса, Зилийха бул сөзлерди айтып, муҳаббат көзлерин Юсипке қадады. Мысыр халқы Юсипке қарап тәсийин қалар еди. Еле де Мәлик жүзине нықап жаўып қойды, болмаса онын шуғлалы жамалынан ҳәмме бийҳуш болып қалар еди.

Әлқысса, Юсипке ҳәр кимге баҳа қойып, қолында барын айтып, қарыйдар көбейе берди. Мәлик айтты:

— Тәрезинин бир пәллессине лалы-жәўҳар, алтын саласан, бир пәллесине Юсипти саламан, кимде-ким сонын тенлесиндей алтын берсе сатаман, болмаса сатпайман, кимнин заўқы болмаса, орта ашық турсын, — деп қышқырды.

Кәнизеклер жыйналысып, «алмасақ та, жамалын көрсек болар», деп жутынып турды. Бул күни хеш ким батылы барып саўда ете алмады, ҳәр ким жай-жайларына тарасты. Ертенине халық және шубырысты, Зилийха Мәлик Раянға айтты:

— Әй, шаҳы әлем, усы қананлы қулды сатып алып, маған мәхрем қылсаңыз нешик болар? Менин хызметиме ылайық көринеди, — деди.

Мәлик айтты:

— Бул сөз менин де кеўлимде бар еди, саған мәсләҳәт етсем деп жүр едим, әжеп болғай, алыў керек, — деп Мәлик Зигарға адам жиберди. Юсипти майданға шығарып гүрсиге отырғызылды, тәрезиде тартылды. Мәлик Раян ғәзийненин есигин аштырды, якут, хинжи-маржан, алтын-гүмис, ҳәмме барын алып келди, тәрезинин бир пәллесине Юсипти, екинши пәллесине ғәзийнеде барын салды, бәрибир тенлеспеди, Юсипке халық нәзер таслар еди, патша көп қыйналып әўере болды. Юсип тәрези тартқан адамға айтты:

— Бир қысым топырақ алып, алтын турған пәллеге сал, — деди.

Ол адам жерден бир қысым топырақ алып, алтын турған пәллеге салды, бул топырақтын шарапатынан тәрези тенлести.

Әлқысса, Мысыр әзийзи Юсипти сатып алды. Мәлик ибни Зигар көп дүньяға ийе болды. Юсипти Мәлик Раян әкетер алдында, Мәлик Зигар Юсипке:

— Әй, хасылзада, сатқаннан сон хаслымды айтаман деп ўәде еткен един, ўәдене опа қылып, хаслызатынды баян ет, — деди.

Юсип зар-зар жылап турып усы ғәззелди оқыды:

— Менин хаслы-затым Қанан елинен,
Бүгин айра түстим таўы, көлинен,
Сыртым пүтин, иши-баўыры шерлимен,
Халқымды көрмекти баян әйлейин.

Атам берген нәсийҳатын тутпадым,
Көрген түсин онын писент етпедим,
Сол себептен мурадыма жетпедим,
Енди көрсем, дәртке дәрман әйлейин.

Аты Яқып, Юсип ушын зар болған,
Балам деп кешелер аҳыўлар урған,
Билалмадым, қай бәлеге дус болған,
Онын ушын көз жасым рәўан әйлейин.

Пәлек айра салды мени атамнан,
Ибниямин менен нашар апамнан,
Юсип айтар, тәғдирине шаталған,
Сени Мамур еки жәҳән әйлейин.

Кешти не күн менин ғәрип атамнан,
Мәлик, менин нәсийҳатым аларсан,
Бул сырларды иште пинҳан тутарсан,
Ҳәр бәледен күнде аман әйлейин.

Әлқысса, Юсип бул сөзди айтқаннан сон Мәлик Зигар бар дәртин айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй,пәкизат,әўел бул сөзлерди айтсаң болар еди,сени сатпас едим,еле де кел,саўданы бузайын,— деди.

Юсип айтты:

— Енди болмас,тәғдирге шара жоқ,— деди.

Анда Мәлик Зигар Юсипке:

— Еки дүньяң абат болғай,— деп жолына рәўан болды.

Мысыр халқы,«ғәзийнедеги тамамы алтынды бир қулға аўмастырып,енди неге хан болмақшы», деп патшаны тәна қыла баслады. Бу сөз патшаның қулағына тийди,ғәзийнеханашыны шақырып:

— Ғәзийнеде бир нәрсе қалды ма? —деп сорады.

Ғәзийнеши барып ғәзийнехананы ашып көрди, көрсе, хеш нәрсе кемимепти. Тамамы дүнья бурынғыдан да зыятырақ болып тур. Ғәзийнеши буны патшаға хабар етти. Патша еситип,үш кеше-күндиз той берип,бәрше халықты шад әйледи.

Әлқысса, Мәлик Раян Юсипти Зилийхаға мәхрем етти. Зилийха Юсипти кеше-күнлиз бир заман жанынан айырмас еди, айырса сабыр-тақаты шыдамас еди. Ҳәр күни Зилийха Юсиптин зулпына гүллерди қыстырып,таза липаслар кийдирип,көрки жамалына ышқы етер еди. Кем-кемнен Зилийханың ышқы-муҳаббаты зыяда асып, бөтекеси жарылыўға келди. Ҳәр ис не болса болсын, әўелин-ақырын баян әйлейин,— деп Юсиптиң қолынан услап,бул ғәззелди айтты:

— Юсипжан жети жыл болды,
Мениң халқым қарап еттиң,
Жүрегим ышқы отын тутты,
Қара баўырым кабап кеттиң.

Сени деп Мысыр келмишам,
Ярымнан жоқ намыў-нышан,
Бүгин халымнан сормасаң,
Жүрек қанам қарап еттиң.

Сениң ышқың жаҳан өртер,
Кем-кемнен ҳәр заўқым өртер,
Жүрегим бийгүман өртер,
Әзиз жаным шарап еттиң.

Мурадым — гүл жүзиң көрсем,
Мениң менен дәўран сүрсең,
Бүгин арзыў-ҳалым сорсаң,
Ада болмас себеп еттиң.

Зилийха дер,қыялыма,
Юсип қансын қумарыңа,
Рәҳим етпесең ҳалыма,
Маған сансыз ғазап еттиң.

Әлқысса,Юсип былай деди:

— Зилийха дәртиң басқа екен,мен мүсәпирмен.Оның үстине сениң хызметкериңмен,-деп, қатты ойға кетти. Қараса,Зилийха өзине өлгидей ашық.«Дәрти бәддуўға енди қалдым,егер Мәликке айтса, мен жазалыман, егер бундай иске барсам, бир бәлеге гириптар боларман, ҳәр не болса бир жуўап айтайын,ғәплет кеўлине болар,— деп бул ғәззелди оқыды:

— Мүсәпирмен,шахриңизге келмишам,
Мен билманам,яқшы-яман киминдур,
Қанан гүли мунда келип солмышам,
Енди билмам,пайда-зыян киминдур.

Менде айралықтың оты зыяда,
Алдын алып етилмишам арада,
Қул ис етсе өз хәддинен зыяда,
Ша ишинде жылан-шаян киминдур,

Мени қойың,бир неше күн болайын,
Кими жақсы,кимсе жаман,билейин,
Атам,иним ушын күйип жанайын,
Ашылғай көз,ақыр бул жан киминдур.

Юсип айтар,аман-аман,Зилийха,
Тойың болсын жақсы-жаман,Зилийха,
Сабыр әйлегил,қасы кәман Зилийха,
Тәғдир болса,ақыр дәўран сендедур.

Әлқысса,Юсип Зилийхаға бул жуўапты айтты. Сонда Зилийха:

— Әй,бүгин болмаса таңла болар,ақыр хызметимде ғой,— деп өзине тәселле берди. Лийкин бир заман көрмесе,оғыры бийтақат болар еди. Зилийха Юсипке ҳәр күни өзиниң ышқын айтар еди,Юсип қабыл қылмас еди. Ақыры Зилийха бир ой тапты. Мысырдың тамамы усталарын шақырып:

— Әй,усталар,маған сарай салың,мүйешлери тамамы тилла,лалы,якуттан болсын,ишине мениң менен Юсиптиң сүўретин салыңлар, дийўалдың төрт тәрепинде де бир-биреўге қол салысып, қушақласып,сүйисип турған болайық,жер жүзинде көз көрип,қулақ еситпеген нағышлар салынсын, оны көрип Юсип маған бийиктыяр кеўил қояр,— деди.

Усталар буйрықты қабыл етип,бир неше мәўлетте Зилийханың айтқанынан да зыятырақ етип питкерди.

Ендиги сөзди Юсиптен еситиң.Ол ертели-кеш: — Мениң хабарымды Қананға жеткерегөр,— деп

www.ziyouz.com kutubxonasi

жалынар еди.Юсип Мәлик Раянның хызметин етип,саўда исин алып барар еди.Бир күни бир саўдагер саўдасын питкерип, Қананға қайтпақшы болды. Саўдагердиң бир түйеси Мысыр дәрўазасынан шықпады.Қанша урса да,ҳасла адымын атпады,қайта жатып алды.Саўдагер ақыры түйениң жылаўын өз басына жиберди.Түйе көшеме-көше жүрип,патшаның сарайына жақынлап барып шөкти.Юсип мың қайғы-әлем менен сыпаның үстинде отыр еди.Қананлы келип түйени урады,түйе турмады, қайта-қайта сабалады,түйе турмады.Сонда Юсип майданға шығып:

— Әй,жигит,не ушын түйени урасаң,өзиң қайерли боларсаң? —деди.

Сонда жигит:

— Мен қананлы саўдагер едим,саўдамды питкерип қайтып едим,түйем дәрўазадан өтпеди,ақыр өз басына жиберсем,усы жерге келип шөкти,билмедим,не ҳикмети бар,— деди.

Юсип Қанан атын еситип,тақатсызланып,көзинен жас қат-қат ағып:

— Әй,жигит,Қананда Яқыпты билермисең? — деди.

Сонда жигит:

— Әлбетте,билермен,— деди.— Бирақ бир неше жылдан бери Юсип атлы бир перзентин бөри жеп қойып,соның пырағында өртенип,ҳеш адам менен иси болмай,егер биреў арыз етсе,арзына жуўап бермей,бир шөлистанлықта қос дүзетип,күни-түни Юсубим жылар екен,— деди.

Юсуп бул сөзлерди еситип,бир аҳ урып,бийҳуш болып жығылды,базда ҳуўшына келип:

— Әй,жигит,мен бир нама берсем,Яқыпқа жеткерермисең? — деди.

Саўдагер:

— Жан үстине,апараман,-деди.

Юсип айтты:

— Ондай болса бир нама жазып берейин,сен де мен ғәрип бийшараның дуўасын алғайсаң,— деп нама жазып,саўдагерге узатты:

— Қаст етер паяным,ол мениң жаным алды,
Ҳәр жапа келсе басыма,дәрти жаным алды,
Билмедим,қәдирин оның кимки меҳманым алды,
Тутпадым пандин оның,кеўлимде әрманым калды.
ўай мениң дәртимде жанған жанажан атам мениң.

Дәстан ет Яқыпқа,кеткен қозыңдын хабар бар,
Мен хабар етмишам,көрер көзиңнен хабар бар,
Бәнтдур,көрдим,есикте ай жүзиңнен хабар бар,
Қолы бағлы,жүреги дағлы қозыңнан хабар бар,
Ўай мениң дәртимде жанған жанажан атам мениң.

Барып ҳәм қышқыр есиктен,өмир өткерген бармекен,
Суңқарынан айырылып,көзи сарғайған бармекен,
Сарғайып улы пырағынан тилегенлер бармекен,
Ҳәй,яранлар,шәҳри Қанаңнан сатылған куллар бармекен.
Ўай мениң дәртимде жанған жанажан атам мениң.

Аты Юсип дер,атам деп зар жылар бийқарар,
Елден-елге сатылыпдур,онда жоқдур ықтыяр,
Яқыпқа улы Юсип ҳижранда болып интизар,
Ўай мениң дәртимде жанған меҳрибан атам мениң.

Әлқысса,бул сөзлерди жазып,саўдагердиң қолына берди ҳәм былай деди:

— Әй жигит,бизиң аманатымызды жеткер,егер Яқып мүбәрек жамалын-жүзлерин көрер болсаң айтқыл,«сизден бир адам кеткен екен,оны Мысыр шәҳәринде көрдим,қолы байлы,жүреги дағлы, көзи нәмли,жаны отта,кеўли әламда,мың қайғыда-ғамда,аты Юсип,кисиге бенде» деп мениң арзы-ҳалымды атама айт,— деп сәлемди ҳәм наманы саўдагерге тапсырды.

Саўдагер кетпекши болып,түйени турғызбақшы болды,түйе турмады,саўдагердиң ашыўы келип, түйени урмақшы болды.Сонда Юсип:

— Әй жигит, урма, оның да бир мақсуды бардур, — деген еди, түйениң көзинен қат-қат жас төгилди,тилге келип,мынаны айтты:

— Әй,Юсип мениң мақсудым бул болар: келешекте мен сениң пырақың болсам,— деп басын



www.ziyouz.com kutubxonasi

жерге қайып сәжда қылды. Юсип қол көтерип, «әўмийин», деди. Түйенин ўақты хош болып, орнынан ушып турды. Қаналы саўдагер жолына рәўана болды, нешше күнлер жол жүрип елине жетти. Көп ўақыттан соң Якып есигине келип түсти, Якып бир коста, хеш ким менен иси жоқ, шашы-сақалы өскен, мүбәрек жүзлери запырандай сарғайған, басын хәр жаққа урып, кулайдан қорыққанынан Юсип деп айта алмай, жудалықтың отын ишине салып жылап жатар еди. Есиктен бир сес шықты, бир адам келип ғәззел оқыды. Якып қулақ түрип тынлады:

— Якып бәни, буннан саған бир хабар,
Аты Юсип, жумла жәхән қарыйдар,
Жананың емес пе, жаның емес пе?

Нала менен жазды сизге бир нама,
Арыз әйледи яд әйле деп халыма,
Көрген жәбир-дәртим аян емес пе?

Жүзинин шуғласы қуяштай жайнар,
Нәйлейин, мен бенде болдым гириптар,
Жат журтта афғаның ҳайран емес пе?

Билдирген бул атасына аҳыдур,
Оны дәртке салған Мысыр шаҳыдур,
Күйди бәрше, дәрт-дәрманын емес пе?

Пәлектиң гәрдиши айра түсиптур,
Шамы-сәҳәр уйқы бийзар етип тур,
Соншама не қылайын, зарлы пығаның емес пе?

Юсиптен Яқыпқа нама келтирдим,
Пыған әйлеп, сегбир нала келтирдим,
Мысырғы ол ўайраның емес пе?

Әлқысса, Якып саўдагерден бул сөзди еситип, бир ах урып, бийҳуш болып есинен танды. Бир сааттан соң есине келип пәрияд салды, хәм:

— Ким де болсаң ишкериге кир, сеннен жаныма бир ҳасыл ийис келди, — деди.

Саўдагер ишкериге кирип, Юсиптиң намасын берди хәм көрген билгенлерин бир-бир баян етти. Якып саўдагерди, жақынырақ кел, деп жанына шақырып:

— Юсипти усы көзлериң менен көрдиң бе, қандай екен? — деп көзлеринен сүйди.

Саўдагер:

— Қолы байлаўлы, жүреги дағлы, өзи бенде, хәмийше тақатсыз турған тәризде көрдим, — деди.

Сонан кейин Якып барлық балаларын жәм етип, саўдагер менен жүзлестирип:

— Әй, балаларым, сизлер «Юсипти бөри жеди», — деп едиңлер, бул адам Юсиптен хабар әкелип отыр, буған не дейсизлер? — деди.

Буған балалары бирден шаўқым көтерип:

— Юсипти бөри жегени ырас, елеге шекем Юсиптен үмит етесиз. Бул адам жөги, жалған сөйлеп, сизден бир нәрсе алмақ ушын ҳийле етип келип тур, бул жалғаншынын сөзине исенбең, — деп саўдагерди жабылып урды, және:

— Хәй, харамзада, жалған сөйлеп атамыздың өтин жарарсаң, және бир мәртебе сондай деп айтсаң, паллаққа тартармыз, — деп урып-урып қуўып жиберди.

Якып Юсиптен және үмитин үзип, наүмид болып, зар-зар жылап отыра берди.

Ендиги сөзди Зилийхадан еситин. Зилийха күндиз шам, жүз қыйлы ҳийле, мәккар, наз бенен алдар еди. жетпис түрли жипек липаслар кийдирип, Юсиптиң жамалын тамаша етип, оны гә наз бенен, гә сөз бенен алдар еди. Юсип оның сөзине қулақ салмас еди. Әлқысса, Зилийха бир мәккарлық етип:

— Әй, Юсип, мениң ҳалыма рәҳим еткил, мени ышқы отында өртеп баратырсаң, маған ырасын айт, не қыялың бар, ўақтыхошлық етип, мурадын ҳасыл етсең ет, болмаса бенде етермен, қолыңа бел берип, дийханшылық еттирермен, — деди.

Юсип айтты:

— Мен сенин көп дузынды иштим, Мәлик Раян мени үйине әкелди, мен не ушын жаманлық етермен, патша еситсе дарғазап болар, мен бундай исти қыла алмайман, хаслы-задым әзизлер әўлады болар. Өлимге ыразыман, хәр не етсең ықтыярың өзиңде, меннен бундай ис шықпас, — дегенде Зилийха Юсиптиң қолына бел берип:

— *Қул жетимлер менен бирге* мына бағды аўдарасаң, хәр күнги исиң сол болар, — деди.

Зилийханың бағы бар еди. Юсип барса, әжайып бир бағ екен, ишинде әлўан түрли мийўелер писип турған, булақлар хәр тәрепке ағып турған. Юсип үстинен жипек липасларын таслап, бир гөне шал кийип, қолына бел алып жумысқа киристи. Бағманлар Юсипти көрип, «әжеп, хусни-зийба, хәргиз дүньяға бундай султан келген емес!», деп таңланысты. Бағманлар:

— Әй, нуры заман гөззал жигит, сен бундай ислерге ылайық емессең, сенин ушын бизлер ислеймиз, — деди.

Юсип айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мен не ушын өзимниң жумысымды басқаға қылдыраман? — дегенде,бағманлар:

— Сизиң алғысыңыз бизлерге қуўат болар,— деди.

Соннан кейин Юсип оларға рахмет айтты,олар иске машқул болды.Юсиптиң мәрҳаматынан он күнлик ис бир күнде бежерилди.Бул күни Зилийха Юсипты көрмеди.Зилийханың бир күни мың болып,дәрти-әлеми зыят етип,әўелгиден де бийтақат,байқарар болды,ақыры сарайдан бийиықтыяр шығып,бағқа барып,көшки ҳәйўанның үстинде отырып,бир пердесин алып нәзер етти.Қараса, Юсиптиң ҳүсни бурынғыдан да зияда еди.Зилийха бийтақат болып,көшкиден өзин таслады,мың машақат пенен жаны аман қалды.Тап Юсип жанына келгенше сулап жатты.Орнынан турып:

— Әй,Юсип не ушын бундай исти қыларсаң,бағманлық саған жараспас,мениң мурадымды ҳасыл қылмайсан ба? — деп жалынды.

Юсип:

— Әй,Зилийха,маған ҳәр не жапа етсең ет,бирақ ондай истен меннен дәме етпе,— деди.

Зилийха және бир ҳийле ойлап тапты.Баяғы усталарға буйырған сүўрети питкен еди,сарай лалы-жәўҳарларға малынған,дийўалларында Юсип пенен Зилийханың сүўретлери безетилген еди.Әдеп бул сарайға барып,тамамы жаңа липаслар кийинип,жүз назлы қараслар,жылўа-назлар менен өзине пардоз берип,бир кәнизекке:

— Юсипти шақырып кел,— деп буйырды.

Кәниз Юсипке барып:

— Зилийха сизди истайди,— деген соң Юсип сарайға қәдем таслады,барып ишкери кирди.Кәниз есиклерди бәнт етип,сыртқа шығып кетти.Зилийха назлы жылўалар менен Юсиптиң қолынан услап сәлем етти:

— Әй,яры жаным,мәрҳамат,хош келдиңиз,— деп бул ғәззелди оқыды:

— Айшы ишреттен дәме етип пал ишмеге яр келер,
Заўық пенен сапа етип ойнамаға яр келер,
Бир-бирине қол салысып,ҳәм де поса алысып,
Қушақласып ҳәм таласып жүрмеге енди яр келер,
Ләби палдур,жүзи лалы,ол өликке жан берер,
Көзим хуснинен йош алар,көзлери қумары келер.

Дүньяда дилбар өзи,жанымызға жапа өзи,
Ашық ҳәм гөззал өзи,Юсиптей дийдар келер,
Жүзи гүл,аўзы ғунша,аның ләззетин тата бил,
Мойны гездей,қыпша бел,кәўмети бойшаң келер.

Яр келер күлиспеге,сайры пинҳан билмеге,
Қушақласып көриспеге жасанып ҳәм яр келер,
Келди ол дилбарым,дүньяда сүйерим мениң,
Раҳнама ярым мениң,үмитим,арым мениң.

Әлқысса,Зилийха бул мүнажатты айтып,Юсипти қушақлар болды.Сонда Юсип жүзин бурып дийўалға қарады,дийўалда өзиниң сүўрети менен Зилийханың сүўретин көрди,оннан көзин алып жерге қарады,жерде де сол сүўретлерди көрди.Юсип қызарып қапа болып отырды.Зилийха айтты:

— Әй,Юсипжан,көриң,сарайды сениң ушын бина еттирдим,тек екеўимиз бул жерде ойнап-күлип, айшы-ишрет етермиз,— деди.

Юсип:

— Әй,нәзәлим,мен бул истен безермен,атам ўәсият етип еди,«ҳәр жайда болсаң,некели қатынға жолама»,деген еди,мен қәйтип гүналы иске барарман? — деди.

Зилийха айтты:

— Ондай болса,мен жолыңа көп дүнья-мал садақа етейин,сениң гүнаңа саўап болар,— деди.

Юсип айтты:

— Дүньяны малға толтырып садақа етсең де пайдасы болмас,— деди.

Анда Зилийха айтты:

— Болмаса сениң диниңе кирейин,мақсудым ҳасыл ет,— дегенде,Юсип айтты:

— Сениң мурадыңды Мысыр әзийзи ҳасыл етсин,— деди.

Сол ўақта Юсип ышқырын жети мәрте шийе етип байлады.Зилийханың қәҳәри келип,қолына бир қанжар алды:

— Әй, Юсип, мурадымды ҳасыл қылмасаң, бул қанжар менен өзимди өлтиремен, қаным сениң

www.ziyouz.com kutubxonasi

мойнына,— деп бул ғәззелди оқыды:

— Қалмады жанда карарым, мурадым ҳасыл әйле,
Саған бердим ықтыярым, мурадым ҳасыл әйле.

Еситмишем ҳаслы-задың, бол сүйиклим хәм үлпетим,
Сийнеме түсти апатың, кел, мурадым, ҳасыл әйле,

Сол дәртиме жылайдурман, бул жаным ўәслиңе курбан,
Сийнемизге қойып қанжар, кел, мурадым ҳасыл әйле.

Өлерим бийгуман дилбар, Юсипжан, әйлеме ҳазар,
Болағойсаң маған кумар, кел, мурадым ҳасыл әйле,

Ал енди қаныма қалдың, Зилийханың халын сорғыл,
Буншелли меннен уялдың, кел, мурадым ҳасыл әйле.

Әлқисса, Зилийха бул жуўапты айтып, қанжарды өзине урмақшы болды. Юсип Зилийханың колына асылып, қанжарды алып, бир неше жерден ҳикаятлар келтирип, Зилийханы көндирди. Және Зилийха айтты:

— Әй, Юсип, ҳеш болмаса мениң жүзиме, тамамы ағзаларыма қара, зәрре кеўлим шад болсын,— деди.

Бул сөзге Юсиптин кеўли ерип, Зилийханын жүзине бақты, караса, жүзине-жүзи, көзине-көзи тутасты, аппақ янақлары янақларына, бадам қабақлары қабақларына, нәзәлим зулпы тарына, көзлери айдай көзлерине түсти. Нәпси жеңислик бермеди. Зилийха Юсиптиң кеўлиниң еригенин билди. Көкирегин ашып, гәўҳардай тәни-беденлерин көрсетти. Юсиптиң заўқы артып, ышқырының бир түйини шешилди. Ғайыптан саза келди:

— Әй, Юсип, оған қарама,— деди.

Юсиптиң ышқырының және бир түйини шешилди, және саза келди:

— Әй, Юсип, зина қылма, уллы гүна болар,— деди.

Юсип бурынғыдан да зыятырақ ықлас қоя баслады. Ышқырының және бир түйини шешилди. Және саза келди:

— Әй, Юсип, үлкен гүна қылма, изи жаман болар,— деди.

Төртинши түйин шешилди, және саза келди:

— Әй, Юсип, атаңнан жуда қыларман,— дегенди де еситпей, бесинши түйинди де шешти.

Және саза келди:

— Өзиңди аўыр жағдайға салма.

Алтыншы түйинде шешилди, және саза келди. Оғанда да карамады, жетинши түйинди де шешти, және саза келди:

— Намысыңа қылап қылмағыл.

Оған да да карамады, мақсетин ҳасыл етер болды. Әйне сәўбетке машкул болар ўақтында бабасы Якып сүўретинде болып, алдында тайын болды. Мүбәрек бармакларын тиследи.

— Ўа, дариғ, Якыптың әўладынан да бундай бийәдеп ис етер болды ма,— деген ўақта Юсиптын көзи атасына түсти, бир ах урып, бийҳуш болып кулады. Бир сааттан соң Юсип турып, есикке қарай жуўырды. Зилийха да изинен жуўырды. Юсип есикке қайтып кирмеди. Зилийха Юсиптиң жағасынан услап тартты, жағалары парра-парра болды, екеўи тартысып сыртқа шыкты. Сыпаның үстинде Мысыр әзийзи отыр еди. Юсип пенен Зилийха тартысып шыққанда Зилийханың көзи әзийзге түсип:

— Дад, бул кананлы кулды сатып алып, маған мәхрем кылдың, бүгин бул маған заўық етип, зорлык етти, та өлтирмегенше мен бул жерлерде турмаспан,— деп пәрияд етип жылай берди.

Патша дарғазап болып кышкырды, колына зәҳәрли канжарын алып бир адам жетип келди. Патша:

— Юсипти тутың өлтириңлер,— деп буйырды.

Анда Юсиптиң хуўшы басынан ушып:

— Әй, патшаҳым, мен гүнадан пәкпен, бул гүна меннен емес, Зилийхадан болды. Бул исти жақсы әндийше менен шешпесеңиз, мениң наҳақ қаныма қаларсыз, ақырында пушайман жерсиз,— деди.

Мәлик Раян оның сөзине кулақ аспады, Юсипке ғәзеп буйырды. Юсип үмитсизленип, аспанға қарап мына ғәззелди айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Заты пәк садық кулыңман, сен меннен гүман қылма,
Бул залымның дәртинен жүрегимди ўайран қылма,
Бул дәртиме даўа жокдур, зыяда дәрди-ғамға,
Маған сенсиз пана жоқдур, мендей қәўендер жоқдур,
Қудая бийнаўадырман, бәлеге мупталадурман,
Нәйлейин, ыразыдурман, Юсип қәддини алды ғам.

Әлқысса, Юсип бул минажатты қылды, қараса, усы жерде Мәлик Раянның апасының қолында қырық күнлик баласы бар еди. Усы баланың тилинен Юсипти куткарғандай гүўалық пайда болды. Ол тилге келип, бул жуўапты айтты:

— Дөҳмет әйлеп оған шикаят етпе,
Халық ғәзеп әйлер, Мысыр әзийзим,
Бабам мени оған гүўа әйледи,
Юсиптин хүснине сәжда әйледим.

Әзелден кийинип ҳасыл липасын,
Жақсы билип ис ет, Мысыр әзийзим,
Сизиң алдыңызда Юсип ямандур,
Зилийханың дөҳметинен жападур.

Зилийха Юсипке жапа әйледи,
Юсиптиң налышын есит, әзийзим,
Патша болсаң, қараң дәрди-ҳалыны,
Нәзер ет Юсиптиң күйген ҳалына.

Айтар: дөҳметлерден ҳазар әйлеңиз.
Булдур гүўалығым болар, аңлаңыз,
Юсипти хор етпе, қәдир әйлеңиз,
Ҳақтың буйрығыдур, Мысыр әзийзим.

Әлқысса, жас нәресте бул жуўапты айтқаннан соң патша нәзер таслады. Қараса, Юсиптиң көйлегиниң жағасы жыртылып, арқасына шығып тур, патша Зилийхадан екенин билди. Мәлик шаҳ айтты:

— Әй, Юсип, бул сырды ишинде сақла, уллы адамлар бир-еки гүнаңды кеширеди, — деди.

Юсипти бурынғыдан да ҳүрметлеп, Зилийханың хызметине қойды. Патшаның кеўлинен бул ислер шығып кетти. Зилийха айтты:

— Әй, Юсип, Мәлик Раян не қылды, маған ҳеш нәрсе қыла алмайды, ҳәр не қылсам да мен қыларман, кейин мениң мурадымды орынла, — деди.

Юсип:

— Бундай исти ете алмайман, үмитиңди үз, — деди.

Енди ўәзир, әмелдарлардың қатынларынан тоғыз қатын Зилийханы масқара етип, «өзиниң қолындағы кулына ашық болыптымыш, әдира қалсын», деп сыртынан күлисер еди. Бул сөз Зилийханың қулағына тийди. Зилийха қатынларды зыяпатқа шақырып, өзимнен де бетер етейин, деп ҳәр қыйлы тағамлар таярлатады, қатынларды орынларына отырғызып, Юсипке:

— Булардың қолларына суў қуйып, зербарақ дастурхан жайып, хызметинде тур, — деди.

Юсип: — Әжеп болғай, — деп, қуман-ләген алып, қолларын жуўдырды. Қатынлар Юсипти көриўден бийҳуш болып жығылды, Зилийха олардың жүзине суў сеўип, хуўшына келтирди. Оннан соң дәстурхан үстине тағамлар тартты. Ҳәр қайсысының алдына еки табақтан тартып, үстине алтын пышақлар қойды. Қатынлар пышақты алып, туўрама туўраўға киристи, коллары етте, көзлери барқулла Юсипте болып, бармақларын туўрап отыра берди. Зилийха Юсипке ишарат етип:

— Есикке шық, — деди.

Юсип сыртқа шықты. Қатынлар қараса, қолларын кесип болыпты, қолларының азарынан дад-пәрияд етип жыласады:

— Зилийхажан, бизлер қәте еткен екенбиз, сени айыплап, масқара етер едик, ерлеримизге шерменде болдық, — деп Зилийханың аяғына бас урды.

Сонда Зилийха айтты:

— Бул ышқы нешше жылдан бери жүрегимди қан етер, сизлер тек бир көргенге тақат ете алмай атырсызлар, — деп, кеўлиндеги дәртин айтып, зар-зар жылап бир сөз айтты:

— Бул күн мен шын жүректен айтып оны сүйермен,
Мудам ышқы отын жутып, күйип-жанып сөнермен,
Нешше жыллар дәрти ҳалым, ада болмас ҳижраным,
Ашылмас бәлки ығбалым, жолында бир қәлендермен.

Жүз әлўан менен сөйлермен, Юсиптиң кеўлин излермен,
Периден пәк тазадурман, та өлгенше суўхандурман,
Мени айып етпең, жанлар, қәдирдан әзийз меҳманлар,
Жүзи гүл, көзлери мәстан, өли жаныныз меңдурман,
Зилийха бахтына жылар, Юсип деп бауырын салма,
Қашан бир ўақтын шағлар, бул сөзге мен пиринтарман.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Алғәрез, Зилийха бул жуўапты айтты. Сонда қатынлар Юсипти шақырып алып, хәр қайсысы бир нәсият етти. Бири «Зилийха менен мурадың хасыл ет» десе, және бири пинхан жерге апарып, Юсиптиң қолынан услап:

— Зилийхадан бизлер жақсырақпыз,бизлер менен сухбат қыл,мурадың хасыл ет,болмаса Зилийхаға айтып зинданға таслатамыз,— деп Юсипке өз кеўиллерин билдирди.

Юсип:

— Илгериги ғамым биреў еди,енди тоғыз әждарҳаға ушырадым,— деп жылады.

Юсип:

— Әй,нәзәлимлер,меннен бул исти дәме етпеңлер,егер бул исти қылар болсам,тек Зилийха менен қылған болар едим.Ол неше жылдан бери мениң ышқымда күйер,ғәзийнеде барын мениң жолыма сари етти.Өлимге ыразыман,хәргиз бул иске ыразы емеспен,— деп бул ғәззелди оқыды:

— Нәзәлимлер,бунша азар әйлемең,
Жетер сонша көргенińиз жамалым,
Нәкас исти маған рәўа әйлемен,
Ыразыман,ҳақ әйлесе халалым,

Қананның бүлбүли Яқыбы дилдар,
Иним Ибнияминжанға барабар,
Өткен бабаларым Хуршиди Қәдир,
Әлемге рәўшандур нуры жамалым.

Сабыр әйлермен хәр не жапа етишсе,
Хәр не бәле ҳақыйкатқа жетишсе,
Әзелде бахтыма қара етишсе,
Жетиспес хеш бирине пикири-қыялым.

Мени айып әйлемен ҳижран дағыма,
Қол жетпес шәмен ишрә бағыма,
Ақырында Зилийхадай ярыма,
Сизлерге жетиспес ышқы қумарым.

Атым Юсип,атам Яқып әзийзлер,
Бәрше Қанан халқы оған мусаххар,
Бул servlerди маған етпең миясар,
Өзгелерге жоқдур мениң ықласым.

Әлқысса,Юсип бул жуўапты айтты,қараса,қатынлар қәхәрге минип:

— Бул қулды тап өзи бас иймегенше зинданға салыў керек,— деп Зилийхаға кеңес етти.

Зилийха олардың сөзине инанып,патшаның алдына барып:

— Әй,патшаҳым,қананлы қулды маған мәхрем еттиң,халайық өсек айтармыш,Юсипти зинданға салмасаныз,мен өсектен қутылмаспан,— деген соң сөз Мәлик Раянға мақул түсти.

— Жәллад! −деп буйырды.— Юсипти жүз мың азап берип зинданға таслаң,— деп буйырық етти.

Жәлладлар келип, Юсиптиң еки қолына шынжыр өткерип,шынжырдың халқасын мойнына асып,апарып зинданға таслады.Юсиптиң кәсийети менен қараңғы зиндан күндизгидей жақты болды. Ишинде басқа да көп адамлар бар еди,Юсипти көрип сәлем берди,Юсип сәлемди әлик алды.Зиндан ишинде бир дарақ бина болды,оның бир шақасынан шербет,бир шақасынан хәр түрли таамлар таяр етти.Зиндандағылар буны көрип,Юсипке пәрмана болды.Жаңа дарақтан адамлар түрли таам жеп,шербетлер ишер еди.Юсип бир неше жыл зинданда болды.Бирақ Зилийха кеше-күндиз еткен исине пушайман болып жылар еди.Хеш бир илаж таппай,Юсиптиң жамалын бир көриўге ынтық болар еди.Ақыры Зилийха бир бәне таўып,патшалық липасларын кийип,жарақларын белине байлап, атланып зинданның есигине барып,зинданшыға сиясат етти:

— Не ушын Юсиптиң қол-аяғын бос қоясаң? −деди.

Буннан қорыққан зинданшы Юсипти далаға алып шығып,Зилийхаға көрсетти.Зилийха Юсиптиң жамалын көрип,бир қанша маўқын басып изине қайтты.Үйине барып зары-гирян болып,баўырын ызғар жерге берип жылады. Зилийханың ышқы күн-күннен зыяда болып, және зиндан тәрепке барды,зинданшыға:

— Юсипти далаға шығарып,таяққа силейтип урың,нала шегип жылағанда жаным рәхәтленсин, — деди.

Зинданшы Зилийханың айтқанынан да бетер етип урады,даўысын еситип Зилийханың жаны хәз табады.Бир күни Зилийханың бир кәнизеги айтты:

— Әй,нәмәрт,арсыз,бул исти сен қоймадың.Ол ақыллы екен,жүз мың жапаға ыразы болып,сабыр етпекте,сенде хеш бир тақат жоқ,— деген соң Зилийха намыс етип,«маған сабыр-қарар бергил,яки аманат жанымды алғыл»,деп бир минажат айтты:

— Әй,Юсиптиң бабасы,арзым саған: ярымды бер,
Ғунша яңлы бағ ишинде өскен әнарымды бер,
Өмиримди қазан етпей,ол паслы бәхәримди бер,
Я ал бул аманатты,я сабыр-қарарымды бер.

Дәртим ҳеш тынланбады,бәркулла мен зар әйлеп,
Ышқында күйип ярдың,қайғыдан қәҳәр әйлеп,
Ҳижран менен ышқың шын қәлиптен жаным өртер,
Я ал бул аманатты,я сабыр-қарарымды бер.

Мен жанып ада болдым,бунша мени ҳазар етпе,
Кеўлиме салып меҳриңди,баўырымды кәбап етпе,
Енди маған тақат жоқ,артық сабыр-ғәзеп етпе,
Я ал бул аманатты,я сабыр-қарарымды бер.

Алғәрез,бул ғәззелди Зилийха айтып болғаннан соң өз дини бойынша ибадатқа машқул болды. Юсип зинданда жатқан жылларын есапласа,бир өжиреде үш жыл,бир өжиреде жети жыл,бир өжиреде он жыл жатыпты.Зинданда жата-жата әбден зықы шыққан Юсип тәғдирге налып,бул ғәззелди оқып еди:

— Неше жыл ша ишинде әжеп мәнзил ойларман,
Өзимди бийсаат сезип,бийтақат түрле сөйлермен,
Рыйзаман мен зинданға,атам ҳижранына жыларман,
Апам,Ибнияминжанды көрмейин енди нәйлермен,
Қудай ҳақы,атамның ҳалынан бир хабар жеткер.

Ҳасла жоқдур тақатым,ҳижранынан мүшкил ҳалым,
Пәрўанадай шам үстине ҳәргиз тақат қылмадым,
Ҳақ кеўлимнен жан ишинде ойларман аның пырақын,

Әлқысса,Юсип жылап отырып бул ғәззелди айтқан ўақлары бабасынан саза келип:

— Көп бийтақат бола берме,ўақыт жақынлады,ғам жеме,әлемге султан боларсаң,Мысыр ели саған бенде болар,қул деп сатқан ағаларыңды алдыңа әкелип шерменде етермен ҳәм түстиң жорыўын саған билдирермен,ҳәр ким сениң аўзыңнан шыққан сөзди қабыл етер,— деп,бир ақ мөҳир берди ҳәм оны Юсип аўзына салды.Кеўли көтерилип,қараған тәрепи рәўшан болды,илим-ҳикмет ҳәм түс жорыў өнерлерин Юсипке инам етти.Зинданның гилти Юсиптиң еркинде қалды.Юсип зинданды ашып:

— Үйлериңе барыңлар,— деди.

Олар:

— Егер бизлерди жолда тутағойса,бул күнимизден де бетер бәлелерге гириптар етеди,— деди.

Сонда Юсип:

— Мен сизлерге бир нәзер етемен,сизлерди ҳеш ким танымайды,— деди.

Зинданда жатқан бир мың төрт жүз тутқынның барлық төрт жүзи рухсат алып кетти, мыңы «Юсиптен ажыралмаймыз»,деп қалды.

Юсиптиң ели-халқы есине түсип,зар-зар жылап,зинданның пәнжересинен қарады.Жолдан түйе минген қананлыға усас бир адам өтип баратыр еди.Юсип қол былғап:

— Хабарласып кет,— деп қышқырды.

Ол адам Мысырда саўдасын питкерип,Қананға кетип баратыр еди.Қайырылып келип,түйесин шөгирип,зинданның пәнжересинен қарап:

— Не арзың бар? —деди.

Юсип сораў берди,жигит жуўап қайтарды:

Юсуп:
— Әй,кәрўан,хабар бер,сеннен тилейин,
Қай жерден боларсыз,үйлер аман ба?
Сөйле,сениң мәканыңды билейин,
Қай жерден боларсыз,үйлер аман ба?

Саўдагер:
— Кимсең жаным,меннен саўал сорайсаң?
Даўысың жағымлы маған унайсаң,
Телмирип жүзиме бағып қарайсаң,
Әй,бийтаныс,хаслың жапалы көрдим.

Юсуп:
— Жети жылдур,зиндан ишинде басым,
Гүналыман,Мысыр әзийзинен алдым дадым,
Қананда бир ғарры болып тур дағым,
Бани Исрайллы бабам аман ба?

Саўдагер:
— Меннен хабар сорсаң,Шам ели Қанан,
Онда мәканымдур,Мысырда меҳман,
Сөйле,иште сөзиң қалмасын бийәрман,
Сениң бул ҳалыңды билмеге келдим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Юсуп:
— Нешше жыллар айра түстим атамнан,
Тақатым жоқ ша ишинде жатқаннан,
Нешше жыл өтипти,билмем,арадан,
Ол Якып әзийзлер,еллер аман ба?

Саўдагер:
— Сорасаң Яқыпты бийқарар өзи,
Улы Юсип ушын интизар өзи,
*Шам* басшысы күтер ол қара көзи,
Сени оннан бетер ызалы көрдим.

Сөйле,әй,жан,кимсең,Яқып дийерсең,
Онын ушын ғамгүн болып жыларсаң,
Я мәгар жоғалтқан қозысы сенсең,
Шекер сөзлериңди мазалы көрдим.

Әлқысса,кәрўан жигит сөзлерди еситип,жолға рәўана болды,неше мезгил жол жүрип,Қананға жетти.Юсиптиң сәлемин Яқыпқа айтып,көрген ўақыяларын бирме-бир баян етти.Яқып:
— Юсипти қандай жағдайда көрдиң,— деди.
Кәрўан:
— Мысыр шәхәриниң зинданында көрдим,қолы байлы,жүреги дағлы,жети жылдан бери зинданда жатыр екен. Жол үсти өтип баратыр едим, кышқырды, қайырылдым, зинданнын пәнжересинен жүзиниң шуғласы көшеге барқ урып тур.Лийкин көре алмадым,атын сорасам,«Яқып атама зинҳарлап айт,жойтқан бир қозысы бар екен,атын ядына түсирсин»,деп айтты.
Яқып бул сөзлерден кейин бир аҳ урып есинен танды,тағы ҳуўшына келип,зар-зар жылап бул ғәзелди оқыды:

— Налыш етсең ыразыдурман,
Мени бундай зар әйлеме,
Юсипти көрмей өлермен,
Мени бундай зар әйлеме.

Юсипти сақла ҳәр жайда,
Шөли,қыры,биябанда,
Жүрегим жүз мың әрманда,
Әрманлы жүрегим азар әйлеме.

Менин Юсибимди келтиргил,
Я бул аманатың алғыл,
Жүзим туттым,қабыл еткил,
Ҳижраны дилдар әйлеме.

Еки жүзи гүл Юсубим,
Ҳаўазы бүлбил Юсубим,
Кекили сүмбил Юсубим,
Ҳижранда бемар әйлеме.

Жеткергил маған қозымды,
Еситкил аҳыў-зарымды,
Рәўшан әйлегил қозынды,
Зулымлыққа дуўшар әйлеме.

Дәртиме дәрман Юсубим,
Көзлери мәстан Юсубим,
Жылатпағыл кан,Юсубим,
Мени бундай хор әйлеме.

Әлқысса,Яқып зарын еситип,перзентлери жыйналып:
— Әй,ата,неге буншама пәрияд етесиз,не ўақыя болды,әлемге ғәплет түсти ме?,— деди.
Яқып айтты:
— Әй,балаларым,бүгин Юсибимнен хабар еситип турман,— деди.
Сонда уллары:
— Ким хабар келтирген? — деди.
Яҳуўда,Шамун ҳәм басқалары бирден шаўқым көтерип,жигитке:
— Әй,харамзада,Юсипти бөри жегеннен бери қанша жыллар өтип кетти,атамыздан бир нәрсе алыў ушын жалғаннан атамыздың сөнген отларын жаңадан тутандырмақшымысаң? — деп ҳәр қайсысы бир муш урды.Ол қорыққанынан қашып кетти.Яқып балаларынын бул қылығын көрип, және наўмид болып,зар-зар жылап отыра берди.
Әлқысса, ендиги сөзди Мағруби замин патшасының Мысыр патшасы Мәлик Раянға қарсы урыс ашыў жөниндеги хабардан еситиң.Мысыр патшасы ўәзирлери менен кеңесип,урыс әнжамын таярлап қойды.
Күнлерден бир күни зинданда бийтақат болып шықты,ертеңине зиндандағы жатқан адамларға:
— Мен бир нәзер етейин,сизлер әўмийин ден,— деп мына ғәзелди оқыды:

— Қырық жыллдур,көзде жасым тыйылмас,
Әўмийин деңлер,хақтан инаят болғай,
Қараңғы зинданда жер,ай билинбес,
Үмит әйлең,хақтан инаят болғай.

Сабыр әйлең,жақын заўқы-сапамыз,
Умыт болар көрген жәбир-жапамыз,
Бир-биреўге ўәде менен ўапамыз,
Тилегиме бүгин инаят болғай.

Шын жүректен жыласаңыз бәриңиз,
Қабыл болар сизиң аҳыў-зарыңыз,
Мениң бабаларым болғай ярыныз,
Олар еки дүнья инаят қылғай.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Юсип айтар, бир гүл едим, солмышам,
Айралық отына күйип-жанмышам,
Якыптың көксине жара салмышам,
Тилеклес бол, хактан инаят болғай.

Әлқысса, бул ғәззелди оқып болғаннан кейин аспаннан саза келип:

— Әй, Юсип, ағаларың өлтирмекши болды, ким сақлады, Зилийха менен зина қыларда ким сақлады, Мәлик Раян дөхмет пенен өлтирмекши болды, ким аман сақлады, сени сонша бәледен сақлаған адамлар, зинданнан шығарыўға да қудирети келер. Мәлик Раян дадыма жетсин дедиң, сабыр ет, — деп ушып кетти.

Мысыр халқының ҳәр жылы бир байрамы болар еди. Байрамға әмелдарлар, мөҳирдарлар, уллы-киши, қыз-жаўан ҳәм жигитлер жыйналып, саз-сәўбет етип, арақ-шарап ишип отырды. Мәлик Раян кеште жатып түс көрди. Түсинде Нил дәрьясынан жети семиз сыйыр, жети арық сыйыр шықты ҳәм жети жас буўдай көгерди, және жети куўрақ буўдай пайда болды. Жети арық сыйыр жети семиз сыйырды жеди ҳәм жети куўрақ буўдай жети жас буўдайды жеди. Патша шоршып оянып барлық жасаўыл, ақсақал, ўәзир, уламаларын жыйнап, көрген түсин баян етти. Ҳешким бул истиң жорылыўын айта алмады. Патша дарғазап болып айтты:

— Қырық күн мәўлет беремен, егер қырық күнде жуўабын бермесеңлер, ҳәммеңизди дарға тартаман, — деди.

Бир күни патшанын Сақа атлы ўәзириниң бир ўақлары Юсипке түс жорытып, жуўабы туўры келгени есине түсти. Сақа зинданға келип, Юсипке диз шөкти:

— Баяғыда саған түс жорытып, туўры келген еди, — деди.

Юсип айтты:

— Қандай түс көрдиң? — деди.

Сақа патшаның түсин бир-бир баян етти.

— Бул түс сениң көрген түсиң емес ғой, — деди. — Бул түсти Малик Раян көрген шығар, — деди. — Бул түстиң жуўабын меннен басқа хеш ким билмейди. Жети семиз сыйыр дегениң жети жыл абаданшылық болар, жети арық сыйыр дегениңиз жети жыл ашлық болар, жети жас буўдайды жети куўрақ буўдай жесе, жети жылға шекем аспаннан ләм түспес ҳәм жети жылға шекем жерге нәрсе көгермес, көп адамлар набыт болар, — деди.

Сақа бул жуўапты бирме-бир патшаға тәкирар етти. Патша буны еситип, ишине от түсип, сабыр-қарары қалмады ҳәм Сақаға айтты:

— Бар, сол адамның өзин алып кел, бунның шарасын соның аўзынан еситейин, кеўлим жай болсын, — деди.

Сақа зинданға келип, патшаның шақырып атырғанын айтты. Сонда Юсип:

— Мен патшаға не гүна еттим, ҳағына жетпей мени зинданға таслап қойыпты, гүнам болса мени өлтирсин, гүна Зилийхада болса, мениң дадыма жетсин, — деди.

Сақа Юсиптиң айтқанын патшаға бир-бир баян етти, патшаға бул сөз мақул түсти ҳәм тоғыз қатын менен Зилийханы алдырды. Қатынлардан:

— Гүна Юсипте ме, я Зилийхада ма? — деп сорады.

Қатынлар:

— Гүна Зилийхада, Юсипте гүна жоқ, — деди.

Сонда патша Зилийхаға: — Үш талақ, — деп өз некесинен өширтти. — Юсипти алып келиң, — деп ат-тон, сарпай берип, зинданға адам жиберди. Адамлар Юсипке патшаның шақырып атырғанын айтты. Юсип оларға:

— Мен зинданнан бир өзим шықпайман, жанымдағы адамларды да азат етип, оларға ат-тон, сарпай әкелсе бирге шығамыз, — деди.

Патша оларға да ат-тон, сарпай жибергизди. Бәршеси зинданнан шығып, кийинип, атқа минип, шәҳәрге қарай жүрис етти. Юсип олардың ортасында еки бетиниң шуғласы күнниң нурындай көшеге барқ урып барар еди. Көрген адамлар ақылын жойтып, ҳайран болар еди. Мәлик Раян да алдынан шығып, өз тилинде иззет- ҳүрмет пенен Юсипке сәлем берди, Юсип те әлик алды. Бәри келип сарайға кирди, Юсипти алтын тахтқа отырғызды. Дастурхан жайып, түрли тағам тартылды, аўқаттан соң патша датқа жайға барып түсин айтты, Юсип былай деп жорыды:

— Жети жыл тоқшылық болып, ел-журт айшы-ишретте, парахатшылықта жасар, қой менен бөри бир наўадан суў ишер, жети жылдан кейин соныңдай ашлық болар. «Нан, нан», деп жан беретуғын болады. Бунын жуўабын хеш ким билмес, биз билермиз, — деди.

Мәлик Раян орнынан турып, бул ғәззелди айтты:

— Әй, Юсипжан, атың болсын Мысыр әзийзи патша,
Хызметинде турайық биз сени қорғап бәрха,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тахтың мүбәрек болсын,қарағанша ал мудам,
Усы тахтым саған болсын,малы жаным да мудам.

Шатырың алдында жүрер пәйик болып жел киби,
Артында тазы ертип,оң қолыңа қаршыға,
Күнбе-күн ҳүснинң зыяда,өзин де палўан киби,
Ақ жүзинде барк урар хүри-саўлатлар бәрҳа.

Усы түстиң азабынан запыран болды жүзим,
Әйлеңиз келген бәлени басымыздан ҳәм жуда,
Зилийханың дөхметинен сизге көп жапа еттим,
Тәўбе еттим,дәргайында әпиў ет манзур тутып,
Мениң аппақ жүзлериме Малик қара жаққанша.

Әлқысса,Малик Раян бас болып,тамамы әмелдар ҳәм беглер,халықлар Юсипти Малик Раянның орнына патша етип тахқа миндирди.Малик Раян патшалықты ҳәм ғәзийнениң гилтлерин Юсипке тапсырды.Юсип халыққа жар урды:

— Ҳеш бир жер бос қалмасын,ҳәр түрли егин егинлер,ғәлле көп болсын,ашлық бәлеси жақынлады, — деди.

Соннан кейин тамамы Мысыр халқы дийқаншылық етти,дәнлерди бир жерге жыйнатып,дәннен қала бинә етти.Арадан жети жыл өтти.Бир күни Юсип халыққа жар шақыртып:

— Жети жыл болды,бүгин ярым ақшамда ашаршылық басланады.Ҳәммеңиз орынларыңыздан аш болып турасызлар,егер жәҳәнниң тамағын жесеңлер де тоймайсызлар.Тап жети жылға шекем аспаннан ләм тамбайды, жерге гия көгермейди, дәрьялар қурып қалады, бир-биреўге мириўбет болмайды,соныңдай ашлық болады,айтып да болмас,буған албырамай бәрдам болыңлар, — деди.

Бәрше халық Юсиптен бул сөзди еситип қайғыланып,зар-зар жыласты.

Анық ярым ақшам болғанда Мәлик Раян орнынан аш болып турды,қатты зарланды.Алдына ҳәр қыйлы тағамды әкелип қойды,ҳеш тоймады.Сарайдан сыртқа шығып көрсе,тамамы халық топ-топ болып,бир-биреўге асылып барар еди.Аспаннан ләм түспеди,гия көгермеди,тамамы ағашлар қуўрады, бәрше жыйылған ғәллелерди биринши жылы-ақ жеп болды.Екинши жылы малларды жеп болды, үшинши жылы тамамы алтын-гүмислерди сатып жеп болды.Төртинши жылы тамамы үскенелерди сатып жеп болды,бесинши жылы қул ҳәм бәшшелерди сатып жеп болды.Алғәрез,алты ай қалды, ишпеге-жемеге ҳеш нәрсе қалмады.Халайық жыйналып Юсиптиң есигинин алдына келип пәрияд ете баслады.Сонда Юсип мына ғәззелди оқыды:

— Рәҳим әйлең ғәрип бийшараларға,
Аш-жалаңаш жүрген әптадаларға,
Жараттың,қүдиретиңнен әй,қудайым,
Нәзер сал,рәҳим әйле бул бийшараларға.

Көтердим қарсы турып неше бәлени,
Бабам қабыл еткил ушбу наланы,
Көгергил,бина ет жумла даланы,
Төгип рәхметинди бул бийшараларға.

Болып тур қыйын ҳалымыз мудам,
Қабыл етип мениң пәряды-налам,
Бул ҳаққы хүрмети,хәзирети адам,
Даўа еткил ғәрип бийшараларға.

Әлқысса,Юсип бул мүнажатты тамамлағаннан соң сол ўақлары жерден саза келип айтты:

— Жамалыңды Мысыр халқына ырысқы қыл,ҳәр күни сениң жамалыңды көрген халық ас-суў ишиўди ядынан шығарып,нурға тояды, — деди.

Юсип халыққа қышқырды:

— Әй,халайық,кәрўан сарайға барыңлар,зыяпат қыларман, — деди.

Халайық топ-топ болып,бир-бирине сүйенисип сарайға ағып бара берди.Юсип патшалық липасын кийип,өзине сән берип,саўлатлы алтын жығасын басына шаншып,жолға жүрис етти.Жүзине нықап тутып,хүр запыран ийиси ҳәр тәрепке жайылып,майданға шығып:

— Әй, халайық, маған нәзер таслаңлар, мениң жамалым сизлерге ырысқы болар, шөллесеңиз шербет,аш болсаңыз аўқат болар, — деди.

Халық бул сөзди еситип,жыйналып Юсиптиң жүзине қарады.Қараса,сәскеде шыққан күнниң шуғласындай жамалы жәҳанды таңландырады,көрген адамлардың бәри бийҳуш болып жығылды. Және ҳуўышына келип,ашлық,шөллеў дегенлерден қутылып,жаны рәҳәтленди.Ашлық тамам болғанға шекем Юсип бул қәсийети менен тамамы халықты асырап,тоқшылық заманға алып шықты.Жети жыл өткен соң дәрьяның суўлары рәўан болды,аспаннан жаўын жаўды,гиялар көгерди,тамамы

www.ziyouz.com kutubxonasi

бәлелер Мысырдан көтерилди, Мысыр халқы сондай парахат болды, онда қайғы-ғамлық ҳеш ким де қалмады. Ҳәмме халық Юсиптиң аяғына жығылып, миннетдаршылық билдирди.

Әлқысса, еки аўыз Зилийхадан еситиң.

Зилийха Юсип деп удайы зар жылар еди, оның ҳалына ҳеш кимниң реҳими келмес еди, оның ашықлық дәртинен өртенгенин көрген адамлар масқара етип күлер еди. Юсип атқа минип шықса, ат мудамы киснер еди, оны Зилийха еситип, күн-күннен дәрти зыяда болды, боз-боран болып жылар еди. Тақат етип шыдай алмаған Зилийха мына ғәззелди айтатуғын еди:

— Әжеп ҳикмат пәлектиң гәрдишин жисмим бина қылды,
Юсип деп кеше-күндиз әзийз өмирим ада қылды,
Көзимниң қалмады нуры, азап берди пәлек дәрти,
Гөне ҳәсирет бул ис жәбир жолына мүптала қылды.

Шегип ышқында жүз ҳәсирет, денемде қалмады қуўат,
Юсипжан, бир заман тоқтап есит, бахтым қара болды,
Мен едим шад, кеўилим де шад, Юсип еди маған бенде,
Неше жыл дағы-ышқында мен ғәрипти бийнаўа қылды,
Зилийха дағлы ҳәсиретте, ҳәмийше дәртли мийнетте,
Юсип айшы-ишертте, Зилийханы қара қылды.

Әлқысса, Зилийха бул жуўапты айтып турғанда, Юсип ат ойнатып Зилийханың қасына келди, Юсиптиң ийиси Зилийханың тамамы ағзаларына жайылды, сонда ол бийықтыяр нала шегип жылады. Юсип айтты:

— Әй, қатын, неге бунша нала қыласаң? Мениң заманымда ҳеш ким бир адамнан хорлық-зорлық көрген емес, сен кимнен хорлық көрдиң? — деди.

Зилийха айтты:

— Қырық жыл болды, сениң ышқыңда күйемен, мениң ҳалыма реҳим етпейсең, — деди.

Сонда Юсиптиң қәҳәри келип:

— Әй, бийар, бийнамыс қатын екенсең, елеге шекем ышқыдан гәп қозғайсаң, — деп атына бир қамшы урып айдап кетти.

Зилийха наүмид болып, өз сарайына барып, ата-бабаларынан қалған бутларға сажда қылып, «мениң мүшкилимди аңсат ет, маған мәдет, қуўат бер», деп мүнажат етти. Буттан саза шықпады, Зилийханың қәҳәри келип:

— Бул дүньяда сеннен не ўапа көрдим, ақыретте не ўапа көрермен, — деп бутларды шетинен урып сындырды. — Юсипти маған бағыш әйле, — деп жалынды.

— Қудайым, оның меҳрине,
Кеўлимди ашна әйле,
Юсубимниң жамалына,
Жетиўиме шара әйле.

Неше жыллар қәте қылдым,
Бул жаныма жапа қылдым,
Өзинди мүптала қылдым,
Маған енди раўа әйле.

Болып күпир муҳаббатта,
Өтти өмирим машақатта,
Ҳәмийше дәрди-мийнетте,
Үмит еттим, ўапа әйле.

Юсип болыпты мурадым,
Мени оны сүйдим, қәледим,
Қудадан соны тиледим,
Кеўилинен сада әйле.

Сен мениң дадыма жеткил,
Гүнайым көп, оны өткил,
Жығылдым мен, қолым тутқыл,
Тилегимди қабыл әйле.

Зилийхаға инаят қыл,
Дуўасына рухсат қыл,
Туўры жолды инам еткил,
Бул дәртиме шыпа әйле.

Әлқысса, Зилийхаға бул мүнажатты айтып зар-зар жылап жалбарынды. Көктен саза келип Юсипке:

— Зилийханың қырық жылдан берли қалған кеўлин алып, пәрмана бол, — деди.

Юсип бул сөзлерди еситип, Зилийхаға рәўана болды. Қызлар, Юсип киятыр, деп Зилийхаға хабар етти. Зилийха айтты:

— Мениң гөне дәртимди қозғап масқара етпесин, — деди.

Қызлар «Ырастан киятыр», деп ант-суў ишти. Сонда Зилийха шаққан жүрис етип, Юсиптиң

www.ziyouz.com kutubxonasi

алдынан шықты. Юсип жақын келип:

— Әй, Зилийха, ҳалың қалай? — деди.

Зилийха айтты:

— Әй, Юсип, қырық жылдан бери сениң ышқыңда жүрегимде от жанады, еле де оның қозы өшкен жоқ, — деди. — Егер бул сөзиме исенбесең, қолыңда не зат болса, соны аўзыма жақынлат, не болғаның көресең, — дегенде Юсип қолындағы алтын саплы қамшысын Зилийханың аўзына жақынлатқаны сол, аўзынан лаўлап от шықты, қамшы жерге ерип түсти. Юсип бунық ҳақыйқат ашық екенлигин енди түсинди. Зилийхаға:

— Ҳәр не мурадың болса айт, мен бәрин питкерейин, — деди.

Зилийха айтты:

— Әй, Юсипжан, кеўлимдегини айтсам, сен қылмассаң, оннан кейин мениң ҳалым буннан да бетер қарап болар, — деди.

Анда Юсип:

— Ҳәр не мурадың болса орынлайман, — деп ант ишти.

Сонда Зилийха Юсипке қара бир ғәззел айтты:

— Қырық жыл болды, ышқы отына жанмышам,
Мурадым, мақсетим — ярға жеткерсе,
Дәртли мийнет-бәлелерге көнмишем,
Әрман қалмас, ықтыярға жеткерсе.

Сийнем яңлы бостан болса гүл шәмен,
Ҳақ әйлесе көзлериңди рәўшан,
Хызметиңде жақсы-жаман әнжуман,
Қол қаўсырып аҳыў-зарға жеткерсе.

Жасым он төрт пенен он бесте болса,
Тилим де ҳақ сөзли ҳәм қәлем болса,
Мақсетим — Юсипжан кәтқуда болса,
Тилегимди бириўбарға жеткерсе.

Өмирим өтсе хызметиңде, Юсипжан,
Әзийз жаным болсын жолыңда қурбан,
Өткен өмирим хеш әйлеме пушайман,
Мен ғәрипти гүлзарларға жеткерсе.

Зилийха сырыны баян әйледи,
Өткен өмиримди бәрбад әйледи,
Нешше жыллар шаҳы дийдар әйледи,
Әрман қалмас енди ярға жеткерсе.

Әлқысса, Юсиптиң Зилийхаға рәҳими келип:

— Әй, Зилийха, қол көтер, мен ықлас қылайын, — деди.

Зилийха қол көтерди, Юсип ықлас етти. Ықласы қабыл болып, Зилийха он бес жасар қыз болды, жүзлери нурдай минаўўар, он төрт кешелик ай киби, ҳусни-жамалы әлемге барқ урып, қәдди зийба, ҳүри-ғулман яңлы қыз болды. Юсиптиң нәзери Зилийхаға түсип, ышқы заўық урып, Зилийханы мойнынан қушақлап, бийҳуш болып жығылды. Жүзине суў сеўип ҳуўшына келтирди. Юсип орнынан секирип турып, кеўли жай тапты. Зилийха айтты:

— Әй, Юсип, не ушын мойныма асыласаң, уял, өзиңе жапа етпе, — деп жүз наз жылўа етип турды.

Сонда Юсип:

— Мениң дадымды есит, — деп бул ғәззелди оқыды:

— Алысты, жанды жанымыз,
Зилийхажан, жиги-жиги,
Қурыды тәнде қанымыз,
Зилийхажан, жиги-жиги.

Қара бул жаққа, сәўдигим,
Бир қара және, сәўдигим,
От салма жанға, сәўдигим,
Зилийхажан, жиги-жиги.

Ол дүньяның ҳижранйны,
Хусниңнен алсам бажыны,
Бағыш етейин таж-тағымды,
Зилийхажан, жиги-жиги.

Жандырмағыл бул жанымды,
Арттырмағыл пығанымды,
Еситкил аҳыў-дадымды,
Зилийхажан, жиги-жиги.

Қалды Юсип жапасына,
Ышқы оты бәлесине,
Рәҳим еткил гедасына,
Зилийхажан, жиги-жиги.

Әлқысса, Зилийхаға қайта-қайта жалынды, қабыл қылмады. Юсипке жылўа-наз бенен таўыстай таўланып, өзине әбден гириптар етип, бәдер қашты. Юсип изинен қуўып барады, Зилийха есикти иштен илип, пинҳан жерде жасырынды. Юсип зар әйлеп есикте турды, Зилийха оның зарына қарамады. Ақыры Юсип сарайына келип, баўырын суўық жерге басып жатты, арадан қырық күн

www.ziyouz.com kutubxonasi

өтти. Зилийханың қырық жыл шеккен жапасын Юсип қырық күнде тартты. Бир күни нала шегип отыр еди, көктен хабар келип:

— Әй, Юсип, Зилийха менен некеңиз қыйылды, той етип ал, — деди.

Юсип бул сөзге ўақты хош болып, Мәлик Раянды Зилийха менен қабыл етти. Мысыр халқы кеше-күндиз той-тамашаға сүйинши соратып жиберди. Зилийха бул сөзди қабыл етип, Зилийханы некелеп, бир үйге киргизди. Ашық-машықлар бир, бирине шырмасып, мурадына жетип шад болды. Юсиптиң даңқы кем-кемнен ҳәммеге жайыла барды. Оның тәрийпин еситип, ҳәр тәрептен адамлар келе берди. Шам менен Қанан шәҳәринде де қымбатшылық болды. Тамамы халықлар Мысырға келип ғәлле алып кетер еди.

Бир күни бул хабарды Юсиптиң атасы еситип, балаларына айтты:

— Әй, перзентлерим, Мысыр патшасы ўалаяты жүдә тоқшылық, патшасы әдил екен, ғәриплерге меҳрибанлық қылар-емиш, сизлер де барып патшасын көрсеңиз, мәгар сизлерге де меҳрибанлық етсе не болғай, — деди.

Онда балалары айтты:

— Әй, ата, бизлерде оларға апарғандай зат бар ма, саўда сатыққа не апарамыз? — деди.

Сонда атасы айтты:

— Әй, перзентлерим, ҳәр не писетиңизде барыны алып барың ҳәм әўлад-әждадыңызды баян етип, олардың ҳүрмети-шарапатынан шаҳ сизлерге меҳрибанлық қылар, — деди.

Бул сөз балаларына мақул түсти. Ҳәр қайсысы еки түйеге зат жүклеп кетер болды. Яқып айтты:

— Әй, перзентлерим, мениң пәндиў-нәсиятымды тутыңлар, патша не ис буйырса жан-тәниңиз бенен қабыл қылыңлар, мениң Юсибимнен хабар сораңлар, уллы патша екен, ҳәр жерден хабары болады, мениң сәлемнамамды жеткериң, — деп бул наманы жазып берди.

— Әй, Мысыр шаҳы, мениң жойытқан қозымнан бер хабар,
Аты Юсип, сәрўи қәўмет, көрер көзимнен бер хабар,
Қырық жыл болды, әй шаҳым, Юсиптен пыған шекмишем,
Жәўҳары қуяш яңлы ай жүзлимнен бер хабар.

Көр болды жылаған дәрти-пырақынан көзим,
Тақатым жоқ болды, қараңғы-күндизимнен бер хабар.
Талайым бул ҳәсиретим рапаным пыҳаным ўай-әй,
Күн шуғласы тәризли жулдызымнан бер хабар.
Яқыптың сөзиниң сереси тилинде зикиридур,
Рәҳәти жаным мениң, шийрин сөзлимнен бер хабар.

Әлқысса, балалары атасынан рухсат алып, жолға рәўан болды. Бир неше әйям жол жүрип, Мысыр шәҳәрине жетти. Юсип шәҳәрдиң төрт тәрепинен қараўыллар қойып, патшаның рухсаты менен шәҳәрге киргизер еди. Юсиптиң он ағасы қараўылға қарамай өтер болды, буны «Қананнан келген ҳәр қайсысы Рустемдей айбатлы он саўдагер рухсатсыз өтемиз деп атыр», деп Юсипке хабар етеди. Юсип булардың кимлигин билмей, хайран болып отыр еди. Көктен саза келип:

— Хабарың болсын, ол сени қул деп сатқан ағаларың, — деди.

Юсип бул сөзди еситип, ўәзирлерине:

— Мени қул етип сатқан ағаларым келди, — деп, бар сырын бир-бир баян етти.

Ўәзирлер айтты:

— Әй, шаҳым, не ушын оларға қаталлық етпейсиз? — деди.

Юсип айтты:

— Бизге жапа қылды, биз оларға ўапа қыламыз, бул сөзди ишиңизде сыр сақлаң, хеш ким билмесин, — деп ағаларына адам жиберди.

Олар келип сарайға кирди. Сарай дийўалларына тамамы алтын суўы менен нағыш салдырған, ишинде бир патша отырыпты, жаҳан тахтына ылайық, жүзинде тоғыз қабат перде, пердениң ишинде жүзиниң шуғласы жаҳанға жақты берип тур. Он тәрепинде бир нешше ханлар, шеп тәрепинде бир нешше қатын, яранлар, бегзадалар, султанлар отыр, бул көринис хошҳаўаз қосықшы, сазенде, гөйенде, хызметкерлер, жүз мың зийнет, салтанат пенен отырып-турыўлар, буларды ағалары көрип ҳуўышы басынан кетти. Ақылын жойтып, еки қолын көксине қойып, жапырақтай қалтырап турды. Көп ўақтан соң сәлем берди Юсип сәлемди әлик алды. Оларды көрип, басынан кеширген азабы есине түсип, жыландай толғанды, және туўысқанлық меҳри есине түсип, қапа болып бийтақат болды. Бираздан соң:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Әй,жигитлер,қайдан келесиз,қайсы елдиң перзентлери боласыз? — деди.
Олар:
— Әй,шаҳы сәрўары,бизлер Яқыптың уллары болармыз,журтымыз Шам менен Қананда,деди.
Анда Юсип айтты:
— Яқыптың неше улы бар,өзи қандай адам? — деди.
Сонда олар:
— Атамыздың он еки улы бар еди,ҳәзир он бири бар.
Юсип айтты:
— Және бири қайда? —деди.
Сонда олар:
— Кишкентайында бөри жеди, — деди. — Атамыз соның пырақында жылай-жылай көзи әзиз болды,кеше-күндиз тынбай бозлайды. Сизиң абырайыңызды еситип,сизге нама жазып жиберди,— деп,наманы берди.
Юсип наманы алып,бийтақат болып,зар-зар жылады. Соң:
— Әй,Яқыптың уллары,не ушын жалған сөйлейсизлер,атаңыздың жиберген намасында «Юсип тири»,депти. Иниңизди бөри жегеннен нышаны жоқ екен,— деди.
Сонда олар даў шығарып:
— Жегени ҳақыйқат,бизлер жанында едик,— деп ант суў ишти.
Сонда Юсип айтты:
— Әй жигитлер,бул сөз ялған,— деди.
Сонда олар:
— Бир қарақшы өлтирген болыўы керек,— деди.
Юсип айтты:
— Иниңиздиң аты ким болар? — деди.
Олар:
— Юсип,және биреўи Ибниямин болар,— деди.
Сонда Юсип жыландай таўланып,жасаўылларға:
— Оларды сарайға апарып хызмет етиң,— деп буйырды.
Жасаўыллар оларды кәрўан сарайға апарып жайластырды. Юсиптиң еки улы бар еди. Юсип еки улына:
— Олар сениң аталарың болады,әкеңди қудыққа таслаған ҳәм сегиз қара теңгеге сатқанлар ҳәм солар,— деди.
Сонда олар:
— Әй,ата,ондай болса,неге оларды қыйнамай,меҳрибанлық қылдыңызлар? — деди.
Юсип:
— Әй,улларым,жапа орнына ўапа қылмақ керек,барып қол қаўсырып хызметинде турыңлар, қандай хызмет буйырса,жан-тәниңиз бенен қабыл етиңлер,— деп хызметине жиберди.
Әлқысса,Юсип ағаларына «хош аллияр»,деп қайтыўға ҳа дегенде жуўап бермеди. Келген саўдагерлер саўдасын питкерип қайтты,булар көп кәўетерде болып,«билқастан услап отыр»,деп ойлады. Бир күни Юсип ағаларын шақырып айтты:
— Сизлердиң атаңыз Юсипти аман,деп намаға жазып жиберипти, бул сөз енди бизге гүман болды. Егер сизлер ҳақ болсаңлар,биреўиңизди бунда таслап,басқаңыз кетип,иниңизди алып келиң, ыраслығы мәлим болсын,болмаса сизлерди бул сөз бенен жибермеймиз,— деди.
Сонда олар:
— Әй,шаҳы әлам,бизлердиң жас балаларымыз бар,олар ашлықтан исип атыр,және атамыз көп кәўетерде,бизлерге рухсат етсеңиз не болғай,— деди.
Юсип айты:
— Жуўап жоқ,— деди.
Ақыры нәйлаж Шамунды таслап кетер болды,және айтты:
— Әй,шаҳы әлам,сиз де атамызға нама жазып жибериң,болмаса атамыз бизлердиң сөзимизге исенбес,— деди.
Юсип:
— Мақул,нама жазыў керек,— деп бул наманы жазды:

— Тәўекел қылың,Яқып,мени мундағы,
Сабыр әйлегил,қозың Юсип амандур,
Қайыл болғыл ҳәр не түскен бәлаға,
Көрерсең гүл жүзин,Юсип амандур.

Юсип айтар, көрер көзиң рәўшаны,
Таза гүлдиң таза болар гүлшаны,
Хызметине келер көзиниң рәўшаны,
Келер сөйлер сөзиң, Юсип амандур.

Қайғы шекпе, Юсип аман жүр екен,
Атасының жамалына зар екен,
Оған халықтың мириўбети бар екен,
Хош жарық жулдызың Юсип амандур.

Еситиңиз Мысыр шахы сәнесин,
Талап етпес ҳеш кимлерден ўапасын,
Әпиў етсин Яқып ўәлий гүнасын,
Себил болма, жан Юсибиң амандур.

Әлқысса, Юсип Шамунды алып қалып, наманы ағаларына берип, Қананға жөнетти. Ағалары бир неше мәнзил жол жүрип, Қананға жетти, атасын зиярат етип, Мысыр шахының намасын тапсырды. Яқып наманы алып ийискеди:

— Әй, улларым, бул намадан Юсиптиң ийиси келип тур, — деп бийҳуш болып жығылды. Бир сааттан соң өзине келип:

— Шамун қайда? —деп сорады.

Олар айтты:

— Мысыр шахы бизлердиң сөзимизге исенбей, Шамунды алып қалды, ол бизлерди жансыз деп көп ҳәлекледи, «атаңыздан нама алып келиң, және кишкене ининизди де әкелиң, сонда ҳәр қандай мурадыңыз болса меннен питеди» дейди. Өзи әжайып сақый патша екен, тоғыз қабат пердениң шуғласы жаҳанға барқ урып тур, — деп тәрип етти.

Берген ғәллелерин ашып көрсе, өзлериниң алып барған затларын ғәллениң ишине салып жиберипти. Оған булар тәсийин қалып, бизиң апарған затларымызды менсинбей, қайтарып жиберипти-аў, — деп ҳайран қалды. Сонда Яқып айтты:

— Әй, улларым, Ибниyаминди сизлерге қосып жиберемен, буны да жазым етпеңлер, дуўайментиме қалмаңлар, оннан кейин ол патшадан сораң, Юсубимнен бир хабар берсин, болмаса намада булай етип жазбас еди, — деп бул ғәззелди айтты:

— Перзенттиң дағында күйген жаман ақ,
Қырық жыллар маған аҳыў-зар, азап,
Билалмадым қайда Юсип, ол узақ,
Еситип атыны, кеўлим хош болды.

Айралықтың оты жаман дәрт болар,
Кимлер төзсе пырақында мәрт болар,
Шеккениң аҳыў-зар, ишке дәрт толар,
Ҳижран менен дәрти бәле дус болды.

Қырық жылдур пырақына төзермен,
Перзентимнен қалай үмит үзермен,
Кеше-күндиз қайғы менен гезермен,
Үйим зиндан, көрер көзим жас болды.

Мысыр әзийзиниң шекер палыдур,
Юсип бар болса да, мәгар өлидур,
Тири болсадағы ҳүрей жаныдур,
Яқып көрсе, ғамлы кеўли хош болар.

Әлқысса, Яқып намада: — атыңды еситип, кеўлим хош болды, улларыма меҳрибанлық етиң, әсиресе Юсиптиң иниси Ибниyаминди хызметиңизге жибердим, Юсиптен жуда болғаннан бери мениң үлпетим Ибниyамин болды, оннан мени жуда етпең, әждатымыздың ҳүрмети ушын буларды тезирек қайтарып жибериң және нама жазың, — деп намасын улларына тапсырып:

— Шәҳәрге барғаныңызда дәрўазадан екеў-екеўден бөлинип кириңлер, және көз тийип жүрмесин, —деп нәсийҳат етти.

Олар бир неше жолды тай етип, және Мысыр диярына жетип келди. Қараўыллар:

— Қананлы саўдагерлер келди, қананлы саўдагерлер келди, — деп хабар етти.

Шамун олардың алдынан шығып күтип алды. Атасының нәсияты ядларына түсип, еки-екиден бөлинип кирди, Ибниyамин тәнҳа қалды. Ол, ағам Юсип болғанда мен де бирге кирер едим, деп қапа болды. Юсип инисиниң жол таппай адасып жылап турғанын еситип, қапа болып сахрайы кийимлерин кийип, бир түйеге минип, Ибниyаминниң алдына шықты. Қараса, иниси қайда барарын билмей, ҳәр тәрепке аланлап, жылап тур екен. Юсип түйениң үстинде қол қаўсырып сәлем берди, Ибниyамин әлик алды. Қараса, жүзине нықап тартылған бир жигит жаҳанға қуяш киби жылўа берип тур. Ол Ибниyаминге қарап:

— Әй, жигит, қайсы бағдың гүлисең, қайсы шәменниң бүлбүлисең?

Сонда Ибниyамин айтты:

— Яқыптың улы боламыз.

Юсип айтты:

— Яқыптың неше перзенти бар? — деди.

Ибниyамин айтты:

— Яқыптың он еки улы бар, — деди. — Ҳәзир он бири тири, олар екеў-екеў болып, дәрўазаларға

www.ziyouz.com kutubxonasi

бөлинип кетти, мен тәнҳа қалдым. Көрингеннен жол сорасам, сөзиме түсинбейди, қайда барарымды билмей турман. Сизиң мүбәрек жамалыңызды көрип, жаным парахат болды. Мениң сөзиме түсинип турғаныңызға қуўанып турман, — деди.

Юсип айтты:

— Сениң ағаң келмеди ме? — деди.

Онда Ибниямин жылап жиберди ҳәм:

— Оны кишкентайында бөри жеди деп ағаларым атама айтып келди, атам олардың сөзине исенбей усы ўақытқа шекем үмит етип, жолға көз тигеди, — деди.

Юсип айтты:

— Мен сени ағаларың барған жерге апарайын, — деп, Ибнияминниң қолына бир ҳалқа дүр берди. — Буны ҳеш кимге берме, -деди.

Ибниямин:

— Бул маған неге керек? — деди.

Юсип күлди:

— Бул ҳалқа зыяда қымбат баҳаға ийе, қәдирин бил, зинҳар беккем сақла, — деп Ибниямынди кәрўан сарайға әкелип хошласып кетти.

Ибниямин ағаларына келип қосылды. Олар:

— Сен бул жерди қалай таптың? — деп ҳайран қалысты.

Ол болған ўақыяны бирме-бир баян етип, қолындағы дүри гәўҳар жүзигини көрсетти. Сонда Яҳуўда:

— Сен бул жүзикти жоқ етип қоясаң, маған бер, мен сақлайын, — деп алып қолына салды, бир заманнан қараса, жүзик қолынан ғайып болыпты, бир қараса, жүзик Ибнияминнин қолында тур.

Әлқысса, жүзикти он ағасы бирме-бир қолына алып тақты, хеш биринде турмай, Ибнияминниң қолына келип түсе берди. Ағалары буны көрип ҳайран болды, бир неше ўақыттан соң Юсип ағаларын шақырды, олар да тәзим етип келди, Юсип:

— Атаңыздан нама әкелдиңиз бе? — деди.

Олар:

— Әкелдик, — деди.

— Киши инимизди де алып келдиңизлер ме? — деди Юсип.

— Әкелдик, — деди олар. Хатты шығарып Юсипке берди. Юсип:

— Әй, Яқыптың перзентлери, атаныз Юсипти саламат, деп нама жазыпты, ырас айтың, егер Юсип тири болса, мәсләҳәт етейик.

Анда олар айтты:

— Әй, шаҳы әлам, оны бөри жегени ҳақыйқатдур.

Сонда Юсип Ибниаминге қарап:

— Ағаңды бөри жегени ырас па? — деди.

Ибнияминнин сөйлеўге диңкеси қалмай:

— Әй, шаҳы әлам, бизге гүмандур, ағаларым менен бирге кетип еди, қайтып келмеди.

Юсип және сорады:

— Ағаң уры, жалғаншымеди? — деди.

Ибниямин:

— Мен оның жалған айтқанын көрмедим, бир нәрсе тапса сайылларға, дийўаналарға берер еди. Булар оны қызғанып жаман көрер еди, — деп кеўили бузылып кетти.

Юсип айтты:

— Енди мәлим болды, ағаларың жалғаншы екен, атаң да Юсипти аман деп жазыпты. Буларды кәрўансарайға апарың, дем алсын, — деп буйрық етти.

Юсип бир сарай салдырған еди, төрт тәрепинде өзиниң қолы байлаўлы, мойнында шынжыр, ағаларының ҳәр қайсысының қолында қанжар, Юсипке азап берер, Юсип олардың ҳәр қайсысына бир жалынып жылар еди. Ағалары буны көрип шерменде болды, Ибниямин сүўретлерди көрип шоршып пәрияд ете баслады. Усы ўақытта Юсип бул көринисти тамаша етер еди, аўқат тайын болды, екеў-ара табақтан аўқат қойды. Ибниямин жеке қалды. Ағалары аўқатқа машқул болды. Ибнияминниң кеўлине кемлик келип жылады. Анда Юсип:

— Әй, қананлы, не ушын жылайсаң? —деди.

Ибниямин:

— Мен ғәрипти айып көрмен, әзийзим,
Пәлек мениң өмирим бәрбад әйлеп тур,

Кеше-күндиз сүйенискен қардашым,
Көзи жаслы Ибниямин сөйлеп тур.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Юсуп:
— Яқып уғлы,жыламағыл бул жерде,
Мақсетинди айтқыл,кеўлиң алайын,
Патша болған ўәде етер хәр жерде,
Жыламағыл,бүгин ағаң болайын.

Ибниямин:
— Анда ҳәмме,аға-ини амандур,
Қылған иси бир-бирине аяндур,
Айып етпең,маған ақырзамандур,
Көрер көзим Юсип ағам қайдадур?

Юсуп:
— Кимлер көрсе бул дүньяның жапасын,
Ақырында көрер мехри-ўапасын,
Кел қасыма,көргил заўқы-сапасын,
Ғам жемегил,Юсип ағаң болайын.

Ибниямин:
— Мен билермен,Юсип ағам боларсыз,
Сүт емискен қаналасым боларсыз,
Ғәриплерге сиз мехрибан боларсыз,
Мен жыларман,Юсип ағам қайдадур?

Юсуп:
— Ыза болып "аға" дейип жылама,
Ҳижран оты менен жигер дағлама,
Үмит әйле,жаман сөзди ойлама,
Келгил бери,Юсип ағаң болайын.

Ибниямин:
— Мен көнермен,жылар оның атасы,
Көзинде жас,баўырында тас ағасы,
Ҳәдден зыят көрген жәбир-жапасы,
Баўырым кәбап,Юсип ағам қайдадур?

Юсуп:
— Мысыр шаҳы саған болса мехрибан,
Қананлы жас бала саған не әрман?
Инам етейин дүнья-малым садағаң,
Ғам жемегил,бүгин ағаң болайын.

Ибниямин:
— Ағам еди периштеден зыяда,
Жүзин көрсе шалар жүрер пияда,
Мысыр әзийзи жалған сөз жоқ арада,
Ибниямин жылар,ағам кетипдур.

Әлқысса,аннан сон Юсип:

— Кел Ибниямин,табақлас болайық,— деп шатырдың ишине шақырды.Буны көрген ағалары қызғаншақлық етип,дәрҳал өсек тарата баслады.Ибниямнинниң көзи Юсиптиң қолына түсти,бир нышан есине түсип жылай баслады.Сонда Юсип айтты:

— Ағаларыңның қасында аўқат жемей жылай бересең,мен Мысыр әзийзи болсам,саған қандай кемлик келип тур? — деди.

Анда Ибниямин айтты:

— Әй,шаҳы әлам,сиз аўқатқа қол созсаңыз,қолыңыз мениң Юсип ағамның қолына усап кетеди, — деди.

Юсип айтты:

— Қой,аўқатты ықлас қойып же,ағаңның жамалын көрерсең,— деди.

Ибнияминниң кеўлине әжеп рәўшанлық пайда болды,қыялына Мысыр әзийзиниң жүзинен бир перде көтерилсе,деп әрман етер еди,сол ўақытта сарайдың ишинде бир шамал пайда болып, Юсиптиң жүзлериниң шуғласы қуяштай жылўа берди.Ибниямин бийҳуш болып жығылды.Басын көтерип зар-зар жылады.Бираз ўақыттан соң өзине келип,Юсип айтты:

— Ўақыяны аўзыңнан шығарма,сени бир ҳийле менен алып қалайын,— деди.

Ибнияминниң ўақты хош болды.

Әлқысса,Юсип ағаларына ғәлле берип,елине қайтармақшы болды,бир алтын жамды буўдайдың ишине салып,Ибнияминниң түйесине артты.Бәри түйелерин жетелеп Қананға қарай жүрис етти. Еки мәнзил жол жүргенде изинен бир неше атлы адамлар жетип:

— Патшаның өлшеў жамын урлап кетипсиз,— деп бираз сиясат етти.

Сонда Яҳуўда айтты:

— Бундай исти бизлер ҳеш ўақытта да қылған емеспиз,егер исенбесеңлер жүклеримизди қараңлар, — деди.

Олар жүклерди бир-бирлеп,ақтарып,Ибнияминниң жүгинен жамды таўып алды.Ағалары шаўқым көтерип,Ибниямииди қутқармақшы болды,ҳалы келмеди.Ақыры оларды Юсиптиң алдына алып келди.Юсип айтты:

— Әй, қананлылар,не себептен,не ушын урлық қылдыңлар? — деп сорағанда,олар:

— Бизлерден бундай жаманлық ис еткен емес,бул жас баланың еткен иси,ақылсызлық етипти, — деди.

Сонда Юсип айтты:

— Әй,бала,уры екенсен,биз сени жибермеймиз,— деди.

Олар айтты:

— Әй,шаҳы әлам,атамыздын ҳүрмети ушын,гүнасын кешиң,— деди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хәр есикке мени гәда қылдыңыз,
Хижран оты менен көзим ойдыңыз,
Қырық жыл атамыздан жуда қылдыңыз,
Ахыў әйлесем,хәргиз оған төзбейсиз.

Ағалық-инилик бәржай қылмадық,
Атамыздың ҳаққын бәржай қылмадық,
Хәргиз кудайымнан иба қылмадық,
Баян етсем,хәргиз оған төзбейсиз.

Гүман етип мени ол күн ша салып,
Рәҳим етпей атам баўырын дағладың,
Не себептен қол-аяғым байладың?
Ахыў әйлесем,хәргиз оған төзбейсиз.

Жалғаншы уғыл деп дөхмет еттиңиз,
Атамызды ханаўайран еттиңиз,
Юсип айтар: көрмес гүман еттиңиз,
Бағыш әйлесем,хәргиз оған төзбейсиз.

Әлқысса,Юсип бул ғәззелди оқығаннан соң ағалары өзинен үмит үзди.Қылған ислерине пушайман болып,жүзлерин төмен салып қайғыға шүмди.Анда көктен саза келип:

— Ағаларың хәр не жапа қылса,сен оған ўапа қыл, көйлегинди атаңа жибер,көзине сүрме етсин, көзи ашылар,тамамы елат дәскелерин Мысырға көширсин,— деди.

Юсип орнынан турып:

— Әй,жигербентлерим,не гүнаңыз болса кеширдим,— деди.

Ағалары бул сөзди еситип, және қол қаўсырып, тәжим етти. Анда Юсип ағалары менен бирге атасына хабар жиберетуғын болды. Хәммесиниң арасынан Бәшар ағасын таңлап, оған көйлегин берип атландырды.

* * *

Әлқысса,енди Бәшар ҳикаясын еситиң.Яқыптың бир кәнизи бар еди,оның Бәшар атлы бир улы болды. Бир күни Яқып Бәшарды басқа журтқа сатып жиберди.Анасы мына мунажатты айтты:

— Әй, пәрўардигарым, Яқып мени Бәшарымнан жуда етти, оны да Юсубинен жуда еткейсен,— деди.

Сонда ғайыптан:

— Ғам жеме,оны да Юсиптен жуда еттилер,— деген даўыс келди.

Сол Бәшар Юсиптиң тапсырмасы менен бир неше әйям жол жүрип,Қананға келди,Яқыптың ҳәремине жақын жерде бир кемпир қолына гүзе алып суўға келди.Бәшар айтты:

— Әй,мама,Яқыптың хәреми қайсы? — деди.

Онда кемпир:

— Не айтпақшысаң? — деди.

Бәшар айтты:

— Арадан қырық жыл өтти,бөри жеген Юсиптен не хабар әкелдиң? — деди.

Бәшар айтты:

— Мысыр шаҳәринде патша болып тур, аға-инилери танысты, мени хабар етиўге жиберди,— деди.

Мама айтты:

— Мәгар жилли болған шығарсаң,болмаса жалған айтасаң,— деди.

Анда Бәшир айтты:

— Әй,меҳрибан анам,мен Бәшарыңман,— деп аттан түсип,анасына бойын атты.Анасы хуўшынан кетип,соң есине келип ҳал-аўҳал сорасты.Яқыптың қасына барып,ўақыяны бир-бир баян қылды. Яқып орнынан атып турып, Бәшарды қушақлап, бийхуш болып жығылды. Және хуўшына келип, көйлекти мүбәрек көзлерине сүртти.Көзи бурынғысынан да зыяда рәўшан болды.Ағзаларына қуўат пайда болды.Яқып шүкирлик етип,Юсиптиң жамалын сағынып,жиберген намасын оқыды:

— Атажан,айралық ақырзамандур,
Әпиў етиң,өзим бара билмедим,
Дөхмет әйлеп бизге етти гүмана,
Әпиў етиң,өзим бара билмедим.

Қарамады мен ғәриптиң ҳалына,
Қолым байлап,бақпай оны-солыма,
Куда рәҳим етти шийрин жаныма,
Әпиў етиң,өзим бара билмедим.

Сондай болып айра түскен арамыз,
Бизге мәдет берер бәрҳа бабамыз,
Шарапаат әйледи,бизиң наламыз,
Әпиў етиң,өзим бара билмедим.

Сизиң дуўаңыздан жеттим муратқа,
Күн-күннен ҳүрметиң түстилер ядқа,
Билмедим бир сыр бар тағы арада,
Әпиў етиң,өзим бара билмедим.

Әлқысса,бул наманы Яқып оқып көрип,шадыман болды.Соннан кейин Яқып ели-халқын жыйнап, Юсипти көриў ушын Мысырға рәўана болды. Алдын-ала Юсипке «атаң киятыр» деп шабарман

www.ziyouz.com kutubxonasi

жиберди. Юсип шәҳәр халқы менен бирге топ-топ болып, неше салатанат-шадыяналық пенен ҳәр қайсысы ҳәр қыйлы кейипте болып, атасының алдына шықты. Яқып жақынлап келип қараса, шоқ-шоқ аламанды көрди. Аламанлар қолларын көксине қойып, мың тәзим менен Яқыпқа сәлем берди. Яқып:

— Әй, жигитлер, қайдан келерсиз? —деди.

Олар айтты:

— Бизлер Юсиптиң нөкерлеримиз, — деп жуўап берди.

Яқыптың ўақты хош болып, алға жүрди. Және аламан пайда болды, иззет-ҳүрмет пенен Яқыпқа сәлем берди. Яқып:

— Сизлер кимсизлер? — деп сорады.

Олар айтты:

— Беглербеги задалармыз, — деди.

Соң және бир аламан пайда болды. Яқып сорады:

— Бул келгенлер мениң Юсубим емес пе? — деди.

Онда олар айтты:

— Булар ҳәкимлер болады.

Яқып және илгери жүрди. Бир аламан пайда болды. Яқып:

— Бул келген мениң Юсубим емес пе? — деп сорады.

Анда олар айтты:

— Мүнажжим-қоррандозлар болады, — деди.

Яқып Юсипке арзыў болып келер еди. Және бир аламан пайда болды Яқып:

— Бул келгенлер мениң Юсубим бе? — деп сорады.

Анда олар:

— Бул келгенлердиң ҳәммеси алымлар, — деп жуўап берди.

Және бир аламан пайда болды Яқып:

— Бул мениң Юсубим болмас па? — деди.

Анда олар:

— Бул келгенлер ғулам пашшалар, — деди.

Және бир аламан пайда болды.

— Бул келген мениң Юсубим емес пе екен? — деди Яқып.

Сонда жүз мың әлўан шан-шәўкет, ҳүр көринис, әтирапында халқы, хан-султанлар, нешше бақсы, сазенделер, жер тебиренткен саза-ҳәўазы менен пәлекти гүңирендирип киятырған Юсиптиң еки бети шамсиқамарда жылўа берип турған ат үстиндеги көринисин тамамы халық тамаша етип, жети қабат аспанның есиклери ашылды. Яқып:

— Бул келген кимлер? — деп сорады.

Онда олар:

— Күткен Юсибиңиз, — дегенде Яқып есинен танып жығылар болды, мәҳремлери сүйеп қалды. Сол ўақлары Юсип атасына көзи түсип, аттан түсиў есинде жоқ, ат үстинде атасын қушақлап, бозбоздан болып көрсти. Сонда саза келип:

— Әй, Юсип, не ушын әдеп сақлап аттан түспей, атаң менен көрискениң қалай? — деген ўақлары аттан өзин таслап, атасының бойнына асылды, олар жүз нала-қайғы менен шеккен дәртлерин мына ғәззел менен билдирди:

Яқып:
— Қырық жыл болды күткен атаң танысар,
Хош келипсиз жан үстине, әзийзим,
Дослар күлип, душпанларың жыласар,
Хош келипсиз бас үстине, әзийзим.

Қырық жыл болды, қашырмышам лашыным,
Шийрин сөзли мурадымыз сенбисең?
Түсим бе, оңым ба, ушты қыялым,
Юсип атлы жигеремиз сенбисең?

Юсуп:
— Бир оқ едим, алыс жерге атылдым,
Бенде болып елден-елге сатылдым,
Шүкир алла, дуўаңыздан қутылдым,
Хош келипсиз бас үстине, әзизим.

Яқып:
— Сеннен айрылғалы әшрет қылмадым,
Азап шектим, кеше-күндиз ағладым,
Қозым дийип сораў салып тынбадым,
Таза бағым, гүли зарым сенбисең?

Юсуп:
— Неше күн қудықта қапа әйледим,
Күнбе-күн ҳалымды ўапа әйледим,
Айып етпең, сизди жапа әйледим,
Хош келипсиз бас үстине, әзийзим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Яқып:
— Сениң ҳижриң, балам, кәбап әйледи,
Қуда өмир берди, азат әйледи,
Атынды Юсип деп таныс әйледи,
Ҳақтан жеткен дийдарымыз сенбисең?

Юсуп:
— Юсип айтар, ойнап-күлип гезбедим,
Бийижазат сәйир етип гезбедим,
Атажаным пырақына төзбедим,
Хош келипсиз бас үстине, әзизим.

Яқып:
— Яқыптың тилинде сәнеси сенсең,
Жәмли Жәмшид, жаҳан намасы сенсең,
Қырық жылғы дәртимниң даўасы сенсең,
Кеткен сабыр-қарарымыз сенбисең?

Әлқысса, ата-бала бул жуўапты айтысып, бир-бирлери менен көрсетип, ҳал-аўҳал сорасып, усы тақылетте Қанан халқы менен қосылып, Мысырға рәўана болды. Мысыр шәҳәрине келип, шәҳәрди әресте етип, жети кеше-күндиз той-тамаша берип, Яқып ҳәм оның халқына иззет-ҳүрмет етти. Мысыр халқы сонындай парахат жасады, бир-биреўге жәбир-жапа бермеди. Усы тәризде арадан елли жыл өтти. Арадан елли жыл өткенде Яқып айтты:

— Мысыр халқы маған көп жақсылық етти, бирақ мениң ўақтым жақынлады, енди Қанан халқын көрип, сол жерде өлгим келип тур, — деп баласы Юсип ҳәм Мысыр халқы менен хошласып, Қананға кетти. Қананға барып Қанан халқы ҳәм Шам халқы көрисип, бир неше күн сәйир етип жүрди, ақырында қуданың буйрығын орынлады. Юсип атасынан соң бир неше жыл Мысырда әдил патша болып, халықты парахатшылықта басқарып отырды. Оның патшалық еткен дәўиринде қой үстинде торғай жумалаған абадан заман болды. Бир күни көктен саза келип:

— Әй, Юсип, өлим жақын келди, ақыреттиң ҳәзирлигин көре бер, — деди.

Юсип бул хабарды еситип, қазан урған жапырақтай сарғайып, Зилийханың қасына барып, балалары менен хошласып бул жуўапты айтты:

Юсуп:
— Хош қал, Зилийхажан, пәни дүньядан,
Бир заман егленбей өтпели болдым,
Биреў келип, биреў кетер дүньядан,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

Зилийха:
— Юсипжан, қалмайық ҳижран дағына,
Еглен, бир неше күн сырлас болалы,
Сейил етейик пәни дүнья бағына,
Соңыра бақый журтқа жолдас болалы.

Юсуп:
— Ҳәр ким кетер өз күнине, Зилийха,
Ата-бала бир-бирине мүбәра,
Жолдасым, нийетим болар мужалы,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

Зилийха:
— Сен кеткенде зар еңиреп ағларман,
Ҳижран оты менен жаным дағларман,
Сениң жаның жан ишиме бағларман,
Сабыр еткил, бақый жолдас болалы.

Юсуп:
— Ҳәр адамның урса гүлин қазаны,
Кетерлер, егленип турмас заманы,
Мен кетермен, оның жоқдур гүманы,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

Зилийха:
— Сен болмасаң, қарар көзим, нәйлейин,
Баста қайғы, шийрин сөзим, нәйлейин,
Айлар, жыллар сенсиз өзим нәйлейин,
Сабыр еткил, бақый жолдас болады.

Юсуп:
— Мен кеткенде қойма өзинди жапаға,
Пыған әйлеп қалма және бу зарға,
Тапсыраман сени қәдир қудаға,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

Зилийха:
— Сен болмасаң дүньяға көз салмайман,
Қол узатып аҳыў-қызыл алмайман,
Егер өлсең, мен изинде қалмайман,
Ол дүньяға бирге жолдас болалы.

Юсуп:
— Бизге ҳақтан туўры пәрман жетипти,
Өмирим гүлин урып қазан жетипти,
Бизге нәўбет келип, ажал жетипти,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

Зилийха:
— Мен билемен, бул пәныйдан өтерсең,
Тәниң алып топыраққа жетерсең,
Мен ғәрипти бунда таслап кетерсең,
Сен сабыр ет, бирге жолдас болалы.

Юсуп:
— Тәўекел етермен баста жазғанға,
Белимди байладым узақ сапарға,
Маған тәңрим ҳүким етсе, не шара,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Зилийха:
— Сеннен қалып әзиз жаным нетейин,
Мен ҳәм ақыреттин жолын күтпейин,
Сабыр әйлегил, жаным, мен де кетейин,
Ол дүньяға бирге жолдас болалы.

Юсуп:
— Юсип айтар, хош қал, сүйикли ярым,
Алыпсаң кеўлимниң сабыр-қарарын,
Не ерким бар, ҳүким етсе қудайым,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

Зилийха:
— Зилийха дер, ялғаншыға келмесем,
Бул пәнийде не боларын билмесем,
Әжел жеткен күни мен ҳәм өлмесем,
Ол дүньяға бирге жолдас болалы.

Юсуп:
— Юсип ҳақ ҳәмирине белин байлады,
Зилийхажан Юсип ушын жылады,
Өлим бәрше халайықты дағлады,
Хош аман бол, жаным, кетпели болдым.

Зилийха:
— Зилийха дер, жақсы-жаман жүрмесем,
Дүньяда әрмансыз дәўран сүрмесем,
Кетер болсаң мен изиңнен ермесем,
Ол дүньяға бирге жолдас болалы.

Әлқысса, Юсип пенен Зилийха зар жыласып, қуданың ҳүкимине мейил болды. Бир күни әзирейли келип Юсиптиң жанын алды. Тамамы Мысыр халқы матам тутып, қайғы етти. Бийшара Зилийха пәрияд қылып, табытқа асылып, бул ғәззелди айтты:

— Әзиз тәннен шийрин жаны шығыпты,
Сөз болмаса қызыл тилим нәйлейин,
Әжел оты иморатын жығыпты,
Бир болмаса қызыл гүлим нәйлейин.

Керек емес енди қәдди-камалым,
Қысыў-жазыў ескен бәҳәр самалым,
Юсипжан көрмесе ҳүсни-жамалым,
Көзде нақас, жүзде қалым нәйлейин.

Бир алладан жүрим сорап нетейин,
Журт жүзине енди қарап нетейин,
Сүмбил шашым, зулпым тарап нетейин,
Қазан урды аҳыў-зарым, нәйлейин.

Ўайран болар бағда бағман болмаса,
Мүлки қарап болар султан болмаса,
Дүньяда суў мәўиж урып турмаса,
Ҳидаят болмаса жолым, нәйлейин.

Зилийха, ўәдеге қылма қыянет,
Бул жанымды бес күн берди аманат,
Қосыларсаң ҳақ әйлесе инаят,
Яр болмаса жаны-дилим нәйлейин.

Әлқысса, бул ғәззелди айтып, еки көзин ойып, бир көзин табыттың бас ушына, екинши көзин аяқ ушына қойды. Солай етип, Юсипти жерледи. Зилийха мүнажат етип: — Әй, пәрўардигар, мениң ҳәм жанымды алғайсаң, — деп ҳеш адам менен сөйлеспей, жатыўға машқул болды. Бир күни әзирейил келип, Зилийханың да жанын аңсат ғана алды, оны Юсиптиң оң тәрепине жерледи.

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

52 - ТОМ



# РАМУЗ ШАҲ

*Молла Юнус Хожа улы*
*Араб имласынан аўдарған: А.Идрисов*
*(2011-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Би-смиллаҳи-р-раҳмани-р-раҳийм.

Әмма,раўийлар андағ риўайат қылурларким,қәдийм әййамында Кәррәйх шәҳринде бир падшаҳ бар еди,атын Рамузшаҳ дер еди.Өзи улуғ падшаҳ,йетти ықлымны сорар еди.Ҳәмме халықлар анын фәрманында еди.Әмма анын йашы алтмыш төрт йашында еди,фәрзәнд дағыдын йүрәги бирйан, көзи гирйан еди.

Әлқысса,падшаҳ тажыў-тахтымға ким ийе болур екен деп йығлаб йата башлады.Әмма хатынлары уғул туғар еди,алты-йетти йашыға йетсә өлүр еди.

Әлғәрез,падшах күнлерде бир күн тахтында йатур еди,көзи уйқыўға кетди.Сәҳәрниң файз шағында бир адам келип падшаҳға айтды:

— Әй,падшаҳым,көп ғамгийн болмағыл.Тажыў-тахтыңа ийе болғыўдек фәрзәндни Кудайы-Таала ата қылса керәк,— деб көзден ғайып болды.

Падшах орныдын сәшраб турып,йахшы түш көргәнигә шүкирана қылып,еренлердиң нәзери кимйалары маңа болғандур,деп гәҳи хош,гәҳи нәхош болып бир сөз айтты:

— Бисмиллә сөзләйин ибтида қылып,
Ғәрийблик йадыма салдым мен бу күн,
Дүнйада падшах мен,өзим ҳәсрәтдә,
Мысалы мүсәпир болдым мен бу күн.

Уғылсыз күнләрим йадыма түшди,
Ишим,тәним йаныб,йүрәгим күйди,
Көзим йашда,көңлим әрманлы кешти,
Көңлим әрманлыда болдым мен бу күн.

Кудайым бер ҳиммет,болдым мен мәлүл,
Тиләгим — өмири көп бер бир мәрд уғыл,
Ҳәср ағзындамен,бир нәзер салғыл,
Сәҳәр атып уйқыдын турдым мен бу күн.

Түшимдә бир ўәлий маңа келәнди,
Маңа «көп бийтақат болмағыл» деди,
Әўлийа қыдырып түне дегенди,
Бир ўәлий түшимдә көрдим мен бу күн.

Кудайым рәҳим етиб маңа келәнди,
Анын ушын пийрлер хабар бергенди,
Куданың ҳәмирини қылып йүргенди,
Көп үмийд Кудадын қылдым мен бу күн.

Әўўәл йигит ердим,енди йаш қайтды,
Қаррылық қаршымдын йүгүрүб өтди,
Нешше фәрзәнд келди,бәриси өлди,
Қол қуруғ,бийфәрзәнд болдым мен бу күн.

Нешше уғыл өлди,йада салмадым,
Йашым йашда фәрзәнд қәдрин билмәдим,
Рамуз айтур: Куда саңа йығладым,
Тиләгим — бир фәрзәнд сендин мен бу күн.

Әлқысса, падшаҳ бу сөзни тамам етип болды. Әмма, падшаҳның бир ақыл ўәзийри бар еди, атыны Кәмил ўәзийр деп ат берур еди. Әмма, падшаның уғылсызлығы йадына түшүб, бийтақат болғанын билип, падшаҳ қашыға Кәмил ўәзийр келип, көңил берип, бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Кулақ салып,шаҳым,сөзим тыңлағыл,
Бийтақатлық қылып рәңиң солдырма,
Кудайым рәҳиймдур,рәҳим әйлегей,
Фәрзәндсиз қалдым деп йада келтүрмә.

Кулақ салып мениң пәндим аңлағыл,
Баўар әйлеп сөзим муны тыңлағыл,
Шүкир етгил Кудаға,мәлүл болмағыл,
Қайғы бирлә йәне көңлиң өлтүрмә.

Шүкир етгил Кудаға,үмит үзмәңиз,
Куда берсә асан,қыйын билмәңиз,
Бийфәрзәнд қалдым деп үмит үзмеңиз,
Түниў-күни,шаҳым,йығлаб отырма.

Куданың әмридур,аны көрерсең,
Куда берсә уғыл,шадман болурсаң,
Айшы-ишрәт қылып дәўран сүрерсең,
Қайғы йеб көңлиңе ыза келтирмә.

Бар ишни ҳақдын деп әйлә тәўәккүл,
Бийтақатлық билән болма сен мәлүл,
Сабыр әйлесең,шаҳым,көрәрсең уғыл,
Қайғы-гүлпәт билән рецин солдурма.

Әўўәл ҳақдын тиле,улуғ ўәлийдин,
Ҳақның тамамы улуғ бүзүрүглеринен,
Барып ҳиммәт тиле ҳәзрети Әлийдин,
Тахт үстиндә көзиң йашын толтырма.

Кәмил айтур,будур сөзим,тыңласаң,
Ақылың шашыр,күнде-күнде йығласаң,
Нәсийҳатым,мениң пәндим аңласаң,
Алдырып ақлыңны төсиң талдырма.

Әлқысса, бу сөзни тамам етип болды, падшаҳ айтды:

— Йахшы айтурсең, ҳеш билмес едим йашым йашында. Енди қаррылық мәҳәлине йетдим, перзент дағы йүрәгимни күйдириб баратур, — деп, Кәмил ўәзийрге қарап, фәләкдин шикайат қылып бир сөз айтты:

— Ешитгил Кәмилим,будур сөзләрим,
Уғылсыз көңилләр әрман екәндур,
Ҳижринә төзмәйдур,көзим ағлайур,
Тизимизгә уғул дәрман екәндур.

Йаш қайтты,тиш түшүб,сақал ақарыб,
Башымны ашақға салыбмен йаныб,
Бир фәрзәнд көрместен өмирим өткериб,
Не қысмет Алладан фәрман екендур.

Енди мен кетермен кезип,шарқ урып,
Ҳәзирет Әлийдиң қәбирин қыдырып,
Тилермен бир ҳиммет бойыным буруб,
Нешшениң ҳажатын берген екендур.

Үмийдим бу,шайад нәзерин салса,
Рәҳим әйләйүб маңа ҳимайат етсә,
Көзи йашын көрип,ҳалымды сораса,
Нешшениң ҳалыны сораған екендур.

Бир уғланны берсә,йалғыз демейин,
Шүкир етип Қудаға,қайғы йемейин,
Йәккә өзин йүз уғланға көрейин,
Бир уғлан ҳәтәрлик кәрўан екендур.

Хызметимде турған сансыз нәўкерим,
Нешшеси ўәзийрләр,нешше беглерим,
Аларның уғлыны мен уғлым дедим,
Өзиндин болмаса йалған екендур.

Йигитлик бийғафыл,аны билмәдим,
Йахшыны-йаманны баўар етмәдим,
Йашым қайтты,бәрисин енди аңладым,
Уғылсыз ҳәр кимсә душман йаңлыды.

Рамуз айтур,ҳәркимниң болса уғланы,
Ата ушын уғыл қылса жәўланы,
Атасының қалмас иште әрманы,
Пушты-панаң уғыл қалған екәндур.

Әлғәрез,бу сөзни тамам қылғандын соң Ҳәзирет Әлий шери Қуданың кәбирин излеп кетермен деди,сонда:

— Әй,падшаҳым,әй,падшаҳы әлам,сен кетсең,мен ҳәм кетермен,елни не қыларсаң? Бийҳисаб душманларың келип шәҳриңе зәрер еткермәсун,— деди.

Анда падшаҳ ўәзирге қарап:

— Жүмлә әшйаның ғамхоры пәрўәрдигар өзи турур, бәндәниң шерни дәф қылурға шарасы йоқтурур, — деп, тәўәккәл Алла-Таалаға болсун деп, нешше йерден тымсал келтүрүб, фәләкдин шикайат қылып бир сөз айтты:

— Рамуз дер,енди көңлим хош дегил,
Баш алып шөлләрә кетер ухшадым,
Шырағың болмаса,йахшы иш дегил,
Бийфәрзәнд дүнйадын өтәр ухшадым.

Бийфәрзәндлик оты түшти ишимә,
От болып йанадур,шықмас тышыма,
Өз көзимдин аққан қанлы йашыма,
Ғарқ ғболып дәрйадай тыйар ухшадым.

Айрылып йеримдин,йәнә тахтымдын,
Ғардашым,туўғаным,елим,халқымдын,
Айра түшдим тамам гәнжи,мүлкимдин,
Айралық қысметин тартар ухшадым.

Турмастан бу жайдан енди кетермен,
Қәбирине Әлийдиң излеп йетермен,
Йалынып-йалбарыб арзым айтарман,
Қәбирине Әлийдиң кетер ухшадым.

Түшимде бир ўәлий маңа келәнди,
Әўлийа қыдырып түнә дегенди,
Йатған жайларымға хабар берәнди,
Ҳәр нешүк сөзлерин тутар ухшадым.

Рамуз айтур,мениң падшаҳ атларым,
Мениң ҳүкмимдеги тамам йуртларым,
Разы болың мендин елим,халықларым,
Көз көрмеген йерге кетер ухшадым.

Әлғәрез,бу сөзни тамам қылғандын соң падшаҳ кетермен болды.Анда ўәзийр Кәмил айтты:

— Сен кетсең,мен ҳәм кетермен,— деди.Аның ушын падшаҳ бирлән қәдирдан ғардашлар айтты.

Әлқысса,ўәзийр Кәмил падшаҳның йығлағаныға көңли бузылып,падшаҳға көңил берип,бир сөз айтты:

— Ҳақдын ҳиммәт болып рәҳим қылмаса,
Йығлаб ада болдың,әзийз султаным,
Мен не қылай,көңлимдеги болмаса,
Көзи йашлығ,бағры бирйан султаным.

Кеше-күндиз қайғы шегип отырма,
Көз йашартып,йүз сарғайтып аҳ урма,
Көңлиндин Қуданың йадын кетүрмә,
Йетгәйсен мурада,әзийз султаным.

Сен йығласаң,мениң көңлим бузылар,
Ишим йанып,йүрәк бағрым езилер,
Қуда әфиў әйлесе,қышың йаз болар,
Шад боларсаң,көзиң рәўшан султаным.

Шәҳәрден кетсеңиз,мен ҳәм кетермен,
Ийесиз жайларда турып нетермен,
Сен өлген жайларда мен ҳәм өлермен,
Сениң лашың билән қалсын султаным.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәррәйхнин шәхринде падшах сен един,
Шаҳ қашында ўәзийр ағзам мен едим,
Сен барында зәрре қайғы йемедим,
Айра түшиб қайғы салдың султаным.

Кәмил айтур, фәрзәнд йаман дәрт болар,
Қарағына хәр ким түзсә мәрд болар,
Сен кетсен, йолында көзим төрт болар,
Ҳижранның дамыға салма султаным.

Әлқысса, ўәзийр бу сөзни тамам қылғаннан қылды. Ҳасанбек деген бир ўәзийри бар еди:
— Сен не айтурсен? Падшаға рениж бермегил, бийфәрзәнд болғаны йахшы емес. Түшиндә айан болған болса, әлбетте, бир әўлийаны йад етип истанат тилесин, шайад тилеги раўа болғай, — деди. Ўә йәнә:
— Душманлары сени падшах орнына падшах қылур барып келгенше, — деди.
Әлғәрез, Ҳасанбек падшахға қарап айтты:
— Бир йерге барсаң барғыл, Кудадын ҳиммет, әўлийалардан истанат болғай, — деп, Ҳасанбек падшахға фәләкдин шикайат қылып бир сөз айтты:

— Сөзлер сөзим мениң сизге, падшаҳым,
Тиле ҳиммет ҳақдын, алар йад болар,
Ағам, жаным йәнә падшаҳым,
Фәрзәндиң болмаса, башың хор болар.

Күнде-күнде мунда йығлаб отырып,
Көп қайғы көңлиңе ғубар келтирип,
Хәрйан қарап екки көзиң телмирип,
Қайғыўдын кең жәхән сизге тар болар.

Барып ҳиммет тиле улуғ ўәлийдин,
Ҳақның дәргаҳыда сәўер қулыдын,
Куданың арысланы Ҳәзирет Әлийден,
Куда өзи әйлесе, мәдәткар болар.

Ақылың шашып, Кудайыңны унутма,
Ҳақдын үмийд әйле, көңлиң суўытма,
Жаның күйип, ҳақға йаман сөз айтма,
Асый болып, ҳақға алдын не келур.

Бендедурмыз, хәрне қылса ерки бар,
Тиле хақдын тилегиңни қылып зар,
Рәҳим әйлеп Куда болсын саңа йар,
Хәр иш ҳақдын ерур, бенде не қылар.

Будур сөзим, шаҳым, бисйар йығлама,
Уғул дәрди билән йүрәк дағлама,
Йығламакдын көзге ғубар әйлеме,
Көп йығласаң, қара көзиң көр болар.

Шәхәрдин кетсеңиз ўәлийни излеп,
Келмейсиз қыш өтип, йазыны гөзлеп,
Келип душман, шаҳым, шәхриңни гөзлеп,
Өлүм ерур, шаҳым, маңа ар олур.

Сен кеткенсоң елди қолдан кетирсем,
Басып душман, мен үстимдин өтүрсем,
Душман сөзин мен йүзиме көтәрсәм,
Падшах йоқ, башшы йоқ, маңа зор болар.

Ҳасан айтур, бизни тапшур Аллаға,
Барып қолың көтер анда дуўаға,
Әлий атлығ мәрди шери Кудаға,
Мениң сөзим, шаҳым, саңа бу ерур.

Әлқысса, бу сөздин соң халайықлар жәм болып мәсләхәт қылдылар. Падшах йүз киши бирлә атланып, йолға раўана болдылар. Бир мәнзил йол йүрип бир йерге барып, атдын түшип, бир мақбараны зийарат қылып, анда бир аз йатып еди, көзи уйқыға барды, түшинде бир хаўаз ешитти:
— Сен мениң үстимде йатған ким турурсаң? — деген ўақытда падшах сескенип турып, хаўазға қарап мәдәд, истанат тилеп бир сөз айтты:

— Хаўазың келәдур, көрсем мен йүзиң,
Фәрзәнд ушын көзи гирйан ерурмен,
Илхам билән маңа әйледиң сөзиң,
Дәртке дәрмен истеп излеп келермен.

Шырағым болмады дүнйа йаланда,
Көңлим қалды мениң йүз мың әрманда,
Бир күн әжәл йетип, йатып өләндә,
Шырағсыз, қәдирсиз болған ерурмен.

Кәррәйх шәхринде мениң еллерим,
Игри болды шырағсыздын көзлерим,
Дөнди қышка фаслы бәхәр, йазларым,
Кетди хуўшым, ақлы хайран ерурмен.

Ўәлий болсаң, нәзер салғыл халыма,
Ҳажатымны бергил мениң қолыма,
Хеш болмаса салғыл мени йолыма,
Адашып йол тапмай йүргән ерурмен.

Көзим көрди, нешше уғлан келдилер,
Йетти йашға етти, бәри өлдилер,
Өмири зайығ йулдуз киби болдылар,
Йаланшыда көңли хайран ерурмен.

Мәгәр сен ўәлийсең, өзиң билдирдиң,
«Үстиме келме» деп сен хабар бердиң,
Не жансаң, не затсаң, атың ким едиң,
Кәбириңнен айлана келген ерурмен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Улуғ болып бизге ҳиммет бермесең,*
*Түшде айан болып, ҳалым сормасаң,*
*Биз ушын Аллаға тилек кылмасаң,*
*Қуруғ өтип кеткен кәрўан ерурсең.*

*Әўлийа, әнбийа, улуғ ўәлийдин,*
*Ҳақның дәргаҳыда сәўер кулыдын,*
*Әмийри мүминийн Ҳәзрет Әлийдин,*
*Истанат истәп йүргән ерурмен.*

Рамуз айтур, шашды бизиң ақлымыз,
Нешүк болғай бизниң йүргән ишимиз,
Бийфәрзәнд, қәдирсиз болды йашымыз,
Уғул ушын башым қурбан ерурмен.

Әлқысса, әлғәрез, бу сөзни тамам қылғандын соң, әндек арам алып, падшаҳның көзи йәне уйқыўға барды. Ол түшинде йәне айтты:

— Әй, падшаҳым, көп бийтақат болмағыл. Қудайы-Таала фәрзәнд берур, — деди. Йәне айтты: — Бу жайда төрт йар турурмыз, бизниң атымыз Фазлы Аббас дерлер. Сиз айтған мақамға йеткәнимиз йок. Шул келатурған йолыңыз бирле бара бергил. Қуданың шери Ҳәзирет Әлий Шаҳымәрданға барғыл. Улуғ арыслан йәрий берур — деди.

Әлқысса, падшаҳ сескенип турып йигитләриге қарап:

— Шәпик болыңыз, шери Қуданың мақбарасына баралы, аны зийарат қылалы, — деп көңли бузылып, Қудаға шүкри сәна айтып бир сөз айтты:

— Йаранлар, уйқыдан бийдар болыңлар,
Сәшрайуб уйқыдан турың, жанларым,
Бир аҳўал сизлерге байан әйлейин,
Бу жайдын атланып турың жанларым.

Түшимде бир ўәлий келән ухшады,
Келип маңа хабар берген ухшады,
«Ҳажатың раўа» деп айтқан ухшады,
Игләнмәйин шәпик болың жанларым.

Атын сордым аның, Фазыл дедилер,
Мениң мунлығ ғәрийб ҳалым сордылар,
Аның ушун йол салығын бердилер,
Ҳақдын үмийд әйлен, барың жанларым.

«Келген йолың билән қаршы йүр» деди,
«Йол башында Әлий арыслан йар» деди,
«Ҳажатыңны анда барып сор» деди,
Бул нешик аҳўалдур, көриң жанларым.

Қәбирине Әлийниң қаршы йүрәндә,
Нешше мәнзил болып анда туранда,
Көзим әжиз, сизләр гүмбәз көрәндә,
Бойныма кәмәрим салың, жанларым.

Рамуз айтур, ешитинләр жанларым,
Узақ аңлап көрмес мениң көзлерим,
Йахшы зада ерур, аңлаң беглерим,
Гүмбәз көрсәң хабар бериң, жанларым.

Мениң билән анда бәриң барсаңыз,
Бизниң дуўамызда болып турсаңыз,
Йүз кишидин бир аҳўалны көрсениз,
Мендин сүйиншилеп алың досларым.

Әлғәрез, Рамуз падшаҳ бу сөзни тамам қылғандын сонра нәўкерлери ат егерлеп, шәпик атланып йолға раўана болдылар. Бир неше майдан йол йүриб йете билмедилер. Бир күни келатурғанда көзине бир улуғ гүмбези ағла көринди. Анда падшаҳ айтты:

— Йолға йақын му? -деди.

Анда нәўкерлери:

— Йолның үстидә турур, — деп жуўап бердилер.

Әмма, падшаҳ Ҳәзирети Әлийниң гүмбәзи ағласыға қарап, атдын өзин ташлап, екки етегин белиге бағлап, кәмәрин бойныға салып: — Йа, ҳәзирети Әлий, саңа сығындым, — деп зар-зар әбри нәўбәҳәр йығлаб бир сөз айтты:

— Йетүшдим мен ғәрийб, қәбриңни излеп,
Йол үстинде мәгәр турған Әлийсең,
Йүбәргил кәрамат мени гөзлейип,
Әлий атлығ шери Қуда ўәлийсең.

Келурмен мен ғәрийб саңа зарлайып,
Уғыл ушын қара йүзим дағлайып,
Мен арзым айтайын саңа йығлайып,
Нешше бийфәрзәндни көрген Әлийсең.

Тилермен ҳажатым сендин мәрд уғыл,
Шад әйле бизлерни, қылма сен мәлул,
Қышым йаза дөнсин, бағда қызыл гүл,
Нешшениң ҳажатын берген Әлийсең.

Дүнйада әрмансыз дәўран сүрмедим,
Өмиримде өмири узақ уғыл көрмедим,
Уғланның соңында өзим өлмедим,
Дейүб зар қылғаным билген Әлийсең.

Он сәккиз уғыл билән йүриб жәҳанда,
Бийәрман өткенсең өткен заманда,
Мениң көңлим қалды йүз мың әрманда,
Бий әрман жәҳандын өткен Әлийсең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Куданың ҳәмирине хылаф қылмадың,
Шәрийатдын ғайры йолға йүрмәдин,
Нешше йүз кишини баўар қылмадың,
Нешше кәфирлерни қырған Әлийсең,

Мәдийнәдин шығып Ирақ шәҳрине,
Нешше күн йол йүрдиң иззет йолына,
Барып ўайран салдың Заркум елине,
Бәрисин мусылман қылған Әлийсең.

Өз диниңе салып, зәкатын алып,
Мәдийнеге қайтып доғры йол салып,
Андын соңра келип мәсжид олтурып,
Йетимлерге сарпай берген Әлийсең.

Әбиў-Бәкир, Омар йәне Муҳаммад,
Искендер Зулқарнайн Султаны әҳмәд,
Алланың ҳәмирине қылды көп жәҳәд,
Бәрини көз билен көрген Әлийсең.

Рамуз айтур, мениң ҳалым сорсаңыз,
Көңлим ўайран, көзим йашын көрсәңиз,
Биз ушын Аллаға тиләк қылсаңыз,
Тилекликни қабул сәўгән Әлийсең.

Әлқысса, падшаҳ Әлийниң кәбириниң үстинде баш қойуб олтурды. Күн тутылды. Бәршелери келип дуўа қылдылар. Әмма, падшаҳ зар-зар әбри нәўбәҳәр йығлаб, әўлийалардын мәдәд истанат болмады, деп бир нешше йердин тымсал келтирип, бир сөз айтты:

— Шәҳәрдин атланып изге айланып,
Зары-гирйан болып келдим, йа, Әлий,
Бир фәрзәнд дағыдын бисйар йығлайып,
Келип ҳиммет сордым сендин, йа, Әлий.

Маңа әўўәл нешше фәрзәнд бердилер,
Йетти йашға йетти, бәри өлдилер,
Өмири зайығ йулдуз киби болдылар,
Сәбәб недур, сендин сордым, йа, Әлий?

Йалғаншыда қолда шырағ болмады,
Келән шырағ ҳәргиз қолда турмады,
Өмири көп бир уғлан көзим көрмеди,
Истанат истеп келдим, йа, Әлий.

Сендин ҳиммет болып раўа болмаса,
Қәдир Аллаҳ өзи рәҳим қылмаса,
Түшимизгә шул күн мәлум болмаса,
Мен сендин наүмийд болдым, йа, Әлий.

Адашған бендемен, бир нәзер салғыл,
Бийуғыл йықылдым, әлимден тутғыл,
Шери Куда, маңа ҳимайат етгил,
Қәбриң үзре бойным бурдым, йа, Әлий.

Дад әйледим, фәрйадыма йетегәр,
Келип зар әйледим, қолым тутагәр,
Биз ушын Аллаға тилек етегәр,
Телмирип көзлерим көрдим, йа, Әлий.

Дад айтқалы келдим, дадым бар мениң,
Сийне-ҳәким, көзде йашым көр мениң,
Биз ушын Аллаға тилек қылмасаң,
Мен сендин үмийдим үздим, йа, Әлий.

Куда маңа ҳәргиз рәҳим етмеди,
Мени бендем дейиб нәзер салмады,
Көзге сүрме қылур уғыл болмады,
Йығлайып Аллаға йандым, йа, Әлий.

Рамуз айтур, ҳақдын болғай инайат,
Муҳаммад Мустафа қылғай шафаат,
Үмийдим мен сендин, билсең, ҳимайат,
Йастанып ешигиң йатдым, йа, Әлий.

Әлғәрез, Рамуз шаҳ бу сөзден соң әўлийаларға сығынып йатдылар. Ҳәммелери баш қойдылар, падшаҳның көзи уйқуға бардылар. Анда Ҳәзирет Әлий Шаҳымәрдан падшаҳның түшине кирип айтдылар:

— Әй, падшаҳ, сениң ушын Аллаға көп үзирханлық қылып йүгирдим. Мунажатың қабул болғандур, ғайыпдын бир киши атын қойар, — деп көзден ғайып болды.

Әмма, падшаҳ уйқыўдын сәшраб турып, көнли қуўанып, ўәзийрләрийға қарап бир сөз айтты:

— Йаранлар, йатурдым, бир аҳўал көрдим,
Мәгәр Әлий, түшде бирәў келдилер,
Кудадын изн алып хабар бергенди,
Әлий арыслан меҳрибанлық қылдылар.

Қаршы турып тәңри сәламын бердим,
Гүлдек жамалыны мен түшдә көрдим,
Иззет-икрам әйлеп йаныда турдым,
«Ҳажатың раўа» деп хабар бердилер.

Әўўәл Куда бизе рәҳим қыланды,
Аның ушын Шери Арыслан келәнди,
Мениң ушын ҳақға зәрий қыланды,
«Максудың раўа» деп хабар бердилер.

Мениң ушын ҳақға йүз түн йалбарыб,
Қәдем қойып мениң ушын йол салып,
Йалынып-йалбарыб, дийдар қарытып,
Пушты-панам болып ғамым йедилер.

Падшаҳ айтур, та кадийм дәрдим дәрманы,
Уғыл ерур мениң көңлим әрманы,
Фәрзәнд ерур йалғаншының дәрманы,
Уғыл тахты кәрин раўан қылдылар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рамуз айтур, бир уғланың болур деп,
Ағырлықын сениң қолдан алур деп,
Ғайыпдын бир киши атын қойар деп,
Мен қулағым қойдым, алар айттылар.

Әлғәрез, андын соң падшаҳ шәҳриндин хауф етип, шәҳәримниң душманы көп еди, шәҳәрим саламат болса екен, деп қаттығ қыйналып йүрдиләр. Бир нешше әййамдын соң «падшаҳ келатур» деген хабар шәҳәрлерге түшди. Әмма, бир неше әмелдарлар Ҳасанбекни алдыға салып пешўаз шықтылар. Ол ўақытта Ҳасан ўәзийр падшаҳға қарап, шәҳәрниң аманлығын айтып бир сөз деди. Ғәзели Ҳасанбек бу турур:

— Сәлем бердим, шаҳым, қабул қылсаныз,
Қыстанмағыл, фарағат, шәҳриң амандур,
Баўар әйле сөзим, растын билсениз,
Досты-душмандын ҳәзир шәҳриң амандур.

Қайғыў шекме, шаҳым, ели-йуртындын,
Қутулдың му йүрәк йанар дәрдиңдин,
Фарағат болдың му ағда дәрдиңнен,
Байан әйле, шаҳым, елиң амандур.

Не жайлара бардын, қайсы шөллерә?
Қайсы тағқа бардың, қайсы еллерә?
Бирин-бирин байан әйлен бизлере,
Қорқма шаҳым, ели-йуртын амандур.

Шәҳәрдин кеткели сахра гезгенсиз,
Нешше күн, нешше түн түзде йүргенсиз,
Душманыңдын сизлер гүман еткенсиз,
Өз ишиң нешүкдур? Шәҳриң амандур.

Мәгәр, шаҳым, сениң көзиң қуўанып,
Қамшы урып атыңызға зор салып,
Мен билмәнәм, атың йүрди қыстанып,
Байан әйле, шаҳым, елиң амандур.

Фарағат бир халқдын, енди болдыңыз,
Ашылды му бәҳәр болып гүлиңиз?
Сизниң дуўаңызда болды елиңиз,
Сөзиң байан әйле, елиң амандур.

Қайсы жайға бардың, йа бир ўәлийға?
Қуданың қайсы бир сәўгән қулыға?
Йа зийарат әйлеп Ҳәзирет Әлийға,
Сығындың му, шаҳым? Йуртың амандур.

Йа сениң ўәлийлериң халың сорды му?
Уғланың болур деп хабар берди му?
Андын соң елиңиз йада келди му?
Өзиң байан әйле, бизге гүмандур.

Ҳасан айтур, изиндеги йигитлер,
Башына дуўлыға кийен саўытлар,
Тәблеге байланған дал бедеў атлар,
Бәриң аман келсен, еллер амандур.

Әлғәрез, андын соң Ҳасанбек бу ғәзелни тамам қылды, падшаҳ шәҳәрге барып түштилер, тамамы әмелдарлар барып мулақат қылдылар, падшаҳға «хеш аҳўал болмады му?» деп айттылар. Падшаҳ:

— Аллаҳ-Таала берсе, көрермиз, — деп жаўап берди.

Әлқысса, падшаҳ келгендин соң бир нешше әййамлар арадан өтти. Падшаҳның хатыны ҳәмиле болды, тоққыз ай, он күн өтти арадан. Мүддәти етип бир уғыл туғды. Падшаҳға сүйиншилеп бир киши келди, «уғлыңыз болды» деп. Падшаҳ уғыл хабарын ешитип зар-зар йығлап, бурунғы өлген уғланлары йадыға түшиб, бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Көңлимниң ишаншы қалмады жаным,
Мендин бурын қалған уғланым қәне,
Мени йеткүр Алла енди мурада,
Қалмасын йалғанда көңлим әрманы.

Енди болма көңлим зәрре сен мәлүл,
Ашылды, қыш өтип, бағда қызыл гүл,
Бағым гүлзар болып, қуўанды бүлбүл,
Енди қайғы шекме бағы бағманы.

Бурынғыны енди йада салмайын,
Бәлки басып ағзыма мен алмайын,
Уғланлар өлди деп ғамгүн болмайын,
Мен енди тиләгим муның аманы.

Түшимдә бир ўәлий маңа келдилер,
Дәргаҳы Қудадын хабар бердилер,
«Өмири көп бир уғлан бердим» дедилер,
Аларның сөзиниң йоқтур йалғаны.

Енди зәрре көңлим хыйал әйлеме,
Йахшылығ үмийдин йаман әйлеме,
Қайғы шекип йаман аҳый ойлама,
Қылма көңлим енди зәрре гүманый.

Сүйиншилеп келдин, мақсуд байан ет,
Көңлиңдеги ҳәр не барың айан ет,
Сен тиле тилегин, берур гүман ет,
Гәнжи малым, жаным уғыл қурбаны.

Рамуз айтур, мурадыма йеткүргәй,
Бәлелерден Қуда муны өтүргәй,
Йашы узун, өзи тахтқа олтурғай,
Шықсын аты шәҳри Кәррәйх султаны.

Әлғәрез, падшаҳ сүйиншилеп келген кишигә бийниҳайат нәрсәләр берип йүбәрди. Андын соң бир нешше күнлер ат шаптырып, палўан туттырып, Кәррәйх шәҳрининң башдын айақын шақырып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

көп-көп мәрәкә қылдылар. Бир нешше ўақыттан соң тамам болды. Адамлар уғлана лайық ат қойа билмедилер. Қыбла тәрәфдин бир қәлендер сыфатлы бир адам келди. Отырған адамлар айттылар:

— Ол киши ғайыптан келди, алар қойсын, — деди.

Ол уғланны қәлендерниң алдыға келтирип қойды. Қәлендер бәшшениң ағзыға түфкирди, айтты:

— Бу уғланның аты Зәйнеп болсын, — деди.— Анық ушын ким, Ҳәзирет Әлий зәйн еткен, — деди. Андын соң падшаҳның қолыға берип, көздин ғайып болды. Андын соң нешше әййамлар арадын өтти, уғлан йетти йашыға йетти, тағы мектепке бердилер.

Әлғәрез, моллада йетти йыл оқып, он төрт йашыға йетти. Бир күн падшаҳ айтты:

— Илми сипаҳгәршиликни үгрәнгил, уғлым, — деди.

Зәйнеп «хош болғай» деп, йахшы ат минип, шаҳзада болып, бир нешше адамлар билен ўақтыны хошлап, саҳраға шығып сәйр әйлеп йүрәр еди. Бир күни шәҳәрге келип йәне саҳраға шығып барур еди, Зәйнепниң атасы қашыға келип:

— Бу шәҳәрде атаңның душманы көп ерур, уғлым, — деп уғлыға нәсийҳат қылып бир сөз айтты:

— Ат үстине шықты көрди көзлерим,
Мен разыман, тилим сениң шүкиринде,
Аңла досты-душманың, мендин нәсийҳат,
Күлмесин душманың сениң қастында.

Күнде-күнде, жаным, саҳра кетерсең,
Нешше беглер билен шикар етерсең,
Ким дост, ким душман, аны билерсең,
Көп ерур душманың Кәррәйх шәҳринде.

Ҳәзил-мазақ етип ойнап отырма,
Не барың ишинде, ҳәргиз билдирме,
Қылышың бош ушлап, қолдын кетирме,
Таны душманыңны атаң барында.

Достыңа тиймегил, душманың өлтир,
Жәбри ситәм әйлеп зорлығың билдир,
Душманның бәрисин өзиңе келтир,
Атаң барда, билегиңниң зорында.

Нешшеси йасаўыл, нешшеси беглер,
Ўәзийр, ўәкийл, нешшелери мәҳрәмлер,
Ҳәр қайсы бир ишде, нешше әмелдар,
Қолдын келсе душман бәри фикиринде.

Қолдын келмес ишде фикир етерлер,
Көз көрип, йүз дүшсе, досмыз дерлер,
Танысаңыз Ҳасанбекден ғайрылар,
Йүз дөнсе, бәриси душман фикринде.

Мениң пәндим, нәсийҳатым алмасаң,
Бу айтқан сөзиме қулақ салмасаң,
Бу сөзлерим мәнисини билмесең,
Тура алмассаң, жаным, атаң орнында.

Болур уғлан йәне бошлық әйлемес,
Душманлық әйлесе атаңны билмес,
Берк ушла қылышың, бошаңлық болмас,
Ким билур не барын душман ишинде.

Падшаҳ айтур, көп бийҳуўда сөзлеме,
Йеңил болып, ҳәр тәрефке гөзлеме,
Сөз мәнисин аңла, ҳаўаз әйлеме,
Сөзиң сөзле, жаным, тафып жайында.

Әлқысса, андын соң бу ғәзелни тамам қылды. Зәйнеп айтты:

— Әрий, йахшы айтурсыз, душмансыз адам болмас, мен билмес едим, ҳеш хабарым йоқ еди, йахшы йадыма салансыз, енди мен ҳәм билмей қалмасман. Әлбетте, досты, душманны айырурмен. Йахшыға йахшылық иш қылурмен, йаманға йаман иш қылурмен, — деди. Әмма, шул ўақытта Зәйнеп ҳәм атасыға қарап бийәдеплик болмасын деп, бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Сөзиң баўар әйлеп, қойдым қулағым,
Ғамхорым сен мениң, пушты панамсаң,
Билмеген ишлерни йадыма салдың,
Нәсийҳат бергиўши ғәрийп атамсаң.

Мен билменем, ғафыллықта йүрәрдим,
Бирин аға, бирин ини көрердим,
Бәрисин өзиме достлар билердим,
Бу ишлер йадыма йахшы салансаң.

Душманлық әйлейин, бәрин қырайын,
Гәрданкәшлик қылса, билиң бузайын,
Хорлық әйлеп, жәбри ситәм қылайын,
Танысын Зәйнебин, нелер көрерсең.

Сағлықымны тиле, бақып асмана,
Қолдын бермән бу шәҳәрни душмана,
Қайғурма, атажан, қойма әрмана,
Анық ушын Әлийдин тилеп алғансаң.

Қорқманам бу жайда душман болур деп,
Душман болып бир йаманлық қылур деп,
Падшаҳлықым қолдын басып алур деп,
Келтирме көңлиңе гүман, атам сен.

Душман болған өзи қалур бәләмә,
Сығынурмен бир йаратған Қудайа,
Мендин дуўшар болур жәбри жафайа,
Ақыл болсаң, атам, расдур билурсең.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Зәйнеп айтур,енди шикар әйлермен,
Ел аралап барып,шетке шығарман,
Душманым айырып,достым билермен,
Душманымға қыйамет күн саларман.

Әлқысса, андын соң Зәйнеп нәўкерлери бирле Кәррәйх шәҳриниң башын, айақын аралап, бир нешше күн досты-душманыны айырып, бир нешше адамларны сарпайлап ат миндирип, бир нешшелерни тутуп өлтирип йүрәр едиләр ўә йәне бир нешше күн заўқы-сапа тамаша қылып,айшы-ишрет бирле шәҳәриге қайтып келди.Атасы уғлының хабарын ешитип хошўақыт болып,уғлы билен мулақатлашып,уғланыға қарап бир сөз айтты:

— Көрер көзим мениң,тәнде қуўатым,
Шоқ дәрдиме дәрман болан сен му сен,
Көрсем артқыўсы мениң мехнәтим,
Қаррылықда башқа панам сен му сен.

Сен кеткели йазым қышға дөнибдур,
Көңил бағым қурып,гүллер солыпдур,
Ақлы-хуўшым фәрзәнд дағы алыпдур,
Көңил бағда фәрзәнд болан сен му сен.

Қуда берди әўўел нешше фәрзәндий,
Ҳеш бири болмады дүнйа хурсәндий,
Өлер ҳалда атаң сени көрәнди,
Пушты панам йәне қыблам сен му сен.

Сениң ушын бир Аллаға йалбарып,
Қәдем басып сениң ушын йол түшип,
Ҳақға қуллық қылып,көзим телмирип,
Нәфси Әлийдин болған сен му сен.

Өмириң зийад болсын,даўам йар болсын,
Шаҳымәрдан пийириң саңа йар болсын,
Ҳәр ким душман болса,көзи көр болсын,
Көзлерин жайына салан сен му сен.

Рамуз айтур,йәне көрер көзим сен,
Көңлимниң ишанышы,сөзлер сөзим сен,
Йалғаншыда мениң йалғуз қозым сен,
Зәйнеп атлығ йалғыз уғлым сен му сен.

Әлқысса,падшаҳ уғлы билен көришип,ҳал-аҳўал сорашып отырдылар.Зәйнепниң анасы келип пәнди нәсийҳат берип:

— Әй,балам,йахшы иш етгил,йаман иш етмегил,бийҳуўда адамның қаныға қалмағыл ўә йәне руўзанны бийүзир тәрк етмегил,мүнкәр ишләрни қылмағыл,Қуданың ҳәмирини тәрк етмегил,уғлым, — деп,анасы уғлыға нәсийҳат қылып бир сөз айтты.Ғәзели анасы бу турур:

— Әўўел атаң,соң ананңы шад еттиң,
Бизлерни шад етсен,көңлиң шад болсын,
Ата-ана,кәбаң зийарат еттиң,
Мақсуд ҳасыл болып,көңлиң шад болсын.

Жәҳил болып,саўмы-салат тәрк етме,
Фасық болып,йаман ишгә жәҳд етме,
Бийшәрийат халайықға ҳүким етме,
Әдалат йуртыңыз фарағат болсын.

Ата-ананңы сыйла,ҳәргиз хор етме,
Ата хәмири — Алла ҳәмири,тәрк етме,
Достға тегме,душманыңа рәҳим етме,
Ҳәр йерде душманлық етсе мат болсын.

Кишигә зулым етме,алма қарғышын,
Йығласа,ғәрийбниң ешит налышын,
Мәгәр қолдан келсе питкер сен ишин,
Дуўа алғыл,жаның саламат болсын.

Шығарма көңлиңнен ҳақның йадыны,
Жәхр әйле көңлиңнен мында бир атны,
Ҳәр йерде йад әйле пийриң Әлийни,
Алладан инайат пийриң йар болсын.

Үсир-зәкатыңны бергил,қоймағыл,
Әмри Маъруф тәркләб нәҳий қылмағыл,
Нәситйҳатым будур,сөзим аңлағыл,
Гәнжи малым,жаным саламат болсын.

Йад әйлегил,жаным,пийриң Әлийдур,
Ҳақның дәргәҳыда сәўер қулыдур,
Сығынсаң ҳәзирдур бийшәк ўәлийдур,
Йол болсын,шөл болсын,гәҳи тағ болсын.

Қаррылық зор ишдур,йоқдур мәжалым,
Әзийздурсен беш күн сениң мехманым,
Тутмасаң бу пәндим,өзиң билгениң,
Ҳәр нешүк алсаң сен нәсийҳат болсын.

Ҳәзирети Әлийдиң тамам уғланы,
Он сәккиз шаҳзада ҳақның бергени,
Бирин-бирин атын тамам бил аны,
Ҳақ ҳәмраҳың,хәмра шаҳзада болсын.

Жеран айтур,Қуда йалғыз,Зәйнебим,
Тилде сөзим,көрер көзим ҳәм қозым,
Ҳәр бәлә душмандын сақыт бол өзиң,
Өлгенше душманың қара мат болсын.

Әлқысса,бу сөзни тамам қылғандын соң,Зәйнеп шәҳәринде бир нешше әййамлар йүриб,бир күни бир нешше әҳли-йаранлары бирле хәўиз башыға барды.Шул йерде йатып түш көрди.Түшинде бир фәрийзат жәҳәнни нурға толтырып,бағның ишин мунаўўар қылып,йүзләри тотыдек жилўа қылып, хумайундек шийўә қылып,йүзләри гүлдек,қара қашлы,ҳинжиў тишли,қыпша бойлы,бир нәўжаўан

www.ziyouz.com kutubxonasi

келип Зәйнепнин оң тизин басып отырды. Зәйнепниң хуўшы башындын кетип айтты ки:

— Әй, нәзанин, қайсы бағның гүлисен ўә қайсы шәменниң бүлбилисен, ўә қайсы шәменге қонарсаң, — деп айтты.

Пәрийзат айтты:

— Жайымыз Шәхрисар турур. Атамызның аты Исламшахдур. Өзимизниң атымыз Алтынгүлдур. Сизге хажат болсак, Шәхрисарға барғыл, — деп көзден ғайып болды.

Анда шахзада уйқыдан сәшраб турып әтрафқа қарады. Хеш нәрсә көринбеди. Йүрәги күйип, хижраныға от түшиб, уйқыдан қалып, йүрәги талып, өлер халыға йетти.

Аға ўәзийр Кәмилниң бир уғлы бар еди, атын Мухаммедйар деп ат берер еди. Ол падшахға барып айтты:

— Әй, падшахым, уғлыңыз кесел болып, бир нәрсеге ашық болғандек, — деди. — Мен барып ашықлығынан бир-екки ағыз ғәзел сөз айтайын, — деп Зәйнепнин қашыға келип, бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты. Ғәзели Мухаммадйар бу турур:

— Сөзле халың болса, дәрдиң нешикдур,
Қайғыў мехнәт басып, башың салмағыл,
Гүл йүзләриң гәрди ғубар басыпдур,
Көп қайғы башыңа мехнат салмағыл.

Ашық болған фырақына мәрд болар,
Бир шәб руўзый жилди ахы сәрд болар,
Ашықлық дегенин йаман дәрд болар,
Мәрд әйлегил аңа, намәрд болмағыл.

Әўўәл ахыр Қуданы хәм билерсен,
Сениң ағырлығың ашық билермен,
Анын ушын сендин хабар сорарман,
Байан әйле сөзиң маңа сөзлегил.

Зулайха ашығы, Йусуф машуғы,
Ләйли-Мәжнун өтти ахы лайықы,
Йатып ашық болмас сендек хеш киши,
Өзи келмес йатсаң, турып излегил.

Келип халың сордым, жаўап бермедин,
Көзиң ашып, башың бери бурмадың,
Бу айтған сөзиме қулақ салмадың,
Мухаммедйар, мени башқа билмегил.

Мухаммедйар айтур, келдим қашыңа,
Хабар сордым келип башың ушына,
Ғарқ болып йатмағыл көзиң йашына,
Тәнде жаның болса жаўап әйлегил.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын соң Мухаммедйарның айтқан сөзлери зийада хош келди. Көңлине айтты: — Мен әбес иш қылып, намәрт болған екенмен, — деп пушайман қылды. Өлер дәрдим душманға күлки болған екенмиз, деп Мухаммедйарның айтқан сөзлерин көңлине әндийше қылып, машаққат бирле көрер екенмиз, деп йадына келди.

Әлқысса, жайыдан турып хәўиз башыға барып, йатып түш көрип, аңа сөзлешип екки хошлашып, бирбириниң йүзләридин поса алышып ўә йәне атларыны аңа айтқанын, ышқ оты йүрәгин күйдиргенин Мухаммедйарға бир-бир байан қылып бир сөз айтты. Ғәзели Зәйнеп бу турур:

— Енди ешит мендин байан әйлейин,
Бу күн ғәфлет зийад болды, Мухаммедйар,
Бағ ишине барып йатдым, нәйлейин,
Түшимде бир жанан келди, Мухаммедйар.

Шәмсү қамар йүзи, ләби гүл киби,
Писте дахан ағзы, тиши дүр киби,
Гөйа жәннет ишре болған хүр киби,
Ақлы хуўшым мениң алды, Мухаммедйар.

Бир заман отырдым хәмдам болышып,
Бағны рәўшан қылды нурға толтырып,
Көтерди жайымдын мени елтирип,
Қолларын бойнымға салды, Мухаммедйар.

Хаслы затын сордым йәне жайларын,
Исламшах дер атасының атларын,
Өзим атым Алтынгүл дер халықларым,
Мундағ ғайып гөззал көрдим, Мухаммедйар.

Ингишкә беллери, қәдди мийана,
Көрмей өлсем, қалдым йүз мың әрмана,
Көрмей аны дәрдим йетмес дәрмана,
Гөйанда гүл йүзим шулдур, Мухаммедйар.

Шәкәрдин мазалы анын хәр сөзи,
Бадамдур қабағы, түси дур көзи,
Атлары Алтынгүл, Исламшах қызы,
Йүзлери қырмызы гүлдек, Мухаммедйар.

Аны көргәш жаным биймар болмышам,
Не бәладур хәргиз аны билмишәм,
Зәйнеп айтур, ышқ отыдын өлмишем,
Мениң дәрдим шулдур билсен, Мухаммедйар.

Әмма, бу сөзни тамам қылғандын соң арадын бир нешше әййам өтти. Зәйнеп өлер халатыға етти. Йарынын дәрди түшиб, ақлы-хуўшынан кетти. Әмма, йүзлерини гәрдиў-ғубар басдырып, хеш илаж қыла билмес еди. Йарының дәрдинде адамлар билен иши болмас еди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса,Зәйнеп Муҳаммедйарның қашыға келип,хәрне көңлиндеги сөзини байан етип айтты:
— Әй, Муҳаммедйар, мениң дәрдимнин дәрманы нешик болғай, менде ҳеш тақат қалмады. Йүрәгимде ышқ аташы пайда болып турур.Енди йүрип истермен.Әмма,атамдын бийижазат кетмегим мәжал турур.Ижазат тилесем шәрм етермен.Енди бирадарлық ҳаққы ушын маңа ижазат алып берсең нешик болғай? — деди.
— Муҳаммедйар:
— Әрий,хош болғай,— деп,еккиси қошылып барып,Муҳаммедйар падшаҳның алдында турып Зәйнепнин арзы етип бир сөз айтты.Ғәзели Муҳаммедйар бу турур:

— Рәҳим әйлегил шаҳым,келди Зәйнебиң,
Ҳал-аҳўалын сораң,арзы болмасын,
Қол қаўшырып турып келди йалғызың,
Андын жаўап сораң,көңли қалмасын.

Қаррылыкда сизниң көрән нурыңыз,
Тилдин куўат кетсе,сөзлер сөзиңиз,
Телмирип көп қарар сизге қозыңыз,
Айтар арзы,сорар сөзи болмасын.

Ашықның саўдасы түшмиш башына,
Ислам шаҳның қызы кирмиш түшине,
Дәрди олдур шықмыш аның ишине,
Зәйнеп турсын әдеб билен сөзлесин.

Ашық ҳижран шекти мундағ нешшелер,
Фарағат алмады йатып кешелер,
Йалғыз уғлың етер ғамыў-ғуссалар,
Даўа әйлең,дәрди Зәйнеп өлмесин.

Келип арзын айтар екки қулыңыз,
Сатсаңыз қулыңыз,сәўсең уғлыңыз,
Зәйнеп хәр не десе,аны қылыңыз,
Йалғыз уғлың көңли мәлүл болмасын.

Зәйнеп айтур,сөзи булдур билсеңиз,
Дәрде даўа әйлеп қабул қылсаңыз,
Даўа қылған шулдур,жаўап берсеңиз,
Ҳәргиз өзи келмес,турып излесин.

Муҳаммедйар айтур,ашық мәрд болар,
Йигит болса,йарын истеп йол барар,
Мунда турса Зәйнеп жанға ар келер,
Намәрд болып,нашар сөзи келмесин.

Әмма,бу сөзни тамам қылғандын соң,падшах айтты:
— Андағ болса,не мәсләхәт қылурмыз?
Шул ўақытта оттыз екки ўәзийр,әмелдар,инақ ўә аталық,кушбеги,нақийби ислам — ҳәммеси мәсләхәт қылып,Зәйнепке жаўап бермекши болып Муҳаммедйарға айтты:
— Өзиң бирге барғыл,Шәҳрисар деген мундын нешше айлық йол екен? — деди.— Ҳәр нешик болса да тез барып келгейсизлер.Әмма,падшаҳның Зәйнепдин жудалықға тақаты йоктурур.Мундын аман-есен барсаңызлар,тезирек қайтып келгейсизлер,нешик болса ҳәм тез қайтмақның пикирин қылғайсызлар,— деп жаўап бердилер.
Әмма, Зәйнеп бирле Муҳаммедйар ат-әсбапларын шәй қылып, кетерге мәйил болдылар. Шул ўақытта падшаҳ Зәйнеп бирле Муҳаммедйарға қарап бир сөз айтты.Ғәзели Рамуз падшаҳ бу турур:

— Муҳаммедйар уғыл,саңа сөзлейин,
Мен ғәрийп сөзине қулақ салыңыз,
Келгүнше йолыңны шығып гөзлермен,
Телмиртпей көзлерим келегөриңлер.

Зәйнеп көздин кетсе,ҳалым нешикдур,
Кең жәҳән көзиме зиндан көринер,
Мениң сөзим,жаным,саңа шул ерур,
Тез келиңлер,мени йада алыңлар.

Нәсийҳатым будур,жәҳил болмаңыз,
Бир-бириңе урыш-сөкиш қылмаңыз,
Бир-бириңден хәргиз айра болмаңыз,
Бир-бириң қәдирини йахшы билгейсиз.

Енди мениң аҳ билен шығар афғаным,
Аман-есен келгей Зәйнеп султаным,
Көрер көзим,йалғыз қозым,уғланым,
Аллаға тапшурдым,енди барыңлар.

Кетме десем,көңли қалур ухшайды,
Гүл йүзи сарғайып солур ухшайды,
Маңа бир айралық болур ухшайды,
Тез айланып атаңызны көриңлер.

Ўәде йақын етти,енди өлүрмен,
Өлмей адам қалмас,аны билүрмен,
Тилегим: тез келиң,муны тилермен,
Көрейин дийдарың,келегөриңлер.

Нәўбет бу күн әжел йәне қолына,
Сафар қылсам ахыретниң йолына,
Баўар әйлең,Зәйнеп,атаң сөзине,
Көрмей өлсем,енди рыза болыңлар.

Рамуз падшаҳ айтур,енди нәйлейин,
Йақа ўайран,дийде гирйан әйлейин,
Меҳрим қансын,йүзләриңнен өпейин,
Андын соң Аллаҳ йар,аман болыңлар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмма, падшаҳ бу сөзни тамам қылғандын соң еккиси атларындан түшдилер. Андын соң падшаҳ еккисин қушақлап йүзләринден өпдилер. Зар-зар әбри нәўбәҳәр йығладылар. Муҳаммедйар падшаҳға қарап, көп бийтақат болмаң деп, бир сөз айтты:

— Имди, шаҳым, көп йығламаң,
Аман-есен тез келермиз,
Көп аҳы-афған әйлемең,
Есен барып тез келермиз.

Мундын Шәҳрисары барсам,
Зәйнепжанның йарын көрсем,
Мақсуўды-мурада йетурсәм,
Келип дийдар тез көрермиз.

Шәҳрисар шәҳрине барып,
Шаҳ қызына хабар салып,
Зәйнепжанны күйеў қылып,
Сизге сарпай келтирермиз.

Барып шаҳға йаўшы болып,
Араңызда елши болып,
Йахшы сарпай атын минип,
Дәўлетинде хош болармыз.

Барып падшаҳ өзин көрсек,
Хызметинде қаршы турсақ,
Аман-есен елге келсек,
Таш ҳәм болса еритермиз.

Ҳақ сақласын панаҳында,
Тилим ҳақның санаҳында,
Йетишурмиз йәне мунда,
Бир-биримиз көришүрмиз.

Шаҳ сөзиниз қабул қылса,
Улыңызға қызын берсе,
Алтынгүли қолға кирсе,
Сизге келин келтирермиз.

Талап қылдық Шәҳрисары,
Алурмыз йолдын шынары,
Алғур лашын, ақ суңқары,
Сизге бәрин келтирермиз.

Көп йығламаң, шаҳым, аңа,
Қайғырадур Зәйнеп оңа,
Тофрақ биздин болса саңа,
Келип қолдын еттирермиз.

Муҳаммедйар аман болсақ,
Көңил мақсудларын қылсақ,
Ат үстинде биз бар болсақ,
Атға қамшы зор етермиз.

Әлқысса, андын соң падшаҳ хош-аллайар айтушып, йолға раўана болдылар. Бир нешше күн йол йүрип, көп-көп ылғал урып, бир дәрйаға йетүшдиләр. Андын өте билмедилер. Дәрйаның йоқары тарафыға андағ йүриш қылдылар. Көз ушында бир қара көринди. Аңа йақын барып еди, бир улуғ шарбақ бу турур, ортасы сәрҳәўизли, көшели әйўанлы бағ. Бақышлы бүлбүллер сайрап, бир әжайып жай турур. Әмма, шул бағдын сөз ешитиңлер.

Әмма, шул әййамда бир падшаҳ бар еди. Ол падшаҳның бир саҳыбжамал қызы бар еди. Шул қызның қашында бир коррандоз мамасы болар еди. Бир күни ол қыз мамаға айтты:

— Әй, мама, мениң шәнимде бир қурра ташласаң нешик болур? — деди.

Әмма, мама «әжеп болар» деп қура ташлады, айтты:

— Әй, қызым, сениң талейиң йаман емес, лекин бу жайларда саңа лайық адам көринмес, көринсе ҳәм несийб болмас, сениң несийбең узаққа түшди, қызым, — деп жаўап бердилер.

Йәне мама айтты:

— Рамуз падшаҳ бийфәрзәндлик дәрдинен көп бийтақат болып, әўлийаларны қыдырып, Ҳәзирети Әлий Шаҳымәрдандын истанат тилеп, тилеги раўа болып, андын Зәйнеп дөреп, анадын туғып, бир нешше әййамдын соң түш көрип, биреўге ашық болып, ашықыны истеп шул дәрйаның йақасында йүрер, — деп өзиниң ҳүсни-мулақатын бир-бир байан қылды.

Анда ол қыз, ол пәрийзад аның ҳүсни-мулақатын ешитгәндин кейин ғайыбана ашық болып, атасыдын ижазат тилеп, шул дәрйаның йақасында йүрәр деген сөз билен, «бир көрсем, ол ыхтыйар қылса, мен қабул қылайын, ол қабул қылмаса ҳәм ашық гириптар болып еди, зийраки ашық болғаныға йетти йыл болып еди, шул йерде ўатан қылып отырып еди. Әмма Зәйнеп бирле Муҳаммедйар йолықмақға ҳеш киши көринмеди, бағқа кирдилер, көрер ки, бир ҳәўиз башында бир нешше қызлар йүрерлер. Әксәр ишинден бир қыз бар турур, йүзләри афтабдек рәшк етер еди. Дәрҳал булар барып қаршы турдылар. Ол қыз буларға қарап тәзим бәжай келтирип, әдеп-икрам бирле қолларын әлифләм қылып бир сөз айтты:

— Бердим жанлар сизге тәңри сәламын,
Тәңриниң сәламын қабул әйлерсиз,
Әўўел йад етели ҳақның кәламын,
Кәлам улуғ биздин зийад билерсиз.

Бу жайларда өзим йүрип көрмеген,
Бу жайларда сизлер бина болмаған,
Мен билменем сизниң адың көрмеген,
Қайсы шаҳның уғлы шаҳзада болурсыз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түн уйқының көзә гийри көринер,
Көфикленип атың тери көринер,
Йа бу шырағ тамам бәри көринер,
Не йерлерден шығып, не йере барурсыз.

Бийижазат нешик баққа кирерсең,
Атам көрсе не деп жаўап берерсең,
Бу йерлерде телмирип бағып турарсаң,
Сөзле сөзиң не деп сөзлерсең.

Олтырмышам беглер зулфым тар болып,
Йетти йылдан бери гирифтар болып,
Бир йигитниң жамалыға зар болып,
Көрсеңиз бегиңиз хабар берерсең.

Бәхрам шаҳ дер атым байан әйлейин,
Заман егленсеңиз атың тутайын,
Гүман бирле сизни меҳман етейин,
Йа билип сиз ҳеш болмаса кетерсиз.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын соң Баҳрам шаҳ айтты:
— Аттан түшер болсаң, атың тутайын, йигитлер, — деди.
Алар айттыким:
— Йоқшымыз, ишимиз катърак, — деди.
Анда Баҳрам айтты:
— Ишиңиз не турур, ўә жайыңыз қайда турур, қайда барурсыз? — деди.
Анда Зәйнепшаҳ айтты:
— Шәҳримиз Кәррәйх, атамызнын аты Рамуз, өз атымыз Зәйнеп, шәҳри Кәррәйхдин шығып Шәҳрисарға барурмыз. Йоқшымыз Алтынгүл, — деп жаўап берди.
Баҳрам қыз Зәйнепниң атын ешитип, ҳалы өзге болып айтты:
— Сениң жамалыңа йетти йылдан бери гирифтар едим, әлҳәмду лиллаҳ жамалыңны көрдим, дәрдим сыҳҳат тапты, әлхамду лиллаҳ мурадымға йетүшдим, — деди.
Әлқысса, ахшам йаттылар. Қудайы-Таала қүдирети бирле Зәйнеп себеби Муҳаммедйарны келтирген. Шул кеше ҳәзрети Әлий шаҳымәрдан Баҳрам бирле Муҳаммедйар еккисиниң түшине кирип еккисин ашықы ҳақыйқый деп хутба оқып, никаҳ қылдылар. Муҳаммедйарның шырайы гүлдек ашылып, сәшраб йериндин турып, көрген түшим растму, йалған му деп Баҳрамға қарап бир сөз айтты. Ғәзели Муҳаммедйар бу турур:

— Йатур ердим түшде көрдим бир аҳўал,
Баҳрам сен көргениң байан әйлегил,
Келтирме көңлиңе зәрре хыйлы-қал,
Бир-бир көргениңни байан әйлегил.

Сөйле, Баҳрамжан, түшде көргениң,
Әйле байан, ишде қалмас әрманың,
Жаўап сорды сендин әзийз меҳманың,
Сөзле, тилиң бүлбил гөйа әйлегил.

Сен бу күн билгениңни келтир тилиңе,
Алла нәзер салмыш сениң ҳалыңа,
Бир ақ шуңқар келип қонмыш қолыңа,
Қарашғыл, кең жәҳән әйўан әйлегил.

Бизге бу күн ҳақдын аҳўал болдылар,
Атын изҳар әйлеп биреў келдилер,
Алланың әмридин хабар бердилер,
Келән кимдур? Билсең байан әйлегил.

Йүрген ишим Зәйнепшаҳның хызмети,
Мунда йол башлаған ҳақның қүдирети,
Ҳеш йоқ еди мунда келән нийети,
Ҳақның қүдиретине хайран әйлегил.

Йетти йылдан бери сенсең гириптар,
Ҳақның өзи ҳәр не қылса ерки бар,
Сизни бизе мунда әйледи дуўшар,
Қәсте көңлиң енди шадман әйлегил.

Қуда дәргаҳынан кимлер келипдур?
Билсең сөзле, кимлер хабар берипдур?
Сорсаң, келән адам рәңи нешикдур?
Байан әйле, жаным курбан әйлегил.

Йалған му, шын му дур көрән аҳўаллар?
Шын болса Муҳаммедйар сүрер дәўранлар,
Еккимизде қалмас зәрре әрманлар,
Сени маңа тахты раўан қылдылар.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын соң Баҳрам айтты:
— Әй, Муҳаммедйар, сен не сөз сорарсаң? Мен ҳануз билгеним йоқ, — деди.
Анда Муҳаммедйар айтты:
— Маңа көринген бу нешик аҳўал? — деп ҳайран болды.
Йәне Баҳрам айтты:
— Маңа шул күн мәлим болды, сениң бирлән ашықы ҳақыйқый екенмиз, бир маманың сөзи бирле келип йатур ердим. Зәйнепни көп тәрип қылып еди. Зәйнеп турғанда сен маңа лайық емессең. Қуданың қүдирети бирле Зәйнеп себеп болып бу жайда сени көрдим, — деди.
Бир-бирин көрип, «мениң жуфтым екенсең» деп, түшде көргенлерин бир-бир байан қылып бир сөз айтты. Ғәзели Баҳрам шаҳ бу турур:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мухаммедйар кулақ салғыл анлағыл,
Бахрамың билгенин тилге алдылар,
Йалған деп аҳўалны гүман етмегил,
Сизе,бизе шул күн мәлим болдылар.

Келмиш бизе бу күн ҳақдын шаҳзада,
Келип турды еккимизниң арада,
Сизге,бизге йеттиң деди мурада,
Ҳақның қүдиретинен хабар бердилер.

Баҳрам айтты: енди сенсең қызыл гүл,
Муҳаммедйар гүлге келген бир бүлбил,
Қәдир ҳақның қүдиретиден сен билгил,
Булбүлим гүлине қонсын дедилер.

Фәлан демес адам бир ҳақның ишин,
Өзи билер ҳақның хәр не қылмышын,
Сәўикли дилбары ол қәлем қашын,
Пийрим Шаҳымәрдан қошды дедилер.

Келген адам йабылыңқы қабағы,
Башы үлкен киши,қалың сақалы,
Бурны бәлент,қызыл йүзлик рәңлери,
Гүман билен көнли Әлий дедилер.

Көрен түшимизде Ҳәзирет Әлийдур,
Сөзи йалған емес,бийшәк ўәлийдур,
Хутба жәхр әйлеген Әлий тилидур,
Баҳрам айтур,шул күн никаҳ қылдылар.

Әлқысса,бу сөзни тамам қылғандын соң бир-бирлеринин сөзлери растлашып,мақул болғандын соң сухбәтге машғул болдылар.Көп мурады ҳасыл қылдылар.Шул қызның Мәхрәмқыз деген бир қызы бар еди,келип Зәйнепке сөз башлады.Айтуркым:

— Муҳаммедйар бирле Баҳрам шаҳ мурады ҳасыл қылды.Кел еккимиз мурады ҳасыл қылалы,— деп әзбәр қылып қоймады.

Зәйнеп:

— Қайдан бир бәлаға гириптар болдым,— деп айтты.Бир нешше күнлер Зәйнеп ол қызны мазақ қылып,алдап сөз сорады.Айттыким:

— Мен сениң бирле мурады ҳасыл қылар едим,әўўел хешким бирле суҳбет қылмаған болсаң,— деди.

— Сен ҳеш нәрсениң жайын билмессең,— деди.— Мен шул шәҳәрде екенимде көп-көп суҳбет қылар едим.Бу жайда ҳешким йоқтур сиздин башқа.Ким билен суҳбет етейин,— деди.

Зәйнеп айтты:

— Билип айтур му сен,ашықлық рәсмин билмессең,— деди.— Шунша адамлар билен суҳбет қылдым дерсең.

Қыз айтты:

— Бәрше ашықларым тирикдур,— деди.

Зәйнеп айтты:

— Зулайхадан пәкизе қыз йоқ еди,көп меҳнат машаққат билен Йусуфны зордан тапты.Қырық йыл зинданның ишинде йатып,енди бир өзиңе мундағ йигитлер тапып турур му? — деген ўақытта қыз өзиниң бийкар екенин билип,дәм ура билмеди.Қыз йерге қарады.Зәйнепшаҳ ол ўақытта қызға қарап бир сөз айтты.Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Ҳеш бир адам йәне сендек болмады,
Қайсы ашық сендек болды,билесен,
Бу ишлерни хешким сендек қылмады,
Өзиңе йүз киши ашық қыласаң.

Ашық болған киши шундағ болур му?
Арасыға өлмей киши салур му?
Шунки ҳәм йүзине қара салур му?
Берсун саңа ашықларның бәласын.

Сенсең маңа өзиң гириптар әйлеп,
Күнде-күнде өзиң келип зар әйлеп,
Бийҳайадын қыз атыңны хор әйлеп,
Сениндейдин маңа нәсийб болмасын.

Сен бир хыйал ҳәрдәм өзин билмеген,
Өзин билген сени көзге илмеген,
Бирин қойып,йәне бирин излеген,
Йуўса кетмес сениң бу йүзиң қарасын.

Сағ болса ашығың сени көрерлер,
Сени көрип излериңе егерлер,
Сени ашық демес өзин билгенлер,
Мен саңа дейейин сөзим ызасын.

Зәйнеп шаҳ дерлер,сөзге ерменем,
Қыз атыңа лайық ишиң көрменем,
Қойғыл сөзиң,енди баўар қылманам,
Кет йанымдан турып,көзим көрмесин.

Әлқысса,бу сөзни тамам қылғандын соң қыз айтты:

— Мен йаман болсам көңлимни йахшы сөз бирлен алдасаң керек еди.Енди мениң ўайранлықым себеп болып көңлиңни ўайран қылса,не айтурсең? — деди.

Анда Зәйнеп айтты:

— Ҳәр иш Алла-Тааладан турур.

Әмма,енди Муҳаммедйар бирлен Баҳрам шаҳ айшы-ишретте еди,әмма бир нешше әййамдын соң

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шәхрисарға кетер мәсләхәтин етти.Анда Бахрам,хош-аллайар айтушуб қалайын деп,Муҳаммедйарға қарап бир сөз айтты.Ғәзели Бахрам шаҳ бу турур:

— Алла йарың болсын,барғыл Муҳаммедйар,
Ҳәддин кешесини зийад қылмағыл,
Бу дур сөзим,саңа ызҳар кылалы,
Ыңыратып изинде аҳға саламғыл.

Мен қалдым изинде бағрым езилип,
Телмирип йолында көзим сүзилип,
Арамызға өзиң ғубарлар салып,
Ҳәр йетер-йетмеске ҳәмдам болмағыл.

Разыдурмен сениң қара көзиңе,
Бағланмышам сениң айтқан сөзиңе,
Ашылған гүл киби қызыл йүзиңе,
Интизарда зары ҳайран қылмағыл.

Сөзим баўар етсең,кулақ қойарсаң,
Мени йарым десең,пәндим аларсаң,
Көп егленсең,он екки айда келерсең,
Он екки айдан келгил,бир күн қылмағыл.

Бахрам айтур,сениң ушын йығларман,
Он екки айда сен келмесең,нәйлермен?
Мәгәр калсаң ҳижранында өлүрмен,
Өлгенсоң не пайда,ҳасла келмегил.

Әлқысса,Муҳаммедйар айтты:

— Бахрамжан,көп бийтақат болмағыл,мени башқа ишге гириптар етмегей.Андағ ишлерни мендин үмийд етме гөззалым,— деп Бахрам шаҳға қарап Муҳаммедйар бир сөз айтты.Ғәзели Муҳаммедйар бу турур:

-- Йүз сарғайтып,көз йашартып,аҳ урма,
Көзи йашлы пәрийзадым,қал енди,
Йығламақдын көзге ғубар келтирме,
Пәрийзадым,сәрўиназым,қал енди.

«Аҳ,йарым» дейип пәрйад әйлеме,
Берк әйле өзиңни,йаман әйлеме,
Йахшылығ үмийд ет,йаман әйлеме,
Бу сөзим йадыңа йахшы ал енди.

Мәлүл болсаң,көңлим мениң бузылар,
Ишим йанар-күйер,бағрым езилер,
Маңа қарап екки көзиң сүзилер,
Енди,гөззал,ойнап күлип қал енди.

Ҳақның қошған маңа сәўер йарысаң,
Келип көз көргенше интизарысаң,
Кеше-күндиз тилдин қойман йарымсаң,
Ҳақның бирлигинде муна инан енди.

Муҳаммедйар,мундын енди кетермен,
Акфәренге улуғ ылғал етермен,
Аман болсак он екки айда келермен,
Көргенше Аллаҳ йар аман бол енди.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын сон хош-аллайар айтушып, йолға түшип раўана болды. Әлғәрез,еккиси кеше-күндиз бәрҳә йүриш қылдылар.Көп йол йүрип,бийниҳайат ылғал урып бир калың ағашлыкка йетти,хеш бир адам билмеген ўә көрмеген.Әмма,шул ўақытта йаз күнлери еди. Кудайы Таала кудирети бирле қараңғы думан болып,асмандын қараңғылық пайда болып,йамғур йаға баглады.Әмма,шул жайда еккиси адашып йүрдилер.Суўықтан атлары калтырап,ийеклери титиреп, өлер ҳалатларыға етүшди.Зәйнепшаҳ ел-йурт,қәўми-ғардашлары йадыға түшип,зар-зар әбри нәўбәҳәр йығлап,бир сөз айтты.Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Қуданың қудирети болды ушал дәм,
Шоқ саўдалар түшди башыма мениң,
Көрмесе өлгеним мунда хеш адам,
Аға-иним қарамас ишиме мениң,

Бүгин буйрук бизе ҳақдын болсалар,
Берен аманатын биздин алсалар,
Мунда өлсем,анда мәлим болсалар,
Қафалар түшибдур башыма менин.

Хазан урған гүлдек солур ухшадым,
Ата-анаға қайғы салур ухшадым,
Йар жамалын көрмей өлер ухшадым,
Себеп недур,кирди түшиме менин.

Ата-анам — кәәбам йолум қарарлар,
Бу күн йа таңладын келур дейурлар,
Өлген уғлын қашан көзи көрерлер,
Қонар болды ғарға лашыма мениң.

Ата-анам — кәәбам,мешит,меҳрабым,
Төбеде йулдузам,йерге сашрадым,
«Көрсем атам» дейуб ҳақға йығладым,
Рәҳим әйлемес көзде йашыма менин.

Йалғыз Зәйнеп елге барып өлмеди,
Тең досларым дәфин етип қоймады,
Жан ҳалқумға келди,көрмек болмады,
Келсе ҳәм көралмас қашыма менин.

Әлғәрез,бу сөздин сон жан ҳалқумға келип,өлүм йақын болды.Жаныдын үмийдин үзип,өлүмге разы болып,ел-йуртны,қәўми ғардаш,хыйшы ақрабаларым,йары-жораларым ўә ата-аналарым,деп

www.ziyouz.com kutubxonasi

йад етип, Ҳәзирети Әлий шаҳымәрдан пийринен ҳәм зийадарақ йадыға түширип, зар-зар йығлап Зәйнеп шаҳ бир сөз айтты. Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Бизе ҳақдын шу күн мәлим болсалар,
Падшаҳымдын, шәҳәр қалғандын айрылдың,
Йалғыз уғлың мунда келип өлдилер,
Атам, сәуер йалғызындын айрылдың.

Тоққыз ай, тоққыз күн көтердиң саат,
Йатмадың балам деп тынмай бир саат,
Бермеген екендур перзенттен рәҳәт,
Рәҳәтиң көрмәстен анам айрылдың.

Зәйнеп өлди деген елге сөз барар,
Достлар йығлап, душманларым куўанар,
Кәмил күйер, ҳасан өлүр, тирилур,
Ғардашым, туўғаным, ағам, айрылдын.

Хош болып көшеде бирге йүргеним,
Бирге турып, бирге йатып гезгеним,
Айшы-ишрет, заўқы-сафа сүргеним,
Йар-достларым, жораларым, айрылдың.

Маңа ахыретлик досты болур шән,
Өли-тирим дейуб қолалар инсан,
Муҳаббат бәласын бирге көришән
Йолдашым Муҳаммедйар, Баҳрам айрылдың.

Зәйнеп айтар, Әлий йа ҳиммет сендин,
Мен уғланың, сен пийрим, хабар ал мендин,
Уғлың кетти ҳалдан, жан шығар тәндин,
Йа ҳиммет, йа ҳиммет, пийрим айрылдың.

Әлғәрез, бу сөзни тамам қылғандын соң жаны кешгендек болып йатты. Андын соң Ҳәзирети Әлий шаҳымәрдан Қудайы-Тааланың фәрманы ҳәзир болды, «Әй, балам» деп екки қолыдын тутты. Аның кәраматыдын тамамы беденине қуўат пайда болды. Андын соң Әлий айтты:

— Әй, уғлым, ҳарам ешитгәниң йоқ му? -деди. — Баҳрамшаҳның қашындағы қызға не дедиң? Аның тилине йаман сөз кирип еди. Шул себептен мундағ бәлаға гириптар болдын. Енди мундын башқа жайларда тилиңни сақлағыл уғлым, — деп көзинен ғайып болды.

Әмма Зәйнеп тәнҳа қалды. Ҳаўадан ғубар көтерилип, ҳәмме әлем мунаўўар болды. Енди Муҳаммедйарны излеп кетти. Бир нешше йерлерни қыдырып қарады, ҳеш намыў-нышан болмады. Енди сөзни Муҳаммедйардан ешитиң.

Зәйнептен айырылғандын соң бир қалың ағашлық көринди. Ол аңа барып йатты. Күн ашылғандын соң бир нешше әййамлар қыдырып екки атны тапып алды. Әмма Зәйнептен нам-нышан болмады. Бир нешше күн сарсаң болып қыдырып йүрер еди. Әмма, көзине бир бәлент тағ көринди. Әмма, шул тағның башына шығып, шар әтирапқа қарады, ҳеш нәрсе көринбеди. Шул йерде Муҳаммедйар Қудаға сығынып, пийрлерин йад етип, Зәйнепни йоқлап бир сөз айтты:

— Әўўел Қуда, бирлигиңе сығындым,
Зәйнебим саламат йеткүрсең болды,
Кетей десем тағ башыдын йықылдым,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Андын соң, йа Ҳиммет, ҳәзирети Адам,
Анамыз Ҳаўа ана, бизге бер йардам,
Йолдашымны маңа көрсетгил бу дәм,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Ҳәмраҳдын айырылып шектим көп аҳый,
Зәйнеп атлығ шәҳримизниң падшаҳый,
Истианат сендин, ҳәзирети Нуҳый,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Сен өзиң асан ет, қәдир Аллаҳым,
Сендин өзге йоқдур мениң панаҳым,
Сендин сордым, йа ҳәзирет Ибраҳийм,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Зәйнеп ушын гезип болдым мен сайыл,
Ҳақның қүдиретине болмышам қайыл,
Ибраҳийм демишем енди Исмайыл,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Қудайа бир атың дедилер Қуддус,
Өлмәйин жай тутан беҳиштдә Идрийс,
Бир ҳиммет әйлегил ҳәзирети Йунус,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Зәйнеп кетти йетмей мурады мақсуд,
Қайрыла билмедим, мендин кетти кут,
Йа ҳиммет, йа ҳиммет, Лут иле Йаҳут,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Йа Йаҳйа, Закарийййа, йа Ийса асман,
Сылаҳ билен Муса енди шул заман,
Йа Даўуд билен шаҳы Сулайман,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Биле билмен бизә йетти маламат,
Йаз күни кар йағмыш болды қыйамат,
Байазийд Бастамий, Султаны Әҳмәд,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Көзлерим тутылмыш йығлай бәлайа,
Нәсийбим бағланмыш шарлай-шарлайа,
Уғлы шаҳзада дурры баҳайа,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Истианат сендин, йа Нуҳы нәбий,
Әўлийа, әнбийа Чәҳәрйар ҳаққый,
Чәҳәрйарың қәбри Ҳәзирети Әлий,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Қудайа мүшкилим әйлегил асан,
Тилегим, мен сендин көрсем Зәйнепжан,
Бир ҳиммет әйлегил, Ҳәзирети Осман,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Муҳаммедйар сөзин қылды мухтасар,
Йүз йигирма төрт мың өткен пайғамбар,
Азанны хатм еткен Ҳәзирети Билал,
Зәйнебим саламат йеткүр сен бу күн.

Әлғәрез, бу сөзни тамам етип болғандын соң тауфыйқ етип отырып еди, енди Зәйнепдин сөз ешитиң. Ол ҳәм кеше-күндиз тынмай йол йүрип қыдырып еди, хеш нам-нышан тапмады. Шул күни Муҳаммедйардын үмийд үзип бир жайда келип йатты, түш көрди. Түшинде өзини тағның төбесинде көрди. Мунның йадыға түшди, тағ башына шығып көзлер көзлейин деп, тағ башына шықты. Атларын көрди, андын Муҳаммедйарға көзи түшди. Бир-бирлерине қарап йүрдилер. Бир-бирин көрип зар-зар йығлашдылар. Әмма, буларның тағ башына келгенин Қуда билмесе, хеш ким билмес еди. Әмма, еккиси қошылып ҳал-аҳўалларын сорашып отырдылар. Андын соң атларыға минип, айралық бәлесинен қутылып йолға түшип, Шәҳрисарға қарап раўана болдылар. Бир нешше әййам йол йүрип, көп-көп ылғал урып, бир айда Шәҳрисарға бардылар. Шул ўақыт Шәҳрисар көрингеннен Алтынгүлни йадыға алып, бир нешше йердин тымсал келтирип, бир сөз айтты. Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Алтынгүл, Алтынгүл, шаҳның қызысаң,
Хабар алғыл шығып, мийманың келди,
Он төрт күнлик туўған айның өзисең,
Интизарың, маҳытабаның келди.

Аҳы-зарым саңа, йаныңа барсам,
Хуршийди хаўардек жамалың көрсем,
Қандыў-әсел, шәкәр ләбиңнен сорсам,
Айшы-ишрет сүрән дәўраның келди.

Арамызда алты айлық йол ашып,
Нешше дағлар, нешше шөллерден ашып,
Айралықдын нешше күнлер йығлашып,
Ҳәсиретли көңлинде әрманың келди.

Бир қызның жамалына зар болып,
Қайғыў-меҳнәт бәлесине хор болып,
Ҳижранында қызыл йүзи сарғайып,
Хәсте көңлиң сениң дәрманың келди.

Бир күн барып йатсам бағның ишинде,
Түшимде көриндиң башым ушында,
Барсаң жайым дедиң Шәҳрисарында,
Барғыл деп ўәделер қылғаның келди.

Сен фәрўаз әйледиң, қалдым мен ғәрийб,
Ҳижрана дөзмедим көзим сарғайып,
Қарадым изиңдин көзим телмирип,
Изинде ыңыранып қалғаның келди.

Алтынгүл, Алтынгүл, хабар ал мендин,
Кетмесең бақаға фаный дүнйадан,
Шул мәўруд үмийдим гөззалым сеннен,
Келгил, Зәйнеп атлығ әрманың келди.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын соң қыбла тәрепке қарады, хеш сада шықмады. Зәйнепниң турған йериниң бир йеринде бир кемпир мама пайда болды. Булар мамаға қарап қаршы йүрди. Мама ҳәм қаршы йүрди. Бир-бирине йетүшди. Булар айтты:

— Әй, мама, бу шәҳәр не шәҳәр турур?

Анда мама айтты:

— Бу шәҳәр Шәҳрисар турур, — деди.

Мама айтты:

— Сизлер кимсизлер?

Булар:

— Шәҳримиз Кәррайх, атамызның аты Рамуз, атымыз Зәйнеп, — деди.

Анда мама «мен сизлерни көрмесем ҳәм биреўге ухшатурмен» деп, шаҳзадаларға қарап бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты. Ғәзели мама бу турур:

— Йолың болсын, балам, недур йүришиң,
Башыңға бир саўда түшгәнә мегзер,
Ат әсбабың бәри, йүриш-турышың,
Узақдын йол шекип келгене мегзер.

Мингән атың, жаным, бели бүгилен,
Башы ҳаўаланған, иши шекилен,
Йағыщдек омыраўдың тери төкилән,
Башыңға бир саўда түшгәнә мегзер.

Алланы йад етип күнде йадлабан,
Ашық оты қара бағрын дағлабан,
Өлгүнше бир-бири ўәде бағлабан,
Йар ушын жаныны кешгене мегзер.

Нешше йыл аҳ шегип, көп зар әйлейип,
Зағфырандек қызыл йүзи сарғайып,
Бир-бирине ахыр несийб болмайып,
Көралмай дийдарын қалғана мегзер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мама дер, бир-бирине интизар әйлеп,
Йығлады Алтынгүл көп фәрйад әйлеп,
Шәхрисарны Қуда харабат әйлеп,
Бу Шәхрисар көрки кеткене мегзер.

Әлғәрез, бу сөзни тамам қылғандын соң Зәйнеп айтты:
— Ислам шахның қызы бар му? —деди.
Мама айтты:
— Бар турур, — деди.
Зәйнеп айтты:
— Аты ким турур? — деди.
Мама айтты:
— Алтынгүл турур.
— Андағ болса, мениң атым Зәйнеп турур. Рамузшахның уғлыман. Мени келди десең нешик болғай? — деди.
Анда мама афған тартып йығлай башлады. Мама Зәйнепниң атын ешитип, ҳалы өзге болып, табытақаты қалмай, зар-зар әбри нәубәхәр йығлап, бир нешше йердин тымсал келтирип, бир сөз айтты. Ғәзели мама бу турур:

— Йатмышам ҳижраный матамын тутып,
Фәрйадың қалаға йетти, Зәйнебим,
Алтынгүл дегенниң дадын сен ешит,
Сабры-қарар мендин кетти, Зәйнебим.

Ишим йанар-күйер, бағрым езилер,
Зәйнепни көргенге көңлим бузылар,
Ким билер келгенин, ким шығып көрер,
Алтынгүл көралмас болды, Зәйнебим.

Нешше йыллар көрди дәрди бәлалар,
Зәйнеп, Зәйнеп дейип тынмай кешелер,
Бу күн ўайран болды бағы-бақшалар,
Алтынгүл жайындын кетти, Зәйнебим.

Ақлы-хуўшым кетти, өзиме келмен,
Ҳақдын әжел йетмей ҳәргиз мен өлмен,
Шул Алтынгүлниң анасы менмен,
Анасын сәргәрдан етти, Зәйнебим.

Зәйнепжан дедилер, сени көрмеди,
Келмеди йарым деп аҳы зар әйледи,
Көрер сени йәне фурсат болмады,
Көз көрмеске йарың кетти, Зәйнебим.

Мама айтур, көрдик кәфир түҳмәтин,
Көп көрдик түҳмәтин, шектик меҳнәтин,
Ахыр ол әйледи көңил мақсуўдын,
Бизге жәбри-жафа етти, Зәйнебим.

Әлқысса, бу сөзни тамам етип болды, Зәйнеп айтты:
— Нешик шум хабар ўақыйасын айттың? — деди. Көңли пәрийшан болды.
Әлқысса, енди сөз ешитиңлер, Әмма, Зәмхәршаҳ шәҳринде Тарқаш деген бир кәфир бар еди. Шул шәҳәрде ҳешким йүзине қарамас еди. Әмма, Зәмхәршаҳ шәҳринден саўда ушын түйе йүбәрди. Айтты:
— Әй, падшаҳ, Шәхрисардын шыққан саўдагерлер Алтынгүлни тәрийф қылып барған екен. Әмма, Тарқаш көрмей ғайыбана ашық болып падшасыға айтты:
— Әй, Замҳаршаҳ, саўдагерлер шундағ дерлер. Шул қызны не ўәж бирлен маңа алып берурсең, йоқ ерсе өзим кетермен.
Падшаҳ «әрий, болғай» деп, бир нешше адамларны йаўшы қылып Шәҳрисарға йүбәрди. Әмма, булар барып сөзни падшаҳға айттылар. Падшаҳ сөзин қабул қылмады.
Әлқысса, йаўшы қайтып йолға раўана болды. Булар ҳәм барып Зәмҳәршаҳға айтты. Падшаҳ йәне көп киши билен йүбәрди. Мунда ҳәм ала билмеди. Барған кишилерниң сөзи болмады. Сонда ләшкер йығып келди. Мунда ҳәм ала билмеди. Бир нешше күн йолда йатып, ол кәфир бир аййар маманы йүбәрди. Ол аййар мама тиленип йүрер еди. Әмма, бир күн шәҳәрниң ишине кирип сарайларны сарайма-сарай қыдырып, көшелерде тилеп йүрер еди. Әмма, мама бир пинҳан йерде қызға келип айтты:
— Мени Зәйнеп йүбәрди. Сени келсин деп, өзи келе билмес болды.
Қыз аңа инанып, пинҳан раўана болдылар. Әмма, Исламшаҳ бир нешше атлы йүбәрди. Ол кишилер кәфирлерниң ләшкерин көрип қайтып келди.
Әлқысса, арадан үш күн өтти. Үш күннен соң Зәйнепниң келгени еди. Әўўелги мама қызының фырақыдын йанған еди. Булар мама бирлен қошылып шәҳәрге раўана болды. Барып ол ахшам анда болдылар. Исламшаҳ ләшкер йығып кетер мәслеҳетин тутты. Зәйнеп аларға қарамай Муҳаммедйарға айтты:
— Мен кетермен, — деди.
Ол хош болғай деп падшадан рухсат алып йолға түшип раўана болдылар. Бир нешше мәнзил йол

www.ziyouz.com kutubxonasi

йүрип, кәфирлернин қарасын көрип, атларынан түшип таҳарат сындырып, атларыға минип, бир-бирине қарап бир сөз айтты:

— Муҳаммедйар, йад ет шул күн Алланы,
Дөнели үстине ылғал йылғай-йығлайа,
Тилге алып сығынай пийри ағланы,
Тиле ҳақдын тилек йығлай-йығлайа.

Әўўел Қуда панаҳында сақласа,
Шаҳымардан бизге ҳиммет әйлесе,
Ақфәрең ат, Жайҳун қолда бар болса,
Аралашып қырай шарлай-шарлайа.

Пийриң билен Жайҳун бели бүгилип,
Қулақы тикилип, бели шекилип,

Йүр хә йүр, баралы бирден төкилип,
Йетер заман қалмас қырлай-қырлайа.

Сығынай йад етип ҳаққа зарымны,
Зор әйлей йар ушын өзде барымны,
Йа өлейин, йа алайын йарымны,
Тақдийр болс,а йарым алай-алайа.

Зәйнеп айтур, ләҳзе тура билменем,
Жандын қорқып урышмайын қалманам,
Әзим өлмей тирик мунда келмәнәм,
Муҳаммедйр, турма ләҳзә-ләҳзәйа.

Әлқысса, андын соң еккиси қошылып ҳайқырышып ат қойдылар. Әлғәрез, келип кәфирлернин ләшкерине аралашды. Мысалы қой еди, қурт дарыды, қамыш еди, от дарыды. Бир заманда ләшкерлерни бөлек-бөлек қылды. Әлғәрез, кәфирлерниң мыңы өлсе, орныға екки мыңы келип қошылып, бийниҳайат урыш болур еди. Кәфирләрдин бийниҳайат киши қырылды, гөйаки қыйамет ахырзаман болды. Кеше-күндиз бирдей тоққыз күн урыш болды. Кәфирлерниң баҳадырлары «әл-аман», «әл-аман» деп фығана келдилер. Намәрдлери йер биле йаксан болдылар, қалғанлары басқы тапып қутылды. Шул ўақытта Зәйнепниң ташқуны келип, пийри Шаҳымәрданны йад етип, Қудайы-Таалаға сығынып бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты. Ғәзели Зәйнепшаҳ бу турур:

— Муҳаммедйар, урыш жайдын,
Дағлар ғубар, ғубарланды,
Шыққан түтинлер туфәниңнен,
Рустамы Турандек тозаңланды.

Йете алмас ҳешким солымдын,
Аман қалмады оңымдан,
Қашды кәфирлер залымдын,
Күнлер аман-аманланды.

Кирдик тоққуз күн урышқа,
Қалды кәфирлер қамаша,
Йықдық нешшесин талаша,
Майдан думан-думанланды.

Туғлар йәне ат саланды,
Нешшеси бир ҳәм боланды,
Майдан ишре көп өләнди,
Кәфир лалаў-лалаўланды.

Түшдим ишине от болып,
Бир өзим йетмиш төрт болып,
Қойға түшкен қуртдек болып,
Зәйнеп бәлаң йалаңланды.

Зәйнеп айтур, әй йаранлар,
Қылған ишим көриң, жанлар,
Салдым кәфирге қыранлар,
Ўайран фырың-фырыңланды.

Әлқысса, кәфирлер нешшеси қашды, нешшеси тутылды. Әлғәрез, Алтынгүлни тафмады, ҳайран болып турып еди.

Әлқысса, аййар мамадан сөз ешитиң. Ол қызны алып ләшкердин өтип кетти. Мама қызға айтты:

— Сен шул йерде турғыл, мен барып хабар алып келейин, — деп қойып кетип еди.

Әлғәрез, мама, үш күн болды, келмеди. Қыз хәм төртләнши күн кешеси отырып еди, қызға бир атлы көринди. Зәйнеп бирле Муҳаммедйарның урышыдын бир кәфир қашып келетурур еди. Қыздың үстинен душ болды. Айтурларким:

— Исламшахдын екки атлы киши келип кафирлерни ўайран қылды. Мен андын қашып келетурурман. Сен нешик қызсаң? Қашғыл, — деди.

Қыз айтты:

— Андағ болса, атыңа миндиргил, — деди.

Ол киши «йахшы болур» деп атыны берди. Өзи саҳраға отырмаққа қайым болды. Қыз атын минип бәдер қашты. Қыз қашса да, қайан кетерин билмей барар еди. Зәйнеп бирле Муҳаммедйарның үстинен душ болды. Бир-бирине нәзер етип көрселер, түшиндеги көрген афаты жананы турур. Ат үстинде аҳ шегип, қушақлашып көришип, бийҳуш болып йықылдылар. Замандын соң баз хуўшына келип, бир-бирине қарап бу сөзни айтышур еди. Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Кеше күндиз аҳыў зарым сен болып,
Бул ақлы хуўшымны алған сен му сен?

Сениң ушын бәлелерге йар болдым,
Қуда қошқан баш йолдашым сен му сен?

Шул күн гүл ашылды, келди бәҳәрим,
Истеп шығып шектим сениң зәҳанын,
Көралмастан сениң қәдди кәмалың,
Ҳижранында көз йаш төккен мен мәнәм.

Сениң ушын бәлелерге тутылып,
Төзмей ҳижранында хунаба йутыб,
Нешше дағлар, нешше шөллерден өтип,
Келмишем сен ушын, йарым сенму сен?

Сениң ушын йанып күйдим нешшелер,
Фарағат болмадым йатып кешелер,
Қурыды гүллерим, бағыў-бақшалар,
Бағда бүлбил сен деп кеткен мен мәнәм.

Жаўабы Алтынгүл:
— Бар йар му деп қара бағрым дағладым,
Кетти деп ешиттим, тақат қылмадым.
Изинде өлей деп турып йығладым,
Суў сүнбилим, зулфы тарым сен му сен?

Шәҳрисардын барып мен сени көрдим,
Барғыл йарым дейип ләблериң сордым,
Аслы фарғың саңа жаўабын бердим,
Исламшаҳның Алтынгүли мен дедим.

Кетән ақлым кирди йәне өзиме,
Болур раҳат меҳнат ушын ғамыма,
Енди қайғыў қылма, кирме ўаҳыма,
Ақылның изҳаны кәни сән му сен?

Зәмҳәршаҳдын келмиш бир қарры мама,
Ҳәр нәў сөз билен айтты кәлама,
Зәйнепдин саңа көп йүзмың салама,
Деп Алтынгүл ақлын алды билменем.

Келип мен ешиттим болған сөзиңни,
Анын ушын ғубар алды йүзимни,
Сени деп ләшкәрге урдым өзимни,
Зәйнепниң мақсудлы кәни сен му сен?

Әлқысса, бу сөзни тамам қылып болды. Енди сөзни Тарқашдын ешитиңлер. Ол мундын башка йерде йатып еди. Мың ләшкер билен келди. Қыз атын минген кәфир билен ол аййар мама қошылып йатған йеридин Тарқашны тафдылар. Болған ўақыйаны бир-бир байан қылдылыр. Айттылар:

— Қызны алып шығып едим, йолдын адашдым. Қызны бир йерде қойып, өзим истеп кетип едим, мендин қалғандын сон бир кишиниң атын минип қашып кетипдур, — деди.

Әлғәрез, Тарқаш атланып аңа йүрди. Атын йок қылған йигит келип қызның минип қашғанын айтып йәне:

— Исламшаҳдын екки йигит келип кәфирлерни ўайран қылды. Мен андын қашып келе турур едим. Қыз маңа душ болды. Мундағ ўақыйа болды, — деди.

Тарқаш муны ешитип, жаны сашрап, бурынғы кәфирниң басқы тапған йерине келди. Үстине төгилген кәфирлерни көрдилер.

Енди Исламшаҳдын сөз ешитиңлер. Исламшаҳ, бул ҳәм шайын тутып, енди кәфирлерниң қаласыға шығарман деп, қаласын бузып өзлерин ўафат етермен деп, мың ләшкер бирле раўана болдылар.

Әлғәрез, Исламшаҳ Зәйнеп бирле Муҳаммедйарнның урышып йүргенин көрип, хошўақыт болып, Исламшаҳ ләшкерине жар салдырды:

— Ҳәр ким Тарқашның башын алып келсе, мен мурадыға йеткурурмен, — деди.

Әлғәрез, андын соң екки тәреп сап тартып урыш қылдылар. Зәйнеп бирле Муҳаммедйарға ҳешким барабар келмеди.

Әлғәрез, етти күн урыш болдылар. Кәфирлердин бийниҳайат өлдилер. Исламшаҳ мунада қылдылар, «баҳадырлардын разы емеспен, Тарқашның башын кесмей аман йүбәрсе» дедилер.

Әлғәрез, Зәйнеп бирле Муҳаммедйар бу сөзни ешитип, еккиси қайта башдын Тарқашның үстине ат қоймақшы болып, бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты. Ғәзели Муҳаммедйар бу турур:

— Зәйнепжан, йад әйле пийриң Әлийни,
Аллаҳ деп дөнермен Тарқаш үстине,
Йад етели ҳәзрет Әлий ўәлийни,
Аллаҳ деп дөнермиз Тарқаш үстине.

Муҳаммедйар, Аллаҳ ҳаққа сығындым,
Аллаҳ, Аллаҳ, ҳәмраҳыңыз мен менем,
Бабам Әлий пийрим йадыма алдым,
Аллаҳ, Аллаҳ, ҳәмраҳыңыз мен менем.

Ишлесе астымда Ақфәрең атым,
Түширсем Тарқашны — мениң мурадым,
Дост-душманым көрсин мениң ғайратым,
Аллаҳ деп дөнермен Тарқаш үстине.

Сағ болса Ақфәрең бирле Жайҳун ат,
Бизлер қуйрық ерур, сенсең қош қанат,
Қала билмен, тәнде болса аманат,
Аллаҳ, Аллаҳ, ҳәмраҳыңыз мен менем.

Зәйнеп жан әйлер, туўы йықылсын,
Туғ түбинде Тарқаш қаны төкилсин,
Ханжар салып қабырғадын сөкилсин,
Аллаҳ деп дөнермен Тарқаш үстине.

Муҳаммедйар, сөзим, жаным, қыл қабул,
Ҳақның дәргаҳында сен бир мәрд уғыл,
Мен оңымдын, сен солыңдын найза ур,
Аллаҳ деп дөнермиз Тарқаш үстине.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Зәйнеп айтур, алса жаным хақ алур,
Әзим өлсем кәфирден, шәҳийд ат қалур,
Көргенинде оңы-солны ким салур,
Йүр хә йүр, дөнермиз Тарқаш үстине.

Әлқысса, хыйқырып-хыйқырышып ат қойдылар. Тарқашның туўының түбинде андағ уруш болды, гөйаки ахырзаман турылды. Адамлар ҳайран қалдылар. Кәфирлерниң намәрдлери қаша башлады. Исламшаҳдын көп киши йоқ болды. Әмма, үш күндин соң Тарқашның туўы йықылды. Кәфирлер басқы болды. Ат тизиндин қан ақты. Кәфирлер «әл-аман» деп йығлап қаша башладылар. Изиндин бир нешшесин тутып өлтирдилер.

Әлқысса, Зәйнеп шаҳ бирле Муҳаммедйар сағыў-саламат қошылып, кәфирлерниң басқы тафқан йерине келдилер. Тарқашны Зәйнеп екки йеринен жараҳатдар қылып еди, өзиниң туўының түбинде өлип қалып еди. Булар қашыға келдилер. Шул ҳалда Исламшаҳ мунада қылды:

— Баҳадырларның бәри қырылсын. Тарқашны аман йүберселер, разы емеспен, — деди. Булар Тарқашны сүдреп падшаҳның қашыға алып барды. Падшаҳ хошўақыт болып айтты:

— Мақсудыңызны йеткәрурмен. Шәҳәрге барың.

Муҳаммедйар Тарқашның өлигине қарап, «биздин бир сөз ешит» деп, бир сөз айтты. Ғәзели Муҳаммедйар бу турур:

— Ҳәй, йаранлар, мусылманлар,
Бул ҳәм ашық болан Тарқаш,
Көп саўдалар, мусылманлар,
Башыңызға салан Тарқаш.

Бир кәрўанның сөзи билен,
Өзи көрмей көзи билен,
Исламшаҳның қызы билен,
Көрмей ашық болан Тарқаш.

Мақсуды-мурада йетмәйин,
Алып шәҳәрге кетмәйин,
Мунда өлип қалан Тарқаш.

Шаҳның күйәўи болмаға,
Алтынгүл қызны алмаға,
Улуғ бир суҳбәт қылмаға,
Жәҳд әйлебен келген Тарқаш.

Төрт бөлүндик үш қылышда,
Бөлеклендик ҳәр бир душда,
Алтынгүлиң бизиң қошда,
Алмадың му балам Тарқаш.

Зәйнеп үстиңде ҳайқырды,
Йүрегиндин тизе урды,
Қоймайын атдын ағдарды,
Әжел ушын келен Тарқаш.

Муҳаммедйар шоқ сайландың,
Бир башыңа төрт бөлиндиң,
Өз қаныңдын сарпай кийдиң,
Хош Аллаҳйар аман Тарқаш.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын соң шәҳәрге раўана болдылар. Бир әййам йол йүрип шәҳәрге бардылар. Қызның ата ўә анасы ўә ағасы ўә тамамы улуғ-кишик кәдхудалар жәм болып Алтынгүлни Зәйнепке бермекши болдылар.

Әлғәрез, еккисиниң урышда еткен саўашларыға улуғ-кишик әфарийн қылдылар. Әлқысса, бир нешше күн той-тамаша қылып мурадыға йеттилер.

Әлқысса, бир күн, бир нешше күн өтти. Әмма Зәйнеп атасын түшинде йаман сүўретте көрип, падшаҳдын жаўап тилеп бир сөз айтты. Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Қулақ салып арзым ешит, падшаҳым,
Меҳман арыз еткели келен ухшайды,
Атасы, анасы, шәҳри жайыны,
Уғлың бу күн йада салан ухшайды.

Енди, шаҳым, бизе жаўап берсеңиз,
Хошўақыт болып бизни йолға салсаңыз,
Бизниң ҳаққымызда дуға қылсаңыз,
Мунда көп йатмышлар болан ухшайды.

Түшде көрдим, атам киймиш қараны,
Фуқара үстинде кийген либасы,
Оңында, солында йолдаш екки киши,
Ахыретте сафар қылан ухшайды.

Айра түшер болды биздин атамыз,
Күйер бағры, йанар ғәрийб анамыз,
Атам өлсе болды ўайран кәбамыз,
Игәсиз қаламыз талан ухшайды.

Зәйнеп айтар, шаҳым, изҳары изҳар,
Жаўаб сордым, сендин қалдым интизар,
Шәҳриме кетермен, Аллаҳ болсын йар,
Мунда турмақ енди гүман ухшайды.

Әмма бу сөзни айтып болғандын соң, хош болғай деп Алтынгүл бирле Зәйнепге жаўап бермекши болып, бир нешше ғулам бәшше, ўә нешше кәнизлер, қатар-қатар түйелер бирле алтын, күмиш, дүрри-мәржан, лағлы-йақут, гәўҳарлар бирле Алтынгүлни шықарур болдылар. Улуғ ўә кишик хатын, қыз-жаўанлар хош Аллаҳ йар айттылар. Шул ўақытта анасы бийшара зар-зар йығлап қызыға хошлашып бир сөз айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Көрер көзим мениң,фаслы бәхәрим,
Нәўбәхәрим,ғунша гүлим,аман бол,
Хумайун таўысым,бағда бүлбүлим,
Бүлбүлим,бәхәрим,йазым,аман бол,

Фәрзәндим,қуўатым,дәрди-дәрманым,
Үйимде нешше күн әзийз мехманым,
Өз йарыңа қошдым,йоқдур әрманым,
Фәрийзадым,сәрўиназым,аман бол.

Қыз нашарны мәзи фәрзәнд демекдур,
Уллысы,тириси айра болмақдур,
Қыз емесдур аны бармақ,көрмекдур,
Базарым,көрерим,қозым,аман бол.

Бу күн ғамхор анаң сендин айрылур,
Гүл йүзлериң бир көрмеге зар болур,
Изинде көп йығлап көзим телмирур,
Анасын иңирентген қозым аман бол.

Аўазы бүлбүлим,йүзи кекилим,
Қәлем қашы,сыйах сашы сүнбилим,
Түйениң көшәги,йылқы қулыным,
Қулыным,бозғуўным,йазым,аман бол.

Көзи нәргис,қашы қара қундызым,
Сашы сүнбил сийах,гүл йүзли қызым,
Уғылдын,ағадын едиң йалғызым,
Сен кеттиң,қыш түшди,йазым аман бол.

Кәбаң атаң фырақында қан йутар,
Йүз мың әрман билен хәр күни өтәр,
Тәңри нәсийб етсе әнжамын тутар,
Та көргенше көрфе қозым аман бол.

Әлқысса,бу сөздин соң атасы Исламшах қызы бирлен хошлашып фәләкдин шикайат қылып бир сөз айтты.Ғәзели Ислам шах бу турур:

— Алтынгүлим,генже қозым,көрфемиз,
Зәйнебим,көрфемиз саңа тафшурдым,
Йеккеликдин хәдди зийад екенмиз,
Зәйнебим,еркемиз саңа тафшурдым.

Йығламақдын әжиз болды көзимиз,
Қышға дөнди фаслы бәхәр йазымыз,
Лашыным,суңқарым,бәхри йазымыз,
Ақ шуңқар,йазымны саңа тафшурдым.

Йаман сөздин көңлиң мәлүл қылмағыл,
Қозым сөзин хәргиз йерге салмағыл,
Өлгүнше йаныға йолдаш алмағыл,
Йығлатмаң қызымыз,саңа тафшурдым.

Ашық йерде балам қайғыў шекмесин,
Қайғы шегип,көзде йашын төкмесин,
Гүл йүзи сарғайып,йерге бақмасын,
Бу ерур сөзимиз саңа тафшурдым.

Исламшах сөзлетур хәрне тилини,
Сен билурсен,Зәйнеп,хәрне халыны,
Тафғунша ол хәм оңы-солыны,
Биз айтурмыз,арзын саңа тафшурдым.

Әлқысса,бу сөзни тамам қылғандын соң Зәйнеп:
— Әрий,хош болғай,— деди.
Алтынгүл билен Зәйнепге жаўап бердилер.Қызның ағасы хәм күнлик йолғаша шығарып салдылар. Ағасы бир нешше йаранлары бирлен қарындашыны көзи қыйып кете билмедилер.Зулфиқар мәхрәмге айттылар:
— Сизлер көзлериңиз билен қондырып қайтыңыз,— деп,ағасы хәм қарындашыға Аллахйарлашып, бир сөз айтты.Ғәзели хәмдам ағасы бу турур:

— Аллах йарың болсын,әзийз мехманым,
Атландың,мехманым,сендин айрылдым,
Шәхрисардын Кәррәйх кетен кәрўаным,
Гәўхарым,кәрўаным,сендин айрылдым.

Атадан,анадан бирге болансаң,
Анада тоққыз ай бирге йатансаң,
Талашып сийнеден емшек еменсең,
Бир емшек емгеним,сендин айрылдым.

Ақылны қошғыўшы ағам болмады,
Соңымызға тәңрим ини бермеди,
Сендин башқа туўған көзим көрмеди,
Хәр не ким болманам,сендин айрылдым.

Қыз,нашар деп сени йада салмадым,
Изимдеги иним дедим,билмедим,
Сен барында зәрре қайғыў йемедим,
Хәм ғардашым,туўғанымдын айрылдым.

Хәмдам айтур,ақ шуңқарым алынды,
Хәмдам ағаң шулкүн йалғуз қаланды,
Уғылдын йалғызы шул күн билинди,
Алтынгүлим,жаным,сендин айрылдым.

Әлқысса,бу сөзни тамам қылды,йығлашып айрылдылар.Енди бәршелери иттифақ бирлен йолға түшип бир нешше мәнзил йол йүрип нешше күнлерде Бахрамшахның бағының қарасын көрдилер. Ендиги сөзни Рамуз шахдын ешитиңләр.
Уғлының кеткенидин бери халы өзге болып,өлер болдым,достлар,уғлым хижраныдын деп,йәне

www.ziyouz.com kutubxonasi

каламнын игəси,көзимниң рəўшаны жаным келмеди деп,Рамуз фəлəкдин шикайат қылып бир сөз айтты.Ғəзели Рамузшаҳ бу турур:

— Өлер болдым,дослар,уғыл ҳижридин,
Қаламнын игəси жаным келмеди,
Қуда айра салды меҳрибанымдын,
Малы-мүлким,ханым,жаным келмеди.

Ушты бүлбил бағда қызыл гүлимнен,
Йетип өлим,жаным шығар тəнимнен,
Айралық жафасы йаман өлүмнен,
Тəнимниң дəрманы жаным келмеди.

Етүшмəди ҳаққа қылған бу зарым,
Ай-у күним,мениң шəмсиў қамарым,
Мен өлсем шырағым,дуўа қыларым,
Ўафагөй шырағым,жаным келмеди.

Ҳалым кетти тиз тəнимдин күн-күнде,
Көрмей өлсем əрман калды ишимде,
Өлгенде болмады башым ушында,
Күш-көмек куўатым,ҳалым калмады.

Рамуз айтур,мениң тəнде дəрманым,
Көңлимниң ҳəсирети,арзыў əрманым,
Тəн үйинде мениң əзийз меҳманым,
Йалғыз уғлым,меҳрибаным келмеди.

Əлғəрез,Рамузшаҳ бу сөзни тамам қылды.

Имди сөзни Зəйнеп бирле Муҳаммедйардын ешитинлəр. Бəршеси Баҳрамның йанығa келип түштилер. Көрерким, бағда ҳеш нəрсе йоқтурур. Əмма, Зəйнепниң масқара қылған қызы шəҳəрге барып Баҳрамшаҳның Муҳаммедйар бирле ашық болғанын, он екки ай ўəде қылғанын қызның атасыға бир-бир байан қылды. Падшаҳ бу сөзни ешитип йүз киши йүбəрип Баҳрамны алдырып, зинданға салды.Анда Муҳаммедйар аны ешитип:

— Əй,Зəйнепжан,не мəслəҳəт қылурмыз? — деди.

Əлғəрез,шул ўақытта отырып өткен күнлерин ҳисаб қылды.Арадан беш йыл өтипдур.

—Дарийғ ўəдəгə хылаф болған екенмиз.Аның ушын күйген турур,— деди.

Зəйнеп айтты:

— Енди сизиң ушын бу бағдын өз ыхтыйарынша кетмес еди.Бир ҳəдийсе руй бергендур,хабар алып кеткенимиз йахшы турур,— деп,буларны қойып Муҳаммедйар Ҳəмдамның бир кишисин алып йанығa егертип, Зəйнеп бирлен хошлашып йолға түшип раўана болдылар. Бир нешше əййам йол йүрип барар еди.Йол үстинде бир шопанны көрди.Шопандын сорды:

— Бу кимниң қойлары? — деп.Шопандын сөз сорап бир сөз айтты.Ғəзели Муҳаммедйар бу турур:

— Шопан аға,сендин бир сөз сорайын,
Шəҳриң кимдур,бу қой кимниң қойлары?
Қулағың кəр болса,йақын барайын,
Шəҳриң кимдур,бу қой кимниң қойлары?

Нешше күнлер болды,бир йоқ йутурдик,
Шопан аға,излеп йолыға келдик,
Сенин қойың бирлен шəҳəриң көрдик,
Шəҳриң кимдур,бу қой кимниң қойлары?

Истедигим Баҳрамшаҳның шəҳридур,
Истеп келген Баҳрамжанның йарыдур,
Шопан аға,билсең Баҳрам қайда дур?
Шəҳриң кимдур,бу қой кимниң қойлары?

Йарымны ол көрен йағда көрмедим,
Не саўдалар йара түшти билмедим,
Таба алмай сəргардан болдым изледим,
Шəҳриң кимдур,бу қой кимниң қойлары?

Шопан аға,Кəмил ўəзийр уғлыйам,
Баҳрам ушын қара бағрым дағлайам,
Муҳаммедйар дийар атым,билəйəм,
Шəҳриң кимдур,бу қой кимниң қойлары?

Əлқысса, бу сөзни айтғандын соң, шопанның дəрди қозғалып, малы-ҳалынан ўə қойларынан фарамуш болып, қолындағы тайақыны саз етип, Муҳаммедйарға қарап бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты:

— Кəмил атам дедиң,атың Муҳаммедйар,
Ҳалым өзге болды енди,нəйлейин,
Өлмеген қул бир-бирини көрмек бар,
Бизлере йат болды енди,нəйлейин.

Мүсəфирлик ҳешким мендей болмасын,
Йүрəгинде дағы-əрман қалмасун,
Йигит өлмей елдин тири кетмесин,
Бизни елден махрум етти,нəйлейин.

Бир байысдын мени елдин қуўдылар,
Йалғыз едим,маңа тухмет қылдылар,
Мени йалған,аны растгөй билдилер,
Келип жəллад тутты мени,нəйлейин.

Билурмусен мени Маъруф уғлыйам,
Елдин айра түшкен бағры дағлыйам,
Баҳрамшаҳ йарыңны йахшы билурəм,
Мен ҳəм болса бир-бир байан əйлейин.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Не қылурсен йарың йолға саланда,
Не берурсең белге алып келенде,
Араңызда бир елшилик қыланда,
Хайрың болса йарың алып келейин.

Бир хатын шуғыллап салды зиндана,
Нешше ўақдын бери қалды әрмана,
Нешше айдур,шықмас йақты жәҳана,
Түгенмес саўдаға қалды,нәйлейин.

Мен адашқан қулны елге қошсаңыз,
Туҳметтен бир қашық қаным кешсеңиз,
Йалғаншыда унутмаслық етсеңиз,
Йарың алып бермек себеп болайын.

Аллаҳым дәст берсе,хабарын алсак,
Тәўәккел әйлабан зиндана барсақ,
Маманы йўбәрип пинҳан шығартсақ,
Бизге бир йахшы ат болғай,нәйлейин.

Бахрамыңны йер астыға салдылар,
Бахрам сени көре билмес болдылар,
Бир-бириңнен сени жуда қылдылар,
Көрмегиңиз мүшкил енди,нәйлейин.

Атым Мәхрам,сөзни байан әйлерем,
Ата-анаға қошғыл дейип йығларам,
Алып кеткил,сендин үмийд қыларам,
Битирсең ҳажатым барып келейин.

Әлқысса,шопан бу сөзни тамам қылды.Зәйнепниң шәҳриндин Маъруф бийшара дегенниң уғлы еди.Өзи атадан йәккә.Шул йәккә,шул шәҳәрдә ҳәм руғдын аз еди.Шул шәҳәрде бир бай бар еди. Бир күни байның хәзийнеханасыға уғры түшди. Бай ол уғрыны тутты. Елтип падшаҳға бардылар. Падшаҳ ол уғрыны өлимге буйырды.Жәлладлар ол уғрыны асмаға алып барды.Мәхрам шопанны жәлладлар түҳметтен тутып,әўўелги уғрыдын көп бийниҳайат нәрселер алып йаздырып йўбердилер. Мәхрамни түҳметтин падшаҳға алып бардылар:

— Әй,шаҳы әлам,хәзийнеме түшди,— деди.

Падшаҳ дәрғазаб болып,өлимге буйырды.Жәлладлар алып шықты.Мәхрам айтты:

— Мени түҳметтин туттыким,қаныма разы болайын,ата-анама хошласып келейин,андын соң өлтириң,— деди.

Жәлладлар муны бағлап,атасыға киши йўбәрди.Мәхрам Қуданың қудирети билен бошанып кетти.Нешше күнлер йол йүрип,көп ылғал урып, Бахрамшаҳның шәҳрине барып,бир маманың қойын бағып йүрер еди.Өлимниң хәўфидин Мәхрам өз йуртыға қайтып бара билмес еди.Әмма, Мәхрам ата-анасыны,ел-йуртыны сағынып кеше күндиз қой бағып йүрер еди.Ендиги сөзни мамадын ешитиңлер.

Ол мама Баҳрамны көтерип өстирген мама еди.Баҳрамны алып келип зинданға салғандын соң хәр заман ҳалынан хабар алар еди.Анда Бахрам шаҳ айтты:

— Әй,мама,маңа өзиң тәрип қылдын,йарымдын хабар бердиң,енди мениң ҳалым мундағ болды. Ҳали ҳәм болса,ҳалымнан хабар аларсаң,— деп айтар еди.

Ол байағы коррандоз мама еди.Енди ол мама шопанға хабар берди:

— Сен кәррәйхлимен дерсең.Зәйнеп бирле Муҳаммедйарны билерсең,— деди.

Шопан айтты:

— Әлбетте,билермен,— деди.

Мама айтты:

— Билсең,хабардар болғыл,түзде көп йүрурсең.Екки ашықны қошмақлықның фикринде болалы, — деди.

Шул ҳалда Муҳаммедйарның шопанға ушрағаны еди.Шопан ҳәм Муҳаммедйарны танып,көп-көп йығлады.Муҳаммедйар ҳәм шопанны танып,аманлық сорашып бисйар йығладылар.Андын соң шопан Муҳаммедйарны башлап маманың үйине алып келдилер,ҳәммеси Баҳрамны алмақлықның қасдында болдылар.

Әлқысса,мама бир күни Баҳрамны хеш бир адамға билдирмей йашырып алып келип,Муҳаммедйарға қошып, «мундын тез кетиң, балаларым» деп, Муҳаммедйарға қарап қоррандоз кемпир бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты.Ғәзели мама кемпир бу турур:

— Әлсем мен өлейин,саңа болмасын,
Муҳаммедйар,турма,мундын кетегөр,
Разы бол,мендин көңлиң қалмасын,
Қошдым бир-бириңе,ғамың етегөр.

Мен анаңман,Бахрам қызым,сен уғлым,
Екки бирдек бағда ашылған гүлим,
Келмесин биймәҳәл шақта шум өлим,
Киши көрмей мәнзилиңе йетегөр.

Турма,билсең,атлы түшер изиңе,
Айта қоймас йахшы деген сөзиңе,
Мама қалур деди сениң жәбриңе,
Зор әйлейип мәнзилиңе йетегөр.

Мен дедиким,мундын аман кетсеңиз,
Әз жайыңа барып суҳбет етсеңиз,
Мама дейур,сөзим қабыл тутсаңыз,
Зинҳар-зинҳар турма,мундын кетегөр.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын соң кетер болды. Муҳаммедйар мамадын шопанны тиледи. Айтты:

— Йахшы барсын, — деди.

Анда шопан ат-әсбабын шәй қылып, кетерге мейил болды. Шул ҳалда шопан мамаға карап бир сөз айтты:

— Хош Аллайар мама саңа,
Аман мама, аман, аман,
Көп йахшылық қылдың маңа,
Аман мама, аман, аман.

Нешше күнлер уғлын болдым,
Нешше таамларың йедим,
Уғлым дедиң, анам болдың,
Аман мама, аман, аман.

Ахыретлик анам болдың,
Ғәрийблердин тилеп алдың,
Қайтып йәне йолға салдың.
Аман мама, аман, аман.

Йаман күнде йахшы болдың,
Биз ғәрийбге рәҳим қылдың,
Мәламатны өзиң алдың,
Аман мама, аман, аман.

Ешитиң ашықның зарын,
Йетурдиң көңилде барын,
Көрерсең Қуда дийдарын,
Аман мама, аман, аман.

Мәҳрам шопан саңа бенде,
Дуўагөйдур ҳаққыңызда,
Көришгәймиз таңла анда,
Аман мама, аман, аман.

Әлғәрез, бу сөзден соң мама бирлен хошлашып, раўана болдылар. Әмма, булар келип Зәйнепге қошылып, Зәйнеп ҳәм танышып сағ-саламатлық сорашып болғандын соң Зәйнеп айтты:

— Аман-есен йуртымызға барсақ, йурт қолымызға тийсе, Мәҳрам шопан саңа ҳешким дахыл қылмас, — деп қолыға хат берди.

Әлқысса, булар бәршеси иттифақ бирле йолға раўана болдылар. Нешше мәнзил йолларны тай қылып шәҳәрге йақын йеттилер. Зәйнеп айттылар:

— Бизлердин бурын биреўни йўбәрәйик, — деп айтты.

Анда Мәҳрам шопанға:

— Сен барғыл, деди.

Мәҳрам:

— Хош болур, — деди.

Мәҳрамни йолға раўана қылдылар. Мәҳрам түниў-күнни бир қылып, йетти күнде шәҳәрге бардылар, падшаҳның ешигинде ишкери кире билмей турар еди. Ишкериден Ҳасанбек шықты. Анда Мәҳрам айтты:

— Әй, аға, мени ишкери киргизгил, шәҳәрдин келетурурман, падшаҳға бир-екки ағыз сөзим бар, айтып шығарман, — деди.

Дәрҳал ишкери киргизди. Анда Мәҳрам шопан падшаҳның баш ушында турып бир сөз айтты. Ғәзели Мәҳрам шопан бу турур:

— Арзым бу дур, шаҳым, енди сизлере,
Шәҳрисар шәҳриндин бир хабар келер,
Хабар бер деп жаўап берди бизлере,
Зәйнепдин қашына бир хабар келур.

Йетти күндиз мени бурын йўбәрди,
Сүйиншилеп хабарыңны бер деди.
Сизлер ҳалы нешик дейип қайғырды,
Шаҳым, көңлиндеги шаҳбазын келди.

Шәҳрисардын қайтып йола шығыпдур,
Йетти күнлик йолға ҳәмдам болыпдур,
Өзи қалып, беш кишисин қошыпдур,
Ишинде мәҳреми Зулфиқар келур.

Рамуз падшаҳ Зәйнеп атлығ уғланы,
Шәҳрисардын шаҳ қызыны алғаны,
Бийҳисаб кәнийзек, қулы, ғылманы,
Йолға сығмас қатар-қатар нар келди.

Аралығы йақын йетти йолынын,
Бүлбиллери келур бағың гүлинин,
Муҳаммедйар Кәмил ўәзийр уғлынын,
Анын ҳәм қашында Ақмарар келур.

Шаҳым, турғыл енди, тапды дәрманын,
Өзиң өлсең, тахтың алур султанын,
Шәҳрисар шәҳриден келур кәрўанын,
Шәҳәрниң ийеси шаҳсуўар келур.

Мен өлүмли шаҳым йаманлық етип,
Ыхтыйарсыз арадан йетти йыл өтип,
Муҳаммедйар, Зәйнепни йүзимә тутып,
Қашқан қулың Мәҳрам өлүмдар келур.

Әлғәрез, падшаҳ өлүм хабарын ешитип, жайыдан сәшраб турып:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шул көзин билен көрдиң му, шул ағзың билен ешиттиң му? —деп, кушаклап йығладылар. Шул ўақытта ешикдин бир киши келип:

— Әй, шаҳым, Шәҳрисардын келген ким турур? — деди.

Анда падшаҳ Мәҳрамны көрсетти. Бабайы ғәрийб Мәҳрамға қарап, уғлын көрип көңли бузылып, әлемде жаны ситемде болып, зар-зар әбри нәўбәҳар йығлап бир сөз айтты. Ғәзели Бабайы ғәрийб бу турур:

— Шәҳрисар шәҳридин келән уғланым,
Хабар бергил билсең, сорар сөзим бар,
Йахшы нәфес ушын келен меҳманым,
Йахшы нәфес әйле, аҳы зарым бар.

Йетти йылдур, кетти биздин бир уғыл,
Түҳметден башына салдылар мүшкил,
Йалғуз фәрзенд шулдур қызыл гүл,
Хабар әйле билсең, сорар сөзим бар.

Мәгәр, қозым өлди, қайтып келмеди,
Ешитип көрдим деп хешким билмеди,
Атасы өлерде келип көрмеди,
Ўәде йакын йетти, енди өлим бар.

Кудайым бендесин қаллаш қылмасын,
Руўғыдын аз өзи, йекке болмасын,
Йалғузлықда елден шығып кетмесин,
Шетке шықсаң жәбриў-ситем, зулым бар,

Йығламақдын ҳалым забун болыпдур,
Йығлай-йығлай ишим мениң толыпдур,
Сендин сураған салып бабаң келипдур,
Байан әйле, көзде йашым гүлим бар.

Маъруф айтур, бир Алладын тилермен,
Мәҳрам дейуб аҳы-афған қылурмен,
Көрерим, көрмесим гүман етермен,
Тилим тынмас, сорар, қашан сөзим бар.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылғандын соң уғлының йүзине қайта-қайта қарап турды. Анда Мәҳрам айтты:

— Әй, Баба ғәрийб, уғлынны танурму сен? — деди.

Анда Бабайы ғәрийб «танурмен» деп йығлай башлады. Мәҳрам атасының йығлағаныға көңли бузылып, зар-зар әбри нәўбәҳар йығлап, бир нешше йердин тымсал келтирип бир сөз айтты. Ғәзели Мәҳрам шопан бу турур:

— Куданың құдирети баба,
Ҳақ ишине қайыл болғыл,
Рәҳим саңа қылды Куда,
Ишиң асан болур, билгил.

Сениң уғлың көрдим анда,
Сен ушын йанар ҳижранда,
Уғлың ҳүсни бәри менде,
Мени тәҳсин билен көргил.

Уғлың болурмен шул заман,
Қылай жаным саңа қурбан,
Мүшкил ишиң болур асан,
Мени гүман билен көргил.

Мәҳрам айтур, атам Маъруф,
Көрмес көзиңиз телмирип,
Кимдур турғаның сорашып,
Ата менмен Мәҳрам уғлың.

Әлқысса, бу сөзни тамам қылды. Мәҳрам айтты:

— Әй, Баба ғәрийб, уғлыңны танур му сен? — деди.

Анда баба айтты:

— Көрсем танурмен, — деп йығлай башлады. Әмма, бу сөздин соң Маъруф бийшара уғлының йүзине қайта-қайта қарап, аҳы-афған тартып, кушақлап бийҳуш болып йықылды. Баз ҳуўшыға келип хошўақыт, хуррам болып, андағ фарағатта болдылар.

Енди сөзни Зәйнеп бирле Мухаммедйардын ешитинлер. Булар ҳәм бир нешше мәнзилни йолларны тай қылып шәҳәрге йақын йеттилер. Алыстан бир нешше адамлар алдыға шығып кеттилер. Барып Зәйнеп бирлен Мухаммедйарны көрип зар-зар йығлашып көрищдилер. Әмма Ҳасанбек, Кәмил ўәзийрлер қашан келер екен деп көз тутар едилер. Алыстан бир қара пайда болды. Андын соң падшаҳ, ўәзийр Кәмиллер алдыға пешўаз шықтылар. Зәйнеп бирлен Мухаммедйар ата-аналарын көрип, аттан өзлерин ташлап, аталарын зийарат қылып, йығлашып бийҳуш болдылар. Зийраки, йетти йылдан бери муштақ болған жаны жигербенти еди. Замандын соң ҳуўшыға келип ҳал-аҳўалын сорашып, зар-зар йығлашып бир сөз айтты.

Рамузшаҳ:
— Оңму, түшму, келен ухшайды,
Зәйнеп атлығ аҳы әрман шул му дур,
Шын му дур көзлерим көрен ухшайдур,
Тәнде нур, дәрдиме дәрман шул мудур.

Зәйнеп:
— Шүкир Аллаҳ, көрдим Кәбам дийдарын,
Кәбам тез айланып келе билмедим,
Гийне қылмаң, кетир көңлиң ғубарын,
Тез келип зийарат ете билмедим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рамузшаҳ:
— Нешше күн йығладым Зәйнеп балам деп,
Егленип келмедиң көрмей өлем деп,
Пушты панам,балам йәне Кәбам деп,
Көрмей өлсем белли әрман шул му дур.

Зәйнеп:
— Пушты панам,кәбам,йәне атамыз,
Болды ҳәддин зийад көрген жафамыз,
Ҳәрнеким бахш етиң,болса хатамыз,
Қулыңыз тез келип ала билмеди.

Рамузшаҳ:
— Көзим нуры,шыраға орны шырағым,
Күн-күндин артанды мениң фырағым,
Кәррәйх шәҳәрде турмас болды қарағым,
Зәйнеп атлығ дил мурадым, мәдарым шул му дур.

Зәйнеп:
—Атам,жаным,бир күн түшиме кирдиң,
Бир йаман сүўретте болып көриндиң,
Мен дедим атажан көрмесмен дедим,
Өлигиң,тиригиң биле билмедим.

Рамузшаҳ:
— Шунқарым,лашыным,қозым,уғланым,
Өзим өлсем,тахтым алар султаным,
Шәҳрисар шәҳрине кетен кәрўаным,
Зәйнеп атлығ аҳы әрманым шул му дур.

Зәйнеп:
— Атажаным,әфиў ет,болса гүнаҳым,
Тез келмеге несийб бермес Қудайым,
Бәйтулҳарам,Кәбам,пушты панаҳым,
Телмирди көзлерим келе билмедим.

Рамузшаҳ:
— Рамузшаҳ айтур,шүкир Қудайым,
Дәрдим сыҳҳат тапты,кетти даўайым,
Шул күн өлсем йоқтур мениң әрманым,
Зәйнеп атлығ аҳыў әрман шул му дур.

Зәйнеп:
— Зәйнеп айтур,келур фурсат болмады,
Тарқаш деген кәфир бизни егледи,
Атажан бахш етиң,уғлың йығлады,
Тез келип зийарат ете билмедим.

Әлқысса, Рамузшаҳ уғлы билен ҳал-аҳўалларын сорашып болғандын соң келин тәреплеринен келген адамлар келип зийарат қылдылар.Әлғәрез,Кәррәйх шәҳринден топ-топ,санжақ-санжақ,байдақ-байдақ қыз жаўанлар, падшамызның келини келетурур деп, алдыға пешўаз шығып көришдилер, ҳәммелери зийарат қылдылар.

Әлғәрез,Муҳаммедйар ҳәм падшаҳны зийарат қылғандын соң атасын көрип,көришип бир-бирлери йығлашып,андын соң шады-хуррам болыщдылар.

Ҳәмме ушбу салтанат бирле Кәррәйх шәҳрине раўана болдылар.Әлғәрез,нешше мүддет йол йүрип шәҳәрниң дәрўазасынан кирип сарайның алдыға барып аттан түшип йаранлары бирлен көришип Зәйнепжан бир сөз айтты.Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Биз кеткели йетти йылдур,
Келиң жанлар,көришели,
Нәсийб бизе болан күндур,
Келиң жанлар,көришәли.

Бирге ойнап,бирге йүрен,
Бир-биримиз қәдирин билен,
Нешше йыллар ойнап-күлен,
Қәдирданлар көришәли.

Узаққа түшти арамыз,
Йетти йүректе йарамыз,
Кәррәйх шәҳриде йар жорамыз,
Келиң жанлар көришели.

Ҳайты-байрамны кезишән,
Саз билен суҳбет түзишән,
Мәжлис ишре олтурушан,
Келиң беглер,көришели.

Қыдырып көрдик дағы-түзди,
Қайтып нәсийб қылды бизди,
Сағ келтирди хақның өзи,
Келиң жанлар,көришели.

Йарны истеп кетип мундын,
Үмийд үзип жаныў тәндин,
Өлмеген қул бирин-бирин,
Көрмек нәсийб,көришели.

Көрдик кезип нешше шәҳәр,
Йар ышқындын йуттық зәҳәр,
Пийрлер болып бизге рәҳбәр,
Йеттик жанлар,көришәли.

Қалмышам нешше думанда,
Айралықда көп йаманда,
Пийримиз мәдед қылғанда,
Келиң жанлар,көришели.

Зәйнеп айтур,шектим жафа,
Әўўел жафа,соңы ўафа,
Шайх Зәхир,пийри әл тута,
Йетургәндур,көришели.

Әлғәрез,бу сөздин соң йаранлары бирлен көришип,меҳманларын меҳманханаларыға елтип,йарын

www.ziyouz.com kutubxonasi

мәҳрамгәҳ тәрепине елтип,ақ сүт берген анасын барып зийарат қылып көришип бийҳуш болдылар. Анасы бийшара ўақтыхош болып,қозым,шунқарым келди деп,бир сөз айтты.Ғәзели анасы бийшара бу турур:

— Йетти йылдур айра түшкен фәрзәндим,
Аман барып,аман-есен келдиң му,
Жанымның жигери дил жигербентим,
Көрпе қозым,аман-есен келдиң му.

Көзимдин ушқандур қәдди ниҳалың,
Бир көрмеге арзыў болдым жамалың,
Мәўлам нәсийб етти қәдди ўысалың,
Тирикликим жәўийданым келдиң му.

Жанымны өртеди дәрди фырағың,
Аллаға йалбарып салдым сорағын,
Ҳақ Таала берген шамы-шырағым,
Ҳақ йандурған қызыл нарым келдиң му.

Шүкир қылдым көрип қәдди бойыңды,
Бир йетти күн-кеше берсем тойыңды,
Нәсийб етип көрдим сениң руйыңды,
Көзим нуры,тиз мәдерим келдиң му.

Ҳақдын тилеп әўлийаға барғаным,
Пийриң ҳәзрет Әлий нәфес қылғаным,
Бел мәдарым,тизге тайаў қылғаным,
Аман-есен барып,аман келдиң му.

Ышқ башыңа түшти,кеттиң баш алып,
Мен қалмышам көзлериме йаш алып,
Та келгенше йүралмадым хош болып,
Қара көзим нуры,жаным келдиң му.

Ата-анаң қанлар йутты ҳижриндин,
Ышқ дәрйаға түшип шықмай бәҳринен,
Фәрзәнд дағы йаман ағыў зәҳриндин,
Ушып кеткен шуңқармыз келдиң му.

Разыман жан балам,кетибан келдиң,
Анам жаным дейип келдиң үргилдиң,
Ақ сүтим ҳақладың,қәдиримди билдиң,
Жәннети ризўаным,аман келдиң му.

Дост-душманым мениң қылды мәламат,
Мәламатдын Мәўлам қылды саламат,
Ҳәзирети Әлий пийриң қылды кәрамат,
Еранлар ғамхорым,аман келдиң му.

Сағлықта,жан балам,келип қошылдың,
Ақыў-қызыл йипек киби ешилдиң,
Ҳақның шери улуғ пийрге душ болдың,
Әўлийа ғамхорым,балам келдиң му,

Ғәрийб анаң бир нашарам йоқ шара,
Мен сениң йолыңда болдым мың пара,
Тужжар қызы Бийбимәрйам,йа Сара,
Йетур деп йығладым,аман келдиң му.

Мунажатым Мәўлам қылды кифайат,
Бузылған көңлимиз болды имарат,
Келип қылдың,уғлым,мени зийарат,
Нәўше бағым,имаратым келдиң му.

Шайхы Заҳир,тамам қыл ханым сөзини,
Қушақлап уғлыны,өфип йүзини,
Айақы гәрдине сүртип көзини,
Рәўшан тафды көзим,аман келдиң му.

Әлғәрез,бу сөздин соң уғлы башындын өткен ишлерни айтышып ўақытлары хош болып,өзиниң аман-есен келгенине ата-анасы ўә хыйшы-ақрабалары аман-есен келип көрингенине Қудаға шүкри сәна айтып бир сөз айтты.Ғәзели Зәйнеп шаҳ бу турур:

— Шүкир етермен ҳақ ишине,
Келген күнлер өтип кетти,
Йарны истеп жафа көрген,
Болан күнлер өтип кетти.

Дағы-дашларны гезгеним,
Адашып йолны бузғаным,
Жанымдын үмит үзгеним,
Келген күнлер өтип кетти,

Йолдашдын қалып айрылып,
Сынды қанатым майрылып,
Жан шығарда пийрим келип,
Тур дегенлер өтип кетти.

Қәтерли туман бизни басып,
Суўық бирлен ақлым шашып,
Йол тафмай йолдын адашып,
Йүрген күнлер өтип кетти.

Йетип Шәҳрисар йуртына,
Төзмәйин ышқның дәрдине,
Кәфир Тарқаш ләшкерине,
Урған күнлер өтип кетти.

Йаныбан дәўлет шырағы,
Йақын әйлеп йол йарағы,
Кәфирниң көрген қырағы,
Қырған күнлер өтип кетти.

Йарны алып кәфир қолынан,
Найза урып сағыў-солынан,
Гәҳ солынан,гәҳ оңынан,
Уран күнлер өтип кетти.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарны шақыртып қалаға,
Ләшкер түгип йол йараға,
Алтынгүл шамы шыраға,
Алан күнлер өтип кетти.

Душманларның бәрин қырып,
Гәшт етип жәҳан қыдырып,
Әреби ат минип қамшы урып,
Гезген күнлер өтип кетти.

Бахтымны ашғанды Алла,
Қарамастан сағыў-солға,
Душманны алыбан қолға,
Саншан күнлер өтип кетти.

Бахрамның бағыны сорап,
Қонып,андын ишип шарап,
Ҳаққа сығынып биз аллалап,
Йүрән күнлер өтип кетти.

Шайх Заҳир қәлла ўә дәл,
Душман көрсе қылдың жәдәл,
Әҳли Исламға қылмай зәләл,
Жошан күнлер өтип кетти.

Зәйнеп айтар,шүкир Аллаға,
Гезип барып нешше бақҡа,
Йар ушын салып сорағa,
Гезген күнлер өтип кетти.

(Әлқысса,шул йерде қысса итмамыға йетти).

Хожаның уғлы дамла Йунус мен йаздым Чаҳар шәнбе күниде қоңырат жамаасындағы,балғалы елатындағы Абдулла шайх имам Муҳаммед ҳанийфаның нәсли Шопан ата әлейҳир-раҳманың шайхларындын. Ушбу заманы қәдиймде ҳәзрети Ҳәкийм ата әлейҳир-раҳмаға тааллуқ мүжәўир шайхларындан еди. Ушбу Рамузшаҳның ҳикайат китапларын дамла Аманийаз балғалы руўғыдын йазып бериңиз деп қоймаған себеплиден йазып берилди. Оқығыўшы ўә йеткиўшиге биймәлал болсын. Ушбу сөзләрни тәҳрийр етилди. Ўаллаҳу аълам бис-саўаб.

Ҳәр киши бир ишни әйлепдур шиъар,
Ол кишидин қалмыш ошбу йадығәр,
Ҳәм мүсәфир,ҳәм ҳәзийни ҳәзир едим,
Йадгәрий мендин қалсын дедим.

Әй,Қудайа,әйлегейсен аны шад,
Оқығанда ҳәрким етсе бизни йад,

Әй,йаранлар,маңа бу дур муддаъа,
Әйлегей ҳәрким оқығанда дуўа.

Сөз көп,әмма бу өмирим изтираб,
Қыл кәрам ўаллаҳу ағлам биссаўаб.
Бу фәна дүнйадын өтсем нафәдийд,
Андын әйлермен бу айат үмийт:

Ўа ма Муҳаммадун расулун қад халат мин қаблиҳир-русулу фаинна..

Сафардын башлап едим ибтидасын,
Рабиъу-л-әўўәлда қылдым интиҳасын.
Атым молла Йунус,Хоразм шәҳрим,
Бу қыссаны көрип ашылды бәҳрим.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬК

53 - ТОМ



# ШАҲЫ МУТЛАҚ

*Ж.Жуманов*
*(1962-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмма, рәуийлер андағ рәуият қылып турарлар. Қәдим заманларда Мысыр шәхриндe бир патша бар еди, хәдден зыят залым еди, рәхимсизликте бир өзи еди. Қырық кәнизек қызлары бар еди хәм қырық зайыпасы бар еди. Кеше-күндиз саз-сәўбет тутып, нәзик қызлар билен заўқы-сапа қылып, маишатта болар еди.

Патша Шаҳы Мәликтиң қырық танап бағы бар еди. Қырық кәнизек қызлар ҳәм қырық қатыны сол бағда айшы-ишретте болар еди. Бүлбүллер сайрап, мийўелер пискен, писип астына мийўелер түскен бул бағды қараўыллар қадаған етип пасбанлық қылар еди. Күнлерден бир күн ўәзир бәргада еди, үйинде жоқ еди. Ўәзирдиң зайыпасы бағдағы хәўизге хәр күни шомылар еди. Бул күни хәм суўға шомылыўды ықтыяр қылып, хәўизге суўға түсип жүрер еди. Нагәх патшаның нәзери хәўизге түсти. Көрселер, суўдың бетинде бир ақ пахта қалқып жүргендей сахыпжамал хаял турар еди. Бунын хәм нәзери патшаға түсти. Басын бир силкитти, сиямай шашлары тарқалып, тамамы ағза-бeденлерин пинханы қылды. Патша буны көрип:

— Ўа, дарийғ, мениң қырық хаялымның ишинде бунындай жоқдур. Бул маған мүнәсип екен, — деп бәргаға қайтып барып, ол ўәзирди ғазатқа жиберди. Ўәзир урыста өлди. Қырық қатынның үстине муны алды. Бул қатынның қолында өлген ўәзир еринен бир ярым жасар қыз бар еди. Аты Диларам еди. Бул қыз күн-күннен өсип, он төрт жасына кирди. Анда сахыпжамал қыз болып жетискени соншелли, зулыплары халқа-халқа, сиямай шашлары нәзик белине шоласып, қаслары жай киби, булттан шыққан ай киби, хүсни-жамалы он төрт кешеде туўған айға таласар еди. Бул қыз бир кеше жатып түс көрди. Түсинде бир қәлендер айтты:

— Әй, перзент, Канъан журтының шахзадасына несип болғайсан, — деп көзинен ғайып болды. Шоршып оянса, түси екен. Бул сырды хешкимге айтпады. Күнлерден бир күн патша шарап ишип мәс болып, әрамханасына кирди. Нәзери қызына түсти, қызына ашығыў-бийқарар болды. Оннан кейин мәсликтен хуўшына келип, қызға саўшы жиберди. Саўшылар қыздың қасына келип, бир-бир баян қылдылар.

— Атаң, мени қабыл қылсын, болмаса пара-пара қылғайман, деп атыр, — деди.

Қыз атасының бул сөзин еситип зар-зар жылап айтты:

— Хеш мәзхабта қызы атасына раўа болмас. Егер мың пара қылса хәм сөзин қабыл қылмаспан, — деп саўшыны қуўып жиберди.

Саўшылар барып патшаға қызының жуўабын айтты. Атасы дарғазап болып буйырды:

— Шашынан тутып, хәйўанға асың, — деп, жәлладлар қызды хәйўанға шашынан астылар.

Әлқысса, мәлийка бийшара, сәхәр ўақты еди, зар-зар жылап деди:

— Жоқтан мени бар әйлеген я рахман,
Бул дәртке түсиппен, даўа әйлегил,
Мениң мүшкилимди әйлегил аңсан,
Йоқса мени енди пана әйлегил.

Бир ғәрип шикаста хаслы нашарман,
Бул хәсиретте өмирим болады ўайран,
Жарылып жол берсе, жерге кирермен,
Йоқса маған өзиң пана әйлегил.

Адамзатта сондай мәзхаб болар ма,
Қыз атаға хәргиз раўа болар ма,
Қалған өмирим күйип жанып өтер ме,
Бул дәртиме өзиң даўа әйлегил.

Шықсын жаным, күйип отқ түскенше,
Ғамның суўы толып бастан асқанша,
Оның жүзи гүл жүзиме түскенше,
Мәканымды қәбиристанда әйлегил.

Мен бийшара неден жазықлы бенде,
Қылма мени ел ишинде шерменде,
Еситсе халайық, болып шерменде,
Наинсаптың жүзин қара әйлегил.

Диларам дер, Хәзирет Әлий Муртаза,
Кәнизим дедилер Пәтийма-Зухра,
Үмметим дегейлер Расули Куда,
Жүзимди ақ, тилим гөя әйлегил.

Әлқысса, патша және бир адамды жиберди, ыразы болды ма деп. Қыз және қабыл қылмады. Саўшылар патшаға барып баян қылдылар. Патша дарғазап болып буйырды:

— Қол-аяғын байлап, арысланлардың алдына таслаң, пара-пара қылсын, — деди. Мәлийка бийшараны қол-аяғын байлап, арысланлардың арасына тасладылар. Арысланлар мырылдасып келип, мәлийканың бас-аяқларын хәм көзлерин сүрте баслады. Диларам арысланларға қарап жалбарынып бир ғәзел оқыды:

— Маған мыр-мырласып жылап бағарсаң,
Мунша мени ахыў-зарға қоймағыл,
Рәхим әйлеп маған мунша бағарсаң,
Мени мунша ахыў-зарға қоймағыл.

Өлтир мени, рәхим етмеңлер жаныма,
Тырнақларың гүлгүн болсын қаныма,
Нәмәхрем келмесин мениң жаныма,
Мәхшер күни шәрмисарға қоймағыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Динин жутып, өз қызыны алмаққа,
Қыйнар мени ҳәрдем рыйза қылмаққа,
Тақатым жоқ бул дүньяда жүрмекке,
Өлтир мени, нала-зарға қоймағыл.

Диларамның есит аҳ билен зарын,
Көп қыйнамай алың бул шийрин жаным,
Тәрк әйледим бул дүньяның дәўранын,
Қан жылатып, бийқарарға қоймағыл.

Әлқысса, мәлийка Дилaрам бул жуўапты айтып болғаннан соң арысланлардың мәлийкаға реҳими келип, арысланлар жүзлеринен жас ағызып, басын мәлийканын аяқларына сүйкелей баслады. Патша бул аўҳалды көрип, шерменде болды. Және адам жиберди мәлийкаға. — Еле де болса мени қабыл қылмаса, отқа күйдиремен, — деди. Мәлийка атасының бул сөзин еситип, зар-зар жылап бир сөз деди:

— Тилким-тилким қылсаң да сол мениң сөзим,
Мениң ушын өзиң азар әйлеме,
Есит, ата, мениң бул арзы-ҳалым,
Ҳазар ет өзиңнен, гүзар әйлеме.

Шәриятта қыз атаға жоқ раўа,
Мундай деп болырмыш рәсиўа қудаға,
Бийопа дүньяда әйлегил тоба,
Мәканынды анда дозақ әйлеме.

Мениң ушын түспеңизлер араға,
Ҳәргиз қабыл қылмам қылса мың пара,
Халық ишинде өзиң салма базарға,
Мәккар қатиренди нәкас әйлеме.

Ҳеш бир киси қызын қабыл етпеди,
Көзден аққан жаска рәҳим етпеди,
Ҳеш бир патша сениндейин етпеди,
Сен өзинди мунша азар әйлеме.

Диларамның пири ҳәзирет Әлийдур,
Ҳақтың дәргайында сүйер қулыдур,
Өйтпе, бул жолларың шайтан жолыдур,
Жәҳәннемде жайың таяр әйлеме.

Әлқысса, Диларам бул жуўапты айтып болған барабарында патша дарғазап болып буйырды:

— Бул шашы кесилгирди апарып тандырға таслаң, — деди.

Сол ўақта жәлладлар тандырды қыздырып, мәлийканың қол-аяғын байлап, тандырға салып, аўзына сарпош қойып беккем қылып кеттилер. Әлқысса, мәлийка бийшара тандырда жатып бир ғәзел оқыды:

— Жүзинен тап урған қызарған аташ,
Күйдир мени, қойма бойда ҳижранды,
Мен қайылман күйдирмекке, сен аташ,
Күйдир мени, қойма бойла заманда.

Қол-аяғым зулым билен бағлыдур,
Бул ғулпет ишре сийнем дағлыдур,
Бир басыма жүз мәламат жаўдырар,
Күйдир мени, қойма бойла аманда.

Бул дүньяға келдим дебан қуўандым,
Шад болмайын ғам отына өртендим,
Енди бул тандырда белли өртендим,
Күйдир мени, қойма бойла аманда.

Күйдир мени, сүйеклерим кул болсын,
Көз жасымнан хакисарым көл болсын,
Көгерип лалазар паслы гүл болсын,
Жандыр мени, қойма бойла аманда.

Тақатым жоқ имди саат, замана,
Ҳеш қалмасын сүйегимнен нышана,
Күйдир мени, қойма саат амана,
Жандыр мени, қойма бойла аманда.

Оттан болсын бул дүньяда пығаным,
Зәҳәр-заққум болсын жеген ишкеним,
Жәбириў-жапа, мийнет дайым көргеним,
Күйдир мени, қойма бойла аманда.

Диларамды таcладылар өлсин деп,
Қақнус киби ышқы отына күйсин деп,
Ҳәсирет билен бул дүньядан өтсин деп,
Күйдир мени, қойма бойла аманда.

Әне, Диларам бул сөзди айтқаннан соң сол жерде бир мама бул ўақыяны көрип, терезеден қарап турар еди. Маманың рейими келип, жәллатлар кеткеннен дәрҳал жүгирип келип тандырды ашып, төрт табақ суў урды, бир қап топырақ қуйды және бекитип кетти. Мәлийка хошўақыт болып отыра берди, ҳешбир жери күймеди. Ўәзир ҳәм жәллатлар келип хабар алды. Мәлийка күймепти. Барып патшаға хабар берди. Патша ҳайран болып, шерменде болды. Бир ўәзири айтты:

— Әй, патшайым полаттан бир темир қәпес жасатың, ищи тола мыйық ништер болсын. Ол қәпеске мәлийканы салғыл. Аннан соңыра азап-уқыбет бергил, оннан соң разы болар, — деди.

Әлқысса, мәлийка бийшараны полат кәпес дүзеттирип, ишине салып асып қойды. Әлқысса, мәлийка сәҳәр ўақты қудаға жалбарынып, зар-зар жылап бир сөз деди:

— Қәлбимди жаратқан қәдир қудайым,
Қүдиретинди мәҳитабан әйледиң,
Аршы күрси, лаҳы кәлам жаратып,
Йетти қат жер, йетти асман әйледиң.

Қәҳринде әйледиң дозақны зәҳир,
Минафықлар күйер онда ҳәм залым,
Сенсең бириўбарым бәршеге қәдир,
Ҳүкиминди бәршеге аян әйледиң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Рәхметиңнен халық әйледиң жәннетти,
Анда барур киси болса рәхмети,
Хұри ғулман билен бердин зийнетти,
Сүйер қулларыңа мәкан әйледиң.

Кимселерге бердиң мал билен перзент,
Олардың көнлини әйледин хош ўақ,
Шиш Нәбий олар ҳәм шаҳы Жәмшид,
Олардың көнлини шадман әйледиң.

Олардың бәршесин қара жер жутты,
Олардан соң нешше әнбия өтти,
Ҳәр қайсы өзиниң мәзҳабын тутты,
Рәҳәт ишре ақыр мәкан әйледиң.

Жети жылдур,қәпес ишре мен ғәрип,
Қызыл жүзим запырандек сарғайып,
Минажат әйледим саған жалбарып,
Қәҳриң маған мунша аян әйледиң.

Ҳақтың Расули Сәрўары әлам,
Мүшкилим аңсат ет,қойма бир әрман,
Ҳәбийбим деп аны қылдың мукаррам,
Рахметиңнен пакры жаҳан әйледиң.

Гүналы бенденмен,бир зарлы нашар,
Қойма мени бул жапада интизар,
Жерди,көкти халық әйлеген бириўбар,
Диларамны не ушын гирян әйледиң.

Әлқысса,мәлийкайы Дилараам бул сөзди еситкеннен соң патша және киси жиберди,ыразы болды ма,деп. Мәлийка ыразы болмады. Патша және дарғазап болып, «жәллат» деп бақырды. Сол ўақытта жәллатлар ҳәзир болдылар.

— Буны көшеге шығарып,сарсаңкесек урыңлар,— деди.Мәлийканы жәллатлар сарсаңкесек урмаға көшеге шығардылар. Сол ўақытта мәлийка өзиниң ғәрип болғанына бир муқаннес оқыдылар:

— Зар жылап дәрти-ғам билен,
Ада болған басым,
Ҳәр заман жүз мың бәлеге,
Мүптала болған басым,
Халық ишинде хоры-зар,
Рәсиўа болған басым,
Жаслығымнан алмақлыққа,
Рийза болған басым,
Шад болмай бул әлемде,
Рәсиўа болған басым.
Ғумшадай бағы қазан ишре,
Солды ашылмайын.
Жәбир менен жылап мудам,
Өттим парағат қылмайын,
Мен нешик тири қазаға,
Енди ыразы болмайын,
Гүл жүзим жанды кәбап,
Өлдим тағы шад болмайын,
Тығы ғам бирлен шаҳидий,
Ҳәр бәле болған басым,
Лаладек урды қазан,
Ҳәм бәҳәрим қалмады,
Өртенип ҳижриңде қалдым,
Ҳәм қарарым қалмады,
Кеше-күндиз зар жылап,
Менде дәрман қалмады,
Ғам шамалы көкке урды,
Зәрре рәҳим қылмады,
Көз жумып дүнья ләззетин,
Көрмейин өткен басым.
Яры-достым жоқ мениң,
Келип маған рәҳим әйлесе,
Меҳрийбаным жоқ мениң,
Айтсам арзымды тыңласа.
Жоқ туўысқаным мениң,
Өлсем мени яд әйлесе,
Рәҳим әйлемей келибан,
Әлемге рәсиўа әйлесе,
Жылап енди матам тутып,
Нәўбәҳәр болған басым,
Мен Дилараам,айтаман,
Тыныш қарарым алды ғам,
Тәнде жаным,бас-аяғым тутты ғам,
Шықпады шийрин бул жаным,
Сота үстине сота,
Күнде жүз ғамға доланып,
Әйлер маған жәбириў-сота,
Нешше бир әрман билен,
Ақыр қаза болған басым.

Әлқысса,жәллатлар қолларына тас ҳәм кесеклерди алып,мәлийканы сарсаңкесекке тутып,бас,көз демей рейимсиз урдылар. Мәлийка жығылып,дем урмай жатты. Жәллатлар, өлди деп гүман қылып, таслап кеттилер. Әлқысса, шәҳәрде бир өли жуўғыш баба бар еди. Ол қызды зәмберге салар болды. Сол ўақытта мәлийкеден нәпес шықты. Ол бабаның мәлийкаға рейими келип, үйге алып барды. Жарақат ҳәм жараларына дәри-дәрманлар алып келип сүртип,бир нешше күн бақты. Мәлийканың беденлери жақсы болды. Оннан соң баба Мәлийкаға қарап:

— Әй, қызым, басыңа не мүшкил ис түсти? Не ушын бул бәлеге гириптар болдың? — деп сорады.

Қыз жуўап берип,бабаға қарап бир сөз деди:

— Улық жаслы,Қызыр көрген жан баба,
Қулақ салып бул зарымды тыңлағыл,
Хабар алып мениң бойла ҳалымнан,
Жүзин жыртып,пара-пара йығлағыл.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мансур киби дəхмет билен өлтирип,
Насиймадек терилерим сойдырып,
Мениндейин шар тəрепке телмирип,
Жолда жатқан интизарға қоймағыл.

Қайсы бирин яд əйлейин мен ғəрип,
Ада болмас қанша десем жалбарып,
Мениндейин гүл жүзлери сарғайып,
Қазан урған лалазарға йығлағыл.

Өлтир мени,қанжар билен парала,
Қылма рəхим,ыразыдурман қазаға,
Ийнимде көйлегим болған мың пара,
Дəпин əйлеп,мазарымда йығлағыл.

Сен болыпсаң ғəрипликте жолдасым,
Сеннен өзге жоқдур мениң бир кисим,
Таўсылмас саўдаға түскен бул басым,
Мениңдейин үлпиқарға жылағыл.

Киси жоқдур бул дүньядан өтпеген,
Бул əжелдиң шарабыны ишпеген,
Мениң киби мурадына жетпеген,
Арманы көп зулпықарға йығлағыл.

Диларамны тасладылар кеттилер,
Өлди дейип олар гүман еттилер,
Көкте пəлек ахыў-апған еттилер,
Сен хəм келип бул асырарға йығлағыл.

Əлқысса, баба мəлийка Диларамды бир өжиреге салып баға берди. Бабаның бир улы бар еди, қумарпаз еди.Бир күни теңгелерин қумарға уттырып үйине келди.Қараса,есикке қулып урыўлы,атасы да үйинде жоқ еди.Қулыпты сындырып үйге кирди.Бир қыз шийринсыпат,хошсүўрет,бийтап болып жатқанын көрди. Өз көңлине пикир қылып айтты: — Мəгар, бул қыз меники болар, атам мениң ушын алып келип қойған шығар,— деп қызға дақыл қылмақшы болды.

Əлқысса,мəлийка қолына бир қанжарды алып айтты:

— Əй,жигит,қайт бул райыңнан.Болмаса жүрегиңнен бул қанжарды шығарарман,— деди.

Əлқысса, бабаның улы бир күн, еки күнгеше тəўелле қылды. Мəлийка хəргиз қабыл қылмады. Ақыры атасына кеңес қылды.Атасы айтты:

— Қол узатқыл.Егер қабыл қылмаса оны үйден қуўармыз,— деп мəслахат қылды.

Аннан соң бабаның улы келип мəлийкаға қол узатар болды. Мəлийка дашнам қылып, оның қолын қақты.Булардың қəхəри келип,мəлийканы үйден қуўып шығарып жиберди.Мəлийка бийшара басына бир гөне орамалды салып,үстиниң жыртық-тесиклерине көшеде жатқан лəтте-ескилерди жамап,гүл жүзлерине нықап тартып,жолға түсип рəўана болды.Өзиниң ғəрип болғанына көңли бузылып,жолда баратырып өзине бир əпсана оқыды:

— Нетейин енди,пəлек салса,
Көзде жасым қан əйлединң,
Юсип киби хайран етип,
Бағрымды гирян əйлединң.

Сорса егер хəрким мени,
Сен сорарсаң ақыр аны,
Исмайылдай хəр күн мени,
Жүз мəрте қурбан əйлединң.

Хəрким саған көңил байлар,
Сен аны қазан əйлединң,
Қəне ол хəзирети адам?
Қəне ол сəрўəри əлам?

Көз жумып дүньядан өтип,
Хеш алмадың ўақытым питип,
Диларамды қан жылатып,
Не ушын бағрын қан əйлединң?

Əлқысса,мəлийка Диларам баратырса бир көше билен,бир бөлек адамлар бир қассапты тутып, қанараға аяғынан асып қойып азап берер еди. Мəлийка Диларамның қассапқа рейими келип, айтты:

— Буған не ушын мунша азап берип атырсызлар? — деди.

Анда олар айттылар:

— Бизлердиң қарызға, несийге алған пулларымызды бермегени ушын азап берип атырмыз,— дедилер.

Əлқысса,мəлийка ол адамларға қойнынан бир дана гəўхарды шығарып берди.Қассапты олардан қалас қылып жибердилер.Əлқысса,оннан соң мəлийка шəхəрден шығып,дəшти бийабанға рəўана болды.Əлқысса,ол қассап нəбакəрдиң кеўлине,бул қыз маған ашық болған екен,деген ой келип, Диларамның изинен барайын,ол хақыйқаттан маған ашық болған шығар,болмаса бундай жақсылық қылмас еди,деп қыял қылып,мəлийканың изинен қуўып жетип,мəлийкаға дақыл қылар болды.

.......(Усы жерде қолжазбаның бир бети (25) жоқ).

Кəрўанлар кешке дейин жол жүрип,бир таўдың кəнарына түсти.Саўдагерлер жүклерин түйеден түсирип,өзлери фарағатта болдылар.Саўдагерлер мəслəхəт қылды.Бул кеше мəлийка менен айшы-ишрет қылармыз деп,жата баслады.Əлқысса,мəлийка бул сырдан хабардар болып,енди булар көп адам,мен тəнха бир өзим,булардан нешик қутыламан,деп əндийше қылып,қараңғы кешеде қашып, бир таўдың жырасына кирип пинхан болды.Қудаға жалбарып,бир муханнес оқыды:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Кәримли бириўбар қәдир кудайым,
Бул ғулпеттен пана әйле сен өзиң,
Қан жылайман ҳәзиретиңе жүз қойып,
Қәжетимди раўа әйле сен сөзиң.

Ушайын десем,қанатым жоқ ҳәм пәрим,
Жыламақтан әжиз болды көзлерим,
Қайта бастан пана әйлесең сен өзиң,
Кәрўанлардан аман әйле сен өзиң.

Мен қалмышам турфа әжеп ғамларға,
Мени салды пәлек жаман ҳалларға,
Ҳәр киси зулым етер ғамлы қулларға,
Кәрўанлардан пинҳан әйле сен өзиң.

Шашын жазып қыз уғланлар төксе жас,
Мустажапдур,тилек тилеп,тутса бас,
Көлде-шөлде гезген я Қызыр Ильяс,
Бул ғамлардан қалас әйле сен өзиң.

Мен жыларман мәламаттан дад етип,
Қутылмадым ҳәргиз аҳыў-зар етип,
Душпанларды халық ишинде қор етип,
Жүзлерини қара әйле сен өзиң.

Диларамды қойма мунша азарға,
Жеккелик дәртинен көңлим мың пара,
Бир кәстемен,қылғыл дәрдиме шара,
Рәҳметинди ата әйле сен өзиң.

Әлқысса,Дилараму бул сөзди айтқанда,күн жаўып,шақмақ шағып,бир топалаң жаўын жаўды та азанға дейин.Кәрўанлардың түйелери ҳәр тәрепке түни менен дағып кетти.Кәрўанлар ерте турып қараса,түйелер жайында жоқ.Булар түйелерди излеп кетти.Әлқысса,Диларам жолсыз таўларды аралап барар еди. Бир булақ суўына гезлести. Бул жерде дем алып, суў ишип шөлин қандырып отырды. Әбдимәлик деген Канъан журтының патшасы шикарға сол күни шығып еди.Алдынан бир кийик қашты.Сол кийикти қуўалап келер еди.Кийик қашып булақ тәрепине келди.Нәгаҳ патшаның көзи мәлийкаға түсти.Патша жанына барып көрсе,бир қыз саҳыпжамал,бойы бәркамал,қәдди нәўниҳал, зулыплары өрим-өрим,ҳалқа-ҳалқа жүзиниң сәўлеси биябанға барқ урып,бир қыз булақ басында турар еди.Патша сорады:

— Ҳәй,нәўниҳал қыз,не себептен бул мәнзилде ўатан қыларсаң? Басыңа не саўдалар түсти? не бәлелерге гириптар болдың? — деди.

Мәлийка патшаға қарап бир сөз деди:

— Шийрин тилли,ҳалым сорған хан жигит,
Қулақ салып,арзы-ҳалым сен есит,
Зер жығалы,теблебазлы хан жигит,
Аҳыў көзли шаҳсуўарым,сен есит.

Ол анадан бул дүньяға келмишем,
Мен айтайын бул асрарым сен есит,
Мәламаттың базарына келмишем,
Мен өзимди бул саўдаға салмышам.

Қол-аяғым байлап,шерге аттылар,
Тандырды қыздырып,отқа жақтылар,
Көп қыйнады,«рыйза бол» деп бақтылар,
Мени қылған шәрмисарды сен есит.

Қырық кеше,қырқ күндиз шашымнан асып,
Халық ишинде мени қылды музтәриб,
Қашалмадым басқа жерге мен ғәрип,
Баян етейин,опадарым,сен есит.

Қол-аяғым зулым билен байлады,
Өлтирсин деп,шер алдына таслады,
Ҳалым көрип жәниўар жылады,
Ҳеш қалмады ықтыярым,сен есит.

Ғәрипликте қанша шектим қаҳышты,
Рехими келип ҳалым сормас бир киси,
Бийсебеп кудадан болмас ҳеш иси,
Ҳақ өзидур,некадарым сен есит.

Ибрайым Ҳалилдей аттылар нарға,
Ол заман аташы дөнди гүлзарға,
Минажат әйледим ҳақ бириўбарға,
Анда болды мәдеткерим,сен есит.

Жаңа қутылғанда бул ғамлы басым,
Қайта бастан беттер болды қаҳышым,
Қазан болып өтти жаз билен қысым,
Қулақ салып,лалазарым,сен есит.

Шыдай билмей,бир күн мени келтирди,
«Сексен кесек урын» дейип буйырды,
Жарақаттан беденлерим сойылды,
Кетти ҳуўшым,ықтыярым,сен есит.

Баба ғәрип алып барды бир кеше,
Көп жылады ҳалым сорап бир неше,
Қызым дейип пәрўа қылды өзгеше,
Баба болды себепкерим,сен есит.

Ҳеш киси мениндей ғәрип болмасын,
Ғәрип болып,рең-райы салмасын,
Сум рақиблер қан жыласын,күлмесин,
Маған берген көп азарды сен есит.

Ғәриплердиң көзи тола жас болар,
Қәўмети жиңишке,кеўли бос болар,
Аўыртпақ кисини жаман ис болар,
Нәсийҳатым булдур,ханым,сен есит.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бабаның улынан көп жапа көрип,
Аннан қаштым тағыў-таста жүгирип,
Пәлек мени ханым андын айырып,
Тараж етти,ҳәрне барым,сен есит.

Көп жапалар шегип келмишем мунда,
Жеткен урар аяқ-басыма кәнда,
Диларамның дәрти көпдур тилинде,
Пәхим әйлеп,бул тәкирарым сен есит.

Әлқысса,андын соң патша Әбдимәлик мәлийкаға ашығыў бийқарар болып:

— Әй,нәзелим нәўжуўан,ай қыз,меннен хабар сорасаң,Канъан деген шәҳәрдиң патшасы боламан. Егер мени қабыл қылсаң,та өлгенше саған хызмет қыларман,— деди.

Анда мәлийка өз көңлине пикир қылып, мен мунындай хоры-зар болып жүргенше, патшаны ықтыяр қылсам, шаят ўақтым хош болғай, — деп әндийше қылды. Андын соң орнынан секирип турып,тәзим ҳәм таўаза билен айтты:

— Әй,падшаҳы әлам,егер сиз бизди қабыл қылсаңыз,мен ҳәм сизди жаным менен қабыл қылдым, — деди.

Патша хошўақыт болып,шандан ўақты хош болды.Мәҳремлерге буйырды,бирмуапа зер келтирди ҳәм зер липаслар келтирди. Мәлийка Диларам зер липасларды кийип,өзине ара берди. Мәҳремлер әдеп-икрам билен муапа ға салып мәлийканы узатып жолға рәўана болды.Нешше мәнзил жол жүрип Канъан шәҳрине барды.Патша қырық кеше-күндиз той-тамаша қылып,аҳды нека билен алды.Булар айшы-ишретке машғул болсынлар.

Ендиги сөзди қыздың атасы Шаҳы Мутлақтан еситиң.Әлқысса,мәлийканы сарсаңкесекке тутып таслағаннан кейин патша мәжнүн дийўана болып,бийықтыяр аўзынан көбик шашып,ҳәр шәҳәрме-шәҳәр гезер еди. Гүзары Канъан шәҳринен түсти. Көрселер, халайықлар жәм болып, бир нәрсени тамаша қылар еди,бул ҳәм барып бир адамнан сорады:

— Бул не ўақыя? — деди.

Анда адам айтты:

— Бизиң журтымыздың дәстүри бул, патшамыз қыз алса, сүўреткешлерди жәм қылып, сүўрет салдырады.Ҳәр ким ол сүўретти көрер болса,бир нәрсе берип көрер,— деди.

Анда Шаҳы Мутлақ қойнынан бир теңге берип,ишкериге кирип көрсе,өзинин қызы мәлийка Диларамның сүўрети екен. Көрген заман ҳуўшы басынан ушып, димағынан дүт шығып, бийҳуўш болып жығылды.Сол жерде турған адамлар келип басыны көтерди.Көп заманнан соң басы қалтырап, ҳалдан кеткен ийттей орнынан турды.Аннан соң адамлар сорады:

— Саған не болды,бул не ўақыя? — деди.

Анда Мутлақ айтты:

— Мениң ҳәрдайым тутатуғын қояншық тутанақ кеселим бар,— деди.

Әлқысса,ҳайярлық пенен жол таўып,Канъан патшасына хызметкер болып кирди.Тынбай хызмет қылар еди.Патшаға хызмети жағып,өзине ўәзир қылып алды.Күнлерден бир күн патша шикарға шығып кетти. Патша шәҳәрге бул ўәзирди қойып кетти. Әлқысса, патша шикарға кеткеннен соң, Мутлақ мәлийкаға киси жиберди.— Бул кеше мениң менен ишретте болсын,болмаса бир киси менен тутып алдым деп,патша келгеннен соң өлтиртермен,— деп нама жибердилер.Әлқысса,мәлийка ўәзирдиң сөзин қабыл етпеди. Ўәзир дарғазап болып, патша шикардан қайтып келген соң арыз қылды:

— Әй,патшайы әлем,султаны баҳирим,сизге айтар арзым бар,— деди.

— Айт арзынды,— деди.

— Бир қасық қанымды,шыбындай жанымды өтсеңиз,айтарман,— деди.

Патша айтты:

— Қаныңды өттим,айт,— деди.

Анда ол айтты:

— Мәлийкаңызды бир бийгана киси менен туттым,— деди.— Ол адам қолымнан қашты. Енди сайыбы ықтыяр сиз билерсиз,— деди.

Анда патша айтты:

— Бул сөзди адамға айтпағыл,өзиң алып кетип биябанда өлтиргил. Мениң көзим көрмесин,— деди.

Анда Мутлақ:

— Әжеп болар,— деп,кешеси мәлийканы алып рәўана болды.Алып барып бир шөли-жәзийрада түсип айтты:

— Әй,мәлийка,еле де болса мени қабыл қылғыл,болмаса өлер жериңе келдиң.— деди.

Анда Диларам зар-зар жылап,атасына жалбарып бир сөз деди:

— Көңли қатты,меҳри суўық,жан ата,
Мен ғәриби натабанды қыйнама,

Бийганаша мийримиң жоқ,жан ата,
Ғамхоры жоқ натабанды қыйнама.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ата-ана болар еки ғамхана,
Болса керек перзентине пәрўана,
Мундай жапа қылмас басқа бийгана,
Мендей ҳалы пәрийшанды қыйнама.

Қәне мени пәрўа қылған жан анам,
Шашын жайып дат әйлесе дембе-дем.
Кескил басым,көп қыйнама,жан атам,
Ҳазары жоқ бийнаўаны қыйнама.

Қәне мениң сүт емискен жолдасым,
Рәҳим етерди көрсе көзимде жасым,
Өлтир мени,батар болды қаҳышым,
Мениңдейин натабанды қыйнама.

Диларамды ҳақ өзидур жаратқан,
Әўелде гүл әйлеп,ақыр хор еткен,
Көз жас төгип,бүлбүл киби зар еткен,
Қазан урған гүлистанды қыйнама.

Әлқысса, Диларам қабыл қылмағаннан соң, Мутлақ мәлийканың қол-аяғын байлап таслап, биябандағы жәниўарлар жесин,бул муптадалықта өлсин деп,қайтып кетти.Әлқысса,мәлийка Диларам шөли-биябанда қырық кеше,қырық күндиз өлмей жатты.Ҳеш жерге бармады.Жатқан жайынан тура алмады.Малика ашлық ҳәм шөлден өлер ҳалатқа жетти.Анда зар-зар жылап бир минажат оқыды:

— Әлемди жаратқан я Кәрим Жаббар,
Кәрам әйле,сен бул зарға қоймағыл,
Мен бир асый бенде,сенсең бириўбар,
Мунша мени интизарға қоймағыл.

Бәршениң атасы хәзирети Адам,
Ҳаўа ана,сенсең қызларға мәҳрем,
Мендей қәсте дилфиғарға қыл кәрам,
Мунша мени аҳыў-зарға қоймағыл.

Аяғым бағлыдур жүрсем ҳәр жолға,
Қолым бағлы қол узатсам ҳәр гүлге,
Шиш Нәбий,мәдет әйле мен қулға,
Арзым есит,аҳыў-зарға қоймағыл.

Байланыпты тарқаналы қолларым,
Пышақ киби кести нәзик әллерим,
Нәҳий киби болғыл мениң раҳбарым,
Енди мени аҳыў-зара қоймағыл.

Ҳақтың Расули болған Ибрайым ҳалил,
Қурбанлыққа разы болған Исмайыл,
Түсипти басыма мениң бул мүшкил,
Рәҳим әйлегил,аҳыў-зарға қоймағыл.

Ҳаққа зар әйлеген хәзирети Муўса,
Өзи нурдан болған хәзирети Ийса,
Ашықлардың пири Юсип-Зулайҳа,
Мунша мени аҳыў-зарға қоймағыл.

Темирди мум еткен хәзирети Даўыт,
Сулайман Даўыттың уғлыдур Масуд,
Бул жаман ҳалымды әйлегил беҳбуд,
Мунша мени аҳыў-зарға қоймағыл.

Хәбийбим деп аны яд әйлеп қуда,
Шығарып миражға әйледи марҳаба,
Тәңри досты,я Муҳаммед Мустапа,
Мунша мени аҳыў зарға қоймағыл.

Әлийдиң перзенти имамы Хасан,
Пайғамбардың сүйер әўлады сенсең,
Бул батыл көзимди әйле рәўшан,
Енди мени аҳыў-зарға қоймағыл.

Және имам Хасин ол пийридурлар,
Кералада олар шаҳид өлдилер,
Бир басыма мунша азап болдылар,
Мунда мени аҳыў-зарға қоймағыл.

Диларамға бул мийнеттен бер нәжат,
Бәршени жаратқан қазы Әл Ҳажат,
Дәргайыңа жылап қылдым минажат,
Мунша мени аҳыў-зарға қоймғыл.

Әлқысса,Диларам бул муханнести оқыды.Қысметине ыразы болды.Енди өзге жерден сөз еситин. Канъан журтынан Мысырға баратырған кәрўанлардың гүзары мәлийкаи Диларамның үстинен түсти. Қараса, бир ҳүсни зийба қыз жатар. Тоқтап, жақын барып көрсе, қол-аяқлары бәнт болған, өлиге усап жатыр. Кәрўанбасы канжардың жүзин димағына тутты. Қанжардың жүзи ғубар болды. Әлкысса, мәлийканың қол-аяғы шешип аўзына шербет тамызды. Ол хуўшына келип көзини ашты. Кәрўанларды көрди.Орнынан турып,кәрўанларға қарап бир сөз деди:

— Қәсте көңлим болды ханнан ақыбет,
Бизге зулым әйлеген рақыплар шексин ақыбет,
Кетти басымнан түтиндей шамы ҳижран ақыбет,
Жанды бахтым,шырағы болды табан ақыбет,
Ҳақ өзи мүшкил исимди аңсат қылды ақыбет.

Ҳәр киси бул дүньяда бийшараларға зулым етер,
Ақырында рәсўалық пенен жанын өртер,

www.ziyouz.com kutubxonasi

*Жақсылық қылғыл жаҳанда,ким* жаманлықтан өтер,
Бир күни ақыр әжел келип жағаңнан тутар,
Пайда қылмас анда егер пушайман қылсаң ақыбет.

Әдепли болғыл жаҳанда,ҳәм тәкаббир болмағыл,
Паймал болғыл жаҳанда,ҳәм ғыйбат қылмағыл,
Ғунша бағы жаҳан ишре ҳәм сарғайып солмағыл,
Жақсылық қылғыл жаҳанда,жаманат билен өлмегил,
Ким қылыпдур жәбири-ситам,қасасы қалмас ақыбет.

Ҳәр киси бәлент тутса өзин,таппас кәмал,
Қылма менменлик ҳәр дем,табар жүз мың заўал,
Ҳа гедей бол,ха султан,қәдириўди сақла не ҳал,
Жақсы тил билен ғәриплердиң көңлин ал,
Әй,Диларам,жаманлық әйлегенге жақсы ис қыл ақыбет.

Әлқысса,мәлийкаи Диларам бул муханнести оқып болғаннан кейин кәрўанлар мәлийканы түйеге миндирип жолға рәўана болды.Булар та кешке дейин тынбай жол жүрди.Бир дәрьяның қырғақларына жетти.Дәрьядан кемеге минген қарақшылар шығып,кәрўанларға ҳүжим қылып,бир қаншасын өлтирип, түйеге жүкленген малларды кемеге жүклеп,мәлийкаи Диларамды кемеге салып рәўана болды.Анда мәлийка Диларам,бәледен бәлеге ушырадым деп,зар-зар жылап бул сөзди айтты:

— Әй,мени дәрди-бәлаға муптала қылған пырақ,
Тахты-бахтымды бузып,ақыр гәда қылған пырақ,
Гәўҳары қымбат баҳа едим ол нәсип базарында,
Сындырып қымбатымды,кем баҳа қылған пырақ.

Мен зайып бийшараны дайым пырақ оты билен,
Күйдирип хәкисарымды,көп жапа қылған пырақ,
Таўысы куррам едим,ҳәм тотыларға уқсас,
Ҳәм нетей,заг-қарғаларға ашна қылды пырақ.

Бүлбүли шийрин нәўадай мәсканым жердур шәмен,
Бу қарақшылар қолында енди өлерим бийгүман,
Мен ғәрип бийшараман,көзи жаслы дийдасы қан,
Мунда жүз ғамға доланып,шекканим қайғы әлем.

Әй,Диларам,бүгин бийнышан өлген бул қулпет пайманысаң,
Бир қәниз ҳузра едим,бағы-шәмен ниҳалысаң,
Шеккеним қайғы,надамат ишим,афсус әрманлысаң,
Жетпес ҳеш жерге дадым,қулпет ара меҳманысаң.

Әлқысса,мәлийкаи Диларам қарақшылардың кемесинде кетип барар еди.Шақмақлар шағылып, топалаң болып,бир самал келди.Қарақшылар еки кемеде еди.Кемелер бир-бирине дүгисип пара-пара болды.Кемелер суўға ғарқ болды.Қарақшылар да дәрьяға ғарқ болып өлди.Мәлийка Диларам бир пара тахтапараның үстинде кете берди.Бул тахта параның үстинде толғақ тутып,Канъан патшасынан бойында қалған ҳәмилени тахта пара үстинде туўды.Бир кекили алтыннан,бир кекили гүмистен бир ул бала дүньяға келди.Бирақ тахтапарада бир кеше-күндиз ақты.Мәлийка бийшара тахтапара үстинде бир минажат оқыды.

Төзе билмен бул дәртлерге,қудайым,
Шийрин жаным отқа жанып баратыр,
Дәрья ишре маған жетти мунша ғам,
Жан шығай деп көзим дөнип баратыр.

(Усы жерде қолжазбада 48-бет жоқ).

Әлқысса,Диларам бул ғәззелди оқып тахта пара үстинде кете берди.Мәлийка ағып кете берсин. Енди сөзди өзге жерден еситиң.Канъан журтында бир таўдың жырасында жасайтуғын шал бар еди. Улы-қызы жоқ еди.Бир кемпири бар еди.Сол жерде бир тоғай бар еди.Шал тоғайдан отын алып, Канъан шәҳрине апарып сатып күн көрер еди.Бул тоғайдың ортасынан дәрья өтер еди.Күнлерден бир күни баба отын алмақ ушын тоғайға барып дәрья жағасында жүрер еди.Нәгаҳ дәрьяны қырғақлап

www.ziyouz.com kutubxonasi

ағып киятырған тахта параның үстиндеги мәлийкаға нәзери түсти.Дәрҳал баба отын жибиниң ушын ҳалқа қылып,тахта параға атты.Ҳалқа барып бәнт болды.Баба тахтаны қырғаққа тартып алып көрсе, бир қыз жатар,қойнында бир ул бала бар еди.Лекин мәлийка ашлықтан ҳуўшсыз жатар еди.Бала екеўин қырғаққа алып,мәлийканың аўзына шербет тамызып,ҳуўшына келтирди.Баба,улды,қызды ғайыптан қуда берди,деп қуўанышщы қойнына сыймай,баланы етегине алып,күлбеханасына алып барып,ата-бала болып мәлийканы әлпешлеў менен болды.Кемпири менен баба кеңесип балаға ат қояр болды.Кемпир айтты:

— Бул мискин ғәриплик күнлерде дүньяға келген,бунын аты Мискин Шерип болсын,— деп,бул атты қойдылар.

Анда баба мәлийканың ҳаслы-нәсабын сорады.Бабаға басынан өткен ўақыясының бәрин айтып баян қылды.Баба буны еситип,қатты пәрийшан ҳал болды.Айдан ай,жылдан жыл өтип,күнлерден бир күни баба дүньядан кайтты.Бул бала он төрт жасына кирди.Бир күни бала мәлийкаға:

— Мениң атам қайда,өлген болса,мазарын айт,зиярат етемен,тири болса,излеп кетемен,— деди. Анда мәлийка улы Мискин Шерипке қарап бир сөз деди:

Қайғы ғамда қызыл жүзим солдырып,
Айралықты салма басыма мениң,
Өшкен отларымды қайта жандырып,
Жудалықты салма басыма мениң.

Бахтым ашылмайын жаслықта солдым,
Нешше жыллар нешше жапалар көрдим,
Дәрья ишре асып қысыўмет көрдим,
Айралықты салма басыма мениң.

Бир заман көрмесем көңил хошы жоқ,
Сени көрсем,бәҳәр болар,қысым жоқ,
Сеннен өзге сырлас,жолдас кисим жоқ,
Айралықты салма басыма мениң.

Атам излесем деп ҳәўес етерсең,
Мени мундай зар жылатып кетерсең,
Балам кетпе,еле жаслық етерсең,
Айралықты салма басыма мениң.

Диларам дер,саған айтарым булдур,
Балам,тыңламасаң,сөз жоқ,зияндур,
Сенсиз мениң кешкен күним жамандур,
Жудалықты салма басыма мениң.

Әлқысса,анасы бул сөзди айтқаннан соң Мискин Шерип Дилараммның айтқанына қулақ қоймай атасыны излеп кетер болды.Диларам улының қулақ қоймай кетерин билип,наилаж болып рухсат берди.Мискин Шәрип жолға түсти.Анда анасы баласына қарап бир сөз деди:

Кетер болсаң жолға түсип,
Барғыл қозым,жолың болсын,
Ярыңыз болсын бир алла,
Шаҳымардан ярың болсын.

Истеп кетсең қублагәҳин,
Канъандадир барар жайың,
Патша еди қублагәҳиң,
Барғыл қозым,жолың болсын.

Иззет еткен бәрше халық,
Дуўасын ал анда барып,
Аты аның Әбдимәлик,
Қуда,пирлер ярың болсын.

Муннан кетсең узақ жолға,
Қарап барғыл сағыў-солға,
Саҳрасы көп узақ шөлде,
Барғыл балам,жолың болсын.

Диларам дер,бердим жуўап,
Излеринди қылай таўап,
Көп кешиксең бағрым кәбап,
Барғыл қозым,жолың болсын,—

деп жуўап берди.Әлқысса,Мискин Шерип Диларам анасынан рухсат алып жолға түсип рәўана болды.Канъан қайдасаң деп неше мәнзил жол жүрип бир биябанда барар еди.Әлқысса,сол күн Канъанның патшасы Әбдимәлик ҳәм шикарға шығып,қырық жигити менен аң аўлап,кийик қуўып жүрер еди.Нәгаҳ биябанда бир суўсызлықтан шөллеп,жығылып жатқан адамға нәзери түсти.Көрсе, жалаң аяқ,жалаң бас,үстиндеги липасы жәнде-жәнде бир жас бәшше екен.Патша аттан түсип аўзына шербет ҳәм суў тамызып,басын сүйеп отырды.Бир сааттан соң бала ҳуўшына келип,көзин ашты.Анда Әбдимәлик балаға қарап бир сөз деди:

— Бул шөллерде ташна болып жығылған,
Хабар бер уғланым,қайдан боларсаң?
Саҳраларда жолдасың жоқ,адасқан,
Хабар бер уғланым,қайда барарсаң?

Ата-анаң,ғамхоршыларың бармыдур,
Бир көрмекке олар сени зармыдур,
Сени истеп келер кисиң бармыдур,
Хабар бер уғланым,қайдан боларсаң?

Не себептен бул жайларда гезерсең,
Жас баласаң,жол адасып жазарсаң,
Кимди истеп,қай үлкеге барарсаң?
Хабарың бер,балам,қайда барарсаң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит един қайсы шәҳәр елинен?
Пәрўаз еттиң қайсы бағдың гүлинен?
Адастың ба йоқса барар жолыңнан?
Хабарың бер, балам, қайда барарсаң?

Әбдимәлик келди сенин жанына,
Бийперзентлик батты мени жаныма,
Рәҳим етпеди, перзент десем, зарыма,
Хабарың бер балам, не йерден боларсаң?

Әлқысса, Шаҳы Әбдимәлик бул сөзди тамам еткеннен соң Мискин Шерип атасы екенин танымай, оған қарап бир сөз деди:

— Мен келермен бийабанды ақтарып,
Излейип келермен қублагәҳимди,
Излеп таппақ ушын аны излейип,
Ақтарып келермен қублагәҳимди.

Сорасам, излесем жердиң жүзини,
Таўып алып көрсем аның өзини,
Таўап етип сүртсем басқан изини,
Излеп табарман ба қублагәҳимди.

Ата екен жас баланың панасы,
Бала ушын қабыл ата дуўасы,
Таппағанша питпес көңлим жарасы,
Излейип келермен қублагәҳимди.

Мәканымыз еди таў жырасында,
Кекликлери сайрар бәлент таўында,
Нала шегер қуслар сәҳәр шағында,
Ақтарып келермен лалазарымды.

Қублагәҳим Канъан шәҳринде бармыш,
Бир душпанның сөзин қабыл қылғанмыш,
Диларамны өлтирип қайт дегенмиш,
Излейип таппадым қублагәҳимди.

Кешелетип аны алып кетипти,
Дәшти бийабанға барып жетипти,
Қол-аяғын байлап таслап кетипти,
Излейип келермен қублагәҳимди.

Әбдимәлик еди атамның аты,
Мискин Шерип мендур, аның зүрияды,
Диларам қарнында кеткен перзенти,
Излейип табарман қублагәҳимди.

Әлқысса, Шаҳы Әбдимәлик бул сөзди еситип аҳ тартып жығылды. Сааттан соң баз ҳуўшына келип, Мискин Шерип оны қушақлап баўырына басып, және бийҳуўш болып жығылды. Ҳуўшына келип, қатты көңли хош болып, баласының жүзлеринен қайта-қайта өбип, еткен исине пушайман болып, баласына қарап бир сөз деди:

— Шүкир әйлейин қәдир ҳақтың өзине,
Кудайым мүшкилим аңсан әйледи,
Рәҳим салып, берди бизге уғылды,
Бийперзент өмирим шадман әйледи.

Ийем аңсат етти мениң мүшкилим,
Бәҳәр болды мениң қәҳри қыс күним,
Гүлим қазан урып, ушқан бүлбүлим,
Қайта бастан және гүлзар әйледи.

Келип сәлем қылдылар. Мәлийка шатыр ишинде әлик алды. Андын соң атасы Мутлақ еткен ислери ядына түсип, еткен ислерине пушайман жеп, зар-зар жылап кеширим сорап, гүнайын тилеп жалбарып бир сөз деди:

— Тәўбе қылдым, жаным қызым,
Өткил мениң гүнайымды,
Баўар әйлең бул сөзимди,
Өткил енди гүнйымды.

Ырас сөзим айтайын мен,
Ырайымнан қайтайын мен,
Қылған исим нетейин мен,
Өткил мениң гүнайымды.

Сеннен өзге қызым жоқдур,
Муннан өзге сөзим жоқдур,
Сизге бағар жүзим жоқдур,
Өткил қызым гүнайымды.

Менмен адамлар жаманды,
Көңлиме салды гүманды,
Ҳақ сизге бергей иманды,
Өткил мениң гүнайымды.

Көңлинде коймағыл гина,
Мени салғыл жақсы жолға,
Жақсылық қыл жаман қулға,
Кешир мениң гүнайымды.

Мен екенмен уллы гүмра,
Сиз екенсиз ўәлийулла,
Сырларыңнан болдым әгаҳ,
Бағышлағыл гүнайымды.

Ғәрип атаң яд әйлегил,
Ғамлы көңлим шад әйлегил,
Жақсылықты яд әйлегил,
Бағышлағыл гүнайымды.

Әлқысса, атасы бул сөзди тамам қылғаннан соң мәлийка атасына:
— Өттим гүнайыңды, ким жаман болса, қудадан тапсын, — деди.
Оннан соң қассапқа қарап мәлийка бир сөз деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Көзлери көр болған бийрәҳим қассап,
Не себептен әжиз болды көзлериң,
Ырасын сөйле енди,жалғаншы қассап,
Себеп недур,әжиз болды көзлериң?

Қозыларын анасынан айырып,
Өлтирерсең қанатларын қайырып,
Сырың пинҳан тутпа меннен жасырып,
Көңлиндеги қыйлы қалды сөзлегил.

Қозыларды аяғынан асарсаң,
Нәзик тәнин қанжар билен тилерсең,
Ағзаларын пара-пара қыларсаң,
Көңлиң қатты пушайманың сөзлегил.

Базар ишре тәрезиңди қурғанда,
Халықтың пулын несийге алғанда,
Қарызыңды бер деп сени урғанда,
Гәўҳарыны ким берди,ырас сөзлегил.

Әўўел бир жақсылық әйледим саған,
Жаманлық пешесин сен қылдың маған,
Және бир жақсылық әйлейин саған,
Диларамға арзы ҳалың сөзлегил.

Әлқысса,Диларам бул жуўапты айтып болғаннан соң қассаптың еткен иси ядына түсип,зар-зар жылап,гүнайымды өт деп,жалбарып бул сөзди деди:

— Арзымды еситиң әзиз патшайым,
Маъзур тутың,гүнайымды өткейсиз,
Болың бүгин мениң пушты панайым,
Жәннет ишре Кәўсар суўын ишкейсиз.

Жақсылыққа мен жаманлық әйледим,
Бағышлаңыз еткен мениң гүнайым,
Қуда болғай дайым пушты-панайың,
Әпиў әйлең еткен мениң гүнайым.

Еки дүнья мениң жүзим қарадур,
Еки дүнья жаным отқа жанадур,
Еткен исим өз басыма бәледур,
Бағыш әйлең мениң еткен гүнайым.

Қассап айтар,енди бүгин нетермен,
Ас орнына зәҳәр-заққум жутарман,
Ғусса билен бул дүньядан өтермен,
Андын соңра кепин тоным пишкейсиз.

Әлқысса,қассап бул сөзди тамам еткеннен кейин мәлийка: — Гүнайыңды өттим,— деди.Әлқысса, булар өз ислери менен машғул болсын ҳәм мурат-мақсетине жетсин.Ендиги сөзди патшаның улы Мискин Шериптен еситиңлер.

## 2-бөлим

Канъан журтының Әбдимәлик деген патшасы бар еди.Оның бир улы бар еди,атыны Мискин Шерип деп ат берер еди.Қырық жигитти ертип шикарға шығып ҳәм той тойлап,атасының дәўлетинде мәс гезип жүрер еди.Күнлерден бир күни жатып түс көрди.Түсинде қырық кәнизек қызлар менен бир қыз келип бас ушында отырды.Мискинжан оған қол узатты.Қыз қолын қағып таслады:
— Әй,қыз,не ушын қолымды қақтың? — деди.
Ол перийзат айтты:
— Егер мен керек болсам,Мысыр журтында Гөззалшаның қызы боларман.Атым Гүлперийзат болар.Керек болсам,излеп таўып ал,— деп көзинен ғайып болды.
Нәгаҳа шоршып оянды.Мискиннниң хуўшы басынан ушты.Ашығыў-бийқарар болды.Әлқысса, атасының алдына келип,атасынан рухсат сорап бир сөз деди:

— Арзымды айтайын,меҳрибан ата,
Бул кешеси әжеп бир аҳўал көрдим,
Жүзиниң сәўлеси айдан баж алар,
Он төрт түнлик айдай меҳманды көрдим.

Бир ниҳалдур,қайсы бағда екилмиш,
Сыя май шашлары ҳәр ян төкилмиш,
Кирпиги қанжардай жанға шекилмиш,
Бүлбүл киби сайрап нала көринди.

Көзлери қарадур,ләблери шекер,
Ышқында мен жылап,көзим жас төгер,
Бир көрген көрмесе арзыўын шегер,
Жамалы бир саат меҳман көринди.

Рухсат бериң ярны излеп кетпеге,
Излеп кетсем яр ўаслына жетпеге,
Күндиз тақатым жоқ,кеше жатпаға,
Таппағанша ақылым ҳайран көринди.

Ышқы түсти Мискин Шерип басына,
Пәлек зәҳәр қосты ишкен асыма,
Муннан кетип барсам ярым қасына,
Бармағанша көңлим әрман көринди.

Бул сөзди атасы еситип,ашық болғанын билди.Атасы айтты:
— Әй,балам,қарамағымда қанша қыз болса,алдыңнан өткизейин.Қайсы бирин қәлесең,алып берейин,— деди.— Кетпе улым,— деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол атасынын сөзин қабыл қылмай,атасына қарап және бир сөз деди:

— Бир пәрий саўдасы түсти басыма,
Тәўелле әйлемең ата,кетермен,
Рәҳимиң келсин көзден аққан жасыма,
Тәўелле әйлемең дослар,кетермен.

Үш күннен бери болдым бийқарар,
Бағлардың исидур әжеп мурғызар,
Кете билмей мен йығларман интизар,
Тәўелле әйлемең жанлар,кетермен.

Қырық кәнизек қызы бардур қасында,
Қуп жамалы әйне он бес жасында,
Яр бенен ойнадым кеше түсимде,
Тәўелле әйлемен,бүгин кетермен.

Мен қалыппан сол пәрийдиң дағында,
Ақлым алып кетти сәҳәр шағында,
Мәканын сорасаң Эрам бағында,
Тәўелле әйлемең дослар,кетермен.

Мен ушырадым апат пенен дәўрана,
Тәрийп етсем,аўзы писте даҳана,
Мискин Шерип сыйынарман мәўлана,
Ыразы қылса Гулпәрийди аларман.

Әлқысса,Мискин Шерип сөзин тамам етти,Ўәзирлер,беглер ҳәммеси жыйналып нәсийҳат етти. Қабыл қылмай,кетермен болды.Атасы Әбдимәлик нәйлаж рухсат берип,усталарды жәм қылып кеме жасатып, еки кемеге азық-аўқат жүклеп, бес кемеге жүз нөкер, ат-жарақ, әспапларды таяр қылып, Қақан атлы ўәзирди бас қылып,хошласып жолға рәўана болды.Нил дәрьясы ишинде нешше әййям жол жүрди. Нәгаҳа Шаҳзада көз таслап қараса, Канъан журтының ағашлары көзден ғайып болып, басқа ўәлаятқа жетти. Анда Мискин Шерип ел-журт, туўған-туўысқанлардан жуда болып кетип баратырғанын еслеп,оларға хош-аллаяр айтып,бул ғәззелди оқыды:

— Сырынды айтпа нәмәртке,
Ышқы оты салды бул дәртке,
Жете билмей мен бир қәсте,
Бегзадалар хош қал енди.

Жоллар жүрип мен не шағлы,
Гәшт етермен таўды-тасты,
Таппақ барма қәлемқасты,
Келген жанлар хош қал енди.

Мискин айтар,басым қатты,
Ышқтың оты жаным жақты,
Айралықтың келди ўақты,
Бек ағалар хош қал енди.

Мискинжан бул сөзди айтқаннан соң,дәрьяға қарап жалбарып бир сөз деди:

— Мәўиж урып қайнап тасарсаң,
Жайҳун дәрья,өтейин мен,
Сен ҳәм мәгар бир ярға ашықсаң,
Тасқын дәрья,өтейин мен.

Зер булақтай аққан суўың,
Мениң енде ҳалым забун,
Қайнап аққан дәрья Жайҳун,
Жайҳун дәрья,өтейин мен.

Жол бер үстиңнен,өтейин,
Яр бағына тез жетейин,
Ҳақ жол берсе,мен кетейин,
Тасқын дәрья,өтейин мен.

Перийзат бағына барсам,
Шәмен байлап,гүл жиберсем,
Гүлперини бағда көрсем,
Умман дәрья,өтейин мен.

Яр ушын болдым әўере,
Жүрегим мениң мың пара,
Есит зарым,қылдым нала,
Умман дәрья,өтейин мен.

Ашықлардың иши зарды,
Көңлим мениң интизарды,
Мискин Шерип излер ярды,
Жайҳун дәрья,өтейин мен.

Әлқысса,Мискин бул сөзди айтқаннан соң кемеден шығып,булар менен хошласып,жолға түсип рәўана болды.Булар кейин қайттылар.Әлқысса,Мискин он еки күн жол жүрип,бир жерге келди.Жол үш тәрепке бөлинди.Бири күншығарға,бир күнбатарға,бири қублаға кетти.Бул үш жолдың басында турып,қайсы жолға кетерин билмей,ҳайран болып ҳәўлирип,бир сөз айтты:

— Кете билмей жол адастым,
Өзиң жеткер ярға мени,
Әжеп саўдаға шатастым,
Өзиң жеткер ярға мени.

Жолда гезип,болып сарсаң,
Мүшкилимди әйле аңсан,
Қайда кетсем билмем ҳайран,
Өзиң жеткер ярға мени.

Жол келип үшке бөлинди,
Қайсы жолға кетсем енди,
Билмедим кетер жолымды,
Өзиң салғыл жолға мени.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўда гезсем пирим Ильяс,
Қызыр ата, Ғаўсыл, Ғыяс,
Көрсетип жол, болыңлар бас,
Өзиң жеткер ярға мени.

Жан шыққанда бос қалар тән,
Мәдет бергей маған Субҳан,
Пайғамбары Яқып Канъан,
Өзиң жеткер ярға мени.

Мискин айтар, муннан кетсем,
Яр мәканына жеткем,
Ләби шекер балын татсам,
Өзиң жеткер ярға мени.

Әлқысса, Мысыр ўәлаятына Канъаннан баратырған кәрўанларға қосылып, бир неше күн жүрди. Бир күни қырық қарақшы қылыш тартып келди. Қарақшылар хәр тәрептен ҳүжим жасап, кәрўанлардың малларын талап алып, бир нешеўин шейит қылды. Мискин Шерип кешки қараңғыда өзин бир таманға алып қашпақ пенен болды. Қашып баратырса, нәгаҳа алдынан бир жол пайда болды. Бул жол менен кетип бир таўдың кенарында жатып, және таңда таў арасында жолға рәўана болдылар. Бирақ бул жолда еки ай жол жүрип, бир шарбаққа жетисти. Онда гүллер ашылып, бүлбүллер сайрап, булақлар хәр тәрепке ағып рәўана болған, мийўалар писип астына түсип атырған бир бағы-масаҳаны көрди. Бирақ шаҳзада бул миййалларды жеп, сәрҳәўиз ләбине барып, қудайым, бул қандай сыр екен, өзиң бул сырдан агаҳ қыл, деп қудаға жалбарып, бул минажатты оқыды:

— Я, Қудайым, мени муннан қыл агаҳ,
Бул нешик мәнзилдур майдан ишинде,
Бир адам жоқ хабар берер бул сырдан,
Биле билмей қалдым арман ишинде.

Дәў мәканы му бул, я бир жин-пери,
Жәдигер жайыдур, я шәҳризәңги,
Бул себептен болдым әжеп ҳайраны,
Көзим йығлар, ләбим хандан ишинде.

Бүлбүллери сайрар гүлде шәменде,
Тоты қуслар сайрар түрли суўханда,
Әжеп бир қызықлар бар бул ўатанда,
Турфа жайдур тағыў-таслар ишинде.

Эрам бағы болғай мәгар бул бағлар,
Кийик хуррам етип, ушарлар зағлар,
Пәлек салды маған ҳижранлы дағлар,
Мискин Шерип, қалдым жәўлан ишинде.

Әлқысса, Мискин бул ғәззелди оқып жолға рәўана болды. Бир неше күн жол жүрип, бир шәҳәрге жетти. Бул шәҳәрдиң патшасының перзенти жоқ еди. Атын Шаҳы Шабан деп ат берер еди. Бул үш күннен бери той берер еди. Әлқысса, Мискин Шерип, той қуданың ғәзийнеси деп, тойханаға барып отырды. Тойдағы адамлар мирәт етти:

— Әй, ғайыптан келген жигит, тойымызда тамаша болсын, — деп, Мискин Шериптиң қолына саз алып келип берди. Мискин қолына саз алып, нешше жерден тымсал келтирип, отыз еки мұқам намаларға салып, бул ғәззелди айтты:

— Қудайым әйлегей тилиме мәдет,
Сазы-сәўбет пенен айтайын ҳикаят,
Тойыңызға айтайын таза ҳикаят,
Тойлар болсын мүбәрек.

Мүбәреклер болсын берген сарпайың,
Өлини сыйласаң жоқты гүнайың,
Бул дүньяда перзент болар хошгәҳиң,
Бәрекелла, тойлар болсын мүбәрек.

Халайықлар, сизге айтайын дәстан,
Бул шәҳәр ишинде ашылғай бостан,
Еситкенниң көңли болсын гүлистан,
Бәрекелла, тойлар болсын мүбәрек.

Бәҳәр болса қызыл гүллер ашылар,
Тойханада назы-немат шашылар,
Қыз-жаўанның көңли гүлдек ашылар,
Бәрекелла, тойлар болғай мүбәрек.

Бул дүнья өтеди, жалғаншы паный,
Мен ярны көре алмай болдым ҳайраны,
Көзим гирян болар жолында аның,
Бәреккелла, тойлар болсын мүбәрек.

Той дегенге досты-душман жәм болар,
Мискин Шерип, саған қайғы-ғам болар,
Ярды көрмей өлсем, жүз әрман болар,
Бәрекелла, тойлар болсын мүбәрек.

Әлқысса, Мискин Шерип бул сөзди тамам қылды. Тойханада бул шәҳәрдиң хәкиминиң еки қызы бар еди. Атасының аты Абдулсаттар деп ат берер еди. Бир қызының аты Гүлнишад, және бириниң аты Гүлнигар деп берер еди. Бул қызлар тойханада Мискинниң ҳаўазын еситип, ғайбана ашығыў-гириптар болып, Мискинниң жанына бир кәнизегин жиберди, барып алып кел, деп. Олар алып келди. Гүлнишад пери буйырды:

— Әй, Мискин сиз ғәззелхан екенсиз, бир ғәззел оқып бериң, — деди.

— Әжеп болар, — деп, қолына саз алып, қызларға қарап бир сөз дедилер:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Назлы дилбардың қолынан,
Тутсам айлана-айлана,
Қушақлап нәзик белинен,
Қушсам айлана-айлана.

Сүрмелидур қара қасың,
Ғамза билен яр турысың,
Саллана-мәстана жүрисиң,
Гезерсең ҳәр яна,ҳәр яна.

Жүзиң гүлдур,аўзың ғумша,
Ҳеш бир қыз жоқты сениңше,
Мен бир ушқан бүлбүл қусша,
Қонсам айлана-айлана.

Бастан-аяғыңдур әдеп,
Лалы-маржан тисиң сәдеп,
Гүл жүзлериң,бадам қабақ,
Өпсем айлана-айлана.

Бүлбүллер сайрар гүл ушын,
Шашы сыя сүмбил ушын,
Жапа шектим сол яр ушын,
Жүрсем айлана-айлана.

Жүзиң гүлдур,аўзың ғумша,
Тамаша әйлейди барше,
Беллериң қылдан жиңишке,
Қушсам айлан-айлана.

Бағында бардур қызыл гүл,
Мен болсам ол гүлге бүлбүл,
Бир шәмен байлап бизге ил,
Жүрсем саллана-мәстана.

Мүшк ийиси келер гүлдин,
Таўланып турсаң орныңнан,
Қызыл алма анарыңнан,
Үзсем мәстана-мәстана.

Атыңыз болур Гүлнишад,
Туўған анаңдур перийзат,
Мискин Шерип болыппан шад,
Көрип мәстана-мәстана.

Әлқысса, Мискин Шерип бул жуўапты айтқаннан соң Гүлнишад пери ҳәм сиңлиси екеўи йүз қарашма наз билен орнынан турып, Мискин Шериптиң жанына жақын барып, оң дизеси билен дизесин басыңқырап,ләбини тислеп,қасын қағып,күле бағып:

— Әй,Мискинжан,және бир ғәззел оқың,— деди.

— Әжеп болар,— деп бул ғәззелди оқыды:

— Бәҳәр ашылар қызыл гүл,
Таўланып жаныма келгил,
Сайрар бағ ишре бүлбүл,
Жалбарып жаныма келгил.

Ашық иси мудам алдур,
Сени көрип ақылым лалдур,
Куйып ишсем аўзың палдур,
Жалбарып жаныма келгил.

Көксине тилла таққанлар,
Көргенниң ишин жаққанлар,
Гүл жүзге ғылап сүрткенлер,
Таўланып жаныма келиң.

Жипектен қамқа кийгенлер,
Шекер шайнап,пал жегенлер,
Қасына сүрме қойғанлар,
Таўланып қойныма келиң.

Болар бағда гүли-лала,
Мени қойма жүз қыялға,
Аўзыңдағы аққан бәла,
Тояйын,жаныма келгил.

Бир қайнаўың барды ала,
Бири гүлдур,бири лала,
Жүргенлер кетип қыялға,
Жалбарып жаныма келгил.

Суўлар ағар,бағда салма,
Қойныңызда бир жуп алма,
Алма емес,я анар ма,
Таўланып жаныма келгил.

Қыналымеди көлиңиз,
Жиңишкемеди белиңиз,
Аўзыңда шийрин тилиңиз,
Жалбарып жаныма келиң.

Мискин Шерип мениң атым,
Канъандур қублагәҳим,
Гүлнишандай перийзатым,
Таўланып жанымда болғыл.

Әлқысса,Мискинжанның бул қызларды тәрийп еткенине тәслим деп,ҳайраны лал болды.Әлқысса, Гүлнышан пәрий Мискин Шерипти әрамханасына барыўды ҳәм онда ишрет қылып қылўетте болыўды илтимас қылды.Анда Мискин Шерип,өзимниң излеген ярым бар деп,жолға түсип рәўана болды.Бул еки апа-сиңли Мискинжанның кеткенине тақаты шыдамай,Мискинжанның изинен кетти.Мискин нешше мәнзил жол жүрип кейнине қараса,еки адам киятырғанын көрди.Әжеп жақсы жолдас болды деп,қарап турды.Қараса,сол еки қыз екен.Анда Мискинжан ҳайран болды.Ол қызлар келип,еки бүгилип тәзим берип,зар-зар жылап бир сөз деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Қурбаның болайын гүл жүзли ярым,
Бул айтқан сөзиме қулақ салып кет,
Бастан-аяғына қурбан болайын,
Қулақ салып,бизге нәзер салып кет.

Салтанатлы көшки әйўан менде бар,
Баҳасы жоқ дүри-маржан менде бар,
Өзге жерде қымбат-арзан менде бар,
Қойнымда бир заман рәҳәт алып кет.

Мениндей қызларды көзге илмедиң,
Табылған дәўранның қәдирин билмедиң,
Көз туттым жолыңа,қайтып келмедиң,
Жолыңнан қайт,заўқы-сапа сүрип кет.

Жасым он төрттедур,қәддим бәркамал,
Ақыл болсаң,мен ғәриптиң кеўлин ал,
Мурадыңды берсин қәдир зулжалал,
Көңил бир кәбадур,аны алып кет.

Нишат айтар,әйле сөзимди қабыл,
Тәўелле әйлесем,сиз болма малул,
Мискинжаным,мени әйлегил қабыл,
Бул бағы-бақшадан гүллер терип кет.

Бағымда киси жоқ,бир ғана өзим,
Қәлбимнен айтарман ақырғы сөзим,
Нишат айтар,билгил мәнисин өзиң,
Мениң менен заўқы-сапа сүтип кет.

Бул қызлар бул сөзди айтты.Анда Мискин айтты:

— Әй,нәзелим қызлар,маған тәўелле етпеңлер.Мениң Гүлперийзат деген ярым бар.Мен оны излеп шықтым.Сизлерди қабыл қылмаспан.Өзге қызларды оның шашының бир талына алмаспайман,— деп жолға рәўана болды.

Бул қызлар изине қарай-қарай кеттилер. Мискинжан бир неше күн жол жүрдилер. Саҳрада баратырып бир төбениң үтине шығып нәзер таслап,хәр тәрепке қарап,бир тәрепте бир бағқа көзи түсти. Анда Мискинжан, сол көринген бағ мениң ярымның мәканы болғай, узақ жолым жақын болып,мүшкилим аңсат болғай,деп бир ғәззел оқыды:

— Мен ғәриппен,жоқты мени панаҳым,
Мүшкилим аңсат ет,қойма бул зарға,
Излейип таппадым сол ярдың бағын,
Мүшкилим аңсат ет,қойма бул зарға.

Сорағыңды салып,әлиңнен алсам,
Мәканыңды излеп Мысырға барсам,
Сениң менен бирге ойнасам,күлсем,
Мүшкилим аңсат ет,қойма бул зарға.

Жаз болса көгерер түрли гиялар,
Саясында түрли қуслар паналар,
Қуслар уя салып анда балалар,
Мүшкилим аңсат ет,қойма бул зарға.

Сөз айтылса тилден неше мың әлўан,
Бул дүнья опасыз,кимнен қалмаған,
Өмиримди хош кешир,жолықса дәўран,
Мүшкилим аңсат ет,қойма бул зарға.

Мискин Шерип,көпти мениң арманым,
Ярны көрип билмем,көпти арманым,
Күнбе-күннен жаман мениң аўҳалым,
Мүшкилим аңсат ет,қойма бул зарға.

Әлқысса, бул сөзди айтқаннан соң Мискин Шерип жолға рәўана болдылар. Бир бәлент таў көринди. Ол таўдан өтип қараса,жол жети тәрепке бөлинип кетипти.Қайсы жолға кетерин билмей, бир минажат оқыды:

— Ҳайран болдым жети жолдың басында,
Қайда кетеримди биле-билмедим.
Жолда өлсем,қарға қонар лашыма,
Қайда кетеримди биле билмедим.

Қайда барар,бул жолларды билмедим,
Қайыр бар ма,зыян бар ма,билмедим,
Теңли-тусым менен ойнап-күлмедим,
Қайсы жолға кетеримди билмедим.

Сәҳәрде ашылған лалазар гүллер,
Гүллерде сайрасар шайда бүлбүллер,
Жети дәрбент болып айырылды жоллар,
Қайсы жолға кетеримди билмедим.

Сорайын десем бул жолларды киси жоқ,
Адасқанда жолға салар кисим жоқ,
Аңым ушты,баста мениң хуўшым жоқ,
Қайсы жолға мен кетерим билмедим.

Бир яр ушын гезип сәргардан болдық,
Суўсыз саҳралардан таўларға келдик,
Ләйли-Мәжнүн дейип сергиздан болдық,
Қайсы жолға кетермииз билмедик.

Мен билмедим,қанша жол бар арада,
Яр жолында Мискин болдың сен гада,
Нешше ашық жеткен мақсет-муратқа,
Мақсетиме жетермен бе,билмедим.

Әлқысса, Мискин Шерип жети жолдың дәрбентинде қайсы жолға кетиўин билмей ҳайраны-сарсаң болып турар еди. Нәгаҳа изинен бир бөлек кәрўанлар көрди. Олардан Мысырға қайсы жол баратуғынын сорап,кәрўан басыға қарап бир сөз сөйледи:



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Жол баслаған кәрўанбасы,
Мысыр жолы қайда болар?
Кәрўанлардың сәркардасы,
Мысыр ели қайда болар?

Мен бир гәда жол адасқан,
Бир яр дейип ҳәдден асқан,
Қайғыдан ғамға шатасқан,
Мысыр жолы қайсы болар?

Мен келермен таўдан асып,
Шашқа келдим мунда жетип,
Кете алмадым жол адасып,
Мысыр ели қайда болар?

Мысыр жолын алай таўып,
Жүрсем неше таўдан асып,
Гәҳи жүгирип,гәҳи жортып,
Кетсем,жолы қайда болар?

Мискин Шерип болды ғәрип,
Жүрип аяғым қабарып,
Сорарман сизден жалбарып,
Мысыр жолы қайда болар?

Әлқысса,кәрўанлар Мискиншериптиң бул сөзине рейими келип,адасқан екен деп,Мысыр жолын көрсетип,кәрўанлар өзге жолға кетти.Алғәрез,Мискин Шерип жолға түсип кете берди.Неше таў ҳәм дәрьяларды кейинине таслап,бир нешше күн жол жүрлилер.Әмма ташналықтан өлер ҳалатына жетти.Нәгаҳа бир таўдың баўырында булақ суўына нәзери түсти.Мискинжан барып суўдан қанып ишти.Нешше күннен бери ташна еди.Суў тутып,бийҳуўш болып жығылды.Сол таўдың артында Бағабат деген бир елат бар еди.Оның ҳәкиминиң Зарафшан деген қызы бар еди.Булақ суўын сейил етиўге бир неше қызларды ертип булақтың басына келди.Көрселер,бир нәзәлим хошүрей зийба жигит бийҳуўш болып жатыр екен.Жанына келип,Зарафшан пери Мискинниң басын дизесине алып,реҳими келип турды.Сааттдан соң Мискинжан көзин ашып,ҳуўшына келип,әтирапындағы қызларды көрип,оларға қарап бир сөз дедилер:

— Наз билен күлип баққанлар,
Шийрин жанымды жаққанлар,
Сөйлеп қасын қаққанлар,
Келипти дүрдана қызлар.

Тислериң дана сәдепти,
Бастан-аяғың әдепти,
Көргенниң бағры кәбапты,
Гезерлер мәстана қызлар.

Еки жүзиң нарға уқсап,
Сийнең ағы қарға уқсап,
Көңлим сүйген ярға уқсап,
Турар мәстана қызлар.

Басындадур тилла тажы,
Ҳүсниң алар айдан бажы,
Бәргалар жүзинниң мүтажы,
Дәртимниң дәрманы қызлар.

Ашық болыппан бир гүлге,
Қосылып шайда бүлбүлге,
Рәҳим әйлең ғамлы қулға,
Миймanман бул кеше қызлар.

Жалғаншы паный дүньяның,
Көрсең рәҳәт гүлистаның,
Жаз әйлер зимистаның,
Қойнына алыңлар қызлар.

Мени көрип наз еткенлер,
Нама шертип саз еткенлер,
Қыс паслын жаз еткенлер,
Мәстана-мәстана қызлар.

Ҳижран оты жүрегимде,
Ҳәр дем күйдим пырағында,
Шекер балы додағында,
Шашарлар ҳәр яна қызлар.

Узақ па сениң еллериң,
Жиңишкемеди беллериң,
Шийриннен шекер тиллериң,
Жаныма отлар салды қызлар.

Болдым жолында әўере,
Жүрегим болды жүз пара,
Не қылсын Мискин бийшара,
Орар зулпын шана қызлар.

Әлқысса,Мискин Шерип бул сөзди айтып болғаннан Зарафшан пәрий жақсы көрип ашық болды. Зарафшан пәрий Мискин Шерипке қарап,екеўи айтысып,Зарафшан сорап,Мискиншерип жуўап берип турғаны:

Зарафшан:
— Сорағ сорай,барна йигит,
Қайдады жайларың сениң?
Суў басында турған йигит,
Қайдады мәканың сениң?

Мискин:
— Сорағ сорсаң,меннен жуўап,
Узақта жайларым мениң,
Яр ҳижринде болдым кәбап,
Қыйындур ҳалларым мениң.

Зарафшан:
— Жол адасып азғанбысаң,
Бир гүналы жазғанбысаң,
Көп шәҳәрди гезгенбисең,
Қайердедур жайларың сениң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мискин:
— Жол адасып, азып келдим,
Нешше тауды гезип келдим,
Ярым излеп, жазып келдим,
Канъандур жайларым мениң.

Зарафшан:
— Қайсы жердин миллетисең?
Қайсы шахтың үмметисең?
Қайсы шаның перзентисең?
Қайсыды динлериң сениң?

Мискин:
— Түссе басыма көп жапа,
Андын тилермен мен сапа,
Диним Муҳаммед Мустапа,
Ағзамды динлерим мениң.

Зарафшан:
— Бағда гүллер әлўан-әлўан,
Дәрдине боларман дәрман,
Көңлиме салдың жүз әрман,
Қайдады мәканың сениң?

Мискин:
— Даўасы жоқдур бул дәрттиң,
Излеп таппадым тәбибин,
Сиз алмассыз бул дәртти,
Жаманды дәртлерим мениң.

Зарафшан:
— Зарафшан дер, зарың болсам,
Излеп жүрген ярың болсам,
Та өлгенше дәўран сүрсең,
Қалмасты әрманың сениң.

Мискин:
— Мискин Шерип, токтамаспан,
Өзге қызды яр демеспен.
Ашықлықта тәрк етпеспен,
Узақты жолларым мениң.

Бул сөзди татам еткеннен соң Зарафшан перий көп тәўелле қылды. Мискин Шерип қабыл қылмады. Қызлардың жанынан кетип, жолға түсип рәўана болды. Бир нешше күн сахра ҳәм тауларда жүрип, нешше бир шәшмелердиң басына келип суў ишип, шөлин қандырып, бул кеше бир жерде жатты. Таңның алдында торғайлардың шыр-шыр еткен даўысына оянып торғайларға қарап, Мискин Шшерип бир сөз деди:

— Шыр-шыр қылып сайрап торғай,
Жеткер ярға сәлемимди,
Мениңдей сергиздан болған,
Жеткер ярға сәлемимди.

Мен едим оның зары,
Көзим жолда, интизары,
Сизлер әйлең маған ярды,
Жеткер ярға сәлемимди.

Көпдур сийнемде дағым,
Яр еситпес мениң аҳым,
Қазан урдымекен бағын,
Жеткер ярға сәлемимди.

Жоқтур мениң туўысқаным,
Бул саҳрада жалғыз басым,
Өлсем шөлде қалар лашым,
Жеткер ярға сәлемимди.

Мен бир жүрген сергиздан,
Басымда көп қайғы-ғам,
Ышқында өртер дембе-дем,
Ярға жеткер сәлемимди.

Мискин дер, саған айтып,
Ҳәр қәдемде пыған етип,
Көзде жасым жайҳун етип,
Жеткер ярға пығанымды.

Әлқысса, Мискин Шерип бул сөзди тамам қылып жолға рәўана болды. Бир нешше күн жолда азар тартып барар еди. Кейнинен бир бөлек кәрўанлар жетисти. Бул кәрўанларға қосылып нешше мәнзил жол жүрип барар еди. Нәгаҳа гәрт пайда болды. Гәрттен қырық қарақшы шығып, кәрўанларды ортаға алып, тыйық тартып, бир нешшелерин шейит өлтирип, түйе ҳәм малларды талан қылды. Мискин Шерип маталардың арасында пинҳан болып еди. Бир ўақыт қарақшылар Мискин Шшерипти таўып алып, бир нешше шаппат урды. Қарақшылардың үлкени айтты:

— Бул жас баланы өлтирмен, түйе айдатып алып кетемиз, соңыра сатармыз, — деп мәсләҳәт қылды. Бул сөзди Мискин Шшерип еситип, қарақшыларға жалынып бир-еки аўыз сөз айтты:

— Өз журтымда султан едим, жалғыз басым хор әйледим,
Ҳәм жылап шамы сәҳәрлер, уйқымды биибад әйледим,
Ҳәр заман ядыма түссе, көңлиме йүз ғам әйледим,
Азат әйлеңлер мени, бир ғәрип биишараман.

Нешше күн саҳрада гездим, бир қәўмети зийба ушын,
Оянып шамыў-сәҳәр, сәҳәрде жыларман ол яр ушын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жыламақтан қалмады мәдарым, кетти дизимнен сол яр ушын,
Азат әйлеңлер мени, бир ғәрип әўеремен.

Нәйлейин, әлем ара бийғанаман, жоқдур кисим,
Менки саўдагер емеспен, ҳешким менен жоқты исим,
Ышқ түскендур басыма, тынбай ағар көзден жасым,
Азат әйленленлер мени, мен ашық бийшараман.

Айралықтың дәртинен мен әйлермен аҳыў-пыған,
Бағы-бостан бәҳәримди кыс тоқсаны урды қазан,
Көрмедим ҳүсни-жамалын, нәйлейин, бахтым жаман,
Азат әйлеңлер мени, бир ғәрип мубталаман.

Ҳалыма әйлең рәҳим, ҳижран оты өртер мени,
Көп азап тартқан едим жисмимде жаным мениң,
Айрылып ата-анамнан, көрмедим гүл жүзини,
Азат әйлеңлер мени, бир ғәрип сад параман.

Мискин Шерип дад етер, болғай саған бахты-ығбал,
Өмириңди қылғай зияда, сизге бергей көп камал,
Әй, әлемниң султаны, әйлең маған яхшы мәҳәл,
Азат әйлеңлер мени, бир ғәрип бийшараман.

Мискинжан бул сөзди айтты. Сонда қарақшылардың сәрдары айтты:

— Ҳақыйқат ашығыў-бийшара екенсең, — деп рәҳим қылып, Мискинжанға рухсат берди. Сонда Мискинжан жолға түсип рәўана болды. Нешше мәнзил жол жүрди. Бир бәлент таўдың үстине шығып қарап, бир қаланы көрди. Қала ортасында Ҳүршидшадан қалған минарға көзи түсти. Бул қандай шәҳәр екен деп ҳайран болды. Таўдан төменге түсип бир шопаннан сорады. Шопан айтты:

— Көринген Мысыр шәҳәри, — деди.

Анда Мискин Шерип яры Гүлперийзаттың шәҳәрине келгенин аңлап, ўақты хош болып, бир ғәззел оқыды:

— Көринеди Мысыр шаның минары,
Жилўа берип яр мәканы көринди,
Барып көрсем, кетер көңлим әрманы,
Елес-елес яр мәканы көринди.

Ҳижран дағы көңлим әйледи ўайран,
Нешше жыллар излеп таппай сергиздан,
Мәжнүндек шөллерде гездим сергиздан,
Жағып баўырым және бирян көринди.

Атам еди Канъан журтының шаҳы,
Узақтан көринген Мысырдың шәҳри,
Яр ушын шөллерде көп шегип жәбири,
Шүкир енди, яр мәканы көринди.

Мискин Шерип айтар, кетти әрманым,
Барып көрмегенше болмас қарарым,
Яр ўаспына жетип ләбте ханданын,
Емип сормағанша әрман көринди.

Әлқысса, Мискин Шерип бул сөзди тамам еткеннен соң жолға рәўана болды. Нәгаҳа көшки көринди. Бир пақсасы алтын, бир пақсасы гүмистен рең берилген, бәлентлиги қырық гез. Мискин Шерип қыял етти. Мәгар ярымның көшкиси сол болғай, деп бара берди. Жақын берип көрсе, бир бағ, сапа әлемде бундай бағ жоқ, тил менен тәрип етиўге сөз жоқ еди. Мискин ишкери кирди. Көп күннен бери аш еди. Мийўелерден жеп рәҳәтленип бағдың төрт тәрепине нәзер таслап көрди. Ҳеш ким жоқ екен. Көшки әйўанның астына барып сәрҳәўиздиң бойында дем алды. Нәгаҳа суўға көзи түсти. Суўдағы Гүлперийдиң саясына көзи түсти. Бир нәзелим кәдди кәмал қыз, түсинде көрген яры турар еди. Әтирапына қарады. Ҳеш адамды көрмей, өзин суўға атар болды. Нәгаҳа көшки үстинде отырған Гүлперийге нәзери түсип, ҳижалат тартып төмен қарады. Сол ўақытта Гүлперийдин нәзери Мискин Шерипке түсип, анда еки кәнизге буйырды:

— Көшкиниң астында бир бийғана адам жүр, барып тутып алып келиң, — деди. Анда кәнизлер услап алып перийзаттың жанына алып барды. Сол ўақытта перийзат айтты:

— Әй, адамыйзат, бул жерлерде жаныңнан қорқпай не ис қылып жүрген адамсаң? Бул жайға қус келсе қанаты күйер, қулан келсе туяғы күйер, — деди. Анда Мискин айтты:

— Әй, перийзат, мийман боларман. Әмма лекин саған ашық боларман, — деди.

Гүлперий айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Мениң дүньяма ашыкпысаң,я өзиме ашықпысаң? — деди.
Мискин айтты:
— Көрмегеним дүнья болғай.Сениң өзиңе ашықпан,— деп бир ғәзел айтты:

— Дийдар жамалына ашық болыппан,
Маған зер керек емес,дийдар керекти.
Узақ жерден сени излеп келиппен,
Маған зер керек емес,дийдар керекти.

Аклымды алыпты айдай жамалың,
Ҳүсниңе мүнәсип қәдди-кәмалың,
Керек емес маған дүньяда малың,
Маған зер керек емес,дийдар керекти.

Тотыға мегзейди шийрин зибаның,
Жанымды алды сениң шийрин мақалың,
Айдан арыў екен ҳүсни-жамалың,
Маған зер керек емес,дийдар керекти.

Зия-зулпың дал гәрданға салыпсаң,
Көргенлердиң ақлы-ҳуўшын алыпсаң,
Күлип бағып жаным отқа салыпсаң,
Маған зер керек емес,сен яр керекти.

Ақ көксиңе тилла ҳәйкел тағарсаң,
Мискинниң жанынна отлар жағарсаң,
Жүз мың жилўа менен қасың қағарсаң,
Маған зер керек емес,гүл яр керекти.

Мискинжан бул сөзди тамам қылғаннан соң Гүлперийзат жүзинен нықабын алып нәзер қылды. Бир жигит турар еди.Он төрт кешелик айдай,жаҳан тахтына ылайық,табы-тақаты қалмай,ашығы-муптала болып,ҳуўшы басынан ушып,ышқы оты қәлбинде жай алды.

— Қайсы бағдың гүлисең,қайсы шәмен бүлбүлисең ҳәм қайда барарсаң? — деди.

Анда Мискинжан «қайда барарсаң?» деген барабарында қолына сазын алып,Гүлперийзатқа қарап бир сөз деди:

— Мен ашықпан яр саңа,
Меҳри опадарыма келдим,
Сен ушын шектим көп жапа,
Жан билен жанана келдим.

Көшкиңнен күлип шығарсаң,
Аўзыңнан гүллер шашарсаң,
Ашылған бир гүл ғумшасаң,
Көзлери мәстана келдим.

Қәҳәр әйлеп бизге бағып,
Сийнеме отларды жағып,
Жилўаларың жаным жағып,
Қой киби курбана келдим.

Яр маған қылма көп жапа,
Әйлең маған меҳри опа,
Сүрсек,ярым,заўқы-сапа,
Аҳду билен паймана келдим.

Бир поса бер додағыңнан,
Сийнем өртенди ышқыңнан,
Қызыл гүлдей жанағыңнан,
Ғуншаи хандана келдим.

Айлансам кәлем қасыңнан,
Он беске кирген жасыңнан,
Сыя май қара шашыңнан,
Туўра Зарафшана келдим.

Мен кештим шийрин жанымнан,
Өткерсем қолым мойныңнан,
Қушақлап нәзик белиңнен,
Сәрўи бойлы жана келдим.

Мискин Шерип болғыл аға,
Жамалықды көрдим нәга,
Ғамзаң оқы өтер нәга,
Мен өзим ҳайрана келдим.

Әлқысса,Мискин Шерип бул сөзди айтқаннан соң Гүлперий ҳайран болып қарап турды.Нәгаҳа Мискинжанның арқасындағы тумарына нәзери түсти ҳәм,«ўа,дарийғ,сол түсимде көрген яры-жаным сол екен» деп ўақты хош болып Мискинжанға қарап бир сөз деди:

— Хош келипсиз,сәўер ярым,
Хош келипсиз жан үстине,
Гүллер үзип термишем,
Хош келипсиз жан үстине.

Бизиң бағда бардур гүллер,
Үстинде сайрар бүлбүллер,
Кәнизлерим терер гүллер,
Хош келипсиз жан үстине.

Ҳәўес әйлеп бағқа кирсең,
Алма ҳәм анардан терсең,
Сайран етип бағды гезсең,
Хош келипсиз бағ үстине.

Келиң,ярым,жаҳд етели,
Бағ ишинде аҳд етели,
Мурат-мақсетке жетели,
Хош келдиң дийдар үстине.

Курбан-ем кәлем қасыңа,
Қәдем қой сийнем үстине,
Үстинди қойғыл үстиме,
Хош келдиң дәўран үстине.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сеннен өзгени яр демеспен,
Сенсиз өтер күним әрман,
Қызыл гүлден байлап шәмен,
Хош келдиң дәўран үстине.

Гүлперий дерлер атымыз,
Сен бизиң көңил шадымыз,
Қуда қосқан мурадымыз,
Хош келдиң дәўран үстине.

Әлқысса, Гүлперий бул сөзди айтқаннан кейин Мискинжан көшкиниң үстине қәдем қойды. Перийзат Мискинжанды тахт үстинен жай берип,жақсы липаслар кийдирип,екеўи ишретке машғул болды. Бир нешше күн ишретте болды. Күнлерден бир күн бул гәптен адамлар әгаҳ болып, мәламат гәп бола баслады. Бул гәп Гүлперийдиң атасы Шаҳы Абдулмаликтиң қулағына жетти. Патша дарғазап болып, бағқа он атлы нөкер жиберди.

— Бағда бийгана адам болса, зинданға салың, — деди.

Ол нөкерлер келип бағқа кирип, Мискин Шерипти тутып зинданға салды. Гүлперийниң ҳалы забун болды. Бир өзине жақын кәнизек бар еди. Аты Жәмийла еди. Оған кеңес берип айтты:

— Енди қалай қылғаймыз? Ертең Мискинди асып өлтиреди, — деп жыламаққа киристи.

Анда Жамийла айтты:

— Мен оны қутқарып аламан. Сен ертең мени қутқарғайсаң, — деп мәсләҳәт етисип, Жәмийла бир тоғыз нан менен бир ләген зерди алып зиндан ләбине келип, зинданбанға айтты:

— Әй, аға, мен кеше бир жаман түс көрдим. Бир ләген зерди сиз алың, нанды алып өз қолымнан зинданда жатқан ғәриплерге берип, дуўасын алғайман,— деп кәниз зинданға кирип, Мискин Шерипти қараңғы мүйешке алып барып, өзиниң липасын Мискинге кийдирип, өзи оның липасын кийип, зинданда қалды. Мискин болса Гүлперийдиң жанына барып сәўбетте болды. Песин ўақты еди. Патша жәллатларға буйырды:

— Зиндандағы кисини дарға асып өлтириң, — деп.

Жәллатлар келип, Мискин деп кәнизди дар астына алып кетти. Гүлперий хабардар еди. Келип атасына «дат» деди. Шаҳы Абдулмәлик қызына қарап:

— Кимнен ситам көрдиң? — деди.

Ол айтты:

— Кеше кәниз қызлар менен еркек липасын кийип далаға сейилге барып, кеш келип едик. Бир кәнизегим еркек липасы менен уйқылап қалыпты. Сизиң реҳимсиз жәллатларыңыз мен уйқыда ўақтымда алып кетипти. Оның не гүнасы болыпты, дарға тартарсыз? — деди.

Патша қызына не айтарын билмей ҳижалат тартып, өзин тахттан таслап, қәте қылыппан деп, дардың астына жүгирди. Жәллатлар мойнына жипти илдирген ўақтында жетип барып, басынан қуласын алып қараса, кәниз екен. Босатып, ҳижалат жеп, қойып жиберди. Кәниз Гүлперийдиң хызметине келип, өткен ўақыядан дәрек берди. Әлқысса, Гүлперийзат Мискин Шшерипке қыз липасын кийдирип, кәниз қызларына қосып дәўран сүре берди. Бир күни кешеси Мискин бир аҳ тартты. Гүлперий айтты:

— Әй, Мискинжан не ушын аҳ тартарсаң? — деди.

Анда Мискинжанның ғәрип анасы, ўатаны. ели-журты ядына түсип бир сөз айтқаны:

— Канъан ееди мени өскен елатым,
Анда бардур мениң қәўми-қардашым,
Айра түсип мунда бул ғәрип басым,
Қәўми-қарындасым ядыма түсти.

Бул дүнья паныйдур, жоқты опасы,
Ғәниййметдур бес күн заўқы-сапасы,
Күннен-күнге артар жәбри-жапасы,
Ойнап-өскен еллер ядыма түсти.

Ойнап-өскен ярым мениң андадур,
Қублагәҳим еки көзи жолдадур,
Ғәрип болған анам еле ғамдадур,
Қәўми-қарындаслар ядыма түсти.

Енди бирге бизиң елге кетели,
Қублагәҳим барып, таўап етели,
Еки дүнья жолдас болып өтели,
Қублагәҳим атам ядыма түсти.

Әлқысса, Мискин Шерип бул сөзди тамам қылып айтты: — Мен енди ели-журтым, қәўми-қарындасымды сағындым. Енди бизиң елге кетели, — дедилер. Анда Гүлперийзат еки атты зәртеңзәбертең ертлеп, он түйеге түрли зер ҳәм мал-дүньяларды тийеп, ярым кешеде турып кетермен болып, кәнизек қызлар менен, ели-журтлары менен хошласып, көзине жас алып бир сөз деди:

— Айралықтың ўақты жетти,
Қыз-келинлер, хош қал енди.
Несийбемиз жатқа түсти,
Қыз-жаўанлар, хош қал енди.

Кетер болдым бир яр ушын,
Қымбат баҳа суңқар ушын,
Ашық болып дийдар ушын,
Жан аналар, хош қал енди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сел болып акты көз жасым,
Апа-үке,туўысканым,
Узақ жолға алып басым,
Мен кетермен,хош қал енди.

Айралық түсти басыма,
Келинлер дигри-дашыма,
Көзимнен аққан жасыма,
Жылаң қызлар,хош қал енди.

Ести айралық шамалы,
Ақылым алғандур жамалы,
Елине кетмекти қыялы,
Мен кетермен,хош қал енди.

Жат жерлерде болсам ғәрип,
Көре алмасам сизди барып,
Бақсам жолына сарғайып,
Ата-анам,хош қал енди.

Бағ ишинде сайран еткен,
Көргенлерди ҳайран еткен,
Бүгин көнлим ўайран еткен,
Кәнизеклер,хош қал енди.

Бағда гүллер барды сапа,
Ойнап сүрдик заўқы-сапа.
Бул екен дүнья бийопа,
Бағ-шәменлер,хош қал енди.

Бирге жүрип ойнап күлген,
Тойлар тойлап сейил қылған,
Гүлперийге мейил болған,
Кәниз қызлар,хош қал енди.

Енди бизге келмек жоқты,
Мундай дәўран сүрмек жоқты,
Бул жаслықтың өтти паслы,
Өткен дәўран хош қал енди,—

деп бул сөзди айтып,екеўи бедеў аттың белине минип,түйелерди жетеклеп,жаў-жарағын екеўи ҳәм белине бәнт қылып,ярым кешеде қырық кәниз қызлар менен жыласып хошласып,жолға рәўана болдылар. Әлқысса, булар нешше мәнзил ҳәм далаларды кейинге таслап, Гүлпери кейнине қарап еди, Мысыр журтының дараклары көринбеди. Ели-журтынан жуда болып, ата-анасынан хабарсыз кеткенине азғана ғамгүн болып көзине жас алды,және өз көнлине өзи тәселле берип,Мискиншерипке қарап бир сөз деди:

— Келгил ярым,ат шабыссақ майданда,
Атлар сүрип ойнасайық бул таўда,
Көрген киси болсын бизди ҳайранда,
Келгил ярым,сүрисейик майданда.

Ышқың оты мени әйледи бәрбад,
Ләйли ушын тағларды гезди ол Фархат,
Айралықтан өтти дат билен пәряд,
Келиң ярым,ат сүриссек таўларда.

Ҳәркимниң басында күнде жүз ғаўға,
Он еки жыл гезди дәрьяда Хузра,
Басына адамның түсер ҳәр саўда,
Келиң ярым,ат сүрейик бул таўда.

Жақын келип,маған көрсет өзинди,
Көзлерим тойғанша көрей жүзинди,
Жанымды алған қара наргис көзинди,
Келиң ярым,шабысайық майданда.

Жамалыңа сениң мейил болыппан,
Жат еллерге кеттим,қайыл болыппан,
Гүлпери дер,хәрне десең турыппан,
Келиң ярым,ойнасайық майданда.

Әлқысса,Гүлперийзат бул сөзди тамам қылды.Екеўи ат ойнатып,бирин-бири қуўып,гә тартысып көкпар ойнағандай ойнасып бара берди.Буларды бармақта қойың.Енди сөзди атасы Әбдимәликтен еситиң.Гүлперийдиң бағында бир бағбан баба бар еди.Ол хабарлар болып,Гүлперийдиң ярым кешеде кеткенинен патшаны хабардар қылды.Анда патша дарғазап болып,қырық жигит пенен атланып баққа келди.Көрсе,Гүлперий кетип қалыпты.Атасы зар-зар жылады.Әлқысса,патша қырық жигити менен Гүлперийдиң кейнинен қуўып рәўана болды. Буларды қуўмаққа қойыңлар. Енди Мискин Шериптен сөз еситиң. Булар ат үстинде ойнасып барар еди. Нәгаҳа гәрт пайда болды. Гәрттиң ишинен қырық атлы көринди.Көрсе,атасы Әбдимәлик екен.Гүлперий қолына жайын алып,атасы тәрепке бир оқ үзди.Оқ барып атасының басындағы алтын тажына тийип,тажыны жерге түсирди. Бир кәниз қыздың алдына жиберди,«атам кейнине қайтсын.Енди мен кейниме қайтпаспан» деп. Кәниз келип бул жуўапты айтты.Анда патша қызының қайтпаслығын билип,қызына жуўап берип, бир сөз деди:

— Қозым,кетер болсаң узақ жолларға,
Барғыл балам,бир аллаға тапсырдым,
Бир нәзер етпедин ғарры анаңа,
Барғыл қозым,бир аллаға тапсырдым.

Ғамза оғын аттың мениң жаныма,
Рәҳим етпедиң ғарры атаң ҳалына,
Талан салдың мениң ханы-малыма,
Барғыл қозым,бир аллаға тапсырдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сум рәқиплер бузды мениң шәнимди,
Өлтирмейин алдың мениң жанымды,
Кештим,қозым,сениң наҳақ қаныңды,
Барғыл қозым,бир аллаға тапсырдым.

Барғыл балам,гүнайыңды кеширдим,
Басымнан алтын тажым ушырдың,
Жанған шырағымды үплеп өшириң,
Барғыл қозым,бир аллаға тапсырдым.

Абдимәлик қара дигри дашыңды,
Көзимнен ағыздың қанлы жасымды,
Жат жерлерге алып кеттиң басыңды,
Барғыл қозым,бир аллаға тапсырдым.

Барар жериң узақпеди арасы,
Әзелден жазылса,жоқты шарасы,
Қашан питер бул көңилдиң жарасы,
Барғыл қозым,бир аллаға тапсырдым.

Әлқысса,патша бул сөзди тамам қылып кейин қайтты.Булар да еки ашық жолға рәўана болды. Нешше күнлер сегбир тартып жол жүрип, Канъанға келди. Келип ата-анасын, қәўми-қарындасын көрип ўақты хош болып,жети кеше-күндиз той-тамаша етип,мурат-мақсетине жеттилер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

54 - ТОМ



# АЙДОС БИЙ

*Қыяс жыраў Қайратдинов*
*Жазып алған: У.Досжанов*
*(1957-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаратыпты бизди ҳақ,
Сүймеген қуллар болур тақ,
Бес-алты аўыз сөйлейин,
Халайықлар тыңлап бақ.
Ашылар бағлардың гүли,
Шәменниң сайрар бүлбили,
Шийрин-шекер сөйлеген,
Шайырдың шешеннен тили.
Гүлим,гүлимди,гүлимди,
Қылман жанға зулымды,
Жазған ғапыл бенденин,
Өлгенше жоқ тынымы.
Жан барында сөйлеп ал,
Сүйексиз питкен тилим-ай,
Қуралып келген ғарры-жас,
Уллы-киши,тең-қурдас,
Қатар-қурбы заманлас,
Сизлерге қол берейин,
Бизиң менен хабарлас.
Белимди тартып байлайын,
Қолдан келе билгенше,
Кеўлиңизди шадлайын,
Сайратып қызыл тилимди,
Тамағымды кернейин,
Қолыма алып сазымды,
Ылайықлап ҳаўазымды,
Алдыңызда бир терлеп,
Санамда барын сермейин,
Барлық адам биледи,
Пикири-сана,сырымды,
Алдыңызда жырлайын,
Бес-алты аўыз жырымды.
Қулақ салмай халайық,
Қапа қылман кеўлимди,
Қата болса кеширин,
Сөзлеримде минимди.
Дүньяға талай ер келипти,
Заманда өткен бурынғы,
Атымның басын оңғарып,
Гәпти жолға салайық,
Түсейин уллы гүзарға,
Сөз басына барайық,
Аўзымнан шыққан сөзлерим,
Халқыма болсын ылайық,
Бир ўақыя айтайын,
Қулақ салсаң халайық,
Айдос бийдиң дәстанын,
Сизлерге баян қылайық.

* * *

Бурынғы өткен заманда,
Қарақалпақтың халқында,
Қоңырат деген елинде,
Кәспи-кәри мал баққан,
Кең салалы жеринде,
Айдос бий деген болыпты.
Еситкенимди айтайын,
Жаңылма,тилим,жаңылма,
Қайтып жүрме жүрегим,
Шалықла,кеўлим,шалықла.
Хийўа ханнан кем емес,
Айдос бийдиң абыройы,
Қарақалпақтың халқына,
Бийлик атын көтерип,
Қылған иси оралды,
Бир атадан үшеў-төртеў,
Бир-бири менен қуралды.
Майлышеңгел шегара,
Ашық майдан,кең дала,
Аржағы ханға қарады,
Бержағын Айдос сорады,
Күшке келсе Айдос бий,
Нешшениң мойнын бурады.
Ғайратына исенип,
Ханның ҳақын бермеди,
Батыр туўған Айдос бий,
Ханды көзге илмеди,
Журт сораған патшаны,
Дийқанындай көрмеди.
Айдос батыр ағаның,
Өзинен батыр инилери,
Иниси менен күнлери,
Оны Айдос билмеди,
Инисинен қорқып Хийўа хан,
Титирейди тәнде жан,
Айдос бий оны сезбеди.
Не қылса да Айдос бий,
Хан оған қарсы турмады,
Инилеринен қорққан соң,
Ҳасла мойнын бурмады,
Айдостың қылған ислери,
Хийўадағы отырған,
Ханның ишин тырнады,
Хан отырып тағында,
Айдостың еки инисин,
Өлтириўди жырлады,
Жырлаған менен пайда жоқ,
Жанынан қорқып ўәзирлери,
Ханның ҳәмирин қылмады.
Бегис пенен Мыржықты,
Өлтириўге Хийўа хан,
Бирталай ой ойлады,
Ойласа да қанша ой,
Кеўилге толық болмады.
Залым туўған Хийўа хан,
Бир тәўекел қылады,
Мәртликке белин байлады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Минбеге бедеў сайлады,
Арнап қағаз жаздырып,
Қарабайды шақырып,
Айдосқа қағаз жоллады.
Қағазды алып Қарабай,
Қойнына бекем салады,
Ханның минген Ақша атын,
Зәбертең ертлеп алады,
Ат белине минеди,
Аттың басын оңғарып,
Айдап жолға салады,
Жетиў ушын Айдосқа,
Елши рәўан болады,
Салқын менен жол жүрип,
Сағым менен өндирип,
Бир ғайратын салады.
Шаңы шаңға уласты,
Ақша жүзин шаң басты,
Сегбир тартып майданда,
Тоғыз күнлик жол асты.
Аттың жалы есилип,
Душпанның бахты кесилип,
Қарабай елши киятыр,
Ат үстинде есирип.
Аттың жалын тарады,
Билгенлерден жол сорады,
Елши күнге жарады,
Есап етип қараса,
Тоғыз күн тамам болады.
Әйне тоғыз күн жүзи толғанда,
Намазлыгер болғанда,
Айдос бийдиң есигине,
Елши тайын болады.
Мәнзил жырақ,жер алысты,
Жолы шатақ,қамысты,
Узақ қыйыр,көп шалысты,
Шақырып алып хабарласты,
Сәлем берди,қол алысты,
Таный алмады бир-бирин,
Ҳайран болды,қарасты,
Аманласты,танысты,
Саў-саламат сорасты,
Ханнан келген хабаршы,
Жибермеди намысты.
Қағазды алып Қарабай,
Айдос бийге береди,
Ладан туўған ағаңыз,
Тебериктей көреди,
Кеўилинде нәрсе жоқ,
Ханнан келген қағазды,
Еки қоллап алады,
Айдос бийдиң жүреги,
Қанаға сыймай барады,
Оқыйтуғын саўат жоқ,

Иркилместен ат қояды,
Дийўанына келеди,
— Иркилмей оқы,заңғар,— деп,
Майданнан сүрен салады,
Қағазды ашып дийўаны,
Зарлатып оқый береди.
Қулақ салың яранлар,
Не депти жазған хатында:
— Айдос батыр,мен сени,
Айрылмас достым билемен,
Ишимде пикир сақламай,
Басқадай сынап бақламай,
Дослық сөз айтып келемен,
Жаман сөзди бетиңе,
Айтқаным жоқ еле мен.
Шының менен дос болсаң,
Қатар-қатар нарымды,
Ғәзийне толған зеримди,
Елимдеги барымды,
Тажы менен тахтымды,
Малым менен бахтымды,
Бәрин сениң жолыңа,
Аямайман,беремен.
Ат кекилин өремен,
Талайымнан көремен,
Басшы қылып алдымда,
Кейиниңе еремен,
Еки иниңди өлтирсең,
Айдос батыр,мен сени,
Баламнан зыят көремен.
Бегис пенен Мыржықтың,
Геллесин кессең,Айдос бий,
Жылаўыңда кул болып,
Табаныңда өлемен.
Айтқанымды тыңласаң,
Майлышеңгел — шегара,
Есапсыз жатқан пуқара,
Аржағы түўе дәрьяның,
Бержағын да беремен.
Өзим турған орайда,
Гәйи шөлде,гә тоғайда,
Саған бир жан қас болса,
Қудайдың не салғанын,
Соның менен көремен.
Еки иниңди өлтирсең,
Мәнисине келтирсең,
Тең боласаң хан менен,
Айтқанымды тыңласаң,
Жумылғанша көзлерим,
Жылаўыңды жетеклеп,
Табаныңда өлемен.
Отырғызып тахтыма,
Ийе қылып бахтыма,
Қос ат жегип арбаңа,

Тулға қыламан журтыма,
Барлығын сениң жолына,
Бағышлайман,беремен.
Саған айтар шәртим сол,
Инанбасаң сөзиме,
Алып келсең алдыма,
Көз алдында,Айдос бий,
Қураныңды тебемен,
Сыйланбаса бул сөзим,
Абыройыңды төгемен.
Айтып болдым сөзимди,
Кешиктирмей,жан достым,
Мына жазған хатымның,
Бир жуўабын бересең,—
Депти жазған хатында.

Оқытып хатты көреди,
Түсинип,анық биледи,
Ладан туўған бабаңыз,
Шақалақлап күледи,
Ўақты шәндан хош болып,
Ханнан келген елшиге,
Жақсылап жуўап береди.
Ладан туўған бабаңыз,
Буўрыл атқа ер салып,
Айылды беккем шалады,
Алтын балдақ ақ семсерди,
Ишинен илип алады,
Қәҳәрленип бий ағаң,
Атқа қарғып минеди,
Адамға сыр билдирмей,
Бир қыялға дөнеди,
Аттың басын оңғарып,
Жолға рәўан болады.
Бузылғанын бабаның,
Халайықлар биледи,
Ақыллылар жыласып,
Ақмақ-ладан күледи,
Бегис пенен Мыржыққа,
Ат ойнатып жөнеди.
Еки иниси мал бағып,
Арқасында Шымбайдың,
Қаратүп деген мәканда,
Отар шығып жүр еди.
Айтып аўзын жумғанша,
Ескен самал тынғанша,
Буўрыл атын ойнатып,
Инилеринин қасына,
Айдос бий жетип келеди.
Ағасының келисин,
Ат шаўып қатты желисин,
Еки иниси Айдостың,
Әжептәўир көреди,
Бир сумлықтың болғанын,

Бегис,Мыржық иниси,
Анықтан-анық биледи,
Сыр билдирмей ағасына,
Тәңир сәлем береди,
Ағасына зар жылап,
Бегис сөйлей береди:

— Келе қалдың биймезгил,
Айнанайын,жан аға,
Жас келип тур көзиме,
Қулақ салғыл,жан аға,
Инииңниң айтқан сөзине,
Қулағыңды сал аға.
Қәҳәрленип,пәтленип,
Шамырқанып,шатланып,
Келдиң биймезгил атланып,
Не жумысың бар,аға?
Кеўлиңдегини биле алмай,
Ишиңдегини таба алмай,
Ҳайран болып турыппан,
Биймезгил келдиң сен,аға,
Толып жатқан елиме,
Топаланлар тийди ме?
Көшип жүрген елиме,
Қозғаланлар түсти ме?
Сөзиңниң шынын айта бер,
Ишқыстаў етпе мени,аға.
Қасқыр,қаплан шапты ма,
Бузаў,баспақ,танаға?
Қандай душпан усынды,
Харам қолын жағаңа?
Түрли бәле табылар,
Әзелде бахтықараға,
Илажым бар ма,қәйтейин,
Тәғдирде жазған шараға?
Жасырмай айт сырыңды,
Туўысқан едик,жан аға.
Ининиң ақмақ,жаманы,
Ақылсыз туўған ладаны,
Ағаның жаўы бола ма?
Жаманлық етсек бизлерди,
Тапсыра бер,ағажан,
Яратқан қәдир қудаға.
Ашылмай тур қабағың,
Бүлк-бүлк етер тамағың,
Айтсаңшы,аға,сырыңды,
Ялған сөз қоспай араға.

Айдос сонда сөйлейди:
— Ҳа,инилерим,инилерим,
Ҳаўлықпаңыз,шырағым,
Көпти мениң минлерим,
Түп салмағын сорасаң,
Қыйын болып тур күнлерим,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳешнәрсе де болған жоқ,
Ҳаўлықпаңыз,ерлерим.
Ағаңнан жуўап сорасаң,
Сөз мийзамын байқасаң,
Кешеги күн песинде,
Хийўа ханнан ағаңа,
Бир бийжағдай хат келди,
Хаттың несин сорайсаң,
Ҳақыйқатын сорасаң,
Таўсылмас үлкен дәрт келди.
Ағаңнан сөз сорасаң,
Мәсләҳәттөбеге барайық,
Ханнан келген қағазды,
Ортамызға алайық,
Үшеўимиз бас қосып,
Азмаз кеңес қурайық,
Ақылласып,сырласып,
Пикирлесип,ойласып,
Хатқа жуўап табайық.
Душпанлығы көринсе,
Аянбай атлар шабайық,
Бууўырқанып,бууўсанып,
Шамырқанып,шатланып,
Үшеўимиз теңнен атланып,
Хийўаға бизлер барайық,
Урыс салып хан менен,
Қасында отырғанлар менен,
Қайтпай қырғын салайық,
Я өлтирип,я өлип,
Я алдырып,я алып,
Биротала тынайық.
Бөлинген қойдай шуўлатып,
Асаўларын туўлатып,
Жас балларын зарлатып,
Өрисин ўайран қылайық,
Ырза болсын халайық,
Айдос бий деген атыма,
Болсын мениң ылайық.
Қарсыласса ханының,
Басын кесип алайық,
Тезирек,шырақларым,
Бахтымызды сынайық,
Я өлтирип,я өлип,
Биротала тынайық,—
Деген ялған сөз бенен,
Бегис,Мыржық иниси,
Бармасына болмады,
Үшеўи теңнен атланып,
Қас қарайған ўағында,
Төбеге жетип барады,
Бахтықара Айдос бий,
Жән-жағына қарады,
Алдап-арбап инилерин,
Азмаз кеңес қурады,
Айтар белли сөзи жоқ,
Әри тилин жалдады,
Бери тилин жалдады,
Еки бирдей инисин,
Қурғақ сөз бенен алдады.
Алаң қылып ялған сөзге,
Туў сыртынан барады,
Белиндеги семсерге,
Билдирмей қолын салады,
Гүдары баўын семсердиң,
Билекке беккем орады,
«Ағам ғой» деп жас баллар,
Шын бийғапыл болады.
Көк желкениң тусы деп,
Жан шығарың усы деп,
Абайсыз турған балларға,
Бахтықара Айдос бий,
Бир-бирден семсер урады.
Тасты кескен ақ алмас,
Екеўин теңнен қыйратып,
Туймай өтип шығады,
Усындай қылып инилерин,
Айдос бийдей бабаңыз,
Сол жерде гелле қылады,
Гүнасы жоқ баллардың,
Жанларын жәннети қылады.
Кесип алып геллесин,
Геўдесин тығып бир жерге,
Еки бирдей геллени,
Бир қоржынға салады,
Беккем етип қоржынды,
Бөктериўге таңады.
Туўысқан деген жаман дәрт,
Көзинен ағып қанлы жас,
Ерксиз жерге тамады,
Қанлы жас ағып көзинен,
Дәрманы кетип дизинен,
Нуры төгилип жүзинен,
Ықтыяр кетип өзинен,
Бийықтыяр қулады.
Бир заман жатып сол жерде,
Орнынан зорға турады,
Ерлери түсип ядына,
Майданда ўай-ўай салады:

— Душпанды қуўсам,айбатым,
Жаўды басқан салтанатым,
Не бәлеге жолықтым,
Қырқылыпты қос қанатым?!

Қанатымнан қайрылдым,
Душпанның тилине инандым,
Шайтан қаплапты-аў ишимди,
Шырақларымнан айрылдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағдан гүллер термеди,
Еки инисин өлтирип,
Орнына қайтып келмеди,
«Шырағым» деп зар жылап,
Көзлери жерди көрмеди,
Болмас ислер болған соң,
Орнына қайтып келмеди.
Тәғдирге қайыл болады,
Иши дәртке толады,
Еки инисин өлтирип,
Иши жанып барады,
Тасжаптың ылай суўынан,
Бий ағаң қанып алады.
Аттың басын оңғарып,
Айдос бий жолға салады,
Хийўаның уллы шәҳарине,
Қарап рәўан болады.
Қысыр жылан қурсақлы,
Сақтияннан қабақлы,
Қайтпай урды дойнақты,
Сегбир тартып бий ағаң,
Бес күн тынбай жол тартты.
Ашылған гүлдиң лаласы,
Ишине сыймай жарасы,
Бәленти-пәс, ой-саласы,
Көз жиберип қараса,
Булдырланып көринди,
Хийўаның бәлент қаласы.
Нәзер салып қарады,
Белли хызметке жарады,
Хызмет еткен бий ағаң,
Қалаға жақын барады.
Қатарында нар еди,
Көрмеге интизар еди,
Бул қалада Айдос бийдиң,
Еки досты бар еди.
Досларының ҳәмели,
Қусбеги, метер дер еди,
Еки досты Айдосқа,
Ханның жазған хатының,
Кеңесинде бар еди,
«Ладан туўған Айдосым,
Алдаў сөзге инанып,
Бир бәле қылып келер» деп,
Еки досты Айдос бийдиң,
Жолын күтип жүр еди.
Айтқанындай, қараса,
Айдос бийдиң ат ойнатып,
Киятырғанын көреди,
Болмас истиң болғанын,
Бегис пенен Мыржықтың,
Пайманасы толғанын,
Ҳақыйқат зейни иледи,
Еки досты жуўырысып,
Айдосқа жақын келеди,
Тәңир сәлем береди,
Қәҳәрленип Айдос бий,
Сәлемин зорға алады,
Айдос бийге жекиринип,
Дослары сөйлей береди:

— Душпанның тилин алдың ба?
Ялған сөзге инандың ба?
Ессиз ғана жан достым,
Сақалды қолдан бердиң бе?
Билгенимди айтайын,
Сөзлериме инан, достым,
Шынын меннен сорасаң,
Саған қайда хан, достым,
Дос себептен билгенимди,
Айтып турман, жан достым,
Майлышеңгел — шегара,
Ашық майдан, кең дала,
Арғы жағын тең бөлип,
Сорайман деп жүрмедиң?
Еки иниң айбатың,
Жаўға шапсаң ғайратың,
Алдында тири турғанда,
Хан болмағанда, өлдиң бе?
Айбатыңнан, ғайратыңнан,
Бәринен тең айрылып,
Қара басың қалдың ба?
Сатып алып ғаўғаны,
Саўдаға басың қалды ма?
Өзиңнен өзиң қутырып,
Еки ииңди өлтирип,
Душпанның мийрин қандырып,
Дослардың гүлин солдырып,
Қос пәнжеңнен майрылып,
Достым, мийриң қанды ма?

Мынаның айтқан сөзине,
Айдос қулақ салды ма?
Ханға басым қостым деп,
Ҳақыйқат хан достым деп,
Тепсинип атқа «шүў» деди,
Дәрьядай тасып Айдос бий,
Дәрўазаға келеди,
Еки досты жуўырысып,
Тағы шығып алдынан,
Және сөйлей береди:

— Дәрўазаға киргенде,
Еки бирдей мүйизиң,
Бири оңнан илгенде,
Бири солдан илгенде,
Киргизбес еди сизлерди,
Қайғыртпас еди бизлерди,

Ҳə,жан достым,жан достым,
Ақылы бар жигитлер,
Дузын ишкен жерлерге,
Ҳеш жаманлық қылмайды,
Жаманлық қылған жигитлер,
Ҳеш ўақытта оңбайды,
«Бара бер» деп айтыўға,
Достым,көзим қыймайды,
Ақмаққа қылған жақсылық,
Ярым пулға турмайды,
Жигитке жақсылық қылсаң,
Ийни келген жерлерде,
Өлим лазым болса да,
Сеннен бетин бурмайды.
Адамның ақмақ,жаманы,
Дүнья ушын сатылып,
Өзин өзин хорлайды,
Шайтан туўған Хийўа хан,
Пайдаң болса,сыйлайды,
Пайдасыз болсаң егер де,
Қыл жип салып қыйнайды.
Ҳаслың сениң қарақалпақ,
Қайт кейниңе,малыңды бақ,
Өлтирдиң бе инилериңди?
Хан болмаға ҳəддиңе бақ.
Абыройыңды төктиң қолдан,
Адасыпсаң туўры жолдан,
Ислериңди хан еситсе,
Ийт талайды оң-солыңнан.
Енди тири жүриўиң шақ,
Қаш ертеден,жолыңды тап,
Өлигиңди аўлақ тасла,
Айдос батыр,тез-тезден қаш.

Бунық айтқан сөзине,
Айдос бий қулақ салмады,
«Кимге айтасаң» демеди,
Өз күшине исенеди,
Ладанлығы болмаса,
Қайғысыз туўған шер еди,
Шерлигиниң белгиси,
Пияда келмес жерлерге,
Ат пенен туўры келеди,
Бəлент көше,пəс көше,
Бек отырған тар көше,
Тар көшени аралап,
Иркилмей Айдос келеди.
Көргенди сусы басады,
Ойнап жүрген жас баллар,
Тамаша етип Айдосты,
Қыйқуўлап торпақ шашады,
Баллардан үркип буўрыл ат,
Айдосты алып қашады,
Күши жетпей атына,
Ақылынан сасады.
Хан есиги датқа жай,
Тар қапылы кең сарай,
Айдос қашып келеди,
Алпыс еки ҳəмелдар,
Тоқсан еки мөҳирдар,
Ақ сарайдың алдында,
Әңгимелесип тур еди.
Ладан туўған бабаның,
Бир ис қылып келгенин,
Анықтан-анық биледи,
«Ладан қарақалпақ» деп,
Ҳəммеси ғаўлап күледи.
Баба келген екен деп,
Адам хабарласпады,
Атын тутып байлаўға,
Ҳеш бир адам шықпады,
Хызмет еткен бабаны,
Бурынғыдай көрмеди.
Атынан түсип бий ағаң,
Өз атын өзи байлады,
Ары келип Айдос бий,
Ишин жалын жайлады,
Әрман менен қорланып,
Зығырданы қайнады,
Ийттен бетер қорланып,
Қоржынды қолға алады,
Хан отырған ордаға,
Иркилмей кирип барады.
Қол қаўсырып бий ағаң,
Ханға сəлем береди,
Хан сəлемин алмады,
«Қайдан жүрсең?» демеди,
Гəпи орынланғанын,
Қудай жығып бергенин,
Хийўа хан анық биледи.
Хийўа ханға Айдостың,
Бир пуллық қəдири болмады,
Қанша хызмет етсе де,
Бурынғыдай көрмеди.
Ладан туўған бабаңыз,
Гелле салған қоржынды,
Хан алдына қояды,
Ханның ўақты хош болып,
Шақалақлап күледи,
Айдос атлы бабаңның,
Сүйегинен өтеди.
Геллени алып бий ағаң,
Тахт үстине қояды,
Көзи түсип геллеге,
Хан есинен танады,
Хан қасында мəҳреми,
Бос қоржынды Айдосқа,
Ылақтырып таслады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сонда Айдос бабаңнын,
Қатты ары келеди,
Қәдиринин кеткенин,
Өмири бийкар өткенин,
Айдос бий анық биледи,
Бос қоржынды қолтықлап,
Көзинин жасы мөлтилдеп,
Қос бүйреги солқылдап,
Аш бөридей сымпыйып,
Қайта берди кейнине.
Жуўырысы менен Айдос бий,
Қас қарайған ўағында,
Буўрыл атқа келеди,
Жибин шешпей қазықтан,
Атқа қарғып минеди,
«Шүў» деген соң Буўрыл ат,
Қазығын сүйреп жөнеди,
Намазшамның ўағында,
Ханның мийман жайына,
Айдос батыр келеди.
Жатайын десе ҳаўлығып,
Илинбей көзи,даўрығып,
Илажсыздан қонады,
Ярым ақшам ўақтында,
Еки досты Айдостың,
Бир мәсләҳәт қурады:
— Айдосқа және жетейик,
Ақыл берип өтейик,
Сөзимизди тыңласа,
Аўылына алып кетейик,
Душпан билсе бизлерди,
Дослықты тамам етейик,— деп,
Еки досты Айдостын,
Жаман постын жамылып,
Сәҳәр ўақта келеди.
Терезеден қарады,
Айтқанындай,қараса,
Ҳеш нәрседен хабарсыз,
Жатырғанын көреди,
Еки досты оятып,
Мына сөзди айтады:

— Айналайын жан достым,
Бардың ба ханның алдына?
Сәлеминди алды ма?
Геллени алып қолыңа,
Алдына сен барғанда,
Хан орнынан турды ма?
Көзи түсип геллеге,
Көз алдында ол күлип,
Ханды қудай урды ма?
Еки иниңди өлтирип,
Бурынғыдай болдың ба?
Я болмаса өкинип,
Ишиң дәртке толды ма?
Қанатыңнан қайырылып,
Қызыл жүзиң солды ма?
Тисленип сениң бармағың,
Төгилип барлық абыройың,
Ишиңе сыймай әрманың,
Я бүгин тамам болдың ба?
Ханға басымды қостым деп,
Ҳақыйқат хан достым деп,
Бүгин қайнап йоштым деп,
Халыққа күлки болдың ба?
Еки иниңниң арқасында,
Айдос бий атын көтердиң,
Бүгинги күн ийтлердиң,
Аўзына қулқын болдың ба?
Қорқып турман,жан достым,
Көриўден-ақ түриңди,
Мен айтайын,тыңласаң,
Ишимдеги сырымды.
Инилериңнен пайда жоқ,
Бегис,Мыржық бурынғы,
Бүгин қонсаң Хийўада,
Жутасаң қара қурымды,
Ҳеш гүман жоқ,өлесең,
Саған айтқан дослығым,
Бас ғамыңды қыл енди.
Еситип енди Айдос бий,
Буған қарап сөйлейди:

—Ялған сөзге ериппен,
Абыройды қолдан бериппен,
Билип турман,жан достым,
Душпанға күлки болыппан,
Абыройым шашылып,
Душпан ҳийлесин асырып,
Жасырын сырлар ашылып,
Ийтлериме жем болыппан.
Кешеги күн сенлердиң,
Сөзлериңе инанбадым,
Хан ҳақыйқат достым деп,
Сөзиңе қулақ салмадым,
Ялған сөзге инанып,
Өзимди өзим жалмадым.
Қайыл болдым қазаға,
Сабыр қылдым бәлаға,
Көтердим алла салғанын,
Душпанның тилине инандым,
Ҳаслым адамзат,алдандым,
Еки бирдей баўырымның,
Аңламай геллесин алдым.
Ыразы болдым қазаға,
Тәбдил қылдым тәғдирге,
Көтердим алла салғанын,
Көзим көрип турыпты,
Пайманамның толғанын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарап жүрген кисиге,
Жала жапқан кисиниң,
Көргеним жоқ оңғанын.

Соны айтып Айдос бий,
Өксип-өксип жылады,
Өткен иске өкинип,
Өз шашын өзи жулады,
Еситип оның сөзлерин,
Еки досты сөйлейди:

— Қатарда бардур қара нар,
Кеўлимде жүз мың әрман бар,
Қулақ салың,жан достым,
Саған дослық сөзим бар.

Мениң айтқан сөзиме инан,
Ханның пикири бизге аян,
Нәсиятымды тыңласаң,
Хийўадан,достым,тез атлан.

Қызыл гүлдей соларсаң,
Сояў питкен ағаштай,
Қара басың қаларсаң,
Бүгин қонсаң Хийўада,
Ертең сәске ўақтында,
Шынжыр арқан мойнында,
Жәлладлардың қолында,
Дар астында боларсаң.

Ҳақтың ҳәмирине көнерсең,
Қан көрген малдай өкирип,
Көзден жасың төгерсең,
Бүгин қонсаң Хийўада,
Ертең сәске ўақтында,
Хақ салғанын көрерсең,
Айтқанымды тыңламай,
Бүгин қонсаң Хийўада,
Ертең сәске ўақтында,
Хеш гүман жок,жан достым,
Сен дүньядан өтерсең.

Ханымыздың пейли тар,
Дос жылап,душпан қуўанар,
Айтқанымды тыңламай,
Бүгин консаң Хийўада,
Қыяметте көрермиз,
Айдос бий,хош бол,аллаяр.

Таркап кетти афослары,
Досларының сөзлери,
Айдос бийдин жанына,
Найзадан бетер батады,
Берекети қашады,

Ыңыранып жайдан турады,
Буўрыл аттың қасына,
Жуўырысы менен барады,
Қәҳәрленип Айдос бий,
Атқа қарғып минеди,
Буўырқанып,буўсанып,
Шамырқанып,шатнайып,
Қарағай найза өңгерип,
Басын мыңға теңгерип,
Әйне сәҳәр ўақтында,
Дәрўазаға келеди.
Алдына нәзер салады,
Дәрўазаға қарады,
Жети қулыпты урыпты,
Қараўылға сыртынан,
Сексен жигит қойыпты.
Буған қарап Айдос бий,
Шамырқанып сөйлейди:

—Ҳә,жигитлер,жигитлер,
Туўрылық пенен хабарлас,
Жан өзинде турғанда,
Алдымнан мениң аўлақ қаш.
Қарсылассаң мен менен,
Геўдеңизден кетер бас,
Ерегиссең биз бенен,
Көшеде қалады геўде-лаш,
Тыңламасаң сөзимди,
Көзиңнен ағар қанлы жас.

Қандай айбат шексе де,
Жигитлер қорқып саспады,
Дәрўазаны ашпады,
Ашыўланды Айдос бий,
Жулысыўға баслады,
Ат үстинен бий ағаң,
Дәрўазаны услады,
Шыбын шелли көрмеди,
Дәрўазаның сол жағын,
Ылақтырып таслады.
Қызыл жүзин солдырды,
Кеўлине жедел толтырды,
Ат үстинде Айдос бий,
Аш бүркиттей пәнже урды,
Қараўыл турған жигитлердиң,
Сексенин де өлтирди.
Әйне сәҳәр ўақтында,
Айдос атлы бий ағаң,
Қаланы қылды тас-талқан.
Атты жолға салады,
Аман шығып Хийўадан,
Ата журты қарақалпаққа,
Қашып болды рәўан.
Атларды жолға салады,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сегбир тартып күн-түни,
Жети күн жоллар жүреди.
Атларға терлер қатады,
Күн-түн демей Айдос бий,
Майданда ылғал етеди,
Мийнети мәрттиң артады,
Көп сегбирге шыдамай,
Астындағы бедеў ат,
Ғырсылдап шөлде жортады,
Сегбир тартып Айдос бий,
Тоғыз күн сегбир етеди.
Тоғыз күн жүзи толғанда,
Әйне сәҳәр ўақтында,
Үйине аман жетеди,
Ел-журтынан уялып,
Он бес күн шықпай жатады.
Дүньяның жүзи тар еди,
Халайық нанға зар еди,
Аты шыққан қарақалпақтың,
Алпыс бийи бар еди.
Алдына шақырып алады,
Бир алманы алдырып,
Алпыс жерден бөледи,
Алпыс бийге береди,
Жегизип болып алманы,
Хийўа ханның дәстанын,
Бир-бир баян етеди.
Еситип оны алпыс бий,
Зәрре жаны қалмады,
Өрре-өрре турады,
Ақмақлары күлисип,
Ақыллылар жылады,
Алпыс бийге зар жылап,
Айдос бий сөзин баслады:

— Қыйын болды ҳалымыз,
Тасаддық шийрин жанымыз,
Бес-алты аўыз сөзим бар,
Бийлерим,қулақ салыңыз.

Туўып өскен ел ушын,
Нанын берген жер ушын,
Намыс пенен ар ушын,
Жанды отқа салайық.

Алдында баслап батыр шер,
Бизиң ел ушын талапкер,
Хийўадан келсе көп әскер,
Қарсыласып барайық.

Қолларында қылыш жайнап,
Халқымыздың ғамын ойлап,
Тәўекелге белди байлап,
Топарды бузбай турайық.

Тисин қайраған душпанның,
Танабын тартқан майданның,
Қолдан келсе Хийўа ханның,
Басын кесип алайық.

Бағдың гүлин солдырғанның,
Ялған сөзге инандырғанның,
Бул иске басшы болғанның,
Ким екенин табайық.

Жағаға қоллар салысып,
Батыр менен қарсыласып,
Қарсылап турып шабысып,
Айқасып урыс салайық.

Кимлер шыдар бул дадыма,
Қарақалпақтың халқына,
Айдос бий деген даңқыма,
Болсын мениң ылайық.

Талқан қылып тар көшесин,
Зар жылағай байбәтшеси,
Ҳәркимниң тайса өкшеси,
Мына жеген алмасы,
Анты болғай,халайық.

Бул сөз турсын бул жерде,
Ендиги сөзди досларым,
Ханнан баян қылайын.
Айдос қашты деген соң,
Залым туўған Хийўа хан,
Шийрин жанын қыйнапты,
Қалада атлар ойнатты,
Мен-мен деген еринен,
Бес жүз нөкер жыйнапты.
Ақыл,дана ерлерине,
Шолақ тобын сүйретти,
Гернай-сырнай тарттырып,
Бес жүз нөкерге бас болып,
Айдостың қуўып изинен,
Толыбай батыр жол тартты.
Гә түсленди,гә қонды,
Он күн қылды сегбирди,
Рәҳим етпей көз жасына,
Жер титиретти наласына,
Арал теңиз жағасына,
Халықтың әдил ортасына,
Сәҳәр ўақты келип жетти,
Бүйрек деген қаласына.
Шайтан туўған хийўалы,
Түрли хийле қурады,
Абай қылып алыстан,
Топарласып турады,
Абай болсын халыққа деп,
Аўзын төмен қаратып,


www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара тобын урады.
Жипектен нәзик торқа-ды,
Батырлыққа шорқа-ды,
Жыйналып турған қарақалпақ,
Бир атқан топтан қорқады.
Хийўаның сусы басады,
Ақылынан сасады,
Баяғы айтқан ўәде жоқ,
Ўәде сирә ойда жоқ,
Туўды таслап алпыс бий,
Бас-басына қашады.
Қудай урған алпыс бий,
Айдостан бетти бурады,
Қарақалпақтың мәртлерин,
Сөйтип қудай урады,
Ҳеш нәрсе көрмей қарақалпақ,
Хийўаға бетин бурады.
Қарақалпақтың халқынан,
Сондай мәртлер шығады,
Айдос бийдиң басына,
Ақырзаман туўады.
Бегис, Мыржық иниси,
Енди керек болады,
Өткен иске өкинип,
Қан көрген малдай өкирип,
Жеккелик келип басына,
Айдос бий ўай-ўай салады,
Қарап болған күним деп,
Қуртлар жеген мийим деп,
Өз шашын өзи жулады.
Тәғдирге сирә шара жоқ,
Себеп соннан болады,
Жарпағы түскен ағаштай,
Жалғыз өзи қалады,
Шырынжа түсип қуўраған,
Қызыл гүлдей солады,
Қуйрықсыз қустай сымпыйып,
Қайрылған жүздей жымпыйып,
Дәўлети қайтқан Айдос бий,
Үйине қайтып барады,
Атына ер салады,
Тәғдирге қайыл, қазаға ыразы болады.
Таңнамаздың ўақтында,
Ат белине минеди,
Тал қурығын өңгерип,
Көлге қарап жөнейди,
Көлден малын жыйнады,
Шыбын жанын қыйнады,
Нар түйеге жүк артты,
Арқан менен тең тартты,
Ел-журтынан айрылып,
Қанатынан қайрылып,
Атажурты Түркистанға,
Айдос бий қашып жол тартты.
Сегбир тартып тынбастан,
Жолда демин алмастан,
Он күнлик жол асады,
Ақша жүзин шаң басады,
Айдос ағаңыз ақылынан сасады.
Сасқаны оның емес пе,
Гөне қудық көринсе,
Келистирип қазады,
Үстин қоймай ашады,
Не бир кесе таўлардан,
Нешше бийик қумлардан,
Өлдим-талдым дегенде,
Зорға-зорға асады,
Он бес күн жүзи толғанда,
Жаманқала деген жерге,
Айдос бий жетип барады.
Айдос бийдиң алғаны,
Бийбиайым сулыў дейди екен,
Айдосқа қарап жылады:

— Ақылым болды мениң лал,
Олжа болғай жыйған мал,
Қостарыңның тилегин ал,
Бир-еки аўыз сөзим бар.

Астық талай таўдың басын,
Қаштың елиңнен қара басың,
Алғаныңның тилегин ал,
Қудай қосқан қосағым.

Қудайым қылды сергиздан,
Басыңа түсти зимистан,
Аўзы жаман демесең,
Қудығыңнан суў ишип,
Қуўып жетпесин Хийўа хан.

Жибиңе өзиң шатылдың,
Аўзы жаман демесең,
Душпаныңа жол салдың,
Қудықтың аўзын көмип кет,
Мениң билер бир ақылым.

Өмиримниң гүли солмасын,
Душпаның ўайран салмасын,
Қудықларыңнан суў ишип,
Душпаның ҳәзир болмасын.

Кетти, сездиң бе, қолайын,
Билсең, душпанда оңайын,
Қудықларыңды көмип жүр,
Алғаным, ырза болайын.

Еситип оны Айдос бий,
Қатты ашыўы келеди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Шөллерге таслап лашынды,
Жулайын ба шашынды,
Ағызып көзден жасынды.
Болып тур маған дүнья тар,
Изимде қалып баратыр,
Еки бирдей балам бар,
Оқып атырған Хийўада,
Ырза менен Төрем бар.
Еки бирдей қанатым,
Кейинимнен ат салар,
Усы кудық болмаса,
Олардың ҳалы не болар,
«Ағам,апам» деп зар жылап,
Сайраған тили гүң болар,
Қалғанынан да айырылып,
Жарық күним түн болар,
Усы бағым саў болса,
Аўзыма қара қум толар.

Соны айтып ҳаялына,
Өксип-өксип жылады,
Ҳаялдың сөзин тыңламай,
Әзиз жанға зор салып,
Шөллерде сегбир урады,
Елинен шығып қашқалы,
Жигирма күн толады.
Шомылып қара терине,
Зар жылап кәмбил пирлерге,
Жигирма күн жол жүрди,
Ада болмас шөллерде.
Жигирма күн толғанда,
Айдос бий жетип барады,
Қызылкудық бәндирги,
Сырлытам деген жерлерге.
Ишерине суў тайын,
Жүрерине жол тайын,
Хийўалының әскери,
Ҳарымастан,талмастан,
Жолда демин алмастан,
Талып барған Айдостың,
Кейнинен қуўып барады,
Тум-тустан атлар қояды,
Сырлытам деген жерлерде,
Хийўалының әскери,
Айдосты гелле қылады,
Геллесин алып Айдостың,
Хан палўаны Толыбай,
Хийўа ханға келеди,
«Айдос өлди» деген сөз,
Хийўаның ишин жайлады.
Қатарында нар еди,
Хийўада оқып атырған,
Айдос бийдиң еки улы бар еди,
Журт жайлаған суўық сөз,
Ырза менен Төрениң,
Қулағын жарып барады,
Қызыл жүзи солады,
Айтарына досты жоқ,
Баратуғын жери жоқ,
Еки бирдей жас бала,
Адам жоқ жерге барады,
Бирин-бири қушақлап,
Ақтеректей қулады,
Еки бирдей жас бала,
«Атам» дейип жылады:

— Байлаған белге я потам,
Халық әйлеген,кешир хатам,
Көре алмай қалдың дийдарымды,
Әрманы көп жан атам.

Ялған сөзге инаныпсаң,
Душпанның тилин алыпсаң,
Қанатыңнан қайрылып,
Қызыл гүлдей солыпсаң,
Ялған сөзге инанып,
Соңғыларға сөз болыпсаң.

Дүньядан өтер ўағында,
Ырзалығыңды алмадым,
Бегис пенен Мыржықтың,
Ырза менен Төрениң,
Көз алдында өлмедиң,
Әрманым сол,атажан,
Сүйегиңди қәстерлеп,
Өз қолымнан қоймадым.

Кеўлимде кетти әрманым,
Не болар енди пәрманым,
Душпанымның елинде,
Ата-анамды сағынып,
Жас ботадай зарладым,
Не екениңди биле алмай,
Тислеўли кетти бармағым.

Әрманым көп,жан ата,
Жас басымнан жаўрадым,
Ҳәй,кудайым,ойланып көр,
Душпанларға тинттирип,
Бунша неге қорладың?!

Сол сөзлерди бир айтып,
Ырза жылай береди,
Шыдамай ҳеш бир тақаты,
Питпей мақсети-мурады,
Ырза жылап турғанда,
Төрениң айтқан нәсияты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Тур,шырағым,Ырзажан,
Өзиңди өзиң алдырма,
Күни жеткен күнде өлер,
Айы жеткен айда өлер,
Өлмей адам қала ма,
Ойлай берсек,шырағым,
Бул ислер ойға сыя ма?
Тезирек тур орныңнан,
Қапа болма,жылама.
Жолдас еди қырық бала,
Қырық балаға барайық,
Азмаз кеңес қурайық,
«Султан сүйек қорламас»,
Деген сөз бар бурыннан,
Болған истиң барлығын,
Ортасына салайық,
Не дер екен қырық бала,
Кейнин бақлап қарайық,
Аяғына жығылып,
Қолтығына тығылып,
Кемликти айтып жылайық.

Инисин сүйеп турғызып,
Ағайинли екеўи,
Қырық балаға барады,
Алдына шығып қырық бала,
Жай-жағдайын сорайды,
Қуллық айтып балларға,
Төре сөйлей береди:

— Хә,досларым,досларым,
Өлипти Айдос бийиңиз,
Тайды бастан күйиңиз,
Бузылыпты үйиңиз,
Бес-алты аўыз сөзим бар,
Қулағыңды салыңыз.
Әдил туўған перзентлер,
Өшлиден өшин алады.
Кеклиден кегин алады,
Қырық жылға шекем умытпай,
Душпаннан қанын алады.
Душпаныңның елинен,
Илим алыў болмайды,
Хийўаның уллы шәҳәри,
Бизге душпан айланды.
Нәсиятымды тыңласаңлар,
Соңыма мениң ериңлер,
Жаўыңа қарсы турыңлар,
Жақпаса мына сөзлерим,
Онда өзиң билиңлер.
Төрениң айтқан сөзлерин,
Қабыл алды қырық бала,
Қырық еки бала жәм болып,
Ырза,Төре бас болып,
Ол Хийўадан шығады,
Топарын бузбай қырық бала,
Ханның көли Қаракөл,
Қаракөлге барады,
Жайылып жатқан көлатта,
Көп жылқыны көреди,
Бас салады қырық бала,
Қырық ат услап алады,
Атқа салар ери жоқ,
Ер табылар жери жоқ,
Жайдақ атты сабалап,
Бир аўылға барады,
Бас салады қырық бала,
Қырық ер таўып алады,
Үзеңгисин узайтып,
Қуйысқанын қысқартып,
Атларды ертлеп алады,
Аттың басын оңғарып,
Бәри бирдей жас жигит,
Ат шабысып барады.
Бедеўдиң жалын шайлатып,
Полаттан суўлық шайнатып,
Майданда атлар ойнатып,
Ат шабысып барады,
Үш күн атлар шабысып,
Қанлыкөл деген жерлерге,
Қырық бала тайын болады.
Қатарда қара нар еди,
Қыйын-қыстаў жерлерде,
Айдостың жылаўдары еди,
Қанлыкөлде Айдостың,
Молла Қораз,Кекил таз,
Деген еки досты бар еди.
Жуўырысып келди қасына,
Ырза,Төре қуўанысып,
Молла Қораз атасын,
Қырық баланың алдына,
Туў көтергиш сайлады.
Ырза,Төре қуўанысып,
Ялған сөзге инанып,
Таллықдәрья бойында,
Үш күн демин алады,
Ис көрмеген жас баллар,
Ялған сөзге инанып,
Арқайын ғана жатады.

Бул сөз турсын бул жерде,
Ендиги сөз,досларым,
Ханнан мәлим болады.
«Балалар қашты» деген соң,
Залым туўған Хийўа хан,
Шыбын жанын қыйнады,
Қалада атлар ойнатты,
Аты шыққан ерлеринен,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Үш жүз нөкер жыйнады,
Үш жүз атлы нөкерге,
Байназарды бас етти.
Жаў-жарағын арттырып,
Гернай-сырнай тарттырып,
Ат шапқан дағлар пәс болып,
Ўақты шәндан хош болып,
Байназар батыр атланды,
Үш жүз атлыға бас болып.
Белине садақ буўады,
Басына күнлер туўады,
Ырза менен Төрени,
Байназар батыр қуўады.
Атларға терлер қатады,
Майданда ылғал етеди,
Бес күн жүзи толғанда,
Үш жүз атлы нөкер менен,
Таллықдәрья бойына,
Байназар батыр жетеди.
Абайсыз жатқан қырық бала,
Келгенин жаўдың биледи,
Жедел берип өзине,
Төре сөйлей береди:

— Атамыздың ары ушын,
Әрманда шыққан жаны ушын,
Гүнасыз аққан қаны ушын,
Жанды отқа салайық.

Тасаддық болсын шийрин жан,
Бул дүнья бизге бийпаян,
Ыразы болсын ата-анам,
Душпанға семсер урайық,

Қарсылап турып ханына,
Гүнасыз асқан дарына,
Атамның қас душпанына,
Қайтпай қырғын салайық.

Ҳаслы ҳарам етлердиң,
Иши қара ийтлердиң,
Қанхор қарабетлердиң,
Басын кесип алайық.

Ырза-Төре бас болып,
Жаўларға атлар қояды,
Есабы жоқ жығынның,
Жартысын бөлип алады.
Қарсы келген нешшениң,
Қайырмай басын кеседи,
Туўры келген нешшениң,
Туйдырмай шаншып өтеди.
Дәрьядай кеўли тасады,
Батыр қайнап йошады,
Мәртлердиң қаны қызады,
Көзлери оттай жайнады,
Мәртлердиң қаны қызады,
Қанасына сыймады,
Үш жүз атлы жаў менен,
Бир күн урыс салады.
Күн ярым күн толғанда,
Молла Қораз,Кекил таз,
Сумлықлы екен дабылпаз,
Дузынан қорықпай Айдостың,
Балларға душпан шығады.
Сыйрақлы қара мылтықтың,
Пилтесин урлап алады,
Жылқы қуўып жүргенде,
Шақмақ пенен қулағы,
Олар да түсип қалады,
Балалар басқы табады,
Хийўа ханның әскери,
Тум-тустан атлар қояды,
Ақылынан сасады,
Молла Қораз ортаға,
Туўды таслап қашады.
Жипектен нәзик торқа-ды,
Батырлыққа шорқа-ды,
Қулаған туўды көрген соң,
Менменсиген қырық бала,
Қалтырап қатты қорқады,
Орнынан ырғып турады,
Қоян жүрек қырық бала,
Тириликти мақсет қылады,
Баяғы берген ўәде жоқ,
Ўәде сирә ойда жоқ,
Қарап турып бузылып,
Душпанға бетин бурады.
Түсинсеңиз,досларым,
Сөйтип қудай урады,
Қарақалпақтың халқынан,
Сондай мәртлер шығады,
«Жаў жағадан алғанда,
Ийт етектен алады»,
Деген соннан қалады.
— Туўын жығып ортада,
Жолдасым жетти басыма,
Досларым мениң уў салды,
Ишетуғын асыма,—
Деп өксип-өксип жылады.
Ыразы болып қазаға,
Сабыр қылып бәлеге,
Тәбдил қылып тәғдирге,
Еки жетим сол жерде,
Көзиниң жасын булады.
Атайын десе оғы жоқ,
Урысарға жарақ жоқ,
Қашатуғын жолы жоқ,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шар тәрепке телмирип,
Ырза,Төре жылады.
Үш жүз атлы қамалап,
Дәрьяға таман шығады,
Үзеңгини қолға алып,
Ол түтени солға алып,
Үш күнге шекем жаўларға,
Алдырмай баллар турады.
Төртиленши күн болғанда,
Ырза,Төре жетимлер,
Жанынан гүдер үзеди,
Еки көзин сүзеди,
Қызыл жүзи солады,
Ырза менен Төрениң,
Пайманасы толады.

Саўыттың баўын шешеди,
Тири қолға түскеннен,
Суўға кеткен жақсы деп,
Шийрин жаннан кешеди.
Белин беккем байлады,
Өлимге өзин сайлады,
Таллық деген дәрьяға,
Шуў-шуўлеп атты айдады.
Түскен жери шалшықты,
Атты тутқан балшықты,
Дәрьядан аман өте алмай,
Атасына жете алмай,
Бирин-бири көре алмай,
Әрманлық пенен жаны шықты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

55 - ТОМ



# ҲҮРЛИҚА-ҲӘМИРЕ

*Ж.Жуманов*
*(1962-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бурынғы өткен заманда,заманының кәдиминде Мысыр деген шәҳәринде Қысыраў пашша деген патша болыпты. Бул патшаның отыз еки ҳаялы болыпты, отыз еки ҳаялынан я ул, я қыз нышан болмапты.

Қысыраў патшаның ақылгөй, кеңесгөй ўәзири бар еди, бунның атын Қасым ўәзир деп ат берер еди. Күнлерден күн өтип, Қасым ўәзир уллы болып, бүтин Мысыр халқына той-тамаша жәриялады, бул тойға патшаны ҳәм шақырды. Қысыраў патша алтмыш еки ҳәмелдар, оттыз еки мөҳирдарлары менен Қасым ўәзирдиң тойына келди. Отаўдан орын, тойдан үлес берилди. Ол ўақтың дәстүринше, егерде бийперзент адам тойға келсе, белине сүйек қыстырып, атының қуйрығына шеңгел қыстырар емиш. «Бул кәдени патшаға қылмақ керек», деди. Патша бул гәпти еситип, қайтмаға мейил болды. Мысырдың жигитлериниң биреўи келип атты тутты. Патша атқа мингеннен, шаққанырақ бир жигит келип белине сүйек қыстырды, аттың қуйрығына шеңгел қыстырды. Патша бул аўҳалды көрип, бийперзентлиги ядына түсип, тахтына барып, тахтынан шықпай, «мениң улым, қызым болмаса, журт сорағанымнан не пайда?» деп, патша тахтқа шықпай бир жайдың ишине барып, баўрын жерге қойып жата берди. Күнлерден бир күн Қасым ўәзир тойды тарқатып патшаның дәргасына келди, келсе, патша тахтында жоқ, «буған не болды?» деп қараса, бир өзи бир жайдың ишинде жатқанын көрди.

— Ҳәй, патшайым, сизге не болды, бунша қайғы ғәплеттесиз?

Сол ўақытта патшайым айтты:

— Ҳәй, ўәзири ағзам, мен ғамгүн болмай, ким болсын, мениң я улым, я қызым болмаса, — деп жастыққа басын қойып жата берди.

Шул ўақтында Қасым ўәзир:

— Тақсыр патшайым, ғамгүн болмаң, сизиң бир өзиңиз емес, улсыз, қызсыз дүньяда бир нешше адамлар өткен. Мен сизге саз бенен баян қылайын, — деп, Қасым ўәзир қолына тилла сазын алып, бир нешше жерлерден тымсал келтирип, бир сөз деди:

— Әй, султаным, бул дүньядан,
Кимлер өтпеди уғылсыз,
Бир қуданың сәўер досты,
Расулил өтти уғылсыз.

Уғылсызлар шекер зәҳмет,
Қызлы үйге жаўар рахмет,
Қуданың досты Мухаммет,
Булар ҳәм өтти уғылсыз.

Нешше өткен умаралар,
Алла деген қәлендерлер,
Нешше мүршидлер, еренлер,
Булар ҳәм өтти уғылсыз.

Қәлендерлер кийер жәнде,
«Ҳүў» деген Аллаға бенде,
Ша ишинде Шаҳызинда,
Олар ҳәм өтти уғылсыз.

Қолында үш нашар болды,
Муўса келип дуўшар болды,
Көрер көзден нәкар болды,
Шайхыислам өтти уғылсыз.

Минажат таўына шыққан,
Биз үмметди Ҳақдин қалған,
Пайғамбар қылқасыын кийген,
Ўәйис ҳәм өтти уғылсыз.

Алты айлық шикар шекип,
Пешин келди шәҳәр сүрип,
Он сәккиз мың әлам сорап,
Сулайман өтти уғылсыз.

Қасым дер, ҳаққа бендесең,
Булар өткен дининдесең,
Ийманың болса зиндесең,
Шаҳым, өтерсең уғылсыз, —

деп Қасым ўәзир сөзин тамам етти.

Сол ўақта патша: — Ўа, дариғ, меннен ҳәм бөтен нешше азадалар уғылсыз өткен екен, — деп қайтадан тахтына шығып, халықтың арзын сорап отыра берди.

Әне күнлерден-бир күн Карам ўәзир мәсләҳәт етти.

— Ҳәй, әдалатлы патшайым, қарап жатқаның кәри болмас, талап деген шәрт, — депти.

Онда патша айтыпты:

— Ҳәй, Қасым ўәзир, не талап? — депти.

— Ҳәй, патшайым, бизден бурынғы өткен әўлийе-масайықлар, бийперзент мужаҳидлер әўлийелерге түнеп, олардан мүтәжин тилер емиш, бизлер ҳәм солар киби әўлийеге түнесек, Кудайтаала шәпәҳәтин салса, бир нәрсе болар кетер, тақсыр, — депти.

Сол ўақтында патша бул сөзди мақул көрип, Қасым ўәзирди жанына алып, жол шайыны тутып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

«Қайдасаң Ҳәзирети Әлий Шаҳымарданның қәбири» деп,жолға рәўана болды.Аз жүрип,көп жүрип, нешше мәнзиллер жол жүрип,дем тартып,ылғал етип,бир шөли-биябанларда баратырса,алдынан шыққан жетпис-сексенлердиң шамасындағы ғарры бабаға дус келипти. Әне,патша бабаға сәлем берип,аттан түсип көристи.Бул баба Қыдыр Әлейҳиссалам еди.Патша бунның Қыдыр Әлейҳиссалам екенин танып,қолларын жибермей мәккем етип қысып,бабаға қарап зар-зар жылап,қолында сазы болмаса-ям,дилинде сөзи менен өзиниң мүтәжлилигин баян қылды.Қыдыр Әлейҳиссаламға қарап бир неше жерлерден тымсал келтирип,бир сөз деди:

— Сергизданлық күнлер түсти басыма,
Аллаға «Бир нәзер сал» деп йығларман,
«Сен жетпесең пәриядыма,дадыма,
Берген аманатың ал» деп йығларман.

Енди мениң тирилигим гүмана,
Не менде зүрият бар,не бир нышана,
Бәзирген-ем,жолып түсти уммана,
«Маңа бир ашылғай жол» деп йығларман.

Қапа пәлек жақты жүрек-бағрымды,
Кимге дермен сийнемдеги дадымды,
Бир гүл едим,қазан урды бағымды,
«Маған бир ашылғай гүл» деп йығларман.

Пырақтың отында күнде жанарман,
Шарқыпәлек үзре жүз мың данаман,
Пәринен айырылған ғәрип сонаман,
«Бергил мурғызарлы көл» деп йығларман.

Қысыраў айтар,күним «аҳ» пенен өтер,
Бир күн келип пәлек тонымды пишер,
Өзим өлген күним шырағым өшер,
«Маған бер кәрамлы ул» деп йығларман,—

деп патша сөзин тамам етти.Бул сөзден соң Қыдыр Әлейҳиссалам:

— Ҳәй,патша,көтер қолыңды,мурадың ҳасыл болғай,тилегиң қабыл болғай,— деп көзден ғайып болды.

Анда патша жети кеше-күндиз жол жүрип,Ҳәзирети Әлий Шаҳымарданның қәбирине жетистилер. Бир күн жатты,хабар жоқ,еки күн жатты,хабар жок,үшленши күн болғанда патша сәҳәр ўақта тазадан тәрет алып,Ҳәзирети Әлий Шаҳымарданды яд етип,қолында сазы болмаса да,тилинде сөзи менен бир неше жерлерден тымсал келтирип,бир сөз деди:

— Тәңиримниң достыдур Ахмети-Мухтар,
Сен аның найыбы болған Әлийсең,
Ҳийле менен алдың шәҳри Бәрбарды,
Кәпирлерди динге салған Әлийсең.

Кәўсары сақыйсаң мәҳшер күнинде,
Жасыл туў қолында,Расул жанында,
Алтыланшы көкте,мийраж түбинде,
Расулли жүзигин алған Әлийсең.

Мөминди үйреттиң ислам гәнжине,
Гәўир қалды қыяметниң рәнжине,
Пайғамберге пишкен шери буржына,
«Бисмилла» деп қолды салған Әлийсең.

Дин ушын басыңды салдың саўдаға,
Гәўир халық пенен қалдың ғаўғаға,
Расули еди ол гәнжи қырағы,
Шилтенлерге яры берген Әлийсең.

Ғәрип Қысыраў оқыр субҳаны тилде,
Бир заты шәрипсең Араб елинде,
Ақыр шақта бир кәпирниң әлинде,
Қысмети Қуда менен өлген Әлийсең,—

деп Қысыраў патша сөзин тамам етти ҳәм сол гүмбездиң ишинде көзи уйқыға кетти. Түсинде Ҳәзирети Шаҳымандар гүмбездиң ишинен келип:

— Ҳәй,патша,көтер басыңды,— депти.— Саған Аллатаала үш ул,бир қыз берер,бирақ жанын төрт жасында алар,— деди.

Патша сескенип оянса,түси екен.— Ўа,дариғ,маңа үш ул,бир қыз берсе,олардың ҳәм жанын он төрт жасында қабыз етсе,буннан маған перзент болмас,— деп,патша гүмбезден шығып,қолында сазы болмаса ҳәм,тилинде сөзи менен болған ўақыяларды баянлап,Қасым ўәзирге қарап бир сөз деди:

— Ғамгүн кеўлим,бул түсиме қуўанба,
Паянсыз перзенттен итибар болмас,
Кеткил басың алып,мунда көринбе,
Бул дүнья ҳеш кимге опадар болмас.

Не исиң бар,қаст етерсең бул жана,
Я менде перзентттен намыў-нышана,
Иморатлар салдым,болды ўайрана,
Енди билгил,ҳеш адам мәңгиге турмас.

Опасыз перзентти алып нетейин,
Барып ҳаялларды талақ етейин,
Өлгенше Тәңириме құллық етейин,
Ҳаққа қуллық қылған намыс-ар болмас.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Аллаҳым бермесе олардың бирин,
Барып таркатайын Мысыр ләшкерин,
Отларға салайын дүньяның бәрин,
Енди маған өзге руўзы көринбес.

Не мүшкилдур,Тәңирим дәўлет бермесе,
Берген перзент картайғанша турмаса,
Я бул Кысыраў өлсе,адам көмбесе,
Мунан артық адам шәрмисар болмас,—

деп,Қысыраў патша гүмбезден шығып,Қасым ўәзирди изине ертип,Куданың қылғанына қайыл болды,саў-саламат Мысыр ўәлаятына қайтты.Аз жүрип,көп жүрип,дем тартып,ылғал етип,жети кеше-күндиз жол жүрип Мысыр шәҳәрине жетти.Әне Мысыр шәҳәриниң алты жасардан алпыс жасарға шекем патшаның алдынан шығып,«саў-есен,сағыў-саламат келдиңиз бе,патшайым?» деп патшаның сапарын кутлықлады ҳәм булар менен бирге патшаның үйинде қалған отыз еки ҳаялы ҳәм патшаның алдынан шықты.

Анда Кысыраў патша келген халық пенен аманлық сорап ҳәм өзиниң отыз еки ҳаялына карап, болған ўақыядан хабар берип,қолында сазы,тилинде сөзи менен бир сөз деди:

— Мен кетермен өзге жерге,
Сизлер маңа яр болмаңыз,
Мениң бул кәсапатыма,
Сизлер гириптар болмаңыз.

Бул Кысыраў саған бай болып,
Фиркатында гәда болып,
Сизлер мунда кәсте болып,
Ҳәм шәрмисар болмаңыз.

Куўанмаң дәўлет шағына,
Кирмеңиз казан бағына,
Мениңдек перзент дағына,
Сизлер гириптар болмаңыз.

Көзиң жумып,меннен кешип,
Кетиң баска журтка көшип,
Перзент шырағыңыз өшип,
Мениңдей нәбакар болмаңыз.

Табылмас кеўил матлубы,
Маған туўды мәҳшер күни,
Бахтықара Кысыраў киби,
Сизлер гириптар болмаңыз,—

деп Кысыраў патша сөзин тамам етти.

Әне,патша тахты-тажды талан қылып,тахтын ўәзирлериниң биреўине тапшырып,өзи куданың қылғанына қайыл болып,еки жеңин кесип,жаяў-пияда «қайдасаң Мәкке-Мадина шәҳәри» деп бәдар кетти.Үйинде қалған отыз еки ҳаялдың отызы өзиниң қәлегенлери менен кетти,қалған екеўи,«биз патшаның өли жеринде өлимиз,тири жеринде тиримиз»,деп үйинде қалды.Патша болса Мәкке-Мадина шәҳәрине барып,отын аркалап,суў тасып,куданың қулшылығын етип күнелтти.

Бул сөз бул жерде турсын,ендиги хабарды үйинде қалған патшаның еки ҳаялынан еситиң.

Айдан ай өтип,күннен күн өтип тоғыз ай,тоғыз күн,тоғыз дакиқа ўақыт жетти.Анда патшаның үлкен ҳаялынан бир жуп ул туўды,кишкентай ҳаялынан бир ул,бир қыз туўды.Патшаға шикарда еди,сүйинши тилемеге адам жиберди.Ол адам барып патшаға куўанышлы хабар етип,сүйинши тиледи.Патша барған адамға көп инамлар берип,саламат елине келип,балларына ат қойыў ушын елиниң жасуллы,жасы кишилерин шақырды.Әне,жасуллы,жасыкиши жәмәәт келип патшаның балаларына ат қоймақ ушын жыйналды.

Патшаның уллы ҳаялынан болған жуп улдың биреўиниң атыны Куршид қойды,биреўиниң атыны Зийўар қойды,кишкене ҳаялынан болған улдың атын Ҳәмире қойды,қыздың атын Гүлжәмийла қойды.Үш күн той-тамаша тутып ,патша балаларына ат қойдырды.Той тарқағаннан кейин патша қолына сазыны алып,бир неше жерлерден тымсал келтирип,болған ўақыялардан хабар берип,бир сөз деди:

— Буннан саңа перзент болмас,
Куўанба кеўлим,куўанба,
Гүли раънадан гүл болмас,
Куўанба кеўлим,куўанба.

Келип-кетер дәўлет ушын,
Бул бес күнлик иззет ушын,
Паяны жоқ перзент ушын,
Куўанба кеўлим,куўанба.

Бул бир саған қуры атдур,
Биле алмассаң,не затдур,
Саған мийнетли зүриятдур,
Куўанба кеўлим,куўанба.

Өз кеўлиңе аяндур,
Ҳәммеси соңыра зыяндур,
Саңа бир кәҳиш жандур,
Куўанба кеўлим,куўанба.

Қысыраў айтар,бул перзентке,
Ғайбана болма зарда,
Себеп,боларсаң шерменде,
Куўанба кеўлим,куўанба,—

www.ziyouz.com kutubxonasi

деп сөзин тамам етти ҳәм патша ҳақтың қылғанына қайыл болды. Журт сорап, тахтында отыра берди. Патшаның балалары бирден екиге, екиден үшке, әйне жети жасына келгенде пайғамбар сүннет қылдырып мектепке берди. Балалар мектепте хошсүўрет, сақыптәмиз, мүлайымзада, хош қылықлы, гәршек баллар болып оқый берди. Әне, жети жыл мектепте оқып, он төрт жасына шамаласты, патшаның қайталдан кем-кем ўәҳийма басты. Сонда Қасым ўәзир айтты:

— Ҳәй, патшайым, әўел улым, қызым жоқ дедиңиз, Аллатаала саған үш ул, бир қыз берди, не ушын мундай ғамгүн боласыз? — деди.

Анда патша Қасым ўәзирге гүмбезде көргенлерин баян қылды. Сол ўақтында Қасым ўәзир айтты:

— Ҳәй, әдалатлы патшайым, бул истиң тәғдирин мен шешемен қалай болар екен? — деди.

Анда патша:

— Қасым ўәзир, сен неткенде шешесең? — деди.

Сол ўақтында Қасым ўәзир айтты:

— Маған үш баланың еркин берсең, мен оларды Шынмашын шәҳәрине алып барсам, ўақты толса, жолда өлер, өлгенин ҳәм көзиңиз көрмесе, ҳәм күймеңиз, қалай болар екен? — деди.

Сол ўақтында патша мақул көрип, он мың түйеге ғәлле артып, Куршид, Зийўар, Ҳәмире балаларын Қасым ўәзирге тапсырып, қолына сазын алды. Патша Қасым ўәзирге қарап бир сөз деди:

— Мен саған айтайын, ўәзир ағзамым,
Мүлки?диярымды саған тапсырдым,
Ғәлледен жүкледим ол он мың нарым,
Әйши-әшияларым саған тапсырдым.

Жақын келди бизге деген мүддети,
Мен нетейин паяны жоқ дәўлетти,
Көзимниң рәўшаны, белим қуўаты,
Кеўлим мәдарыны саған тапсырдым.

Ниҳал егип мурадыма жетпедим,
Саясында сийнем ашып жатпадым,
Той-тамаша қылып сапа сүрмедим,
Бул гүли зарымды саған тапсырдым.

Опасыз перзентти Тәңирим бермесин,
Жырақ кетсин, бул жерлерде турмасын,
Үшеўин әкетиң, көзим көрмесин,
Биймурат балларым саған тапсырдым.

Қысыраў дер, Тәңири жазған несийбем,
Жанға апат түсти, жоқты тәбибим,
Қасым ўәзир, сенсең мениң ҳәбибим,
Қозы-қошқарымды саған тапсырдым, —

деп патша сөзин тамам етти.

Әне, патша он мың түйеге ғәллени, Куршид, Зийўар, Ҳәмирени жолға салмақшы болды. Ҳәмире менен туўысқан қарындасы Гүлжәмийла Ҳәмирееге, тарыққанда керек болар деп, атасының ғәзийнесинен урлап еки гәўҳары-шамшырақ берди. Анда Ҳәмире еки гәўҳары-шамшырақты кисесине жай етип, он мың түйени кәрўан қылып, Мысырдың ел-халқы менен хошласып, «қайдасаң Шынмашын шәҳәри» деп жөнеп кетти. Аз жүрип, көп жүрип, үш айшылық жол жүрип, Шынмашын шәҳәрине жетти. Шынмашында кәрўан сарай деген жерге барып түсти. Анда Ҳәмире түйелерди шөгирип таслап, Қасым ўәзирден жуўап алды, көшелерди барламаға кетти. Ҳәмире көшелерди қарап жүрсе, онда-мунда жатқан адамлардың өлисин көрди. Ҳәмире буны көрип:

— Бул не ўақыя, бул не аўҳал? — деп Шынмашын халықларынан сорады.

Анда Шынмашынның халқы:

— Бул аштан өлген адамлардың өлиги, — деп жуўап берди.

Бул аўҳалды көрип, Ҳәмирениң халыққа реҳими келип, Шынмашын шәҳәрине жар урды:

— Кимде ким аш-әптада болса, кәрўан сарайға келип үш мәртебе аўқатланып кетсин, — депти.

Аш халық муны еситип, қуўанысып кәрўан сарайға келип күнде үш мәртебе аўқатланып кетип турды. Әне Ҳәмирениң пайына тийген түйелердиң дәни таўсылды. Куршид, Зийўар ағаларына Ҳәмире айтты:

— Ҳәй, ағалар, бул халық бир аш халық екен, халықтың алғысын алайық, сизлер ҳәм түйелериңиздеги ғәллеңизди халыққа бериң, — депти.

Сонда Куршид, Зийўар:

— Биз бул жерге саўдагершиликке келдик, бирин онға сатып пайдаланамыз, сен саўап етсең, мешит-медиресе салдыра бер, — депти.

Сол жерде Ҳәмире:

— Ағалар, сизлерге алтын керек болса, — деп Гүлжәмийла қарындасының берген еки гәўҳар-шамшырағын еки ағасына шығарып берди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне,ағалары гәўҳар-шамшырақты алып,пайлы түйелерин Ҳәмиреге бағыш етти,Ҳәмире қайталдан халықты аўқатландырмағын даўам етти.Күнлерден бир күни,басқа жақтан кирис жоқ,бул түйедеги дәнлер ҳәм таўсыла келипти.Сол ўақта Ҳәмире «Кимде ким қәлесе,Мысыр журтына жүрсин» деп Шынмашын шәҳәрине жар урды.Шынмашын шәҳәринен қырық мың хожалық «биз Ҳәмирениң өли жеринде өлимиз,тири жеринде тиримиз» деп,Ҳәмирениң кейнине ерди.Әне,Ҳәмире қырық мың хожалықты ертип,Қасым ўәзирди баш етип,саў-саламат Куршид,Зийўар ағасы менен Мысыр ўәлаятына аман қайтты.Булар қырық бес күн жол жүрип,тоғыз жолдың бәндиргисинде бир қудық бар еди,сол қудықтың басына келип түсти.Анда Ҳәмире қудықтан суў алайын деп,қолына қаўғаны алып қудықтың басына барды.Қудықтың басында бир шынар бар еди.Сол шынардың астында отырған ақ сақаллы бабаны көрди.Бабаға сәлем берди,баба сәлемин әлик алды.Анда баба:

— Ҳәй,балам,бергиң бар еди,берип кет,— деди.

Анда Ҳәмире айтты:

— Әй,баба,мен өзим патшаның баласы болсам,мениң ҳешкимнен бергим жоқ,— депти.

Сонда баба айтты:

— Балам,мен Әзирайылман,сениң пайманаң толды,мен сениң жаныңды алмаға келдим,бергиң сол,— депти.

Анда Ҳәмире айтыпты:

— Ели-халқым,атам-енем менен көриссем қалай болар екен,— депти.

— Жоқ,болмайды,қуданың пәрманы,— депти.

Онда Ҳәмире айтыпты:

— Ҳәй,баба,сол жерде қырық мың хожалығым бар,ең болмаса солар менен ырзаласайын,— депти.

Сол ўақтында баба буған разышылық берип,Ҳәмиреге руқсат етти.Ҳәмире қолындағы қаўғаларын қудықтан толтырып алып,қырық мың хожалықтың суў дегенине суў берип,нан дегенине нан берип, бул аўҳалларды баян етип:

— Әй,халайық,билиң ҳәм әгаҳ болың,мен бүгин дәрилпанадан дәрилбақыйға риҳләт қыларман, — деди.

Буны еситип,қырық мың адам зары-пыған жыласып:

— Ҳәмирениң жанын алма,бизиң жанымызды ал,— деп пыған етти.

Сол ўақтында,«көп тилеги қабыл» деген,әне,Қасым ўәзир булардың еткен пығанына шыдай алмай,қолында сазы болмаса ҳәм,тилинде сөзи менен пирлерден мәүлет тилеп,бир сөз деди:

— Үш уғылдур бир атадан дөреген,
Расулилла мәдет берер күниңди,
Ғәрип ҳүмметлерге халық сораған,
Я,Мустаны,мәдет берер күниңди.

Йуз туттым өзиңе,қәдир панайым,
Гөҳиқаптан аўыр тапқан гүнайым,
Бағышла уғланлар жанын,илаҳым,
Пийри жәҳән,мәдет берер күниңдур.

Айрылып елинен,болып сергиздан,
Руўзы-кеш көзлериң жолында гирян,
Ҳәмирениң пирисең,я,Шаҳымардан,
Уғланларға мәдет берер күниңдур.

Қасым дер,әзирайыл алса жаныны,
Жер көтермес аның қәтире қаныны,
Жерге төкме гәўҳарыны,кәнини,
Я,Мустап,а мәдет берер күниңдур,—

деп Қасым ўәзир сөзин тамам етти.Қабыл болып тобасы,көптиң тилеги ҳәм Қасым ўәзирдиң наласынан Аллатааладан хабар келди-ки:

— Ҳәй,әзирайыл,қырық мың хожалықтың тилегин қабыл етип,балаларға өз пазылыңнан бир жүз жигирмадан жас бер,— деди.

Буны еситип әзирайылдың ўақты хош болып,қолында сазы болмаса ҳәм,тилинде сөзи билән балалардың яшын кутлықлап бир-еки кәлима сөйледи:

— Балаларым Куршид,Зийўар,
Балам,яш мүбәрек болсын,
Алла сизге рәҳим салды,
Ҳәмире,яш мүбәрек болсын.

Денеңизге,төсиңизге,
Көзиңизге,қасыңызға,
Бир жүз жигирма яшыңызға,
Балам,яш мүбәрек болсын.

Қолдан нәхәр аш берилди,
Өмириң сизге даш берилди,
Бир жүз жигирма яш берилди,
Балам,яш мүбәрек болсын.

Әлам,жәҳән саң зардур,
Кең жәҳән кеўлиме тардур,
Әзирайылдур,хызметкердур,
Балам,яш мүбәрек болсын,—

www.ziyouz.com kutubxonasi

деп әзирайыл сөзин тамам етип, өз жөнине кетти.

Қырық мың хожалықтың ўақты зияда хош болып, саў-саламат Мысыр журтына кетти. Және қырық бес күн жол жүрип, нан дегенге нан, суў дегенге суў берип, пияданы түйеге мингизип, саламат Мысыр журтына жетти. Сол хожалықтың ишинен түзигирек бир адамды патшаға сүйиншиге жиберди. Ол адам патшаға барып:

— Әй, патшайым, әлам сүйиншилик хабар, балаларың аман киятыр, — деди.

Сол ўақта патша дарғазап болды:

— Қуданың ҳүкими еки болмайды, бир болады, қайт кейнине! — деп, ешекке терис мингизип қуўып жиберди.

Сол ўақтында жаңағы адам бул аўҳалларды айтып қырық мың хожалыққа барды. Анда Ҳәмире бул аўҳалды көрип, Қасым ўәзирге айтты:

— Ҳә, Қасым аға, өзиңиз бармасаң, атам инанбас, — деди.

Қасым ўәзир атыны зертең-зәбертең ертлеп, қайдасаң Қысыраў патшаның дәргасы деп, бәдар кетти. Аз жүрип, көп жүрип Қысыраў патшаның дәргасына жетти. Анда Қасым ўәзир сегиз сәлем, тоғыз тәзим билән турды. Сол ўақында патша айтты:

— Ҳәй, Қасым ўәзир, балларымды қайда қойып келдиң? Айт ырасыңды, — деди.

Анда Қасым ўәзир:

— Ҳәй, әдалатлы патшайым, саўлық-саламатлық, балларың аман киятыр, — деп, қолына тилла сазын алып, Қысыраў шаның алдында турып не жуўап айтып турса керек:

— Ҳәй, султаным, арзым есит,
Жан билен жананың келди,
Шынмашын шәҳрине кеткен,
Қатарда кәрўаның келди.

Бағыңа қонды бүлбилиң,
Ашылды ҳәм ғумша гүлиң,
Алла шешти бул мүшкилиң,
Арзыўлы әрманың келди.

Қалмады сениң о дағың,
Ашылды батыл булағың,
Ийем жандырды шырағың,
Қуўанар дәўраның келди.

Көзи менен, қасы менен,
Бәлент дағның башы менен,
Йүз йигирма яшы менен,
Ҳәмире атлы жаның келди.

Дағы-дашлардың гиясы,
Келди сөзимниң жүйеси,
Тажы-тахтыңның ийеси,
Кәрамлы султаның келди.

Қасым дер, қулдың атына,
Құлақсал бул дадыма,
Ҳақ жерткергей мурадыңа,
Кеткен уғланларың келди, —

деп Қасым ўәзир сөзин тамам етти.

Анда патша бул хабарды еситип, ўақты зияда хош болып, Қасым ўәзирге көп инамлар берди. Сол ўақытта Мысыр шәҳәрине жар шектирди. Әне, бул хабарды еситип Мысыр халқы алты жасардан алпыс жасарға шелли патшаның дәргасына жыйналды. Анда алпыс еки ҳәмелдар, отыз еки мөҳирдарын жанына алып ҳәм Мысыр халқын кейнине ертип, балаларының киятырған жолына шықты. Қараса, Куршид, Зийўар алдында киятырыпты. Әне, патша булар менен көрисип, Ҳәмирени сорады.

— Ҳәмире кейинде киятыр, — деп жуўап берди.

Патша Ҳәмирени көрсе, қолында кәса, қолтығында нан, нан дегенге нан берип, суў дегенге суў берип, теңге дегенге теңге берип, халықтың хызметин питкерип киятырған Ҳәмирени көрип, патша алпыс еки ҳәмелдар, отыз еки мөҳирдары менен аттан түсип, пыған тартып жылап, Ҳәмире менен көристилер. Оннан соң Шынмашыннан киятырған қырық мың хожалықты алып Мысыр шәҳәрине барып, қырық мың хожалыққа қаладан жай берди. Хожалықты жайғастырып болғаннан Мысыр шәҳәрине жар урдырды: — Патшаның қырық кеше, қырық күндиз той-тамашасы бар, гүреспаз болсаң, шабандоз болсаң, масқарапаз болсаң, айтыўшы, шертиўши, сазенде болсаң, бара бересең, — деди. Узаққа ат жиберип, халықтың бас-аяғын жәмлеп, патша нақыра-сырнай тарттырып, алтын қабақ аттырып, ат шаптырып, гүрес туттырып той етти. Әне, патша тойда турып, өзи қолына тилла сазын алып, тамамы халыққа қарап бир-еки кәлийма сөз деди:

— Шүкир етейик Аллаға,
Күнлерим бәҳәрге дөнди,
Қазанлы, ҳәсиретли бағлар,
Қайталдан гүлзарға дөнди.

Ашың ғәзийне есигин,
Язың дарқанлық дәптерин,
Көрдим уғланлардың йүзин,
Хош күнлер бәҳәрге дөнди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәңири жетирди муратқа,
Қалмас болдым аҳыў-зарға,
Ашылыпты гүли-лала,
Бахтым барарына дөнди.

Қысыраў айтар,кеўил хошы,
Келди-кетти ғамның қысы,
Қонды бүгин дәўлет қусы,
Бахыт үй-иматратқа дөнди,—

деп,Қысыраў патша сөзин тамам етти.Той тарқап,хәмме жайлы-жайына кетти.Анда Куршид,Зийўар бәргада бола берди.Хәмире болса баяғы мектепте өзининң оқыўын даўам етти.Әне,патша тахтына минип,арыз сорап,кеўли қарар тапты.

Бул сөз бул жерде турсын.Ендиги сөзди Қысыраў патшадан еситиң.

Күнлерден бир күн патша жаз күни сәнли талдың саясында,сәрхаўыздың бойында уйқылап жатыр еди.Түсинде қырық кептер келип қонды хәм ишинде бир тоты бар.Кептерлер силкинди, қырық кәнизек қыз болды,тоты силкинди,қырық кәниздиң сардары болды.Патша айтты:

— Хәй,қызлар,бул қәпестеги не? — деди.

Қызлар айтты:

— Бул Бүлбилгөя деген қус,— деди.

— Бул қай жерде болады? — деди.

Перийзатлар айтты:

— Бул Бағы эрам деген жерде болады,— деди.

Патша сескенип оянды,қараса,түси екен.Не пәрийлер,не қызлар бар,жатқаны сәрўи талдың саясы, сәрхаўыздың бойы екен.Патша бул ҳалды көрип: — Сол Бүлбилгөя қусты тахтымда сайратпасам, мениң Мысыр шәхәринде Қысыраў патша болғанымнан не пайда болды? — деп,тахтына шықпай жата берди.Арадан қырық күн өтти.Уры-гәззап көбейип кетти.Қасым ўәзир бул аўҳалды көрип,«бул заңғар не ушын тахқа шықпай атыр?» деп,патшаның жатқан жерине келип:

— Хәй, әдалатлы патшайым, әўел улым, қызым жоқ дедиңиз, уғыл-қызлы болдыңыз, он төрт жасында жаны қабыз болады дедиңиз,бул хәм әпиў болып,бир жүз жигирмадан жас берди.Ендиги сизиң тахтқа шықпай жатысыңыз қалай болды? — деди.

Сол ўақтында Қысыраў патша айтты:

— Ўәзири ағзамларды жыйна,мен сизге көрген аўҳалымды саз бенен баян қылайын,— деп,әне, ўәзири ағзамлардың ортасында турып,Қысыраў патша қолына тилла сазын алып,көрген аўҳалларын бир-бир баян етип бир сөз деди:

— Ағалар,жатыр едим,бир аўҳал көрдим,
Бир нәзәлим келип пәрияд әйледи,
Оны көрип ақыл-хушым кетирдим,
Ақлымды сәримнен бәрбад әйледи.

Қәпес ишре көрдим бир қус нақышы,
Әйледи жанымды маған бақышы,
Сум пәлек бермеди тәни бағышы,
Абадан кеўлимди нәшад әйледи.

Жәм болып келдилер бир неше қуслар,
Бир пәрий тотының сөзини сөйлер,
Еситиң арзымды,сахибтәмизлер,
Жадыў көзин маған жәллад әйледи.

Сескенип ояндым,болды гүмана,
Ышқ отынан апат түсти бул жанға,
Бул ислер әжелге болды баҳана,
Бенде қысметини устад әйледи.

Қысыраў айтар,булдур аҳ пенен зарым,
Енди тәрк әйледим намысым-арым,
Көрмегенше жоқты сабырыў-қарарым,
Гөя ашықлықта пәрияд әйледи,—

деп, Қысыраў патша сөзин тамам етти. Сол ўақтында ўәзири ағзамлар ойласты. Қоррандозларды, палдаманларды шақырды:

— Палдаманлар пал ашыңлар,қоррандозлар қорраңызды салыңлар,не жерде Бағы эрамның бағы, не жерде Бүлбилгөя қус? Соны таўып бериңлер,— деди.

Әне,қоррандозлар қорра таслап,палдаманлар пал ашып қараса,Эремниң бағына барыўы бес жүз жыллық,келиўи бес жүз жыллық,еки ортасы мың жыллық жол екен.Бул аўҳалды қоррандоз бенен палдаманлар патшаға баян етти.Сол ўақта патша айтты:

— Кимде-ким Булбилгөя қусты алып келсе,тажы тахтымның,малы-мүлкимниң,жер әшиямның жартысын беремен,— деди.

Отырған халықтан хеш ким «мен бараман» деп шықпады.Сол ўақтында патша,«өзим-ақ кетпесем болмас» деп,дарғазап болды.Патшаның дарғазап болғанлығын Куршид,Зийўар көрип:

— Ата,кетпек жоқ,бала кетпек бар,— деди.— Биз жарармыз хызметке,ата,жуўап бер,— деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, патша бул жуўапты еситип, Куршид, Зийўарға жылқыдан тулпар сайлап миндирип, ғалы қоржынның еки басын алтын менен толтырып: — Бар, балам, жолың болғай, Қыдыр Әлейҳиссалам жолдасың болғай, — деп жуўап берди.

Әне, булар жолға жөнеп кете берсин. Ендиги хабарды Ҳәмиреден еситиң.

Ҳәмире мектепханадан шығып қайтып киятыр еди. Куршид, Зийўар ағаларының атланып кетип баратырғанын көрди.

— Әй, ағалар, жолларың болсын, қайда баратырсызлар? — деп саўал сорады.

Ағалары айтты:

— Атамыз түсинде Бүлбилгөя деген қусты көрипти, сол қусты излеп баратырмыз, — деп жуўап берди.

Сол ўақта Ҳәмире:

— Тоқтап турың, ағалар, мен де атамнан жуўап алып келейин, бирге излейик, — деп, келип атасынан руқсат сорады. Атасы жуўап бермеди. Жуўап бермесе де Ҳәмирениң кетерменлигин билип, Қысыраў патша қолына тилла сазын алды, Ҳәмиреге нәсиятлар берип бир сөз деди:

— Ағаларың сениң ушын жибердим,
Сен де дағлар салма жанға Ҳәмирайым,
Бүлбилден зыяда болды бул дәртим,
Айралық отларға салма Ҳәмирайым.

Әўел күйдим он төртине келди деп,
Балалардың пайманасы толды деп,
Қуўандым мен соңыра өлмей қалды деп,
Жуда түсер болдым және Ҳәмирайым.

Не мүшкилдур, пәнди-нәсиятым алмасаң,
Қан жылатып, қал дегенде қалмасаң,
Муннан кетип үш айғаша келмесең,
Оранарман кепин тонға, Ҳәмирайым.

Әўел баста көрмегенде бу түсти,
Еситпегей еди меннен бир бир киси,
Көрдим дедим, табар болды қаҳышы,
Жапа тығын жанға салдың, Ҳәмирайым.

Қысыраў айтар, кимге дадым айтайын,
Сен барыңда бес күн дәўран сүрейин,
Та өлгенше сениң жүзиң көрейин,
Нәсийҳатым булдур саған, Ҳәмирайым, —

деп Қысыраў сөзин тамам етти.

— Әй, балам Ҳәмирежан, гөне тамлықта, шеңгелликте, әўлийешиликте жатпа, бар, жолың болсын, Қыдыр жолдасың болсын, — деп, Шасуўар атын миндирип, ғалы қоржынның еки басын қызыл алтын менен толтырып, Ҳәмирени жолға салып жуўап берди.

Бул хабар бул жерде турсын. Ендиги хабарды Куршид, Зиуўардан еситиң.

Куршид пенен Зийўар аз жүрип, көп жүрип, үш жолдың бәндиргисине барды. Барып қараса, бәндиргисине бир тас қойылыпты, тасқа: «Оңдағы жолға кеткен саў-саламат келер, ортаңғы жолға кеткен адамның келер-келмеси гүмана, шеттеги жолға кеткен адам келмес» деп жазған екен. Әне, бул аўҳалды көрип, Куршид, Зийўар қайда кетерин билмей, атларын шеңгелге байлап, шапанларын үстине айқара таслап жата берипти. Әне, Ҳәмире Шасуўар атына минип арадан бир неше ўақытлар өткеннен кейин булардың жанына келипти.

— Әй, ағалар, бул жерде не ис қылып атырсызлар? — депти.

Ағалары орнынан турып, тастағы хатты көрсетипти. Бул хатты көрип Ҳәмире:

— Куршид аға, сен оңдағы жолға кет, атамның идаралды перзенти едиң, — депти. — Зийўар аға, сен келер-келмес гүманаға кет, бахтыңнан көрерсең, — депти. — Мен өзим болса барсакелмеске кетейин, — депти.

Әне, еки жолға жиберип:

— Әй, ағалар, кимде-ким Бүлбилгөя қусты алып келсе, мына тастың астына бир-бир оқтан қойып кетемиз, сол қойған оқтан өзиниң қойған оғын өзи алып кеткейли болсын, — депти.

Әне, үшеўи үш жолға рәўана болыпты. Куршид менен Зийўар Ҳәмирениң қарасы көринбей кеткеннен кейин екеўи бир жолға түсип, оңдағы жол менен атларын шаўып өте кетти.

Куршид, Зийўар оңысыған көре берсин. Ендиги сөзди Ҳәмиреден еситиң.

Әне, Ҳәмире барсакелмес жол менен Шасуўар атына минип, атасының хызметинде раўан болды. Атасының айтқан «шеңгелликте, әўлийешиликте, гөне тамда жатпа» деген ўәсиятлары есинен шығып, уйқы қыстап, атын бир түп жыңғылға байлап, өзи жарысы жығылған бир гүмбездиң ишине кирип, көзи уйқыға кетти. Түсинде ғайып ерен қырық шилтенлер жәм болып мәй ишип, мәйлислер қурылып, сол ҳалда Ҳәмираны көрип, Ҳәзирети Әлийден саўал сорапты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ҳәй, Ҳәзирети Әлий Шаҳымардан, бул бала кимниң баласы? — депти.

Ҳәзирети Әлий айтты:

— Бул бала Қысыраў шаның баласы. Аты Ҳәмире деген, мениң нәпесимнен пайда болып еди, — депти.

— Бул баланың бул дүньяда жупты ким болар екен? — деп саўал сорады.

Анда Әлий айтты:

— Бул баланың жуптысы Шарух патшаның қызы Ҳүрлиқажан болар, — деди.

*Сол ўақта еренлер айтты:*

— Ашықларды бир-бири менен таныстырсақ қалай болар екен? — деди.

— Мақул болар, — деп руқсат берди.

Сол ўақта еренлер Ҳүрлиқаны ҳәм түсинде алып келип шилтенлердиң қасына қойды. Анда еки ашыққа мәй қуйып берди. Анда еки ашық шилтенлер қолынан мәй ишип, мәс, бийықтияр болып, бир-бириниң ҳаслы-аўҳалын сорап, Ҳәмире саўал сорап, Ҳүрлиқа жуўап берип, еккиси бир-еки кәлима сөйледи:

Ҳәмире:
— Қурбаның болайын гүз жүзли ярым,
Ярым, қайда болар мәканың сениң?
Саған қурбан болсын бул шийрин жаным,
Ярым, қайда болар мәканың сениң?

Ҳүрлиқа:
— Мени сорасаң, Шарухтың қызыман,
Эрам бағындадур мәканым мениң,
Ҳаслым сорсаң, пәрийзаттың өзимен,
Истесең тайынды мәканым мениң.

Ҳәмире:
— Сени көргенлердиң ақлы лал болар,
Таба алмай, иси қыйлы қал болар,
Арамызда неше күнлик жол болар?
Қайда болар, достым, мәканың сениң?

Ҳүрлиқа:
— Ашық болсаң, күйип жанып өтерсең,
Сабыр қылсаң, дос қолынан тутарсаң,
Жүре берсең бес жүз жылда жетерсең,
Бес жүз жыллық жолдур мәканым мениң.

Ҳәмире:
— Тәңирим мениң бул жанымды алмады,
Әжел жетип, бул пайманам толмады,
Ярым, енди саңа көрмек болмады,
Бес жүз жыллық болса мәканың сениң.

Ҳүрлиқа:
— Бизиң жеримиздур алтын-гүмишлер,
Сизди ашық, бизди машық демишлер,
Және бизди сизге неке қылмышлар,
Болың енди қашы-кәманым мениң.

Ҳәмире:
— Мен ашық ҳүсниңе, ушырадым дәртке,
Сырыңды билдирме ҳәргиз нәмәртке,
Ырасын айт, мәнзил-мәканың қайда?
Қайда болар, достым, мәканың сениң?

Ҳүрлиқа:
— Ашықты көрмишем аҳыў-апқанда,
Өмириңди өткерме, гезгил жаҳанда,
Пәрий гезер мәканы шөли-майданда,
Қырық күншилик жолдур мәканым мениң.

Ҳәмире:
— Атым Ҳәмире, Қысыраў шаның улыман,
Сениң ушын сийнелери дағлыман,
Та өлгенше бир ықырарда боларман,
Қырық күншилик болса мәканың сениң.

Ҳүрлиқа:
— Атым Ҳүрлиқадур, Шарухтың қызы,
Перийзат дийерлер, танысаң бизди,
Сен излеп таппасаң, табарман сизди,
Ҳәр жерде ҳәзирдур мәканым мениң.

Ҳәмире:
— Ҳәмире айтар, бул жер узақ болмаса,
Әжел жетип, шум пайманам толмаса,
Жаным шығып, тенем дүзде қалмаса,
Ийшалла, табарман мәканың сениң.

Ҳүрлиқа айтты:

— Ҳәй, Ҳәмирежан, ғамгүн болма, қырық күнлик жолы, муннан өтсең, Бағы эрамды табарсаң, сол Бағы эрам болар мениң мәканым, — деди.

Ҳәмире айтты:

— Ҳүрликажан, бул айтып турғаның түсимиз бе, я оңымыз ба? — деди.

Ҳүрлиқа айтты:

— Түсимиз, — деди.

Ҳәмире айтты:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Оңымыз,— деди.

Ҳүрлиқа айтты:

— Әгер түсинде жуўырған адам оянар емиш,қәне мен қашайын,сен қуўалап тут,— деп,Ҳүрлиқа алдына түсип қашты.Ҳәмире қуўайын деп түргелген ўақтында маңлайы гүмбезге тийип,жалта көзин ашты.Қараса,не пәрий бар,не қыз бар,жатқаны гөне бир гүмбездиң иши екен.Сол ўақтында Ҳәмире гүмбезден шығып қараса,таң жарық берип турған ўақты екен.Анда Ҳәмире ярын жоқлап,қолында сазы болмаса да,тилинде сөзи менен бир неше жерлерден тымсал келтирип,бир сөз деди:

— Қәдир алла,мени салдың бул дәртке,
Мен нәйлейин,ярда паян болмаса,
Яр-яр дейипп өлер болдым бул жерде,
Қай жерде ол ярым,аян болмаса.

Атам хызметинде бағрым кәбапты,
Пийримнен үйренип илим,әдепти,
Шилтенлер бергели жолда шарапты,
Қорқаман,бахтыма қарам болмаса.

Мен билмедим,Эрам қайдасаң,қайда?
Уйқыда көргенге болмағыл бенде,
Бул шөллерде өлип,болма шерменде,
Баралмассаң белли мәкан болмаса.

Кетер болдым барсакелмес жолына,
Бул жол барар ақыр мәнзил-дашына,
Кеўлиңниң тилегин Алладан тиле,
Бул айтқан өзиңе зыян болмаса.

Ҳәмире истеди гүл жүзли ярын,
Кеўлинен кетирди сабырыў-қарарын,
Ақтарайын паный дүньяның бәрин,
Тыныш алмаспан Бағы эрам болмаса,—

деп сөзин тамам етти.Анда Ҳәмире Шасуўар атына минип жолға раўана болды.

Ҳәмире жол жүрип,дем тартып,ылғал етип бир шөл баябанлықта баратыр еди,Ҳәмирениң үстинде бир пошша торғай түрли намаға сайрап айрылмады.Сол ўақта Ҳәмире қыял етти.«Бул маңлайы қара да мениндей бир ярынан айра түскен жәниўар шығар,муңа да бир сөз айтып кетейин» деп,қолына тилла сазын алып,әне,пошша торғайға қарап бир мукаллес айтты:

— Куда мени жаратты мундай исян ишинде,
Өзим қалдым ғурбетте,жүрегим қан ишинде,
Не деп айтып гезейин бул шөлистан ишинде,
Бәрше гезер ишретте,мен бул әрман ишинде,
Мен ярымды жоғалтып,қалдым әрман ишинде.

Ашықлардың дәртиниң болармекен даўасы,
Кимде ким ашық болса,өлмек аның шарасы,
Мәҳшер күни кудадур ашықлардың гүўасы,
Мәжнүн киби басымда бул куслардың уясы,
Фарҳад киби параман бул шөлистан ишинде.

Бир нешшени көрермен,сапа менен сәўбетти,
Бир нешшени көрермен,жаны ишинде жәннетти,
Бир нешшени көрермен,ада болмас миннетти,
Мендей бийшара мискин бул шөллерде ғулпетти,
Ярым анда хош гезер,мен шөлмуған ишинде.

Аспандағы бозторғай,бозламасаң не болғай,
Мениң шийрин жанымды қыйнамасаң не болғай,
Сүйген ярым билерсең,хабар берсең не болғай,
Сөйлемекке тилиң жоқ,бирге жүрсең не болғай,
Мени билдиң,адастым бул шөлистан ишинде.

Ҳижран отына тутасып,жанар мениң жүрегим,
Қарындасым истемес,жоқты мениң керегим,
Нәзик ғана мойныңа салсам екки билегим,
Ҳәмире айтар,кудадан болса аян тилегим,
Сол ярымды көрмесем,қалдым зиндан ишинде,—

деп Ҳәмире сөзин тамам етти.Әне,пошша торғай ҳәм сайрап өз жөнине кетти.Ҳәмире санап отыз

www.ziyouz.com kutubxonasi

тоғыз күн жол жүрди. Қырқыншы күни болғанда мийи айланып, көзи тынып, Ҳәмире қайда кетерин билмеди. Сол ҳалда таң атты, торғайлар шырылдап, әлам минаўар болды. Анда күншығардан бир күн, күнбатардан бир күн туўды. Ҳәмире бул иске ҳайран болып, қоланда сазы, тилинде сөзи менен қудайтаалаға жалбарып, бир сөз деди:

— Қудайтаала, бир ис салдың басыма,
Мен бул күнниң қайсы бирине кетейин?
Мәдеткерим Қызыр келсең қасыма,
Мен бул күнниң қайсы бирине кетейин?

Айралықтың оты бағрым жағыпты,
Ҳәмирениң дәстинен белим бүгипти,
Оңымнан, солымнан еки күн туўыпты,
Мен бул күнниң қайсы бирине кетейин?

Қалмады тақтым, мәдерим дизде,
Мәдеткерим Қызыр, ықтыярым сизде,
Бир назлы яр ушын мен гездим дүзде,
Мен бул күнниң қайсы бирине кетейин?

Ашық Ҳәмире айтар, өмиримниң салы,
Назлымның жолында дийўана дәли,
Ҳәмирениң пирисен, я, Ҳәзирети Әлий,
Мен бул күнниң қайсы бирине кетейин? —

деп Ҳәмирежан сөзин тамам етти. Бир майдан егленди. Күншығардан туўған күн әййемги күн еди, кем-кемнен жоқары көтериле баслады. Күнбатардағы күн Эрам бағының сәўлеси еди, бул бир турысында тур еди. Ҳәмире буның Эрам бағы екенлигин билип, атынан түсип Эрамның бағына барды. Барса, Эрам бағының дийўаллары бир пақсасы алтыннан, бир пақсасы зумраттан, бир пақсасы яқуттан, бир пақсасы ҳилалдан жасалыпты. Әне, Ҳәмире бағдың ишине кирсе, адамзаттан жандар жоқ. Бағдың ишинде бир көшки әйўан қурылыпты, тамамы әсбаплары алтыннан бинә болыпты. Көшки әйўанның бийиклиги бир жүз алтмыш гез екен. Әйўанның ишинде бир тахт бар, бийиклиги ҳәм қырық гез, палаўлар писип, бөреклер қайнап турғанын көрди. Буны көрип, Ҳәмире қуўанып, «қудай берер қулына, шығарып қояр жолына» деген, ярым мениң шаршап, аширқап киятырғанымды билип, палаў менен бөрек писирип қойған екен» деп, палаўлы қазанның басына барып жемеге мейил етти. Сол ўақта қазанның астынан бир кепкир шығып, Ҳәмирениң маңлайына сарт етти. не, Ҳәмире бул қазанның басынан қашып, «пақырдың аўқаты бөрек» деген, бизге бөрек болмады ма» деп, бөрекли қазанның басына барып бөректен жемеге мейил етти. Бирақ қазанның астынан талдан тоқылған шолпы шығып, Ҳәмирениң басына шолп етти. Ҳәмире бул жерден ҳәм қашып, ҳәўиздиң бойына барып, суў ишемен деп қол узатса, ҳәўиздиң суўлары кем-кемнен төмен түсип, Ҳәмирениң қолы жетпеди. Муннан ҳәм кетип, жүзим бағына барып, жүзим жейин деп қыял етти. Жүзимниң шыбықлары аяғына оратылып, гүмпе-гүмп жығыла берди. Буннан ҳәм қашып барып, алма бағына барып алма жейин десе, алманың путақлары жоқары көтерилип, Ҳәмирениң қолы жетпеди. Сол ўақтында Ҳәмире Мири Ҳайдарды шақырып, қолында сазы, дилинде сөзи менен бир минажат етти:

— Желдиң пийри Мири Ҳайдар,
Ийгил путағы, путағы,
Ҳәр жапырағы маҳы әнўар,
Ийгил путағы, путағы.

Кимсени көр айтадур,
Кимсени көр, налыштадур,
Түби ағаш бейиштедур,
Ийсең путағы, путағы.

Ушырадым мен усы дәртке,
Келгенмен мунда сәҳәрде,
Мен өлер бодым бул жерде,
Ийгил птағы, путағы.

Ҳәмире айтар, я, еренлер,
Маңа бир пәтия бергенлер,
Сәҳәр ўақта ескен желлер,
Ийгил путағы, путағы, —

деп сөзин тамам етти. Анда Ҳәмирениң тилеги қабыл болып, бир күшли самал келип алманың путағын ийди. Ҳәмире бир жуўан путаққа асылып, бир ақлы-қызыллы алмаға қолы илди. Алманы аўзына салды, сол ўақытта пәрийдиң кәраматы менен Ҳәмирениң қолы алмадан жаздырылып жерге түсти.

Алманы жеп Ҳәмире бир гүлдиң астында жата берсин. Енди хабарды бағдың ишинен алың.

Сол ўақтында аспаннан бир бүркит келди. Ҳәўиздиң басына қонып, дүр етип силкинди, бир үлкен дәў болды. Бул дәўдиң атыны Ҳәштурық дәў деп ат берер еди. Анда Ҳәштурық ҳәўиздиң бойын сыпырып, суў серпип, адам кирместей бағды қадаған қылды, палас төседи. Бираз ўақыт өткеннен кейин қырық кептер келип қонды, ишинде бир тоты ҳәм бар. Қырық кептер дүр етип силкинди, қырық кәнизек қыз болды, тоты силкинди, түсинде бирге шарап ишкен Ҳүрлиқажан болды.

Анда Ҳәмире бул ҳалды көрип, ҳайраны-сәресим болып, «бул қызларға келгенлигимди баян қылмасам болмас» деп қыял етти. Сол ўақытта гүлдиң арасында турып, ярдың ышқында жанып, өзиниң келгенлигин яры Ҳүрлиқаға баян қылып, нешше жерлерден тымсал келтирип, тамамы

www.ziyouz.com kutubxonasi

перийзат қызларға қарап бир сөз деди:

— Қәдир алланың бағынан,
Ярым көринди, көринди,
Гөззал ярдың пырағынан,
Жаным емиренди, емиренди.

Ашықпан қара көзиңе,
Шекерден шийрин сөзиңе,
Гүл қосайын қал жүзиңе,
Ҳақтан нур енди, нур енди.

Руқсат бер, бағқа кирейин,
Бағыңнан гүллер терейин,
Қәдди бойларың көрейийн,
Ярым, жүр енди, жүр енди.

Жақпа Ҳәмире жүрегини,
Сал мойныма билегиңди,
Ҳәмме адам тилегини,
Алла, бер енди, бер енди, —

деп Ҳәмире сөзин тамам етти. Сол ўақтында бунын сазы, сөзи тахт үстинде Ҳүрлиқаның қулағына жетти. Ҳүрлиқа турып, бир «аҳ» тартты. Оның тартқан «аҳ»ына тамамы дәў, перийзатлар тайын болды.

— Әй, перийзатым, не ушын «аҳ» тарттыңыз? Хызметиңизге таярмыз, — деди.

Сол ўақытта Ҳүрлиқа айтты:

— Усы бағдың ишинде бир адамыйзат бар, тапжылтпай мениң жаныма алып келиң, — деди.

Сол ўақтында перийзатлар бағды ақтарып, Ҳәмирени таба алмады.

Әне, кәнизлердиң басшысы Сәлип кәниз деген қыз барды. Бул Ҳәмирениң өзини көрмесе де, көзине көзи түскен екен. Не деп айтарын билмей, ҳайран болып турған екен. Сол ўақта Ҳүрлиқа айтты:

— Ҳаў, Сәлип кәниз, аўҳалың нешик? Не ушын жүзиңди сарғайттың? — деди.

Сол ўақтында Сәлип кәниз қолына сазыны алып, бағдың ишинде көрген баласын тәрип етип, Ҳүрлиқаға қарап бир сөз айтты:

— Бийкежан, бағ ишинде бир бала көрдим,
Ләблеринде қалы, йүзлери пәрли,
Оны көрип ақыл-ҳуўшым кетирдим,
Бағ ишинде өскен гүли-әнарлы.

Бир нешше мәзгиллер әйледим сайран,
Яр ышқында болды бул бағрым гирян,
Сениң Ҳәмирейиң дейип әйледим гүман,
Басларында тажы, көзлери нурлы.

Аны көрдим, ашық болдым бийқарар,
Жанымда қалмады мениң ықтыяр,
Ак йүзлери мисли айдек минаўўар,
Янақлары палдай, көзлери нурлы.

Сәлип дер, ақылымды ҳайран әйледим,
Яр жолында жаным қурбан әйледим,
Сениң Ҳәмирейиң дейип гүман әйледим,
Жаўырынлары қалқан, йүзлери дүрли, —

деп Сәлип кәниз бул исти баян етти. Сол ўақта Ҳүрлиқа бир «аҳ» тартты, бунын аҳына Ҳәштурық дәў тайяр болды.

— Әй, Ҳәштурық дәў, сол бағдың ишинде бир адамыйзат бар, оны мениң алдыма тапжылтпай алып кел, — деди.

Сол ўақтында Ҳәштурық дәў барып Ҳәмирени гүлдиң арасынан алып, Ҳүрлиқаның алдына алып келди. Анда Ҳүрлиқа Ҳәмирени көрип, ышқы пәшек гүллерге шырмалып, пәрўанадай Ҳәмирениң дәгерегин айланып, ярдың ышқында жанып, қолына тилла сазын алып, Ҳәмиреге қарап бир сөз деди:

— Ҳәй, яранлар, мусылманлар,
Өлер болдым яр дәртиден,
Жапа шекти шийрин жанлар,
Күйер болдым яр дәртинен.

Паный дүньяны қыдырдым,
Мысырға қырық жола бардым,
Ярым, саңа мен зар болдым,
Өлер болдым яр дәртинен.

Кешелери парахат жоқ,
Күндизлери рәҳәт жоқ,
Муннан артық машақат жоқ,
Өлер болдым яр дәртинен.

Атым — пәрий Ҳүрлиқадур,
Паный дүнья бийбаҳадур,
Шеккеним жәбири-жападур,
Өлер болдым яр дәртинен, —

деп Ҳүрлиқажан сөзин тамам етти. Сол ўақтында Ҳәмирежанға қарап, қолына тилла сазыны алып, ярдың ышқында жанып, бир нешше жерлерден тымсал келтирип, Ҳүрлиқа саўал сорап, Ҳәмире жуўап берип, бир сөз деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳүрлиқа:
— Адамзат әҳлинин әзиз патшасы,
Садаған болайын,қайдан келерсең?
Пәрийзат әҳлиниң кеўили хошгәҳи,
Әсириң болайын,қайдан келерсең?

Ҳәмире:
— Сени излеп шәҳәр Мысыр журтынан,
Ҳижри отына жана-жана келермен,
Мухаббатлы сәўер ярдың дәртинен,
Бул жерлерге ғайыбана келермен.

Ҳүрлиқа:
— Адам мунша кеш келер ме ярына,
Көз тигипсең жан алмақтың қастына,
Қойған қәдемлериң сийнем үстине,
Сырыңды билейин,қайдан келерсең?

Ҳәмире:
— Өмирзая жулдыз киби жалбарып,
Ҳәсиретиңнен запырандай сарғайып,
Қырық күн болды,шөлистанды ақтарып,
Сенин ушын сергиздана келермен.

Ҳүрлиқа:
— Тақатым жоқ сениң аҳы-дадына,
Сени излеп неше бардым жаныңа,
Жаным пида болсын ҳәкипайыңа,
Әсириң болайын,қайдан келерсең?

Ҳәмире:
— Шын ашықпан,айнанайын бойыңнана,
Пәрўанадай ҳәргиз кетмем жаныңнан,
Түсиңде көргениң сөйле тилиңнен,
Сени излеп шөлистаннан келермен.

Ҳүрлиқа:
— Ашық Ҳүрлиқа деп,кеўил мүтәжи,
Ақ сийнемнен енди алыңыз бажы,
Өмиримниң хошлығы,басымның тажы,
Сырыңды билейин,қайдан келерсең?

Ҳәмире:
— Ҳәмире дерлер ғәрип қулдың атыны,
Алла жеткер ашықлардың дадыны,
Қырық күн болды,айралықтың отына,
Сени истеп жана-жана келермен,—

деп ашықлар сөзин тамам етти.Сол ўақытта Ҳүрлиқа айтты:

— Ҳәй,Ҳәмирежан,адамның өмири қысқа болар,пәрийдиң өмири узақ болар,сен бизиң менен опалы яр болалмассаң, не де болса сен қырық күншилик шөл асып бизиң мәканға келипсең, мийнетин күймесин,кел,саған мына қызлардың биреўин берейин,ишинен қәле,— депти.

Сол ўақтында Ҳәмирениң бир дәрти он есе ашылып: — Мен келсем сен ушын келдим,басқа яр деп келгеним жоқ,сениң ақырғы опаң сол болды ма? — деп,қолына тилла сазыны алып,өзиниң кеўлин билдирип,Ҳүрлиқаға қарап бир неше жерлерден тымсал келтирип,бир сөз деди:

— Мениң кеўлим олдур — саған яр болсам,
Сениң кеўлиң қайда,не қыялдасаң?
Жол жүсеңиз,аяғыңа жол болсам,
Сениң кеўлиң қайда,не қыялдасаң?

Ҳаўазаңа келдим мен ҳәм ғайбана,
Сырыңды билдирме ҳәргиз ладанға,
Өзим саған болсам және пәрўана,
Сениң кеўлиң қайда,не қыялдасаң?

Узақ жолдан келдим сени дос танып,
Сен шықпасаң,шығар жаным қыстанып,
Мениң кеўлим ақ билегиң жастанып,
Сениң кеўлиң қайда,не қыялдасаң?

Түсимде бир кәса иштим қолыңнан,
Бас кетсе де мен дөнбейин жаныңнан,
Мениң өзим қушсам нәзик белиңнен,
Сениң кеўлиң қайда,не қыялдасаң?

Ашық Ҳәмире айтар,келиппен дада,
Келмейин десем рақып қоймас арада,
Мениң кеўлим жетсин мақсет-муратқа,
Сениң кеўлиң қайда,не қыялдасаң? —

деп Ҳәмирежан сөзин тамам етти.Сол ўақтында Ҳүрлиқа Ҳәмиреден бул жуўапты еситип,«мениң ҳәм кеўлим сол» деп,Ҳәмирениң қолларынан услап көшки әйўанға алып шықпақшы болды.Сол ўақтында Ҳүрлиқаның кәнизек қызлары булардың изинен гүманланып,«булар некасыз қосылатуғын болды»,деп шикас етти.Анда Ҳәмире айтты:

— Ҳәй, Ҳүрлиқажан, қызларға гүмбездеги қосылғанымызды айтып кетпесек, булар бизлерден гүманланып турыпты,сол ушын мына тилла сазымды алып бер,саз бенен бир баян қылайын,— деп қолына тилла сазын алып,Ҳәмире Ҳүрлиқадан саўал сорап,Хуррлиха жуўап берип бир сөз деди:

Ҳәмире:
— Сәҳәр ўақта жатқанымда,
«Тур» дегенлер кимлер еди?
Услап сениң қолларыңнан,
«Жүр» дегенлер кимлер еди?

Ҳүрлиқа:
— Сәҳәр ўақта жатқанымда,
Әлий бабам «тур» дедилер,
Услап мениң қолларымнан,
«Балам,жолға кир» дедилер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмире:
— Қай жерге бардылар алып?
Кимлер отырды жыйналып?
Пиялаға шарап салып,
Кимлер «кесе бер» дедилер?
Ҳүрлиқа:
— Гумбезге бардылар алып,
Еренлер отыр жыйналып,
Пиялаға шарап салып,
Пийрим кесе бер дедилер.

Ҳәмире:
— Сен ҳәм көрдиң бе ол түсти,
Баян еткил ол дәрўишти,
Узын бойлы,қара киси,
Ўәкил болған кимлер еди?

Ҳүрлиқа:
— Мен ҳәм көриппен ол түсти,
Баян етсем ол дәрўишти,
Ўәкил болған қара киси,
Султан Ўәйис пирлер еди.

Ҳәмире:
— Ҳәмире айтар,жад әйлесем,
Сырымды изҳар әйлесем,
Бирим-бирим паш әйлесем,
Неке қыйған кимлер еди?
Ҳүрлиқа:
— Ҳүрлиқа дер,жад әйлесем,
Сырымды баян әйлесем,
Неке қыйған атын айтсам,
Ҳәзирети Омар пирлер еди.

Әне,бул жуўапты еситип,кәнизек қызлардың кеўли қарар тапты.Ҳәмирени Ҳүрлиқа қолларынан тутып,бийиклиги бир жүз алпыс гез көшки әйўанның ишине алып барып,ҳәмме әсбаплары алтыннан жасалған, бийиклиги қырық гез, ени тоғыз гез тахтырәўанның үстине дизден төсек, белбуўардан жастық салып,әйши-иширет қылмақ ушын жаттылар.Анда Ҳәмире ортаға қылыш қойды,ҳеш қол узатпады.Бул ҳалда үш күн ўақыт өтти.Әне,үш күннен кейин Ҳәзирети Омар пир келип,ашықларға сәҳәрде ҳақ нека қыйып кетти.Анда Ҳүрлиқа ҳақ нека қыйғаннан кейин өзиниң рыйзашылығын билдирип, қолына тилла сазын алып, Ҳәмиреге қарап таўланып наз етип, ҳәр назын еткенде қыс тоқсанды жаз етип,неше жерлерден тымсал келтирип,бир сөз деди:

— Бул кеше болып сен әзиз мийманым,
Сүрегөр Ҳәмирайым,дәўран сеники,
Саған қурбан болсын бул шийрин жаным,
Сүрегөр Ҳәмирайым,дәўран сеники.

Сени дейип кештим мен гүлзарымнан,
Хабар алғыл мениң аҳыў-зарымнан,
Ақ сийнеме питкен қоса нарымнан,
Тутагөр Ҳәмирайым,дәўран сеники.

Ашық болсаң,ҳазар қылма өлимнен,
Бағман болып тергил таза гүлимнен,
Әлиптен,қәўметтен,нәзик белимнен,
Қушабер Ҳәмирежан,дәўран сеники.

Енди билдим паный дүнья пәндини,
Енди сорғыл ләблеримниң палыны,
Ақ көксимде тилла тумар бәндини,
Шешегөр Ҳәмирайым,дәўран сеники.

Ҳүрлиқа дер,бүгин келгенмен дада,
Сәўер ярым,өмириң болғай зияда,
Бүгин мениң менен мақсет-муратқа,
Жетегөр Ҳәмирайым,дәўран сеники,—

деп Ҳүрлиқажан өзиниң ыразышылығын билдирди.Сол ўақтында ай түңликти бастырып қырық кеше-күндиз жатты.Арадан қырық күн өтти.Ҳәмире жатып бир «аҳ» деди.

— Ҳәй,Ҳәмирежан,не ушын «аҳ» тарттың? Мүмкин,сениң меннен ҳәм басқа ярың бар болса керек? — депти.

Сол ўақтында Ҳәмире айтты:

— Жоқ,сеннен басқа мениң ярым жоқ,тилимде сөйлер зарым жоқ,әмма жолда жүрдим қырық күн, сениң жанында болдым қырық күн, өтти сексен күн, атамнан руқсат алып едим тоқсан күн, енди маған қалды он күн,маған руқсат берсең,мен үйге қайтсам,— деп,Ҳүрлиқа соўал сорап,Ҳәмире жуўап берип турғаны:

Ҳүрлиқа:
— Басыңнан айналсын,гүл жүзли ярым,
Сен не ушын аҳы-апқан етерсең?
Сөзиң еситпесем,жоқты қарарым,
Сен не ушын аҳы-апқан етерсең?

Ҳәмире:
— Әўел бастан излеп шықтым бүлбилди,
Анын ушын аҳы-апқан етермен,
Бирге туўған еки қардашым менен,
Анын ушын көзим гирян етермен.

Ҳүрлиқа:
— Не бүлбилдур сениң излеп шыққаның?
Шийрин жанды ҳижран отына жаққаның?
Айып болар маған жылап баққаның,
Сен не ушын аҳы-апқан етерсең?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмире:
— Атам көрген бир бүлбилди түсинде,
Аты бүлбилгөя,химай қасында,
Анын саўдалары мениң басымда,
Анын ушын аҳыў-апқан етермен.

Ҳүрлиқа:
— Ҳүрлиқа дер,орынланар мүтәжиң,
Аллайым кетирсин кеўлиңниң дағын,
Перийзатпыз,биз көрермиз илажын,
Сен не ушын аҳы-апқан етерсең?

Ҳәмире:
— Ашық Ҳәмире дер мениң атыма,
Бир «аҳ» урсам,әлем жанар отыма,
Қәўми-қарындасым түсер ядыма,
Анын ушын аҳыў-апқан етермен.

Әлқысса,бул сөзден соң Ҳүрлиқажан баяғы Ҳәштурық дәўди шақырып алып:

— Ҳәй,Ҳәштурық дәў,Шәмен бағына барсаң,бағдың ишинде бир қара үй бар,қара үйдиң ишинде бир сандық бар,сандықтың ишинде «бүлбилгөя» деген қус бар,қәпести ашып жүрме,бүлбилгөяны Ҳәмирениң қолына берип,адастырмай мениң жаныма алып кел,— деди.

Әне, бул жуўапты еситип, Ҳәштурық дәў Ҳәмирени ертип Шәман бағына кетти. Бағқа барып, сандықты көрсетип, өзи бир гүжимниң астына барып көзи уйқыға кетти. Әне, Ҳәмире сандықты ашып, бүлбилгөяны алып майданға шықты. «Бунын ишиндеги қандай қус екен, қәпести ашайын», деп қыял етти. Анда бүлбилгөя, қәпести ашқаннан жақты жәҳәнди көрип, бир нала урып сайрады. Сол сайраған наласына Ҳәмирежан есинен танып жығылды. Бул бүлбилгөяның сайраған ҳәўазы тахт үстинде отырған Ҳүрлизапыранның қулағына жетти.Сол ўақта Ҳүрлизапыран өзиниң Кәкнус деген хызметкер дәўине буйырды:

— Барып көр, егерде кимде-ким бүлбилгөяны қозғаған болса, аспанға алып шық, суў десе тасқа ур,тас десе суўға ур,ҳәр бир бөлегин қулағының қарашығындай қыл,— деди.

Әне,Кәкнус дәў Ҳүрлизапыраннан бул сөзди еситип,Шәмен бағына келди.Көрсе,қәпес ашылыпты, қәпестиң жанында бир адам есинен айрылып талып жатқанын көрди.Сол ўақтында Кәкнус дәў бул истиң сол адамыйзаттан болғанын билип,Ҳәмирени қушақлап аспанға алып шықты.Сол ўақтында Ҳәмире көзин ашып қараса, өзин бир дәўдиң қушағында көрди. Ҳәмире, дәўге жалынып, қолында сазы болмаса да,тилинде сөзи менен бир сөз деди:

— Рәҳим қылғыл келген дәў,
Мени пара-пара қылма,
Сәўер ярыма жеткизбей,
Бул өмиримди зая қылма.

Ағызбағыл көзден жасым,
Еритеди дағы-дашым,
Ҳүрлиқадур бас жолдасым,
Сен жеткизбей қара қылма.

Естирмегил қазан жели,
Солдырмағыл бағдың гүлин,
Пиримсең Ҳәзирети Әлий,
Бүгин мени пара қылма.

Ҳәмире айтар усы зарын,
Тасладым намысым-арым,
Дин ийманым,сәўер ярым,
Бул өмиримди қарап етпе,—

деп дәўге бул жуўапты айтты.Сол ўақтында Ҳүрлиқаның дәўи Ҳәштурық дәў уйқыдан оянып қараса, Ҳәмире жоқ,қәпес турыпты,ояқ-буяқты барласа,бир дәў пәнжесине алып Ҳәмирениң аспанда ушып жүргенин көрди. Сол ўақтында Ҳәштурық дәў, «мен буннан айырып алмасам болмас» деп, бул ҳәм аспанға шықты. Кәкнус дәўдиң самалын қайтара-қайтара оның жанына барып:

— Ҳә,дәў жора,бул не? — депти.

— Бул бир адамзат,тас десе суўға ураман,суў десе тасқа ураман,— депти.

Сол ўақтында Ҳәштурық дәў:

— Бул адамзатты маған бер,мен Ҳүрлиқаға алып барып,азы-кем сыйлық алайын,— деди.

Сонда Кәкнус дәў айтты:

— Сениң перийзатыңнан мениң перийзатым кем емес,— деди.

Сол ўақта еки дәўдиң сөзи ғажасып, белме-бел, жағама-жаға бир-бирине муш урғанда, ат теппешиниң дүканындай дүнке-дүнк бола берди. Бир бирлерине айрылысып-соғысқанда бир таў бир таўға соғысқандай гүмпе-гүмп бола берди.Анда Ҳәмире дәўлердиң қолынан жаздырылып кетип, неше жүз метр бәлентликте,«ҳәй қудайым,я суў,я саман,я гүжим,я қараман»,деп,әўлийе-әнбияларға сыйынып,бир сөз деди:

— Жоқтан бизди халық әйлеген бириўбар,
Бүгин маған мәдет берер күниңди,
Мени бул арада қойма интизар,
Бүгин маған мәдет берер күниңди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳақтын тәўратыны оқыған Муўса,
Төртинши аспанда ҳәзирети Ийса,
Ашықлар сәрдары Юсип-Зилийха,
Бүгин маған мәдет берер күнинди.

Қудиретиң күшлидур яратқан субҳан,
Дәўпериге патша болған Сулайман,
«Мен ғәрипке нәзер сал» деп жылайман,
Бүгин маған мәдет берер күнинди.

Қызыр Иляс, атың әлемге белли,
Ғаўсыл Ғияс пенен жүрдилер белли,
Ҳәмирениң пиридур Ҳәзирети Әлий,
Бүгин маған мәдет берер күнинди.

Бул гәп бул жерде турсын, ендиги гәпти Ҳүрлиқадан еситиң.

— Ҳәмире не ушын егленди, келмеди,— деп қорра таслады. Анда қоррада Ҳәмирениң нешше жүз гез бәлентликте киятырғанлығы көринди. Буны көрип, Ҳүрлиқа лашын болып аспанға ушты, барып Ҳәмирениң шамалын қайтара-қайтара жерге түсирди. Анда Ҳәмире есинен танып жатты. Ҳүрлиқа бул ҳалды көрип, пәрўанадай айланып, барлық қоррандозларды жыйнап, соларға қарап, қолына сазын алып, «гөззал ярыма шыпа таўып бериң» деп, бир сөз деди:

— Мүнәжжимлер, палдаманлар келиңлер,
Гөззал ярға шыпа табың, жанларым,
Қоррандозлар қорраңызды салыңлар,
Ҳәмирежанға шыпа табың, жанларым.

Мүнәжжимлер, итап ашып бағыңлар,
Яр жолында жаным отқа жағыңлар,
Мениң өкпе-баўырым менен қағыңлар,
Гөззал ярға шыпа табың, жанларым.

Гилтин бериң ғәзийнениң қолына,
Рәҳим етпең бул дүньяның малына,
Қырық бир ғәзийнем бар қуда жолына,
Гөззал ярға шыпа табың, жанларым.

Яр жолында жаным бәрбад әйлесем,
Жыртып жағам, даді-пәряд әйлесем,
Қырық мың қулды бүгин азат әйлесем,
Гөззал ярға шыпа табың, жанларым.

Ҳүрлиқа дер, бахтым мениң қарадур,
Пәлектиң жәбиринен бағрым жарадур,
Енди мениң жаным шығып барадур,
Гөззал ярға шыпа табың, жанларым,—

деп сөзин тамам етти. Анда қоррандозлар қорра салды, минажимлар пал ашты, Ҳәмирениң дәртине даўа тапты, Ҳәмире бурынғысынан ҳәм жақсырақ болды. Ҳүрлиқа шәҳәрине келип, тез ўақыт ишинде ләшкер жыйнап, бул истиң Ҳүрлизапыраннан болғанын билип, оның шәҳәрине урысқа барды. Анда жети кеше-күндиз урысып, ақыры Ҳүрлизапыранның ләшкери жеңилип, Ҳүрлиқа бүлбилгөяны алып, «туўысқаным Ҳүрлизапыран мойнына қылыш салып барса, гүнайын кешермен, болмаса кешпеспен», деп кейнине қайта берди. Сол ўақтында Ҳүрлизапыран қыял етти. «Ҳүрлиқаның ярын көрип қалмасам, маған шықпас әрман болар», деп қылышын мойнына салып, Ҳүрлиқаның көшкисине келди. Анда Ҳәмирени көрип, бийқарар ашық болып, Ҳүрлиқадан Ҳәмирени бир кеше сорап, қолына сазын алып, Ҳүрлиқаға қарап бир сөз деди:

— Садаған болайын, Ҳүрлиқажаным,
Бир ақшам ярыңды берсең не болды?
Яр жолында қурбан болсын бул жаным,
Ҳәмирежанды бир күн берсең не болды?

Ярыңды бир кеше мийман әйлейин,
Қәддине жанымды қурбан әйлейин,
Таза гүллериме бағбан әйлейин,
Ярыңды бир ақшам берсең не болды?

Ашық өлер машықлардың зарынан,
Үмитим бар әнжиримнен, нарымнан,
Кештим бул дүньяның гүлли барынан,
Гөззал ярың бир күн берсең не болды?

Бир адам келтирдиң апаң қасына,
Қылыш алып шабың мениң басыма,
Миндирсем ярыңды сийнем үстине,
Ярыңды бир ақшам берсең не болды?

Бахтымқара, атым Ҳүрлизапыран,
Паяны жоқ бул дүньяның бийпаян,
Айналсам басыңнан, хәй, Ҳүрлиқажан,
Бир ақшам ярыңды берсең не болды? —

деп сөзин тамам етти. Анда Ҳүрлиқа бул жуўапты еситип, Ҳүрлизапыранның бул сөзине қәҳәри келип:

— Хәй, Ҳүрлизапыран апа, не ушын ақылдан састың, сениң бул сөзиң қәбаҳатдур, апалы-сиңлиге нека түсе ме, бар, қазыны шақыр, раўият берсин,— деди.

Сол ўақта қазыға жасаўыл жиберди, жасаўыллар барып қазыны шақырды, қазы бул хабарды еситип Ҳүрлиқаның көшкисине келе берсин. Ҳүрлизапыран турып қыял етти: — Қазы келип, «нека түспес»

www.ziyouz.com kutubxonasi

десе, оннан қыйын ҳал болмас, оннан бурын мен қазының алдынан шығып, пара берсем де нека түсетуғын жағдайын қылайын, — дейип, қазының алдына шығып кетти. Қазының алдына барып, арзы-аўҳалларын айтып, қолына тилла сазын алып, қазыға қарап бир сөз деди:

— Садаған болайын, гүл жүзли қазым,
Қазым, маған «нека түседи» дейгөр,
Қулақ салып есит мениң бул дадым,
Қазым, маған «нека түседи» дейгөр.

Адамзат әҳлинен биреў келипти,
Мениң ақыл-қыялымды алыпты,
Қазым, сизден бир тилегим болыпты,
Қазым, маған «нека түседи» дейгөр.

Қырық мың ат берейин тилладан ерли,
Қырық мың қул берейин зерли кәмарлы,
Қырық мың қус берейин суймурық пәрли,
Қазым, маған «нека түседи» дейгөр.

Эрамның бағының бәрин берейин,
Қундыз шәҳримниң бәрин берейин,
Ғәзийнеханамды тағы берейин,
Қазым, маған «нека түседи» дейгөр.

Ҳүрлизапыран айтар ҳәрне билгенин,
Қабыл әйле, қазым, ҳәрне дегенин,
Дариғ етпе ҳәрне қолдан келгенин,
Қазым, маған «нека түседи» дейгөр, —

деп Ҳүрлизапыран қазыға арзыны айтты. Сол ўақтында Ҳүрлизапыраннан бул жуўапты еситип, қазының ўақты зияда хош болды.

— Ҳәй, Ҳүрлизапыран пәрий, мениң кеўил мақсетимди питкерсең, саған бир емес, отыз, қырық раўият таўып берермен, — деди.

Сол ўақта Ҳүрлизапыран айтты:

— Ҳәй, қазым, саған не керек? Алтын керек пе? Гүмис керек пе? Мал керек пе? Не керек? — деди.

— Ҳәй, Ҳүрлизапыран, мениң кеўлим сениң менен айшы-ишретте болсам, — деди.

Сол ўақытта Ҳүрлизапыран:

— Не қылсаң қыл, маған нека түсетуғын раўиятын тап, — деди.

Сол ўақтында қазы Ҳүрлизапыранды бир пинҳаны жерге алып барып, ҳәр жүзинен он бестен, отыз поса алды. Анда Ҳүрлизапыранға:

— Ҳәй, Ҳүрлизапыран пәрий, барабер, мен кейниңнен бараман, — деп жуўап берди.

Сол ўақытта Ҳүрлизапыран Ҳүрлиқаның көшкисине келди. Ҳүрлиқа Ҳүрлизапыранның жүзине қараса, жүзинде тис излерин көрип, реңкиниң ысытмадай солғанын көрип, буның бир ис қылып келгенин билип, қазыны күтип отыра берди. Анда көп өтпей қазы ҳәм келди.

— Ҳәй қазым, апалы-сиңлиге нека түсе ме? — деди.

Ҳүрлиқаға қазый айтты:

— Түседи, — деди.

Сол ўақтында Ҳүрлиқаның қәҳәри келип:

— Заңғар, сен қайсы китабында көрдиң? Маған баян ет! — деп, қолына сазын алып қазыға қарап дарғазап болып бир сөз деди:

— Хабар бергил, қай жерлерден келерсең?
Қазым, бизге ырас жуўабын берегөр,
Ырасын айта бер, жоқса өлесең,
Қазым, бүгин ырасыңнан келе бер.

Қазы болған бул ҳәддинен асар ма?
Бир сабақта еки алма писер ме?
Апалы-сиңлиге неке түсер ме?
Ҳәрне, қазым, ырасыңнан келебер.

Қазым, хош келипсиз бизиң араға,
Ақыл болсаң, мейил болма параға,
Қаның даўа болар аққан жараға,
Әмма, қазым, ырасыңнан келебер.

Таңла мәҳшер күни мизан қурылар,
Гүналы бенделер отқа урылар,
Бул еткен ислериң сеннен соралар,
Ҳәрне, қазым, ырасыңнан келебер.

Ҳүрлиқа дер, ертең болар қыямет,
Мойныңа қалмасын гүлли мәламат,
Жалған сөйлеп, әсий болмақ не ҳәжет,
Ҳәрне, қазым, ырасыңнан келебер, —

деп Ҳүрлиқа перий сөзин тамам етти. Қазы турып қыял етти. «Рас сөйлесем ҳәм өледи екенмен, жалған сөйлесем ҳәм өледи екенмен, таңла қыяметте қуданың алдында жалған сөйлеп шерменде болғанымнан гөре, ырас сөйлеп өлгеним жақсы емес пе» деп, қазы:

— Неке түспейди, - деди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол ўақтында бул жуўапты еситкен Ҳүрлизапыранның жанына от түсип:

— Заңғар, сен мени не ушын аўара еттиң, меннен отыз поса алдың, кел, енди көр, мен саған бир ғәзеп қылайын, сениң териңе саман тығып, үш ағашқа илдирмесем болмас, — деп Ҳүрлизапыран пәрий дарғазап болып бир сөз деди:

— Маған не ўәделер еттиң?
Кел, жуўабын бергил, қазым,
Ақырында мени неттиң?
Мәсләҳәтин көргил, қазым.

Әўел неге ўәде қылдың?
Неге мойныма қол салдың?
Меннен отыз поса алдың,
Алғаныңды бергил, қазым.

Билип қылмадың исиңди,
Таўыпсаң алдар кисиңди,
Олла, кесермен басыңды,
Иймаңыңды оқы, қазым.

Шығарып сени минарға,
Сүртермен жүзиңе қара,
Қыларман сени мың пара,
Тамашамды көргил, қазым.

Ҳүрлизапыран не қылсын,
Үйиң үстиңе жығылсын,
Қызың мендей ашық болсын,
Сонда қәдирин билгил, қазым, —

деп Ҳүрлизапыран сөзин тамам етти. Сол ўақта Ҳүрлиқа айтты:

— Ҳәй, Ҳүрлизапыран апа, бул ышқы саўдасы ҳәркимниң басына түсер, оны көрер, не ҳәм болса қазыға руқсат бер, қазы үйине қайтсын, — деди.

Сол ўақтында қазыға руқсат берди. Анда қазы саламат Ҳүрлизапыраннан алған отыз посасы олжа болып, өзиниң арыз жайына қайтты. Арыз жайына келип, халықтың арзын сорап, қазының кеўли әрам тапты. Ҳүрлизапыран ҳәм қуданың қылғанына қайыл болып, бул ҳәм өзиниң көшкисине қайтты.

Бул гәп бул жерде турсын, ендиги гәпти Ҳүрлиқа, Ҳәмиреден еситиң.

Ҳәмире айтты:

— Ҳәй, перийзатым, руқсат берсең, биз елге қайтсақ, — деди.

Анда Ҳәмиреден бул жуўапты еситип, тамамы дәўлерди тахтына бәнт етип, бүлбилгөяны ҳәм Ҳәмирени тахтына мингизип:

— Бизлерди түсимизде қосылған гүмбезге алып барасаң, — деп дәўлерге пәрман етти.

Сол ўақтында дәўлер тахтыраўаны менен Ҳәмирени, Ҳүрлиқаны, бүлбилгөяны көтерип Ҳәзирети Әлийдиң гүмбезине алып барды. Арадан неше саат өтти, ашықлар бир-бирин қыймай, мойынларына қолларын салып, бир-бириниң жүзлеринен поса алысып, ашықлық дәртине тоймай, бир-бириниң жүзине телмирип қарасып, айралықтан басқа илаж таппай бир-бириниң жүзине телмирип қарасып, айралықтан басқа илаж таппай, ақыры бир-бирине жуўап берип, қолларына тилла сазын алып, неше жерлерден тымсал келтирип бир сөз деп турыпты:

Ҳүрлиқа:
— Муннан кетер болсаң Мысыр шәҳрине,
Ҳәмире, сени бир аллаға тапсырдым,
Мени салдың айралықтың дәртине,
Ҳәмире, сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳәмире:
— Мени кетти дейип ғамгүн болмағыл,
Тез келермен, перийзатым хош енди,
Қызыл гүлдей ашылғанда солмағыл,
Қара көзим, шийрин тилим, хош енди.

Ҳүрлиқа:
— Жыламай нәйлейин, кеўлим бузылды,
Муҳаббат риштасы жаннан үзилди,
Пешанама бул не қысмет жазылды,
Ҳәмире, сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳәмире:
— Мени кетти дейип болма сергиздан,
Қыя бақышыңа жанымдур қурбан,
Бес күн аман болса тәнде шийрин жан,
Тез келермен, сүйген ярым, хош енди.

Ҳүрлиқа:
— Нешше шектим сениң жәбири-жапаңды,
Сүре алмадым сениң заўқы-сапаңды,
Адамзатсаң, ҳеш көрмедим опаңды,
Ҳәмире сени бир аллаға тапсырдым.

Ҳәмире:
— Сендей назлы ярдан жуда болғанша,
Өлген жақсы сен дилбардан қалғанша,
Бийсабырлық қылма та мен келгенше,
Тез келермен, перийзатым, хош енди.

Ҳүрлиқа:
— Келермен деп ақыл-ҳуўшым аларсаң,
Кетермен деп жаным отқа саларсаң,
Мунан кетип, неше айда келерсең?
Ҳәмире, сени бир аллаға тапсырдым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмире:
— Сенсиз күним кешер «аҳ» пенен «ўай»да,
Барып сабыр қылсаң тилла сарайда,
Өлмесем,келермен қайтып үш айда,
Көрискенше,сәўер ярым,хош енди.

Ҳүрлиқа:
— Ҳүрлиқа дер,жапа менен жәбирим бар,
Шын ашықпан,жол үстинде қәбирим бар,
Жолың қарап үш айғаша сабырым бар,
Бар Ҳәмирайым,бир аллаға тапсырдым.

Ҳәмире:
— Ҳәмире айтар,буйрық өзге болмаса,
Әжел жетип,шум пайманам толмаса,
Жаным шығып,жолда лашым қалмаса,
Тез келермен,перийзатым,хош енди,—

деп ашықлар сөзин тамам етип,үш айды ортаға салып:

— Ҳәй,Ҳәмиражан,мениң бул шашымның талларын алып кет,жолда басыңа ис түскенде отқа тутандырсаң, мениң мурныма ийиси келер, сол ўақтында мен шөлде-көлде ҳәзир болarман, бар Ҳәмирежан,— деп,қолына бүлбилгөяны берип,— Алла ярың болсын,Қызыр Әлейҳиссалам жолдасың болсын,— деп Ҳәмиреге жуўап берди.

Анда Ҳәмире саў-есен саламат,«қайдасаң Мысыр ўәлаяты» деп,шәҳәри Мысырға қарап рәўан болды.Ҳүрлиқа ҳәм өзиниң көшкине келип отыра берди.Әне,Ҳәмире сол кетисте баратырып өзиниң еткен ислерине кеўли толып,қолында сазы болмаса ҳәм,тилинде сөзи менен аллаталлаға жалынып бир сөз деди:

— Жаратқаннан бир тилегим бар еди,
Алла оңлап,оны алдым қолыма,
Ағам,иним,қарындастан айрылып,
Ярдан басқа киси қарамас ҳалыма.

Яр қолынан тоғыз кесе мәй ишмем,
Яр менен бийҳуш боп,ақлымнан кешмем,
Аман-есен өз журтыма жетиссем,
Аллатаала,өзиң басла жолыма.

Ярдың бағы алмамеди,нармеди?
Ярым мени бир көрмеге зармеди?
Аман-есен оны көрмек бармеди?
Ағам,иним,елим менен халқыма?

Ашық Ҳәмире айтар,өмиримни салып,
Бир ярдың жолында дийўана болып,
Яр қолынан бүлбилгөяны алып,
Аман барсам елим менен ҳалқыма,—

деп ҳәмире сөзин тамам етип жолға рәўана болды.Аз жүрип,көп жүрип,баяғы үш жолдың бәндиргисине келди.Ҳәмире тастың астын көтерип,қойған оқларына қараса,үшеўиниң ҳәм оғының турғанын көрип,ағаларының келмегенин билди.Ҳәмире қыял етти: — Мен ағаларымды таўып барсам атам кейир,— деп,ондағы жолға түсип,ағаларын излеп жөнеп кетти.Жолда бир қудықтың басына барып, бүлбилгөяны ҳәм сол жерге бәнт қылды.Өзи болса ағаларын излеп кетти.Сол барыстан Ҳәмире бир шәҳәрдиң үстинен шықты,бул көрген шәҳәри емес,Ҳәмире қайда кетерин болмай қарап тур еди, сол мәҳәлде Ҳәмирениң алдынан бир адам шықты.Ҳәмире ол адамнан сорады:

— Ҳәй,жақсы жигит,бул кимниң шәҳәри,ким болады бунық ийеси? — деди.

Ол адам жуўап берди:

— Бул журт Шадийхан патшаның журты,— деди.

Бул адамнан патшаның бәргасын сорап алып,көшелерди аралап патшаның арыз жайына жетти. Анда патша айтты:

— Ҳәй,жас жигит,қайсы бағдың гүлисең,қай шәменниң бүлбилисең,бул жерге қай жерлерден келдиң? — деди.

Сол ўақта Ҳәмире өзиниң жолын баян қылып патшаға қарап бир сөз деди:

— Қулақ салып есит,әзиз патшайым,
Беглер,еки ағаларым жойыттым,
Алты айға сәр урды ҳәр бир күнлерим,
Беглер,еки туўысқаным жойыттым.

Оларды көрмесем,болмас қарарым,
Мысыр шәҳәри болар мениң диярым,
Бир енеден туўған еки қошқарым,
Қой ишинде қошқарымды жойыттым.

Эрамның бағына өзим барғанман,
Пери патшасы менен дәўран сүргенмен,
Несип айдап бул жерлерге келгенмен,
Беглер,еки қарындасым жойыттым.

Айралық жәбиринен жүрегим пара,
Сийнеме шекилди сәпрашлы жара,
Хожа,Сейит,Ахун,пақыр-пухара,
Беглер,еки қарындасым жойыттым.

Атым Ҳәмире,өзим жүрек дағыман,
Басым ящдур,хан янында уллыман,
Ҳәмире дерлер,Қысыраў шаның улыман,
Беглер,еки боз суңқарым жойыттым,—

www.ziyouz.com kutubxonasi

деп патшаға өз арзыны баян етти.
Анда патша:
— Сабыр ет, муратқа жетерсең, — деп Ҳәмиреге кеўил айтты.
Анда Ҳәмире Шадыхан патшаның дәргасында бола берди. Әне, Шадыхан патша Ҳәмиренин алдынан журтын өткермек ушын узаққа хат жиберип, жақынға ат жиберип, тамамы халқын жыйнады. Сол ўақтында патша:
— Ҳәй, Ҳәмирежан, ағаларың бар болса, сол халықтың ишинен көресең, болмаса, бизиң халқымыздың болғаны, — деди.
Ҳәмире халқын бир қатар көзден өткерип:
— Мениң ағаларым бул халықтың ишинде жоқ, — деди. — Халқыныздың болғаны ма, ямаса басқа да журт бар ма? — деди.
Патша айтты:
— Бул жанымызда бир журт бар, оның патшасы Қызпалўан, — деди.
Әне, Ҳәмире Қызпалўанның журтына силтеў алып кете берди. Сол ўақта Ҳәмире қыз палўанның журтына барып, көшелерди аралап,, кәлле бас-сыйрақ, қарын, бақай сатып отырған базардан өтип еди, сол адамлардың ишинде еки ағасын таныды. Буларды көрип, ағаларына билдирмей геллешиниң хожейинине барып:
— Әй, геллеши, бизге еки табақ аўқат алып кел, — деп, қалтасынан бир қысым теңге шығарып берди. Геллеши бул ҳалды көрип, еки табақ аўқатты Ҳәмиренин еки ағасына көтерип, өзи болса қуман менен шылапшынды көтерип, бир қолтығына дастурханды қысып, Ҳәмирениң хызметине келди. Ҳәмире айтты:
— Геллеши аға, өзиң қайта бер, хызметкерлериң келсе болады, — деди.
Сол ўақытта геллеши кейнине қайтты. Еки ағасы еки табақ аўқатты алып Ҳәмирениң жатқан жерине келди. Сонда Ҳәмире айтты:
— Ҳәй, жигитлер, өзлериңиз жейғойың аўқатты, — деди.
Буны еситип ағалары қуўанып, еки табақ аўқатты екеўи жеп, қурсағын тойдырды. Ҳәмире айтты:
— Сораспақ айып емес, қай жердиң балаларысыз? — деди.
Ағалары айтты:
— Биз бастан өткенди айтып отырсаң көпке созылар, биз Мысыр ўәлаятынанбыз, Қысыраў шаның перзентлеримиз, бизлер үш ағайинли едик, Ҳәмире деген инимиз бар еди. Атамыз түсинде бүлбилгөя деген қусты көрип, әне сол қусқа бизлерди жумсап еди, Ҳәмире инимиз болса сол қустың изинен кетип, хабар-атар жоқ. Ал бизлер болса, бул жерге келип ат-жарақ, әсбаптан, еки қоржын толы қызыл алтыннан айрылдық. Қаланың патшасы Қызпалўан өзи палўан екен, гүресте жығылдық, сөз шертистик, жеңилдик, ал енди шатыраш деген бир ойыны бар, сол ойынды қурып, бир пышығы бар, үстине төңке шыра жағып ойынға киристи. Ойыннан ҳәм утылдық, солай етип барлық алып келген затларымызды соның жолында жоқ қылдық. Енди талап болмағансоң, мына геллешиге келип күнде қол қаралы қарын, гелленин бир жақ-қулағы, бир бақай, ҳәр қайсымызға қарыс-ярымнан ишек, бир қырмадан гелле-бақайдың сорпасын береди. Сөйтип күнелтип жүрген халымыз бар, — деди.
Әне, Ҳәмире бул жуўапты еситип:
— Жигитлер, иниңиздиң не белгиси бар еди? — деди.
— Инимиздиң белгиси — арқасында бес пәнжениң орны бар еди, — деп жуўап берди.
Сол ўақта Ҳәмире арқасын ашады, бес пәнжениң орнын көрип, «иним Ҳәмире сенбедиң, қараңғы жердиң жақтысы, гәўҳарым Ҳәмирем сенбедин» деп, ағалары мойнынан қушақлап жылаca берди. Сол ўақта Ҳәмире айтты:
— Ҳәй, ағалар, жылаca бермең, мунның шарасын қыламан, -деди.
Әне, Ҳәмире Қыз патшаның көшкине қарап жөнеп кетти. Жолда гүнжи қырманның үстинен жүрип, ҳәр қолтығына бир-бир тышқан жайғастырып, Қыз патшаның көшкине барды. Әне, Қыз патша Ҳәмиренин келгенин көрип, гүреспеге таяр болды, әне, екеўи гүресип, Қыз палўанды жықты, саз шертиспеге отырды, сазендешиликтен де женди, енди пышықты ортаға шығарып, үстине төңке шыра жағып, шатыраш ойнаўға киристи. Ойыншы қыз Ҳәмирени утып баратыр, сол ўақта Ҳәмире қолтығындағы тышқанның биреўин шығарып пышықтың кеўлин бөлди. Пышық тышқанға атайын-атайын деп шамалап қалды. Және ойынға киристи. Тағы ойыншы қыз Ҳәмирени утып баратыр. Сол ўақта Ҳәмире екинши тышқанның аяғына жип байлап, пышыққа жетирип-тартып, жетирип-тартып

www.ziyouz.com kutubxonasi

пышықтың анық кеўлин аўдарды.Пышық тышқанды көргеннен сон қуйрығын зиңкийтип,көзин қызартып,кулағын тикирейтип,муртын таўлап,тышқанға қарап өзин атты,төңке шыра буяққа түсти. Сол ўақтында Хәмире бул пурсаттан пайдаланып қыз патшаның мойынларынан қушаклап:

— Мен уттым! — деди.

Сол ўақытта Қыз патша айтты:

— Мейли,Хәмире,мен сеники болдым,ықтыярым қолыңда,—деди.

Әне,Қыз патшаны Куршид ағасына үш күн той-тамаша қылып некалады.Сол жерде бир байдың қызы бар еди,атыны Гүлжан дер еди,бул қызды хәм Зийўар ағасына алып берди.Ағаларын хәммамға жиберип, шаш, тырнақларын алдырып, базардан шапан, етик, телпек сатып алып, белин бууып, ат мингизип,еки ағасын үйлендирип,соның қызығына атын минип ояққа-буяққа шаўа берди.Сол ўақты Хәмирениң ағалары: — Бул заңғар бизлерди елге барғанда атқа бастырып өлтиреди,мунын жолда ғамын жейик,— деп пикир алысады.Көп сөз мурады-хасыл,булар ағайинли үшеўи саў-саламат «Мысыр қайдасаң» деп жолға рәўана болды. Аз жүрип, көп жүрип Хәмирениң бүлбилгөяны қойып кеткен кудығының басына келип аўқатланбаға отырды. Сол ўақтында нешше күннен бери уйқы алмаған Хәмире көзи уйқыға кетти. Хәмирениң ағалары сол жерде жаманлық қыял етти. Әне, Хәмирени өлтирейик, деп қолайласты, буны Хәмире билип, ағаларына жалбарып, қолында сазы болмаса хәм, тилинде сөзи менен неше жерден тымсал келтирип, бир сөз айтты:

— Ағасы, ағасы залым ағасы,
Өлтирип қалмаңыз наҳақ қаныма,
Үшеўимиз хәм бир адамның баласы,
Өлтирип қалмаңыз наҳақ қаныма.

Ашықлар халқының азары болмас,
Туўғаннан туўғанның бийзары болмас,
Шөл жерде өлгенниң мазары болмас,
Өлтирип қалмаңыз наҳақ қаныма.

Бул жерлерде қалдым наҳақ жалаға,
Өлим барабардур шаҳыў-гәдаға,
Бир арзым бар,айталмадым атаға,
Өлтирип қалмаңыз наҳақ қаныма.

Хәмире айтар,айра түстим елимнен,
Бағ ишинде өскен алма нарымнан,
Бүлбилгөя кусым кетти қолымнан,
Өлтирип қалмаңыз наҳақ қаныма,—

деп сөзин тамам етти.Сол ўақта бүлбилгөя айтты:

— Мени Эрамның бағынан қозғаған хәм сол еди, буны өлтирмең, күйдирмең, еки көзин ойып маған бериң, мен бир жутып жүрегимди суўытайын, — деди.

Буған инанды ағалары, Хәмирениң еки көзин ойып, бүлбилгөя кустың алдына таслады. Кус жәниўар жуткан болып,Хәмирениң еки көзин еки канатының астында саклап қойды.Әне,Хәмирени ағалары көзин ойып сол кудыққа таслады. Сол ўақтында Хәмире ағаларына елине сәлем жоллап, қолында сазы болмаса хәм, тилинде сөзи менен бир нешше еллерге сәлем айтып, бир сөз деди:

— Ағалар, ағалар залым ағалар,
Хәрне көргениңди баян дегейсең,
Жалғыз иниң қалды шаның ишинде,
Өлгени жок,есен-аман дегейсең.

Тоғыз ай,он күнлеп мени көтерген,
Пәрўа кылып кәмалыма жеткерген,
Сәхәр турып суў орнына сүт берген,
Мийрибан енеме сәлем дегейсең.

Не жаман саўдаға түсти бул басы,
Көзин ойып, шаға салды ғардашы,
Ишкени зәхәрдур, заққумдур асы,
Жылан, шаян жолдасы бар дегейсең.

Айта берсем,ада болмас бул дағым,
Бул жерлерде өлсем,болмас сорағым,
Бир емшектен сүт емискен қарағым,
Жәмийла синлиме сәлем дегейсең.

Белине қысметтиң курын байлаған,
Пырағымда сийнелерин дағлаған,
Келмеди деп жолға қарап жылаған,
Ша Қысыраў атама сәлем дегейсең.

Хижри отына жанды уғлың жүреги,
Көзин ойды, енди жокты кереги,
Ақырында Хәмирежанның тилеги,
Хақтан бир гәўхарий ийман дегейсең,—

деп сөзин тамам етти.

Ағалары айтты:

— Бул заңғар еле хәм өлмеген екен,— деп кудыққа тас зыңғытмаққа баслады.

Әне, бираз ўақыт өткенен кейин:

— Хәй, Хәмирежан, тири болсаң сес бер, бизлер кәтелесиппиз, атамның жанына алып кетемиз, — деп қышқыра берди.

Сол ўақта Хәмире ойланды. «Булардан әўел мен не жақсылық көрдим» деп, сестин шығармады.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әне, ағалары Ҳәмирениң сести шықпағанына «өлмеген екенсен-ә» деп қуўанысып, Ҳәмирениң атын жетекке алып, бүлбилгөя қусты ҳәм қолына алып, «қайдасаң Мысыр шәҳәри» деп бәдар кетти. Кетип баратырып жолда мәсләҳәт етти: — Бизлер Ҳәмирениң атын алып барсақ, атам инанбас, — деп, Ҳәмирениң атын өлтирип, үстине тас үйип, нәрсе көрмегендей, зат билмегендей етип қайталдан жолын даўам етти. Неше мәнзиллер жол жүрип, дем тартып, ылғал етип Қысыраў патшаның алдына барып, сегиз сәлем, тоғыз тәзим менен бүлбилгөяны алдына қойды. Анда Қысыраў патша:

— Әй Куршид, Зийўар! Ҳәмире қаяқта? — деди.

Сол ўақтында:

— Еле сиз Ҳәмирени ҳәм жиберippедиңиз, бизлердиң ҳәлек болып жүргенимиз азбеди? — деди.

Анда Қысыраў ша:

— Бул қустың кейнинде мениң сүйер қозым Ҳәмирежан жоқ болып кетсе, бүлбилдиң неге кереги бар? — деп, қанжарын алып бүлбилгөяны өлтирмеге таярланды. Сол ўақтында бүлбилгөя айтты:

— Мен еситер едим, патшада қырық адамның ақылы болар емиш деп, лекин сизде дүзиўирек бир адамның ҳәм ақылы жоқ екен. Журтыңызда шертиўши сазенде, айтыўшы бақсы болса жыйна, мен саған саз бенен қосып Ҳәмиреңнен хабар берейин, — деди.

Анда Қысыраў журтында шертиўши сазенде, бақсыларды жыйнады. Әне, сазенделер жәм болып, отыз еки сазды бир дүзди. Анда саздың ортасында турып бүлбилгөя қус Қысыраў патшаға қарап, Ҳәмиреден хабар берип, бир-еки кәлима сөз сөйледи:

— Қулақ салып, арзым есит патшайым,
Ақлы-хуўшың, қарарыңнан айрылдың,
Салды сени айралықтың жәбирине,
Дағ жығылды, шанарыңнан айрылдың.

Қапа пәлек киси шырқын бузғанды,
Ғәним менен бир мәсләҳәт қурғанды,
Тақыйық билгил, сени қуда урғанды,
Алғыр лашын, суңқарыңнан айрылдың.

Эрамның бағынан мени келтирген,
Жуўҳалықты пәрийлерден өткерген,
Ағаларын жоқшылықтан қутқарған,
Журт ийеси султаныңнан айрылдың.

Нәсим киби оны наҳақ сойдылар,
Ҳәмирежанның еки көзин ойдылар,
Ағалары бир қудыққа салдылар,
Ҳақ нышанлы султаныңнан айрылдың.

Бүлбилгөя айтар, сөздиң ырасы,
Перзент болар адамзаттың панасы,
Қойыңның қошқары, қозың көрпеси,
Генже қозы қошқарыңнан айрылдың, —

деп бүлбилгөя саз бенен сөзин тамам етти. Сол ўақтында Қысыраў бүлбилгөядан бул жуўапты еситип есинен айрылып, мысалы жүз жылғы өли болып жатты. Бир неше ўақытлар арадан өтти. Патша хуўшына келип, дарғазап болып:

— Жәллат! — деди.

Жәллатлар таяр болды.

— Куршид, Зийўардың қол-аяғын буўыңлар, — деп буйрық етти.

Сол ўақтында Куршид пенен Зийўардың қолларын байлап бәнтке қойды. Анда Қысыраў патша баласы Ҳәмирени жоқлап, қолында сазы болмаса ҳәм, тилинде сөзи менен, бир неше жерлерден тымсал келтирип бир сөз деди:

— Тынбай сәҳәр пәряд етсем,
Табарман ба, балам, сени,
Жыртып жағамды яак етсем,
Табарман ба, балам сени.

Ибрайымдай отқ күйсем,
Исмайылдай қурбан болсам,
Даўыттай қырық уғыл берсем,
Көрермен бе, балам сени.

Дәрьядай тасып қайнасам,
Мансур киби дар ойнасам,
Кәкнус киби от шайнасам,
Табарман ба, балам сени.

Көрмек жүзиң болды гүман,
Болды маған ақырзаман,
Тәр әйлесем тажы-тахттан,
Табарман ба, балам сени.

Қысыраў айтар, болдым ғәрип,
Қалдым изинде сарғайып,
Жақты жәҳәнди ақтарып,
Табарман ба, Ҳәмире сени, —

деп сөзин тамам етти. Сол ўақтында Ҳәмирениң енеси Мийирбан кемпир бул хабарды еситип, Ҳәмирени жоқлап бир сөз деди:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Дағлар аҳымнан думандур,
Балам,сеннен айрылғалы,
Күним күн-күннен жамандур,
Балам,сеннен айрылғалы.

Бул ўатан не ўатан болды,
Дәўран бизден кетер болды,
Кийген тоным кепин болды,
Ҳәмире,сеннен айрылғалы.

Не саўда түсти басыма,
Пәлек уў қатты асыма,
Жаман ис түсти басыма,
Балам,сеннен айрылғалы.

Бәлент дағларым пәс болды,
Шийрин жаным қәсте болды,
Көрер көзим көрмес болды,
Балам,сеннен айрылғалы.

Мийирбан дер мениң атым,
Ҳаққа жеткей бул дадым,
Жүрегимде жанар отым,
Балам,сеннен айрылғалы,—

деп Ҳәмирениң енеси ҳәм сөзин тамам етти.

Әне, бул жуўаптан кейин Мысыр ўәлаятының тамам жасы уллы, жасы кишилерин жыйнап, Ҳәмирениң қалған қуйысына барыўға мәсләҳәт етти. Анда Куршид пенен Зийўарды жәллаттың алдына салып:

— Отырса басына,турса аяғына урың,таслаған қуйысын тапсын,— деп ҳүким етти.

Анда Куршид,Зийўар бул қысыўметке шыдай алмай: — Булар бизлерди өлтирмекши екен,буларды қуйыға салып бармай,шөлге алып барып өлтирейик,— деген қыял етти.

Әне, өзин шөлге қарап ала берди. Бул ҳалды бүлбилгөя билип: — Бул заңғарлар әўел Ҳәмире уғланнан айырды,екинши сени ел-халқыңнан айыражақ,жолды өзим баслайман,— деп,халықтың алдына түсип қус жәниўар пәрўаз етип ушып баяғы Ҳәмирениң жатқан қудығының басына қонды.

Анда Қысыраўша:

— Ҳәмире уғлымның жатқан қуйысы усы ма? — деп сорады.

— Аўа,сол,— деп бүлбилгөя жуўап берди.

Сол ўақта Қысыраўша қуйының аўзына барып,баласы Ҳәмирени яд етип,қолында сазы болмаса ҳәм,тилинде сөзи менен бир сөз деди:

— Сен кеткели жоқты сабырыў-қарарым,
Барың-жоғың болды маған гүмана,
Белимниң қуўаты,тизде мәдарым,
Сни көрсем,гамгүн кеўлим қуўана.

Сен кеткели хәсирет түсти басыма,
Зәҳәр-заққым қосылыпты асыма,
Пәлектиң гәрдиши түсип мойныма,
Пырағында мени қойды думана.

Үш ай болды,мениң кеўил хошым жоқ,
Жыламақтан өзге мениң исим жоқ,
Қулақ салсам,ша ишинде сестиң жоқ,
Бары-жоғың маған болды гүмана.

Қаза тығын тәңири маған тығып тур,
Ҳижран отына баўырым жанып тур,
Жудалықтың дәрти қәддим бүгип тур,
Жолғ түсир жүрей десем рәўана.

Қысыраў айтар,мундай күнди көргенше,
Перзент дағы кетпес тәҳи өлгенше,
Гүл жүзли Ҳәмиремнен жуда болғанша,
Мен ырзаман шул күн толса паймана,—

деп Қысыраўша сөзин тамам етти,сонда да қудықтан саза шықпады.Анда Ҳәмирениң анасы уғлыны жоқлап бир ғәззел айтты:

— Бармысаң бул ша ишине муптала болған балам,
Қәўми-қардаш,ел-халқыңнан жуда болған балам,

Билмедим,бул ша ишинде не кешер ҳалың сениң,
Мары-әждар зәҳри менен мийнеси толған балам.

Сағынып ата-анаң келди жаныңа телмирип,
Жас орнына көзинен қан рәўан болған балам.

Әне,басқа туўысқанлар зулым әйледи жаныңа,
Еки залымның қолында муптала болған балам.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен един бул Меҳрибанның жүрегиниң куўаты,
Ша басында дад етермен,бармысаң Ҳәмире балам?

Әлқысса,бунда ҳәм шадан саза шықпады.Анда қарындасы Гүлжәмийла күйип-өртенип,зар-зар жылап бир ғәззел айтты:

— Ҳәсиретинде қәсте жаным отқа жағарман,қардашым,
Келмеди деп шар тәрепке мен бағарман,қардашым,
Күнде сени яд етип үйден шығарман,қардашым,
Ҳижран отына жанып,суўдай ағарман,қардашым,
Излесем енди мен сени,қайдан табарман,қардашым?

Ҳәсиретиңнен қалды анаң зары-сергиздан болып,
Жас төгип жылар анаң еки көзи гриян болып,
Ол себепли мен жыларман жүрегим ўайран болып,
Излесем енди сени,кайдан табарман,қардашым?

Паный дүньяның мазасын билмейин өтти,ўа,дариғ,
Бир келип меннен хабар алмай ағам өтти,ўа,дариғ,
Енди гүлдиң ғумшасы ашылмай өтти,ўа,дариғ,
Еки залымның қолында күлмейин өтти,ўа,дариғ,
Излесем енди мен сени,кайдан табарман,қардашым?

Бермеди қапа пәлек ағамның исине раўаж,
Өзи кетти,мунда қалды малы-мүлки,тахты-таж,
Нешик енди ша ишинде жаттың нәзик мизаж?
Мен ғәрип бир бендедурман,пашықәста нәйлаж,
Излесем енди мен сени,қайдан табарман,қардашым?

Нәйлейин,қәдир кудайым бизди қылдылар ғәрип,
Мен ғалыппан ғәрипликте запырандай сарғайып,
Бул ағамның ўаспыны мен айтайын елге барып,
Көзлерим жолында гирян,ҳәр тәрепке телмирип,
Излесем енди мен сени,қайдан табарман,қардашым?

Гүлшаны Бағы Эрамда бир гүли-раъна еди,
Бир лутфли,қыялы нур,өзи зийба еди,
Еки дүньясы бир питкен гәўҳары-маржан еди,
Кәрим сөзли,бәзим сөзли,бир ҳасылзада еди,
Излесем енди мен сени,қайдан табарман,қардашым?

Бермеди қапа пәлек зәрредей дәўран маған,
Әйледи халқы-халайық тағы аҳыў-апқан маған,
Тәҳриден келди жапа,мәрги бийдәрман маған,
Гүлжәмийла ыразы қылсын гәўҳары ийман маған,
Излесем енди мен сени,қайдан табарман,қардашым?

Әлқысса,бул сөзден соң Ҳәмирениң атасы-анасы тағы шақырды,қудықтан саза болмады.Анда қарындасы Гүлжәмийла: — Сол қуйыда ағам хәлек болған болса,мениң тири қалғанымнан не пайда? — деп,барып қуйыға өзин атажақ болды.Сол ўақта халайықлар жибермеди.Туўысқан жаман дәрт екен,айралық отына баўрын дағлап,ағасының пырағында жылап,туўысқаны Ҳәмирежанды жоқлап, қудыққа қарап зар-зар жылап,қолында сазы болмаса ҳәм,тилинде сөзи менен бир сөз деди:

— Еки ағам дейип гүман әйлеме,
Мен бахтықараман,ағам бармысаң,
Жақсы руўзыгеримди зиндан әйлеме,
Ҳәмире ағам,шийрин жаным бармысаң?

Ҳәсиретиңнен тәнде жаным күл болды,
Сенсиз өткен хәр бир күним жыл болды,
Туўғаныңнан қысмет саған сол болды,
Ҳәмирежаным,мийирбаным бармысаң?

Қызыл гүлим солды жақты жәҳәнда,
Я өлиң,я тириң бизге ғумана,
Жалғыз ҳалың қалай кешти зинданда,
Мийирбаным,жалғыз ағам бармысаң?

www.ziyouz.com kutubxonasi

Максет-мурадынды алла бермеген,
Бул дүньяда бес күн дәўран сүрмеген,
Мийнет шегип,рәҳәтин көрмеген,
Журт ийеси Султан ағам бармысаң?

Гүлжамийла айтар,мениң сырласым,
Пырағында ағар көзимнен жасым,
Тасларға урайын бул ғәрип басым,
Мийирбаным,Ҳәмирежаным бармысаң?

Әне бул жуўапты еситип,Ҳәмире турып қыял етти: — Ата-енем,қәўми-қарындасым келгенлиги ырас болса керек,көздиң жасы шаның ишине ағып турыпты ғой,мен жатпайын,тирилигимнен хабар берейин,— деп,қолында сазы болмаса ҳәм,тилинде сөзи менен келген аға,қәўми-қарындасларына қарап,зинданның ишинде жатып бир сөз деди:

— Кимсең мениң гөне дәртим қозғаған?
Сениң сендей қайсы қарындасым бар?
Қараңғы ша маған болыпты ўатан,
Ҳақтың панайында кеўил хошым бар.

Мәрҳамат тилермен Әлий қәбиринен,
Ашық жетер мақсетине сабыр кеўилден,
Әне,басқа туўысқанның жәбиринен,
Ҳижри отына күйген ишим-тысым бар.

Сен сөйлерсең,болмас мениң қарарым,
Кимсең,ағам дейип меҳир қойғаным?
Жылан,шаян мениң мунда ҳәмдамым,
Зәҳәр-заққым салған туўысқаным бар.

Үстидедур ғам-қайғының думаны,
Ша ишинде билмем жақсы-жаманды,
Мениң аҳым тутар жақты жаҳанды,
Тынбай ағар көзден қанлы жасым бар.

Ҳәмире айтар,тәңири берсин ийманым,
Қараңғы ша болды енди мәканым,
Ҳеш кимсе билмесин жақсы-жаманым,
Мениң енди адам менен не исим бар? —

деп сөзин тамам етти.Сол ўақтында Мысырдан келген қәўмы-қарындас,ағайын-туўғанлар «Ҳәмире бар екен» деп ўақты зыяда хош болды.Елдиң белгили жигитлеринен белине арқан байлап қудыққа түсирди.Әне,Ҳәмирени саў-саламат қудықтан шығарып алдылар.Сол ўақтында Ҳәмире ели-халқын сорап,ата-анасына қарап бир сөз деди:

— Мысырдың журтынан келген жанларым,
Хабар бериң,бизиң еллер аман ба?
Саясына күн түспеген бағларым,
Бағда ашылған таза гүллер аман ба?

Бағларыңның алмасы бар,нары бар,
Ҳәр кимниң өзине ылайық яры бар,
Мениң нешик талайымның соры бар,
Ярдан айра түскен жанлар аман ба?

Ҳеш пайда таппадым ашна-билиштен,
Жаман хорлық көрдим туўған қардаштан,
Алтысы жаздандур,алтысы қыстан,
Он еки айда өткен жыллар аман ба?

Бул дүнья дегениң бир бөлек жайдур,
Биреўлер патша болса,биреў гедейдур,
Паный дүнья бир кәрўан сарайдур,
Патша болған Қысыраў атам аман ба?

Бедеўлер минип мен шикар шыққаным,
Тазылар жуўыртып,жырақ баққаным,
Қусларымды салып,тәбле қаққаным,
Биз көрген соналы көллер аман ба?

Ҳәмире айтар,сәрмәс болып қушпаға,
Қанатым жоқ,қайып-қайып ушпаға,
Илажым жоқ шадан қашып шықпаға,
Ҳүрлиқадай сүйген ярым аман ба? —

деп сөзин тамам етти.
Әлқысса, Ҳәмире қудықтан шыққаннан кейин бир неше саатлар дем алып жатты. Бир ўақтында Ҳәмимре:

— Гүлжәмийла қарындасым,бар болсаң,от жақ,—деди.

Әне,Гүлжәмийла от жағып,муштай қоз әкелип Ҳәмирениң алдына қойды.Анда Ҳәмире естелик ушын берген шаштың талларын отқа тутандырып,Ҳүрлиқаны яд етип бир сөз деди:

— Жаўыз күн түсти басыма,
Кел енди ярым,кел енди.
Рәҳим әйле көз жасыма,
Кел енди ярым,кел енди.

Түсти басыма қыямет,
Сенсиз шегермен мен мийнет,
Еле бул дәўран ғәниймет,
Кел енди ярым,кел енди.

Жапалар өтти жаныма,
Сен қулақ сал пығаныма,
Мириўбет әйле жаныма,
Кел енди ярым,кел енди.

Еситкил ашықтың зарын,
Гүлли мийнет болса барын,
Бул дәрттен өлместен бурын,
Кел енди ярым,кел енди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмире айтар, үмитим сеннен,
Жаным шығар болды тәннен,
Егер қол үзбесең меннен,
Кел енди ярым, кел енди, —

деп Ҳәмирежан сөзин тамам етти. Анда Ҳүрлиқаның күйген шашларының ийиси мурнына жетти. Ҳүрлиқа айтты:

— Ҳәмирениң жолда-изде басына ис түссе керек, — деп, тамамы дәўлерди тахтына бәнт етип, қырық кәнизеги менен Ҳәмирениң жатқан қудығының басына түсти. Сол ўақта бир аласат пайда болды. Ҳәмире айтты:

— Бул не аласат? — деди.

Анда Жәмийла айтты:

— Қудықтың басына қырық кептер келип қонды, — деди.

Ҳәмире айтты:

— Егер ондай болса, мениң дөгерегимди майдан қылып қойын, —деди.

Аламан серпилип, Ҳәмирениң дөгерегин майдан қылып қойды. Әне, кептерлер силкинип қырық кәнизек қыз болды. Ишиндеги тоты силкинип, Ҳүрлиқажан болып, Ҳәмирениң дөгерегин айланып аспанға ушып, жерге түсип, «сәўер ярым, бел қуўатым, көрер көзим, сөйлер сөзим, саған не болды?» деп, қолында сазы болмаса ҳәм, тилинде сөзи менен Ҳәмирениң ҳалларынан хабар алып бир сөз деди:

— Сөйле жаным, не ис түсти басыңа,
Айналсам мен қара нәркис көзиңнен,
Жатыр едим, хабар барды хуўшыма,
Айналсам мен қара нәркис көзиңнен.

Кисиниң ағасы сондай болар ма,
Көзин ойып бул қудыққа салар ма,
Қыяметтиң обалына қалар ма,
Айналсам мен қара нәркис көзиңнен.

Бул не қайғы, бул не ҳәсирет жанларым,
Бул не апат, бул не ғулпет жанларым,
Жақсылыққа бул не дөҳмет жанларым,
Айналсам мен қара нәркис көзиңнен.

Насмий киби мениң постым сойыңлар,
Ярым ушын мениң көзим ойынлар,
Көзим алып, яр көзине салыңлар,
Айналсам мен қара нәркес көзиңнен.

Ҳүрлиқа дер, мениң бағрым өртенди,
Ада болмас маған дәрти-ғам енди,
Көздиң жасы аға-аға сел болды,
Айналсам мен қара нәркис көзиңнен, —

деди.

Сол ўақтында Ҳүрлиқажан бул сөзин айтып тамам етти. Ҳүрлиқа қасындағы қоррандоз, палдаманларына буйырды:

— Мүнәжжимлер, пал салыңлар, қоррандозлар, қорра тасланлар, Ҳәмирениң дәртине даўа табыңлар, — деди.

Әне, қоррандозлар қорра таслап, палдаманлар пал ашып:

— Әй, Ҳүрлиқажан, егер Ҳәмирениң көзлери табылса, Бағы Эрамнан ақ гүл, қызыл гүл алып келсең, абызәмзәмнен бир шанақ суў алып келсең, Ҳәмирениң көзлерин сол суў менен жуўып орнына қойып, ақ гүл, қызыл гүл менен сыласаң, ашылатуғын шыпасы бар, — деди.

Сол ўақтында Ҳүрлиқа еки перийзатты Эрамның бағына жиберип:

— Ақ гүл менен қызыл гүл алып келесиз, — деп буйрық берди.

Еки перийзатты абызәмзәмниң суўына жиберип:

— Бир қырма суў алып келесиз, — деп буйрық берди.

Әне, перилер бир саат, ярым саатта орынлап, Ҳүрлиқаның қолына берди. Ҳүрлиқа:

— Ҳәмирениң көзлери қәне? — деп бүлбилгөядан сорады.

Бүлбилгөя қанатларының астынан Ҳәмирениң көзлерин шығарып берди. Сол ўақтында абызәмзәм суўына жуўып, ақ гүл, қызыл гүл менен сылап, «қәне, ярымның көзи ашылсын» деп, қолына сазыны алып, пирлерди яд етип, зар-зар жылап бир сөз деди:

— Қәдир алла рәҳим қылғыл ҳалыма,
Әўел атың Рәҳим Рахман ҳаққы ушын,
Истеген тилегим бергил қолыма,
Жети қат жер, жети аспан ҳаққы ушын.

Қара қылғыл рақыплардың жүзини,
Қабыл қылғыл мен шикасталар сөзини,
Лүтфиң менен ашқыл ярдың көзини,
Пайғамбарға енген қуран ҳаққы ушын.

Ибрайым, Исмайыл, Юсуп пайғамбар,
Даўыт улы Сулайман әлемге сәрўар,
Истеген тилегим, алла, өзиң бер,
Әбиўбәкир, Омар, Оспан ҳаққы ушын.

Инжилди оқыған Ҳәзирети Ийса,
Тәўратты қатым еткен Ҳәзирети Муўса,
Тәңириниң арысланы Әлий Муртаза,
Иззет еткен Бийбипатма ҳаққы ушын.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳүрлиқа дер, булдур мениң тилегим,
Ҳижран оты менен жанды жүрегим,
Ҳәмирениң көзлери мениң керегим,
Рәҳим әйлен пақыры-жәҳән хаққы ушын,—

деп Ҳүрлиқажан сөзин тамам етти. Ақ гүл, қызыл гүл менен сылады.— Ҳәмире, көзинди аш,— деди. Ҳәмире көзин ашты, көзи бурынғысынан да гөре раўшан болды. Сол ўақтында келген халайықларды көрип, Ҳәмирениң ўақты хош болып, қолына сазыны алып, келген ағайын-қарындаш, ели-халқы менен «көришели» деп, ҳәр жерден тымсал келтирип бир сөз деди:

— Ҳәй яранлар, мусылманлар,
Келиң жанлар, көришели,
Бизиң менен бир болғанлар,
Келиң жанлар, көришели.

Бир мектепте бир болғанлар,
Бирге сабақлас болғанлар,
Бастан қайғылас болғанлар,
Келиң дослар, көрисшели.

Жатқаным зинданның иши,
Аларман душпаннан өшти,
Жасы уллы, жасы киши,
Келиң жанлар, көришели.

Бүлбил шегер аҳыў-зары,
Гүлден басқа болмас яры,
Хожа, Сейит, Ахун ғарры,
Келиң сизлер, көришели.

Өтипти пир ҳәм устазлар,
Ҳәр ким өз журтын ядлар,
Келген дәўлер, перийзатлар,
Келиң жанлар, көришели.

Гүлдиң жүзинде жаралар,
Бүлбилдиң бағры паралар,
Туўысқан жүзи қаралар,
Келиң шерменде, көришели.

Ата-енем, мийирбаным,
Қуўатым, руўхы-рәўаным,
Гүлжәмийла шийрин жаным,
Жаным синлим, көришели.

Ҳәмире айтар, хақдур исим,
Көп саўдаға түсти басым,
Еки дүньяда жолдасым,
Ҳүрлиқажан, көришели,—

деп Ҳәмирежан ел-халқы, қәўми-қардашы менен көрисип ўақты зыяда хош болды. Анда Қысыраў патша айтты:

— Бул заңғар, жүзи қара, нәмәрт ағаларынды не қылсақ керек? — деди.

Ҳәмира айтты:

— Бул заңғарларды геллешиден қутқарып алған өзим еди, қайтарып геллешиге тапсырың, геллеқарын писирмеге уста болсын,— деди.

Сол ўақта жасаўыллар Куршид пенен Зийўарды жүрсе аяғына, отырса басына урып, геллешиге апарып тапсырды. «Өзи өлгенше қуны жоқ» деп, мәккем тапсырып қайта берди. Анда Қысыраў айтты:

— Ҳәй, Ҳәмирежан, Ҳүрлиқаны өзиң менен бирге елге алып барсаң, биз ҳәм қолымыздан келген хызметти қылсақ,— деди.

Анда Ҳәмире Ҳүрлиқаға қарап, Мысыр журтына барыўды тилек етип, қолына тилла сазыны алып, Ҳүрлиқаға қарап бир сөз деди:

— Жүр кетели бизиң журтқа, перийзат,
Және мунының киби дәўран табылмас,
Бизиң менен әйшы-әширет сүрели,
Және мунындайын дәўран табылмас.

Бул дүньяда бес күн ойнаған қалар,
Өлсең, ҳәрким сени бир гөрге салар,
Берген аманатын ийеси алар,
Әжел жетсе, және бул жан табылмас.

Ғапыл болма, есер айралық жели,
Өтирме нәўбетти, қолында ўәли,
Өз журтында қалды Эрамның гүли,
Енди саған гүли-райхан табылмас.

Зулпынды бойыңа әйлегил кәмар,
Бир перисең, атың әлемге сәрўәр,
Мен бир қулман, рәҳим әйлегил дилўар,
Енди таза ашылған гүлзар табылмас.

Ҳәмире айтар, кетсек Мысыр журтына,
Қол берсек еренлердиң мүрийдине,
Қуда даўа берер берген дәртине,
Әжелдиң дәртине дәрман табылмас,—

деп Ҳәмирежан сөзин тамам етти. Анда Ҳүрлиқа буған қайыл болып, Мысырға барыўға ыразышылық берди. Анда Қысыраўшаның бул сөзлерге ўақты хош болып, Мысыр журтына саламат барып, қырық

www.ziyouz.com kutubxonasi

кеше,қырық күндиз той-тамаша жәриялады.Алтын қабақ аттырды,нақыра-сырнай тарттырды,гүрес туттырып,ат шаптырып,масқарапаз ойнатып,бақсы айттырып,дүньяда не тамаша болса,еттирди.Әне Қысыраўша:
— Ҳәй, балам Ҳәмирежан, өз тойында өзиң саз шертип, сөз айтып бермесписең? — деди. Сол ўақтында Ҳәмире «әжеп болар,атамыз» деп,қолына сазыны алып,халықтын ортасына шығып,бастан кешкенлерди бир-бир баян қылып бир сөз деди:

— Шүкир хақтың дәргайына,
Сени мияссар әйледи,
Бир қолыңнан ишип шарап,
Ашықлық хәсер әйледи.

Әўели Шынмашын кеттим,
Атамның айтқанын туттым,
Қырық мыңға жақсылық еттим,
Қыйыным аңсат әйледи.

Дәўдиң пәнжесинен қаштым,
Пир қоллады,жерге түстим,
Ҳүрлиқа перийди қуштым,
Кеўлим бир хәсер әйледи.

Не саўдалар түсти басқа,
Халықларым көрди тамаша,
Жақсылық еттим ғардашқа,
Маған жаманлық әйледи.

Услап шаға салды бизди,
Қара болды душпан жүзи,
Ҳәмирениң ең соңғы сөзи,
Енди тамам әйледи,—

деп Қысыраўшаның тойы аман-есен, ғаўғасыз тарқады. Әне, тойдан кейин Қысыраў ша тахтын Ҳәмиреге берип,Ҳәмире Мысыр ўәлаятына патша болып,Ҳүрлиқа билән узақ дәўран сүрип,сабыр түби сары алтын,сарғайған жетер муратқа,жаманлар қалды уятқа,Ҳүрлиқ менен Ҳәмире,булар да жетти муратқа,усы жүрген халықлардың,хәммеси жетсин муратқа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

56 - ТОМ



# ЮСИП МЕРГЕН

*Құрбанбай жыраў Тәжибаев*
*Жазып алған: А.Абдреймов*
*(1958-жыл)*

www.ziyouz.com kutubxonasi



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир мың сегиз жүз,
Тоқсан екинши жылында,
Хорезмнин журтында,
Залым Николай ўақтында,
Мәдирейимдей залым хан,
Хиўа деген шәҳәрде,
Аш-арықты жылатып,
Ғош жигит шықса бир елден,
Гүнасы болмаса басында,
Қолын арқасына байлатып,
Сөйлесе карсы,өлтирип,
Ҳүкимине көндирип,
Салык салып сол елден,
Қара табан халықтан,
Ҳалын билмей халықтын,
Ҳүким менен шуўлатып,
Улы-қызын жылатып,
Нахақ сөзди айттырып,
Он еки жасар қызларын,
Ерк бермей ғәрипке,
Салығың бастан асты деп,
Зар жылатып саттырып,
Бай,ийшанлар қосылып,
Молла менен ахуны,
Қазы-кәлан,муфтиси,
Парахоры қосылып,
Терис пикирлер биригип,
Ол Хиўаның шәҳрине,
Хорезмниң елинде,
Ханлық сүрип Мәдирейим,
Алтын тахттың үстинде,
Жалагөй еди жай алып,
Дәўран сүрген сол ўақта,
Мәдирейим деген хан еди,
Мәдирейим ханның ўақтында,
Хазарасп қалада,
Өз пейлинен көр болған,
Жумияз дийўан еди,
Жумияз дийўан дегеннин,
Аўызына урдырып,
Хазарасп қалада,
Үш ағашты курдырып,
Сумлығыны арттырып,
Еки бирдей жалахор,
Жаман десе биреўди,
Гүнасыны тексермей,
Үш ағашқа тарттырып,
Қара табан дийханға,
Жала қылса еки бай,
Жери,жайын саттырып,
Қайдағысын таптырып,
Қырық мың үйли Хазарасп,
Хазарасптың елине,
Ҳәким еди Жумияз,

Хазарасптың шығымы,
Он мың үйли халық еди,
Қаласының атыны,
Сонда Питнек дер еди,
Атыўшы мерген халқы,
Кәсиби еди салыкеш,
Шарўадардың жери еди,
Ол Питнекти сораған,
Мәдирейимниң ўақтында,
Эгамберди найып еди,
Ол Эгамберди найыптың,
Кеннен еди саласы,
Алтын тапқан бир таўдан,
Питнек елди бүлдирген,
Эгамберди ол найып,
Шерипбайдың баласы,
Көп еди онын дүньясы,
Ол залымның алдында,
Қаратабан дийханның,
Ҳалы еди бирдей ўай,
Хызметкерге сирә да,
Ашық күнди көрсетпей,
Тыңламады жағдай,жай.
Эгамберди найыптың,
Бир баласы бар еди,
Улы еди жалатай,
Рейимсиз еди қан ишер,
Өзи де еди жалатай,
Ата-бала екеўи,
Қосылып сүрди дәўранды,
Салып нешше ақсарай.
Балтабай еди сол ўақта,
Шайыдан кийип үстине,
Жақсы қыз енди табылса,
Алмақшы болды сол ўақта,
Үш қатынның үстине,
Алайын деп жүр еди.
Ендиги сөзди еситиң.
Ғәрипке дүнья тар еди,
Ол Питнектиң артында,
Ақ алаң деген жеринде,
Ексе егини питпеген,
Мийнети бастан кетпеген,
Алты ай етген мийнети,
Қарызына жетпеген,
Ўәйис шалдың баласы,
Өзи батыр мәрт жигит,
Камбағал еди аш жигит,
Өзи палўан ғош жигит,
Юсуп мерген дер еди,
Дийхан турып байларға,
Мийнетли нанды жер еди,
Кеше-күндизги зары,
Маллы болсам дер еди.
Өзи он тоғыз жасында,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашлық еди айыбы,
Өзи сулыў болса да,
Өзи батыр болса да,
«Не абырайы бар» дейип,
Бирге өскен жигитлер,
Келмес еди қасына.
Ерте кетип,кеш келип,
Үйине келип отырып,
«Уф» деген ўақтында,
Балам қапа болды,деп,
Атасы деген ғәриптиң,
Етеги толды жасына,
Енирей берип атасы,
Юсуп атлы палўанға,
Бир-еки аўыз сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Айналайын Юсуп атлы перзентим,
Кеше-күндиз мәртлик болды нийетиң,
Халықлар ушын аямағыл жанынды,
Жылдан-жылға артар сениң дәўлетиң.
Тыңлайгөр сөзимди,Юсуп перзентим,
Жигит шегер ялғаншының мийнетин,
Күннен-күнге жақсы болса нийетиң,
Артар,балам,күннен-күнге дәўлетиң.

Бойың көрип болар мениң кеўлим шад,
«Уф» деген нен табылмайды қәсийет,
Жақсы тутсаң бул дүньяда нийетиң,
Қашып қутылмайды хеш сеннен дәўлет.

Ашпан дейип салма маған қыйын дәрт
Сени деп келсе,айтқыл,балам,көп рахмет,
Жаманлықты сен алмасаң кеўлиңе,
Дослар қылар саған мудам муҳаббат.

Хызмет қылсаң кисиге,қылмағыл миллет,
Жақсы жүрген жигит болар саламат,
Жаман кеўилден хеш бир шықпас дәрт,
Малсызбан деп қайғы қылмас ғош жигит.

Атасының бул кеўил бериўиннен кеўли толып,көзини жаслап,қапалық кеўлини бослап:

— Әй,ата,мен күймей нетейин,бирақ сизиң хүрметиңизди кеўлимде сақлайман ҳәм сизди көп хүрметлеймен,— деп,атасына өзиниң ғайраты менен кеўлиндеги әрманын тәрийп қылып бир еки аўыз сөз айтып турған екен:

— Арзым есит,атажан,
Шықсам тағыў-сахраға,
Қутқармайман қолымнан,
Кийик пенен қуланды,
Ушса енди ғаз,тырна,
Мергенлигим сондай зор,
Енди атып аламан,
Көкте ушқан ҳайўанды,
Келтиремен арқалап,
Ғаз,тырна,кийик ҳәм қуланды,
Баламның атқан аўы деп,
Сиз хүрметлейсиз миймманды.
Халыққа хызмет мен қылдым,
Айыра алмадым хеш ўақта,
Достым менен душпанды,
Той мереке болғанда,
Шықсам енди ортаға,
Ақ билегим сыбанып,
Хазарас пенен Питнектен,
Бояндайын баўлатып,
Аўдараман палўанды.
Мениң айдай хүсним бар,
Мениң шердей күшим бар,
Хеш көзиме илмеймен,
Қызлар менен жәўанды,
Ырас жолында жүремен,
Жолатпайман шайтанды.
Әбдирахман достым бар,
Шақырып алып сорайгөр,
Сол достымнан,атажан,
Кеўлимдеги әрманды,
Әбдирахман мәрт жигит,
Хеш сөйлемес жалғанды,
Юсуп атлы балаңыз,
Жете алмай мурадына,
Қыйын күнде қалғаны,
Сөйлетип мени не қыласыз,
Айтып болдым,атажан,
Кеўлимдеги әрманды.

Бул сөзлерди айтып, кеш жатып, ерте турып, шери Шайыхтың хызметине бәдар кетти. Шери шайыхтың хызметин күннен-күнге ғайратын арттырып,кеўилдегидей хызметин етти.

Ендиги сөзди соран Ўәйис бабадан.

Ертелеп турып,көзлери жайнап,белин байлап,сегиз жасар Нәўбәхәр қызының қолына ҳәм алты жасар Қурбаш улының қолына,бир күлшени еки бөлип берип,Нәўбәхәр қызына «үкенди жылатпа» деп,таяғын қолына алып,ҳасаны шалып,салманың бойында балыққа аў қурып отырған Әбдирахман — Юсуптиң достының артында турып: «Балам», — деди. Аңламаған Әбдирахман секирип турып орнынан, Юсуп достының атасын көрди. Ҳаўлыққанынан сәлем бермей, қол усласып көрисип болғаннан кейин сәлем берди. Сол ўақытта Ўәйис баба Әбдирахманның ҳаўлыққанын билип, «не ойладың?» деп,бир-еки аўыз сөз айтып турған екен:

www.ziyouz.com kutubxonasi

— Ауды тутып отырар един хәр сәхәр,
Жөткиринбей қылдым мен саған зәлел,
Қашырдым ба аўға келген балықты?
Сен хаўлықтын, қыйын болды маған хал.

Балық қашса, аўшы қалар қыйналып,
Аў қаланса, кетер мийириң қанып,
Сәлем бермей сен көристиң, жан балам,
Отырыппедиң ыраш үстинде ойланып?

Баба бул сөзлерди айтқаннан кейин Әбдирахман бабаға қарап бир-еки аўыз сөзлерди айтып жуўап берди:

— Арзым есит, айналайын бабажан,
Жүргейсиз дүньяда қайғысыз аман,
Ғаррылықта көрмей енди қәхрини,
Кешип бул дуньяның ғалмағалынан.

Инимниң аты енди Қурбанияз,
Саў-саламат енди ол бар ма,
Өзи әдепли-де, шийрин сөз,
Үш күн болар, олар түсер ядыма.

Сиз келипсиз таяқ шалып жаныма,
Мен сорарман сизиң енди халыңыз,
Ғаррылық бул адамзатқа жаман дәрт,
Саўлық болса, шад болар, әй кеўлиңиз.

Юсупти көриўге мен қылдым талўас,
Аман бар ма қарындасым Нәўбәхәр,
Жоқшылықты салып олар басыңа,
Сени қылмай ма олар бийқарар?

Арысландай хәр арада ақырып,
Юсуп достым бар ма енди саламат,
Неше күнлер келмеди-ғо қасыма,
Мен көрмесем, отлар түсер жаныма.

Жетимлердиң наны-асы мойныңа,
Жылдан-жылға малы-дүнья табылар,
Қайғылансаң күн-күннен мийнетиң артар,
Юсупжанға табылғай-дә бир нашар.

Сол ўақытта баба көзини жаслап, тамағы тола баслап, Юсупжанның «аҳ» шегип толғанын Әбдирахманға қарап айтып турған екен:

— Әбдирахман, айтар саған арзым бар,
Қараңғылық қылар маған дүнья тар,
Жән-жағына қарар достын, ўа, келип,
Кәмбағаллықтан достың болар бийқарар.

Достың менен шадлық қылып жүрерсең,
Өзиң дана, ақылынды керерсең,
Ентигип келгенмен, балам, жаныңа,
Әбдирахман, қандай кеңес бересең?

Әбдирахман, арзым есит енди, жан,
Жигитликте болар хәр киси надан,
Аҳ урады достың хәр күн толғанып,
Қырық тиллаға болды-ғо Шейриге дийқан.

Сарғаймасын мәрт Юсуптиң жамалы,
Ағайин-туўған көп, көпдур малы,
Юсуп түссе жанар оттың ишине,
Ағайинниң болмас оннан хабары.

Мен жылайман хәр күн енди зары-зар,
Қыз қалыңы неге жылда жыйналар,
Сөйлемей ме достың саған сырыны,
Хәр сумлықты айтысады адамлар.

Жылай-жылай көзлеримнен ақпас жас,
Жақсылардан Юсупжанға сен жолдас,
Термилип келдим, балам, енди жаныңа,
Бергейсең, балам, мендей ғаррыға кеңес.

Бул басымнан қашан қайғы кетеди,
Жигит өлсе, мәламатқа батады,
Күн батысқа қарап балам аҳ тартады,
Достың енди саған сырын айтады.

Сөйлегенде мазалы сөзлериң балдан,
Жақсы сөз зияда берген маллардан,
Ақыл бер достыңа енди зинҳарлап,
Сонда, балам, сеннен енди ыразыман.

Баба бул сөзлерди тамам еткеннен кейин Әбдирахман бабаға қарап, әсте-ақырын досты Юсуптиң арзыў-әрманларын айтып турған екен:

— Келип қылдың, жаным баба, сен шиддет,
Юсуп қылар маған дослық мухаббат,
Хәр күн сөйлер дослық салып ортаға,
Қылалмайман көз жасына мен тақат.

Юсупте бар Рустам киби көп қуўат,
Юсуп емес бул дүньяда бир нәмәрт,
Мәрт Юсуптиң кеўли толса жаҳаннан,
Достымыздың болар еди кеўли шад.

Юсуптиң кеўлинде бар жақсы нийет,
Ашықлық бул ғош жигитке қыйын дәрт,
Ҳайиқпастан қалай айтайын, жан баба.
Хәр күн айтар маған Юсуп аманат.

Юсуп пенен мен қыларман муҳаббат,
Ашықлық бул ғош жигитке болар дәрт,
Атасының атын әўел айтайын,
Лақабыны сорсаң — ол молла Рахмат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Баба,кулақ салғыл айтқан сөзиме,
Дүнья көринбейди Юсуп көзине,
Кеше-күндиз Юсуп оттай жанады,
Ашық болған молла Рахмат қызына.

Молла Рахматтың Гүлназымдай қызы бар,
Тотыдай доланған сәрўи назы бар,
Ашық екен мәрт Юсупке Гүлназым,
Мәрт Юсуп ҳәм Гүлназымға интизар.

Саўшы қойың молла Рахмат қызына,
Қызын берер мәрт Юсуптың өзине,
Бул сөзлерди қалай айтайын сизге деп,
Баба,көп интизар едим сениң өзиңе.

Баба бул сөзлерди Әбдирахманнан еситип, Әбдирахманға қарап, жанбасына шаппатын урып, кәмбағаллығын баян етип,бир-еки аўыз сөзлерди айтқан жери екен:

— Арзым есит Әбдирахман,енди жан,
Кемпир өлип,мендей мунлы тул қалған,
Еки жетим күнде тартар бөридей,
Мийман ушын табалмайман күйик нан.

Кемпир өлип,қартайғанда майрылған,
Дәўлет қайтып,мал-дүньядан айрылған,
Гедей дейип ким береди қызыны?
Болмас исти ойланыпты Юсупжан.

Қызыны береди Рахмат дүньяға,
Қыз қалыны болар енди жүз тилла,
Гүлназымжан ер жетипти,мен көрсем,
Молла Рахмат несийеге тура ма?!

Ашық болып бийкар жылар Юсуп зар,
Ата-енеси бермес қызға ықтыяр,
Бир жүз тилла алар қалың малына,
Той шайманы қайдан оның табылар?

Баламның хожайыны Шайых шер,
Дүнья десе кеше-күндиз исле дер,
Юсупжан алады суўық демини,
Баламның достысаң,енди кеңес бер.

Әбдирахман бабаға деди:

— Баба,сизге айтар арзым бар,
Нәмәрт болма,той қылсаң,
Қыла бер,баба,тәўекел,
Юсуптиң неше-неше досты бар,
Беремиз бәрине хабар,
Көзди ашып жумғанша,
Жәҳәнниң малы табылар.
Ашық болған жигиттиң,
Көзи оттай жанады,
Гүлназым қайтас мектептен,
Балаңыз енди сўз қатып,
Ашықтың мийри қанады,
Жылап сөйлеп балаңа,
Қапа қылмаң Юсупти.
Юсуп келер үйине,
Гүлназымды көрген ўақтында,
Айдай болып қуўанып,
Юсупжанға сөйлемең,
Қалмасын достым уялып,
Бар үйиңе,бабажан,
Жетимлериң қалмасын,
Ашдан енди қыйналып.

Бул гәплерди айтқанда,
«Яқшы» деп турып орнынан,
Үйине қарап кетеди,
Қайта берип қайрылып,
Әбдирахманға сөйледи,
Сөйлей берип не деди:

— Әбдирахман, мен саған шул күн айттым дәрт,
Жақсының жанына келсең кеўлиң болар шад,
Юсупжанға бердим шул күн ықтыяр,
Достың жолында қылағөр енди ғайрат.

Дүньяның жүзинде ашықлық жаман,
Қылған ислериңизге күлмесин душман,
Дослықтың хызмети жерде қалмайды,
Айтқан сөзлериңе,балам,ыразыман.

Баба бул кетистен кетеди,
Әйне сәске ўақтында,
Гөне тамына жетеди,
Балаларын таўып алып,
Бийшара бул сырын кимге айтады?!
Басына дастықты қойып,
Кеш болғанша қыймылдамай жатады.
Әйне кештиң ўақтында,
Улы-қызын даладан,
Ўәйис баба шақырып,
Күйип-писип қоллары,
Отырып енди бийшара,
Көмеш нанын қатырып,
Аяқлары дүрсилдеп,
Арыслан киби қорсылдап,
Қыялап кирип есиктен,
Келип қалды мәрт Юсуп.
Үкелерин шақырып,
Дизелерине миндирип,
Жақсы сөз айтып бир сүйип,
Дәстурхан жайып алдына,
Күлшесин туўрап алдына,
Керсенине суў қуйып,
Ата-бала жәм болып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәтия қылып болған соң,
Юсуп деген ғош жигит.
Атасына мәрт қарап,
— Бизлар өстик бунындай,
Ата,қалай ҳал-жағдай?
Күлимсиреп мәрт Юсуп,
Атасының кеўлини,
Шад етип енди отырды.
Ўәйис баба бийшара,
Қыйғашлап қарап көзини,
Сыйдыра алмай ишине,
Достынан еситкен сөзини,
Әбдирахман батырдың,
Берген енди нәсийҳатыны,
Бирим-бирим баслап,
Айтты бир-еки аўыз сөзини:

— Улым,айтқан сөзге болсын кеўлиң шад,
Ел қыдырып болдым шу күн мен саят,
Шығып ендиақ аланның ырашына,
Шықты,балам,бул кеўлимнен жаман дәрт.

Гүлистан болғанды маған ақ алаң,
Бирден бардым,достынызнан қашты аң,
Сәлемнен бурын достың енди көрисип,
Достың болды шул күн енди аң-таң.

Аўдың жибин шеп тәрептен бурады,
Шарлар болып хәр тәрепке карады,
Дослығыңыз өткир екен,жан қозым,
Аўҳалыңды күлип-ойнап сорады.

Мен ағыздым сонда көзден жасымды,
Жақсы жорыды айтқан енди түсимди,
Барып едим шар тәрепке ойланып,
Аңсат қылды,балам,мүшкил исимди.

Қуўанғаннан көзимнен шықты қанлы жас,
Табылмас,балам,саған онындай жолдас,
Айтқыл,балам,кеўлиңдеги дәртиңди,
Биреўлер атаңа еткендей кеңес.

Жүрмен бундай кеше-күндиз аҳ урып,
Көп сөзлерди жиберди маған тапсырып,
Тениңди алсаң сен,енди жан қозым,
Алып кел достыңды бунда шақырып.

Бул сөзлерди айтқаннан кейин «қуллық» деп, тикке турып орнынан, Юсуп атлы перзенти Әбдирахман достына қарап қуўанғаннан аяғын тезден қатты-қатты басып, балық тутып отырған жерине билдирмей барып, Әбдирахманның арқасынан қушақлап, сағынғандай бетинен бир сүйип, сәлемлесип, сорасып: — Достым Әбдирахман, — деди:

— Сизге бергей күш хәм қуўат,
Сизди көрип болды кеўлим шад,
Бизиң үйге барып сөйлесиң бир замат,
Сонда болар кеўлиниз шад.

Сол ўақтытта Әбдирахман күлип: — Бул сөзиң кеўлимди ашты. Гүлшели бала сөйлеспеге жақсы, — деп, байлап қойған бир сүўен балықты алып Юсуптиң қолына берип, жерден жети қоян тапқандай Әбдирахман қуўанып Юсупке жол бермей, еки дос қосылып бабанын жанына сәлем берип жуўырып барды.

Юсуп палўан сүўенди сойып қазанға салды. Қазан қайнамақ пенен, баба сөйлемек пенен бола берди. Бабанын ўақты хош болып, дизесине бир урып, Әбдирахманға қарап бир сөз деди:

— Әбдирахман балам, саған арзым бар,
Юсупжанның берерине неси бар?
Ашық болған молла Рахмат қызына,
Шыдамайман, мен шегемен қайғы-зар.

Қарыз қылсақ келин қалың малына,
Қарыз берилип, келин калар жаныңа,
Рехим қылмаспекен бизге ели-халық,
Дослар қулақ салар айтқан зарына.

Келин десең, кеўлим, балам, мениң шад,
Мен барғанда айттың, балам, нәсийҳат,
Қолдан келсе, балам, сениң карыўың,
Юсупжан тойына қылагөр, балам, ғайрат.

Сонда Әбдирахман:

— Әй, баба, қайғы қылман, душпанға ҳийле бар, той малының илажы табылар, жаман күнине дослар хәм қыйналар, жеген уялар. Юсуптиң досты-яраны бар, үлкен-үлкен балықты сойып қыламыз зияпат, дослардың болар кеўли шад. Юсупжанды деген дослар той ушын сорағанда қылмас уят. Бул күн аўдың байрағы Юсупжандики болсын хәм жигитке берсин күш-қуўат, — деп, бабаның арқасынан қағып, Юсупжанға «жүр кеттик», деп еки дос жолға рәўана болды. Ақ аланда аўға барып, аўдың таяғын қолына алып отырып еди бир заман, аяғында еди Юсуптиң етиги, дүркилдеди тетиги, аўы болды тас-талқан.

Көтерип тартты еки палўан, зорға тартып алады, аўызлары тандырдай сонда оралып шықты үлкен аң. — Достым, мине усы сениң ығбалың, жыйналар екен қалың малың, — деп, еки палўан зорға тартып алады. Мәрт Юсуп ығбалына ҳайран қалады. Екеўлери балықты сойып, зорға алып барды күн

www.ziyouz.com kutubxonasi

шықпастан алдын бабаның қасына.Алдыннан той қылып,жеп алдылар,кейин үлкен қазанды қурып, гүртикликке ун таппай,баба болып турды ҳайран.

Юсуп турып исине кетти.Әбдирахман досларына хабар берди.Юсуптиң отыз бир досты бар еди, кеш болғанда бәри де келип кетти.Юсуп пенен Әбдирахман жақсы хызмет қылдылар.Әдебин қылып, Әбдирахман досларына салық салып айтққан бир-еки аўыз сөзи:

— Мен сөйлесем кеўлиңиз болар енди шад,
Мәрт Юсупте бардур шердейин ғайрат,
Мәрт Юсуптиң бир яр түсип ядына,
Той қылыўға қылыпты бүгин бир нийет.

Жыйналысып қылың достың кеўлин шад,
Жалғызлық дүньяда жигитке жаман дәрт,
Дослығыңыз ырас болса Юсупке,
Қылың жыйналысып жақсы муҳаббат.

Бабасының көзинде-ди қанлы жас,
Баласыны бағалмаған мүшкил ис,
Ғаррылықта өзи услап қазанды,
Бир-әм рәҳим қылмас ағайин-жолдас.

Дәркар болды бул тойына жүз тилла,
Айтқан сөзге кетер нешшеси қыйнала,
Алып келиң бул тойына саўғаны,
Иззетлериң болсын енди жүз тилла.

Буны көрсем жанар шул күн тәнде жан,
Өзи кәмбағал-у,қылыпты әрман,
Қуралсын дүньяда жигиттиң басы,
Рәҳим қылмасаң ағайин-туўғаннан жақын.

Бир-бириңниң сөзлериңе ерерсең,
Күлип-ойнап ҳәммең мурат көрерсең,
Бергениңиз енди тойыңызда қайтады,
Бул кеңесиме қандай ақыл берерсең?

Әбдирахман сөзин тамам еткеннен кейин Ҳайыт гарчақ деген ҳәм Розы мерген деген Юсуптиң досларының ўақты хош болып,Розы мерген орнынан турып деди:

— Мақул көриң Әбдирахман исини,
Ўәйис ғарры ағызады жасыны,
Юсуптиң мәртлиги дүньяда жоқты,
Дос тилесе,мен берермен басымды.

Юсуп достымның бундай тойында,
Мен аямайман дүнья-малымды.

Бул сөзлерге кеўлим болды жүдә шад,
Дослық жолында қылмаңыз миллет,
Үш күнде жыямыз дослардың бергенин,
Юсупжан,бериңиз бизлерге руқсат.

Ҳайыт гарчақдеди:
— Юсуп палўан таўып айтты зарыны,
Душпанларда ҳеш қоймайды арыны,

Ҳайыт гарчақсөзин тамам еткеннен кейин дослары үйли-үйлерине қайтып кеттилер.Ертеңине турып Юсуп байдың хызметине кетти.Ўәйис баба тилегин тилеп отырып еди,Юсуптиң дослары еки күнниң ишинде бир қабат жайдың ишин гүриш ҳәм май,той шайманы менен лық толтырып қойды.Сонда Юсуп бул сөзлерди шери Шайыққа айтты ҳәм «Әбдирахман менен биргеликте мениң тойымды питкерип бергейсиз» деп насийҳат қылды.

Шери Шайхтың ўақты хош болды,өзи бай,«малы-дүнья ушын абырайымды сатаман.Кәмбағалға кәтқудалық қылып пара аламан,ҳәм тилим узын болады,жүзим қызыл болады.Юсупке өлгенимше хызмет қылдыраман» деп ойланып,бир күлип қойды.Юсупке буйырды:

— Имам молланы келтир,— деди.

Юсуп моллласын шақырып келди.Сол ўақытта Әбдирахман ҳәм жетип келди.Шери Шайық бас болып,молла менен Әбдирахманға жолдас болып,бул ислерге төртеўиниң ўақты хош болып, Әбдирахман,шери Шайық ҳәм молласы.Ишинен ойланып дамулласы:

— Шери Шайық болар кәтқудасы,
Мен өзим солардың дамулласы,
Көбиректен тийсе пайдасы,
Мениң ушындур ижарасы,
Әбдирахмандур кәмбағал,

Жетиспейди оған дүнья-мал,
Сөйлесе егер мәлал,
«Сөйлеме сен кәмбағал,
Сениң өзиң жыртық шапан,
Бизлер менен қосылдың қашан? —

деп оған гәп бермеспен деп,сөзлемеге ойды ойлап,жолды шайлап,әсте-әсте жүрип молла Рахматтың үйине жетип бардылар.

Мийманлар менен сәлемлесип-көрисип,хызмет қылып мийманға тура берди.Мийманлар болса жән-жағына қарасып,наҳақ гүўадай,үндеместен чай менен,нан менен бола бердилер.Мийманлардың бул ҳалын көрип,молла Рахмат мийманлардан жол болсын сорап,бир-еки аўыз сөз айтып турған екен:

— Шайық баба,күлдиресең қастынды,
Мен сыйлайман байлығынды,жасынды,

Сорағанның ҳеш айыбы болмайды,
Шайық баба,айтқыл маған келген исинди.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Мүлк әйледиң Ауданлының көлини,
Хан, патшадан хеш тартпадың тилинди,
Келгенлердиң жақсы арзы болады,
Баян айле маған келген жолынды.

Сорап келдиң бе берген пулынды,
Өлгенимше иззетлеймен өзинди,
Келмес един хасла мениң жаныма,
Баслай бериң, шери Шайық, сөзинди.

Сол ўақытты молла күлип, Рахматқа қарап:
— Мен сизиң есигиңизге жақсы нийет пенен келдим, — деп, бир-еки аўыз сөз айтқан екен:

— Молла Рахмат, есит арзыў-зарымды,
Ҳәр ўақытта келер едим жаныңа,
Сорамайман саған берген пулымды,
Баслар ийип келдим бул күн жаныңа.

Бийкар қылма мениң айтқан сөзимди,
Шадлық пенен хоп тыңлағыл арзымды,
Мениң кеўлимдеги енди әрманым,
Айтайын саған құда болмақ сөзимди.

Мен еститтим ғәриплердиң ўа, зарын,
Ғәриплер жыласа шыдамайды қарарым,
Юсуп атлы енди мерген уғлыма,
Қуда болмақ сизиң менен қумарым.

Питеди ҳәр жерде бул айтқан шәртим,
Өзиме жеткендей бардур дәўлетим,
Юсуп мерген дейди оның атыны,
Гөя болар усы мениң сүйген перзентим.

Молла Рахмат, ақылынды кересен,
Пасықларға сениң өзиң ересен,
Мен түспеймен ҳәр адамның алдына,
Мәрт Юсупке сен Гүлназымды бересең.

Ашық болған ҳәр сәҳәрде аҳ урар,
Кәмбағалға енди дүнья тар болар,
Мәрт Юсупке берсең енди қызынды,
Еки жақсы гүлдей болып қосылар.

Бири алма, билсең, бири нар,
Мәрт Юсупжан Гүлназымға интизар,
Шыдамайман халықтың өсек сөзине,
Той қылғанда еки ашық қосылар.

Сөз илмеген бир күн енди зар урар,
Теңлер табысса гүлдей болып қосылар,
Алармыз деп келдик енди қасыңа,
Бул сөзиме бергил енди ықтыяр.

Шайық шер бул сөзлерди тамам еткеннен кейин молла Рахмат орнынан турып, Мамуш елтисиниң қасына кетти. Барса елтиниң қасына, елти хеш нәрсе билмегенге уқсап, көзини жаслап, курама ислерин таслап, маңлайы жыйырылып: — Ҳәй киси, не гәп бар далада? — деп еркелик қылып сорағаннан кейин, Гүлназымжан орнынан турып ишкери кирип, есигин толық жаппай, ата-анасының сөзлерине кулағын тутты. Сол ўақта молла Рахмат елтисининг алдына келип, бир-еки аўыз сөзлерди толғады:

— Қулақ салғыл, назлы яр,
Бос келмейди адамлар,
Шери Шайық мәрт адам,
Ол бир елдиң ағасы,
Назымжандай қызыңа,
Юсуп атлы палўанға,
Сорап келипти ықтыяр.
Мал менен де алады,
Тил менен де алады,
Юсуп мерген — мәрт палўан,
Зорлық пенен де алады,
Ықтыярды бермесек,
Енди қандай болады?
Юсуп мерген ҳәм паўанның,
Сәлеми бар тилинде,
Әдеби бар кеўлинде,
Айыбы аш демесең,
Уры менен гәззапты,
Сарнап жүрген саяқты,
Дарытпайды елиме.
Бир қыз емес, он қызды,
Қойсаң енди аз болар,
Ол жигиттиң жолында,
Ҳаяллықты сен алып,
Сол ўақтында кеўлиңе,
Нәзер салып байларға,
Қызың алып болған соң,
Жолатпайды үйине,
Ырaслығынды қылагөр,
Бир жуўабын айтагөр,
Шығып энди Шериге.
Сол ўақытта елтиси,
Қарап еди қызына,
Көринбеди Назым қыз,
Ақыллыдур Назым қыз,
Орта бойлы қызыл жүз,
Сонда гәп айтты елтиси:

— Қудай алсын сендей енди молланы,
Сениң наданлығың мени отқа салды,
Юсуп палўан шери Шайық улы емес,
Оны билсең, бел көтерген дийқаны.

Ақ аланда ол Юсуптиң мәканы,
Атасыны оның Ўәйис дейдилер,
Асырайды еки жетим баланы,
Оларды аш-кәмбағал дейдилер.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Куйдиресең Назым бахтықараны,
Молла деген бай тилине ереди,
Қыз дегенди тоқлы байға береди,
Гулназымжан оларда қандай күн көреди?

Қызымның көзлери оттай жанады,
Қыз кийинсе ҳәр күн мийри қанады,
Ол Юсупке берсең енди қызыңды,
Та өлгеншекул күйиндеболады.

Мениң қызым енди он төрт күнлик ай,
Бахтын ашқай жалғыз енди бир кудай,
Халық ишинде қатын үсти демесең,
Кудалыққа келмекши болған Балтабай.

Қулақ салғыл, молла, мениң тилиме,
Ашқа берсең, қызын сығар белини,
Жамаладдин ийшан дейди атыны,
Сол улына алмақшы болған қызыңды.

Ашқа берсең қызыңның ҳалы бирдей ўай,
Бир дийқанға миясар көрдиң уялмай,
Назымжанға ашықты Шерипбайдың баласы,
Бизиң менен куда болмағай Юсупбай.

Көтерип келеди олар дастурхан,
Қой ети үсти-үстине номайдан,
Бир гедейге берип енди қызыңды,
Сен қыларсаң ақырында пушайман.

Гүлназым қызың дүньяда гулзар,
Қапа болса, ҳәр күн келип аҳ урар,
Ендигисин, молла, енди өзиң бил,
Атада болады енди ықтыяр.

Өзи ғарры болған соң, «әстапурулла-әстапурулла» деп:

— Байды кимлер жаратқан, ашты кимлер жаратқан, алдындағы боларын кимлер билген? Егер қызымды Юсуп алса, бай болып кетсе нетеди?! Ҳәр сөзлерди сөйлеме, атаңа нәлет сум шайтан! Мен жақсы сөзге еремен, ақылымды керемен. Ашлар бай болмай ма, байлар гедей болмай ма? Юсуп атлы палўанға қосқан болса несийбин, олла беремен, — деп, аршасын қарса ашып, бир орамалды қолына услап, елтисиниң сөзлерине шыдамай, молла көзин жаслап, Әбдирахманның ўақтын хошлап, бир сөз айтып турған екен:

— Шери Шайық, жақсылығым билесең,
Бул қапыма үмит пенен келесең,
Көп бир сөзди айтып саған нетейин,
Ел қәдесин, журт-жолығын бересең.

Еки ашық ашылғай-дә гүл-ғунша,
Өсек қылар көргенсизлер өлгенше,
Халық қалыңын енди өзиң билесең,
Ел қәдеси бола берсин орташа.

Еки жақсы қосылады күн менен ай,
Қалың алып кимлер болған енди бай,
Пәтия тойын қыла бериң үш күнге,
Ҳимметинди қыла бергило уялмай.

Мен қосаман бағдың еки гүлини,
Ғош жигитке мен салмайман зулымды,
Пәтия тойын тезден етгил, бай аға,
Юсупжан қушсын қызымның гүлдей белини.

Айқан сөзге шад болсын-дә Юсупжан,
Жаман жолдан сақласын өзини аман,
Ақ пәтияны бердим мен перзентим деп,
Жаманлық шықпас енди жақсыдан.

Бағларда ашылар енди бул гүлзар,
Сөйлессең жақсы менен мийириң қанар,
Бизден енди кетер болсаң шад болып,
Хош келипсиз енди Әбдирахман кудалар.

Бул гәплерди еситип,
Шайық шер менен Әбдирахман,
Мысқыллап күлип молла имам,
Олардың сөзи питкен соң,
Мурадларына жеткен соң,
Күлип-ойнап барады,
Шери Шайықтың үйине,
Әбдирахман достын ертип,
Изинде және молла имам.
Арба менен ала ябыны,
Юсуп мерген жетелеп,
Келе берди атыздан,
Кеш ўақтында умтылып.
Юсуп мерген мәрт жигит,
Сәлем берип келеди,
Келип турып мәрт жигит,
Әдеп молланың қолын алады,
Байдың да қолын алады,
Достының қолын алады,
Қолын алып болған соң,
Юсуп атлы бул жигит,
Ҳал-жағдайын сорады,
Әбдирахман бул досты,
Қах-қаҳ урып бир күлип,
Мәрт Юсупке сөйледи,
Сөйлей берип не деди:
— Ҳақ еситер ашықлардың зарыны,
Халықлар ушын аямаңыз жаныңды,
Халық дегеннин ҳасла күймес мийнети,
Ел еститти сендей мәрттиң зарыны.

Қуўанады халықлар сениң қылған исиңе,
Дослар рахим қылды көздеги жасыңа,
Алғыр екен шери Шайық атаңыз,
Кутлы болсын, қус қоныпты басыңа,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Дослар ҳәм кетпейди ҳеш жерде ғарғап,
Ел жүрипти сениң ҳалың сорағлап,
Енди ғайрат, мәрт Юсупжан, сизики,
Саған келдик бул тойыңды қутлықлап.

Рахмат атаңның болып қалды кеўли шад,
Жанған кеўлиңнен кетсин жаман дәрт,
Қолымыздан келгенше қыламыз ғайрат,
Қыламыз досларға бизлер ҳәм муҳаббат.

Бул сөзлерди айтып Әбдирахман Юсуп палўанның қолына гуўалық орамалын шығарып берди. Юсуптиң кеўли шәндан хош болып ислей берди, қарамай он-солына. Әбдирахман усы кеткеннен кетеди, бабаның қасына жетеди. Болған сөзлерди айтады. Юсуптиң досларына берип хабар, Юсуптиң дослары жыйналысып, шери Шайыққа хабар бердилер, ол ҳәм жетип келди. Жигитлер тойлықларды арқалап, шери Шайық қойды жетелеп, молла Рахматтың үйине қарап жол тарттылар.

Қыз-жуўанлар жыйылысып қалды, дастурхан үстине дастурхан болып қалды. Қызлар дойра алып қолына, шыңқобыз тартып ләбине, дийқан кәмбағаллар жыйылып, табақ-табақ палаўлар үйилип, молла Рахматтың ағайин-туўғанлары қалды пашшайы шайыдан кийинип. Қудалық тойын берди молла Рахмат халқына сүйинип. Юсуп палўан арқайын бола берди хызметте. Қыздан жигиттиң кеўли толып, жигиттен қыздың кеўли толып, күн кешире бердилер. Бир-биреўиниң бойын көриўге арзыў қылып, Юсуп палўан ертеден кешке дейин хызметин қылып, қыз бийшара, қашан қайтар екен деп, оның жолын күтип турар еди.

Гүлназымдай сәрбиназ,
Омыраўдан мойны гез,
Тас тақыясы басында,
Осмалар сүртип қасына,
Ол ҳәм ашық болады,
Оның бир айтқан сөзине.
Қызыл бир гүлап урғандай,
Айдай болған жүзине,
Бадам-бадам қабақлы,
Сын-сынбаты ардақлы,
Қолына гүллер услаған,
Қуралай жүзли, қой көзли,
Өзине берип араны,
Қылған әдеп секилли,
Өзи он жети жасында,
Гүлназым гөззал қыз еди,
Периниң қызы секилли,
Қыя тарап зүлпини,
Сылай-сылай тарады,
«Өтсе, көрер едим» деп,
Юсуп атлы палўанның,
Қайтадан жолын қарады.
Бир ўақытлар болғанда,
Жап бойыны аралап,
«Көринермекен ярым» деп,
Юсуп атлы бек жигит,
Адымын шаққан басып,
Гүлназымдай қызларға,
Юсупжан да мүнәсип,
Юсуп атлы палўанның,
Жүреги де қайнап-йошып,
Перийзаттың ҳәм қасына,
Келди палўан жақынласып.
Ҳаўлыққаннан Гүлназым,
Қолындағы гүлини,
Таслап келип жиберди,
Не болды деп және де,
Гүлди услап турады,
Жән-жағына қыз қарап,
Жигитке сәлем бергенде,

Юсуп өзин тиклеп, ўақтын хошлап:

— Бурыннан көрмеген кисидей қолыңыздан гүлди таслап, буншама жолды тосып бизге қарап турасыз? — дегенде, Гүлназым қыз илгериден сөйлесип-ойнасып, қыз Юсупке қарап деди:

— Бек Юсупжан, қулақ салғыл сөзиме,
Интизар болыпсыз мендей Назымға,
Усы күни көринбесем көзиңе,
Бир қапалық келер дедим өзиңе.

Гүллер таслап көрсеткенмен ойнымды,
Бағ ислесем мисли жәннет қойныны,
Сәҳәр ўақта маған түсти бир қыял,
Көрсетейин дедим гүлдей бойымды.

Жутар болдық Ақ алаңның гәртини,
Аҳ урғанда әлем жанар отыма,
Кеше-күндиз еди мениң әрманым,
Түсип көрмек сендей мәрттиң изине.

Мениң ушын көп күн шектиң қайғы-зар,
Душпан көрип, залым қылмағай мәлал,
Сизди көрмесем мен ҳәм бийқарар,
Хош енди, мәрт палўаным, аллияр.

Бул сөзлерди қыз айтқан соң Юсуптиң кеўли гүлдей ашылып, аўзынан дүрлер шашылып, перийзаттың қолынан услап, кеўли тасқынлап, әзиз қыздың ўақтыны хошлап, жол үстинде бир-еки аўыз сөзлерди қызға қарап айтып баратыр:

— Бул сөзиңди ырас айттың, перийзат,
Гүл жүзиңди көрсем, болар кеўлим шад,
Шын ашықлық ғош жигитке жаман дәрт,
Ҳәм сөзиңе, ҳәм өзиңе қылдым енди қанаат.

Енди қылмас досты-душпан мәламат,
Душпанның кеўлинде қалсын жаман дәрт,
Болса киси адамлардың тилинде,
Бўлма, ярым, сен буншама бийқанаат.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулағынды салғыл енди сөзиме,
Ели-халқың ҳеш билмесин сырынды,
Болса адам халықлардың тилинде,
Шул мәламат адамзатқа өлимди.

Саўболсаң сүрерсең даўраны-сапа,
Душман араласса, болармыз жуда,
Кеше-күндиз мен шегемен хәсирет,
Ашық сөйлес, ярим, қилма мәламат.

Маған бергил қолындағы гүлинди,
Махфия жайларда сорсам тилинди,
Өлгенше қыларман саған нәсийҳат,
Сен билмессең ашықлықтың жолыны.

Шад етейик жигитликтиң дәўирини,
Тең-тусыңа айтпа ҳасла сырынды,
Мен шегемен залым байдың зулымын,
Хош бол, ярым, ҳеш келмесин кеўлиңе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ДӘСТАНЛАРДАЫ ГЕЙПАРА СӨЗЛЕРГЕ ТҮСИНИКЛЕР

## «ЖӘҲАНША» ДӘСТАНЫ

**амбархана** — *азық-аўқат сақлаў орны, қойма, түнек*
**андаза** — *жарасықлы,пардозлы*
**аразланыў** — *қапаланыў,өкпелеў*
**әмин** — *бул жерде: төреши (судья)*
**балқан** — *қамшы*
**барақ** — *жүн,түк*
**бәззат** — *мақлуқ*
**бәнтхор** — *бул жерде: бенделик,қуллық*
**бәңги** — *гиябент,нәшебент*
**бәрзәнки *(бәрзеңги)*** — *қаратәнли*
**бәркаман** — *ержеткен,жетик*
**белдеў** — *төбелик,асырым*
**гәрдиш** — *ер бөлекшеси*
**дақыл болыў** — *бул жерде: келиў,таяр болыў*
**даўырық** — *ҳаўаза,даңқ*
**дәре (дара)** — *таўдың жырасы*
**дүмдүм** — *түйелерге тағылатуғын қоңыраў*
**дығырық** — *туйық,қыснақ*
**жанын аўлаў** — *бул жерде: бас саўғалап қашыў*
**жәм тақыя** — *ийинди жаўып туратуғын саўыт*
**зәрдар** — *алтын жалатылған, алтыннан исленген*
**ийт урысы** — *бул жерде: қашып жүрип урысыў*
**кебзеши** — *қоррандоздың бир түри. Ол қойдың кебзеси менен пал ашады.*
**керсен** — *үлкен табақ*
**көрмисхана** — *патша датханасы (қабыллаўхана)*
**қаўасат** — *тәшўишли хабар (қәўесет)*
**қаўға** — *ағаш шелек*
**қос** — *ўақытша жасаў ушын қурылған орын*
**қосақ** — *бул жерде: жупты,қостар*
**қысым** — *қыйыншылық*
**лақай** — *саз әсбабы*
**ләңгер** — *дәрўазшының қуралы*
**мәдар** — *күш-қуўат*
**мәламат** — *өсек,жала*
**мүрде** — *өли дене*
**найраңбаз** — *көзбоямашы,сыйқыршы*
**наўшар** — *түйениң бир түри*
**нәрўан** — *зәңги*
**падаман** — *падашы*
**папақ** — *баскийим*
**пеш** — *кийимниң алдыңғы етеги*
**пешана** — *бул жерде: тәғдир*
**пушман** — *пушайман*
**рат бериў** — *қайтарыў,бас тартыў*
**раўа** — *мүнәсип*
**сарнаў** — *қыйланыў*
**саҳилат** — *жумсақ,тегис*
**саят** — *аңшы*
**сәрўанлы** — *түйекеш,түйебағар*
**ситар** — *саз әсбабы* (сийтер)
**сумтуяқ** — *ҳийлекер,алдаўшы*
**сымбыл** — *ҳешнәрсе,дымбыл*
**табедин** — *спортшылар көтеретуғын тас,гиря*
**таҳам** — тағам,аўқат
**тәбар *(тәбәр, тебер)*** — *балта*
**тәжжал** — *ақырзаман айдарҳасы,мақлуқ*
**тәҳи** — *та,тап,-ше*
**тобылғы** — *бул жерде: қамшы*
**устакәр** — *атақлы уста,усталардың устасы*
**хызметдар** — *хызметкер*
**ҳәмедан** — *телетин аты*
**ҳәмиў** — *шоқмарға уқсас қурал*
**ҳәңги** — *бул жерде: жалатай*
**ҳиммет** — *мийирбанлық,сақыйлық*
**ҳоққа** — *үкки,масқарапаз қуралы (ағаш аяқ)*
**ҳоққы** — *бул жерде: сыйқыршы,масқарапаз*
**ҳөкки** — *букир*
**ҳөнербент** — *өнермент*
**чилтар** — *шилтер*
**шалдыўар** — *ўайран болған, бузылған үйлердиң пақсалары*
**шаллақы** — *(саллақы) уятсыз,жәнжелкеш*
**шан** — *атақ-абырой (шән)*
**шатыраш** — *шахмат ойыны*
**шәмшир** — *еки жүзли қылыш*
**шолық** — *шопанның жәрдемшиси*
**шынаша бармақ** — *шунатай бармақ*

## «ЖАСКЕЛЕН» ДӘСТАНЫ

**ақ әлем** — *ақ байрақ*
**ара бөлиў** — *бул жерде: қайтыс болыў, қазасы жетиў*
**аттың тозы** — *аттың шаңы*
**байтақ-байтақ** — *бул жерде: елес-елес,емески*
**бастырық** — *бул жерде: қоржын*
**бәдар кетиў** — *көзден ғайып болыў*
**бириўбар** — *қудай,алла мәнисинде*
**гүдери** — *(гүдары) телетин*
**дал бедеў** — *бул жерде: жүйрик ат*
**дәндан** — *пил сүйеги*
**житириў** — *бул жерде: қуўыў*
**жығын** — *топар,аламан*
**зербап** — *алтын жалатылған,алтынсыпат*
**Зүлжалал** — *қудайдың бир аты*
**келеп** — *келепленген жип,шуўмақ*
**кирис** — *(гирис) оқ жайдың сериппели жиби*
**көзи шырын алыў** — *уйқылаў,дем алыў*
**қажасыў** — *ерегисиў,өшегисиў*
**қайыў** — *бул жерде: ушыў,пәрўаз етиў*
**қалжыңлаў** — *ҳәзиллесиў*
**қаршылдаў** — *сүўмеңлеў*
**қоламса** — *оқ салғыш*
**қорек** — *аўқат,азық*
**қубба алтын** — *ярым шар түриндеги алтын*
**қуўрай** — *шөп аты*
**лаш** — *жансыз дене*
**мәгер** — *бөлким,егер (дусмаллаў мәнисинде)*
**мерей** — *әўмет,ықлас*
**мийригия** — *ем шөп (мәргия)*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**мураз** — *миирас*
**нәкас** — *ар-намыссыз,ҳарам ойлы*
**сақтыян** — *ҳасыл тери,телетин*
**саңғыў** — *(саңсыў) қаңғыў*
**саўашмақ** — *урысыў,саўаш қылыў*
**сере**— *ең сайланды*
**тартыў** — *сыйлық,саўға*
**туўша** — *туў ешки (еле туўмаған ешки)*
**хош мулақат** — *хошпейил,сүйкимли*
**ҳийлепаз** — *ҳийлекер,сум*
**шадман** — *шадлы,кеўилли*
**шадыяна** — *мәресимге шақырыўшы қурал (дабыл)*
**шәмсер** — *семсер,қылыш*
**шындайлаў**— *ыраслаў,шынтлаў*
**ықтықат** — *исеним*

## «ҚУРБАНБЕК БАТЫР» ДӘСТАНЫ

**атан өгиз** — *күш-көликке пайдаланылатуғын күшли,қарыўлы өгиз*
**ат қағыў** — *атта жүрип шаршаў*
**әндийше** — *қубылыс*
**әпсүн дуўа** — *сыйқырлы дуўа*
**бағы келиў** — *бахты,қолы келиў,сәтли болыў*
**борбос жер** — *орпаң, қумлақ жер*
**бүриниш** — *қола (бронза)*
**гезлик** — *қынлы кишкене пышақ*
**гиря шегиў** — *ғам-қайғыға батыў*
**дәп етиў** — *бул жерде: қутқарыў*
**ғазый** — *бул жерде: үстем,басқыншы*
**ғаўға** — *урыс,мүсийбет*
**дағыўан** — *таў-дағыстан,таў-шөл*
**дарқан** — *бул жерде: бай,дәўлетли*
**дасқал** — *теңлес,тетелес өскен туўысқан*
**дәрис** — *бул жерде: оқыў*
**жабан** — *дала,дүз*
**жасқа** — *жаптың,салманың өткели,паяпыл*
**жедел бериў** — *күш салыў*
**жизия** — *салық*
**жос урыў** — *йошланыў*
**жүрекжутқан** — *қайсар,дәўжүрек*
**жыйыныў** — *жыйналыў,жыйнаў*
**зәўлим асыў** — *мусаллат салыў*
**зери-зәбер** — *асты-үсти*
**қабыў** — *бул жерде: тасланаў,тәп бериў*
**қозы жаўырын оқ** — *оқжай жебесиниң түри*
**жазым болыў** — *бул жерде: жаздырылып кетиў*
**қоң** — *саўырын*
**маў тартыў** — *еринишеклениў*
**мәмиле** — *келисим*
**насырға шабыў** — *иси қырын,кери кетиў*
**пәйекши** — *шылым тасыўшы*
**пәреңи гүрзи** — *қурал түри*
**пәрлик** — *оқжай оғының пәр тутасқан жери*
**пенде** — *бенде*
**порым** — *турпат,келбет*
**сағыў-сол** — *оңлы-сол*
**салаў** — *сала,тараў*
**сәўмеў** — *сүймеў*
**селпи оқ** — *босаң оқ*
**сөз қатыў** — *тил қатыў*
**тын** — *өрим,қамшы таспасы*
**ҳамал** — *әмел*
**үпшин** — *ат абзалы*
**шалығыў** — *кеселлениў,наўқасланыў*
**шерт** — *шәрт*

## «ИЗЗЕТ ҚЫЗ» ДӘСТАНЫ

**ара бөлиў** — *ажырасыў,аразласыў*
**гизнеў** — *жасырыў,қупыялаў*
**дәбир** — *дала,тегис кеңислик*
**иңир** — *геўгим,ымырт*
**кәкил** — *кекил,айдар*
**қажасыў** — *қәҳәрлениў,өшегисиў*
**қашақ** — *қашқын*
**қоламса** — *оқ салып қоятуғын маслама*
**қыласынды қылыў** — *жаманлық ислеў*
**маңлайының арасы, тарта қарыс сере бар** — *кең маңлайлы (бахты,ырысқы мол деген мәниде)*
**суўаттырыў** — *суўытыў,салқынлатыў. Бул жерде: қаңтарып атқа дем бериў*
**тоғытыў** — *бул жерде: мазақлаў,жәбирлеў*
**уғлан-ушақ** — *ул-қыз,бала-шаға*
**ҳийлепаз** — *ҳийлекер,сум*
**ыңғыршық ер** — *ағаштан жасалған,қарапайым, әшекейсиз ер түри*

## «ИЛИМХАН» ДӘСТАНЫ

**абыртықлаў** — *ҳаўлығыў,албыраў*
**азайы-әндам** — *тулабой,сай-сүйек*
**ақсар** — *өсимлик түри*
**андаза** — *бул жерде: кең сарай*
**аўқатгүзарлық** — *бул жерде: аш-әптадалық*
**аўы майланыў** — *аўы сәтли болып, көп балық тутыў*
**дәндан** — *пил сүйеги*
**дәртинен қалас болыў** — *кеселден саўалыў*
**ертеңгиси** — *ертеңине*
**жадыр шөл** — *бийпаян,шексиз шөл-дала*
**жамша** — *(жәмше) шарап қуйылатуғын кесе*
**жумла әлам** — *пүткил әлем*
**зери-зийба** — *мал-дүнья,байлық*
**сайыл болыў** — *бул жерде: посыў*
**көрмисхана** — *патша қабыллаўханасы*
**кордан** — балық салатуғын ыдыс
**қубыр** — *қәбиристан,әўлийе*
**қыйыўын тауыў** — *қолайын,сәтин таўыў*
**өзинен артыў** — *аўысыў*
**парайыз** — *шәрият бойынша орынланыўы шәрт болған әмеллер (қағыйдалар) ҳаққындағи билимлер*
**саҳып** — *бул жерде: кәрамат,сыйқыр,тилсим*
**секил** — *шырай,келбет*
**сипсепаз** — *сипсекеш*
**таў мағарасы** — *таў жырасы,үңгири*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**таҳам** — тағам
**таҳи** — *та,шекем*
**тозғынлаў** — *шабыў,басқыншылық етиў*
**түнек** — *тастүнек,қараңғы*
**тыштабан** — *аяқкийим түри*
**хошбой** — *хошийис*
**ҳажат** — *ҳәжет,керек,зәрүр*
**ҳәзир болыў** — *таяр болыў*
**шәмшир** — *қылыш (семсер)*

## «ҲАЖЫ-ГЕРЕЙ» ДӘСТАНЫ

**айдынлы**— *ҳаял-қызлардың бас кийими*
**афийл** — *телетиннен исленген, ер аўмаўы ушын арқасына беккем таңып қоятуғын ат абзалы*
**ақылдар** — *ақылгөй,кеңесгөй*
**алдан** — *алдынан*
**арандай аўзын ашыў** — *бәҳайбат ҳайўандай аўзын ашыў*
**арғымақ** — *ҳасыл тұқымлы ат,жылқы*
**аршын** — *0,71 метрге тең узынлық өлшеми*
**ат сабылтыў** — *узақ жолдан ат шаптырып келиў*
**ашырым** — *гүрес усылы,тәсили*
**әзәзүл** — *душпан,шайтан,шуғыл,жуўҳа,алдаўшы*
**әлеўмет** — *халайық,көпшилик,аламан (әлеўмент)*
**әси сөзге қашыў** — *өтирик,шуғыл сөзге ериў*
**басына зәўлим салыў** — *үстем келиў,тутқынға алыў*
**бәдайбат** — *түр-түси суўық,қорқынышлы,гиддиман*
**бәркамал** — *кәмалға келген, ержеткен, бой жеткен*
**бедеў** — *жүйрик,әреби ат (бәдеўий)*
**бел бермеў** — *шыдаў,жығылмаў*
**беллик** — *аттың белинен тартатуғын,ерин қосып байлайтуғын айыл,қайыс,белбеў*
**бөктерги** — *аттың ериниң артына байланған жабыў ҳәм тағы басқа нәрселер,затлар*
**бөрик** — *ҳәртүрли териден тигилген бас кийим, малақай,тумақ,құраш,телпек,дегелей*
**гүрзи** — *ески урыс қуралларының бири (ағаштан, темирден исленген шоқмар)*
**дәс бериў** — *шыдам бериў*
**дойнаў** — *ат туяғы (дойнақ)*
**дуўлыға** — *металлдан исленген әскерий баскийим*
**жазыр** — *жәзийра,жазық*
**жумырық** — *жудырық,муш*
**жүт** — *жөйит (еврей)*
**зәкәт** — *мал-жан басына салынатуғын салық түри*
**зимистан** — *бул жерде: азап-уқыбет көрсетиў, қыйнаў*
**изҳар әйлеў** — *баян етиў,айтып бериў*
**керторы ат** — *гүлгин-қоңыр түсли ат*
**күшиген** — *қыран (қумай түри)*
**қаракер** — *қара түсли (жылқы) ат*
**қостумар** — *ҳаял-қызлардың мойынға асып жүретуғын тағыншағы*
**қубарыў** — *бозарыў,көгериў,өзгериў,түнериў*
**қыйық** — *дөгерегине гүл тоқылған төрт мүйешли гезлеме,белбеў*
**ладан** — *аңгөдек,аңқаў,пәмсиз (надан)*
**лаўдан** — *жипектен тоқылған жуқа гезлеме*
**мелле** — *ақшыл,сарғыш,сурғылт түсли*
**пәрран** — *ушып келетуғын,тесип өтетуғын оқ*
**пинҳамы** — *жасырын,қупыя*
**пота** — *белбеў*
**сайыл болмаў** — *ажыралмаў*
**сәре *(сара)*** — *ҳасыл,сайланды*
**сегбир тартыў** — *жол азабын көриў,ҳарып шаршаў*
**секилсиз** — *сықылсыз*
**сийнемент** — *ерди артқа жибермеў ушын аттың омыраўынан алынатуғын тартқы*
**сыпайы** — *бул жерде: ҳәмелдар,басшы*
**талан** — талан-тараж етиў,*талаў*
**тарақы** — *гүрес тәсили*
**таралғы** — *зәңгини ерге байланыстыратуғын, жиптен,телетиннен исленген баў,қайыс*
**тебинги** — *аттың теринен сақлап,үзеңгиниң үстин жаўып туратуғын былғары*
**тужырыў** — *кесиў,кесип таслаў*
**түйме** — *тағыншақ*
**шапшақ** — *ағарған салынатуғын ыдыс*
**үзеңги** — *зәңги (ат абзалы)*
**ҳайбат** — *айбат*
**ҳәйкел** — *мыстан,гүмистен исленген,ҳаял-қызлардың көкирегине тағатуғын безениў буйымы*
**шарайна** — *оқ өтпеў ушын төрт бөлек металлдан ибарат,денени қорғайтуғын сайман*
**шәпик** — *шаққан,тез*
**шәрият күткен** — *шәрият жолын тутқан*

## «ҲАТАМ-ТАЙ» ДӘСТАНЫ

**таплаў** — *сейислеў,баплаў*
**әпке** — *әкел*
**бәдирек** — *теги пәс,сықылсыз*
**бәззат** — *безбет,сурбет*
**бәлаҳат** — *ер жетиў (бәлағат)*
**бәркаман** — *бәркамал,жетик*
**бес күн тамам** — *бес күн толық*
**гедем** — *жалатай,менмен*
**гүла** — *негизинен,қәлендерлер,дәрўишлер кийетуғын төбеси ушлы қалпақ*
**гүңгиралы** — *бул жерде: минаралы,саўлатлы үй*
**илимхан** — *илимли*
**инанышлы** — *исенимли*
**дақыл болыў** — *тайын болыў,келиў*
**дәрмәҳәл наклаў** — *бул жерде: тезден дийдине жетиў*
**дәрмиян** — *ортада,ортасында*
**Думшық** — *Шам (Дамашқ)*
**дүрме қылыш** — *иймек қылыш*
**жалақ** — *ийтке аўқат салатуғын ыдыс (ийтаяқ)*
**жарпы** — *ярым,жарты*
**жәнде шапан** — *түбиттен тоқылған шапан*
**жерлеген** — *бул жерде: жайлаған,мәкан еткен*
**житик** — *жоқ,излеў салынған нәрсе*
**зербар** — *зерли,зерленген*
**кәди** — *қабақ*
**кетерменлик** — *бул жерде: жол азық*
**қасқа** — *сорлы,пақыр,бийшара*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**қысыр жылан қурсақлы** — *бул жерде: сымбатлы, келбетли,арықтан келген*
**мәлел алыў** — *кеўлине аўыр алыў,қапаланыў*
**нақыслы** — *(нағыслы) бул жерде: көркем,шырайлы*
**өңине** — *алдына*
**пәйнек** — *пышақ,қанжар,қылыш усаған әсбаплар қынының ушына кийдирип қойылатуғын, қынды тесилиўден сақлайтуғын металл ушлық.*
**пәхим әйлеў** — *пикир жүритиў,ойланыў,түсиниў*
**сайыл** — *дийўана,қәлендер,дәрўиш*
**сақтыян** — *ешки яки қойдың өсимлик майларын қосып ийленген териси*
**саңыраў** — *тереӊ*
**саўатхан** — *саўатлы*
**сәмен ат** — *шубар ат*
**суймурық мурғызар** — *бул жерде: пери*
**тамақлы** — *бай,қурғын*
**тарийхы-тәўсим** — *сыпатлама*
**туўша** — *бир туўған ешки*
**шамырқаныў** — *исиниў,ашыўланыў*
**шанаш** — *ун,сөк ҳәм т.б. азық-аўқатларды сақлаў ушын териден исленген ыдыс*
**шарбыныў** — шырпыныў
**шардәре** — *жайдың үстине шөпкер сыяқлы ағаштан исленген шертек*
**шатланыў** — *ашыўланыў,шытнаў*
**шатпа** — *бул жерде: үй,жай*
**шекилсиз** — *сықылсыз*
*менен ийлеп таярланған жумсақ тери*
**ший қалың** — *қалыңмал (қәде) түри*
**ыслым (ислим)** — *ганч,ағаш,алтын,гүмиске ойып, сызып яки бөрттирип исленетуғын, бир-бирине уласып кететуғын шырмаўық сыяқлы нағыс*
**яхыў** — яки,ямаса

## «СӘЛИМЖАН» ДӘСТАНЫ

**айры-қуйры сөйлеў** — *алжы-булжы сөйлеў*
**ақыл көриў** — *ой жуўыртыў*
**аласа** — *пәкене,келте*
**бадалғы** — *бул жерде: қәде-қәўмет,сый-сарпай*
**бийақыл** — *ақылсыз*
**демин ыраслаў** — *дем алыў*
**елениў** — *жалыныў,жалбарыныў*
**жазы** — *жалғыз өркешли түйе үстине салынатуғын, арасына сабан салып тигилген гезлеме*
**жасылбас** — *үйрек,ғаз*
**жаўайыр** — *ҳасыл тас*
**желек** — *киймешектиң сыртынан тартатуғын келиншеклер шилтери*
**жетеў** — *жетелеў*
**жул** — *ат жабыўы*
**досақ** — *дос,жолдас*
**кәлан** — *бул жерде: билимли,озық*
**кепе** — *бул жерде: үй,ылашық*
**көзбояўлық** — *көзбоямашылық*
**қақпа шекпен** — *жеңил,күнлик шекпен*
**қаллаш** — *жарлы,гедей,аш-әптада*
**қылўа** — *әдет,минез*
**машқап** — *териден тигилген кийим*
**мәскап** — *суў тасыўшы*
**өңге** — *басқа,өзге*
**пулпурыш** — *сүтхор, пайдакүнем*
**сабақлас** — *бирге оқыйтуғын*
**саралаў** — *майданлаў*
**сәрбазар** — *шарбазар*
**сурқылтай** — *бул жерде: жалатай,гәззап*
**сүп көйлек** — *жуқа ақ гезлемеден тигилген көйлек*
**талаў** — *талан-тараж*
**тартыў** — *сый-саўға,қәде-қәўмет*
**тәтәррик** — *таярлық*
**тилеў етиў** — *тилек тилеў*
**той-сайман** — *той таярлығы*
**түрме белбеў** — *сән ушын исленген шашақлы белбеў*
**ҳапыз** — *жыршы*
**шәмен** — *бул жерде: гүлдәсте*
**шуншунақ** — *кесик қулақ*

## «ЮСИП-ЗИЛИЙХА» ДӘСТАНЫ

**әнжуман** — *бул жерде: жыйын,аламан*
**бәрдам болыў** — *сергек,қырағы болыў*
**беҳад** — *оғада,жүдә*
**бийарам** — *бийтақат,тынышсыз*
**бийнаўа** — *нышансыз,зүриятсыз*
**бөгенек** — *арба*
**ғәзийнедар** — *ғазна басқарыўшысы*
**жам** — *шарап ишилетуғын ыдыс*
**зәхмет** — *бул жерде: азап-уқыбет*
**зина** — *бузықлық,некесиз жынысый байланыс*
**ижазат** — *руқсат*
**көзи нәмли** — *қайғылы,қапа*
**қәддин нун қылыў** — *қәддин бүгиў, ийиў («нун» — араб әлипбесиндеги ҳәрип)*
**майус** — *қапа,қайғылы*
**минаўўар** — *нурлы,жарқын,ашық*
**мусаххар** — *бойсындырылған*
**мүттәҳам** — *жалатай,гәззап*
**нақып** — *хан сарайындағы әскерий лаўазым*
**нәзим тутыў** — *қосық жазыў*
**пәкизат** — *ҳасылзада адам*
**пәрийпәйкал** — *теңи-тайы жоқ,жүдә гөззал*
**раҳнама** — *баслаўшы,басшы*
**сәжде қылыў** — *ийилиў,сәлем бериў*
**сәйир етиў** — *қыдырыў*
**таңла болыў** — *ақыры,түбинде болыў*
**тәна қылыў** — *гәп-сөз етиў,кемшилигин айтыў*
**ханаўайран** — *үй-жай,мал-мүлкинен жуда болыў*
**шал** — *қалың жүннен тигилген кийим*

## «РАМУЗ ШАҲ» ДӘСТАНЫ

**ағда** — *адуў («душпан») сөзиниң көплиги,душпанлар*
**аййар** — *ҳийлекер (ҳайяр)*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**ата қылыў** — *сауғa етиў, бағышлаў, усыныў*
**аташ** — *от*
**афтаб** — *қуяш*
**ашақ** — *төмен*
**әбри наўбәҳәр** — *бәҳәр булты*
**әййам** — *күнлер*
**әксәр** — *көпшилик*
**әл-аман** — *аманлық*
**әмийри мүминийн** — *мөминлердиң әмири (Муҳаммед пайғамбардан кейин халифалықты басқарған халийфалар)*
**әмри мәруф** — *жақсылыққа буйырыў. Мусылманшылықтағы тийкарғы қырық парыздың бири*
**әнжам** — *таярлық, сапарға керекли нәрселер*
**әшйа** — *нәрселер, затлар*
**баз** — *соң, және, сондай болса да*
**Бәйтулхәрәм** — *Меккедеги муқаддес Кәба әтирапын орап салынған мешит*
**байыс** — *себеп*
**бақа** — *мәңгилик дүнья, ол дүнья*
**бауар әйлеў** — *исениў*
**бийшәк** — *гүмансыз*
**бисйар** — *көп*
**бүзүргүглер** — *уллылар (бул жерде: уллы пирлер)*
**дегил** — *емес*
**дийде** — *көз*
**гәрданкәшлик** — *мойынтаўлық*
**ғүлпәт** — *қайғы, уўайым*
**ғайрылар** — *басқалар*
**ғамгийн** — *қапа*
**ғылман** — *«ғулам» сөзиниң көплиги, хызметкер бала*
**дедиким** — *айтқаным, дегеним*
**жәўийдан** — *мәңгилик*
**жәҳәд** — *ҳәрекет*
**жәҳил** — *надан*
**жәҳр әйлеў** — *даўыслап айтыў*
**забун** — *ҳәлсизлик, күшсизлик*
**ибтида** — *баслаў*
**илми сипаҳгәршилик** — *әскерлик илими*
**истианат** — *жәрдем сорап илтимас қылыў, жалбарынып сораў*
**қәлла ўә дәл** — *аз айт, бирақ саз айт деген мәниде*
**кәрам** — *сақыйлық*
**кифайат** — *жеткиликли*
**қатърақ** — *кескинирек*
**Қуддус** — *муқаддес (Алла Таала сыпатларының бири)*
**қурт** — *қасқыр*
**маҳафил** — *жыйналыў орны*
**маҳытабан** — *бул жрде: толық ай ямаса ай нуры*
**мәлүл** — *қапаланған, шаршаған*
**мәҳрамгәҳ** — *ишкери, бала-шағалар ханасы*
**мийана** — *орташа*
**мунада қылыў** — *жар салдырыў*
**мунаўўар қылыў** — *нурландырыў, жақтыландырыў*
**мухтасар** — *қысқа*
**мүнкәр** — *шәрийатта қадаған етилген ислер*
**нақийб** — *баслық (нақып)*
**нафәдийд** — *белгисиз ҳалда*
**нәзери кимйа** — *қайырқомлық нәзери менен*
**пешўаз шықмақ** — *күтип алыў*
**раўийлар** — *рәўият қылыўшылар*
**ризўан** — *бағ*
**ру берген** — *жүз берген*
**руўзый** — *күн*
**сағ** — *оң*
**сақыт болыў** — *бул жерде: аман болыў*
**сәна** — *Аллаға мақтаўлар*
**сәрд** — *суўық*
**сор** — *сора*
**сылаҳ** — *қурал*
**тай қылыў** — *алдыға жүриў, аралықты басып өтиў*
**тауфыйқ** — *бул жерде: жәрдем күтти*
**тәркләў** — *таслаў, тәрк етиў*
**тужжар** — *саўдагер*
**ўәзийр ағзам** — *уллы ўәзир*
**ўысал** — *көрисиў, ушырасыў*
**үзирханлық** — *кеширим сораў*
**үшир** — *оннан бири. Дийқаншылық өнимлеринен оннан бири төленетуғын салық түри (үсир)*
**файз** — *пайызлы*
**фаный дүнйа** — *өткинши дүнья, бул дүнья*
**фарағат** — *парахат*
**фарамуш болыў** — *умытыў*
**фасық** — *бузық, гүнакар*
**фәләк** — *тәғдир*
**фырақ** — *айралық*
**хатм етиў** — *ақырына жеткериў, питкериў*
**хаўар** — *шығыс. Хуршийди хаўар — шығыс қуяшы*
**хуршийд** — *қуяш*
**хутба** — *бул жерде: неке қыйылып атырғанда оқылатуғын дуўа*
**хыйшы ақраба** — *туўған-туўысқанлары*
**хылаф** — *қарама-қарсылық, келиспеўшилик*
**ҳақ** — *Алла*
**ҳали ҳәм болса** — *еле де болса*
**ҳәмдам** — *дос*
**ҳәмраҳ** — *жолдас*
**ҳәср** — *қайғы, уўайым*
**ҳижранның дамы** — *айралық дузағы*
**ҳимайат** — *қорғаў*
**ҳиммет** — *ҳәрекетшеңлик*
**ҳүсни мулақат** — *жақсы сөйлесиў*
**чәҳәрйар** — *шәрйар, яғный Муҳаммед әлейҳис-саламнан кейинги төрт халифа*
**шадман** — *қуўанышлы*
**шайын тутыў** — *таярланыў*
**шар әтирап** — *төрт тәреп*
**шафаат** — *жақлаў, қоллаў, тәрепин алыў*
**шаҳбаз** — *суңқар*
**шаҳсуўар** — *алық шабандоз*
**Шаҳымәрдан** — *мәртлердиң шаҳы (төртинши халифа Әлийдиң эпитети)*
**шәб** — *түн*
**шәмсү қамар** — *қуяш ҳәм ай*
**шән** — *жағдай, ҳалат*
**шәпик** — *тез*
**шери Қуда** — *Халийфа Әлийдиң эпитети*
**шүкри сәна** — *мақтаўлар*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## «ШАҲЫ МУТЛАҚ» ДӘСТАНЫ

**аңсан** — *аңсат, жеңил*
**асый бенде** — *гүнакар бенде*
**аташ** — *от, жалын*
**ахд** — *ўәде, опа*
**әгаҳ** — *бул жерде: хабардар*
**әгаҳ болыў** — *еситиў, хабардар болыў*
**әнбия** — *әўлийе*
**әрамхана** — *дем алатуғын бөлме*
**бағлы** — *байлаўлы*
**баз** — *және, тағы*
**баўар әйлеў** — *исениў*
**бахир** — *әлем, дүнья*
**беҳбуд** — *жақсы*
**бийнаўа** — *бул жерде: үнсиз, қайғылы*
**гәрт** — *шаң-тозаң*
**гәшт етиў** — *айланыў, сейил етиў*
**гүзар әйлемеў** — *жақынласпаў, жоламаў*
**гүмира** — *жолдан адасқан, илимсиз, оқымаған*
**ғазат** — *урыс, саўаш*
**ғамза** — *наз, ийбе*
**ғубарланыў** — *бул жерде: қанжар жүзиниң пуўланыўы*
**ғусса** — *ғам-қайғы*
**ғылап** — *нықап, бетперде (маска)*
**дақыл қылмақ** — *тиймек, қаст етпек*
**дашнам қылыў** — *бақырыў, сөгиў*
**даҳана** — *аўыз*
**дәпин әйлеў** — *жерлеў*
**дебан** — *бул жерде: деп, айтып*
**дем урмаў** — *дем алмаў*
**дилфиғар** — *кеўли жаралы, муңлы*
**димағынан дүт шығыў** — *қатты қыйналыў (иши оттай жаныў)*
**димақ** — *мурын бослығы менен аўыз бослығының тутасқан жери (бул жерде: мурын)*
**жәбири-ситам** — *жәбир, жапа, зулым*
**жәҳд** — *ҳәрекет, ғайрат*
**забун** — *төмен, аўыр, жаман*
**зағлар** — *бул жерде: қуслар*
**зайыпа** — *ҳаял, қостар*
**зинданбан** — *зиндан қараўылы*
**имди** — *енди*
**ишре** — *ишинде*
**кәнда** — *үзликсиз, тынымсыз, изин үзбестен*
**Кәўсар** — *жәннеттеги дәрьяның аты*
**күлбе** — *кишкене көримсиз үй*
**қадаған етиў** — *бул жерде: қараўыллық етиў*
**қалас қылыў** — *қутқарыў*
**қанара** — *гөш илдиретуғын илмек, шәңгек*
**қаҳыш** — *жапа, ғам-қайғы*
**мазар** — *қәбир*
**масаҳа** — *майдан*
**майшат** — *ҳәзлик, дем алыс*
**марҳаба** — *мәрҳамат, ҳүрмет*
**мата** — *гезлеме*
**маъзур тутыў** — *кешириў*
**мәзҳаб** — *бул жерде: дин*
**мәламат** — *өсек, ғыйбат, жала, дөҳмет*
**мираж** — *ушыў, аспанға көтерилиў*
**музтариб** — *қайғы-ғамлы*
**муптадалық** — *қайғылық, гириптарлық*
**муптала** — *гириптар, дуўшар болған*
**мустажап** — *қабыл болыў*
**мүшк** — *хош ийисли зат*
**нагәҳ** — *күтилмегенде, тосаттан*
**натабан** — *бийшара, әптада*
**нәбакәр** — *жарамсыз, рейимсиз, қара нийетли*
**нәжат** — *қутылыў*
**нәўа** — *бул жерде: ҳаўаз, даўыс*
**нәўнихал** — *жас*
**өбиў** — *сүйиў*
**парағат** — *тынышлық, рәҳәт (парахат)*
**пәрўа қылыў** — *күтиў, бағыў, өсириў*
**рақиб** — *душпан*
**сад пара** — *жүз пара*
**сайыбы ықтыяр** — *ҳүким, буйрық*
**сарпош** — *қақпақ*
**ситам** — *жәбир*
**соңыра** — *соң, кейин*
**сота** — *таяқ, ҳаса*
**тамамы** — *ҳәмме, барлық*
**танап** — *ески өлшем бирлиги, 1 танап — 39,9 метр*
**тарқаналы** — *темир қурсаўлы*
**таўаза** — *кемтарлық, келисим*
**таў кәнары** — *таў етеги, жанбаўыры*
**тахтапара** — *тахтай бөлеги, кесиндиси*
**ташна** — *шөллеген*
**ташналық** — *шөллеў*
**тәблебазлы** — *бул жерде: тепсинген ат минген*
**турфа** — *әжайып, ҳайран қаларлық*
**умман** — *бул жерде: бурқасынлы, мәўижли дәрья*
**ўатан қыларсаң** — *бул жерде: жүрипсең*
**фарағатта болыў** — *бул жерде: дем алыў*
**хакисар** — *бул жерде: әззи тән, дене*
**хатир** — *ой-пикир, нийет*
**хуррам етиў** — *ойнаў*
**ҳазар етиў** — *жеркениў, өзин аўлақ тутыў*
**ҳижалат тартыў** — *қысыныў, уялыў*
**шана** — *тарақ*
**шаҳсуўар** — *атлы (ат минген) шаҳ*
**шәрмисар** — *шерменде, масқара*
**шәҳризәңги** — *қара тәнлилер шәҳри*
**шикаста** — *ғамлы, қайғылы*
**ықтыяр қылыў** — *нийет етиў*

## «АЙДОС БИЙ» ДӘСТАНЫ

**алғаным** — *бул жерде: жубайым, қостарым*
**алғаның** — *бул жерде: қостар, жупты, ҳаял*
**гәйи** — *гә, гәҳи*
**гүдер үзиў** — *үмит үзиў*
**дабылпаз** — *бул жерде: ҳийлекер, жәриягөй*
**дийўан** — *хаткер*
**күй** — *бул жерде: дәўлет, бахыт, әўмет*
**мәнисине келтириў** — *бул жерде: өлтириў*
**отар** — *пада*
**сояў** — *шақасыз, жапырақсыз*

www.ziyouz.com kutubxonasi

**сөз мийзамы** — *сөз мәниси, бағдары*
**сүрен салыў** — *бақырыў, қышқырыў*
**талай** — *тәғдир, несибе*
**тәбдил етиў** — *өзгертиў*
**тири жүриўиң шақ** — *тири жүриўиң гүман*
**туймаў** — *иркилмеў, иркинишсиз*
**шалыс** — *шет, шалғай жер, таса*
**шатланыў** — *ашыўланыў*

## «ҲҮРЛИҚА-ҲӘМИРЕ» ДӘСТАНЫ

**адамзат әҳли** — *бул жерде: пүткил адамзат*
**ашна-билиш** — *ағайин-таныс*
**әрам алыў** — *дем алыў*
**әсий (асый)** — *гүнакар*
**әсир** — *бенде, тутқын*
**барары** — *раўажы, сәти*
**берги** — *аманат, қарыз*
**бурж** — *минара, қорған*
**гәнж** — *қәдир-қымбат, байлық, ғәзийне*
**Гөҳиқап** — *әпсанаўий таў аты*
**ғурбет** — *қайғы-ғам*
**дақиқа** — *минута*
**дәриғ етиў** — *аяў, рейим етиў*
**дәрилбақый** — *о дүнья*
**дәрилпана** — *бул дүнья*
**жәнде** — *дәрўиш ҳәм қәлендерлердиң үзик-жулық кийими*
**жол шайы** — *жол әнжамы*
**зинде** — *тири жан (зинда)*
**изҳар қылыў** — *баян етиў*
**исян** — *бул жерде: ишки туйғылар*
**кәҳиш** — *дәрт, тәшўиш*
**қәбаҳат** — *ҳарамылық, жарамсыз қылық*
**қабыз етиў** — *бул жерде: жанын алыў*
**қарам** — *бул жерде: тосық, қарсылық*
**қаўға** — *ағаштан исленген шелек*
**қахыш** — *тилек, әрман*
**қәтире** — *азғана, бир тамшы*
**қол қаралы** — *алақандай*
**қур** — *бул жерде: ғам-қайғы*
**лүтф** — *мийрим-шәпәәт*
**лүтфли** — *қайырқом, мийирман*
**мары** — *жылан*
**матлуб** — *тилек, талап, нийет*
**мәрг** — *өлим*
**мизаж** — *адам организми, қәдди-қәўмети*
**мизан** — *тәрези*
**мийраж** — Муҳаммед пайғамбардың Қуддустағы *Ақса мешитинен аспанға көтерилиўи (меъраж)*
**мужаҳид** — *диндар, динге исениўши*
**мүршид** — *пир, шайх, устаз*
**нәбакар** — *жарамас, бузақы*
**нәкар** — *бул жерде: әззи, ҳәлсиз*
**нәҳәр ас** — *азанғы аўқат*
**пақыры-жәҳән** — *бул жерде: әззи, мүтәж адам*
**пашыкәста** — *ҳәлсиз (ақсақ)*
**пәрўана** — *түнги гүбелек*
**рақып** — *душпан, қарсылас*
**рәнж** — *машақат, ғам-тәшўиш*
**риҳләт** — *кетиў, өлиў*
**руўзы** — *(руўзыгер) өмир, тиришилик*
**руўзы-кеш** — *күндиз-кеше*
**саҳыптәмиз** — *ақыллы, дана*
**сәр** — *бас, гелле*
**сәресим** — *қорқыныш, ғулғула*
**сәрмәс** — *оғада мәс, кеўилли*
**түзигирек** — *бул жерде: сөзи дүзиў, дилўар*
**уғратыў** — *усатыў*
**умара** — *хан сарайындағы жоқары лаўазымлы шахс*
**умман** — *океан, бул жерде: түпсиз түңғыйық*
**ўәҳийма** — *қорқыныш, тынышсызлық*
**фирқат** — *айралық, ҳижран*
**ҳазар қылыў** — *тартыныў, қорқыў*
**ҳаўаза** — *даң, даўрық*
**ҳәкипай** — *бул жерде: басқан из, аяқ асты*
**ша** — *зиндан*
**шәрмисар** — *шерменде*
**шикаста** — *қәсте, кесел*
**шолпы** — *балық услайтуғын тор әсбап*
**ысытма** — *бул жерде: кеселлик (ыссылығы көтерилиў)*

## «ЮСИП МЕРГЕН» ДӘСТАНЫ

**ара бериў** — *жасаныў*
**гәрт** — *шаң-тозаң*
**гүлап** — *қызғылт рең*
**дойра** — *дәп*
**жалагөй** — *жалахор*
**журт-жолық** — *бул жерде: қәде-қәўмет*
**көмеш** — *қоламтаға писирилген кишкене шөрек*
**күлше** — *(гүлше) қозға көмип писирилген кишкене шөрек*
**қыйғашлап қараў** — *қыйылып қараў*
**махфия** — *қупыя, жасырын*
**мәлал** — *бул жерде: зыян, душпанлық*
**мийнетли нан** — *ҳадал табыс*
**номай** — *мол, көп*
**сарнап жүриў** — *қаңғырып жүриў*
**саяқ** — *қаңғыбас, гезенде*
**тойлық** — *той қәдеси*
**той шайманы** — *той әнжамы*
**үш ағаш** — *дар*
**ҳайықпаў** — *қорқпаў, сескенбеў*
**шиддет** — *жеделлик, тезлик*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚАРАҚАЛПАҚ ФОЛЬКЛОРЫ

*Көптомлық*

43—56-томлар

*Нөкис «Илим» 2012*

Редактор *А. Альниязов*
Художник *Б.Айтмуратов*
Тех.редактор *В. Султангулова*
Компьютер дизайны *Б. Исмаилов*

Баспахана лицензиясы: AI №137,27.04.2009. Басыўға 06.01.2012-ж.руқсат етилди.
Қағаз форматы 60х84 $^1/_8$. Tayms гарнитурасы. Офсет усылында басылды.
Шәртли б.т.51,14. Есап б.т.55,05. Жәми 2000 нусқа. Буйыртпа № 2020

«Илим» баспасы. Нөкис қаласы, Бердақ гүзары, 41-үй. Шәртнама 8/113.

**«Шарқ» баспа-полиграфия акционерлик компаниясының баспаханасында басылды.**
**100083. Ташкент қаласы, Буюк Туран көшеси, 41-үй.**

www.ziyouz.com kutubxonasi